
Айдамиров Абузар
Айдамиров Абузар ЕХА БУЬЙСАНАШ
Ехь буйсонаш

Айдамиров Абузар

ЕХА БУЬЙСАНАШ

РОМАН-ХРОНИКА

Грозный
Нохч-Палгlайн зорбанан
цхьанакхетаралла «Кинга»
1990

КІАНТАНА МОХЬМАДАНА БОВХАЧУ БЕЗАМЦА, ЙОККХАЧУ ДЕГАЙОВХОНЦА.

Автор.

ШЕН ДАЙМАХКЕ БОЛУ БЕЗАМ АДАМАЛЛЕ БЕЗАМЦА ЦХЬАЬНА ХИЛА БЕЗА.

В. Г. Белинский.

ХЬАЛХАРА ДАКЪА

ДАГИЙНА ЛАТТА

I корта ВЛАДИКАВКАЗЕХЬ

(Дешхьалхенан метта)

Кавказехь вайн урхалла данне а цхьана дагIацара меттигерчу хьашташций, юкъаметтигашций... Шемалал тIаьхьа и санна деятель кхин ца гIаттийта я гIаьттича цуьнан кхиам ца хилийта цхьаъ оьшу: оцу ламанан къаьмнашна и тайпа деятельш хьашт ца хилийта адамаллин, нийсонан урхалла хIоттор.

Н. А. Добролюбов.

I

Тахана Iуьйранна дуьйна къаьсттина синтем байна хьийзара инарла-лейтенант Лорис-Меликов. Хаза Iаьржа мекхаш долу цуьнан болатан басахь юьхь хаддаза кхоьлина яра. Цкъа воьдий йоккхачу стоьла улле а хоий, цIена кехат хьалха узий, сихчу хотIаца цхьаъ яздан волалора иза, тIаккха гIоттий, диллинчу коре а воьдий, сийначу мархашла а хьаьрчина геннахь гучу доза доцуш дехачу сирчу лаьмнийн баххьашна тIе а вогIалой, хIуттий лаьттара. Юха, цIеххьана ойланех самаваьлча санна, цIенкъа баржийначу гIажарийн кIедачу куза тIехула, тата доцуш, цхьана эшшара гIулчаш йохуш, чухула дIасаволалора.

ХIокху «кавказски гIуллакхан» ойла алсам мел йо, коьртехь цхьа чолхе уьйриг хIуттура цуьнан. Дукхахчийн хабаре ладоьгIча, кхузара тIом чекхбаьлла, сагатдан а, ойла ян а бахьанаш дац олий хетало. Амма кхузара хьал данне а тера дац генарчу Петербургера схьахьоьжучарна гуш долчух. Царна-м кхузахь машар а, тийналла хила а лаьара, амма иза а, важа а хила аьттехьа а дац. Кхузара хьал шен бIаьргашна гуш волчу Лорис-Меликовна дика ма хаьа и дерриг а. Пачхьалкхана коьртехь болчу оцу вельможашна ца лаьара кху махкахь хIиттина чолхе, кхераме хьелаш ган, уьш нисдина цхьана агIор даха. Оцу нехан аьртачу хьекъало, бIаьрзалло, мехкан йистошка уьш бен доцуш хьийсаро, тIеттIа карзахвохура инарла.

— Сонта кортош! — цергашна юккъехь Iовдуш ши дош кхоьссира цо. Хала дара иза хьанна оьгIаз оьху хаа: я кхузахь машар хила ца буьтучу къармазечу ламарошна, я шен коча хIара бала уллучу лакхарчарна. Схьахетарехь, гIорсиз висинчу ша-шена барт беттара цо. ХIара тIегIерта буьрса кхерам, иза сацон боцу ницкъ. Цуьнан кхерар бух боцуш ма дац. Кхузахь цIеххьана хIоьттинчу тийналлех вогу иза...

Шо а ца кхаьчна иза Теркан областан коьрте хIоттийчхьана. ХIара Нохчийчоь къарйина сацийнчул тIаьхьа даьллачу деа шарахь, хIара кхозлагIа хьаьким ву областан. ХIун дина цул хьалха кхузахь хиллачара? ХIумма а. Я ницкъ а бацара хIумма а дан. ХIинца ерриг дегайовхо цунна, Лорис-Меликовна, тIейиллина. Цуьнан хьекъалх, зеделлачух тешна ваийтина иза государа кхуза. Нохчийчохь машар, низам хIотто. Шо кхочуш доллу цо оцу гIуллакха тIехь корта охкуш, амма новкъадаьлла хIумма а дац. Цул хьалха хиллачу графан Евдокимовн а, эла Святополк-Мирскийн санна, динарг хIумма а доцуш кхузара дIаваха дезахь?

Цхьана эшшара гIулчаш йохуш, кабинета чухула волавелла лела Михаил Тариэлович. БархI гIулч дIай, юхий. Букъа тIехьа диллинчу шина куьйго чIогIа пIелгаш Iуьйду вовшийн. Ша кхуза схьахьажош тIаьххьара а хиллачу цхьанакхетарехь императоран вашас, воккхачу эло дина тIедахкарш, косташ хIинца а лерехь дека.

— Оха жоьжахатин цIерга вохуьйту хьо, Михаил Тариэлович, — бохура Михаил Николаевича шалхо йоцуш, даггара. Амма оцу кIедачу озаца хIокхунна хезара цуьнан императоран сийлаллин болатан амал, — ХIаъа ткъа, жоьжахате. Кхин цIе яц Нохчийчоьнан. Цигарчу къомо кхечарел еха а, буьрса а дуьхьало йина вайна. Кхин а еххачу хенахь вайн дог этIо ницкъ а ларбелла цунна. И къам къардан гIерташ вай масийтта шарахь цига йинчу экспедициша, харжаша, хIаллакбинчу салташа а, боккъал аьлча, кIезиг Iаткъам бина иза вайн Iедална кIел сацорна. Вай цига уггар говза, майра полководцаш коьрте а хIиттабой эскарш дохуьйтура, ткъа нохчаша Соьлжан тогIерчуй, ломан когашкарчуй юькъачу хьаннашка, чIажашка къайла а бовлий, юханехьа тIелеташ, кIуркIаме хьийзадора. Цундела кхин тактика а, стратеги а хаьржира вай. Вешан оьрсийн исторически система — церан махка тIе гIалгIазкхий ховшор.

— Хьан локхаллин пурбанца тIетуху ас, — гIиллакхе иза юкъахваьккхира Коьртачу штабан начальника Карцовс, — Масийтта шарахь тIом беш цаьргара схьабаьккхина мохк я тIеман, я политически а Iалашонашна цхьана а маьIне бац. ХIинцалерчу хьелашкахь уьш битахь, кеста боьрзур бац вайн Iедална кIел.

— Бакълоь хьо, Александр Петрович. Диъ шо хьалха кхайкхийна вай, хIара край къаръелла сецна аьлла. Ваьш Iехаделла хиларна къера хила лаац вайна хIинца а. ХIетахь дуьйна шозза гIевттина нохчий. Амма ломахь хилла тIаьххьара гIаттам аренга ца болуш бисира Теркан областехь лаьтташ шовзткъе ялх батальон гIашлой а, кхоъ Донан, цхьаъ драгунийн а полкаш хиларна. Биллина дIа Нохчийчоьнера кхерам латтарна, цигарчу эскарех кхоалгIа дакъа а дIадаккха ца даьхьа вай. Доцца аьлча, вай тоьлла а, нохчий иэшна а ца сецна гIуллакх. Шайгахь герз а, стратегина аьтту болу мохк а ларбелла нохчий керлачу гIаттам-

на аьтту болу сахьт тГекхачаре ладоьгIуш Iа. Юха а боху ас хьоьга, хьомсара Михаил Тариэлович, цуьнан воккхалло уггар хала а, жоьпаллин а декхар тIедуьллу хьуна. Хьан хьекъалах, доьналлех а дозуш хир ду Кавказехь синтеман гIуллакх. ХIинца цкъа малхбузен пачхьалкхашца машар бу вайн. Амма цхьана далла хаьа иза маццалц хир. Нагахь арахьа вайн тIом болалахь — Нохчийчуьра тIеман ах ницкъ дIабига дезар ду, тIаккха нохчий гIовттург хиларан шеко яц. Дукха хан ю оцу сохьте цара ладоьгIу. Цундела, Михаил Тариэлович, йоццачу хенахь цигахь низам хIоттор доьху хьоьга. Цигахь вай дан дезачу гIуллакхийн хьокъехь инструкциш лур ю хьоьга Александр Петровича. Дукха хан йоццуш, цуьнан воккхалло чIагIйина уьш. Хьо областе дIакхаьчча инструкциш дагахь Iамае, амма цигарчу хьелашка хьажжина хийцаман бан бакъо а ло хьуна. Дала аьтто болда хьан.

«Дала аьтто бен меттиг яц хIара, — ойла йо Михаил Тариэловича, — олуш ма-хиллара, болх далла тIебилла, амма цунах теший а ма Iе. Кхузахь ницкъ а, хIилла а оьшу. Шад а, пряник а...»

2

ХIаъа, паччахьан правительство толамхо хилла дIа ца хIоттаелла Нохчийчохь. Иза массарначул а тIехдика хаьара Михаил Тариэловична. Нохчаша тIом сацийра, амма къарбелла ца севцера. ХIетахь Кавказан сардал хиллачу фельдмаршала эла Барятинскийс правительствон цIарах нохчашна хьалха тIелацамаш бира цаьргахь герз дита а, уьш салт ца баха а, цаьргара дIабаьккхина мохк бухаберзо а, церан гIиллакхаш, дин а лардан а, иштта дIа кхин а. Ткъа нохчаша тIелецира Iедална дуьхьало ца ян.

Шемал йийсаре лаьцча, Кавказ къаръяр чекхдаьлларг леринчу правительствос Нохчийчохь тIеман-колониале режим хIотто йолийра. Сихха бицбира эла Барятинскийс оцу къомана хьалха бина машаран тIелацамаш а. ТIеман хенахь нохчашкара дIабаьккхина мохк буха-м мухалле а ца берзийра, мелхо а, церан долахь дисина латтанаш дIадохуш, уьш таIIийна дерзинчу лаьмнашка, уьшалечу хьаннашка боьхкира. Цаьргара дIадаьхна керла латтанаш совгIатана дийкъира, хIара мохк къарбеш правительствона гIо динчу гондIарчу элашний, нохчийн эпсаршний, динадайшний, совдегаршний. Масийтта шарахь лаьттинчу тIамо чIанадаьккхина, ткъа хIинца латта доцуш дисина халкъ сагIадоьхурган хьоле дуьйжира. Цуьнан ницкъ бацара я дезткъа шо хьалха хиллачу бахамаллин, юкъараллин а кепашна тIе юхадерза а, я и шен дахар хIокху керлачу хьелашца нисдан а. ТIеман оцу буьрсачу дезткъа шаро аьттера къоман кхетамций, кхиарций йогIу бахамаллин, юкъараллин а кепаш, ткъа массо агIор а кхиънарчу Россина тIаьхьадисна а дара иза.

Цул сов, правительствона дага а ца догIура хIокху халкъан кхолламан ойла ян. Шен оьрсийн халкъ къизачу Iазапехь латточу цо, хIун диканиг дохьур дара хIокхунна? Латта дIадаьккхина ца Iаш, шен коча тIеман-колониале уггар къиза кепаш Iитта йолийча собар кхачийна халкъ, тIаьххьара а ницкъаш тIе а гулбина, гIаьттира. 1860 шеран май баттахь Нохчмахкахь болабелла гIаттам сихха массанхьа а Нохчийн лаьмнашка баьржира. ГIаттаман коьртехь бара Шемалан наибаш хилла БойсагIар, Атаби, Iумма а. Ткъаясна баттахь дукхе дукха дера дуьхьало йира гIовттамхоша паччахьан таIзарийн эскаршна. Царна тIехь масех толам а баьккхира. Амма Нохчийчу керла-керла эскарш далош, и гIаттам хьаьширa юьйцу ца хезначу къизаллица. 1861 февралехь Бена уллохь, ламанан хьехахь схьалецира чов хилла, масех накъостаций, доьзалций къайлаваьлла БойсагIар. ГIаттам тIаьххьара а хьаьшна баьлча, шаьш бахьанехь адамашна таIзар ца дайта, шайн лаамехь инарла-адъютант Святополк-Мирскийна тIе веара Атаби, Iумма а. БойсагIар ирхъоьллира Хаси-Юьртахь, цуьнан доьзал а, гергара гIоьнчий а Сибрех бахийтира. ГIаттаман вукха шина куьйгалхочух мелла а къинхетам бина, ссылке вахийтира: Атаби — Псковн губернерчу Порхове, Iумма — Смоленске.

Цхьа кIеззиг ханна буьрса тийналла хIоьттира Нохчийчохь. Амма гена дIа ца яхара иза.

Имаматан тIаьххьарчу шерашкахь Шемала махках ваьккхинчу шайх Кунта-Хьаьжас, имамат йоьжначул тIаьхьа Нохчийчу а вирзина, кхузахь динан керла вирд а кхоьллина, иза даржорехь а, чIагIдарехь а жигара болх болийра.

Сацам боцуш иттанаш шерашкахь бахбеллачу тIамо а, къизачу паччахьан инарлаша адамаш дойуш, ярташ ягош, талош халкъаш хIаллакьхуьлчу хьоле хIиттийнера ламанхой. Халкъ гIелделлера, кIадделлера. Цунна кIордийнера и чаккхе гуш йоцу тIом. Ткъа Шемала а, цуьнан имаматан лакхенаша а халкъ хаддаза гIазоте кхойкхура. ГIазотехь беллачарна ялсамане хир ю бохура. Амма адамашна кху дуьненахь машар, маршо, синтем а оьшура.

Къинхетамечу Кунта-Хьаьжас адам машаре кхойкхура. Иза сацам боллуш дуьхьал вара муьлххачу тIамна, муьлххачу тайпана Iазапана, чIир екхарна, доцца аьлча, адаман цIий Iанорна. Адамашка шайн дегнаш цIанде, оьздангалла ларъе, гIиллакхе, къинхетаме хила бохура цо. Вахош долчу маларша, томкано адамийн могашалла талхайо, адам оьздангаллех дохадо, уьш юкъара дIадахаре кхойкхура.

ТIамо, адамийн цIий Iеноро хIоттор бац лаьтта тIехь машар, адамашна юкъахь барт, нийсо а, дуьйцура цо нахе. Машар а, нийсо а, барт а, ша дела цхьаъ воцчуьнга хIотталур яц дуьненахь, цундела ерриг ойла далла тIе а ерзаяй, собаре хилла, паччахьана, цуьнан Iедална, хьаькимашна муьтIахь хилла совцаре кхойкхура иза.

— Халкъ тIаме кхоикхучу, шаьш имамаш, шайхаш бу бохучу нахе ла а доьгIуш, адамийн цIий ма Iенаделаш, — бохура Кунта-Хьаьжас. — Дерриг адамаш цхьана дала кхоьллина, цхьа йишаваша ду. Оьрсийн паччахьана дуьхьал герз ма айалаш, иза делан лаамца лелаш ву шуна. Нагахь шайга жIар лелае бахахь, дIалелае. Эчиг ма ду иза. Килсе гIо олу-кх шуьга — дIа чу гIойша. ЦIа ма ду иза. Iедало шайга де боххург де, амма дела даг чохь латтаве. Ша а, шен пайхамар а аш даг чохь ларвичхьана, цо и дерриг а гечдийр ду шуна. Нагахь керстанаш шайн зударий сийсазбан гIортахь, тIаккха айа герз а, тIаккха Iанаде церан цIий а. ХIетталц садетта, собаре хила. ТIаккха дела шуьгахьа хир ву, тIаккха дала гечдийр ду аш Iанийна цIий.

Кунта-Хьаьжин хьехамаш буххенца дуьхьал бара Шемалан «гIазотан тIеман» идеологина. Шемалан зIенехь болчу динадайша кхечу динахь долчу адамашна дуьхьал тIаме кхойкхура, ткъа Кунта-Хьаьжас, массо динехь, массо къомах долчу адамашна а, хьолахошна а, къехошна а юкъахь машар, Iедална муьтIахьалла а кхойкхура. Шемалан гонехь болчу динадайша дуьне, хьал лоьхура, ткъа мискачу, къечу доьзалера схьаваьллачу Кунта-Хьаьжас дуьненан хьал-бахам ца лоьхура. Иттанаш шерашкахь бахбеллачу тIамо, талийна, чIанабаьхна, гIелбина, кIадбина, хIаллакьхуьлучу хьоле баьхна, хьалхалерчу юкъараллин дахаран кепашка бухаберзарх гуттаренна а догдиллина нах доггах тIаьхьахIуьттура оцу керлачу шайхана. Ткъа адамийн кхетамехь цо бечу кIорггерчу карчамо доккха тохар дора Шемалан идеологин бухна. Цундела Шемала юьхьанца дуккха а хьийзийра Кунта-Хьаьжа, тIаккха эххара цо махках ваьккхина, иза 1859 шарахь Макка вахара.

Шемал йийсаре ваханчул тIаьхьа кхо шо даьлча 1862 шарахь даймахка вухавирзинчу Кунта-Хьаьжас лело гIуллакхаш шена ца гучуха тергам боцуш Iийра областан администраци. Мелхо а уьш къобалдора.

Нохчашка тIом ца баре, машаре, паччахьний, Iедалний муьтIахьалле кхойкхучу цо шена лаахь а, ца лаахь а, оцу хьехамашца Iедална гIо дора. Цхьа-ши шо хьовзале Кунта-Хьаьжин мурцийх цхьа барт болуш йоккха динан тоба кхоллаелира. Амма Кунта-Хьаьжин бартахойн хьежарш а дацара цхьана догIуш. Масала, устаза холбатан гIийла дахар дIакхоьхьуш хиллехь, ткъа цуьнан герггарчу векалшний, гIоьнчашний эшшане а ца оьшура гIийла, къен дахар. Кунта-Хьаьжин хьехамех пайда а оьцуш, цара цхьаболчара бацабора кхетамна тIаьхьабисина вирдан вежарий, дала азаллехь яздинчунна, кхолламана къера хиле совца бохучу хьехамашца боьй дIабоккхура маршонехьа къийсаман кхетам.

Амма Кунта-Хьаьжин вирдан берриг мурдаш бацара шайн устазан хьехамех тешна къийсамах бухабевлла, кхолламна къера а

хилла, Iазапна кIел совца лууш. Башха далла гIуллакх дан хьаьгна а ца баханера уьш оцу вирда юкъа. Кунта-Хьаьжина тIаьхьа бара, хьалха Шемалан заманахь гIарабевлла хилла майра а, говза а тIеман баьччанаш, могIара тIемалой а, халкъан а, маршонан а гIуллакхана тешаме кIентий а. ДIадаханчу ткъех шарахь Шемалан деспотизмана а, паччахьан колониале акхачу политикана а дуьхьал къийсинчу цара, хIинца, шайн устазана а, цунна муьтIахьчу векалшна а ца хоуьйтуш, оцу вирдах цхьа барт болу тIеман организаци а кхоьллина, керлачу гIаттамна кечам бан болийра. ХIара Нохчийчоь бархI районе — виллаете — екъна, царна а, ярташна а коьрте хьекъалей, майрий шен бартахой хIиттийна, паччахьан Iедалца цхьаьна Нохчийчохь шайн Iедал а латтадора цара. Ярташкахь тIетаьIна кечдеш герз а, молха а дара. Спортан ловзарш ду бохуш, тIеман гIуллакхана Iамабора шийтта шарера хьала кхиазхой. И кечамаш гучубехира Iедална муьтIахьчу хьолахоша. Лорис-Меликовга Тифлисера схьа мосаза хаийтинера, Кунта-Хьаьжа Кавказера дIаваькхича шайна бакъхьа хетар. Амма Лорис-Меликов реза ца хуьлура. Цунна хетарехь, Кунта-Хьаьжа лацаро пайда бийр бац, амма зуламаллин тIаьхьенаш хир ю хьаштдолчул а тIех. Цкъа делахь, Кунта-Хьаьжа а, цуьнан хьехамаш зуламе ца хиларал сов, Iедална пайдехьа бу; шолгIа делахь, зуламе воцу и махках ваьккхича, цуьнан метта кхин, жигарниг хIоттахь, иза Iедална кхераме а, зуламе а хир ву.

Лорис-Меликов ша а ца тешара хIокху тIаьхьарчу шарахь Нохчийчохь хIоьттинчу тийналлех. Айкхаша цунна тIекхачабора Iедал шек долчу наха дIа мел боккху ког. Даймахка вухавогIуш Кунта-Хьаьжин Стамбулехь нохчийн, хIирийн, чергазойн а эмигрантийн тхьамданашца цхьанакхетар а, вовшашца къайлах барт а хилла бохуш а хазийнера цунна. ТIаьхьа иза бале валахь, лакхахь шена диканиг эр доцийла хуучу Лорис-Меликовс лацийтира Кунта-Хьаьжа. ТIаккха карзахбевллачу цуьнан мурдаша Шелан редуте а гулбелла, шайн устаз схьавийхира.

И машаре манифистаци гIаттаме ерзарна кхеравеллачу Лорис-Меликовс, сихонца Шела хьажийра инарла-майор эла Туманов коьртехь ялх батальон гIашлой а, йиъ йоккха топ а, гIалгIазкхийн йиъ сотни а. Чаччамех юьзна тIейиттинчу яккхийчу тоьпаша тоба дIасаяржийча, арентIахь дисира 168 стеган а, ялх зудчун а декъий.

Оцу тIехь чекх ца далийтира Лорис-Меликовс ша долийнарг. Цхьа кIира даьлча 26-чу январехь цо Грозни гулбира Нохчийчуьра берриг нанбаш, Iеламчаш а. Цхьа а тайпа хьийзораш ца еш царна хьалха ультиматум хIоттийра цо: Шелахь йинчу хьовзIовран коьрта бехкенаш а, хьалха махках баха билгалбинарш а шега схьабалар. Кунта-Хьаьжин вирдан зуькар дихкира. Юьртарчу цхьана стагах баьллачу бехкана ерриг юьрто жоп дала де-

зар хаийтира. Уьш дерриг кхочушдан цхьа кIира хан елира. Шен ультиматум кхочуш ца яхь, ерриг а ярташ хIаллакьян кхерам а тесира. Цигара цIа бирзинчу наибийн, динадайн а гIоьнца Кунта-Хьаьжин велийх[1] вейтта а, гергарчех пхийтта а стаг лецира. Ярташ жоп дала дезачу тхьамданийн спискаш Лорис-Меликовна хьалха Iохкура. Ша дийцинарг эрна доцийла хоуьйтуш, областера эскаран дерриг дакъош тIеман низаме а далийра.

Лорис-Меликовн омранца, гIарабевллачу молланашкий, къеданашкий, Iедална мегачу чулацамца массарна цхьатера хьехамаш язбайтина, улло шатайпа приказаш тийсина, уьш массо ярташкий, маьждагашкий дIасабахьийтира. Нагахь гIаттам иэккхахь а аьлла, Нохчийчохь болчу ницкъашна тIе Кубанера эскарийн керла дакъош далийра.

ЦIе лата кечъелла лаьттара Нохчийчоь. Нохчашна шера хаьара Россин арахьарчу пачхьалкхашца, юкъаметтигаш а, полякийн гIуллакхаш а. Областехь гIуллакх дечу, ссылке бахийтинчу полякашца цхьанакхетачу нохчийн эпсарший, талмажаший халкъа юкъа даржадора полякаша шен къоман маршонехьа латточу къийсамах хабарш.

Масех бутт хьалха, гуттар къармазечу нохчех вовшахтоьхна цхьа полк Польше яхийта дагадеара Лорис-Меликовна. Иза кхочушдаделча ши пайда хуьлура: цкъа делахь, уггар къармазе адамаш Нохчийчуьра дIадахарца, кечбечу гIаттаман корта боккхура цо, шолгIа делахь, полякийн гIаттам хьаша и полк маьхза, ира герз дара. Тифлисехь къобалйира Михаил Тариэловичан идея. Амма иза дахарехь кхочуш ца хилира. Цхьанна а ца лиира шениг санна Iазапехь даллочу халкъо шен маршонехьа латто къийсам хьошуш паччахьан чаьлтача хила...

3

— Дависа, уьш берриг Турце дIакхалхо! — сатийсам гIаьттира Михаил Тариэловичан даг чохь. — Граф Евдокимови хилла ирс а ца хили сан. ХIокху зIуганийн бенара ведда Кубанан областе ваха аьтту нисбели цуьнан. Цигара и абадзехаш, шапсугаш, бжедухаш, убыхаш, кхин, кхин а акхарой Турце а хьовсийна, шен кочара дIадехи. Дийцина хIун до цуьнан, мекара цхьогал ду иза.

ХIара ламарой Турце кхалхор мацах, Ермоловн дагадеана, цуьнан заманахь долийнера.

И некъ боьллуш ши Iалашо яра Кавказан куьйгаллин: хIокху махкара мелла а адам дIадаккхарца ламаройн ницкъ малбар, мукъадевллачу латтанашна тIе гIалгIазкхийн ярташ яхкар а. ХIара тIаьххьара шераш тIекхаччалц цхьа доьзал а даррехь нуьцкъах Турце ца хьажийра Iедало. И дерриг а мекарлонашций, тешнабехкаций дора. Я эладитанаш даржорца туркойн махках ламарошна ялсамане тарйора, цига кхалхар хаздеш я къизаллица ницкъ бой, сихха цига дIабовдачу хьола тIе бохура.

Ткъа кхалхоран гIуллакх системе цхьа-ши шо хьалхий бен ца дирзира. Михаил Тариэловичана дагадеара Тифлисехь цу гIуллакхан хьокъехь тIаьххьара а хилла кхеташо. Цигахь дакъалоцуш вара воккха эла Михаил Николаевич, эла Барятинский, эла Орбелиани, граф Евдокимов а. Дийцаре дина, тIаьххьара сацам тIеэца безаш дерг цхьа гIуллакх дара: малхбузера ламарой ломара охьа а биссийна, йокъанечуй, уьшалечуй аренашка я Турце кхалхор.

— Ламарой цигара дIабахарца дозаделла ду Iаьржачу хIордан малхбален бердашца вай тIаьххьара а, гуттаренна а чIагIдаларан гIуллакх. Вай хьалхахIоттийнчу шина некъах цара Турце боьдург къастор аьлла хета суна, — шен лаам схьахьебира Михаил Николаевича.

— Стенна оьшу царна хьалха хержа некъаш хIиттор? — цецвелира фельдмаршал Барятинский, — уьш йокъаней, уьшалей делахь а, аренгара латта а оьшур ду вайна. Колонисташна мегар ду уьш. Цхьа бIе шо хьалха дIахьовсуш хила деза, императоран хьан локхалла. Беккъа цхьа некъ бита царна — Турце боьдург.

— Цуьнан сийлаллин лаам къобалбо ас, — тIетайра граф Евдокимов, — Ламарой Турце кхалхор историн маьIне гIуллакх ду вайн пачхьалкъана. Цкъа делахь, вайна зенаш доцуш тIом сихха а, гуттаренна а чекхбаккхар нисло, шолгIа делахь, мукъадевллачу ломан когашкарчу латтанаш тIехь паргIат колонизаци йойла хуьлу.

— Туркойн правительство резахир юй-те уьш империна чуэца? — шеквелира Михаил Николаевич.

— Суна хетарехь, цара хаза а хеташ тIеоьцур бу шайн басурманаш.

Оцу трагедех дерг дукха дийцаре ца деш сиха а, атта а къастийра. И ламарой ловзарга хьовсош санна. Цигахь сацам бира, уьш Оттоманан империна чуэцаран хьокъехь дийцарш дан а, барт бан а хIара, Лорис-Меликов, Стамбуле хьажо.

1860 шарахь Стамбуле ваханчу Лорис-Меликовн, цигахь волчу оьрсийн векалан А. Б. Лобанов-Ростовскийн гIоьнца аьтту хилира ламаройн кхо эзар доьзал, кхо бIе эзар Крымера гIезалой, ногIий а тIеэца резахуьлуш туркойн правительствера дош даккха.

Иза цкъачунна боккха кхиам бара. Оцу шарахь Крымера ши бIе эзар гIезало дIакхелхира цига. Царна тIаьхьа ногIий а гIоьртира. Амма ламарошца дерг чолхе делира. Меттигерчу администрацис шайна юкъа даржочу эладитанех, хазчу хабарех а Iехабелла махкахбовла ца лаьара царна. Уьш нуьцкъах дIабаха безара цигара. ТIе, шайн махка баьхкина ламарой Россин дозанца

[1] Кхузахь — векалш.

охьаховшо ойла а яра туркойн. Англичанаш бара церан лерехь йиллина дIа и зурма лоькхуш. Амма кавказски Iедал сацам боллуш дуьхьалделира кхелхина ламарой дозанна уллохь совцорна. Массарел а карзахвуьйлура граф Евдокимов.

— Уьш вайн дозанца охьаховшош хилча, эрна ма ду ламарой кхалхор, — карзахвелира иза, — Къилбседа Кавказера дIа а баьхна Закавказан когашка ховшабо-кх вай уьш. Цхьанхьара дIа а баьхна, и вешан мостагIий кхечхьа ховшабо. Цхьанхьара цIе йойу, кхечхьа юьллу. ХIан-хIа, ма-хуьллу гена баха беза!

1862 шеран 10 майхь цуьнан императоран локхалло Михаил Николаевича тIаьххьара а чIагIбира ламарой кхалхоран гIуллакхах болу Кавказски комитетан сацам.

ТIаккха йолаелира ламанхойн исторехь уггар яккхийчаралахь йоккха трагеди.

Нохчийчоьнан, Дагестанан дуьхьало тIаьххьара а кагйича, шайн къийсам эрна хиларх кхеттачу Кубанал дехьарчу ламанхоша а тIом сацийра. Амма паччахьан правительствона кIезиг хетара церан муьтIахьалла. Ламанхошна хьалха ши некъ хIоттийра: я Кубане а кхелхина колониальни Iедална кIел совцар, я лаххьабелла Турце дIакхалхар. Шайн токхе мохк а битина, Кубанан йокъанечу я уьшалечу латтанашна тIе кхалхар а, Iожалла а цхьаъ хетара ламанхошна. И ультиматум тIеэца ца лиъна, халкъаш кIез-кIезиг лоьхкуш цкъа арентIера ломан когашка дигира, цигара дIа лаьмнашка таIийра, лаьмнашкара дIа — хIордан бердашка кхийсира. Масийтта шарахь бахбеллачу тIеман иэрчонаш лайна, мацалло, цамгарша гIелбина ах миллион Малхбузера ламанхой некха тIе цамзанаш хIиттийна хIордийн бердийн йистошка таIийра. Ирсе-м догдохуьйла а яцара хIордан дехьарчу бердашкахь, амма шайн синош кIелхьардаха, цига, хийрачу Турце бовда дийзира церан...

Ламарой дIауьдура шайн даймахкара. ЦIенош, даьхний, чудерзийний, дерзонзий ялташ дуьтуш. Цхьа кIеззиг бахархойн аьтту нислора шайн миска сал-пал йохка. Иза а, маьхза ала мегар долуш. Масех бIе эзар стаг шайн бахамаш, даьхний, сал-пал цхьана хенахь йохка боьлча, церан мах лахбелира буьйцу а ца хезначу бараме. Къаьсттина а дорах дара даьхний а, герз а. Туркойн правительствос бакъо ца еллера ламанхошна дохнаца, герзаца шайн импери чу бахка.

Кхелхачу ламанхошка хIоьттина иэрча хьал гинчийн дийцаршка ша а дукха ладегIнера Лорис-Меликовс. ХIордал дехьадовла кеманаш ца нислуш масех батте, шаре а бовлура уьш. Iаьнна кIел бахча цаьрга хIоьттинчу хьолан сурт дилла а, дийца а хала дара. Дерзина ала мегар долуш бераш, зударий, карахь доцу ялтийн рицкъ, юкъадаьржина морзгалин, Iаьржа а, чоьнан ун, хоршош. ХIордан йистаца дIасакхийсина Iохкура жIаьлеша диъна дохийна, гIорийна адамийн декъий. Оцу декъашна юккъехь

гора, чохь синош хилар бен, царах уьш къасто кхин билгало йоцуш, иэгна Iоххуш, хевшина, халла ирахь лелаш а адамаш. Царах дуккха а, дегIера са дала а кхиале жIаьлийн хIонц хуьлура.

Ламарой хIордан дехьа бердашка кхалхочу туркойн шкиперша шайн сутаралла барамал совнаха а кеманашна тIе буттура уьш. Мах коьртан цIарах ма боккхура. Ткъа кеманна мохь базбелча жимма а уьне цамгар кхеттарш, когаш, кортош а лоьцуш, хIорда чу кхуьйсура. ТулгIеша аратийсинчу декъаша дуьйдинера хIордан шина агIорхьара дерриг бердаш.

Кхелхачарна гIоьнна кхо бIе эзар сом ахча къастийнера паччахьан правительствос. Цунах цхьа дерг уьш дехьа баха йолах лаьцначу кеманийн дайшна деллера, ткъа цхьа кIеззиг кхелхачеран кара кхочура. Цхьа дакъа оьрсийн чиновникаша шайн дола хьовзадора.

Цхьадолчу кеманашна буха Iуьргаш а дохий, ламарой тIе бутту, ткъа уьш хIордана юккъе девлча хи буха доьлху, кхелхачарна лерина ахча кхузарчу оьрсийн Iедалан чиновникийн кисанахь дуьсу бохуш, эладитанаш а дара.

ХIокху Iаьржачу хIордан малхбале бердашкара дIа а бовлале йолийнера ламаройх йохка-эцар. Кеманан долахошна дала ахча доцчара, цуьнан метта зударий а, бераш а лора. Ахчанца кхуза оьхучу англичанаший, туркоший уггар хазчу мехкарийх юзура кеманийн трюмаш. Шаьш кеманашна тIебохуш маьхьаршца оьрсийн эпсаршка кхойкхура уьш, шаьш ма дигийта, даймахкахь дита бохуш.

— Понт Эвксинский хIордан тулгIешна тIехь инзаре дукха ламарой хIаллакьхили, — дуьйцура цхьана эпсаро Михаил Тариэловична, — инзаре иэрчо яра иза, амма кхин а иэрча дара дехьа бердашка дIакхаьчначийн хьал а. И Кавказан майра аьрзунаш эзарнаш хIаллакьхуьлу боху туркойн шахьарийн урамашкахь...

Ламаройн бохамах шайн ницкъ ма-кхоччу пайдаэца гIертара массо а. Паччахьан правительство — хIара маршо еза къаьмнаш хIокху махкара дIа а даьхна, шен тIеман стратегин Iалашонца кхузахь колонизаци ян. Оттоманан Порта — и майра ламарой дIа а бигна, империна чоьхьара къоман-маршонехьа болам церан куьйгашца хьеша а, кхузахь шен мостагIчунна, Россина дуьхьал царах пайдаэца а. Туркойн и къиза планаш даггара къобалйора Европин пачхьалкхаша а. БIе шо ма дара цара массара а юкъа питанаш туьйсуш, Iехош, хIокху лаьмнашкахь барт, машар хила ца буьту.

Ламарой кхалхош шиний правительствона гIо дора меттигерчу феодалаший, динадайший. Россехь хиллачу реформо кхерийна уьш, шайн долара ахархой а эцна, Турце сихбелира. Цигарчу деспотин Iедалехь шайн политикан а, динан а, идеологин идеал гучу царна хаьара цигахь шайн феодалийн бакъонаш а, юкъараллин хьелаш а шайгахь дуьсур дуйла.

Боккъал а, хIара ламарой некъашкахь а, дIакхаьчча Турцехь а, мозий санна хIаллакьхуьлуш, и феодалаш а, динадай а тIехдика дIатарбелира цигахь. ТIаьхьа, царах дукхахболчара Турцехь пачхьалкхан а, тIеман а лаккхара гIуллакхаш дIалийцира, шайн даймахкахьчул эзарзза дика баха а хевшира.

4

ХIаъ, Михаил Тариэловична дика хаьа Турце кхелхинчу ламарошкара хьал. Къа а дера хета царах. Амма империн гIуллакхаш коьрта ду дерригенал а. Империн дуьхьа бIаьрнегIар ца тухуш тIаьххьара нохчо-м хьовха, кхузара дерриге къаьмнаш лаххьийна цига дIакхалхо а реза ву иза.

Кубанал дехьара ламарой кхалхоран гIуллакха тIехь дуккха а къахьегна цо, амма цуьнан къинхьегаман стом кхечара буу. Иза дара цунна халахетарг. Мила ву ткъа и ирсениг? Евдокимов! И аьрта солдафон. ...Оцу Аьрру фланго, цигарчу акхароша, легашкахь йисинчу даьIахко санна, дукха хенахь дуьйна диллина дIа сагатдо правительствон. Цкъа а ца хилла цигахь машар, хIинца а бац. Хир а бац и Нохчийчоь тIаьххьара а гуттаренна а гора ца хIоттаяхь. Ах бIе шо хьалха, шайхана санна и гуш, хууш хиллера А. П. Ермоловна.

— И нохчий Iаламат нуьцкъала а, кхераме а халкъ ду, — яздора цо оьгIазе. — Цул сов, луларчу халкъаша а гIо до кхунна. Я нохчашка безам болуш, я вайца мостагIалла долуш а дац иза. Лаьмнашкахь и доккха а, майра, нуьцкъала а халкъ эшна вайн кога кIел дагIахь, цуьнца цхьана шаьш а оьрсийн Iедална кIел дахарна кхоьруш. ГIебарта хIун ю? ХIумма а йоцург! Шайн кIордамечу ловзаршца вай девне-м кхойкху гIебартоша. Амма цхьана ханна уьш лан деза сан. Уггар кхерамечу йовсаршца, нохчашца дерг чекхдаллалц. Нохчий — дIаьвшен лаьхьий ду. Ткъа важа дисина ламанан къаьмнаш — чуьркаш. Лаьхьарчаша цIий муьйлуш хилча, чуьркийн араш[1] хаалац. Кху крайхь кхерамзалла, машар, тийналла а хир яц Теркан лахенан аьтту агIор долу нохчийн латтанаш вай дIа ца лецахь. И нохчий бу хIара Кавказ карзахйохурш. Уьш къарбой — Кавказ къарлур ю. НеIалт хилла къам! ХIара тIаьххьара зама тIекхаччалц оццул дукха а ма бацара уьш. Шайн махкахь цхьацца зуламаш дина, бевдда баьккина кхечу къаьмнех болу шаьш санна талорхой гIадбоьлхий тIелоцу цара. Уьш тIелецна Iаш белира. Вайн салтий а ма уьду Нохчийчу. Кхечу ламарошна тIе ца бовду, ткъа Нохчийчу. И нохчий, цхьа а Iедал къобал ца деш, шайн лаамехь маьрша болу дела. Уьш санна шаьш а талорхой болу дела. Цундела, гIадбоьлхий вовшашна мар-мара лелха! Массо тайпанчу талорхойн, вайн уьдучу салтийн а бен ма бу и Нохчийчоь. Ас даим а ультиматум хIоттайо оцу йовсаршна хьалха: бевдда шайна юкъа баьккина салтий соьга схьало, я ас адамашна дуьйцу ца хезна таIзар дийр ду шуна тIехь. Цкъа а цхьа салти схьа-м ца велла! Цундела ас хIаллакйора церан ярташ. Цул сийдоцуш, боьха къам кху маьлха кIел хир дац. Кху дуьненахь адам хьоькхуш лела и Iаьржа ун а къехка царах, церан вуолла. Со Iебар вац царах, тIаьххьара веллачу нохчочун чарх Ставрополан музейхь сайн шина бIаьргана гичий бен!»

[1] Кхечу дешнашца аьлча — юнаш.

Оццу жамIашна тIевеара, Ермолови къизалла тIехъяьлча, иза мукъа а ваьккхина, Николай I-чо «ламанан къаьмнаш къарде, ткъа ца къарлурш хIаллакде» аьлла кхуза ваийтина фельдмаршал Паскевич.

— Кхин долу къаьмнаш къарда-м хала дацара, — паччахье балхамаш бора цо. — Церан коьртехь-м мехкадай бара, шайна чинаш, совгIаташ, ахча делчхьана, шайн халкъаш-м хьовха, данана а духкур долуш. Халаниш нохчий бу. Шайн акхачу маршонах хаьдда, шаьш вайн комендантийн Iедала кIел дахар деккъа цхьана дагадаро а карзахбоху уьш...

Боккъал а, хьекъале корта хилла Александр Петрович Ермоловн. Хала хета, государа хьалххе иза кхузара дIавигар. ТIехула тIе, цуьнан тIехкъизаллина, цунна барта чIогIа таIзар а деш. ХIетахь, цхьана масех шарна иза кхузахь витина хиллехьара, цо шен къинхетамзачу куьйгашца тоххар караIамийна хир яра и неIалте Нохчийчоь.

Кубанан областехь а ирс хили Евдокимовн. Цигара ламарой хIорда тIетаIийра цо. Михаил Тариэловична дагадаьхкира цо сардале язйинчу донесени тIера шалхоне могIанаш: «Кавказерачу эскаршна хьалха лаьтта декхарш чекхдовла герга ду, — яздора цо, — лаьмнашкара дIа а лаьхкина, хIорда йистте, цхьана юткъачу асана тIе таIийначу царна, вайн эскарш кхин а хьалхатаIахь, кIелхьарбовла некъ ца буьсу. Царах цхьа кIеззигчарна лаа там бу, шайн исбаьхьачу Iаламан даймохк а битина, Кубанан есачу аренашка дIакхалха. Цундела, вайн адамаллин дегнаший, эскаршна хьалха лаьтта декхарш дайдан лаарой, царна кхин некъ биэлларна тIетоьтту вай: Турце дIакхалха некъ маьрша битарна».

ХIетахь, и могIанаш дешча, дегнаш кIадделира «адамаллин» болчу Кавказски хьаькимийн.

— Шайн даймахкара дIабаха гIертачу ламарошна мелла а дуьхьало яр — тIех йоккха къизалла хета суна, — элира хIетахь наместникан декхарш кхочушдеш хиллачу эло Орбелианис, — Вайн эскарша халачу хьелашка берзийна хилча, мелхо а Турце кхелхачарна новкъарло ян ца еза граф Евдокимовс. Амма и масех бIе эзар стаг хIордал дехьа муха вер ву хаац-кх.

Карцовс атта тардира и гIуллакх.

— Кхалхаран гIуллакх вайн лаамна жоп луш хиларний, кхузара тIом цо тIаьххьара а, гуттаренна а чекхбоккхург хиларний, кхузахь колонизаций ян аьттонаш луш хиларний, — вахвелира иза, — вешан ницкъ ма-кхоччу царна дIакхалха гIо дан деза вай. Кхелхарш дIабига догIучу туркойн кеманашна ламарой бехачу массо бердашка хIитта бакъо ялар бакъхьа хета суна.

— Туркойн кеманаш кIезиг хир дуй-те снлá долу адам кхалхо, Александр Петрович?

— Вайн тIеман а, махлелоран а кеманаш юкъаозор ду-кх. Цул сов, малхбузера пачхьалкхаш а ю ламарой кхузара дIакхалха лууш. Цара гIоьнна шайн кеманаш дахкийта а мега.

— Иза а хила тарло, — резахилира Григорий Дмитриевич. — Царна вайначул а тIех лаьа ламарой Турце кхалха.

Евдокимовн ирсана, гIуллакх тIехдика дIадоладелира, туркоша-м хьовха, англичанаша, французаша, итальянцаша, грекаша а кеманаш делира ламарой хIордал дехьабаха. Белла а, дийна а — ах миллион ламарой цигара дIабаха аьтту хилира Евдокимовн. Ткъа Михаил Тариэловичан ницкъ кхачац, аттала ткъа эзар нохчо кхузара дIаваккха а!

Дуьненчу волуш дуьйна а ирсе кхаж баьлла Николай Ивановичан! Феерверкеран кIант, юьхьанца могIара салти, тIаккха Кой-субулин пристав. Халлий бен яздан а, деша а ца хууш, бодане стаг. Амма шен пхи пIелг санна ламаройн Iер-дахар а, гIиллакхаш, амалш а евза. Шен майраллий, къизаллий, дукхахдерг — мекарлой бахьана долуш а инарлин чине, графан титуле а кхечи.

ХIаъ, эрна дац паччахьо Евдокимовн гоьваккхар. Ламаройн дуьхьало каг ца елла, инарлаш кIелбисча, цо кхин а йоккхачу къизаллица карлаяьккхира массарна а йицъелла лаьтта, мацахлера Ермолови тIеман тактика. Алексей Петровича дагарца болх бира Нохчийчохь, ткъа Евдокимовс — цIерца. Системица тIелетарш деш, кIез-кIезиг хьалхатеIаш, амма ша тIенисвелла массо хIума — ярташ, даьхний, ялташ, хьаннаш, цанаш, докъарш ягош Нохчийчоь тIаьхьало йоллуш дIалецира цо.

Ермолови «хьаннаш хьекха» боху кхайкхам, «кIур бе» бохучуьнца хийцира Евдокимовс.

— ТIом ма бе нохчашца, — хьоьхура цо эпсаршна, — мелхо а тIамах къахка. Ярташ, ялташ, хьаннаш, бошмаш, дежийлаш, цанаш, даьхний, докъарш хIаллак а яй, духадовла. Мацаллой, шелоной карабалор бу уьш. ЦIе, цIе, юха а цIе!

ТIеман тIаьххьарчу шерашкахь коьрта тидам айкхашна тIеберзийра Евдокимовс. Инди дIалоцуш англичанаша пайдаэцна метод — кхаьънашца нах эцар, — кхин тIе а тайина, шарйина юкъаяьккхира цо кхузахь; «шайчийн» къайленах информаци еллачунна — хIоккхул, имамах веддачунна — хIоккхул, цхьанне агIор воцуш Iийначунна — хIоккхул, йоккха топ схьаеллачунна — хIоккхул, лаьцна нохчех стаг валийнчунна — хIоккхул,

иштта дIа кхин а, кхаьънийн тарифаш яра хIиттийна. Доцца аьлча, иттаннаш шерашкахь хаддаза лаьттачу тIамо хIу даре кхачош лаьтта, мацаллой, къеллой бIарздина адам оьздангаллех дохо, кхаьънашний, айкхаллиний, ямартлонний Iамо шатайпа, бIаьргана гуш йоцу школа йиллира цо Нохчийчохь. Оцу тIехь баккхий кхиамаш а бехира графа. Фельдмаршала Барятинскийс масех дашца сурт диллира Евдокимовн: «Вон хьехархо вацара граф. Ша кхолладелла жовхIар, амма къиношца: куьйгана цIена вацара иза, кхаьънаш оьцура...»

Ша ечу ойланашна шех иэхь хийтира Михаил Тариэловична. Оцу солдафонан каръерех иза хIунда хьоьгу? ХIан-хIа, дайшкара схьа дворянех волчу Михаил Тариэловича ша лахвийр вац цунах хьегарца. Евдокимовс болх куьйгашца бо, ткъа Михаил Тариэловича — коьртаца. ТIом чекхбаьлча, аддамана а мичхьа ву а ца хууш, массарна вицвелла, шен графан титулца вуьсур ву Евдокимов, ткъа Михаил Тариэловича шен хьекъалца гойтур долуш дукха а гIуллакхаш ду.

...Лаьмнийн баххьех хьерчачу кIайчу мархийн сомалкхашка а хьоьжуш, кора уллохь лаьттара Михаил Тариэлович. ГIаргIин дуькъачу гIаш юккьехь кIур-кIур дора шина кхокхано. Лаьмнашкара схьа дагна там беш байн мох хьоькхура. И гIайгIане ойланаш дIалахка санна, белшаш ойуш, корта ластийра цо. ХIаваэ ваьлла, волавелла, коьрте жимма садаIийта ойла хилла Лорис-Меликоз сацийра неIарх чоьхьаваьллачу штабан начальника полковник Свистуновс.

— Коьртачу штабера пакет ю, хьан локхалла, — цIена, къаьстачу озаца вистхилира иза.

— Стоьла тIе охьадиллахьа, — элира Лорис-Меликовс, полковникан элдарчу дегIе бIаьрг тоьхна. — Нохчийчуьра хаамаш буй?

— Ичкерин, Органан а округан начальникашкара донесениш ю.

— Керла хIун дуьйцу?

— Башха керланиг а дац. Ламанан Нохчийчохь синтеме дац, халкъ бунт ян кечлуш ду боху. Амма, цигахь дукхе дукха лерина а, къайлах а, боккхачу гIаттамна лечлуш буй-те аьлла хета суна. Вайн ирсана, зуламхошна тIаьхьа хIинца цкъа кегийрхой бен ца хIуьтту. Баккхийчарна эрна хета Iедалца къийсар.

Лорис-Меликовс доккха садаьккхира.

— Мятежан тхьамданашка ладоьгIуш баккхийнаш а болуш, ткъа кегийрхой бухагIерташ хилча бакъхьа хир дара, хьомсара Александр Павлович. И ун къоначу тIаьхьенан дегнашна чохь дисар ду зуламе.

Цхьана минотехь вист ца хуьлуш лаьттира и шиъ.

— Керла гайтам хир буй хьан локхаллин? — хаьттира полковника.

— Хlан-хlа. Баркалла.

Полковникана тlаьххье неl тlечlагlаелча, lаьржа лак хьаькхна, куьзга санна къегачу стоьла тlе вуха а вирзина, лекха гlовла йолчу кlедачу гlанта охьахиира Михаил Тариэлович. Меллаша сургучан мухlар дlа а даькхкхина, жимчу уьрсаца пакет датlийна, оцу чуьра схьадаьхна деалха диттина шера кехаташ схьадехира цо. Тlаккха, цlенчу йовлакхца цlандина, дашо хlазаршца куьзганаш шен стомма, бехачу мера тlе а дехкина, кехаташ схьадаржийра цо.

Долорна тlе бlаьрг кхарстийна, тlаккха цхьацца меттигаш лерина еша вуьйлира иза.

«...Тlеман министре, цуьнан локхалле, инарла-адъютанте Милютине... № 1, 3 январь 1865 шо.

...Билгалдаккха деза, Малхбален Кавказан дерриг къаьмнаш вайца цхьатерра мостагlалла а, вайна цхьатерра кхераме цахилар: цундела царах лардалархьама вай деш долу гlуллакхаш массанхьа а цхьатерра луьра хила дезац. Теркан областан Малхбузе Отделера бахархой бес-бесар къаьмнех хиларой, оьрсийн урхаллах боьлла хиларой, церан динан башхаллаший цигахь вайн lедал чlогlа латтадо, цундела цигахь вайна кхерам боцу кег-мерса карзахаллаш хила тарло.

Шерачу аренца йолчу Гlумкийн округан мехкан хьелаший, вайна урхаллина кlел халкъ токхенга кхачарой гуттаренна дlабоккху цигахь гlаттам хиларан кхерам.

Кхечу хьолехь бу дагестанхой. Майра тlемалой а, динан фанатикаш а болчу церан, вайга цабезам массерчул тlех чlогlа хила мега. Амма оцу шайн мехкан къечу, буьрсачу lаламан lаткъамна кlел кхиъначу цигарчу халкъийн lер-дахаро вайна боккха аьтто бо уьш вайна муьтlахь латто а, оцу махкахь вешан урхалла латто а. Лаьттан къелло къинхьегамна lамийна ламанан дагестанхой. Церан лаьмнашкахь мелла а тlехь ялта кхио мегаш йолу хlора кийсак, дайша инзаре чlогlа къахьоьгуш тарйина и кийсак тlаьхьарчу тlаьхьенаша йоl-бlаьрг санна ларйо, иза шайн рицкъанийн цхьаъ бен доцу хьоста хиларна. Оцу бахьанаша цигара къаьмнаш вайна мел муьтlахь дацахь а, догдохийла юьту. Дагестанехь вайна дуьхьал гlаттам хир бац аьлла.

Новкъа ду, Дагестанехь а, Теркан областан Малхбузей, Малхбалей шина отделехь вайн урхалла чlагlдечу хьелех цхьа а нохчий бехачу Юккъерчу отделехь цахилар. Кхузахь дерриг вайна дуьхьал дирзина: оцу халкъан амал а, юкъараллин дlахlоттам а, lер-дахар а. lаламан хьелаш а. Нохчаша вайца бинчу бехачу тlамо цуьрриг а бакъхьа ца хийцина церан амал. Вайн эскарийн тохаршний, Шемалан деспотин lедалний юккъехь бисинчу нохчаша, вайх ларбала а. Шемалан lедал дlакхосса а шина агlор биэкъа ницкъ боцуш, шайн герз а, мекарло а цкъа вайна, тlаккха Шемална дуьхьал доккхуш, юха шайн вовшашлахь леташ, текхна

хlара тlаьххьара а ткъа шо. Оцу шиний агlорний, юха вовшашлахь бечу тlамо а хlаллакбина церан оьздангаллехь болу кхетам а, вовшийн лерам а. Кхерамма-м хьовх, lожалла а дош ца хета царна. Кхерамах а, lожаллах а боьллачу царна, оцу шинне бlаьргаш чу хьоьжуш дерг бен дахар а ца хета. Хlокху тlаьхьарбlаьргаш чу хьоьжуш дерг бен дахар а ца хета. Хlокху тlаьхьарчу ткъа шарахь нохчийн цхьа а юрт тешна яцара ша тахана йолчу ткъа шарахь нохчийн цхьа а юрт тешна яцара ша тахана йолчохь кхана хир ю бохучух: цхьана агlор вайн эскарша йохайора уьш, вукха агlор — вай герга гlоьртича Шемала нуьцкъах кхечохь кхана хир ю бохучух: цхьана агlор вайн эскарша йохайора уьш, вукха агlор — вай герга гlоьртича Шемала нуьцкъах кхечочхьа кхалхайора. Мохк ялтина дика, токхе хилар бахьана дочахьа кхалхайора. Мохк ялтина дика, токхе хилар бахьана дочахьа кхалхайора. Мохк ялтина дика, токхе хилар бахьана дочахьа кхалхайора. Мохк ялтина дика, токхе хилар бахьана долуш, хlаллак ца хуьлуш дисина и халкъ, амма адамашха терра луш, хlаллак ца хуьлуш дисина и халкъ, амма адамашха терра дахар бохучух кхетам а, тешам а байна церан. Демократизм угдахар бохучух кхетам а, тешам а байна церан. Демократизм уггар лакхарчу тlегlанна тlехь яра церан даима. Сословиш а, тlаьгар лакхарчу тlегlанна тlехь яра церан даима. Сословиш а, тlаьхьенга лун lецал а хlун ю-м мухалле а ца хаьара царна, аттала цхьа а тайпа lедал а тlелаца а лаац. Иза-м хьовх, «приказ» боху дош а дац нохчийн шайн маттахь...»

— Цул, хьердаьлла халкъ ду иза аьлла, доцца яздинехь, — доккха садаькхкхира Лорис-Меликовс, — Кошо бен нисдийр доцуш.

«...Оцу амалшца, юкъараллин зlенаш йоцчу нохчийн долахь, массо тайпанчу зуламашний, мятежашний аьтто беш мохк бу. Ехачу хенахь цаьрца тlом бина, цаьргара схьабаькхкхина дуккха а мохк, кху сахьта вайн политикан а, я стратегин lалашонашна цхьана а маьlне боцу, беса, берзина, Соьлжан аьрру агlонца болу мохк бу. Юькъа хьаннаш а, lаламан кхин дуккха а чlагlонаш йолу ерриг меттигаш нохчийн долахь йисина. Церан долахь ду Дагестанца зlе латтош долу Органан, Ичкерин а округашкара лаьмнийн чlажаш, lаьржачу ломан хьаннаш а. Оцу меттигашкахь карадо обаргашна шайна кхерамза туш.

Оцу хьолехь йолчу Нохчийчоьнера вайна кхерам ма-барра гучу граф Евдокимовс, Малхбале Кавказ къаръяр чекх ма-даьллинехь, lаьржачу ломан когашкахула дlа вайн станицийн а, чlагlонийн штаб-квартирийн а керла лини йилларца, нохчийн аренашкара ярташ ламанца йолчех дlакъасто план хlоттийра...»

— Хlай-хlай! — корта а ластош велакъежира Лорис-Меликов. — Дерриге хьекъаленг шений, Евдокимовний яздойц Карцовс!

«...Вай дан гlертачух кхеттачу нохчаша луьра дуьхьало йира. — Ичкерин, Органан а округашкахь гlаттам хилира, ерриг хьаннашкахь обаргийн гlеранаш яьржира. Гlаттам хьаьшира, къаьсттина бехке йолу аькхкийн, бенойн ярташ арентlе кхалхийра; аьрстахошка дlахьедира Жимчу Гlебарта кхалхар. Граф Евдокимовс юьхьарлаьцна и хала, амма вешан lалашонна тlе дуьгу доккхачу маьlне система сацам боллуш цо дlаяхьар юкъахдисира, иза Кубанан эскарийн командующи хlоттор бахьанехь. Цуьнан метта Теркан областан эскарийн командующи хlоттийнчу инарла-лейтенанта эла Святополк-Мирскийс тlе ца лецира Евдо-

кимовн система. Герзийн ницкъашца Нохчийчоь къаръян еза хан дIаяьлла, нохчашца машаре дийцарш дан деза, уьш вайх тешийта беза, тIаккхий бен гуттаренна церан дуьхьало соцур яц бохура. Турце кхалхо гIебартой совца а бина, церан махкахь керла станицаш йохкур яц аьлла нохчашна дош а делла, аьрстхошний, аькккхашний шайн ярташка бухаберза бакъо елира цо. Эла Святополк-Мирскийс ойла ца еш динчу оцу гIуллакхаша Владикавказан 2-чу полкан гIалгIазкхий а, нохчий а, йоццачу хенахь а цхьана тарлур боцчу хьелашка хIиттийна. Хьалха ас ма-аллара, шен планаш кхочушъян воьллачу граф Евдокимовс, лакхахь буьйцу нохчий лаьмнашкара охьа, арен тIе кхалхо болийнера...»

— Юха а аьшпаш! Нохчий арен тIе кхалхор Евдокимов цига хIоттавале долийнера!

«...кхидIа уьш ГIебарта кхалхо дагахь, церан махке тIе гIалгIазкхийн станицаш ехкира Евдокимовс. Ткъа гIебартой Турце ца кхалхош совцор бахьанехь, шайн махкахь 70 квадрате миль лаьтта тIехь бисина низаречу гаттехь бохкучу нохчаша бахам кхиор бу бохург-м хьехочохь а дацара, юьззина мацалла хIуттур ю цаьрга. Цхьа а бIаьсте чекх ца йолу ярташна юккъехь дов ца долуш, вовшах ца леташ, вер-ваккхар ца хуьлуш. АрентIехь латта доцуш бисина дуккха а нах, шаьш хьалха вай герзан ницкъашца охьабаьхначу лаьмнашка къайллах юха оьху, тIаккха цигара уьш нуьцкъах охьабаха дезаш хуьлу...»

— ХIокхо дийцарехь, кху областехь баьхна кхиамаш берриг а Евдокимов бахьанехь хуьлу, — ца вешаш чIичкъа вахара Лорис-Меликов. — Ткъа со, тIехьа, Iиндагlе тоьтту. Нагахь хIокхо юьйцу ойланаш а, кхиамаш а боккъал Евдокимовн хиллехь, инарла Кундухов Нохчийн округан начальник хIунда хIоттийнера цо? Хетарехь, Аргунски, Ичкерински округашкахь хиллачу Евдокимовс, нохчашна хьалха цIога лесто ойла йолуш, царна тIе Кундухов хIоттийна.

«...Оцу къастам боцчу, амма вайна халачу хьолах кIелхьарадовла шиъ бен некъ бац: хьалхара, сацам боллуш тIейогIучу хенахь гIаттам хиларна кхерам гуттаренна а дIабоккхуш берг — берриг нохчий Теркан, Соьлжан а аьрру агIонаш тIе а, Жимчу ГIебарта а кхалхор, Соьлжаца хьала ГIачалкх-Дукъа тIе хIотталц, ломан когашца нохчийн лаьтта тIе Соьлжан 1-чуй, 2-чуй полкан станицаш яхкарца аренан Нохчийчоь Теркан а, Дагестанан а областийн ламанан округех дIакъастор. Иза дича, вай тIаьххьара а, гуттаренна а чIагIло Теркан областехь-м хьовха, Дагестанехь а. Шена ялтийн база хилла лаьттачу Нохчийчоьнах дIахаьдча цкъа а меттахъхьан яьхьар яц Дагестан. Амма и план кхочушъян доьлча вай кийча хила деза нохчашкахьара хинйолу луьра дуьхьало кагъян. Кху сахьта Кавказехь болчу вайн ницкъе хьаьжча, и тIом бахлур бац, шина-кхаа кIирнах чекхбала а тарло, амма юьхьанцара тасадаларш Iаламат луьра хир ду...

Шолгlа некъ — кIез-кIезиг, сих ца луш, нохчий Турце кхалхор.

И план кхочушъя доьлча, вайна оьшу лаххара а пхи-ялх шо хан а, оцу ерриг хенахь арахьарчу мехкашца чIогIа машар а, нохчийн муьлхха гIаттам хьаьшна дIабаккха Теркан областехь диллина латто тоъалчу барамехь эскарш а. ТIаккха а, цхьа хьалххе дуьйна гуш доцчу бахьанийца кхузахь цIе летар яц ала а даьхьар дац. Цундела, ишттa меттиг тIенислахь Кавказан кхечу къаьмнашна хьалха вешан Iедалан сий лардархьама, ас гайтинчу шина некъах хьалхарниг дIабахьа, я вуьшта аьлча, берриг нохчий Соьлжан аьрру агIон тIе кхалхорца, тIейогIучу хенахь гIаттамаш хиларна кхерам гуттаренна а дIабаккха, и хьалхара некъ дIабахьа, коьртакомандующина ерриг бакъонаш яла еза...»

— Цигара хьал-м, шуна массарначул а дика хаьара суна, — барт туьйхира Михаила Тариэловича, — цхьана дийнахь шайн тIеман кхиамаш хилчхьана, кхин тIаьхьалонан ойла ца еш, тIенисбел-беллачу станицаш, тIеман чIагIонаш а ехкина. Коьртаниг ца гина. ХIетахь кортошца ойла яи езара, хьомсара государаш. Цхьа низам доцуш, туземцашна юккъе баржийнчу оьрсийн бахархойн ницкъ бац хIоьттинчу хьолана тIе Iаткъам бан. ХIинца, оцу Iовдалша кегийна худар ас даа деза. ЦIий а Iенош...

Дешна ваьлла кехаташ деалха а тоьхна, оьгIазе конверта чу таIийра цо.

II корта ДАГАХЬ ДОЦУ ГІО

(Дешхьалхенан тІаьхьа)

Зеделларг ду, шайгара девлла зуламаш, шайн карарчу Іедалан гІоьнца, тІекхуьуччу тІаьхьенах къайладахалур ду моьтта нах телхина хилар.

Корнелий Тацит.

1

Михаил Тариэловичан ойланаш юкъахъехира тІулг хьажош табинчу урамеула герга догІучу говрийн ленаш тоьхначу бергийн татанаша. Иза, хазза ладоьгІна а валале, йиллинчу гІопах чоьхьавелира, дикачу дойшкахь, герзах воттавелла ялх бере. Хьалха сирчу динахь вогІура, хІокху махкахь хийла эпсар шех хьоьгу элдарчу дегІара, куьце хІирийн округан начальник инарла-майор Кундухов. Цуьнан некъахой бара виллина дІа цуьнца хуьлу вокхаха ваша Афако, кхин виъ ялхо а.

Каде динара а воьссина, кхин дІасахьажар доцуш, цІа чу волавелира Кундухов. Цо урх тесна йитина говр, ега а елла, бай тІе тІа детта юьйлира.

Дукха хан ялале чувеанчу Лорис-Меликовн адъютанта Золотаревс, Кундуховс ша тІеэцар доьху элира.

— Чувола ала, — кхоссар а йина, вусавелира Михаил Тариэлович.

Шаьшшиъ ший а кавказхо а, цхьана гонан ши стаг велахь а, Кундуховга безам ца летара Лорис-Меликовн. И цабезам хила бух а ма бацара. Кундухов — хьуьнаре инарла а, говза дипломат а, хІокху ламанан халкъашлахь лоруш стаг а ма вара. ХІетте а цуьнга ладоьгІча, леррина хьаьжча, оцу арахьарчу куьцаний, хьекъалечу къамеланий тІаьхьа шалхо хиларх шеквуьйлура. Амма империна дикка гІулкхаш дина а, Петербургехь яккхий зІенаш йолуш а стаг иза хиларна а, мел ца лаахь а, Кундухов лара дезара Лорис-Меликовн. ТІе, дукха хан ялале, хІара берриг ламарой гучуьра бовларе догдохуьйлуш хиларо, дагна маслаІат а дора цунна.

— ОхІ, сан хьомсара Мусса Алхазович! Мича махо валий-те хьо со волчу!

БІаьргаш, ерриг юьхь екхаелла, Кундухов маракъовла санна, ши куьг дІаса а тесна, кеггийра гІулчаш йохуш, цунна дуьхьал

вахана, иза пхьарс лаьцна гІиллакхехь, кІедачу гІанта тІе валийра цо.

Ша дуьхьал охьа а хиъна, хаттаме хьеше хьаьжира Михаил Тариэлович.

— ТІаккха, хьомсарниг, хІун ду керла? Оцу хьайн Скут-Кохахь дукха сагатдой ахь?

Гоьл тІе ког а боккхуш, гІантан гІовли тІе куьйгаш дехкира Кундуховс.

— Лаьмнашкахь мичара хезара дара керланиг? Уьш кхузара, Владикавказера дІа ма кхочу тхоьга. Цул, ахь дийцахьа, Михаил Тариэлович, хьайн гІуллакхаш муха ду?

— ХІун аьлла жоп лур дара хьуна? Со кхузахь волу шо а ма ца кхаьчна. ЖамІаш дан тІех кІезиг хан ю иза. Доцца аьлча, планаш яккхий ю, ткъа динарг кІезиг ду.

— Цуьнан императоран воккхалло империн уггар хала а, чолхе а область елла хьан кара. Цо гойту иза хьох чІогІа тешаш а, догйовха а хилар.

Цхьана минотана коьртера дІаевлла чолхе ойланаш, уьйриг хилла, юха а чухьаьвзира. Лорис-Меликов, везза хьала а гІаьттина, доца ши куьг тІехьа а диллина, кегийра гІулчаш йохуш, чухула дІасаволавелира.

— Бакъ дерг аьлча, Мусса Алхазович, государ императора и тешам сайна баларх дозалла до ас. Амма хала ду-кх кхузахь, ницаре хала. Ша дела воцчунна басталур бац хІара шайтІанийн шад. Кхин хила амал доцуш духахьара къам ду и нохчий. Кхузара тІом чекхбаьлла моьтта массарна а. Ткъа иза аьттехьа а доцийла хьуна ма хаьа. ХІокхеран къармазаллий, сонталлий фанатизме йирзина. Кху махкара дисинчу дерриге къаьмнаша вайн гражданалла тІеэцна, дуьхьало йоцуш Іедална текхамаш бо... Амма Нохчийчохь иза хьеха а ца дойту. Бехк ма биллалахь, Мусса Алхазович, сапаргІат дийцалац соьга.

— ХІаъ, хьан локхалла, чІогІо бІар ду Нохчийчоь, — элира Кундуховс, шен Іаьржа месалчу мекхашна куьг а хьаькхна. — Цунна къера хила дезара тоххара. Закавказера а, Дагестанара а къаьмнаш къардан атта хилира вайна. Цигара хьалхалера Іедал вайчуьнца хийцичхьана дерриг а дІанисделира. Церан тІулган лаьмнаш колонизацина дезаре дацара. Вешан гІорторашна цигахь оьрсийн цхьа юрт я штаб-квартира йилларо, мохк шуьйра хиларна, меттигерчу халкъийн бахамаллин дІахІоттамна новкъарло ца йира. Цул сов, вайца еххачу хенахь бинчу тІамо талийна, чІанабаьхна, гІелбина Кубанан областера ламарой а, шайна юкъа гІалгІазкхий ховшо болийча, уллохь хІорд хиларо аьтто бина Турце а кхелхина, вайна дуккха а латта мукъаделира. Цигахь бисина меттигера кІезиг бахархой, вайн правительствона кхераме хуьлчура бевлла, ткъа хенан йохалла колонисташна юкъа а ийна, уьш лар йоцуш бовр бу. Бухкенца кхечу хьелашна,

кхечу халонашна тIе Iиттаделира вай Нохчийчохь вешан Iедал хIотто доьлча. Цкъа-делахь, областехь бIе эзар гIалгIазкхи вахар хаоро гатте йина нохчий шайн хьалхалерчу бахамаллин кепех бохийна. ШолгIа-делахь, дIасабовла меттиг бац церан. Къилбаседехьа — екъа, еса гIамаре аренаш, къилбехьа — лекха тIулгийн лаьмнаш. Оцу хьелаша вайна некъ боьхку гражданство тIеэца Iемина доцу и къармазе къам областал арахьа даккха. Доллучул а вайна хало йийриг кхин а ду: уггар токхе ах мохк цаьргара вай схьабаьккхинехь а, церан долахь стратегин Iалашонна доккхачу маьIне болу важа мохк бисар.

— ХIаъ, Мусса Алхазович, — корта хьовзийра Лорис-Меликовс. — Нохчий хIокху хьелашкахь битахь, машарей, синтемей догдохуьйла яц вайн. Амма кIелхьаравала цхьа ков доцуш хало а хилац. Ерриг Кавказехь вешан Iедал хIоттийна вай, Нохчийчохь а хIоттор ду.

— Бехк ма биллалахь, Михаил Тариэлович, амма нохчий Жимчу ГIебарта кхалхо Iалашо йолуш ахь хIоттийна план кхочушъялур йоцуш хета суна. Нохчийчоь шина декъе екъар — иза юха а цкъа тIамца дIалацар санна хуьлу.

— Дера шайн лаамехь-м кхелхар ма бац уьш цига, — ойла а йина тIе тайра Лорис-Меликов. — ХIун дан деза ткъа?

Кундуховс даррехь жоп ца делира. Командующин собар зен гIерташ санна.

— Дала аьтту бийр бу, — шалхе велавелира иза. — Герзан ницкъаца низам хIотталур дац вайга. Кхин некъ каро беза.

— Нах эцаррий?

— Иза а бац тешаме. Церан ханаш, элий бац вайна бохкабала. Бохкалуш нах кIезиг карор бу нохчашлахь. Шен амал йолуш къам ма ду иза. КараIамонзачу эмалканчул башха дуьрста езац цунна.

— Церан элий, ханаш а ца хилар дикахо хета суна, — ойлане корта хьовзийра Лорис-Меликовс. — Ойла ел ахь, мел къиза бара дагестанхойн ханаш. Таркхойн шамхала хIун дора шен ахархошна? ГIожмаш еттара, бIаьргаш дохура, тIуьнчу зинданаш чохь бахкабора. Кюрин Аслана-хана цхьа бехк баьлла шенаш цIийдинчу эчигца морцура, лергаш дохура, баьшначу кортошна тIе кхехка даьтта дуттура. Шайн ахархойн зудабераш нохчашна говрех бухкура. Церан и акха гIиллакхаш бухкенца, гуттаренна а дIадаьхна Россин культуро.

Кундухов цавашаре велавелира.

— Бехк ма биллахь, хьан локхалла, Россехь ахархой Iаьржачу боданехь латтош хилар диццдо ахь. Вайша цкъа кавказхо хиларна хьох къайле яц сан. Ермоловс Дагестанера ахархой «маршабохуш, оьрсийн муьжгий бIозза халчу, къизчу хьолехь бара. Арслана-хана шен ахархойн йоIарий говрех бухкура, ткъа оьр-

сийн помещико шенаш иэранех [1] хуьйцура. Массо газета къарздой хуьлура крепостной ахархой боха-эцарх йолчу рекламаша. Мичхьа яра и акхаралла? Цивилизацин Россехь! Цигахь а изза хилча, ткъа Дагестанерчу ах-акха элашний, ханашний бехк билла гIертар суна-м биэламе ма хета, Михаил Тариэлович.

Кундуховн дуьхьало йоцуш хецаваларо цецваьккхинчу Лорис-Меликовс, акъваьлла ладоьгIура цуьнга.

«Дерриге а схьа ца олу ахь, амма вуьшта гуш ду-кх хьан дагахь дерг, — лерина хьаьжира цуьнга командующи. — Лаа дац «Мел юзаярх, борз варша хьоьжу» боху оьрсийн кица».

— ХIета, хьо реза вац-кх, кхузахь вайн правительствос дIахьочу политикана я вуьшта аьлча, цуьнан императоран воккхаллин лаамна? — хаьттира цо, шен ирачу хьажарца Кундуховн бIаьра а вогIавелла.

Кундуховс бIаьрганегIар а ца туьйхира.

— Айса государ императорна тешаме хила биъна дуй йоIбIаьрг санна ларбо ас, Михаил Тариэлович. Лар а бийр бу. Амма суна оцу лакхарчара тхаьш адамаш лорийла а лаьа. Оха мел доггах гIуллакх дарх, тхо мел хьекъале делахь а, оцу вельможашна гергахь сой, со саннарший, шайн вежарийн цIий Iено «караIамийна акхарой» ду. ХIаъа ткъа, ахчанах а, чинех а дохкалуш, эцалуш долу.

Меллаша тIе а вахана, Кундуховн белшах дайн куьг туьйхира Лорис-Меликовс.

— Сан хьомсара Мусса Алхазович, тIех цIий сиха стаг ву хьо. Барт бийр вайша: суна хIумма а ца хезна. Амма, ишта дешнаш кхечунга олучух ларлолахь. Кхин а дика хир ду, и зуламе ойланаш ахь коьртера дIаяьхча. Сан даггара хьехар ду хьуна иза. Ткъа оцу хьокъехь суна хетарг хаа лаахь, со бухкенца реза вац хьоьца. Цхьацца кIеззигчу нехан зуламечу, къизачу я сонтачу гIуллакхашца дуьстина хадо ца беза халкъан а, мехкан а мах. Росси — цивилизацин мохк бу. Лаахь а, ца лаахь а — хIара ламарой, адамаллин историна дукхе дукха гена тIаьхьабисина. Ахакха гIиллакхашца, амалшца беха хIорш, оцу боданера маьлхан серлонга баха, хьурмате кхаж Россин баларах воккхаве со, дозалла а до ас. Амма иза, хьуний, суний ма лаъара, сиха хир дац, хьомсара Мусса Алхазович. Цунна дуккха а хан, къинхьегам а оьшу. Халонаш лан а деза. Хьайн харцахьара ойланаш а йитий, генна хьалха дIахьажал хьо.

2

Чувеанчу капитана Золотаревс, юккъехь масех кехат долуш папка хьалхайиллира командующина. Кехаташна тIехула юкъюкъа бIаьрг а тоьхна, даьржинчу хотIаца буха куьйгаш а язди-

[1] Толлу жIаьлеш.

на, папка капитанна хьалха теттира цо. Золотарев араваьлча, толаме Кундуховга хьаьжира Лорис-Меликов.

— Хlаъ, хьомсара государ, генна хьалха дlахьажа хьо. Тlаккха хуур ду хьуна со бакълоьй.

Кундухов воккхавоьра долийна къамел дахдан аьтту писбаларх.

— Со собаре пахиларна бехк цабиллар доьху хьоьга, Михаил Тариэлович, — элира цо, шен сихалла юха а оьзна. — Уггар хьалха ламаро ву со. Ткъа цlий lац шечуьнгахьа озабезам ца беш. И нохчий кхечу къомах белахь а, сан лулахой бу. Ас цаьргахьа озарх иэхь дац моьтту суна. Со тешна ву, уьш къарбелла кlелсовцург цахиларх. Хьан план нийса ю, шеко йоцуш. Амма кхечу къомаца долчу гlуллакхана хlоттийна елахьара. Ницкъаца, къизаллийца къарлур бац нохчий. Нагахь, хьуна ма-лаъара, уьш нуьцкъах цигара дlакхалхо долахь, дукхе дукха балхаме тlаьхье хир ю. Хьан плано шовзткъалгlачу шерашка духадуьгур ду вай. Со тешна ву, хlетахь вайна нохчашца мотт бийца хиънехьара оцу тlаьхьарчу ткъа шарахь лаьттина цlий lеноран тlом хилла хир бацарх. Изза гlалат юха а далийта ойла ю хьан? Инарла Пуллогара масала ма иэцалахь, хьан локхалла!

Тахана Лорис-Меликов дукхе дукха цецваькхинера Кундуховс. Шена хьалха хиъна lийриг Кундухов ван а вуй-те олий, шеквуьйлуш леррина цуьнга хьоьжура командующи. Хlинццалц цкъа а цахилларг ду-кх хlара. Ламарошкахьа гlо даха а, нохчех къахета а воьлла. Хlара Кундухов вацара ткъа кхо шо хьалха нохчийн цlий lанийнарг? Хlара вацара ткъа хlетахь Ичкерехь шен къизаллица гоьваьлларг?

— Оцу нохчашца долчу гlуллакхана хlилла а, само а оьшу. И шиъ ду вайн тешаме союзникаш, — элира Кундуховс, командующи вист ца хуьлуш сецча, — Нохчийчохь керла Шемал ца гlаттийта. Вайгахь хlилла а, само а ца хилахь гlуллакхаш бохаме доьрзур ду цигахь.

— ШолгIа Шемал кхин хир вац цкъа а, — доцца хадийра Лорис-Меликовс.

— Бакъ ду-кх иза а. Иштта стаг бlе шарахь цхьаъ волу дуьненчу.

Лорис-Меликов велавелира.

— Хьо нийса ца кхетта ас аьллачух, — корта ластийра Михаил Тариэловича. — Шемалах дозуш дацара хьалха кхузахь хилла гlуллакхаш. Со къера ву, Шемал хlокху ламаройн хьелашкахь майра, хьекъале стаг а, говза администратор а хиларна. Амма цхьаболчара ма-вуьйцу говза полководец вацара, аьттехьа а. Вайца тlамехь баьхначу толамашкахь цуьрриг а дакъа дац цуьнан. Летарш а, толамаш бохурш а цуьнан хьуьнаре, говза а, майра а наибаш бара. Тlе хьуна дицделла, сан хьомсарниг, Шемалах дуьненчохь цlеяххана стаг винарг и нохчий хилар. 1839-чу шарахь Ахульгохь, дагестанхой шайн гlоьнца вай дlа ма воьллинера иза. Дагестанан лаьмнашкахь шен ворхl накъостаца, экха санна эккхийна лелош волу иза, Нохчийчу кхечира. Кхузахь нохчаша туш делира цунна. Цуьнан ирсана, вайн дакъазаллина я нийсса аьлча — массеран а дакъазаллина, дукха хан яллале Нохчийчохь юкъара гlаттам хилира. Ахь цlе яьккхинчу Пуллон гlалаташ бахьана долуш. Мацах цкъа французийн революцис Наполеон санна, кхузахь халкъан дорцан тулгlеша айира Шемал. Тlаьхьарчу ткъа шарахь Нохчийчоь яра цунна тlемалой лург а, кхачанан сурсатийн база хилла лаьттинарг а. Берриг бохург санна баккхий тlемаш а церан махка тlехь хилира. Цул сов, Шемалан генералитетан уггар тоьлла а, дукхаха дакъа а нохчийн наибаш бара. Доцца аьлча, нохчийн таррийн юьхьигашца историн анналашна тlе гуттаренна а шен цlе язйина цо. Шемал саннарг карор ву хlинца а, амма хlетахьлера Нохчийчоь а, нохчий а бац хlинца. Оцу бехачу тlамехь хlаллакьхилла церан хьекъале, говза а тхьамданаш а, майра тlемалой а. Биснарш, Шемала талхийна.

— Вай а ца lийна, куьйгаш тlекlел дехкина.

— Хlаъ, хьомсара Мусса Алхазович, хlинца яц хьалхалера Нохчийчоь. Керла гlаьттина Шемал шаре а вер вац. Царна лаахь а, ца лаахь а, нохчий санна, бодане, тlаьхьадисина кегийра къаьмнаш, даккхийчарна, нуьцкъалчарна кlел ца севцча довлац. Боккъал аьлча, иза царна шайна пайдехьа а ду.

Ша дlасатехко пресс, юьстах а йиллина, шен къамелхочуьнга, хьаьжира Кундухов.

— Хьо бакълоь, Михаил Тариэлович. Рыцарийн, витязийн зама дlаяьлла. Ахь ма-аллара, ткъа шо хьалхалерниг яц Нохчийчоь. Хьалхалерчу шен оьздангаллех доьхна и халкъ. Хlокху тlаьхьарчу ткъа шарахь, шина цlарна юккъехь латтийра иза. Цхьана агlор — Шемалан деспотий, вукху агlор — вайн къизалла. Шиний агlорчара мало йоццуш дика болх бира, и халкъ таханлерчу хьоле доккхуш.

— Iаламан законаш хийца пицкъ бац-кх вайн, — ши куьг дlасатесира Лорис-Меликовс.

Ши инарла цхьана юкъана дlадаханчу шерийн ойла ян вуьйлира.

3

1839-чу шеран аьхка, шеца кхойтта эзар салти а, ткъе итт йоккха топ а, виъ эзар гергга дагестанхойн милцо а волуш лаьмнашка ваханчу инарла Граббес гуо бира Шемал чукъовлаве лачу Ахульго юьртана. Буьззинчу шина баттахь турпала дуьхьало йинчул тlаьхьа юьйхира имаман тlаьххьара чlагlо. Цигахь lожалла хилира Шемалан йишин, зудчун а, жимчу кlентан а.

Вархl накъостаца кlелхьарвала аьтту нисбелла Шемал, шен доьзалца цхьана яккхий халонаш а хедош, лаьмнашкахула лечкъаш ведда, шен доьзалца Нохчийчу веара.

1785-чу шарахь дуьйна схьа, оьрсийн эскаршна дуьхьал хаддаза къийсам латтош яра Нохчийчоь. Юьхьанца цунна коьртехь шайх Мансур вара, тlаккха массанхьа а цlе яхана Таймин Бийболат. Цхьа йоццачу ханна соцура тlом, амма къийсам бацара цкъа а соцуш. Малхбале Нохчийчоьнан бахархоша къобалвина тlелецира цкъа хьалха Гlеза-Молла.

Амма инарла барон Розен коьртехь цига йинчу экспедициша, 60 юрт а йохош къиза хьаьшира Нохчмахка.

Шемалан имамаллин хьалхарчу пхеа шарахь, оьрсийн инарлаш кlезиг гlертара Нохчийчу, амма цуьнан малхбале декъа тlе, Нохчмахка сих-сиха экспедициш йора. Цунна шен бахьанаш дара командованин. Дагестанца дерг чекх ца даьлча, хlокху Кавказехь уггар воккха а, нуьцкъала а дуьхьалонча, — нохчий меттах ца хьебеш буьтура цо. Амма Ахульго йоьжча, берриг а пицкъ Нохчийчу теттира.

Шовзткъалчу шеран юьххьехь Нохчийчохь тlеман-колоннале урхалла хlотто долийра правительствос хlора итт доьзалера цхьацца топ а, хlора итт стагах цхьаъ амалтана а вийхира. Цуьнца цхьана, кхузахь тlеман чlагlонаш ян, ткъа ярташ, цига яккхийчу тоьпийн биргlанашна кlел кхалхо йолийра.

Тlаккха, Нохчийчохь юкъара гlаттам болабелира.

Гlаьттинчу халкъана баьчча вийзира. Нохчийчохь кlезиг бацара майра а, хьекъале, хьуьнаре а къонахой, тlеман баьччанаш а. Амма гlаьттинчу халкъана ца лиира, цхьа стаг къастийна лакхаваккха. Нохчашна гора, шайн феодалийн Iедалан Iазапехь кlел дохку лулара къаьмнаш. Цаьрца дуьстича йоккха маршо йолу нохчий кхерара, цкъа айина стаг гуттаренна а оцу лакхенгахь висарна, шайна юккъехь элий кхиарна, цара шаьш и лулахой санна, Iазапе дохкарна. Нахана дагавеара кхуза ведда веана, Нохчмахкахь, Орган лакхенца а, лечкъаш лела Шемал. Сацам хилира, иза гlаттаман коьрте хlотто. Iедалца дерг чекхдаьлча, тlехьа мийра а тоьхна Дагестане дlахьажо атта хир ду бохура.

Тlаккха, хьалха санна, дlанислора дерриг.

Шемала воккхавеш тlелецира нохчаша шега кховдийна имамалла. Дукха хан яра, хlокхо лаьмнашкарчу къаьмнийх уггар доккхачу, майрачу, бlаьхаллин къоман коьрте хlотта, иза шен буйна долла цо сатуьйсу. Хlинца вохийнчу, шена иэхь динчу паччахьан инарлийх а, шен уггар хала киртиг тlехlоьттинчу хенахь, шен де доьхначу хенахь паччахьан инарлашна гlо динчу, ша махках ваьккхинчу шен махкахойх а бекхам эца.

* * *

Нохчийчохь баккхий иэшамаш хила буьйлира оьрсийн эскарийн. Шо-шаре мел дели кхузахь сирла къегара Шемалан седа. Хlинца, тlекхечира дегlастанхой тlеберзо хан а. Шемала Iаламат говза, хlиллане пайда оьцура оцу дагца шалхо йоцчу нохчех. Цо хестадора оцу къоман турпала дlадахнарг, кхайкхадора иза кху лаьмнашкахь массо къомал доккха а, майра а, нуьцкъала а оьзда а ду, иза кхечу къаьмнашна коьртехь хила хьакъ ду, бохуш. Доцца аьлча, нохчийн дегнаш чу этнически куралла юттура цо.

Амма ша Нохчийчоьнан а, Дагестанан а имам чlагlвелла ваьлча, нохчашкара шена кхерам хаабелира Шемална.

Цундела, кхузахь хьекъалечу Шемалан политикан коьрта Iалашо яра нохчийн тайпанашний, тукхамашний чоьхьара а, вовшашца а зlенаш малъяр, ма-хуьллу царна юккъе цатешам боллар, шена кхераме хир бу аьлла хета тхьамданаш, къаьсттана Iеламчаш юьстахбахар а. Шовзткъалгlачу шерашкахь цхьацца шеконе бахьанашца тlамехь а, чlирхоша бойуш а дlабевлира нохчийн тхьамданаш, Джоватха, Iумха, ШоIип-Молла, Соиб, СаьIид-Молла, Элдар, Ших-Iабдулла, Оьздамар, Домби, Кубанал дехьара ламарой гlовтто а, церан гlаттамашна тlехь куьйгалла дан а, хьовсийра Мохьмад-Гери, Мохьмад-Хьаьжа а, Сулиман-Молла, Юсуп-Хьаьжи, Мохьмад-Эмин а. Цхьаберш белча, кхинаш Нохчийчуьра дlабевлча, 1847 шарахь, шегара имамалла шен тlаьхьенга долуш кхайкхо гlоьртира Шемал. Нохчийчохь, Эвтара шен имаматера наибаш, Iеламчаш а гулбина, цигахь цо дlахайтира шен ойла. Амма нохчийн наибаш сацам боллуш дуьхьалбевлира Шемална. Ахьо велла, я дlаваькхина имамаллин меттиг мукъа бисахь имамалла тур ира долчуьнга дlалур ду шаьш иза аьлла.

Шемалан имаматан тlаьхьарчу ткъа шарахь, цуьнан экономикан бух а, цунна тlемалой а латториг Нохчийчоь яра. Цул сов, Шемалан генаралитетан дукхах а, уггар хьуьнаре, говза а тlеманачальникаш бара нохчийн наибаш.

Хlетте, тlеман гlуллакхаш дуьззина нохчийн наибашкахь дитинехь а, амма царах а, я нохчийн динадайх а, цхьа а шен политикан, идеологин аппаратан органна — диванна юкъа ца вуьтура Шемала. Диване ховшарш дагестанхойн наибаш, динадай а бара.

* * *

Шовзткъалгlа шераш чекхдолуш, имаматан лакхенгахь масех «политически парти» кхоллаелира. Уьш вовшашна а, Шемална а дуьхьал яра. Доцца аьлча, шайн-шайн хьашташ кхочушдан гlерташ интригаш лелайора цара. Оцу партишна юкъа боьлхура султанийн а, бекийн а цlийнах схьабевлла нах. Церан лидерш бара наибаш Дениел-бек Елисуйски а, Қибит-Махьма Қаратинский а,

Хьаьжа-Мурд Хунхазский а. Цкъацкъа, Дениел-бекан партигахьа волура цуьнан нуц волу Шемалан кIант ГIеза-Махьма а. Амма хIокхо лелориг дений, студений юккъехь машар бан гIертар бен, кхин хIара ду аьлла хIума дацара.

Оцу кхаа партин, я нийсса аьлча церан лидерийн шайн-шайн Iалашо яра. Дениел-бека а, Хьаьжа-Мурда а оьрсийн инарлашца къайлах барт бора, Шемал царна воххка. Оцу ямартлонан мехах шен хьалхалера Елисуйски султанат а, инарла-майоран чин а, цаьрца доьзна сий а, хьал а юхадерзо гIертара Дениел-бек. Ткъа, Хьаьжа-Мурд — Шемалах Аварски ханство, Кибит-Махьма — имамалла эца гIертара.

Нохчийн наибаш дакъалоцуш бацара Шемална дуьхьал къайлах барташний, интригашний юккъехь. Нагахь Дениел-бек, Хьаьжа-Мурд а оьрсийн правительствона Шемал а воьххина, шайн хьалхалера хьал, сий а юхадерзо гIерташ хиллехь, нохчийн наибийн дацара ямартлонан мехах иэца хIумма а. ХIара тIаьхьарбийн дацара ямартлонан мехах иэца хIумма а. ХIара тIаьхьарнаш оцу лакхенга айинарш церан хьал а, хьаькамаллин лерамаш а бацара, уьш шайн майраллица а, хьуьнаршца а кхаьчнера цига. Правительствоца барт хилча дерриг а довра церан, амма хIумма а кара ца догIура. Нохчийн наибаша оцу агIор шена ямартло яр-на ца кхоьрура Шемал. И кхоьрург кхин дара. Оцу къоман доккхалла а, ницкъ а, церан мехкан потенциале хьелаш, церан политикан а, экономикан ницкъаш а, и къам кху лаьмнашкарчу кегийрачу къаьмнийх дозуш цахилар а.

Кхин цхьаъ а дика хаьара Шемална. ТIаьххьара и ницкъ кхачабаллац нохчаша шайн маршонехьа, бозуш цахиларехьа колонизаторшна дуьхьал луьра къийсам латтор буйла а, амма и ницкъ кхачийна кIел бисча, шех а, оьрсийн правительствох а цхьаъ къасто дезча, ша дIа а иэккхийна, уьш мостагIчуьнгахьа бевр буйла а.

Шемалан а, оьрсийн правительствон а политико цатешам а, цабезам а боьллира бIешарашкахь вовшашца вошаллин гергарлонаш хиллачу, цхьанна тIе кхерам, бохам беача, вовшашна тIетийжанчу нохчашний, дагестанхошний юккъе.

4

Стоьла тIехь лаьттачу жимчу графина чуьра хи, стаки чу а доьттина, сутара дIамелира командующис.

— Мекара а, къиза а политик вара хьан Шемал, — элира цо бетах йовлакх а хьокхуш. — Доцца аьлча, ламанан Талейран. Къаьмнаш «доькъуш Iедал латтаде» боху ширчу римляни принцип яра цуьнан политикан бух. Цо Нохчийчохь и политика дIа ца яьхьнехь, нохчашца дерг чекхдала хIинца а мел гена хир дара. Церан патриотизм, маьрша ойла ен, гергарлонийн зIенаш хедо, халкъан гIуллакхаш а, амалш а хIаллакьян, оцу нохчех шен леш

бан Iалашо йолуш, Нохчийчохь пуьцкъах Iадат дIа а доккхуш шариIат хIоттийра цо. Аттала церан хьуьжаршкахь бераш Iамо нохчийн молланашна тешам ца лора, цига а дагестанхой балабора. Нохчийчоьнан бахархой вовшашна айкхбийла, шпионаж лело Iамийра. Дуьхьало йинчийн даьхна кортош хуьлура диллина дIа кертийн хьокхашна тIехь дохкуш. Халкъ талош, чIанадаькхира наибаша. Адам гIазотан тIаме кхойкхуш Шемал ца гIаьттинехьара, ламарошний, оьрсашний юкъахь тоххара машар хилла хир бара.

— Шемалал хьалха шайх Мансур, Бийбулат, ГIеза-Молла а вара.

— Ламаройн акхачу фанатизман стом бара-кх уьш а.

Кундухов оьгIазвахара, амма цо хала сатоьхна къайладаькхира иза.

— Оцу тIехь гIалат ву хьо, Михаил Тариэлович, — майрра командующина бIаьра хьаьжира Кундухов. — Хьуна бакъдерг хаза лаахь, кхузарчу ламаройн, къаьсттина а хIокху нохчийн, цхьа а тайпа гамо ца хилла оьрсашца. Цхьана хенахь нуьцкъалчу кхаа пачхьалкхо — Турцис, Персис, Россис — цхьаммо шаьш дIакхалларна кхерам тIе кхозабелча, вайн правительствос ахчанца эцначу, я кхерийнчу цхьацца ламаройн феодалаша Росси къастийра. Хьуна бакъдерг хаа лаахь, Михаил Тариэлович, Къилбаседан Кавказан юккъерчу махкахь бехаш хиларна, туркошкара, персашкара шайна цхьа а тайпа кхерам боццушехь, Россица уггар хьалха доттагIаллин зIе тесначу Кавказан къаьмнех цхьаъ, хIинца уггар дера вайна дуьхьало еш болу и къармазе, карзахе нохчий а бара хьуна. Цхьана хенахь кху лаьмнашкахь барамехь уггар доккха а, нуьцкъала а халкъ хилла иза. Татаро-монголийн, Тимуран а мехкашдIалецархошна къар ца белира уьш. Царна дуьхьал шина бIе шарахь сов латтийначу къийсамо а, тIаьхьа гIебартойн, чергазойн, гIалмакхойн, дегIастанхойн а феодалаша хаддаза динчу тIелетарша а гIелбина, гIорсиз бира нохчий. ТIаьхьарчеран тIелетарш вайн правительствон бертахь хилла ца Iара, мелхо а оцу феодалашна эскаршца а, герзаца гIо а дора. Цкъацкъа нохчийн аьтто хуьлура и шайн мостагIий, лулара феодалаш, шайн яьIни тIера дIакхийса. Амма лиехь болчу вайн воеводаша Нохчийчу таIзарийн экспедициш йой, нохчийн дуьхьало а кагйой, и церан мостагIий юха а церан коча ховшабора. ХIетте а Россица девне ца бовлура нохчий, ма-хуьллу оьрсашца машар ларбан гIертара. Оцу тIехь йоккха меттиг дIалоцура церан лулахь шина бIе шарахь бехачу теркан гIалгIазкхаша. Нохчий а, гIалгIазкхий а дика лулахой бара. Юкъараллин дIахIоттам а, гIиллакхаш, амалш а цхьанайогIура церан. Вовшийн дика гIиллакхаш дIаса а оьцура цара. Вовшашца бертахь, машаре баьхна ца Iаш, вовшашка зударий луш хилла, гергарлонаш а дара. И доттагIалла, барт бохо лаа а ца лаьара царна я ойла а яцара.

Амма, ахь ма-аллара, вайн правительствон политика вайна дика ма евза: «къеста а беш, урхалла латтаде». Дукха хан ялале, нохчашна тIелетарш дечу церан луларчу феодалашна гIо дина ца Iаш, нуьцкъах Нохчийчохь вайн порядкаш хIиттон, цигахь колонизаци ян юьйлира правительство. Нохчийчохь-м хьовха, ерриг крайхь а. ТIаккха Нохчийчохь гучувелира исторехь шайх Мансур аьлла цIе яхана Алдара жаIу Ушурма. Иза дIаваьлча, цуьнан гIуллакх я вуьшта аьлча маршонехьа кънйсаман гIуллакх шен каранйцира церан цIеяхханчу баьччас Таймин Биболата. ТIаккха ехха зIе йолаелира — ГIеза-Молла, Шемал. Вайн инарлийн а, чиновникийн а къизалло мостагIалла доьллира ламарошна а, оьрсийн халкъана а юкъа. Оцу тIехь кIезиг бехк бац вайшиннен а, хьомсара государ!

Кундуховс дуьйцург шена ца хууш, дуьххьара хезаш санна, лерина ладоьгIура Лорис-Меликовс. ЛадегIара, амма ойланаш кхечахьа, генахь хьийзара. Инарлас дуьйцучо цунна дагаяйтира шен дайн истори. Мацах цкъа, XVI бIешарахь, церан долахь яра Гуьржера хьоле шахьар Лори. Персин шахийн эскарша сих-сиха тIелетарш дора шахьарна. Цкъа цара дIайоккхуш, тIаккха гуьржийн паччахьаша юхайоккхуш, кер-кера йоьдуш талайора иза. Оцу талорах кIелхьарабовла гIерташ, 1602 шарахь бусалба дине бирзира Лорис-МеликовгIар. Ткъа шахьар тIаьххьара а гуьржийн паччахьийн дола яьлча, бусалба дин дIа а тесна, керста бакъдинан тIома кIел бирзира. ХIета Лорис-МеликовгIар шайн синош а, бахам, хьал а лардан гIерташ дуккха а паччахьаш хийцина ца Iаш, дин хуьйцуш меттигаш а йина. Амма царна а, вукхарна а, шаьш кIел нисделлачунна, доггах а, тешаме а гIуллакх дора. Иштта тешаме хилира церан тайпа оьрсийн паччахьашна а. И тешам бахьана долуш, цхьа ткъе шийтта шо хьалха императора оьрсийн дворянство елира Лорис-МеликовгIарна...

— Со-м гIалат хила а тарло, хIетте а сайна хета кхин цхьаъ ала лаьара суна, хьомсара Михаил Тариэлович, — кхин дIа шен лекци йоьшура Кундуховс. — ХIара ламарой, къаьсттана нохчий, вайна дуьхьалбахарна бехке вайн эскаршкахь гIуллакх деш хилла кхечу мехкашкара схьабевлла эпсарш хетало суна. Царах дуккхаболчарна, бен а ма ца хета Россин а, кхечу халкъийн а кхоллам. Уьш шайна чинаш, титулаш, хьал а лаха ма богIу. Ас буьйцурш дуьххьара Нохчийчу яьхкинчу вайн отрядийн командираш Кох, Фрауендендорф, де Медем, Кек, Рик, Пьери а, кхечу мехкашкара схьабевлла кхин-кхин а авантюристаш бу. Цара йоккхачу къизаллица хьийшира, шайна тIехь олалла латточу гIебартойн, гIумкийн феодалашна дуьхьал нохчийн гIовттамаш; и шайн къизаллаш оьрсийн правительствон цIарах лелайора оцу командираша. Ткъа правительствос совца-м муххале а ца дора церан къиза гIуллакхаш, мелхо а шена хIумма а ца хуучуха, бIаьргаш хьаббой Iара. Церан болх хета суна шайх Мансур коьртехь Нохчийчоь гIаттар. ХIеттахье вайн правительство кхетаме еана хиллехьара! Цо и хьере эпсарш а, инарлаш а бухаоьзнехьара, хIокху тIаьхьарчу иттаннаш шерашкахь шина а къоман цIий Iенна хир дацара. Амма и ца дира правительствос. Оьрсийн пачхьалкхан, оьрсийн герзан сий лардан, цхьана меттехь диначу къизачу тохарца нохчийн къарбарца, кхузарчу дисинчу къаьмнийн, ишттаниг лелорах дог даккха дезаш хийтира. Амма нохчашна дага а ца догIура къизаллина кIел совца. Вайн правительствон цхьана къизалло кхин кхуллуш, деха кочар хилира цунах. Шо шаре мел долу кIарглора вайн инарлаший, чиновникаший ламарошна а, оьрсийн халкъана а юккъехь охку ор. Ламарошна а, оьрсашна а юккъехь машар кхайкхочу меттана, царна юккъе питанаш, дIовш туьйсуш, мостагIалла марсадоху. Генна хьалха хьуьйсучу хьекъалечарна гира оцу гIалатан, къизачу политикан хин йолу тIаьхьало. Амма тIаьхьа гира. ТIаьхьа делахь а, кхузахь дIакхоьхьу политика хийца езар хьийхира цара. ХIетахь, юьханца поэтан Грибоедовн а, тIаьхьа инарла Раевскийн а, хIинца тIеман министр волчу Милютинан а хьекъалечу хьехамашка вайн правительствос ладоьгIна хиллехьара. Цамзанаш юьстах а тийсий, хIокху къоман Iер-дахаран, гIиллакхийн, амалийн хьелашца а дустуш, ларлуш, сих ца луш, кIез-кIезиг вешан юкъараллин дIохIоттам хIокхаьрга тIеэцийта, вай хIорш мах лело, бахам кхио Iамабе вай, кхузахь школаш, больницаш а йохкуш, хIокхарна юкъа лакхара культура, серло яржае вай, бехира цара. Амма правительствос ла ца дуьйгIира оцу хьекъалечу хьехамашка. Мелхо а тIеттIа тIе алсамйохура къизаллаш. Оцу къизаллаша кхоьллира МансургIар, БийболатгIар, ШемалгIар.

Лорис-Меликовс собаре ладуьйгIира Кундуховн дахделлачу къамеле.

— Иштта-м дара иза, сан хьомсара Мусса Алхазович, — элира цо кIадвелла, — дIадахнарг духадерзалур дац. Сийлахь-воккха поэт Грибоедов а, инарлаш Раевский, Алексей Дмитриевич Милютин а цхьана агIор къобалбо ас. Амма цара хьоьху некъ беха а, хала а хилла ца Iаш, оцу заманахь тешам боцуш а бара. Кавказ дIакхалла гIерташ Турци а, Перси а хилла ма ца Iара, малхбузехьара пачхьалкхаш а яра. Уггар хьалха — Англи, Франци а. Вайн йиш яцара, хьоле, стратегин доккхачу маьIне хIара край вешан мостагIийн караяхийта. Тахана а ю малхбузехьара пачхьалкхаш изза политика дIакхоьхьуш. Вай цхьанна а дIалур яц хIара край. Вай лелориг Россин а, хIокху ламаройн а юкъара гIуллакх хилар гойтур ду историс. Дерриг а Iаламан законашца дIадоьду. Уьш хийцалур дац вайга, сан хьомсарниг.

Кундуховс, корта а хьовзийна, доккха садаьккхира.

— Вайша вовшех кхетац, Михаил Тариэлович, — элира цо. — Церан Iер-дахар, гIиллакхаш, амалш, юкъараллин дIахIоттам тидаме а оьцуш, меллаша, кIез-кIезиг российски Iедал кхуза хIот-

тийнехьара хIокху ламароша Россина дуьхьал цхьа топ а кхуссург цахиларх тешна ву со. Амма вайн правительствос иза ца дира. Цкъа динчу, цхьана тохарца дерриг чекхдаккха лиира цунна. ЖамI муха ду? Массийта шарахь вовшийн хIаллакбеш тIом, халкъашна юкъахь цабезам, цатешам, мостагIалла а. Нохчийн уггар дикачуьра ах мохк дIабаьккхина. Еккъа цхьана Соьлжан отделехь биъ бIе эзар десятин гергга цаьргара дIабаьккхина мохк гIалгIазкхашна дIабелла. Доцца аьлча, хIокху тIаьхьарчу шовзткъе итт шарахь церан махка тIе ткъа а сов станица, оццул тIеман чIагIонаш а ехкина правительствос. Кубанан областера берриг бохург санна ламарой Турце дIакхалхош бу.

— ХIумма а дац, Мусса Алхазович, — бен доцуш куьг ластийра Лорис-Меликовс. — Бухахь биснарш муьтIахь хир бу уьстагIий санна. Юккъехула аьлча, инарла, лаьттан гIуллакх юкъадаьлча, массар а и гIалгIазкхий бен хIунда ца хьехабо? Бакъ ду, мохк боькъуш, лоьман дакъа-м дина царна. Амма ламаройн латта дIакхаьллинарш цхьа гIалгIазкхий хилла ца Iа. Хьан долахь мел мохк бу, Мусса Алхазович?

Кундухов вуьйхира.

— Ши эзар десятин алссам... Иза нохчийн латта ма дац...

— ХIун башхо ю цуьнан? Вай ламарой ма буьйцу. Ткъа хIинца беккъа цхьана нохчех дуьйцур вай. Элаша Таймазовс, Бекович-Черкасскис мел дIакхаьллина?

— ХIораннан долахь ялх ах эзар десятин дуй-те моьтту суна.

— ХIай-хIай! Циггахь дIадоьллина и жIаьла! Элийн Алхазовн, Турловн долахь шишша эзар десятин, эластун Эльдарован — цхьаъ ах эзар. Ткъа нохчийн эпсарш ЧермоевгIар, ШамурзаевгIар, КурумовгIар, кхин иттанаша, хIораммо шина бIенера вархI бIе десятине кхаччалц. Важа, шайн долахь шина бIе десятин кхаччалц латтанаш долу совдегарш, молланаш, кхин долу кег-мерса цIубдарш-м хьехор а дацара вай. ХIета нохчийн бохамна бехке цхьа гIалгIазкхий хилла ца Iа. ГIалгIазкхийн-м бехказло а яра. Уьш-м нуьцкъах балийна охьаховшийна нохчийн махка тIе. Ткъа шун компанис, Мусса Алхазович, шайн лаамехь дIа ма лаьцна ламаройн мехкаш. Шайн вежарех цуьрриг къа а ца хеташ. Иэхь а ца хеташ. Нохчийн цабезам, мостагIалла а беккъа цхьана гIалгIазкхашций бен дац моьтту хьуна? ХIан-хIа, хьомсарниг, кхузахь гIалатваьлла хьо. Нагахь нохчий гIовттахь, уьш толахь, цара уггар хьалха мийра шун компанина тухур бу! ТIаккха шайн поместийх девлла Iийр дац, сонтачу кортойх довла а мега. Сонтачу коьрто бен дийр ду ткъа, российски пачхьалкхан бух ласто гIерташ, ахь ден къамел!

ХIара Лорис-Меликов Iаламат собаре стаг вара. Шен дагахь дерг лачкъо хаьара цунна. Кундуховна гуш ма дара оьгIазлоно кхехко цуьнан дог. Лорис-Меликовн метта кхин стаг хилча, стоьла тIе буй а бетташ мохь хьоькхур бара, ткъа хIара сапаргIате ву. Вела а воьлу, забарш еш волуш санна.

— Нохчех къахета боху ахь? — дуьйцура цо вела а къежаш.— ТIаьхьа ду, хьомсара государ! Ахь айхьа мел хIаллакбина уьш? ХIай-хIай, хьесап ца дало! Латта доцчу нохчех дог лозу? ХIета хьуо оццул адамалле велахь, лакхахь цIераш яьхначу элашца а, керла кхоллабеллачу нохчийн помещикашца а барт бай, нохчийн латтанаш царна духадерзаде! Аш шайн долабаьккхина мохк нохчийн лаххара а шовзткъе итт эзар доьзална логгелц тоьар бу!

Кундухов цхьаъ ала гIоьртира, амма инарла-лейтенанта, омране куьг а ластийна, сацийра. Шуьйрачу букъ тIехьа ши куьг тIекIел а диллина, кеггийра гIулчаш йохуш, шозза-кхузза дIаса а волавелла, тIаккха Кундуховна уллохь а сецна, иза тешош тIетуьйхира цо.

— Хьо тIех дика инарла, амма кхин хилча ца маггал бIаьрзе политик ву, Мусса Алхазович. ХIокху махкахь российски урхалла хIоттош правительствос дикка гIалаташ дилийтина хиларна къера ву со. Амма дерриг схьалаьцна аьлча, правительствон политика, юьххьехь дуьйна нийса, импери Iалашъярна, шоръярна, чIагIъярна а тIехьажийна ю. Шайх Мансуран заманахь гIевттинчу нохчашна я тIаьхьа кхечу ламарошна а правительствос автономин урхалла деллехь хIун хир дара? Полякашна, малороссашна, гуьржашна, эрмалошна, финнашна, кхеч-кхечарна а изза дезар дара. Уггар хьалха, оьрсийн муьжгаша шайн маршо ялар схьахьедийр дара. Халкъаш а, адамаш а оцу тIе ма тоьтту тайптайпанчу революционераша, демократаша. Лакхахь дийцинчу бахьанашца правительствон йиш яц империна чохь дехачу къаьмнашний, халкъашний юккъехь барт а, гергарлонаш а хилийта. Правительствос хIинццалц схьа динарг а, дийриг а, дендерг а империн йистошкахь колонисташ ховшор а, цхьа Iалашо йолуш ду: хIокху крайхь а, кхечу йистошкахь а гуттаренна а, тIаьххьара а оьрсийн олалла чIагIдан. Къоман а, пачхьалкхан а хьашташ, нохчашна, адыгашна, кхеч-кхечарна сагIина а декъна, импери йохо йиш яц. Къаьст-къаьстинчу адамийн дуьхьа, уггар а. И адамаш мел гениальни делахь а, уьш доцуш ца торуш делахь а.

5

Акхтарган дуькъачу гIашна юккъехула схьаIийдалуш, диллинчу корах чу хьаьвсира дIабуза гIертачу маьлхан юткъий зIаьнарш. ГIала а самаелира. Кундуховн некъахой а бара, шайн гIоргIачу маттахь вовшашца тIаккха салташца къамел деш, забарш еш, юкъ-юкъа чIоггIа боьлуш. Цхьана юкъана цаьрга ладоьгIна дIатийра ши инарла.

— ХIета, хьомсара Мусса Алхазович, — вистхилира Лорис-Меликов, гIантан гIовлех букъ товжийна, куьйгаш стоьла тIе а

дохкуш, — историн кIорге экскурси йина а вели вайша. Суна хетарехь, цунах лаьцна дискусси ян веана хир вац хьо?

— Бакъ ду и, Михаил Тариэлович. Айса деанарг доккхачу маьIне гIуллакх хета суна.

— Схьадийцал. ХIинца-м хан а яьлла дикка.

Кундуховс, стенна тIера долор ца хууш, жимма ойла йира.

— ХIинцца чекхбаьллачу къовсамехь вайша цхьана барта тIе веара моьтту суна, хьан локхалла.

— Масала?

— Нохчий эшийна вай, амма къарбина бац. Нагахь къарбинехь а, машар хилла ца севцца. ЦIе яйна, амма овкъаршна кIел йогуш алу йисина. КIеззиг мох ма баьллинехь, юха а лата кийча ю иза. Наггахь цхьацца нхьа суйнаш а лелха. И алу яйа долахь, тIаьхьало белхаме хирий-техьа?

— Цуьнан шеко яц.

— Нохчийчуьра хьал цхьа а къастам боцуш лаьтта. Цунах цхьа агIо яккха Iалашо йолуш, ломан когашца йолу нохчийн ярташ цхьаерш Соьлжан аьрру агIонтIе, важа ерш Жимачу ГIебарта а кхалхийна, мукъабаьллачу махка тIе гIалгIазкхий ховшо план ю-кх хьан?

— Хьо нийса кхетта.

— И нохчий дубхьало ца еш махкара дIабевр бу моьтту хьуна?

— Бертахь ца бовлахь, ницкъаца бохур бу.

— ТIаккха шовзткъалгIачу шерашка духадоьрзу вай.

— ШовзткъалгIа шераш духадогIур дац. Ас ма аьлла хьоьга, хьалхалера Нохчийчоь дIаяьлла.

— Нохчашкахь ницкъ ларбелла тоъал. Цара дуьхьало йийр ю.

— Еха йийр яц. Таханлерниг кхин зама ю, кхин хьелаш а ду. Хьуна дицделла, Мусса Алхазович, Соьлжан а, Теркан а аьтту агIонна тIехь хIинца гIалгIазкхийн станицаш а, Нохчийчохь масийтта тIеман чIагIо а хилар. Иза кIезиг ницкъ бац. Нохчийчоьнан муьлххачу а маьIехь цIе латарх, шина-кхаа кIиранах яйалур ю вайга.

— Нагахь нохчий тIеман законаш а лардеш, бIаьхаллин низамехь, вайна дуьхьал хIиттина латахь-м, кхо кIира а дукха хир ду. Цара и дийр ма дац. Даим санна, шайн доьзалшца лаьмнашкахь, хьаннашкахь къайла а бевлла, вайна дуьхьал партизански тIом бийр бу цара. Ткъа иштачу тIамна цул говза а, каде а къам дац дуьненахь. ТIаккха бохий ахь, кхаа кIирнах-м хьовх, кхаа шарахь а ларор дац вай.

— Кхин некъ ца хилча хIун дан деза?

— Нохчашна а ца буьсу, латар бен, кхин некъ. Оцу халкъах ах сов божарий хIаллакьхилла. Цуьнан уггар дикачух ах мохк дIабаькхина вай. Доцца аьлча, тIамал хьалхалерчу шайн юкъараллин дIахIоттамна тIе бухаберза а, хIетахьлера бахаман хьелаш кхолла а, я аьтто а, я ницкъ а бац церан. Юкъараллин дIахIоттам бохийна, мохк — дIабаькхина. Керла хьелаш, вайн урхалла, низам тIеэца ницкъ а, кхетам а бац. Гой хьуна, Михаил Тариэлович, нохчаша а лоьху, кIелхьарбовла некъ. Мичхьа бу иза? Я вайн Iедалца машар бина совцар, я дуьхьало еш летта балар, я Кубанера ламарой санна, Турце дIакхалхар — и кхо некъ бу царна хьалха.

Лорис-Меликовс ойла йира. Хьаьжа тIе нана-пIелган гола а хьоькхуш.

— Цара муьлха некъ къастор аьлла хета хьуна? — хаьттира цо эххар а.

— Нагахь правительство хьан план кхочушъян йолахь, шолгIа некъ. Ткъа иза даррехь тIом бу.

— Ахь хIун хьехар ло?

— Уьш шайн лаамехь Турце кхалхийта гIорта деза.

— Ахь боккъал боху? — цецвелира Лорис-Меликов. — Айхьа дуьйцучух хьо хьуо а ца теша-кх, инарла!

— ХIунда ца теша?

Кундухов зуьйш, хаттаре цунна тIевогIавелира Лорис-Меликов.

— ХIета стенах догйовха ву хьо?

— Дуьненахь а зебеллачу цхьана некъах. Нохчийчохь цIеяхана лоруш волу масех стаг ахчанах иэца. Цаьрга нахана юкъа туркойн султанан цIарах прокламациш яржаяйта. Уьш шортта ма ю вайгахь. Тифлисехь нохчийн цIарах зорбатохийта уьш. Вай эцначу наха, кхузахь хиндолчу дахарх догдоккхуш, нахана Турце кхалхар хаздеш, эладита даржор ду.

— Шеконехь гIуллакх ду иза, — чам байра Лорис-Меликов. — Оцу аьшпех а Iехабелла, вайн хьомсара нохчий Турце кхалха реза хир бу бохучух тешац со.

— Жимчу ГIебарта кхелхар бу моьтту хьуна?

— Цига кхалхо дукха атта хир ду. ГIебарта уллехь ма ю церан даймахкана.

— Ахь цхьа хIума тидаме ца оьцу, Михаил Тариэлович. И Турци бусалба пачхьалкх хилар. Дин — политикан корта бу масо пачхьалкхехь. Вайна къайле ма яц, Закавказера керста халкъаш шайн лаамехь Россих схьакхетийтинарг а, Балканерчу халкъийн ойла вайгахьа йоккхург а дин хилар. Закавказехь Эрмалойн область кхоьллича, бусалба Иранерий, Турцерий ведда масийтта эзар эрмало веара цига. Россин а, Турцин а тIом мосазза хуьлу, Балканера итт эзарнаш болгараш, сербаш кхелха Россе. Иза бусалба пачхьалкх йолу дела кхелха Малхбузера ламарой Турце. Герзан ницкъ ца тоьллачохь ахчано гIуллакх до. Со тешна ву, вайн правительство гуш юкъа а ца гIерташ, нохчий Турце кхалхалург хиларх.

— Ахь-м со а тешош лаьтта! Ткъа хьан лоцур ду и гIуллакх

шена тIе? И дерриг вовшахтоха а, чекхдаккха а шатайпа стаг ма оьшу. Правительство а, нохчий а тешаш?

— Ахь боху стаг хьуна хьалха ву. Оьрсийн эскарийн инарла велахь а, нохчий чIогIа теша сох.

— Нохчашна юккъехь хьан сий дуйла хаьа суна. Амма хала а, дукха хан езаш а, шеконхочь а гIуллакх ду-кх хьуна дагадеанарг. Тхоьгара хIун оьшур дара хьуна?

— Масех стаг иэца, цкъачунна итт эзар сом ахча а, Тифлисехь кечъяйтий, нохчий Турце дIабоьхуш, цигахь царна даладолуьйтур ду бохуш, султанан цIарах прокломациш а, правительствос шайн лаамехь Турце кхелхачу нохчашна гIо дан тIелацам а, и гIуллакх вовшахтохархо правительство хилар а, долор соьгара схьадаьлла хилар а, йоккхачу къайлехь латтор а.

Мекхийн юьхьигаш а хьийзош, жимма ойла йира Лорис-Меликовс.

— Кхузахь-м хьан кхиам хуьлуьйтур вай. Ткъа туркойн правительство реза хир юй-те нохчий тIелаца? Кубанера дIабаханчу ламароша сийсош ю Турци. Уьш дIатарбан а ницкъ боцуш, гатъелла хьийза султанан правительство. Ткъа кхелхарш хIинца а юккъе а ца бевлла. ДIакхаьчнарш мича хьолехь бу? Ерзинчу стигла кIел, цамгарший, мацаллой хьоькхуш. Бухарчу бахархойх леташ, талораш еш, дахарехьа къуьйсуш. Цаьргара хьал ца хууш хир ма бац нохчий.

— Цигара гIуллакхаш нисдан, Константинопале гIур ву со,— сихха жоп делира Кундуховс. — Сан якхий зIенаш ма ю султанан гонаца. Кхиаме догдоху ас.

«Ванах, оцу нохчийн ма чIогIа бала кхаьчна-кх хьан, — даг чу иккхира Лорис-Меликовн. — ХIун ду-те ахь дагалаьцнарг, дан мукъна а?»

Эххар а хаттаза ца Iевелира иза.

— Нагахь къайлах дацахь, цхьана хаттарна жоп лохьа, — долийра цо, Кундуховс ма-дарра дуьйцур доцийла хуъушехь. — И бала хьайн коча иэца хIунда гIерта хьо?

— Суна хIун пайда хуьлу бохург ду-кх иза? — велавелира Кундухов, командующин бIаьра а вогIавелла. — Цхьа а тайпа! Нагахь сан дагахьдерг суна кхочушдалахь, гIаттамна кечло нохчий керлачу бохамах, я нийсса аьлча — хIаллакьхиларх, ткъа правительство — цаьрца керлачу тIамах кIелхьарайоккху ас.

«ЦIога а гуш аьшпаш бутту ахь, цхьогал, — дагахь велавелира Лорис-Меликов, — КIус бен ца гуш, хьулваллац нохчийн цIийлахь ву хьо. ХIинца, цIеххьана царах хьуна къахетта аьлча мила тешар вара?»

— ХIета, хьайна хIумма а ца доьху-кх ахь?

— Сан сайн дуьхьа хIумма а дац, вайн юкъарчу гIуллакхан дуьхьа ду. Нагахь нохчийн уггар къармазечу декъана коьрте а хIоьттина, сайн доьзалца цхьана со Турце вахча, правительство

на доккха гIуллакх дац иза? Цундела правительстве дехар хир ду сан, цига дIаваха сайна пурба далар а, сан мохк дIаэцар а.

«ХIуъу елахь а, цхьа къайлах Iалашо ю хIокхуьнан. Кху махкара дIавала воллу. Амма хIунда? Хьо вагахьара жоьжахатан цIергахь, и хьере нохчий сан кочара бевлчхьана. Турце кхелхинчу ах миллион ламарочунна тIаьххье цхьа хIири вахарх, тхан хIун галдолу».

— Дукха дуй хьан латта? — хаьттира Лорис-Меликовс, шена и дерриг дика хуъушехь.

— Ши эзар бархI бIе десятин. ТIулгах доьттина цIа, гIишлош а.

— Мел мах боьхур бу ахь хьайн имених?

— Лаххара а шовзткъе пхи эзар сом.

«Нах Iовдал белахьара, ма хьекъале стаг вара-кх хьо. Пхийтта эзар соьмал лакхара бац-кх цуьнан мах».

— ТIаьххьара а кхин цхьа дехар а дара сан, — бехкалвахана командующига хьаьжира Кундухов. — Нагахь реза берш нислахь, соьца дIакхалха хIирашна бакъо ялар.

— Мел хир бу иштаниш?

— Биъ-пхи эзар доьзал.

«Дела, эххар а сан доIанна жоп дели-кх ахь! Нагахь хIокху стага дагалаьцнарг кхиамца чекхдалахь, хIара сан область уггар хьеречу талорхойх цIанло!»

— Дика ду, Мусса Алхазович. Хьан идея ас сихха дIакхетор ю цуьнан императоран локхалле Михаил Николаевиче.

Ший инарла хьалагIаьттира. Вовшашна резахилла доггах куьйгаш а лаьцна, дIасакъаьстира и шиъ.

Хьаша дIавахча, хIокху масех баттахь дуьххьара самукъадаьлла, Михаил Тариэловича сихха Карцовга кехат яздан охьахиира.

«...Ас хьоьга хьалха ма-яздарра, кху сахьта хIоьттинчу хьоло Йоккхачуй, Жимачуй Нохчийчуьрчу бахархойн тIехиндерг тIаьххьара а, гуттаренна а къастийна. Оцу къоме лаьттаца хIоьттинчу хьоло я иза бухенца хийца доьзуьйту вайн, я оцу крайхь лаххара а кху герггарчу итт шарахь хIинца кхузахь долу эскарш латто доьзуьйту вайн, муьлхха гIаттам хьаша а, туземцашна юккъе дIасабаржийна гIалгIазкхийн бахархой царех ларба а...

...Ас хьалха а яздина Йоккхачуй, Жимачуй Нохчийчоьнийн бахархой Жимчу ГIебартий, Сунженски гIалгIазкхийн махка тIей кхалхо безар а, нохчашна тIе текхамаш бахка безар а, ломан когашца дIа Владикавказана тIера ГIумкийн аренна тIе хIоттош гIалгIазкхийн станицийн керла лини йилларца и къам шина декъе декъарой бен нохчийн гIуллакх гуттаренна а чекхдоккхург цахилар а. Нохчашца дерг чекх ца даьккхича, вайн гIуллакх цкъа а чIагIлур дац Теркан областехь а, Дагестанехь а...

...Амма луьра дуьхьало ца еш нохчий цигара дIабевр бу бохург хьехо а ца оьшу.

...Цундела суна лаьа, Теркан областехь вай кхидIа дан дезачу гIуллакхийн боккха аьтто хир болуш инарла-майора Кундуховс сайна тIе деана гIуллакх Хьан Локхалле сихха дIахайта.

...Нагахь инарла Кундухови хьалхадиллар Цуьнан Императорски Локхалло къобалдахь, ма-хуьллу сиха и план кхочушъян цунна бакъо ялар бакъахьа хета суна. Цундела, Хьан Локхалле чIогIа дехар ду сан оцу гIуллакхана Сийлахь-Воккхачу Элера бакъо ехар а, нагахь цо иза лахь, уггар хьалха вогIучу курьерца я телеграфан депешица сайга хаам бар а».

7 май, 1864 шо. № 34
Владикавказ-гIала».

...Цул тIаьхьа нийсса итт де даьлча Лорис-Меликовга телеграмма кхечира:

«Владикавказерчу телеграфе. Потира. Телеграмма № 198.
17 май 1864 шо.

ПРАВИТЕЛЬСТВЕННИ

Владикавказ, Эскарийн Командующига.

Сийлахь-Воккха Эла реза ву инарла К. предложенина. Буьззина кхиам хуьлийла а лаьа. Гена мел бехи дикахо ду. Карцов».

III корта МАШАРЕ ШОЛГIА ШО

Вайн Iалашо — маршо ю, цуьнан дуьхьа ду вай мел дийриг.

Сенека.

1

БIаьсте...

Массо а са долчу хIуманна ирс, доккхадер дохьуш йогIу иза. Цунах даккхийдеш олхазарш дека, ламанийн басешкахь вовшашна карраш детташ, акха гезарийн буьхьигаш ловзу, бовхачу малхехь дегIана там хилла пхьагалан кIорнеш Iохку, зурманах дека шийла шовданаш, шабаршца техка къена хьаннаш.

Лайн йийсарера схьахецаделла, стамделла, терсаш охьадогIу генахь цIе йоккхуш доцу, амма дуккха а бала лайна, иэрчонаш гина, хийлазза шен кIентийн цIийца цIийделла Нана-Нохчмехкан Яьсса-хи. Цуьнан йистойх летта Iохку цхьа-ши шо хьалха сецначу бехачу тIамо ирча лар йитина миска ярташ.

БIаьсте ю-кх, даим санна, маьлхан, зезагийн, сийначу Iаламан бIаьсте. Iаламо шениг дитац, цунна бала бац адамийн мостагIаллин, безаман, бохаман, ирсан. Iаламехь даима шен хенахь хийцало шеран йиъ раж. Хийцало денош, буьйсанаш. Iаламо цхьа цуьрг къайла ца доккхуш, озабезамаш ца беш, комаьрша схьакхийдадо шен токхе рицкъа. Амма иза массаьрга а нийса ца кхочу. Ницкъ болчара шайн сутарчу мIарашца дерриге а маракъуьйлу иза, гIорасизнаш тIехьа лаьтта. Iаламан ницкъ бац адамашна юккъехь нийсо ян, харцо хьаша, бакъдерг толо.

Ткъа Iелина башха хета тIаьххьара ши бIаьсте. Иштта бIаьсте цунна ца гина дIадаханчу дерриге а шен дахарехь. Гина-м хир ю цунна, амма тидам ца хилла. Ган а, цунах марзо иэца а лиъна цунна, ткъа аьтто ца хилла. Цуьнан дахарехь дIаихначу ткъекхойтта бIаьстенах шиъ йоцчара Iаьржа бала беана цунна а, цуьнан доьзална а, юьртахошна а, цуьнан халкъана а.

Ло дIадаьлча, хьаннаш, ирзош сенделча, зезагаша бай кхелича Яьссица хьалагIертачу паччахьан эскарша хIор шарахь ягайора церан жима Гати-Юрт, хьоьший, хьокхий, дагадой хIаллакдора цара куьйга къахьоьгуш къница кхийна ялташ, байлахь буьтура доьзалш, жоьра буьтура зударий...

«ХIун дийр ду ткъа, делан кхэл ю-кх хIара. ДIаели хьо, тхан маршо, дIаели. ДIаяха хьо тхан дай, йижарий, вежарий эцна. Амма тхо декъаза гоьргаш йиси-кх хIара Iазап хьега» — ойла йо Iелас. Цунна хIинца а ца го малхо хьоьсту бIаьстенан Iалам, ца хеза олхазарийн самукъане эшарш, нох ца озалуш шинан стеран бехьар, уьш чехош мохь беттачу Айзин йишъхаьлла аз. Нахаро дIахерцочу мокхачу лаьттаца юкъ-юкъа гучудуьйлучу яккхийчу тоьпийн хIоьънаший, мекхадоьллачу герзаший, кIайеллачу адамийн даьIахкаший цуьнан ойла ерриге а дIадаханчу ирчачу шерашка юьгу.

— АхIад, дала гечде шуна, дала эхарт декъалде шун, — боху цо шабарца, гучуевлла даьIахкаш схьаоьций цхьанхьа юкъ-юкъа охьа а туьйсуш. Суьйранна ша дIавахале цхьанха юьстах лаьттах юхкур ю цо уьш. Цунна бен дац и даьIахкаш бусалбанийн хилча а, керстанийн хилча а. Цхьана дала кхоьллина адамаш ду уьш. Амма мича дикане кхача гIерташ летта-те шу? Аш хIун къийсира? Дуьнен доккха ма дара, латта шорта ма дара, малхо вай дерриш ма дохдора? Мала хи, садаIа хIаваъ ца тоьура шуна?

— Гор, оьрсийн паччахь яI, хьан мехкан доза дац бохура, хьан хьолан хьесап дац бохура. ХIунда веа хьо тхан мискачу лаьмнашка, оха хIун динера хьуна?.. — элира Iелас хозуьйтуш.

— Стаг, ахь хIун боху? — хаьттира цецъяьллачу Айзас, юха а йирзина, шен майрачуьнга.

Iелас жоп ца делира.

— Хорша, хорша! — мохь туьйхира цо, гурма боьжна тайша сту а човхийна. — Чорин сту дукха ма леллахьа, зуда, ца го хьуна и, чож а кхетта...

— Жимма садаIийта вайша? — хаьттира Айзас. — ТIадамо ницкъ бина суна.

— Юха цкъа гуо а баьхьна, делкъе йийр ю вай. Бераш дийшина Iохккучуьра дIалахкаҷ ахь.

Цхьаъ гаьнгали чохь, важа аганахь бераш кIел долчу кхуре бIаьрг а тоьхна, стерчий човхийра Айзас.

ГIушлакхе баьлла малх, бIаьрса дайа санна, къегаш хьоьжура. Iаьрчхел дехьа басахь, хьуьна юккъерчу ирзон коржамана тIехь лаьттах хьаьжкIийн буьртигаш теIош доллура церан лулахо Чора а, цуьнан зуда ЖовхIар а. МаьI-маьIIехьара схьахезара ахархоша стерчий, бугIанаш лоьхкуш а, вовшашка кхойкхуш а детта маьхьарий.

Хезара цуьрриг адаман дог хьаош доцу Чорин сингаттамечу иллин къора аз:

...Юткъачу гIодаюкъах
Дихкина ва доьхка,
Бухкарах хийца бах
Паччахьан Iедало!

ДегIана тIеоьзна
Исхарин ва чоа,
ГIабалех хийца бах
Паччахьан Iедало!

Ас коьрта тиллина
Холхазан горга куй
ТIаланах хийца бах
Паччахьан Iедало!
Дендайха дисина
Болатан ва гергаш
Сарагах хийца бах
Паччахьан Iедало!

Соьцанна кхиъначу
Динара чувоссий,
ГIашсалти хила бах
Паччахьан Iедало!

Сан вежрий байинчу
Цу делан мостагIийн
Лай хилий саца бах
Паччахьан Iедало!

Цаьрцанна охьвуьжуш,
Метта-мотт цхъаъ болуш,
Цхьан шуьнахь важа бах
Паччахьан Iедало!
Сан дала хьарамъеш
Ва суна йихкина,
Хьакхарчий яа бах
Паччахьан Iедало!

Чорас наггахь бен ца олура илли. Ша ламаз-марха дика лелош велахь а, зуькаран мукъам ца бора цо. Я, Iелина хетарехь, и ша хIинца эриг доцург кхин хууш илли а дацара цунна. Амма гIоргIачу мукъамца цо илли долийча, хаа дара цуьнан кийра хьийзаш цхьа сингаттам хилар.

Гуо кхаьчча стерчий а совцийна, хьаланисвеллачу Iелас регIан басешка бIаьрг туьйхира. Цхьа молла Шахьбин, ХортIин кхаш тIера боцурш, берриге а ахархой шайн готанаш дIа а хоьцуш, делкъе ян а, ламазана а кечлуш бара.

— Айза, ас стерчий дIахоьццушехь, хьуьн чу яле, жимма хьонка баккхахьа, — дийхира цо зудчуьнга. — Нитташ хилча дика-м хир дара, хьан туьха дац моьтту суна?

— Хьуна бохуш лелош, цхьа кIеззиг-м ду. Деши санна, даздели иза. Герка туьхах гирда хьаьжкIаш йоьху ХортIас.

— Талу хилла, кийра хьаьвзийла цунна иза! — сардам боьллира Iелас. — Гирда хьаьжкIаш хилча-м суна туьха а ца оьшура. Адамийн гIаддайча далало-кх цунна. Делахь, нитташ бахахьа. Хьо юхаяллац, ас берашка ладугIур ду.

Айза Iинехьа, варша йистте яхара. Багах чопаш охкийна, Iелига хьаьвсира гIелделла стерчий. Шина стеран ира букъан сирташ, тIеевлла хенан маьIигаш, пIендарш, детталу чож гинчу Iелина къахийтира царшиннах. Дукъера баьлла и шиъ, биэга а белла, бажа хIоьттира.

Озачу шина старана аха хала дара ирзо. Мацах цкъа Iелин дас Абубакара, кхузара пеннаш охьа а детташ, даьккхина иза, тIаьххьарчу пхеа шарахь цхьа а юххе ца воьдуш лаьттинера. Абубакар вийнера Iела дуьнена волучу буса. ТIамо хеназа баьхьна цуьнан воккхахволу ваша а, нана а, йижарий а. Доьзалах дийна висина Аьрзуй, Iелий виллина тIамехь вара, ткъа ирзо, хIара тIаьххьара ши шо тIекхаччалц гонах хьовза стаг воцуш, тIе керла, юькъа хьун а яьлла лаьттинера. ДIаяханчу бIаьста и къона хьун а хьаькхха, гоьргаш бух а яьхна, латта охкуш йийра цара хьаьжкIаш, ткъа кху шара аха воьлча, орамаша новкъарло йора нахарна.

Нисдеш дукъ чадакх[1] хорша а диллина, дукъарцаш шайн метте дIа а доьхкина, дечиган нох хьалаайира цо. Нахаран пхатоьда[2] артделлехь а, мегардолуш дара.

Берашка ладогIа дагахь кхор болчухьа волавелира Iела. Кхура тIехь эсала бека къоркхокха хIара тIе вогIу гича, цкъа дIа а тийна, цецбаьлла дIаса а хьаьжна, тIаккха тIемаш тоьхна, бедда хьуьн тIехула къайлабелира. Ши кIант самавалаза, чIогIа набарш кхетта Iуьллуш карийра дена. Гаьнгали чохь Iуьллучу Iумаран беєни тIехула бедда лела моза дIа а эккхийна, аганарчу Iусмане хьаьжира. Ша ган цхьа а воцийла хиъча, Iела, ховха балдаш хьедеш набарх велакъежачу кIантана тIе охьа а таьIна, хьаьжа тIе байн барт белла, тIаккха цунна юххехь лаьтта чIижалг[3] схьа а иэцна, стерчий хьалха а лаьхкина, Iин чу вахара.

Стерчашна хи а малийна, ламаз а иэцна, шийла хи а дохьуш юхавеанчу цунна, нитташ хьакхийна Iаш карийра Айза. Цо кхача хьалха билларе хьожуш, верта а даржийна, цу тIе дIатевжира майра. Амма кхача хьалха буьллуш дукха хан ца йийзира. ТIулган экъан тIехь якъош еттинчу сискалан ах шина декъе а екъна, доккха долу дакъа майрачунна хьалха теттира зудчо.

— Туьха жимма кхоийна ас. Суьйранна оьшур ду вайна иза.

— ЧорагIаьрга схьакхайкхахьа, — элира Iелас кхачан тIе ца кхевдаш.

— Вай хIун яо кхойкху цаьрга? Саракь хьолтIамаш йийр ю ас, тIаккха балор вай.

— ГIиллакхехь ма дац.

Чора а, ЖовхIар а садаIа сацанза дара. Чора хьалхавоьдура, ирбинчу хьокхаца лаьттах кIаьгнаш дохуш, ткъа кучан юха чу хьаьжкIаш лаьцна, ги бер доьллина тIаьхьа хIоьттинчу ЖовхIара, царна чу туьйсуш, тIе ког хьокхуш, дIакъуьйлура буьртигаш.

— Ва Чора! — кхайкхира Iела.

Чора, беттачуьра хьокха а сацийна, хьалатаьIира.

— Схьадуьйлийша, цхьаьний хIума кхалла вай?

— Баркалла, Iела, гIоза йоийла. Шуьгахь доллу дабагIа ду тхойшингехь а. Суьйранна цхьаъ дер вай.

И шиъ схьа ца догIуш сецча, Iела юучунна тIе хилира. Шена хьалхара сискалан доккхахдолу дакъа зудчунна хьалха а диллина, цуьнниг шена хьалха уьйзира цо.

— Ас даим олуш ду хьоьга, юучунна тIехь со толо ма гIерта.

Айзас сискалан юьхк майрчунна хьалхатеттира:

— Стаг, хьо-м къахьоьгуш вай, вуззалц хIума юуш ца хилча, дегIехь ницкъ хир бац.

— Асчул тIех къахьоьгу ахь. Соьца болх бина ахь, хIинца, со

[1] Гота дIаюжу гIирс.
[2] Нахаран латта хадон урс.
[3] ЦIузам долу кхийра кхаба.

садаIа агIорваьлча, берашна гонах хьийза а деза. Цул сов, айхьа юург бераца а йоькъу.

Кхача мел миска белахь а, цул чомехь хIума ца хийтира Iелина. Екъа сискал, дуьра нитташ, шийла шовда. Иза тешна вара тахана кхин беберса кхача буур болуш оцу регIаца, оцу ирзошца стаг вацарх. Бакъду, керлачу юьртден Iосин, Шахьбин, ХортIин шортта даьхний а, жижиг а, дама а ду, амма шаьш йолах лецначу ахархошна цара уьш бIаьрга-м ца гойту. Йолахошна ял а на ло цара. ДуьххьалдIа Iосас а, молла Шахьбис а, совдегаро ХортIас а, цара цхьа масех стага, шайна кхаш лелориг оцу нахана ирзош аха гота ло. Ткъа шаьш, наггахь цара хIун до хьовса а богIуш, цIахь бийшина Iохку.

Делкъе йинчул тIаьхьа Iела садаIа дIатевжира. Ламаз а дина охьахиъна Айза хьалагIаттийра аганахь самаваьллачу кIанта. Цунна тIаьххье меттахъхьайра Iумар а.

«Ма декъаза хIуманаш ю-кх зударий, — ойла йора Iелас, берашна там бан гIертачу зудчуьнга а хьоьжуш. — Дийнахь а, буса а синтем бац церан».

Шен декъах яьккхина сискал кера елла Iумар дIа а тевина, аганан гIожа тIе тевжира Айза. Шурех буьзна, пхенаш сенделла кIайн накха беран бага а боьллина, вукхунна йоьссина шура сецо гIерташ, тIе куьг а диллина, кIанте хьоьжуш дIатийра иза.

БIаьстенан махо Iаржйинчу юьхьа тIехь хIиттина тхи санна хьацаран тIадамаш. ЧIагарш хилла хьийзина хьаьжа тIехулара месаш. КIайн лаг хьоьстуш тIехьаьрчина Iаьржа-стомма кIажар. Къинхетаме, эсала, Iаьржа даккхий бIаьргаш. Шабарца кIант хьоьстуш меттахъхьера малхо иэтIийна балдаш, горгачу юьхьан беснеш тIе хIиттира кегий кIаьгнаш.

«Хаза зуда нисъелла суна, — ойла йора Iелас. — Хаза, дика, онда, къинхетаме. Дуьненахь ас хьегна бала бицбайта, сох къинхетам бина, дала нисйи-кх. Шиъ кIант ву, цхьа сту а бу. Дех дисина ирзо а ду. Кхин суна оьшуш хIумма а дац. Дела, хьо дика ву-кх. Амма, Аьрзу... Цо хIинца а зуда ца ялийна»...

— Тахана кха тIе йогIуш повкъахь Эсет кхийтира сох, — элира Айзас Iелин дагара хиъча санна.

— Мила Эсет? — хаьттира цецваьллачу Iелас.

— Мила Эсет бохург хIун ду? Гати-Юьртахь цхьаъ бен юй Эсет?

— Гатин зуда юьйцу ахь?

— Цхьацца дуьйцуш йогIуш, КIант хьахавелира тхойшиннан. Цаьршинна хIинца а деза вовшийн...

— Эрна деза. Иза еза декхар дац Аьрзун. Цаьршиммо дицдан деза вовшийн. Марехь зуда ю Эсет. Стаг оьзда хила веза.

— Цаьршиннан дагара цхьанне а ца хаьа...

— Дика ду-кх ца хиъча. Хиъча эхь а ду.

— Иштта ала атта ду, стаг. Хьо хьайна еззарг а ялийна охьахиъча, дезаш вовшехдаьллачу цу шиннах дог ца лозу хьан?

— Ас хIун дан деза? Азаллехь рицкъанаш цхьаьна язделла ца хилла-кх цаьршиннан.

Шина а некхах декхначу берана юха а наб кхийтира. Аганна тIе шен тиша, боьзан кортали а тесна, гаьнгали лестош, Iелина улло охьахиира Айза.

Генна регIан баса а вогIавелла, ойлане велира Iела. ХIаъ, дукха хан яра байлахь висинчу шина вешин зударий бало хан юьзна. Шайна безаш мехкарий боцуш а, я шаьшшиъ мехкаршна ца везаш а ца Iийра и шиъ ткъе итт-пхийтта шераш дуззалц. И неIалт хилла тIом бара дерригенна а бехке. Оцу тIамо ца вуьтуру и шиъ цIийнан лаппагIа йогIа а, деза дисинчу ирзо тIе хьовза а. Дерриг халкъо санна, цаьршиммо а мерза сатийсира тIом чекхбаларе. Везачу шиннан аьттоне хьоьжуш мехкарийн хенал тIехтилира Айза а, Эсет а. Амма Нохчмахкахь тIаьххьара тIом хуьлчу шарахь, винчу юьртахь, шен вархI бер салтийн къизаллех лардеш букъа тIехьа лаьцна, шен неIсагIи тIехь вуьйжира Эсетан да Билал.

«Нийса гIулч тесна Эсета, — бохура Iелас шега, — кхечу агIор хила йиш а яцара. Шел кегий йижарий, вежарий ларбеш Билалас дахар санна, ца везачу стаге а яхана, шен ирс дIаделла цо».

— Суна хетарехь, Аьрзус эуда ялор яц, — элира Iелас эххар.

— ХIунда? Зуда йоцуш мегар вуй иза?

— Чорас дийцира суна, вайшиннан доьзал кхиъча, тхан цIийнан тIаьхье йовр яц, шена и тоьа аьлла цо бохуш. Шен са къоман гIуллакхана дIадала нигат дина сецна Аьрзу.

Айзас, агий, гаьнгалий шена тIе а озийна, шен Iаьржа даккхий бIаьргаш дехаре стигала хьовсийра.

— ХIай везан дела, юха а гур ду-те тхуна и къематде? — ненан бIаьргаш хих дуьзира. — Тоьар яра-кх тхуна гина иэрчонаш! Стаг, шайн деладуьша ма хьедейша и герз, кху берийн дуьхьа совцийша...

— Оцу берийн дуьхьа совцур дац тхо, зуда. Тхуна ца лаьа тхешан бераш леш хилла дехийла. Хьайн гIуллакх доцург а дитий, бераш дIатийнначуьра, агIор ялий, жимма садаIа.

Iела, вертан тIе бертал а вижина, дIатийра.

2

Кхаш тIера хьалххе цIабирзира IелагIар. Шина-кхаа дийнахь аха латта дерш буьйсанна тIехь севцира, амма Iелина ца лиира оцу цхьана уьрдан дуьхьа дукъахь буьйса яккха. Божа берстина биъ сту хилча, цхьана дийнахь аххал бен дацара цуьнан ирзо. Амма озалла хала ирахь лелачу шина старца, Iела шина дийнахь а ца велира иза аьхна.

— ЦIа гIур ду вайша, — элира цо Айзига. — Кхана делкъале довла а мега вай. Аьрзуна сагатлуш, болх керара баьлла сан.

Ваша цIера ваьлча, даима цунна сагатдо кхуо. Ша юххехь воцуш юьртара ара кIезиг волуьйтура иза. Цкъа-делахь, Iедална ца везара Аьрзу, шолгIа-делахь, дуккха а нах бара цуьнца гамонаш йолуш. Амма тахана Шела воьдуш шеца Iела ца ваийтира цо. Цуьнца Маккхал вара, ткъа аха деза ирзо а дитина, Iела вига ца лиира.

Аьрзу цIахь ца карийра. ЦIахь хила йиш яцара цуьнан. Шелахь ши-кхо де даккха дезаш гIуллакх хилла ваханера и Маккхалца.

ЦIа чу а хиъна Iен дог ца догIура Iелин. Самукъадала хIума дацара мискачу хIусамехь. Дийнахь къеггина малх хьаьжча а халла серладолура коре аххаргаш лецца цIа. Иштта бегIийле дара. Iаьнан дохалла товхано тийсинчу кIуьрой, кIурзаший дуьзна пенаш а, тхов а серлабала башха лууш а вацара иза.

Айза ша аьлла хьолтIамаш ян юьйлира. Башха цецах доккхуш жуьйр къасто ахьаран шорто цахиларна, цхьа кад ахьар текха а хецна, иза межарг хьакхо йоьлча, сагатделла араваьллачу Iелас кертахь дан гIуллакх лехира. Дан оьшуш, сихо йолуш хIума ца карош дIаса а хьийзина, кех ваьллачу цунна, лулахочун Васалан кетIахь цуьнца къамел деш лаьтташ юьртда Iоса гира. Васалан зуда Мархет цомгаш меттахь Iуьллу дукха хан яра. Цуьнга хьовса адамаш дукха оьхура, амма Iоса иштачу меттехь шена хьалхенгахь ца гаро цецваьккхира иза. Оцу шина-кхаа дийнахь ша Мархетана тIе ца хIоьттина дела, цига дIаволавелира Iела. Ша тIекхочуш цунна хезира вукху шиммо йохка-иэцар хьехош.

— Дохка суна и хьайн кха, ахь цунах бан пайда бац.

— ХIан-хIа, и хьехо ца оьшу. Кха дохка йиш яц сан, — корта хьийзабора Васала.

— Ахь хIун до цунах?

— Наха шайчех дийрриг.

— Нах-м шайнаш дуьйш, дерзош бу, ткъа хьайниг хIор шара тIе къух долий лаьтта.

— Ас сайниг а охур ду.

— Стенца? Хьан-х кертахь беа кога тIехь хьайба хьовх, аттална циниг а дац? Ткъа ас хьуна цунах гали хьаьжкIаш лур ю.

— ХIан-хIа, Iоса, латта дохка йиш яц сан. Со лахь, берашна а дезар ду иза. Наха аьтто бахь, охур ду ас, ца бахь, стохка санна, дуьсур шена.

— Делахь хIета, хьайх йохку сан гали хьаьжкIаш схьало.

Васал воьхна хьаьвзира.

— Гурахь лур ю ас...

— Гурралц Iойла дац. Я сан хьаьжкIаш схьало, я хьан кха ас сайна оху. Кхо де хан ю хьуна.

— Делах мукъа кхерахьа, Іоса! Ас хІун дан деза цІа дуьззинчу берашна?

— Суна кхаба тІеэгна-м дац хьан бераш? Хьайга кхабалуш доцу синош дуьнен тІе ма даха!

ТІекхочуш воллу Іела а гина, кхин хІумма а ца олуш, дІаволавелира Іоса.

— Ассалам Іалайкум! Суьйре дика хуьлда хьан, Васал!

— Ва Іалайкум салам, марша вогІийла хьо а, — чевно чолакх дина куьг схьакховдийра Васала.

— Муха Іаш ю Мархет, гІолий юй жимма а?

Іосас догдохийна, волчу тІе а гІелвеллачу Васала доккха садаьккхира.

— Ва дела аьлла гучуйолуш гІоли ма яц цунна-м, Іела. Хьо ирзо аьхна велан?

— Ца ваьлла. Кхана делкъале вер ву.

— Иза-м цхьана дийнахь аххал бен ма дацара, хьо ма хьевели?

— Балла боллучу шина старца ахалац.

— Хьенан сту боьжна ахь хьайчуьнца?

— Чорниг.

— Цхьа сту мукъана а белахьара, цхьаьнца декъа гІур вара со а. ХІинца дан хІумма а дац. Со санначаьрга шайна болх а бойтий, цунна дуьхьал цаьрга шайн кхаш аха стерчий лора Іосагlар. Цхьаммо а со шайна балха ца вуьту. Іоса ву сан кха дІакхалла гІерташ. Цуьнца барт бу ШахьбигІерий, ХортІагІерий.

КетІахь Іуьллучу гула[1] тІе а хиъна, луьлла томкех юза волавелира Васал.

— ГІел ма лохьа, Васал, цхьа дала дайттинарг дийр ду вай,— цуьнан догъоьцуш, белша тІе куьг туьйхира Іелас. — Иза-м вайн дан гІо долуш гІуллакх дара. Мархет толахьара цкъа.

Васал арахь а витина, чувахара Іела. Боданечу цІа чохь цхьана соннехь, тІехула мекха текхийча санна, иэттІа маьІ-маьІнехула тІаргІа арасийсинчу юргІан кІел меттах ца хьовш аркъал Іуьллура Мархет. Мацах цкъа куьце хилла цуьнан горга юьхь, хІинца, чохь са доцуш санна, можа, массо даьІахк тІе а яьлла гора. Юххехь хи чу боьллина иттех кхор чохь кхийра кад лаьттара.

— Мархет, хьуна гІолий ца хуьлу? — хаьттира Іелас, улло охьа а лахвелла. Мархета шен юьхь Іелигахьа ерзийра.

— Іела, хьо ву иза? Иштта дІа Іуьллуш ма ю со-м. Елла дІа а ца йолу, тоелла хьала а ца гІотту, — сихдинна са а доьІуш, йистхилира цомгашниг. — Массарна бала а бина, гуьйриг санна, Іуьллу-кх. Хьо ма хьевели чу ца вогІуш?

[1] Доккхачу диттан гІад, хен.

— Делахьа, Мархет, и ирзонан кІайдарг аха гІерташ, кху шина-кхаа дийнахь хьуна тІе хІоттарна ледарло ма хили сан.

— Иза-м Іумма а дацара, Іела, ас бехк ца буьллу. Веанчо дан гІо дац. Ас-м цхьа сингаттам хилла виси-те аьлла, сагатделла хоьттура. Айза а, бераш а хІун деш ду, могаш буй хІорш?

— Дала дика кхобу. Уьш бу-кх соьца оцу дукъа хьийзаш.

— ХІун дийр ду ткъа, дала аьтто бойла шун. Тхан кха-м кхушара а денза дуьсуш доллу. Со йоцчу новкъа ю, хІокху берийн да а, вайна ма-хаъара, ахстаг... Тхан-м ойла ца йора ас, берех дог лозу.

Іелина гира, цомгашчун хьех чуэгна кхоьлина бІаьргаш хих дузуш. БІаьргийн кедаш дуьзна уьш, якъаеллачу беснеш тІехула меллаша охьахьаьлхира. Даима пенан гІевлангахь Іен йоккхахйолу, кхойтта шо хенара Хьоза цунна юххе гІоьртира.

ХІетталц кетара кІел вижина Іийна жима кІант, кІез-кІезиг волуш оцу бухара схьа а ваьлла, Іелина тІе а веана, цуьнан коьртара схьабаькхина куй шен коьртах буста хІоьттира. Цхьаъ ца лайна дерзина ге дистина, озачу кІантана тІехь йоккха хеталора хІуъу а. Васалан важа диъ бер, ловза дахана, цІахь дацара.

— Шун кха а дуьтур дац вай стохка санна, — элира Іелас, церан мискачу хІусаме бІаьрг а тоьхна. — ДІадахана шо хала дара массарна а. Нах шайн кхаш аьхна бевлча, шун гІайгІа бийр бу вай.

Іелин месала куй бехха ловзийнчул тІаьхьа, иза болчун коьрта а тиллина, йишина гонах хьаьвзира кІант.

— Иишш, со мацвелла...

Хьозас, кхин йист ца хуьлуш, терхи тІе а яхана, цигахь лаьттачу дечган сахьара иэцна буйнахь кІеззиг ахьар делира вешина. Шен ахьар буйна а къевлина, вахана кетара кІел когаш а боьхкина, тІе меттан буьхьиг Іуьттуш, ахьар дууш дІатийра кІант.

— Мархет, хІума яалой хьоь? — хаьттира кхин ша хІун эр ца хууш Іечу Іелас.

— ХІума а кхоллу ас-м. Тахана цхьа жимма кхорех церг йитти.

— Хьайна езачун ахь цІе тоьхча, мичча девлла а йохьур ма яра оха?

— Баркалла, Іела. ХІумма а ца оьшу суна. Хьоза, берех хІун хилла хьажахьа, ара ялий.

— Уьш-м цхьаннахьа гІур бацара, нана. ХІинца цІа боьрзу хан хилла церан.

— Хьайга бохург дехьа. Жимма араялахьа, — йоІ араяьлча, доккха са а даьккхина, шен дегІан ницкъ а гулбина, Іелига йистхилира Мархет: — Іела, дукха хан ю вай цхьаьна лула хьийза. Хьуна со евзу. Да-нана, йижарий-вежарий хІаллак а хилла, цхьа йисина со. Елча коьрте хаа нана а, елха йиша а яц сан. Тезета

хьийза вежарий а бац. Ткъа Iожалла дено-дено герга гIерта. Со хIинца дукха ехар яц. Тахана-кхана бохуш Iа. Хьох, Аьрзух сайн вежарий а тарбина Iийна. Кху деношкахь, шуьшиъ ца гуш, суо яларна кхераеллера со.

Хебна чкъор тIелетта цуьнан пхьаьрсан чIу шен каралецира Iелас.

— Ахь дуьйцург хIун ду, Мархет. Цомгаш ма хиллинехь леш-х ца хуьлий! Хьуна-м гIолий хир яй.

Мархета шозза-кхузза корта ластийра.

— Суна дика хаьа, Iела, сайгара хьал. Дукха дуьйцуш хьо сецор вац ас. Йоl чу ягIахь дийцаза юьсур ю. Хьоьга а, Аьрзуга а доцца весет ду сан. Со елча суна тIехь сагIина даккха хIумма а дац тхан долахь. Тхан ненах йисина, суна кхаьчча полшу а, тхан дас суна эцна дашо хьалкханаш а, хIокху стага урдона диллина ши туьман пхи сом а — уьш ду со да йолуш. ХIинццалц-м уьш йоIана бохуш Iийнера со. Яла герга яхча, дIайолларан ойла ян а дийзи. Царех дан дезарг-м кху стага ша дийр дара. Маккхалла дегаза ца хилахь, цуьнга кху хIусаме а вогIуш, вархI буса суна еса дешийтар доьху шуьга. Ткъа шуьшинга дехар ду, тезета оьху адамаш совццалц, сан вежарий хилий, тезета хьийзар. Шуна ма хаьа, хIара стаг а йиша-ваша доцуш цхьа хилар... Цуьнан дог а иэцалаш...

Iелин бIаьргех кIез-кIезиг лешаш Iийдалу хиш, беснеш тIехула охьа а хьаьлхаш, можалахь къайладийлира. Мархетна уьш гарна кхоьруш, охьа а таьIна Iара иза.

— Даламукъалахь толур ю хьо, Мархет. ХIокху ялх беран дуьхьа а хьо ца тоелча йиш яц. Амма Iожалла вайна тIаьхьа а хIоьттина лела. И де, тхаьш дийна а долуш дагIахь, ас дуй боу-кх хьуна, хьан весет кхочушда.

— Дела резахуьлда хьуна, Iела. Ма Iе, дIагIо. Дукъара цIа веана, кIадвелла хир ву хьо.

Кхин дIа цомгашчуьнца къамел дан ницкъ боцу Iела, цуьнан Iодика а йина, аравелира.

— Iосас хIун бохура хьоьга, Васал? — хаьттира Iелас, ша хиъначохь луьлла уьйзуш кетIахь Iечу цуьнга.

— Шена кха дохка бохура.

— Ахь хIун эли ткъа?

— Духкур дац эли ала-м. Амма хIун дер хаац. ТIейогIучу гурахь юхалург цхьа гали хьаьжкIаш еанера ас цуьнгара. Я уьш, я кха ло боху шена. Таро йоьхна ву со.

— Айхьа хьаьжкIаш дIалур ю ала.

— Ас мичара ло цунна уьш? Со-х тховса берашна сискал ян а цинц боцуш ву.

— Воха ма воха хьо. Вайн рицкъанаш делехь ду. Наха дIатесна вуьтур вац хьо.

* * *

...Iела цIавирзича юург кийчча лаьтташ яра. Очакха тIера ехьаэцна боккха цIеста яй цIенкъа а хIоттийна, тIера негIар дIайира Айзас. Чу хIоьттинчу кIуьрах дIауьйш чоме Iаь яьржира. Дас шена бина дечиган жима мIара а иэцна, ена гонах хьаьвзира Iумар.

— Сарамсекх аьттий ахь? — хаьттира Iелас Айзига.

— Аьтта.

— Шина кIантана цхьа-ши хьалтIам йитий, и яй берамца ВасалгIарна хьуохьа.

Айза цецъелира.

— Вай хIун до ткъа?

— Вай охьадуьйшур ду-кх. Кху дуьненахь мел долу даар хиларх, кхаьллина хIума кийра гIур дац-кх суна:

Айза, кхин йист ца хуьлуш, берам чохь дечиган кад тIехIоттийна яй эцна араелира.

Йилхина ши бIаьрг цIийбина, цхьа ах сахьт далале юхаеара иза.

IV корта ЮЬРТАН КЕРЛА ДАЙ

«...Муьлаш бу кхузахь пурстоьпаш шаьш? Иэхь, оьздангалла хIун ю ца хууш, амма керахь дерриг Iедал долуш бодане нах бу... Цара хIитто юьртдай а хуьлу оьздангаллех боьхна, халкъо шен юккъараллех хадийна, даххаш. Хьалха къуй, зуламхой, айкхаш хилла нах...»

Я. Абрамов.

1

Дийнахь сарралц болх бина юьртахой, шайн къуьданаш дIа а дайина, хьалххе охьабийшинера. ТIедогIучу шаро жимма а рицкъа дохьур ду аьлла догдохийла ерш, мерза ойланаш еш набарх булура, ткъа важа дукхахберш, боьхначу аьттоно наб кхета ца буьтуш, бекъачу метта керчаш, ца йогIу наб кхетийта гIертара.

Амма юьртден Iосин цIенойн кораш, даима санна, серладевлла гора тховса а. Оцу юьртахь цуьнан, Шаьхьбин, ХортIин, Товсолтин цIенош бен дацара тхов тIе гериг йиллина а, корашна ангали тоьхна а. Оцу веаннан цIенош чохь бен ца догура ангалин шиша долу мехкадаьтта даго чиркхаш.

Iосин хIусамехь хьеший бара тховса а. Дилхалахь, лоха Шахьбий, векъана, гIуркх санна, веха Товсолтий поппаран терхи тIе даржийнчу къорзачу истангаш тIе а хиъна, юучух тIаьххьара кадетташ воллура. Даьттан чохь гIорийнчу чIепалгашка наггахь сутара бIаьргаш хьажадора шина хьешо, амма уьш цкъа дIакхалла а гай чохь меттиг бацара.

Миччахьа а адам цхьаьнакхеттачохь саццаза жайнин хабарш дуьйцуш амал яра Шахьбин. Нахе хаьттича цул суьпий, цуьнга шега хаьттича цул воккхий Iелам стаг вацара -Яьссин тогIеца хьовх, ерриг Нохчмахкахь а. Амма тховса санна, шаьш кхоъ цхьаьнакхеттачохь юучунна тIекхевдаш, иза хьалхара дIаоьцуш бен цкъа а делан цIе ца йоккхура цо. ХIинца а воллура иза, даьтта а дуьллуш, шура а тухуш кечдинчу гIалмакхан чайнах наггахь къурдаш а деш, ша хьуьжарехь доьшуш волуш мехкаршца шаьш лелийна синкъераме гIуллакхаш дуьйцуш.

— Тхан моллин ши зуда яра, — дуьйцура цо. — Цхьаъ, шега хьаьжжина, къена, важа, иштта, тхан хеннара жимсаг. ХIокху къанъеллачу бажах цуьрриг самукъа ца долу жимахъерг даима тхоьга бIаьргаш къерзош бен ма ца Iара. Сайн накъостийл аьрхо

волу со, гIуллакх долуш а, доцуш а сих-сиха моллагIаьрга оьхура. Эвхьаза забарш яра суний, оцу зудчунний юккъехь, амма цкъа а цунах куьг ца Iоьттинера ас. Нахала валарна кхоьрура. Цхьана дийнахь ваха со и йолчу, цуьнца эвхьазавала чIагIо йина. Молла цIахь воций хаьара суна, амма со чохь волуш и цIа вагIахь а аьлла, бехказлонна, сайн карадеъна цхьа жайна даьхьира ас.

— Гор борз яI! Веана цIа кхаьчначу моллас, ахь хIун до аьлла хаьттича, жайни тIерачу цхьана меттигах кхетта вац ша ала воллийца, — велавелира Товсолта.

— ТIаккха?

— Вахана дIакхечи со. ЦIахь ша ю зуда. «ХIара хIун ю хьан пхаьрса кIел йоллург?» — хаьтти хIокхо. — «Къеначу моллана-ша нах Iехо хIума, къоначу молланаша зударий Iехо хIума ю-кх» — жоп дели ас. ХIун дара а хаац, оцу дийнахь цкъа а ца хиллачу тайпана зудъяьлла хьаьвзи иза. Маьнги йисте охьа а хиъна, шен кера куьг тоьхна, соьга боху: — «Схьадоьл, кIорни, сан кара хаал цкъа!»

— Хиин хьо ткъа?

— Жайна пхьаьрса кIел, ши куьг таIIийна гIовталан кисана а доьллина, вахана цуьнан кара а хиъна...

НеI йиллина чоьхьа яьллачу хIусамнанас РебаIата Шахьбин дош къамкъаргехь сацийра.

— Юург оьший шуна?

— Ца оьшу, ца оьшу! Цкъа кху чу ма гIерталахь, тхо хаза сакъоьруш дохку! — куьг ластийра Товсолтас.

Церан самукъане яххьаш гича, уьш цхьа лартIахь доцург дуьйцуш бохкийла хиъна РебаIат, резайоцуш корта а хьовзийна, араелира.

— ТIаккха? — хаьттира Шахьбех хиллларг хаа сакIамделлачу Iосас.

— ТIаккха! Стенна хоьтту ахь кхин дIа? ТаIIийна мара а воьллина, писволлалц со хьекхийра-кх цо!

— Ткъа ахь куьг ца Iоьтти?

— Стенна оьшура иза? Дерриге а цо ша деш хилча!

Там хиллачу Товсолтас, шен мекхийн мерцхалгех ка а детташ, балдех мотт хьоькхура.

— Делхьа ала, Шахьби, куьйгаш кисана а доьхкина, хIунда хиира хьо цуьнан кара? Цунах ца кхета-кх со.

Хьаьж тIе а, логах а даьллачу хьацарна гIовталан тIам а хьаькхна, чайнах буткъа къурд а бина, Iосега хьаьжира Шахьби.

— ГIуллакх галдала доьлча кIелхьаравала ков дита. Сайга баа аьлча, ас, исс къорIа тIекIел а диллина, дуй буур ма бара, оцу зудчух айса куьг ца тоьхна аьлла!

— Остопираллах I, ма саьхьара адамаш ду-кх шу, дан ткъа! — кIажвахана воьлура Iоса. — Ткъа, Товсолта, хьоьра даьллий иштаниг?

— Мичара! — корта ластийра Товсолтас.

— ХІара тайпа якъаелла хьорзамаш ца оьшу зударшна. Царна-м цхьа со тайпа бух безий!

— Вахьа-хьа-хьа! Хьорзам тов! Делхьа ма нийса элира ахь иза, ала хІай! Вахь-хьа-хьа! — гай лаьцна, шалха оьхура Іоса.

Товсолтин деган куралли мерзах мІар хьакхаелира.

— Берстанчу айгІарехь ницкъ ца хуьлий хаьий хьуна? Берстанчу айгІарх а, озачу кхелах а долало вон хІу. Хьо-м, цхьанна гучуваьллехь кІелхьара ца валавала а мегара, ткъа иштта меттиг сайна Іоттаелча со цІенна чекхваьлла!

— ХІапІуп! Хьо-м вовзара вайна!

— Делхьа дийца, Товсолта, айхьа лелийнарг!

— Дийца дукха хІума а дац иза-м. Со цхьана зудчуьнца лелла аьлла цкъа цхьа хІума кхоьллира...

— Бакъ мукъане дарий и? — Іосега бІаьрг таІийра Шахьбис.

— Дела цхьаъ хилар санна! Амма ас тІе ца лоцура. Дуй баа хьовзийра. Суьйранна дуй баа цхьанхьа кхайкхинера со. Цига вахале тхешан хІусамнаний, бераш чуьра ара а даьхна, агана вижира со, когаш чекх а бохуш. ТІаккха цу чуьра хьала а гІаьттина, сайн йоккхастаг чу а кхайкхина, иза хьостуш, цунах куьг хІума а тоьхна, дуйна ваха со. ДІакхаьчча, къорІа кховдий соьга, шайн зудчах куьйгаш тоьхна дац алий, дуй баа аьлла.

— Биари ахь?

— Дера бинра, мохь тоьхна-м. Со аганара гІаьттичхьана, сайниг йоцчу зудчах куьг кхетта дац сан аьлла!

— Вахь-вахь-вахь!

— Кхи-кхи-кхи-кхихкх!

— ЭхІей, дела иэккха шуьша вистина! Ма со воьдуш а, ялсамана гІур вац-кх, ван-м. Цхьа хьал ца хуучунна моьтту шу делан маликаш ду!

Товсолта кхеравелира:

— Хьо Іовдало нахе дуьйцурий уьш?

— Іелур вац дийцаза!

— Уьш-м къона долуш лелийна, дІадевлла хІуманаш дара, Товсолта, — куьг ластийра шек воцчу Шахьбис.

Гайна там хиллера. Цхьа самар чай мийлира. Забарш а йира, Іосин юьхь шен даима хуьлчу сурте йирзира. Томкано маждина, бІоржамаш санна долу мекхаш куьг хьаькхна шардина, цІен ши бІаьрг Товсолтина тІе буьйгІира цо.

— Забарш забарш ю, кІентий, ваьш дІадохале цхьа гІуллакх къастаде вай.

ХІусамден керахь жижиган дакъа гича, ши лерг ойий, мотт боккхий, цергех хиш туьйсуш, цІога а лестош кІегар хуучу жІаьлех тера, шен сутара бІаьргаш Іосига а хьовсийна, сецира Товсолта.

— Іаьрчхехь сайчуьнца доза долу дерриг кхаш иэцна ас. Амма уллохь байина Киши-Хьаьжин уггар тоьлла мурдаш, Сибрех хьовсийна Нохчийчуьра уггар баккхий молланаш. ХІан-хІа, Шахьбин цкъа а машар хир бац керста Іедалца. Машар хир бац цуьнца муьтІахь болчаьрца а. Амма кхин тІехваьлла хІума дан ницкъ а бац-кх.

Оцу буса оццул хаза къийрина са кхолийра тІаьххьа юкъаделла уьш, хІусамден Іодика а йина, арабевлира...

Васалан ши урд хиллал меттиг йисина. ДІадаханчу шарахь а ахаза йисина иза. Дохка реза а вац. Цуьнгара и схьадаккха некъ карабейша суна.

Ши хьаша ойлане велира.

— Цхьа бахьана ца хилча хала хир ду, — жоп делира Шахьбис, дикка ойла йинчул тІаьхьа.

— Бахьана-м долуш дара. Кху Іай соьгара юхалург яьхьна цунна тІехь цхьа гали хьаьжкІаш ю сан.

— Кхин хІун некъ лоьху ахь? — куьг ластийра Товсолтас. — Хьуна схьаяла хьаьжкІаш цуьнан цкъа а хир яц. Ахий тІекІелтаса ахь ирзо.

— ГІуллакх, шарІе даьлча, дІадерзо хуур дуй шуна?

— Иза-м дийца а ца оьшура! — хадийра Шахьбис. — ТІехула тІе дукха хан йоццуш хилла бусалба а ву иза. Я ирзо цо даьккхина а дац. Стундех дисина.

Товсолтас резахилла корта таІийра. И гІуллакх чекхдаьлла лерира Іосас.

— Кхин а ду цхьаъ, — долийра цо жимма Іийна. — Аьрзуй, Маккхал стенга вахана хаьий шуьшиннa?

Цо и стенна хоьтту хиъна, ши хьаша сема хилира.

— Деллахьа ца хаьа суна-м, — белшаш саттийра Товсолтас.

— ТІехьа агІор вахара бохуш хезна суна, кхин муьлхачу юьрта вахана-м хаац, — кІелхьаравелира Шахьби.

— Кху Іай дуьйна дуьйцу марха даьстича Іедална дуьхьал тІом болабо бохуш. Марха даьстина а даьлла, уьш меттахъхьовш а бац. Церан дагахь хІун ду ца хууш сагатделла округан начальникан.

— Цунах-м кхоьрийла яцара, — корта ластийра Шахьбис. — Цара вовшахдеттачу гІуллакхан коьрта тхьамданаш кху Іай лецца. Бисинчех дукхахберш царех дІакъаьстина. Суна хетарехь, тІамна цара вовшахдетта гІуллакхаш кхин ваьшта догІур доцуш даьржина.

— ХІан-хІа, хІуъу делахь а, къайллах цхьаъ вовшахдетта цара. И хаа деза вайна.

Шахьбис доккха садаьккхира.

— Хьо стенна гІелвелла? — хаьттира Іосас.

— Оцу гІуллакхашна юкъагІерта лаац суна, Іоса.

— ХІунда?

— Хьуна шера хаьа, шайн гІуллакхана айкх ваьлларг, ямарт хилларг вен цара къорІан тІехь дуйнаш биъна хилар. Доцца аьлча, хІара дуьне дезачу со хІинцца ваьлла.

Шахьбина тІетовш корта теІабора Товсолтас. Іоса оьгІазвахара.

— Даа бепиг а, ловзо чкъург а — шиъ хир дац шуна. Чай, борз вовшахлоьтуьйтуш, шаьш даьттанан гуьмалкх юуш гІуллакх чекхдер ду шуна моттахь, и бакъ хир дац.

Товсолтел майро волу Шахьби ца вешаш велавелира.

— Хаац боху дош — деши ду. Хьуна а тоьла иштта Іийча. Хьан мекарло бахьана долуш ца вуьйш таханенга ваьлла хьо, амма адам цкъа а ца хиллачу тайпана дера ду хІинца. Наха ловзор вац хьо.

— Тола-м, ша витахь, ІаддаІийча тоьла, — корта теІабора Товсолтас.

— Дика ду хІета. Ас начальнике эр ду-кх, Іедало хІоттийнчу моллас, къедас юьртахь низам латто суна гІо ца до.

Іосин ши хьаша гІелвелира. КхоалгІаниг новкъа вара царех хІоранна а. Шиъ цхьаьний бен ца хилча, атта хиноболу барт ца хуьлуш бахбала буьйлира. Ши хьаша, дуьхьало ян ца хІуттуш, дІатийра. Вешех а ца тешачу яьлла хІара зама. Ткъа Іосех тешийла янне а яц. ХІоккхунна башхо яц шен да а, ваша а, доьзалхо а. И царна хуу дукха хан ю. Къа ца хеташ, тангІалкхех хьала-м дера уллур ву. Амма Іедалал а кхераме бу вуьйш. Дика-м шина а агІорчарна гІо а деш, чекхвалавелча дара. Кхаъ ца кхачахь а, цІока-х Іалашлуръярий. Юххехь теш волуш мукъана хІунда хоьттуш хІокхо...

Воьхна хьийза ши хьаша кІелхьаравааккхира, хьердовла санна, арахь лета девллачу Іосин жанжІаьлеша. Араваьлла хІусамда сихха чувеара, ХортІа а валош.

— Ванах, боккха болх бу-кх иза! Сох долаза дуьсуш дохку-кх и жІаьлеш. Эцца хьо ара ца ваьллехь верина, кескаш йина охьавуьллура-кх цара со. Ой, хьо волчохь-м хьеший хилла! Ассалам Іалайкум!

— Ва Іалайкум салам!

Шахьби а, Товсолта а шаьш Іачуьра халла хаалуш меттахъхьайра. Лепачу баьццарчу атлазан гІовталций, хечеций шур-шур деш, чучча ши ког боьллина охьахиира ХортІа. Цо коьртара месала куй дІабаькхкхича, чиркхан серлонехь къегира кІесаркІаг чохь а, лергаш тІехула а цхьа масех чо бен ца буьсуш тилла, йоьзан тас санна, къегина боккха корта.

— ТІаккха, Шахьби, Товсолта, шу могаш деца? Керташкахь сингаттам боцуш Іа-кх?

— Элхьамдулиллахі, дала дика кхобу. Хьо цІа маца вирзи?

— ХІинцца. Охьавижале, цхьана гІуллакхана Іосех дагавала-те со аьлла веана.

— Тхох лачкъийна хІума-м дац?

— Миччара! Мелхо а шу цхьаьна карийна дикахо ду. ТІаккха, Іоса , керташкахь сингаттам боцуш Іай? Юьртахь хІун ду керла?

— ХІума дац. Дийцахьа, хІун ду оцу БоргІанехь хилларг?

— БоргІанехь, дера, цхьана нахана чІогІа сингаттам ма баьлла. Оцу самара чохь чай дуй-те? Цхьа кад мер бара ас.

Іосас, кеда чай а доьттина, шура а тоьхна, тІе даьтта а дил-

лина дIакховдийра цуьнга. ХортIас, шен дерстана балдаш горгдина, тата доккхуш хIун аьлла, чайнах боккха къурд бира.

— Делахь а, вайна дуьйцу ма-хаззара, доккха хIума-м дац цигахь хилларг. Кхо-диъ де хьалха, ярташка напха деха бахана богIу мутаIеламаш Гуьмсаний, БоргIанний юккъерчу тIай тIехь, чIерий леца вахана вогIучу Iумхан-Юьртарчу шина гIалгазкхичунна дуьхьал нисбелла хилла. МутаIеламаш, цхьаъ воцург, цIуьхIарш[1] хилла, кху шара дуьххьара хьуьжаре баьхкина. ХIорш шайна тIенисбелча, цкъа хьалха хIорш сийсазбеш, яппарш йина, тIаккха кхин хIай-жуй доцуш, тIевеанчу гIалгIазкхичо цхьа кIант, кIел ког тосуш, дIатеттина юьхьар вахийтина. Воккхачу мутаIеламо куьйга эшара, оцу берана хIунда тоьхна ахь, хьайна лата лаахь, шех лата аьлла. ТIаккха гIалгIазкхичо цхьана буйна хIокхуьнан шаьлтанан мукъ боьллина, вукху куьйга тIара далийтина. ХIара шиъ тийсалуш воллуш, шолгIачу гIалгIазкхичо кертах баьккхина хьокха тоьхна тIехьахула коьртах. Тентакваьлла мутаIелам ша волччу голаш тIе охьалахвелла. Коьртах оьху цIий юьхьа тIехула охьадоладелча, хьаланккхинчу цо цхьанна пхьаьрсах, вукхунна настарх шаьлта тоьхна. ТIаккха шина гIалгIазкхичо орца аьлла. Керахь шеданаш, дагарш, тоьпаш йолуш хьуьнхарий, юьртарий схьахьаьлхина гIалгIазкхий гича, дIасабевдда хIеттал цкерабелла лаьттина цIуьхIарш. ТIаьхьабевллачу гIалгIазкхаша кара мел кхаьчначунна йиттина. Масех топ кхоьссина берашна, цхьа дика, цхьанне кхетта яц. Корта бойна мутаIелам валаволлуш Iуьллу, веа кIентан пIендарш кегдина. Цхьана гIалгIазкхичун чов луьра ю, важа дIалелаш ву боху.

И тайпа девнаш къаьсттина дукха хуьлура Соьлжа-ГIаларчу базарахь. ГондIарчу ярташкарчу нохчаша кхуза базара кхоьхура шайн ялта, хасстоьмаш, стоьмаш. И ца тара гондIарчу станицашкарчу гIалгIазкхашний, гIаларчу совдегаршний. Вуьшта а вовшашка безам боцчу нохчийн, гIалгIазкхийн вовшашца дов ца долуш цхьа а базаран де ца туьлура. ДIаяханчу гурахь Соьлжа-ГIала базара ваханчу Шахьбина хьалха иштташех цхьа дов доладелира, даима санна цхьа пайда боцчу тIехул. Цхьана нохчочо, ша дохка деана дечиг хийцинера гIалгIазкхичун хорбазех... Хорбазаш ах вордан тIехь, вуьш лаьттахь Iохкура. ГIалгIазкхичун ворданара хорбазаш шечунна тIе а ехкина, лаьттарниш тIейотта волавеллачу нохчочунна бетах буй туьйхира гIалгIазкхичо. Уллохь лаьттачу нохчочо буй балийтира гIалгIазкхичунна. ТIаккха шаьлтанаш яьхна схьахьаьлхира базарахь болу шиний къомах нах. Буйнаш, гIожмаш, кара мел еанарг вовшашна етташ, уьйриг хилла хьаьрчира уьш. Вер-ваккхар ца хуьлуш дIадирзира и дов полиций, цига нисвелла полковник Чермоев юкъа а воьлла.

— Хьай, делан мостагIий я! Дала хьукма долда царна!

[1] Лахара мутаIеламаш.

— Ткъа и шун бераш-м ца хилла цаьрца?

— Хиллера, дера, уьш-м.

— Зен-зулам доцуш дисний?

— Жимма буй-тIара-м кхетта, кхин чов яц.

— Мэл я! Хила-м гIеххьа болх хиллера хьуна!

ОьгIазвахана ХортIа Шахьбига дIахьаьжира. Меха йохка иръеш санна, шен сирчу мекхийн юьхьигаш а хьийзош, гоьл тIе баьккхина ког а ловзош аркъал гIайби тIе тевжина Iуьллура Шахьби. Халла хаалуш делакъежначу стаммийчу, хьеначу балдаш юккъехула схьакъедара можа, баьхьанаш санна, шуьйра цергаш. ОьгIазечу бIаьргаш чохь дог Iабар а, къайллах воккхавер а гора.

— Хьо суна тIе а ма къерза, хьо, — элира цо, ца вешаш йовхарш а тоьхна. — Хьайн ши кIант, соьга ца вала, вадийна БоргIане вигира ахь. Мидалш-молла, хIун сол Iилманна лакхаваьлла дира ахь иза? Суна хаьара, хьаьвззана хьо сайна тIевогIур вуйла!

Чай довха хилар диц а делла, цIеххьана боккха къурд бина вагийнчу ХортIина сихъиккхира. ГIовталан кочера ветанаш дIа а даьхна, гIина диллинчу мекхех куьг а хьаькхна, Шахьбина тIевирзира иза.

— Тохарлера Шахьби вац хьо хIинца а?

— Делора ву со-м тохарлерра Шахьби! И дац ткъа со воккхавевийриг.

— Хьалхе ду хьан воккхавер. Хи тIе а кхачале шарбал дIаяькккхина бохург ду ахь лелориг. Сан шина кIантана цIоганах цIулла сара ца бетта мега ахь. — ХортIа толаме Шахьбига хьоьжура. — Сан берашна кхин цкъа а хьуьжаре гур яц, Шахьби. Зама хийцаелла. ЦIен кIархаш буьйхина дIаяха шун зама. Шун жайнаша нах бийр бац сан кIентех. Цхьа кица ду-кх, хьуо тIехиъначу варданан ден илли ала бохуш. Вай керстанан вардана хевшина. Со церан йир ала воллу.

ХортIас къедочух ца кхетта чохь берш цецбевлла цуьнга хьаьвсира.

— Хьастаха Соьлжа-ГIала меха ваханчу хенахь сан хьешаша дийцира соьга цигахь вайн берашна деша йиллина оьрсийн хьуьжаре хилар. Цара ишкол олу цунах. Цигахь Iаморигг оьрсийн Iилма ду. Воккхахволчу кIантах Асхьабах-м Iилманча хир вацара Петарбухе вахийтича а. Иза сайца туьканахь а сацийна, важа, жимахверг цига деша дIавала сацам хилла сан. Ахь хIун олу цуьна, Iоса?

— Iаламат дика хир ду! Сан а делира цига дIадала бераш, ас минот йоккхуьйтур яцара цаьрга цIахь!

— Ловдин кIант ваийтахьа сайчуьнца?

— ДIаваьллахь! Суна лууш ца хилча-м хIуьттаренна а вохуьйтур вара цо иза, амма, суна лаьий хиъча, цига ца вахийта

цунна урс хьокхур дара цо! И гIуллакх дика дагадеана хьуна, ХортIа.

Хьийзош юккъе девлла деза суьлхьанаш хьарччийна буйна а доьхкина, кIегархиира Шахьби. ТIай тIе гIортийнчу бугIичух цIийбелла ши бIаьрг, схьаиэккха санна, къаьрзиннера. Халла хаалуш егайора некха тIе йижина, кIайн шуьйра маж.

— Хьуо делах ваьлла-м дукха хан яра хьо, хIинца оцу берах а мунепикъ ван ойла ю хьан? — тIечевхира иза ХортIина. — Вуьшта, дуьйцу хезча а эхь дац иза? Керстана кара бер ло ша хьер ца ваьлча?

— Шахьби, ас хьоьга хоьттуш хIумма а дац, вист ца хуьлуш Iехьа.

— Соьга хоьттуш хIума хьан хIунда дац? Кху юьртахь дин латторах, шарI латторах далла хьалха жоп дала дезарг со вац? Хьо, велча, лийчо везарг, дIаволла везарг со вац ткъа?

— Ой, сол тIаьхьависа а ойла ю хьан? — велавелира ХортIа. — Хьайна ши-кхо аьрша маша я цхьа шекаран корта белчахьана ахь-м хьакха а лийчор ярийц!

— Забар забар ю, ХортIа, амма цхьадолчу хIуманаш тIехь Шахьби хьоьга бакълоь, — гIуллакх забарна тIера дIадаладолийла а хиъна, маслаIатана юкъавуьйлира Товсолта. — Гирзаш даьллачу цхьана уьстагIо жа талхийна бохуш ду. Хьан кIант, ахь керстанийн буйна дIавелча, иза бусалба динах а, нохчийн гIиллакхех а хаьдда цIа воьрзурий-те бохий цо-м, харцхьа ма нйзал ахь.

— ХIай-хIай! Керстанний, бусалбанний юккъехь цкъа а хир бац машар. Вайн дай, йижарий, вежарий, доьзалш байанчу, вайна хIара дуьне къийдинчу оцу делан мостагIийн кара Iамо доьзалхо ло ткъа? — мохь хьоькхура Шахьбис.

Томкин кIуьро маждинчу сирделлачу мекхех куьг а хьоькхуш, вист ца хуьлуш девне ладоьгIуш тевжина Iан Iоса охьахиира.

— Хьо харц лоь, Шахьби, — цуьнан белша тIе дайн куьг туьйхира цо. — Цхьана агIор-м бакъ лоьра хьо, амма дIа ойла йича, харц ву. Вайн мохк дIалоцуш оцу оьрсашна гIо динчу кIеззигчу нахах цхьаъ ву со. Дуьххьара цаьргахьа ваьлларг со хила а мега. Суо царна тIе воьдуш а ца безара суна уьш бIаьрга бан, хIинца совхе а ца беза. Амма эз-эзар шерашкахь вайн къам дахарх, уьш вайн кочара бевр бац. Суна уьш кху агIор ма гIоьртти хиира цаьрца вай ларор доцийла, шена дуьне дезарг цаьргахьа хила везий. Вай цхьадолчарна тоьларг, оьрсаша куьйгаш тоьхча, хелха а дуьйлуш Iер ду. И цахуург кхоччуш Iовдал ву. ТIехула тIе, Шахьби, хьо кийрахь жимма вехко хета суна. Цкъа марах даьрий-те хьуна и? Ас ца элира олу дац вайн. Шу дерриге а, сан юьртахой хилла ца Iеш, йиш-вошалахь нах ду. Оцу наха шаьш керстнашца ларадахь, вай а дуьтур дац кхоийна. Цул хIара девнаш ца деш Iар тоьлаш хир ду. Ас бохург аш дой, кху юьртана

тIе а хевшина Iийр ду вай, амма и дан ца лаьа-кх шуна, нах вайна тIеховшур бу.

— Делархьана хаац супа-м, хIокху Шахьбис сайга хIун де боху, — дегабааме хилира ХортIа. — Сайн доьзалхо вен а, ваккха а — сайна луъург дан бакъо яц сан? Далла хьалха ас жоп ма ло цунах. Суна бен а дац Iедал керста нехан хилча а, жуьгтийн хилча а. Иза сайна аьттоне хилчхьана. Хьуьжарехь пхийтта шарахь дешийтича хIун хир яра сан кIантах? Юьртан молла. Нехан закаташка са а туьйсуш, беллачийн тIелхигаш а лехьош лелар ву-кх иза. Оьрсийн школехь дешча, сан кIантах эпсар хир ву. Мичча хена суна а, шуна а тIетовжа гIовла. ТIехиндолчун ойла ел аш!

— Со шек ца волу суо йоккхачу тоьпа а воьллина мархашка кхоссарх, — вехьара Шахьби. — Иэхь дац шун, яхь яц шун. Дегнаш дац шун. Вайн дай, йижарий, вежарий байина, вайн махках чим бина, вайн яьIни тIе хевшинчу оцу делан мостагIийн ялхой лела делах а, нахах а иэхь ца хета шуна. Цара-х вай бIаьн некъал лаха довла ца дуьту. Цара-х, дага юккъера мохк дIа а баькхина, кху дийнарг ца кхуьучу кIажа а дерзийна, вайн къам хIаллакдеш лаьтта, уьш-х вай керста дине дерзо гIерта!

— Ой, оццул цаьрга безам боцуш хьо хилча, цкъа топ кхоьссина а царна дуьхьало ма ца йира ахь? — Iоттар еш, велавелира Iоса.

— Сан декхар шарI кхайкхор ду!

— Дера ду, Шахьби, ахь дуьйцург а шалха хабар. Нах мацалла леш бу боху ахь, ткъа хьуо масех урд латта дола а даькхина, дийнна бажа даьхнакерта а лаьллина Iа. Нах Iедална дуьхьал туьттуш, хьайна юьстах Iан лаьа хьуна. Нахана цIий а догIуш, хьуна шура хир яц. Цулла а IадIе, диканиг, Iедало хьайга боххург нахе дIа а кхайкхош. Оцу хьан багано ваьхьна Сибрех тасахь, цхьана а далий, диной цIа верзор вац хьо.

Шахьби, дуьхьало ян ца хIуттуш, дIатийра. Тховсалера дов дуьххьара дац юьртан дайшна юккъехь. Iедална хьалха хIоьттича, кIеза санна, хьесталахь а, Шахьбина валлал ца безара оьрсий а, цара деана керла Iедал а. Багахь хIуъу бахахь а, хьалхалера маршо яц. ДIадолийна динан муьлхха гIуллакх, Iедална дуьхьал а лорий, молланаш хьийзабо. Дан мел могуьйтучунна сиз а хьаькхна, цул тIехваьллачун Iожалла, Сибрех хир ю аьлла цаьргa сардала. Цхьа де дац тешам болуш. Бакъду, Iедало боххург деш Iийча, гай тIе мIараш хьоькхуш, таккхал вехийла-м дара. Кху Iай Шела уллохь хиллачу гIуллакхо дуккха а молланаш кхетаме балийна. Уьш кхиъна шайн некъ оьрсийн Iедалца хиларх. Амма Шахьби кхета тигац. Паччахьан Iедал мел дика делахь а, цунна гергахь иза керстанан Iедал ду, ткъа керстанаш — цкъа а шайца машар хила йиш йоцу бусалба динан мостагIий бу боху цо. Церан Iедало лаьцна вигна цуьнан устаз Киши-Хьаьжа. Шела



V корта МУЦIИН IОСА

Шовзткъа эзар тIемало хьайца валош. Тхан махка хьо веъча, сардалахпаччахь, Беккъа цхьа нохчаша-болатан дегнаша, Дуй биир тIаьххьарниг кхаччолац лета. Шайн юькъачу хьаннашкахь вохийна цара, Кхоллямо иэхь дина, хьо цIехьа вирзира. Шорта бу Нохчийчохь къонахой майра, Шайн дуйнна, шайн дашна тешаме нохчий, Набарна буьйшуш а юкъах гера ца достуш, Мел буьрса ду церан терс-маймал тарраш, Ткъа дой ду ламанан лечанал маса...

Мохьмад-бег Аварский.

1

Гати-Юьртахь уггар къеначу нахах цхьаъ а, оцу заманахь ерриг Нохчмахкахь цIе яххана вевзаш а стаг вара МуцIин Iоса. Бакъ ду, Iосин цIе йоккхучо иза неIалатаций бен ца йоккхура.

ГIеза-Махьма имам валале жимма хьалха, Нохчийчохь цхьа а шайх воццу хенахь, нахана мичара веана а, мила ву а ца хууш, шеца кхо накъост а волуш, Яьссица хьала Гати-Юьрта веара зоьрталчу дегIахь, шовзткъе итт шо хенара, юьхьа тIехь цIен бос богуш безамехь стаг. Цо буьйцург гIумкийн мотт бара, амма цунна улло ваьллачу кхаа нохчочо чIагIдора цо буьйцург туркойн мотт а бу, и схьаваьлла меттиг хууш стаг а вац, Нохчийчохь шарI кхайкхо дала ваийтина эвлаяъ ву иза бохуш.

Гати-Юьрта а воьссина, кхузахь иза нахе шеца тобанаш дайта ваьлча, цхьа Iоса воцург берриге а цунна резахилла тIаьхьа хIиттира. Реза ца хуьлийла а дацара. Цкъа-делахь, къорIанна тIера цхьацца аяташ а далош, цо бохура ша аьлларг дина, шена тIаьхьа ца хIоьттинчу стеган дуьне а, эхарт а декъаза хир ду. Цо дуьйцура, вай керста дине дерзо, вайгара хIара мохк дIабаккха ойла ю оьрсийн паччахьан, бусалба дин а, маршо а езарг шена тIаьхьа хIоттий, гIазотана гIовтта, бохуш.

Амма МуцIин Iоса кхеро дуккха а адамаш ирхъоха дезара.

— Ма Iехадайта шаьш оцу шуьйра шарбал йолчу гIумкичуьнга. Иза эвлаяъ а вац я цунна хууш хIума а дац, дIаэккхаве иза кхузара! — бохуш, юьртахошка кхойкхура Iоса.

Амма юьртахоша Iоса тергал ца вира. Итт шо дара, Теркаца гIаьпнаш йоьгIна, оьрсийн паччахь Нохчийчу гIерта. Гати-Юьртана гена доццуш, Iамархьаьжин юьртахь а, Таьшкичохь а, гуттар юххехь — Гезла-эвлахь а лаьттара паччахьан эскарш. Шаьш ди-

каниг ца дохьийла цара хьалххе хаийтинера. ХIинца а нехан лерехь декара Ярмол-инарлас ягийнчу ярташкарчу зударийн, берийн маьхьарий, хIинца а кIур туьйсуш яра Соьлжан йистонца цара яго ярташ, хьаннаш. Гати-юьртахой теша кийча бара хьаъа хIуъу аьлча а. Цара догдохура делан орцане, ткъа и орца, мичара дели ца хоуьйтуш, цо кхийра царна.

Шена дуьхьалваьллачу мунепикъах, Iосех бекхам оьцуш, Ахьмат-Толлехь лаьтта цуьнан кIен рагI ягийра Ташу-Хьаьжас. ТIаккха кхин тIе а оьгIазваханчу Iосас, ГихтIа а вахана, цигарчу нахе орца элира. Амма орцанца вухавеана Iоса, шен мостагIа Гати-Юьртара дIа а ваьлла, дукха бартахошца Сесана-коьртехь чIагIвеллачу кхечира.

Цаьршиннан юккъера мостагIалла де-дийне мел дели чIагIлуш, марсадуьйлура. Де-дийне мел дели Iосин тоба лахлора, Ташу-Хьаьжиниг стамлора. Цхьа-ши шо хьовзале Ташу-Хьаьжа шена тIаьхьа масех бIе мурд волуш, Нохчмахка ондда кор тесна дIахIоьттира, ткъа Iоса цхьалха висира. Бакъду, цаьршинна юкъахь тIом бацара.

ГIеза-Махьма вийра. Амма Ташу-Хьаьжас ца сацийра Нохчийчохь халкъа маршонехьа, бусалба динехьа къийсам. ХIинца цо аьрру куьйга къорIа, аьтту куьйга тур лецира. Шен бартахошца цо луьра дуьхьало йора Нохчмахка гIертачу паччахьан эскаршна.

ТIом болчу хенахь динарг хIуъу а мегаш ду. Ташу-Хьаьжина дагавеара шен шира мостагIа, Iоса. Кхи дIа а Гати-Юьртахь висар шена кхерамехь дуйла хиъна, Iоса доьзалца вода Таьшкичу-гIопе вахара.

Цигахь лаьттачу эскаран эпсаршца гергарло тасаделира Iосин. Цунна ницкъ оьшура, ша винчу юьртах ваькхинчу мостагIчух бекхам иэца. Цо сатийсина де тIекхочуш лаьттара. Iосин хьекъалечу коьртана гуш дара оьрсий тоьлург хилар. Дагестанера наггахь юрт бен яцара Шемална тешаме. Малхбале Нохчийчуьра цхьа кIеззиг ярташ бен яцара, Ташу-Хьаьжина тIаьхьа а хIиттина, Шемална гIо дийраш. Оцу тIаьххьарчу шерашкахь Ташу-Хьаьжина дуьхьал буьйлура Iоса тайпа, халкъан бала боцу нах.

Цхьана дийнахь Iосина хезира Гати-Юьрта уллохь, Ахьмат-Толле олучу меттехь долчу шен кха тIехь Ташу-Хьаьжа гIап югIуш ву аьлла. Иза цо хIуьттаренна до бохура Iосин даго. ХIетахь паччахьан эскарехь урядник волчу цо, Внезапни гIопе а вахана, инарла Граббе дийхира, лам чу ечу походехь шега дакъалацийтар. Iоса дика вевзара инарлина. Цунна хаьара иза шен халкъах хаьдда ваьлла стаг вуйла. Ткъа иштта нах паччахьан инарлаша лоьхуш лехьабора.

1839 шеран май беттан 9 дийнахь паччахьан эскарш хьала а далийна, Ахьмат-Толлехь чIагIвелла Ташу-Хьаьжа а вохийна, цуьнца Гати-Юрт сийначу цIерах ягийра Iосас. Оцу тIехь бекхам

сацийтинехь а мегаш дара. Амма цкъа цIийн чам хиъна экха цIий муьйлуш бен магац. Iоса дог тийна Таьшкичу, вирзира, цул тIаьхьа кхо бутт баьлча, августа 29 дийнахь инарла Граббес Ахульго схьа а яьккхина, шена тIаьхьа цхьа мурд воцуш Шемал ведда Бена вахча, цунах дIакхийтира Iосин уггар луьра мостагIа Ташу-Хьаьжа а.

Дуьненна а моьттура Кавказан тIом чекхбаьлла. Паччахьана дуьхьаларъевлла Нохчийчоьнан а, ламанан Дагестанан а ярташ когаш кIел яра, ведда вахана имам нохчийн хьаннашкахь лечкъаш лелара. Дагестанхой, паччахьана муьтIахь хуьлуш дуй а биъна, кIелсевцира, ткъа Нохчмахка, чевно дожийна экха санна, цкъачунна дIатийра.

Амма 1840 шарахь ерриге а Нохчийчоь паччахьан Iедална дуьхьал гIаьттира. Юха а экспедицеш йолийра Нохчмахка, юха а оьрсийн отрядашна хьалхавуьйлура МуцIин Iоса.

Iосин дуккха а гергара нах бара. Гати-Юьртахь шиъ ваша а, цхьаберш зударий балийна, бераш долуш пхи кIант а вара шеца Таьшкичохь.

Iосас ечу ямартлонаша юьхьIаьржа хIитто цуьнан вежарий шайн ницкъ ма-кхоччу иза вен гIертара. Амма церан аьтто ца болура паччахьан гIопехь Iан ваша вен. ТIамехь а аьтто ца болура цунна тIекхача. ТIаккха шина девашас шайн вешин берашка дIахьедира, шайн да вей я иза дIатасий шайна тIе дуьйла, я шайх а, динчу юьртах а, халкъах а хадий, нехан неIалт тIехь гуттаренна цигахь совца аьлла. Дений, кIенташний юккъе мостагIалла хIоьттира. Бераша бохучунна тIе ца воьрзура да. И вен ца лаьара кIенташна. Эххар, иза дIатесна, Гати-Юьрта а баьхкина, охьахевшира уьш.

Цкъа ша паччахьан эскаршца рогIехь тIелатар дича, юха а Гати-Юрт ягийра Iосас. Эскарш юхадевлча цIа бирзинчу нахана, чим хилла яьгначу юьрта юккъехь цIеран суй хьакхабалаза лаьтташ Iосин шина вешин а, веа кIентан а цIенош карийра. Пхоьалгlачу кIентан, зуда ялонзачу Дакашан шен цIенош дацара. Гобаькхкина хезара оцу тIелатаро дай-нанойх, йижарех-вежарех баьхначу зударийн, берийн белхарш, чевнаш хиллачийн узарш. Оцу иэрчоно Iадийнчу хьайбанийн Iехарш. Бист ца хуьлуш Iосин вежаршкий, берашкий оьгIазе хьуьйсура юьртахой.

«Къонахий ду шу? Массо тIамехь хьалха, уггаре кхерамечу меттехь ву шу ворхI. Амма хIунда ца доь аш и шайн ямарт, стешха жIаьла?» — бохура царех хIораннан хьажаро.

— Iожа, соьга кхин садетталац. — Соь лалац хIара иэхь... — элира пхеа вешех жимахчу Дакаша, шайн воккхахчу вешега. — ХIунда ву вайн иштта ямарт да?..

Дакаш вилхира. Боьхна лаьтта уьш битина, эвлах бевлира юьртахой. Дукха хан ялале царна гира юьртахь дисина ялх цIа логуш. Иза Iосин вешин Мидин болх бара. Уггар хьалха шен

цIийнах, тIаккха вешин Мусин, цул тIаьхьа шен вешин берийн цIенойх цIе йиллира цо.

— Бакъ дац хьуна моьттург, Iоса. Юьртахой боьлхуш, ткъа хьан вежарийн, берийн доьзалш боьлуш хир дац хIара Юьртахойх девлла даха меттиг бац тхан, — элира Мидас йогучу цIергахула дIа, Яьссица охьа а хьожуш.

2

Цхьа кIеззигчу бахьано, кIадбоцург хеталучу хIумано адамийн кхолламехь йоккха меттиг дIалоцуш, хийцамаш беш меттигаш дукха хилла дуьненахь.

Цхьана легендо дуьйцу, мацах цкъа цхьана буса румой чIогIа набарш кхетта бийшина Iоккуш, галлийн эскарш Капитолин пенаш тIе хьаладуьйлуш, гIезаша хьаькхначу маьхьарша румой сама а баьхна, Рим йохочуьра яьлла бохуш.

1815 шеран июлан 18-чу дийнахь Ватерлоохь хиллачу тIамехь Наполеон эшийнарг а, Веллингтон толийнарг а, Наполеонна буйла ца хууш бисина, цунна и меттигаш йовзуьйтуш хиллачу ахархочунна бицбелла, шерачу арара боьра а, хьалхарчу буса цIехьана дилхина кIеззиг догIа а ду бохуш, дуьйцу.

Хийла юьйцу хезна 1845 шарахь лаьмнашка графа Воронцовс йина поход. Исторехь «Сухарийн экспедиций» я «Даргински поход» аьлла ши цIе яхана цуьнан.

Цхьанна а ца хаьа, оцу походехь мацалла дала ламанхойн гонна юккъехь дисина Воронцовн эскарш дуьззина хIаллакьхиларх я нохчийн йийсаре дахарх кIелхьарадаьхнарг МуцIин Iоса хилар.

...Нохчийчохь хиллачу гIаттамо ткъа шарна юхаболийра кавказски тIом. Ахулгохь велла имам юха а денвелира. Паччахьан инарлийн гIуллакх кхиам боцуш дIадоьдура. Дуьххьарлерчу пхеа шарахь масех наместник хийцира Кавказехь, амма толам гуш бацара. TIаккха Николайс I Кавказан наместник вина цига хьажийра Красни уллохь Наполеонна тIехь толам баккхаза висина бохуш вуьйцу, 1812 шеран тIемийн гIараваьлла турпалхо граф Воронцов. Николайс I цунна тIедиллира «Шемалан гIеранаш йоха а яй, цуьнан мехкан дегаюккъе а гIой, цигахь чIагIло» аьлла.

Массо а тешна вара паччахьо шена тIедиллина декхар инарла-адъютанта Воронцовс нийсса кхочушдийриг хиларх. Цундела, иза Петербургера схьаволуш, цунна тIаьхьа хIиттира нохчийн хьаннашкахь чинаш а, совгIаташ а лахьо ойла йолу столицера дуккха а дворянийн кегийраш. Цуьнца Кавказе веара императрицин ваша, немцойн принц Александр Гессенский. Цунна лаьара граф Воронцовс акха ламанхой хIаллакбеш а, церан баьчча схьалоцуш а хьажа.

Кавказе кхаьчча, ша дагалаьцначу походана пхиъ эскар кечдира Воронцовс: Нохчийн отряд — коьртехь инарла Лидерс волуш, Дагестанан отряд — инарла эла Бебутов коьртехь, Самурски отряд —коьртехь инарла эла Аргутински-Долгоруков волуш, Лезгински отряд — инарла Шварц коьртехь, Назрановски отряд — инарла Нестеров тIе а хIоттош.

Царал сов походехь дакъалоцуш бара паччахьан гIарабевлла инарлаш Пассек, Викторов, Клюге фон Клюгенау, Граббе, Барятинский, Фок, Белявский, Меликов, Бенкендорф, Гурко, Дондуков-Корсаков, Миллер-Закомельский, Гейдель, кхин дуккха а. План иштта яра:

Нохчийн, Дагестанан шина отрядан декхар дара Дагестанахула хьала Iаьнда а яхана, цигара охьа Нохчийчу а йирзина, Шемалан резиденци ДаьргIа дIа а лаьцна, Нохчмахке а йохош, Шелахьа дIаяха. Оццу хенахь шайна хаьлхахIиттийнчу некъашца тIамца Нохчийчоьнан кIорге кхача езара важа отрядаш. Оцу пхеа отрядал сов Грознехь резервехь йитинера шен коьртехь инарла Фрейтаг а волуш цхьа отряд.

Ерриг отрядийн декхар дара гIуллакх чекхдоккхуш Шела улло хь цхьаьнакхета.

31 майхь Внезапни гIопана уллохь лаьттачу Нохчийн отрядана тIевеана Воронцов, иза иэцна Хуббаре а вахана, цигахь Дагестанан отрядах кхетта, лаьмнашка хьалаволавелира. Шина отрядан ницкъ иштта бара: гIашлой — 21 батальон, 9 ротий, царна юккъехь яра 4 саперийн а, 3 иччархойн а рота. Царел сов отрядехь дакъалоцуш вара 1000 гуьржийн милиционер; дошлой — 10 сотни гIалгIазкхий, 2 гуьржийн сотни. Шина а отрядехь 38 йоккха топ а, 4 мортир а.

Походан коьрта ницкъаш — кхо отряд а, царел сов инарла Фрейтан резерван отряд а — Нохчийчу берзийна хиларна, имам Шемала, шен эскарийн тIум — нохчийн эскарш — хье ца деш, Нохчийчохь дитира. Наиб TIелхаг коьртехь а волуш бисина цигара наибаш декхарийлахь бара Йоккха Нохчийчоь ларъя. Наибашна Эльдарна а, Уллубина а тIедиллира Нохчмахка Iалашъяр. Дагестанхойх, къаьсттина Iаьндойх ца теша Шемал, шеца ялх эзар бIаьхо а эцна, Воронцовна дуьхьал вахара.

Дагестанехь гIуллакхаш дика дацара Шемалан. Дуьххьар хиллачу кIез-мезигчу тасадаларехь вохийна Хьаьжа-Мурд лаьмнашкахь къайла а ваьлла, тIепаза вайнера.

Воронцовний, Шемалний юккъехь Iаьндойн ломахь дуьххьар хилла тIом Шемал оьшуш сихха чекхбелира. Iаьнда кIегарвала дийзира имаман. Кхузахь цунна гира ша хьалххе дуьйна кхийринарг: паччахьан эскарш тIекхачаре сатуьйсуш, царна туьха-бепиг кечдина Iаш карийра цунна Iаьндой. Уьш керахь совцо дагахь, Шемала Iаьндойн наибаш шена тIе а кхайкхина, цаьрга ямартло ца ян тIелоцуьйтуш, дуйнаш байтира. Амма тIом болалу хан тIехIоьттича Iаьндоша, шайн наиб таIийна чу а воьллина, имам

ярташка витарна дуьхьало йира. ТIаккха шаьш паччахьан эскарш герга гIоьртича, герзаш охьа а туьйсуш, цаьргахьа бийла буьйлира. Кхузахь хинболчу тIамах цхьа доцург хила доллийла а хиъна, Шемалца болу кIеззиг нохчий Нохчийчу берза кечбелира.

— ХIокхарна шайн ярташ Iалашъя ца лиъча, вайн хIун гIуллакх ду хIорш ларба гIерта? — бохура цара. — Паччахьан дукхахдолу эскарш вайн ярташна тIе догIуш ду, цигахь лета дай вай!

Дарвеллачу Шемала кхоъ Iаьндо вийра. Оцу гIуллакхо кхин тIе а карзахбаьхначу Iаьндоша Шемална дуьхьал Воронцовга шайна гIо дийхира.

Амма Шемала, луьра дуьхьало йинчул тIаьхьий бен ца йитира Iаьнда. Ницкъ кIезга хиларна а, махкарчу бахархоша гIо ца лаьцна а дарвелла имам, Iаьндойн ярташ а ягийна, тIамца ДаьргIа кIегарвелира.

Дагестанехь дIалецначу меттигашкахь кегийра гарнизонаш а юьтуш, ДаьргIа кхаьчначу Воронцовн отрядехь бархI эзар гIашло а, цхьа ши бIе дошло а, ткъе шиъ йоккха топ а яра. ДаьргIа дIа ца луш чIогIа дуьхьало йира Шемала. Шайн коьртехь принц Гессенский а волуш, столични кегийраша йинчу штурмо цуьнгара дIаяьккхира ДаьргIа тIе кхачале йолу цуьнан коьрта чIагIо. Цунна тIаьххье тIелеттачу инарлин Белявскийн гIашлоша ДаьргIа кIегарваьккхина Шемал, иза а ягийна, хьаннашлахь къайлавелира.

Шемалан бIаьхойн дегнаш дуьйхира. Цхьаннахьа а толам ца баккхабелира цаьрга, амма мостагIчунна цуьрриг зен ца деш шаьш дуккха а хIаллакьхилира. Цхьа а тайпа хаам бацара нохчийн наибашкара. Амма Шемала дог ца дуьллура.

— Дагестанехь вай йинарг буй-тIара бен яц. ТIом хIинцца болаяуш бу, — бохура цо тIемалошка. — Кхузахь, Нохчмахкахойн хьаннашкахь, шен майрачу нохчашца кIелхиъна Iаш гендарганойн Iисий, аьккхийн Уллубий, алдахойн Хьаьжа-Юсуффий, шелахойн ТIелхаг, шотойн Ботукъа, гиххойн Сайдулла, кхин иттанаш майра наибаш бу. Тещалаш сох — цхьа а гаур нохчийн хьаннашкара аравер вац.

Цунах кхерара кавказски эпсарш а. ДаьргIа ша дIалаьцча граф Воронцов паргIатваьлла хабар дийца воьлча, цунна юххе а хилла, инарла Граббес гIиллакхехь дIахьедира:

— Вайн даккхийдер хьалхе ду, Хьан Локкхалла. Нохчийчоь — иза зIуганийн боккха бен бу. Оцу бенан цхьана маьIигах хьакхаделла вай. Кхерам а, тIом а хьалха бу.

— ХIаъ, Граббена дика евзара Нохчийн хьаннаш. Ши шо хьалха йоккхачу отрядаца цига гIоьртина иза цIонтаройн ШоIипа аьтта дIавахийтира. ХIетахь эзар бархI бIе салтичун дакъа кхузахь а дуьтуш, цхьа кIеззиг салташца халла кIелхьаравелира иза.

Шен дош чIагIдеш, оьрсийн эскарех ша ца кхоьрийла хоуьйтуш, инарлашна гуччохь маневраш ян вуьйлира Шемал. Маневраш йийриг цуьнан цхьаъ бен йоцу, бевдда шегахьа бевллачу оьрсийн салтех кхоьллина батальон яра.

Амма, дараш кIезиг хиллехь а, Воронцовн отрядан гIуллакх дацара хIумма а дика. Императоран омра кхочушдеш, Шемалан мехкан дегге а веана, имаман резиденци дIалаьцнера цо. Амма хIун пайда бу цуьнан? Имаман резиденци кхечу яртел цуьрриг башха йоцуш юрт яра. Имама хIумма а дош ца хеташ ягийра иза, хIунда аьлча, иштта резиденци цунна нохчийн муьлххачу юьртахь а карор ю. Доллучул халчу хIоттийнера Воронцов керахь доцчу кхачанан сурсаташа. Обоз хIинца а эла Бебутовца Iаьндахь лаьтта, ткъа салтий мацаллина герга бара. Хьалха дIадаха а ду кхерамехь. Юханехьа Iаьнда дерзаделча-м кIелхьарадовла хьесап дара, амма тIемаш хилла хьаннаш сийсош хIинца Шемалан бIаьхой бара. ХIинцале а кхуза кхаьччера Шемалан эскарехь тIеман говзаллица гIараваьлла майра наиб шелахойн ТIелхаг. Цул сов, кхуза гулбелла Йоккхачу Нохчийчуьра дуккха а нохчий. Юха кIегардовлар хьехочохь а дацара. Хьалха дIадахча а кийчча лаьтташ Iожалла яра. Амма уггар хьалха салташна юург езара.

10 июлехь Даьргiана лаккхахь, Iаьндойн ломахь, РечIел цIе йолчу дукъахь йоккха топ елира. Обозаца ша цига кхачар хоуьйтуш, инарла Бебутовс бина хаам бара иза. Амма нохчаша сийсочу хьаннашна юккъехула а яьлла обоз кхуза кхачалур ю бохург хьехочохь дацара. Обозана тIе а кхачий, цигара ранцаш чохь сухарш ян, коьртехь инарла Клюгенау а волуш, ах отряд хьажийра Воронцовс. Оцу отрядан авангарда тIехь куьйгалла дар инарла Пассекна тIедиллира.

Иза дара Шемална луург. Цо ма-аллара, Граббес ма-чIагIдарра, тIом хIинцца болабелира. Клюгенаун отрядана тIе шелахойн ТIелхаг хийцира цо. Жимчу дегIахь, инзаре каде, даима иэттIачу чоьэца хуьлу ТIелхаг оцу дийнахь цхьана минотана а са ца доIуш, динара ца вуссуш, шийтта сахьтехь лийтира.

Буьйсанна ,велла а, дийна а воцуш, иэттIачу мундираца Воронцовна тIе веанчу Клюгенаус хаам бира, шен цхьа эзар ворхI бIе салти, эпсар вийна, цаьрца байина инарлаш Пассек, Викторов юккъехь, ша цкъа кхалла сухар ца еана аьлла.

Цигахь дакъа доцуш вайра Россехь шолгIа Суворов хирг хиларх массо тешна волу майра къона инарла Пассек.

КхидIа кхузахь сецар Iожалла яра, хьалха дIагIертар санна. Воронцовс шолгIа некъ къастийра. Цо сацам бира Яьссица охьа, Гезлойн-гIопе гIорта. Иза дича, цуьнан вухавалар массарна а гергахь Шемална тIелатаре доьрзура. Ша цигара меттахвалале цо инарла Бебутовна омра дахьийтира, Iаьндахь, Гумбетахь йолу ерриг этапийн пункташ дIа а яхий, Шура-гIала кIегарвала аьлла.

ХIинца ерриге а догдохуьйла Кавказски линин аьрру фланган начальниках, инарла Фрейтагах тешна яра. Амма муха хаийта деза цуьнга кхузахь хIоьттина хьал? Граф Воронцовс пхеа новкъа пхи стаг хьажийра Фрейтагана тIе, цуьнга кхузара хьал а дийца, дерриге эскарш схьа а гулдай, Гезлойн-гIопе кхача, Яьссица хьала шаьш кIелхьарадаха вола аьлла.

Оза, еха юьхь, аьрзунан зIок санна хьаьвзина мара болчу къоначу ТIелхага сема тергам латтабора Воронцовн отрядаша дIа мел боккхачу коган тIехь.

Графа Воронцовс Фрейтагана тIехьажийнчу пхеа стагах цхьаъ Гати-Юьртара МуцIин Iоса вара.

13 июлехь 4 сахьт долуш ДаьргIара меттахвелира Воронцов. Хьалхадаха атта хилийта, шайца болу беза мохь хIаллакбе элира цо салташкий, эпсаршкий, ткъа, царна масалла гойтуш, шен доларчу безчу механ йоккхачу багажах цхьаьнга цIетасийтира.

Воронцов шен отрядаца Майр-Туьпехьа вахаволлу моттаделла ТIелхаг, ЦIоьнтара уллохь позиции а лаьцна, чIагIвелира. Амма, отряд регIаца охьайолаелча, иза Гезлой-ГIопе гIертий хиъна, чехкка цул хьалха а ваьлла, Шоьна а, ТIуртIн-КIотарна а юккъехь долчу Коьжалкан-дукъахь чIагIвелира. ДаьргIара охьа цига кхаччалца хаддаза тIелетарш дечу Iисас, Уллубис гIелйинера отряд.

Коьжалкан-дукъахь юха а болабелира къиза тIом. Кхузахь лен чевнаш хилира граф Бенкендорфана, граф Гейденна, граф де Бальменна, эла Эристовна, барон Дельвигна, полковникашна Бибиковна, Завалийскина. Доллучул новкъарло йора чевнаш хиллачара. Уьш тIехь болчу хIор бармана тIе чIагIвина ялх-ялх салти. Ницкъ бора салташна юкъаяьржинчу чуьйнан цамгаро а. Аръергарде а вуьйлуш, коьртакомандующи салтийн дог-ойла айа гIертарх гIуллакх ца хуьлура. ТIевеанчу цуьнан адъютанта цуьнга элира, мел гIертарх а инарлийн Лидерсан, Гуркон, Белявскийн ницкъ ца кхочу гуо хадо, начальникийн хиллачу кхеташоно сацам бина, уггар майра кIеззиг нах юххе а баьхна, коьртакомандующи кIелхьараваккха.

Оцу доьхначу гIуллакхашна юккъехула цхьа кхаъ а кхаьччера Воронцовна: хIокху тIамехь вийнера юхчийн майрачех ши кIант — эрсанойн Саиб, веданойн Элдар а.

— ХIинца а гена бу бохам! Сан хIинца а куринцаш, кабардинцаш бу! — аьлла, адъютантана жоп а делла, салташна тIе вахара граф. — ХIан, вежарий, садаьIин аш? Деле доIа де! Суна тIаьхьа, ура!

Туркойн гома тур баттара а даьккхина, юхчийн чIагIонна тIе волавелира къена инарла. Массарел хьалха майра инарла гина салтий юха ца бовла чIагIо йина, цунна тIаьхьахIиттира.

Коьжалкан-дукъахь дуккха а дараш хилла отряд, халла Шовхал-берда улло а кхаьчча, сецира. Гезлойн-гIопе кхача йиспарг

ткъе итт чаккхарма бен яцара, амма юккъехь Iуьллура тIамехь бахчабелла, ерриге Нохчмахкахь цIеяхана кIентий шайна чохь болу масех юрт. КхидIа гIерта ницкъ кхачийна, кхузахь сецира отряд. Ерриге дегайовхо хIинца Фрейтагана тIехь яра, амма цуьнгара хезаш хIума дацара.

Суьйранна графа Воронцовс эскаран дакъошка кхайкхам язбира:

«Массарна а гуш ду вайн отрядан хьал. Шайн кхиамаша дог-ойла гIаттийнчу, вайл барамехь дукха волчу мостагIчо гобина вайна: чевнаш хилла 1500 стаг ву вайн; даа рицкъа а дац; хIоъмолха данне дац ала мегар ду; кхидIа хьалха дахар хьехадойла яц. Буьйсанан боданах пайда а оьцуш, вайх цхьа кIеззиг болчийн аьтто нисбала тарлора вайн дозанашка кхача, амма и дан доьлча чевнаш хилла накъостий дIатийса деза вайн, и къа шена тIелоцур дац цхьаммо а, уггар хьалха ас а. Амма ерриге а догдохийлаш яйна яц вайн. Вайгара хьал дIахайта инарла Фрейтагана тIе нах бахийтина ас. Массарна а хаьа иза низам долуш, майра инарла хилар; со тешна ву цо вай кIелхьарадохург хиларх. Амма нагахь вайна Iожалла йоьгIнехь, оьрсийн тIемалошкахь товш махиллара, вешан синош безчу мехах кхузахь дIалур ду вай; иштта меттиг тIеягIахь мостагIчун кера цхьа а хIума ца дахийта, вешан четарш а, чухула духу духар а чевнаш хиллачарна бинташна иэтIор вай; дисинарг дерриг хIаллакднйр ду».

Отрядан лагерь Шовхал-Берда уллохь, Яьсси-хин йистерчу цхьана экъан тIехь яра. Коьртакомандующин ставка — бердан йисттехь. Отрядера хьал хуьчу ТIелхига, Яьссина аьтту агIор позиции а лаьцна, цигара цхьана метта шина дийнахь кхо йоккха топ еттара. Ткъа цунна жоп дала отрядан цхьа а снаряд яцара. Цхьанаметта якхийчу тобанашца гулбала кхоьрура салтий. Хьалха тоьхна хаьлжиг[1] йолуш, бердан йистехь лаьтта, графан четар, цигара дIа а даккхий, тIехьа хIоттаде бохуш, Воронцовна тIеоьхура эпсарш. Амма уьш тергал ца беш, Воронцов, английски газеташ доьшуш, четар чохь вижина Iуьллура.

Эххар а, 18 июнехь, делкъал тIаьхьа, Мескитана тIехула ирхъяханчу ракето дукха сатийсина кхаъ беара отрядана. Оцу дийнахь а, буса а хезара Мескитахь а, Гати-Юьртахь а хаддаза бен тIом.

ШолгIачу дийнахь Iуьйранна 9 сахьт долуш Шовхал-Берд дIа а лаьцна, шеца 5 батальон, 8 рота гIашлой а, донан гIалгIазкхийн кхоъ сотни а, 13 йоккха топ а ялош Воронцовна тIекхечира инарла Фрейтаг.

Краснина уллохь Наполеонна тIехь толам баккхаза висинчу инарла-адъютантан граф Воронцовн «Сухарийн экспедици» нохчийн хьаннашкахь, йийсаре бигна байнарш боцурш, дуьххьал дIа

[1] Значок, жима байракх.

вийна 4 инарла а, 186 эпсар а, виъ эзар гергга салти а, обоз, якхий тоьпаш а юьсуш чекхъелира.

Ткъа ерриге а отряд хIаллакьхиларх я йийсаре нисъяларх кIелхьараяькхинарг Гати-Юьртара МуцIин Iоса вара. Воронцовс Фрейтагана тIехьажийнчу пхеа стагах виъ нохчаша схьалаьцнера. Оцу меттигашкахь вина а, кхиъна а волчу Iосас, бага иэрз лаьцна, Яьсса хи бухахула охьа Гезлойн-ГIопе а веана, цигара инарла Фрейтагана тIе Воронцовн отрядах лаьцна хаам кхачийра.

«Даргински экспедици» иэхье чекхъяьллехь а, императора Николайс I графах Воронцовх, Сийлахьчу Элан дарже а воккхуш, цунна дукхаезачу Курински полкан шеф вира. Ткъа Iосин некха тIе мидал оьллира.

3

Паччахьан эскарш Яьсси а, Ямсу а хишца йолчу ярташна тIелеташ даима царна хьалха хуьлура Iоса. Наха дуьйцура, и эскарш цо доьхий даладо бохуш. Ишта-м дацара иза. Шен жимчу чинах Iехавелла лелара а, я ша кхин а лакхаваларе сатийсара а хаац, я шен халкъа юкъа а вирзина, ша машаре вехар ву бохучух догдиллина лелара а хаац, амма Iосас къиза бекхам оьцура нохчийн яртех.

Паччахьан эскаршца ша лома вогIуш деккъа цхьа хIума дара цунна новкъа. Даима цунна дуьхьалвуьйлура цуьнан ши ваша а, пхи кIант а. Гуттар цунна новкъа хирг, и кхоьрург шен жимах кIант Дакаш вара. Мел къизачу экханна а еза шен кIорнеш. Ша мел къиза велахь а, Iосина дезара шен бераш. Къаьсттина дукха везара цунна, дуткъачу дегIара, шуьйра белшаш, юткъа гIодаюкъ а, сийна ши бIаьрг а болуш, даима самукъане, хьекъале, майра Дакаш. Ша лома мосазза вогIу гора цунна иза, тур буйнахь, сирчу динан кхеса тIе а теIаш, массарел хьалха тIамна юкъахехкалуш.

Вежарий а, важа виъ кIант а валарх башха новкъа догIур дацара Iосина. Масане вежарий, кIентий байина оцу тIамо, амма хьомсарчу Дакашана хIума хиларна кхоьруш дог детталора даим.

Цхьана дийнахь Iоса сапаргIат вогIура Нохчмахка. Иза дара Дакашан нускал гучудоккхуш ловзар хуьлу де. И де хьалххе билгал а дина, Внезапни гIопера шеца гIалгIазкхийн отряд а ялош, Яьссиний, Ямсуний юккъехула Аьккхийн дукъаца хьалавогIура Iоса. Мини-ТогIех а ваьлла, Бехачу-Боьрахула дукъе хьалаваьлча, цунна гира Гати-Юрт. Хезара ловзаран гIовгIа а, дуьйлу герзаш а. Цунна хаьара, цхьа сахьт далале и ловзар соцур дуьйла а, цигара нах, цхьа иттех минотехь дойш тIе а хевшина, Яьссил сехьа бевр буйла а.

ГIалгIазкхийн отряд Аьккхийн дукъах хьалайолучу хенахь гуттар мIаькделира ловзар. Бакъду, кхузахь хIиттийна даарш-маларш дацара. Локхуш зурма а яцара. Ловзарш а, маларш а, томка а, хелхарш а Шемала дихкинера нахана. Сакъоьру зама яц хIара. ХIор а чIир кхобуш хила веза гIазотехь беллачийн, бохамаша хьерчочу даймехкан. Хьарам кхайкхийнера мостагIчун гIиллакхаш, амалш, духарш, ловзарш, дерриге а. Амма муьлххачу балехь а шайн самукънечу амалх ца буху нах, хилларш дитина, къоначу бIаьхочун ловзарга хьийзара. ХIораннан а юкъах дихкина герзаш, нуьйраш техкина, кийчча лаьтта дой. Сахьт дац кхераман. Массо минотехь цунна кийча хила веза. Амма яххьаш елаелла, екхаелла ю. Мехкарша хелхаран эшарш лоькху, массар тIараш детта. Юкъахара герзаш а сецош, каде хелхахьийза кегийранаш. Шайн Iаьржачу бIаьргашца церан дегнех алу а етташ, гонах хьийза мехкарий. Ши куьг даржийна ловзара юкъа а экхий, самукъане богу сийна ши бIаьрг мехкарийн яххьаш тIехула а кхерстош, бай ког шаршош гуо хьо лекха, элдара дегIарчу хьаьрсачу жимстага. Амма цунна тIехь дерг дерриге а нохчийн духар дац. Коьртахь лекха кивер, тIехь Курински полкан тиша мундир, хечий, когахь лекха эткаш. Иза — дукха хан йоццуш ведда нохчашкахьа ваьлла, Гати-Юьртахь сецна къона салти, Дакашан доттагI Василий Лопухов ву. Нохчийн хелхарх шен гIуллакх ца хуьлий хиъча, киверан лалам оьзна чIенга кIел балийна, хьаьрсачу мекхех куьг а хьаькхна, оьрсийн халкъан хелхар до цо. Цуьнца гонна юкъаяьлла йоI, ша хIун дер ца хаьий, юкъара дIайолу. Кегийрхоша тIараш детта.

— ХIарсса!

— Гора Васал яI!

— Хорош!

— Ошшан хорош!

— Къонаха ву!

ГIадбаханчу баккхийчу наха доьхкарех схьайохуш, хIаваэ лоьцуш тапчанаш етта. Тхов тIехь цIевнаш юккъе а лечкъина доттагIчуьнга а хьоьжуш воьлу Дакаш а.

Дакаш воккхаве. Хилча хIун ду тIом? Амма иза а я оцу юьртара цхьа а гIур вац адамийн цIий Iено нехан махка, ткъа шайн даймахка шаьш динчу юьрта ямартлонца гIертачух леташ лийр ву хIора а. Тахана чекхдолу ловзар, тховса моллица мах бийр бу, тIаккха далла а нахана а хьалха цуьнан зуда ю хIинца кирхьан тIехьа лаьтта Малика. Даламукъалахь, чекхбер бу хIара неIалт хилла тIом дала къарбина совцор бу паччахьан инарлаш а. ТIаккха и шиъ маьрша дехар ду. Хьуьна юккъехь ирзо доккхур ду, ши сту а денбийр бу, етт а хир бу, доьзал а кхуьур бу...

И ойланаш йо ловзарга хьоьжуш Iачу Дакаша. Я цунна а, я ловзаргахь волчу цхьанний а ца хаьа, сутара бага а гIаттийна, текхаш богIу саьрмак санна, царех цхьаболчарна Iожалла

йохьуш, Іоса хьалха а ваьлла, дехьа регІа хьаладолуш паччахьан эскар дуйла. Ца хаьа и эшарш лоькху мехкарий кестта шайн дайн, вежарийн декъаш тІехь боьлхур буйла, дуккха а къонахех дуьне дуьсур дуйла, иттаннаш байш, жоьра бисина зударий суьйранна шийлачу хІусамашка, декъашна гонах ховшур буйла.

Дехьа регІаца ха дечу бІаьхоша, кхерам герга буйла хайта, кІур беш, цІераш латайо.

— Къонахий, маьждаган майдана гуллуо! Зударий, бераш орца довла! — хеза маьждиган момсар тІера схьа.

Хаам хІор хІусаме кхочу.

Ца хеза кхузахь боьхна, кхерабелла хьоькху маьхьарий. Оцу кхерамашлахь бахчабелла зударий а, бераш а. Кертех тийсинчуьра схьа а достуш, тІемалойн дой тІе ийзадо божабераша. Безачийн дегнаш гІовтто цаьрга а хьуьйсуш, эсала белакъежа мехкарий. Яххьаш йоьлуш елахь а, хІор йоьІан кийрахь шийла ша бу. Минот ялале дойш тІе бевлла кІентий маьждиган майдана хьолху. Шай-шайн цІа дІаса бекъало зударий.

Дақашан керт яссало. Массарел хьалха ловзаргара дІабевлла цуьнан вежарий Іожу, Саьмби, Ловда, Луду. Вахана цуьнан ший а деваша. Мидий, Мусий. Герз буйна лаца ницкъ берг массо а мостагІчунна дуьхьал вахана.

Веккъа цхьа Дакаш, майра Дакаш ву-кх юьртахь зударшца висинарг...

Дакаш, дегІ ма-дду нислуш, хьалагІотту тхов тІехь.

— Хьо ву-кх, дада, дуьххьара тІедеана сан ирсан де кхолийнарг, — боху цо гуш воцчу дега, дехьа регІа а хьоьжуш. Иза цуьрриг шек вац эскарш далош вогІург шен да хиларх. — И «совгІат» а дохьуш вогІу хир ву хьо хьайн дукхавезачу кІентан ловзарга. ХІан-хІа, Іоса, сан докъа тІехулий бен лам чу гІур вац хьо!

Тхов тІера охьаиккхинчу Дакаша, божала воьдий, нуьйр туьллий, шен сира дин араозабо.

ТІаккха воьдий нускал долчу чу эккха иза.

Нускалца цхьаьна цІа чохь ю Дакашан йиъ нус. Цуьнан хьажарх кхетта уьш йиъ, йист ца хуьлуш, арайолу.

— Малика, таханлерчу дийнахь хьайн майра мичхьа хила лаьа хьуна? — хотту цо шен нускалан куьг а лоций. — Хьоьца кирхьан тІехьа а хІоттий, дехьа регІахь мостагІийн тарраша, цоьстучу, дІаьндаргаша иэгочу юьртахошка а хьоьжуш цІахь Іе со я царна юккъехь сайн меттиг дІалаца ас?

Маликин кийра хьийзаш сийна цІе ю. Шен дог алу тІехь доттуш, морцуш, хебаш хетало цунна. Амма цо садетта, цо майра къурдаш до логе хІуьттучу шодана.

— Малика, хьо йист хІунда ца хуьлу? Езарг къастош гІалатваьлла хилла-те со? Я наха, зудчунна тІе кхаччалц бен къонах ца хилла Дакаш, ала лаьа хьуна?

— Юьртахошна тІаьхьа гІуо, Дакаш, — хеза Дакашана Маликан эсала аз. — Цига ваханчу хІораннан а цІахь доьзалш, безарш бисина. Хьуо хІинццалц хилла Дакаш хила лаьа суна даима. ДІагІо, Дакаш, баьлла бехк боцуш вай хьийзочу делан мостагІех бекхам иэца!

— ХІай-хІай, ншттa нускал ма ду суна дезарг! — боху къоначу майрачо, шен нускал мара а къовлуш. — Малика, хьайн кІайчу куьйгашца схьакховдадехьа соьга сан шийла герзаш.

Маликас, пенах кхозучуьра схьа а оьций, дІакховдадо Дакашан герзаш. Уьш юкъах а къовлий, къоначу нускална барт лой, шен сирчу дина а волий, иза маьждиган майдана хоьцу Дакаша. Кхузахь бу цуьнан ден вежарий, нийсарой, кхузахь бу цо сий деш лера беза юьртан тхьамданаш. БІаьрг бузий Дакаше хьожу цІарна а цІе яхана майра Іаба.

— Юьртан тхьамданаш, шун сий дала ма дойийла, иэхьах-бехках шу дала лардойла, — боху Дакаша, динара а воьссина, юьртан тхьамданашна тІе а вахана. — Кху доьхначу дийнахь зударшний, берашний юккъехь юьрта а хиъна со Іалур вац...

— Вало, Дакаш, вало тхоьца, — боху цуьнга къеначу Іабас. — ГІиллакхех ловзу де дац таханлерниг. ХІахІаний, кІентий, везчу дала гІо дойла-кх вайна!

Шен хьаргІачу динан чож дагош шед туху Іабас. Амма Дакашан сира дин хьалха бу. Цкъа-шозза шед тухий, тІаккха басех охьа, Яьссин тогІи чу хоьцу цо иза. Яьсси чу а ца тосуш, цунна тиллинчу готтачу тІай тІехула дехьа оьккхуьйту сира дин. ДоттагІчунна тІаьхьакхиа гІерташ шен расха дин къинхетамза лоьллу Василис. Ах сахьт далале Аькккхийн дукъе кхочу уьш. Кхузахь дений, кІантаний вовшийн го.

— Бакъ дац, дада, хьуна моьттург! Буьгур бац ахь и гаураш тахана лома! — маьхьарца баттара тур а доккхий, мостагІашна юкъа дин хоьцу Дакаша.

...Суьйранна шен керлачу хІусаме а деана цІенкъа юккъе охьадиллира шелделла Дакашан элдара дегІ. Къинхетам боцчу тоьпан дІаьндарго бен бинера цуьнан майрачу дага юккъехь.

Ткъа къона Малика, зуда хила а кхиале, жоьра йисира оцу дийнахь...

* * *

...Шераш дІаоьхура. Нохчмахке сийначу цІарах ягош хьалаваханчу инарлас эла Барятинскийс Гунибехь йийсаре вигира Шемал.

Оцу тІамо Дакашана тІаьххье дІаваьхьира Іосин ши ваша. Ягийнчу яртех туьйсу кІур сацале, тІедеара паччахьан Іедал а. Шена тІетовжа гІортор юьрта еанийла хиъна Іоса Гати-Юьрта вирзира. ХІетахь дуьйна кхузахь юьртда вара иза.

Амма паччахьан инарлашна а, Іосина а ма-моьтту, Шемал йийсаре вахарх чекх ца белира тІом. Гунибехь, паччахьан эскарийн гуо а хадийна, Нохчмахка вирзинчу бенойн БойсагІара керла гІаттам болийра. Юха а татолашца Іена дуьйлира цІий. Амма оцу тІамехь герз кара ца ийцира Іосас. Шен берриге а ницкъ Гати-Юьртахь паччахьан Іедал чІагІдарна тІеберзийна сецира иза.

Цхьанна а ца хаьара цуьнан къиза дог цІийх Іабийнарг хІун ду. ТІамо вийначу шина вашас а, везачу кІанта а кІаддинера я тІегІертачу къаналло кхерийнера хаац цуьнан тІулган дог, амма оцу тІаьххьарчу шина-кхаа шарахь цо йитира шен къиза амалш. Делахь а, машар бацара цунний, юьртахошний юккъехь. Цуьнан цІе яккха дезачо — ямарт жІаьла олура.

Ца везара иза цуьнан шен кІенташна а. ХІетте а, царна ца лаьара да вийна боху цІе тІеэца. Амма дийна висинчу веа кІантах цхьаммо, Саьмбис, дош-дашера мосазза дели, дуьхьалветтара цунна и бахьанехь велла Дакаш. Саьмбин бІаьргаш чохь Іосина гора оьгІазен йогу мостагІаллин цІе. ХІетте а, вешин чІирана кІанта ша вен магар дагаданйта ца ваьхьара.

ГІуллакх гена а даьлла, шаьш нахала довларна кхеравеллачу Іосас, БойсагІаран гІаттам хьаьшначул тІаьхьа нах лоьцуш, шен кІантана къайллах пурстоьпе мотт бира.

ХІетахь лаьцна Сибрех вахийтина Саьмби тІепаза вайра...

VI корта САЛТИЧУН КХОЛЛАМ

«Акхачу нохчел хІумма а кІезга зуламе бацара машаре нохчий а... Доллучул вониг — и машаре ярташ а разбойникийн баннашка ерзар, бевддачу вайн салташна туш хилла дІахІиттар дара...»

А. П. Ермолов

1

Дуьхьал нисделла генаш, синтарш шен могашчу аьтту куьйга дІа а сеттош, сих ца луш хьалха дІаоьхура Васал. Сийна тхов бина, стигла къайла а яьккхина, курра тІамарш яржийна лаьттара, чІу санна нийсачу, стаммийчу пепнийн юькъа хьун. Воьдуш нагтахь тІе нислора, генаш юккъехула чекхъевллачу зІаьнарийн асанна. Цунна гонах уьйриг хилла хІаваэхь хьийзара кегий мозий. Цо безза боккхучу кога кІел чутеІара кІеда гІовда[1]. Коган кІел нислу декъа чІеш кагделча, къаьхкий, тарсал попан кІай-къорзачу гІода тІехула каде хьала а хьодий, цІоганах чІуг йой, разйолий, сема цунна тІаьхьа хьожура, иза къайлаваллалц. Шен болх сацабора хенакІуро. Декъачу гІаш бухахула шур-шур деш дІауьдура дехкий. Амма кхузахь дика дара. Ялсаманахь санна. Латта морцуш тІеІеткъа бовха малх бу-бац ца хаьара. ДегІана там беш шийла, цІена хІаваъ, олхазарийн бес-бесара эшарш, шакарш...

Амма Васална ца гора и исбаьхьа Іалам. Цунна ца хезара и эшарш а. Юкъ-юкъа сийна корсамаш тийсина, нийсачу пепнийн кІайчу гІаддаша ойланца гена дІаваьхьнера иза. ХІун дара а хаац, тахана карладелира гуттаренна а цуьнан даг чохь дисина беран хенахьлера цхьа де. ХІетахь цуьнан пхи шо хир дара. Таханлерниг санна, аьхкенан де дара иза. Бовхачу малха кІел дохделла малделла гІаш охкийна лаьтта кІайн акхтаргаш. Тийна акхтарган хьун. ДІатийнера олхазарш. Ца хаалора диттийн гІа лесташ.

КІиранах ялх дийнахь баринан кхаш тІехь болх бан деза цуьнан къона да-нана, цхьана кІирандийнахь шайн кхан коржама тІехь болх беш дара. Цаьршиммо лерина асар доккхура йокъано дагийна можа бос бетталуш лохха тІедаьллачу сулина. Ткъа хІа-

[1] Охьаэгна гІаш я охьайижина шира буц.

ра, доккха, бурсанечу акхтарга кIел, бай тIехь ловзуш Iара, нагахь воьдий цаьршинна гонах а хьаьвзаш.

Малх гIушлакхе баьлча, дуьненчу гуттар тов хьаьвзачу хенахь, болх а сацийна, садаIа охьахиира цуьнан да-нана. Шийла хи тIе а молуш, Iаьржа бепиггий, хорсамашший диъна дIатевжинчу дена сиха наб озийра. Татола тIе яхана лийча а лийчина, йиттина тIехулара коч якъаяла малхе оьллина юхаеара нана. ТIаккха, бай тIе охьахиъна, шен ши кIажар схьа а яьстина, месаш шаръян елира иза. Васална хIинца а гуш хетара, ненан ло санна кIайн пхьаьрсаш, кIайчу кучан кочехула ах гуш горгий, ондий, лекха накхош. Хьацар тоьхна, бодъелла, беснеш тIе кIаьгнаш хIиттина цIен бос богу юьхь, къинхетаме сийна ши бIаьрг, халла хаалуш шалго чIениг. Ши дакъа а хилла букъа тIехьахулий, некха тIехулий охьахецаелла дашо бос бетталу еха, юькъа месаш.

Ненан кера корта а биллина, цо шаръе месаш ловзош, аркъал Iиллара Вася. Ерриге ойла шен балхана тIе яханчу нанна а, цуьнца ловза ваьллачу Васина а ца гира хьуьнахара араваьлла шайна тIе вогIу барин. ТIедеана ши жIаьла гонах хьаьвзича и шиъ девзина кхераелла хьалаикккхина нана шен месашций, шина куьйга накхош лачкъош дIахьоьттира. Васина гира, коча тесна топ йолуш, дукъачу мекхех куьг хьоькхуш, там хилла, воьлуш лаьтта барин. ЦIе санна догучу цуьнан сутарчу бIаьргаша хIумма а диканиг ца хьоьхура.

— ХIей, Ванька, хьалагIаттал! — мийра Iоьттира цо вижина Iуьллучу дех.

Вагийча санна, хьалаикккхина да, вулавелла дIахIоьттира.

— Валол, чехка юьрта а гIой, сан расха говр ялош воьл.

Ден корта охьабахара, амма иза меттах ца хьайра.

— Хьоьга луьй со-м, хьайба? — тIечевхира барин.

— Со маца вогIур ву юьрта вахана? — халла хезаш вистхилира да. — Делкъал тIаьхье эрна йовр ю-кх сан. ТIедогIучу кIирандийнахь бен кхин кхуза балха вогIийла хир дац. Ткъа вуьшта а ледара сан сула асаро дукъдина...

Баринан юьхь кхоххийра, ши бIаьрг цIийбелира.

— Сацийта! Ас оцу шина жIаьлега иэккхийна вуьгуьйтур ву хьо цига. ТIехула тIе, хьо дIа ма кхаьчча кучере Захарке хьайн цIоганах шовзткъе уьттазза сара тоха а ала.

Корта а оллийна, когаш текхош юьртахьа волавелира да. Хьуьна йистехула ша дIахьаьвзаш вуха а хьаьжна, тIаккха волавелла къайлавелира иза.

— Хьалхаялал, — элира барина, Iадийча санна, бос баьхьна лаьттачу нене, хьуьнехьа корта а тесна.

— Барин... хьайн делан дуьхьа...

— ГIовгIа, гIовгIа!

— Барин, доьху хьоьга, сан майра ма ву, со муха хьажа еза цунна дуьхьал...

— Хьалхаяла ца боху хьоьга? Я ас, месаш лаьцна, текхош юьгу хьо!

Барин тIегIоьртира, ткъа нана, ши куьг некха тIе а таIийна, кIегараоьхура.

— Барин, хьайн делан дуьхьа! Со маре йоьдучу буса айхьа сан дайинна сий ца тоьа хьуна. Оцу берах мукъана эхь хетахьа. Иза-х дерригенах а кхета...

Барин, ка хьалха а тесна, тIекхета санна, тIегIертара.

— ХIетахь дуьйна диъ шо даьлла. ХIинца хьо муха ю хьажа лаьа суна. Ас бохург де, гIовгIа а ца еш... Я, ас уггар къиза помещикаш лехна, цхьацца нхьа дIадухкур ду хьо а, хьан майра а, кIант а!

Барина цIехьана, катоьхна пхьарс лаьцна, дIаозийра иза.

— ХIан-хIа, ахь йийчи а дийр дац ас ахь бохург, — карара пхьарс схьабаккха гIерташ еттало нана, охьаюьйжира.

Баринан ондийн пIелгаш чудиссинера цуьнан кIайчу, кIедачу пхьаьрсах. Иза, шена тIаьхьа ца йогIий хиъча, схьалаьцна цуьнан месаш куьйгах хьарчийна, дIатакхийра цо.

— Ваня! Орцахвалахьа, Ва-ня! — мохь эхара ненан.

Васяс, ша хIун до ца хууш, кхоссавелла настарх хьаьрчина, лекхачу эткан бертикал лакхо цергаш тесира. Лазийначу барина ластийна мийра чоьже кхетта Вася, керчина масех метр дIавахара.

— Вася! Васютка! Сан бер!.. — ненан мохь хезира цунна ша синкхетамах волуш.

Кхетаме веъча, шена уллохь, ерриг юьхь ерина, йоьлхуш нана а, мере оьзначу голаш тIе корта а таIийна, сауьйзуш Iен, тIехьа, коч айаеллачохь, хечин борчехула хьала а, букъа тIе а хIиттина цIен аьрснаш а долуш да а гира цунна...

2

Хьуьн чуьра араваьлла Васал, ши куьг букъа тIехьа а диллина, меллаша цIехьа волавелира. Дукъа тIе хьалаваьлча, кешнашка нисвелла сецча, доцца доIа дира цо. ТIаккха, юьйцинчу кертах дехьа а ваьлла, тIе хIуттуш, хIор коша тIехула дай куьг хьокхуш чекхвелира. Баьрзийн гIовлешка дийгIина гIайраккхах кечдина тIулгаш а, Iаьрждала доьлла хIолламаш а дара. Васална бевзара баьрзнаш кIел бохкурш. Уьш цуьнан бIаьхьаллин накъостий бара, бархI шо хьалха дехьа чохь Iаьрчхе-Юрт барона Николаис йохочу дийнахь байина. ХIинца яц цигахь и юрт. Лаьттаца дIашаръелла. Дохийнчу цIенойн баьрзнаш ду, охьадилхина довлаза пенаш хаалуш юкъ-юкъа. Ирахь дакъаделла юрт ягийнчу цIаро чахчийна стоьмийн дитташ. КIора хилла даьгначийн юьхкех.

Оьрсийн хIор ахархочун санна, декъаза хилира Лопуховн доьзалан дахар а. Iуьйранна са ма тесса помещикан кхаш тIе балха

боьлхура, суьйранна бода боллалц цунна букъ сеттабора. Цуьнан ялта ца дийча, шениг доьйла яцара, цуьнниг чу ца дерзийча шениг чудерзадойла яцара. ТIаьхьа дийна ялта мегарг ца кхуьура я йокъано хIаллакдора. Хьийкъина кхиъна ялта лай кIел доьдура дукха хьолахь, баринан ялта чу ца дерзийча, шайчунна тIе гIойла доцуш. Мацаллел а, къеллел а садетта халаниг, бариний, цуьнан ялхоший сийсазбар дара. Берахь хьоьгу хало-м хIун дара, иэхье мел дерг ловра цара къоначу хенахь. Васалан а яра еза йоI. Цуьнан дуьненан самукъе, вахаран Iалашо. Цунах ваьлча ша лийр ву а моьттуш. Аьрха Маринка. Амма барина къанвелча а ца юьтура шен акха амалш. Лела а йина цо луларчу помещикаца толлачу жIаьлех хийцира Марина а, Васалан жимахйолу йиша Полина а. Ткъа Василий салтана Кавказе хьажийра. Нохчийчу. Кхузахь цунна хьалхахIиттира цкъа а дуьйцу ца хезна буьрса лаьмнаш. Сийначу вертанах хьаьрчича санна Iохку шуьйра раьгIнаш. Цигахь деха, хIокху масийтта шарахь шен маршонехьа турпала къуьйсу нохчийн жима халкъ.

Къиза дара кхузахь иза Iазапе лаца веанчу салтичун дахар. Цхьа минот яцара кхерам боцуш. ХIор минотехь вожо тарлора нохчочун тоьпан дIаьндарго. Амма йоллучул хала яра тIеман муштра, походни дахар, эпсарийн яппарш.

Суьйренашца казармашкахь салташа шайн иллешкахь олуш ма-хиллира:

ГIоли ю дуьненчу цавалар,
Салтичун дукъ уьйзуш лелачул.
Дуьне мел ду лоьхуш леларх,
Карор дац цул къиза дахар.

Со даймехкан гIарол ву,
ЦIеша буьзна сан букъ бу.
Со даймехкан гIортор ю,
Буй-тIара суна, совгIат ду...

Схьавеана шо далале цуьнга кехат кхечира нана елла аьлла. ШолгIачу шарахь да кхелхира. Василин догделира дуьненах. Кхуза кхаьччахьана дуьйна цунна сих-сиха хазара дуккха а салтий нохчашкахьа буьйлу бохуш. Нохчийчохь ю бохура цара а, церан дайша а дукха сатийсина маршо.

Цигахь дехарш маьрша, майра, тешаме адамаш ду. Цигахь бац помещикаш. Дац стага стаг вацор. Адамех йохкаэцар ца йо. Цигахь хьоло ца къестабо къонахий. Цигахь стеган сий до. Цигахь лакхара лору хьекъале, майра, оьзда, хьуьнаре верг. Цигахь тIемалочун сий ду. ТIехула тIе, цара бийриг бакъонан тIом бу, шайн къоман маршонехьа. Царна ца лаьа оьрсийн паччахьан къиза Iедал тIелаца, крепостной Iазапан дукъ коча долла. Уьш харцонна дуьхьалбуьйлу.

Оцу лаьмнашка вада аьтто лоьхуш масех шо делира Василин. Аьтто бохийнарг иза артиллерехь хилар дара. Нохчий яккхийчу тоьпашна тIаьхьа чIогIа бовлу дела, батарейш лерана Iалашйора эпсарша. Цкъа цхьана буса хехь лаьттина цIа веъча, шеца гIопал аравалар дийхира цуьнга поручика Косолаповс.

— ЛадогIахьа, Василий, суна хьо тешаме стаг хилар зеделла, — элира цо, шаьшшиъ гIопан баролал ара а ваьлла, хьуьнан боьлака воьлча. — Цул сов, хьан бIаьргаш чохь даима эпсаршка цабезам а, оьгIазло а го суна. Цундела дуьйцу ас хьоьга айса дагалаьццарг. Кхузахь нохчийн дIаьндаргаша вожор ву вайша я церан шаьлтанаша ворур ву. Я иза, я важа ца хуьлуш дийна висахь, кхузахь ткъе пхеа шарахь хIара бала а хьегга цIа верза доьгIнехь, тIаккха цигахь ду вайшинга хьоьжуш кхул къиза Iазап. Шемала шегахьа бевлла салтий дукха лерина дола деш Iалашбо боху. Къаьсттина цунна дукха беза боху артиллеристаш. Вайшинна стенна оьшу хIара неIалт хилла тIом? Вай хIаллакьхуьлу, дворянийн эпсаршна чинаш, совгIаташ доькъу. Кхузахь Iожалла ца хуьлуш цIа верзахь, цигахь я доьзалш а, я бахам а, аттала цIа-цIе а дац вайшиннан. СагIа ца дехахь, даа бепиг хила меттиг бац. Шайгахьа бевллачу салташна цара йиллина ю Мужичоь а, ДаьргIа уллора слобода а. Цигахь кустарни белхаш беш, доьзалш болийна, хаза маьрша беха уьш. Вада сацам хилла сан. Кхана сарахь. Суна тешаме накъост веза. Нагахь хьо резавелахь, цхьаьний гIур ву вайша. Резавацахь, вайша хIумма а ца дийцина.

ШолгIачу буса Курински гIопера ведда и шиъ, ГIачалкхан дукъах хьалаваьлча, нохчийн разъездана тIе Iоттавелира. ХIара шиъ, ведда веанийла хиъначу отрядан начальника, кхаабIаьнчо Аьрзус, ши стаг а тоьхна, шайн наибана СоIдина тIехьажийра. Шайна ха деш веанчу шина накъостах цхьаьнца, Дакашца, сихха гергарло тасаделира Василин. Иза куьцехь, каде жимстаг вара. Цуьнгий, командирей безам баханчу Василис дийхира ша оцу отрядехь витар. Амма Аьрзус, гIайгIане вела а велла, корта ластийра. Василий артиллерист вацахьара-м цо иза шеца сацор вара. Амма артиллеристаш дIасабаха йиш яц Шемалан бакъонций бен. Имаман омра ду, ведда сехьа ваьллехь а, йисаре валийнехь а артиллеирст коьртачу наибана ТIелхагана тIевига аьлла. Нагахь Василина и чIогIа лаахь, цо наибе иза шеца витар доьхур ду. Цуьнан бIаьн ма ю цхьа йоккха топ. Амма ТIелхагана тIе Аьрзу ша ца вахча я кехат ца яздича, цунах гIуллакх хир дац. Кехат яздан гIирс а бац. Доьхна гIуллакхаш ду.

Цхьа дика, Косолаповгахь кехат, къолам нисбелла, Аьрзус, масех дош тIе а яздина, иза Дакаше делира. Уьш Шела кхаьчча, Аьрзун кехат а дешна, ТIелхага Косолапов шеца а сацийна, Василий Дакашца вуха Аьрзун бIаьне хьажийра.

Цул тIаьхьа наггахь бен вовшашна ца гора Василиний, Косо-

лаповний. ТІаьхьа Қосолаповх ТІелхаган герггара гІоьнча а, цуьнан артиллерин начальник а хилира.

1851 шарахь ТІелхага хІоттийна Шелара окоп паччахьан эскарша дІалоцуш тамашийна хІума хилира Қосолаповца.

ТІеман хьалхарчу шерашкахь, шайна дуккха а зенаш хилча, паччахьан эскарийн командовани кхийтира, Къилбаседа Қавказ караерзоран догІа Нохчийчохь хиларх. Эла Воронцови урхаллин тІаьххьарчу шерашкахь Малхбале Қавказан ламанхошна дуьхьал беш болу берриге а баккхий тІемаш Нохчийн арен тІехь хилира, эскарийн коьрткомандующи эла Барятинский волчу ерриге а Нохчийчоь юкъайогІучу Аьрру флангехь. 1850 шарахь оьрсийн командованис шуьйра план хІоттийра дерриге тохар Аьрру фланге а дерзийна, Нохчийчоь дІалацарца ламанхой шайн рицкъийн а, тІеман ницкъан а базех дІахадо. Оцу цхьана шарахь Нохчийчу йоккха йиъ экспедици йира. Баккхий кхиамаш бехира оцу шарахь иларла Слепцовс Цоци-Юьрта а, Гелдгана а, полковникаша Баклановс, Майделла Мичка хин йистошка йинчу тІеман операцеша.

Паччахьан командованис шен берриг тІеман ницкъ Нохчийчу теттича, цунна дуьхьал хІоттийна яра Шелара окоп. Цо царна дІакъевлира Йоккхачу Нохчийчоьнан юккъерчу ярташ тІе боьду некъ. И окоп ларьечу ТІелхагна гІоьнна кхуза баьхкира нохчийн дошлошца наибаш ГІойтамар а, Ботакъ а, СоІду а, Эски а, суьйлийн дошлошца Хьаьж-Мурд а, гІашлошца Лабаза а. Резервехь лаьттачу хьуьнаршца цІеяханчу Аьрзун бІоца волчу Василина шера гора тІамна кийча шина а агІорхьара эскарш. Махо ловзадо ТІелхагана тІера Іаьржа верта. Хетало иза махо айина лелош санна. Цуьнан свитица массарел хьалха цунна тІаьхьа вогІу элдар дегІара, куьце къонаха. ХІаваэхь ловзу цуьнан керара Іаьржа байракх. Стенна алахь а, оьрсаша артиллерийски аьлла цІеяхана иза, ТІелхаган байракх ю. Ткъа и куьце къонаха Қосолапов ву, бусалба дине вирзинчул тІаьхьа нохчаша Жабраил аьлла, керла цІе тиллина. Цуьнан говран гоа тІе муцІарш ехкина догІу ТІелхаган шина кІентан дой. Саьнгар тІехь лаьттачу пхеа йоккхачу тоьпан батарейна тІе вахана, церан кечаме а хьаьжна, цигахь Қосолапов а витина, тІамна тІехь куьйгалла дан, лекхачу гу тІе хьалавелира ТІелхаг.

Амма ТІелхага ладегІна тІом оцу дийнахь ца хилира. Хи чу тесча санна, дайра цо масех баттахь хьегна къа. Штурм йолалуш оьрсаша дуьххьар тоьхначу яккхийчу тоьпийн хІоьънех цхьаъ молханан склада чу кхийтира. Дуьне къардан санна, тата делира цІеххьана. Хеталора, латта, семанна тІера а даьлла, цхьана бух боцчу есалле хецаделла. ПІопан баролана чоьхьара лаьттан тархаш, тІулгаш, чхаьрнаш, дукъош, гоьргаш стигала хІаваэ хьалаоьхура. Цаьрца хьалаоьху адамаш, лакха хІаваэхь хьаьвзий, масех ІуьнцІалг а боккхий, Іода кхиссича санна, юханехьа лаьтта охьахьолхура. Хьалахьоьжучу Василина оцу къематденна юккъехь гира,

говрахь, байракх карахь ирахвахана, хьаьвзина масех го а баькхина, цхьа стаг юха лаьтта охьавогІуш.

Иза Гавриил-Жабраил вара. Кхин хуьлийла а дацара.

Иэккхар дІатийча, оьрсаша штурм йолийра. Оцу иэккхаро хьалхалера планаш йохийна ТІелхаг вухавелира. Оьрсаша дуьхьало йоцуш дІалецира окоп. Цул тІаьхьа масех бутт баьлча цкъа Василина гира ТІелхагана уллохь ПІаьржа байракх буйнахь, Қосолаповх къаьстар воцуш цхьа нохчо. Василий цецвелира, я иза жин ду, я шена бІарлагІаш хІуьтту, аьлла. Велла Қосолапов денлойла дацара. Ткъа иза велла хиларх Василий цуьрриг шек вацара. Вала муха ца ле, бІаьрго ма-лоццу ирахкхоьссина, охьавоьжна стаг. Лахьо даьІахк-м йисина хир яцара. Амма къаьрзина шега хьоьжуш кхетта важа, ши жуьг даржийна тІехьаьдда, веана маракхийтира.

Иза Гавриил-Жабраил вара.

Цо Василина йийцира шеца хилла истори. ХІаъ, иэккхаро стигала хьалакхиссинчу адамаш юккъехь Василина гинарг иза вара. Цо дІа ца хийцира ТІелхаган байракх, цуьнан эскаран сий. Охьавоьжча вон лазийра иза. Шинахьахула аьтту пхьарс а бойра, коьртаний, букъаний контузи а хилира. Амма дийна висира. Синкхетамехь воцуш карийна охьаэцна иза оьрсаша Соьлжан гІоперчу лазартне охьавиллира.

— Со нохчо ву моьттура царна, — дуьйцура Қосолаповс. — Царна хаьара со ТІелхаган уггар тешамечу пІоьнчех цхьаъ вуйла. Буьйцучу маттах царна суо нохчо вацар гучудаларна кхоьруш, со вист ца хуьлура. Іаш-Іаш, дукхха а хан яьлча, цкъа чувеанчу эпсаро со оьрси хилар бакъдуй хаьтти. Вист ца хуьлуш Іара со, ца кхеташуха. Цара со хьийзош, ас даре ца деш дикка хан елира. Лазуттачу мотт ма беанера, со оьрси ву аьлла. Массарел хІилла дочикаша луш хилира цхьа салти. Цо элира, нагахь сунтвина велахь нохчо ву шуна иза, вацахь — оьрси ву. Хьаьвси. Дуьхьало ян ницкъ ма бацара соьгахь. Хилча а, цаьрца мила ларор вара. Доцца аьлча, гучувелира со. Іийна, уьш сайх теша а тешийтина, дІадаханчу Іай, лазархойн халатаца, куй коьртахь, тударкхашца корах иккхина, ламчу веара со.

Василина цкъа а ца дицлора шена и тІаьххьара гина денош...

3

1859 шеран июлехь, Нохчмехкан тІаьххьара юрт ницкъ иэшна паччахьан эскаршна кІел сецча, Дагестанехь ша хьалххе кечдинчу туьша, Гунибе сихвелира Шемал.

Ведда воьдучу имамаца нохчийн шиъ наиб бен вацара — Бенойн БойсагІар а, Мичкахойн ПІусман а. Имам дІатаса ца лууш цуьнца Дагестанан лаьмнашка бахара Василий юкъахь волу Аьрзун жима бІо а.

Бевдда баьхкинчу салтех цхьа а ца висира Нохчийчохь. Берриг

а имамаца Гунибе дІабахара. ТІаьххьара а минот тІехІотталц лата, къийсамехь иэга. Кхин некъ бацара царна. Хаьара паччахьан инарлийн каракхаьчча шайх хиндерг. Цундела цара тІаьххьара а сацам бинера, шайн халкъах, даймахках а бовлуш, еза иэцна маршо йорах дІа ца яла. И сацам кхочушбира цара. Дагестанан лаьмнашкахь уьш ийгира турпала леташ.

Василина дагаеара Шемалан тІаьххьара а диван. Июлан къовкъаме де дара иза. Гунибе бухабуьйлурш суьйлин цхьана юьртахь садаІа севццера. Имам чохь сецначу цІийнан неІарехь хехь лаьттара Василий. Йиллинчу неІарехула цунна гора оцу шина баттахь къанвелла, азвелла, букар хьаьвзина Шемал. Макхъеллачу юьхь тІехь хІинца генара а гора луьста, борц санна даьржина кегийн тІедарчий. Белшаш ю гІорасиз охьаяхана. Когаш чучча а боьккина, стоммачу истанга тІехь хиъна Іа иза, зиндан чу тесначу тутмакках тера хета Василина. Дикка хан ю имам ишта тийна, ойлане Іен.

Хьанна хаьа оцу къеначу имама стенан ойлайо. Шен дахаран тептар цхьана маьІера дуьйна хоьрцуш хила а тарлора. Ткъа и тептар дуьзна ду цуьнан ирсечу а, бохамечу а денойх, толамех а, эшамех а. Дукха ду оцу тІехь турпала хьуьнарш а, ледарлонаш а. Доцца аьлча, хийцалуш ду дуьненан гІуллакхаш.

Къелла къикъвоьллачу шен ден Доного-Махьмин кІантах, шех, Дагестанан имам муха хилира. ТІаккха цигахь, цхьанна тІаьхьа кхин хуьлуш, хилла шен иэшамаш. Махкахоша эккхийна вахана ша Нохчийчохь туш лахар. ТІаккха хІара тІаьххьара а ткъа шо...

Хийцалуш ду-кх дуьненан хІума. Тахана воьлу, кхана воьлху. Тахана пайхамаран санна сий ду хьан, кхана сагІадоьхурган санна сий дов, наха юьхьа тІе туйнаш детта хьуна.

Юьхьанца шерашкахь дагестанхоша айира иза. ТІаккха аттала ярташка а ца вуьтуш, тІаьхьа толлуш, ша вина лаьмнаш дита дийзира цуьнан. ТІаккха нохчийн гІоьнца юха а кхогавахара иза. Цара цунах имам вира Нохчийчоьнан а, Дагестанан а. Гена мехкашкахь цІе йоккхуш гІараваьлла стаг вира. Адамаша пайхамар санна лоьрура иза. Цхьаболчара иза оьшуш, шолгІачар — цунах тешаш, дукхахболчара цуьнан Іедалах а, бекхамечу амалх кхоьруш. Нохчаша шайн шайх а кхайкхийна, цуьнан цІарца дуй боура. Дагестанехь цунах «сийлахь-воккха эмир Шемил» олура, ткъа цуьнан кІантах ГІеза-Махьмех «сийлахь-воккхачу имаман кІант» олура. Ткъа шарахь Нохчийчоь а, Дагестан а шен буйнахь латтийра цо. Дуьненан баккхийчу паччахьийн санна сий дара цуьнан. Шена а, тІаьхьенна а, тоъал хьал а Іалйийнера цо. Каратахь шовзткъе итт эзар соьмана деши, дети ду цуьнан, ткъа Дениел-бек волчохь цхьа миллион соьмана хазна ю. Нагахь хІинца талоза елахь...

ХІокху гаурел тола дала ницкъ лахьара! Оццул къахьегначул тІаьхьа, Іийжамаш лайнчул тІаьхьа, шарІан Іедал чІагІделлачу

хенахь, сий лакхадаьллачу хенахь дерриг хаьрцина, тІекІелдала доллу-те? Ваха дукха шераш ма ца дисина цуьнан. Шен Іедал масех шарна дахден долу гауршна тІехь цхьа толам боьху цо деле.

ТІаккха цуьнан метта кІант дІахІуттур вара. КІантана тІаьхьа цуьнан кІант. ТІаккха хІара имамалла гуттаренна а цуьнан цІийнан тІаьхьенехь дуьсур дара....

Атта гІуллакх дац паччахьалла, амма мерза ду. Зингаташка санна, адамашка лакхара охьа хьоьжуш. Ша санна дала кхоьллина адамаш, шена хьесталуш, суждане оьхуш, голашна тІехь текхаш гуш. Паччахьан ницкъ бу цхьана дашца, деккъачу цхьана хьажарца майраниг, оьзданиг, дог цІенаниг хІаллакван, тахьтазаре кхосса, боьхалли юкъа керчо, ткъа кІилло, йовсар лаккхаваккха, шена герга озо! Дукха хан ю Шемална хІара имамалла шен кІантана дита ойла йолу. Цкъа иза дан а гІоьртира. Иттех шо хьалха. Амма оцу курачу нохчийн наибаша йохийра цуьнан Іалашо. ТІаккха и гІуллакх цхьана аьттоне дІатеттира цо. Цунна хаддаза кечам а беш. Шемал къанвеллера, кІадвеллера, ГІеза-Махьма къона а, майра, хьекъале ву. Коьртаниг, Шемалал а тІех иза нохчашна везаш а, лоруш хилар дара. ХІетте а нохчий сацам боллуш дуьхьалбевлира имамалла цхьана доьзалехь дитарна.

ХІинца дерриг дІадели. Нохчийчоь йоьжна. Имаман дог доьжна цуьнца. Ткъа хІара Дагестанан махка тІе ма-ваьллинехь, цуьнан шен махкахоша талийна иза. Хьан долийра иза? Цуьнан уггар а тешаме ву бохучу Кибит-Махьмас шен килитлахошца, Гумалахь а, Урутехь а талийна цуьнан бахам. Гаурашна дуьхьало-м муххале а ца йора кхузахь, мелхо а зурманца царна дуьхьал оьху. Шайн вархІий дай денбелла схьабогІуш санна...

Арахь лаьтта Маккхал чу а вехна, шен секретарь Мохьумад-ТІахІир ал Карахи схьакхайкха аьлла омра дира имама. Дукха хан яллале диване гулбелира имаман везираш, Іеламчаш, наибаш а.

ТІаьххьара а, цхьаъ бен боцу пхьарс лаьцна, ГІеза-Махьмас чувалийра Бенойн БойсагІар. Ах гуо бина, Шемална дуьхьал бирзина хевшинчу Іеламчашний, наибашний юккъе дІа а хІоьттина, шен туьра тІе тевжира иза. Моьнаша аьхначу цуьнан озачу юьхьа тІехь, седа санна лепа цхьаъ бен боцу бІаьрг чуьрчу нахана тІехула а кхерстина, имамана тІе богІабелира. ТІаккха, кІез-кІезиг хершнаш шарлуш буьрса юьхь екхаелира, балдаш кІоршаме дела озийра. БойсагІаран майраллех хьоьгуш, даим цунна хьалха суждане оьхучу ГІеза-Махьмина хиира иза цхьа доьхнарг ала воллийла. Иштта ГІеза-Махьме хьаьжира БойсагІар, масех бутт хьалха иза лаца дас хІара Бена вахийтича.

БойсагІар юьхьанца тата доцуш вела вуьйлира, тІаккха кІезкІезиг хецалуш кІажвахара. Имам цкъа вуьйхира, тІаккха оьгІазвахана, кондарш санна цІоцкъамаш ирхдахара, хьаьжа юккъе буьрса шад гулбелира.

— Хьо стенах воккхаве, сан майра лом БойсагIар? — хаьттира цо аз ца айдеш. — Кхечарна дагадеача а айса могуьйтур доцург ахь лелорах гечдеш, ас вон Iамийна хьо. Амма хаалахь, собар — кхачалуш хIума ю хьуна!

Баьллачу бIаьргах хи тассалц вийлина БойсагIар, дог Iаьбна, эххар а сецира.

— Со мила ву, вийча а, ваьккхича а! — элира цо халла, цIенкъа охьа а хууш, — Цхьа куьг, цхьа ког, цхьа бIаьрг боцу гуьйриг! Амма кортош даха дезарш кхебира ахь, хьоьстуш, тIе куьг хьоькхуш. Со стенах воьлу хоьтту ахь? Дагестанера эккхийна хьо тIе а лаьцна, хьох имам вина, ткъа шарахь гехь лелийначу нохчех воьлу-кх! Ткъа шарахь хьуна тешаме гIуллакх дира оха. Ткъа шарахь хьан сий лардира тхан наибаша. Амма оцу ткъа шарахь цхьа а нохчийн наиб а, Iеламча а хьайн диване ца ханйра ахь! Царалахь уггар гIийлачу, сонтачу санний, Iусманий кхаж бели-кх дуьххьара кху чу охьахаа! Тамашена хIума дац хIара? Ва-хьа-хьа-хьа! Ва-хьа-хьа-хьа!

— Тонйта забарш, БойсагIар! — човхийра иза Шемала.

— Ва-хьа-хьа-хьа! Ва-хьа-хьа-хьа!

БойсагIаран веларо догIмашка зуз хьадийтира чохь болчу нехан. Массо а кхеравелла дIахьаьжира цуьнга. Царна хаьара имама БойсагIаран сий дойла. Хаьара, имаман кIанта ГIеза-Махьмас хIокху лаьмнашкахь уггар лоруш болчу нахах и цхьаъ хилар. Амма имаман буьрса амал а евзара царна. Ша оьгIазваханчу минотехь бехк баьлла стаг воьйтура цо. Виллина дIа, йоккха шаьлта а карахь, шена уллохь лаьттачу чаьлтаче.

— Я аллахI, ма яккхий ю-кх хьан къайленаш! — саца ца туьгура карзахе БойсагIар, — Iилманца, хьекъалца цIеяхана Юьсп-Хьаьжа, Сулейман, Атаби! Майралла цIеяхана ШоIип, ТIелхаг, Бота, Эска, ГIойтамар, Ботукъа, СоIдулла, Дуба! ХIара сурт шайна гича ма бIаьргаш хьо тIе бевр бара шун! Шуна цкъа а бIаьрга ма ца гира хIара къайле ялсамане! Ва-хьа-хьа-хьа!

Шемална евзара БойсагIаран юхахьара амал. Иза кхеро, къарван ницкъ бацара дуьненахь. Шена дуьхьало мел йин дарлуш, карзахвийлара иза. Эриг ала витар бен, кхин дарба дацара.

— Мичхьа бу, тхо неIаре а ца дуьтуш, ахь хьайца диване хийшийна хьан тешаме хьехамчаш? — имаман даг тIе туьха туьйсура БойсагIара, — ХIан? Мичхьа ву бIаьрзе Коьр-Мохьумад? Хьан стунда Джамаьлда? Iаьмарха, Дибир-Хьаьжа, Метлакъ-Муртаз-Iела? Яхьъя-Хьаьжа? Ахь чета а боьхкина лелийна наибаш Кибит-Махьма, Дениел-Бек, Албаз-Дибар?

— Шайн нохчийн наибашна тIаьххье, гаурашна мараэккха ваха сихвелла-те хьо? — Iоттар йира имама.

— Тхайнаш ма хьебе! — хьалакхоссавелира БойсагIар, — Ямартлонца мостагIчуьнгахьа валар а, ницкъ иэшна кIелвисча мостагIчунна хьалха герз охьадиллар а цхьаъ дац, имам. Тхан наибаш, тIера гаурийн цIий а дакъадалаза тарраш а, кIур туьйсу топ-тапча а карахь бахана йийсаре. Царах шиммо — Дубас, СоIдуллас бен, шайн герз хьуна дуьхьал а ца дерзийна. Ткъа тхайнаш дIа а тоьттуш, айхьа сий деш, лоьруш лелийнчу дагестанхойн наибаша хьайна динарг гой хьуна? Хьох ямарт бевдда ца Iа! Оцу делан мостагIашна гIо деш бу. Нохчийчуьра дIа а ваьлла Дагестанан лаьмнашка воьллачу шолгIачу дийнахь, цIиййина котам санна, хьо тилийна цара. Уггар хьалха, хьан воцуш ца торчу Кибит-Махьмад а! Шех чим хиллачул тIаьхьа а бен тхан цхьа а юрт кIел ца сецна гаурашна. Оха цхьа буй латта а дIа ца делла иза мостагIийн цIийца хьандаза! Ткъа кхузахь дечунга хьажал? Массо а юрт, цхьа топ ца кхуссуш, зурманаш лоькхуш, цIогарчий лестош, меттанаш даьхна, хьесталуш гаурашна хьалха хIуьтту!

...Шемалан юьхь кхоьлира. Юха а карладелира шен дахаран уггар хала масех де. Ахульгохь эшна иза ведда Нохчийчу вогIу денош. Уггар цунна тешаме ву боху вархI мурд вара цуьнца, Юнус, Салихь, Мохьумад, Нур-Iела, ХиматIил, МуртIади, Муса...

ТIамца гонна юкъара бовлуш чов хиллера Шемална. Салихьан гехь валочу вархI шо долчу ГIеза-Махьмин настарх салтичун цамза кхеттера. Цхьана лекха, готтачу чIожа тIехула дукъо а тесна дехьабовла дезаш нисделира. Охьа чу хьаьжча халла къаьстара бухахь гIергIа ГIойси. ТIай дацара, амма мухха девлла а, дехьадовла дезара. Ца довлахь Iожалла яра кийчча. Шемал кхоьрура кIант гехь дукъо тIехула дехьа вала. Цо шен мурдашка дийхира, цхьаммо кIант дехьаваккхахьара аьлла. Амма уьш цхьа а вист ца хилира. Шен чевнна са а детташ, кIант гехь дехьавелира иза...

ТIаккха, шайна тIаьхьа толлуш богIучу Хьаьж-Мурдан ал Хунзахи, Ахьмат-Ханан ал Сахали бIаьнах бевдда, лаьмнашкахуташка баха а ца баьхьара. Схьа а лецна Iедале дIабаларна кхоьруш. Лаьмнашкахь шаьш тIенисделлачу шина жаIуьнера дуккха а мах белла хи ийцира цара. Кхаа тобане бекъабелла боьлхура мухIажарш. Жима ГIеза-Махьма хьалхарчу тобанца воьдучу Салихьан гехь вара. ТIаьхь-тIаьхьарчара, кIез-кIезиг хи а молуш, баттам хьалха дIалора.Кхано садаIа севцча, шен кIант гIийло гича Шемална хиира, мурдаша оцу жимчу кIанте цхьа къурд а ца бойтуш, дерриг хи шаьш дIа а мелла, яссийна баттам бердах чукхоьссина хилар...

Дагестанан имамаллин оцу кхаа-деа шарахь цигахь шена йина ямартлонаш, тешнабехкаш ца бицлуш, тIаьхьа цхьа хан яьхьира Шемала. Ша нохчаша имам кхайкхийча, Нохчийчу веана, массо дагестанхойн Iеламча ве, хьаьжкIаш эца баьхканчаьргара говраш, варраш схьаяха аьлла омра а дира. Амма дог ца Iийра ца кIадлуш а, шечаьргахьа ца узуш а. ХIинца деш дерг а..

...Шемал бехк боккхуш хьаьжира чохь болчу шен махкахошка. Цуьнан бIаьрг тIехIоьттинчу хIор Iеламчин а, наибан а кортош охьадахара. Чергазийн Ибрахим, гIебартойн Хьаьжа-Нурулла, нохчийн Iусман а вара имаме майрра хьоьжург.

Шемала бIаьргаш тIекъевлира. ТIаккха, Iаьрба маттахь мелламчу мукъамца гIийлла байт элира:

Сайн дегIан гIагI хетта
Со тешна вежарий,
Де доьхна висинчохь
Мостагlий хилира,
Со ларван кечдина
Уьш пхерчий хеттера,
Амма уьш сан даг тIе
Хьовсийна хиллера...

— Хьо бакъ ву, майра Бир Коьз[1], — маслаIатана юкъавуьйлира ГIеза-Махьма, — ГIалаташ, цатамаш дага ца лоьцур вай тахана. Кханалерчу дийнахь дала къастор харц а, бакъ а. Имам, кийча ду тхо хьан омране ладогIа.

Собар доцуш, сиха стаг ву БойсагIар. Шемалан пурба доцуш цунна тIевогIург а, шен дагахь дерг дуьххьал схьаала ваьхьаш верг а веккъа и цхьаъ ву. КIиллолла бохург хIун ю ца хаьа БойсагIарна. Иза майра а, доьналла долуш а, тешаме а хиларна дерриг а гечдо цунна имама.

Къармазечу БойсагIара доьхначу тIе а дохийнера имаман дог, хIорш чу кхойкхуш ала кечдинарг даьржина дайра.

— ХIаъа, гIуллакхаш вон ду, майра лом БойсагIар, — элира эххар а Шемала, гIовгIа дIатийча. — Нохчийчоь йоьжна. ХIинца шайн берриг ницкъаш Дагестанна дуьхьал гулбина оьрсаша. Вайн кIажаш хьоьшуш тIаьхьавогIу Уч Коьз[2]. Салатавехула, Темирхан-Шурахула цунна дуьхьал догIуш ду инарла Врангелан эскарш. Гуьржехара схьадаьхкина эскарш ду ГIойсица схьадогIуш. Кхаа агIорхула гуо беш бу вайна. Гаурш-м хала а ца хетара суна. Халаниг а, Iаьткъарг а кхин ду. Ткъа шо, пхийтта шо хьалха санна, кхузара ерриг ярташ цхьа а тайпа дуьхьало ца еш мостагIчуьнгахьа юьйлу. Со мегарг ДаьргIал аравала а кхиале, шаьш царна муьтIахь хиларна тоьшалла деш, гауршна тIе векалш бахийтина Iаьндоша, ашильтоша, согIратIлахоша а, гIимроша, унцIукIлахоша, гоцIатIлахоша, хунзахоша, дарадахоша а. Кибит-Махьмас суна дуьхьал яьхна килитлахойн а, карахийн а ярташ. Дениел-бека лаьзгийн ярташ гIовттийна суна дуьхьал. Ахь ма-аллара, со даймехкан лаьтта тIе ма-ваьллинехь, байтулмалан[3] а, сан сайн а мулк талий...

— Собарде ахь, имам, жимма дехьа ваьлча тIера шарбал йоккхур ю хьан, тIаккха корта боккхур бу я гаурашна вухкур ву. Цхьана чами ахьарх!

[1] Бир Коьз — цхьа бIаьрг (гIумкийн маттахь), БойсагIарх олуш хилла.
[2] Уч Коьз — кхо бIаьрг. Ишта цIе тиллинера инарла Евдокимовна, иза хIуманна сема а, массанхьа кхочуш а хиларна.
[3] Маьждигаша хIора шарахь байшна, жоьрачу нахана лун сагIа.

Имам оьгIазе дIаьхьаьжира шен цхьаъ бен боцчу пхьаьрсан гола месалчу куйна тIе а гIортийна, куьйга корта а лаьцна тевжина Iачу БойсагIаре. Амма шен багара араиэккха кечделла шога дош цергаш таIийна сацийра Шемала. ТIехула тIе, хIуьттареннa ца алахь, БойсагIаре ала хIумма а дацара. Бакъ ма лоьра иза.

— Гунибе дIадаха кечло! — дах ца деш, омрица чекхдаьккхира имама шен къамел.

ЦIа чохь тийналла хIоьттира. Цхьаммо хаттар ца деш я дуьхьал дош ца олуш. Имаман омранна резахилира а хаац я кхерабелла Iара а хаац.

— ХIан, Гунибе дIа-м гIур дара вай, тIаккха хIун хир ду? — ца Iавелира БойсагIар

— ТIаккха хиндерг далла хаьа, майра Бир Коьз, — дохийна жоп делира имама, доккха са а доккхуш, — Вешан оьмар чекхъяьллехь лийр ду, ца яьллехь дуьсур ду, Iожалан де тIекхаччалц.

— Гаурех тIаьххьара а летта лийр ду цигахь. Гунибал дика чIатIо яц мостагIа вохо! — элира Дибира ал Хунзахи.

— ТIом бан меттиг лоьхуш девдда лела вай кху ткъа дийнахь?

— Гуниб дика чIагIо ю мостагIчунна дуьхьал.

— Аш дуьхьало ца еш мостагIчунна дIаелла СогIратIла, Ахульго, Гергебал ледара чIагIонаш яра ткъа? Уьш санна Гуниб а дIаяла доьлху вай цига?

— БойсагIар, хьайна тхоьца дIаван ца лаахь, хьайн нохчашца вухаверза пурба ду хьуна!

— Хьан пурбане хьоьжуш хIумма а дац сан!

— Хьо хIун деш Iа ткъа?

— Шемалан де доьхча бенойн БойсагIар цунах дIакъаьсти боху цIе сайна ца тиллийта вогIу.

— Ца ваьллачу денна вогIу вайца, — Iоттар йира юха а неIарехь лаьттачу Дибира ал Хунзахи, — хьалххе вада ца кхиъна, хIинца тIаьхьа ду.

— ХIумма а тIаьхьа дац, — жоп делира БойсагIара, — ХIор дийнахь гаурашкахьа дIауьдуш бац шун наибаш, Iеламчаш? Шуьца Гунибе дIавогIур ву со. Шу гIазотехь леташ, леш хьажа. И дийр ма дац аш. Гаурийн кара гIур ду. ТIаккха, Дибир, со вухавоьрзур ву тхешан хьаннашка. Сайна чохь са а долуш, кара гIур вац. Летар ву тIаьххьара са оззалц. Со Iемина вац ида. Ткъа шу Iемина.

Кеста-кеста девне бовлу и тIехбеттамаш кху тIаьхьарчу шерашкахь кIезиг ца хуьлура нохчашний, дагестанхошний юккъехь. Хьалхарчара шолгIаниш бехкебора царна нохчийн хьаннашкахь тIом бан а ца хаьа я лаа а ца лаьа, Шемала Нохчийчохь хIиттон церан наибаш цхьа а тайпа тIеман корматалла йоцуш бу бохуш, Дагестанхой а ца Iара ала кхоабелла. ХIокху тIаьххьарчу хенахь нохчийн ярташ дуьхьало сецош паччахьан эскарийн караяха йоьлча, нохчий ямарт бу бохуш, тIехбеттамаш бора цара. Шинний

агIорнаш ца кхетара, бIеннаш шерашкахь цхьаний хIара лаьмнаш хазарех а, аланех а, монголийн ханех а, Тимуран гIеранех а, гIажарийн шахех а лардина, дикий, вонний, хазахетаррий, халахетаррий вовшашлахь нисса доькъуш жимачу Нохчийчоьнан а Дагестанан а халкъашна юкъа мостагIалла доларна бехке дуьненан нуьцкъалчу паччахьийн къизалла а, сутаралла а хиларх. И ший халкъ ма дара майра, оьзда, къинхетаме а.

— Тоьар ду, БойсагIар! — аз айдира цо, — КIордийна суна хьан Iиттарш, кураллаш а. Некъана кечамба арадовла...

4.

Василина хьалхахIоьттира имам йийсаре воьду дей, миноташший. Оцу цхьана-шина баттахь къанвелла букар хьаьвзира Шемал. Коьртах хьарчийна еха кIайн чалба. КIайчу гIовтал тIехула дихкина кхелина шаьлтий, доьхкий. Кочахь детица кхелина тур. Бен доцуш, тIехьа доьхкарх йоьллина кечйина ши тапча. Зоьртала, амма хаъал букъ сеттина, нуьцкъала дегI. Сиръяла йоьлла, гIин диллина юькъа маж. Йийсаре ваха сацам хилла араваьллачу цунна дуьхьалваьлла буьрса наиб БойсагIар.

ХIаъ, доьхна де дара иза имамана. Итт эзар салтичо гуо бинера Гуниб ломана. Ткъа оцу тIехь Шемалца вацара пхи бIе стаг бен. Лома кIел лаьттачу эла Барятинскийс и имам дийна шена тIевалийнчуннна совгIат кхайкхийнера. Элаца вара тIеман сурташ дахка веана Мюнхенера художник Гершельт. Кхеккачу тIамехь гоьбевлла эпсарш кхуззахь чинна лакхабохура. Эзар туьма совгIате сатуьйсу салтий, хьерабевлча санна, ломаца хьалагIертара. Церан дегнаш айа коьртакомандующис чов хиллачу хIор салтичунна цхьацца туьма ахча лора. Ткъа имаман мурдаш лахлора хIор минотехь. Леташ йолчу цхьана тобанна тIехь куьйгалла деш яра Юнусан зуда, жуьгти Зайнап. Виснарг виъ бIе мурд, йиъ йоккха топ бен яц. Ткъа деха ламеш, машшаш, эчиган мIаранаш керахь хьалагIерта Апшеронски полкан салтий яххьаш къаьсташ гергахь бу. Арахьара кхиа гIо дац. ТIом Дагестанан махка баьлча имаман кхузара наибаш цхьа топ ца кхуссуш, бевдда паччахьан инарлашкахьа бевлла. Цхьана а юьрто духьало ца йира эскаршна. Кхузара бевдда дуккха а. Мурдашна бала ца лаьа, царна машар беза. Машар бийца эла волчу тешаме нах бахийта бохуш, тIегIертара уьш. Амма Шемала дуьхьало йира, шен кIанта ГIеза-Махьмас дехалц. ТIаккха са ца тохаделира. Цо сардална тIе вахийтира Чиркойн Юнус, Чохойн ХьажIелий. Доцца кехат яздина: «Сардал эла Барятинскийга. Дала Iалашвойла нийсачу новкъа воьду стаг. Нагахь ахь суна а, суна безачу нахана а Макка баха некъ лахь, вайна юккъехь машар бу, ца лахь — хир бац». И кехат эцца вахана шиъ вухавеара, имаме шена тIевола боху сардала, аьлла. Цаьрца баьхкира полковникаш Лазарев а, Къурмин Къосам а.

Йийсаре ваха имаман сацам хилла баьллийла хиъча, шен цхьана кога тIе хьалаиккхира буьрса БойсагIар. Чевнаша еринчу юьхьа тIехь, седа санна богура цхьаъ бен боцу бIаьрг.

— Хьайн сацам хийца, имам, хьайн сийлахь цIе яйа воллу хьо! — къаьхьа мохь белира цуьнга. — Тхо дийначийн хьовха, белачу тIемалойн а сий дайа воллу хьо! И дойла яц хьан!

— ХIан-хIа, БойсагIар, и ца дича далац. Наха доьху соьга. Зударий, бераш эрна хIаллак ма хилийта боху соьга...

— ХIун элира ахь? — шен цхьаъ бен доцу аьтту куьг шаьлтанан макъара тIе а диллина, кхоссавелира БойсагIар. — Эрна хIалакьхир ду тов! Кху ткъа шарахь хIаллакьхилларш дацара адамаш? Эзарнаш! БIе эзарнаш! БIаьрг тохал Нохчийчу? Шо хьалха, стохка, массо хенахь цунна тешаме хила, иза тесна ца йита, хьуо дийна а волуш гаурша и дIалоцур яц бохуш, дуйнаш биьнарг хьо вацара ткъа? Йицъелла хьуна айхьа тхуна йина чIагIонаш? ХIокху шайн лаьмнийн лакхенгара дIа бIаьрг тохал цига? Делах санна, хьох тешначу, хьуна доггах тIаьхьабаьхначу, хьо ларвеш сийлахьчу тIамехь эгначу майрачу кIентийн баьрзнаша аьхна Нохчийчоьнан латта! ХIинца а йогуш ю иза, Iаьржа кIора хилла цунах! ЛадогIал, хезий хьуна, цигахь беллачийн декъаш тIехь боьлхучу зударийн тийжарш, байлахь дисинчу берийн белхарш, нэшаро иэхь дина, тIе догIучу олалло собарх баьхначу дийна бисинчу хьайн тIемалойн узарш? Халкъ тешара хьох, и тIаьхьахIоьттинера хьуна, ткъа оцул хьуо веза лелийна халкъ холча хIоьттинчу дийнахь, и дIа а тесна, хьо хьайн са дадийна воьду!

Имам лаьттан бIаьра вогIавеллачохь висинера.

— ХIаъа, БойсагIар, Нохчийчоь яьгга. Иза яра со кога вахийтинарг. Шун нохчашна, шун наибашна тIетийжаш идийра ас хIара ткъа шо. Шун халкъ къарцаделла гаургина, иза кIадделла, цуьнан ницкъ бац дуьхьало ян. И хиъна шун наибаш кхушара оьрсашкахьа бевлира. Хьо цхьаъ тешаме висина суна, сан майра БойсагIар. ТIом шайн махка баьлча, дагестанхойн ярташ, дуьхьало ца еш, муьтIахь хилла кIел севци гаургина. Церан наибех соьца висинарг Iаьндойн Дибир, хунзахойн Дибир, СогIратIалара Нурмохьмад бен вац. Вуьш, оьрсашкахьа а бевлла, суна дуьхьал тIом беш бу. Со дийна я вийна шена тIе валийнчунна эзар туьма ахча кхайкхийна цо. Я вуьйр ву цара со, я йийсаре лоцур ву. Цул, сайн лаамехь со тIе вахча, тоьлашха хета... Халкъана къинхетам беха...

— ХIан-хIа, ахь и дийр дац! — тIечевхира БойсагIар, цхьа шо хьалха буьрса имам хиллачу, ткъа хIинца гIорасизчу Шемална. Кхузахь герз буйнахь летта вала веза хьо! Хьо вацара ткъа, тхуна сийлахь гIазот кхайкхийнарг? Хьо вацара ткъа, исламан дуьхьа керстанех леташ Iожалла тIеэцнарг дала даржехь лакхавоккхур ву, кхеравелла, кара а вахана, царна муьтIахь хилла кIел сеццарг жожахатин цIергахь вогур ву баьхнарг? Иштта хьехамаш ца бора тхуна хьан Iеламчаша? Ахь а, хьан наибаша а ца олура ткъа тIема-

лошка, вешан даймохк гаурашна дIалучул, летта далар гIоли ю вайна? ХIета ахь а, хьан Iеламчаша а адам Iехош хилла-кх? Тешха кIиллой хилла-кх шу? Iожалла тIе ма гIоьрттинехь, хьан Iеламчаш а, хьан хьоме наибаш а, куьйранах евдда котамаш санна, бевда гаурашкахьа бевли! Хьо а царна тIаьхьа дIахьаьддийца! ХIинца дицделла шуна шайн халкъ а, шайн латта а, шайн дин а. ХIан-хIа, Шемал, хьо гIур вац гаурийн кара! Тахханалц кху лаьмнашна хьо вевзара майра бIаьхо, тешаме кIант, хьекъале баьчча санна. Ткъа турпалш дийна йийсаре ца боьлху. Нагахь хьо мостагIийн карагIахь, Iаьржа кепек мах бац хьан! Кху лаьмнаша, шаьш мел лаьтта, неIалт кхайкхор ду хьуна!

— Эрна хабарш хIунда дуьйцу вай, БойсагIар? — халла хезаш вистхилира Шемал. — Вешан догIмаш инарлин карадалар ма тоьла вайна, тIаккха паччахьо къинхьетам бийр бу вайх. ХIокху бехахачу тIамо со а гIелвина... Дерриг чекхдаьлла хIинца... Со летта валарх хIун нислур ду? Дерриг эрна ду. Со воьду, БойсагIар...

— Имам!

Амма Шемал, шен тешамечу наибе ла а ца дугIуш, оьрсашкахьа дIаволавелира.

— Вухаверза, Шемал, ас делан цIарах нажжаз во хьо! Дохковала, имам! Ма де иэхь къеначу лаьмнашна! Ва дела хила хьуна делан неIалт!..

Амма Шемала ла ца дугIура. Цунна хьалха дIахIоттийра цуьнан хьоме сира дин. Шиммо луьйтанаш, цхьаммо ког лаьцна, дина даьккхира цуьнан дазделла дегI. Хьаьдда тIевеанчу полковника Лазаревс, урх лаьцна, дIаозийра дин. Юьрта йисте кхаьчча, охьа чу хьаьжча имамана гира оьрсийн эскаршца лаьтта дагестанхойн отрядаш а, эла Барятинскийна уллохь лаьтта селханлера шен гергара наибаш Донго-Махьма а, Iандалалски Хорсо а, Елисуйн Дениел-бек а, шен мутаIелим, доттагIа, хьехамча хилла Iаьмархан а, ТIилитIлара Кибит-Махьма а, кхин дуккха а. Берриге а селханлера цуьнан доттагIий. Имама говр сацаяйтира. Церан яххьаш тIехь Шемална шера гора баккхийбер а, догъIабар а, йоккха гIайгIа а.

— И бусалбанаш аш сан бIаьргашна гучуьра дIа ца бахахь, содIа ца вогIу! — элира со сацам боллуш.

Къурмин Къосам охьа чухьаьдира. Цхьа сахьт далале цигара лаххьийна дIабехира берриг наибаш а, Дагестански иррегулярни полк а, ханский нукерийн отрядаш а. Лазаревс говран урх дIаойзийра. Шемална тIаьхьаволавелира цуьнан гергарчу нахах кхойтта стаг...

Ткъа БойсагIар, кху лаьмнашкахь винчу уггар майрачу, уггар хьекъалечу, сийлахь-воккхачу кIанте, шена дукха везначу шен имаме тIаьххьара бIаьрг а тоьхна, мохь аьлла, ша лаьттачохь дIахаьрцира.

Василийна хIинца а шена хезаш санна хетара цуьнан тIаьххьара кIезиг къамел. Цигахь дийна бисина шен кIеззиг накъостий тIе

а гулбина, цаьрга ша дина ваккхийтина, чIогIа нуьйра а вехкийтина, тIаккха шен гIоргIа стоммачу озаца вистхилира иза:

— КIентий! Шуна дика хаьа, имамана тIаьхьа а хIоьттина, кху суьйлийн лаьмнашка со сайн са дадийна ца веанийла. Вайн ницкъ ца тоьи вешан маршо, латта ваьшкахь сацо. Амма вайх цхьаммо а сий ца дайи вешан дайн. Ваьш царна дуьхьал хIиттинчу дийнахь оха тхешан декхар кхочушдина, и тIаьххьара минот тIехIотталц вайн хьомсара латта мостагIех лардина ала юьззина бакъо ю вайн. Суна ца лаьа мостагIчун караваха. Я кхузахь летта вала, я и кхолха го а хадийн цIа верза сацам бина ас. Са чIогIа дерг суна тIаьхьахIотта. КIажийн пхенаш дегориг, хIинцца эццашха дIаиваханчу имамана тIаьхьа гIуо. Кхузахь Iожалла ерг вужур ву, дийна висинчо вайн хьаннашка а вирзина, вайн мехкан, вайн халкъан, вайн бакъдинан дуьхьа къийсам латтор бу. Оцу делан мостагийн гуо хадо хьовсур вай. Оцу везчу дала гIо дойла вайна!

— Маршо я Iожалла! — мохь туьйхира Василийна уллохь лаьттачу Косолаповс.

Цо баттара даьккхина болатан тур ткъесах къегара малхехь. Оцу минотехь иза халла вевзира Василина. Цуьнан цIен бос богу беснеш кIайеллера, цIеллех хIума дацара балдаш тIехь. Цергаш яра чIогIа тIеттIа таIийна, лаамах буьзна майра ши бIаьрг цIарах богура. Экхийта санна, буйнахь къуьйлура детица кхелина туьран мукъ. БархI шо хьалха иза ведда йийсарера вухавеъча имама цунна делла совгIат дара иза. Цунна тIехь дашо варкъ доккхуш Iаьрбан йозанца яздина дара масех дош: «ХIара — турпал а, говза тIемало а ву, лом санна дера мостагIчунна чу кхоссалуш».

Биэкхаман лаамах дуьзна дегнаш кхехкачу оцу юккъехь веккъа цхьа Аьрзу лаьттара, лам санна собаре, вист ца хуьлуш, воьгIча санна, шен хьаргIачу динахь. Шуьйрачу некхан шина агIон тIехь лепара цхьацца мидал: «Имам Шемала хIокху майрачу тIемалочунна хьалхарчу даржан орден ло», «Майра а, къонаха а ву». Тамаша бара, оцу шен бIаьхоша детта маьхьарий цунна хаза а хазахь. Боккъал аьрзунчух тера цуьнан майра хьажар кхерстара мостагIчун позицеш тIехула. Лекхачу хьажа тIехь гора кIорга ойла. Шемалан эскарехь шен хьуьнаршца а, майраллица а гIараваьллачу оцу кхобаьIанчо, схьахетарехь, мостагIчун гуо хадо мела меттиг лоьхура. Цунна тIера бIаьрг ца боккхуш, тIехьа лаьттара хаддаза цуьнан некъашхо, ваша Iела.

— КIентий! Iожалла я маршо! — баттара тур доккхуш, дин охьахийцира БойсагIара.

Оцу болатан гоьргана тIаьххье, чухецаелира дошлойн жима ковра. Амма царех цхьа ткъех стаг бен ца велира гонах ара. Чевнаш хиллачаьрца вара некхах тоьпан хIоъ бисина Косолапов а. ТIаьхьадаьллачу орцанера бевлча, ламанан чехкачу хих дехьахь садаIа севцира уьш. Косолапов вала герга вахча, чевнаш хилла

вуьйш битина, берриге а цунна тІе гулбелира. Коьрте хиъначу Маккхала шабарца еса доьшура. Биснарш тапъаьлла Іара.

— Воха ма вохалахь, Жабраил, хІара де вайх хІоранна а тІехІотта дезаш ду, — цунна маслаІат дан, дог-ойла айба гІоьртира туьра тІе а тевжина, тІе хІоьттина лаьтта БойсагІар.

Косолапови кІайделла балдаш, халла хаалуш, диэлаозийра.

— И хІунда дуьйцу ахь, майра БойсагІар... Со воккхаве кху дийнахь... ламанан аьрзу санна маьрша а волуш, айса Іожалла тІеиэцарх.

— Весет дан лаарий хьуна, Жабраил? — хаьттира БойсагІара.

— ХІан-хІа, — бІаьргегІарш туьйхира Косолаповс. — Амма, сан зудий, бераш дуьсу... Бераш даккхий хиллалц, церан дола дер аш, шаьш дийна дисахь... Сан кІанте, со муха ваьхна а, муха велла а дийца... Ша къастор цо... муьлхачу новкъа ваха веза... Сан дакъа.., ТІелхагана тІе кхачаделаш... юьрта кешнашка дІадоллийта...

— Берашна са ма гатде ахь, Жабраил. Тхо дийна а долуш, Косин Жабраилан берашна хІума оьшур дац хьуна. Тхайн доьзалш мацалла балийтина а, хьайнаш бузор бу оха.

Косолаповс шен ши бІарг Василина тІебуьйгІира.

— Васале вистхила лаьара хьуна, Жабраил? — хаьттира Маккхала.

Косолаповс ши бІаьрг хьаббира.

— Тхо новкъа-м дац хьуна, Жабраил? Хьайна ала луучунна хецций вистхила, — цуьнан хьаьжа тІе куьг хьаькхира Маккхала. — Вай дерриш цхьана дала кхоьллина адамаш ду. Шен махкана генахь Іожалло хьовзийнчу стеган дог суна дика хаьа. Цо сатосу винчу махке, ненан маттахь стаг вистхуьлу хазаре. Оьрсаша а, нохчаша а далла гІуллакх дар баш-башха делахь а, амма АллахІна хьалха цхьаъ ду вай. Тхох бехк лаций ца Іаш, хьайна луъучу маттахь Васале хьайн дагара далхаде. Хьуо винчу махкахь йижарий-вежарий а ма бу хьан. Шуьшиъ пергІат вуьту оха.

Косолаповс халла хаалуш корта ластийра. Цо чІогІа таІнйнчу негІарш юккъехула бІаьрхиш Іовдаделира.

— Хьо бакъло, Маккхал, — элира цо, лазарна садетташ чІичкъашка а оьхуш. — Ахь даима олу бакъдерг. Хьо тера вац кхечу молланех. ХІаъ, бу дера сан-м винчу махкахь йижарий а, вежарий а, гергара нах а. Суна уллора цхьа а дІа ма вала. Шух лачкъийна хІумма а дац сан... Сан даймохк, йиша-ваша, сайн халкъ ца дезаш ца ваьлла со шуьгахьа. Бусалба дин керста динал тоьлаш хетта а ца вирзина со цуьнгахьа. Сан даймахкахь харцо ю. Сан халкъа тІехь латтош къиза Іазап ду. Оцу харцонна, оцу къизаллина дуьхьалваьлларг тІепаза войу цигахь... Шу шайн коча йоьлланчу харцонна дуьхьал маршонехьа гІевттинера. Иза дара со шун агІонгахьа ваькхинарг... Амма кху ткъа шарахь цхьа минот яцара суна сайн даймохк, халкъ, сайн йиша-ваша дицделла... Васал, Вася... Суна хаьа хьан кийрахь а, ведда лам чу веанчу хІор салтичун

дагахь а изза бала буйла... Со цуьрриг дохко ца ваьлла кхаьргахьа волуш айса тесначу гІулчана... Варийлахь, Вася, хьо а ма ваьллахь дохко... Вайн узарш ца хезачу дворянийн эпсарша вайна даймехкан ямартхойн цІе тиллина... Амма и бакъ дац.

Вай даймахкана а, халкъана а дуьхьал дацара, ткъа царна тІехь харцо латточарна, хьан нана, хьан нускал, хьан йиша хьийзийнчарна, хьайбанех санна, адамех йохка-эцар ечарна дуьхьал дара....

Косолапов цІехьана дІатийра, гІор кхачийна. Кхехкаш кІежтуьйсу кийра сацо ницкъ ца тоьъна, Василий, цуьнан некха тІе а воьжна, догІанах вилхира...

* * *

Василин чІогІа доттагІалла тасаделира Дакашаца. Гати-Юьрта веана иза Дакашан хІусамехь сецира. Дукха хан ялале хиллачу юьртан гуламехь гатиюьртахоша, цуьнга има а диллийтина, шайн юкъаралле ийцира иза. Оцу дийнахь цунна керла цІе тиллира Лапин Васал аьлла. Цхьа масех де даьлча, шен хІусамехь мовлад а доьшуьйтуш, Дакаша нахе дІакхайкхийра: тахана дуьненахь а, кхана къематдийнахь а хІара Васал шен а, шен вежарийн а ваша ву, цунна тІедеана дика а, во а шайна тІедогІу аьлла. Бакъду, нохчийн, оьрсийн шина кІентан вошалла гена ца делира. И шиъ цхьаьнакхетта шо кхачале Дакаш вийра. ХІетталц даима самукъане, векхавелла хуьлу Васал, Дакаш вийначу дийнахь дуьйна кхоьлина, ойлане висира. ЦІетоьхначу вешица дІаяхара цуьнан дуьненан самукъе. Делахь а, Дакашан вежарша шена Мархет ялийна, бахам вовшахтоьхча, цо берриг шен ницкъ а, тІамах мукъаваьлла хан а дІалора доьзалний, бахамний. Амма цуьнан кертахь даьхний ца кхуьура. Цамгарх лара халла денбина етт а, сту а, говр а. Пачхьан эскарш Гати-Юьртана тІелетча дагочу цІенош юкъахь нислора даима Васалан миска хІусам. Шо шаре мел дели бахам эшара, ткъа доьзал стамлора. И дара Васал дакъазаваькхинарг.

VII корта ІОСИН ІОЖАЛЛА

Къахетац дуьнена ваьллачу я веллачу стагах. Къахетац бахам, цІай, ахчий дайначу стагах а. Уьш цхьа а цуьнан ма дац. Амма шен цхьаъ бен доцу долалла — шен сий дайнинчу стагах кхоам хета-кх.

Эпиктет.

1

Қешнийн кертара араваьлла Васал шен кха долчухьа дІаволавелира. ТІе къух даьлла, дукъделла, йокъано лелхийтина иза гича дуьненах догдолура цуьнан. Амма шен доьзалан дахар цунах дозуш волу иза, хьаьвззи воьдий, цунна тІехІуттура.

ХІара къелла, хІара харцо яра иза шен халкъах, даймахках ваьккхинарг, цуьнга шен дин хийцийтинарг. Моьттура кху маьршачу лаьмнашкахь шена маршо карор ю. Амма оьрсийн помещикийн дІаьвше мІараш кхуза а кхечи. Цхьана кога гІамий, вукху кога жІарий лаьцна, кху лекхачу лаьмнаш тІе хин ши корта болу цІий муьйлу аьрзу. Цо дІахуьйди эзарнаш нохчийн, оьрсийн цІий, дІаяьккхи цаьргара маршо, дІабаьккхи мегаболу мохк. ДІа ког мел баьккхинчохь каш, яртийн херцарш, ягийна бошмаш, йохийна хьаннаш, байлахь бисинчу доьзалийн узарш. Хьаннаш, чІажаш декадо паччахьан тІеман-колониальни гІуллаккхойн яппарша. Вадарх ца вели Васал оцу харцонера, къизаллера, къеллера. Амма кхузахь иза шен дегІан да ву. Цуьнан зуда цхьаммо сийсазйийр яц, цуьнан бераш толлучу жІаьлех а, говрех а хуьйцур дац. Кхузахь адамаш къеллина, къизаллина, харцонна кІел ца совцу. Цара дера дуьхьало йо харцонна. Леш хилла ца баха, герз буйнахь леташ ле. Кхузахь цхьаммо а, цхьаьнгге а шен цІоганах серий ца доьттуьйту. Ша сийсазвинарг тухий вожа а вой, обарг волу. Маьрша а волуш, къийсамехь Іожалла тІеоьцу. Иштта валар ловзар ду. Васална биц ца ло генара вина мохк. Цунна бус-буса гІенах дуьхьалхІуьтту иза. Боккха там хуьлу гІенах иза гуш, ша цигахь ненан мотт буьйцуш. Ткъа самаваьлча дуьне кхоьлина хетало.

Етт а, еара старгІа а йоьжна, урд аха гІерташ воллучу МІаьчигана тІеІоттавелира Васал. Юьхь лаьцна, хьайбанаш хорша дІаийзадора дерзинчу дегІа тІе машин эттІа чоа а дуьйхина, баьІІаша еринчу настаршца, когташ Іуьйра волчу пхийтта шо хенарчу кІанта

Коьрас. Ткъа цул жимха йолчу йоІа пхонан сара бетташ, хьацаркІур хилла, тІелоьхкура уьш. Амма МІаьчига шина а куьйга баьлча мел чІогІа теІаярх, нох ца летара кхарзаделлачу, тІе къух даьллачу лаьттах.

— Ассалам Іалайкум, хьекъйила хьан, МІаьчиг! — тІехІоьттира цунна Васал.

— Ва Іалайкум салам! Дела реза хуьлда хьуна а, Васал! Во-о-хьа! Совцал, бераш. Жимма садаІийта цаьрга. Ахь хІун до, Васал, хьо лаа вуй?

Нох дІа карчийна, шен гІарло доьллачу куьйга Васалан куьг лецира цо.

— Мөхк карор бацара́-те аьлла, дукъа ваьллера со-м.

— Ца карий ткъа?

— Ас-м башха лоьхуш къа а хьийгин хьовх.

КІадделла багах чопаш туьйсу хьайбанаш дажа а ца кхевдара. Етт ша болчче охьабижира.

— ЦІахь хьун ду? Бераш могаш дуй? Мархет мича хьолехь ю? ВаллахІ, ва биллахІ, Васал, хІокху тІаьхьарчу деношкахь шун цига хІотта кхиош ма вац со.

— Сиха хан ма ю хІара, МІаьчиг. Бераш а дика ду. Зуда а, иштта, шен цамгар токхуш йоллу. Жимах кІант Юсуп вара тхан кху некъехь хорша оьхуш. Цунна а хІинца гІоли ю. Хьо-м цхьа хаза гІуллакх деш воллу.

МІаьчига куьг ластийра:

— Ахар ду хІара? ХІокху хьардашна тІехула нох хоьхкуш, котамаша мІараш тийсича санна йо-кх. ТІехула тІе, аха кха мичхьа ду? ХІара хьаьрса поппар! Делан балица дІайийнарг хьалакхиара а яра цхьа лар. Цхьана а шарахь ши гали хьаьжкІаш ца евлла суна хІокху тІера. Ткъа цІахь чоь юьззина хІара, — дІо Іачу башина берана тІе корта тесира эццахь, — чІевнеш ю, мацалла Хоргош гІаттийна, къийган кІорнеш санна. Дена неІалт хиларна ХортІина декхарийлахь вай со-м. Іосас хьайниг санна, шен декхарийна эххар цо хІара коржам дІаозорах вогу. Амма со дийна а волуш-м хир дац иза.

— Сан урд ца гуш-м шен кІесаркІаг гур бара Іосина.

МІаьчиг цецваьлла Васале хьаьжира.

— Ой, цу тІе гота ма хьажий цо!

— Маца?

— ХІинца.

Макхвелла Васал, доьхкарх доллу жоммагІа катоьхна схьа адаьккхина, некъ ца лоьхуш, дуьхьал дол-долчухула шен кха долчухьа дІахьаьдира.

2.

Сийсара набаро ша теваллац, дукха ойланаш йира Iелас, таро йоьхначу Васална гIо дан некъ лоьхуш.

Шен йиша-ваша долчунна а хала даьхкина и шераш къаьстина дахделлера цхьан хиларан совнаха чолакх а, боккхачу доьзалан да а волчу Васална.

ДIадаханчу шарахь-м Васал воцчийн дукха дисинера ахаза ардаш. Нахарна дожа сту-бугIа долуш иттех доьзал бацара юьртахь. Амма цул тIаьхьа шишша ца нисбеллехь а, цхьацца сту нисбеллера дукханна а. ТIом сецначул тIаьхьа маршо елира аренца йолчу оьрсийн ярташка эха. Оьрсашца тасаделлачу хьошалло дуккха а пайда белира нахана. ХIетталц царна хIун ю ца хиъна аьчган нох а, мекха а деара юьрта. Бакъду, уьш Iосин, ХортIин бен дацара хIинца цкъа. Амма церан мекханаш гинчу цхьаболчу наха, иштта аьчган цергаш а етташ, дечиган мекханаш кечдира шайна.

Шайн стерчий долчу юьртахойх цхьаъ бен вацара Iелина тIеваха бIобулуш. Иза вара лахо чохь вехаш волу Акхболатан Ахьмад. И шиъ я ши доттагI а, я вовшашна юккъехь хIара ала гергарло долуш а вацара. Амма царшимма вовшийн чIогIа гIолоцура. Ахьмадан Iелига безам бахийтинарг — цуьнан догдикалла, харцо йоцуш хилар дара, ткъа Iелас Ахьмад лерара — иза майра а, хьуьнаре тIемало а, комаьрша стаг а хиларна. Цул сов, иттех шо хьалха цкъа хошкалдахойн арахь хиллачу цхьана тIамехь Ахьмада иза гуш лаьтташ тIехIоьттинчу Iожалли кIелхьара а воккхуш, шен аьтту куьг чолакх динера. Амма аьрру куьйга а болх балуш волчу Ахьмада башха даз ца дира шен чолакх висар.

Iуьйранна хьалххе гIаьттина Iела, ша ирзо тIе вахале Ахьмадах кхета дагахь, охьа чу воьссира. Амма балхана тIера зоьртала Ахьмад шIахь ца карийра. Зудчо иза сатоссуш гIаьттина регIа вахана элира.

Цигара вухавирзина вогIучу Iелина урамехь дуьхьалкхийтира тIехула ховшийна бераш а тIаьхьатесна етт а болуш сал-палах йоьттина йогIу стерчийн ворда. Стерчий геннара девзира цунна. И шиъ Жаьнтамаран ши сту бара. Жаьнтамар, цуьнан ши кIант тIаьхьа вара, шаьш новкъа дохучийн Iодика еш соьцуш.

— Шуна хIун дагадеана, Жаьнтамар? — хаьттира Iелас вокхачу стаге, шаьш тIеттIа кхаьчча, салам а делла.

— Тхо-м юьртах довла ма дохку, Iела, — гIийла жоп делира Жаьнтамара.

— Гена?

— Генна доьлху. Шина Терка юккъе.

— Ой, шу доьлху бохуш, хьехош а ма дацара? — цецвелира Iела.

— Оха хIара хьехо-м дукха хан яра, амма барт хIинцца бен ца тайн тхан.

Iелина чамбайра. Вуьшта а кIезга бара юьртахь бисина нах. Белларш-м денлур бацара, ткъа хIара дийна биснарш мукъа а юьртахь биса лаьара цунна.

— Даха ца дезара шу цига, — реза ца хилира Iела. — Цхьа жимма яхь хила ма еза ткъа. Вешан латта гIалгIазкхашна а, вешан эпсаршна а далийтина, хIинца иза йолах я юкъахь лело цига эха дуьйладелла-кх вай.

И дешнаш шега кхечо аьллехь оьгIаз гIур вара Жаьнтамар. Амма цунна дика вовзара кураллех чо шен дегIаца боцу догдика Iела. Хаьара цо хIуьттаренний, гамонний дош эр доцийла.

— ХIун дийр ду ткъа, Iела, — доккха садаькхира Жаьнтамара. — ВаллахI делор, ца доьлху хьуна тхо цига хазахета-м. ХIара цIоз кхузахь хене дакхалац. Ткъа тхан долахь тIе верта даржжол латта дац. Хьун хьакха а ницкъ бац. Стохка ши кIант иэцна вахана цигахь хIара шуьстий, етт денбинера ас. Iа тIе даллац болх а бина, тхаьшна хене довла рицкъа а гулдина, цIа догIур ду боху ойла яра-кх.

— Хьайна дика хаьа хир ду-кх хьуна. Марша гIойла, некъ дика хуьлда шун, — Жаьнтамарна мараккхира Iела. — Дала шайн дагo боххург нисдина, могаш-маьрша цIа дерзадойла шу.

— Дела резахуьлда хьуна а, марша Iойла. Даланза дисахь, гур ду вайна....

Жаьнтамар ша Гати-Юьртара вацара. Ткъех шо хьалха, Соьлжан йистера я Теркацара веанера хаац, цу шиннах цхьанхьара-м ягийнчу шайн юьртан метта гIалгIазкхийн станица йиллича доьзалца Нохчмахка веана, кхузахь сецира иза.

Иштта хьалабаьхкина доьзалш Iаламат дукха бара Нохчмахкахь.

Вуьшта а готтехь бохкучу кхузарчу бахархошна лаьттан къелла яьллера оцу адамех. Цара сатуьйсура тIом толамца чекх а баьлла, шайн махка юхадерзаре. Кхузахь гуттаренна а совца ойла йоцчу церан дог ца летара хийрачу юьртах, адамех. ТIом болчу хенахь церан догъоьцура бухарчу наха. Иза чекх ма баьллинехь дIагIур болуш, цкъачунна тIебаьхкина хьеший лорура уьш. ТIом чекхбелира, хIорш оьшуш. ГIалгIазкхийн ярташ йисира кхеран лаьтта тIехь, ткъа хьошалара бевллачу Жаьнтамаргlеран сий дайра кхузарчу ярташкахь. Церан цIе — тIебаьхкина нах яра. Юьртахоша боькъуш мехкан дакъа а, кхеташонехь куьйган бакъо а яцара церан. Дерригенан ойла йича, Iелас бехк ца буьллура царна кхелхана бахарх. Уьш муха бехар бара кхузахь? Берриг мохк наха дIалаьцнера. ХIор шарахь вовшехлетара шунаш къуьйсуш. Хьалха-м доьзалехь кIант кхиъча я юьрта тIе стаг веача, цунна дакъа доккхура, хьун хьокхий. ХIинца хьун хьокхур олийла а дацара. Ерриг хIун Iедало шен дола яькхинера.

Тахана Айза цIахь а йитина воьдура Iела шайн ирзе. Цигахь дан дезаш ладам боццу гIуллакх бен ца дисинера. ХьаьжкIаш

йийна хIара шиъ даьллера, охана тIехулара бIаллаш дохош, жимма латта шардичахьана, асаран хан тIекхаччалц мукъа дара. Цундела, Iуьйранна де шеллах ирзо тIера гIуллакх дIа а даькккхина гIор ша Ахьмад волчу аьлла, Iаьрчхил дехьавелиар иза.

Iаьрчхехь делкъан ламаз дина, Ахьмад волчу вахара Iела. Мекха дIахецна, стерчий дажа дIа а лаьхкина, кхура кIел, бай тIе, агIорваьлла Iаш карийра цунна иза.

— Ассалам Iалайкум, хьекъийла хьан, Ахьмад! — тIехIоьттира Iела.

— ВаIалайкум салам, дела резахуьлда хьуна а! Марша вогIийла, Iела, — каде хьалаиккхина, куьг а лаьцна, охьаханйра иза Ахьмада.

Могаш-пархIат хаьттинчул тIаьхьа ша деана гIуллакх дийца вуьйлира Iела.

— Хьоьга цхьана денна шуьста беха веана со, Ахьмад, — элира цо, делкъанна садаIа веана моьттуш, шега хIумма а ца хоттуш Iачу Ахьмаде.

— Ахь хIун до стерчех, хьайн ирзо дийна ца ваьлла хьо?

— Сайн ирзо дийна-м ваьллера, лулахо ву сан Iаламат вочу хьолехь.

— Мила?

— Васал. Стохка а висина иза шен кха денза. Чохь ялх бер ду. Тховса лер, кхана ю ца хууш, кIелйисина меттахь Iуьллуш зуда. Васал ша заьIап стаг ву. Чохь хьакхо рицкъа дац, кхушара кха денза бисахь, мацалла балар бен дац церан. Мел ойла ярх, уьш деха хьоьгачул бIобулуш стаг ца карийна, веана со.

— Хаьа, суна цаьргара хьал, — элира Ахьмада. — Ас айса а дукха ойла йина церан. Шина старца ахалур долуш кха ма дац цуьнниг. Дукха хан ю иза ахаза Iуьллу.

— Сан, Чорин шуьста хир бу хьайчаьрца.

— И ша ду. Маца деза шуна?

— Хьан шуьста мукъабаьллачу дийнахь.

— Со-м тахана вер ву.

— Делахь хIета, кхана цуьнан урд аьхча мэл хир бара-кх вайна.

— Даламукъалахь.

Хабарна тIера воцу Ахьмад Iелин хеттаршна доцца жоьпаш луш Iара. Iелин гIуллакх чекхдаьллий хиъча, гIаьттина, кхуран генах кхозу таьлсаш схьа а иэцна, оцу чуьра сискал, кIалд схьаякхира цо.

— Делкъе йича хIун дара-те вайша, Iела. Айсса хIара Iийша дог ца догIуш Iара со.

— Со хIума кхаьллина ву, Ахьмад.

— ХIетте а, цхьаьний кхоллур вайша.

Кхин меца воццушехь, кIолде безам бахана, тIехилира Iела.

— Ялташ дIадуьйш-м дара вай, Iела. Амма, стохка санна, йокъа хиларна кхоьру-кх, — элира Ахьмада хьала а хьаьжна. — Иттех де ду-кх вайна стиглахь догIанан марха ца гун.

— Далла лиъларг хир ду. Ирх-пурх а ялта эца деза. Ас-м цуьний бен ойла ца йо. Кертахь бежнаш, уьстагIий долчар-м оьцур дара иза, тхо цхьадолчар хIун дер хаац-кх.

— IосагIар санна, кIа дийнехь тоьллера вайна а. Цара гурахь дийна кIа хаза тIедаьлла.

— Хаац хIун хир. Цара дуьххьар дийна и вайн махкахь. Шортта латта долчар дийча тарло иза, амма со санна, цхьа ирзон коржам бен йоцург, цу тIе кIа а дийна, охьахаа ваьхьар вац. Цул сов, эвсаре доцуш ялта а ду, хьаьжкIел уьттазза-пхуьйттазза кIезга долу а боху иза.

— Хуур ду-кх, Iосин кхаш тIера хIун йолу.

— Цунна хир ду хьуна, тIулгаш тIе дийча а. Дала дуьне делла стаг ву уьш кхоъ.

— Амма эхарте дáха дог-м дуй хьовх.

— Цигахь хиндерг хьанна хаьа. Устазаша шайна улло а уьш хийшабо, Iедало а уьш лоьру. Вай пекъаршна дуьне а доьхна, эхартахь хиндерг хаац. Ши-кхо де хьалха Iоса веанера Васал волчу. Кха дохка бохуш, хьийзаво цо иза.

Сискал Iуьйшучуьра а сецца, Iелига хьаьжира Ахьмад.

— Баккъаллий? Резахуьлий ткъа важа?

— ХIан-хIа.

— Хьай жIаьла я!! — керара сискалан юьхк охьа а йиллина, дIатевжира Ахьмад. — Ша санна вохкалуш, эцалуш ву моьтту-кхи цунна массо а. Цхьанне а цуьнан боьха цIий шена тIелаца ца лууш, кху хене яьлла и хьакха.

— Амма кхечу цхьана гIуллакхо таро йохийна Васалан. ДIадаханчу Iай юхалург Iосера цхьа гали хьаьжкIаш яьхьна цо. Я и хьаьжкIаш схьало, я кха шена дита боху хIинца Iосас.

— Остопируллах!! Делах ца кхоьру, нахах хеташ эхь а дац. Эххар цхьана декъазчун карах лийр ву хьуна и!

Кхуран бухе хIоттийна кхийра чIуьжалг схьа а эцна, цуьнан бертера IаьIийн хьокхаргийн горгам дIаяькхира Iелас.

— Хи малахьа, Ахьмад, — дIакховдийра цо чIуьжалг.

— Баркалла, ас ца молу, — ша Iачуьра хьала а айавелла, охьахиира Ахьмад.

Ша вогIуш стерчий дехарал совнаха, кхин а дара цуьнан дагалаьцна. Амма Ахьмаде а хьахо дарехь ца хIуттура Iела.

— ХIинца хIун дер ца хууш бIарзвелла Васала. Iосина дIадала ялта дац. Iедало а, шарIо а, вайна ма-хаъара, Iоса толор ву.

Iела, шен къамел а сацийна, Ахьмаде хьаьжира. Ахьмадан еха юьхь макхъелла гора, дукъ сеттинчу бехачу меран Iуьргаш оьгIазе сийсара.

— Хьуна хIун дан лаьара? — хаьттира цо Iелига.

— Васалан доьзал кIелхьара ца баккхахь, мацалла лийр бу, Ахьмад, — элира Iелас. — Ши-кхо де хьалха со Мархете хьажавахча буйна ахьарш лаьцна, цу тIе мотт Iуьттуш Iара уьш. Вайна махаъара, Васал цхьа пхьарс чолакх, шен тайпа-тукхам доцуш стаг ву. Iосин бераша шайна тIе-м лаьццера иза, амма царех а кхоъ бен дийна вац. И гали хьаьжкIаш Iосина юхаерзоран ойла йора асий, Чорас. Тхойшиннан цIахь дац гирда кхочуш ялта. Нахера жимжимма вовшахтоьхча цхьа гали гулъяла магара. Аьрзуй, Маккхал цIахь хилча-м царна цхьа некъ карор бара, и шиъ кеста цIа кхочий хаац. Ткъа Iосас Васална делла кхо де селхана чекхдаьлла.

Ахьмад хьалагIаьттира.

— ДIагIо, Iела. Суьйранна со аравер ву оцу гIуллакхана. Наха лахь, дика ду, ца лахь а, дIатокхур ду и хьаьжкIийн гали. Амма Iосина моьттург чекх-м дер дац!

Iела дIавахча, дикка хIоьттина лаьттира Ахьмад. Цкъа ойла хуьлура цуьнан мекха баккхар дитина, ши сту хьалха а лаьллина цIа ваха, Васална орцахвала. ТIаккха ши сту бала Iелина делла дош дага а догIий соцура. Iосас лелочу хIуьмалгаша доллучух догдаьккхира цуьнан.

«Я аллахI, боккха болх бу-кх кху адамийн сутаралла. ГондIарчу къаьмнашлахь элий бу, цара нах бацабо бохуш, тхо кхаьрдинарг хIинца тхуна тIедогIуш лаьтта-кх. И цIубдарш довларна кхоьруш ма лецира оха Шемал тхайна тIе, маршонан дуьхьа ма Iенийра тхан халкъо кху дезткъа шарахь шен цIий! Амма уьш юкъадаржа доьлла. Буйна къорIа а лаьцна цхьаберш, хьалха жIараш оьххина важберш, аьрша а буйнахь кхозлагIниш. Дела, хьуна хастам бу-кх...»

3

Ахьмадах дIакъаьстина Iела, дуьхьал новкъа юьрта ца воьдуш, Васалан кха долчухьа дIавахара. Цунна Васалан кха ганза дикка хан яра. Кхана иза аха деҳаш хилча, латта декъа-кIеда, тIе колл яьлла-ялаза муха ду хьажа лаьара цунна.

Шайн ардаш тIехь белхаш бечу нахаца тIе-кереш а еш воьдура иза. Массо а вара йокъанах кхоьруш. Аьхчахьана тIе догIанан тIадам божаза кхаш кхарза а делла, чан а яьлла лаьттара. Дечган нахарца охуш дийначу ялтийна кIеззиг йокъа а кхераме яра. Гомха аьхначу лаьттах боьллина буьртиг талхо кIеззиг йокъа а тоьура.

Амма иза юххешха тIехваьлла ХортIин кха кхечарех къаьстара. Аьчган нахарца кIоргга бIал боккхуш, тIехула аьчган мекха хьийзош шардина иза, кIалд санна гора. ХьаьжкIаш йийначу цунна уллохула дIа кхин цхьа урд дара цуьнан, тIедаьллачу кIено сендина лаьтташ. Кхечухьа, цхьанхьа-м бийна мукх бара ХортIин. Цул сов, юьртарчу пхеа-ялхаммо вовшахтоьхна аьхкенна лам тIе дигна даьхний а дара.

И бахам тIеман заманахь IаIийнера ХортIас. Юьхьанца цхьа кег-мерса хIуманаш юхкуш баккхал лело волавеллачу цунах иттех шо далале, шен долахь туька а йолуш, цIеяххана совдегар хилира. Цунна дуьхьало яцара паччахьан Iедалера. Бакъду, Шемала чIогIа дихкинера эчиг оьцуш бен оьрсашца махлелор, амма ХортIа даима ахчанца кIелхьараволура. ХIинца Шемал а вацара цунна новкъарло яц. Соьлжа-ГIалахь а, ГIизларехь а ХортIин сий дара. Цига воьдий дорах товар а дохьий, кхузахь нахера уьттазза сов мах а бокхуш, дIадухкура цо, ткъа тIедиллина духкуш хилча, мах кхин а сов боккхура.

Геннара гира Iелина Васалан кхан юьхьиг. И охуш, ялх сту а боьжна, хIинцале ткъех гуо баьхьна, ши стаг воллура.

«Мила ву-те оцу мисканех санчул дог лезна араваьлларг? — бохура шега хазахеттачу Iелас. — Дала дог дика де шун делаI, ма доккха гIуллакх ду-кх аш дийриг». Амма дерриг кха гучадаьлча, цунна гира вукху юьххьехь говрахь лаьтта Iоса.

Iела кхийтира дерригенах а.

Сиха вахана Iела уггар хьалха ахархошна тIехIоьттира. Охуш волу шиъ цхьанхьара-м йолах веана ши къехо вара.

— Нехан кха хIунда оху аш? — хаьттира Iелас тIе кхачарца, дуьхьалваьлла стерчий а совцийна.

Ши стаг Iоса волчухьа дIахьаьжира.

— Делхьа хаац тхуна-м, къонаха, хIара хьенан ду а, Iосас хIиттийна-кх тхо кху тIе.

— Кха тIера гота дIаяккхал чехка. ХIара шуьша санначу цхьана мисканан ду.

Ахархой боьхна хьаьвзира.

— Къонаха, тхан бехк болуш хIума дац хьуна кхузахь. Iосега хаттахьа иза. Тхо-м цо аьлларг дан даьхкина мехах, — элира вокхахволчо, схьахетарехь, вужхуьнан дас.

— Гота стенна сацийна аш? — тIечевхира говр хаьхкина тIеведна Iоса.

— Гота ас сацийна, ас. ХIара Васалан кха хIунда оху ахь?

— ДIаяхийта шайн гота! — Iела тергал ца вира Iосас. — Ас, гали хьаьжкIаш елла, долчу дегара эцца хIара.

Iелас, стерчашна хьалха хIоьттина, дукъа тIе куьг диллира.

— Ша, дог резахилла, доьхкина цо хьуна хIара? Я ахь нуьцкъала дохкийтина?

— Хьо хIун ву цуьнан? Ваша ву, шича ву, тайпанан ву? Цо мухха доьхкича а, ас мухха эцча а хьан хIун гIуллакх ду?

— Ваша ву-кх, кхетий хьо. Цунна эшначохь цуьнан ваша!

Кхузахь гIовгIанаш хезча, лула кхаш тIера пах, цхьацца-шиша вогIуш, тIегулбелира. Царех цхьаберш гIуллакх мичхьа долу

хьуьйсуш, ладоьгIуш оьгIазе хIиттина лаьттара, ткъа гIехьчул тароне цхьа-шиъ маслаIатана юкъавуьйлира.

— ДIавала хьо, Iела, наха доьхкинчу кхаца хьан хIун гIуллакх ду, — бохура Къосум-Хьаьжас. — Долчу дас ша къастор...

Цхьанне вогIий ца хууш, яйдакха говрахь, буйна лаьцна тур а, доьхкарх йоьллина тапча а йолуш, веана схьаиккхина Ловда, урх тIетосуш говр дIа а хецна, Iелина тIе веара.

— Шу стенна гулделла кхуза? ХIара хIун ду? — хаьттира цо, вехьаш.

— Хьайн дега хаттахьа! — кIоршаме жоп делира Iелас.

Шен да хьахош Iелас цIе яьккхича, юьхьа тIера бос хийцабелира Ловдин.

— Ас хьоьга хоьтту, Iела, хьоьгара сайна адамашха жоп хаза лууш! — бехк баьккхира цо.

— Хьан да ву-кх, миска, латта къийделла, доьзал хене баккха аьтто ца хилла, ша хIун дийр ду ца хууш бIарзвелла, хIара Васалан урд шена а дерзийна воллуш!

ОьгIазе шен дега хьаьжира Ловда. Амма Iоса, цхьана луьйтан тIе вазлуш, ах сонара а вирзина, шек воцуш хьоьжуш лаьттара шена гонах хуьлучуьнга.

— ХIунда оху ахь нехан кха? — дена тIе вирзира Ловда. — Хьайн дех, вежарех бисина, айхьа дола берзийна мохк ца тоьа хьуна?

Iосин яккхий мерIуьргаш севсира, шад хIоьттира хебначу хьаьжа юккъе. Къоьжачу, дуькъачу цIоцкъамаш кIелхьара цIен ши бIаьрг кIанте а хьажийна, вист ца хуьлуш, сецира иза.

— Ас-м хьоьга хоьттий, хIунда оху ахь Васалан кха? — цхьаши гIулч Iосина тIе вахара Ловда.

— КIант, ахь юьйцург хIун хабар ю? — хецавелира Iоса. — Нехан наха юккъехь соьга барт хатта-м ца веана хьо, хIара Iаспар хаьхкина?

— Ас-м нехан кха хIунда оху хоьттий хьоьга?

— Айса гали хьаьжкIаш елла эцна дела оху. Генавала суна. ХIун до ахь, Мулкалмот санна, тIевиэкаш!

Амма Ловда ша лаьттачуьра меттах ца велира.

— Цул, бакъдерг дийцал ахь, Iоса, — юкъавуьйлира Iела. — Ловда, кху хьан дас, дIадаханчу Iай Васале гали хьаьжкIаш елла юхалург. Тахана чохь топ юза ялта доцуш, хIусамнана меттахь йисина, чоь юьззина меца, дерзана бераш долуш Iачу Васалан аьтто боьхний а хиъна, цуьнга хIара кха дохка аьлла вахана Iоса. Васална лаац цхьа урд бен доцу шен латта дохка. Айхьа ойла сха, Ловда, кху уьрдах ваьлча цо хIун дан деза? Ахь, ас-м хьун хьаькхна а докқхур дара, ткъа заьIапчу Васала? Иза реза вац кха дохка. Ткъа кхуо и хьийзаво, хьаьжкIаш я царна дуьхьал хIара кха луо бохуш. Хьастах Васал волчу а веана, ойла ян цунна кхо де хан елла вахнера хIара. И кхо де селхана чекхдаьлла, ткъа тахана хIара,

вайна ма-гарра, оцу мисканнйн кха охуш воллу. Иштта дуй иза, Iоса?

Iоса, ца вешаш, велавелира.

— Делахь, Iела, Васале сан гали хьаьжкIаш схьаялийтахьа ахь.

— Чохь цкъа кхалла а рицкъа доцчу цо мичара ло хьуна уьш? Гурахь юхалург еллий ахь? Собарде хIетталц.

— Со гурралц Iийча мичара лур ю цо уьш? Кху тIеепллачу татеша хьаьжкIаш латорга дог-м ца доху ахь? — шедакхаж кха тIе хьажийра Iосас.

— Ас лур ду хьуна хьаьжкIийн гали! ДIаяккха кхузара гота! Ма хIиттаде тхо юьхьIаьржа! — карзахвелира бакъдерг хиъна Ловда.

— Суна гучуьра дIавала, кIант. Хьан гIуллакх дац ас лелочу юкъагIерта, — цергаш хьакхийра Iосас. — Со хьайга еха веъча лур ахь суна хьаьжкIаш. БIоча, дIаяхийта гота!

Iосас шен говр тIе а човхийна, юккъерчу шина старах арахьарчунна шед туьйхира. Iела меттах ца велира ша лаьттачуьра. ТIехьаьддачу Ловдас Iосин говран урх лецира.

— ДIавала, дада, кхузара. Ма хIиттаве со наха юккъехь юьхьIаьржа. Ма кхачаде сан собар! — логе шед хIоьттина хьалахьаьжира Ловда.

— ДIахеца урх!

— ДIавала кхузара! — говр кIегар теттира Ловдас.

— ДIахеца урх.

Iосас кIантана шед айира. Амма юкъабоьллачу наха озийна Ловда юьстахваькхира.

— ДIахеца, со стенна сецаво аш? Тохахь, сан дас туху суна, — аьлла, ша сецочаьрга хаза вист а хилла, юха а Iосина тIе вахара Ловда. — Ас хаза боху хьоьга, дада, дIавала кхузара. Ма хIиттаде вай юьхьIаьржа. Хьо бахьана долуш, наха юккъехь дош ала, церан юьхьа дуьхьал хьовса йиш йоцуш, хеназа къанделла тхо. ХIинца мукъана тоийта. Хьох тхо къаьстина дукха хан ю, нахах мукъана ма даха тхо. Цхьа ваша вейти ахь тхан, важа, Сибрех хьажийна, тIепаза вайна. Тхо висина кхоъ уьш дицделла Iаш вац хьуна. Ма эгаде тхо къила. Хьо-м цхьа ког кошахь лелий. Ма байа вуьшта а хьайга кIезиг нехан безам вай массарех. ЦIа гIуо и гота дIа а якхий, ас доьху хьоьга...

Амма Iосина ца хезира кIанта доху бехкаш, туьйсу кхерамаш, ден дехарш. Доьхкарх йоллу тапча сха а яьккхина, зIок юха а оьзна, буьххьерчу мокхазарей, лергарчу молханей хьаьжна, сутара ши бIаьрг кIантана тIебуьйгIира цо.

— ДIадовла готанна гонахара, — элира Iосас мохь тоьхна. — Со кхеро стаг хIинццалц схьа нанас дена ца виниила хаьа шуна. Оцу готанна аьттехьа ваханарг ас тоьхна вожор ву.

Iосин важа ши кIант гучу ца волу-те аьлла, дIахьажавеллачу

Iелина гира, гоьлех етталу йоккха шаьлта шен чолакх куьйга сеца а еш, кера лаьцца жоммагIа а долуш охана тIехула схьахьаьдда вогIу Васал. Махо ловзайора цуьнан эттIачу чоин бехчалгаш, юьхьа тIехь къегара хьацар. Моханечу цо цхьа доьхнарг дарна кхеравелла, Iела цунна дуьхьалвелира.

— Собаре хилалахь, Васал. Машаре дерзор ду вай хIара.

Амма девне вала ойла Васалан шен а ца хиллера. Ведда веанчу шен хаьдда са дирзича, чоин пхьуьйшашца юьхьа тIера хьацар дIа а хьаькхна, логе хIуьттучу шеддех къурдаш деш, Iосина тIе вирзира иза.

— Iоса, хьо хIун дан воллу? Сан доьзал мацалла хIаллакбан гIерта хьо? ХIара урд ахь дIадаьккхича, ас ялх берана хIун дан деза?

— Бераш кхаба хьайн ницкъ бацахь, зудчунна юххе ма гIерта. Ас кхабарга догдохуш йойту ахь и херсеш?

Iела цецволуш собаре хиллачу Васална хIинца моха еара.

— Хьоь хьайнаш санна, массаьрга а дайалац шайн бераш!

— Сацае хьайн муцIара, пис! — мохь белира Iосин.

— Пис къорIанор ю хьо, ямарт жIаьла! Делах а, нехан неIалтах а ца кхоьру эхь дайна гIизби! ДIаяккха кхузара хьайн гота!

Стерчашна тIе хьаьдда Васал, царна бIостанехьа жоммагIа детта вуьйлира. Iосин ши ахархо юьстахъиккхира. Ша аьллачунна тIера ца вала Iосас, тIе говр а тесна, Васална шед айира.

— Дада! — мохь белира Ловдин. — Ма тохалахь!

Амма юьхьа тIехула кхеттачу шедо Васалан юьхьа тIе цIен арц хIоттийра. Васалан буйнахь яьккхина шаьлта гича, нах юкъалилхира, ткъа Iосас, шен говр, юхаоьзна, тIаьхьарчу когаш тIе а хIоттийна, юьйлина тапча Васалан некха тIе лецира. Амма иза лаг оза кхиале, Ловдин тапча елира. Коьртан хье а тосуш, цIеххьана аркъал сеттина, тIаккха меллаша цхьана агIор вазвелла Iоса, ког луьйтанахь буьсуш, охьавахара. Къаьхкина, ткъех гIулч дехьа яьлла говр, охьавоьжначу беречух цкъа-шозза хьожа а баькхкина, терсира.

ХIинца а кIур туьйсу шегара тапча ярашла а тесна Ловда, охана тIехула дIа хьуьнах воьлла, къайлавелира...

...Хастам лекхачу лаьмнашна,
Шийлачу шаша хьулдинчу!
Хастам хуьлда турпалхошна,
Дала ца бицбинчу!
Аш къийса — шу тоьлур ду!
Дала шуна гIо деш ду.
Шуьца ду бакъдерг, шуьца бу хастам,
Сийлахь маршо а шуьца ю!

Т. Г. Шевченко. «Кавказ»

1

Аьрзус а, Маккхала а шайн накъосташца цхьаьна шина шарахь гергга, дийнахь-бусий садаIар хIун ду ца хууш, къахьоьгуш кечбина гIаттам корта боцуш бисира. ХIор юьртахь бара цара хаьржина тешаме тайпанийн тIеман тхьамданаш. Кийча бара уьш муьлххачу дийнахь, муьлххачу сахьтехь, шайн бIаьхой тIаьхьа а хIиттийна, йиллинчу метте дIагулбала. Амма Iай Шела уллохь хилачу гIуллакхо доккха ков даькхкхинера церан тIеман организацина. Лецначу Кунтин вейтта векална юкъахь вара гIаттамна тIехь куьйгалла дан деза масех стаг. Цул сов, Кунта а, цунна юххера макхула тIе Нохчийчу далийна керла эскарш...

«Нагахь оьрсийн паччахьан кхечу пачхьалкхаца кестта тIом болалахь? — хоьттура шега Маккхала. — Хьан дийр ду гIаттамна куьйгалла? Ма доьхна гIуллакх ду-кх хIара дан ткъа».

Оцу ойланашца Шелара ара а ваьлла, Басса хица хьала ЭгIаштIа боьдучу новкъа велира Маккхал, Аьрзуй. Де, стиглахь марха йоцуш, къегина малх хьаьжна дара. Некъана шина а агIор кхаш тIехь оханаш деш, охкуш, ялташ дерна кечамбеш бохкура шелахой. Хезара ахархойн гIийла иллеш, юкъа-юкъа стерчий чехош детта маьхьарий. Берешца цхьаьна ойлане яьлча санна, гIийла кортош а охкийна, йогIура царшиннан говраш. Хьалхаваьлла вогIучу ДанчIин кIанта Болата, цхьана минотана а сацам боцуш шена дага деъ-деанарг дуьйцура.

Сту Бийначу Ара бевлича берешна хьалха схьахIоьттира Шелара редут. Кху арахь цIий Iанийра церан накъостийн. Шинне а бIаьргаш хьалхахIуьттура оцу дийнан ирча сурт.

— Кхузахь тIом болуш шуьшиъ варий, Аьрзу? — хаьттира Болата, хьалха воьдучура вуха а хьаьвзина.

— Вацара, Болат. Нах а ма хили белара кхузахь, — гIийла жоп делира Аьрзус.

— Со-м вара. Суна сайн шина бIаьрга гира и дерриге а! — дозалла дира Болата. — Соьца Соип вара, вевзий хьуна Далхин кIант?

— Ца вевза, — жоп делира, кIанта дуьйцург тергал ца деш дита там ца хеттачу Аьрзус.

— Иза сан доттагI ву. Хьуна муха ца вевза иза? Тахана а ма вара иза-м тхоьгахь! Хьалхарчу дийнахь дуьйна вара тхойша наха лелочуьнга хьоьжуш. Дуккха а адам гулделлера Шела. МаьI-маьIнера баьхкинера уьш. Зударий бара дуккха а. Шина дийнахь дехарш дира цара инарлега, Қиши-Хьаьжа схьавоьхуш. Ткъа инарлас шина а дийнахь IехийрА уьш, схьалур ву бохуш, амма эххар элира, паччахьера пурба ца хилча шен иза вухалойла дац. Қиши-Хьаьжа генна Сибрех дIавигна, иштта сиха схьакхачалур вац аьлла. Наха дуьйцура, инарла харц луьй, Қиши-Хьаьжа Соьлжа-гIалин набахтехь ву бохуш. И набахте хIун ю, Маккхал? — хаьттира цо Маккхална юххе иккхина, цуьнан луьйтанах а тасавелла.

— Нах чу бухкуш меттиг ю-кх, Болат.

— ХIунда бухку уьш цу чу?

— Iедална новкъара дIабаха.

— Қиши-Хьаьжа новкъа вара ткъа?

— Хилла-кх.

— ХIунда?

— Хаац, Болат. Жима ву хьо, ас дийцича а хIинца кхетар вац.

Шен хаттарна дуьхьал кхачамболлуш жоп ца хезча чамбайна Болат, доккха са а даьккхина, сецира, амма шена гинарг дийцаза ца Iевелла иза юха а къамеле велира.

— ТIаккха, кхоалгIачу дийнахь, Қиши-Хьаьжа схьа ца велча, дIа ца бовла сацам бина, дIо гIопе бахара нах. Қхечу ярташкара баьхкинарш нахе пхиппа-ялх-ялх дIатарбелира. Нагахь дала дезаш меттиг хIоттахь а аьлла, наха хьалххе шайн доIмаш цIандира. Цхьаберш Басса чохь лийчира. ОхIвай, ма шийла де дара иза. ХIетте а лийчира уьш шийлачу хи чохь! Цхьаболчаьргахь шайна кечдина марчош дара. Дукханнийн кералаьцна къорIанаш. Зьюкарца Iасанаш тIе а тийжаш, кху арахула гIопе буьйлабелира уьш. Цаьрца вара со а, Соип а. Моьттура, хьалха санна, хIумма а ца хуьлуш тхаьш цIа доьрзур ду. Бакъдерг аьлча, гIопал арахьа хIиттина гIашлойн, дошлойн эскарш а, яккхий тоьпаш а гича, Соип кхеравелира, со шек вацара! Цхьамзанаш хьалха а лаьцна, салтий дуьхьал буьйлабелча, со вухайзавора Соипа, амма суна ца лиира, хIун хуьлу хьажаза вухавала. Салтий герга гIоьртича нахах цхьаммо мохь туьйхира: «Ма кхералолаш керстанех, церан тоьпан молханах латта хилла, уьш дала эшор бу тахана! ГIазот даккха, кIентий!» — Ткъа, дошлой, тарраш даьхна, хаьн тIехула[1] гуолаца богIура. ТIаккха юкъ-юкъа нехан маьхьарий девлира: «Я аллах!

[1] АгIон тIехула.

Я устаз! Қиши-Хьаьжи!» Яккхийчу тоьпашна уллорчу салтийн карахь кIур туьйсура милташа. Салтий гуттар герга гIоьртича, шаьлтанаш яьхна, нах царна чухьаьлхира. ТIаккха сой, Соип юхаведира. ТIеетта йолийра кегий а, яккхий а тоьпаш. Адам юхадаьлча, хIара аре юьззина Iохкуш декъий, чевнаш хилларш бара.

Оцу дийно дегнашна йинчу чевнашна моьнаш хьовзазчу Аьрзун, Маккхалан кийра цIе кхерстира. Цаьршинна карлабелира Кунта-Хьаьжа лаьцна вигначу деношкахь Эвтарахь хиллачу кхеташонера шайн къовсам.

Кунта-Хьаьжа лаьцначу юкъах пайда а эцна, бенойн Солт-Мурд а, Зумсойн Залма а, гиххойн Вара а гIаттам дIаболо беза бохуш оцу тIехь сецира, ткъа Кунта-Хьаьжин герггара векалш — молланаш, хьаьжой бара. Цара бохура, устаз муьлххачу а тIамна дуьхьал ву, вайна пурба дац адамийн цIий Iено, и дечул, цхьана а кхетта, Кунта-Хьаьжа вухавалар доьхуш, адам инарлина тIе даха деза.

Хинболчу гIаттаман къоначу тхьамданашна Берсина а, Маккхална а, Аьрзуна а шера гуш дара гIаттам кхиамца чекхбериг цахилар. Берсас бохура кхечу пачхьалкхашца Россин тIом ца болабелча толам баккха вайн ницкъ кхочур бац, хIетталц гIаттам бобелча толам баккха вайн ницкъ кхочур бац, хIетталц гIаттам болор хьехо ца оьшу. Цул сов, Маккхала бохура, Россина чоьхьа хуьлучу оьрсийн ахархойн гIаттаме хьажош боло беза тIом. Қхааммо бохура, дехарца паччахьан Iедалера маршо яккхалур яц, иштта адам гулделла де цIий Iаноза доьрзур дац.

— Оьший ткъа, цхьана Кунта-Хьаьжин дуьхьа адам хIаллакдар? Кунта-Хьаьжа делан лаамца лелаш стаг ву, иза лацар а деламан лаам бу. Шун гIуллакх дуй ткъа, делан кхэл йохо гIерта? ГIатамехь дакъалоцучу нехан Iалашо бусалба дин чIагIдар яц. Дала оьшу. Цундела, тхуна лаац Кунта-Хьажа лацарх доьзна цхьа а кечам боцуш цIехьана гIаттам боло. Иза цхьана-шина дийнахь хьошур бу. Эрна цIий Iенар ду. Баьччанаш лецна Сибрех бохуьйтур бу. ХIинццалц хьегна къа дов. Цул сов, тхо цхьадерш дуьхьал ду паччахьан Iедале дехаре даха а. Герзаций бен, дехаршца дакхалур дац вайга латта а, маршо а, — бохура Маккхала.

ГIаттаман, тIеман тхьамданех Солт-Мурд а, Залма а, кхин масех стаг а Берсиний, цуьнан бартахошний тIетевжира. Биснарш шайна юккъехь массарна дарвелла Вара а волуш, Къаьхьармахьаьжигахьа бевлира. Оцу дийнахь боьхначу барто Сту Бийначу Арахь цIий Iанийра бехк боцчу дукха адаман. Цул сов, Шелахь цIийIанор чекхдаьлча, паччахьан Iедало дIалийцира хинболу гIатамийн ах куьйгалхой, цаьрца бертахь болу Iеламнах. Маьрша битаман синчех дуккха а коьртахой, тайпанийн тIеман тхьамданаш кхерабелла севцира.

ХIинца дерриге а юхадоло дезара.

Цуьнан ойла йора Маккхалий, Аьрзус, хаддаза цхьаъ дуьйцучу жимчу Болате ла а доьгIуш.

Сту Бийна Аре а хадийна, Бесачу-Берда тIе хьала а девлла, Эгlашта боьдучу новкъа хьуьнах доьлча, Болат луьйчура сацийра Аьрзус.

— ХIан, Болат, тоьар ду ахь тхуна дийцинарг. Хьуьн чохь чIогIа дийца ца мега хабар ду хьайниг. Хьанна хаьа, вайга ладоьгIуш цхьаъ хилахь... Хьоьга ладоьгIначо цхьаммо а эр дац, хьо шозза лам чохь хилла. Самонна дика ца Iамийна хьо къеначу Залмас.

Шен пIалатана бехкалвахана Болат, эхь хетта корта а таIийна, вист ца хуьлуш сецира.

— Мичхьа соцу тхойша? — хаьттира Аьрзус Болате.

Болата, саца а сецна, охьа чу пIелг хьажийра.

— И дIо лаьтта ши поп гой шуна? Царна кIел шовда ду. Говрашна церг хьакха бай а бу цигахь. Шуна ца гуш стаг тIе вогIийла а дац. Ший а цигахь саца, со сихха вухавогIу.

Коьртара схьабаьккхина бIегIаган куй кера а лаьцна, шен хеча лаккха хьала а оьзна, дIаиккхина Болат, берзинчу когашца ченан кIур гIаттош цхьа бIе пIулч дIа а вахана, тIаккха некъах дIакъастачу цхьана гIашлойн новкъа хьуьн чохь къайлавелира.

Лакха гу тIе хьалаваьлча, цхьана зоьрталчу попа тIе ваьлла иза, гIа дуькъачу шалгон тIе а хиъна, дIатийра. Цигара цунна дика гора ша Аьрзуй, Маккхал тIехьажийна шовда а, лаьхьа санна сетташ ломах охьабогIу гIашлойн некъ а. Оцу новкъа схьава везара Берса. Амма гуш хIумма а дацара. ГондIа бIаьрг бетта кIордийнчу Болата, шен эттIачу гIовтала чухула, хечин борчах йоллу тапча схьаяьккхира. Вуьшта а цIенчу цунна лерина бIегIаган куй хьекхна, мокхазан иралла а зийна, цхьацца хIуманна нийсалла хьежо велира иза. Амма цо сих-сиха бIаьрг тухура гIашлойн новкъа хьала, охьа шовдане.

Дукха хан ялале гIашлойн новкъахь гучувелира цхьа бере. Урх тесна йитина цуьнан говр меллаша йогIура. Коьртах хьарчийнчу башлакхца, кхоьллинчу вертанца цунна тIера бере, цхьа хIума тергал ца деш, кIоргерчу ойланаша лаьцна хеталора.

Болатана бIаьрг ма кхийтти бевзира кIайн сет а, кIайн когаш а болу Берсин расха дин. Даим гIайгIане, ойлане Берса вовза а дацара цуьрриг хала. Иза герга кхачавоьлча, попах схьабаьккхина кIожам[1] бага а лаьцна, гIодаца охьа а веана, лахарчу ган тIехь сецира Болат.

Попа кIелхула волучу Берсина букъах цхьа хIума кхийтира. Болат бIаьрнегIар тоха кхиале Берсин белшех кхозу верта говран гоа тIе дуьйжира, керахь къегира юьйлина ши тапча?

— ЭхIе-хIе! Кхеравелин хьо! — мохь белира шен забарх тамхиллачу Болата. — ХIоппIахь! ХIара-м со вай!

[1] Диттан «жIаьленускал».

Ша тIехь Iачу ганах кхозалуш, лаьтта охьаиккхира Болат.

— Болат! Хьий йилбаз яI! Хьуьн чохь иштта забар ян мега ткъа! — барт бетта хIоьттира Берса. — Мила ву а ца хууш, ас, тоьхна, къиг санна, чу вайтанехь хIун хир дара? ДанчIин кIант хир вацара, сан доттагI а, жима тIемало а вовр вара! Низам талхорна таIазар дан деза хьуна.

Кхеравелачу Болата шен кIесаркIога мIараш хьаькхира.

— Олла ма ло! Ма тIемало а ву, цIулла серах а кхералуш! Мичхьа бу вайн хьеший?

— Шала-Iинехь.

— ДIавало. Амма таханлера гIалат юхадалийтахь!..

— Ас кхин йийр яц забарш...

— Дукха хан юй хьо соьга хьоьжуш Iан?

— ХIан-хIа. Ах сахьт гергга, — кхерам тIехбаьллий хиъна, Болат вуха а векхавелира. — Хьо, паччахьан эпсар хиллехь а, ледара обарг ву, ваши.

Берса, велавелла, кIанте хьаьжира.

— Со-м ма вац обарг?

— Обарг вацахь а, амма лечкъаш-м лела хьо. Велахьара-м цхьаммо тоьхна вожор вара я мостагIаша дерзинчу куьйгашца а дIалоцур вара.

— И хIун ду?

— ХIун ду! Хьо санна лелачу стеган лергаш сема хила деза, лаьттахула зингат доьду а хезаш. Мел юькъачу а хьуьнах чекх са гуш, бIаьрг сирла хила беза. Йовза еза акхаройн, олхазарийн амалш, лараш. Ткъа хьан тидам ца хилира со волчу гонах тийна хиларан. СхьадогIу олхазар, со а гой, охьахууш, ца хууш додий дIахиларан. Схьадогlу олхазар, со а гой, охьахууш, ца хууш додий дIадоьдура. Ас тамаша ца бо хьуна уьш цагарх. Хьо, вертана юккъе воьлла, коьртах башлакх хьарчийна, наб еш ма вогIурий. Топ кхозу вертан чухула юьхьар ерзийна кочахь. Хьо иза схьаяьккхина валале дара хьуна цIен-кIайн доьлхур. Топ, юьхьиг хьалха а ерзийна, кера лаьцна я шена хьалха пурхашха охьайиллина хила еза. Лергаш, бIаьргаш, марий баьстина хила беза, мел шийла слахь а. Хьо кхузахь сацал, новкъахь адамаш дуйла хьажа со.

Ведда вахана новкъа а иккхина, хьала-охьа бIаьрг а тоьхна, Берса тIевоьхуш куьг ластийра цо.

— Со-м, цхьанхьа суо тергалвеш хьо вуйла хууш, парггIат вогIурий, Болат. Амма ахь дийцина сан гIалаташ нийса ду. Хьан Iамийна хьо ишта? — хаьттира Берсас, шаьшшиъ, ЭгIаштIа боьду некъ хадийна, дехьа ваьлча.

— Зумсойн Залмас, — дозаллица жоп делира Болата, — стохка аьхка а, дIадаханчу Iай а Органца хьала лаьмнашкахь ши бутт баьккхина ас. Цхьа бIе гергга вара тхо цо Iамош. Аьхка-м хаза дара цигахь. Юькъа, сийна хьаннаш, шовданаш, олхазарш, акхарой. Доллучул хаза дара Орга. Чехка, буьрса! Уггар хи чехка долчухула неканца а, говрашкахь а дехьа дийла Iамийра тхо. Нека-м сиха

Iемира суна, амма бедарш, герз коьрта тIехь, уьш ца дашош хих вийла хала дара. Тоьпан а, тапчин а лергара молха тIунделлачунна хIума тухура Залмас. Дечгаш вовшахтуьйсуш бурам дан а, цуьнца хи тIехула лела а Iамийра. Доллучул самукъе дара аккарой дойуш, церан цIокарчех катташ дар.

— Уьш стенна оьшура шуна?

— Стенна оьшура! Дусий уьш пхи-ялх вовшех доххкий. Органах довлура тхо-м царна тIехь. ГIуллакх дIадаьлча, цуьра мох дIа а хоьций, таьлсаш чу дохкура. Бурмана дечгаш хедош, уьш вовшахтуьйсуш, уьйуш лелочул атта а, самукъе а дара иза. БIаьста-м яа хIума а карайора, миччахьа охьавижа а магара. Амма Iай хала дара. Тхаьшна даа а, я говрашна дала а рицкъа доцчу дигира тхо. Лаьмнашкахь каро дезара тхуна дерриге а. Юьхьанца Iаламат хала дара. Шело, мацалла! Лайн саьнгарш, шан тархаш! Цхьа жимма а ког шершина, галваьлча къакъарашт аьлла бухарчу дуьнена гIур вара хьо. Амма тIаьхь-тIаьхьа атта хилира. Лай кIел говрашна яо буц карайора, толлуш тхаьшна напхина таро а ялора. ОххIай, ма сатийсира оха сискале! Амма сатоха дезара. ТIамехь иштта меттигаш дукха нисло боху. Хало-м, дера, лайра оха, делахь а, тхох цхьа а дохко ца ваьлла цигахь Iай, аьхкий цхьацца бутт баккхарх.

Нохчийн божабераш физически кхиорах лаьцна оьрсийн эпсарша дуьйцуш дукха хеззера Берсина. ТIом чекхбаьллачул тIаьхьа цхьана-шина шарахь тесна йитина и шатайпа школаш дIадаханчу шарахь дуьйна юха а болх бан йолаеллера. Ламанца йолчу ярташкара итт шарера ялхийтта шаре кхаччалц долу бераш рогIехь аьхка а, Iай а цхьацца баттана лаьмнашка а дуьгуш, тIеман гIуллакхана Iамор тайпанийн тIеман тхьамданашна тIедиллинера хинболчу гIаттаман куьйгалхоша. Церан болх муха дIабоьду хьожуш цкъа Берса ша а хиллера ломахь. Цо самукъадолуш ладоьгIура Болата дуьйцучунга.

— Кхин хIун Iемана хьуна?

— ОхI, дуккха а! Талла, нийса топ тоха, тур-шаьлтанца, говраца хьуьнарш гайта, кIоргачу лай тIехула чу а ца воьдуш лела. Бердийх, тIулган а, шан а тархашний, дитташний тIе вийла. Хьо Iамнйний иштта? — хаьттира Болата цIеххьана.

— ХIан-хIа, Болат — гIайгIане жоп делира Берсас. — Со кхечу кепара Iамийнера тIамна.

— ХIай-хIай! Хьан леларехь а хнира суна, хьуна хIумма а ца хаьнйла!

— Амма мел дика хир дара хаьий хьуна, Болат, шу массо а ас дешначу школашкахь Iемана хилча?

— Стенна оьшу и? Ас-м доьшур дацара цигахь, со вийчи а!

— ХIунда?

— ХIунда! Цигахь мел дешнарг мунепикъ хуьлий вогIу цIа, тIаккха, керстанийн лай а хуьлий, вайнах байа хIутту.

Берсас доккха садаькхира.

— Вай дерриге а дешна, кхетам болуш делхьара хир бацара хIара тIемаш. Массарех эпсарш хила аьлла-х даций. Дешар-м кхин тайпа а дай.

Амма Болатана хаза а ца хезара Берсас дуьйцург.

— Аьрзус цхьаннахьа а ца дешна, ткъа муьлххачу инарлел, майра а, хьекъале а ву ша. Вуй, ваши?

— Майра а, хьекъале а ву, амма цуьнгахь Iилма дац.

— Ма дийцалахь! — куьг ластийра Болата. — Дера ву Аьрзу майра тIемало. Дадас цуьнан хьуьнарш дуьйцу суна. Аьрзус а Iамийна суна дуккха а хIуманаш. Суна тахана хIара тапча а елла цо!

Хечин борчах сха а яьккхина, Берсе тапча кховдийра Болата. Цунна томана, схьаэцна лерина хьажа а хьаьжна, юхаерзийра цо иза:

— Дика герз ду хIара-м, лело къонаха велахь.

— Маккхал вац вон тIемало,амма гергал дика мотт лебо цо.

— Маккхал молла ма ву, Болат. Хьуьжарехь пхийтта шарахь дешна цо. Цуьнан коьртехь санна, кIоргера Iилма долуш молла вац Нохчийчохь.

Болат цецваьлла Берсега хьаьжира.

Суна моьттура иза жима молла, моллин эхиг ю! Ой, иштта делахь, цуьнан коьрта тиллина туркойн пес а, тIеюьйхина оба а, каралаьцна суьлхьанаш а хила ца дезара? Молла Идиг, молла Махьмуд а, Муьстапа-къеда а паччахьана дукхавеза, Маккхал хIунда вац уьш санна? — хеттарш Iенадора Болата.

— Ахь буьйцучу молланаша паччахьана гIо до. Цара гIо дира, кху Iай Сту Бийначу Арахь нах бойуш а. Уьш а, уьш саннарш а вайн халкъан ямартхой бу. Ткъа Маккхал санна майра, хьекъале а, халкъан дуьхьа бала кийча молланаш дукха бац Нохчийчохь. Керста а, бусалба а ца къастош дика адамаш дерриш дукхадеза Маккхална. Цул сов, оьшучу меттехь оцу шен маттал а дика герз леладо хьуна цо, Болат.

— ХIетте а Аьрзу тоьла массарел а. Хьол тоьлий иза, ваши?

— Тоьла дера-кх, — вела а велла, тIетайра Берса. — Аьрзу шен пхийтта шо кхаьччахьана дуьйна тIеман цIергахь кхиъна, ткъа со доьшуш лелла.

«ХIаъ, Аьрзу дукха тоьла сол. Цуьнан хьекъалний, майраллиний тIе оьшург тIеман Iилма дара. ТIаккха хир вацара цуьнга кхочуш инарла», — ойла йора Берсас.

Шена хетачунна Берса тIетайча там хиллачу Болата хеча хьала а оьзна, коьртара бIегIаган куй, раз боккхуш, агIор теттира. И шиъ шовдане кхача дукха юкъ ца йисинера. Болатана лаьара, Берсица ша цхьа виссинчуьра дерриге а хетта, дийца. Иза цIа веъча церан чохь ДанчIа я хьеший боцуш меттиг ца хуьлура цкъа а. Болатана кхин нислур бац иштта аьтто.

— Паччахьо хьуна ши ордал елла бохург бакъдуй, ваши?

— ХIаъ.

— ХIун динчунна?

— Гена махкахь цхьа къам дара, вайнах санна, цхьана паччахьо хьийзоц. И къам гIаьттинера шена маршо яккха. Церан паччахьо, ша иэша воьлча, оьрсийн паччахье гIо дийхира. Оьрсийн пачхьо, ша иэша воьлча, оьрсийн паччахье гIо дийхира. Оьрсийн паччахьо шен эскарш дахийтира цига орцах. Оцу эскарца вара со а. Цигахь хьуьнар даьлла еллера-кх.

— Шелахь суна гинчу эпсарша шайн ордалш некха тIе а ухкий лелайо. Ахь хьайниш хIунда ца лелайо?

— Уьш йоцуш ю хIинца, Болат.

— Мича яхана? Яйана ахь? Я дIаяьхна хьоьгара?

КIанта дуьйцучо цхьа хан карлаяьккхина гIайгIане хиллачу Берсас корта хьовзийра.

— Ас Мичка чу кхиссина уьш.

Болатан догдуьйхира.

— Вон кхиссина, ваши. ДIа а еккина, цIахь йитинехь.

— Сан цIа дан а дац, Болат.

— Хьайна оццул совъевлла хилча, суна лур яра-кх.

— Суна хаацара хIетахь хьо дуьненахь вуйла. Вайшинна оьшуш хIуманаш яцара уьш, Болат. Адамийн цIий Iенорна елла ордалш вайшинна некха тIехь товр яц.

— Иза а ду-кх бакъ, — элира Болата, воккхачо санна, тIаккха жимма ойла еш Iийна, хаьттира: — Берса, доккха дуй хIара дуьне?

— Дера ду, Болат.

— Адамаш, вай санна, хало хьоьгуш дуй массанхьа а?

— Массанхьа цхьаъ ду, Болат. Ницкъ болчо гIорсизниг вуу. Тоьлларг веха, эшнарг ле. Амма кхечу мехкашкара адамаш кхетам болуш, говза ду. Царна хаьа шаьш лело дезарг. Вайн дайша а ца дешна Iилма, шу а дац доьшуш. Цо галдоккху дерриге а. Вайнахана дуьххьал дIа майрра латий бен, мостагIашца къовса кхин некъ ца хаьа. Цундела вай бIаьрзе хIаллакьхуьлу, Iехо атта ду.

Болата ойла йира. Цунна хаа лаьара и школа бохург хIун ю. Хьуьжаре хIун ю-м хаьара. Уьш-м Шелахь яра. Амма хеттарш дан хан яцара. И шиъ тIекхачаре хьоьжуш шовдана уллохь хIоьттина лаьттара Аьрзу а, Маккхал а.

2

Доттагlаша вовшийн доггах маракъевлира. Доцца хьал-де а хаьттина, лекхачу попа кIел сийначу бай тIе охьа а хевшина, гIулакхах къамелаш долийра цара.

— ТIаккха, кIентий, хIун ду Нохчмахкахь? — хаьттира, дерриг сихха хаа сакIамделлачу Берсас.

Маккхала реза воцуш корта ластийра.

— Диканиг кIезга ду, Берса. Шелахь йинчу хьовр-зIовро тIе-

кIелтоьхна дерриг а. Билтойн тхьамданаш Шахьболат, Умалхьат а, зандакъойн Нуркиши, БIагIоло а шина дага бахана. Вайн барта юкъара дIабовла а лаац, вукху агIор, Iедална цIоганаш а лестадо. Шахьболат а, суьдан къано Саьмби а вовшийн гергара ву. Гезлойн Хасу а, стохка дуьйна Iедалца къайлах юкъаметтигаш йолуш вуйте моьтта тхуна. Бакъ ду, вайн гIуллакхах лаьцна Iедале хIумма а ца олу цо. Шахьболатций, Саьмбиций йолчу гамонна лела. Доцца аьлча, царах тешам бац. Момин Хьотас шен гендарганой, ткъа Ойшин Чомакха — шен гIордалой буйна боьхкина.

Малхо йохIинера кIеда буц. Коьрта кIел куьйгаш доххуш, ша волчхь аркъал а тевжина, диттийн баххьашна тIехула дIа, стигла хьежа хIоьттира Берса. Хьуьнна тIехула хьийзара талла арадаьлла Iаьржа куьйра. КIез-кIезиг лахлуш охьа а деана, цIеххьана юьхьара хьаьдда иза, дитташна юккъехь къайла а даьлла, дукха хан яллале, мIарашна юкъа къевлина ижу а иэцна, регIа дIадахара.

— Со цкъа а ца тешара царах, — элира цо паргIат, — Шайн цIоканаш кIелхьараяхаран дуьхьа, ненан марчо духкур дара цара. Царах къаьсташ вац Шахьболат а. Цуьнан бага хьаьжна ву Нуркиша а. Молла БIагIалона оьрсий бIаьрга ган ца безийла хаьа суна. И ду уггар зуламениг. Амма, шена дашо сом кховдийча, Iедална вохкавала кийча ву. Ас даим а олуш ма ду, вайн берриг бохамаш оцу цхьацца болчу тешха нахера схьабуьйлу. Делхьа, ма ца воьлху-кх со, царах цхьаберш дIадаханчу Iай лецна Сибрех бахийтарх.

— Берриг бац уьш, хьуна ма-моьтту ямарт, — дуьхьало йира Аьрзус. — Халкъ вовшахтоха, цунах цхьа буй бина, иза къийсамехь хьалха дига ницкъ цаьргахь бен бац тахана.

— Галваьлла хьо, Аьрзу. Цара болх далла тIе а биллина, гIазоте кхайкхамаш бар а, кхин, кхин а дац ткъа вайн халкъ дакъаза даьккхинарг? Халкъан кхоллам динадайн кара а белла Iийча, цунах хIун хир ду? Я хилларг ца го хьуна? Дуьненахь хуьлуш дерг хIун ду а ма ца хаьа царна. Дерриг церан хьекъал а, кхетам а ламазций, доIанашций бу-кх. Юха а я гIазоте, я Iедална муьтIахь хиларе кхойкхур ду-кх цара. Шаьш йовхехь а, буьзна а хилчхьана, адамашкара бала царна бен ма бац.

— ШарIан Iедал динадайшка а делла, тIеман гIуллакхаш ваьшкахь дуьтур вай, — шеIиг дуьйцура Аьрзус, — ШарIан гIоьнций бен халкъ низаме далур дац. ТIе, вай дIатоьттур бац кхечу динехь болу нах. Маршонехьа къийса луург, иза муьлххачу къомах, динехь а велахь, вешан байракх кIел хIоттуьйтур ву.

Берса велавелира.

— Аьрзу, хьан молланаший, хьаьжоший дийр дуй иза? Хьуна дика ца бевза уьш. Цаьрга ладоьгIучу халкъана а ма-моьтту, шен бохамашна, шегарчу Iазапана бехке а керстанаш бу!

— Бакъ дац и, Берса. Халкъ дацара ткъа, паччахьан эскарера

уьду салтий тIеоьцурш? Вайца цхьана могIара а хIиттина летарш, лийраш и керста салтий бацара ткъа? Муху летара? Турпала! Вайца Гунибе буха а бевлла, цигахь тIаьххьарчу стагана тIе хIотталц леташ, турпала ийгира, — тIаьхь-тIаьхьа карзахвуьйлура Аьрзу. — Вай якхий тоьпаш кхийса, кхечу говзаллашна Iамийра цара. И дерриг дицделла хьуна?

— Хилийтахьа ахь ма-бохху, — кIадвелла вовелира Берса, — коьртехь хьекъал, Iилма а долуш, халкъо лоруш майра молланаш беза вайн гIуллакхана. Уьш мичхьа карор бара-те?

Аьрзу вуьйхира.

— Ойла йича хуур дара-кх... — элира цо. — Ишта, цIеххьана жоп дала хала ду. Iедало кхерийна уьш...

— ХIай-хIай... Ас дукха ойла йина оцу тIехь. Эрна. Iелам нах дуккха а бу, амма къонахой кIезиг бу царна юкъахь.

— Маса молла везар ву вайна?

— Лаххара а бархI. ХIор виллайете — цхьацца.

— Хьо шайх кхайкхийча хIун дара-те? — вела а велла, Маккхалан чоьже буй Iоьттира Берсас.

— Суна и дага деана-м дукха хан еца! — тIетайра Аьрзу.

— Делхьа ма дика хир дара иза! Цхьаъ мукъане а вешан, халкъаниг хила ца мега?

— Йитал забарш! — куьг ластийра Маккхала.

— Забар яц оха йийриг ,— корта ластийра Берсас. — Нагахь цхьа эвлаяъ ца хилча, вайн гIуллакх галдолуш делахь, хьо хила луур ду тхуна. Макка хьаьжа цIа а гIой, цигара цхьа баьццара оба а, иттех дол чалба а йохьуш цIа вола. Некъахь туркойн пес а эца. Кийчча шайх хир ву хьох. Некъана ахча а вайн долуш ду. Хьо реза вуй, Аьрзу?

— Сой? Нагахь вайн ахча ца тоахь, сайн цхьа́ йолу цхьа шарбал йоьхкина вахийта а реза ву!

— Виэла шуьшиъ! Дика ойла йича, воьлхур вара. Вайн халкъан дакъазалла, аттала вешан эвлаяъ а ца хилла вайн. Мансур, Бийболат дIаваьлчхьана корта боцуш дисина. Арахьара стаг, иза къу велахь а, сагIадоьхург велахь а, ги а вуллий лелаво. Муьлш бу вай вешан, имамаш бинарш? Арахьара нах. Мел адам хIаллакьхилла уьш бахьанехь? ХIунда боху уьш лакха? Вешан Iовдалалла!

Лаккхара динадай хьахабелча, даим а карзахволура Маккхал. Амма иза тахана санна оьгIазе цкъа ца гинера Аьрзуна.

— Кхин ду цхьаъ, Маккхал, — элира лерина ладоьгIучу Берсас, — маршонехьа къийсамехь, дин, къаьмнаш, тайпанаш а къесто эшац. Маршонан гIуллакхана тешаме верг вайн ву, дуьхьал верг — мостагIа. Мичча къомах, динехь велахь а. Ас дуьйцу ца хезна хьуна, Венгрехь маршонехьа гIаьттинчу халкъаца массо а къомах нах бара. Церан гIаттам хьаша баьхкинчу шайчарна дуьхьал леташ. Коьртаниг — стеган дог-ойла, адамалла, оьздангалла, къонахалла ю.

— Ахь дуьйцург ша ду, Берса. Вай а ца къестийна къаьмнаш а, дин а. Шен махкара эккхийна, гІаддайна веанарг вешан ваша вина тІелаьцна. Оьрсий, гуьржий, хІирий, гІебартой, чергазой, кхин дуккха а. Ас буьйцурш кхин бу. Я шен а, я вайн а халкъан а бала а боцуш, шайн аьттонна Іовдал нах лоьхуш вайн махка богІурш. Вайна вешан стаг ца везий хууш, кхуза схьа а богІий, вайн коча ховшу уьш.

— Ткъа вай вешанаш лерац, — дуьйцура Маккхала кхин дІа. — Вешанаш хІаллак муха бийр бара-те бохуш лела. И хуучу арахьарчара цунах пайдаоьцу. Жа санна, шайна луъ-луучу агІор дІасахьийзадо. КъорІана тІера цхьа-ши аят дагахь деша хууш хилчхьана, арахьара стаг ги вуллу. Кара а оьций, куьйгаш тІехь лелаво. Даош, малош, тІедухуш кхобу. Вешан Мансурах хІун дира вай?

— Уьш массо бехвар нийса дац, доттагІий. Оцу тІебаьхканчарна юккъехь а бара майра а, хьуьнаре а, оьзда а къонахой. Халкъ дезаш, даггара цуьнан маршонехьа бусалба динехьа а къуьйсуш леттарш, белларш а бу.

— Иштанаш кІезиг бара царалахь, — элира Маккхала. — Вайн вешанаш дуккха а хир бара вайна хилийта хиънехь, хилларш ларбинехь. Вайна ца хаьа вовшийн лера, вовшийн сий дан. Вовшашна юккъера хьаьгІнаш, гамонаш а ю вайх адамаш хила ца дуьтурш. Халкъан барт белахьара я и барт бан къонахой белахьара, хІара ІІедал тІера дІакхоьссина, я цуьнца машар хилла, гІуллакхах тоххара цхьа агІо яьккхина хир яра. ХІинца иза а, я важа а дац. Іу воцу бажа санна, даьржина лела.

— ХІун дийр дара ткъа, хІокху масех бІе шарахь ишта Іамийна-кх вай. Даим дІа тІемаш, хийрачийн олаллина дуьхьал къийсам. Шаьш бІарздича хІораммо а кІелхьаравала некъ лохура. Боьхий, цІений ца къестош.

— Ишта-м дара иза, Маккхал, — элира Берсас. — Вайн ваьшна юкъарчу хьаьгІнаша а, девнаша а новкъарло йо вайна оьрсашца машар бан а, паччахьан Іедална кІелхьарадовла а. И имамаш а кхечу къаьмнашлахь хІунда бац? Масала, ХІирий чохь, ГІебартахь, Чергазехь? Бахьана стенах доллу? Кхетамах. Хьекъале стаг ша саннарг Іехо ца гІоьрта. ГІуллакх хир доцийла хаьа. Шел ІІовдалниг лоху цо. Ас цІераш яьхначу мехкашкахь Нохчийчохь санна, бодане къаьмнаш ма дац. Къуьно къола серлонгахь ца до. Къуьнна бода а, барт боцу меттиг а еза. И ший а Нохчийчохь долуш ду. Цундела нах Іехо луург кхуза вогІу. Вайна юкъа питанаш туьйсуш, вай Іехош, тІум санна, даа.

Гена доццуш хьуьн чохь диг детта долийра. Дукха хан ялале кхагаран, кІуьран хьожа еара цигара схьа. Хьун хьоькхуш, ягош, ирзош дохуш бара нах.

— Дависарг, дуьненан Іилма хууш нах белара вайн, — элира Маккхала сатийсаме. — ХІун Іамадо хьуьжаршкахь? КъорІанаш, жайнаш а. Кхолламна сатохар, собаре хилар. Оцунна-м реза ду

вай даламукълахь. Дала лардойла вай шех а, динах а ца тешарх. Амма вайна дуьненан Іилма а ма оьшу. Цуьнца ду вайн халкъан хиндерг. Амма вайнахана и хаац. ХІоранна а ша эла хета. ТІелхигваьлла, къелла къикъ воьлла велахь а.

Берса охьахиира.

— Лаьмнашкахь вехаш хилла боху дика къонаха а, хьекъале а ву бохуш, генна, махкал арахьа цІеяхана цхьа стаг. Иза лоьрура сирбеллачу къеначара а. Цунах дагабийла богІура ХІирийчуьра, ГІебартара, Чергазойн махкара. Иза вуьйцу хезна, ган веана гена махкара цхьа эла. Цуьнан куьце, ницкъе, хьоле а, бахаме а хьажа. Веана кхаьчна иза воккхачу стеган юьрта. ДІаса бІаьрг тоьхна. Цхьаннахьа а гуш гІала-м хьовха, хІара ду аьлла цІа а ца хилла. Хаьттина эло, хІокху эвлара мукъане а вуй, и цІарна а цІеяхана хьенех. Цунна цхьа лаппагІа гайтина, кхечарах къастам боцуш. ХІара кетІахь сецча, тІевеана дукхе дукха безамехь воккха стаг а, куьце виъ кІант а. Эца ма-веззара тІеэцна хьаша. ХІусам чу вахча кхин а цецваьлла иза. Гобаькхина къелла. Хьаша кхача биъна ваьлча, гІуллакх хаьттина хІусамдас. «Делхьа, воккха стаг. Нохчийчохь вехаш цхьа хьекъале, оьзда къонах ву бохуш хезнера суна, гена тхайн махкахь, — долийна эло. — Иза ган, цуьнан хабаре ладогІа, цуьнан бахаме, хьоле хьажа араваьлла со, хоьт-хоьттуш, хІокху юьрта, хІокху хІусаме кхечи. Ас лоьху стаг наха хьо ву боху. Къечу стагана хала ду къонаха хила. Махкахь а, махкал арахьа а вевзаш стаг муха хилла хьох?

Воккхачу стага жоп делла: «Суна а, сам хІусамнанна а вовшийн дезара. Охашиммо вовшийн сий дора. Иза гучу тхан бераша а лийрира со. Доьзало сий деш, лоьруш гича, лулахоша а лийрира. Лулахошна со стаг хетча, юьртана а хийтира. Юьрто сий деш гича, махко а сий дира сан. Махкахь яхана цІе, гена мехкашка а кхечира. Нахана со ву моьтту стаг сох винарг уггар хьалха сан хІусамнана, тІаккха доьзал а бу, хьаша».

И хабар дийцина, цунах жамІ ца деш, юха а дІатевжира Берса.

— Иштта ду гІуллакхаш, кІентий. Вай хьалха ма-аллара, стеган сий шегара, шен доьзалера долало. Уггар хьалха ваьш лера хаац вайна. Эрна ца аьлла Шемала, нохчийн шен диканиг лакха воккхуш гу а бац, вониг чу тосуш ор а дац. БІаьрзе ду вайн халкъ.

— ХІетте а, Берса, луларчу халкъашца дуьстича, дукхе дукха маьрша даьхна вайн халкъ. Гихь элий а боцуш. ВархІий дайшкахь дуьйна дуьненан цхьана а паччахьана хьалха корта а ца таІийна. ХІинца а таІо ойла а яц. Оццул дакъаза даккхий а ма дийцал аш, вайн гІуллакх.

— Ма бІаьрзе стаг ву-кх хьо, Аьрзу, — мохь белира Маккхалан. — Вайн халкъан а ма бара шен хьолахой. Царал сов, тІебаьхкина элий а, неІ хьеллац вайн халкъ дацош. Бакъ ду, кхечу къаьмнашкахь санна, хьолахойн долахь дацара вайн адамаш. Цхьаннех бозуш боцуш, маьрша баьхна вайн дай. ХІор стага ша лардора шен

сий, маршо а. Цунна гIаролехь лаьттара вайн Iадаташ а. Амма пайда барий ткъа оцу маршонан, дерриг халкъ къен, бодане хилча? Бакъ ду, луларчу къаьмнийн элий къиза бу, цара шайн халкъаш сийсаздо, Iазапехь дахкадо. Амма оццу элаша, дуьхьало ца еш, шайн лаамехь оьрсийн паччахьехьа а бевлла...

— Цул хьийзораш ца еш, нисса алахьа: ахчанах, чинех а шайн чоконций бохкабелира. Шайн халкъаш а доьхкира.

— Иза-м хууш дерг деца. Мухха делахь а, оьрсийн паччахьехьа а бевлла, шайн къаьмнаш оцу бехачу тIамах а, эрна хIаллакьхиларх а кIелхьарадехира цара. ХIинца церан Iеламнах бу. Бусалба а, оьрсийн а дешар дешна. И халкъаш вайл токхе а деха.

— Вайл дика-м ца бехара уьш. Машаре, синтеме а беха. Хьалха шайн элий бара церан яьIни тIехь. Паччахьан Iедал тIедеача, цо шен дукъ а доьлли церан коча.

— Вайн халкъан бехк бац иза къен, бодане хилар, — элира Берсас ойлане, — иза бехке дац масийтта шарахь оьрсашца хиллачу тIамна а. Маршо езар, шена ма-хуъа, шен ницкъ ма-кхоччу иза ларъян гIертар, и бехк бу-кх вайн халкъан. Иза даим а машаре хилла лулахошца. Боккха лерам бара массо а халкъе а. Берриг бохамашна бехке хIара неIалт хилла паччахьан Iедал ду. Амма хилларш, лелларш, цатемаш, мостагIаллаш дицдийр ду вай. ХIинца вешан берриг ницкъ, хьалха оьрсашний вайний юккъехь хилла тешам, ларам а юха меттахIотторна тIехьажон беза.

— Тамаша бу, Берса, ахь Кунта-Хьаьжица тоба ца динехь? Хьан ойла паччахьан Iедалехьа дIа ца хьаьвзанехь!

— ХIан-хIа. Оьрсашца машар бар, гергарло чIагIдар а данне дац маршонехьа къийсам сацабе бохург. Оьрсийн халкъ а дац аттачу тIамна а. Маршо езар, шена ма-хуъа, шен ницкъ ма-кхоччу иза хила деза вай. И ду со ала гIертарг.

Хан дIайоьдура. Попан дахделлачу Iиндагlе а хьаьжна, доттагIий сихбира Берсас.

— ГIуллакхах дийций вай? — элира цо. — ХIета, динадай юкъа балабе боху-кх ахь, Аьрзу?

— Оцу цхьаболчара шайн тешамах-м дер даьхнера вай. Амма кхин ницкъ ца хаьа-кх суна, адам вовшахтоха. Вай делах тешаш нах ду, даламукълахь.

— ХIета, юха а гIазотан байракх айа боху аш? — Iоттар йира Берсас. — И динчу Шемалх хилларг я цунах тешначу вайх хилларг а дицделла хьуна?

— Кхиамаш боцуш вацара иза. Цуьнан Iедалан къизалло галдаьккхира дерриг а.

— Цхьа къизалла хилла ца Iа бехке, — реза ца хилира Маккхал. — Коьрта бахьана кхечхьа доллу. Цо а, цуьнан динадайша а кхайкхийна гIазот. Цара и хьехамаш ца бинехь, гуьржий, хIирий, хIокху агIорхьара оьрсий а хир бара вайца. Амма оцу гIазото цхьалха дити-кх. Цкъа, берриг динадай цхьанакхеттачохь, ас эли-

ра, шун хьехамаша дакъаза даьккхина халкъ, керстанашца машар хила а, барт хила а ца дуьту аш. ХIетахь мунепикъ-молла аьлла цIе тиллира суна.

— ДIадовлийша, дела дуьхьа, — оьгIазвахара Аьрзу, — Ас-м ца кхойкху шу гIазоте. Вайн гIуллакхана молланаш оьшу. Халкъан маршонан дуьхьа бала реза болуш.

— Мичхьа бу иштанаш? Айхьа карабе...

— Ас мичара карабо. Маккхале лахийта. Цунна дика бевза уьш.

— Делахь, Маккхал, хьайна накъостий лахар хьуна тIехь дуьсу. Тахана-м хьо цхьаъ ву вайца. Кхин бархI хьуна мичхьа карор ву, цхьа дела воцчунна хаац. АрентIерчу ярташкарчу динадайх догдилла. Уьш дукхахберш кхерабелла. Шелахь цIий Iанош шена гIо динчарна чинаш, совгIаташ делла Iедало. Iедало шайн гIуллакхех бохийнчех а ма теша. Уьш а, шаьш лелийнчунна дохко а бевлла, хIинцале инарла Тумановна суждане оьхуш бу.

Дехьо ежа говраш ларъеш лаьтта Болат тIекхайкхира Берсас.

— ДанчIас хIумма а ала-м ца аьлла соьга?

— ХIан-хIа, — корта ластийра кIанта.

— ХIета чехкка цIа гIо. Садовш лаьтта.

Баккхийчаьрца жимма Iан лаьа кIант, дегаза цIехьа волавелира.

— Ахь хьахийнарш хIун совгIаташ дара, Берса? — къамела тIе вухавирзира Маккхал.

— Доцца аьлча, тешам бац арентIерчу яртех. Совдегарш, эпсарш — кхуьуш бу цигахь, нитташ санна. ТIе, керла йохкучу станицаша а, гIепаша а, морзахо санна, юкъакъевлина и ярташ. Ерриг вайн дегайовхо Нохчмахкана а, ЧIебарлана а тIехь юьсу.

— Тешамза бевллачу нахана хIун де вай?

— Цаьрца йолу ерриг зIенаш юххехула дIахедае. Амма, цхьа чо а вайн гIуллакхана ямартло яхь, уьш кортойх бевр буйла а хаийта. Церан метта муьлш хIиттор бу-те?

— Хаац, — ойлане вистхилира Аьрзу. — Ши-кхо де даьлча Солтамурд волчу гIур ву тхойша. Цунах дага а девлла, цхьа некъ лохур бу-кх.

— Шайна хуур шуна дан дезарг. ГIаттаман тхьамданаш лахар, даим санна, хьуна тIехь дуьсу, Аьрзу.

— ХIинца, Берса, ахь дийцахьа хьайн керланаш.

ДоттагIийн цхьанакхетаран коьрта бахьанаш дийца деза хан тIекхаьчнера.

— Сан хабарш хIумма а вай даккхийдеш дац, кIентий. Вайн махка тIе керла станицаш а, тIеман чIагIонаш а яхка ойла ю Iеда-лан.

Цецваьлла Аьрзу бага гIаьттинчохь висира.

— Ахь хIун элира? — эххар а вистхилира иза.

— Iаьржачу ломан а, ГIачалкха-дукъан а когашца йолу ярташ, Соьлжан аьрру агIон тIе а, ГIебарта а кхалхийна, Буритlара охьа

Хаси-Юърта кхаччалц станицийн керла могIа бан сацам хилла.

Маккхал сихха кхийтира оцу планан Iалашонах.

— Юха а цкъа Нохчийчоь тукарца яра доллу-кх. Оцу гIуллакха тIехь зеделларг ду Iедалан. Мацах цкъа Соьлжа тIехула ишта цхьа могIа станицаш а ехкина, вайн вежарий гIалгIай вайх дIакъастийра. Юккъе зайл а тоьхна. ДIабаханчу бехачу тIамехь я вайца цхьанакхета а, я вайна гIо дойла а ца хилира церан. Кхузахь керла хIумма а ма дац. Даимлера политика. ТIекхетарг хIинца Нохчийчоь масех декъе екъар ду-кх.

— Нагахь вай екъийтахь! — сацам боллуш мохь белира Аьрзун.

— ХIинца ламанан Нохчийчоь аренах къасто гIерта, — дуьйцура Берсас. — Органций, Хулхулоций хьала йолу шира чIагIонаш а тоеш, керланаш йогIа ойла а ю. ТIеккха Нохчийчоь кхаа декъе екъало. Дагестанах а хеда. Цуьнан тIаьхье бIаьрзечунна а гур ю.

— И сацам мача хилла? — хаьттира Маккхала.

— ДIаяханчу аьхка. Лорис-Меликовн план ю ишта. Амма, паччахьан вашас хIинца а иза чIагI ца йина бохуш, хаамаш бу. — Цхьана ханна къамел сецира церан. Аьрзу а, Берса а дIатевжира, ткъа Маккхал синтемза волавелира. Кхааннах цхьа Берса вара сапаргIат. Накъостех дага ца ваьллехь а, цо сацам тIеэцнера хьалхе. Цундела доттагIашка ойла йойтуш Iара иза.

Малх чубуза регIа лахбелча, ломара цIа эха дуьйлира адам. Уьш стерчийн ворданашкахь а ,гехь а дечиг дохьуш бойура. Берсина хаьара, и дечиг цара шайн цIерачу кхерчахь даго ца дохьуйла. Цхьаболчара ма-боьлххура редуте хьур ду дохка, ворданаш йолчара кхана-лама — Соьлжа-гIала. Иштта дечиг дукхуш яьккхинчу кIеззигчу шай-кайнах шайн доьзалшна тIеюха, цхьацца тIелхаг а, туьха-мекхадаьтта а оьцу цара.

ДIасакъаста деза хан тIекхаьчнера.

— МаьIаргонна вицлора-кх со, — элира Берсас, охьа а хууш, — Польшехь долчу хьолах хабар хезний-те ДанчIина?

— Полякашца дерг чекхдаьлла. Хьаьшна уьш.

— Россихь?

— Хийцамаш бац. Муьжгийн карзахаллаш дено-дено лагIлуш ю. Цаьрга догдохуьйла а дIаяьлла.

— Изза хила доллу-те вайх а? — элира керлачу хаамаша сагатдинчу Аьрзус. — Оцу полякийх а, оьрсийн муьжгийх а йолу дегайовхо а дIайолуш йоллу. Пачхахьан арахьа тIом хир бу ала меттиг а ца го. Нагахь Iедал кхузахь и шен Iалашо кхочушьян гIортахь, дуьхьало ян цхьа а тайпа кечам бац вайн. ТIе, махкана чоьхьа а, арахьа а гIуллакхаш нисдина Iечу паччахьо, вай гIаттам болабахь, шен берриг ницкъ Нохчийчу тоттур бу.Дала цхьа некъ ца гайтахь, тахана цкъа бIаьрзе ду вай.

Берса охьа а хиъна, Аьрзуна тIевирзира.

— Ахь муьлха некъ гойту? — хаьттира цо.

— Уггар хьалха пхе а я ворхI стагах тIеман кхеташо кхолла еза вай. Царех цхьаъ коьрта ца хилча-м вер вац, амма цо кхеташонан дукхахболчийн лаам кхочушбан дезар ду. Дика хир дара, кху цхьана баттахь вайн ерриг яртийн векалийн гулам кхайкхина, цигахь тIаьххьара сацам тIеэцча. Я вуьшта аьлча, нагахь Iедалярташ кхалхо долахь, сихха гIаттам боло.

— Дика ду. Нагахь ярташ кхалхо йолаяхь, вай гIаттам болор бу. Амма со буххенца дуьхьал ву вайн юьхьанцарчу бартана.

— ХIунда?

— Хьекъале Iалашо йоцуш болийнчу гIаттамо эрна хIаллакдийр ду адам. Цундела вай къасто еза вешан къийсаман тIаьххьара Iалашо. Вайн вешан ницкъаца Нохчийчуьра паччахьан Iедал дIададаккхалур дуй вайга?

— Дер дац, — доккха садаьккхира Аьрзус.

— Россин арахьарчу тIаме ладоьгIуш Iа вай, — дуьйцура Берсас кхин дIа. — Оцу юкъах пайда а эцна, толам баккха а тарло вай. Амма иза а шекончохь гIуллакх ду. И тIом даим лаьттар ма бац. Росси тоьлла я эшна чекхбер бу. ТIаккха паччахьан Iедало, шен берриг ницкъаца вайна тIе а дирзина, къамкъарг Iовдур ю-кх.

— ТIетаьIна Iийр дац. Мозий санна, хIаллакдийр ду.

— ХIан, паччахьан Iедал дIададаккха вешан аьтто болуьйтур вай. Кхин дIа? ТIаккха хIун дан деза хьйий вайна цхьанне а? Мансуран, Биболатан замане духадоьрзур ду? Доьрзийла яц. Цул тIаьхьа бIе шо даьлла ХIинца кхин зама, кхин хьелаш, кхин адамаш ду. Кху тIаьххьарчу тIамо вайн халкъан ах боьрша нах хIаллакбина, ах латта вайгара дIададьаккхина. ШолгIа-делахь, станицашний, ах латта вайгара дIададьаккхина. ШолгIа-делахь, станицашний, гIаланашний уллохь йолу арентIера ярташ, шайн кхолламна къера а хилла, севцца. Керлачу хьелийх боьлла цигара бахархой. КхозлагIа-делахь, вайн халкъа юккъехь, шена тIетийжа керла ницкъ карийна Iедална. Ас буьйцурш нохчийн эсарш, совдегарш, кегийра долахой а, Iедалан гIуллакхчаш а бу.

— ХIета, Iедална муьтIахь а хилла, совца деза боху-кх ахь, Берса? — хаьттира Аьрзус. — Я вуьшта аьлча, къелла, мацалла, харцонаш, сийсаздар а ловш?

— ЛадогIал ахь, Аьрзу. Халкъ, адам санна, хенаца кхуьу. Ницкъ а, кхетам а, цхьана дийнахь я цхьана бIе шарахь а багIац цуьнга. Оцу гIуллакхана дукхе дукха, еха хан еза. ТIамал хьалха хиллачу хьелашка вайн халкъ юхадерзор — стаг шен бераллин заманe вухаверзар санна хир дара. Вайна вешан хенаца, хIокху захене вухаверзар санна хир дара. Вайна вешан хенаца, хIокху замане вухаверзар санна хир дара. Вайна вешан хенаца, хIокху заманe ...

— Хьо хIун аьлла ву ткъа?

— Вешан кхоллам Россирчу кхечу кхаьмнашца цхьанабозар,

цаьрца цхьаьна вешан маршонан гIулакхехьа къийсар коьрта декхар лору ас.

— Ой, цаьрца дуьстича, вайгара хьал дуккха а хала ма ду, Берса. ХIара къелла, Iазап, харцо ловш дехачул-м, летта, делла дуьненчуьра дIадовлар гIоли ма ю!

— Аьрзус гойтург уггар сийлахь некъ хета суна а, — тIетайра Маккхал.

— Сийлахь некъ-м бара иза, амма шеконехь бу-кх. Догдохуьйла кIезиг ю. Со тешна ву, паччахьан Iедалан Iазапна кIел дохку халкъаш мацца а цкъа шайн массеран юкъарчу маршонехьа цхьа барт болуш цунна дуьхьал гIовттург хиларх а, цара толам бокхург хиларх а. Дуьненахь цхьа адамаш ду, халкъашна шайн маршонехьа, керлачу дахарехьа къийса а, толам баккха а хьоьхуш. Ас дийцар-кх шуна, Iазапехь дохкучу халкъаша пхийтта шо хьалха Европана тIехула гIаттийнчу буьрсачу дорцах лаьцна. Ишта чIогIа дацахь а, изза дарц делира Россехь а. Оцу хьалхарчу дорцан ницкъ ца кхечира халкъашлахь Iазападаллорхойн Iедал дохо. Амма хIинца керлачу, кхин а буьрсачу дорцан мархаш гуллуш ю Европана а, Россина а тIехула. Кестта дарц дала герга ду, кIентий.

— ХIета, вешан гIаттам оцу дорца хьажабо-кх вай?

— Кхин некъ бац.

— Ткъа ярташ Соьлжан, Теркан а аьрру бердашка а, жимчу ГIебарта а кхалхо йолахь? Ваьшкахь дисина латта а дIалур ду вай?

— И ша ду. ТIаккха герз караоьцур ду вай. Амма вайнах дIакхалхор а, гIалгIазкхий схьакхалхор а чолхе гIуллакх ду. Цунна масех шо хан езар ю Iедална. Вайн декхар хIун ду? Цхьана минотана а мал ца беш, гIаттамна кечамбар. Амма — ларлуш хила. Солтамурд, Вара, Залма, ШоIип, майра нах а, дика къонахой а бу. Амма цхьана майралло ца дуьгу халкъ толаме. Иза а хиъна вайна. Хьекъал а, кхетам а, собар а оьшу. Юкъара кхеташо кхайкхарна сихдала а ца оьшу аьлла хета суна. Аьхкенчохь кхераме ду иза. И гIуллакх Iаьне тоттур вай. Ткъа хIинца, малхбуза ламазаш дина, дIасадаха деза.

ДоттагIий хьалагIевттира. Шовданна йисттехь ламазаш эцна, гIуллакх сихха чекхдаьккхира цара.

— Оцу Варас лелочунна реза вац со, Берса, — элира Маккхала кога мачаш а юхуш. — Кху хьаннашца, бIаьн некъашца эпсарш, хьаькамаш дIасабовла ца буьту цо. Хьуна хууш ма ду, цо хIинцале а масийтта стаг вийна хилар. Тухий цхьаъ вожа а вой, иза шен обаргашца хьуьнах вулу, ткъа Iедало адамаш хьийзадо. Варега дIахайта, цо лелочунна тхо реза дацар. Иштта байарх кхачалур бац мостагIий, оцу некъаца яккхалур яц маршо. Вийначу пурстоьпан метта цул а далатоьхнарг хIоттаво. Цунах зен бен, пайда балац.

— Вара хьаха ву шен цхьа буьрса амалш йолуш стаг, — докха садаькхира Маккхала. — Шелахь хиллачу гIуллакхо дог акхадаькхина цуьнан. Иза хIинца я нахах а, я Iедалах а ца теша. Ас мосазза аьлла цуьнга и хьуна хеттарг. Аьттехьа ца дуьту.

— КIеда аьлла ахь, — Iоттаре тIетуьйхира Аьрзус. — Цунна хаа деза ша лелочара вайн юкъарчу гIуллакхана зулам дойла. Цо бицба ца беза дIадаханчу шарахь, кхечаьрца цхьаьна, шел лакхарчеран омра кхочушда а, тешаме хила а биъна дуй. ДIахайта цуьнга, нагахь санна ша бахьанехь цо кхул тIаьхьа адамана сингаттам балийтахь, иза шен коьртах вериг хилар. ХIораммо а шена луъ-луург лелийча, вай вовшахдетта гIуллакх хIаллакьхир ду, ткъа иза хуьлийтийла дац муьлххачух хIуъу хилла додахь а. Вайх хIораммо, дуйнца чIагIдеш, пурба делла, нагахь шегара ямартло яьлла, бартах воьхна меттиг хIоттахь, кхиэл йоцуш шен цIий хьанал деш.

Аьрзун догучу бIаьргаша а, оьгIазечу къамело а гойтура цо дуьйцург цуьрриг забаре цахилар.

— Делахьа, Берса, хьуна тIе кхин цхьа гIуллакх деана оха, — стенна делахь а, гIеххьачул бехкала вахана долийра Маккхала. — Гати-Юьртахь бохам хилла кху некъехь. И Iоса боху жIаьла делла шен кIентан карах...

Маккхала доцца дийцира Гати-Юьртахь хилларг.

— Селхана цига веанчу пуьрстоьпо лаьцна Ведана хьалавигна Ловдий, Васаллий. Кхузахь Васалан бехк болуш хIумма а дац. Бехк-м Ловдин а бацара. Дукха хан яра и боьха жIаьла дийна дIадаккха деза. Куьг бехке Ловда кIелхьараваккхалур вац. Амма Васал кIелвахийта йиш яц, хIуъу хилла латтахь а. Хьуна ма-хаъара, бевдда вайгахьа бевлла салтий юха шайн каранисбелча, цаьрца къиза хуьлу Iедалхой. Цул сов, цкъа-делахь, Васалан кегийра доьзал буьсу цIа дуьззина. ШолгIа-делахь, шен дегIан дола ца далуш, зуда цомгаш ю. Уггар коьртаниг — бевдда ваьшкахьа бевллачу салтийн дола дан деза. Нагахь вай и ца дахь, Iедале царна ницкъаш байтахь, тIейогIучу ханна вайх тешам бовр бу церан. Тхуна хьоьгара гIо оьшу, Берса.

— Ас хIун дан лаьара шуна?

— Делахьа хаац суна-м, Берса. Оха-м, Iедалера схьа а ваьккхина, обарг волуьйтур вара иза. ТIаккха а цIахь аьтто боцуш нисло. Цкъа а дегI маьрша хир вац. Тахана-кхана Шела вогIу боху Къурмин Къосам. Цуьнан чIогIа гергарло ду эла Тумановца. Суна хетарехь, округан начальника полковника Головаченкос ладугIур ду Къосаме. Оцу Къосамца и гIуллакх дийца а, нисда а деза ахь.

Берса вехха Iийра жоп ца луш.

— Суна-м хаац, Маккхал, цкъа-шозза генара гар доцург кхин цхьа а тайпа сан тIекаре еана стаг вац-кх иза.

— Дерригенах а кхета тхо, Берса. Амма цуьнца бийца мотт хьуний бен карор бац.

— Иза хала гIуллакх дацахьара, охашиммо хьуна тIе дуьллур

ма дацара, — юкъавуьйлира Аьрзу. — Васалан гIуллакх суьде далале иза кIелхьараваккха веза. Тхан юьрто тIелаьцна стаг ву иза, оха дола дан дезаш. ГIуллакх суьде даьлча, гена долу. Хьаькамаш хьастий а, кхерам тасий а схьаваккха Васал.

Берсас корта ластийра.

— Догдохуьйла яц цуьнга. Шуна лаарна, пIоьртар-м ву со.

Шийлачу хица ламазаш а эцна, бай цIена меттиг лехна, Маккхал хьалха волуш, ламазаш а дина, мара лелхаш вовшийн Iодика а йина, дIасакъаьстира кхо доттагI.

Амма Теркан областан эскарийн командующи, нахана хIумма а ца хууш, цу Iазапах уьш «кIелхьарабаха» гIайгIа беш вара:

«Хьомсара Государь

Александр Петрович!

...Нохчий кхалхоран гIуллакх шена тIе а лаьцна, оцу хьокъехь Турце вахана инарла Кундухов цIа верзаре сатуьйсуш Iа со. И гIуллакх сихха къастор чIогIа оьшуш ду. Малхбузе Кавказехь вайн хиллачу тIаьхьарчу а, чIогIачу а кхиамаша догдохийна нохчийн. Вешан Iалашо вай мел къайлаяккха гIертарх а, вайца шайн йолчу шатайпачу юкъаметтигах делахь а, я шайн махка оьзначу эскарех шекбевллехь а, я арахьара тIеоьхучу нахехула хиънехь а, царна хиъна, герггарчу хенахь правительство цигахь чIоггIа когаш тIе хIотта ойла йолуш хилар. Цундела кху тIаьххьарчу хенахь кхузахь меттигерчу Iедалшна совцо хала я совцо ницкъ боцу тайп-тайпана эладитанаш даьржина.

Графа Евдокимовс соьга делла туркойн эмиссаро ламанхошка Турце кхойкхучу прокламацин гоч. Цуьнан чулацам чIогIа тера бу ас суо Коджорехь волуш Хьан Локхалле еллачу экземплярах. Вайн дика нохчий, оцу прокламацех Iехабелла, Турце кхелхарг хиларх теша мел хала делахь а, царна юккъе яржо ахь цхьа масех экземпляр яйтар эрна хир дацара. И прокламаци Тифлисехь нийсачу туркойн матте яккхар доьхуш графа Евдокимовс яздийр ду хьоьга»...

М. Лорис-Меликов.

18 июнь 1864 шо».

IX корта КЪАЙЛАХ ЦХЬАЬНАКХЕТАР

Хьуна гина кх дерриг гIуллакхаш хийцалуш хилар: цхьана замано велийнарг, кхечу замано велхаво.

Салих ар Ронди.

1

Беттаса кхетале бохуш, сихвелла вогIу Берса пхьуьйран ламазан хенахь Шела чувуьйлира. Тховса иза кхуза вогIура МаккхалгIеран дехар кхочушдар Iалашо йолуш. Винчу юьрта вогIуш даима цуьнан невцо ДанчIас шен кIант Болат дуьхьал воуьйтура цунна. Амма тховса иза ша веанера. Цо Берсега хаийтинера, стенна делахь а цхьана гIуллакхана, амма пайда ца бохьуш, шеца милицин йоккха отряд а ялош юьрта майор Мустапин Девлатмирза веана, аьлла.

Берса кхерамах ларва цхьа шовзткъе итт гIулч хьалха воьдура ДанчIа. Пурстоьпан конторан цIеношкахь къегина серло а, чохь хевшиний, хIиттиний, чу-ара дуьйлуш адамаш а гора. Амма йисина ерриг Шела, Нохчи чоьнан и шатайпа столица, хьалхха дIатийнера. Юкъ-юкъа цIеношкахь, гаттийн кораш гIийлла серладаьхна наггахь чиркхаш догура. Юьртан юкъах къехкаш, юьстах долчу гаттийчу, гомачу урамашкахула воьдура и шиъ. КетIахула хIорш чекхбовлуш меттахъхьов жIаьлеш, жимма бага а тухий, совцура.

Сема дара тховса ДанчIин мискачу хIусамехь. Хьешан цIа чохь цIенкъа тесначу къорзачу истанга тIерачу жIангIантахь, сих-сиха бага а гIеттош, гоьл тIе ког а баькхина сингаттаме Iара векъана, хан тоьхна стаг. Цунна уллохь пенацарчу терхи тIехь богучу чиркхан серлоно къегайора цуьнан белшаш тIера хьесан погонаш. Некха тIехь лепара императоран таж, тарраш тIера шолгIачу даржан «Святой Аннин» орден, 1837 шарахь императора Кавказехула бинчу некъан хьурматана елла дато мидал. Кочахь кхозура «Доггах гIуллакх дарна» аьлла тIе яздина дашо мидал, андреевски ленти тIехь лепара «1853—1856 шерашкахьлерчу тIемашкахь дакъалацарна» елла бронзин мидал. Царна лахахь йоллура «Нохчийчоьй, ДегIастий караерзорна» мидал. Голаш юккъе а лаьцна ирахIоттийна дара тIе «Майраллина» яздина дашо тур.

Цо лаххьийна Іамийнера кІуьрзо Іарждинчу дерзинчу пенаш тІера массо дотІана а, сиз а. Цхьана секундана цуьнан хьажар тІехь сецира неІарехь хІоьттина лаьттачу жимчу кІантана. Амма берзан кІезан санна, къегачу цуьнан бІаьргаш дуьхьал хьажавелча эпсаро шен хьежар сихха цІенкъа дуьйгІира. И кІант цунна тарлора хеса югІучу мунданах. Йоьхна калдаяьлла, летийна къарзъелла, стенах йина ца хуъчу яьлла гІовтал. Цунна тІехула йихкина жима шаьлта. Доьхкарх йоьллина тапча. КІайчу кхакханан тишчу куйна бухара схьахьоьжу майра ши бІаьрг. Царна чохь гора само а, оьгІазло а, цабезам а. Куьг а ду, воккхачо санна, шаьлтанан макъара тІе диллина.

Эпсар дагахь велавелира.

«Шек дІа а вуй иза, — бохура цо. — Кхечухьа нисвелча шен аьтто баьлча со вуьйр а волуш, ткъа хІинца, кху тхов кІел, сан коьрта тІера чо ца талхийта шен са дІа а лур долуш лаьттийца. ТІекхуьучу чкъуран а безам бац тхоьга. Боккъалла а аьлча, хІара керла питана меттахъхьедийраш къона тІаьхье ма ю. ДІабаханчу бехачу тІеман халош Іаьвшинчу, баккхийчу наха-м дог ма диллина толамах».

Шен кисанара схьадаьккхина шалхатоьхна жима кехат, даржа а дина, чиркхан серлонга хьалалецира хьешо. Цуьнан бІаьргашна хьалхахІиттира хазчу хотІаца, цІенчу оьрсийн маттахь яздина нийса могІанаш:

«Господин полковник!

Дехар ду хьоьга вайн массеран а юкъарчу гІуллакхан дуьхьа гуттар къайлах, хІара кехат хьайга деллачуьнца цо тоьхначу хенахь, цо йиллинчу метте вар. Кху стага жоп ло хьан дегІан маршонах».

Кехата тІехь цІе ящара иза яздинчун. Шега хеттарш дарх хІусамдас а ца вийцира иза. Амма полковникана хаьара и яздинарг сонтачех стаг воцийла. Кехат чІогІа ларлуш яздинера. Цхьаннан кера дахарх хуур дацара и хьан яздина а, хьаьнга яздина а. Тахана цо дукха ойла йира, оцу кехато кхойкхучу гІо-те я ма гІо-те ша бохуш. Йиллинчу метте ша ца вогІуш Іийча, кІиллолла висина аларх кхоьрура. Дукха хан яц цо, эла Тумановна улло а хІоьттина, Кунта-Хьаьжин мурдаш байина. Царех дерочунна тІе нислахь, тоьхна Іункар вохуьйтур ву. Тешам боцуш зама ю хІара. Амма полковник а вац кІиллочех. Цул сов хІусамда юкъара хилла цуьнан маршонна. ДІа ойла йича, кехат яздинарг а ву оьзда стаг.

Кехат, шалха тоьхна, хьалха кисана а диллина, схьадаьккхина сахьте хьаьжира иза. Цхьайтта дала итт минот яра. ХІусамда чуьра араваьлла а яра сахьт гергга хан. Кертахь хІоьттинчу тийналло а, цІа ван хьевеллачу хІусамдас а, цІоькъалоьман кІорни санна, цабезаме шега хьоьжуш лаьттачу кІанта а, даг чу гІехьачул кхерам туьйсура цунна. Делахь а, дехьа чохь кхача кечбеш текх-цаций,

пхьегІашший вовшахъеттачу хІусамнанас синтем бора полковникана.

Арахь жІаьлин буьрса гІовгІа яьлча, шен голаш юккъе лаьттачу туьрах катуьйхира цо. Цуьнан тидам хиллачу Болатан къайллах квелавалар иккхира. Иза тосаделлачу полковника, шен даг чу иккхина кхеравалар къайладаккха гІерташ, тур нисдо кеп а хІоттийна, яйн йовхарш туьйхира. ЖІаьлин гІовгІа сихха дІатийра. Қогийн дай тата неІаре деара, дукха хан ялале дуьхьала цІа чу адамаш девлира.

Шо гергга хан яра Берса винчу юьртахь хилаза. Қхуза кхаьчча карлайолура генна дІаяхана бералла. ХІара ша вина юрт, берахь левзина меттигаш гархьама, Басс хин лохачу бердашка бІаьрг гІий, кху ара бІаьрг бетташ, хоий Іай воьдура иза. Амма кхузахь вац цуьнан цхьа а. Еккъа цхьа девешин йоІ Хеда йоцург. Йижарий, вежарий Берсин хилла а бац. Нана а елла иза жима волуш. Ткъа да, дийна велахь а, цо велла лору...

Дуьхьал цІа чохь ах бодашкахь, цІеран серлонехь, текхахь межарг хьакхош йоллу Хеда, Берса неІарх чоьхьа ма ваьллинехь схьахьажаелла, хьала а иккхина, шен ахьарх, межаргех дуьзначу куьйгашца иза мара а вуллуш, цунна тІекхийтира.

— Докку! Докку! Дела яла хьан нанас ца йина йиша! Хьо мичахула лела-те, лела мукъана... Сан нанас бинчийн санна, айбана керта шийла дакъа дохьур-те я мецачу берзалоша даьІахкаш яьжна, сутарчу хьаргІанаша ши бІаьрг мелла, орцахвала ваша воцуш, тийжаш елха йиша йоцуш докъаза вовр-те бохуш, ас-м дукха сагатдой хьуна, нанас ца йина йиша яла хьан, Докку...

Шен некха тІе а таьІна йоьлхучу Хедин коьртах дай куьг хьокхуш, цуьнан догъэца гІертачу Берсин бІаьргаш тІунделира. Дог Іийжара тІамо да а, шиъ ваша а вийна, цхьа йисинчу оцу декъазчу зудчух.

— Ма елха, Хеда, ма елха. Берриге а бу делан белхаш. Цо яздинчух вер вац цхьа а. — Шича теян гІертара иза. — Осала ма хила, вай цхьанна гича эхь ду...

Шина шичан вовшашка болу безам а, марзо а, ткъа иштта нагтахь цхьанакхетча хилларш карла а долий, цаьршиннан ойла хуу Данчіа неІарехь, вист ца хуьлуш, хІоьттина лаьттара. Эххар а, шех хьерчачуьра Хеда меллаша дІа а яьккхина, хьешан цІа чу велира Берса.

— Ассалам Іалайкум, суьйре дика хуьлда хьан, полковник! — Цавевзарг чоьхьа валаре хьоьжуш Іачу полковника, ша Іачуьра парттал хьала а гІаьттина, шен аьтту куьйгара кІайн кара дІа а даьккхина, хьешо шега кховдийна куьг меллаша схьалецира.

— Ва Іалайкум салам, диканна вогІуьйла хьо а!

Полковника леррина бІаьрг туьйхира цуьнга. Амма юьхьа тІе

таIош коьртах хьарчийнчу башлакха юкъара схьахьоьжу дог цIена майра ши бIаьрг, кIеззиг хаалуш дукъ тIе даьлла боккха марий, цунна кIелхьара дукъа Iаьржа, хаза хьовзийна мекхаш доцург хIумма а ца гора. Делахь а, цуьнан дегIах, боларх, къамелах хиира полковникана иза оьрсийн эскарехь кхиъна нохчо вуйла.

Коьртах хьарчийна башлакх, дIаяьстина ДанчIе дIа а кховдийна, маьхьсеш когахь истанга тIе а ваьлла, ши ког чучча охьахиира Берса.

— TIаккха, Къосам, шу могаш-паргIат дуй? — хаьттира цо, нохчийн эпсарша а, хIетта зIок тоьхна, чкъоьргара кортош арадаха гIертачу чиновникийн интеллигенцис а, оьрсех тарбала тIерташ, вовшашлахь йоккхуш ма-хиллара, цуьнан цIе ден цIарца а ца йоккхуш. — Доьзалш муха бу?

— Далла бу хастам, дика Iа тхо. Шу а деца могаш?

— Дала дика кхобу. Суна бехк ма биллалахь, сайл ханна вокхха а, юкъараллин меттигца лакхахь а волу хьо ас схьакхайкхарна. Ца торуш гIуллакх нисделла, дира ас хIара.

— Бехке дац, — полковник леррина Берсега хьаьжира. — Сайна хьо цхьанхьа гиний-те моьтту-кх суна?

— Гина хир ву.

— Тамаша бу-кх суна гинчу хенахь хьуна тIехь гусарийн эпсаран мундир а, нагахь со виц ца веллехь, хьан белшаш тIехь капитанан аксельбанташ а ца хиллехь?

— Цул мехалчо тоьхна вайша вовшах, полковник.

— Хьан некха тIехь Святой Аннин орден а, Георгин жIар а ярий-техьа моьтту суна?

— Дерриге а хила тарло.

— Делахь хIета, хьайн цIе йийцахьа суна, господин капитан? — цавашарца хаьттира полковника.

— Бехк ма биллалахь суна, господин Курумов, — тIаьхьара ши дош цо санна, кIоршаме хьажош элира Берсас. — Со капитан воцу ялх шо ду. Дуьххьал дIа нохчо, Барзин Рохьмадан Берса ву со.

Полковника тидаме а ца ийцира Берсин юьхьа тIехь а, къамелехь а шерра гун кIоршамалла.

— ХIаъа, хIаъа, хIинца дагавогIу! Фельдмаршалан Паскевичан эскарша венгрин мятеж хьошуш инарла Лиддерсан отрядехь гIуллакх деш хилла капитан Барзоев вай хьо-м. Со гIалат вацахь, цигахь доггах гIуллакх дарна капитанан чин а, орденаш а елира хьуна. Хьан да гергара стаг ву сан. Кхоалгlачу гильдин совдегар. Дена хьалха кIентан декхар ахь кхочуш ца дой-те моьтту суна. Барзоев тов. Россира цIа вирзича Соьлжан-гIопехь гина суна хьо. Юха, Гермчигахь хиллачу тIамера дезертир хилла ведирий хьо?

Курумовс хIинца дуьйцурш диллина Берсин дагна Iеткъаш хIуманаш дара. Да хьахош дина хаттар шена ца хеззачуха дитира цо.

— ХIетталц вара со дезертир. Оцу дийнахь сайн декхарш тIе вухавирзира. Суна а догIа и де дага. Оцу дийнахь дуьххьара суна а гина хьо элан Барятинскийн свитехь.

Курумовс цецваьлла корта лестабора.

— Ткъа ас цецвуьйлуш ойла йора, ванах, цIенчу оьрсийн маттахь хIара кехат яздинарг мила ву-те бохуш. Вайшинна-м вевзаш хилла. Амма халахета-кх дика европейски образовани а йолуш, цах хьоьгуш ирсан новкъахь карьера еш воьду Iедало лоруш волчу ден кIант оцу сагIадоьхургех а кхетта лелар!

— «Пачхьалкхера тIаьххьара сагIадоьхург а адам ду, паччахь санна», — аьлла-кх Фридриха ШолгIачо. Мухха делахь а, сан халкъ ду иза. Оцу сагIадоьхургийн кийрахь, муьлххачу а просвещенни адамийн санна, дог ду. Церачийл тIех майра, кънкхетаме, адамаллин ду ала а мегаш. Оцу сагIадоьхургаша шайн маршонехьа къуьйсу. Ткъа вайн халкъ оцу хьоле дожийнарг Россера Iедал цуьнан йолахой — шу а ду.

Ши хьаша ма-хуьллу къамел кIеда-мерза дан гIертара. Амма иза иштта ца нислора. Дуьнене шайн хьежамашца, стиглий, латтий санна, цхьаъ вуккунна геначу цу шиннан ницкъ ца кхочура вовшашка болу цабезам къайлабаккха. Цуьнан дIовш Iийдалора хIора дашца.

— Вайн къам бодане ду, Барзоев. Бодане къам маьрша хила йиш яц. Иза даима дозуш хуьлу культурехь а, юкъараллин дIахIоттамехь а шел лекхачу къомах. И ца хаьа, я хаа кхетам а боцу вайнах шаьш бу шайгарчу бохамашна бехке. Вайнехан сонталлин тIаьхье ю иза. Силá йоккхачу Россин пачхьалкхана дуьхьало йийр ярий ткъа, сонта ца хилча? БIе шарахь гергга эрна Iенийна цIий. Кхета дагахь буй ткъа хIинца а? БIаьрг тIера тиллачу минотехь тухий эпсарш, чиновникаш бойу. Динна рота салтий уллохь боцуш хIокху махкахула дIасавала йиш яц. ХIун гIуллакх ду эрна цIий Iено?

— Сонта хиллехь-м тийна, таьIна Iийр бара уьш. Хазахета ца лела. Шайгара уггар тоьллачура ах мохк дIа а баьккхина, лаьхкина хьаннашка, Iаннашка боьхкича а ца йина цара дуьхьало маца ян езара? Шаьш адамаш ца хетча цара хIун дан деза? Уьш совцо дукха хIума ца оьшу, господин Курумов. Яа сискал, жимма лерам а.

Шен оьмарехь дуккха а девзинчу Курумовс, шек воцуш ладоьгIура Берсе. TIаьххьара а, собар кхачийра цуьнан.

— Хьо дукха сиха ву, Берса. И сискал а, лерам а Росси кхерийна яккха ойла ю шун? Иза аьттехьа а дац. Кхечу къаьмнашна дерг хир ду вайна а. Россис серло йохьу лаьмнашка. Ваьшка эзар шарахь цададелларг цуьнан гIоьнца, цхьа йоццачу хенахь дийр ду вай.

— Иза а хаьа суна, Къосам. Дукхе дика хаьа. Вайн халкъана шена а ца хаьа, ша Iаламан мел доккхачу хьола тIехь деха. Мас-

со агIор кхиъначу Россин гIоьнца, хIокху махко заза доккхур дуйла а хаьа. Хенан йохалла Нохчийчохь заводаш, фабрикаш, аьчган некъаш, телеграф хир юйла а хаьа. Шена мел ца лаахь а, ламарошна школаш яхка а дезар ду Iедалан. Промышленностана белхалой безар ма бу. Йоза-дешар ца хуучу белхалочух белхало хир ма вац. Амма кхузара дерриг хьал кIеззигчу дворянийн а буржуазин а гIеранан карахь хир ду Россихь а, дуьненан массо махкахь санна.

— Амма Россис кху лаьмнашка лакхара культура йохьур ю. Цо вайн халкъан хьекъал, кхетам, дахар, хийцина, бIешерийн бодашкара схьадоккхур ду, Берса. Иза ма дицдел ахь!

— И дерриг дика а, кхеташ а хир дара, Къосам, ахь юьйцу культура цамзанийн буьххьехь йохьуш яцахьара. Ас-м ахьчул а, хьо санначу массарел тIех лоьрий оьрсийн халкъ а, цуьнан лакхара культура а. Ишта ойла цхьана вайшиннен хилла ца Iа. Вайн халкъан оьрсашка лерам бIешерашкара схьа бу. Нохчашна ца дезарг-м оьрсийн халкъ а, цуьнан культура а яций, ткъа оьрсийн пачхьан Iедал ду. Оцу Iедале цабезам цхьана нохчийн хилла ца Iа, оьрсийн халкъана, цуьнан прогрессивни адамашна а ца деза иза. Ахь культура боху. Шекспиран, Байронан Англис Индехь, Америкехь а дуьненан кхечу декъашкахь а дийриг ца го хьуна? Ткъа ша дуьненан культуран корта бу бохучу Франсис Алжирехь дийриг? Оцу мехкийн правительствоша шаьш лело къизаллаш, шайн халкъашка хоьттуш лелайо моьтту хьуна? Я оьрсийн халкъо къобалдо паччахьо а, цуьнан правительствос а хIокху Кавказехь дийриг? ХIан-хIа, господин Курумов, ас юха а боху хьоьга, со даггара суждане оьху оьрсийн халкъана а, цуьнан культурана а хьалха. Амма Пушкинан генис нохчий ца ларбира салтийн дIаьндаргийх, Лермонтовн маршонан стихаша уьш мацаллин Iожалла кIелхьара ца боху. Уггар хьалха нохчашна сискал а, нийсо а, лерам а оьшу. ТIаккхий бен культура тIеэца хан а, аьтту а, ницкъ а хир бац церан. Гай меца хилча, культура дагаягIац.

Оьзна яьлла луьлла яйча, дIаса а хьаьжна, чим дIакхосса меттиг лехира Курумовс. Луьлла схьа а эцна, чим соне дIа а Iанийна, юхаелира Берсас.

— Оцу тайп-тайпанчу якобинцийн, ипсилантигIеран, владимирескагIеран, нана-сахибагIеран, кхеч-кхечу авантюристийн некъа ваьлла хьо, Берса. Оцу некъо уьш мича бигна хаьа-кх хьуна? Эшафоташна, тангIалкхашна, гильотинашна тIе. Ткъа уьш просвещенни нах бара. ТIеман, пачхьалкхан, политикан деятельш. Шаьш санначу, кхетамна лакхарчу халкъашна тIетийжина ца Iеш, арахьарчу пачхьалкхашца яккхий зIенаш а йолуш. Ткъа хьо кху акхачу нохчашца, церан акхачу баьччанашца — Iуммагlарца, Атабигlарца, Солта-Мурдагlарца, фанатикца Кунта-Хьаьжица кхузахь революци ян гIерта. Дала маршалла дойла хьан цамгарна!

Полковникца къийса а, дов дан а Iалашо йолуш ца веанера

Берса кхуза. Амма доладелла даьлла дов, толам цуьнгахь буьсуш дерза дезара. Ша бакъ волу дела.

— Вайшиннах цомгаш мила ву замано гойтур ду, Къосам, — элира цо, собаре а хилла. — Суна дика хаьа, вайнахе шайн ницкъаца толам баккхалур боцийла. Амма зама а, адамаш а, шо-шере мел долу, хийцлуш ца го хьуна? Адамашна а, халкъана а хаа доьлла шайн мостагI а, доттагI а мила ву. Ахь цIераш яьхнарш а, ца йохуш бисина а турпалхой хIаллакьхилла, Къосам. Амма мацца хилла а декабристийн, Герценан, Чернышевскийн, Добролюбовн, Некрасовн, кхечийн а сатийсамаш кхочуш хир бу Россехь. Халкъийн дац вовшашца мостагIалла. Iедалан политико уьш хердина вовшех. Амма уьш кхетта догIу. Росскх йоккха набахти йина монархис. Халкъаша, цхьана а кхетта, йохор ю иза. ТIаккха цуьнан херцорашна тIехь Республика хIоттор ю, Къосам. Ахь акха бу боху нохчий а кхета боьлла. Царна цхьатерра бIаьрга бан ца беза Чернмоевгlар, Курумовгlар, Ипполитовгlар, Мустафиновгlар, БелликгIар. Амма ИванагIаьрга хьошалгIа оьху, уьш шайга а кхойкху. Жимма хан яьлча, уьш вовшахкъасталур бац шун Iедале. Ларлолаш, господин Курумов!

Берсега телханчу стаге санна хьоьжура Курумов.

— Хьо-хьуо теший айхьа дуьйцучух?

— Шеко йоцуш!

— Тамашена болх бу-кх хIара, — Курумовс корта хьовзийра. — Хьох тIеман стаг ву, соьгахьчул тIех Iилма а долуш, дуьне а девзина, хIетте а беро дуьйцур дац ахь дуьйцург. Халкъийн вошалла! ХIун ю тIом? Цуьнан ойла ца йина ахь? Тахана — тIом, кхана — вошалла! Хьере ойла! Шина халкъана я шина лагере декъаделлачу халкъийн мостагIалла ма кхуллу тIамо. Герз карахь тIеман арахь, вовшашна дуьхь-дуьхьал хIоьттинчу шина халкъан шина векало ца лоьху оцу тIамна бехкениг. Ца хоьтту мича къомах, динехь, басахь ву, къехо я хьолахо ву, цуьнан хIун ойла ю. Цаьршиннах ши экха, ши мостагIа хуьлу. Цаьршиннен а цхьа Iалашо хуьлу: вовшийн ве, ша-ша тола, ша-ша дийна виса. Леташ болчу салтийн хилла ца Iа и цабезам а, мостагIалла а. Оцу тIамехь леташ боцчу шайн-шайн цIахь машаре Iечийн дегнаш чохь а кхолалло изза акха, къиза ойла. ХIунда аьлча, оцу тIамехь летарш, бойурш а оцу цIахь болчу машаречу нехан дай, кIентий, вежарий, майранаш ма бу. ХIоранна а лаьа шайн да, ваша, кIант, майра тола, уьш дийна цIа берза. Царна дуьхьал летачу халкъана неIалт хьежадо, деле иза эшор доьху. Дукха хан йоццуш чекхбаьлла, иттанаш шерашкахь лаьттина, итт эзарнаш нохчийн а, оьрсийн а синош дIадаьхьна къиза тIом. Хатта хьайна нохчичуьнга, оьрсичуьнга хьан да, ваша, майра хьан вийна? Хьоьга эр дац, уьш Ивана я Ахьмада байина, — оьрсаша, нохчаша байина эр ду. ШийтталгIачу шарахь Росси баьхкира французийн мехкашдIалецархой. Оцу шерашкахь хIор оьрсийн муьлхха а француз шен луьра мостагIа хетара. ХIунда аьлча,

и цивилизованни француз герз карахь Росси дIалаца, оьрсийн халкъ лолле дерзо веана дела.

— Ткъа оццу оьрсичо дицдора, шен паччахьо, шен правительствос шайн берриг ницкъаца французски революци хьошуш а, Европехь монархиш юха меттахIиттош а гIо дина хилар.

— Иштта-м хуьлуш ма ду. Исторехь суна ца хаьа, оцу тIамна ша бехке делахь а, цхьа а халкъ цунна къера хилла меттиг. Дуьхьдуьхьал летачу шиний халкъана ша-ша бехке ца хета. Туркошца тIемаш болчу хенахь хIор турко адамаш дойург, басурман кхайкхаво. Ткъа туркоша а маьхьарий хьоькху оьрсий мехкашдIалецархой, Iазападаллорхой, гаурш бу бохуш.

— Нуьцкъах тIаме, Iожаллина тIелаьллинчу оцу мискачу оьрсечунна а, туркочунна а ца хаьара шаьшшиммо туркойн султанан а, оьрсийн паччахьан а, церан гIеранийн хьал лардеш, дебош летий а, лей а!

— ДIавалахьа делхьа! Цаьршиннен хьекъал ма дац иштта кIорга ойла ян.

— Муха хуьлу. Зорбанехь, килсехь, маьждагашкахь церан хьечу дIавш дуттуш хилча. Кхин ойла ян гIортал. Сихха вуьйр ву.

— Ваьшшимо долийнчу гIуллакхана гена ваьлла вайша. Хьо вежарий бан гIертачу ламарошна а, оьрсашна тIе вухаверзий вайша. Дуьззинчу дезткъа шарахь вовшийн цIий Iенийна цара. Оцу тIамна бехке паччахь а, правительство а хуьлуьйтур вай. Амма ахь хаттал гIалгIазкхичуьнга я ламарочуьнга? Цара паччахьаш бехке бийр бац. ГIалгIазкхичо эр ду, ламарой шайн станицашна тIелетара. Ламарочо — гIалгIазкхий шайн махка а баьхкина, охьахевшина. И дезткъа шарахь бахбелла цIийIеноран тIом селхана чекхбаьлла. Ламаро эшна, гIалгIазкхи тоьлла. Хьалхарчуьнгара — латта дIадаьлла, шолгIачунна — карадахна. Цу шинна юккъехь машар ца хилла. Ламарочо шен латта духадерзорг сатуьйсу, ткъа гIалгIазкхичо шен карадеанарг цунах лардийр ду. Оцу шиннен дегнаш чохь вовшашка цабезам лаьтта. Ткъа хьо, оцу тIамехь беллачийн кешнийн баьрзнаш дакъадалале, ягийнчу яртийх туьйсу кIур а бале, адамаша чIир а ястале, царех вежарий бан гIерта!

— Амма адам кхетар ду хенан йохалла...

— Нагахь царна кхета а, церан барт хилийта а гIерташ нах хилахь! ХIинцалерчу адамийн масех тIаьхье хийцаелча. Хьуна мамоьтту итт, ткъа шо даьлча-м хир дац иза. ТIе мила ву халкъашна юкъара мостагIалла дIадаккха, халкъаш цхьанатоха, халкъийн барт бан гIерташ? Цхьа а. Мелхо а мостагIалла марсадоху. Шайн мохк схьа ца белча, законехь шаьш муьжгашца ца нисбича, даг чуьра вас дIаер юй ламаройн?

— Яц.

— Ткъа правительствос иза а, важа а дийр ма дац. Я цхьана а пачхьалкхан правительствос а ца дина иза шен колонишкахь. Россин правительствос а дийр дац. Цундела массанхьа а метрополин а,

колонийн а халкъашна юккъехь диллана дIа мостагIалла, цабезам, цатешам, къийсам бу лаьтташ. Олалла ден халкъаш шайн олалла колонишкахь сацо, чIагIдан гIерташ, колонишкара халкъаш оцу олаллех пергIатдовла гIерташ. Иштта къийсам бу Азихь, Африкехь, Америкехь. Ахь сатуьйсу халкъийн доттагIалла, вошалла — цIена утопи ю, Берса. Ницкъ ма бу истори хьалхатоьттург. Нуьцкъалниг даим бакъ хилла, даим гIорсизчунна тIехь Iийна. Иштта хир ду даим а. Iаламан закон ма ду иза.

Шина хьешан дов хадийра цIестан тас, гIумгIий, гатий дохьуш чоьхьаваьллачу Болата. Цунна тIаьххье, юург йохьуш еара хIусамнана. Дечиган доккхачу шуьнахь, тIера Iа а гIуьттуш ахьаран галнаш, царна тIехула ехкина уьстагIан дерстинчу жижиган тIассаш яра. Юккъе лаьттачу дечиган кедахь тIе хьакхар хIоьттина саьрамсекхан берам. Галнаш тIе боьгIна ДанчIас хIетта бина дечиган ши мIара.

ХIусамнанна томана, цкъа-шозза деккъа жижиг а кхаьллина, цхьа-ши Iайг чорпа тIе а мелла, шуьнара дIахилира Къосам. Цуьнца яхь а лаьцна, ша меца воллушехь, Берса а сецира, тIаьхьа ДанчIица пергIат яа дагахь.

— Вайша хIусамненан кхача а бии, Барзоев, — элира Курумовс, куьйгах хьаькхна гата Берсига а кховдош, — Суна хетарехь, истори а, политика а йийцаре ян ца кхайкхина ахь со кхуза. Схьадийцал хьайн гIуллакх.

— Бакъ ду и, Къосам. Къийсамаш буьтур вайша. Уьш дерриг замано къастор. Хьоьга дехар ду сан.

Берсас дIадийцира Гати-Юьртахь хилла зулам. Амма цо лачкъийра Васал има диллина оьрси хилар.

— Лаьцначу шиннах, куьг бехке воцу Васал марша ваккхийтахьара аьлла, хьоьга дехаре ваийтина со гатиюьртахоша.

— И тайпа гIуллакхаш, сан функцешна юкъа ца догIу, Барзоев, — аьттехьа а ца дитира Курумовс, — Цигахь округан начальник, пурстоп, къанойн суд а ю. Цара диннарг хир ду цунах. ТIехула тIе, суна хетарехь, ахь вуьйцу Васал, бевддачу салтех волчух тера а ду. Хууш ма-хиллара, Iедало схьа а лоьхуш, луьра таIзарш до иштачарна.

— Цундела ма гIерта уьш, и гIулакх суьде а ца долуьйтуш дерзо. Хьуна лиъча, хьан дерзо ницкъ болуш гIуллакх ду иза. Хьан гергарло ду эла Тумановца-м хьовха, Лорис-Меликовца а. Ахь полковник Головаченке цхьа дош аьлча, цо къамел доцуш дIахоьцур вара иза, Гатиюьртахоша чIогIа доьха хьоьга. Цара шайн тайпанна тIелаьцна стаг ву Васал.

Цкъа ойла хилира Берсин, хьан дай а ма бу, мацах иштта шелахощна тIе баьхкина, цара дола а дина, хаза нах а бина дIахIиттийна ала. Юха а, цунна дагах Iотталахь а аьлла, сецира.

— Дика хьал дац цуьнан доьзалехь, Къосам, — элира Берсас, — Ца дуьззина кегийн бераш. Цомгаш зуда а ю, тахана яла-

ран а тешам боцуш. Тlера ваькkхина да, бехк-гуьнахь доцуш Сибрех хьажийча, хlаллакьхир бу-кх и миска доьзал.

Шен сирчу мекхех куьг а хьоькхуш, Курумов вехха Iийра жоп ца луш.

«Кхолламо ца лелош хlун дуьсу, — ойла йира цо. — Хьанна хаьа цхьа хьовр-зlовр хилахь, хlокхуьнан разбойникийн кара со я суна везарг нислой а. Ас дина гlуллакх эрна довр дац. Тlехула тlе, да а ву кхуьнан вехаш стаг. Нагахь нийсачу новкъа валахь, ша а ву хьаькамаллехь гена гlур волуш. Хlан-хlа, хlокхунна дина гlуллакх эрна довр дац».

— Дика ду, Барзоев, — элира цо эххар а. — Хьан деца, Рохьмадца долчу гергарлонан дуьхьа, и гlуллакх дерзо хьожур ву со. Шуьшинна юккъехь машар бар а дехнера соьга Рохьмада. Иза тlаккхахула дуьйцур вайша. Ас кханнахье Головаченке дlакхетор ду хьан дехар.

— Баркалла хьуна, Къосам. Тховса ахь суна бина юьхьkIам, хьуна диканца бухаберзо аьтто хуьлда-кх сан.

— Хlорш-м кlезиг хlуманаш дара, — куьг ластийра Курумовс. Хlара шиъ араваьлча, Данчlа тlевеара.

— Данчlа, — меллаша вистхилира Курумов, — Кхуза ван декхар дацара сан. Со Iедалан гlуллакхехь стаг ма ву. Сайна кхеравелла Iийна ца алийта веара. Хьайна хуур ду-кх хьуна.

— Кхета со, Къосам. Хьо кхуза вар къайлехь дуьсур ду.

Тlаккха Берсина тlевирзира Къосам.

— Вайша дlасакъастале, юха а цхьаъ ала лаьара суна, Берса, — элира цо Берсин пхьарс а лоцуш. — Хьо къона ву хlинца а. Цlий ду хьан сиха. Тешалахь сох, хьуначул а тlех лаьа суна, вайн халкъ ирсе хуьлийла. Амма тlаьхьайисинчу Турцина суждане оьхучу вайн динадайша лурий-те халкъана и ирс? Хlан-хlа. Лур дац. Ээ-эзар шарахь ладегlарх. Вайн кхоллам цивилизованни пачхьалкхашца я вуьшта аьлча, Россица бу, Берса. Массо а агlор кхиьначу, вайн гергарчу лулахочуьнца.

— Россица бу, амма хlинца цигахь долчу Iедалций, порядкащий бац. Юха а боху ас, со Россина дуьхьал вац. Я вайн халкъ цунах къасто а ца гlерта.

— Цхьана дийнахь нислур дац дерриг а, жимстаг, — цуьнан пхьарс Iаьвдира Курумовс, — Вайн бодане халкъ нисда, кхето, кхио а хан еза. Шемалан замалахь дарий ткъа иза ирсе? Я, хиларе догдохуьйла а ярий? Яцара, Берса. Хьуна хьайна а ма хаьа иза. Суначул а дика. Шемала а, цуьнан Iедалчаша а кънихетамза хьоьшура халкъан уггар сийлахьниг. Юккъерчу бlешерийн кепашца таладора халкъ. Ша шайх, эвлаяъ ву бохучу Шемала, шена хьал Iаlийнера. Важа, цуьнан компаньонаш а ца буьсура тlаьхьа. Имамана уллохь виллина дlа чаьлтача лаьттара. Цlеша юьзна, гlалакх санна, йоккха шаьлта а карахь. Хlор юьртарчу кертийн хьокхашна тlехь адамийн кортош доцуш де ца хуьлура. Уьш дерриш

а хlумма а доцурш ду, цо халкъан культурана динчу зуламе хьаьжча, Шемала оцу ткъа шарахь дихкира халкъан иллеш, эшарш, пондарш а. Даррехь варварство яра иза! Ахь барта хlуъу дийцахь а, дагахь хьо а теша, Россис вайна серло, машар, синтем а лург хиларх.

И ца хууш ма вацара Берса. Дукха хан яра хуу.

— И дерриг Россис лур ду вайна, амма паччахьан Iедало лур дац. И Iедал жимма а адамалле ца хилча, машар а, синтем а хир ма бац я кхузахь а, я Россихь а. Ахь ма-аллара, халкъийн барт бан ца гlерта Iедал. Мелхо а, царна юккъе зайлаш детта, цабезам, цатешам а боллу. Цуьнан харц, зуламе политика ма ю вайнаханий, гlалгlазкхашний юккъе мостагlалла доьллинарг!

— Хаьа суна, вайнахана хlокху керлачу порядкашца машар бан ца лаьий. Хlетте а халкъ доккхаде ша Шемалан а, цуьнан наибийн а Iазапах маршадалархх. Ведана дlалаьцча, цига вогlучу эла Барятинскийца вара со. Грознера дlа Ведана кхаччалц йолчу ярташкарчу бахархоша иза тlеоьцуш хьайна гинехь, кхечу агlор хир яра хьан ойла. Элан а, цуьнан свитин а, хlокху Iедалан а селханлерчу оцу луьрачу мостагlаша, — зударша, бераша а, къеначара а маршаллин маьхьарий деттара. Царна йицъеллера Шеманлан дехачу олалло шайга хlоттийна къелла, мацалла. Иштта ду гlуллакхаш, Берса. Марша Iайла хьо.

— Ас эвла юккъе кхаччалц новкъа воккху хьо...

— Ца оьшу. Вай цхьана ган лаац суна.

* * *

Полковник дlа а хьажийна Данчlа чувеъча, цуьнца охьахиъна вуззалц хlума а йиъна, эвлара дlавала сихвелира Берса.

— Берса, селхана Соьлжа-гlала вахча, Рохьмад гира суна, — элира Данчlас, — Чlогlа хьо гаре сатуьйсу цо.

Берса соцунгlа хилира неIарехь.

— Соьгара хlун оьшу цунна?

— Хьо гар. Мухха велахь а, иза хьан да, ткъа хьо цуьнан цхьаъ бен воцу кlант ву. И хаа деза хьуна, кху деношкахь Шела вогlур ву иза. Цуьнца цхьаьнакхетахьа.

— И дуьйцуш хан йойур яц вайша, Данчlа, — Данчlин къамел хадийра Берсас, — Со лоьхуш а, ган гlерташ а къа ма хьега ала. Хlан, марша Iайла, Хеда. Ган доьгlнехь, юха а гур вайна...

2

Ураме ваьлла Берса, ах юьхь дlахьулъеш коьртах башлакх а хьарчийна, шуьйрра, сиха гlулч йоккхуш, Эвтарехьа дlаволавелира. Сема воьдучу цунна дукха гена валлале, шена тlаьхьа догlуш когийн чехка тата хезира. Сиха юьстах а иккхина, юьйцинчу керта

уллорчу комарийн диттана тІе а таьІаш, дІахІоьттира Берса. Беттан серлонехь цунна гира, новкъа дедда догІу жима адам. Дитте нисвелча, саца а сецна, дІасахьаьжира кІант.

— ХІапІуп!! — зевне велавелира Болат, — Хьуо дІалечкъина моьттуш хир ву хьо? Хьайн Іиндагіе хьажал? Гой хьуна иза, некъана пурхаллашхьа дижина?

— Ахь хІун до, лачкъаза дисина шайтІа? — шен къайленгара схьевелира Берса.

— Хьуна тІаьхьа веана-кх!

— ХІунда?

— Хьо новкъа ваккха.

— Гена?

— Эвтара кхаччалц.

— Айххьа биний ахь и сацам?

— ХІун башхо ю? Цхьаьний воьдуш некъ бацлур.

— ХІар ду хаза! Эвтара кхаьчча хІун дан ойла ю хьан? Вухавогіур ву?

— Вац дер-кх. Буьйсанна юккъехь цІа гІерта Іовдал-х вацийн со.

— ТІаккха?

— Тхайн деца йолчохь Іийр ву-кх.

— Ой, наб йойуш, и гена некъ ца бича хьо хьан ца вуьту?

— Бераша дуьйцур дац-кх, ваши, ахь дуьйцург. Цхьа а новкъа а воцуш, хьоьца хьайцца Іархьама вогІу-кх.

— Дега хаьттиний ахь?

— Хаьттина дер-кх.

— ХІета тарлур ду.

Гомий, гаттийчу урамашкахула вахана и шиъ, эвла йистерчу цІенойн кетІахь сецира. Болат урамехь а витина, керта вахана Берса, говр ялош схьавеара дукха хан яллале. Хьалхий-тІаьхьий говра а хиъна, цхьана боьрахула чу а воьссина, Бассах дехьа а ваьлла, хьуьнчу вуьйлира и шиъ.

— Ваши, хьой, Къосаммий хІун дуьйцуш вара?

— Ахь хІун до цуьнан хиъна?

— Иштта... хаархьама. Мацца цкъа суна оьшур ма ду иза.

— Хьуна хаа ца оьшу баккхийчара лелориг. Мотт беха бу хьан. Багахь сацалур бац.

— Суний? —тІехьа ша волччохь кхоссавелира Болат.

— ХІаъа ткъа.

Болат дІатийра.

— Мара хІунда лоькху ахь?

— Дика дац, ваши, жиманиг сийсазвар.

— Дага-м дер ца деана!

— Ахь, йоІ эли суна...

— Асий?

— Ахьий.

— ХІан, хІинца аьшпаш ботта а воьлла!

— Юха а сийсазво!

— Ас мел аьлла дош харцахьа хІунда доккху ахь?

— Дешнаш а хуьлу башх-башха. Амма ас хьуна бехк ца буьллу. Хьо гІазкхашна юккъехь ма кхиъна. Вайнехан гІиллакхаш ца хаьа хьуна.

— Масала?

— Сан мотт беха бу эли ахь. Мотт беха хьенан хуьлу? Зудаберийн. Аьшпаш буттург а со хили. Вайн устазора, ваши, хьо ненаваша вацахьара, ас хье юккъе тапча тухур ма яра хьуна!

Берса гІадвахана велавелира.

— Хьоьца-м забар ян а ваьхьар вац, Болат. Ахь-м боккъал а вен там бу!

— Ахь и тайпа забарш яхь, сайга сатохалур ала хаац суна.

— Вайн веччу ма хила хьо тайпа йишин кІант!

Болата дегабаам бира. Берсин букъ тІехьа мара сийсабора цо. Амма иза гена ца дахара.

— Ца дуьйцу ахь? — хаьттира цо хьасталуш.

— ХІун?

— Шаьшшиннан къамел. Цхьадерг-м хезира суна, амма дика ца кхийтира.

— ТІаьхь-тІаьхьа доьхначу долуш доллу хІара. Хьайна лаахь сан кІесар кІаг чу тапча а тухур ахь, Болат, амма бакъдерг ца аьлча Іелур вац со. Наха дуьйцучуьнга къайлах ладоьгІу боьрша стаг зудчул а оьшу хьуна!

— МостагІчун къамеле къайлах ладогІарх эхь дац, ваши.

— Дац, нагахь и мостагІ хьан хьаша а, хьан хІусамехь а вацахь-м. Хьан дех а хьох а тешна Къосам шун хІусаме веана. Ткъа хьо, цо хІун до хьоьжуш, къайлах толлуш лелла!

— Полконак Къосам, сан ден а, сан халкъан а мостагІ ву, ваши!

— Полконак Къосам хьан хьаша вара, хьан нанас хьакхийна кхача биъна цо, Болат.

— МостагІ Іехавар къилахь дац, ваши.

— Ас ца боху хьоьга, иза хьан хІусаме воьссина хьаша вара? ТІе Къосам шен халкъан мостагІ а вац. Хьан юьртан махка тІера дІаваллалц, хьан мостагІа вац иза. Хьуна ца хаьа-кх вайнехан гІиллакх. Декъаза ДанчІа! Цхьаъ бен кІант а вац, иза а ямартхо кхуьуш ву.

— Бехке ву со, ваши...

— Бехке хилла а ца Іа. Эхь дина ахь хьайн дена, нанна а, тайпанна а. Къонаха даим а дог цІена хила веза доттагІашца а, мостагІашца а. Ямарт хилахь, доттагІий хир бац хьан, мостагІий а кхаьрдар бу хьох.

Екхначу стиглахь меллаша нека дечу батто серладаькхира Іалам. Кху шиннан некъ хадош наггахь чекхъоькхура цхьогал я

пхьагал. Ша Берсица къамел дахь а, Болата сема ладоьгIура хьуьнан дахаре.

— Хьо гIазкхашна луьйш, Къосама цаьргахьа гIо дохуш санна хийтира-кх суна.

Ша къамеле ца ваьлча и кIант соцур воцийла хаьара Берсина. Цунна ара ма ваьллера иза.

— Хьуна ма-хетта дац иза. Сан а, Къосаман а оьрсий тайп-тайпана бу. ХIорамма шен-шечаьргахьа гIо дохура.

— Бекъна ашшиммо уьш? Со-м ца кхета ахь дуьйцучух.

— Кхета хала ду хьуна. Ахь дешахь кхетар ву.

— КIез-мезиг къорIа деша-м хаьа суна.

— Ас оьрсийн школа хьехайо.

— ХIета, оцу ишколах лаций дийцахьа. Тохара а, дийца долийнчохь висира вайша.

— ХIаъ, дагадогIу суна. Школашкахь вайнах шайн халкъ ца деза Iамабо элира ахь.

— Нисса ду иза-м.

— Ишта хIунда моьтту хьуна?

— Сайна го дела.

— Масала?

— Къосаме, Орце, хьажал.

— Ас я дешна оьрсийн школехь.

— Хьо вац ас вуьйцург.

— Со хIун башха ву?

— Сан ненаваша ямартхо хуьлийла дац.

Цкъацкъа воккхачо санна ойла йора кIанта. Цуьнан цIенчу даго сиха дIахудура баккхийчаьргара хезнарг а, гинарг а. Бакъ дара, цхьаболу нохчийн эпсарш юьххьехь дуьйна, шайн халкъан шIин Iено паччахьан Iедална гIо деш хилар. Оьрсех а, оцу эпсарех а шен ойла кхоллаеллера кIентан.

— ХIинца ас хьайга дуьйцу долчуьнга ларий ладогIалахь, Болат, — элира Берсас забарш а йитина. — Кестта воккха хир ву хьо. ТIаккха хьох вайн халкъан маршонехьа къийсаман бIаьхо хир ву моьтту суна. Даймахкал, шен халкъал сийлахь хIума дац стагана. Цуьнан сий лардарал, цуьнан маршо ларъярал лакхара а, сийлахь а декхар дац стеган. Амма и декхар кхочушдалур дац шен даймехкан, шен халкъан доттагI а, мостагI а мила ву ца хуучуьнга. Маршонехьа къуьйсу стаг бIаьрзе хила ца веза. Вайнахана моьтту и берриг оьрсий гаурш, шайн мостагIий бу. Цунах йоллу вайн ерриг дакъазалла. Ишта ойла аьттехьа а йита ца еза. Вон халкъаш дац дуьненахь, Болат. Амма вон, зуламе Iедалш а, адамаш а ду. Цара тилийна, зуламечу новкъа дуьгу халкъаш а. Муьлш бу и оьрсий? Вай санна машаре, къинхетаме, тешаме адамаш ду уьш. Амма я оьрсий а, я кхин халкъаш а шайн лаамехь дац. Iедало шен буйнахь латтадо уьш. Суна гина. Болат, оьрсийн муьжгичун дахар.

Вайчул тоьлуш дац хIумма а. Цигахь а ю харцо, къелла а. Помещикан кога кIел ву муьжги.

— И помештиг а мила ву?

— Муха эр дара иза. ХIара вайн КъосамгIар санна, хьалдолу нах бу-кх уьш. Вайниш хIинцца дуьненчу бевлла, цергаш йовланза бу. Ткъа оьрсийн помещикаш болу масех бIе шо ду. Россира дерриг а, латта а, церан долахь ду. Дай белча, берашка долу иза, муьжгашций цхьана.

— Муьжгийх а хIун до цара?

— Бацабо-кх, неI хьеллалц. Бацийна а ца буьтура. Къинхетамза еттара, бухкура, оьцура. Сибрех хьийсабора.

— И дерриг ловш Iа уьш?

— ХIан-хIа, ца Iа, Болат. Даима дIа паччахьна, помещикашна дуьхьал гIуьтту. Герз карахь. Амма толац. Эххар а, ши-кхо шо хьалха жимма маршо елла муьжгашна. ХIинца царах йохкаэцар ян а, царна етта а бакъо яц помещикийн. Амма маьрша бац уьш хIинца а. Латта ма дац муьжгийн долахь. Иза помещикийн долахь дитина. ХIинца а цунна букъ сеттош лела муьжгий. Паччахьо тIаме кхоьхку уьш. Шена а, помещикашна а керла мехкаш дIалеца. Цигара халкъаш лолле дерзо. Муьжгий хIаллакьхуьлу, ткъа паччахьан а, помещикийн а хьал деба.

— Уьш хIунда боьлху, церан дуьхьа тIом бан?

— Ма гIол. Набахте кхуьйсур бу, Сибрех бохуьйтур бу. Иза-м хIун дара. Дуьхьало йинчунна тоьпаш туху, ирх ухку.

— Ой, оццул дукха бу и помещтигаш?

— Бац. Амма Iедал, эскар, набахтеш, закон и дерриг церан карахь ду.

Болат вист ца хуьлуш вехха Iийра. Схьахетарехь, Берсас дийцинчун кIорггера ойла йора цо.

— Паччахьан эскарехь берш берриг муьжгий бу ца элира ахь, ваши?

— Элира.

— Шайн дайшна, вежаршна тоьпаш хIунда етта цара?

— ХIан-хIа, шайчарна ца етта. Иза кхечара до. Вовшийн ца бевзачу, гена дIабуьгу. Росси йоккха ма ю. Дикачу динахь некъ бича а, шарахь цхьана маьIIера вукха маьIIе а ца кхачалуш. Цхьанхьарнаш кхечарна дуьхьалбохуш, вовшийн хьоьшуьйту. Iедалан коьртехь дерш мел къиза, хIиллане, тешха адамаш ду. Адамашна, халкъашна юккъе дIовш туьйсу цара. Цхьа нохчий хилла ма ца Iа Iазапехь, шайн маршонехьа къуьйсуш. Россехь масийтта къам ду. Вай санна Iазапехь. Вай санна маршонехьа къуьйсуш. Амма паччахьаша, хьоладайша уьш буйнахь латтадо. Муха боху ахь? Царна юкъа дIовш туьйсуш, цабезам, цатешам буллуш. Церан вовшашца барт ца хуьлуьйтуш. Уьш цхьацца хьоьшуш. Халкъаш цхьанакхетча, церан цхьа барт хилча, паччахьаш, хьоладай отур ма бу. Амма мацца а цкъа и барт хир бу халкъийн. ТIаккха

цара лоьхкур бу шайна тIехь Iазапдаллорхой. Ткъа эпсарш а бац цхьатера. Уьш дуккха а бу паччахьан. Цхьаболчарна ца лаьара вайна дуьхьал лета. Масала, инарла Раевскийна.

— Ишта инарла вуьйцу ца хезна суна, — элира Болата, ойла а йина. — Ярмол, Баклан, Сипсо, Рангел, Микало. Уьш буьйцу хезна. Ахь цIе яьккхинарг ца вевза.

— Раевский хьал долуш стаг вара, Болат. Цкъа цхьа кIезиг эпсарийн барт хиллера паччахь дIаваккха. Царна юккъехь и Раевский а вара.

— Ваьккхирий?

— ХIан-хIа. Тхьамданаш ирхъоьхкира. Бисинарш Сибрех а, Кавказе а хьовсийра. Вайн махка кхечира Раевский а. Кхуза кхаьчначарна гира вай муха лета а, стенна дуьхьа лета а. Царна къахийтира ламаройх. ХIетте а тIом бира. Нуьцкъах летийтора. Ткъа инарла Раевскийс дуьхьало йира вайца тIом бан. Паччахье кехат яздира, хIокху ламароша бийриг бакъонца тIом бу, шайн даймохк, маршо, шайн доьзалш ларбеш, кхузахь вай харцо лелайо, шена лаац хIокху харцонан а, къизаллийн а декъашхо хила, аьлла.

— ОххIай, ма дика инарла хилла-кх иза! ТIаккха, цIа вахара иза?

— ХIаъ. Ламарошца тIом бан ца беза, царна школаш яхка еза, уьш махлело, бахамаш кхио, шайн махкарчу хьолах пайдаиэца Iамо беза, цаьрца хаза дийца деза бохура цо.

— Паччахьо ла ца дуьйгIира цуьнга?

— Я цуьнга а, я кхечуьнга а! Хьуна хаахьара, Болат, вайнахана дуьненан Iилма мел чIогIа оьшу! Вайн хьуьжаршкахь дешарх, дуьненан Iилма ма ца Iема. ГIаланаш ян, латта лело, цомгашчарна дарба лело, доцца аьлча, стагана хаза а, дика а ваха ца Iамадо. Уьш а, кхин а оьрсийн школехь хьоьху. Оьрсийн инарлаша Услара, Бартоломейс а, вайнехан эпсаран Къедин, молла ЯнгIулбин а гIоьнца нохчийн маттахь жайна динера. Оьрсийн элпашца. Ши шо хьалха цара Соьлжа-гIалахь нохчийн маттахь бераш Iамо школа йиллира.

— Вайнехан бераш дуй цигахь доьшуш?

— ХIан-хIа. Цигахь цхьа а вац доьшуш. Ши кIира даьлча дIачIегIира.

— ДIачIегIира? Хьан?

— Iедало. Паччахьана а, цуьнан хьаькамашна а лаац муьжгийн а, кхечу къаьмнийн а бераша доьшийла. Стаг бодане хилча Iехо атта ма хуьлу. Iилма ца хуу стаг хьайба ма ду.

— БуритIахь вайнехан берашна йиллина ишкол юй хIинца а?

— Иза-м ю.

— Со а, Соип цига деша ваха воллу.

— Шуьшиъ дIаоьцур вац.

— ХIунда? Тхойша нахал оьшу?

— И дац и. Цигахь деша ахча ма деза. Цундела, хьолахойн

берийн бен ницкъ бац цигахь деша. ДанчIин ахча дуй дуккха а? Дац? ХIета хьан цIахь Iан деза. Цул сов, хьан да Iедална муьтIахь воций а хаьа. Цига деша воьдучун да-нана Iедална тешаме хила а ма деза.

Болата доккха садаьккхира.

— Гой хьуна, ваши, ас боххучу тIевеа хьо. ХIинцца вара хьо кхин дуьйцуш.

— Ас хIун дийцара?

— Оьрсийн ишколехь дешнарш вайн халкъан ямартхой бац ца элира ахь?

— Ас-м хIинца а боху. Цхьана ден-ненан бераш а ца хуьлу цхьатера. Цхьана куьйган пIелгаш а дац цхьатера, олуш ца хезна хьуна? Цхьаццаверг шен гIуллакх нисделчхьана, да-нана а духкур долуш хуьлу. Иштаниг оьшу Iедална. Иштачу нехан гIоьнца халкъашна тIехь урхалла латтадо цо. Кхиверг нисло, даймехкан халкъан дуьхьа шен са дIадала кийча. Иштачунна а Iилмано гIо до дахарехь, шен халкъан маршонехьа къийсамехь нийса некъ къасто, оцу къийсаман бакъволу бIаьхо хила.

Некъ беттасе серладаьккхинчу ирзо тIе кхаьчча жимма садаIа сецира и шиъ. Говр яжа дIахийцира. КIедо буц йолу меттиг а лехна, верта а даржийна, ул-улло охьахиира.

— Со бакъ веш кхин цхьаъ а дуьйцур дара ас хьуна, Болат. Стаг дог цIена, оьзда велахь, оцу шен оьздангаллех вохац иза, мел яккхий халонаш тIенисъяларх. Доьналла а, оьздангалла а йоцу стаг ву кхералург, вухург, ямартло, тешнабехк бийриг. Шайх Мансуран заманахь, Алда йоккхуш, лаьцна ши кIант йийсаре Россе вигнера салташа. Цаьршиннех цхьаъ вайша вийцинчу инарла Раевскийн доьзале нисвелира. Иза шайн кIант санна, везаш, хьомсара кхиийра цара. Воккха хилча эпсарийн школехь дешийтира. Цхьана паччахьан эскарш тIамца Россе даьккича, царна дуьхьал тIамехь йоккха майралла а, даккхий хьуьнарш а гайтарна, сихха инарла вира цунах. ХIинца, оьрсийн эскарехь сий деш, лоруш а турпал ву иза.

— Цуьнан цIе хIун ю?

— Цуьнан бакъ цIе хаац цхьанне а. Оьрсаша нохчийн Александр аьлла цIе тиллина цунна. Ша велла дIаваллалц цхьана минотана а ца бицбира цо шен даймохк а, ша вина юрт Алда а. Кхин иштаниг хилира Бийболатан заманахь, ахь вуьйцучу Ярмол — инарлас Дади-юрт йоккхуш. Елла Iуьллучу нанна уллохь жима кIант карийра салташна. Цхьана салтичо, къа а хетта, шеца дIавигна кIант. Цо ги а воьллина лелош кIант гича, Ярмолан шичас, щена вигира иза. Цкъа Типлисе вигира, цигара дIа — Россе. И кIант кхиира оьрсичун доьзалехь. Воккха хилча, цунах Россехь гIараваьлла художник хилира.

— И бохург хIун ду?

— Сурташ дохкург. Цо Іаламат говза адамийн суьрташ дохкура. Стагана тІе а хьожуш. Иштта цо а сатийсара шен даймахке.

— ХІинца вац иза?

— Вац, Болат. Сан хенара волуш велла.

— Цомгаш хилла хир ву-кх иза?

— Пехийн цамгарх велла боху. Амма, со шек ву оцу цамгарх и велла бохучух. Цунна кхеттарг даймахке сатийсаман цамгар хилла аьлла хета. Инзаре хала цамгар ю иза, Болат. Суна хаьа цуьнан хьал. Со а лелла даймахках къаьстина, цуьнга сатуьйсуш. Гена мел вели, хан мел ели алсамбуьйлу цуьнга безам а, сатийсам а. И шиъ цамгаре боьрзу. Цхьа шатайпа, цІе йоцчу цамгаре. Дог а, хье а кІез-кІезиг дакъало. Ас уьш хІунда дуьйцу хаьий хьуна? Хьуна адамаш тайп-тайпана дуйла хаийта. Іеламчаш, эпсарш, хьоладай а. Гой хьуна, Раевский воккха хьолахо а, инарла а вара. ХІетте а цо дуьхьало йира ламарошца тІом бан. Шина вешийх бевлла шичой бара Ермоловгlар. Ший а инарла а, хьолахо а. Цхьаммо инзаре йоккхачу къизаллица вайн ярташ хІаллакйира, шолгІачо — нохчийн жима кІант кхаьбна, цунах сийлахь-воккха художник вира. Дуккха а оьрсийн назманчаша вайх къахеташ, вайн турпала къийсам хестош, вайца тІом бен Іедал сийсаздеш иллеш яздо. Уьш а бу хьолахой, эпсарш а. ХІинца хаьий хьуна, Болат, цхьа а халкъ вон ду ала мегар доцийла? Цхьа стаг, бІе, эзар стаг вон ву, зуламхо ву, оьзда вац ала мега. Амма халкъ бехдан, бехке дан, цунна тІехь кхел ян а бакъо яц цхьаннан а. Воло, говр схьаялае. ДІавоьду вайша.

КІант тІехьа а хиъна, меллашчу боларехь новкъа велира и шиъ.

— ШолгІачу кІентан цІе хІун яра? — хаьттира Болата, шаьш гено ваьлча.

— Художник хиллачунций?

— ХІаъ.

— Цуьнан бакъ цІе а хаац цхьанна а. Захаров Петр олура цунах. Иза схьаэцначу салтичо шен ден цІе тиллинера цунна. Амма ша нохчо вуйла, шен даг чохь даймахке а, нохчийн халкъе а безам ларбеллийла хаийта, ша мел диллинчу суртана буха «Нохчех схьаваьлла Петр Захаров» олий куьг яздора цо. Ша верг иштта хьекъале, тешаме, оьзда а хуьлу-кх, Болат, цо оьрсийн школехь дешарх. Захаров Петран цІе ехар ю, вайн халкъ мел деха. ТІе вайн халкъо хастам кхайкхор бу и кІант йийсаре ваханчу денна а, вигначу салтичунна а, шена иза кхиийначу инарлина а. Тамашена хІума ду хьуна иза, Болат. Паччахьана, хьолахошна вайнах хьекъал, кхетам боцуш, цхьа акха адамаш ма хета. Царна моьттург бакъ доцийла хаийта санна, кхолламо жима волуш Россе кхоьсинчу оцу шина кІантах цхьаннах гІараваьлла инарла, шолгІачух дуьненчохь а цІе яхана художник хилла. Хьанна хаьа, хьоьга а, хьан доттагІчуьнга Сонпе а оьрсийн школехь дешийтича, шуьшинах а хила ме мегара вайн халкъан дуьненчохь а сийлахь цІе йоккхуьйтуш ши стаг.

— Суна, воккха инарла хила луур дара. Даккхий эскарш тІаме дига.

— ХІунда?

— ХІунда бохург хІун ду! ХІокху Нохчийчуьра Къосамгlар, Орцагlар, Ботагlар, цаьрца цхьана оьрсийн инарлаш, хьаькамаш а, церан хьадалчаш а дІалахка.

— Вон ойла яц хьайниг. Кхин ду цхьаъ, Болат. Суна хетарехь, и хьолахой, хьаькамаш а инарлаша лохкур бац кхузара дІа, ткъа хьан да ДанчІа санначу, могlарчу ламароша лохкур бу. Уьш Нохчийчуьра дІалахкарх а ма ца тоьа, Болат. Кхузара дІабаьхча кхечхьа цхьана а кхетта бухабогlур бу уьш. Массанхьа а хІаллакбан беза, хІу дойуш. Россехь, Гуьржех, массанхьа а. Амма иза дан ницкъ кхочур бац цхьана нохчийн. Дерриг халкъаша цхьа барт бина, цхьана а кхетта, массанхьа а паччахьан Іедал хІаллак ца дича довр дац церан хІу.

— Дависа, хІетталц вехар вац-те со!

— Даламукъалахь. Иза хир ду мацца хилла а. И хирг хиларх теша Россера а, дуьненан кхечу мехкашкара а хьекъале нах. Гор, Болат я! Дуьненчохь хуьлуш дерг хаахьара нохчашна! ТІаккха уьш кхетар бара, шаьш хІинццалц бина къийсаман некъ нийса цахиларх, иза хийца безарх! Амма цунах кхетац я вайнах а, я кхин долу халкъаш а. Шен маршонехьа къийса, маршо яккха, яьккхича ларъян Іилма а, серло а ма оьшу адамашна. Ткъа уьш тахана бодане, бІаьрзе ду, Болат.

Шиммо а гІайгІане доккха садаькхира. Болата хеттарш совцийра. Схьахетарехь, шена хаа луург хиънера цунна. ХІинца, мел лаххара а цхьана шарахь, шен нийсархошна хьеха а, дийца а хІума дара цунна.

3

Болат луьйчура сецча, Къосамца шен хиллачу къамелана тІе вухавирзира Берса а.

Цхьацца хаттаршна тІехь бакъ вара Курумов. Россис кхуза серло йохьийла-м Берсина дика ма хаьара. Амма муха йохьу — оцу тІехь яра коьрта галморзахаллаш. Цул сов Курумовна лаьара и серло шен классан пайденна хуьлийла, ткъа Берсина — и кхетам, серло цуьнан классана дуьхьалъяккха.

Шемалах лаьцна цо аьллачунна а дерригенна реза вацара Берса. Къиза-м дер вара. Шемал. Тап ша малхбален деспот. Амма кхин цхьаъ хаьа Берсина. Исторехь дукха меттигаш хилла халкъийн уггар хьекъале, кхетаме, адамалле баьччанаш даймехкан, халкъан дозуш цахиларан дуьхьа, цуьнан хинболчу кхолламан дуьхьа цуьнан мостагІашца, ямартхошца къиза хуьлуш. Шайна ца

луъушехь. Дегнаш а къуьйлуш. Изза дира французийн революцин тхьамданаша а. Иштта хила дезар ду тIейогIучу хенахь а.

Шемалан байракх кIел хIиттинчу халкъаша латтийнарг шайн маршонехьа бакъонца, сийлахь къийсам бара. Оцу къийсамехь йоккха турпалалла а гайтира цара.

Тайп-тайпана меттанаш, амалш, гIиллакхаш долу масийтта ламанан халкъ цхьа буй беш цхьана а тоьхна, цхьа а тайпа экономически бух а, герз дан пормышленность йоцуш, арахьара хуьлуш цхьа а тайпа орца а, гIо а доцуш, дуьненахь уггар йоккхачу, уггар нуьцкъалчу империна дуьхьал ткъе пхеа шарахь турпала а, толаме а къийсам латтийнчу Шемале боккха лерам бара Берсин. Оцу хьекъалечу, майрачу ламанан кIентан цIе Наполеонан цIарна улло а юьллура Берсас.

Амма цхьаъ дара Берсина новкъа. Берсина хаьара къаьмнийн маршонехьа боламийн дукхахболчу тхьамданаша къийсамехь даим а, массанхьа а шайгара турпала хьуьнарш а, халкъан гIуллакхана тешамалла а гайтар. Халкъан гIуллакх эшна де тIе хIоьттича, цхьа а тайпа осалалла, кхерар доцуш, шайн кортош майрра эшафотана, гильотинна тIедехкира цара, тангIалкхашна кIел, юьйлинчу тоьпашна хьалха хIиттира уьш. Хьекъале, майра а, доьналла долуш а шен заманан, шен халкъан кIант вара Шемал. Амма, халкъана тешамалла гайта деза тIаьххьара а де тIехIоьттича, кхеравелла корта а таIийна, мостагIчунна хьалхахIоьттира. Цул сов хIинца ша йийсарехь волуш, селханлерчу шен мостагIчуьнан карара сагIа баркаллица схьаоьцу, ткъе пхеа шарахь шена тешаме хиллачу, ша лийринчу, шех сийлахь-воккха стаг винчу, шен дуьхьа дуккха а цIий Iенийнчу, Iазап лайначу халкъашна тIехь олалла муха латто деза а хьоьху.

Шена иза мел дукха везахь а, ша иза мел чIогIа лерахь а, амма и шалхо Шемална гечьян ницкъ бацара Берсин.

Сутарчу куралло хьекъал кхолийнчу стагана шена тIе богIу кхерам гац.

Эзоп.

I

Инарла-майоран Муса Алхазович Кундуховн доларчу юьртан а, мехкан а цIе Скут-Кох ю. «Хадийна ргI» я «Хадийна куьг» бохург ду иза хIирийн маттахь. Ша цIеяханчу хIирийн элийн, тагиатийн тайпанах хилла ца Iаш, цкъа оцу тайпанехь а тоьллачу цIийнах схьаваьллачу Кундухов Алхазан Мусин долахь ялхошца йоккха юрт а, тIулгех доьттина исс цIа а, дуккха а бахаман, гIишлош а яра.

Юьхьанца мохк кIезга бара Кундуховн. Шен дех биснарг. Цунах а, да веллачул тIаьхьа бахам боьккъуш ах гергга, Мусел воккхачу вешина Афакона кхаьччера. Бакъду, дуьнен чу волучу хенахь ирсе кхаж баьллачу Мусин дахар тоделира. Iаламо хьекъал деллачу а, хьалдолчу ден доьзалехь кхиъначу а цуьнан аьтто хилира Россехь деша. Оцу заманахь кавказан къаьмнех схьабевллачу кегийраша, къаьсттина ламанхоша, дахарехь тIеман некъ бен ца къастабора. Цундела Муса а вахара тIеман школе деша.

Дуккха а эпсарш шех хьоьгуш куьцехьчу дегIахь а, хьекъале а, тIех майра а волчу Мусин аьтто хилира оцу новкъахь баккхий кхиамаш баха. Къаьсттина атта дара и кхиамаш баха иза винчу Кавказехь. Кхузахь цунна мохк а, къаьмнаш а, церан амалш а дика евзара. Массо хенахь а оьрсийн эскаран командованин воцуш цатерг вара Муса. Шо-шаре мел дели тIекхетара чин, совгIаташ. Паччахьо дуьххьал-дIа чинаш, орденаш елла ца Iаш, шортта латта а лора шен инарлашна. Оцу совгIаташа Алхазан Мусин мохк ши эзар бархI бIе десятине баьккхинера.

Бакъду, оцу шен юьрта а вирзина, чомахь ваха аьтто ца хуьлуш яьккхира цо шен дахаран нийсса ах хан. Цо дакъалецира Шемалан заманан берриге а Кавказан тIамехь. Венгрин революци хьошуш а уггаре жигарачех цхьаъ вара иза. ТIом чекхбаьллачул тIаьхьа нохчий гуттар карзахбевллачу шерашкахь Нохчийчоьнан округан

начальник лаьттира иза. Ши-кхо шо дара. ХIирийн округан начальник хилла, шен цIахь хан токхуш иза волу.

Тахана, цкъа а ца хиллачу тайпанара цкъацкъа воккхавеш, тIаккха гIайгIане вужуш, башха вара Алхазан Муса.

ХIан-хIа, Муса хIуманна а дарвелла вацара. Я цхьана сингаттамо дуьне кхолийна а. Дуьххьал-дIа, и волчу хьошалгIа вогIуш Нохчийчуьра цуьнан шира хьаша, Iуспин Сайдуллий, аьрстхойн Цугин Iелахий вара.

Церан хьошалла тасаделлера Алхазан Муса Нохчийн Округан начальник волчу шарахь. Цигара Муса цIа вирзанчул тIаьхьа Iуспин Сайдулла мосаззе а хиллера иза волчохь хьошалгIахь, амма тахана санна, иза лерана тIеэца цкъа а ца кечвеллера Муса.

Ерриг шен орденаш оьххина, цхьа наггахь йогIу меттиг хIоьттича бен духуш доцу кIайчу исхарин чоа а дуьйхина, тоьлла гирзаш дихкина, Iаьржа верта а кхоьллина, уггар дикачу динахь, ваша юххе а ваькхкхина юьртах ваьлла, хьешашна дуьхьал воьдура иза.

Ша даьхьна гIуллакх кхиамца чекх а даькхкхина, Константинополера Муса цIа вирзина цхьа кIира сов хан яра. Шена ма тов и чекхдериг хиларх цуьрриг шек вацара иза воьдуш дуьйна а. Алхазан Мусина Петербург а, Константинополь а цхьаъ яра. Шиннахьа а бара цуьнан герггара хьешиш.

Цу тIе хьалха дуьйна цига кхелхина, якхий хьаькамаллин меттигаш дIалецна дуккха а хIирий, Кавказан: кхечу къаьмнех нах болчу туркойн столицехь цунна аттахуо дара гIуллакх дийца а, нисда а. Бакъду, цо хIинца даьхьна гIуллакх, цунна ма моьтту, атта ца хилира. Туркойн правительствона даггара лаьара, Кавказан ламанхойх уггар карзахе, доккхачу къомах нохчийн пхи эзар доьзал шайн махка эца. Амма дерриг дохийнера цигахь лаьттачу хьоло.

Кавказан тIеман чаккхе хьалххе дуьйна гуш хилла дукха феодалаш, таронаш йолу нах, Шемал йийсаре вахале а, ваханчул тIаьхьа а шайн лаамехь бевдда Турце кхелхира. Кисанахь шортта ахча а долуш баханчу церан гIуллакх цигахь дIанисделлера.

Амма кхин хьал хIоьттира дIадаханчу шарахь цига кхелхинчу нахе.

Парижски бартаца Iаьржачу хIорда тIехь кемнаш хила бакъо йоцчу Россин, Малхбузе Кавказ дIалоцуш тIеман базаш кубански гIалгIазкхий болчохь яхка дийзира. Граф Евдокимовн планаца станицаш а, чIагIонийн линеш а йохкуш, шайн лаьмнашкахь баха таро ца хирриг гатте хьовзийра цигара ламанхой.

БIарзбеллачу шапсугаший, абазехаший, убыхаший 1861-чу шарахь императоре дIаханйтира шайна Россина муьтIахь хилла кIел совца лаар. Амма цара хIитто барт ца безабеллачу паччахьан правительствос цаьрга сацамболлуш дIахьедира, цхьа а тайпа бакъо

ца хьехош кIелсовцар я лаьмнашкара ара, гIалгIазкхаш юкъа охьабовлар.

Кубански ламанхой де-дийне мел дели дика кхетара тIетеIа паччахьан эскарш шайга совцалург цахиларх. Цаьргарчу хьолах кхеттачу Евдокимовс, Россина муьтIахь хила ца луучарна Турце кхалха некъ битира. Иза мич-мичхьахула бацара. Шаьш лаьттахула бахийтича ламанхой гIур бацара. Цундела цо, уьш арахьарчу дуьненах хадорхьама, и некъ хIордан тIехула битира. ТIаккха ламанхошна хьалхахIоттийра: я, цхьа а тайпа хабар доцуш, Россина муьтIахь хилий, шаьш доллучохь совца, я охьакхалха. Ткъа цу шинне резавоцург Турце дIагIуо аьлла.

Ламанхой холчу хIиттинчу оцу муьрах пайдаэца гIерташ, цаьрга Турцех дIакхойкхуш прокламацеш яржош, Кубански ламанхошна юкъабаьржира туркойн эмиссараш. Уьш дукхахберш паччахьан правительствос эцца балийна агенташ бара. Мацах цкъа украинцашний, гуьржашний хьалха санна, кхоъ некъ хIоьттира Кавказан ламанхошна хьалха: я нийса боцчу къийсамехь физически хIаллакьхилар, я шайн динехь йоцчу Россина кIелсовцар, я шайн динерчу Турцех дIакхетар, аьлча а, цига дIакхалхар. Генна хьалха дIа а хьаьвсина, Россин тIехиндерг ган а, цуьнца шайн тIаьхьенан хинйолу таронаш хаа а хьекъалан кIорге йоцу ламанхой оцу эладитанех Iехабелира.

Уггар хьалха кхалхабуьйлабелира таронаш йолу нах. Даима, ойла ца еш, бIаьрзе царна тIаьхьахIуьттуш лела къехой хIинца а изза дан сихбелира. Бакъду, массо агIор къиза тIетеIачу паччахьан эскарша хIинца ойла ян а ца кхийтира уьш. Вуьшта а тIамо чIанабаьхна уьш, деккъа цхьа даьхний доцург, важа берриг шайн миска бахамаш дIа а туьйсуш, керахь ахча а, тIехь мегарг бедар а йоцуш уьдуш хIорда йисте дIагуллора. Ткъа цигахь кеманашка ладоьгIуш цара хьоьгу бала ца бийцабаллал къиза бара. Деккъа цхьана 1863 шарахь хIордаца Туркойн махка воьссира виъ бIе эзар гергга ламанхо.

Турце дIакхаьчна ламанхой хIаллакьхуьлура, мозий санна. Мангало буц санна, адам хьоькхуш, къиза юкъадаьржира тифан, морзгалийн ун. БIарзбинера уьш мацаллой, махкаллой.

Оцу хьола тIе нисвелира Алхазан Муса, паччахьан правительствос тIедилларца, нохчийн пхи эзар доьзал дIаэцаран хьокъехь туркойн Портица дийцарш дан ваханчу хенахь. Цигара хьал дика доцийла-м Мусина хьалххе дуьйна а хаьара. Цунах хаамаш Мусин шен керахь а бара, цул сов цигара юхаоьхучу наха дуьйцурш даьржара лаьмнашка сиха. Бакъду, ах берзина, мацалла мажбелла, сагIадоьхуш дийна бисинарш а, дIадохказа цхьанхьа Iохку декъий а шен бIаьргашна Турцехь галлац, оцу ирчачу хьолан сурт цунна ма-дарра ца хIоьттинера.

Стамбулехь мел даккхийн гергарлонаш шен хиллехь а, и сурт гича Мусас догдиллира шен гIуллакх кхиамца чекхдериг хиларх.

Амма дерригенна а тIехь цуьнан гIо дира хьалххе дуьйна Петербургера а, Тифлисера а хаам эцна Стамбулехь Iачу оьрсийн векало инарла-адъютанта Игнатовс. Шен правительствон цIарах Игнатовс тIелецира нохчийн пхи эзар доьзал кегийчу тобанашца, шайн дохнаца, сал-палца лаьттахула могаш-маьрша цхьаннахьа а цаьргара зен-зулам ца долуьйтуш Турце дIабала. Эххар а, туркойн правительствон арахьарчу гIуллакхийн министр Iела-Паша резахилира нохчийн пхи эзар доьзал тIеэца а, Саганлуг ломаний, Ван Iоманий юккъе баха хао а.

Оцу тIехь бартхилла баьлча, шен гIуллакх дийцира Кундуховс. Тохара цкъа ша Лорис-Меликовга, нохчий Турце кхалхоран гIуллакх айина Россин дуьхьа а, нохчех къахеташ а лела цо аьллехь, иза цIенна харц дара. Дуьххьал-дIа, хьекъалечу коьртана гора, Россехь хуьлуш лаьтта социальни хийцамаш а, цуьнан чаккхенехь хIуттудерг а, къаьсттина шех хиндерг а. Кавказски тIом чекхбаьллера, Росси чIогIа кога тIе хIоьттинера кхузахь. Хьалхалера сий хирий-те хIинца хIирийн алдарийн? ХIан-хIа, шайна оьшучуьра бевлича паччахьан Iедало юьстах теттира гуьржийн дворянаш, абхазийн элий. Изза хиларна кхоьрура Кундухов шех а. Мел иза хьекъале, хьуьнаре инарла велахь а, кхин дIа карьере догдохуьйла яцара цуьнан. Цул сов, Россехь крепостной ахархой мукъабаьхнера. ХIинца изза деш ду Закавказехь а. Кестта и закон Къилбаседа Кавказан лаьмнашка а даьржар ду. Долахь лэш боцуш эла муха хуьлу? ТIехула тIе, ахархой ца хилча ши эзар бархI бIе десятин лаьттах цо хIун дан деза? Хьанна хаьа, Iедало мукъабаьхначу ахархоша тIехьа мийра а тоьхна, дIакхосса тарло. Изза хилла меттигаш дукха ю.

Цунах кхоьруш, шайн долара ахархой мукъа бовлале цаьрца хьалххе Турце кхелхинера Кубанерчу ламанхойн мехкадай. Амма Кундуховна иштта ведда ваха ца лаьара. Хьанна хаьа, цигахь маКундуховна иштта ведда ваха ца лаьара. Хьанна хаьа, цигахь малуъу ца нислахь, юхаверза ма деза. Цундела Россера дIавала велуъу ца нислахь, юхаверза ма деза. Цундела Россера дIавала везара правительствона хьалха дикачу цIарла а хуьлуш, безчу мехах цунна шен латтий, бахам а бухкуш.

Шен доларчу юьртан ахархошца ваха а ца лаьара Кундуховна. Иза тIемало ву. Ткъа цуьнан ахархой латталелорна бен кхин пайденна бац. Турцехь царна лело латта хир дац Мусина, уьш тIаьхьа а хIиттийна Турце вахарх, цигахь карьера ялур яц цуьнга. Цул Нохчийчуьра уггар паччахьан Iедал ца деза, бехачу тIамехь вахчавелла цхьа эзар нохчо а эцна Турце кхелхича, цигахь цунна йиллина хир ю ирсан неIарш. Церан цхьана-шина полкаца иза гIаравер ву цигахь. Хьанна хаьа, цуьнца цига вогIург-м масех эзарне кхача а мегий. Цхьа дивизи нохчийн дошлой! Уьш-м цо дуьненан муьлххачу пачхьалкхан дийнна эскарх хуьйцур бацара. Цаьрца дан цунна шортта гIулакхаш ду Балканехь а, Анатолехь а. Нагахь Турцис цхьаьнца тIом болабахь? ТIаккха цаьрца Месопатамехула, Аравехула, Египтехула чекхвер ву иза. Ткъа Россица-х тIом цкъа

а хедаш бац. Росси бIаьрга ган ца еза нохчий, оьрсийн тIеман говзалла а, Кавказ а евза инарлий — иза кхиаме закъалт ду. Веза дела, цуьнга шеца Шемалан гIарабевлла нохчийн наибаш — шелахойн ТIелхаг, курчалойн Ботукъа, гиххойн Сайдулла, бенойн Солтамурд, мичкхойн СоIда, веданхойн Эдал бигабелча! ТIелхаг, Бойсагlар дийна велхьара, Iумма а, Атаби а лацаза велахьара.

И ойланаш дукха йинера Мусас оцу тIаьххьарчу шарахь. Турцехь нохчий тIеэцаран гIуллакх а цо дIанисдинера. Цигахь цунна сацам боллуш дош деллера, эскарехь лаххара а пашин чин дала. Цкъачунна и тоьар ду. Иза ламин хьалхара тIегIа ду, цигахь оцу тIера хьалаволалур ву Муса.

Амма уггар коьртаниг хьалха ду: нохчий цига дIакхалхор.

Нагахь Сайдулла а, Iелаха а тIетахь, цаьршингахула биснарш тIеберзо ницкъ кхочур бу цуьнан.

Тахана къасто деза Мусас дагалаьцнарг кхочуш хир ду я дац. И ойланаш а еш, шен доза доцуш шуьйрачу махке бIаьрг а бетташ, накъосташна иттех гIулч хьалха воьдура иза.

Ломан дукъа тIе хьалаваьлча, цунна гира дехьа басахула мелламашчу боларахь чувуссу ши бере.

«ХIаъ, Сайдулла, вайшиннан некъ цхьаъ бу, — бохура Мусас, берешка а хьоьжуш. — ДIаяхана, хьаргIачу дина а хиъна, хьайн майрачу дошлошца хьо тIаме хьийза хан. ДIаяхана и зама хьан маршо а, сий а эцна. Хьо шайгахьа валарна, хьан куьйга хьан халкъ дIатеда оьрсаша майоран чин делла хьуна. Амма вайша мел хьекъале, мел майра, мел хьуьнаре велахь а, царна гергахь акха ши туземец бен хIумма а вац вайша. Кхузахь кхин лакхаваларе догдохийла дIаяьлла. Хьуна уьш мел ца беза суна-м дика хаьара, амма цаьрга болу сан цабезам хьуна хаахьара!.. Вайшиннан ирс Турцехь ду. Бакъду, хьан махкахойн баккъаш тIехулий бен вайша цига ваха-м лур вац. ХIун дийр ду ткъа, цхьаннан бохам кхечуьнан ирсан лами ма бу. Хьайн ирачу туьрций, болатан дагций суна улло хьо хIоттахь, сайн хьекъалца ас хьо хьайна гIенах а ца гинчу дарже кхачор ву...»

2

Уггар хьалха цкъа делкъан ламазаш дарца делан декхар дIа а делла, тIаккха токхечу шуьне хевшира хьеший.

Кавказан ламанхошна юккъехь бIеннаш шерашкахь схьадогIу гIиллакх дохо ца лууш, уьш кхача биъна бовллалц хеттарш ца деш Iара хIусамда. ТIерачу дерстинчу дилхах цIанлу даьIахкаш декъаза шуьна оьгура. БIаьрг тIехIотта ца кхиош лахлора жижган а, галнийн а баьрзнаш. ХIинцале дассийнера гуьржийн Цинандалин кемсийн дикачу чагIаран масех шиша. Амма хьаж тIей, логаххий дайн хьацар тохар бен, кхин шек бацара элдара догIмаш долу зоьртала хIусамдай, хьеший.

Детица, дешица кхелина стерчийн маIаш уьйуш, хIусамдена а, цуьнан доьзалйа а, хIирийн, нохчийн къаьмнашна юкъарчу доттагIаллина а тIера кедаш муьйлура цара.

ТIаьххьара кад хьала а лаьцна, дош ала пурба дийхира хIусамдас, Алхазан Мусас.

— Сан хьомсара хьеший! Сайн дешнаш хьуна тIе дерзадо ас, Сайдулла. Цкъа-делахь, шуьшиннах хьо воккха ву, шолгIа-делахь, вайша шира ши доттагI ву. Суна хьо вевзина я нийсса аьлча, хьо гина, ялхийтта шо хьалха, Хьалха-Мартанна уллохь, Iелаханна а хезна хила тарло цигахь хиллачу тIамах лаьцна. Хьалха-МартантIахь оха хIоттийнчу гIопо салаьццера шун. Жимчу Нохчийчоьнан дог ма дара и юрт. Цигара дIа шун ярташна тIелета тхо совцо, ТIелхаган меттана дагестанхойн наиб Абкар-Дибар ваийтира имам Шемала. Амма цуьнан цхьа а гIуллакх новкъа ца долура. ХIетахь ТIелхаган хьекъалний, тхан дивизиний юккъехь лаьтташ бIаьрзе Абкар-Дибар ца хиллехь, тхо дерриге хIаллакьхилла хир дара. Кхин хIун дийр ду а ца хиъна, дерригенна куьг ластийна, шайна ма-хуъу шаьш ларде аьлла, Iадда битира цо нохчий. Ша цига наиб хIоттийчахьана дуьйна цо тIеэцначех уггар хьекъале сацам бара иза. Цхьаммо тIехь куьйгалла дан доьлча, цуьнан бага а хьуьйсуш, когаш-куьйгаш дихкича санна, Iа нохчий. Амма шайн лаамехь буьту-кх! Дала Iалашвойла царех. Массо кулла кIелхьара, шерачу лаьттах бухбуьйлуш, къинхетамза етташ, дуьне-м дера гатдора. Абкар-Дибара шаьш шайн лаамехь битиний хиъначу нохчех юха а нохчий хилира. ТIаккха бахий ахь, шайн даймлерчу майраллица, мекарлица шаьш шайн ларба буьйлира уьш. Тхан дуккахдолу дараш оцу юккъехь хилира. Деллахьа ма дохковаьллера-кх Шемал Жимчу Нохчийчуьра ТIелхаг ша дIаваккхарна. Амма имама шен гIалат нисдира Абкар-Дибаран метта хьо а хIоттийна. ХIетахь тхоьца ца ларийра Абкар-Дибар. Тхо духа ца дахаделира майрачу, ас даим лоруш волчу, хьекъалечу полководце шелахойн ТIелхаге а. Амма ахь, Сайдулла, коьртах хIума туьйхира тхуна. Цкъа тоьхна ца Iийра, дуккха а йиттира. Суна хIинца а гуш хета, хIетахь ерриге а Кавказски линин аьрру флангехь цIеяххана бевзачу хьайн хьаргIачу динахь, оха тIедетта дошан дарц ца тергалдеш, парггIат тхоьга а хьоьжуш, хьуьнан йистехула чекхваьлла хьо. ХIаъа, ахь цIена этира тхан эпсарш. Берриге инарлаш цецбуьйлура хьан майраллех. Пурба лохьа, хьомсара Сайдулла, хIара кад хьайна тIера дIамала. Дала лардойла вай ямартлонах, дала ма дуьтийла вай къонахалла дIаэцна!

— Амин!

Кедахоша шайн маIаш, ясса а йина, охьаехкира, амма Сайдуллас шениг юха а юза аьлла, Афаке дIакховдийра.

— Хьан дашна юкъаэккха ца лиъна, дерриге а ала витира ас хьо, Муса, — элира цо тIаккха. — Ахь со ТIелхагал лакхавоккхуш дош алар нийса дац. ТIелхаг тхан нохчийн эскаран хье бара, тхо —

важа наибаш, цуьнан куьйгаш дара. Цуьнга кхочуш наиб цхьаъ вара — цIонтаройн ШоIип. Цундела суна луур ду къеначу ТIелхагний, къоначу Ботукъаний тIера вай цхьацца кад мала.

— Бакълоь хьо, Сайдулла, — тIетайра Алхазан Муса. — Амма ас айса аьлларг ТIелхаг лахва гIерташ ца элира. Хьуна нийсса хаа лаахь, ТIелхаг нохчийн эскаран хье хилла ца Iара. Дуьненна а хаьа Шемал — аш вина стаг хилар. Ахульгохь Шемал вохийначу дийнахь Россин когашка юьйжира ДагIестан. ХIетта яьккхина Шемалан цIе яйра. Тхо тешна дара Къилбаседа Кавказ гуттаренна а тхелан цIе яйра. Тхо тешна дара Къилбаседа Кавказ гуттаренна а тхешан керахь хиларх. ТIаьххьарчу ткъа шарахь лаьттина тIом шу бахьанехь хилира. ШовзткъалгIачу шарахь шу ца гIевттинехь, билггал чекхбаьллера иза. Ахульгохь велла Шемал денвинарш а, цуьнан тIеман сий айинарш а шун наибаш ма бара, шайн коьртехь ТIелхаг а волуш. ШоIип-БотIукъа, Бота, СоIду, ГIойтамир! Маса вара уьш. Ткъа Юсуп-Хьаьжа Сапаров? Алдара, шайх Мансуран юьртахо. Иза тхоьгахьа ваьлча вевзара суна. Кхузаманан тIеман Iилма дара цуьнан коьртехь. Шера хаьара цунна туркойн а, Iарбийн а, Кавказан итт къоман а мотт. Кхойтта мотт! Юсуп-ХьаьIарбийн а, Кавказан итт къоман а мотт. Кхойтта мотт! Юсуп-Хьаьжа вара Шемалан генеральни штабан начальник а, цуьнан премьер-министр а. Доцца аьлча имаман хье, аьтту куьг. Шемалан яьржина имамат европейски пачхьалкхан кепе ялийра цо. Ломара ерриге а тIеман чIагIонаш цуьнан куьйгаллица хIиттийнера. Амма правительшна везац шайл хьекъале, хьуьнаре стаг. Шемална а ца вийзира и хьекъале, хьуьнаре нохчо. Боцу бехк тIе а Iоьттина, хIаллакван дагахь, лаьцца зинданчу воьллира цо Юсуп-хьаьжа. Амма иза ведда тхоьгахьа велира. Со реза ву царна тIера кад мала!

Цхьа а чу ма вита аьлла, Мусас омра дарна, хьешашна гIуллакх деш цхьа а ялхо вацара. Цундела, царна кад буттург Мусин ваша Афако вара. ЧагIарх юьзна маIаш массар буйна йоьхкича, Сайдулла вистхилира:

— Кавказан сира лаьмнаш мел деха, цуьнан кийрара буьрса Терк бух мел дуьйлу, де-буьйса мел хийцалу, дуьнен чохь садолу хIума мел еха, кху хьомечу лаьмнашкахь ма эшийла ахь цIераш яьхнарш санна майра, хьуьнаре, хьекъале, тешаме къонахой! Цхьана а нанас ма войла яхь йоцу, тешам боцу, кIилло кIант, вича ма вехийла и хIара маьлхан дуьне даа. ХIара нана-лаьмнаш мостагIех лардеш хеназа беллачу къонахашна дала эхарт лойла, дийна бисанчара хIара Iаьржа латта гIоза хьоьшийла!

— Амин!

— Дала барт цхьаъ бойла вайн, кIентий!

— Амин!

Веа стага маIаш юха а хьалаерзийра. Чохь малар дуьсуш уьш охьахIитто йиш яцара. Иза дуккха а мийла Iеминчу Мусас, Афакос, сихха яссийна, охьатийсира шайн керарниш. Дагара ца хаийта, нуьцкъаш дIамелира Iелахана а.

— ХIаъа, дагадогIу суна, Муса, ахь дуьйцу денош, — элира

Сайдуллас шен кад дIамелла, мекхех куьг а хьаькхна. — Бакъдерг аьлча, оцу деношкахь оха хIума туьйхира шух. Цигахь шайна хиллачу зено Чехкара-ГIала юхадовла дезийтира шун. Амма тхан цкъа а меттиг ца хуьлура тхешан толамех даккхийде. Шаьш Хьалха-МартантIара кIегардовлуш аш къиза хIалакйира ярташ, бошмаш, ялташ, цанаш. ГIунаш чу тийсира говрийн чархаш.

— Амма, и хиъначу ахь, оха хадийначу хIор диттан шIарах цхьацца салти-м вийра.

Сайдуллас гIайгIане корта хьовзийра:

— ХIун пайда бу цуьнан? Тхан халкъо бIеннаш шерашкахь къахьоьгуш кхиийна ярташ, бошмаш, паччахьан инарлаша цхьана дийнахь чим беш ягайора. ХIинца сагIадоьхургаш санна лела тхо. Берриг нохчий ломан кIажа таIийна, ткъа мегаш долу латта гIалгIазкхашний, эпсаршний дIадекъна. Цхубдар санна, тхох векхаш ву массо а. Масех бIе урд латта делла Iодин ВахIабана, Къурмин берашна, Чермин Орцина, кхин иттаннаш писашна. Эла санна веха Шаммурзин Бота, Жукин Дуба, Ботукъа, кхин болу оьрсашкахьа бевлла наибаш а.

— Ахь хIунда ца доьху хьайна совгIат? Хьо вац ишта и наибаш санна? И санна, Шемалан наиб хилла хьо, хIинца и санна, майоран чинехь паччахьна гIуллакх деш а ву хьо?

— Царах санна, сох тешац Iедал. Суна ца хаьа царна санна халкъана ямарт хила!

— ХIун башхо ю. Уьш санна, Шемал дIа а тесна, хьо а ма велира паччахьехьа.

Сайдуллин юьхь цIийелира, дуьхьал цIийдина хи тоьхча санна.

— ХIан-хIа, башхо йоккха ю. Бота шен лаамехь велира оьрсашкахьа. Цо доккха гIо дира царна, тхо дохо. Со — тхаьш эшна девлча, толаме догдохуьйла дIаяьлча, адамийн цIий эрна ца Iенорхьама. Цул сов, сол хьалха Евдокимовна тIевахара мичкхойн наиб Эски а, шотойн наиб Ботукъа а.

— ТIаккха ТIелхаг, Умалат, Эдил а, Дуба а. Доцца аьлча, халкъан тешам байна шух, Iедална хьалха сий а дац шун. Шаьш мел дукха дахарх, ахь шIераш яьхначу нохчийн эпсаршка кхочур дац шу. Ткъа уьш хьан Iаьржачу мIаран меха нах а бац.

— Хаьа суна, Муса. Суна эша а ца оьшу ахь дуьйцу сий. Паччахьна сайн къам а духкуш оьцу чин, бахам ца оьшу суна.

— Амма мел новкъа хуьлу хаьий хьуна, ахь ма-аллара, цхьа писаш коьшкала йовлар? Я хьуна бен ца хета иза? Суна-м, ала дашна, суо церан гихь лелаш бегIийла хета.

— ХIумма а дац. Жимма сатухур ду оха. Сихалло са диъна, собаро лам биъна боху кицано. Цхьа де догIур ду, уьш гира охьа а кхийсина, тхешан халкъ маршадоккхуш.

— ХIета бакъданий нохчий керлачу гIаттамна кечлуш хилар? — Сайдуллина пIелг ластийра Мусас.

— Хаац. Ахь ма-аллара, тхан нах сох тешац. Оьрсашна гIуллакх дечу тхох цхьаьннех а ца теша уьш. Церан гIуллакх къайлах ду. Амма тера ду цхьаъ вовшахдеттачух.

Мусиний, Сайдуллиний юккъера къамел сецира. ХIинца ойланашка ваьлла, хIора а цхьана кIеззигчу юкъана дIатийра и шиъ, Мусас Iоттар еш аьллачу дешнаша Сайдуллина карладаькхира ша, Шемалах дIа а къаьстина, оьрсашкахьа ваьлла де.

3

...Иза дара 1858 шарахь, Шемалан тIеман ницкъан хьоста, цунна оцу ткъа шарахь гIортор хила лаьттина Нохчийчоь, цIаро юкъахьарчийна йогу гIишло санна, тIаьххьара а бIогIамаш даьгна, кегluш тIеетталуш яра. Шайн инарлийн майраллел а, говзаллел а сийначу цIарах догйовхачу паччахьан эскарийн командованис цуьнца ягийра ярташ, хьаннаш, бошмаш. Мацаллой, цамгарший, къеллой гIелбина нах бIаьрзахьийзара. Цаьргарчу хьолах кхеттачу паччахьан инарлаша марсаяькхира шпионаж а, агитаци а. Нуьцкъала а Iехош а, оьцуш а нохчийн ярташ шайгахьа яха гIертара уьш. Цхьайолчу ярташкара дийна бисина доьзалш гIалгIазкхийн станица герга кхалхабоьлча ша ваьггачу валаволлийла хиъна Шемал а хьайра меттах.

Нохчех хаьдча шен оьмар чекхйолийла хуу Шемал вагийча санна хьийзара. Кхузарчу наибашка дехаран кехаташ оьхура денна:

«Деган доттагIчуьнга, сан наибе ТIелхаге, бусалба халкъийн тхьамданера Шемалера.

Вайн ницкъ болчу делера маршалла хуьлда хьуна... Вайн везчу делан цIарах массаьрга а тIаме кхойкху со. Шайн дайша санна, майра дуьхьало елаш мостагIчунна. Болх далла тIебилла, цо Iалашдийр ду шу. Амма хаалахь, хьомсар доттагI, нагахь санна гихIойн виллает вайх дIаялахь, ерриг Нохчийчоь южург хилар...

Делан жима лай Шемал»

«Вежаршка Атабига, Сайдулле, Дубега, ТIелхаге имам Шемалера.

Маршалла ду шуьга массаьрга а. ТIейогIу еара кхачале нохчийн дерриге а дошлойн эскарш Шела йолчу гулдар тIедуьллу шуна. Далла лаахь, оцу дийнахь со хир ву цигахь...»

«Деган доттагIчуьнга, сан наибе ТIелхаге. Вайн везчу делера маршалла хуьлда хьуна. Вайша йиллинчу меттиге вар доьху хьоьга. Цигахь ас шадерриг дуьйцур ду хьуна...»

Имама шен омаралдин аз хийцинера. ХIинца иза дехаршка ваьллера. Нохчийн наибаша шайн тIаьххьара ницкъ вовшахтуьйхира. Июнехь кхехка буьйлира тIом. Ялхийтта чаккхарм юкъ лаьцна хьалхатаьIира паччахьан эскарш. 13 июлехь къоначу Ботукъан

дошлойн бlаьно атака йнра Тенгински полкана. Цо хlаллакйира иччархойн рота. Йохийна яржийра ерриг полк, амма ша, чlогlа чов хилла, юьстахвелира оцу тlамера. Дийнахь-бусий ца лагlлуш боьдура тlом. Кхойтта дийнахь ца соцуш хьалхатеlара мостагl.

Оцу юккъехь гlевттира паччахьан lедало хьаьшна лаьтта гlалгlай. Церан гlо лаца сихвелла Шемал, шена хьалха нисвеллачу инарлин Мищенкон отрядаш а отуш, Гlалгlайчу кхечира. Амма тlамехь бахчабалаза, мухха а герзаца кечбелла гlалгlай ледара летира. Оцу рейдан толам нохчех бозуш буйла хуъчу имама, Бородинон арахь Наполеона шен гварди санна, кхоош кхобура уьш. Хlетте а имаман сатийсар кхочуш ца хилира. Боьхна юхахьалхинчу гlалгlаша атака ян аьтто бохийра нохчийн дошлошна. Кхузахь вийна виъ бlе бlаьхо а вуьтуш, кlегарваьлла Шемал Ведана вирзира, ткъа инарла Евдокимов, Органан чlожахула хьала, цкъа а оьрсийн салтичун ког кхачанзачу Шотойн дукъа велира.

Оцу хала деанчу шарахь къаьсттина хьераелира тиф, хоршош. Тlамочул дукха синош дехира цамгарший, мацаллой. Де дийне мел дели херлуш бара нохчийн, дагестанхойн барт. Царна юккъе мостагlалла доьллира, дlадаханчу шарахь ерриге йоккхачу Нохчийчоьнан наиб Тlелхаг мукъа а ваькkхина, цуьнан метта имама шен кlант Гlезамахьма хlотторо. Ткъа хlинца, нохчийн ярташ, тlом сецош, оьрсашкахьа йийла йоьлча, имама шен кlанте омра дира хlор юьртара амалтана шена адамаш а даладе, берриге нохчийн наибаш дlа а бахий, церан метта дагестанхой хlиттабе, аьлла. Оцу омро Шемалах тоьлла наибаш хербина ца lаш, кхин тlе а марсадаькkхира шина халкъа юккъера мостагlалла. Нохчийн ярташ оьрсийн агlонгахьа кхалхор кхин тlе а чехкаделира.

Шемала дехарш дора нохчашка. Оцу шеран гурахь цо Шела улло бийхира нохчийн берриг наибаш, lеламнах.

— Ма кхера оьрсех! — бохура цо. — Ахульгохь вархl стагаца кlелхьара а ваьлла, ведда шуна тlевеанчу сох шун гlоьнца нуьцкъала имам хилла! Ма мотталаш, шаьш дlа а тийсина, со лам чу гlур ву! Хlан-хlа, со кхузахь, шун лаьтта тlехь лийр ву! Шул майра, хьуьнаре халкъ дац дуьненахь! Собаре хила, сатоха! Оьрсаша хьесап цадалла дукха ахча дайина, дукха салтий хlаллакбина шун мохк дlалаца гlерташ, шу салтдаха, шун зударех меташкаш бархьама. Цара герз дlадоккхур ду шуьгара, атталла урс а дуьтур дац. Шун берринге а къонахий Сибрех бохуьйтур бу, бисинчех муьжгий бийр бу. Тlаккха кхетар ду шу, амма тlаьхьа хир ду!

Оцу юккъехула, шайн дерриг тукхам паччахьана муьтlахь ду аьлла, Евдокимовна тlевеара шотойн къеда Сурип-молла. Масех де даьлча, имамана дуьхьал гlаьттинчу шен тайпанна гlо дар доьхуш инарлина тlевеара чlаьнтийн тхьамда Дуга. Хlинца ша-шах херцайолаелира Нохчийчоь. Иза ягайора мало йоцчу хlорамма. Ягайора Сурип-моллас, Дугас, имамах веддачу наиба Хьамзата, Шемалан кlанта Гlезамахьмас, инарла Евдокимовс. Оцу йогучу цlергахула,

чевнаша деринчу дегlаца, кlур туьйсучу чоица Соьлжагlопе, Евдокимовна тlевеара майра Ботукъа. Инарлин цкъа а ойла яцара наибаш байа я Сибрех хьовсо. Мелхо а цунна лаьара цкъачунна уьш даржехь лакхабаха. Тlаккха цунна тlе богlур бара бисина наибаш а. Цундела хьалха санна, Ботукъа шотойн наиб витира инарлас, ткъа Сурип-молла цуьнан суьдахо хlоттийра.

Евдокимовс сатийсинарг кхочушхила дуьйлира. Нохчашний, дагестанхошний юккъе луьра мостагlалла хlоьттира. Цхьаъ вукхунна тlаьхьа Евдокимовна тlеоьхура нохчийн наибаш. Амма массарел говза веара цунна тlе Сайдулла. Инарлашка цхьа а тайпа гlо ца доьхуш, нохчийн ткъе пхиъ юрт гlаттийна, имаман lедал дlакхуссуш, уьш паччахьана муьтlахь а йина. Евдокимови воккхаверан доза дацара. Тlелхагал тlаьхьа Нохчийчохь уггар гlараваьлла ши наиб — Сайдуллий, Ботукъий — цунна уллохь вара хlинца. Инарлас даггара сий дора оцу майрачу тlемалочун. Цо иза вовзийтира мацах цкъа Хьалха-Мартана уллохь Сайдуллас йиттинчу эпсаршна. Тlаккха Жимчу Нохчийчоьнан наибан чин а делла, Iасс, Фартанг хишца йолчу хьаннашкара обаргийн тобанаш йохо хьажийра цо Сайдулла.

Бутт хан ялале Сайдуллас цигахь цкъа а ца хиллачу кепара тийналла хlоттийра.

Ницкъ эшна нохчийн ярташ тlаьхьи-хьалхий оьрсийн караоьхура. Тlаьххьара детталора оцу бехачу тlеман дог — Нохчмахке. Хьаннаш хьоькхуш, шуьйра некъаш дохуш, тlе мел нисвелла юрт ягош, Нохчмехкан кlорге оьхура инарла Врангель.

1859 шеран апрелан хьалхарчу дийнахь юьйжира еххачу хенахь имаман столица лаьттина нохчийн юрт Ведана.

Ведана дlалальцча, инарла Барятинскийс приказ кхайкхийра эскарна:

«Сийлахьчу Дала толамца совгlат делла шуна аш хьегначу къина: хlинццалц эшо вайн ницкъ ца тоьъна дуьхьалонаш хирци, Ведана схьалальцца, къарйина Нохчийчоь Сийлахьчу Государан когашкахь Iуьллу.

Хастам хуьлда инарла Евдокимовна! Баркалла цуьнан гlоьнчашна!»

Толам декъалбеш шатлакхана оцу дийнахь коьртакомандующин омраца Метехски гlопехь бlе цаIазза яккхий тоьпаш кхоьссира.

Шемал бlаьрга сара кхетча санна хьийзара. Веданий, Даьргlий йоьжначул тlаьхьа ша нохчех догдиллинехь а, Шемална юха а нохчех кхета лиира. Хlинца Эрсана бийхира цо уьш.

— Шул майра халкъ дац дуьненахь! — бохура цо юха. — Динан нур ду шу, бусалбанийн гlортор! Аш когадахийтира кху лаьмнашкахь доьжна ислам! Аш дукха цlий lенийна оьрсийн, дукха хlонц яькkхина цаьргара, церан цlарна цlеяхана нах йийсаре лецна аш! Шух кхоьруш детталора церан дегнаш! Хаалаш, суо дийна

мел ву, со шайн накъост, хьаша вуйла! Ас вайн везчу делах дуй боу шуна, Нохчийчохь цхьа дитт ирахь мел ду ккузара дIа, лам чу ца ваха!

Амма имаман хабар эрна дуйла хуу нохчий дIасабахара. 12-чу майхь ерриг Нохчмахке оьрсийн эскаршна къаръелла кIелсецира, еккъа цхьа Бений, цунна гондIара кIотарш йоцург.

Цул тIаьхьа дукха хан ялале, 25 августехь, дийнахь кхо сахьт даьлча, имаман къоьжа корта эла Барятинскийна хьалхахIоьттира.

ТIеман оцу тIаьххьарчу шарахь Барятинскийс лоьруш лелийра Сайдулла а, бевдда шайгахьа бевлла важа наибаш а. Амма тIом чекхбаьлла, нохчийн лаьмнашка ондда ког гIортийна шаьш дIахIиттича, паччахьан инарлашна бицбелира уьш. Наибаш боху цIераш яра церан, амма Iедалах хIума дацара церан карахь, цхьа Шаммурзин Бота а, Жукин Дуба а воцчун.

4

— Ахь Iоттар йин суна, Муса, — элира, хIетталц Мусас, Iелахаший дечу къамеле ладоьгIуш, амма цара дуьйцург ца хезаш Iийначу Сайдуллас: — Далла дика хаьа, ас динарг сайн цIока ларъеш дина цахилар. Тхуна маршо езара, кхетий хьо, тхешан вархIи дайшкахь лаьттина маршо. Ца лаьара тхаьшна юккъера элий бовлийла, тхаьш цхьаннийн а ялхой хуьлийла. Цундела хIоттийра оха Шемал коьрте. Цул хьекъале а, хьуьнаре а, майра а нах тхаьшлахь шортта боллушехь. Оьрсашца дерг сихха чекх а даькkхана, тIаккха имам шайн Суьйличу дIаэкхо дагахь. Амма дерриге а ца число ма-моьттту. ТIом бахбелира, Шемал тхуна нуьйр тилла вуьйлира. Тхуна ца везара я иза а, я паччахь а. Хьуна ма хаьа, оцу ткъа шарахь тхоьгахь даллийнарг. Имамаца а, паччахьца а, вовшашца а ца тарлуш, вовшех леташ хIаллакьхили тхо. Ткъа шо. Хаддаза тIом. Шаберг тхан махка тIехь. ДIадийна ялта чудерзадойла ца хуьлура. ТIамех даькkхинарг бен рицкъа дацара. Зударий бераш дан ца кхуьура. Нийсса ах сов хIаллакьхилира тхан къам. Тхо кхераделла ца севцира, ткъа ницкъ кхачийна, гIелделла доьза хIаллак ца хила севцира. Кхетий хьо, Муса, адам эрна хIаллак ца дан вахара со инарлина тIе!

— ХIета, ас халахетийтина-кх хьуна, Сайдулла? — эсала вистхилира шен хьешан кхехка дог хуу Муса. — Ас дагахь хIума доцуш, аьлла дешнаш дара уьш. Гечделахь.

— ХIан-хIа, Муса, гечдан бакъо тоьллачун бен яц. Ткъа со эшнарг ву. Хьо паччахьан инарла ма ву. Хьан цхьаннан долахь бу нохчийн пхи эзар доьзалан боццучул бахам. Хьан сий ду. Хьуна а хиъна хьайна некъ баккха. Ахь Россехь дешна. Цигахь хьо Iамийна хIара лаьмнаш, ккузара къаьмнаш ца деза. Хьайн вежарий байа. Со миска ву, амма шун цIеша буьзна бахам сайн ца хилийта, сагIадоьхуш лела реза ву!

Iелахас муьшка йира шен накъостана:

— Сайдулла, ахь ден къамел лан деза ду. Диц ма делахь, вайша Мусин хIусамехь хьаша хилар!

Ша Iачуьра хьала а гIаьттина, кIедачу кузаш тIехула чехкка дIасаволавелира Сайдулла.

— ХIусамдена а хаа деза шен хьешан чевнаш ларъян. Кхетий хьо, Муса? Тхох хIораннан дегI дуьззина чевнаш, моьнаш ду. Ма хьее уьш, ма е Iиттарш, тхан чевнаш Iийжайо аш! Шаьш йинна чевнаш ерза йита!

Лом карзахдала доллийла хиъначу Мусас, хьалагIаьттина тIе а вахана, цуьнан белшаш тIе куьг диллира.

— ОьгIаз ма эхахьа, доттагIа. Вай дерриге а ламанхой — цхьа вежарий ду. Цхьанна иккхина лазар массеран а дегIе жхерста вайн. Со мила ву? Инарла! Кхин дIа хIумма а вац! Цхьана хенахь, хьо санна, со а эшара паччахьна, хIинца со а совваьлла. Хьох тешачул ца теша сох. Сан кийрахь бац моьтту хьуна бала? Айса шун халкъан Iенийначу цIийно буса наб кхета ца вуьту. Оцу къих хьалхавала некъ лоьхуш синтем байна хьийза со. Цунна вехна ас шуьша схьа а. Нагахь теша а тешна, ашшиммо ас аьлларг дахь, ас хоуьйтур ду-кх шуьшшинна нохчийн дуьхьа са дIадала а со кийча хилар!

Сайдулла сиха Мусигахьа а вирзина, бIаьрса схьаэца санна, лерина цунна тIевогIавелира. Амма царна чохь цунна ца гира я ямартло а, я вохар а, я кIиллолла а.

— Схьадийца, Муса, къиза велахь а, амма цкъа а ямартло ца яьлла хьох.

— Цкъа саметта а волий, охьахаахьа. Вай дуьйцу дерг кIезга гIуллакх дац.

Сайдулла а эцна вахана, Муса юха а шен метте охьахиира.

— Афако чагIарх юзал и маIаш. Сайдулла, ас шуьшинга дуьйцу долчух а, вайн хинболчу бартах а доьзна хир ду шун къам маьрша дехар ду я хIаллакьхир ду бохург. Цул сов, сан багах девлла дешнаш Iедалх дIакхетахь, со хIаллакьхир ву. Иза вуьшта а ца теша даьлла сох.

— Хьуна тхаьш девзу моьтту тхуна. Нагахь хьо тхох ца тешахь, къорIа схьада, дуй буур бу хьуна.

— Цкъачунна къорIа ца оьшу вайна. Амма жимма вешан къамкъаргаш тIунйир ю вай. ДIалацал маIаш. Дала барт цхьаъ бойла вайн!

— Амин!

— Амин!

Яссаелла маIаш, Афаке дIа а кховдийна, шен Iаьржачу мекхех куьг а хьаькхна, забарш йитина, хьешашна тIевирзира Муса.

— Шуна герггара ца вевза со, кIентий, — элира цо доккха са а даькkхина. — Шуна гергахь со паччахьан инарла бен вац. Шун дикане даха дог а, шун вонах кхера меттиг а бац сан. Амма и ший а шуна дан ницкъ бу соьгахь. Сайдулла, юха а моха тIейогIуш

лаьтта хьуна. Собаре а хиле, ладогIа соьга. Ас ишта хIунда боху аьлча, суна шун къайленаш хаьа ерриге а.

— Сан къайлах хIумма а дац, Алхазан Муса, — са цатохаделира Сайдуллига. — Со тIемало ву, цундела ас лелориг дерриге а дарехь ду.

ЖовхIаршца пIелгаш кхелина шен куьг хьалалецира Мусас:

— Амма со цкъа а мотт тухуш вац. Россехь суна Iилма делла, амма дог ца хийцина. Шу санна, тIемало а, ламанхо а ву со. Суна дика хаьа, шуьшиъ паччахьан ши эпсар велахь а, ашшиммо, шайн ницкъ кхаьчча, Росси йоккхачу тоьпах оьккхуьйтур ярийла. Шуьшинна бIаьрга бан ца беза оьрсий. Цул сов, суна шера хууш ду, нохчий керлачу гIаттамна кечлуш хилар.

— Кхузахь тхойша юьстах ву, Муса. Цаьрца бозабелла цхьа хьаса а бац тхойшиннан. Доцург тIекхолла ма гIерта, — элира тапъаьлла Iачу Iелахас.

— Хаьа. Амма шуьшиъ цара юьстах тесна. Уьш тешац шух. Царна диц ца делла масех шо хьалха шу оьрсашкахьа довлар, аш паччахьана доггах дина гIуллакх. Хинболчу гIаттамна коьртехь хир бац хьалхалера панбаш а, динадай а. Царех тешам байна халкъан. Цуьнан тхьамданаш кхин нах бу, цкъа а оьрсийн Iедалций, шуьций машар хир боцуш. Амма зене хир ю оцу гIаттаман тIаьхье. Эзарза гIовттарх шун ницкъ кхочур бац шайн махкара оьрсий дIабаха. Шела уллохь хиллачу гIуллакхо баьккхина хинболчу гIаттаман корта.

Амма оцу гIаттаман дог хIинца а Iалашделла, и нах — Iовдал нах бац. Царна хаьа нохчашка шайн ницкъац а маршо яккхалуР йоцийла. Цара адам гIазоте а ца кхойкху, керстанашна дуьхьал а ца доху. Уьш мелхо а керста халкъашца бертахь, паччахьна дуьхьал гIовттаре кхойкху. Цул сов, говрашна нуьйраш а техкина, уьш кийча Iа, Россин кхечу пачхьалкхашца тIом ма-болабеллинехь, чухахка. Амма и царна беза тIом хир бац герггарчу иттех шарахь. Цундела цигахула шайна маршо хиларе догдахар эрна ду нохчийн. Юха а цIий Iенар ду, юха а сийначу цIарах йогур ю шун ярташ, эххар къарделла кIелсовцур ду шу. И муха хета хьуна, Сайдулла?

Шина куьйга корта а лаьцна, корах ара а вогIавелла Iан Сайдулла, цхьа вон гIан а гина, самаваьлча санна, цIеххьана доккха са а даьккхина, чухула дIасахьаьжира.

— Со дуьхьал ву оцу гIаттамна, Муса. Суна ца лаьа адам эрна хIаллакьхуьлийла. Амма адам сох тешац. Ас хIун дийр ду царна?

— Дика ду, Сайдулла, кхин дIа а ладогIа соьга. Амма паччахьана муьтIахь а хилла, севцича шаьш маьрша дехар ду а ма мотталаш. Шун маршо дIаяхана кхин цкъа а юхайогIур йоцуш. Ас дийца ца оьшу шуна, шу мел гаттехь дохку. Паччахьо гIалгIазкхашний, шун эпсаршний, элашна Iалхьастагlарна, Эльдаровгlарна, Таймазовгlарна, Турловгlарна, Бековичгlарна совгlатана декъна латта шайна юхадерзоре сатуьйсу нохчаша. Шуна и латта духадерзо а, шу тIе ка а хьоькхуш кхаба а ца бина паччахьо шуьца бIеэзарнаш салтий хIаллакбеш кху дезткъа шарахь и тIом. Амма хIинца долчу хьолехь шу дита а ца тарло цуьнан, хIунда аьлча, шайн махкахь аш оьрсий ког хецца баха буьтур бац. Цундела Iедало шу новкъара дIадаха некъ лоьху. Цунна и карийна.

Арахь гIовгIанаш евлира. Хезира хьуьхьа йоьллачу говрийн ехьар, хоьтту маршаллаш, хIусамден йоху цIе а.

— Цхьа оьрсийн эпсар ву, — элира корах арахьаьжначу Афакос.

Мусина чам байра.

— ХIара мича юккъехула кхечи! Церан гIуллакхе хьажахьа, Афако. Со волчохь хьеший хилар а, хIорш дIа ца бирзича сан шайца охьахоуьйла доций а хоуьйтуш хIума дехьа. Кху чу ма виталахь цхьа а.

— ТIаккха, Муса, дийцал, хIинца а хIун Iазап дагалаьцна тхуна паччахьан Iедало? — хаьттира Сайдуллас, Афако араваьлча.

— Ас шуьшинга юьйцуерг паччахьан къайле ю, кIентий. Юха а боху ас, нагахь вай дуьйцун дерг вай кхаанна юккъера дIадалахь со хIаллакьхир ву. Со теша шуьшиннах. ГIуллакх муха ду аьлча, паччахьо чIагIйина лаьтташ Лорис-Меликовн план ю Iаьржачу ломан когашкахула дIайолу ерриге а шун ярташ цигара дIаяха. Цхьаерш Соьлжан аьтту агIон тIе, дукхахъерш Жимчу ГIебарта кхалхор. Изза дагахь гIебартой туркойн махка кхалхош бу. Ткъа и ярташ дIаяьхна мукъадаьккханчу лаьтта тIе керла гIалгIазкхийн станицаш яхка ойла ю. Цул сов, Органца хьала а, Веданан хьала а йолу гарнизонаш кхин тIе а чIагIъян сацам бу. ТIаккха хиндерг хаа хала дац. Цкъа-делахь, нохчий нийсса ах шайн махкара дIабоху, биснарш кхаа декъе боькъуш, гIалгIазкхийн станицашна юкъа Iовду, Нохчийчоь Дагестанах дIакъастайо. Цул тIаьхьа шун аьтто хир бац Iедална дуьхьало ян.

Iелахас доккха садаьккхира.

— ТIаккха тхо салт а дохур ду, тхоьга ла ца баллал текхамаш а бойтур бу.

— КIезиг-кIезиг дерзош керста дине дерзор ду, — тIетуьйхира Сайдуллас. — Нуьцкъаш хьакхарчий яор ю, зударшна ницкъаш бийр бу.

— Цуьнан хинйолчу тIаьхьенах нийсса кхетта шуьшиъ. Доцца аьлча, шу шайн мехкан дай дац-кх.

— ХIан-хIа, Муса, ишта хила йиш яц! — хьаланиккхира цIий сиха Сайдулла. — ХIун моьтту царна? Тхо зударий-х даций? И хир дац! Тхо летта лийр ду. ТIаьххьарчу стагана тIе хIитталц Сосуо вер ву гIаттамна хьалха. Ас хоуьйтур ду халкъана суо цунна тешаме вуйла!

ХIинца тIехIоьттинера Мусас ша дагалаьцнарг дIадийца деза хан. ХIинца къаста дезара цуо тIаьххьарчу шарахь ша дукха ойла йинарг, Тифлисехула, Стамбулехула ша айбина лелийнарг.

— Сайдулла, лаьий шуьшинна шайн халкъан ирс хуьлийла?

Ши хьаша цецваьлла хIусамдега хьаьжира.

— Муха ца лаьа, цуьнан дуьхьа ца летта тхойша ткъа шарахь мостагIийх?

— Муьлхха а гIаттам, мел боккха и хиларх, шу эшна бен чекх бер бац. Дагестанхой шух дIакхетар бац, хIунда аьлча, цара хIинццалц шаьш лелийнарг а шун ницкъа тIе а тийжаш Iедал латтийнчу. Шемалах кхоьруш бен ца лелийна. Малхбузехьарчу ламанхошка догдохуьйла а шун яц, уьш берриг бохург санна, Турце кхелхина, Шун халкъ ткъе пхиъ шо хьалхалераниг дац. Нийсса ах хIаллакьхилла. Дийна бисинчийх цхьаберш Россехь бу, цхьаберш къаналло кIелбитина. Хьалхарчу чкъуро догдиллина ша тоьлург хиларх. Дерриге меттахъхьедийриг къона чкъор ду, амма уьш хинйолчу халонийх ца кхета. КIелхьардовла кхоъ бен некъ бац шуна: я летта далар, я Жимчу Гlебарта а кхелхина, шайн латта гIалгIазкхашна дIадалар, я малхбузера ламанхой санна, Турце кхалхар. Къастабе царах цхьаъ.

Сайдулла а, Iелаха а ойланашка вуьйжира. Дагца йолчу цамгаро дуьненах догдаькхина волу Iелаха цкъа а тIера вацара къамелана. Цуьнан Iаьржачу аматахь озачу юьхьа тIе хьаьжча хаалора цамгарочул тIех цуьнан садууш кийрахь кхин бала хилар. Хеназа цхьежделлачу шен месалчу мекхех куьг а хьаькхна, ахь жоп лохьа бохуш санна, Сайдулле а хьаьжна, хьала а гIаьттина, халла хаалуш, цхьана когана астагI теIаш, вахана коре дIахIоьттира иза.

— Хьан хаттарна жоп дала хала ду тхойшинна. Муса, — элира Сайдуллас эххара. — ГIуллакх тхойшиннан догIмаша, тхойшиннан доьзалша къастош хилча-м жоп дала хала дацара. Амма ахь халкъана тIера жоп доьху. Цунна векал ца вина тхойша цхьаммо а.

Кундуховс, корта агIор саттош, ши куьг дIасатесира:

— Сан йиш ма яц дерриге шун халкъе сайн къайле дIакхайкхо? — Шуьшиъ церан корта бу, цул сов суна тешаме ши стаг а ву. Нагахь шайн халкъана дика болх шаьш лехахь, хьекъале жоп ло.

Хьалхахlоттийнчу халчу хаттаро лар йоцуш дайира Сайдуллин челакхалла. ХIинца цуьнан юьхь ца йогура цIечу басахь. БIаьргаш чохь ца йогура цIе. Тахана дуьххьара хIоьттинера цунна тIе дийнна халкъах дош дала дезаш хала киртиг. ДIадаханчу ткъа шарахь иза майра тIемало вара. Цо ша ма-аллара, иза ТIелхаган куьйгаш дара, ойла ТIелхаган коьртаца йора цо. Ма атта дара ишта! ХьаргIачу дина а хиъна, баттара тур даькхина, дошлойн бIаьна хьалха а ваьлла, мостагIий цеста. ХIетахь иза даима толамца вухавоьрзура. Ткъа хIинца? ХIинца цунна уллохь бац цуьнан бIаьхаллин накъостий, баккхий тхьамданаш. «Уьш хир бац кхузахь. Цаьрга юьйцур яц Мусас шен къайле. Тхо цхьа масех ву царех вохкавелларг. ХIун дан деза? ДIа а вахана, царех дага а ваьлла веача? Амма, царна а ца веза-кх со. Царна гергахь со дохкаделла жIаьла ма ду...»

— Сайгга жоп далалур дац соьга, Муса. ЦIа а вирзина, цхьацаннах дага а ваьлла, иттех де далале вухавогIур ву со.

— ХIан-хIа, Сайдулла, и баккхал ян лаац суна. Ас вовшахдеттарг къайлах гIуллакх ду. Хьуна хIинца а дерриг ца хаьа. Кхуў чуьра шаьшшиъ аравалале сецца жоп ло суна.

Сайдулла юха а дIатийра. Иза ша а вацара керла гIаттам кхиамца чекхбериг хиларх тешаш. Шелахь хиллачу гIуллакхо хIаллакбина цуьнан коьрта тхьамданаш. Нохчашна юккъе охьахайтина герзах воьттина бIе эзар гIалгIазкхи ву. ГIаьпнашкахь лаьтташ дуккха а эскарш ду. Стаг чу ца вита атта ду, веанчул тIаьхьа аравоккхачул. Дуьххьал-дIа эрна хIаллакьхир ду адам. Иза хуьлуьйтийла дац. ТIаккха а доху-кх тхо махках. Керстанех дIаэдинчу тхох цхьа бIе шо хьовзале керстанаш хир ду. ХIун дан деза? Туркойн махка кхалха деза? Муха буьтур бу дина мохк?

Коьртехь уьйриг хилла хьийзачу ойланаша хорам бина Сайдулла, хьала а иккхина, чухула чехка дIасаволавелира. «ХIун эр дара-те нохчийн тхьамданаша? Тхо-х сагIадоьхургаш санна, чIана а девлла лела. Тхан-х сий дайна!»

— Ахь муьлха некъ къастор бара? — хаьттира цо Мусига, цIехьана цунна уллохь саца а сецна.

— Шун хьоле суо хIоттина хилча, со Турце кхелхар вара.

— Амма цигахь а ма ю тхоьга хьоьжуш Iожалла! — мохь белира Iелаханан. — Тхуна дика ма хаьа цига кхелханчу эдагойх хилларг! Уьш мозий санна цигахь леш бу. Цара-х, мецачу Iожаллин кIелхьарабовла гIерташ, шайн бераш духку!

— ХIаъ, кIел хIитта тхов боцуш, ерзанчу стигла кIел леш бу уьш цигахь, — тIетайра Сайдулла. — ХIан-хIа, Муса; цул-м тхаьш динчу махкахь лийр ду тхо!

Муса кхоьрург цунна дуьхьалтуьйхира хьешаша. Амма дерригенна хьалххе кечдина жоьпаш дара цуьнан.

— Эдагашца шаьш ма дагардел ашшимма, — маслаIат дан хIоьттира иза. — Цкъа-делахь, уьш кхайкханза биссина хьеший бу цига. Шолгlа-делахь, цхьа а низам доцуш кхелхана уьш. ДуьххьалдIа керстанаша хьийзош махках бевлла, шайн неIар тIе баьхкина бусалба вежарий дIачовхо а ца тарделла тIеэцна уьш туркойн паччахьо. Уьш богIур бу бохуш царна меттиг кечйина ма ца Iара иза. Цундела нисбелла уьш халчу хьоле.

— Тхуна шун кечдина Iаш мила ву цигахь?

— Шуна ма-хаъара, кху аьхка вахана Уьстамулахь бутт хан а яькккхина, цхьа кIира хьалха цIавирзина со. Султанан визир Iела-Паша герггара доттагI ву сан. Тхойша цхьаьний султан Iабдул-Межид волчу вахча, нохчех лаьцна къамел хилира тхан. Ас дийцира шуьга хIоьттина Iаьржа Iазап. Ткъа шун майраллех а, шун турпалчу кънйсамах а лаьцна ас дийца ца оьшуш, царна шайна дика хаьара. Султанна чIогIа къахета шух. Цунна ца лаьа шен майра бусалба вежарий керстанаша хьийзабойла. Цунна ца лаьа шу керста-

нашна юкъа а даржийна, Мохьмадан умматах дIакъастадойла. Цу шиммо тIедиллира суна, нагахь шун барт хилахь, шу туркойн махка кхалхар шайна чIогIа лууш хилар шуьга дIахаийтар. Цара тIелаьцна, нагахь шу реза хилахь, туркойн мехкан уггар тоьллачу лаьтта тIе шу даха ховшо а, шу метта хIитталц, массо кепара шуна гIо дан а.

Мусас дуьйцучух шекваьлла, ши хьаша вовшашка хьаьжира.

— Нагахь шуьшиъ сох ца тешахь, ас Iабдул-Межидан куьг тIехь а долуш, цо шуьга даийтина кехат гойтур ду-кх шуьшиннa.

Хьала а гIаьттина, сейфа тIе ваханчу Мусас, цу чуьра схьа а эцна, Сайдулле дIакховдийра Лорис-Меликовн дехарца Тифлисехь язйина прокламаци.

— Туркойн а, нохчийн а маттахь яздина ду шуна иза.

Сайдуллас юх-юха а доьшуш дийшира кехатан Iаьрба йозанца нохчийн маттахь яздина могIанаш.

— Ахь хIун олу, Iелаха? — хаьттира цо ша дешна ваьлча.

— Мусас ма-дуьйцура хилча-м Турце кхалхар тоьлаш хета суна. Мухха делахь а, цигахь берш бусалбанаш ма бу. Кхузахьчул вон хир дац хир вайна.

— Ас дуьйцучун шеко яц-кх, кIентий. Иза гIуллакх Маккара богIучу шун молланашка Уьстамулахь хьехийна меттигаш ю.

— Бакъ ду йза, — тIетайра Сайдулла. — Молланаша и хьехош суна хезна дукха хан ю. Амма адам тIе ца тевжа цара дуьйцучунна.

— Амма царна хаа деза, Сайдулла, кIелхьарадовла кхин некъ цахилар, — сацамболлуш элира Мусас. — Ирх-пурх а шу пхи-ялх эзар доьзал Iедало шун махкара дIабоккхуш бу. Шелахь хилла гIуллакх тхьамданаш лецна дуьтур ду моьтту шуна? ХIан-хIа, кIентий! Суна шера хаьа, Кунта-Хьаьжин берриг мурдаш а, цхьацца карзахе адамаш а шайн доьзалшца Сибрех я Жимчу ГIебарта кхалхо Iедалан сецца яьлла ойла хилар. ТIаккха а довлу-кх шу махках? Турцехь-м шун шайн дин, мотт, къоман гIиллакхаш ларда а, дикачу махка тIе цхьана гулахь даха ховша а аьтто хир бу, ткъа Россех хьовсадахь? Хьанна хаьа шух цигахь хиндерг?

— Цигахь хиндерг-м хIинце дуьйна гуш дара. Цкъа-делахь, цигара шело лалур яц, шолгIа-делахь, керстанаш хилла дIахIуьттур ду, — гIийла элира Iелахас.

— Новкъарло еш ши гIуллакх ду, Муса, — доккха садаькхира Сайдуллас. — Цкъа-делахь, нах резахуьлий хаац шайн даймахкара дIабовла. ХIинццалц молланаша дуьйцург а тергал ца дина цара. ШолгIа-делахь, уьш резахилча а, паччахьан Iедало кхузара дIахоьцур буй-те уьш?

Муса велавелира.

— ХIоьттинчу хьолах кIелхьардовла кхин некъ бац шуна, Росси а дахана, цигахь мацалла, милла лечул я хьакхарчий юуш, шайн зударех кхахьпанаш дина дехачул Турце кхалхар царна дуккха а

тоьлуш ду. Цул сов, Кунта-Хьаьжи а, тIаьхьа лецна цуьнан мурдаш а Россира дIа Одессехула, хIордаца Истамуле буьгу кестта. Нагахь жимма а шайн устаз везахь, кхузахь бисина цуьнан мурдаш цунна тIаьхьа гIур бу. Ткъа паччахьа шаьш дIа ца хецарна ма кхералаш. Шу мича даьхьна новкъара дохур ду ца хуучу цунна боккха кхаъ хир бу шу Турце кхалхар. Мелхо а кхелхачарна гIо дан там а бу. Иштта хилийта ас сайна тIелоцу. Росси дIа а кхоьхьуш, шу цигахь дIатарда гIертачул, хецца Турце дIадахийтича атта дац Iедална?

— Суна хетарехь, Сайдулла, Мусас дийриг дикка ойла а йина, дерриге дуьстана, оьзна, вайна тоьларг къастийна деш къамел хета суна. Со реза ву хIокхо дуьйцучунна.

— Резахила-м хала ма дацара, Iелаха, амма гена меттиг ю-кх Хункаран мохк. Стаг шен дегIаца а хала воьду цига. Кху доцчу хьолаца, доьзалш эцна муха гIур ву? ТIехула тIе, Хункаран паччахьо яздинчу кехатах тешна адам меттах муха хьадийр ду? Хьан лоцу шена тIе и дерриге а дуьйцуш ма-хиллара чекхдер ду аьлла?

— Ас лоцу-кх, ас! — шен некха тIе буй туьйхира Мусас. — Цига вай цхьана метте берриге нах меттахъхьабийр бац. Хьалха дIабуьгур бу вай оьрсийн паччахьна новкъа болу, хьала а охьа а цо махках баха сацам бина нах. Уьш пхи эзар доьзал хилахь, кхин хир бац. Уьш а буьгур бац берриге цхьаьна. КIез-кIезиг тобанаш йина, хIордаца ца буьгуш, ткъа Гуьржичухула, шайн дохнаца, салпалца. Аьтто боцчунна Iедалера гIо доккхур ду ас. Новкъахь, ша делера доцург, кхин зен-зулам ца хуьлуьйтуш, туркоша царна къастийначу лаьтта тIе дIакхачо а тIелоцу ас.

— Бакъ дерг эр дуй ахь, Муса? — хаьттира Сайдуллас.

— Со цкъа а ца лийна харц!

— Масех шарахь нохчийн цIий Iенийна ахь. ТIом чекхбаьлча, цхьана шарахь тхуна тIехь къиза куьйгалла а дина ахь...

— Амма, со волуш санна, маршо-м яц шуна!

— Иза а ду бакъ. Суна хаа луург кхин ду. ХIун ду-те хьоьга тхан бала кхачийнарг?

«Изза хаттар дира соьга Лорис-Меликовс а, инарла Карцовс а, Iела-Пашас а. ХIун гIуллакх ду-те сан дагахь долчуьнца?» — Ойла йора шен дагахь дерг, цхьа шен ваша Афако воцчуьнга ца хоуьйтуш, къайлехь латточу Мусас.

— Гой шуна, вежарий, адамийн дог-ойла даима цхьатера ца лаьтта, — элира цо гIайгIане. — Сайн дахарехь дуккха а къинош летийна ас. Далла гIулакх ца деш а лелла, дуккха а адамийн синош а даьхна. Доллучул дагна Iаьткъинарш, шун тIаьххьара гIаттам айса хьашар ду. Маса нохчийн юрт ягийра ас, маса доьзал шен бенах бохийна аренга кхалхийра, мел синош хIаллакдира. Бакъду, айса лелийнарг дерриге а сайл лакхарчу хьаькамийн омра кхочушдеш-м лелийра ас, хIетте а оцу шаро хеназа къанвеш лаьтта со. ХIетахь айса бехк боцуш дайанчу адамийн гIаларташ буьйсанна набарх дуьхьалхIуьттуш, цIийн Iоврашла керчаш, хорам хуьлий

хьалалелха со. Дуьненахь ваха дукха хан ца йисина сан. Кестта далла дуьхьал хIотта деза. Кху дезткъа шарахь къиза бала лайна шун халкъ, тIебогIучу балийх хьалха а даькхина, цунна сайн ницкъ кхочу дика болх а бина, къинойх цIанвала лаьа суна. ТIаккха мукъана я ялсаманега догдохуьйла хир яцара-те оле хета.

Сайдулла тийшира хIусамдас дуьйцург даггара хиларх. Амма хIетте а цунна ца лаьара резахуьлуш тIаьххьара а дош дала. Масех эзар доьзал шена тIаьхьа, ца бевзачу махка а кхайкхича, уьш цунах а тешна, тIаьхьа а хIиттина цига дIа а баьхкича, хьанна хаьа тIаккха дIакхаьчча хиндерг? Сайдуллин-х вац цигахь вевзаш стаг. Сайдуллина-х ца хаьа бухарчу къаьмнех цхьаннен а мотт, гIиллакхаш, амалш. ГихтIара ГIойтIа кхалхар а, я Нохчийчуьра ХIиричу кхалхар а ма дац иза. Хонкара шина беттан некъ бу. ДIакхаьчча мичахь совцур ду, хьанна тIе дуьссур ду. ХIан-хIа, иштта атта резахир вац Сайдулла.

— Муса, со теша, ахь дуьйцург даггара хиларх а, Хонкаран паччахьан бертахь хиларх а. Амма сан вац цигахь вевзуш цIеяхана хьаша, хаац цигарчу къаьмнийн мотт а, гIиллакхаш а. Хьанна хаьа, хьоьца барт бинчу Хункаран паччахьа а, цуьнан визиро а, цига дIакхаьчча тхо кетIара дIачовхадойла?

— Ас дерригенан а ойла йина, Сайдулла. Нагахь санна шуьшиннан пхи эзар доьзал шаьшшина тIаьхьахIотто карахдалахь, со шуьца дIавогIур ву. Сан сацам тIаьххьара а хиларх шу тешийта, ас дуьххьара йоьдучу нохчийн тобанца сайн доьзал дIахьажор бу, тIаьххьара йоьдучуьнца суо а гIур ву.

Ши хьаша цецвелира.

— ХIокху бахамана, хьайн доларчу ялхошна хIун до ахь? ТIехула тIе, хьо-х паччахьан сийлахь инарла ву? Уьш дерриге а дитина, Хонкаран махка ваха ойла ю хьан?

— ХIунда яц? Сайна тIерачу къинойх цIанваларан дуьхьа хIара сайн бахам сагIина а бекъна, холбата хаа а реза ву со. «Сийлахь инарла!» Ас хIун до цунах? Кханалерчу дийнахь далла дуьхьалхIиттош чинашца къестор дац адамаш, ткъа цара кху харц дуьненахь динчу дикачу а, вочу а гIуллакхашца къестор ду. Сайн латта а, бахам а, оьцуш стаг хилахь, бухкур бу ас. Ца хилахь, дерриге дитина гIур ву. Рицкъанаш делан карахь ду, кIентий, цигахь лохур ду вай вешан рицкъанаш. Шуьшиннан гIуллакх цигахь вон ца хилийта дош а ло ас. Кхузахь шуьшиъ хIумма а вац, ткъа цигахь шуьшинна лаххара а пашин чин далийта ницкъ бу сан.

Сайдуллин бIаьргаш чу сутара цIе кхерстира. Боккъалла а, кхузахь шен даймахкахь мила ву иза? Мацах цкъа хиллачу наибан IиндагIа а, сагIадоьхурган тIелхигашна тIехула дихкина дешица, детица кхелина герзаш а, цунах биэла санна делла майоран чин а. Ша мел дукха вахарх кхин лаккавер вац иза. Ша мел дукха вахарх паччахьан Iедална хьалха кхин сий хир дац цуьнан. Хьанна хаьа,

шен ирачу туьрций, болатан дагций цо-м Турцехь ирса тIе шена некъ билла а мегий.

— Нах Iадда а битина, тхо цхьадерш тхаьш даьхкича ца мега? — хаьттира цо эххар а.

— ХIан-хIа, Сайдулла, ца мега. Нагахь шайна шаьш лоьруш, шайн сийдеш, маьрша, ирсе цигахь даха лаахь, лаххара а пхи эзар доьзал кечбе шайца дIабига. Шайна и ца лаахь, цаьрца цхьана шийлачу Сибрех даха кечло я Iожална юкъ ехка.

— Дика ду. ЦIа а вирзина, наха хIун олу хьожур ву тхойша. Маца хир ду цига кхалхар?

— БIаьстенан юьххьехь, буц тIейоллучу хенахь. Амма хьовсур ду бохург дуьйцур дац вай. Дохо йиш йоцуш чIогIа вовшашна дош делла бен дIасакъаьстийла дац вайн тахана.

— Нахана хIун лаьа а ца хууш, дош дала хала ду, Муса, — къамелана юкъавуьйлира Iелаха. — Цкъа цIа а дирзина, нахе хатта деза оха.

— Нахе хоттучу даьлча гIуллакх гена дер ду, кIентий. Оцу гIуллакхана юкъ а йихкина арабевллачу нахана луо аьлла туркойн паччахьо Iабдул-Межеда делла эзар туьма ахча ду соьгахь. И гIуллакх ашшиммо дахь, шуьшинна дуьсур ду иза, нагахь накъостий лецахь, — цаьрца декъа дезар ду.

— Молланийн гIоьнций бен тхойшинна гIуллакх ницлур дац.

— И шуьшиннан гIуллакх ду. Амма нахана гIуллакх ма-дарра довзийта: я шайн даймахкахь лэш хилла, сагIадоьхургийн хьолехь дахар, шийлачу Сибрех кхалхар, я Турцехь, бусалба вежарашна юккъехь маьрша, ирсе дахар. БоьалгIа некъ, — герзаца маршо яккхар, хьеха а ма дайта. Шу дерриге а хIаллакьхирг хиларан шеко яц вуьшта.

— Кхета тхо.

— Реза вуй шуьшиъ?

— Ву.

— Шаьшшиннан дашах вухур-м вац шуьшиъ?

— Тхан дош — къонахийн дош ду, Муса.

Меллаша сейфа тIе а вахана, цу чуьра къорIа а, цхьа туп ахча а, хьарчийна кехаташ а дохьуш, вухавирзира Муса.

— ХIета, вешан барт дуйнаца чIагIбер вай, — Мусас къорIанна тIе куьг диллира. — Ас, Кундухойн Алхазан Мусас, далла кIел хиъна, хIара Iуспанан Сайдулла а. Цугин Iелахи а теш волуш, кху делан дезчу къорIанах дуй боу, тахана ас кху шинга дийцинарг дерриге а бакъ ма ду, кху шинна делла сайн дош айса кхочуш а дийр ма ду аьлла. Нагахь со сайн дашах вохахь, сайн дуй къарбахь, кху шина стагана ас сайн цIий хьанал до. Тоьий шуна сан дуй?

— Оха хьоьга ца бийхира и дуй, — элира эхьхеттачу Iелахана. — Тхо вуьшта а тешара хьан дашах.

— Амма ас шуьга боьху дуй, Сайдулла, хIара къорIа ду-кх хьуна. Дуй баал шиммо а, ас шайга йийцина пачхьалкхан къайле цхьангге а соьгара юй хоуьйтур дац, шаьш суна делла дош кхочушдийр ду, ас оцу дуйнах маршаваккхалц даима, массанхьа ас шайга аьлларг дийр ду алий.

Шега кховдийна къорIа схьа а ца оьцуш, Мусига хьаьжира Сайдулла.

— Кхин ду цхьаъ, Муса. Цкъа-делахь, ахь хьалха элира нохчашца цхьаьна хьайн доьзалца хьуо туркойн махка кхелхар ву аьлла. Иза дуйнаца ца чIагIди ахь. Тхох хьо ца тешча, тхан а ю хьох ца теша бакъо.

— Делахь хIета, ас юха а, хьалха дела а, шолгIа шуьша а теш волуш дуй боу нохчийн хьалха йоьдучу тобанца сайн доьзал Турце дIабахийта а, тIаьххьара йоьдучу тобанца суо дIаваха а, сайх тешна дIавеана цхьа нохчо цигахь а вуьсуш, кху махка вуха ца верза а! Кхин хIун оьшу шуна?

Сайдулла резахилла велакъежира.

— Тоьаш ду. Амма кхин а ду цхьаъ. Ахь тхайга йийцина пачхьалкхан къайле-м хьан цIе ца йоккхуш юьйцур яра оха, амма нахе Хонкара махка кхалхаре кхойкхучу хенахь хьан цIера тIе ца тийжича тхан гIуллакхан кхиам хир бац. Цунна пурба дуй тхуна?

— Туркойн паччахьца а, цуьнан визиршца а сан хилла къамел а, барт а, цига кхелхачу нахаца со дIавогIуш хилар а нахе хаийта пурба ду шуна.

Сайдуллас, къорIа шена хьалха а оьзна, иза билггал къорIа хиларх теша лиъна, схьа а диллина, кехаташ хаьрцира.

— Ас, Iуспанан Сайдуллас хьалха дела а, шолгIа шу ши стаг а теш волуш, дуй боу, Алхазан Мусас аьлларг, нагахь иза сан сий дойуш а, далла дуьхьал а дацахь — дерриге кхочушдан а, тхаьшна юккъехь хиллачу бартана ямарт ца хила а. Суо ямарт хилахь, кху шинна сайн цIий хьанал до ас, кху шиннах ямарт хиллачунна тIехь кхиэл хIотто тIе а лоцуш!

Оццу дешнашца Iелаха дуй биъна ваьлча, Мусас цаьршинга ахча кховдийра.

— ХIан, цкъачунна хIара цхьацца бIе туьма ду шуьшинна. Диснарг дIаоьцур ду ашшиммо вайн гIуллакх дIадахаре хьаьжжана. Цул сов, Iабдул-Межида нохчашка яздина хIара кехаташ а ду шуна. Цара боккха аьтто бийр бу шуна гIуллакх кхиамца вовшахтоха. Вай схьалаьцначу некъа тIехь дала аьтто бойла шун.

— Амин.

— Шайн гIуллакх дIа муха доьду дуьйцуш, сих-сиха хаам бер аш. Вайна буьйса йоьлла. Тахана сарралц некъ бина шуьшиъ а кIадвелла хир ву. Цул сов, соьга хьоьжуш хьаша а ву. Ас, иза волчу а вахана, Афока схьавоуьйту шуна. Тховса дика садаIа, кхана хиндерг делан кера дуьллур вай.

* * *

ШолгIачу дийнахь хьеший дIа а хьовсийна, цIа вирзинчу Кундуховс доцца кехат яздира Лорис-Меликовга:

«Хьан Локхалла, Михаил Тариэлович!

Наибе Сайдулле ,дуьххьал-дIа а, кхетош а дийцира ас, хIинца шаьш болчу хьолехь битина нохчашна хиндолу зен а, оцу хьолехь уьш бита таро ящар а, ткъа оцу хьолехь баха реза боцчарна хIара мохк а битина, Турце кхалхар тоьлаш хиларх уьш кхето безар а. Сайдулла массо кепара соьца резахилира, шайн гергарчу нахаца цхьаьна шаьш уггар хьалхарчаьрца кхелхина цига дIадоьлхий а хоуьйтуш, ма-хуьллу сиха халкъ дIакхалхор, хIоьттинчу хьолах и кIелхьарадаккха цхьаъ бен боцу некъ хиларх а тийшира. Со санна, иза а тешна ву, адам дIакхалхар зен-зулам доцуш, машаре чекхдериг хиларх, иза дIадолор ду буц яьллачу хенахь. Мартан хьалхарчу дийнахь хьо волчу Владикавказе дIавогIур ву со.

Даггара хьо лоруш волу Хьан Локхаллин тешаме лай Муса Кундухов.

26 февраль 1965 шо.
Скут-Кох эвла».

Россихь ша лоллехь далло халкъаш тIемаш барца кхин тIе а алсамдаха, царна тIехь шен олалла чIагIдан, цуьнца цхьаьна оьрсаша цайн маршонехьа латто къийсам бухбаккха гIерта царизм.

В. И. Ленин.

ШОЛГIА ДАКЪА

ЧАККХЕНАН ЮЬХЬ

I корта ТИФЛИСЕХЬ

(Дешхьалхенан метта)

Эксплуататорийн юкъараллин хьелашкахь даим и прогресс кхочушйора дукхахчу къинхьегамхошна инзаре бакхкий эшамаш беш, ткъа цкъацкъа дийнна халкъаш хIаллакдеш.

В. И. Ленин.

1

Гуьйренан тIаьхьара бутт хаза беара цу шарахь. Кхоларш йоцуш декхна денош, дегIана там беш къилбе бовха малх. Амма суьйранна-Iуьйранна, лергийн тIилдигаш зийзош, шело хуьлура. Дукха хан яра лаьмнийн баххьаш сирделла. Де-дийне мел дели, лаьмнийн когашка гIертара ло. ХIинца а кхераме дара Гуьржи-БIаьн новкъахула дIасаваха. Делахь а, Кавказехь вина, кхиъна волу Михаил Тариэлович ца кхоьрура кхузарчу Iаламан буьрсаллех. Цунна дош ца хетара лаьмнашкахула, чIажашкахула, тIешарша кийчча, кхозаелла лаьттачу лайн токхамаш кIелхула и кхераме некъ. Iай бIозза Тифлисе вахар гIоле яра нэккха йоллучу Нохчийчу ладоьгIуш Iачул.

Тифлисе селхана кхаьччера Михаил Тариэлович. Иза Кавказан столице валийнарг кIезиг гIуллакх дацара. Бакъду, я Коьртачу штабан начальникана Александр Петрович Карцовна а, я коьртакомандующина цуьнан императорски локхаллина воккхачу элана Михаил Николаевичана а гуш бацара Кавказан Iедалшна хьалхалаьтта кхерам.

Коьртакомандующис инарла Кундуховна бакъо елира Константинополе ваха а, нохчий Оттоманан империс чуэцаран, уьш цигахь дIатарбаран хьокъехь туркойн правительствоца къайлах дийцарш дан а, барт бан а.

Бутт сов хан яра, гIуллакх кхиамца чекх а даьккхина, Кундухов цIа вирзина. Константинополехь волчу оьрсийн векалан инарла-майоран Игнатьевн гIоьнца цо динчу дийцаршца церан барт хилира, кхузара нохчий дIакхалхо а, ткъа туркойн правительствос тIеэцна уьш шайн махка дIаэца а, билгалъеш къастийначу меттигашка уьш дIатарба а. Коьртакомандующи а, цуьнан штабан начальник а тешна вара Кундуховн мисси кхиамца чекхъяьлла хиларх. Амма, Кавказ а, Азин Турци а, кхузахь дехаш долу дерриг

къаьмнаш а, церан амалш а, гIиллакхаш а шен пхи пIелг санна дика девза Лорис-Меликов резавацара бартан цхьана агIонна. Оцу гIуллакха тIехь шина а правительствос шен-шен аьтто, пайда лоьхура. Хиллачу барта тIехь Портан арахьарчу гIуллакхийн министра Iела-Пашас хаза кхоччуш Iехийнера инарла Кундухов а, граф Игнатьев а.

Юьхьанца цкъа, оцу хьокъехь Михаил Николаевиче кехат язда ойла хилира Лорис-Меликовн. ТIаккха, дика ойла а йина, Iадда дитира цо иза. Воккхачу элo кехат бен доцуш дита а тарлора я кху халчу новкъа дIасадоьдуш хьедала а мегара иза. Ткъа гIуллакх, дIатетта йиш йоцуш, сиха дара. Цундела, дерриг гIуллакхаш тесна а дитина, Тифлисе веара иза.

Даим санна, дуьххьарлера буьйса Баронски урамехь шен ден цIеношкахь, ваша волчохь яьккхира цо сийсара. Мухха делахь а, кучере омра дира гIалин азиатски декъехула, базарийн майданашкахула хьовзий гIо аьлла. Цара карлайоккхура цунна шен бералла.

Дуьхь-дуьхьал ерзош йинчу туьканийн шина могIанах лаьттара эрмалойн базар. Массо туьканан ши цIа дара. Дуьхьал цIа чохь евромах бора, ткъа вукху, тIехьарчу чохь — баккхал. Юкъ-юкъа еврoпейски стилехь дина цIенош го. Амма цара и базаран гIишлош чIогIа тарйо, шена тIера тIелхигъевлла бедарш дIа а кхийсина, кхин керланаш эца ахча кхоош, тIе цIена йоманаш етташ лелачу хьалдолчу бIаьрмециг стагах. Базаран тIехула агIорчу декъа тIехь стоьмийн туьканаш ю.

Цигара схьахеза бес-бесара маьхьарий:

— Ай яблук, ай виноград, ай виноград, ай персик!

— Па-па-па! Дашов аддам!

— Пожалуй, барин, ай киняз, издесь хароши!

Урамашкахь ловзу бераш. Буйнаш детташ а, охьатохарех а. Тротуарашца го шашлык йотту пешаш. Царна тIера схьаоьхучу чомечу хьожано тIеийзабо уллошха бийраш.

Эрмалойн базархула чекхъяьлла пайто Татарски майдана елира. Кхузахь гIажарийн базар ю. Майда готта, массо агIор тIекхозара. Кхузахь гIажарийн базар ю. Майда готта, массо агIор тIекхозара. Когаш кIел елла цкъа а, шозза а, кхузза а тIекIелйина гIишлош. Когаш кIел елла цкъа а, шозза а, кхузза а тIекIелйина гIишлош. Дахкаделла стоьмаш, тиша мачаш, тIелхигаш, йоцуш хIума яц. Дахкаделла стоьмаш, тиша мачаш, тIелхигаш, йоцуш хIума яц. И майда сийсош адам. Царна тIехула корта а айбихатт, Iаьмнаш. И майда сийсош адам. Царна тIехула корта а айбихатт, Iаьмнаш. Юьхь лаьцна вогIучу гIана йогIу киранах йоьттина Iожа эмкал. Юьхь лаьцна вогIучу гIана йогIу киранах йоьттина Iожа эмкал. Мара лазо эмкал, жаричо охьаийзайо цуьнан мерах тесна чуха. Мара лазо эмкал, жаричо охьаийзайо цуьнан мерах тесна чуха. Мара лазо эмкал, жаричо охьаийзайо цуьнан мерах тесна чуха. Мара лазо эмкал, гIийла узарш деш, месала корта а лестош, гора йоьжна, корта дIагIийла узарш деш, месала корта а лестош, гора йоьжна, корта дIаса а хьийзош, нох даха юьйлира.

Эрмалойн базарна уллохула чекхволуш Лорис-Меликовна хьаллехьа гора, дIа мел боккха схьахIоьттира азиатски дуьне. Атлазан гIовталш, дIа мел боккха схьахIоьттира азиатски дуьне. Атлазан гIовталш, дIа мел бокккхучу когаца шах-ших деш, позументаш тегна атлазан шуьйра шаркхучу когаца шах-ших деш, позументаш тегна атлазан шуьйра шаркхучу когаца шах-ших деш, позументаш тегна атлазан шуьйра шарбалш, буьхьигаш ирхъхьаьвзина лекха эткаш юьйхина гуьржий. ТIедуьйхина Дуьхьал вогIу цуьнан махкахо, эрмалойн совдегар. ТIедуьйхина

кавказски чоа, коьртахь московски картуз. Йоккха, горга гай, доца лергина мекхаш. Цунна гац гонах дерг цхьа а. Схьахетарехь, цуьнан ерриг ойла дIалаьцна шен коммерчески гIуллакхаша. Цунна тIаьххье схьагIертара букъа тIе бихкина кенех буьзна гIайба а болуш имеритинец — муш[1]. Иза къеста шен бIегIаган куйнаца. Еха маж йолу гIажари ву цхьа аьрша лекха хьаьрса куй коьртахь, шуьйрачу гIовтала тIехула оба а кхоьллина, гIовтала тIехула дихкинчу тIергIан йовлакхах йоккха шаьлта а жхозуш. Адамашна тIехула а хьоьжуш вогIу чергази. Iаьржа маж, ира хьажар, коьртахь холхазан куй, когахь цIечу тIаьрсканан кIархаш, къевллина юкъах дихкинчу дуткъачу доьхкара тIехь шаьлта а, шиъ тапча а.

Юьстах хIоьттина лаьтта къона курд. Цунна тIехь ю сийна а, можа а чимчаргIаш тIетегна цIен куртка. Шуьйра, сийна шарбал, еза цIен эткаш, коьртах хьарчийна къорза чалба, хаьнтIехь кхозуш туркойн гома тур.

Нахе некъ бита бохуш, мохь бетта хи чохь доккха ши кит тIехьчу говр-Iаспаран юьхь лаьцна вогIучу тулухчас[2]. Қалбанийн эчиган кIажаш тIулгийх детташ, меллаша дIасалела когашкара дуьйна коьрте кхаччалц дерриге доIIмаш кIадешла хьарчийна, юьхьа дуьхьал кIайн чадраш оьхкина зударий. Яккхийчу мажошца оьрсийн муьжгий, стаммий зударий. Сих-сиха дуьхьал нисло тIехь формица салтий.

«ХIун оьцу аш? Схьадуьйла йорах лур ю!» — тIехбийраш чу а боьхуш, пондарш лоькхуш, шайн туьканаш хьалха хевшина Iа бакхалчаш. Мачийн пхьалгIанаш чуьра схьа жIаьвнийн тата, ткъа кетарш ечийн цIеношкара схьа шайн ницкъ маббу чIогIа мохь хьоькхуш иллеш хеза. Герзийн пхьалгIанаш чохь жIаьвнийн татанаш, херхийн а, кевнийн а цIийзарш. Ураман шина а агIор цIенойн легIина тхевнаш дIалецна зударий, бераш. Цхьанхьара схьахеза зурманан йишхаьлла гIовгIа, детта тIараш, етта вота. Цигахь хелхарш ду. Қхузахь го тайп-тайпана ворданаш. Шиъ, дукха хьолахь ялх сту я бугIа йоьжна схьагIерта гуьржийн еза ворда. Цуьнан стаммий еза чкъургаш семанца хьцйза. Дукъа тIехь сераца бугIанаш лоьхкуш вогIу тIелхагваьла кIант. Ши метр лекха чкъургаш йолу хIирийн, лезгинийн ворданаш цIийза, лерга поттанаш хIиттош.

Урамо голатухучухула дIахьаьвзича пайто Эривански майдана елира. Қхузахь иттех гIулч тесча Азера Европе волу. Амма кхузахь а яц цIано. Гонах даккхий цIеношт дина, тIулг хьажоза, юкъ-юкъа гоьллец догIуш оьрнаш дийлла, майда. Аьхка кхузахь урамашца гоьллец йогIуш чан хуьлу, ткъа тахана хатт бу нитIа а хилла лаьтташ. Майданна юккъе йоьттинчу дечгаш тIе а хевшина, вовшашка эладитанаш дуьйцуш Iа мукъа гIалахой. Қху майданна гонах долчу цIеношкахь ю Қавказски эскарийн коьрта штаб а, гIалин полицин

[1] Муш — гехь кирлелорхо (гуьржийн маттахь).
[2] Тулухча — хи кхоьхьург (гуьржийн маттахь).

урхалла а, дежурни-инарлин урхалла а, тIеман-топографически отдел а, инарла квартирмейстран урхалла а, семинарски цIенош а, кафе-ресторан «Опера» а...

Семинарина уллошха тIех а яьлла, коьртакомандующин резиденцин корпусашна уллорчу Коьртачу Штабан цIенош хьалха сецира пайтон.

2

Цуьнан ширачу доттагIчо Александр Петровича даим санна, везаш тIенйцира Михаил Тариэлович. Вовшийн доьзалшкара хьал-де а, беза-бевзарш а хиттинчул тIаьхьа гIуллакхех лаьцна дийцарш долийра цаьршиммо.

— Дийцахьа, хьомсара Михаил Тариэлович, муха ду вайн нохчашца долу гIуллакх?

Лорис-Меликов резахилла велавелира.

— ТIехдика, ала ваьхьар ву со, Александр Петрович. Вайн агенташа доггах болх бо цигахь. Цхьаццаберш гуттар тIех а бевлла, масала, Сайдулла.

— Ма-дарра дийцахьа суна, Михаил Тариэлович. Селхана ду-кх, цуьнан императорски локхалло цигарчу хьолах лаьцна соьга доклад йоьхуш.

— ЧIогIа бакъахьа ду, — креслох дIа а тевжина, гоьл тIе ког баькхира Михаил Тариэловича. — Дукха хан йоццуш, крайхь долу хьал толлуш чекхволуш суна хааделира Турце кхалха ойла йолуш нах Iаламат дукха хилар. Эла Тумановс а, инарла Кундуховс а яздо, кхалха луучийн барам денна алсамбуьйлу бохуш. Эла Тумановна ас юха а тIедиллина гIуллакх чIогIа къайлах а, ларлуш а, вайна тешаме болчу туземцашкахула долор, и гIуллакх долор вайгахула хилар ламанахошна цаханйтар, мелхо а царна гергахь вай уьш кхалхарна дуьхьал долу кеп хIотто езар, нохчашна юккъехь и политика дIакхехьа а, кхалхаран гIуллакх ма-дарра довзийта а цига ярташка полковник Муравьев командировать вар. Суна хетарехь, кху сахьта хIоьттинчу хьолаца дуьстича, гIуллакх ма-дарра царна довзийтича вайн галдала хIумма а дац, мелхо, тIаьхьалонна уьш шаьш бехке а хуьлуш доьрзур ду. Кхетий хьо, вай иза ца дахь, гIуллакх вайна ца моьттучу агIор дерза тарло. Эла Тумановс шен тIаьххьарчу кехата тIехь яздо соьга, Сайдуллас халкъе дIакхайкхийна, нохчийн долахь долу цхьа коржам латта уьш дай болуш дац, цигара уьш дIа а баьхна, иза оьрсашна дIалур ду аьлла. Оцу эладитано, вайца машаре боцурш хьовха, вайна муьтIахь хилла кIелсевццарш а карзахбаьхна боху. Майора Ипполитовс яздо, вайн Iалашо кхочушъярехь Сайдулла нийсса харцахьа хьийза, цо бечу некъо нохчий Турце-м мухкале а кхалхор бац, мелхо а уьш гIаттамна тIе буьгур бу бохуш.

ХIуъу хилахь аьлла, ас инарла Тумановга омра дина, нагахь

Сайдуллас наха юккъехь и эладитанаш леладахь, иза, Турце вахаран меттана, Россех гIуриг хилар цуьнга дIахаийта аьлла.

Карцов резавоцуш меттахъхьайра.

— ХIаъ, Сайдулла кхераме стаг ву, — элира цо корта а теIош. — Цуьнан амалца иза бIаьста яллац Нохчийчохь витар вайна пайде хир дац. Суна хетарехь, шен наибан чинца сихха я Турце, я Россе дIахьажо веза иза.

— Изза моьттуш со а ву, Александр Петрович.

— Инарла Кундуховс лелориг а ду со резавоцуш, шеконе гIуллакх. Цхьана агIор, кхалхор, цхьа а тайпа гал хIума доцуш, машаре чекхдер ду бохуш, вай тешадо цо. Вукху агIор, нохчий дарехь вайна дуьхьал гIаттаме уьйучу Сайдуллехьа гIодоху. Ша цигахь коьрте вала Малхбузе Кавказехь гIаттам кечбеш ву-те иза?

Лорис-Меликовс, корта а хьийзош, жуьг лестадора.

— ХIан-хIа, иза аьттехьа а дац, Александр Петрович! Хьуна моьттург цхьана а агIор хила йиш йоцуш гIуллакх ду. Керлачу гIаттамна коьрте а хIоьттина, кхузахь вайн болчу ницкъашна дуьхьал шина шарал тIех ша латталур ву боху стаг хьераваьлла хила веза. Ткъа инарла Кундухов хьекъал долуш стаг хилар вайна дика хаьа. Цул сов, цIе езаш волчу цунна, дуккха а тоьла, цхьа кIеззигчу ханна кхузарчу гIаттаман баьчча хуьлчул, кхелхичу нахана коьртехь Турце вахар. ТIехула тIе, цхьа бутт хьалха цо областехь дIакхайкхийна, ша, доьзалца Турце кхелха, гIуллакхера мукъа а ваьлла аьлла.

— Хьанна хаьа хиндерг, Михаил Тариэлович. ХIара гIуллакх вайна ца моьттучу агIор дерзахь а, дерригенна кийча хила-кх.

— Иза-м кхеташ деца. Суна дика ма бевза сайн нохчий. ХIинца цаьрга хIоьттинчу хьолехь кхин халкъ хилча, вай лелориг кхиамца чекхдериг хиларан шеко яцара. Амма ойланаш мох санна, хийцалучу, сонтачу нохчех цхьана минотана а тешийла яц. Шайн сал-пал йоьххина уьш новкъа бевлча, тIаккха а тешар вацара со цара лелориг баккъалла а хиларх. Къийвелла Турцера вухавеанчу кхелхинчо, я моллас, я цхьана хабарчо юьртахь аьлла дош тоьар ду уьш доххобаха. Цундела, кху цхьана юккъехь вай чIогIа лерг сема ладугIуш хила деза церан эшаре, массо а минотехь церан муьлхха а дуьхьало кагъя. Эла Тумановс яздо соьга, шенний, полковникан Муравьевнний агенташа нохчаша дIа мел тосучу кога тIехь тергам латтабо, цара дуьйцург а, дагахь дерг а сихха шайна тIе кхачадо бохуш.

— Ткъа эскарш тIамна кечаме далоран гIуллакх муха ду?

— Дика ду. Цуьнан императорски локхаллин а, хьан а пурбанца, цхьа гуттар цатерш доцурш, инженерни а, некъийн а белхаш цкъачунна совца а бина, Iамо гулдо аьлла бахьана а хIоттийна, полкаш, батальонаш шайн штаб-квартирашка оьзна ас. Ткъа карабогIучу беттан хьалхарчу деношкахь, Iаморан кеп хIоттош, ши отряд Нохчийчу лагершка хIотто ойла а ю сан. Оцу кечамо ши

гIуллакх дийр ду вайна: шайн махках дог а диллийтина, уьш Турце кхалхарна тIетоттур бу, я церан дагахь керла гIаттам белахь, цунах шайн гIуллакх хир доцийла а хоуьйтур ду.

— Шен хеннахь дина гIуллакх ду иза, Михаил Тариэлович. Цуьнан императорски локхаллина боккха кхаъ бу ахь беанарг.

— ТIаккха, Александр Петрович, ахь тIеман министре деллачу запискина жоп дуй? — хаьттира Лорис-Меликовс.

— ХIинца, кху деношкахь кхаьчча-кх.

— Къобалдой цара вай долийнарг?

— ХIунда ца до! Хьоьга ца кхаьчна ткъа Милютинан кехатан копи? Ас дIа-м ма яийтина иза. Хьо цIера ваьллачу кхаьчна хир ю-кх.

Карцовс, стоьлан гIутакх диллина, цу чуьра схьаэцна цхьа кехат Лорис-Меликовга кховдийра:

— Соьга дуьйцуьйтучул айхьа дешахьа.

ТIеман министерстван штамп тIе а тоьхна, элпех чкъургаш еш. хазчу хотIаца яздинчу кехата тIехула сихха бIаьргаш кхарстийра Лорис-Меликовс:

«Цуьнан Императорски Локхалле, Кавказски эскарийн Коьртакомандующига, Воккхачу Эле Михаил Николаевиче.

1964 шо, 3 ноябрь, № 190

«Кху карарчу хенахь Кавказехь хIоьттинчу хьолах лаьцна Кавказски Эскарийн Коьртачу Штабан Начальника соьга деллачу записко гойту, — доьшура Лорис-Меликовс, — Нохчийчохь хуьлуш долу низамдацарш, карзахаллаш дIадаха шиъ бен некъ цахилар: тIетаьIIина — вуьшта аьлча, нагахь оьшуш меттиг нислахь, герзан ницкъаца, берриге а нохчий Теркан а, Соьлжан а аьрру агIон тIе кхалхор, церан махка тIе Сунженски гIалгIазкхийн 1-чуй, 2-чуй полкийн станицаш яхкар...»

— Александр Петрович, хIара хIун ду? Сайн записки тIехь ас-м ма ца гайтинера берриге а нохчийн шайн махкара дIабаха беза аьлла? — цецвелира Лорис-Меликов.

Карцовс бен доцуш куьг ластийра:

— Иза-м хIумма а дацара! Ас сайггара тIетоьхха. ХIинца вайн бакъо ю-кх, нагахь оьшуш меттиг хилахь, уьш берриге а цигара дIалахка.

Лорис-Меликов, белш саттийна, кхидIа а деша вуьйлира:

«Я сих ца луш — хенан йохалла, шайн лаамехь арен тIе кхалхорца, ламанца болу нохчий гIелбар, царна Турце кхалхар марздар...»

— Вай схьалаьцна система кхин тIе а кхиош дIахьо боху-кх цара?

— Доцца аьлча, нохчий лам чу гатте а хьийзош бIарзбар, вай

гойтучу ГIебарта я Турце кхалхор — и шиъ бен царна кIолхьарабовла кхин некъ цабитар.

«Цунах лаьцна шега йинчу докладе ла а доьгIна, Государь Императорна шен лаам схьахьебан лиира, нохчий нуьцкъала кхалхоро Кавказан ламанан дерриге къаьмнашна тIе зуламе Iаткъам баржориг хилар а, цул сов гIуллакх оцу хьола тIе даьккхича дуккха а харж ян дезарг хилар а, цундела Цуьнан Императорски Вокхаллина ала лиира, Нохчийчоь дIатеяран гIуллакх ницкъ макхоччу машаран некъаца — нохчий, шайн ма-хуьллу бертахь кхалхош дIадерзор шена лууш хилар».

— Делахь хIета, уьш бертахь дIа ца бовлахь, цигахь бита деза-кх?

— ХIан-хIа, кхидIа дешал ахь!

«Амма гIуллакх иштта бертахь чекхдалар, хьалххе ган таро йоцчу цхьацца бахьанийх а, минотийх а дозуш хиларна, Кавказски Начальство, записки тIехь гайтинчу халачу хьоле йожа а, тIаьххьарчу таронашка кховда дезаш меттиг нисъяла а тарло, цундела, иштта меттиг тIехIоттахь, Государ Императора Хьан Императорски Локхаллина пурба ло, хьайна хетта некъ дIабахьа а, амма ца хуьлчу далахь, хIуъу дина а берриг нохчий Соьлжан а, Теркан а аьрру агIон тIе кхалхорна тIехь юха ца довла а.

ТIеман министр инарла-адъютант
Милютин».

— ХIинца кхеташ ду, — резахилла корта таIийра Лорис-Меликовс, записка Карцовга духа а дерзош. — Кхин йолчу ерриге таронех пайдаэцарх гIуллакх ца хуьлуш кIелдисахь, герзийн ницкъаца нохчий шайн обаргийн баннашкара дIалахкар а, цигара дIабевлчахьана шайна луъучу агIор уьш дIабаха битар а.

— Хьо нийсса кхета, хьомсара Михаил Тариэлович.

Лорис-Меликовс цхьаъ ала лууш, амма муха долор ца хууш чухула дIаса пенашка бIаьрг тоьхна, жовхIарша кхалийнчу пIелгашца стоьла тIехь яйн вота йолийра.

— Амма инарла Кундуховс туркойн правительствоца бинчу бартана а, аш иза къобалбарна а со реза вац, — элира цо эххар а. — Кху халачу некъашкахула леррина оцу хьокъехь веана со.

Карцовс бете хьош йолу луьлла сацийра.

— Хьо реза ца хила бахьана ду ткъа?

— Iаламат доккхачу маьIнийн.

— Хаа мегар дарий?

— И дерриг цуьнан императорски локхалла волчохь дийца дезар ду.

Александр Петровича резавоцуш корта хьовзийра:

— Хьоьга ладегIа цуьнан хан хир ю ала ма хаац суна.

— ХIунда?

— Иза цхьана масех денна садаIа Коджаре воьдуш ву тахана.

— Амма сан гIуллакх дIатетта йиш йоцуш ду. Сан хан яц иза цигара цIа верззалц Iен. ХIинца цо лундолчу жоьпах дозу нохчий кхалхо болоран гIуллакх. Ткъа кху сахьта Нохчийчу хIоьттина хьал кхин хилча ца маггал кхераме ду. Мел жимчу а гIалато, гIуллакх бохамехьа дерзорца, вай итт баттахь хьегна къа тIепаза дайарна кхоьру со. Цул сов, хьомсара Александр Петрович, хIара гIуллакх дIадолорхо ваьшшиъ хиларе терра, вайша жоп дала дезар ду хIоккуьнан гIаьхьалонах. Цундела, дIа мел дийриг дика узуш, сих ца луш дан лаьа суна.

— Хьо бакълоь, Михаил Тариэлович. Со реза ву хьоьца. Амма кхеташ вац-кх бартах галдаьллачух. Хьан гIуллакх дукха дахлур дуй?

— ХIан-хIа, цхьа сахьт хан тоьар ю суна.

3

Воккха Эла новкъавала кечвелла Iаш карийра цаьршинна. Карцовс шаьшшиъ схьаваран бахьана дийцича, гIехьчул чамбайра цунна.

— Хьуна ма-хаъара, Хьомсара государь Михаил Тариэлович, со некъана кечамбина Iаш ву. Сан дехар ду хьоьга хьайн гIуллакх сихха дийцар.

Шен дахаран дуккха а шераш европейски адамийн гонна юккъехь даьхна воллушехь, азиатски гIиллакхаш ца дуьту Лорис-Меликов, аьтту куьг даг тIе а дуьллуш, лохха суждане вахара.

— Хьан императорски локхаллин пурбанца, нохчий кхалхоран хьокъехь къайлах дийцарш дан Константинополе ваханчуьра цIа вирзинчу Кундуховс соьга дийцира туркойн правительство реза ю нохчийн пхи эзар доьзал кху тIе догIучу шарахь тIеэца а, уьш Азиатски Турцин декъа тIе — Саганлук лома тIера Топраккала, Мелизгерд, Патносехула дIа Ван Iомана тIе кхаччалц болчу махка тIе охьаховшо а барт хилла шайн аьлла. ТIаккха Кундуховс соьга тIе охьаховшо а барт хилла шайн аьлла. ТIаккха Кундуховс соьга тIе охьаховшо а барт хилла шайн аьлла. ТIаккха Кундуховс соьга хаьттира, нохчашна Турце кхалхар марздеш, уьш бIаьстенан юьхьехь, буц тIейолучу хенахь дIахьовсо кечам хирриг гIуллукх дIадоло мегий ша. Амма Константинополехь хиллачу бартана реза воцчу ас, сайн реза цахиларан бахьанаш хьан императорски локхалле дийццалц, гIуллакх доло пурба ца делира цунна. Хьуна новкъарло хилахь а, пурба лохьа суна, ма-дарра дийца.

ХIинцале а собар кхачо воьллачу Михаила доцца кхоьссира:

— Со ладугIуш ву-кх хьоьга, хьомсара государь.

— Хьан императорски локхалле айса хьалха йинчу докладаца а, деллачу запискаца а, даим ас гайтора, латта кIезиг, адам дукха долчу Нохчийчуьра, ах бIе шарахь вайна дуьхьал латтийначу къийсамехь кхиъна, дахчаделла адамийн цхьа дакъа мукъана а цигара

дIадаккхар нохчийн гIуллакх къасторехь а, Теркан крайхь машар, синтем хIотторехь а, цаьрга гражданственность тIеэцийтарехь а йоккха гIулч хиларх суо тешна хилар. Амма кхелхина нохчий вайн Азиатски Турцин дозанца йолчу областашка дIатарбан туркойн правительствос тIелацаро вайн гIуллакх бухенца хуьйцу. Теркан областера кхалхийна туземцийн пхи эзар доьзал оцу меттигашка охьахааро машаран а, тIеман а заманахь вайна доккха зулам дийр ду...

— Со кхеташ вац, Михаил Тариэлович, вайн дозанал дехьабаьхна теркан туземцаш вайна зуламе а, кхераме а хир бу бохучух, — цуьнан къамел юкъахдаьккхира Карцовс. — Вайна коьртаниг — нохчий шайн махкара дIабахар ду, ткъа Турцехь туркойн правительстос хьоьгунда шена вай цаьрца кхузахь хьегначулла бала.

— Иштта хета тарло Кавказ а, Азиатски Турци а, цигарчу бахархойн амалш а, гIиллакхаш а ца девзачунна, — Карцовгахьа а вирзина, бехкала воьдуш хьастаме велакъежира Лорис-Меликов. — Амма тIаьххьара тIом болчу хенахь Карски областан начальник хиллачу суна дика евза и меттигаш а, цигара адамаш а. Вайн а, Турцин а дозанаш къастош болчу Арарат ломан къилбседехьарчу агIонца кхелхаш лела вайн Iедална кIел болу курдой. Оццу ломан къилбехьарчу агIонгахьа, — Баязиданий, Мелизгерданий гондIа а, Муша тIе кхаччалц болу мохк дIалальцна бехаш туркойн курдой. Евфратан тогIин лахенца а, Эрзерумехьа а меттигаш ю эрмалой бехаш. Дуккахболу курдой Iа даккха цига жхелха. Оцу дерриге а къаьмнийн вайга хьогIал сов безам бу эрмалойн — шайца цхьана динехь а, цхьатера халкъан гIиллакхаш а хиларна, курдойн — вайн агIонгахьа болчу курдошца йиша-вошалла, гергарлонаш а хиларна. Цул сов, дежийлаш лоьхуш хIор аьхка шайн жашца вайн дозанал сехьа, шайца цхьана тайпана болчу курдашна тIеэха дезаро а вайца доттагIалла лело доьзуьйту церан.

Лорис-Меликовс дало бахьанаш кIезиг маьIне хетта Карцов, синтем байна кресло чохь дIасахьийза наместник тергалвелла, къамела юкъавуьйлира:

— Бехк ма биллалахь, Михаил Тариэлович, хьуна дика хаьа вай Теркан областехь ваха охьахийна бIе эзар нIалгIазакхи хилар. Цул сов, цигахь йиллина лаьтташ яккхий эскаран гарнизонаш ю. И тIеман ницкъ кIезиг а хетта, дукха хан йоццуш тхоьга ехна Кубански областера ши полк ялийна ахь цига. ХIетте а ву хьо хьайн ницкъах ца тешаш. Суна хетарехь, оцу ахь буьйцучу уггар карзахечу нахах пхи эзар доьзал Нохчийчуьра дIабаьккхича, цигахь биллина латтош болу боккха эскаран ницкъ мукъаболу вайн. Цул тоьлуш дац вайна, изза а дина, дозанера кордонаш чIагIъя Нохчийчуьра цхьа полк дозане а яхийтина, йисина полкаш ваьшна оьшшучу дIайнгча?

— Александр Петрович, сан чIогIа дехар ду хьоьга суо дийца

витар, — дехарца штабан начальнике хьаьжира Лорис-Меликов. — ТIаккха эр ахь хьайн дош. Ас юьйцург, хьан императорски локхалла, цхьана а маьIне йоцу машаре зама ю. Амма тIеман заманахь кхузахь кхин сурт хIутту. Шайн схьабовларца османски къомаца юкъара дерг кIезиг долуш я данне а дац ала мегачу курдойн даима туркошца мостагIалла ду. Доцца аьлча, вайна нохчий санна бу туркошна и шайн курдой. Иштта туркойн правительстваца мостагIалла ду Карски пашалыкан дозанашца дехачу каракалпак къоман а. ТIаьххьара а, оцу цIераш яьхначу къаьмнийл туркошна кIезиг кхераме белахь а, амма туркойн правительстваца церачул тIех мостагIалла долуш бу лакхахь гайтинчу меттигашкахь беха эрмалой а, несторианаш а, Ванехьай, Мосулехьай беха айсораш а. Талийна кхобу и керста халкъаш цабезаме хьуьйсу шайна тIехь Iазап латточу османски къоме. Цундела туркошца вайн цхьа Iотта-бакхам иккхича и къаьмнаш вайгахьа довлу. Иза ду оцу меттигашкахь лелхачу тIемашкахь вайн кхиамаш хиларан коьртачу бахьанех цхьаъ. Масала, туркошца вайн тIаьххьарчу тIамехь курдойн ах вайн эскарийн могIаршка хIиттира, важа ах нейтральни севцира. Ткъа туркойн эрмалоший, гуьржаший вайн лаьцца гIо шуна дика хаьа.

Карцов хIинцца кхийтира Лорис-Меликов мича гIерта. Лерина ладоьгIура Михаил Николаевича а.

— Нийса бакъду иза, — тIетайра Михаил Николаевич — Оцу кампанехь инарла Бебутовн кхиамаш хиларан коьрта бахьана, сона хетарехь, цуьнан тIеман говзалла лакхара хилар доцуш, ткъа вайн аьтто бина цигара мохк, бахархой цунна герггара бевзаш хилар а, царех пайдаэца хаар а дара.

Лорис-Меликовн горга юьхь екхаелира:

— Хьан императорски локхалло нийсса схьаэли со ала гIертарг, — корта таIийра цо. — Амма цигахь нохчийн пхи эзар доьзал хиллехь, бухенца кхин сурт хIуттург хиларан цхьа а тайпа шеко на нохчел говза нах бац тахана дуьненахь. Иттаннаш шерашкахь Нохчийчохь хаддаза лаьттинчу тIамо зийна бакъдерг ду иза. Церан майралла а, аьрхалла а вайна дика евза. ХIинца ойлаел шайна, Нохчийчуьра уггар карзахе, вайца цкъа а машар хинбоцу пхи эзар доьзал туркойн правительствос вайн дозанца областашка баха охьаханйча хинйолчу тIаьхьалонан.

Михаил Николаевича резахилла корта теIабора. Лорис-Меликовс дуьйцу бакъдерг хьалххе ца гина штабан начальник, шена хьалха Iуьллучу цIенчу кехата тIе къоламца цхьацца сурташ дохкуш тийна Iара.

— Туркошца вайн тIом болабелча, вайн эскарш ког дIатаса-м дуьтур дацара цара! — и шиъ вист ца хуьлий хиъча, шен къамел юха а дIадолийра Лорис-Меликовс. — Кегийчу гIеранашка а бекъабелла, хаддаза тIелетарш деш, дерриге некъаш кхерамна кIел

латтор дара цара цкъа. ТIаккха вайн дезар дара, туркошна дуьхьал баьккхина цхьанатоьхна ницкъ, дакъошка а бекъна, оцу гIеранаш дуьхьалбаккха. Шеко яц тIейогIучу хенахь вай дIадолийна муьлхха а гIуллакх цара сецориг хиларан. ШолгIа, нохчаша атта шайна тIаьхьахIиттор бара туркойн агIонгахьара курдой хьовха, вайнаш а. Бандитийн барт атта ма хуьлу. Я уьш, шайна тIаьхьа а хIиттийна, вайна дуьхьал ца бахалахь а, амма хIинццалц санна, курдойн баьччанаш вайгахьа буьйлучуьра атта совцар бара. Иза цхьа а тайпа шеко йоцуш бакъдерг ду. Кхин кIезиг кхерам хир бацара вайна машаран хенахь а. Нохчий цига баха ховшийча, дозанашкахь вешан кордонаш хIинца йолчийл шозза-кхузза алсамъяха дезар ду вайн. Амма тIаккха а цигара доза Iалашдар хIинцалерчул вочу хьолехь а хир ду. Нохчийчуьра пхи эзар туземни доьзал дIабаьккхича, Теркан крайхь вайна хуьлуш болу пайда тIепаза бойу туркойн правительствос, уьш Россин дозанашца йолчу шайн областашка охьаховшоро. И барт бинчу инарла Кундуховс а, графа Игнатовс а шайгара доккха гIалат далийтина, амма иза нисдан вайн хIинца а хан ю.

Михаил Николаевич, хьала а гIаьттина, чухула дIасаволавелира. Лорис-Меликов тIеоьцуш цо тоьхна хан тоххара чекхъяьллера. ХIара хIинци-хIинци чукхочу бохуш собар кхачийна Iаш хир ю Ольга а. Амма графа дуьйцург а ду доккхачу маьIне гIуллакх. ДIатетта йиш йоцуш. Ша Iаьчуьра хьала а гIаьттина, хIоьттина лаьттачу шина инарлина уллохь саца а сецна, Лорис-Меликовна тIевирзира иза.

— Ахь далийна дерриг бахьанаш а, масалш а нийса ду, хьомсара Михаил Тариэлович, — элира цо, лоха стоммачу Лорис-Меликовга лакхара охьа а хьоьжуш. — Ткъа хьан хIун планаш ю?

— Хьан императорски локхаллин пурбанца, цунах лаьцна сайна хетарг эр ду ас, — корта таIийра Лорис-Меликовс. — Туркойн правительствос гайтинчу меттигашка нохчий кхалхийча вайна хуьлу зулам гучу ас хьоьгара цхьа гайтам хиллалц и гIуллакх дIа ца доладойтуш сацийна инарла Кундухов. Суна хетарехь, нохчий кхалхорна кхо некъ хIутту. Хьалхара, туркойн правительствос инарла Кундуховна гайтинчу меттигашка нохчий кхалхо резахилар. ШолгIа, оцу меттигна реза ца хуьлуш юха а тоьхна, уьш Эрзинджанна а, Эрзерумана а, Диарбекирна а малхбузехьа, вайна кхераме хинбоцчу дIатарбар тIелоцуьйтуш туркойн правительстваца керла дийцарш долор. ТIаьххьара некъ, нагахь кху карахь йолчу хенахь туркойн правительство вайга оцу барта тIе ца яккхалахь, нохчийн кхалхоран гIуллакх цхьана аьттоне дIататтар.

Воккха Эла, шен нийсачу букъа тIехьа ши куьг тIекIел а дилина, куьзга санна, къега настаршна тIехь йича санна, кепехь хроман эткаш цIийзош, вист ца хуьлуш, вехха чухула волавелла лийлира.

— Ахь хIун олу, Александр Петрович? — хаьттира цо, Карцовна уллохула волуш саца а ца соцуш.

— Михаил Тариэлович бакълоь, — къера хилира Карцов.

— ХIета, хьомсара Михаил Тариэлович сан дехар ду хоьга и айхьа дийцинарг дерриг дIаяздеш сан цIарах записка хIоттор.

— Хьан императорски локхалла, иштта записка ас кийчча сайца схьадеана.

— Иза кхин а дика ду. ХIинца цIера ваьлча со хьелур ву, Александр Петрович. Цундела сан дехар ду хьоьга, кхалхош болу нохчийн пхи эзар доьзал Азиатски Турцин вайн дозанца йолчу областашка дIатарбича вайна хиндолу зулам а гойтуш, уьш Диарбекирна а, Эрзерумана а малхбузехьа дIатарбайта берриг ницкъ тIе бахийте туркойн правительстваца керла барт бар тIе дуьллуш граф Игнатьевга кехат яздар. Сихонца. Юха а боху ас, вай цIераш яьхначу кхаа гIалина малхбалехьа йолчу областашкахь цхьа а нохчо вита йиш яц. Кхин хеттарш дуй, Михаил Тариэлович?

— Доцца, цхьа масех. Инарла Кундуховга хIун ала ас, хьан императорски Локхалла?

— ГIуллакх дIадоло пурба ду шуна. Кхалхийнарш ахь бохучу меттиге Турцехь дIатарбарна тIекхочур вай. Мел гена далахь а, декабрехь Игнатьевгара жоп догIур ду суна. Со тешна ву иза вайна товчу агIор доьрзург хиларх. Туркошна чIогIа оьшу кхузара шайн динан вежарий.

— Ткъа инарла Кундуховгара мохк а, цIеноша эцарний, иза Турце дIавахийтарний хIун ала ас?

Михаил Николаевича сихха жоп делира:

— Иза жимма чолхе гIуллакх ду. ХIара мохк дика бевзаш а, кхузахь дукхий, даккхий гергарлонаш долуш а, лаьмнашкахь лоруш а, тIехула тIе, вайн тIеман система дика а евзаш, лаккхара тIеман говзалла йолу хьуьнаре инарла вай гуттаренна а Турце дIахецча, тIаьхьа вайна ваьшна бале ваьрий-те? Турцица вайн тIом болабелча, мостагIийн лагерехь вайна уггар кхераме стаг хир ву иза. Цкъа а тIом ца хилча а, ша цигахь воллушехь Теркан крайхь синтем а, машар а хила буьтур бацара цо. Цундела суна бакъахьа хета, нохчий кхалхоран гIуллакх, ницкъ кхочуш, Кундухов кхузахь а сацош чекхдаккхар.

— Хьан императорски локхалла, Кундухов кхузахь сацийча нохчий кхалхоран гIуллакх галдолу вайн, — Михаилана улло а нислуш, цуьнца волавелира Лорис-Меликов. — Ас дехарш дина цуьнга, хьехар дала а гIиртира, кхузахь висахьара хьо бохуш. И дерриге а эрна хили сан. Ша нохчашца кхалха везаран хьокъехь цо далийна бахьанаш, суна хетарехь, бух болуш ду. Иза, бакъ а долуш, тешна ву, Турце дIабоьлхучаьрца ша шен доьзал дIа ца хьажабахь, массарех а тешамза бевллачу нохчаша а, царна коьртехь болчу церан тхьамданаша а, шайна мел лаахь а, цхьа ког а Турце

дІатосург цахиларх. Цул сов ,суна Іаламат дика хаьа, нагахь Кундухов Турце кхалхахь, шаьш а кхелхар ду аьлла Сайдуллас а, Іелахас а къорІан тІехь дуйнаш биъна хилар.

— Дика ду, Михаил Тариэлович, нагахь гІуллакх ахь ма-дуьйцу делахь, цо шеца пхи-ялх эзар нохчийн доьзал махках а бакхахь, дІавахийта ахь иза. ХІинца ахчанах дерг. Нах Турце кхалхарна тІетоьттуш эладита лело царалахь цхьа цІеяххана масех стаг эца цкъачунна харжана хьуна итт эзар сом дІахеца айса бакъо елла моьтту суна?

— ХІаъ, хьан императорски локхаллин пурбанца, оцу нахана харжана дайа инарла Кундуховга и итт эзар сом дІаделла ас.

— Цуьнан махках а, цІенойх а дерг аьлча, Кундуховн доьзал Турце баха Владикавказера меттахбаьлча пхи эзар сом луо цунна. Ткъа Сайдуллин, цуьнан доьзалшца лаххара а цхьаъ ах эзар доьзал, шайн махкара дІа а баьлла, Турце новкъа балахь, важа дисина шовзткъа эзар а луо.

— Шена лучу ахчанах шовзткъе шиъ эзар сом дешица далар а доьху цо.

— Мегар ду иза а.

— Цул сов, хьан императорски локхалла, уьш дІакхелхича, масех стаг, ахча а делла, тІаьхьа гІоьртар болу нах Турце кхалхо а, нохчашлахь ша эцначу агенташна дала а итт эзар сом детин ахча доьху соьга Юккъерчу отделан начальника эло Тумановс. Кху некъехь ахча кхооро вайна пайда бийр боцийла хууш, царна цІеххьана эшахь а аьлла, Теркан Дошлойн-Иррегулярни полкан капиталан чоьтах Тумановна ши эзар сом, Нохчийн округан начальникана полковникана Муравьевна пхи бІе сом ахча делла ас.

Михаил Тариэловича, стоьла тІехь Іуьллу шен фура»ка, схьа а эцна, коьрта тиллира.

— И дерриге а хьан бакъонехь гІуллакх ду, Михаил Тариэлович. Вай долийнчу гІуллакхана ахча ма кхоаде-кх. Нохчийн цхьа эзар доьзал цигара дІабалар а ду итт эзар соьман меха. Кхин а ду цхьаъ, Михаил Тариэлович. ДІадаханчу Іай Россин кІорге ссылке бахийтина Кунта а, цуьнан герггара мурдаш а цигара схьа а баьхна, Одессехула Трапезунде бига безаран хьокъехь ахь далийна дош къобалдо ас, нагахь Теркан областехь бисина цуьнан вирдехь болу берриг нах царна тІаьххье Турце дІагІахь.

— Цуьнан шеко яц, хьан императорски локхалла. Кху деношкахь Кундуховс хаам бина соьга Кунтин ваша Мовса Турце кхалха реза ву, ткъа берриг зуькархой цунна тІаьхьахІитта кечлуш бу аьлла.

— Дика ду, Михаил Тариэлович. Со теша хьан, Александр Петровичан а, Кундуховн а хьекъалечу кортоша вовшахтоьхна хІара жоьпаллин гІуллакх кхиамца чекхдериг хиларх. ТІаккха шуьшиннан хьокъехь сайн вешега, цуьнан императорски воккхалле дош ала тІе а лоцу ас. Ткъа хьоьга дехар ду сан, Александр Петрович, вайн

хиллачу бартан хьокъехь яздина леррина кехаташ Михаил Тариэловиче дІадалар. Шуна ма-хаъара, со новкъавала кечвеллера. Кхин хеттарш дацахь, шун пурбанца со новкъа волу. Хьо дІавахале юха гур ду вайна, хьомсара Михаил Тариэлович?

— Даламукъалахь! Дехар ду хьоьга, вайн еза, лоруш йолчу Ольга Федоровне соьгара маршалла далар.

— Баркалла хьуна, Михаил Тариэлович!

— Ахь Коджорехь хьайн доьзалца дика садоІийла а, хан самукъане йоккхуьйла а лаьа суна. Хьан императорски локхалло пурба лахь, шу новкъадаха а лаьара суна...

— Баркалла, Михаил Тариэлович, хьан догдикаллин доза дац...

II корта СТАМБУЛЕХЬ, ЛОНДОНЕХЬ А

(Дешхьалхенан тIаьхьа)

Паччахьийн хьашташкий, лаамашкий хьаьжжина — халкъаш духкура, оьцура къестадора, цхьаьнадеттара.

Ф. Энгельс.

1

Оттоманан Портин арахьарчу гIуллакхийн министр Iела-Паша карзахе дIасахьийзара шен резиденцин уггар дика кечдинчу цIа чохь. Цо оза дагахь яийтина калъян хьаянза лаьттара. Цхьа сахьт хьалха-м иза оза ойла яра цуьнан. Амма хийцаелира. Дукха ца Iаш цо тIеэца везара Стамбулехь волу оьрсийн чрезвычайни полномочни векал, инарла-адъютант граф Игнатьев. Ткъа мекарчу графца къамел дан сирла корта а, могаш хьекъал а дезара.

Иза воккхавийна а ца волура яханчу бIаьста инарла Кундуховца шен хиллачу бартах. Кхиамца чекхбаьлла и барт бара Iела-Паша султанна хьалха айинарг. Султан Iабдул-Хьамидан заманахь дуьйна схьа туркойн султанаша сатийсинарг, амма цхьаьнгге а кхочуш цIададелларг Iела-Пашин чекхдолуш лаьтта. Дошца аьлча, дукха хан яра туркоша Кавказехь юха а шаьш чIагIбаларе сатуьйсу. Малхбузе Кавказехь а кхиамаш хилира церан цхьана ханна. Бусалба дин чIогIа долчу элийн Iедала кIел йолчу Дагестанца а гIуллакх догIура туркойн султанан. Амма Къилбаседан Кавказерчу ламанхойх барамехь массарел дукха нохчий цаьргахьа ца бовлура. ГIо-м дезара царна. Герз а, кхин болу тIеман гIирс а боьхура цара. ГIоьнна дуьхьал мах бала ца лаьара. Нохчийн ахча доцийла хаьара туркошна. Церан хилча а туркойн правительствона и ца дезара. Султанна мохк безара. Кавказан дегехь йоллу Нохчийчоь а, цигахь деха майра къам а оьшура цунна.

Амма нохчашна лаац цхьаннан а Iедал тIелаца. Цхьаъ шайн коча хуу гIо ца оьшу шайна олу цара. Шайна хIун башхо ю йоккха «хьакха» а, жима «хьакха» а — оьрсийн паччахь а, туркойн паччахь а боху. Царна цхьаннех а ца бозуш маьрша баха лаьа. Бертахь, дуьхьало йоцуш цхьа буй латта цхьанне а лур дац шаьш я цхьаннен а ялхой хилла чу а хIуьттур дац шаьш боху. Туркойн эмиссарашка ког а ца буьллуьйту шайн махка тIе. Цундела туркоша царна гIо ца до. Вуьшта багахь моз-м дутту. Кху дуьненахь мел дерг шаьш царна дIалур ду моттуьйту. Шайх Мансурна а, Биболатана а моттийтира. Амма хIинццалц схьа, кху дезткъа шарахь цара цIий Iенош царна гIоьнна цхьа хьостам белла бац. Я хIинцачул тIаьхьа бала ойла а яц. Хабар-м дуьйцур ду. Цунах ма олу политика, дипломати.

Ткъа хIинца уьш шаьш тIегIерта. Курачу нохчаша шаьш хIусаме дитар доьху туркошка. Иштта пусар а доцуш кхуза кхелхина малхбузера ламарой.

Кавказера бусалба ламанхой чIогIа оьшу туркойн Iедална. Кху тIаьххьарчу заманахь карзахбевлла Балканера керстанаш. Оттоманан имперех дIакъаьстина Греци, Серби, Дунайн олаллаш. Туркойн неIалт хиллачу мостагIчун Россин болх бу иза. Болгарех а иза дан гIерта Александр II. Ткъа Кавказехь? ДIахудуш къамкъаргехула ах чоьхьаяькхинчу хенахь озийна багара дIа а яькхина бити. Массанхьа а, массо хенахь а Портина новкъа гIерта Росси. ХIинца туркойн махка тIехь беха гуьржий, эрмалой шайх дIатоха а гIерта. Питанаш туьйсу царний, туркошний юккъе. Амма царна дан хIума а ду Iела-Пашин. Хьалха схьакхелхина ламанхой Болгари хьовсийра цара. Бакъду, кIезиг бара уьш. Оьрсаша туьрций, цIарций церан даймахкара дIалаьхкина, цхьа а тайпа низам доцуш, бевдда кхуза баьхкина ах миллион ламанхой, берриш бохург санна, хIаллакьхуьлуш бу.

ДIасалелла кIадвелла Iела-паша, диванна тIе а вахана, бархатан кIеда назбар кIел а оьзна, дIа а тевжаш охьахиира. Цуьнан кIеда назбар кIел а оьзна, дIа а тевжаш охьахиира. Цуьнан хьалха хIуьттура ша Ач-кале, Сары-кале ваханчу хебIаьргашна хьалха хIуьттура ша Ач-кале, Сары-кале ваханчу хебIаьргашна хьалха хIуьттура ша Ач-кале, Сары-кале ваханчу хебIаьргашна хьалха хIуьттура ша Ач-кале, Сары-кале ваханчу хенахь Кавказан эмигрантийн цигарчу лагершкахь шена гина сурт. Декъий. Дийна адамаш-декъий... Цхьа шатайпа боьха хьожа. И хьожа хIинца а шен мерах кхетча санна, муцIар чIачкъийра цо...

2

...Малхбузера ламарой Турце кхалхор европейски пачхьалкхийн юкъарчу политикан коьртачу гIуллакхийх цхьаъ хилла дIахIоьттинера. Амма царах цхьаннан а бала бацара ламаройн кхолламца. Россина дуьхьал шайн политикан, дипломатин а, тIеман а къийсамашкахь Турцис а, Европас а къинхетамза а, говза а пайдаоьцура ламаройн шайн къоман-маршонехьа боламех.

Ламаройн къийсам эшамца чекхбаьлча, уьш Турце схьакхалхор хаздеш, Оттоманан правительствон лерехь хаддаза зурма лоькхура англичски агенташа. Ламарой Россин дозанца охьа а ховшабай, царах шайна эчиган дуьхьало а яй, хаддаза Россина дуьхьал тийса бохура. Амма ламарой лаххьабелла Турце кхалха боьлча, цара дIатесначу даймахкахь оьрсийн правительство колонизаци ян йоьлча, кхин политика йолийра. Цига оьрсийн колонисташ баха ховший-

ча Росси тІаьххьара а, гуттаренна а чІагІлора Кавказехь. ТІаккха Кавказах тІаьххьара а, гуттаренна а догдилла дезара Турцин а, европейски пачхьалкхийн а.

Цундела, хІинца ламарой Турце кхалхар сацо гІертара уьш. Турце схьакхаьчначаьрга шайн даймахка духадерза, ткъа даймахкахь бисинчаьрга, хІуъу хилча а цигара дІа ма довла, Россина дуьхьал шайн къийсам а ма сацабе, оцу тІехь шайн правительствоша шуна массо а агІор гІо дийр ду бохуш Турцехь а, Малхбузе Кавказехь а эладитанаш даржош ламарошна юкъахула буьйлабелла лелара английски, французски, итальянски, кхечу правительствийн а агенташ.

Схьакхелхаш болу ламарой совцо бахьаненна, Турцерчу французски посольствап лор Бароцци коьртехь а волуш, санитарни инспекци вовшахтуьйхира цара. Кхелхинарш дукха гулбеллачу Самсунерчуй, Трапезундерчуй, Варнерчуй лагершка а хьаьжна, ламарой Турце кхалхор сацо дезар а, Іаьржачу хІордан шина а бердашна юккъе карантин хІотто езар а дІахьедира цо туркойн правительстве.

— ГІаланийн кевнашкахь а, туьканашна хьалха а, урамашна юккъехь а, скверашкахь а, бошмашкахь а — массанхьа а Іохкуш цомгаш нах, декъий а дара, — яздора Бароццис, — Эмигранташа дІалаьцна массо цІа, ураман маьІиг, цара ког биллина латта уьнан хьостанашка дирзинера.

Европейски дипломатийн аьтту хилира хІорда тІехь пхийтта денна карантин хІотто. Амма и карантин цІена моттаргІа яра. Кавказера схьабогІу ламарой совцийнера, ткъа кхидолу адамаш дІасалелар маьрша дитинера. Иийцина ца валлал балхаме тІаьхьало йитира карантино. Мецачу, берзинчу, цомгашчу ламаройх доьттина Турцин бердашка схьа мел догІу кема, кхузахь тІе ца оьцуш юханехьа хьажадора. Ткъа дехьа, Кавказан бердашкахь итт эзарнаш адамаш лаьттара кеманийн рогІе хІиттина. Кхузахь а, цигахь а тифан, морзгалийн, чуьйнан а уьно къиза хьоькхура и гІорсиза адамаш...

Юьххьехь дуьйна доладелира адамех йохк-эцар яр. Цхьайтташийтта шо долчу беран мах кхоъ-диъ туьма бара. Ялх-бархІ туьманах уггар хаза мехкарий оьцура меттигерчу феодалаша. Цхьана стага шовзткъа, шовзткъе итт йоІ оьцуш меттигаш а нислора. Трапезундан инарла-губернатора Эмин Мухлис-пашас ша эцна бІе ткъе итт йоІ совгІатана йийкъира Константинополерчу лаккхарчу хьаькимашна.

1864-чу шарахь кхелхинчу ламаройн цхьана лагерехь хиллачу английски консулан йоІа яздора:

— Турце кхелхина ламарой-чергазий массанхьа а, массо хенахь а гина суна. Вовшех ца къаста гІерташ, цхьана гулахь хуьлчу царна юккъехь гора беллачарна уллохь Іохкуш цомгашнаш а, юург лоьхуш оцу юккъехула кхерста гІалартех тера могашнаш а. Тхо

лагерна герга кхаьчча, куьйгаш лаьцна бераш далош тхуна дуьхьал баьххира зударий, божарий а, шайн бераш эцар доьхуш. Суна хетарехь, оцу мецачу, дерзинчу берашна, шайна жхача а, кІел хІитта тхов хилчхьана, шайна а лаьара дайх-нанойх дІакъаста. И чергазий кхузахь шина декъе бекъабеллера — тхьамданаш а, лайш а. Тхьамданашна лаьара и адамаш дІога, шайн даймахкахь санна, цхьа дуьхьало йоцуш кхузахь а шайна муьтІахь хуьлийла. Амма шайн дахарехь хилла хийцамаш хаьа и шолгІанаш реза бацара тхьамданийн бІаьрзе лайш хилла совца, цара шайн адамаллин бакъонашкахьа къуьйсура.

Кхечу дипломата Канитца дуьйцура, Турце кхаьчча ламаройн феодалашний, церан лайшний юккъехь хаддаза тасадаларш хуьлура, цкъацкъа уьш тІаме а доьрзура бохуш.

Кавказан ламарой Турце чуэца реза хуьлуш ши Іалашо яра султанан правительствон: Россина дуьхьал шайн къийсамехь царах пайдаэцар а, Оттоманан империна чохь дехачу халкъийн шайн къоман-маршонехьа боламаш хьошуш ламаройх пайдаэцар а. Кхелха ламарой хІокху Турцехь цхьана гулахь дІатарбан ойла а яцара правительствон. Иза туркойн Іедална а, юкъараллин синтемана а кхераме хетара. Цундела Босне, Герцеговине, Сире, Иордане, Ливане, Месопатаме, Египте дІасабаржийра кхелхарш. Оцу мехкашкахь, къаьсттина а— Балканерчу провинцешкахь ламаройх эскарийн дакъош а кхуллуш, тІеман колониш ехкира, Россехь гІалгІазкхийн станицашка тера. Оцу колониша славянаш дакъошка бобькъуш, царна юккъе бусулбанех дийна пенаш хІиттадора Балканашкахь.

Ламарошка хІоьттинчу халачу хьолах пайда а оьцуш, кхалхоран юьххьехь дуьйна шен Іалашо кхочушъян юьйлира султанан правительство. Схьакхалхар дуьйцучу хенахь правительствос дош деллера хІара ламарой ткъа шарна тІеман декхарех мукъабаха. Амма хІорш Турцин махка тІе ма-бевллинехь царах вовшахтоха йолийра «чергазийн дошлойн полк» а, султанна «чергазийн гварди» а. Мацаллин Іожаллех кІелхьарабовла гІерташ цхьана йоццачу хенахь кхо эзар ламаро хІоьттира туркойн эскаре. Эскарехь гІулакх дан луурш хилийта, божарий бохкар-эцар а дихкира. Эскаре дІа ца оьцура зуда а, бераш а долу стаг. Доьзалх бозабелла боцуш, маьрша бІаьхой я вуьшта аьлча — чаьлтачаш оьшура Іедална. Ткъа шайга хІоьттинчу инзаре халачу хьолах кІелхьарабовла кхин некъ боцуш бІарзбелла ламарой шайн зударий, бераш духкуш, шаьш салт бовлура.

Адамийн исторехь цкъа а юьйцу ца хезначу тайпанара Кавказан ламаройн и йоккха трагеди чекхъелира кхелханчийх ах тайпанчу цамгарех а, мацалла а, шелонна а хІаллакьхуьлуш. Дийна бисанчийх пхийтта процент зударий а, бераш а лоллина доьхкира. Важа дакъа Жимчу Азехь, Балканашкахь, Месопатамехь, Къилбаседа Африкехь а борц санна даржийра.

Оцу Iай малхбузерчу ламарошка хIоьттина ирча хьал гинчу Императоран Академин академика А. П. Бержес яздира:

«Цкъа а меттадогIур дац Новороссийск бухтехь гулвеллачу 17 эзар ламарочуьнга хIоьттинчу ирчачу хьоло Iовжийна сан дог. Шеран уггар шийлачу, ткъевнечу хенахь, мацалла ца бала рицкъа а доцуш Iохкучу царна юкъа яьржинчу тифан, морзгалийн цамгарша халчу хIиттийнера уьш. Хьенан дог Iаьвжар дацара, ерзинчу стигли кIел, тIуьнчу лаьттахь, тIелхигъяьлла, елла Iуьллу къона черкешенка а, цунна уллохь даладоллучу сица къуьйсуш Iуьллу — цхьаъ, шен мацаллин рицкъа лоьхуш, ненан шелбелла накха цIуббеш долу важий — ши бер гича? Иштта сурташ дуккха а гора...»

Шен дешнаш дукха шога хетий, уьш мелла а кIаддархьама, масех могIа тIетуху оцу лерамечу академика:

«XIX бIешарахь таж лелийнчех уггар адамалла долуш волу император Александр II Iаламат гена вара 1609 шеран 22 сентябрехь шен паччахьаллин омранца Испанера мавраш къиза хIаллакьхилийта Африкан есачу аракхиссарца гIараваьллачу Филипан III политикана.

Шен паччахьаллин лаам кхочушбеш цо граф Евдокимов хаьржира, ткъа иза пачхьалкхана дечу гIуллакхашка шен хьежаршца Iаламат лакхахь вара герцог Лермел а, муьлххачу Дон-Жуан-де Рибайрал а...»

Турце кхаьчча дуьйцу ца хезначу халачу хьелашка, шайна хийрачу Iедална а, политикана а кIел нисбелла ламарой юханехьа даймахка гIоьртира. Амма паччахьан правительствос юханехьа цIа бахкийта ца баьхнера уьш шайн даймахках, ткъа султанан правительствос юханехьа даймахка дIахеца а ца битинера уьш Турце.

Кхелхинчу ламарошна а, церан тIаьхьенашна а гуттаренна а байра шайн даймохк.

Тахана хIокху исбаьхьчу дворецан тхов кIел изза кхоллам нохчашна а кечбан ойла яра шина пачхьалкхан правительствийн.

Амма цхьа ламарой хилла ца Iара паччахьан Iедалан а, помещикийн а къизаллех, харцонех кIелхьарабовла гIерташ Россера дIауьдурш. Даймохк буьтуш дIаоьхура оьрсий, украинцаш, белорусаш... Дуьненан еа маьIе. Ирс лаха. Сискал а, цхьаннахьа йоцу маршо а, нийсо а лаха...

3

ХIаъа, уьш хIаллакьхилла. Хуьлуш а бу. Инзаре дукха а, эрча а. Хилча хIун ду? Iела-Пашин нанас бина-х баций уьш. Шайн мохк гаршна дIа а белла евдда яьхкина кIиллош! Хьайбанаш! СагIадоьхургаш! Лен шайна. КIиллош, гIорсизнаш лийр бу, майранаш,

ондийнаш дийна буьсур бу. Дийна буьсучара гIуллакх до султанна. Цара низам латтадо болгарийн ярташкахь. Церан отрядаш хьийсайо империн чоьхьарчу эрмалошна, гуьржашна таIзарш дан дезаш меттиг нисъелча. Империн кхечу йистошка а. ХIара латта эрна хьоьшуьйтур дац цаьрга Iела-Пашас.

Ткъа хIинца Россица доза чIагIдан деза. Шина хIордан юкъ дIалоцуш оцу дозанца нохчий баха охьаховшийча, тIаккха оцу агIор сагатдойла дIайолу. Цара шайн буйна къовлур бу тIом хилча нагахь оьрсашкахьа буьйлу курдойн баьччанаш. Иза дина а Iийр бац. Шайца цхьана уьш Россина дуьхьал а бохур бу. Эрмалой а латтор бу таIийна. Шатайпа амал йолуш акха къам ду и нохчий. Цхьана а олаллина кIел доцуш, ламанан аьрзунаш санна, маьрша даха Iемана. ХIинца, и маршо шайгара дIа а яьккхина, эчиган зIарашна чуна. Бохка болийча, схьакхалха резахилла. Церан цкъа а машар хир ма бац оьрсашца. Цигахь а кхузара дIа а. Амма кху махкахь шайна маршо карор ю царна моттахь, иза бакъ дац. Уьш бусто тIелоцуш ма бац оха а. Тхуна оьшург церан майралла а, тIеман говзалла а, оьрсашка цабезам а бу. Уьш летар бу, шайна мел и ца лаахь а. Къаьсттина а Россица тхан тIом хилча. Уьш-м хьовха, церан тIаьхьенаш а. Россин Кавказерчу провинцешка бахийта мел дика разведчикаш хир бу уьш! Церан гIоьнца цигара ламанан халкъаш гIиттор ду гауршна дуьхьал. Доцца аьлча, кертахь кхобучу жIаьлийн декхарш кхочушдойтур ду цаьрга...

Амма схьакхелхар буй-те уьш? Шайн даймахке безам къаьсттина а чIогIа бу церан бохуш, дуьненахь а цIеяхана ма бу и нохчий. Оцу бехачу тIамо шаьш мел гIелбинехь а ,мел бIарзбинехь а, марШонах дог ца дуьллуш, гауршна дуьхьало сацош бац. Дала гIо дойла Муса-пашин. Россица цкъа а машар хир боцчу мостагIех пхи эзар доьзал шеца схьабало тхуна дош делла цо. Уьш, лаххара а, нхи эзар тIемало ву. Буьрсачу тIемашкахь вахчавелла. Кхерамна а, Iожална а хьалха бIаьрнегIар тухур доцуш. КIиллолла боху дош хIун ю ца хууш. ХIан-хIа, хIинца хуур ду тхуна ламарой тIеэца. Йовхачу хенахь, кегийрачу тобанашца. ХIорда тIехула ца балош, лаьттахула схьа а балийна.

ХIара-м дала бина къинхетам бай! Иттаннаш шерашкахь бинчу тIемашкахь вахчавелла пхи эзар майра тIемало, церан коьртехь оьрсийн эскарийн тоьллачу инарлех цхьаъ волу Муса-паша а, цIарна а цIеяхана Шемалан наиб Сайдулла а!

Воккха эла Михаил дуьхьал ву боху схьакхелха нохчий дозанца баха ховшорна. Цуьнан шен коьртана дага ма ца деана иза. Лорис-Меликов боху и гаур-эрмало ву цунна и дерриг дагатуьйсург. ХIумма а дац, реза ца хилахь а. Уьш шаьш ма бу и ламарой схьакхалхор долийнарш. Цкъа дозанал сехьа бовлахьара. ТIаккха-м кхечу агIор дуьйцур дара вай иза. Оцу нохчашка а, вукха гаршка а...

Лорис-Меликов Тифлисе ваханчул тІаьхье бутт балале Оттоманан империн арахьарчу гІуллакхийн министран дворецехь шина державан дипломаташна юккъехь ира къийсам болабелира. Кху хьоле кечйинчу дворецан тхов кІел тІаьххьара а къаста безара гена лаьмнашкахь, шайна тІебогІу кхерам ца хууш машаре Іачу нохчийн пхеа эзар доьзалан кхоллам.

Шиний агІоно шайн аьтту лоьхуш ца кхоабора цхьа а тайпа гІирсаш — хастамаш, кхерамаш, мекарло, аьшпаш. ХІуъу бен яцара, цо толаме бигчахьана. Тахана кхоалгІа де дара оцу шиммо тІом бен, амма цхьа а, цхьа ког а хьалха ца ваханера.

Іела-Паша кІедачу кресло чохь лерина ла а доьгІуш партал хиъна Іа. Оьрсичо дукха дуьйцу, Іаламат дукха. «НеІалт хилла гаур, сан само артъян гІерта, — дагахь воьлу Іела-Паша. — Шайна луург тхан кочадолла гІерта. Эрна ду, граф. Ахьа хІуъу дийцахь а и разбойникаш оха тхаьшна луъучу дІатарбийр бу. Кундуховца барт ма-хиллара. ХІундий? Иза пачхьалкхан къайле ю, хьомсара граф. Хаьа, шу царах кхоьрий, мел чІогІа кхоьру. Цкъа а ца хиллачу тайпана шайн доза чІагІдан дезар ду шун хІинца. Иза а тхоьгахьа ду. Кавказера Іедал реза дац? Ца хин шена. Тхуна хастам бе, уьш тІеэца резахиларна... Тхо дац дехарш дийраш шу ду...»

— ...Нагахь кхелхина богІу нохчийн пхи эзар доьзал Россин дозанашца гена, шайн мехкан кІоргехь баха ховшо аш тІе ца лацахь, цхьа нохчо оха схьахоьцур вац, — элира граф Игнатьевс сацам боллуш.

Цхьанхьа лакхенгара шен коьрта тІе тІулг боьжча санна, оцу дешнаша хазчу ойланах юкъахваьккхина саметта валийра Іела-Паша. Иза ша волччехь кхоссавелча Николай Павлович а кхийтира, ша тІаьхьалонна йитина козар, ша нийса лаьцна дина тохар цуьнан дага юккъе кхетта хиларх. Николай Павлович дагахь хьалххе воккхавера шен хинболчу толамах.

— Тхо мича декхарийлахь ду шуна луург дан? — хаьттира Іела-Пашас, вист ца хуьлуш жимма юкъ йолийтина.

ХІораммо а сатуьйсура важа Іехо. Цундела боккъал йолчу Іалашонах дош ца олура цхьаммо а. Амма Игнатьев шех тешна вара. Цунна дика ма хаьа нохчий тІелаца хІара туркой реза хІунда хилла. Ткъа графа дІаханйтина Іела-Паше, нохчий новкъара баха хІара Турци йоцург а шайн дуккха меттигаш хилар. Масала, Кубань. Нохчий Кубане кхалхо хала, ткъа Турце кхалхо атта дуйла-м ца хаийтина цо. Хоуьйтийла а дац. Ткъа Іела-Паша а вац ша майрра дуьйцучух дукха тешаш а. Кундуховца шайн къайлах хилла барт оьрсашна хаьий-те бохуш шек ву. Цундела, цкъацкъа шен дош лакхадаккха ца гІоьртуш, дуьхьало ца еш Іа иза.

— Хьуна хаа деза, тхан адамаллин а цхьа доза хилар. ХІаъа, хьомсара граф, тоьар ду. Вуьшта а, Кубанера схьахьовсийна ахмилион сагІадоьхургаш тІелаьцна оха. И нохчий боху разбойникаш ма хьехабелахь. Дала ларвойла, уьш мехкан кІоргехь баха охьаховшорах. Массанхьа а цІийн тачанаш дуьтур ду цара. Уьш баха ховшо меттиг гайтарца, шаьш тхан империн чоьхьарчу гІуллакхашна юкъа гІерташ хилар дага а догІий хьуна?

«ХІетте а, кхера-х ма кхоьру хьо, оха нохчий схьа ца бахкийтарна!» — дагахь воьлура Николай Павлович, туркойн министр тергал а веш. ТІаккха тІетуьйхира:

— И нохчий — шун динан вежарий бу. Ткъа тхуна бен дац, аш уьш тІелаьцча а, ца лаьцча а. Тхо-м хІумма а уьш совбаьлла ца лела. Царна шун махка кхалха лууш хилча тхо дуьхьал дац. Европейн эладитанаш даржийна, тхо ламарой махках баьхна, церан латанаш тхешан доладаха гІерта бохуш. Хьуна хаьа-кх, рейс-эфенди, иза бакъ доцийла. Эрна Іохкуш латтанаш тхан дуккха а ду. Кхин дацахь а, нохчашна тоъал.

— Масала?

— ХІунда хоьтту ахь, рейс-эфенди? Хьуна ма хаьа ткъа, тхан мехкан шорталла.

— Сибрей?

— Стенна оьшу оццул гена бига? Кубанехь а, Ставрополехь а ю еса аренаш.

Іела-Пашин цавашаре велавалар иккхира.

— И дийр дац аш, хьан сийлалла!

— ХІунда? Тхо стенах кхоьру?

— Ницкъах ца кхера — ницкъ болуш ду шу. Амма дуьненан халкъийн неІалтах кхоьру. И къаьмнаш Сибире я къилбседе губернашка кхалхийча, цигахь хІаллакьхир ду. ТІаккха сий довр ду шун начхьалкхан. ТІехула тІе, оцу гІуллакхана яккхий харжаш а оьшу. Халонаш-м хьехор а яцара. Цул атта дац ткъа, шаьш юьстах а лаьтташ, хало, харж йоцуш, уьш тхо долчу схьахьовсийча?

Граф вуьйхира.

— ГІалатваьлла хьо, рейс-эфенди! Европас ца дина а, ца лелийна а хІума ца дисина оха дича тхуна эхь хета. Нохчийн мохк царах мукъабаккха лууш хилча, Сибрех ца буьгуш улло, Кубане, Ставрополе буьгур бара оха. Амма тхан адамалла...

— Шун адамалла! — гІадвахана велавелира Іела-Паша. — Ма ала а элира ахь, хьомсара граф! Нагахь аш, оьрсаша, шаьш дІа мел маллин некъашца дІадахахь, мукъа латтанаш-м дер, оьшучул а тІех хир ма ду шун даим!

Туркочо йина Іоттар дагах кхетта Игнатьев вусавелира.

— Юха а боху ас, оха нуьцкъах ца кхалхийна ламарой. Шун динан вежаршна шайна лиъна кхуза кхалха.

— Нуьцкъах ца кхалхийна? — даша тІехь лецира иза Іела-Пашас, — Бакъ хила а мега. Аш хІорда тІе таІийча, уьш мича гІур бара? ХІорда чу лелха безара? ХІан-хІа, иштта варварийн гІилбара?

лакх долуьйтур дацара шегара адамаллечу Европас! Бехк коча татта даим а кхин караво цунна: цIийнна сутара Турци. Варварш, стешха, ямарт, къниза адамаш аьлла цIе ма яхана туркойн. Туркоша мехкаш дIалоьцу, туркоша цIий Iанадо, туркоша шайн Iедална кIелхьара керста къаьмнаш хIаллакдо — и зурма лоькху Европан массо столицашкахь. ХIокху лаьтта тIехь туркой бен, къниза адамаш ма дац. Тхан адамалла даим а марах долу тхуна, граф. Цул, шайга а хьовсийша. Шаьш лелийнчуьнга, лелочуьнга. ТIаккха лоьхур бац аш, нехан бIаьргахь чо. Шу европейцаш а ма дац данне а маликаш. Стешхаллина, ямартлонна, къизаллина тIехь иблис а ларор дац шуьца. Америкехь, Азехь, Африкехь гIаланаш йохош, халкъаш лолле дерзош туьрций, цIерций чекхдевлларш шу, керстанаш, европейцаш дац ткъа? Тхешан пачхьалкха чуьрчу къаьмнашна тIехь оха Iедал латтадо, тхайна нийса ма-хеттара. Къниза-м дера ду иза, хIун дийр ду ткъа. Амма далла бу хастам, европейцаша санна оха цхьа а къам даймахках ца даьккхина.

— Масала?

— Масала, 1609 шарахь испанцаша махках а баьхна, Африкан есачу гIамаршка кхийсина мавраш, хIинца аш Кавказан ламарошна тIехь дийриг а...

— Мавраш мехкашдIалецархой бара!— толаме юкъахваьккхира иза Игнатьевс, — Испанцаша хьакъ боллу бекхам ийцира царах.

— ХIета шу а ду-кх Кавказан ламаройх хьакъ болу бекхам оьцуш? — цавашаре тIевогIавелира Iела-Паша. — Суна хезна дац, цара шун махка тIе ког биллина бохуш. Цхьа кIеззиг исторех дуьйцур вайша, граф. Юккъерчу бIешарашкахь, цивилизацин лакхарчу тIегIанна тIехь лаьттачу бакъ керста динна тешамечу европейцаша кхечу динахь долу адамаш цIарах дагочу хенахь. Испанера ведда, цхьаннахьа а тхов ца карош лела бIе эзар гергга жуьгти тIелецира оха, варварша-туркоша. Шун правительствос гIалгIазкхийн бунташ мосазза а хьошу, Россера бевдда эзарнаш гIалгIазкхий тIейцира оха. Церан а, вукхеран а тIаьхьенаш хIинца и еха тхан махкахь. Европан монархаша революциш хьошуш, церан дакъалацархошна тоьпаш етта, ирх охка болийча, «цIийна сутарчу» туркоша шайн махкахь туш делира французашна, венграшна, австрийцашна, полякашна, немцошна. Шун правительствос иэхьечу тешнабехкаца полякин революционераш таIзарна австрийцийн Iедалан кара дIалучу хенахь ду хьуна иза. Аш лоьллуш, хьийзош, Европан цхьана а пачхьалкхо тIе ца лоцуш лелачу поэт Мицкевична а, кхин дуккха а полякашна туш карийра «туркой-варварийн» махкахь. Кхузахь Стамбулехь ду цуьнан каш. ХIинца хIун до аш? Юьхьанца Малхбузе Кавказерчу ламаройн ткъе пхи эзар доьзал тIеэцар дийхира аш тхоьга. Тхо резахилира. Амма царна тIаьххье, цхьа а низам доцуш, аш талийна чIанабаьхна ахмиллион ламарой таттабели тхан махка. Царна хьалха неI тIечIагIаяр адамалле ца хийтира тхуна. ХIинца нохчийн пхи эзар доьзал тIеэцахьара а боху. ТIеэцча

а Iай ткъа! Тхан махкахь уьш дIатарбан меттиг гайта а гIерта. ХIара хIун ду ша да мукъане а Юккъерчу бIешерашкахь дуьйна схьа, европейцаша хьийзош бIарзбина, махках баьхна керстанаш, иудейш, бусалбанаш, мунепикъаш цхьана оха тIелаца безаш хили-кх! ХIара тхан мохк-м Нохьа пайхамаран кемане бирзи. ХIетте а, оха «хьийзо» керстанаш ларбан гIерта европейцаш. Ойла ел аш тIаккха, шаьш тхол къниза варварш хилла карор ду шуна. Ткъа ахь, хьомсара граф, хьан правительствос ойла йиний-те жIаьлина кхоьссина даьIахк санна, шаьш тхуна схьакхийсина миллион адам оха мича, муха дIатардан дезаран? Царна латта а, тхов а, кхача а ма беза! Аш мел хьовзийнарг оха ишта дуьхьало йоцуш тIеэцча, кхана Iуьйрре юккъерчу Азера туркойн къаьмнаш а хIуьттур ма ду тхан неIаре. ХIинца цига ма гIоьртина шу. ХIинццалц муха хилла? Мохк — шуна, цигарчу халкъашца а тарло. ХIинццалц муха хилла? Мохк — шуна, къаьмнаш тхуна. Иштта тарлур дац, хьомсара граф! Тхуна ца оьшу и шун разбойникаш-нохчий. Цигахь ца тарлучу цара, схьабаьхкича кхузахь ден дерг ша аллахI воцчунна хаац!

ЦIа чохь тийналла хIоьттира, шен дагара Iеттийна пергIатваьлла Iела-Паша, гIайби тIе дIатевжира.

— Истори кегор яц вайша, — элира Игнатьевс, — Тхо тхаьш хилла ца Iа ламаройн бохамашна бехке. Шун дакъа а дац хIумма а кIеззиг.

— ХIан-хIа, граф, хабаршца кIелхьарадовлалур дац шу. Тхо дац ламаройн ярташ ягийнарш, ялташ хIаллакдинарш, масех къам, цхьа стаг бухахь ца вуьтуш, махках даьхнарш.

— Аш тхуна дуьхьал кIамбора уьш. Даим дIа царний, тхуний юкъа питанаш туьйсуш. Уьш ницкъ эшна кIелбисча, кхуза схьакхойкхуш царна юкъа прокломациш яржийра аш.

— Бакъ дац иза! Бакъ дац! Тхан цхьа а тайпа зIе яцара нохчашца!

— Малхбузерчу ламарошца яра массо а хенахь. Кхуза схьакхалхахь шаьш дала долуьйтур ду аьлла дош ца деллера аш царна?

— Цхьа масех эзар доьзална. Амма ца аьллера тхаьш масех халкъ тIелоцур ду-м!

— Шаьш апаре дастале, хи мел ду хьовса дезара, рейс-эфенди.

— Аш Iехийна тхо, граф. Иэхь ца хеташ Iехийна. Ламарошна юкъа султанан цIарах прокломациш а яржийна.

— Оха тхайггара ца кхоьллина уьш. Аш язйинарш керла зорба а етташ яржийна. Шуьга къа ца хьегийта. Доцца аьлча, рейс-эфенди, шун кхайкхамаш ца хиллехьара, ламарой богIур бацара кхуза.

— Оха ца кхайкхина уьш я дог а ца дахийтина, граф. Амма схьакхаьчча неI тIе а къевлина, юханехьа а ца хьовсийна. Бакъ дерг кхечахьа доллу. Шун ши корта болу аьрзу цига ца хьаьвзинехь, и ламарой цкъа а шайн лаьмнашкара дIабевр бацара.

— Изза олийла ду сан эзарнаш эрмалойх а, балкански славянех а. Шун къизаллих бевдда уьш а кхелхира Россе.

— Амма царах дукхахберш шайн махка бухабирзира!

— Ламарой а бу Россе дIаоьхуш! ХIета нисдели-кх вай.

— ХIан-хIа, граф. Хийцамаш буьсу. Россера бухабогIу керстанаш оха дуьхьало йоцуш тIеоьцу, ткъа кхузахь совца реза ца хилла Россе дIагIерта ламарой аш шайгахьа дозанал дехьа бовлийтац. Делахь а, кхин къуьйсур дац вайша, граф. Нагахь санна тхуна, туркошна, варварш хила лаахь, европейцех Iама деза тхо.

— ХIета ,иштта хуьлуьйтур вай, — тIаьххьара а тIадам тоьхна чекхдаьккхира Игнатьевс и шена кIордийна эрна къамел.

Цхьана ханна дIатийра и шиъ, ойланашка а ваьлла.

«Нагахь боккъал хIокхара нохчий схьа ца бохкуьйтуш совцабахь? — шен дуьхьалонах шеквуьйлура Iела-Паша. — ТIаккха юкъахъюьсу тхан план. ТIаккха оха гуттаренна а догдилла деза Кавказах. ХIан-хIа, жимма малвала веза со. ТIехула тIе, суна хIун хуьлу, кхара бохург тIелоцуш дош даларх. Дозанал сехьабевлча, тхан карахь бац уьш? Тхаьшна луъучу уьш баха ховшор тхан керахь ца дуьсу тIаккха? Россин дозанашкахь совцор бу-кха!»

Араволу кеп хIоттош, хьалагIаьттина Игнатьев, ши куьг букъа тIехьа а диллина, карзахе чухула дIасауьдучу Iела-Паше а хьоьжуш, хIоьттина лаьттара. Цо лерина тергалдора пашин дерриг аматаш, амалш. Ехо екъана юьхь, гIалмакхойн уьстагIчух тера мара, хаза хьовзийна Iаьржа ши мекх, дуткъий балдаш, нийса дегI, сиха лер. Цуьнан къамелехь, леларехь цхьа а моттаргIа ца хетара Игнатьевна.

«Боккъал хIокхара нохчий тIе ца эцахь? — юха а сакарзахдуьйлура Николай Павловичан. — ТIаккха хIун хир ду? Нохчий цигахь буьтийла-м дац. Цу тIе, кхузахь дуьххьара суна тIедиллина доккха гIуллакх кхочушхилаза а дуьсу сан... жимма кхин а вухагIоьртур со. Собар, собар, юха а цкъа собар».

— Делахь хIета, хьан жоп ас цуьнан императорски воккхалле дIакхачор ду-кх. Аш хьалхахIитточу некъашна Кавказан хьаькамалла реза дац. Со тешна ву, цо цхьа а нохчо Турцех схьахоьцур вацарх. Нохчий схьакхалхоран гIуллакх кхин хьехо ца оьшуш оцу тIехь чекхдолу.

Кхузахь кхачаделира Iела-Пашин собар. Цуьнан ницкъ ца кхечира кхидIа моттаргIанаш лело.

— Дика ду, граф, — элира цо, голашна тIе ши куьг а тухуш, — Аш тхайна хьалха хIитто хьелаш тIелоцу оха. Оцу нохчийн дуьхьа. Нагахь аш и нохчий важа лемарой санна, хIордаца а ца балош, лаьттахула шайн дохнаца, йийбарца, герзаца дозане схьа а балийна, могаш-маьрша тхайга схьалахь.

«Далла бу хастам! Иза дара-кха тхуна луург а, — хазахийтира Игнатьевна, — Шайниг-м хьовха, бухахь буьсучийн герз а дохьур

делара цара кхуза. ТIаьхьарчу уьрсан мIаьчиган биста хIоттали».

Шина дипломато хьала а гIаьттина, дуьхь-дуьхьал а хIоьттина, лохха кортош а таIош, вовшийн Iодика йира.

5

Оццу дийнахь, Лондонехь Грин-стрит урамерчу № 14 йолуш шозза тIекIелдинчу цIеношкахь, оццу оьрсийн паччахьан чоьхьарчуй, арахьарчуй политиках а, Кавказан ламаройн кхолламах а лаьцна кхечу тайпанара къамел хилира.

Кху цIеношкахь болх беш яра хIетта вовшахтоьхначу Хьалхарчу Интернационалан Генеральни совет.

ЦIа чохь цигаьркан сийна кIур хIоттийна, хьийзина когаш болчу Iаьржачу стоьла тIе юьхьарвахана яздеш воллура, стоммачу дегIара, шуьйра букъ болуш цхьа стаг. Стоьла тIехь бен доцуш юьстах тийсина Iохкура сихачу хотIехь яздина цхьа сал кехаташ.

Стеган шуьйрачу белшаш тIера месала корта ло санна кIайбелера. Амма болатан бос бетталучу цуьнан юьхьан чкъоьргана гуобеш хьийкъанчу можаний, мекхашний юккъехь хIинца а Iаьржа чоьш хаалора. Куьзганаш тIехьара кехата тIе хьуьйсучу цуьнан кIоргачу, Iаьржачу бIаьргашна гора дуьненан паччахьийн дворецашкахь, дипломатически корпусашкахь, инарлийн штабашкахь, дипломатически корпусашкахь, инарлийн штабашкахь, дипломатически корпусашкахь хуьлуш долу дерриг чолхе гIуллакхаш. ХIетахь оцу гIайрн тIехь ши стаг вара чехка керча историн чкъург мича йоьду а, мичхьа соцур ю а хууш, цунна тIехь терго латтош.

Кху тIаьхьарчу ткъа шарахь и Iаьржа бIаьргаш лерина хьуьйсура генарчу Кавказан ламанхоша шайн къоман-маршонехьа латточу турпалчу къийсаме.

Стага, яздечуьра а сецца, стоьла тIерачу цигаьркийн гIутакхара схьаэцна багайоьллина цигаьрка сирникца лата а йина масехазза оза а йина, тIаккха боккха баьккхина кIур чу тоьхна, коре а вахана шалха раманаш дIайиллира. Дахкаро сирбинчу урамера схьа тIуьна, шийла хIаваъ хьаьдира цIа чу.

Вехха лаьттира иза бодашка бIаьргаш доьгIна, ойлане ваьлла. ТIаккха кораш тIечIагIийна, шен метте охьа а хиъна, тIаьххьара кIур баьккхина цигаьрканан юьхьиг чимтосурга таIийна дIа а яйина, къолам караийцира цо. Къоламо кехата тIехь тIехьа туьйсура кIеззиг аьрру агIор тийжачу элпийн могIанаш:

«...Корта Санкт-Петербургехь, ткъа куьйгаш Европан массо кабинеташкахь долчу Россис, оцу варварийн державо, Кавказан ламанан чIагIонаш шен дола яхаре, турпала Польша ере, цхьаьнгтера а дуьхьало йоцуш цо даккхий мехкаш дIалецаре Европан лакхара классаш иэхь доцуш къобалдаре, моттаргIане доглазарца, идиотски биэлла дацаре хьийсаро, белхалойн классана шен декхар

гойту — халкъашна юккъерчу политикан къайленаш кераерзор, шайн правительствийн дипломатически деятельностана тIехь тергам латтор, ткъа оьшуш меттиг хилахь, шайн керахь болчу берриг гIирсашца цунна дуьхьало яр, нагахь санна, и деятельность сацо шайн таро яцахь — иза Iораяккха а, цуьнца цхьаьна, адамаша вовшашна юккъехь лело езачу оьздангаллин, нийсонан чолхе доцу законаш халкъийн юкъаметтигийн лакхара законаш хилийта а цхьаьнакхета дезар.

Иштачу арахьарчу политикехьа къийсам белхалойн класс маршаяккхарехьа юкъарчу къийсаман дакъа ду.

Массо а мехкийн пролетареш, цхьаьнакхета!»

Ялх де дара Карл Маркс Хьалхарчу Интернационалан Ханна устав а, Учредительни манифест а язъеш волу.

Манифестан тIаьхьара могIа язбина, паргIатваьлла хецца садаьIира цо.

Манифест язйина вала гIерташ, делкъе ян а цIа ца вахара Маркс. Кхуззехь чохь бутербродца кофе а мелла, минотана а са ца доIуш, юха а балха тIевуьйлира иза.

Арахь хIуо мел цIемза делахь а, хIор дийнахь кхуза, Интернационалан Генеральни Совет гуллучу, ши гIат долчу хIокху Грин-стрит № 14 цIеношка вогIура иза. Маркс азвеллера кху тIаьхьарчу хенахь. Цкъацкъа юург а, садаIар а дицлора цунна. Тховса а накъосташа цIа а гIой садаIахьара ахь бохуш, дийхира цуьнга. Амма Маркс уьш дIабахча а болх беш висира кхузахь.

Маркс сахьте хьаьжира. Пхиъ даьллера. Бода боьлча хала ду цIа ваха. Маден виллерчу Мейтленд-парк Род ураме. Арахь бодаш, дохк а ду. Ши гIулч генара стаг а ца къаьста. Амма цIагIойла дац. Фридрих ву схьаван везаш. ХIара проект цхьаьний йийцаре ян.

Неl йоьллу хезна дIахьажавелира Маркс. Амма дехий тIемагаш долу фетран шуьйра шляпа а коьртахь, карахь трост йолуш чоьхьаваьлла зоьртала стаг Фридрих вацара.

Стеган шуьйра юьхь ерриге екхаелира Марксах бIаьрг кхетча.

— Маршалла ду хьоьга, хьомсара Карл! — шен доккха ши куьг хьалха а кховдийна, тIевеара иза. — Со вовзац хьуна? — хаьттира цо шен самукъне догу сийна бIаьргаш цунна тIе а доьгIна.

— Бакунин! — хьала а гIаьттина, шиний куьйга схьа а лаьцна, цуьнан куьг Iаьвдира Маркса. — Хьо мича дарцо валийна кху дахкаречу Лондоне?

— Дуьне мадду лелаш схьакхечи-кх.

— ХIан, охьахаал, — корехь лаьттачу горгачу стоьла улло дIаозийра цо иза, пхьарс лаьцна. — Со Iаламат воккхаве сайна хьо могаш-маьрша гарх. Хьуна хилла берриг цатамаш хиира суна, амма гIо дан ницкъ бацара. Охьахаал. Схьадийцал.

— Баркалла хьуна, Карл, баркалла, — кIедачу кресло чу везза охьахиира Бакунин. — Боккъал аьлча, ца моьттура сайна маршо а,

накъостий а гур бу. И ший а ца хилийта шайн ницкъ мел кхочург дира кхаа тирано. Ткъа хьо-м, хьомсара Карл, верриг кIайн ма ву! Мича яхана со даима хьегга Iаьржа месаш, маж а?

Доьзалехь бераш леш а, къелло хьийзош а дукха баланаш Iийшинчу Марксана ца лиира шен сирваларан боккъал бахьанаш хьехон.

— Набахтехь бен гIайгIанаш яц моьтту хьуна, Михаил, — киса-нара схьадаьккхина цигаьркийн гIутакх стол тIе охьадиллира Маркса. — Нийсса аьлча, хIара Европа ша ю дийнна цхьа набахте. ТIаьххьара суна хьо гичахьана ялхийтта шо даьлла. Иза хIумма а кIезиг хан яц. ТIехула тIе, болх а бу логгец. ТIаккха, оцу кхаа хьехархочо дукха хIуманах кхиийна хир ву хьо?

— Ахь хIун дуьйцу! — воьлура Бакунин, шен дуькъачу мекхех куьг а хьоькхуш. — Вовшашка дегабаам ца байта, кер-кера а луш.

Шуьйра юьхь, лекха хьаж, месала маж йолчу, зоьрталчу Бакунинан аьрха амалш хаалора бIаьрг ма-кхийтти. Ткъе уьтталгIачу шерашкахь оьрсийн революционни-демократашна гергавахана иза, шовзткъалгIа шераш долалуш паччахьан, цуьнан правительствон цкъа а машар хир боцу мостагIа хилла дIахIоьттира. Иза цIахь воцуш паччахьан Iедало кхэл йинера дозанал арахьара юхавирзича, берриг бахам, бакъонаш дIа а йохуш, иза Сибрех вахийта. Амма Бакунин кхин Росси схьа ца веара. Германехь революци йолуш Дрезденехь хиллачу гIаттаман куьйгалхойх цхьаъ волчу цунна прусски правительствос цкъа виэн суд йина, юха а велла дIавалларц набахтехь валло сацам бира. Дукха хан ялале цара австрийски императоран керавеллачу цунна цигахь а изза кхэл йира. Австрийски правительствос шен рогIехь Николай I дIавелла иза, цкъа Шлиссельбургски набахтехь валлийна, тIаккха Сибре хьажийра. Кхо шо хьалха цигара ведда Японехула, Америкехула хьаьвзина, Лондоне веанера иза.

ХIетахь Герценан хIусамехь Бакунина жимма хан йоккхуш, иза гойла ца хилира Марксан. Бакунин мел анархистски амалш йолуш велахь а, Марксана хазахийтира тахана шена иза гар. Россех йоккха дегайовхо яра Марксан. Тахана цкъа царизман буйнахь йоллу Росси дуьненаюкъарчу реакцин чIогIа гIортор елахь а, Маркс тешна вара тIейогIучу хенахь дуьненан халкъийн революционни центр цига йоьрзург хиларх. Цундела цигарчу революционерашца хаддаза зIе латтор чIогIа оьшура цунна.

— Цигаьрка узий ахь? — диллина цигаьркийн гIутакх Бакунине дIакховдийра Маркса. — Хьо маца кхаьчча кхуза?

— Масех де хьалха.

— Кхузахь саца ойла-м яц хьан?

— ХIинца цкъа-м яц. Зудчуьнца Итале воьдуш ву со.

— Дукха ханна?

— Хаац. Ойла-м, са а доIуш, цхьана шарахь цигахь Iан ю.

Маркса, лата а йина, сирник кховдийра Бакунине.

— Россехь долу хьал хаьий хьуна? — хаьттира Маркса шен цигаьрка а латийна.

— КIезиг хаьа. Хьан корреспонденташ ма бу цигахь.

— ХIаъ. ГIуллакхаш дика дац хьан декъазчу даймахкахь. Польски гIаттам а хьаьшна хилар суначул дика хаьа хьуна. Кавказан ламанхошца дерг а чекхдаьккхина. Ах миллион черкесаш лоьхкуш Турце, хIордал дехьабоху. Реформина резабоцуш карзахбевлла муьжгий а цIарций, шпицрутенашций, серагашций берта балош бу. Доцца аьлча, оьрсийн царизм шен сатийсамийн лакхенга кхаьчна. Ткъа хьайн деятельность муьлхачу агIор ерзо ойла ю хьан?

Бакунина, боккха баьккхина кIур чу а оьзна, татанца арахийцира.

— Суна хьалха цхьаъ бен некъ бац. Аш кхоьллинчу организацех чIогIа воккхаве со. Цхьа а тайпа дIасахьийзар доцуш, цуьнан могIаре хIуттур ву-кх. Польски гIаттам дIабаьллачул тIаьхьа социалистически боламехь дакъалаца сацам хилла сан.

Маркс лерина Бакунинан хьекъалечу бIаьргаш чу хьаьжира.

— Суний, Энгельсаний чIогIа хазахетар дара хьой, Герценний Интернационала юкъаveъча, — элира цо. — Амма тхуна оцу организацехь бакъболу интернационалисташ беза. Новкъа ду вайн идейни хьежамашна юккъехь яккхий галморзахаллаш хилар.

Цигаьркин юьхьиг чимтосурга чу а таIийна, гоьл тIе ког баькхира Бакунина.

— Тхойша интернационалист вац бохург ду-кх иза?

— Верриг вац. Герцен — вуьззина панславист ву, ткъа хьо а, хьомсара Михаил, цунна дукха гена ца ваьлла.

— Шун агIорхьа мелла а гIулч ма яьккхина ас.

Маркса корта ластийра:

— Гал ву хьо, Бакунин. Ахь славянашка немцошций, венгерашций цхьана барте кхайкхарх, хьох интернационалист ма ца хуьлу. Ахь хьесапе ца оьцу пролетариатан революционни ницкъ а, цуьнан гегемони а. Хьан «ахархойн социализм» дуьххьал-дIа утопи ю. Ткъа ахь кхайкхо славянски федераци кхолларан лозунг бухженца бIаьрзе хилла ца Iаш, зуламе ю.

— ХIунда? — цецвелира Бакунин.

— Славянски федераци кхоллалур ма яц Европан карти тIера Турций, Венгрий, ах Германий дIа ца яьккхича, Цигара схьахедийна мехкаш Россина тIехотта дезаш хуьлу.

— Ой, и идей кхочушхилча ши пайда ма хуьлу: славянаш Iазапех хьалхабахар а, реакционни Австрий, Турций гIелъяр а!

— ТIаьхьалонан ойла ян а йой ахь? — стоьла тIе а таьIаш, хьалха кхевдира Маркс — Славянски федерацин коьрте паччахьан Росси хIуттург хиларан? Цуьнан ницкъ кхин уьттазза стамлург хиларан? Цул тIаьхьа, шайн тIехдиндерг чIагIдархьама, ерриг Европа кога кIелъерзо дезар дара славянийн. Шен долахь бархI

бIе эзар цхьамза болу панславизм динан символ йолчуьра дIа а яьлла, политически программе йирзина тахана. Европана хьалха альтернатив хIоттийна цо я славянашна кIел сацар, я славянин тIелатаран ницкъан центр йолу Росси гуттаренна а йохийна дIаяккхар!

Бакунина, вист ца хуьлуш, схьаэцна цигаьрка латийра.

— Цул сов, хьомсара Бакунин, Россехь хуьлчу цхьадолчу гIуллакхашка бIаьргаш хьаббина хьуьйсу шу.

— Оха, я къаьстина аьлча, асий, Герценний тхайн ницкъ кхочург дина гIевттинчу полякашкахьа гIо доккхуш, царизмо махкал чоьхьа а, арахьа а дIакхоьхьу эхье политика Iорайоккхуш. Суна хетарехь, революцин гIуллакхана кIезиг гIо дац иза.

— Оцу тIехь оха доккха баркалла олу шуна. Европа шайга идиотски хьежна паччахьан Россис польски гIаттам хьашар а, Кавказ дIалацар а, кху тIаьхьарчу шовзткъе итт шарахь хиллачех уггар доккхачу маьIнен ши гIуллакх лору ас.

Бакунина цакхеташ белш хьалатуьйхира:

— Полякех лаьцна-м иштта ала догIура иза, амма Кавказан ламанхой... Иэшарий-те и бодане ламанхой революционни кхетам болчу полякашца цхьана могIара хIитто?

Маркс, шен кIайн цергаш гучу а йохуш, гIадвахана велавелира.

— Хьомсара Бакунин, хьуна хетарехь, революцин дакъалацархой берриг а университетски образованеш йолуш хила беза-кх! Ткъа хьо хьуо-м ма ву беккъачу цхьана оьрсийн ахархойн ницкъаца социализм хIоттораи идейш кхайкхош!

— Ткъа халкъан революционни кхетам?

— Дайшкара охьа помещикийн леш хилла боданехь кхиъначу оьрсийн крепостной ахархойчул лахара хир бу ткъа маьрша кхиъначу Кавказан ламанхойн кхетам?

Бакунин вуьйхира.

— Дерригенна а кийчча жоьпаш ду-кх хьан, Карл.

Маркса, шен велар сацийна, лерина къамел долийра.

— Хьомсара Михаил, шун оьрсийн революционерийн цхьа декъаза амал ю: шайн оьрсийн а, царех тIехдевлича, славянийн а гIуллакхаш бен дош ца хеташ.

— ГIуллакх шен хIусамера дIадоло ма деза. Цул сов, европейски масех махкахь хиллачу революцехь дакъалаьцна ас...

— Реза ву со! Ас даре до, дерриг хьайн дахар революцин гIуллакхана хьажийна, майра, хьуьнаре стаг хьо хиларна. Амма идейни гIалаташ, хьомсара Бакунин, идейни гIалаташ. Ахь хенан йохалла уьш нисдийриг хиларх теша лаьа суна. ХIетте а, вайшиннан къамел Россина тIера доладаларна а, социалистически боламехь дакъалаца хьайн сацам хилла ахь аларна а, къоман гIулакхана тIевоьрзу со. Коммунистийн Iалашо дуьненахь коммунистически юкъаралла кхолларца дерриге халкъашна ирс кхоллар ю. Амма и Iалашо кхочушъярхьама дуьненан халкъаша, уггар хьалха — дуьненан хал-

къийн пролетариато — цхьана а кхетта, реакционни ницкъаш бохийна, аьтта дIабаха беза, цу тIе кхойкху коммунистийн девизо: «Массо мехкийн пролетареш, цхьаьнакхета!» Цундела коммунистийн а, я социалистийн а бакъо яц революционни боламехь халкъаш динций, расашций къесто.

— Ой, и дерриг шен хIусамера дIадоло ма деза...

— Собар, Бакунин, хIинцца оцу тIекхочу со, — сацийра иза Маркса. — Хууш ма-хиллара, Росси кху тIаьхьарчу бIешарахь мехкашдIалецарна тIегIерташ держава ю. Амма 1789 шаро къона ницкъах вуьзна дуьхьалонча кхоьллина цунна. Ас юьйцург европейски революци ю. ХIетахь дуьйна схьа европейски континента тIехь дуьхь-дуьхьал ши ницкъ лаьтта: цхьана агIор Росси а, абсолютизм а, вукху агIор — революци а, демократи а. Оьрсийн царизман толам — революцин а, демократин а иэшам бу. Оьрсийн царизман иэшам — революцин а, демократин а толам бу. Кавказан ламанхойн къийсам бахьана долуш, тIаьхьарчу кхузткъа шарахь цигахь лаххара а кхо бIе эзар салти латто дийзира царизман. Иза доккха гIо дара европейски революцина а, шайн лоллина дуьхьал къийсам латточу оьрсийн ахархошна а. Цундела оьрсийн царизмана дуьхьал баькхина муьлхха а ницкъ декъалбар вайн, революционерийн сийлахь декхар ду.

— Суна хетарехь, хьомсара Карл, тхуна даггара лиъна Польшехь а, Венгрехь а оьрсийн царизман иэшамаш хуьлийла.

— Бакъ ду иза. Амма шуна лаац царизм массанхьа а оьшийла. Масала, тIаьххьара хиллачу оьрсийн-туркойн тIамехь. И тIом шина а агIорхьара агрессивни Iалашонашца бара. ХIетте а суна даггара лиира цигахь Росси оьшийла. Оцу тIамехь тоьллехьара Россин ницкъ я вуьшта аьлча, революцин мостагIчун ницкъ, шозза алсамболура. Цхьадика и ца хилира. Дуьххьал-дIа хIунда ца олу иза, шун мехкан прогрессивни интеллигенцина дукхахдолчу декъана ца тайра оцу тIамехь Россин кхиамаш цахилар. Цигахь хьуьнарш гайтина инарлаш хесто лиънарш а гучубевлира. Доцца аьлча, шайн даймехкан тешаме кIентий ду шу. Шун доглозу шайн крепостни ахархойх. Аш къинхетамза Iорадоху эхье крепостни долалла. Шу орцахдовлу Оттомански имперехь Iазап хьоьгучу славянашна. Шу орцахдевлира гIевттинчу грекашна а. Уьш шайца православни цхьана динехь хиларна а, Россин мостагIчунна, Турцина дуьхьал уьш гIовттарна а. Амма, оьрсийн царизмо кху тIаьхьарчу кхузткъа шарахь Кавказан лаьмнашкахь лелочу варварски гIулакхашка бен доцуш хьуьйсу. Цо бIарздина даймахках даьхна, лахьаделла Турце кхелхачу масех чергазийн къомах доглезна аш дош олу ца хезна суна. ХIунда аьлча, уьш шун цIийх, шуьца цхьана динехь бац. Уьш азиташ, басурманаш бу. ХIан-хIа, хьомсара Бакунин, хьан революционни хьежарш цхьана ца догIу коммунистически идейшца.

Чуваьллачу Энгельса юкъахдаькхира цаьршиннан къамел.

— ОхI! Бакунин а ву кхузахь? Ма дика ду хIара!

Бакунине куьг а ца луш, шен шляпа а, трост вешалкех хьала а оьллина, мукъачу гIанта охьахиира Энгельс.

— Шуьшинна гина ткъа? — хаьттира Маркса.

— ХIаъа. Делкъехь, дагахь доцуш урамехь тIеттIа Iоттавелира тхойша, — элира Энгельса, — ХIун ду ашшима къуьйсург?

— Карл реза вац суна. Суна-м хьовх, оьрсийн революционераша на а. Я Россина а.

Энгельс доттагIчуьнга хьаьжира.

— Суна дага а ца деана иза, — корта ластийра Маркса. — Ас лакхара мах хадабо Россин а, оьрсийн революционерийн а. Шу масеханнен цхьацца идейни хьежаршна со реза цахилар Россина а, берриг оьрсийн революционераша а тIе ма теттал ахь, Михаил. Хьуна бакъдерг хаза лаахь, тIейогIучу ханна европейски революцин ерриг а дегайовхо Россина тIехь ю, ткъа оьрсийн революционерийн турпалчу къийсаман мах хадо хала ду.

Бакунин цецваьлла висира.

— Ой, хIинцца ду-кх, оьрсийн ахархойн ницкъаца Россихь социализм хIотталур яц бохуш, со къарвина!

— Аса-м хIинца а чIагIдо иза. Беккъа цхьана ахархойн ницкъаца революци ялур яц, социализм хIотталур яц. Ахархойн класс хьалха йига кхин ницкъ оьшу. Пролетарий.

— Иза яц Россехь. ХIета тхан къийсам эрна бу.

— Бац. Историн чкъург ю чехка хьалха керчаш!

Цаьршинга ла а доьгIна, къамела юкъавуьйлира Энгельс.

— Хьайн даймахкахь хуьлу хийцамаш гац хьуна, Бакунин, — элира цо. — Хьо цунах къаьстина дуккха а хан ялар хир ду-кх иза. Тахана цкъа-м ахархойн мохк бу Россия. Амма иза капитализман новкъаяьлла. Суна хетарехь, кестта йолчу хенахь, дуьненахь хийцамаш беш уггар мехалчу меттехь хир ю иза. ХIан-хIа, ас юьйцург царизм, крепостной Росси яц. Доцца аьлча, оьрсийн 1789 шо герга ду. Цунна тIаьххье 1793 шо догIур ду. Цуьнан тIаьхье мухха хилахь а, революци ношъелла Россехь. Революцис юкъаозор бу муьжгий а. ТIаккха французийн 1793 шо дицдеш сурт хIуттур ду Россехь. Оцу суьрто юьхь хуьйцур ю ерриг а Европан.

Бакунина корта ластийра.

— Царизман инзаре боккха ницкъ бу, хьомсара Фридрих.

— Юккъехь бахкабелла ницкъ! ХIаъа, хIинццалц шира Росси европейски реакцин тIаьхьалонан эскар дара. Массо революцехь а. Амма цунна дуьхьал керла ницкъ кхоллабелла Европехь. Цуьнца ларор яц царизм. Россехь сийса революцин цIе яйа ницкъ хир бац цуьнан. Иза цхьана-шина шарна тIаьхьа-м тоттург хир ю цо. Оьрсийн революци еккъа цхьана Россехь правительство а хийцина Iийр яц. Французин революци хилчхьана дуьйна схьа, цхьанакхеттачу европейски деспотизман букъасурт хилла лаьттина и инзаре йоккха тIеман держава лаьтта тIера дIайоккхур ю цо. ТIаккха баккхий хийцамаш хир бу Европехь.

— Далла бу хастам! — доккха садаькхира Бакунина. — ТIаккха мукъане а дIаер яра-кх паччахьийн а, крепостникийн а гIуллакхаша Европан жандарм аьлла тхан даймехкан яккхийтина цIе.

— Иза сихдар шух шайх а дозу.

— Юха а тхо бехке! — куьйгаш дIасатесира Бакунина. — Россира къаьмнаш Iазапехь а, боданехь а оха латтадо! Тхан халкъо жоп ца ло правительствон зуламех.

— Халкъаша шайн правительствийн зуламех жоп ло я ца ло бохучух лаьцна эр ду ас, — сацийра иза Энгельса, — ХIинццалц схьа дуьненахь хиллачу а, болчу а правителийн, деспотийн а искусство а, деятельность а цхьана Iалашонна тIе ерзийна ю: халкъашна юккъехь мостагIалла латторца, цхьа халкъ Iазапехь латторехь вукхунах пайдаэцарна, оццу некъашца шайн абсолютни Iедалан оьмар яхъярна. Оцу тIехь къаьсттина а баккхий кхиамаш хилла Германин. Кхин гена ца гIерташ, хIара тIаьххьара а кхузткъе итт шо схьалаьцча цо дина зуламаш, эхье гIуллакхаш а тоьар ду. Англин дешех немцойн ландскнехташ хьовсийра цо шайн бозаш ца хилларехьа къуйсучу къилбседехьарчу американцашна дуьхьал. Французийн революцин хьошуш уггар эхье чаьлтачалла тIелецира. Голландехь, Швейцарехь, Венгрехь гIовттамаш, революцин хьошуш дакъалецира. Греце, Португале а хьовсийра йолахойн гIера. Ткъа Австрис Неаполе, Турине, Романье йина походаш, Германис ца юьтуш, Франсис Испанина дуьхьал бина харцонан тIом. Английски реакцин йолахой болчу дон Мигельна а, дон Карлосна а дина гIо. Германин гIоьнца дакъош деш екъна Бельги. Россин кIоргехь пачхьан гIорториаш, кегийра деспоташ хилла лаьтта немцой. Ерриг Европа тIанкьалла юьзна Кабургаша! [1]

Шен кийрахь Iаьiаш йолу и оьгIазло хиъна Iаьччохь йийца ца елла Энгельс, хьала а гIаьттина, ши куьг букъа тIехьа а диллина, дIасаволавелира.

— Немцойн тIемахойн гIоьнца талош дакъош деш лолле ерзийна Польша, ямартлонца Краков йийна. Немцойн цIийца а, ахчанца а лоллехь латтайо Ломбарди, Венеци а. Германис дакъалоцуш, цуьнан цамзанийн, тангIалкхийн, набахтийн гIоьнца хьоьшу Италехь мел хуьлу маршонехьа болам. Мел дукха ду и зуламаш, къинош а. Цадийцар гIоле хета. Германин гIоьнца немцойн правительствоша кхечу мехкашкахь динчу эхьечу гIуллакхийн бехк доккхачу декъана немцойн халкъана тIехь буьсу. И халкъ бIаьрзе ца хиллехьара, иза ландскнехт хилла «догдикачу» чаьлтачийн гIуллакх кхочушдан кийча ца хиллехьара — уьш дерриг ца хиллехьара, дозанал арахьа «немцо» боху дош уггар боккхачу цабезамца, неIалтаца, жергаллица олуш хир дацара, ткъа Германис долле дерзийна халкъаш тоххаре маьрша кхуьуш хир дара. Лулара халкъашна маршо яларе терра бен ша маьрша хир яц Германи. Цхьана а пачхьалкхана арахьа демократин политика дIаяхьалур яц, нагахь чоьхьа оцу демократин куьйгаш, когаш дихкина делахь. Цундела, хьомсара Михаил, шайн правительствийн зуламечу гIуллакхех шен халкъо жоп ца ло боху стаг чIогIа гIалат ву.

Чохь цхьана минотана тийналла хIоьттира.

— Бакъ лоь хьо, Фред, — элира Маркса и тийналла яхъяла йоьлча, — Адамаллин исторехь бекхам бу лелаш. И бекхам кхуллурш а, кхочушбийраш зуламхоша Iазапехь далло адам ца хуьлу, ткъа царна тIехь и Iазап латточу зуламхоша шаьш шайна кхуллу. Масала, французийн монархина дуьххьар тохар цо Iазапехь баллочу ахархоша ца дира, ткъа оцу монархин гIортар хилла лаьттинчу дворянаша дира. Индехь хийрачу олаллина дуьхьал гIаттам англичанаша талийна, бIарзбина, лечу хьоле баьхначу райяташа ца болийра, ткъа англичанаша тIедухуш, даош, кахьокхуш хьистина, бузийна, барстийна хьерабаьхначу сипайша болийра. Шайн колонишкахь шаьш шайна каш оьхку колонизаторша. Ткъа немцойн халкъах дерг аьлча, шен бIаьрзаллин, шайн къараллин амал бахьана долуш, хийла бекхам такха дезар ду цуьнан.

— ХIун дийр ду ткъа, доттагIий, — куьг кховдийра Бакунина, — Вайх хIоранне а шен-шен кхетам, идейш, принципаш а ю-кх. Цкъацкъа цхьанайогIу уьш, галаморзахаллаш хиланза а йисац. ХIоранна а шен-шениг, Iама а, нисвала а тIаьхьа дац моьтту суна. Ницкъ ма-кхоччу нисвала хьожур ву-кх.

— Тхуна Iаламат хазахетар ду оцу кхачамбацарех хьо цIанлахь, — элира Маркса, шена кховдийна куьг а лоцуш, — Хьо дIавахале кхин ца ган мега вай. Некъ дика хуьлда хьан а, хIусамненан а.

— Баркалла. Доьзалшка маршалла ло.

Бакунин араваьлча, гIайгIане корта ластийра Маркса.

— Миска Бакунин! Тамаша бу-кх кашо бен хьо нисвахь....

[1] Немцойн паччахьийн династи.

III корта ГІАЙГІАНИЙН ІА

Муьлххачу а цхьана халкъан амалх, хьекъалх кхетархьама хаа деза дІанхначу шерашкахь цуьнан дегІан чидамечу меженаша хІун лайна, хІун инзаре бохамаш, эрчонаш ган, баланаш Іийша дезна, стен артдина цуьнан хьекъал, кхетам.

Н. В. Шелгунов.

1

Адамашка цхьа бохам беъча къаьсттий карзахдолу Іалам а. Я царна хиллачу бохаман дакъакхочий дарлой, гІеллой, упІуш хьаьвзи а хаац, я адамаша шен пусар цадарна, хаддаза шена тІехь латточу къизаллина бекхам эца гІотту а хаац.

Иштта деара хІара шо а. Карзахе. Йокъане яра дІаяхана аьхке. Буькъачу бодано хьулдинера гондІара лаьмнаш. Ца гора къилбаседехьара шера аре а. Товно ягийнера догІанах догдиллина ораматаш. Кхарзаделлачу лаьтта тІехула хьийзара довха хІаваъ. Йокъано даржийчу дехкаша орамаш цоьстура маргІалъелла лоьдгаш охкийна лаьттачу можачу хьаьжкІийн. Кхаш тІехула марха а хІоттийна хьийзара къилбехьара схьаоьху цІоз. Цамгаро хІаллакдинера даьхний. ДІа араваьлла хьаьжча урамашца а, некъашца а адам горий ткъа. Атталла жІаьлеш а, тІехволучунна гІалх ала а мало еш, мацалло а, йовхоно а гІелдина Іиндагіашкахь чожош чу а эгна, чохь синош доцуш санна, дІа а деттаделла Іохкура уьш.

Массо са долчу хІумано сатийсара догІане. Амма и ца деара ялташ а, буц а якъаелла, яьгна дІаяьллачул тІаьхьа бен.

Бохамашна аьхкенца къуьйсуш санна, буьрса тІедеара Іа а. Цхьа кІира дара, цкъа дулий, де-буьйса лоций семса ло дуьллуш, тІаккха чехкачу махо иза хІаваэ ойий, лоьллуш, бІаьрг белла меттиг ца буьтуш, дуьне мадду хоьхкуш. Цо дукънера ярташна юккъера некъаш. Цо кІелхьарчийнера коьллийн керташ. Месала, кІайн куйнаш тІеоьхкича санна, лаьтта юьйцинчу кертийн хьокхий, кевнашкара утармаш а. Буьйсанан тийналла йохайора лайн дозаллина кІел «тІаххехь» лелхаш, кеглуш, охьадетталучу диттийн гаьннаша. Лайн саьнгарша дІадукънера юьртара гаттий, гомий урамаш.

Шелоно хьовзийна юрт дІатуьйра маьркІажан бодашца. Яьссил дехьара схьахьаьжча, серло ца гора иттех цІа чохь а.

Амма тховса семо ду Шахьбин кертахь. Арахь шийла дарц хьийза. Цуьнца къуьйсуш йогу, ргІун маьІехь, мох ца кхеттехь, стамминчу гажаршна тІехула пурх биллинчу гІуркхах зІенаца хьалаоьхкинчу яйшна кІелхьара цІе. Хьербаьлча санна кхехка хІоранна чу кхоккха кІудал йоьду цІестан кхо яй. Хьалаайаяла а кхиале махо яржайой тІепаза йойу царна чуьра гІуьтту Іаь. Керчаш, хьийзаш тІекІелдуьйлу дІор дерстина доцчу жижиган кегийра хедийна цуьргаш. Гонах чоп а гулйина хехкало хьожа йогІу бецаш, махо генна дІакхоьхьу гІурман чоме хьожа. Голаш мере а оьзна, вовшашна тІе а таьІна, кІуьро бІаьргаш а Іийжош, цІарна гонах хевшина Іа оцу куьпара бераш. Иэттіачу кетарех а, чоьэх а, цецах санна, чекхбуьйлу шийла мох, кочах чу хьийзадо дарц. Амма бераш цІа ца доьлху. Мовладе баьхкина баккхийнаш хІума йиъна бевлича, царна а кхочур ю скалан юьхк, чорпин кад. И хьал царна ганза дукха хан ю.

ЦІенна гуо туьйсуш лела кхерста жІаьлеш, цицигаш. Тахана бешахь бежанна шаьлта хьаькхначохь сих-сиха вовшийх хьерча уьш.

Кепа тоьхча санна, адам ду хьешан цІа чохь а, сени чохь а. Адам ду йиллинчу неІара тІе гІоьртина а, корашкахь а. ДогІмех чекхбуьйлу бекъа мох. Иза ца сецало беркъачу бедаршка. Шелоно лахийна когаш. ХІетте а, уьш дІа ца бовлу неІарера а, корашкара а. Ткъа чиркх чу а оьзна, ах бодаш хІиттийнчу чуьра тулгІешца бурко еттало. Цуьнца схьаоьху кІон-муьста хьацаран хьожа. Оцу чу гулбелла тховса Гати-Юьртара Кунта-Хьаьжин мурдаш. Къена а, къона а. Масех зуда а.

— Іуьллалахі!

— Іуьллалахі!

Хетало и дерриге адам, уьйриг хилла, керчаш, ткъа и цІа царна гонах хьийзаш санна. ЧІуг хІинцца йолаелла. ХІор керлачу гонехь тІера схьа а йохуш юьстах туьйсу кетарш, чоэш, гІовталш. Хьаж тІехь гучудийлла хьацаран тІадамаш бІаьргаш юккъехула, марош кІелхула меллаша охьаІийдало. Моданечу кучамийн баккъаш тІехь цкъа хьалха пІелг биллал хьоькх хІутту, тІаккха цхьа масех гуо баьхьча ерриге коч хи чу Іоьттича санна тІадайо.

— Іуьллалахі!

Шовкъаца массарех а къеста тховса кхуза веана мичкойн Мада а, билтойн Нуркиша а. Мезал дегІарчу Мадина хала ду чІагарехь хьийза. Хьуьхьвоьлла иза. Лелалац деза дегІ. Амма Нуркиша шек а вац. Векъана, веха, дайн дегІ долу иза хІинца а гена ву кІадвала.

— Я хьайюн!

ЧІагаран гуо юханехьа хьаьвза.

— Іуьллалахі!

Зукаран чІагарехь дакъалаца меттиг боцуш сени чохь а, арахь а, корашкахь а лаьттарш шаьш болччохь дІасатехка.

— Iуьллалахl!

Шовкъ хилла царех цхьаъ кертал арахь готуьйсуш воду. Цунна хаа а ца ло йоьхначу неIармачашца чудеана ло. Семсачу лайлахь кIоргга лар юьтуш уьду иза. Цхьацца шишша хIуттуш цунна тIаьхьа хIуьттуш беха могIа бо бисинчар а. Арабуьйлу сени чуьрниш а. Цхьа масех минот ялале кертал арахь зуькаран йоккха чIуг хуьлу.

— ГIийли Киши!

— Киши-Хьаьжи!

— Орцахвала!

Зуькаро юкъахьо зударий. ГIабалин тIемгаш юкъах хьала а теIош, чIагаран могIаре хIуьтту уьш.

— Iуьллалахl!

— Дазделаш, вежарий!

Цхьана эшшара кхийсалуш нехан идаро дегадо цIеношш. Арахь цIийза иттаннаш когаша хьоьшуш датон гIорийна ло. Цаьрга хьуьйсучу берийн яххьаш тIехь кхерам а, гIорасизалла а го. Ирча ду и сурт. Шело. Дарцан цIизар. Махо етта шок. Бодашкахь, цIеран серлонехь, синкхетамах девлла, маьхьарий детташ, кхийсалуш уьду и тIелхагдаьлла адам. Зударийн узарш.

— Я къайюн!

Чуьрчу а, арарчу а мурдаша цIеххьана сацайо чIуг. Амма цхьа хан йолу кортош метта цадогIуш. Цхьаберш шаьш лаьттачохь техка, кхиссало. ХIораммо а ша шена зуькар до. Амма хIинца яц юьхьанцарлера гIовгIа. Йишхаьлла, кIадбелла, хIиттина. Кхекхийн месала куйнаш кIелхьара беснешна, мажошна тIехула, хи санна, охьаIийдало модане хьацар. ЦIен а, мокха а, кIайн а беснаш. БIаьргаш, бIаьргаш. ОьгIазе, пхенийн хьесий цIийх дуьзна, къаьрзина схьалелха дохкурш а. Дехаре стигла хьовсийна, къера хилла севца, делча саннарш а. КIадделла, хIиттина, бIарнегIарш тIе а оьзна.

Зуькар ма-сецчинехь юург хьалхайилла йолийра. Яккхий кхийра кхабанаш керахь яйшна тIе веара масех жимстаг. Яйшна тIехьийзачу йоккхастага боккхачу дечиган чадица схьаоьцучу гIурмех юзура кхабанаш. Уьш йохъялале бохуш, чехкка чу уьдура кегийраш. ЦIа чуьра схьа юкъ-юкъа маьхьарий хезара:

— Янаркъа, кхуза шун хIоттаде!

— Ахьмад, Iайгаш луо!

— Кхуза сискал йилла!

Юучунна шолгIачу рогIаца нисвелира МIаьчиг. Дукха хан яра цо оцу миноте сатуьйсу. Далла духъхьара а ма хезийла иза, ша чIагарехь волуш цуьнан ойла далла а, устазана а генахь, ткъа арахь кхехкачу яйшна тIехула хьийзара. Бакъийначу кхорийн цу а биъна цIера араваьллачу цуьнан дог мустаделла керчара. Ламаза тIехь суждане а вахана, хьалатаьIча бIаьргаш дуьхал бода хIуьттура. ЧIуг жимма а яхъеллехь, ницкъ а эшна, билггал охьавужур вара иза.

Амма цунна ницкъ лора гай юзо кестта шен аьтто хир буйла хааро.

Къеначарний, къоначарний юккъера болу МIаьчигъгIар. Бакхий нах чохь болчу, кечдинчу цIа чу а ца буьгуш, цхьа сов-ков сал-пал чохь Iалашъечу, тишчу доккхачу, шийлачу цIа чу бигира.

Накъосташна хьалха чуваьллачу МIаьчига, цIенкъа юккъехь а сецна, чухула бIаьрг туьйхира.

Цо ма-лоьхху бодане чоь яра хIара. Терхи тIе хIоттийначу, махо хьийзош, кIур туьйсуш богучу хьакхаран чиркхо шена гондахьа гIийла серло еттара. Цхьа хан яллалц боданах бIаьргаш доллалц са ца гора чохь. ТIе охьаховша цIенкъа ехканчу дечгашна тIехула а вуьйлуш, вахана бодечу соне охьахиира иза. Дукха хан ялале цариа хьалха диллира юккъе хIоттийна гIурмих дуьзна бога а долуш, сискалан юьхкийх дуьзна доккха, горга дечиган текх. ГIурми чуьра схьакъедара жижган цуьргаш, хьожайогIу бецаш.

Мацалла йоьхьаш уьйриг хилла хьерчаш хетахь а, иза тIе ца кховдара юучунна. Вокх-воккхачо хьалха дIа ца эцча, хьалха а иккхина яа волавалар гIиллакхе дацара. ТIехула тIе, нахана дагадогIур дара, хIара-м мацалла леш воллуш хилла аьлла. Цуьнан бIаьргаш ткъесах кхерстара шена хьалха Iуьллучу шуьйна а, цунна голаьцначу нахана а тIехула. Эххар а, царалахь воккхачо — ГIойтамара сискалан юьхка тIе куьг даьхьира.

— Же, дIаэцал, кIентий. Бисмиллахlи-рохьманир-рохьийм!

Шен ма-хуьллу сих ца вала гIерташ, сискалан юьхк, тIаккха дечиган Iайг схьа а эцна, тIехула яьгна якъаеллачу сискалх оьккхуьйтуш цергашца йист а яьккхина, иза Iовша а ца Iовшуш, тIе чорпа мелира МIаьчига. Шен мацваларе ладоьгIча цунна моьттура и сискал шега дийнна дIакхаллалур ю. Амма хIинца къурдаш дарх а, къамкъаргах чоьхьа ца йолуш, багахь еха керчийра цо дуьххьара Iаьвшинарг. БIаьргашна хьалхара дIа ца довлура цIахь кхорийн цу а биъна охьадийшина бераш. Мокха яххьаш, тIехь кхозучу тIелхагашна юккъехула схьакъеда пIендарш, пханарш. ЧIораш санна, юткъий настарш, пхьаьрсаш...

Шеца шуьнехь болчу накъосташка-хьаьжира МIаьчиг. Уьш юуш бара, амма церан бIаьргаш чохь а гора изза гIайгIа. Хьанна хаьа, церан доьзалш йиъна бийшина хила а мега. Цкъа ойла хилира МIаьчиган цхьа-ши юьхк къайллах чета таIо. Цхьанна гахь хIун дан деза? Ца гойла-х дац. ТIаккха-м эхь ма ду кийчча. Мовладе вахча сискалан юьхкаш лечкъайо бохуш, вуьйцур ву. Амма, бераш иштта дуьтийла-м яц. Мовлад доьшуш юккъе диллинчу бепигах даьккхина шена делла цастар-м дитинера цо царна. Амма иза цхьанна логах хьаккхал дац. Ткъа кхуьнан цIахь уьш ялх ду...

МIаьчигна хIинца а шена гуш хетара ша цIера араволуш гIийла тIаьхьа хьийсина берийн кхоьлина бIаьргаш. «Ахь-м юур яра, ткъа тхо?» — хоьттура цара.

«Текхахь йиснарг, тІаьхьа а сецна, дІалачкъор ас» — сапаргІатвелира МІаьчиг.

Амма текх дассалора, чу нуй хьоькхуш санна. Чуьра жижиган цуьргаш кхачийна йисинчу чорпи чухула дуьхь-дуьхьал Іайгаш хьоькхура накъосташа. Ткъа МІаьчиган къамкъаргал чоьхьа хІинца а цуьрг ца даьллера.

«ТІейохьург хир ю цара...»

— Хьо ма ледара веттало, МІаьчиг? — эккхийтира ГІойтамара, цуьнга а хьаьжна. — Вай йиъначух Шахъбин хьал кхачалур дац. ХІей, мила вара хьо, Янаркъа! Кхузе сискал а, гІурма а дал.

Ший тІам лаьцна, кхаба а айбина цхьанхьа-м хьаьдда воьдучу Янаркъас, тІе а веана, кхарна хьалхара боІа, дуккха а жижиг дуьллуш, гІурмех дуьзира. ТІаккха цІехьана яа вуьйлира МІаьчиг. Йоккха йоккхий сискал цкъа-шозза Іовшуш, тІе чорпа а молий, гай чу оьхуьйтура. Сихбелла дІасалелара логан ира шед. Юха а ши сискал а, цхьа кхаба гІурма а деара Янаркъас. ХІинца шеко яцара юург царех юьсург хиларан. Амма МІаьчиган сапаргІат ца делира накъостий «алхьамдулиллахІ, дала ма иэшадойла хьо бусалбанна а, керастанна а» — аьлла, шуьна тІера дІахиллалц. ТІаккха текхахь йисина сискалан кхо юьхк цхьацца юллуш къайллах чета йоьллира цо. Царна тІаьххье яхара жижиган масех цуьрг а. Цара накха багабора МІаьчиган. Амма цо садеттара. Сатухур дара, цІийделлачу эчиго санна, накха чахчош хилча а. ХІинца-м майрра цІа гІойла дара цуьнан. Чехкка чекхдалахьара хІара мовлад!

Яханчу гурахь дуьйна схьа корта тентакбаьлла МІаьчиган. Цкъацкъа моттало цунна ша хьераволуш воллу. ХІор делан догІучу дийнахь керл-керла хабарш хеза. Цхьаъ вукхул а ирча. Цхьаболчар дуьйцу, бІаьста яьлча Іедало нахера герз дІаоьцу, боьрша нах салт бохур бу; цигахь царна хьакха яор ю, уьш керстдине берзор бу бохуш. Вукхар дуьйцу, нохчий берриш Сибрех а бахийтина, церан мохк оьрсашна дІалур бу бохуш. Ой, Сибрех бахийтича царех хиндерг хьалххе дуьйна гуш ма ду. Махкалло, мацалло, шелоно, мозий санна хІаллакбийр бу-кх. Шайн ненан мотт а, лаьмнийн гІиллакхаш а дицделла, керстанаш хилла дІахІуьттур ду бераш...

И дуьйцург мил-милла а ма вац. Иза-х цІарна а цІеяханчу Сайдуллас дуьйцу. Шеца цхьана Хонкара кхалха бохуш, нахе кхойкху иза. Цуьнца цига кхелхаш ву хІирин эла Алхазан Муса а, Цугин Іелаха а. Шайца цхьана шайн йиша-ваша а дуьгу, кхузахь царех керстанаш ца хилийта. Цаьрга хьакха ца яийта, маларш ца мийлийта. Зударех, тІехь шарбалаш йоцу кхахьпанаш ца хилийта.

Цхьанхьа вахана юьртахо цІа вирзича я эвла кхечухьара хьаша веъча гІайгІа хуьлу МІаьчигна. ХІун хезна-те цунна, хІун шийла кхаъ беана-те цо? Наха тоххар догдиллина дикачух.

2

Мовлад чекхдаьллачул тІаьхьа, хІума а йиъна, цІа бахана дикка нах. Бухахь севццарш берриге а Кунта-Хьаьжин мурдаш бара. Тховса кхузе веана Киши-Хьаьжин уггар гергарчу векалех цхьаъ волу Мада. Тховса кхузахь ву хабарна говзалла Нохчмахкахь цІеяхана молла, билтойн Нуркиша а. Лаа ма ца баьхкина уьш.

ХІума йиъна, каяьлларг лачкъийна паргІатваьлла МІаьчиг бакхий нах чохь болчу цІийнан неІаре гІоьртира. Буьхьар хІоьттина, пхенаш тІедийлла шен дуткъа, деха лаг а дахдина, неІаре гІоьртинчу нехан кортошна тІехула чу хьаьжира иза. Баьрччехь Іара ши хьаша. Кхалкъе беснеш, гІина диллина цІен маж-мекх долуш стоммачу дегІара Мада, меллаша суьлхьанаш хьийзош, цІенкъа ши бІаьрг боьгІна Іа. Цунна куьг аьрру агІор Шахьби, аьтту агІор Нуркиша. Шен мукъамечу, лохачу озаца нахе цхьаъ-м дуьйцу Нуркишас. Цуьнан аз цкъацкъа лахлой шабаре долура, тІаккха кІезкІезиг, кхерамаш туьйсуш къекъара. Цкъацкъа цуьнан бІаьргаш чохь доза доцуш йоккха гІайгІа гора МІаьчигна, тІаккха оьгІазе суйнаш туьйсуш, ладоьгІуш севццачу нехан яххьашна тІехула ткъесах кхерстара...

— Ма мотталаш, кху юькъачу хьаннаша, лаьмнийн чІажаша шаьш деха лечкъор ду. Хьаннаш дагарца хьокхуш, цІарца ягош, чІанабоккхуш бу мохк. Вайн мехкан массо маьІе бІаьн некъаш дохку, массо маьІехь гІаьпнаш йоьгІу. Салташа сийсо хІара мохк зингатийн туьйлигах тарбелла. Ярташ арен тІе лоьхку, юккъехула вайн мохк ирх а, пурх а боькъуш, гІалгІазкхийн ярташ ехкина. Цига баха ховшийнчу гІалгІазкхашкахь герз дуьту, доццунна ло, ткъа вайгара дІадоккху. Оцу харцонна дуьхьло йинарг тухий воь я вуха ца вогІучу сийначу Сибрех хьажаво.

Дукъа, къоьжачу цІоцкъамашна бухарчу цуьнан сийначу бІаьргаш чохь доза доцуш йоккха гІайгІа гора МІаьчигна. Чохь тап аьлла тийна дара.

— ХІара де шайна тІехІоьттича чергазойн а, эдагойн а къаьмнаш шайн доьзалшца лахьабелла Хонкара кхелхана. Вай ца дира иза. Вай тийшира вешан ницкъах, вешан майраллех, вешан мехкан чІогІаллех. Вайн ницкъ эшна, мохк талийна. Ма мотталаш, хІинца шаьш тІехь долу хІара екха мохк шайгахь буьсур бу! ХІан-хІа, сан муъма вежарий, иза бакъ дац, шуна моттахь а. Лаьцца вайн устаз Киши-Хьаьжа. Лецна делан бакъ дин ларда хІиттийна вайн динан тхьамданаш а. БІаьста яьлча вайнах берриге Сибрех дІа а кхалхийна, вайн махка тІе керстанаш ховшо ойла ю Іедалан. Цара сийсаздийр ду вайн дайн кешнаш. Ткъа Сибрех кхалхийначу вайн бераш ца дерзахь а, берийн бераш керста дине доьрзур ду. Бицлур бу вайн къоман мотт... Дицлур ду вайн гІиллакхаш. ЦІе йоцуш дуьненара дІадовр ду вайн къам. ХІинца вайна хьалха ши некъ лаьтта:

я керстанах летта гIазотехь далар, я царна муьтIахь хилла кIел а севцца, жаIарна корта тохар...

Масийттамма ца йогIу йовхарш туьйхира, ткъа МIаьчигна тIехьа лаьттачу зударшлахь къорра белхар иккхира.

— Ткъа хIун дан деза вай, Нуркиша? — моттаргIане вагийна хаттар дира царна дуьхьал вирзина хиъна Iачу Товсолтас. — Герз кералаца ницкъ берг-м, воккха а, жима а, стен а, боьрша а летта лийр вара. ТIаккха а вайл тIаьхьа кегийн бераш ма дуьсу, къенаниш ма буьсу. Доладан дай боцуш бисина уьш сийсазбийр бу-кх керстано?

— Зударий, бераш а вешан куьйга дайа а дайана, летта лийр ду-кх вай! — эккхийтира цхьаммо. — И дан реза ву со, махках ца вала!

— Адам вовшахтоьхна, коьрте хIитта тхьамданаш беза, ткъа тахана вай корта боцуш ду! Цхьаберш байана, цхьаберш Сибрех хьовсийна, биснарш Iедалехьа бевлла!

Хоттург хаьттина а, ала луург аьлла а валлалц, ши бIаьрг хьаббина, ладоьгIуш Iийначу Нуркишас, уьш дIатийча юха а къамел долийра.

— ХIун гIуллакх ду эрна хIаллакьхила? — дуькъа, сира шийцIоцкъам лекхачу хьаьж тIе хьала а тесна, нахе хьаьжира иза. — Ша кхоьллинчун са ма даккха боху дала хьайн ницкъ кхочуш. Луучарна кIелхьардовла кхоалгIа некъ бу. Кху харц дуьненара хьо дIакхелхинчу дийнахь, готтачу лахьти чохь хьо цхьа висинчу дийнахь, хьоьга бартхатта догIур ду делан ши малик Мункир, Некир. Царшиммо хьоьга хоттур ду, я Iабдуллах I ибн Адам, хIай делан лай, Адаман бер, хьайн махкахь дийналислам хьийзочу дийнахь хьо мичхьа вара? Нагахь ахь, оцу дийнахь хьуо хьайн махкахь вара, амма хьайн ницкъ, бацара керстанца къийса аьлла жоп лахь, цаьршиммо юха а хьоьга хоттур ду: Я Iабдуллах I ибн Адам, хIай делан лай, Адаман бер, и де хьайна тIехIоьттича, керстанал тола хьайн ницкъ ца тоьъча, делера салават салам хиларг, хьайн пайхамар Мохьмад санна, и хьайн мохк битина, дийналисламана маршо йолчче, кхечу махка дIа хIунда ца вахара хьо аьлла. Дуьненан Iалам кхоьллинчу, лекха хинволчу вайн дала боху, шен пайхамар Мохьмад санна, динан дуьхьа махках ваьлларг кханалерчу эхартан дийнахь шена дуьхьал декъала вогIур ву, цигахь даржана лакхахь хир ву. Ва амма, хьалий-охьий, цхьана дийнахь пусар доцуш шех буьсуболчу шен махках ца валавелла, керстанна кIел сецначунна ша хьукма а дийр ду-кх...

ХIетталц вист ца хуьлуш, суьлхьанаш хьийзош Iийначу Мадас, керахь гулдина суьлхьанаш хьарчийна гIовталан кисана а тийсина, доцца доIа дина, ши куьг юьхьах а хьаькхна, яйн йовхарш тоьхна, йиш тайира.

— Тахана вайн махка хIоьттина, кхузахь керстанан Iедал мел ду дIа хинйолчу мацаллех а, иза дIайолуш а кочара бер боцчу кер-

станан балех а хьалхавала луучунна кхозлагIа некъ бу шуна, — элира цо, шен мекара бIаьргаш нехан яххьаш тIехула а кхарстош. — Дала тхуна, Iеламанахана, тIедиллина декхар ду тхайна хуург шуьга дIакхайкхор. И ца дича, кханалерчу дийнахь дала тхоьга жоп доьхур ду, тхайна тIедиллина декхар оха кхочуш ца дарх. Цундела вайна тIехIоьттинчу кху халчу киртикехь тхаьш ала хьакъдерг дIаолу оха. И кхозлагIа некъ — дийналислам маьрша долчу, бусалба паччахь волчу, Хонкара махка дIакхалхар бу. Вола бохуш, цхьанне ницкъ бийр бац, цига кхалхар цхьанне тIе а дожор дац. Амма тхо цхьадерш цига кхелхаш ду. Шуна ма-хаъара, шайн доьзалшца цига кхелхаш бу ГихтIара Iуспанан Сайдулла а, аьрстхойн Цугин Iелаха а, шуна буьйцу хезна ГIойл дехьара Боташ, Жанар-Iели, Хьаьдаз, кхин дуккха а. Нохчийчохь цIарна а цIеяхана нах бу уьш. Мацалла гIаддайна а, Iедало бIарзбина а ца боьлху уьш цига. Дуьххьал-дIа кхана шайх хиндерг, шайн вежарех, къомах хиндерг гуш боьлху. Цига кхелхаш ву шуна Киши-Хьаьжин ваша Мовса а. Делан лаамца керста Iедало цига дIавуьгуш ву вайн устаз Киши-Хьаьжи, цунна тIаьххье лецна махках баьхна вайн берриг динадай а. Цига дIавоьдуш ву устаза шел тIаьхьа верас витина Салам а, МIаьчиг а. Цига воьдуш ву шуна атагIойн Вара а. Цига дIавоьдуш ву шуна со а, хIара Нуркиша а, Зандакъара БIагIало дIакхелха цига. Дерриг шайн тайпанца дIабоьлхурш а бу.

Нуркишас а, Мадас а дуьйцург хIумма а керла дацара гатиюьртахошна. Дукха хан яра и хабарш кхуза Iийдалу. Яьссица хьаюьртахошна. Дукха хан яра и хабарш кхуза Iийдалу. Яьссица хьаала а, лакхара охьа а, дукъал тIехьара схьа а. Амма бакъ ца моьттура. Эладита а хилла дисарга догдохура. Ткъа тховса церан лергашна хезнарг бакъ ца хуьлийла дац. ХIара шиъ лула юьрта яхана, я цигара хьошалгIа еана ши зуда ма яц. Далла кIел а хиъна харц дерг дийца йиш йоцуш Iелам ши стаг ву. Амма кху Iаьнан дийнахь лулахойн чу сакъера ваха а, тIе духа барзакъ а доцу стаг, дIога дуьненан йисте, ца бевзачу, хийрачу махка кхелхина муха гIур ву?

— Шу-м шайн теттана таронаш йолуш нах дара, Мада. Шу-м дахча гIур дара цига, ткъа тхо, къечара хIун дан деза? — аладелира МIаьчиге, ша муха олу а ца хууш. — Тховса хьаккхо рицкъа а доцуш, меца-мела доьзалш охьа а бийшина Iечу. ТIеюха а, кога юха а яц. Дохка даьхний дац. Тхо муха гIур ду цига?

— ДIакхаьчча, цигахь а хIун хир ду тхох? — тIетуьйхира уллохь лаьттачу ИбрахIима.

Жоп дала кечвелла Iачу Мадина хьалхаиккхира Шахьби.

— ЦIахь Iийр ду-кх, цIахь! Яа шортта хьакхарчий хир ю шуна. Зударшна, йоIаршна шарбалш еш къахьега а дезар дац. Эцца, салташца хьатIари а беш дIалелар бу! КIентий салтбохур бу. ЦIахь Iе шу, цIахь!

Шахьбин шогачу дешнаша догдатIийначу МIаьчиган и човхо ойла хилира. Амма ша цуьнан хIусамехь а, хIинцца цуьнан шуьна

тIера гIаьттина а хилар дага а деана, сацавелира. Четарчу сискалан юьхкаший, жижиган цуьргаший хаийтира, тховса МIаьчиг цуьнца гIиллакхе хила везар.

— Оха хоьттург-м хазахета даций, Шахьби, шуьгара хьехар оьшуш хоьтту, — бехк баькхира цо.

— Нийса хоьтту, нийса, — шозза-кхузза корта таIийра Мадас. — Шаьш цакхетарг хатта аш. Хаьа, аьтто боцчарна хало хир ду. Амма кхин цхьаъ ду. Мухха а цига дIакхачавелларг ша махках валарх дохковер воцийла-м хаьа суна. Хонкара паччахьо ша волчу дIабоьху шен динан вежарий. ХIара кехат ду цуьнгара.

Мадас гIовталан хьалхарчу доккхачу киснара схьадаьккхина деалха тоьхна кехат шена уллорчу Шахьбига кховдийра.

Шахьби цуьрриг цец ца велира оцу кехатах. Схьахетарехь, цунна хьалха гина, цо дешна дара иза. Шена уллохь хиъна Iачу Зуре делира цо иза, тIехула бIаьрг тоьхна. Цхьа элп ца хуучу Зурас, иза Iаьрба йозанца яздина дуйла хиъча, бисмалла а аьлла, шена уллорчуьнга дIакховдийра. Кехат, кер-кера доьдуш чухула го а баькккхина, юха а Мадин гIовталан кисана дахара.

— ХIокху кехатца, Хонкаран паччахьо Iабдул-Межеда шен махка дIадоьху вай, — элира цо шен цIечу можах куьг а хьаькхна. — Вешан доьзалшца, цатору йийбар а эций, дIадуьйла боху. Мохк къастийна, хIор доьзална шен-шена цIенош дойтуш ву ша боху. Вайна хIусамаш кечъеш гIо деш бу цигара вайн муъма вежарий — туркой. БIаьста ма-йоллура новкъа довла боху. Цкъачунна дуучу ялтин а, дуьйчу хIунан а гIайгIа ма хила боху. И дерриге а маьхза лур ду, вай когаирахIитталц гIо дийр ду ша боху. Хаза разадоллуш шу даха ховшшалц Iедало шуьга цхьа а тайпа текхамаш бойтур бац, боху. Шун даймохк шун бац, иза гаурша шуьгара дIабаькккхина. Шу Сибрех дигна даржор ду, керста дине дирзина, шун къам довр ду боху. Шу, шен махка дагIахь, дерриге а цхьаьна гулахь даха ховшор ду, тIаккха шун аьтто хир бу шайн къам а, гIиллакхаш а, дин а Iалашда. Шен тIома кIел мел ду дуьненан цхьана а паччахьера кхерам хир бац шуна боху...

— Кехат кехат ма ду, Мада, — вистхилира юха а ИбрахIим. — Цунах тешна цига вахар ма ду доккха хIума. ТIехула тIе, стохка цига кхелхана эдагий, берриг бохург санна, мацаллой, уьной хIаллакбина бохуш а дуьйцу. Иза ма хилахьара вайнахах а.

— Эдагошца дерг ша ду, — иза юкъахваькккхира Нуркишас. — Цкъа-делахь, уьш, оьрсийн эскарша лаьхккина хIорда йисте а бигна, цхьа а тайпа низам а, я дIогахь бухахь бина кечам а боцуш, аттала, шайн сал-пал схьаэца а ца кхиош, бахана цига. Сила долу адам дан а деана шен махка схьадоьссича, уьш дIатарбан а, церан доладан а ца кхиавелла Хонкаран паччахь. Вайниг ша ду. ДIаяханчу аьхка Уьстамала а вахана, цигахь Хонкаран паччахьца вайн гIуллакх дийцина цIа веана хIирийн Муса. Iабдул-Межеда шен

кехата тIехь ма-яздарра, цигахь вай тIеэца кечам беш бу цигара вайн бусалба вежарий.

— Цул сов, Сайдуллас дийцарехь, цхьа таронаш йоцчарна некъана харжана аьлла. Хонкаран паччахьо гIоьнна данйтина ахча а ду боху. Оьрсийн Iедало гIо даре догдохуьйла а ю.

ЦIа чохь гIовгIанаш евлира.

— Бертиг яьстина чухьаьжча хуур ду-кх аьлла боху мацахлерчо а.

— Дахана дIакхаьчча хуур дара-кх!

— Делахьа ма хала дара-кх, оцу хабарийх тешна, со махках валийта.

МIаьчиг, вист ца хуьлуш, хIоьттина лаьттара. ХIинца иза ца гIертара хьеший ган. Цо дахдина лаг, меттадеана ца Iаш, белшашна юккъе охьа чутоьхча санна, хебба дацделлера. Малъелла, егайора настарш а. Ма боккха болх бу-кх кхузахь хIара къаьхьа баланаш Iийшар. Амма муха вер ву винчу юьртах, махках а.

МIаьчигана ца хезара мурдаша долийна керла зуькар. Ца хиира ша араволуш а.

Ойланаша дIалаьцна иза меттавалийра, кертал араваьлча цуьнан юьхьах а хьаьрчаш, кочах чу хьаьддачу лайн шийлачу дарцо...

IV корта ХЬЕШИЙ

Цкъацкъа аьтто хуьлу халкъ Iехо, амма цхьана ханна; тIаккха — халкъан цхьа дакъа дехха Iехо; амма массо а хенахь халкъ Iехалац.

А. Линкольн.

1

Курински гIопе дечиг кхехьа яхийтина кхо салаз дукъаца боьдучу новкъа меллаша хьалагIертара.

Хьалхарчу буса диллинчу лайно хIиттийна саьнгарш йохош, махо датийна ло гай кIел хIуьттуш, хьуьхьдоьлла хьалха гIертара стерчий. Хеталора, церан маройх туьйсучу Iаьнаро, новкъара ло дашийна, татолашка дерзор долуш санна. Шийла яра дукъаца. Стерчийн вортанех а, накхойх а дуьйлу хьацар, оцу минотехь ша а бой, чоьш тIе кIац лоций, дIадовра.

Лайлахь некъ буьллуш гуттар хьалха баха шина старана халахуьлу дела, салазаш рогIана хьалха а йохуш богIура уьш. Некъ дукъах охьа, Гати-Юьртехьа чу хьаьвзича, аьтто хилира хьайбанашна.

Цхьанаметта кхаа дийнахь Iийра IелагIар цигахь дечиг кхоьхьуш. Шен, Чорин цхьацца сту а боьжна ваханера иза, Бена некъ баккха ца вахархьама. Долахь сту-ворда ерг мукъавоккхура некъаш тIехь болх бечуьра. Кешанера хьала Бена а, Майртуьпара дIа ГIоьрдала а керла некъаш дохуьйтуш дара Iедал кху Iай. Инзаре хала болх бара иза. ГIорийна жагIане латта. ЗIокберг тоьхча суйнаш туьйсуш. ДуьххьалдIа латта ахкар бен кхин болх бацахьара а дацара хала. Цкъа хьалха тIера хьун хьаькхна, юьстах а яькхина, яго дезара. Кхаанан а мара ца тарлуш, стигла мархашка хьалаихна къена пепнаш. ТIеюха йоцу йовха бедар, и екъа шело. Цигахь когаш а бахьийна, цIа веанера Гати-Юьртара ялх стаг. Царех цхьаъ миска Васал вара.

Эвла кхаьчча гаттийчу, гомечу урамашкахула дIасаекъаелира салазаш. Шаьш цIадерзарх башха воккхавеш а вацара кхо стаг. Кхана Iуьйрре ваькхина кхечухьа хьажо тарлора. Керла юьртда ХортIа шен къизаллица Iосел тIехваьллера. Мел къиза велахь а, Iоса майра стаг вара. Хьаькмашка бийца мотт а карабора цунна, цаьрга ша ларийта а хаьара. Ткъа шен цIоканах а, хьолах а вогу

сутара кIилло ХортIа Iедална хьалха дикачу цIарла хила гIерташ чуьраваьлла хьийзара. Хьаькимаша ша хастош дош эр дуьйла хиъча, и ерриг Гати-Юрт яго реза хир вара иза.

Стерчийн юьхь а лаьцна Iела кетIарчу зIарах чоьхьаваьлча, едда цунна тIеэара Айза. Зудчун екхаелла юьхь а, йоккхаеш догу бIаьргаш а гича цецвелира майра.

— Кхоана хIун ло ахьI — мохь беттара цо геннара дуьйна.

— ХIун хилла?

— Ахь кхаъ ца биллахь, дуьйцур дац!

Цхьа бIаьрнегIар тухучу юкъана Iелин коьртехь масех хаттар а, царна жоьпаш а хIиттира. Ванах, хIун ду-те хIара ощул йоккхае хилларг? Сан белларш денлойла а дац, суна тIедан кхин йиша-ваша сан а дац. Аьрзус зуда ялийна-те? Хьехош хIума-м ма дацара. Атто старгIа я кхело бекъа йина ала меттиг а бац. ХIун ду-те хилларг? Сийсара дуьйна меран буьхьиг кIамлуш-м вара-кхи со. Цхьа хазахетар ца хуьлу-те?

— Алий ялахьа, токхи[1], хIун ду хилларг?

— Эр дац, ахь кхаъ ца биллахь!

— Ас хIун лур ю хьуна? Со верриге а хьан ву-кх. Кхин хьуна дала со да волуш хIума дац-кх сан.

Майрачун керара дуьхьлоцу схьа а лаьцна, шен эсала Iаьржа ши бIаьрг лахара хьала Iелина тIе а боьгIна, ховха балдаш халла хаалуш дегош хьалха кховдийра цо.

— Иза-м хиндерг дарийца! — зудчун балдаш тIе байн пIелг таIийра Iелас.

— Вайга хьаша веана! — бер санна кхоссаелира Айза.

Iелин хIинцца бен тидам ца хилира кертал арарчу цхьана говран салазан а, ргIу кIел хьаьвдех тесна, хIоъ бууш лаьттачу ерстинчу йоккхачу кхелан а.

— Мила ву иза?

— Тидал!

Иза мила ву хьажа сагатделла Iела, стерчий Айзехь а дитина, чухьаьдира. Амма цIа чохь цхьа а вацара. Хьаъа винехь а, цхьаммо вина дечган жима пелхьо а ловзош, товхана хьалха хиъна Iан Iумар, шен ловзарехьа ваьлла, схьа а ца хьаьжира дега. Аганахь ховха наб еш Iуьллура Iусман. Амма цIа тахана ма-хуьллу чIогIа кечдинера Айзас. Баьрччерчу поппаран маьнги тIе даржийна дара, хийра хьаша веъча бен схьа ца оьцу Айзин цхьаъ бен доцу къорза истанг. Товхана оьллинчу цIестан яй чохь кIежтуьйсуш кхехкара котамаш. Иштта чомехь кхача сих-сиха ца хуьлура IелагIеран хIусамехь. ЦIа чохь томкийн кIуьран хьожа йогIура. Хьаша ара-дIасаваьлла хир ву-кх аьлла дагадеана, вухахьаьвзаш воллучу Iелин цхьаммо, тIехьашха куьйгашца бIаьргаш дIа а къовлуш, хорта лецира.

[1] Кхетам кIезиг болчунах олу иштта.

Iелас меллаша куьйгаш хьаькхира шен бIаьргашна тIерачу куьйгех. Даккхий, айраш санна, декъа дара уьш. Лакхо кхевдича керадаьхкира стаммий нуьцкъала пхьаьрсаш. Коьрте кховдийна куьг юькъачу, морсачу, можа юкъа дахара. Цхьацца нан йоккхуш шен генарчу доттагIийн цIераш ехира Iелас. Амма тIехьа лаьттарг вист ца хуьлура.

— Суна вовзац хьо, ас къуртI олу, — элира хIусамдас гIаддайна.

Стага бIаьргаш дIа а хецна, шегахьа а верзийна, къевллина маравоьллира иза.

— Де дика хуьлда хьан, хьомсара доттагI! — хезара бIаьргаш чуьра бода дIабалазчу Iелина оьрсийн маттахь.

— Андри!

ХIинца цо иза къийлара шен мара.

— ЭхI, Iела, Iела! — шен морса маж Iелин бесни тIе теIайора Андрейс. — Дийна-м хиллений хьо! Кхо шо дара-кх суна хьан хабар хазанза. Кху агIор цхьа хьовр-зIовр хилла аьлла хезча, дийна висин-те, махках ваккханза висин-те иза олий, масане ойла йора ас. Кхин суна гучу ца волуш Iевеллий хьо!

— Къен стаг а, велларг а цхьаъ ву, Андри, — бохура Iелас шена тIера схьаяьккхина гIорийна кетар, неIарехь пенах боллучу дечган стоммачу хьастамах хьала а уллуш. — Къелло стаг доттагIийх а, безачех а хадаво. Иза мел майра, хьуьнаре, хьекъале велахь а, ши кепек мах бац цуьнан кху заманахь. Охьахаахьа, Андри. ОхI, ма дика ду-кх хьо веана.

— Хьал — Iаь Iаш а, цхьана дийнахь хьаьвзий тIепаза йовш а хIума ю, Iела, — поппаран маьнги йисте охьахиира Андрей. — Коьртаниг вайгахь адамалла а, оьздангалла а хилар ду. Вохий ма хьовза хьо!

Андрейна дуьхьал дерзош лоха гIант хIоттийна, оцу тIе охьа а хиъна, шен когара неIармачаш дIаяха вуьйлира Iела:

— Ишта-м дара иза, Андри. Хьуна хьалха сайн декхар кхочуш ца дина ас. Ца Iийна хьуна со, ахь дина гIуллакх дицделлий, шу ца дезашший-м. Тхан нохчашна цкъа а дицлац шайна дина дика а, вон а. Дуьххьал-дIа кху неIалт хиларо, къелло, таIийна, меттах ца волуьйтуш Iийна-кх. ТIаккха, Андри, хьо хьуо веана?

— ХIан-хIа, накъост ву соьца. Сан гIоьнча, Яшка. Хьуна вевзар ваш, керла ву иза.

— Дийцахьа, хIун деш ю Наташ? Могаш юй хIара? И шен нисделла бепиг а доттуш Iа хир ю хIинца а?

— Могаш ю, массаьрга а маршалла данийти. Амма ахь гергарло дIатасарна чIогIа хьуна оьгIазъяхана!

ХIетта дIадаьлла вохар юха а гучуделира Iелин юьхьа тIехь.

— Бехк бац, — бехказавала вуьйлира Iела. — ВаллахI делор, мукъа де-м ца хуьлу. ГIопехь ворданца болх бан я некъ баккха, я цхьа хьаькам цхьанхьа оьций вохуьйту. Тахана-м цIахь виси со

аьлла сайн гIуллакх дан кечвеллачу меттехь воккхий цхьана агIор дIавохуйту. Я хьажжийначу дIаваха веза, я гIуда такха деза. Шортта хьал делахьара-м Iедалина гIуда а тоьккуш, цIахь Iийр ма варий.

— Ас-м забар йора, Iела, — духахьовзийра Андрейс, ша олучух Телина забар ца хуьлий а хиъна. — Йоккхастагана шера хаьа хьан аьтто боцийла.

— Ткъа Ванка хIун деш ву? Зуда-м ца ялийна хIокхо?

— Ванях стаг хилла. Стохка зуда а ялийна оха цунна...

— ЭхI, Андри! Кхин эхь ца хетий хьуна! — баккъал а дегабааме велара Iела. Шен коьртара баькхина куй баьрче кхоьссира цо. — Иштачу метте тхо догIур ма дара, кху цIенойх цIе яьллехь а. ХIорш дага а дитина. Дийца оьшуш дац, ледара хьеший ду вай. Къонаха вац вайша, ший а!

Воьхна Андрей шен юькъа Iаьржа маж, ахкарца санна, пIелгашца шаръя вуьйлира.

— Айхьа хIун дуьйцу хаьий хьуна, ва Iела? Шун шайх лаьцна. Шелахь нах байана юкъ ма яра иза. ХIинци-хIинци тIамца шу станицашна тIедогIу бохуш, буса тоьпаш марахь буьйшура гIалгIазкхий. Вуьшта а гIоьртина долу вайна юккъера хьал! Цхьана вуьзна хьераваьллачу гIалгIазкхичо шуна зулам дича, соьга лалур ма дацара. Iедалца къийса ницкъ ма бац со санначу мисканан. Тохара хьой, Айзий дуьххьара тхан станице деъча, шаьшшинна тIехь хIоттийнарг дицделла хьуна?

Стерчий пергIат а даьхна чуеанчу Айзас юкъахдаькхира кху шиннан къамел.

— БогIий суна кхаъ? — йоьлуш, Андрейга а хьоьжуш, хаттар дира цо.

— Ба-м муххале а богIура хьуна иза, амма чам бац-кх цхьа доккха хазахетар хьуна дан ницкъ бацар!

— Хаьий хьуна, Iела, тахана схьакхаьчча, сан мел таро йоьхнера? Хетта а, дийца а дезаш дукха хIуманаш дара, ткъа тхойша вовшийн маттах ца кхетара. — Айзигахьа корта ластийра Андрейс. — Хьо а, Аьрзу а цIахь ца карийна таро йоьхнера сан. Амма Iумарца сихха юкъара мотт карийра тхуна. Къаьсттана чIогIа доттагIалла тасаделла кхуьнан сан накъостаца, Яшкица. Айза дукха хийцаелла хьалхачул. Тхан зударий баккхий мел хуьлу стамло, шуьнаш азло.

— Тхан хилац берстана нах, стеган дегI дуткъа, элдара хила деза. Веллавала со делаI, уггар хьалха хатта везарг вицвина Iаш ву-кх со! ХIун деш ву сан орцахо Корни? Цуьнан доьзал буй могаш?

— Могаш, дика бу. Логгец оцу шен къелли юкъа а вахана воллу-кх. Цкъацкъа буьйсанна дIасаволий катуху. Шун обаргашца бертахь ву иза.

— Могаш хилчахьана, кхин дерг-м тарлур дара. Амма майра кIант ву-кх! Оцу дийнахь иза майдана ца нисвеллехь, юьхьIаьржо хуьлура суна. Дела резахуьлда цунна. Дала аьтто бойла цуьнан.

Чу чоьлпа а хьовзийна, чуьра котаман тIам схьа а эцна, иза кхихкинийла хьожуш, пIелгашца оза а бина, галнаш ян тохаелира Айза.

— Вайн важа хьаша цIа кхайкха веза, стаг. Сан галнаш сихха схьаевр ю.

— Ой, стенга вахана иза? — хаьттира Iелас Андрейга. — Иза хIинци-хIинци чувогIу бохуш, хабаре валларх ма Iай со-м.

— Юьрте бIаьрг туху ша аьлла, аравелир-кх иза.

Iела, шена тIе кетар юьйхина, кога мачаш туьйдина, аравелира. Чохь шаьш дисина Андрей, Айзий вовшашка бийца мотт боцуш дIатийра. Ахьаран межаргах галнаш еш йоллучу Айзин кадечу куьйгашка хьоьжуш а Iийна, тIаккха Iумарехьа вирзира Андрей. Шен пелхьо ловзо пIерташ, амма гIуллакх ца хуьлуш мара хьалауьйзуш, вехьаш воллу иза, шена тIе а вехна, карайцира хьешо.

— Ма къонаха а ву! Мера кIел седа а кхетта! Схьайтал!.. — киснара схьадаькхинчу къорзачу йовлакхца Iумаран мара схьалецира цо: — ХIа-хIани, «хIинкх» алал! ХIай-хIай! Вуьззина къонаха ву! Обарг! Таппа ша Iела! Амма дала тIе ма доуьтойла хьуна хьайн ден, дендайн новкъа лелар. Дала ирс лойла шуна мукъа а. Дала Iалашдойла шу кху дуьненах харцонех!

Ша межарг хьакхо йоьллачул тIаьхьа бен ца гира Айзина кIентан бехбелла мара. Галнаш йина ца яьлча и цIанбойла доцуш Iийна иза, хIинца Андрейх эхь хеташ текха тIе юьхьар йоьлла йоллура. Оцу юккъехула самавелира аганара Iусман а. Лари[1] тIе кор а теIош, Айза ага техко йоьлча, иза-шена улло уьйзира Андрейс.

— Дита, ас тахкор ду, — элира цо Iаьржачу можаний, мекхашний юккъехула эсала воьлуш, ондий кIайн цергаш гучу а яьхна.

Хьешле бийца мотт боцчу Айзина шарал яхъеллера майра араваьлла и кIезиг хан. Цхьадика, дукха ца Iаш, Яшкица чувеара иза.

— Аьрзу стенга вахана, Iела?

— Делхьа хаац суна-м иза мичахула лела. Со цIера араваьлла кхо де а дара. ХIинца, Яшка, хьайна тIера сов бедар дIа а яккхий, пергIатвалал.

— ЦIа вогIург хир ву иза?

— Аьрзу бахий ахь? Хаац тахана-кхана кхача мега.

Шена тIера дабагIа динчу кхекхийн тиша кетар, когара летийна еза эткаш дIа а яьхна, маьнги йисте охьа а хиъна, Андрейгара аганан гIаж схьайцира Яшкас.

— ТIаккха, Iела, кхушара ялташ муха хили шуна? Кхузахь а юбохура йоккха йокъа?

— Йокъа хилла ца Iара и, Андри. Дуьххьал-дIа латта кхарзаделла, паста санна, лилхинера. Цхьаннахьа а гуш соьналла-м дера яцара. Халла хилларг а хIаллакдира стиглахь бода бина деанчу

[1] Шена тIехь ага дIасатехка у.

цIазо. Хаац, далла хьалха оцу таIзарна тхо мича бехке хиллера. Молланаша бохура, тхан Iосаллина дала боссийна бала бу иза. Далла хьалха а, Iедална хьалха а вонаш хилла-кх тхо пекъарш. Шиннах цхьаъ мукъана а тхоьгахьа делара. Доцца аьлча, гIуллакхаш доьхна ду. Дерриг галдаькккхина латта кIезиг хиларо. Тхан долахь диснарг а дац дуьйш-дерзо мегаш а. Къена хьаннаш, бердаш, токхамаш. Дуккахдерг — саз-латта. Халла лаьттах хьала яьлларг а мажлой дIахIутту. Адам бахий ахь, дукха IаьIна. Тхо ца леш а, я бераш дебаш а дац иза. Хьалха Теркаций, Соьлжаций хиллачу нохчийн ярташкара нах, Iедало шайгара мохк дIабаькккхича, дуккахберш кхелхана тхуна юкъа, лам чу баьхкина. TIекIел кху кIажахь дохку-кх. ХIинца, бIаьста яьлча, кхузара а дIадоху боху. Тхо Сибрех а кхалхийна, кхуза гIазкхий балор бу бохуш дуьйцу. Цундела дуккха а нах Хонкара кхалха кечлуш бу.

Кху тIаьххьарчу хенахь станицашкахь дIа мел ваьллачохь а, ши стаг цхьаьна мел кхеттачохь а, нохчий Турце кхалха кечлуш бу бохуш хазара. Амма билггал дерг цхьанне а ца хаьара. Цхьаберш бакхийбера нохчий кхалхош, амма дукхахболчу гIалгIазкхийн дегнаш лазара царех. Гора цаьргара Iазап, гIело. Ткъа цунна бехке шаьш хетаро дегнаш огура.

— Баккъал аьлча, и хIун ду, ва Iела? Со кхетавехьа цунах?

— Кхин дан а дац. Тхайга хIоьттинчу къеллой, мацаллой бIарздина лела-кх. Тхоьгара дIадаькккхин уггар тоьлла латта шун гIалгIазкхашний, тхоьца хиллачу тIамехь шена гIо динчу тхан къомах евллачу цхьацца писашний декъна шун Iедало. Оццул мохк ца оьшура гIалгIазкхашна. Церан долара ах мохк, цхьаммо оьцуш дезар доцуш, тIе къух даьлла лаьтта. Ткъа тхо, латта ца тоьуш, мацалла Iуьйшуш ду. Дерриг тхан рицкъа латтаца ма ду. Цунах хаьдча, тхо делла. Къеллина а сатухур дара оха. Амма Iедало тхаьш сийсаздар ца лало. Муьлххачу а оьрсечунна ша тхан хьаькам хета. Ша тхуна хIуъу дан мега моьтту. Тхан лаг ши корта болчу аьрзуно Iуьйду. Де-дийне мел дели, мIараш къуьйлу цо. Хьаннаш хьоькхуш, ягош хIаллакйо. Тхан чIагIо дIаяккхархьама, массо маьIе гIаьпнаш йоьгIна, уьш эскарех юьзна. Кхана Iуьйрре эр ду, хIанхIани, нохчий, охьадиллал герз, довлал салт, дитал шайн дин. Реза воцчунна сийна Сибрех ю шуна. Хиндерг ма ду иза. Цунах бевдда боьлху нах.

Андрей вист ца хилара. Iелас дуьйцург цхьадерг бакъ дара. Андрейна тахана дуьххьара гинера нохчийн юрт, церан Iер-дахар. TIе латта тесна я гIодмашца къевлина тхевнаш долу миска цIенош. Цхьана а корана тоьхна ангали дац. Цигашха лецна стерчийн ахкаргаш ду я тIелхигашца, я хьардашца дуьхьалонаш йина. Чекх дарц хьийзош неIарш. Чохь йиллина товханахь ягочу цIаро IарждIна дерзина пенаш. Iаьнан заманахь чуьра арадовла йиш йоцуш, оцу кIуьрехь хан тоькху дерзина бераш. Баккхийчарна тIехь а дац

мегарг чоа, кетар. TIехула аьчган мекха текхийча санна, кердигаш тийсина ю бедарш.

Тахана АндрейгIар баьхкина юьрта кхаьчча дуьхьал мел кхеттачо сецош, кху шиннан куьйгаш лоьцуш, маршалла-деналла хоьттура. Шайги-шайги кхойкхура. Эшахь гIо кхийдадора. Иза церан гIиллакх дара. Гуттар тIом карзахбаьллачу шерашкахь а иштта тIеоьцура цара машарца шайн юьрта веана оьрси. Цуьнан гIуллакхе а хьовсий, и кхочуш а дой, могаш-маьрша цIа хьажавора. Биэкхам цара кхечухьа оьцура. TIеман арахь. Герз керахь шайна дуьхьалваьллачохь, герз керахь тIамца шайн ярташна тIегIоьртинчохь. Царна хIинца а хаац оьрсийн халкъан шайца мостагIала доцийла, шаьш санна иза а, паччахьан Iедална кIел гIело хьоьгуш дуйла. Ца хаьа дукхахболчу гIалгIазкхашна и тIом а, хIара денна хуьлу тийсадаларш а, хаддаза ирлу хIара мостагIалла а кIордийна сих а, похах а чекхдаьллийла, шаьш санна, цара а машаре, маршоне сатуьйсийла.

Оцу жимчу халкъана тIехь хIоттийнчу харцоно, къизалло, дог огура Андрейн. Цунна ша бехке волуш санна хетара.

Стенна делахь а, тахана цунна дагадеара дуьххьара шена Iела вевзина де.

2

Теркан гIалгIазкхийн шатайпа столица яра Оьрза-ГIала. Кхуза хьажа-хIотта чу верзаза тIех ца волура Кавказе веана муьлхха а цIеяхана стаг. Кхузахь хиллера инарла Ермолов а, эла Гагарин а, Воккха Эла Михаил Николаевич а, гIараваьлла Александр Дюмада а, Лев Толстой а.

Нохчмехкан дозанерчу станицех уггар хьалдолуш яра иза. БIе ткъа чаккхарма дIасадаьржина дара цуьнан ши бIе эзар десятин латта. ХIор гIалгIазкхичун доьзална юккъерчу хьесапехь бIе итт десятин. Ткъа оццу хенахь нохчийн долахь бисина берриг мохк 70 еакIов миль бен бацара. ОьрзгIалахойн мохк цхьа шатайпа вон амалш йолуш бара. Аьхка хIор денна бохург санна, кхечухьа доцчу тайпана къилбаседа-малхбалехьара цхьа чехка мох хьоькхура кхузахь. Йоккхачу гIовгIанца цо гIатточу чено мокха дохк хIоттадора бIаьрго ма-лоццу. Оцу юккъехула стиглахь гуш хуьлура, цIестан шун санна, горга маьлхан цIен хIоз. Иштачу деношкахь арахь гуш са долу хIума ца хуьлура. Дарц санна хIаваэхь хьийзачу гIамаро бIаьрг белла а, садаIа а ца вуьтура. Иза гIертара бIаьргаш чу а, мера чу а, бага а, лергаш чу а. Хеталора иза пехаш чу оьхуш санна.

Iела дуьххьара цига вахара тIом чекхбаьллачу шолгIачу шарахь. ХIетта, Айза а ялийна, ваха хиъначу кхунна бахамехь оьшуш дукха хIума дара. Сту-ворда хьовха, атталла марс-мангал а, белшеда а дацара церан долахь. Оцу шерашкахь лам чохь къаьсттина къен дара эчиг а, туьха а. Уьш каро-м хала а дацара, дIадала ахча

хилча. Ткъа Iелин долахь дацара бурмах вала шай а. Айзас хьаннашкара лехьийна кхораш, хьаьмцаш, цIахь бина бIаьлланган кIорий эцна, шен а, Чорин а цхьацца сту а боьжна, Айзица Оьрза-ГIала вахара иза.

Цига герга мел гIоьрти, дохковуьйлура иза новкъаваларх. Кхузахь хьаннаш яра, тоьхча юкъа чIу а гIур боцуш юькъа. Цхьаьнгте чуьра дечиг ца хьадойтуш, чIогIа Iалашъеш. Юккъехула хаза нийса некъаш. Чу оьхучу сирлачу шовданийн хиша буьзна куьйга баькхина боккха хаза Iам. Цунна гонах, бурсанечу дитташ кIел, тIе охьаховша дина гIанташ, тхов кIелош, лекха буранчикаш. Дуьненчохь цхьаннахьа мацалла а, эшам а боцуш санна, оцу исбаьхьачу хьаннашкахула сакъоьруш доладелла лела адам. БIаьрго малоццу йийгIина кемсийн бошмаш.

Кхузахь хьанна оьшура хIокхара дохьу хьаьмцаш, кхораш хIара дечиган кIора?

Ломахь санна, тIелхигдевлла дацара кхузара адамаш а. Нохчийн бустамаш долу чоэш дуьйхина, коьртахь чукагбеш, агIор тоттуш, бIаьрга тIеталош техкина холхазан куйнаш, нохчийн безчу механ герзаш юкъах дихкина божарий. Зударшна тIехь шуьйра пхьуьйшаш а, яххаш а йолуш кучамаш. ДегIана хьажош йинчу чилланан кофтанашна тIехь лепара чарпанийн тайппа дина дато туьйдаргаш, юкъ кховллуш дихкина шуьйра дато доьхкарш. Коьртахь бес-бесара чилланан корталеш.

Ши чаккхарма еакIов йоккха яра Оьрза-ГIала. Ерриг юрт чулоцуш йина юьйцина керт яра, тIехула кIохцалийн коьллаш а лаьцна. Еа агIор юьрта чу ван дитина, тIечIогIуш онда неIарш а йолуш, диъ ков. ХIор ков лардеш пхийтта-ялхийтта шо хенара божабераш.

IелагIар станица чу а болале массарна а хиира хIорш богIийла. ХIорш къилбехьарчу кевне ма-кхеччинехь, ведда станице ваханчу цхьана кIанта, хIорш хIун нах бу хьажа гIалгIазкхи валийра. Цунах чекхбевлла IелагIар станица чу боьлча, цхьацца-шиша гуллуш берийн йоккха тоба хIоьттира хIокхарна тIаьхьа. Вовшашка маьхьарий а детташ, кетIа буьйлура зударий а, нах а. Станицан нийсачу, шуьйрачу урамехула дIадоьду хIара шиъ, юккъерчу йоккхачу майдана кхечира. Цигахь дара Червленски гIалгIазкхийн полкан канцелярин шозза тIекIелдина цIеношш. Уллорчу гауптвахтин неIарехь баттара даькхина тур буйнахь лаьттара гIалгIазкхи. Гауптвахтех тоьхна дара полкан командиран цIа. Царна уллохь кхозучу вечин горгалина гонах мукъалла гулбелла пхьоьханахь лаьттачу гIалгIазкхаша, тIе а баьхкина, гуобира майданахь сецначу Iелин ворданна.

Цхьа масаннан яххьашна тIехь шега цабезам гича, шен доьхна дог ца хаийта гIертара Iела. Шен дахарехь иза дуьххьар ма вара станицехь. Баккхийчу нахера дукхе дукха довха дешнаш хезнера Iелина, хьалха нохчашний, гIалгIазкхашний юккъехь хиллачу гергарлонан юкъаметтигех лаьцна. Цара йийцинчу а, таханлерчу а

шина заманна юккъехь бехачу тIеман цIеран лекха арц лаьтта. Оцу юккъехь масех тIаьхье а хийцаелла. ДIаяханчу заманахь шиний агIорчийн дай цхьа вежарий санна бертахь баьхна, ткъа церан тIаьхьенех вовший мостагIий бина паччахьан Iедало. Оцу тIамо а, Iедало а хийцина адамийн амалш, гIиллакхаш, дог-ойла а. Адамаллех бохийна, акхаройн амалшка берзийнарш а бу. Хьанна хаьа, Iеле оьгIазе хьоьжучийн да, ваша, кIант нохчаша вийнехь а? Царах цхьанна чIир екха дагадагIахь? Хьердевлла адамаш массанхьа а ма ду. Шинахьарчийн ярташкахь.

Цул сов, Iедало ша а дуьхь-дуьхьал ма Iуьтту хIара ши къам. Юккъе мостагIалла, цабезам, цатешам буллу. Изза до мозгIарша а, молланаша а. Бусалбанашна а, керстанашна а юккъехь машарбарт хила йиш яц боху. Церан массеран а меттанаш, гIуллакхаш бахьана долуш мостагIалла доьлла нохчашний, гIалгIазкхашний юккъе. ХIунда дора иза? ТIе цара дуьйцучух хIунда Iехало нохчий, гIалгIазкхий а? Шинахьарчийн дай ма баьхна цхьа доьзал санна, бертахь. Кхин дIа а даха хIунда ца мега? Мега дера-кх, амма дитац-кх. Оцу питанчашна оьшу хир ду-кх ишта мостагIалла...

Iела гIалатваьлла ца хилла. Цуьнга гома хьоьжучийх хьаьрсаниг пхьуьйшаш хьала а керчош, стаммийн пхьаьрсаш гучу а дохуш, стомма ворта а саттийна, бугIа санна, меллаша Iелина тIевогIавелира.

— Вежарий! Айкх ма ву хIара! Лачкъо хIума юйла хьажа вайтина! — цергаш хьакхийна, цIеххьана Iаьхира иза, — етта басурманна!

Айза букъа тIехьа а лоцуш, ворданна тIе вухавелира Iела. Цуьнан шен бертаза вертанна чухула, доьхкарх йоьллинчу шина тапчина тIекхевдира куьйгаш. Амма цо духаозийра уьш. Собар дара коьртаниг. Айза мукъана а ма елира цуьнца. Берах ма ю иза...

И дерриг а бIаьрнегIар тухучу юкъана хилира. Амма оцу минотехь тобанна юккъехь маьхьарий девлира:

— Вухавала, сволочь!

— Станицана эхь дан воллу хьо!

— Фролов! Хьоьга ца боху ас вухавала!

Тобанна юкъара схьаваьлла цхьаъ Iелиний, Фроловний юккъе хIоьттира.

— ХIан-хIа, и хьайн хьаьрса диркх[1] хьалаайал, ФроловгIеран зуд! — чоин пхьуьйшаш хьалакарчо хIоьттира Iелин орцахо, — Айа, айа! Ас силу йийр ю хьан иза!

— ДIаяла хьалхара, пис, — кIоршаме човхийра иза Фроловс. — Хьо тайпа сагIадоьхургаш ю цара шайн лаьмнашкахь мара а лелхаш, тIеоьцурш!

Шина гIалгIазкхичо, буйнаш дина чукхоссавала кийча, хьалха кхийдаш, охьа а таьIна готуьйсура.

---

[1] Батт.

— Вежарий! И мезаша юьзна нохчийн тIуьйлиг бахьана долуш, вовшийн диркхаш ата дохку шу? — маслаIатана юкъавуьйлира дика вухавелла лекха гIалгIазкхи. — ДIасакъаста ший а!

— Йохор-м хIунда хьехадора, делла охьаэггалц летар-м ду!

— Муьлаш?

— Тхо!

— Писаш!

— ЦIубдарш!

Шина тобане бекъалуш, лата кечбелла гIалгIазкхий совцийра оццу минотехь правленин цIеношкара ара, уча ваьллачу станични атамана полковника Беллика.

— ХIорш хIун гIовгIанаш ю? — буьрса мохь туьйхира цо цIоцкъамаш дусийна. Шиний буйнахь тапчанаш йолуш, ворданна уллохь лаьтта Iела а гина, тIаккха цуьнгахьа вирзира иза: — ХIара мила ву?

— Хьан сийлалла, иза нохчо ву, цхьана эшамо вайн станице валийна, — элира тобанах къаьстина хьалхаваьллачу беркъачу гIалгIазкхичо. — ХIара цхьа масех станичник цунна етта барт бина тIегIерта. Вайн станицана хьовха, берриг Теркан гIалгIазкхашна эхь ма ду иза, ваьшка веанчу стагана еттар. Хьуна ма-хаъара, хьан сийлалла, нохчаша цкъа а ца долуьйту иштаниг шайгара.

— Бакълоь хьо, Пантелей, — тIетайра Беллик. — Йоккха майралла яц цхьаннах масех латар. Цул сов, нохчий — шайца вай бертахь даха дезаш лулахой хилла ца Iаш, ткъа вай санна, цуьнан императорски воккхаллин Iедална кIел нах бу. ТIом чекхбаьлла, вай цаьрца бертахь даха деза. Мила вара дов долийнарг?

— Мила хир вара и? Фролов ву-кх. Корней нохчочуьнгахьа гIодоккхуш вара.

— Дика дац, Фролов, ахь лелориг. Хьан цIийнехь товш дац иза, — Фроловна пIелг ластийра Беллика. — Машарца вайна тIеваенчу стеган некъ хадийча ас могуьйтур дац. Ткъа ахь, Корней, хьошалла де хьайн нохчочунна!

— Собарде ахь, гирзаш даьлла жIаьла! ХIара де цкъа ас марах доккхур ду хьуна! — цергаш хьакхийра Фроловс, полковника букъ берзошшехь. — Ткъа хьуна, Никифорович, и хьан беха мотт, схьа а хадийна, вукхахьа ца боллахь, со Фролов вац хьуна!

— Господи, ма хала лелар ву-кх со хьох кхоьруш! — цунах ца ваьшна, юьхь чIачкъийра Пантелейс. — Ворта стомма хиларх хадор йолуш ду хьуна сан тур! Хьайна корта безахь, хьайн ши куьг, зударийн мотт сацабелахь.

— Схьаяйта, кунак, хьайн ворда суна тIаьххье, — элира Iелина тIевеанчу Корнейс. — Кху станицан махка тIехь хьайн коьрта тIера чо хьабарна ма кхералахь.

Оцу гIуллакхана бехке ша волуш санна, майданара дIаваьлча, Iелина хьалха бехказавуьйлура Корней:

— Кунак, хьайн аллахIан дуьхьа, оцу масех стага и гIовгIа

йиннера алий, тхох воних дага ма далахь. Тхо дерриг ишта сий доцуш ду ма мотталахь. Хьоло дузийна цхьа ткъех цIа ду кхузахь тхан яьIни тIе а хиъна, тхо хьийзош. Тхо мисканашна ца оьшу шуьца мостагIалла. Вайн дай, вовшашца цхьа а тайпа мостагIалла доцуш, бертахь, чукаре, доттагIалла а, гергарлонаш а долуш баьхна. Iедало Iехош, питанаш туьйсуш, мостагIалла доьлли-кх юкъа. Тхо цхьадерш хIинца кхетта. Кхин Iехалур дац. Тхо а ма ду, шу санна, тхешан синош дезаш, адамаш.

— Баркалла хьуна, Корней, — элира Iелас доггах. — Со Iожалх а, сан зуда снйсазаллех а яьккхи ахь. Ас цкъа а дицдийр дац хIара де...

Корнейс куьг ластийра.

— ХIара-м кIезиг гIуллакх дер дара, — цIеххьана гIайгIане хилира Корней. — Кунак, ахь бехк ца биллахьара... Хьуна хьалха юьхьIаьржа хIотта герга ву-кх со... Сайн кунакан цIе а ца хаьий суна-м?

— Сан цIе Iела ю. Нохчмахкарчу Гати-Юьртара ву со. Гезлойн гIап лаьттинчура дIа лакхуо. Яьсси йистехь ю иза. Аьрзу цIе йолуш ваша а ву сан. Нагахь цхьа гIуллакх хилла, хьо цу агIорхьа вагIахь, тхойшиннан герз а, синош а хьан долахь хир ду.

— Баркалла хьуна, Iела. Лам чохь шуна юккъехь дуккха а кунакаш бу сан. ХIинца дала хьо а вели суна. Дика доттагIий цкъа а сов ца бовлу. Ткъа хьо мича гIуллакхо валийна тхан агIор?

— ХIара зуда дукха хан йоцуш ялийна ас, Корней. Бахам вовшахтоха доьлча массо хIума оьшуш карий. Цхьацца бахаман гIирсаш кхузахь атта каро там бара-кх аьлла, гIаддайна схьанехьа ваьллера со. Кхузахь тиш-киша хIума эца дагахь.

— Вордан тIехь ерш хIун ю шуьшиннан? — тIехьа корта тесира Корнейс.

Цо и хаттар дича, эхь хетта, цIийвелира Iела. Амма аьшпаш буттийла дацара.

— КIора а, хьаьмцаш, кхораш а...

Корнейс резавоцуш корта ластийра:

— Доьхна гIуллакх ду вайшиннениг, Iела.

— Схьакхаьчча ваьлчи хии суна, суо галваьллийла.

Шегара сараг схьаэцна, вордана хьалха а хиъна, стерчий лоьхкуш вогIу Корней, майданна гена мел вели гIеллуш гора Iелина. Корнейн дуькъачу, сирдала доьллачу Iаьржачу цIоцкъамашна бухарчу Iаьржачу бIаьргаш чохь а, хебарийн шеддаш хIиттинчу лекхачу хьаьжа тIехь а цхьа йоккха гIайгIа яра. БIаран дечигах йинчу, куьйго а, кIуьро а Iаржйинчу луьлли чуьра схьауьйзу кIур сихбинна чу а бетташ, цхьана хIуманан ойла йора цо.

— Iела, хьайн делан дуьхьа, бехк ма биллалахь, — долийра цо юха а. — Сайн ницкъ хилча, ас хьуна дийр доцуш дика дацара... Амма со а ву, хьо санна, къен стаг. ДIо разъяьлла тоьла гой хьуна? — пIелг хьажийна, эрзан тхов болу, лоха, кир тохаза тиша

жима цIа гайтира цо. — Иза бу сан бахам. И тоьла тIанк-аьлла юьзна бераш доцург кхин хIума дац со да волуш. Шу оцу тоьла дигар...

ХIинца хиира Iелина шен керла хьаша стенна гIелвелла.

— Ахь хIун дуьйцу, Корней, — бехк баккха вуьйлира иза. — Моьттур дац со паччахьан гIаланашкара веана! Хьан деган цIеналла дерриг дуьненан бахамал еза ю. Ма дийцалахь!

— ХIан-хIа, Iела, ца лаьа суна шу сайн хIусаме дига, — корта ластийра Корнейс. — Ас Андрей волчу дуьгур ду шу. Иза мел дика адам ду хьайна хаахьара!.. Цуьнга бен далур дац шун гIуллакх. Цига дIагIур ду вай.

Iелина дика хаьара къечу стеган хьал. Хьаша-стаг шена мел везахь а, цунах ида деза цуьнан. ГIиллакхана а, шен хIусаме вола ала ца ваьхьа, иза варна кхоьруш. Доцца аьлча, иза мел воккха турпал велахь а, къен стаг воцчу новкъа ву.

Оцу дийнахь бевзира Iелина Андрейн оьзда доьзал. Шаьш хIара шиъ кхачаре сатуьйсуш Iийча санна, деладелла, декхаделла гонах хьаьвзинчу Андрейс, Наташас сихха чу а дигна, ялсаманахь санна и буьйса а яккхийтина, кху шинна оьшург а делла, шолгIачу дийнахь цIа хьажийра Iелий, Айзий.

* * *

...Оцу шеран Iаьнан цхьана дийнахь, суьйре цIевзинчу хенахь Оьрза-ГIали чу воьлла вертанех хьаьрчина ши бере новкъахь дIаса а ца хьожуш, чаболахь вахана, Корнейн мискачу хIусамна герга гIоьртича, говрашкара охьа а воьссина, церан урх лаьцна кетIахь сецира. Цигахь севцца береш гина араваьллачу Корнейна ца вевзира бIаьргаш тIе таIIийна куйнаш техкина, коьртех башлакхаш хьарчийна, герзах воьттина лаьтта кIайн ши стаг.

— Де дика хуьлда хьан, Корней, — элира лохачо, башлакх йостуш, куй хьала а теттина. — Хьеший оьций ахь?

— Iела! — вахана тIекхетта шен ондийчу куьйгашца маракъевлира цо иза. — Дийна-м баний хьан аьрха корта! Ткъа суна моьттура, хьо я вукху дуьнена кхелхина я тоххарехь ахь со вицвина!

— ХIан-хIа, Корней, суна цхьана минотана а ца вицвеллера хьо. ХIетахь дуьйна хIинцца машар ма хIоьттина тхан Нохчмахкахь.

Iела дIа а хецна, цуьнан накъосте хьаьжира Корней.

— ХIара сан ваша Аьрзу ву. Хьуна а, Андрейна а баркалла ала веана тхойша лаьррана.

Оцу буса Корнейн, Андрейн хIусамехь доттагIаллин безамна йисира, Аьрзус цаьршинне совгIатана аьлла, даьргIойн пхьерашка леррина яйтина уггар тоьлла, детица кхелина ши шаьлта...

Хьеший буьзна паргIатбевлча, церан гIуллакхах лаьцна хеттарш дан вуьйлира Iела.

— ХIара ду аьлла гIуллакх а ма ца деана оха-м. ХьошалгIа вахар а хир, нагахь белахь, кхузахь, мехах жимма болх а бер вайша аьлла, веара-кх.

— Делахьа ма шен хеннахь веана шуьшиъ! — хазахийтира Iелина. — БIаьстенан балхана гIирс кечбе хан ма ю хIара. Хонкара кхалха гIерта нах а бу шайна некъана оьшу гIирсаш кечбеш. Кху эвлара пхьар ца ларош дехьа-сехьа оьху нах. ТIехула тIе эчиг а ца тоьа.

— Эчиг-м оха а деана кIеззиг. Цхьа таро йийриг хир ю-кх. ТIейогIуш суьйре а ю, арадевлла жимма юьрте бIаьрг тоьхча хIун дара-те, Iела?

— Шуна товрриг дийр ду вай-м.

— Тхойшиннан гали мича дилли-те Айзас? Оцу чохь чоа а, куй а ду сан.

Хьешан цIа чуьра Айзас схьадеанчу галин бертиг яьстина, цу чуьра схьаэцна шен чоий, куй цхьана агIор а диллина, тIаккха схьабаьккхина цхьа жима шад баьстира Андрейс.

— ХIан, Айза, дIаэцал хIара, — кIайчу тIергIан кIеда бой Айзега кховдийра цо. — Наташас леррина шен куьйга йина, хьуна совгIатана яийтина хIара. Шен безамана лелае алар суна тIедиллина цо. Ткъа хIара эткаш Ваняс Iумарна йина. Iела, хьо а ца вицвелла йоккхастагана. Хьуна чIогIа дукхадезаделла шен бепиг даийтина цо хьуна.

Шен совгIат, кара а лаьцна, дIасахьийзадора Айзас. Куьг хьокхура, ло санна кIайчу, кIедачу тIергIах. Хазахетар тIехдаьлла ши бIаьрг къегара, тIаккха кIез-кIезиг бузуш хих буьзна и шиъ тIехбеара. Царна чуьра меллаша схьаIийдалучу тIадамашка дирзина бIаьрхиш бесниш тIехула охьахьаьлхира. Цунна дага ца догIура уьш ловчкъо. Ма чIогIа лаьара цунна и бой хIинцца коьрта а тиллина, ша лерина ларбеш лелочу куьзганан бIаьрга хьажа! Амма цо сатухур ду, божарий арабовллалц. ТIаккха, коьрта а тиллина, дог Iаббош хьоьжур ю цуьнга. Лулахошка а гойтур ю, иза а тиллина хитIа а гIур ю. Шайн оьрсийн доттагIчун зудчо совгIатана яийтина бохуш, дозалла дийр ду.

Хьесан чимчаргIашца бертигашна тикманаш яьхна цIен ши этаг Яшкин гIоьнца кога а оьзна, чухула дIасаволавелира Iумар а. Тахана дуьххьара мачаш чуваьлла иза, кIегаш тIе яьлла нIаьна санна, когаш лаккха хьала а уьйуш, ларлуш охьа а бохкуш, цхьа тамашийна, беламе волавелира.

— ХIинца шарбал хилчахьана кIантана-м зуда яло а мегар ду, — воьлура Iела, шена хилла хазахетар кхин дIалечкъо ницкъ а ца тоьъна.

Iела дуьнен чу ваьлчахьана тахана и дуьххьара хазахетар деанера цуьнан мискачу хIусаме...

4

ХIетта чубуза регIа тIе лахбеллачу Iаьнан маьлхан шийлачу зIаьнарша оцу дийнахь тIаьххьара хьоьстура лайн шаршо кIел къайладаьлла Iалам. Суьйренан шелоно лергийн тIилдигаш а, меран буьхьиг а, беснеш а къийзайора, ира маха Iитталуш санна. Амма ламанан цIена хIуо дегIана там беш дара. ХIетте а юьртан гомечу, гаттечу урамашкахь дIасалелаш адамаш а, суьйранна хи тIе лоьхкуш хьайбанаш а гора. Шелонна чидам боцу гомашаш хи мелла йовллушехь цIа уьдура, шайн даккхийчу, дезчу догIмашца кхиссалуш.

Охьа чохь, эвла юккъехь, юьртана тIехула стигала ира бухь кховдийна лаьттара маьждиган момсар. Говза цостуш тIулг буьллуш динчу доккхачу маьждигана хьалхарчу еакIов майдана пхьоьхана гуллуш бара нах. Кхузе пхьоьхана а, хин коьрте а дохьура наха дерриге эладитанаш а, керла хабарш а. Кхузара юьртан хIор цIа чу дIаса а даьржира уьш.

Лахуо гу тIехь севцинчу хьешашна кераюккъе йиллича санна, шера гора жима юрт, охьа тогIи чухула, лекхачу бердашца а, шина агIор тIетеIачу шашца а къуьйсуш дарделла гIовгIа еш, чIуг етташ аренга гIерта чехка Яьсси.

Хьешийн берриге а тидам, гена доццуш дехьа басахь салазаш хоьхкучу берашна тIехь сецира. Церан салазаш цхьа шатайпа башха яра. Дечиган, наггахь эчиган а гIоьнаш тIе IаддаргIа санна, хьовзош тоьхна лекха хIазарш схьа а лецна, нийсса ира а хIуьттий хоьхкура цара уьш. Гу тIера охьа чу уьш хецабелча мотталора уьш цхьана нуьцкъалчу Iодаца кхуьйсу. Цхьацканхьа залк-мулк йолчохь кхийсалуш, хIаваэхь айалой масех гIулч гена боьлхура. Махехь ловзура этгIа гIовталш, кетарш, коьртара дуьйлуш дIакхийсало кердагдийлла кхакханан куйнаш. ЭтгIачу бедарш юккъера схьакъедара шелонна цIийелла, сенъелла меженаш. Охьабетталора, лазабора, амма шайн салазаш белшех туьйсий, юх-юха а гу тIе хьалабуьйлура уьш. Салазаш шайга а наггахь хаккийтарга догдохуш, милла бегош, хIиттина лаьттара шайн уьш йоцурш. Къаж а, лоьдгаш а чу ехкинчу тишчу неIармачаш чохь шеллу когаш бохбан гIерташ, куьйгаш чуьчча пхьуьйшаш чу а доьхкина, куйнашла бахана, шаьш лаьттачохь ирхлелхара цхьаберш, вуьйш — леташ, керчаш ловзура.

Андрейна тахана дуьххьара гора нохчийн эвлан машаре дахар. Нохчех лаьцна зорбанехь яздийриг, цхьаболчу станичникаша дуьйцурш, хIинца хIокхунна гуш дерш аьттехьа а цхьаьна ца догIура. Цаьрга ладоьгIча, хIара ламанан бахархой шайн доьзалш, гергарлонаш, доттагIаллий ца лоруш, цIийна сутара, денна вовшийн къамкъаргаш хедош, къолан бен кхин ойла ца еш «тешха», «акха» нах бара. Андрей цкъа а ца тешара оцу аьшпех, амма хIинца шена магарра хIорш хир бу а ца моьттура. ХIокхарна-м ца оьшу цхьаьнцца мостагIалла. ХIорш-м бац шайн мискачу тоьланашкара арабовла де долуш. ХIоре а воллу милла, мацалла ца вала гIерташ. Къизчу тIамо аьтта, талийна, ах хIаллакбина. Дийна бисинчийн синош а цхьа тай тасаделла кхозу. И тай ца хадийта гIерташ, шайн ма-хуьллу цунах тийсалуш бохку.

«Мисканаш яI, ма дукха хIума ца оьшура-кх шу Iехо — ойла йора Андрейс, юьрте бIаьрг а бетташ. — Ма адамана новкъа хир дацара шу кху шайн лаьмнашкахь шаьш дитича. Гора адаман сутаралла яI! Ма боккха болх бу ахь нахе вовшийн Iенадойту цIий. Мел доккха ду хIара дуьне, мел дукха ду дуьненахь эрна Iуьллуш латта. Адам кхин хIоккхул бIе эзарза алсам хилча а тоьар яра кху Iаламан токхо. Амма тоам ца бо. Сутара ду адам. Вовшийн къаьмкъаргаш хедош бен сатец. Массо воллу шел гIорсизниг кхалла гIерташ. Адамаш дукха дайинарг даржехь лакхавоккху. Цунна чинаш, орденаш ло. Цунна мохк ло. Цара, цуьрриг эхь ца хеташ, шайн пакхош тIе а ухкий лелайо и эчигаш. Эхь-м мича хетара царна, мелхо а дозалла до. Ма дика хир дара и орденаш, шайн хьаналчу куьйгашца къахьоьгуш адамаллин гIуллакхана хьуьнарш гайтинчарна луш хилча, ткъа адамаш дайархойн коча, цхьа шатайпа эхье мидал уллуш хилча! ЙогIур юй-те и хан?»

Андрейн пайгIане ойланаш юкъахъехира, лакхо, дукъах шийлачу хIаваэхь декъа лилхинчу тоьпийн татанаша. Уьш хезча Iела, вухавоьттича санна, цIеххьана хийцавелира. Тоьпийн татанаш хIор минотехь гергагIертара. Кхеравелла бос баьхьна Яшка Андрейн шуьйрачу букъа тIехьа иккхира. Кхерам хаабеллачу Iелин бIаьргаш ткъесах кхерстара дукъара охьа юьрта догIучу некъашца. Кхоссадала кечделла цуьнан дегI оцу минотехь чIогIа тера дара цIоькъалоьмах. ЦIийделлачу хьаьжа тIехь кIайбелира аьтту агIор бIаьрга тIехулара мацахлера чевнан беха муо. Амма Андрей шек вацара. Цунна хаьара, кху сохьта паччахьан эскарш даьхкина, цара и юрт сийначу цIарах ягийчи а, кхузарчу наха шаьшшиннах пIелг хьакхор боцийла.

— Андри, дIадаха деза вай, — элира тоьпийн татанашна реза ца хиллачу Iелас. — Генара йогIучу дIаьндарго къаставац доттагI а, хьаша а ,мостагI а.

Царна гена боццуш, регIара охьа эвла богIу некъ шина тарха юккъехула араболучухула ,оцу минотехь гучубевлира говраш хаьхкина богIу дошлой. Хьалха, сирачу динахь вогIучу беречух бIаьрг кхетча Iелин хазахетта мохь белира:

— Чорд! ХIорш-м тхан бераш ма хилла! — доккхя садаькхира цо.

Оцу бIаьргегIар тухучу юкъана, юха а тохарлера дог цIена, эсала Iела хилира цунах.

Марсадевлла дой урх хецна а дитина, хIаваэ тоьпаш, тапчанаш етташ, лахо боьрахула тIехлилхира уьш. Берриге а цхьатерра къона, дейтта-пхийтта шо хенара бераш. Махо ловзадора церан вертанаш, башлакхийн тIаьмгаш. ХIорангахь дегIо ма лов герз дара. ГIончакхе дихкина таьлсаш, дагарш, белаш, коьжалгаш, чуханаш, серех дуьйцина хIазарш — нохчийн лыжаш.

Дуьйлу герзаш а, хьаьсарте баханчу береша детта маьхьарий а юьртана герга гIоьртича боьхна хьаьвзира майданахь пхьоьхана гулбелла нах. Андрейна гора, шайн карахь герз дерш маьждиган тIулгийн пенаш тIехьа чIагIоне буьйлуш, герз доцурш гомачу урамашкахула цIа уьдуш. Амма уьш дIасахьаьвзина бовлале юьртан майдана лилхинчу бераша сацийра и хьовр-зIовр. Уггар хьалха шайн дой, тIаккха бераш а девзинчу наха, чIагIонаш тIехьара схьа а буьйлуш, гуобира царна. Оцу минотехь момсара буьххье ваьллачу цхьамма, юьртана кхерам цахилар хоуьйтуш, билгалйина юкъ йолуьйтуш, кхузза топ кхоьссира. Береш ломара цIа бирзанийла хиъча, уьш декъалбеш тоьпаш йийлира массо маьIехь. Цхьана юкъана, боккъалла а тIом болуш санна, кхехка юьйлира юрт.

«Мисканийн, цхьа минот а яц-кх синтеме, — ойла йора Андрейс. — Шайн синош ларда кийчча Iаш ду-кх шу массо хенахь».

— Уьш хIун береш бара? — хаьттира цо Iелига, гIовгIа дIатийча.

— Тхан юьртахой!

— ХIорш стенгара богIу?

— Ломара.

— Цига хIунда бахана Iаьна юккъехь? — дуьхе кхиа гIертара Андрей.

Iелас сиха жоп ца делира.

— Цунах хьо муха кхетор вара, — куй хьала а теттина, хIетта бахбала боьллачу шен коьртах мIараш хьаькхира цо. — Гой хьуна, Андрей, тхан дахар даима кхерамехь ду. ТIом чекхбаьллехь а, тхан машар бац Iедалца. Муха хир бу иза, тхо тхешан рицкъин цхьаъ бен доццу хьостанах — лаьттах хадийна хилча, мацалла дайа, махках даха хьийзош хилча. ХIуъу цхьа меттиг еача дIа а хIиттийна, лата тIемалой оьшу тхуна. Къена а, къона а, зударий а, бераш а, — берриш хила беза тIеман говзалла хууш. Цундела, оха пхийтта шаре пIоьртина бераш тIеман говзаллина Iамадо. Юьртара уггар хьуьнаре, хьекъале, каде, майра тIемало коьрте а хIоттавой, рогIехь массо бер аьхка цхьана баттана, Iай цхьана баттана лаьмнашка дохуьйту. Цигахь цо уьш нийса топ тоха а, говрахь лела а, тур-шаьлтанца лата а, кхечу хьуьнаршна а Iамабо.

— Ой, цигахула дIа ца бигча, кхузахь ца Iамало уьш?

Iелас корта ластийра.

— ХIан-хIа, кхузахь Iаморах тоам хилац. Iай цига боьлхуш цара шайца я даа хIума а, я говрашна хIоъ-докъар а ца хьо. И



ткъе итт де-буьйса эрна арахь даккха деза цара хIусамехь боцуш. Шайна баа кхача акхарошна толлуш каро беза. Говрашна яо хIума луо кегош, цу кIелхьара яккха еза.

— Шел ца ло уьш?

— Шелло дера-кх. Сатоха деза. Бакъо яц йовха бедарш яхьа. Шаьш денна цIахь леллораш хила еза. Шелонах а, мацаллех а, муьлххачу халонех а болийта. Муьлхха хало Iоттаелча, иза лан, цунах кIелхьарабовла Iамо. Уьш иштта Iамо лаьмнашкахь уггар кхераме меттигаш лоху. Шан тархаш, лайн токхамаш, чехка хиш...

— Иза-м забар ма яц, Iела.

Iела гIайгIане велавелира.

— БIе шо сов зама ю паччахьо тхоьца тIом бен. Иза ю ткъа забар?

— Меца, шийла уьш муха лела беза? Къа ду-кх церан.

— Дер ду. ХIун дийр ду ткъа? Иштта бу-кх тхан кхоллам. Цигахь хала хилла царна, ткъа кхана, тIаме нисбелча, атта хир ду. Шаьш мацаллий, шелонний лахь а, церан бакъо яц эвла баха а, я Iушкара ехна яа а. Малх а чубуьзи, Андрей, цIа гIуо вай?

Кхо стаг меллаша ирхъхьала, цIехьа, волавелира.

— Уьш Iамочу стагана мах лой аш? — хаьттира Яшкас шаьш кетIа кхочуш.

— ХIунда ло? Цуьнан яц хIара эвла, цуьнан дац кхузахь цIеношш, доьзал? Ларъя еза юрт тхан массеран а юкъара ма ю. Бакъду, и цаьрца ваханчу баттахь цуьнан цIахь цхьа гIуллакх болх нисбелча, иза-м до оха.

Яьссил дехьарчу дукъа тIехула схьагIертара цIемза буьйса. Стиглахь хIетта гучубаьлла маьркIажан седа гIийла къегара. Тахана бинчу некъо гIелвинчу шина хьешо садаIа сатуьйсийла хаьара хIусамден.

— Ой, юха а тIом бан ойла ю шун? — хаьттира Яшкас, жимма ойла еш а Iийна.

Iелас доккха садаьккхира:

— Тхо-м, дера, IадIийр дара, тхаьш дитахьара. Дитац-кх. Ца дитича ца летча ца довлу. Ша ца битича дехко а юхку цергаш бохуш, кица ду тхан.

«ХIорш шайца забарш йойтур йолуш бац, — ойла йора Яшкас. — Тхан муьжгий а белахьара иштта барт болуш. TIаккха оха сийна цIе юьллур яра оцу помещикийн цIоганаш кIел. ХIумма а дац. Тхо а догIу кхетта. Дукха Iехор дац цара тхо...»

V корта КХОЛЛАМАШ

...Шена чохь 30 миллион ахархоша мацалла хьоьгу мохк, бIеннаш белхалошна тоьпаш еттарна тIехIотталц шена луъург дан хецна дитинчу Iедало паччахьалла латто мохк, шена чохь итт эзарнаш маршонехьа къийсамхой каторгехь бIарзбина хьийзо мохк, — и мохк уггар хьалха паччахьан Iазапах маршабаккхар оьшуш бу.

В. И. Ленин

1

Iоса вийнчул тIаьхьа дуккха а хийцамаш хилира Васалан дахарехь. КхоалгIачу дийнахь, Ойшин Чомакх коьртехь юьрта лилхинчу стражникаша лаьцна Ведана дIавигира Ловда а, Васал а. Цхьана кIирнах набахтехь а латтийна цIа хийцира Васал. Схьахетарехь, Курумовс кхочушдинера шен дош. ГIуллакх ишта дерзарх воккхаве везара Васал. Амма, шен карах стаг велча санна, са логге кхаьчна хьийзара иза массо хенахь. Итт шо хан тоьхна Сибрех вахийтира Ловда. Кхин а хьалха цига хьажийна Васалан цIе тоьхна шолгIа ваша Саьмби а доьза вайна. Пхеа вешех шиъ висина дийна. Амма Ловда дийна ву-вац хаац. Цуьнга лалур ма дац Сибрен буьрса Iалам. Наггахь ламаро а ца вогIу цигарца дийна цIа.

Бехк шена тIе а лаьцна, Ловда кIелхьараваккха гIиртира Васал. Иза бахьанехь ма вийра Ловдас шен да. Бакъонна тIе гIиртича, Сибрех ваха везарг ша ву бехира Васала. Амма Ловдас иза аьттехьа а ца дитира. TIаккха, ах бехк шена тIеэцарца, хан а екъна, цуьнца Сибрех ваха а гIоьртира Васал. Цунна а реза ца хилира Ловда. Хьо шеца дIаварах, шен хIун нисло? Хьан цIахь цомгуш зуда а, кегийра бераш а ду. Нана лахь бераш байлахь дуьсу. Эрна къийсамаш битий, цIа гIо. Ша шен да вийна, Iедална а, халкъана а, далла а хьалха бехке ша цхьаъ ву элира.

Кестта шо кхочу Ловдера цхьа а тайпа хабар доцу. TIаьххьара а хIара шиъ вовшахкъаьсташ, ша Сибрех дукха Iийр вац я водур ву бохуш, маслаIаташ дира Ловдас. Ша а вац, хабар а дац. Цхьа бохам хилла хир бу. Атта ма дац Сибрен багара схьавала. Ведча, хьаннашкахь тилавелла шелонна велла я жандармийн даьндарго вожийна а хаац. Вада аьтто баьлча а мича гIур вара иза? Мотт ца хаьа. Юьхь-сибатах а вевзар ву атта...

Декъазчунна ден цIера а догIу олу. Оцу бохамна тIаьххье

кхин цхьаъ а кхечира Васалан мискачу хIусаме. Васал цIа веана дукха хан яллале, Мархет кхелхира. Майра лацаро яйира цуьнан дегIера тIаьххьара а йовхо.

Шен дерриг дахарехь санна, чIеIамаш, балхамаш ца беш, тийна дIакхелхира Мархет. Цуьнан весет лерина кхочушдира Аьрзус, Маккхала а, Iелас а. ВорхI дийнахь тезет латтийра. ВорхI буса Васалан хIусамехь ясин дийшира Маккхала. Буьйсанна тIаьххьалц Васалан дог эца гIерташ иза волчохь а Iара уьш.

Айзас, кхечу зударша а кхача латтийра тезета а, кадаме а оьхучу адамашна.

Даим кхаьбна валац веллачун чIир. Висинарг ваха веза. Иттех де даьлча севцира Васалан керта лестало адам. НеI чIаьгIча арахь дуьсург вон ма дац.

Хено ерзайо хала чов а. Васалниг а йирзина. Къегина малх хьаьжна хаза де деана тахана. ХIаваэхь бIаьстенан хьожа йогIура. Ло дешаш ду басешкахь. ТIекхаьчна яьлла Васала а, хIара санначу къехоша а сатийсина хан. БIаьстено кхин тIекхетта самукъа-м ца дохьура церан хIусамашка, амма дахар аттачу доккху. Цкъа хьонка, тIаккха нитташ бовлу. ТIаьххье комарш, баьллаш, кхин-кхин стоьмаш хуьлу. Мукх хиллалц гайна таро яло. ТIаккха хьаьжкIаш а йоттурш хуьлу.

Iаьнан шелоно ша а чувуллура Васал. Йовхачу хенахь, ша санна гIаддайначу накъосташца цхьана Терка тIе къолах воьдура иза. Станицашкахь доттагIий бу церан. Цигарчу хьалдолчу гIалгIазкхийн даьхни цара нохчашка а даладой, Васале а, Месхатарчу Мовле дIало. ДIаяханчу гурахь ХортIин, Шахьбин а говраш йигира цаьршимма Оьрза-гIала. Iай соцу церан болх, шелоно цIа чу бухку.

Аьрзус, Iелас а магадац Васалан кхерстар. ХIан-хIа, нохчийн а, гIалгIазкхийн а хьолахойх къахетар дацара иза. Уьш талийча-м мэл хир бара. ХIара Васал Iедалан каравахарна я гIалгIазкхийн даьндарго лацарна кхоьрура. ТIаккха кегийра бераш байлахь ма дуьсу. Гурахь тIаьххьара а говраш йигна и болх сацийра Васала. ХIинца тIехаа говр а, берашна шура яккха етт а бу цуьнан. Кегийчу берийн дола дало Хьозига а. Юсап а воккха хуьлуш ву. Кхойтталгla шо доладелла. Кестта дена гIоьнча хир ву цунах.

Ахьаран худар а диъна ловза дIасадахара бераш. ГIар-гIовгIа йоцуш тийна ду хIусамехь. Керт-ковхь цхьацца гIуллакхаш деш йолаелла лела Хьоза. Ма тера а ю-кх иза ненах! Иза мосазза го, Мархет карлаюьйлу Васална. Ма халачу хенахь, ма жима йолуш хилира цунах Васалан хIусамнана. Вовшашка балхам ца беш, нахана шайн дагара ца хоуьйтуш текхира цаьршимма тIеман шерийн халонаш, къелла а, мацалла а. Iожаллин а ницкъ ца кхечи цаьршиннан безам бен.

Сингаттам бу-кх дог охкуш. Дуьненан самукъа дIадаьлла-кх Васалан. Къеналла а ю къайллаха тIехьерчаш. Васалан шераш-

ца дуьстича-м хьалхе ду къанвала. Шовзткъе итт а ца кхаьчна хIинца а. Амма стаг къанвийриг шераш хилла а ма ца Iа. Дахарах а дозу дуккха а. Ткъа Васалан дахарехь дукха кIезиг ду стаг хьаьгар волуш денош.

КIетIа ваьллачу Васала урамца хьала-охьа бIаьрг туьйхира. Мича гIо-те иза? Iелин хIусамехь а, шен доттагIа МIаьчиг волчохь а жимма садекъало цуьнан. Дукха воьду цаьрга. Ша кIордорна а кхоьру.

Керта уллохь лаьттачу боккха кIайчу тIулга тIе охьахиира Васал. Кхузахь дика яло ойланаш. ГIовталан кисанара тиша, модаша юьзна кисет схьа а яьккхина, луьйдигах гIели хьарчийра цо. ТIаккха цIетуханца кIожам латийна, гIели а латийна, боккха баьккхина кIур чу а тоьхна, ойланашка велира. Ши бIаьрг, дуьхьал лаьттачу лекхачу гIаргIанний, бурсанечу хьорматаний тIебоьгIна белахь а, цунна кхин гора. Генарчу къилбседера къорзачу акхтаргийн боьлакаш, суланан аренаш, сийна хьаннаш, сирла хиш а...

Васале тIекареш еш уллохула тIехбуьйлура гехь дечиг я кIудалш йолуш зударий. Цкъацкъа, берзина когаш ченала а бетташ, бераш тIехлелхара.

Васала ла ма-деггIара, веана МIаьчиг салам делла улло охьахиира. Вист ца хуьлуш, меллаша Васалан кисана куьг дахийтина, кисет схьа а эцна, шена гIели хьарчийна, юханехьа чуйиллира цо. ТIаккха Васалан гIелица шениг а латийна, боккха баьккхина кIур чу туьйхира.

— Берса веана, — элира цо, мераIуьргашна чухула кIур ара а хоьцуш.

— Маца?

— Сийсара.

— Мичхьа ву иза?

— IелагIаьргахь.

— Керла хIун дуьйцу?

ХIун дара а хаац, Гати-Юьрта деана керла хабар МIаьчигана хаара уггар хьалха.

— Юьртана гIуда тоха ойла ю Iедалан.

— ХIун динчунна?

— ЯьссатIарчу гIалгIазкхийн говраш йигна.

— Лар кхуза ялийна?

— ХIаъ. Вайн эвла йисттехь яйна иза. Мила ву-те уьш ялийнарг?

Васала ойла йира. ХIокху агIорхьара берриг къуй уьйзира цо. ТIаккха корта ластийра.

— Вайчара ца дина иза.

— Кхин хьан дийр ду иштаниг?

— Хьан дийр дара? Хьаъа а. ГIалгIазкхаша шаьш дина хир ду. Вайчул дукха къуй бу церан. Корней санначар ца до вайна

зуламениг. Цара шаьш дина къола нохчашка схьало. Кхечара лар кхуза а ялайой, къола къайладоккху. Вайга такхийта.

— Хlета, гlуда такха дезар ду-кх вайн?

— Иза-м дуьххьар хуьлуш ма дац. Iедало къахьоьгур дац бехкенаш лоьхуш. Вай тало бахьана лоьхуш лела. Хьуна мичара хезна и?

— Янаркъас дийцира. Цунна Ахьмадера хезна. Хортlа ву боху оьгlазвахана, стигал къекъош. Нагахь, кхо де далале къу схьа ца лахь, ткъа туьма охьадилла боху тов.

Васала яйн шок туьйхира.

— Маса говр ю лачкъийнарг?

— Шиъ.

— Дела бе уьш дала хlаллак! — доггах яппарш йира Васала.

Теркан областехь лелаш дацара империн юкъара «Суьдан уставан» законаш. Кхузахь шатайпа бакъонаш хlиттийнера администрацис. Ламарошна — цхьа тайпа, гlалгlазкхашна — кхин. Областан муьлххачу маьIехь дина зулам, ламарошна тlетоттура Iедало. Цунах уггар хьалха жоп доьхура зулам хиллачу меттигна уллохь йолчу ламаройн ярташка. Я бехкениг Iедале дlавала везара цара, иза дlавеллехь а, нагахь зулам меттахlотто цуьнан ницкъ бацахь, юьрто бан безара такхам.

Гlалгlазкхийн станицашкахь къола динехь, лар уллорчу юьрта юьгура. Нагахь оцу юьртана и лар шел дехьарчу махка тlе йигалахь, хьалхарниг кlелхьарайолура бехкана. Лар шен махка тlехь сецна юрт декхар яра къу каро а, станицана дина зен меттахlотто а.

Къу я зуламхо ца карош меттигаш дукха нислора, хlара ярташ бехке йоцуш. Амма белахь а, бацахь а бехк царах цхьана юьртана тlехь биса безара. Ярташна тlе жоьпалла дожо а, царна таlзар дан а атта хилийта, хlор станицана тlе чlагlйинера масех юрт. Шайна тlечlагlйинчу станицера стаг вехь а, цигахь къола дахь а, муьлххачу а зуламах жоп лора оцу ярташа. Цара шаьш лаха везара бехкениг. Амма и ца караво-кх я хилла а вац-кх иза — тlаккха а зуламах жоп дала дезара церан.

Яьссатlехь яйначу говрийн лар Гати-Юьртан махка тlехь сецнера. Цхьаммо кхузахула хьовзийна дlайигнера говраш. Бехк белахь а, бацахь а гатиюьртахоша такха езара уьш. Шина говран болучул кхузза-доьазза лаккхара мах а луш.

Дерриг элдитанаш дийцина ваьлча, гlаьттина Iелагlаьргахьа дlавахара ши доттагI. Цигахь даим а карадо керла хабарш. Iелин рагlу кlел жима пхьалгlа йиллина Андрейс. Цигахь адам лаьтта Iуьйрре дуьйна сарралц. Шайн тиша-киша дагарш, шеданаш, белаш, целаш, хьонхалш, пхатоьданаш, чкъургийн милкаш, хlазарш дохьуш богlу нах. Мискачаьргара мах а ца боккху Андрейс.

Андрейгlар цаьрга баьхкичхьана Iелагlаьрга лилха[1] водара Васал. Уьш цабезар а, ган цалаар а дацара иза. Уьш гича, ненан маттахь къамел хезча, хlара дерриг дуьне шена хилча санна хеттара цунна. Амма ша хlор дийнахь сих-сиха уьш болчу ихча, юьртарчу нахана хlун хетар-те олий, ойла йора. Хlетте а, цlера ара а ма-ваьллинехь, цуьнан шен бертаза, когаша цига дlавуьгура Васал. Iша къамел кlезиг дора цо хьешашца, наггахь хаттар а деш, церан къамеле ладоьгlуш Iара. Иза а доккха ирс хетара цунна.

Iелагlарна герга гlоьртича, цигара схьа жlаьвнан, варзапан а татанаш ца хезча цецвелира Васал. Дийнахь сарралц болх кхехкаш ма хуьлура цигахь. Ткъа хlинца тийна дара. Делкъе ен хан а ма яц. Шаьшиъ кертал чоьхьа ваьлча, рагlу кlел Андрей, Берса, Яшка. Маккхал а гира царна. Берсин каралаьцна йиллина книжка а яра.

2

Массеран куьйгаш лоьцуш маршалла а хаьттина, тишчу вордан Iаьрчеш тlе охьахиира Васал, МIаьчиг а. Берсе хьал-де а хаьттира Васала.

— Могаш-дийна ву со-м, Васал, — самукъане жоп делира Берсас, — хlокху некъехь Шемалах лаьцна цхьа тамашена книга карийна суна, Васал. Цхьа хlуьнехдинчу капитан Руновскийс язйина хlара. Iедало пурстоп вина, леррана вайн имамана тlехlоттийнчу. Дуккха а тамашена хlуманаш дуьйцу цо. Вай кхузахь цецдуьйлура, паччахьо шайх Мансур а, Бойсагlар а вийра, ткъа Шемал дийна витина бохуш. Бехк буьллийла дац паччахьана. Хlара Шемал цуьнан тешаме хьехамча хилла дlахlоьттина. Шен муьтlахьалла гайта гlерташ баттара вуьйлу. Паччахьан инарлаш уггар гергара доттагlий бу цуьнан. Вайн къамкъаргаш Iийда Iамабо уьш.

— Хьо теший оцу Руновскийс яздинчух? — хаьттира Андрейс.

— Хьуна бакъ дерг хаа лаахь, Андрей Никитич, сан корта хьовзийна кху книго. Шемал къиза-м дер вара. Шел хьалхалера а, хlинцалера а дуьненан паччахьаш санна. Амма европейски цивилизацийн паччахьаша лелийна а, тахана лелош йолу а къизаллаш оцу боданечу ламарочо лелаярх цунна билла бехк бац. Иза шен заманах, шен халкъан кхетамах возавелла стаг ву. Кху тlехь господина Руновскийс яздинчех цхьадерш бакъ ду, амма цхьадерш и сийлахь-воккха ламаро сийсазван, ламанан къаьмнашна юккъе мостагlалла долла цо ша я официозни гайтамашца яздиний-те олий а хета. Доцца аьлча, Андрей Никитич, кху чолхечу заманахь хала ду бакъ а, харц а къасто. Басталун боцу шад, уьйриг хилла хьийза тахана хlара дуьне.

[1] Нилха.

— Суна-м кхин а дагадогIу, — вистхилира, хIетталц тапъаьлла Iийна Яшка. — И шун Шемал а, цуьнан наибаш а къизаллина дукха гена хилла тхан паччахьна а, помещикашна а.

Андрей велавелира.

— IIIен аьлларг хилча, и берриг помещикаш шен куьйга бойур бара хIокхо, — шен гIоьнче дIахьаьжира иза, — Хьолахо гича а, хьахийча а бIаьрга цIий дуссу хIокхунна.

— И хIун ду? — хаьттира Берсас.

— Деха туьйра ду иза, — куьг ластийра Яшкас. — Цкъа хан хиллачхула дуьйцур ас.

Хьешашна лаьара хIокху халкъан дIадаханарг а, тахана долуш дерг а хаа. Маккхала а, Аьрзус а дийцира Шемалан а, цуьнан наибийн а бIаьхаллин гIуллакхаш. ТIаккха хьаьвззина, таханлерчу дийне баьхкира. Керлачу Iедалан харцонаш а, къизаллаш а юкъаевлира.

— Массо агIор юккъе зайлаш детташ, къаьмнаш вовшех къестадо Iедало, — доккха садаьккхира Андрейс, — Оьрсийн паччахь а, цуьнан Iедал а къиза хилча, хьал ца хуучара тхан халкъ бехке до. Халкъе хоьттуш хIумма а ма дац Iедалан. Цо лелориг халкъан бертаза ду.

— Халкъ бехке дац, Андрей Никитич, — элира Берсас, — Дерригенна бехке Iедал ду. И харц Iедал латточаьрга доьхур ду жоп а.

— Ишта хилча-м хIун дара, — гIели хьарчо вуьйлира Васал. — Паччахьо а, Iедало а, хьолахоша а кхин къаьмнаш хьийзадо, ткъа вайн оьрсийн халкъ уккал таIийна хьоьжуш Iа.

— Бакъ дац иза! — реза ца хилира Яшка, — Оьрсийн муьжгаша цкъа а ца сацийна Iедалан харцонна дуьхьал луьра къийсам.

— Вешан цIахь майра ду вай! — ца вешара Васал. — Шен къамкъарг Iаьвдича меттахволу оьрси. Ткъа кхечу къомах волчунна тIехь оьрсийн Iедало мел яккхий къизаллаш лелаярх, бен доцуш хьоьжу. Сан цIа юьстах ду бохуш. Далла гергахь а нийса дуй иза, Никитич?

— ХIун дийр ду ткъа?

— Цаьргахьа гIо доккхур ду-кх. Вайн дерриг халкъо!

— Вайн халкъ ша а ма ду ткъа борза-морзахана юккъе лаьцна. И ца хаьа хьуна?

— Цундела ваьлла со нохчашкахьа.

— Массар а дийр дац ахь динарг.

— Уьш хьан сецабо?

— Куьйгаш, когаш дихкина латтабо.

— Хабар ду иза, Никитич. ГIо дан луучунна аьтто а карабо. Масала, хьо схьалоцур вай. ХIокху нохчашца хьайн баьпкан юьхк йоькъуш Iа хьо. Iедал бIаьргадан а ца деза хьуна. КIезиг буй хьо саннарш? Бац. Миллионаш хир бу. Амма берриг тебана,

тийна Iа. Ткъа ишта Iахь, шайна а марах дер ду. Тахана нохчий хьийзабо, кхана муьжгичун къамкъарг лоцур ю.

— Кхана бохург хIун ду хьан? Масех бIе шо дац ткъа цара муьжгашна тIера цIока йоху!

— ГIеххьа болх бо. Вай сонта долу дела. Барт бац. Цо галдаьккхина дерриг а.

Бисинчар тапъаьлла ладоьгIура къовсаме. Цкъацкъа Яшкин бага гIаьттара, цхьаъ ала ойла хуьлий, юха а соцура, баккхийчарна юкъа гIорта гIиллакхе а ца хетий.

— Гор дяд Вася яI, — элира цо эххар а, пекха тIе буй а тоьхна. — ХIара кийра батталуш бу-кх сан. Ма хьалхе дицделла хьуна, айхьа баринна букъ сеттийна. Хьан барий цуьнца къийса ницкъ?

— Суна ца дицделла хIумма а. Ас къийсам а ца сацийна цкъа а.

— Нохчочун, муьжгичун а дакъа цхьаъ ду. Атталла Андрей Никитична а ца дийцина ас, со Терка тIе муха кхаьчна. И дерриг дагадеача дегIе зуз хьоду суна. Ас лелийнарг хиъча, Iедало лаьллина каторге вохуьйтур вара со. Я ирхъолла а мегара. Цундела Iийна со баганна догIа а тоьхна. ХIинца дийца тарло шу дерриг сан сайн нах ма ду. Аш дIавуьйцур вац со.

3

— Тхан собарна ахь Iиттарш хIунда йо хаац-кх, дядя Вася? — долийра Яшкас, — Бакъду иза, собаре ву оьрсийн муьжги. Собарна ял ло дала. ЦIерга тиллинчу тIедачу дечигах тера ву иза. Сийсаш, дакъалуш а Iай, тIаккха йоккха цIе лета цунах. Иштта садеттий, деттий, эххар а собар кхачадой, тIаккха цIеххьана гIотту. ТIаккха догIмийх къестадо помещикийн кортош, сийна цIераш лета церан бахамех. Паччахьо шен лаамца дIаяьккхина моьтту хьуна крепостной бакъо? Муьжгичо яккхийтина. Халкъо. Иштта кхетал хьо. Бакъ ду, дядя Вася, масех мильон бу муьжгий. Амма бIаьргаш белланза йолу цицган кIорнеш санна, шаьш мича боьлху а ца хууш, хьалха дIагIерта. Бодане ву муьжги. Хьаъа а Iехаво. Паччахьо маршо кхайкхийра тхуна. Ткъа барина хIун элира? Цкъа хьалха шайн маршонах мах а лой, тIаккха дуьненан еа маьIIе гIо. Латта ца хилча, маршонах хIун до? Латта а эца дезаш хили. ХIара стенах оьцу, ахча ца хилча? Ахча долчунна духкург а хIун латта ду? Ахь хьакхар хьекхарах а тIехь ялта хин доцург! ТIаккха карзахбевлира муьжгий. Паччахьо муьжгий латта а луш маршабаха аьлла яьккхина грамота помещикаша дIалачкъийна бохуш, эладита даьржира. Тхуна луларчу Безднахь вехаш вара Петров Антошка цIе йолуш цхьа муьжги. Йоза-дешар

а хууш. Чекхдаллалц Забур[1], Инжил[2] а дагахь а хуущ. Эвлаяъ ву бохуш вуьйцура иза. Паччахьо муьжгашна елла грамота цуьнгахь ю бохура. Муьжгашна маршо, латта, хьаннаш дIало, бертахь яла цалуучуьнгара нуьцкъах яха аьлла. И хезна ярташкара муьжгий цхьана а кхетта, Бездна бахара. Цига гулделла адам шайн бIаьрга гинехь цецдевр дара шу. Масийтта эзар стаг. Зударий, бераш а. Цигахь оха сацам тIенийцира помещикийн бахам, латта а муьжгашна бекъа, нагахь дуьхьало яхь — хIетталц тхайн цIий мийлина и цIубдарш дайина дIа а даьхна, ярташкахь тхешан, муьжгийн Iедал хIотто. Сацам хиллий — кхочушбан беза. ДIа аралилхина тхо помещикийн бахам тало дуьйли. ТIаккха хилира доьхнарг. Губернаторан омарца тхан Спасский уезде инзаре доккха эскар хьажийра. Бакъду, тхан юьртахоша дуьхьало йора. Герз-м дацара тхан. Дагаршна тIе ехий даганаш тоьхна, шаданаш, мангалш карахь отрядана дуьхьалдевлира тхо. Амма ира цамзанаш буьххьехь тоьпаш хьалха а лаьцна, нийса ког боккхуш салтий тIе буьйлабелча, тхо доьхна хьаьвзира. Тхо дIахуда санна, и шен Iаьржа бага а гIаттийна, тIе хьоьжура килсана хьалха хIоттийна, чаччамех юьзна, йоккха топ. ТIаьхь-тIаьхьарнаш дIасауьдуш, хьалха волу тхо иттех стаг висира салташна дуьхьал. Оха а баккъаш берзийра.

— Ма тIемалой а хилла! — велавелира Васал, — Салтий ма гиннехь бевддийц!

— ХIун дийр дара ткъа, — дегабааме Васале хьаьжира Яшка. — Тоьпашца, яккхий тоьпашца кечбеллачу, шайн коьртехь эпсарш болчу, тIеман гIуллакхана Iамийнчу салташна дуьхьал хIиттича, бIо буьйхир-кх. ТIехула тIе хаьржина баьчча а, хIара де, важа де олуш стаг а вацара тхан.

— ТIаккха хIун дира аш? — хаьттира Берсас.

— ХIун дийр дара оха? Барина шайга хIумма а аларе а ца хьоьжуш, цунна балха бахара муьжгий. Шаьш лелийнарг ишта дуьсур ду моьттуш. Ткъа тхан жIаьлина тоам ца хилира гIуллакх ишта дIадерзорах. И хьовр-зIовр вовшахтухуш жигара хиллачарна таIзардан долийра. Килсан майдана адам а гулдина, оцу юккъехь ах верзина а воккхий, бертал охьа а вижавой, цIоганах чIораш, серий деттара. Баринан дехарца цхьа кIеззиг хIума а тоьхна ,со Iаддавитира. Оцу гIуллакхо даьллачу тIе а карзахдаьккхира сан дог. Муьжгий кхийтира сох бинчу къинхетамах. Цхьа хаза йоI яра сан тIехьийзаш. Марфа цIе йолуш. Ло санна кIайн, стигла санна сийна, цIена бIаьргаш, дешин басахь лепаш еха, юькъа месаш, гIаргIа санна нийса, элдара дегI. Дукха хан яра тхойшинна вовшийн деза. Дийнахь, буса а къахьоьгуш, оцу шина-кхаа шарахь ахча IаIийнера ас иза ялийча ловзарна, бахам-

[1] Давидан псалмаш.
[2] Евангели.

на бохуш. Барин кIадван а везара жимма, даьтта, хIума а хьаькхна. Цуьнан бертахь бен йоI маре гIойла а, кIанта зуда ялайойла а ма дацара. Берриг кечам сайн хилла баьлча, баринера бакъо еха аьттона меттиг лехара ас. Цхьа дика и аьтту а нисбелира сан. Цуьнан говраш кхобу стаг цомгаш хилча, и товаллалц цуьнан метта балха хIоттийра со. Цхьана дийнахь, баррин говрашка бIаьрг тоха божала веача, дийци ас сайн гIулакх... «Дика ду, — боху хIокхо. — Амма цкъа суна йоI гайта. Иза хьан зуда хила реза юй хатта деза сан. Кхана иза а ялош вола». ШолгIачу дийнахь Марфица цхьана барин волчу ваха со. Учахь бIомагIах а тевжина, хIоьттина лаьттара барин. Тхойша тIедеача лерина, вехха Марфе хьийжира иза. Цуьнан юьхьа дуьхьал хьажа ца хIуттуш, лаьтта бIаьра а догIаделла тхойша а лаьттара.

— ЦIе хIун ю хьан? — хаьттира цо Марфе.

Марфас халла хезаш жоп делира.

— Хаза йоI карийна хьуна, Яшка. Хьо реза юй Яшке яха?

— Ю.

— БIаьста яла хIинца а ши бутт бу. ХIетталц сан кертахь болх бан реза юй хьо?

— Хьан лаам тхуна закон ду, барин.

— Сан цIийнан терго йийр ю ахь. Хьан дега-нене а ас хаам бийр бу. Кхана дуьйна дIа схьайогIур хьо. Ткъа Яшка, соьгара пурба ду хьуна Марфа яло.

Шиммо а цунна хьалха охьа а доьжна, цуьнан когарчу эткашна барт а белира охашимма. Барина, охьа а таьIна, Марфа хьалагIаттийра. Суна гира баринан бIаьргаш чохь цхьа сутара цIе. Оцу хьажарна реза ца хилла кийра шелбелира сан. Амма зуда а, бераш а долчу воккхачу стагах цамегарг дер дац-кх аьлла, сайна маслаIат дира. Марфа шолгIачу дийнахь баринан керта балха еара. ГIарбаш хилла. Цхьа-ши кIира даьлча соьга аьрзнаш дан йолаелира иза. Барина сов забарш йо шеца, ша лело гIерта, тIаьхь-тIаьхьа ницкъ бан а воьлла боху. Ас ойла йира. Кхерийна барин сацавойла а, я Марфа цигара дIайоккхийла а дацара. Сан лаамехь гIуллакхаш ма дацара уьш.

— Сатухур вайша, Марфа, — боху ас. — Дала къинхетам бийр бу вайшиннах.

— Нагахь иза тIехвалахь... ТIаккха иза эхь ма ду... Кхузера дIадада вайша... — йоьлхура Марфа.

— ХIан-хIа, — бохура ас. — И сийдоцург цо леладахь, ас вуьйр ву иза. ТIаккха додур вайша. Ишта ала ахь цуьнга.

Цул тIаьхьа дукха хан ялале хилира Марфа кхийринарг. БIарзъелла Марфа, ша шен ирхъолла гIоьртича, тIекхаьчначу цуьнан дас-нанас ялархе кIелхьараяькхинера иза. Барина дикка самг йожийнчу цара, и гIуллакх дIа а таIийна, дитира. Аттала суна а ца хаийтира. Марфас а лачкъийра иза сох. Ша соьга дий-

цича, ас я барин верна кхераеллера а хаац, я дас-нанас кхерийнера а хаац. Цхьана дийнахь ша волчу цIа чу кхайкхира со барина. Ванах, хIокхуо хIун до-те сох бохуш, ойла еш ваха со.

— Хезий хьуна, Яшка, — боху хIокхо. — БIаьста яллалц зуда ца ялош Iийна хIун до ахь?

— Берриг кечам хилла бац сан, — эли ас. Боккъал аьлча, суна дикка ахча оьшура.

— ХIун оьшу хьуна?

— Цхьа кхо туьма ахча.

Барина, стоьла гIутакх схьа а оьзна, цу чуьра даьккхина, бIе соьман кехат схьакховдийра соьга.

— ХIан, хIара бIе сом ду хьуна. Зуда ялоран гIуллакх сихде. Марфин деца-ненаца а, мозгIарца а, массаьрца а дийцина ду хьан гIуллакх. Кху шина-кхаа дийнахь чекхдаккха.

Цхьа кIира далале мозгIарца мах бина, ловзар дина, гIуллакх чекхдели тхан. Ловзар чекхдаьллачу буса гучуделира Марфина тIехь барина лелийнарг. Амма йолe хIумма а олийла дацара. Цуьнан хIун бехк бу? Цо ма бехира соьга ша кхоьрург. Хилларг хилла даьлча, оццу хьолехь суна хьалха ца хIотта ша шен ен а ма гIиртира иза. Нагахь и гIуллакх нахала даккхахь, барина со тIепазавойур ву, хьо а сий дайна лелар ю. Иштаниг шеца ца хуьлуш цхьа а хаза йоI ца йисина, иза хьоьца дуьххьар а, тIаьххьар а хилла гIуллакх дац, дижа дита бохуш, Марфа къийлинера даснанас.

ГIуллакх ша ма-дарра хиъначу буса набаран суй ца беш сахуьлунга а ваьлла, са ма-тесса хьала а гIаьттина, балха а вахана, барин божала варе хьоьжуш, и де лардан хIоьттира со. Малх гIушлакха баьллачу хенахь веана божали чу хIоьтти хIара. Хьалххе дуьйна хIара вогIу гуш Iачу ас, цIеххьана говрашна юккъера схьа а иккхина, цуьнан коьртах тоха дагахь, диг хьала лецира. ЖIаьла, суна ца моьттучу тайпана каде хиллера. Со диг тIе тоха кхиале, вуханехьа а иккхина, суна тIе юьйлина тапча леци хIокхо.

— Сих ма ло, Яшка, — боху шек воцуш. — Хьо хIинца а жима ву. ХIун гIуллакх ду оццул хазчу, къоначу нускалца цхьа буьйса а яьккхина, иза а дитина вала?

Кхин хIун дийр ду а ца хиъна, сайн пицкъ маббу чIогIа ластийна диг карара дIа а хоьцуш, цунна тIе дахийтира ас. Сан карарчу дагаре хьоьжуш Iан барин иза дIа хецалушшехь, сихха голаш тIе охьалахвели, ткъа диг цунна тIехтилла дахана, бIогIамах йогIаделира. И дерриге а хилира, оццу минотехь божалан неIаре хIоьттинчу цуьнан урхалчан бIаьргашна хьалха.

— Гирий хьуна дерриг? — хаьттира цо шен урхалче, — кху делан сахьт муьжгий схьа а кхайкхий, цаьрга вехка а вехкитий, ларми чу тасийтал иза.

Когаш, куьйгаш дихкина, гали санна цIенкъа дIа а кхетта,

шийлачу ларми чохь Iуьллура со. МаьркIажал тIаьхьа со волчу чу воьсси барин.

— Муха ду гIуллакх? — хаьтти хIокхо тIе а хIоьттина.

Ас вист а ца хуьлуш цергаш хьакхийра.

— Ладогlал цкъа, Iовдал муьжги, — оьгIазе вистхилира иза. — Со вен гIоьртина хьо. Цунна теш ву Иван Моисевич. И ца хилча а тешаш суна дуккха а карор бу. Хьо хьайн барин вен гIортарна каторга йогIу хьуна. Лаххара а итт шо хан. Цигахь къиза вуьйр ву хьо. Хьайна лаьий хьуна — ас салтана дIалур ву хьо. ТIаккха, тIамехь ца вехь, ткъе пхеа шарахь йорт етта еза ахь. Къена Iаспар хилла цIа воьрзур ву хьо. ТIаккха Марфа а оьшур яц хьуна. Хьайна лаьий хьуна — хилларг дицдай, хьайн нускалца ваха. Амма хьуо Сибрех я эскаре дIавахале цкъа хьалха сан бIе сом охьадуьллур ду ахь. Къастабел суна оцу кхаанах цхьа некъ.

— Дела воцу мунепикъ! — мохь белира сан.

Барин гIадвахана велавелира.

— Хьуо ма-барра уьстагIа бу хьо, Яшка! ХIун хилла хьан Марфина? ХIумма а ца хилла-кх. Дуьххьарлера буьйса хьайн галъяларх шек ма вала хьо. Иза йоIстаглара яккха гIерташ къа а ца хьоьгуш, атта гIуллакх хилла хьан. Мерза елахь а, чаьмза елахь а, и цхьа буьйса ю-кх хьан яйнарг. Цул тIаьхьа ерш ерриг цхьатера хуьлу уьш. ХIумма а дац, Яшка. Машар бер вайша. Кхин а цхьана баттахь кхузахь балхахь йита, тIаккха цIахь Iер иза. Нагахь лаьий хьуна, ший а гуттаренна а сан кертахь балхахь саца. Ма кхералахь, суна кестта кIордор ду хьуна хьан нускал. ТIехула тIе хьо а кхуьур ву и кIордо. Барт хилин вайшиннан?

Жоп ца луш вехха Iийра со. Реза вац аьлча хIун новкъа долу? Лаьллина Сибрех вохуьйтур ву я салт воккхур ву. Салт волучул-м Сибрех итт шо даккхар а тоьла. ТIехула тIе, цигашха дIавахча оцу жIаьлих бекхам эцаза а ма вуьсу со. Цул-м суо къера а хилла кIел сецначуха, тапъаьлла дIа а тийна, бекхам эца аьтту писбан хьажар гIоли ма яра. Тхойшиннан барт хилира-кх. Вуьшта аьлча, цунна луучунна корта а таIийна сецира. Со оцу буссахье маршаваьккхира. Оцу буса дуьйна дIа цунах бекхам эца аьтту лоьхуш бутт а хан елира сан. Кхин сан аьтту ца нислуш, ваьлла Петербурге сакъера вахара иза. Цигара цуьнан цIаверзар а тхан бунт а цхьана нисделира. Схьахетарехь, шен махка тIехь хIоьттина хьал а хиъна веанера иза.

ХIинца хаьий шуна барина сох къинхетам хIунда бира? Ша сан зуда лелош а хилча, тIехула тIе суна луьра таIзар а дича нийса ца хетта-кх. Со шена къинтIера валийта воллура-кх. Цунах-м кхета ма кхеттера муьжгий. Царна ма хаьара Марфица цуьнан йолу юкъаметтиг. Ткъа цуьнан «къинхетамо» со кхин тIе а карзахвохура. Цунна и дерриг дIадекха юха а чIагIо йина, шар-

бал хьала а оьзна, питташ хьекхча санна догу цIога дIа а хьулдина, юьстахвелира со. ХIетталц дIасавала бакъо ца хиллехь, хIинца со маьрша ма вара. Оцу дийннахье сайн Марфа а эцна, Бездне вахара со.

— И хьакха ца юьйш йитира ахь? — хаьттира оьгIазвахана цIийвелла Iечу Маккхала.

— Собардел ахь, дика стаг, — курра велавелира Яшка, — Валар гIоле хеттачу ваькхира хьуна ас иза. ТIаккха Бездна вахара со сайн зуда а эцна. Ас дагалаьцнарг чекхдаьлча, вада атта дара цигара. Амма кхузахь а Iоттавелира со доьхначу хьола тIе. Юрт дIалаьцна лаьтташ салтий бара. Ткъа цигара муьжгий, тхайниш санна, кIилло ца хиллера. Антошкин цIенна гонах гулделла адам. Керт а, урам, тхевнаш а, дитташ а дуьзна. Масех эзар стаг. Инарла Апраксин ша а веанера кхуза. Цо а, эпсарша а адамашка дехарш дора, Антошка шайга схьа а лой, шайн-шайн цIа гIо бохуш. Ткъа наха яппаршца жоп лора церан дехаршна. ТIаккха мозгIар а кхайкхина, иза маслаIатана юкъаваькхира. Мичара! ЛадугIий хьуна. «Шу шайн-шайн цIа дIаса ца гIахь, салташа тоьпаш тухур ю шуна, — кхерам тийсара мозгIара. — Хаза керста динехь дала мукъане а кечло». Яппарш еш, вен кхерамаш туьйсуш, эккхийра мозгIар а. «Паччахьо даькхина бакъ закон шайга схьало, — бохура адамаша. — Тхо паччахьехьа ду». Адам къар ца лой хиъча, царна тIе тоьпаш тохийта аьлла, омра дира инарлас. Тоьпаш евлча тобанан юккъера масех стаг охьавуьйжира. Цкъа тоьпаш яссайой, тIаккха а адамаш машаре кхойкхура инарлас: Антошка шайн кара а лой, дIасадекъало бохуш. Наха яппарш еш, дуьхьало йора. Юха а тоьпаш тохара. ТIаккха а барте кхайкхара. Масех бIе стаг велла охьавоьжча кхерабелира нах. Бовда меттиг ерш, юьстах берш, бевдира, юккъехь белхаран маьхьарий девлира; «Оха дIало, оха дIало!» — бохуш. Антошка ма ву хIара дIалург. Етта тоьпаш, хьоькху маьхьарий, Iена цIий. ДIасабовда меттиг йоцуш хи чу а лелхаш, оцу шийлачу хих неканца дехьабуьйлура. Юьртахь тоьпаш йийла йоьлча цIа хьаьлхира ,наха хьалххе хьуьнах бигна дIаловчкъийна зударий, бераш а. Майданахь Iохку декъий гича, цара хьаькхначу цIогIанаша дуьне Iадий-кх хьуна. Эххар а шен цIа чуьра аравелира Антошка. Паччахьан грамота шен коьрта тIе а диллина, инарлина тIе вогIура иза, ткъа адам цунна тIаьхьа. Оцу дийнахь дуьххьар а, тIаьххьар а гира суна иза: ткъе шийтта шо хенара, оза, жима, макхвелла. Доцца аьлча, вийна а, чевнаш хилла а кхоъ ах бIе стаг майданахь а вуьсуш, дIабирзира тхан бакъонгахьа къийсам.

Шена гIели а хьарчийна, кисет Яшке кховдийра Васала.

— ТIаккха? Кхин дIа хIун хилира?

— Байинарш дIабоьхкира, чевнаш хилларш лоьрашна тIе бигира. Муьжгаша юха а шайн вортанаш помещикийн дукъа кIел йоьхкира.

— Ас хоьттург-м хьан барин вай?

— Ас оцу буса юханехьа тхешан юьрта а вахана, сайн баринан берриге а бахам чим беш багийра, тIаккха Марфуша а эцна къилбехьа ведира. Массар а бохура, кхузахь латта шорта ду, адам маьрша деха. Ткъа уьш берриш а аьшпаш хилла. Цхьатерра ду массанхьа а. Хьал дерш къечийн кочахь. Амма дика адамаш а ду дуьненахь массанхьа а. Меца, тIелхаг а даьлла тхойша кхуза кхаьчча, Андрей Никитича, Наталья Кузьминичнас а, дала ирсаца оьмар яхйойла цаьршиннан, тIелецира. ХIинца даа бепиг ду, коьрта тIехь тхов а бу. Далла хастам беш Iа тхойша.

— Шун баьччанах хIун хилира? — дуьхе кхиа гIертара Iела.

— Антонаххий?

— ХIаъ.

— Салташа шайца дIавигира иза. Цхьаболчара дуьйцу, иза а, цуьнца кхин пхи муьжгий а тоьпаш тоьхна вийна бохуш. Ткъа кхечара дуьйцу, инарлас шен духар цунна тIе а дуьйхина, шен орденаш а елла, шен пайтонна тIе а хаийна, паччахь волчу дIавигна, паччахьо иза чIогIа везаш тIеэцна бохуш. Антона паччахье дийцина, помещикаша муьжгашна бина ницкъ, цара Безднахь адамаш дайар. ТIаккха паччахьа омра дина, муьжгашна тоьпаш йиттина дворянаш леца а леций, Сибрех бахийта аьлла. Юха а Антонан дехарца паччахьо ша цIахь а Iийна, шен деваша Константин хьажийна Антонца. Веана кхаьчна и шиъ цхьана юьрта. Ткъа оцу юьртара муьжгий шайн дворянаш бойуш хилла. «Собар, кIентий, хIун деш дохку шу?» — хаьттина боху Константина. «Хьан локхалла, тхо-м дворянаш бойуш дара», — жоп делла муьжгаша. «Паччахьана доггах гIуллакх дарна баркалла шуна, — хьаьстина цо муьжгий. — Байа аш дворянаш, жIаьлешна жIаьлийн Iожал хила еза». Кестта паччахьан бакъ грамота а йохьуш шен юьрта вогIур ву боху Антон. Хьанна хаьа, и бакъ ду, харц ду.

Яшкин дийцар Iелина, МIаьчигана а гочдира Васала. Дийцар сецча, хIор а ойланашка ваьлла, цхьана юкъана тийналла хIоьттира. Васала а, МIаьчига а кIур бира гIелих. Жимчу уьрсаца чIешалг цоьстуш Iара Аьрзу. Шен карарчу Руновскийн «Шемалах йозанаш» книги тIе хьежа хIоьттира Берса. Яшка лаьттан бIаьра а вогIавелла Iара. Амма иза паргIат вара, ша гира цхьа боккха мохь охьатесча санна.

4

Цхьацца дуьйцуш Iаш, ларамза хай яхара. Маккхал стигла хьаьжира. Малх гIушлакха баьллера.

— Яшкас дийцинчо Шелахь хилларг дагадайтира суна, Андрей, — тийналла йохийра Маккхала. — Хьуна а хезна хир ду иза. Лаьцна Сибрех вахийтина тхан цхьа шайх, Кунта-Хьаьжа.

Иза лаьцча схьавеха, цига гIопе дахана дуккха а адам, тIе якхий тоьпаш а тоьхна, даржийра.

Яшкас йийцинчу генарчу Безднахь санна. ГIийла, миска стаг вара Кунта-Хьаьжа, ша санначу мискачу адамийн дог эца а гIертара. Цундела, шун цигара муьжгий Антошех санна, тхан нах а теша Кунта-Хьаьжа Сибрехара шаьш кху Iазапах кIелхьарадаха вухавогIург хиларх.

— Вай вешан куьйгашца ца якхахь, цхьаммо а йохьур яц вайна маршо.

— Суна а хаьа, Берса, Кунта-Хьаьжига вайн халкъ кху Iазанах маршадаккхалур доцийла. Амма адамаш хьаннах а, цхьаннах тешаш хила деза. Я делах, я динах, я цхьана стеган пицкъах. Цхьаннах а тешаш воцу стаг адам дац, иза гуттар а акхачу, къизачу акхарошна юккъехь а къиза экха ду. Шайн пицкъаца маршо якхалург хиларх дог диллинчу адамаша шайн болх далла тIебиллина, цуьнгахула и лаам кхочушбан Кунта-Хьаьжа а къастийна. Мацца а цкъа цунах дог диллина, тIаккха юха а герз кара оьцур ду цара. Халкъ оцу тIе дига деза вай, собаре а хилла.

— Дер, Маккхал, вайн халкъана-м серло ма оьшура. ТIаккха атта хир дара вайна вешан маршонехьа къийса.

— Маца хир ю иза? — мохь белира Яшкин, — Шу-м хьехор а дацара вай, тхан оьрсийн ярташкахь а, йоза-дешар хууш стаг наггахь бен ма вац. Помещикаша, мозгIарша Iехош бажа санна, шайна луъ-луучу агIор дIасахьийзадо халкъ!

— ХIета, Яшка, шун муьжгийн гIуллакх а дацане тхайчул башха таделла а? — хаьттира Iелас.

— Эзарзза вон ду!

— Тхайчул вон хуьлийла а дац. Муьжгийн гихь цхьа помештик бен вац. Ткъа кхузахь тхуна тIехь массо а ву хьаькам. Паччахьан хьаькимаш а, тхан тхешан хьолахой а. Царна цхьанне а тхо адамаш хетац. Ткъа тхан халкъ Iемина дац харцо а, Iазап а лан.

— Тоийта вай, доттагIий, — хьалагIаьттира Берса. — Андрейгlар шайн делкъе а еш, вай ламазаш деш, дIадохий вай. ХIокхеран болх а бу. Ткъа ахь, Яшка, цIом ма оллабе. Нагахь вайн цицкъ ца кхачахь я ца кхиош дисахь, вайн бераша бекхам оьцур бу вайна тIехь хIара къизалла а, харцо а латточех. Тхан могIаршка а хIиттина, бIеннаш салташа къийсира шун а, тхан а маршонехьа. Амма уьш а, тхо а нийсачу новкъахь дацара. Iехаделира. Iехийра-кх. Тхуна маршо лун йолу нах бацара къийсамна коьртехь берш. Адам кхето, нийсачу пекъа дига пицкъ берш. Къаьмнашна а хуур ду шайн доттагIий, мостагIий а муьлаш бу. Массо а къаьмнийн къехой цхьанакхетар бу. ТIаккха хир бу иза ре тIом. Оцу тIамехь тоьлар ду вай.

VI корта САЦАМ

Лаьмнашна тIехьа лаьмнаш ду,
Мархашла хьаьрчина,
Балано Iаьвдина,
Допха цIий хуьйдина,
Вайн къинхетамо дIадаьккхина
Мискавийн долахь мел хиллар,
Маршонах хадийна,
Экха санна хьийзабо.

Т. Г. Шевченко. «Кавказ».

1

Шуьйрачу товханахь, туьпкалгехула охьа яийтинчу стоммачу зIенах кхозучу цIестан яй кIел лелхаш догура ножан декъа дечиг. Яй чохь бурош хьийзош кхехкара цIен-къорза яккхий кхоьш. Товханара йовха алу берте схьа а хьаькхна, царна тIе чохь аьтта хох а, мохь а йолуш ялгIу лецира Айзас.

Дукха хан яллале шен кхача кийча хилар хаийтира цо. Коьрас, Къайсара а зIена тIера схьабаькхкина яй, шелонга неIаре хIоттийра. Яй чу кхарзар а йоьттина, шинхьа горга дечиган шун а хIоттийна, царна чу йоккха цхьацца сискал йиллира Айзас. ТIехиллачу Маккхала, бисмалла а аьлла, кегийра юьхкаш еш йохийра сискалш. Шиний шуьн чу кхоьийх дуьзна доккха цхьацца бога[1] а, дечиган Iайгаш а дехкина, божаршка хIума яа элира Айзас.

Баккхийнаш а, кегирхой а къаьст-къаьстина шуьи тIе охьахевшира.

Iаьлбаг — хьаша ву кхузахь. Зандакъана къилба-малхбалехьа Дагестанца доланехь, ломан когашкахь Iуьллучу жимчу Симсарара веана. Цуьнан хIинца а ихийтта шо а ца кхаьчна, амма хьаша лара веза, мел жима велахь а. Вежарий Аьрзу, Iели а, я Маккхал волчу а ца веана иза. Цуьнан шен доттагIий бу кхузахь... Коьри, Къайсар а. ДIадаханчу шарахь Iамо лаьмнашка бигча, цигахь тасаделла церан доттагIалла.

Iаьлбагагlеран доьзал я къен а, я хьалдолуш а бац. Юкъаеккъара бу. Олдаман ялх кIантах юккъера ву Iаьлбаг. Лома дигначу берашна юккъехь майраллийций, доьналлийций къаьстира и болатан басахь горга юьхь йолу кIант. Майра бере, тIехдика иччархо. Тешаме, къинхетаме накъост. Бераш дIакхаьчна масех де а далале, уггар а майрачар, кадечар, нуьцкъалчар хьалхе дIа а елла, массеран а тхьамда вира цунах.

[1] Боккха кхийра кад.

Массаьрца а юкъаметтигаш дика яра Іаьлбаган, амма берашлахь Коьри, Къайсар а къастийра цо. Цхьа гуш доцчу пхенаша хиттинера оцу кхаанна дегнаш. Буьйсанна, кІадбелла накъостий набарна охьабийшича, уьш кхоъ Іара ца вуьжуш. Ламанан буьрсачу хийистте а хуий, дайн турпалчу хьуьнарех лаьцна хабарш дуьйцуш. Шаьш даккхий хиларе сатуьйсура. Иштта хьуьнарш гайта. Даймехкан, халкъан маршонехьа къийсамехь. ТІаьххьарчу дийнахь, лекхачу лома тІе а ваьлла, дуй бинра оцу кхааммо, шайн дахар халкъан маршонна дІадала.

Тховса а вац уьш кхоъ шайн нийсархошца, ткъа Іелин хІусаме веана, баккхийчаьрга ладогІа. Кхузахь, дуьххьал дІа баккхийнаш хилла ма ца Іа. Масала, Аьрзу. Даим буьрса, ойлане юьхь, шуьйра белшаш. Цуьнан шовзткъа шо а дац, амма гІараваьллачу нойбархойн Эскин бІаьнехь уггар майра пхибІаьнча хилла иза. Цуьна уллохь ву молла Маккхал. Молла цІе елахь а, амма иза молла вац. Дуьххьал дІа Іарбин лакхара дешар дешна цо. Шен хаарш, дахар а маршонан гІуллакхана дІаделла. Йийсарехь хилла ,гена Россихь. Уьстамалла а вахана, дуьненан дуккха мехкаш, халкъаш а гина.

Амма массарал а тамашийниг Берса ву. Хьалдолчу совдегаран кІант. Петарбухехь эпсарийн ишкол чекхъяьккхина цо. Гена мехкашкахь а хилла. Майраллина паччахьо ордалш а елла цунна.

Оцу кхаангара дукхе дукха тамашийна а, хьекъале а хабарш хезар ду кхаа кІантана. Баккхийчийн хьехамаш мацца а цкъа, хІорш кхоъ воккха хилча, пайдехьа хир бу царна. Уьш маршонехьа къийсаман новкъа бевлча.

ХІорш хІума йиъна бевлла а, Айзас шун дІаэцна а дукха хан яра. Кхаа кІанта лерина ладоьгІура Берсин, Маккхалан а дийцаршка. Коьрина а, Къайсарна а керла ца хила а мега и хабарш. Уьш цхьана юьртахь ма беха. ХІара Берса а вогІу кхуза кестКеста. Амма дІога, къорачу лаьмнашкахь жимчу юьртахь вехачу Іаьлбагана хьалха оцу хабарша керла дуьне схьадоьллу. Россихь а, кхечу мехкашкахь а яккхий шахьарш, хаза гІаланаш ю боху. Даккхийчу хиш тІехула лелаш кеманаш, эчиган некъашна тІехула лелаш цІерпошташ. ЦІеран ницкъаца лела боху уьш. Вовшашна генахь болчу наха эчиган серашна тІехула вовшашца къамел до боху. И дерриг Іаламат Іилманчаша кхоьллина тов, цхьана яккхийчу ишколашкахь дешначу.

Доллучул а Іаьлбаг цецвоккху, оцу хьолечу мехкашкахь дехачу адамех дукхахдерш къен, цхьа а тайпа бакъо йоцуш деха, ткъа и сила долу хьал цхьа кІеззигчу нехан карахь ду бохучо. Теша хала ду ,герз карахь Нохчийчу богІу и майра оьрсий шайн даймахкахь лайн хьолехь беха бохучух. И Россе йоккха ю ма боху, дикачу дойшна тІехь шарахь цхьана маьІера вукха маьІе ца нхачалуш. Ткъа муьжгийн латта дац тов, цхьа буй а! Іаьлбаг ца

теша сила долчу оьрсийн доккхачу халкъа тІехь кІеззигчу помещикаша къиза Іазап далладо бохучух. Цхьа а тайпа жоьпалла доцуш стагана муха етта, цунах йохк-эцар муха йо, ве муха вуьй ткъа? Хьалдолчар къечийн зударий хьийзабо тов? Халкъ ца гІотту-те оцу къизачу йовсаршна дуьхьал? Дукха гІиттина боху Берсас. Дукха тІемаш хилла боху къечарний, хьолахошний юккъехь. Амма хьолахой тоьлуш дирзина даим а. Уьш кІеззиг боллушех. Паччахь, Іедал, эскарш хьолахошкахьа ма ду. Эскарш ду дика герзаца кечдина, царна тІехь куьйгалла деш говза инарлаш. Муьжгийн хІун ницкъ бу? Дагарш, шаданаш, мангалш а. Царна коьртехь а дер хилла хьекъале, майра тхьамданаш. Амма бодане. ТІе, хала а ма ду муьжгий цхьанатоха. Тахана кхузахь гІовтту, ткъа уьш хьаьшна бевлча, кхана кхечахьарнаш. Барт бац. Цундела паччахьан инарлаша уьш рогГІана хьоьшу.

Малхбузе мехкашкахь маршонехьа къийсамехь адам бертахь гІотту боху Берсас. Цигахь заводаш, пабаркаш ю дуккха а. Цигара белхалой мелла а кхетаме а, цхьабарт болуш а бу. Цхьа хІуьнехдинчу Германехь цхьа-ши стаг ву тов хьекъале. Халкъаш шайн маршонехьа къийсамна Іамош. Хьолахой, къехой а, Іазапдаллорхой а, Іазапехь берш а боцуш, массо а цхьатера бакъонаш йолуш адамийн юкъаралла хІотто гІерташ. Оцу шина хьекъалчан тоба стамлуш ю шо шаре мел долу. Малхбузехь-м хьовха, кхузахь, Россихь а. Цаьршиннен жайнаш ду оьрсийн матте гочдина. Россихь а кІезиг бац мискачу халкъехьа гІо дохурш. Хьекъале, майра къонахий. Уьш паччахьний, цуьнан Іедалний дуьхьалбуьйлу. Оьрсийн-м хьовха, кхечу къаьмнийн а маршонехьа къуьйсу. КІезиг бац ламарошкахьа гІодоккхуш шайн аз айинарш а. Цара а яздо жайнаш, назманаш а. Ишта назманаш нохчийн маттахь йийшира Берсас.

Маршалла хьоьга, къоьжа Кавказ!
Хьан лаьмнийн хийра некъахо вац со.
Цара со жимчохь дуьйна хьистина.
Стиглан есаллех а волийтина.
ХІетахь дуьйна ас сатуьйсу даим
Къилбен стиглане, лаьмнийн баххьашка,
Ма хаза бу хьо, маршонан буьрса мохк,
Іаламо кхоьллина паччахьаш...

Іаьлбага ладоьгІура, садаІа а кхоьруш, ОххІай, ма хаза аьлла цо: «Ма хаза бу хьо, маршонан буьрса мохк...»

Цигахь мостагІ вер зулам ца лору
ДоттагІалла тешаме ду, цул а тешаме — бекхам;
Цигахь диканна дуьхьал — дика, цІийна дуьхьал — цІий,
Цабезаман а доза дац, безаман санна...
Иэрча ду хиллачех дийцарш. Къеначу нохчочо —
Казбекан баххьийн мискачу кІанта,
Лаьмнашкахула суна некъ гойтуш,
Мацах цкъа хиллачух дийцира суна...

Берсас йоьшура, йоьшура назманаш. Іаьлбаг цхьаъ хилла ца Іара ладоьгІург. Массо а йийсаре лаьццера цара. Ши бІаьрг а хьаббина, назманийн боларца, шовкъе дІасатехкара Маккхал. МостагІ тІелетта ламарошна. Бахархой дІаоьху даймахкара...

ХІун ду-те дайн кешнаш дитина,
Къарбелла уьш махках бовлуьйтург.
Хийраллехь ирс лаха, уьш арабаьхнарг?
Мохьмадан оьгІазло? Я шайхийн хаамаш?
ХІан-хІа! Лаьмнашка шийла кхаъ кхаьчна.
Кхераме, дог къиза мостагІа вогІуш ву боху,
Дерриг дуьне а цунна кІел ду боху,
Хьесап дан ца ларрол цуьнгахь ницкъ бу боху...

Хийрачу махка дІаоьху ламарой, даймехкан кешнаш а дуьтуш...

Амма маршо, маршо турпална,
Сийлахь ю даймехкан, синтемал,
«Оьрсашна хІуьттаренна, цадашаре
Дуьтур вай дерзина лаьмнаш,
Буьрса Бешту, хьуна тІе дохка
Хьовсур уьш болатан буржалш...»

Мел доккха хьекъал, къармазалла ю иза! Ламарошка ма бокхка безам бу оцу стеган!

— Хьан язйина и исбаьхьа байташ? — хаьттира Іаьлбага, са а ца тохаделла.

— Оьрсийн цхьана къоначу эпсаро язйина уьш. Цуьнан чІогІа дог лозура ламаройх, царна дуьхьал тІом бен паччахь, сийсазвеш, Іоравохура цо.

И бераллахь ваьхна юрт а,
Маьждигаш, машаречу яртийн баннаш
Дерриг а хІаллакди оьрсийн тІемалочо...
. . . . . .
Ярташ йогу: орца дац царна.
МостагІша байина даймехкан кІентий,
ЦІерийн меттанаш, метеорех догу
БІаьрг кхеттарг Іадавеш, мархашлахь ловзу.
Дерачу экханха цамзанаш буйнахь,
Машаре хІусамашка толамхо лелха,
Къенанаш, бераший цо къиза дойу,
Ткъа цІеша цІийднчу куьйгашца
Цо къона наной а мехкарий хьоьсту...

Дукха хенахь дуьйна бІаьрхиш хІун ю ца хиъна Іаьлбаган бІаьргаш хих дуьзира. Кхечахьа-м уьш нахана ца гайта лийр вара иза. Амма хІинца цунна ца гора чохь берш. Чу дохк хІоьттинчу цуьнан бІаьргашна хьалха хІуьттура кхехка тІом, ягийна юрт, зударийн, берийн, къеначийн а декъий. Цхьана гена кІоргера оьрсийн къоначу эпсаран аз а хезара...

Цкъа Гиха кІел хилира иза, —
Іаьржачу хьуьнхула тхо чекхдовлуш;
ЦІарца садоьІуш, тхуна тІехула богура
Сийна-екхначу стигланан тхов...

Іаьлбагана юха а хеза яккхийчу тоьпийн къекъар, тоьпийн лелхар, болатан татанаш. Царна юккъехула изза аз:

Ас ойла йора: «Декъаза стаг,
ХІун лоьху цо!.. екхна стигла,
Стигла кІел массарна а шорта бу меттиг,
Амма хаддаза и эрна
И цхьаъ ву мостагІалла хьедеш — хІунда?»

Берса сецира назманаш йоьшучура. Амма цхьа а вист ца хуьлура. И буьрса тийналла йохийра Іаьлбага, ша-шена и тІаьххьара байт а аьлла.

— Боккъал а, Берса. ХІунда лета адамаш вовшех? Оьрсийн оцу дог дикачу эпсаран санна ойла хІунда яц массеран а? Мичхьа ву и турпал?

Берса гІайгІане велакъежира.

— Вац иза, Іаьлбаг. Ишта адамаш дукха ца деха.

— Велла иза?

— ХІан-хІа. Вийна.

2

— Ас дийцир-кх шуна, кІентий, къечу муьжгийн паччахьана дуьхьал гІовттамийх лаьцна. Уьш-м къен, бакъо йоцуш болу дела гІовтту. Амма паччахьан, Іедалан харцонна, Іазапна дуьхьал хьолахой гІовттуш меттигаш а хуьлу. Иштанаш кІезиг-м нисло, амма хуьлу. Церан хьал ду, царна хьалха йиллина ю ирсан неІарш. Амма къен, миска, декъаза халкъ гучу церан шайн хьолах а, ирсах а догдолу. Уьш халкъехьа бовлу. И кІеззиг хьолахой бу оьрсийн халкъан бакъ болу кІентий.

Иштачех дийцира Берсас. Цхьа хІуьнехдинчу Радищевна тІера схьаволавелла. Паччахьо шена гергаозийна иза. Жайнаш а яздора цо. Амма шен жайнашна тІехь паччахь а, цуьнан Іедал а ца хестадора цо. Халкъерчу балех, Іазапах яздора. Нажжазбора паччахь а, помещикаш а. Паччахьо гена, шийлачу Сибрех вахийтира иза. Шена тоьхна хан а яьккхина цІа веара. ТІаккха а ца витира иза паччахьо. Даим дІатеІош, сийсазвеш. И дерриг ла а ца делла, дІовш мелла ша шен вийра цо.

Шовзткъа шо хьалха цхьа кІеззиг оьрсийн эпсарша барт бира, паччахь, цуьнан бартахой дІа а баьхна, халкъ марша а даьккхина, паччахь воцуш Іедал хІотто, Петарбухехь а, кхечу шахьаршкахь а паччахьана дуьхьал эскарш гІовттийра цара. Амма кІезиг дара цаьргахьа долу эскарш. Уьш сихха хьаьшира. Коьртачех пхиъ ирхъоьллира. Эзарнаш Сибрех а, Кавказе а хьовсийра. Кху-



за, ламарошца тIаме. Царна хIуьттаренна. Цкъа-делахь паччахьана хаьара, ламарошна дуьхьал тIом бан царна ца лаьийла. Шолгlа-делахь, кхузахь тIамехь уьш байаре догдохура...

— Бирий цара вайна дуьхьал тIом? — хаьттира Коьрас.

— Дер бира, — жоп делира Берсас, — Ца бича бовлурий уьш? Салт баьхна ма бахкийтанера уьш кхуза. Хьалха полковникаш бара уьш, кхузахь — салтий. Кара тоьпаш елира. Доло, ла марой байа аьлла. Аш уьш ца байахь, оха шу дойур ду аьлла.

— Вайгахьа хIунда ца бевлла уьш? Васал, Жабраил, кхин дуккха а санна?

— Уьш вайгахьа бовларх церан а, вайн а хIун пислур дара.

— Муха?

— Хьекъалечу нахана хаьара, сила йоккхачу, пуьцкъалчу пачхьалкхана вайн жимчу халкъо ен дуьхьало эрна хилар. Мацца а цкъа иза къардина кIелсацор дуйла. Паччахье, инарлашка а вайн цIий ма Iенаде бохура цара. Вайн халкъаца Iедал адамалле хилчахьана, халкъ ша тIедоьрзур ду бохура. Ламарошна ишколаш яхка, царна лоьраш ло, махлело, кхечу говзаллашна Iамабе, кхузара хьоле маьIданаш халкъана пайдехьа хьовзае бохура. ХIаъа ткъа, паччахьаша, инарлаша ла ца дуьйгIира цаьрга. Паччахьийн, хьолахойн бала ма бац халкъан хьаштийн. Кхечу халкъийн-м хьовх, шайн, оьрсийн халкъан а.

— ХIинца бац Россехь ишта нах?

— Ба дер. Дуккха а. Шо-шаре мел долу дебаш. Шо-шаре мел дели хьекъале кхуьуш. Шайл хьалхарчийн гIалаташ гуш, нийсачу новкъа баха Iемаш. ХIинца а кхойкху уьш ламарошца адамалле хиларе. Вайн къоман гIиллакхашца, амалшца догIуш урхалла ло боху вайна. ТIом чекхбаьлча мукъане, ламарошний, оьрсашний юккъе питанаш туьйсуш, мостагIаллаш ма кхолла боху. Оцу бехачу тIамо халкъашна йина чевнаш, бохамаш, кхоьллина мостагIалла а дицдалийта гIорта боху.

Массо а ойлане ваьлла дIатийра. Товханан шуьйрачу туьнгалгехула мох угIура. Стеран ахкаргаш тоьхна къевлинчу корехулий, неIаран херошкахулий чуоьху шело цIийнан массо маьIIе кхочура. Мокха дохк хIоттийнера хьакхарлахь чиркхан метта йогучу тIелхаго а.

ХIораммо а ойла йора хIинцца Берсас бийцинчу турпалхойн. Шайгарчу доьхначу хьолан а.

— Берриг оьрсий уьш санна белахьара, — элира Iелас гIийло. — Хьанна хаьа, берриг бохург санна, ишта хила а ма мега уьш. Амма хIун пайда бу, и цхьа масех стаг воцург, шайн ойла а лачкъийна, бист ца хуьлуш Iеш хилча? Шаьш уьстагIий санна кхуза тIаме а лоьхкуьйтуш. Бакъ ду, тIом чекхбаьлла хIинца. Вовшийн дойучура севцца. Вайн миска ярташ а ца ягайо хIинца. Вай къарделла севцца дела. Амма пайда буй ткъа хIокху машаран, вайгара латта дIадаьккхина хилча? Оцу тIе оьрсий ма хов-

шийна. ТІеман гІаьпнаш ма йоьгІна. Вай кху хьаннашка, чІажашка а лаьхкина. ТІаккха вайгахь такха ницкъ боцу ясакхаш тІеетта. ТІехула тІе, дІа ког мел баькккханчохь вай сийсаздо. Адамаш ца хета. ХІан-хІа, гена гІур бац хІара машар.

ГІовталан киснара схьаэцна суьлхьанаш хьовзо кечвелира Маккхал. Кхо кІант рогГІана баккхийчаьрга хьоьжура. ХІун аьлла жоп лур-те цара Іелина?

— Оьрсий бац вайгарчу бохамна бехке, — элира Маккхала.— Халкъ — халкъ ду. Халкъана тІехь ккел ян бакъо яц цхьаннан а. Дерриг зулам паччахьера, хьолахошкара схьадолу. Кхана салтий балош кхуза веанчу пурстоьпо, вига а вигна, кара топ елла, гена махка а вигна, цигарчу нахана етта аьлча, ахь хІун дийр дара, Іела?

— ГІур вацара-кх.

— ХІун дийр дара ахь?

— ХІун дар цадар дац, гІур вацара-кх.

— Ца гІахь дер вара хьо, когех, куьйгех буржалш тоьхна, Сибрех хьажор.

— Бехк боцу нах бойучул, ша Сибрех вахана, цигахь валар гІоли ю.

— Дийца атта ду иза, — велавелира Берса. — Іедалца къийсалур дарий хьоьга, ва Іела? Хьо-м чемхалг, адамийн хІорда чохь тІадам бен баций. Адамаш, халкъаш вовшийн коча ма туьйсу Іедало. ДІога, вархІ хІордал дехьа вехачу оьрсийн муьжгичуьнна ма ца хаьа нохчий хІун ю. Ткъа Іедало хІун боху муьжгичуьнга? И нохчий къиза адамашдайархой бу, уьш шайн луларчу оьрсийн ярташна тІелета, зударий, бераш дойу, йийсаре дуьгу, талораш до, уьш байарх къа дац, мелхо а мел хир бу хьуна, боху цуьнга.

— Иза бакъ ма дац ткъа! — мохь белира Іелин.

— Ца хилча хІун ду? Оцу муьжгичуьнна бІаьрга а ма ца гина нохчо. Иза теша ма во.

— Кхуза схьакхаьччахь гой цунна вай? ТІаккха ма хаьа цунна, шега ма-дийццара вай цахилар!

— Го. Амма тІаьхьа хуьлу. Бухапехьа некъ дІакъовлу цунна. Цуьнан къамкъарг эпсаран буйнахь хуьлу. Аьлларг ца дахь етта. ГІиба валлалц. Нагахь ахь нохчочунна топ ца тохахь, шаьш хьуна тухур ю олу. Ткъа вукха миснанан, лаахь ца лаахь а, тІом бан дезаш нисло. Ткъа тІеман, шуна ма хаъара, кхин гІиллакхаш ду. Ши дуьхьалонча дуьхь-дуьхьал нисвелча, шаьшшиннах бакъ а харц а мила ву ойла ца йо. Вовшийн ве сихло и шиъ. Ша-ша дийна виса гІерташ. Цхьаъ, шиъ вийча, адамаш дайа Іема. ТІе, дуккха байа а гІерта. Дукха адамаш дайанарг турпал ма лору. Цунна ордалш, мидалш, совгІаташ ма ло. Ша санна, цхьа пекъарш байарна. Цо дозалла до шен ордалех, мидалех а. Хазахета, майра ву, турпал ву бохуш, шен хьуьнарш кхайккош хезча. Ишттта, пуьцкъах а, Іехош а бодане нах шайн кога кІел латтабо

Іедало. Гой хьуна, Іела, кхузахь чолхе хІумма а дац. Халкъаш дац бехке. НеІалт хилла Іедалш ду бехкенаш.

— Цхьана хІуманна тІехь бакъ вац хьо, Берса, — элира хІеттало тап аьлла ладоьгІуш Іийначу Аьрзус.

Берса Аьрзуна тІевирзира.

— ХІун ду иза, Аьрзу?

— Шайн Іедало лелочу харцонашна бехке ду халкъ.

— Муха?

— Іедало лело харцонаш гуш, таьІна Іарна. Харц Іедал ловш Іарна. ХІунда латтабо цо шен коьртехь къиза паччахьаш, Іедалхой а? ХІунда буьту цо уьш и къиза харцонаш лело? Къаьсттана вайниг санна жима, гІорсиз халкъ шайн паччахьаша хьийзош ган а гуш, тийна Іаш долу халкъ — иза кІилло я къиза, я кхетам боцуш халкъ ду. ХІан, хьой, сой къиза адамаш хуьлуьйтур вай. Кхин а эзар, итт эзар нохчо а. Ткъа вайн зударий, бераш, къенанаш? Дийнна халкъ хила йиш ма яц къиза а, сий доцуш, я тешха а. Цунах теша стаг я бІаьрзе, я кІилло ву, я иза адам дац. И стаг декъашхо ву шен паччахьан, Іедалан харцонийн а, къизаллин а. Нагахь шена тІера Іедал нийса дацахь, дІакхосса деза халкъо.

Берсас ла а доьгІуш, резавоцуш корта лестабора.

— Хьайна дуьне ца довзарна дуьйцу ахь ишта, Аьрзу. Паччахьан харцонаш а гуш тийна-таьІна Іаш бац Россихь. Халкъо неІалт кхайкхадо шен Іедална. Вайца бинчу тІамна а. Шайн пачахьна а, Іедална а реза а ца хилла, амма иза дохо я нисдан ницкъ ца кхаьчна ца буьйлура бІеннаш салтий, эпсарш вайгахьа? Паччахьан эскаршна дуьхьал леташ вайн лаьтта тІехь турпал ца ийгира уьш?

— Иштанаш кІезиг ма бара...

— Ткъа хьуна хІун моьтту? Дийнна оьрсийн халкъ, цхьана дийнахь гІаьттина, вайгахьа дер ду моьттура хьуна? ХІокху карахь йолчу заманахь иштаниг хир ма дац. Вайн дай а, Терка тІера гІалгІазкхий а цхьа вежарий санна, бертахь баьхна масех бІе шарахь. Муьжгашца а. Арахьара кхерам тІе гІоьртача, цхьана а кхетий, юкъарчу мостагІчунна дуьхьал а буьйлуш. Вовшийн диканан а, вонан а дакъа а кхочуш. ТІаккха Терка тІе паччахьан Іедал деара. Цо зайлаш туьйхи оьрсашний, вайний юккъе. Юккъе мостагІалла доьлли. БІешарахь гергга лаьттанчу тІамо цІеран арц хІоттий шина къома юккъе. Амма хенан йохалла халкъашна хуур ду хІокху бохамашна бехке мила ву. ХІинццалц шаьш вовшашна дуьхьал латтийна герз оцу бехкечарна — паччахьана, хьоладайшна дуьхьал дерзор ду.

Іелас товхана масех дечиг кхоьссира.

— Иза-м дуьххьара ца хезара суна хьоьгара, — ца вешира Іела, — Маккхала а, Аьрзус а дийцира. Хьанна хаьа, и гІалкхазкий вайн махка тІехь бацахьара, хенан йохалла, ахь ма-бохху

хила а тарлора. ХІара мохк царна а, вайна а тоахьара а хир бара машар. Ткъа хІинца муха ду? Церан оьшучул а тІех латта ду, вайга лаьттан мацалла хІоьттина.

Суьлхьанаш хьовзийна ваьллачу Маккхала, ши куьг хьала а лаьцна, доцца доІа а дина, юьхьах куьйгаш хьаькхира.

— Хьалха хьажий бен ког ма баккха, тІехьа хьажий бен дош ма ала боху кица лаа дац, Ієла, — суьлхьанаш кисана таІийра Маккхала. — Ойла ца еш хабар ма дийцалахь цІахь а. Хьоьга ладоьгІуш Іан и кхо кІант а тиларчу вуьгу ахь. Вайца тІом барх цуьрриг а дика болх ца хилла муьжгичунна. Уьш а белла оцу тІамехь. Вайл а дукха. Дийна биснарш, шайн хьалхалерчу къеллехь, Іазапехь, харцонна кІел узарш деш Іа. БІе, ши бІе, эзар шо хьалха санна. Бакъ ду, гІалгІазкхий вайн махка тІе ховшийна. Амма хьуна хаац и мохк паччахьо царна белла цахилар. Иза пачхьалкхан дола ма баькккхина. Нагахь гІалгІазкхичо паччахьана гІуллакх ца до-кх, латта а, бахам а схьа а баькккхина, шен дерзанчу дегІаца дуьненан еа маьІе дІахоьцур ву.

— ТІе уьш шайн лаамехь а ца баьхкина вайн махка, — тІетуьйхира Берсас. — ГІизлара кІел вехачу цхьана воккхачу стага муьжгичо дийцира суна шаьш кхуза муха кхаьчча. Мацах, шайх Мансуран заманахь, Россин паччахь зуда йолуш, ГІизларна уллора мехкаш шен элашна совгІатана белла цо. Итт эзарнаш урдаш цхьанна а луш. Латта дуккха а хилла, ткъа иза лело ахархой бац. ХІаъа ткъа, элашна латта лело. ТІаккха элаша, дІога Россихь шайн долара муьжгий схьакхалхо болийна. Доьзалшцанна. Анд-андийнаш. Масех эзар чаккхарма генара. Цига схьакхачале новкъахь ах хІаллакьхилира шаьш бохуш дуьйцура цо. Дийна биснарш я церан тІаьхьенаш ю цигахь бехарш. Оцу элашна бецаш. Новкъахь беллачех а хьоьгуш. Иштта балийна кхуза и гІалгІазкхий а. Шайн догІмийн дай бац уьш. Мичхьа а цхьанхьа — махкал чоьхьа а, арахьа а тІом хилча, лаахь ца лаахь а, шайн дойшна тІе а хевшина, дІабаха беза. Ца гІахь, Маккхала ма-аллара, цІийнах-цІарах а бохур бу.

Ієлас кхерча техкина дечигаш а даьгна довлуш дохкура. Котам дека дуьйлира арахь. ЦІа даха деза хан хиллера тоххара, амма кхаа кІантана ца лаьара гІатта.

— Кхин цхьаъ а ду шуна, кегий кІентий, — цаьргахьа вирзира Берса. — Вешан бохамашна вай и гІалгІазкхий бехке бахь а, амма дукхахдолу вайн латта инарлийн а, эпсарийн карахь ду шуна. ГІалгІазкхичунна цхьа масех урд дакъа делла. Вайн доларчул алсам а ду иза. Амма цхьа чим латта доцурш а бу царалахь. Ткъа Органан округан начальникан Ипполитовн долахь эзар урд латта ду.

— Вайн нохчийн зуда ерг вуй иза? — хаьттира Іаьлбага.

— ХІун башхо ю цуьнан? Полковник Белликана а делла эзар урд сов. Ткъа БуритІарчу цхьана полковника Свистуновс Мазлака кІел пхи эзар урд гергга дІалаьцна. ГІалгІазкхийн ярташкахь, шайчеран яьІнашна тІехь Іачу кІеззиг гІалгІазкхашна Флоровгіарна, Федюшкингіарна, Камковгіарна пхиппа-ялх бІе урдаш мехкаш делла.

— Берсас буьйцурш-м оьрсий бу, — тІетуьйхира Маккхала. — Вайгара дІабаькккхинчу махках луларчу къаьмнийн элашна мел латта делла хаьий шуна? Таймазагіарна, Беккагіарна, Элдаргіарна, ТІурлогіарна? ХІоранна вархІ-итт эзарнаш урдаш! Царал тІаьхьа ца бисина вайн къоман эпсарш — Ботагіар, Орцагіар, Къосамгіар, Девлатмирзагіар, кхин, кхин а. ГІхиппа бІе урдаш латта делла царна а. Ткъа Хортіагіар, Чомакхгіар санначу лахарчу эпсаршна — шишша бІе. Гой хьуна, Ієла, гІалгІазкхий а, муьжгий а нуьцкъах балийна охьаховшийна вайн лаьтта тІе. Бовла меттиг яц церан. Ткъа вукха элашна, инарлашна, эпсаршна совгІатана белла вайн мохк. Вай а, оьрсий а, кхин къаьмнаш а теІо, дацо, Іазапехь далло паччахьана, Іедална дика гІуллакх дарна. Церан долара латта вайна духадерзийча, лаххара а бІе эзар доьзална логгелц тоьар дара. Оьрсий кхузара дІабохур бу бохург дага а ма даийта. И элий, инарлаш, эпсарш, йисина цІубдарш а ю вай лахка езарш...

Ткъа хІинца охьадийша деза. Со а кІадвелла.

Массо хьалагІаьттира. Накъостий арабовлуш соцунгІа хилла Іаьлбаг Берсина тІе вахара.

— Хьолахой, къехой боцуш, массо цхьатерра вехаш, массо цхьанийса волуш пачхьалкх кхоллалур юй, Берса? Ахь цхьа цІе-м ма яькккхира цуьнан...

— Республикий?

— ХІаъа.

— Кхоллалур ю дер-кх. И далург хиларх тешна ву оцу Германехь веха ас вуьйцу ши хьекъалча.

— Вайна гур юй и зама?

— Тхо даккхийчарна-м ца ган а тарло. Амма шуна, къоначарна, даламукъалахь гур ю. ХІан, Іодика хуьлда. Суна ца гуш дІагІахь а, Олдаме маршалла ло!

Шен онда куьг жимчу Іаьлбаге кховдийра Берсас ..

3

Еха ю Іаьнан буьйса. Амма МІаьчигана йолчу тІе а яхъелла хІара, кІордадаллац нахехь сакъоьруш Іийна цІа веача а. Яхлур яцара, гай юзош бовха кхача а биъна, йовхачу хІусамехь, кІедачу метта охьавуьжуш велахьара-м.

Еха ю, къелла къикъйоьллачу кху лаппагІаш чохь ларъян воьлча.

Ламазана тосу кхакха товхана хьалха баржийна, коьрта қІел кенийн гІайба а биллина, гоьла тІе ког баькккхина, аркъал Іуьл-

лура МІаьчиг. КІур бина сийса товханара тІуьна гуьйриг. Шийла ю чохь. Хьердаьлча санна чугІерта дарц. Товханан шуьйрачу туьнкалгехула чу а иза доьлху. Попан аннех йинчу дечиган кІажаш тІехь лаьттачу боьжагйийллачу неІаран хераллашкахула чу а иза хьоькху. Зазус цига ца Іуттуш тІелхиг ца йисина, амма дарц чекхдуьйлу, юьйцинчу кертах санна. ГІехьчул саьнгарш хІиттина дуьхехь. Махо тоттий цкъа чу доуьйтуш, тІаккха, тІера даккха санна, араийзадо коре тоьхна стеран ахкарг а. Цецах дича санна хетало хІара цІа.

Когаш мере оьзна, горгамаш санна горгделла Іохку бераш. Гуш дац церан кортош. СадоІу а ца хаало. Наггахь царех цхьамма ха хорцуш меттахъхьайо и тІелхагийн оьла. Жимма а йовхо лур ю аьлла хета хІума ерриг царна тІетоьхна. Хьалаайбича, чуьра кан цхьана агІор доьдий, ах дуьзначу галех тарло эттІа, тІехула мекха текхийча санна, калдадаьлла, летийна къарзделла, боьза доккха юргІа. Цунна тІехула тийсина кхекхий а, гезарийн цІокарчий а, деса галеш а.

Жимахдолу диъ бер-м хала а дацара, андадаьлла шиъ ду хала. Маре гІурриг хилла Зару. Коьри а ву пхийттара волуш. Берашца цхьаьна юргІана кІел дижа ийзалучу цу шинна къаьсткъаьсттина мотт халла тарбина. Жимма адамашка терра дегІ хьулдина арадала а лаьа царшинна. Хазаниг духуш, мерзаниг дууш сакъоьру хан яра, МІаьчиган таро елахьара. Кхуьнан дасnанас а, МІаьчига а, Зазус а иштта къен диъна дуьне. Изза дакъа берашка а кхаьчна.

Бераш-м бераш дара. МІаьчиг ша а ву верзина. Цхьаъ бен йоцу цуьнан кетар а ю берзалоша кадиттича санна, лилхина, коржамаш тийсина, чухулара кан маьІ-маьІІехула тІе а дийлла. Миска, хебба жимъелла иза. Муха ца хеба дийнахь сарралц догІанехь, дарцехь хилча, буса сахиллац товхица хьала пенах кхаьзча.

МІаьчиган аьтто бацаре ца хьоьжу хІара Іа а, неІалт хилла Іедал а. Керлачу юьртдас ХортІас туркх ваийтина, кхана, нагахь дарц техь, Бена боьду некъ баккха ваха веза аьлла. Цига баханчех масех стаг когийн пІелгаш дахьийна веана. Шена а изза хиларна кхоьручу МІаьчига шен неІармачаш дика якъа а йина, йоькаш хьаькхна екъа лоьдгаш чу а ехкина, дІахІиттийна.

Боккха болх бу-кх цигахь итт де даккхар. Аьхка-м гІур а вара цига. Іа, шело, дарц. Къаьсттина дукъаца буьрса хуьлу шело, дарц. Тоьхча чІу а гІур боцуш, юькъа хьун. Хьун хилла а ца Іай иза-м. Нана-даккхий пепнаш, пха. ЗІокберг тоьхча суьйнаш туьйсуш гІорийна латта. ДегІерчу ницкъах а, тІерачу тІелхигех а воккху оцу балхо. Итт дийнахь маьхза болх бан деза-кх, оьрсийн эскарш, хьаькимаш а мичча хена а, мичча метте а бахалурриг, некъ боккхуш.

МІаьчигана уллохь, кхерчан гІийлачу серлонехь, тІаргІа къажбеш Іа Зазу а, йоккхах йолу йоІ Зару а. Зазун коьртарчу Іаьржачу чухти кІелхьара схьакъеда сира гиччош. Голаш мере оьзна, царна тІе корта а биллина, букар хьаьвзина йоллу иза. ІаддаргІа санна хьаьвзина цуьнан буткъа букъ. Хьалхе ду. Шовзткъа шо а кхачале къанъелла. Цхьана хенахь Гати-Юьртахь уггар товш йоІ яра иза. Къелло ца деш хІун ду!

Куьйга эшара лоьхуш схьа а дохуш, баьІІаш юьстах туьйсу царшиммо. Цхьа тамашийна, мара багош кІуон хьожа йогІу тІергІан тхонкех. Шело, мацалла, муьста хьожа.

ТІелхагийн барз меттахъхьайра. Ха харца гІоьртинчу йоІа меттахъехира нанас лерина гонах теІийна тІелхигаш. Юьстах Іуьллучу кІентан дерзина дегІ гучуделира. ЧІораш санна, дуткъий пхьаьрсаш, хада доллу Іаьржа лаг. Букъа тІе летийча санна, тІехевшина пханарш, тур санна, ира букъан сурт. Хьала а гІаьттина, тІеяханчу Зарус дІахьулдира вешин дерзина дегІ.

ШахьбигІаьргахь мовлад хиллачул тІаьхьа бутт сов хан яьллера. Эвлара дикка нах бара Хонкара кхалха сацам бина. Амма МІаьчиган ойла йиллина керчара. Бус-буса хуьлура цуьнан, Зазун оцу гІуллакхах лаьцна къамел. Я хІаъа а, я хІан-хІа а ца олура зудчо. Хьайна луъург де олий, йоьлхий дІайоьдура. Амма тховса тІаьххьара а сацам тІеийцира МІаьчига. Къечу кхерчахь гІийла йогучу цІаре бІаьрг а бетташ. ХІара дуьне ишта къиза дуучул-м цхьанахьахула дІа а вахана я адамашка терра ваха хаар, я велла дІавалар гІоли ю. Хала-м дера ду винчу махках валар. Ишта а, вуьшта а цунах воккхур ма ву иза, пусар доцуш. ТІаьхьа салтий а хІиттийна. Лаьллина хьалха а ваьккхина. Эзар шарахь кхузахь вахарх чу са а догІур дац, муха догІу, дуьш-дерзош кха а, керта догІуш хьайба а ца хилча. Уьш хир ду ала меттиг а буй ткъа. Кху Іедало догъиэтІош вуьйр ву кхузахь-м. ХІанхІа, Хонкара дІагІур ву иза. Кхин хІума дацахь а, латта-х лур дай цигахь. Лаьттаца ма ду цуьнан дахар. Латта ца хилча, велла ву иза. ЦІенош дар МІаьчигана дош ца хета. Уьш-м цо оцу тІаьхьарчу ткъа шарахь лаххара а ткъозза дина. Цхьана дийнахь паччахьан эскарша дагош, шолгІачу дийнахь оцу овкъара тІехь цо юха хІиттош. Коьртаниг бераш ду. Сибрех лахь, ша а кийрахь лийр ву иза, тІаьхьадуьсучу берийх керстанаш хиларна кхоьруш. Ткъа бусалбанан махкахь валар-висар цунна болх ца хета.

НеІаран тайпа, гІорийна тата а доккхуш, еллаелира. Шело, дарц дохьуш чувелира Коьра. Коьртара схьабаьккхина кхакханан месала куй а бегийна, чои тІера ло а дожийна, пенах тоьхначу дечган хьостамах уьш хьала а оьхкина, мачаш дІаяха охьахиира иза.

— Хьо мичхьа вара, кІант? — хаьттира дас, лехаме.

— ІелагІаргахь.

— Муьлш дара шу цигахь?

— Кегийраш. Берса а веана цига.

— Мичара ву шуьца волу кIант?

— Симсарара. Олдаман кIант Iаьлбаг. ДIаяханчу аьхка ломахь цхьаьна дара тхо.

ХIаъ, МIаьчигна хезнера и кIант вуьйцу. Аьрзос вийцира иза. Хене хьаьжжа воцуш, хьекъале, хьуьнаре кIант ву бохура.

Мачаш дIа а яьхна, паргIатваьлла Коьра, охьа а ца вуьжуш берзинчу когашца чухула дIасахьийзара. МIаьчигна хаьара иза цхьаъ ала лууш, амма ца хIуттуш лелийла.

— Дада, кхана-лама берийн шолгIа тоба йоьду лаьмнашка, — элира цо эххар а.

Диснарг МIаьчигна кхеташ дара.

— ТIаккха?

— Сан нийсархой тIамна Iемаш бу, ткъа со къуьрдиг санна, кху цIа а хиъна Iа...

— ТIаккха?

КIантана хаалора ден аз тIаьхь-тIаьхьа оьгIазе стамлуш.

— Цхьа меттиг тIехIоттахь, со массарна а тIехьа хир ву...

— ТIехьа ду вай-м даима, — хецавелира МIаьчиг. — Къен стаг даима ву цIоганехь. Хьуна иза хIинцца хиъна? Хьо цигахь вуйла а хууш, лергаш таIIадай IадIе. Нах-м шайн говрашкахь гIур бара, ткъа хьо, гIаш-гIуркхахь ваха воллура цига?

Нанас бIаьцаш еш а гина, цкъа дIатийра Коьра, амма ша долийнарг я чекхдаккха, я догдиллина саца лиъна, тIаьххьара а дехар дира цо:

— Iелига говр ехахьа суна...

Шога жоп делла кIентан догдохо а ца лиъна, вист ца хуьлуш сецира да. «Ванах, боккха болх бу-кх хIара, пхиттара ваьлча а ца кхета-кх хIара соьгарчу хьолах» — оьгIазоьхура иза. Амма кIант човхо ца лаьара.

— Цо-м, дера, шега ехча, говр лур ма яра, кIант. Амма еха бакъахьа ца хета-кх, — элира дас аз лахдина. — Кху аьхка а йигийтина цо хьоьга. ГIиллакхе дац юх-юха а ехар. ТIехула тIе, хьо цигашха дIавохуьйтуьйла а дац вайн. Вайгарчу хьолах хIунда ца кхета хьо? Хьо-х жима а вац, Коьра? ТIехаа говр, божа шуьстий-м хьехор бацара ас, шуна яа сискал, догIмаш хьулда тIелхигаш ца леталуш хала воллучу сан ойла ян а ца йо ахь? Ца го хьуна, тховса пIерасканан буса Айзас сагIина деанчу ахьаран канех йина чорпа а мелла охьадийшина и бераш? Узуш бежана дац вайн, дожа хьайба дац. Тховса даго дечиг а гихь деана ас. Ткъа ахь лома вахар хьехадо.

Чохь тийналла хIоьттира. ТIелхагаш кIел Iуьллучу деа берах цхьаммо, мара уьйзуш, хур-тIур дора. Хушшехь сийсара кхерчара тIеда гуьйриг а. Хьердаьлча санна, массо маьIIехула чугIертара дарц. Дега ала хIума дацара Коьрин. Иза бакълоьра. Коьрина шена а дика хаьара шайн боцу аьтто. Готанна етт, старгIий доьжна хала аьхначу ирзо тIера хIумма а ца елира царна. Йокъано дагийра ялташ. Етт, старгIий ду церан. Етт боьхкича — берашна хинболчу шуьрин Iайгах хеда. СтаргIа йоьхкича, южучу хIумане догдохийла дIайолу. Цхьацца нгара ялта кхоьхьуш, декхарийла боьлла уьш. Ткъа тахана карахь ялтин цинц бац. Керла ялта тIедан хьовха, бIаьста яла а бу ши бутт...

— ТIехула тIе, кIант, керстанах хIара мохк марша боккхур бу вай бохуш, хабарш юьйцуш, и герзаш меттахъхьедечу кегийрхошна улло а ма гIерта. Бус-буса цхьацца нхьа тобанашка а гуллуш, аш ен хьаьжар-гуьжарш цуьрриг товш вац со. И дерриг эрна ду. БIе шо кхочуш доллу вай гIазкхийх лета. Сан деда МаIаш а, сан да Мантак а велла церан карах. Со а къанвелла оцу тIамехь. Вай тоьлачуьра даьлла хIара.

ЦIенкъахь берзина когаш шелбелла Коьра, шена кIел цхьа гуьйриг оьзна, когаш кхерча а берзийна охьахира. ЧIогIа тата доккхуш къевкъира чуьйраш. Хеталора, йоьхьаш, вовший худа гIерташ, хьерчаш санна.

Коьрас бIаьрг туьйхира ден а, ненан а, йишин а яххьашка. Холбатахь яьллича санна, юьхьа тIехь бос бац шина зудчун. Шовзткъа шо долу нана а, вуьрхIитта шо долу йоI а цхьатерра къена хета. Хебарша аьхна ден мокха юьхь а. Сиръелла маж. Сийна пхенаш тIедевлла, гIарладоьлла куьйгаш. Хебба белшаш, царна чуийзина дацделла лаг. Биллина тIехь лаьттачу безчу балано саттийна букъ. БIаьргаш чохь дохк ю. Цара догдиллина дуьненах...

Церан терго тховса дуьххьала ца йинера Коьрас. Дукха хан яра цо пхийттара валаре сатуьйсу. Стага стагаца санна, деца къамел дан шена бакъо яларе сатуьйсу. ХIинца тIекхаьчча и хан.

— Дада, сан пхийтта шо кхочуш доллу хIинца, — долийра цо, къонахчо санна, паргIат, сих ца луш. — Тахана доьзалехь хьан гIоьнча ву со, кхана, хьол тIаьхьа а висина, доьзалан да хила деза а мега. Хьо воккха хилла. ТIе могаш а вац. Суна кIордийна хIара мацалла, хIара къелла. Сан дог деша, мацалла мажбелла, берзана сайн йижарий, вежарий гича. Тхуна дан гIо доцуш кийрахь йоьлхуш якъаелла чекхйолуш лаьтта нана. ГIайгIанаша кIелвитина хьо а. ХIинццалц аш со кхаьбба, хIинца шу кхаба рагI соьгахь ю.

Ден юьхь екхаелира кIентан тIаьхьара дешнаш хезча. Тховса ши сацам бинера цо: Хонкара кхалха а, Коьра бIаьста яллалц йолах ХортIарна балха вахийта а. И ший а сацам доьзале дIакхайкхо а безаш, амма ца хIуттуш Iара иза. Кхалхар-м, цара доьзалехь дукха хьехийна гIуллакх дара, иза-м хала а ца хетара цунна, тIаьххьара хIаъ аьлла чекхдаккха. Халаниг важа дара. Шен кIант нахана ялхо хIоттор. Иза дара цуьнан дайшна дуьйцу а цахезнарг. МIаьчигна шена гIенах а цагинарг. Ша санначу боьршачу стагана ваца шен кIант хIоттор. Амма кху къизчу дуьнено тIе ца хIоттош, ца гойтуш хIун ду.

Зударий шайн тIаргIа а къажбеш тапъаьлла Iара, шина боьршачу стеган къамеле ла а доьгIуш.

— ХIаъ, Коьра, вайн доьзалан гIортор ца хилча ер яц хьох, — долийра дас и хала къамел. — Мацалла дала йиш яц вайн. ХIуъу таро йина а, бIаьстенга довла деза. ТIаккха кхелхана нахаца Хонкара гIур ду вай...

Коьра, вагийча санна, хьалаиккхира. ШагатIулгаш хилча санна, тIаргIа дIасаоззийнчохь лацаделла дисира зударийн куьйгаш. ГIенах цхьана эрчоно кхерийнчу йоьIан нене кхойкхуш, Iадийна мохь белира тIелхигаш кIел. Зару цунна тIе хьаьдира.

— Вайшиннех цхьаммо ХортIарна йолах болх бан беза. Баттахь жа дажийча, мазала хьаьжкIаш ло цо.

Коьрин оьгIазаллех догу бIаьргаш цIехьана кхоьлира. Беран бос богу ховха балдаш, чуьра са дIадаьлча санна, кIайделира. Цхьана безчу мохьо таIийча санна, настарш егош охьаоьхура дегI. Иза юха а гоьрга тIе охьалахвелира.

ХортIарна же хIоттар! ХIан-хIа, цо иза дийр дац, хIокху дуьненан дерриг хьал шена схьадаларх. Цуьнан шина кIантана хьалхара. ТIехула тIе, Ровза...

Оцу минотехь Коьрина хьалхахIоьттира къайлах езачу хьомсара сурт. Дуткъа, хIинцца хецаделла, меженаш юзайоьлла дегI. ГIургIезан санна, дехо кIайн лаг, цкъа а Коьрига, ма-дарра, сурт ца хIоттало оцу тамашийна, цхьа шатайпачу куьце юьхьан. Урамехь дуьхьалкхетча Коьра шега хьаьжча, цIийлора цуьнан ховха беснеш. Къоьзан-Iам санна, сийна, цIена, кIорга цуьнан ши бIаьрг дIахьулбора дуткъачу, Iаьржачу цIоцкъамаша. Иза тIехъяьлча, саца а соций, къайллах цунна тIаьхьа хьоьжура Коьра. Дай болар, букъ буьзна стаммий, еха, дешин бос бетталу кIажарш. Дукха хан ю Коьрина иза къайлах еза. Вовшашка дош аьлла дист ца хиллехь а, хаьара Ровзина мелла а кхуьнан шега безам буйла. Амма Коьрина кхин а хаьара. Шен къеллиний, церан хьоланий юккъехь лаьтташ ворхI лам, исс корта болу саьрмак хилар. ХIетте а цо дог ца дуьллура шен безамах. ХIинца иза пхийттара волуш воллу. Цхьа кIезиг хан яьлча, миччахьа дIахIотта бакъо йолуш, вуьззина стаг хир ву цунах. И санна къелло хьийзораш, Теркал дехьа, гIалмакхойн аренашка а къолах боьлху. Бакъ ду, шайн доьзална напха даккхар бен, кхин хьал-м ца лоьху цига боьлхучара. Наггахь накъостийн декъий а, догIмаш тIехь луьра чевнаш а йохьу наха цигара. Цуьнан-м ойла ца йора Коьрас. Цкъа дуьсур долуш дуьне ду хIара. Тховса ду цара илли аьлча:

Вай делча денлур дац,
Къанделча къуонлур дац.
Вай диичу наноша
Вай духа дийра дац.

Жимачохь цабиънарг
Безам вайн мерза бац,
Ша висча лахьти чохь
И биъна стаг ма вац...

Хьанна хаьа, накъосташна коьрте а хIоьттина вахча, пачча-

хьан почта я гIалин банк яккха аьтто нисбала а там бу цуьнан. Оцу цхьана дийнахь цуьнан аьтто бала тарло и ворхI лам хадо, оцу саьрмакан исс корта божо. ТIаккха цо Ровзе майрра дIахьебийр бу ша даг чохь оццул лерина къайлахь латто безам! Амма Коьрас, ша я да, ХортIагIеран хьовх, хьеннан а чухIоьттича, цо Ровзех догдилла деза. Коьрин тIаьхьенна а тIехь юьсур ю и цIе...

Еккъачу цхьана Зазуна хаьара вешин къайле. Цо а сатийсира, вашас зуда а ялийна, ша ловзарга хьийзаре. Мел Ровзе догдохуьйла яцахь а, тIекхаьчча Зазус хьестара иза. Вешин безам. Вешин самукъе. Вешин дуьне.

— Дада, ахь дуьйцург хиндоцург ду! — хезира МIаьчигана Зарун сацаме дешнаш. — Вай мацалла лийр делахь а, я хьо а, я Коьра а нахана чухIуттур вац! ХортIел хьо а ца оьшу, Яьлбикел сан нана а ца оьшу. Сан вешел куьце, майра кIант кху юьртахь вац. Сайн нийсаршца яхь ю сан.

Да цуьрриг оьгIаз ца вахара. Ах оьзна дIа а яйина ша охьайиллина, лоьдгах хьарчийна, цигаьрка бага а йоьллина, хаьштига и лата а йина, боккха баькхина кIур чуцуьйхира цо.

— Къонахалле а, майралле а даькхача-м вайл ца толара уьш, йоI. Хьоло толийн-кх. Цунна къера ца хилча ца довлу вай.

— Кхалхар саций ахь? — тIаьххьара а йистхилира Зазу, ша къажбе тIаргIа охьа а биллина, гулйина латтийна настарш садаIа дIа а хоьцуш.

— Нах боьлхуш хилча, ца дахча довлий вай?

— Берриш-х ца боьлхий цига.

— ГIуллакх галдаьлларш боьлху.

— Доккха хIума ду-кх махках довлар... — елхар иккхира Зазун.

МIаьчига аз айдира:

— ЦIийзар диталаш. Дукха дийцина вай. Бус-буса дуьйцуш. Тоьар ду. Мичча девлла а, рицкъа ца лехча ца довлу. Со-суо а вац нехан йолахо хила реза. Амма кхин некъ бац. Я и дан деза, я къола дан деза, я сагIа деха деза. ТIаьхьарчу шиннал гIоли го хьалхарниг.

Коьра, шен берзина когаш цIенкъа а бетташ, чухула дIасахьаьвзира.

— ХортIар боьлхий цига? — хаьттира цо дега, цунна уллохь соцунгIа а хилла.

— Мича?

— Хонкара.

— Ца боьлху дера-кх.

— ТовсолтагIар, ИбрахIим-ХьаьжгIар, кхин и тайпа нах?

— Царна кхузахь а дац вон.

— Вай хIунда доьлху ткъа?

— Вайн аьтто бац, кIант. Уьш, шайн теттина мохк а, даьхний

а долуш, бехаш нах бу, вай пекъаршна гатделла кхузахь хIара дуьне.

— Царна мичара даьлла и хьал?

МIаьчига жоп ца луш, доккха садаькхира. Царна и хьал шаьш хьегначу къих ца IаьIнийла хаар дара цуьнан садуург. IаьIIа-кх, нах бухкуш, шаьш духкуш, гIийланиг хьошуш, хIаллакъеш. Шайн ден марчо а дуур дара цара.

— ХIан-хIа, дада, со реза а волуш гIур дац вай Хонкара. Амма ахь бохург ца дича-м ца довлу тхо. ГIалгIазкхий, паччахьана йохкаелла вайнехан писашший кхузахь ког хецца IайтархьамаI со винчу махках вала веза-кх? Цхьаболчар Сибрех дохуьйту боху, вукхар Хонкара кхелха боху. Цул цхьаннахьа ца дахча? Кху вешан махкахь летта делча?

— КIант, и Аьрзу а, Маккхал а, Берса а дика къонахой а, гIийлачунна дика вежарий а бу. Амма церан хьехамаша нахана зулам дийр ду. Цаьрга ла ма дегIа.

— Уьш бакъ ма лоь! — ша тешарг лардан хIоьттира Коьра. — Сибрех дахийтахь а, лийр ду вай, Хонкара дахча а лийр ду. Мацалла, махкаллаш дина! Со хIунда волу сайн махкара дIа? Кхузахь вай новкъа дерг дIавала! Цулла а вайгара дIабаькхина мохк схьалуо! ТIаккха хир ма яц хIара къелла а, мацалла а! Я гIазкхашца дов а. ХIан-хIа, тхол кегий долуш герз кера эцна аш! Оцу къийсамо къандина шу! Шу юьстахдовла. ХIинца ргI тхоьгахь ю! Къоначу чкъурехь. Шун некъ оха дIахьур бу.

«Гор Аьрзу яI, хIун дан гIерта-те шу! — ойла йора МIаьчига. — ХIара къона тIаьхье а хIаллакьян дохку-те шу!»

— ХIаъ, тхо дIадевр дац тхешан махкара, — карзахвуьйлура Коьра. — Оха цIанбийр бу гаурех хIара. Я летта лийр ду! Ткъа рицкъа ас вайна оьшуьйтур дац! Со охьенца къолах гIур ву!

— ХIейт, гор кIант яI! — гIадвахана велавелира МIаьчиг. Амма оцу веларца доза доцуш йоккха гIайгIа гора. — Цхьана хенахь тхешан дега ас дийцинарг ду ахь хIинца соьга дуьйцург! Шен дега цо дина хила а тарло изза къамел! ХIан-хIа, Коьра, кегий ду шу хIинца а. Селхана йина хьозанан кIорнеш. ТIемаш-м хьехор а дацара вай, атталла тхинчо а божаза. Вайна кхузахь маршо хир ю бохург дIадаьлла. Дукха бу керстанаш. ХIара дуьне дуьзна. Байарх уьш совца а ца белла, диси вай. Вайнехан масех тIаьхье летта царех. И ахь боххург дуьйцуш, гIуьттура царна дуьхьалIийлла хIор къона тIаьхье. Тхол баккхийнаш тхоьга кхойкхура шайн метта хIиттаре. Уьш тешара толамах. ХIетахь мостагI вайн махкахь вацара. ХIетахь цунна дуьхьало ян хIинцачул атта дара. ХIинца оха, даккхийчар, догдиллина толамах. Зингат санна, вайн махка ваьржина мостагI. ЦIазо санна, талийна, хIаллакбина вайн мохк. Вайна юкъа гIалгIазкхийн ярташ ехкина. Церан гIап, эскарш доцуш маьIиг яц. Лаг лаьцца вайн. Денна тIекъуьйлу иза. Садукъош лаьтта. Кхолха гонна юкъа доьхкина. Шу карзахдохуш АьрзугIар бу. Цаьрга ла ма дегIа. Вешан устаза бохург дер вай. Дала цаелларг маршо яц. Вешан болх даллий, элчанний, устазаний тIе а биллина, бIаьста нахаца Хонкара кхелхар ду вай. Хьанна хаьа, цигахь гIуллакх вон ца хила а мегий. Кхузахьчул хала-х хир даций. Мухха делахь а, вайца цхьана динехь бусалбанаш ма бу уьш. Бусалба паччахь ву цигахь. Оцу тIехь сацам чекхболуьйтур вай...

Дас бинчу сацамо харцийра Коьрас йоьгIна дашо гIала.

VII корта ГУЛАМ

Даймохк ларбеш гайтина майралла — къонахалла ю, разбойникан майралла — зуламалла ду.

А. А. Бестужев-Марлинский.

1

Областан эскарийн командующин Лорис-Меликовн омрица Нохчмахка веана полковник Муравьев а, цуьнца кхин цхьа керла эпсар а валош, тахана Гати-Юьрта кхаьччера Ичкерински округан начальник полковник Головаченко.

Керлачу юьртдас ХортIас доккха шун хIоттийра хьешашна. Иштачу меттигана цо Соьлжа-ГIалара эцна, чохь сурт гун Iаьржа лак хьаькхха йоккха стол, тIе кIайн шаршо а яржийна, даарех, маларех йоьттина яра. Хьеший стоьла гонах ховшуш чуккечира цара шайна талмажаллина кхайкхина ГIачалкхан дукъаца йолчу яртийн наиб, милицин майор Шамурзин Бота.

— Яалаш, хьеший, яалаш! — гонах хьийзара ХортIа. — Шайна оьшург алал аш. Хьозанан шура а карор ю вайна! Хьан оьздалла, хьо юьстара кхийдаш ма хетало! ХIара чагIар доттий ас хьуна?

Сатталц диъна, мелла бевлча, хIусамдена баркалла а аьлла, Ботина тIевиразира Муравьев:

— Господин майор, хьуо дукха кIадвелла вацахь, хIусамдеца аравале, юьртара нах майдана гулбехьа.

Бота, шозлагIа ца олуьйтуш, ХортIица цхьаьна аравелира.

— Иза хIун нохчо ву, господин полковник? — хаьттира дукха хан йоццуш Нохчийчу веанчу штабс-капитана фон Клингера, Ботин букъ неIарх ма тилли. — Хабар, лелар а кадрови эпсарчух тера ду цуьнан, тIе оьрсийн мотт а хаьа шера.

Полковник Муравьев велавелира.

— Иштта шера хаьа цунна французски а, польски а меттанаш. Гвардейски эпсар ву иза. Нийсса аьлча, хилла-кх.

Фон Клингер цецваьлла ладоьгIна висира.

— Хьуна ца хезна цуьнан истори? — цул а цецваьлла хаьттира Головаченкос.

— ХIан-хIа. Со керла ма ву кхузахь.

— О, тамашийна стаг ву Шамурзаев!

— Полковник, ахь йийцахьа цу майоран истори. Дукха йийцина, кIордийна суна.

— Дийцахьа, господин полковник!

— Дика ду. Мукъа ца Iар хир! Цхьацца ца дийцахь, кху Iуьргахь сагатделла а лийр ву. Амма цкъа хьалха къамкъарг тIунъяи еза.

Фон Клингера, каде хьаланккхина, чагIарх шайн кхо стака дуьзира.

— ХIаъа, тамашийна ю Шамурзаевн истори, — волавелира Муравьев, дассаделла шен стака охьа а хIоттийна, мекхех куьг а хьаькхна. — Тохара, Алексей Петровичан заманахь, вайн эскарша цхьа юрт дIалоцуш цигара берриш бахархой хIаллакьхилира, исс шо кхаьчна цхьа кIант воцург. Иза а карийнера чов хилла Iуьллуш. Салташа шайца гIопе веана иза, чов йирзича, хIетахь корпусни командир хиллачу баронан Розенан вашас шен доьзале дIавигийтира. ХIара нохчий, шаьш акха бехаш белахь а, хIуманах дика кхуьуш, хьекъале адамаш ду.

— Хезна суна, иштта виггачу шина кIантах тIаьхьа Россехь цIеяххана ши стаг хилла бохуш, — мелла а шен хаарш гайта лиъна, юкъавуьйлира фон Клингер. — ШийтталгIачу шеран тIамехь гIараваьлла майра инарла Александр Чеченский а, художник — академик Петр Захаров а.

— Розенан доьзалехь лаккхара европейски образовани а, кхетам а болуш кхиира хIара Бота а. Боккхачу кхиамца эскаран школа чекх а яьккхина, башха эпсар хилира цунах. Цкъа цхьанхьа Бота гинчу воккхачу эло Константина шен свите вийхира иза Розене. ХIетахь Польски паччахьаллехь ша наместник волуш. Паччахьан вешин дехар кхочушдан дийзира баронан. Кестта воккхачу элан уггар гергарчех цхьаъ хилира Ботех. И майра, хьекъале куьце эпсар даггара везавеллачу наместника, цунна зуда яло дагахь, шена иза керста дине верза лаар хьахийра цуьнга. Амма Ботас баркалле хьовзош, ша цу балхана резавацар хаийтира. Берахь ша ваькхинчу махке сатуьйсучу Ботас Кавказехь гIуллакх дечу эскарехь хила шена лаар хаийтира, говза далийнчу дехарца.

— Майра, оьзда дехар ду иза-м! — бIаьрг буьзна вистхилира фон Клингер. — Ишта доьналла долуш нах кIезиг нисло.

— Константина кхочушдира Ботин дехар, — дуьйцур Муравьевс. — Кхуза схьавеана иза Ташкичу-гIопехь гIуллакх деш сецира. ХIетта юкъаваьллачу Шемалан ДегIастанахь цкъа кхиам, юха эшам хуьлчу шерашкахь дара иза. ДегIастанахь вохийна имам ведда Нохчамахка вар а, кхузахь шовзткъалгIачу шарахь хилла гIаттам а, вайн юьхьанцара эшамаш а хьуна хууш хир бу. Ломахь хуьлчу гIуллакхашка лерина хьоьжу Бота, вайн эскарийн юьхьанцарчу эшамех, нохчийн кхиамех Iехавелира. Шемал тоьлар

вуй, тІаккха ломахь феодальни пачхьалкх кхоллалур юй, хьалххе цигахьа ваьлларг оцу пачхьалкхехь имамал дукха лахахь хир вацций моттаделла Бота, вайн администрацица дов а даьккхина, ведда нохчашна тІе вахара.

— И шен куралла бахьана долуш, цхьаьнцце тар а ца вела, — тІедуьйзира Головаченкос, схьаэцна котаман гІогІ саттийна каг а деш.

— Имама воккхавеш тІенйцира Бота, — бен доцуш дуьйцура Муравьевс, ша хьалалаьцначу хрусталан стаканах чекх а хьоьжуш. — Муха ца оьцу, оьрсийн эскарийн тІеман говзалла, кхузара вайн эскарш, инарлаш шен пхи пІелг санна, шера бевза эпсар. Ботех наиб а, шен разведкин начальник а вира имама. Дукха хан ялале цуьнан каравелира Нохчийчуьра масех наиб. Царна юккъехь вара гІараваьлла мичкхойн Эски а. Шен мах хуу Бота сихха куравелира. Шен куьйгалли кІел болу наибаш хьийзо а, Шемал ца лера а вуьйлира. Иза а кІезиг хийтира цунна. Хьолана сутарчу цо муьлххачу а некъаца стамдора шен хьал. Наибашлашь уггар майра а, хьекъале волчу цуьнан мостагІий де-дийне мел дели алсамбуьйлура. Хаддаза имамана тІеоьхура Ботина ден аьрзнаш. МогІарчу нахера хьовха, наибашкара а. Царна юккъехь интригаш йолаелира. Оцу интригашкахь дакъалоцуш вара Эски а. ДІателлича, Ботина ден аьрзнаш бакъ карийнчу Шемалан иза коьртачу наибан декхарх мукъаваккха дийзира. Ботас чІогІа лечкъабора имаме а, шен мостагІашка а, наибашка а цабезам гІаттар. Аьтто лоьхура биэкхам эца. ТІехула тІе, Шемалан гІуллакх а юханехьа дирзира. Кавказски линера берриг тІеман ницкъ Нохчийчу берзийнчу вайн эскарша хаддаза толамаш бохура. Ботина гира Нохчийчоьнан оьмар еха цахилар. Хиира цунах хаьдча Шемал дІаволийла. 1851 шарахь вайн командованис Нохчийчу йоккха экспедици кечъеш юйла а хиъна, Шемал цунна дуьхьал ницкъ вовшахтоха вуьйлира. Нохчийн эскаршна гІоьнна ДегІастанера масех эзар стаг гулве аьлла омра а дина, царна сурсаташ эцар тІедуьллуш Ботига дуккха а датон ахча делира имама. Оцул ахча керакхаьчча, цунах ялта эцаран меттана, оцу ахчанца ведда веана, тешамций, бакъдолчуьнций Барятинскийна гІуллакх дан хІоьттира иза.

— Ткъа фельдмаршала хазахеташ тІеэцна хир ву иза? — цецвуьйлура фон Клингер.

— Муха ца оьцу! — велавелира Головаченко. — Маракхетта, коьртах куьг а хьаькхна, хьаьстира. Хилларш дагалоьцучун бІаьрг болийла аьлла.

— Эрна витина, эрна, — корта лестабора штабс-капитана. — Ишта нах тІаьхьа бале ма бовлу.

— ХІан-хІа, хьо гІалатвуьйлу, капитан, — дуьхьало йира Муравьевс. — Бота санна хьекъале, майра нах пайдехь хуьлу тІеман заманахь мостагІчунна дуьхьал. Колонишкахь машаре заманахь а оьшу. Фельдмаршал хьаха вара хьекъале. Оцу дийнахь дуьйна Бота шена уллора дІа ца ваькккхира цо. Нохчийчоь йохочу 1852 шарахь Бота шена уллохь ца хиллехь, вайн кхиамашка догдохуьйла яцар чІагІдора Барятинскис. Доцца аьлча, оцу дийнахь дуьйна вайн инарлийн керахь дийна къилба, топографически карта дара Бота. Некъаш гойтуш иза хьалха ца хиллехь, къемата а кхачалун доцчу юкъаршка дигара цо вайн эскарш, зен-зулам ца хуьлуьйтуш.

— Цул сов, господин капитан, вайгахьа волуш цо шеца ялийра хьалха Шемална гІуллакх деш хилла ерриг разведкин аппарат, — тІетуьйхира Головаченкос.

— Шш-ш! Чувогіуш ву иза...

Оцу минотехь, ХортІа тІаьхьа а волуш цІа чу ваьллачу Ботас хаам бира, юьртара берриг борша нах маьждиган майдана гулбелла лаьтта аьлла.

— Баркалла хьуна, господин майор, — элира Муравьевс, — Охьахаал ,арадовлале цхьацца кад дІамала вай.

Капитан даррехь Боте хьежа хІоьттира.

— Шемалан уггар толамечу шерашкахь, хьо цуьнан аьтту куьг хилла лаьттина бохуш хезна суна. Бакъ дуй иза? — хаьттира цо.

Капитанан хаттарехь цавашар хетаделла Бота, корта курра агІор а саттийна, буьрса цунна тІевогІавелира. Амма шена хетаделларг цуьнан бІаьргашна чохь ца тосаделча, бос хийцира.

— ХІаъа, иза айиичех цхьаъ ву со а.

— Амма, господин майор, суна хазарехь, Шемал воккха полководец а, хьекъале баьчча а хилла. Иштачу стеган ницкъ кхочур бара аьлла хета суна, кхечара гІо ца дича а, ша шен лаккхаваккха?

Ботас, вела а къежна, белшаш саттийра.

— Шемал хьекъале, майра, Іелам а стаг вара. Амма хьуна вуьйцу ма-хаззара тІеман стратег вацара. 1812 шарахь хиллачу тІамехь а, оьрсийн эскарша баьхначу толамашкахь а Александр Хьалхарчун мел дакъа хилла хаьий хьуна? Изза вара-кх Шемал хІокху ламароша вайна дуьхьал бинчу тІамехь.

— Со кхетац ахь аьллачух?

— Кху Нохчийчохь оьрсийн эскаршна тІехь баьхначу толамашкахь цхьа а тайпа дакъа дац цуьнан.

— Собар цкъа...

— ХІаъа, Шемала цхьа а толам ца баькккхина. Цхьана а тІамна тІехь цо куьйгалла цадарна. Амма Шемал ша хьекъале администратор а, говза идеолог а вара, ламанан халкъашлахь доккха сий долуш. Цундела, халкъаш делах санна тешара цунах.

— Мила вара ткъа кхузахь и тІеман толамаш баьхнарг? Хьо-м вацара?

— Цуьнан наибаш. Цаьрца цхьана со а.

— ХIета, Шемалан шен кутузовгIар, багратионгIар, давыдовгIар хилла-кх?

— Цунах тера догIу.

— Масала?

— ЦIонтаройн ШоIип, алдойн Юсуп-Хьаьжа, шелахойн ТIелхаг, мичикахойн СоIду, Эски а, кхин, кхин а. Юсуп-Хьаьжа, европейцийн маттахь аьлча, Шемалан генеральни штабан начальник а, премьер-министр а вара.

— Гиххойн Сайдулла а, шотойн Атаби, курчалойн Ботукъа а, гендарганойн Iиса а, — цIераш тIетуьйхира Головаченкос.

— Аш дийцарехь-м, Шемала тIом бина а ма бац! ХIета и шен ткъаясна чов мичара яьлла цунна?

— ТIамехь ши чов хилла цунна: Гимрахь, Ахульгохь а. Цхьа чов — Хунзахерчу маьждига чохь дов даьлча. Шийтта чов Чобаькхинарчу бIаьрзечу нохчочо ГIубаша йина. Важа йисина йиъ чов ламанан нохчаша йина, иза шайна ницкъ бан воьлча.

Клингера, цецваьлла, корта хьийзабора.

— БIаьрзечу нохчочо а хIунда верина иза?

— Иза еха истори ю, — доккха садаькхира Ботас, — Ша тIевоьссинчу хьешан къона йоI шена йига гIоьртина хилла Шемал. ЙоьIан бертаза. ЙоьIан нана яцара, ткъа да тIаме вахана цIахь ца хилла. Имаман дагара хиъначу йоьIан ненашичас, бIаьрзечу ГIубаша, буьйсанна ха дIатийначу хенахь Шемал волчу цIа чу а вахана, жима а, йоккха а шийтта чов йина цунна. Иштта ю бохуш дуьйцу оцу чевнийн истори.

— Ткъа бIаьрзечух хIун хилла?

— Дуьххьара чуиккхина ши хехо ГIубаша вийна, тIаккха тIаьхьа чулилхинчу муртазекъаша схьа а лаьцна, когаш, куьйгаш а дихкина вигна, вийна. Цхьаболчар дуьйцу, цIестан чари чу а виллина, кIел цIе а латийна вагийна бохуш, кхечара — Iай, арахь хи чохь долчу ной чу а виллина, гIорийна вийна бохуш. Бакъ муьлха ду-м хаац.

ХортIас чай доьттира массарна а.

— Дерш, доцурш а дуккха а кхоьллина Шемалан цIарна гонаха, — элира Муравьевс, — Хала ду царех харц, бакъ къасто. Амма суна цхьаъ хаьа бакъ а долуш. Шемал-фанатик цахилар. Динан фанатик оцу шен динан идейн дуьхьа ле бIаьрганегIар ца тухуш. Ткъа Шемал даима ларлора кхерамах а, эрна Iожаллех а. Суна хетарехь, цуьнан идей кхин яра — ша схьалаьцначу некъан, маршонехьа къийсаман идейн дуьхьа вахар. Цуьнан дуьхьа даима шен са лардора цо. Масала, Гимрахь, Ахульгохь, тIаьххьара а Гунибехь а. Массанхьа а кIелхьаравала хьекъал а, мекарло а хуьлура. Хунзахерчу маьждига чохь дов даьлча цо динарг хезний шуна?

— ХIан-хIа, — ладогIа кечвелира Клингер.

— Цуьнан шен кIанта, Мохьмад-Шафис дийцина хIара. Хьамзат-бека а, Шемала а Хунзахера бекаш бойу хан ю иза. Буьйсанна хилла и дов. Бодашкахь. Ма-хаъара, Хьамзат-бекан уггар гергара гIоьнча вара Шемал. Цундела уггар хьалха и ши коьртахо вен гIоьртина бекаш. Гуттар дов марсадаьлча, цхьана беко мохь тоьхна: «Шемална тоха, кIайн куй болчунна!». И мохь хезначу Шемала, шена уллорчу мурдан коьртара Iаьржа куй катоьхна схьа а баькхкхина, иза шен коьрта, шен кIайн куй цуьнан коьрта тиллина. Мурд вийна, ткъа Шемал яй чов хуьлуш кIелхьараваьлла.

Цхьана юкъана тийналла хIоьттира чохь.

— Адамаллин исторехь цхьа а гениале стаг ваьлла вац гIалаташ, ледарлонаш йоцуш, — чайнах дассаделла стака юьстах теттира Ботас. — Европан цивилизованни паччахьашкара дийлина гIалаташ-м хьовха, даррехь цара йина къизаллаш а гечйо вай, царна цхьацца бахьанаш а лоьхуш. Ткъа Шемалан, оцу боданечу ламарочун гIалаташ ледарлонаш, и сийсазвеш, аьшнашвеш кхайкхайо. Иза нийса дац, господа, данне а нийса дац.

Фон Клингерна тоам ца хиллера хеттарех а, жоьпех а.

— Господин майор, хьан къамелехь хаало, ахь Шемал мелла а лоьруш хилар. ХIета, цунна а, хьайн халкъана а тIе уггар хала киртиг тIехIоьттича и шиъ дIа а тесна, церан дуьхьалончан агIонгахьа хIунда велира хьо? Нагахь иза къайле яцахь, цунна жоп лохьа.

Ботин велар иккхира. Схьахетарехь и хаттар дуьххьар ца хезнера цунна.

— Кхузахь къайле йолуш хIумма а дац, капитан, — бен доцуш вистхилира иза, — Беран хенахь сайн махках, халкъах ваьллехь а, кхечу къомо, кхечу юкъаралло кхиинехь а, цIийца а, дагца а даима сайн халкъан кIанг хилла со. Сан халкъ шен маршонехь оьрсийн Iедална дуьхьал гIаьттича цунах дог а лезна, цунна сайн ницкъ кхочу гIо дан цуьнгахьа велира со. Амма и къийсам эрна буйла хиъча, оцу къийсамехь сайн халкъ хIаллакьхила герга дахча, боданечу имамо а, цуьнан наибаша а сайн халкъана цкъа а маршо а, серло а лур йоцийла хиъча, Шемалах дIакъаьстира со. Сехьа а ваьлла, сайн берриг ницкъ оцу иттаннаш шерашкахь эрна Iенош долу халкъан цIий сацорна тIе, кху лаьмнашкахь ма-хуьллу сиха машар, синтем хIотторна тIе бахийта.

— Ткъа ахь, оцу хьайн халкъана дуьхьал тIамехь дакъалацарх муха кхета веза?

— Оцу тIамехь дакъалацар а ду тайп-тайпана. Цхьаболчара адамаш дайара, ярташ, ялташ, бошмаш, цанаш ягайора, ткъа со, сайн ницкъ ма-кхоччу и къизаллаш ца хилийта гIиртира. И дерриг а далла дика хаьа. Кхин цхьа бахьана а дара со оьрсашкахьа валаран. Девлатукъа цIе йолуш майра а, тешаме, оьзда а доттагIа вара сан. Цхьа а бехк-гуьнахь доцуш, цхьана нехан харц

маттаца иза вен кхел йира имама. Иза бехке цахиларна тешаллаш далош, цунах къинхетам бар доьхуш дукха корта биттира ас Шемале. Амма имама со тергал ца вира. Сан доттагI вийра. Суна хаара сайх а изза хир дуйла, со а коьртах вала герга вуйла. Имамана бIаьрга ван ца везара шел майра, хьекъале, оьзда а стаг. Шен аьтто куьг, шен коьртан хье хилла лаьттанчу алдойн Юсуп-Хьаьжех хIун дира имама? Лаьцна ДегIастанан къорачу лаьмнашка а вигна, зиндана чу тесира. Ведда Барятинскина тIе ца веанехь цига холбатахь велла хир вара иза. Изза кхоллам кечбинера Шемала суна а.

Фон Клингер белшаш хьала а тухуш, муцIар а саттийна дIатийра.

Муравьев хьалагIаьттира.

— Господа эпсарш, и къамелаш дитий вай? Историс а, хено а къастор ду харц мила хилла а, бакъ мила хилла а. Ткъа хIинца, господа, кху комаьршачу хIусамера арадовлале, хIусамден цIарах цхьацца кад малар вайн декхар хета суна. ДIалацал бокалаш. Хьомсара Хурда, цкъа а ирс, беркат ма оьшийла хьан хIусамера. Ахь дагалаьцнарг дерриг кхочушхуьлда хьан. Цуьнан локхаллин, областан начальникан Лорис-Меликовн цIарах ас баркалла олу хьуна, тахана ахь доггах динчу гIуллакхана.

— Баркалла хьуна, хьан оьздалла. Со воккхаве сан мискачу хIусаме шу дахкарх. Цуьнан локкхалла Лорис-Мелик а, Туману а тешна хила мегар ду, тхо оьрсийн Iедална муьтIахь лэш хиларх.

— Хьан пурбанца, господин полковник, ас баркалла олу майорна Шамурзаевна а, — тIетуьйхира Головаченкос. — Кху лаьмнашкахь тIом сацорехь, машар хIотторехь ламарошна а, Россина а Iаламат доккха гIуллакх дина ахь. Оцу тIехь кхидIа а ахь хьайн ницкъ, хьекъал, хаарш ца кхоош хьайн халкъана а, Россина а гIуллакх дийриг хиларх теша со. Дала аьтто болда хьан!

2

Гати-Юрт йилличхьана дуьйна мел доккха а, жима а гIуллакх дийца, къасто дезаш меттиг нисъелча, рузбанан маьждиган майдана гулло гатиюьртахой.

ТIеман заманахь даима, орцанан хаам ма-хеззинехь, кхуза гуллора адам. Кхузара дIабоьлхура уьш тIаме а. Цуьрриг даг тIехь кхерам боцуш. ХIоранна а хаьара, цхьанахьашха шайн юьртана тIевогIуш мостагIа вуйла. Нагахь шаьш и ца сацавахь, цо юрт ягор юйла. Цкъа дина ца Iара иштаниг. Гатиюьртахой боьлла дерригенах а, Iожаллех а. Уьш цунах кхерац, цкъа а ца кхийрина. Кхерар-м хIунда хьехадора, цунах боьлуш, цуьнца ловзура

уьш. Амма хIинца, маьждиган майдана кхойкхуш юьртан туркхан аз хезча, церан кийра ша лацало. Куьйгаш малло. Дегнаш Iийжаш хьуьйсу уьш шайн ахдерзинчу берашка. ТIаккха, церан бIаьра а ца хьовсалой, сихха дIабоьрзу. Хьалха тIом бара. Дуьхьал а хIоьттина мостагIчух латар кхераме дацара, мелхо а хьурмате дара иза. Шен даймехкан дуьхьа са дIадаларал доккха ирс хила йиш яц. Къонахчун декхар ду иза. Амма даймохк, дайн кешнаш дитина генарчу, хийрачу Хонкара я, тоьпана хьалха а ваьлла, шийлачу Сибрех вахар. И хала ду.

ДIаяьлла церан дуьненан самукъе. Царна гина а дац ирсан денош. Мацах цкъа, оьрсийн паччахьо шен эскарш кху лаьмнашка ца лоьхкучу хенахь, церан дайша эцна хила а тарло ирсах марзо. Амма кху тIаьххьарчу кхаа тIаьхьенна ца хиъна цуьнан чам. Дала массарна а цхьатерра лепа кхоьллина малх царна дIабуьзна дукха хан ю. Массарна а лепа декхар дара иза — адамашна а, дийнаташна а, ораматашна а. Дерриг Iалам доккхаде цунах: схьакхеттачу хенахь и декъалбо цара, чубузчу хенахь, Iодикайой, дIахьажабо. Ткъа гатиюьртхошна бан а бац иза. ХIинца дуьйна дIа йиллина буьйса хир ю царна. ХIан-хIа, муьлхха а буьйса йоцуш, ткъа хийрачу махкахь, Iаьржа, Iазапе буьйса.

Цкъа молланаш, тIаккха хьаькмаш богIуш, тIаьхье ца хедаш могIа бу Гати-Юьрта оьхучу нехан. МIаьчиган корта хьовзийна цара. Тахана а веана боху ши полковник, цхьа эпсар. И Шамурзин Бота а валош.

ХIун дохьуш баьхкина-те уьш?

МIаьчиг маьждиган майдана кхаьчча, кхузахь гулбелла бара берриг гатиюьртахой. БеакIов цостуш тобинчу гIамаран можачу тIулгах доьттинчу маьждиган лекхачу пенаца диллинчу дукъо тIехь Iара юьртан тхьамданаш. Вокх-воккхачо царна уллохьа шен-шена меттиг дIалоцуш, юккъехь беса гуо буьтуш, дIахIиттира нах. Царна юккъехь бара хено тишбина, шуьйра накхош хьулдина кIайн мажош йолу баккхий нах, гIеметтахIиттина къонахий, хIинцца маж-мекх даладоьлла кегийраш. Даима санна, хIоре веанера герзах воьттина. Беркъачу барзакъна тIехула йихкина шаьлтанаш, коча тийсина тарраш, доьхкарех йоьхкина тапчанаш. Наггахь волчун букъа тIехьа вертанан беттанаш чохь бархI саболу мажарш. Кхоьлина яра къонахойн яххьаш. Уьш синтемза хьуьйсура полковникаша къамел долоре. Ткъа вуьйш шекбоцуш лаьттара. Малхехь лепара белшаш тIера дашо варкъ диллина погонаш. Лергашна лаха довллалц дуькъа, хьийзина гиччойн кан дуьтуш, цIена яьшна мажош, юьхьигаш ирхъхьийзийна мекхаш. Дусаделла цIоцкъамаш, хабийна хьаьжан яккъаш. Деза, стаммий, лекха догIмаш. Дерриг церан арахьарчу куьцо гойтура царна шаьш кху мехкан дай хетар. Лен чов йина охьадиллина экха шена тIехIоьттинчу таллархочуьнга санна хьуьйсура цаьрга майдана гулделла адамаш.

И хьаькимаш санна, Шамурзин Бота а лакхара хьоьжура шен махкахошка. Горга, юьзна юьхь-марш, йоца Iаьржа маж, шина агIор дехха охкаделла Iаьржа мекхаш. Бага кхевддина нийса мара, лекха хьекъале хьаж. Айаделлачу дуькъачу цIоцкъамаш кIелхьара Iаьржа, кегий буьрса бIаьргаш сих-сиха ткъесах кхерстара тобанна тIехула. Оьрсийн сийначу машех динчу чоийна тIехула оьзна гIодаюкъ Iовддуш дихкина кхелина доьхка а, цунах тесна кхелина шаьлта а.

— Ладогlал нах! Соьлжа-ГIалара веана полконак къамел дан воллу! — кхайкхира ХортIа гонна юккъе а ваьлла.

Муравьевс, ши гIулч хьалха а тесна, мекхех куьг хьаькхна, яй йовхараш тоьхна, къамел долийра. Шен маьхьаречу озаца, амма парггIат, чам боккхуш санна, массо дош дахдеш, цхьана ткъех минотехь къамел дира цо. Гулбеллачу наха тапъаьлла ладоьгIура. Царна юккъера ши-кхо стаг воцург, цхьа а ца кхетара цо дуьйцучух. Бакъду, иза туркойн а, Мусин а цIе яха воьлча царна хиира, цо дуьйцург нах Хонкара кхалхарх лаьцна дуйла.

Полковник, шен къамел чекхдаьккхина, Ботига хьаьжира. Корта таIош, цуьнга дIа а хьаьжна, гонна юккъе ваьлла дIахIоьттира Бота.

— ХIан-хIани, гатиюьртахой! ХIокху шуна хьалхалаьттачу эпсарех цхьаъ, шуна ма-вовззара, Нохчмехкан округан начальник ву, ткъа хIинцца шуьга къамел динарг, Теркан областан начальника, цуьнан локхалло, инарла-лейтенанта Лорис-Меликовс ваийтина полковник Муравьев ву. Областан начальникан а, цуьнан императорски локхаллин, Кавказан сардалан, воккхачу элан а бартаца хIара полковник нохчийн ярташка хьажийна, Хонкара кхалха ойла йолчу нахе къамел дан, уьш кхето. Вайнахана юккъехь эладита даьржина, бIаьстаяьлча нохчашкара цкъа герз, тIаккха латта дIадоккху, юха махках баьхна, оьрсийн махка а бигна, цигахь, дуьне мадду, уьш баржор бу, кхуза баха гIалгIазкхий ховшор бу бохуш. Оцу эладитано догдаьккхина дуккха а нах, бIаьстаяьлча дийнна ярташца Хонкара кхалха кечлуш бу. И ойла йолуш нах бу шун кхузахь а. Сардала хIара полковник ваийтина нахе и хабарш бух боцуш хилар хаийта. Шуьгара латта цхьаммо дIадоккхур дац, мелхо а шуна тIечIагIдийр ду боху хIокхо. Шу махках даха ойла яц Iедалан. Шу салтдаха дага а ца деана. Iедалан хIун гIуллакх ду, шу махках дохуш, шена бала бан? Амма кхин цхьаъ ду боху хIокхо. Шайна латта тоац бохуш, диллина Iедале деш аьрзнаш ду боху шун. Iедалан дац шуна дала латта.

— Хир ду, тхоьгара дIабаькхина мохк бухаберзабахь! — юккъера схьа мохь туьйхира цхьаммо.

— Хьайна белларг схьало!

— ГIовгIанаш! Дийцина валийта!

— Iедал шера кхета шуьгарчу халчу хьолах, — шеквоцуш шен къамел дора Ботас. — Амма йоцчунна тIера шарбал яккхаелла яц ворхIанга а. Доцург — доцуш ду. Шуьгара Iазап гучу инарла Кундуховс, Iедало шега аьлла хIумма а доццушехь, сардале хьахийнера Iедало бакъо лахь, шеца кхалха резаболу нохчий а эцна, ша Хонкара кхелхар вара бохург. ТIаккха буьсучу нахана лаьттан шорто хир яра аьлла. Сардала цунна жоп делира, цхьа а нохчо нуьцкъала махках воккхур вац, амма шена дIаваха луург сецор а вац аьлла. ДIабоьлхачийн а, бухубуьсчийн а дуьхьа. Амма Iедална бен дац нах цига бахча а, бисча а...

— Седа дуьхьал бахча а! — эккхийтира хьалхалерчу озо.

— ТIаккха, яханчу аьхка инарла Кундухов Хонкара вахара. Цигахь Хонкаран паччахье цо дийцира, ДегIастанера хьан динан вежарий холчохь бохку, латта доцуш мацалла бIаьрза хьийза, уьш хьайн махка битахьара аьлла. Хонкаран паччахь Iабдул-Межед резахилла, вайнах тIеэца. Мусина цо дош делла, цига богIучу нохчашна, хаза, хIокху махкаца богIуш, къасттийна мохк бала а ,цIенош дан а, уьш ког-метта хIитталц ялтиций, хIуций кхачо ян а. Оцу хьокъехь цо хаам бина Тифлисерчу сардале. Юха а бохху шуьга, нах! Iедало нуьцкъала цхьа а стаг цхьаннахьа а воккхур вац, амма ваха луучунна шуьйра некъ буьту. Бакъду, Хонкара кхалхар цхьаболчарна ма-моьтту атта а хир дац. Шуна моьтту хир ду, шайн сал-пал хьарчийна, ворданаш тIе а хевшина, хIайда аьлла, шаьш дIадахчахьана чекхдолу. ХIан-хIа. Кхечу паччахьан махка воьдучуьнан керахь оцу паччахьо дIавоьхуш кехат а, кху Iедалан паспорт а хила деза. Кхин хIун ду? Дерриг адам цхьана-метте дIакхелхича, туркойн Iедалан ницкъ кхочур бац, шуна а, шайна а юьхькIам боллуш шу тIеэца а, дIатарда а. КIез-кIезиг тобанаш йохуьйтур ю. Кху бIаьста цхьаберш, тIедогIучу шарахь кхин. И ца дахь, шайх хIун хир ду хаьий шуна? Стохка цхьана-метта тIекIел масех бIе эзар цига кхелхина эдагий нийсса ах хIаллакьхилла. Шух и ца хилийта гIерта Iедал. И боху кху полковника.

Ботас, ша ваьллийла хоуьйтуш, корта а таIош, полковнике цхьа ши дош элира.

— Хеттарш дуй церан? — хаьттира полковника.

— Полковнике хатта хIумма а дуй шун? — сихха нахана тIевирзира Бота.

Нах цхьаьна юкъана ладоьгIна бисира. Хатта а, дийца а хIуманаш-м дукха дара церан. Амма ша-ша хьалха гIорта гIиллакхе ца хетара. Церан хьийсарш соьцура юьртан тхьамдина Бештона а, тхьамданашна уллохь лаьттачу Маккхалний, Аьрзоний а тIехь.

— Вуй шух цхьа а хаттар дан лууш? — мохь туьйхира Бештос, — пурба ду шуна.

Юккъехьо лаьтта МIаьчиг, нах дIаса а теттина, хьалхавелира:

— Ас хоттур дара.

Бота цIоцкъамаш хабийна, жергоне хьоьжура коьрта тиллина,

чорха тIе лаьцча санна, йистош яшаелла, кхакханан куй а, дерзинчу дегIа тIехула юьйхина модаша юьзна тиша гIовтал а, цунна тIехула, эттIа, летийна, хьакхарша Iаржйина кетар а йолуш, оза вехачу стаге.

— Цига кхелхачунна Iедало гIо дийр долуш, доцуш муха ду?

Ботас хаттар гочдира. Полковника сихха жоп делира.

— Некъана харж йийр ю Iедало. Новкъахь дохнана докъар а... Цул сов, шайн сов-ков хIума йохка луучарна аьттонна Шелахь, Несарахь, Оьрза-ГIалахь базарш ехкина. Амма, цIеношш, латтий дохка бакъо хир яц.

— Ткъа Киши-Хьаьжи а, цунна тIаьхьа лецна нах а Хонкара бохуьйту бохург бакъ дуй?

— ХIаъа, уьш цига дIабахийта аьлла, омра ду паччахьан.

Майданахь гIовгIанаш евлира. Мила хьаьнга луьй ца хаьара. Цхьаболчара эпсаршка маьхьарий деттара, вукхара вовшашлахь къийсара.

— ХIинца-м аьшпаш буьттура цара!

— Киша-Хьаьжас дуьненан паччахье хоьттур дац шена луург.

— Иза-м, набахтин тхов меллаша хьалаайана, ара а ваьлла, дIа хьаха ваханера.

— Латта тоац бохийца! Тоьар ду, тхоьгара дIадаькхинарг юхалахь!

— Цул, Шамурзин Бота вац ткъа, масех бIе урд шен дола а дерзийна Iеш! И нахана дIа хIунда ца ло ахь?

— ГIовгIош! — мохь туьйхира Бештос, шен керара Iаса хьала а лаьцна. — ХIара хIун ду аш тахана дийриг? Шу ма гIиллакхах доьхна? И стаг мел мухха велахь а, вайн юьрта веана ву. Шен хIусаме веанчу стаге юьйцу и хабарш? Шайн цуьнца нисдан дерг Ботин кIотара а гIой нисде! Кхузахь аш гIовгIош ярх геш юзур яц шун. Тоийта, Бота, тхо кхеташ ду полконака дуьйцучухь. Шена ваха луург Хонкара гIур ву, Iан луург цIахь Iийр ву. Кхин хеттарш дац тхан.

Ша цавезаш наха кхуьйсучу дешнаша юьхьах цIе летайора Ботин. Кхечу хьолехь цара и хабарш дийцича-м дан вон дара цуьнан а. Ша циггахь верина вовшахвоккхург хилча а, тIе а ваханна, оцу бетах хIума тухур яра. Амма лакхара охьа омра дара: нахе ма-хуьллу хаза хабар дийца, царна юккъе маслаIат де аьлла. Цундела, мел хала делахь а, садетта дезара.

— Хьан сийлалла, кхузара гIуллакх чекхдаьлла-кх вайн, — элира цо Муравьевга, улло а таьIна.

— Цара и маьхьарий хIунда хьоькхура? — хаьттира лерина нехан гIовгIанашка ладоьгIуш Iийначу фон Клингера.

— Шайн Iовдала хабарш ю!

— Транспортаца долу гIуллакх муха ду?

— Ас хьалххе дIа-м аьлла. Мила вара хьо, ХортIа, хIорш ГIордала бига салазаш кечйинний ахь?

— Кийчча ю. Говрийн ши салаз.

— Дерриг кийча ду, хьан сийлалла.

Хьаькимаш дIабахарх ца буьйхира гулам. Мелхо а адам ваьштатаьIира. Яцара хьалха хилла гIовгIанаш а. Гонна юккъе ваьллачу Маккхална тIехь сецира массеран а бIаьрг.

— Юьртахой! — мохь туьйхира цо шен кIедачу озаца. — Ирча де ду вайнахана тIехIоьттинарг. Шайх Мансуран заманахь дуьйна вай хьегнарг гIан хуьлуш лаьтта. Хьалхалера ницкъ бац вайн. ТIамо нийсса ах кхачийна. Дийна бисинчийн дегнаш иэгга. Маршонах догдиллина. Iедало кхерийна. ТIебазбеллачу балано хьаьшна. Кху масех баттахь Нохчийчохь а, ГIалгIайчохь а дуьйцург цхьаъ ду. БIаьста яьлча адам Сибрех дохуьйту, хIара мохк гIалгIазкхашна дIало бохуш. Кхечара дуьйцу, кхуза массо юьрта эскарш оьзна, массо хIусаме салтий а хIиттийна, вайнах керста дине берзо ойла ю бохуш. Цунах кхерабелла нах Хонкара баха кечлуш бу. Суна хаьа, тIехьа агIорхьара дийнна ярташ, дийнна тайпанаш ду цига даха кечлуш. Кху вайн юьртара а бу дикка нах и дагахь. Цхьаммо а бIаьстенна ялташ ден беш гIайгIа бац. Ца элира олу даций шун, нах, цкъа доьлхур ду вай кху гIуллакхах. Махках ваьлла, кхуьнга сатийсарал доккха Iазап дац стаге хIотта. Суна хиъна цуьнан хьал. Ас йийсарехь кIеззиг яькхинчу хенахь сан дагна хилла цамгар хIинца а къастаза ю сох. Ванах, летта веливелара со я накъосташка вейта велира, кхарна кара а веана, махках воккхуьйтучул бохуш Iара. ЧIагIонаш йора, хIинца цIа вирзича, дегIа чохь са а долуш, кхин махках ца къаста. Ма хьехаде, нах, Хонкара кхалхар. Иза бусалба паччахь хиларх вайн тадала хIума дац. ЦIа-цIе а, даймохк а боцуш, сагIадоьхургаш санна, оцу хийрачу махкахь нехан неIаре хIуьттуш делла дIадевр ду вай. Цига кхалхар долийна Алхазан Муса а, Iуспанан Сайдулла а, Цугин Iелаха а — и нах хаза шайн даьхний а, ахча а долуш бу. Уьш тарлур бу цигахь. Ткъа ши куьг ластийна, царна тIаьхьахIиттина шу хIаллакьхир ду. Хьегахь вон а вешан махкахь хьоьгур вай, хьегахь дика а кхузахь хьоьгур вай, мацалла лахь цIахь лер вай...

— Сибрех дахийтича а лийр ду-кх вай, Маккхал! — къаьхьа мохь белира хьалха лаьттачу МIаьчиган. — Вайл тIаьхьа дисахь, берех хиндерг а хаьа-кх.

— И хир дац, МIаьчиг. Дала хуьлуьйтур дац иштаниг.

— Ткъа вайн махка эскарш стенна гулдо?

— Латта дац вайн, мацалла дала деза вай?

Маккхала, пIелгаш даьхна, конжех тера шен аьтту куьг хьалалецира.

— Хаьа суна, вайн латта доцийла. Хаьа, делла дIа ца довлуш вай сауьйзий. Хаьа, вайн махка эскарш уьйзуш дуй а. Хьала а, охьа а нийсса ах нах кхузара цхьана агIор баха ойла ю Iедалан. Цуьнан шеко яц. Амма Сибрех буьгур бац. Иза бакъдерг ду. Ва

амма, Iедало, хьалха а даьхна, дIасалехка, вай уьстагIий-м дац? — Маккхалан аз цIеххьана айделира. — ХIунда ца кхелха Хонкара Шамирзин Бота, Iодин ВахIаб. Къурмин Къосам, Чермин Орца, Iалханан ТIурло, Мустапан Девлетмирза, ЧIуьлган Уллуби, Жукин Дуба, Бачин СарIела, кхин бIеннаш? Уггар тоьллачуьра вайн мохк дIа а лаьцна Iа уьш. ГIумкийн, гIебартойн элашна беккъа вайн мохк. Уьш кхузахь а битина, сагIадеха арадовла деза-кх вай? Хонкара а дахана дала деза-кх вай? Я вайгара боршалла дIаяьлла? ХIан-хIа, кIентий, гIур дац вай цхьаннахьа а! Вешан мохк, вешан маршой схьайоккхур вай я зударий, бераш цхьаьний летта, дерриш лийр ду вай!

— Хьалхалера ницкъ бац вайгахь, Маккхал!

— Дегнаш-х дай вайн!..

Суьлхьанаш хьовзийна ваьлла молла Шахьби, доцца доIа дина, можах куьйгаш хьаькхна, Маккхална тIевирзира.

— Маккхал, нах карзахбаха, дагазабаха ма гIерта. ДIаваха луучунна Хонкар мохк а бу, мацалла вала луучунна хIара а бу. Керстанах летта вала луучунна уьш а бу абаде кхаччалц байарх кхачалур боцуш. Шайна луъург дан бита нах. Шуна массарначул тIех хIара даймохк безаш, дог доьлхуш воьду со цига. Кхузахь вон хьегга а, таро ца хилла а ца воьду. ХIара вайн къам делан бакъ динах тилла, керстанашкахьа дIадирзина де ца гархьама воьду. Сайн устазана тIаьхьа, Iалай салата васалату, делан салот хиларна, делан элчанан весет кхочушдеш воьду. Шена иманчохь виса луург, шена устаз везарг бусулба махка дIаваха кечло!

Кхузахь шайн гIуллакх дIадаьлча, кхидIа хан яйа ца лиъна, юьртан тхьамданаш дIабахча, майданахь гIовгIанаш евлира.

— Цхьаллиг цхьанхьа гIур дац вай-м, кху махкара дIа а девлла!

— Хьо кхузахь хьан вуьту ткъа?

— Сайн дегIа чуьра са дIадаллалц летар ву-кх со! Летта лийр ву, амма винчу махкара дIа-м вер вац!

— Вай тоьлачура дIадаьлла хIара, кIентий. Хонкара дахар тоьла. Ца гIахь эххар а Сибрех дуьгур ду. Цигахь уьш хьан кхобур бу, церан дола хьан дийр ду?

— КIезиг доьзал болчу хьуна атта ду иштта дийца! Цул сов, миска нах талош хьал а Iалийна ахь. Дерзинчу берашца, даьссачу кисеца со мича воьду?

— Сибрех!

— Хьан хила хьайн ворхIа а дена неIалт!

— Пис!

— Хьо мезийн тIуьйлиг!

— Ас и хьакхийн гай охьахоьцур ю хьан!

Юьртар къехо Дасу, суйн метта тхьум йоллу, совр тиллачу баттара, гIалакх санна йоккха шаьлта а яькхина, совдегарна

Мазина чугIоьртира. Амма уллохь лаьттачу Акхболатан Ахьмада шен ондачу куьйга пхьарс лаьцна сацийра иза.

— ДIавалахьа делахьа, Дасу, оцу тIингарх Iоьттина и писъелла шаьлта бехъя воллу хьо? Шена луург гIоп шена дуьненан еа маьIехула дIа! Вай кхузахь Iийр ду. Цхьа ког дIа-м боккхур бац цхьаннахьа а! Я Хонкара а, я Сибрех а!

— Уьстагlий санна, хьалха лохкур ду шу!

— Уьстагl бу-кх хьо! Гирзаш даьлла уьстагl!

— Зударий, бераш дайана, лам чу кIегар девлла, ваьш делла кхачадаллалц паччахьан эскарех летар ду-кх!

— ХIан-хIа, кIентий, со Хонкара гIур ву, — элира нехан девнашка ладоьгIуш Iийначу ИбраьхIима, доккха са а даьккхина. — Паччахьо соьгара дIадаьккхина суна дезаш мел дерг — да, вежарий, латта ,маршо. ХIинца динах хадо а воллу. Иза хилийта йиш яц сан. Нагахь туркойн паччахьа баккъал латта лахь, дика ду, ца лахь, хIун дийр ду, иза кхузахь а дац-кх сан.

— Цигахь лелар ву хьо дIакхоьссина цициг санна я мацалла лийр ву!

— ХIумма а дац велча а. Со иманехь а волуш, тIаьхьадуьсу бераш, церан тIаьхьей бусулбанаш хирбуйла а хууш-х лийр вай со. Сайн сал-пал а эцна кханнехь. Шела воьду! Кхелхачарна гIоьнна базар йиллина боху цигахь.

— Хьан тIелхигаш хьанна оьшу, ИбраьхIим ?— са а ца тохаделла хаьттира хIетталц тийна, ладоьгIуш Iийначу Iелас.

— Шайн мах лур бу хьуна царех. Вайна гондIарчу къаьмнийн совдегарш бу боху, кхерста жIаьлеш санна, марош айбана, хьожа бохуш, массо ярташкахула буьйлабелла лелаш нагахь.

— ХIаъ, — тIетайра Iела, — цхьаннан бохам вукхуьнан ирсан лами ма бу...

* * *

Цуьнан Сийлалле
Эла Александр Георгиевиче!

Жимчу Нохчийчоьнан наиба Османов[1] Сайдуллас туземцаш Турце кхалхо Iалашо йолуш шен эмиссарашкахула халкъа юккъехь цхьа аьттехьа доцу, зуламе эладитанаш даржадо. Нохчийчохь даккхий гергарлонаш долу Аргунски округера нохчий догларца хьуьйсу цигахь деш долчуьнга, шаьш Нохчийн округе бахча, Сайдуллера эцца харц хаамаш, цIа а боьрзий, наха юкъа баржабо. Кху сахьт адам тешна ду шаьш кхалхориг хиларх, герз дIа а эцца, шаьш керста дине дерзор ду, салт а дохур ду, шайгара латта дIа а доккхур ду бохучух. ТIехула тIе, царна юккъехь эладита даьржина, хIор сих цIарах якхий налогаш тоьхна ца Iеш,

[1] Оспанов.

бахамерчу уьстагIийн, котамийн кортошна тIера а налог йоккхур ю бохуш. И эладитанаш мел бух боцуш делахь а, сонта ламанхой царех теша. Уьш царех тешаран бахьана и эладитанаш наиб а, оьрсийн эскаран эпсар а волчу Сайдуллехула схьадийлар ду. Оьрсашца герггара юкъаметтигаш йолчу цунна вайн правительствос дагалаьцнарг шера хаьа, цундела, ша а, шен гергарнаш а керста дине берзорах кIелхьарабахархьама, Сайдулла, шен хьаькамалла а, чин а, оьрсашкахьара шена хуьлу аьттонаш а битина, шен лаамехь Турце кхелха моьтту туземцашна. Цо дуьйцучух дерриг халкъ теша бохург чIагIдац ас, амма дукхахберш даггара теша цунах. Чантински а, Шатоевски а наибствашкарчу бахархоша ялташ дерна беш цхьа а тайпа кечам бац. Хьан сийлалле дIахайта лаьа суна, уьш цхьа а бертахь Турце кхалха ойла йолуш цахилар: шайн хиллачу юкъарчу гуламехь цара схьахьедина, шаьш Турци кхелхар ду, нагахь ерриг Нохчийчоь кхалхахь я нуьцкъала кхалхадахь аьлла. И тайпа ойланаш суна инзаре кхераме хета, хIунда аьлча, цу тIехь вайгахьара даьлла гIалат цхьана Iалашонца динарг лорур ду цара, кху сахьта хIоьттинчу хьолехь къоман а, динан а цIарах цхьаъ хьалхавалахь, и бахьана тоьар ду кхузахь гIаттам бан.

...Аргунски округехь цхьацца нах бовлу вайн порядкашна реза боцуш, хьалхалера маьршачу дахаре сатуьйсуш, ткъа и ойла йолчу нехан парти цахиларна, гIаттам бан дагахь хеталац халкъ, амма оцу тайпанчу эладитанашна адам шен кхетамца, меллаша, кIез-кIезиг, амма тешам боллуш гIаттамна кечдо, оцу хьелашкахь цо деш дерг хаа а, хьалхеяккха а янне таро яц. Нагахь и эладитанаш вай орамца дIа ца хедадахь, хуьлуш долчу тIехь кхетамца куьйгалла дан таро-м муххале а хир яцара вайн, ткъа ваьш а цунах дозучу хьолехь хир ду.

Нохчийн кхалхаран гIуллакхан Iаламат доккхачу маьIнех а, цунах вайна хуьлучу пайдех а кхетачу ас, вайн правительствон агента, Жимчу Нохчийчоьнан наниба Сайдуллас, шен Iалашо кхочушъян хаьржина некъ харцахьара хилар а, оцу некъо халкъ кхалхарал хьалха гIаттамна тIедуьгург хилар а хьан сийлалле дIахайтар сайн декхар лору.

Хьан сийлаллин тешаме ялхо
А. Ипполитов
Шатоевски гIап.

VIII корта ОБАРГ ВАРИН ТIАЬХЬАРА ДЕ

Уьш вешан мостагIий хиларе терра, массо агIор а нохчий сийсазбеш, церан оьздадерг а сийдоцчу даккха гIертара вай. Церан кхетамций, амалшций, гIиллакхашций, дахаран кепашций цхьана ца богIу вайн лиэхамаш кхочушбан царна цалаарна. Вай уьш бехкебора, царна тIехь цатовчу, аз шогачу, шайн само къаръечу вайн шедагна кIел хелхабийла царна цалаарна.

Инарла М. Я. Ольшевский.

1

Кхоьлина герга гIерта шийла Iа. Дукха хан ю ЧIебарлойн лома ло диллина. Ломан когашка а кIац йиллина сийсара.

Шийла а ,сингаттаме а ду ерзинчу хьаннашкахь.

Шийла ю тIулгийн ширчу бIаьвнаш чохь, тIуьначу хьехаш чохь.

Амма обаргийн кхин меттамотт бац. Цецах санна чекх мох буьйлу зарзъелла, тIелхагъевллачу бедарех. Мотт-гIайба йицъелла дукха хан ю. Тахана кхузахь хуьлу, кхана мичхьа хир хаац. Кхин бIаьвнаш, кхин хьехаш. Уьш ерриг а цхьатера ю. Шийла, сингаттаме. Наха ярташка кхойкху обаргаш, шайн ницкъ кхочу гIо а до царна. Кхераме доллушехь. Амма обаргашна лаац ярташка гIерта. Цкъа-делахь, Iедална и хааделча, уьш тIеэцначу юьртана луьра таIзар до. ШолгIа-делахь, хIинца цхьа а юрт яц шена чохь цхьаъ хилла а даррехь я къайлах паччахьан Iедалан айкх воцуш. Уьш кийчча лаьтта Iедална тIе мотт бахьа. Ткъа Варин коьртах пхи бIе туьма ахча кхайкхийна инарла Тумановс. ГIараваьллачу обарган коьртах и ахча кIезиг хета айкхашна. Ткъа инарла Тумановс боху, паччахьо Шемалан коьртах кхайкхийнарг а дацара эзар туьма бен. Пхи бIе туьма. Iедало цхьана дийнахь доккху Нохчийчоьнера эзар туьма. Цхьанхьа цхьана юьртан махка тIехь, вийначу паччахьан ялхочун дакъа карадахь, бIе туьма гIуда доккху.

Инарлин ахча шорта ду. ХIетте а, хIара буьрса Вара дийна я вийна шена тIе валориг пхи бIе туьма бен ца ло. ХIумма дац. Собар дийр ду. Юьхьанца кхайкхийнарг бIе туьма дара, хIинца пхеа бIе туьмане даьлла. Жимма Iийча эзарне а дер ду. Шемалан коьртах санна. Собар динчуьнгахьа ву дела.

Иштта ойлайо Варин мостагIаша. Халкъан мостагIаша.

Амма Вара, мел кхераме делахь а, тховса юьрта гIерта. Цуь-

нан доьзал жимчу АтагIахь бу. Ши-кхо де хьалха бара-кх. Нагахь цхьа гуш боцу кхерам тIе а гIоьртина, кхечхьа ца баьллехь, хIинца а цигахь хир бу. Дукха хан ю Варина шен зуда а, бераш а ганза. Дукха хан ю иза ша винчу юьртахь хиланза а. Валлал кIордийна цунна, меца борз санна, хьаннашкахула, лаьмнашкахула лела. Амма цIа воьрзийла а дац. Цуьнан машар бац паччахьан Iедалца.

ХIунда?

Оцу хаттарна жоп доца ду: Варина а, дерриг халкъана а маршо еза. ХIара лаьмнаш маьрша хила лаьа цунна. ХIара шен гIорйоьлла ворта паччахьан дукъа кIел йоьллина, лай хилла Iен лаац цунна. И ду оцу дезткъа шарахь цаьрга герз охьа ца дуьллуьйтург, цаьрга шайн а, кху шайн махка а баьхкина шайх летачийн а цIий Iенадойтург. Цхьана а инарлин, цхьана а паччахьан а бакъо яц Варин хIусаме а иккхина, иза а, цуьнан доьзал ара а баькхкина, кхузахь долахо хилла охьахаа. Вара а, цуьнан да а, дедай а, цуьнан халкъ ца гIиртина цхьаннен хIусаме, цхьаннен а махка, цара куьг ца айина цхьана халкъан маршонна тIе. ХIара паччахьан инарлаш кхуза бахкалц Варин дай тийна, таьIна Iийна кху лаьмнашкахь. Шайн лаьттан коржамашна тIехь болх беш, шайна кхачанна дийначу экханан бен, кхечу садолчу хIуманан цIий ца Iаношш. ЦIенчу дагца безаш хьеший тIе а оьцуш, шаьш хьошалгIа а боьлхуш.

Варин шовзткъе итт шо ду. ТIеман цIергахь ваьлла иза дуьненчу. Ша хаал хилчхьана даима цунна гург цхьаъ ду. ТIом. ЦIий. ЦIе. КIур. Маьхьарий. Узарш. Вара витац шен хIусамехь ваха. Хьо вац оцу хIусаман да, шаьш ду боху. ТIаккха эцца Варас дайх дисна герз кара. Амма Варин ницкъ ца кхаьчна шен цIа паччахьан инарлех лардан, эхь ца хеташ, когаш хецна, пагIатваьлла, шен хIусаме охьахиъна мостагIа араваккха. Ницкъ болуш ву оьрсийн паччахь. Хьесап далур доцуш дукха ду цуьнан эскарш, яккхий тоьпаш. Вара ца ларийна цаьрца. Вара а, цуьнан дай а тешна бара шайга герзаца и мостагIа лаьмнашка ца воуьйтуш сацалург хиларх. Ерриг а церан дегайовхо шайн майраллех, доьналлех, шайн даймахка безамах, тешамах, хIокху юькъачу хьаннех, лекхачу лаьмнех яра.

Амма церан майралла а, доьналла а, даймахке доза доцу боккха безам а, тешам а ца ларийра оцу пуьцкъалчарна юкъахь а нуьцкъалчу паччахьана дуьхьал. Инарлаша хIаллакйора ярташ, бошмаш, хьаннаш, дагадора ялташ, докъарш. Дерзинчу лаьмнашка а ехачу ханна ца лардели шен бераш. ТIулгаш тIехь кхиалац ялта. Лаьмнашкахь меца Iожалла ю цаьрга хьоьжуш.

Вара делах тешара. Цундела, кхузахь а шен бIаьхаллин доттагIех дIа а къаьстина, Iеламнахана тIаьхьа хIоьттира иза. Устаз схьаводуш дехаре даханчу адамийн хьалхарчу могIарехь а вара иза. Ша хаал хилчхьана, оцу дийнахь дуьххьара юкъахара герз

охьа а диллина, баьццара жима байракх кара а лаьцна, ницкъ болчу деле орца а кхойкхуш, мостагIчун гIопе волавелира Вара. Ткъа гIопан пена тIера Iаьржа багош а гIаттийна цунна тIехьуьйсура яккхий тоьпаш. КIур туьйсу милташ керахь царна уллохь лаьттара зоьртала салтий. ГIопан баролал арахьа нийсачу могIарашкахь хIиттина лаьттара гIашлой а, дошлой а. Iаьнан шийлачу малхехь къегара ира цхьамзанаш, дерзина даьхна тарраш. Синтем байна, лаьттах тIа деттара дерстинчу дойша.

Ткъа Вара, мохь бетташ деле, пайхамаре, эвлаяашка а кхойкхуш, ша санна эзарнашца, карахь герз доцуш, оцу буьрсачу ницкъана тIе хьалхаоьхура. Вара тешара, дела а, пайхамарш а, эвлаяаш шайна гIоьнна орцах бевриг хиларх, цара шаьщ оцу къизчу мостагIех лардийриг хиларх. Iеламнаха тешийнера уьш цунах. Устаз схьаваллалц, хIуъу хилахь а, цигара юха ма довла аьллера. Оцу дийнахь керстанан хIоъ-молханах латта хир ду, дела а, пайхамарш, маликаш вайна орцах девр ду аьллера.

Вара тешара Iеламнахах. Цундела иза вуха ца хьожуш, майра гIулч йоккхуш, хьалха дIаоьхура. Амма царна цхьа а орцах ца веара, гаурийн хIоъ-молханах латта а ца хилира. ДIадаханчу дезткъа шарахь санна, Iожаллин сийна цIе туьйсуш, йийлира якхий а, кегий а тоьпаш, догIмех эхара ира тарраш, цхьамзанаш. Татолашца Iенара довха цIий. ХIара де дIадаханчех къастош деккъа цхьа хIума дара: керахь герз доцуш мостагIчунна хьалха хIиттина бIаьхой, къена нах, зударий, бераш а...

Оцу дийнахь адамех тешам байра Варин. Даг чу гIехьчул Iесалла а йоьссира. Хинра, даймохк а, маршо а шайгара гуттаренна а дIаяьллийла, иза а, важа а юхаерзо шайгахь ницкъ боцийла а. Амма ... ва амма ... Варин а, цуьнан тIаьхьенан а хIара эхье лолла лан дезар ду-те? МостагIчо байанчу шайн, вежарийн, йижарийн кешнийн баьрзнашка, сийсазбинчу даймахке, кхузахула курра волавелла лелачу мостагIчуьнга а хьоьжуш, лаьмнийн чIажаш декош, нанна хьежош, цо ечу яппаршка ла а доьгIуш, мостагIчун лай хилла даха деза-те хIара декъаза жима халкъ? ТIаккха ша боьрша ву аьлла, зудчуьнга вист муха хила веза Вара? ТIаккха велча эхартахь дайшна, наношна, хIара лаьмнаш, маршо ларъеш турпала эгначу бIаьхаллин накъосташна дуьхьал муха хIотта веза Вара?

ХIан-хIа, мостагIчунна тIехь толам ца баккхалахь а, иза къарвелла соцур вац. Иза ша цхьаъ летар ву, цо цхьамма бекхам оьцур бу шен халкъерчу бохамна бехке болчех.

Дукха а, еха а ойланаш йинчул тIаьхьа и сацам тIе а эцна, шен цIа а, доьзал а битина, дарйина борз санна, лелавала хьуьнах вахара Вара.

Вара, атагIойн Вара хьалхара вара халкъан бекхамхойн новкъа ваьлларг. ТIаьхьа цIарна а цIеяханчу нохчийн обаргийн дуьххьарлера сирла седа хилира цунах.

Варас къинхетамза бекхам оьцура олаллахойх, уьш муьлххачу къомах, муьлххачу динехь белахь а. Хьолахочуьнан бахам схьабоккхура, мискачунна дIабоькъура. Иза кхочура Теркал дехьа а, салойн аренашка а, тIелетарш дора нохчийн ярташна, тIеман гарнизонашна а, кIелонаш йора хьаннашкахь, чIажашкахь. Массанхьа накъостий, доттагIий а бу цуьнан. ГIалгIазкхийн станицашкахь а, Гуьржийчоьнан, Дагестанан а, ХIирийчоьнан лаьмнашкахь а. Цигахь массанхьа цкъа а машар хир боцуш мостагIий а бу. Паччахьан инарлаш тIе ца кхуьучу, бIаьргана гуш доццу доккхачу эскаран баьчча ву Вара. Цуьнан бIаьхой бу кху Iедале, цуьнан йолахошка цабезам болу нохчийн а, луларчу къаьмнийн а берриг къехой.

Шелахь цIий Iаьнначул тIаьхьа шина тобане бекъабелла нохчийн баьччанаш. Шена юккъехь лакхара динадий болчу цхьана тобано Эвтарахь туп тоьхна. Оцу тобано Iедалца барт, машар а лоьху. Шайна аьтто хуьлчу агIор.

Царах дIа а къаьстина. Бенахь туп тоьхна Нохчмехкан бIаьхаллин баьччанаша бенойн Солтмурда, майртуьпхойн ШоIипа, зумсойн Дадас, гатиюьртахойн Аьрзус, Маккхала, шелахойн Берсас а. Вара Бенарчу тхьамданашна тIаьхьахIоьттира. Амма дIаяханчу аьхка шайна тIе а кхайкхина, цара сацам боллуш дихкира Варина паччахьан хьаькимаш байар. Уьш байарх кхачалур бац. Вийначун метта цул къизаниг валаво. Варас вийначу хIора хьаькиман цIарах бIеннаш адамаш Сибрех хьийсадо. Ярташкара даккхий гIуданаш доху. Оцу балхо малбо гIаттамна беш болу кечам. ХIора бIаьхо цуьнца оьзначу дешин меха вайн бIеннаш къонахий Сибрех дIахьийсабо, паччахьан эскарша ярташка ечу таIзарийн экспедицина цкъа а меттахIуттур доцу зен до кху тIаьхьарчу хенахь дийнахь, буса а къахьоьгуш кечбечу гIаттамна. Вара кхета веза цунах. Нагахь баьччанийн кхеташонан сацамаш къобалбан Варина ца лаахь, цара хьакъ доллу таIзар дийр ду цунна. Варас къорIанна тIехь дуй ма биъна кхеташонан сацамаш кхочушбан.

ХIаъ, Варина ца бицбелла ша биъна дуй. Лурчах Iай дара иза. Бенахь, дуьхьарлерчу кхеташонехь.

«Дала вазвина вайтинчу Мохьмад пайхамарехула бусалба адамашна доссийнчу делан хIокху дезчу къорIанах дуй боуш, ас тешалла до, — къорIанна тIе куьг диллина, чIогIа, хIор дош къостуьйтуш, Маккхална тIаьхьара элира Варас, — мостагIаша сийсазбен сайн даймохк маршабаккха, сайна чохь са мел ду халкъан маршонехьа къийса, цуьнан дуьхьа сайн са дIадала сацам болуш дог цIена кхуза со веана хиларна. Ас дуй боу, тховса кхузахь а, тховсачул тIаьхьа а тхьамданийн кхеташонехь дийцинарг, гинарг, хезнарг къайлехь латто. Ас дуй боу, кхузахь а, кхечхьа а, тховса а, тховсачул тIаьхьа а тхьамданаша бинчу бартана муьтIахь хила, нагахь церан и барт, цара суна тIедожийнарг сан а,

сан халкъан а сий дойуш дацахь. Нагахь ас хIара дуй къарбахь, халкъан гIуллакхана ас харцо яхь, сайн цIий хьаналдо ас кхузарчу тхьамданашна а, сайх бекхам эца цара билгалвинчу муьлххачу векална а. Амин!»

ХIаъа, иза лурчах дара. Цул тIаьхьа Варин дог-ойла буххенца хийцаелла тIекIелъяьлла. Вара догдика, къинхетаме стаг ма вара. Амма къинхетамечу даг чу юссуш а хилла-кх и къизалла. Цуьнан шен бертаза. Вара къиза хилар цуьнан бехк бац. Паччахьан Iедал ду и къизалла, оьгIазло, харцонаш а адамийн дегнаш чу яржош. ЦIаро дагийна, цIийдина, кIуьро Iарждина, хIинца а хазза алу янза сийсаш лаьтта паччахьан эскарша ягийна ярташ. ХIинца а тIе буц ялаза ду тIаьхьарчу тIамехь байинчийн кешнаш. Дийна бисинчийн догIмаш тIехь чевнаш а ца кхиъна муо хьовза. Уьш лозу, уьш даима лозур ю. Iедалан харцонаша йитац уьш ерза. Даим дIа кегош, даръеш. ДIа ког мел баькккхинчохь кешнаш, йохийнчу, ягийнчу яртийн херцораш, са доцу адамийн чархаш санна, ирахь лаьтта дагийнчу диттийн ханнаш...

2

Вара а, кхин эзарнаш адамаш а машаре дехар ма дара хаза а хеташ. ХIокхеран къамкъаргаш Iуьйдуш, мацалла бераш угIуш болу машар хьашт бац царна. Уггар хьийкъина, арентIера мохк цаьргара дIа а баькккхина, хIорш уьшалечу хьаннашка а, тIулгийн лаьмнашка а таIийна. Кху къеначу хьаннашкахь, тIулган лаьмнашкахь, ирзойн коржамаш йохуш, шаьш кхиочу ялтица Iаьнах а ца бовлало нах. Царна-м даа а, тIедуха а дезий. Иза а, важа а эца дезаш хуьлу. Стенах оьцу? Ахча а, даьхний а ца хилча? Даьхний кхаба дежийлаш, цанаш ма яц. Хьалха церан дайша аьхка лам тIе, Iай аренга дуьгуш кхобура шайн даьхний. ХIинца аре церан яц. Иза цаьргара дIаяькккхина. Шаьш а, шайн доьзалш а хена баха некъ лоьху цара. Кхузахь пхи некъ хIутту: хьун йохкар, йолах балха хIиттар, къоладар, сагIадехар я мацалла далар.

Хьун шорта ю. Амма кхузахь иза цхьаммо а дIа ца оьцу. Соьлжа-гIала, Оьрза-гIала, Чахкаре, ГIизларе яхьа еза. Муха? Геххьий? Хьенан бу ши сту я бугIанаш? Цхьа наггахь волчуьнан. Хьолахошна йолах болх бан реза берш кIезиг карабо. И хьолахой халкъан мостагIий ма бу. ХIокхеран берриг бохамашна бехке болу. Царах цхьаболчара паччахьан эскаршна гIо дина шайн халкъана дуьхьал тIамехь. Бисинарш юьстах лаьттина, ярташ ягош бен доцуш хьуьйсуш. Халкъан бохамах пайда а оьцуш Iаийна цара шайн хьал, бахам а.

Болх лаха, бахамера цхьацца хIума йохка, оьшург эца маьршша гIала ваха бакъо а яц. Цига воьдуш пурстоьпо, юьртдас я

наиба делла билет хила деза керахь. Иза а доцуш цхьанхьа караво-кх! Схьа а лаьцна, таIIийна набахте вуллур ву. Ткъа и билет боху кехатан цуьрг а ма ца ло шайна кхаъ ца белча. Ишта ду кхузара Iедал. ГIалахь дуккха а бу белхаш, амма цигахь ва́ха саца бакъо яц могIарчу нохчочун. Билет а керахь вахча а вуьтий ткъа цигахь мегарг волавала? Дуьхьал мел кхеттачо нанна яппарш хьежайо. Уьш боьлу хьох, цара сийсазво хьо а, хьан къам а, хьан дела а, дин а...

Ткъа Варас сагIадоьхур ду бохург хьехо а ца оьшу. СагIадехар доккха эхь лору нохчаша. ХIинццалц схьа оцу халкъах цкъа а ца ваьлла сагIийна куьг кховдош стаг. Мацалла вала веза? ХIан-хIа, Варин ойла яц мацалла вала. Цо а, и санначара а тIаьххьара некъ къастийна. Къола. Аренца бехачу хьолахойн шортта даьхний ду, шайн хьал нохчийн халкъ талош IаIийна цара. И ямартхой, талорхой а талор къилахь дац. Ткъа цхьацца болчу молланаша къола дича-м мел хила а мега. Шелахь цIий Iанош инарла Тумановна гIо дина нохчийн эпсарша а, масех моллас а. Цундела инарлас царна мидалш а, латта а делла.

Доцца аьлча, нийсо яц цхьаннахьа а. Вара хIинца тешац цхьаболчу молланех. Iедална товчу агIор дIасахьийзадо цара шариIат. И гаурш делан а, бусалба динан а мостагIий бу бохура цара иттех шо хьалха. Ткъа хIинца, керста паччахь а, цуьнан хьаькимаш а кхечу басарбина. Паччахь дала хIоттийна, иза а, цуьнан хьаькимаш а делан лаамца лелаш бу боху хIинца. Царна муьтIахь цахилларг, царна дуьхьал ваьлларг жоьжахатин цIергахь вогур ву боху. Хьеначу кхачанах дуьзна гай а, ахчанах дуьзна киса а долчу моллина атта ду и дийца. Амма Вара оцу туьйранах Iехавалийта хала ду. Цунна хиъна оцу хьолахоша аьшпаш буттий, хIара Вара санна мискачу нехан уьш мостагIий хилар.

Халкъан оцу цIиймалархойх бекхам оьцу хIара нохчийн хьаннаш сийсош болчу обаргаша. Амма хIокху цхьацца-шишшаммо, къаьст-къаьстина латто къийсам а, хьаннашкахь дахар а гена гIур дац. Акхарой санна, хьаннашкахь, лаьмнашкахь лечкъаш лелла бевр ма бац уьш. ТIехула тIе, Нохчмахкара схьа цуьнга тIаьххьара ма хаийтина, нагахь и айхьа дIакхоьхьу некъ Iадда ца битахь, айхьа биъна дуй ца ларбахь, шаьш хьуна тIехь нийса хьукма дийр ду аьлла.

«Мел дийцича а, и баьччанаш соьл хьекъале бу, — ойла йо Варас. — Къона велахь а, хIокху Нохчийчохь уггар баккхийчу Iеламчех цхьаъ ву Маккхал. Петарбухехь оьрсийн Iилма а дешна, церан гIиллакхаш девзаш стаг ву Берса а. Ший а дог цIена, оьзда ши къонах а ву. Халкъалахь сий а ду церан. Царах къаьстина со мича гIур вара?»

Чехкачу Органан аьтту агIор берда тIе хьала а ваьлла, Жимчу АтагIа бIаьрг бетташ вехха лаьттара Вара. Цуьнан самоно лоьцура гондIа мел тийна шур-шур. Варин мостагIий бу дуккха а. Царех уггар кхераменг — ЧIебарлара ГIудантан Мудар а волуш. Стешха, ямарт жIаьла ду иза. ЧIебарлахь наиб волчу цуьнгахьа ду Iедал а. Мудар санна къиза, сий доцуш хилла цуьнан ваша вийна Варас. Дукха хан ю шен вешин чIир екха гIерташ Варин лартоллуш лела. Амма иза тIекхиац Варина.

Буьрса терсаш, тIулгийн бердах леташ охьахьаьдда доьду Орга. Аренга мел дели кIадлуш, гIеллуш, чож детташ тийналле доьрзу иза. Адаман амалах тера. Къоначу хенахь дахарехь маршо лоьхуш иштта карзахе некъ бо стага а. ТIаккха, шовзткъа шарал тIех ма тиллинехь, воло. Наггахь йовхарш тухуш, ша висча лазаршна узарш деш, кхин гIар-гIовгIа йоцуш тийна лаьтте воьрзу. Эхарта.

Варин хьажар юьртан лаха йистехь гIийла ша къегачу серлонна тIехь соцу. И къуьда богучу цIа чохь вехаш ву цуьнан доттагIа Вагин Паша. Къайлах обарг ву иза. Обаргашна къайлах гIо а до Пашас, наггахь цаьрца къола дан а вогIу. Шена и шен доттагIа дика вевза моьтту Варина. Амма вовзац. Варина хаац и шен доттагIа ГIудантан Мударна ахчанах вохкавеллийла. Ца хаьа тховса ша Пашин хIусаман неIарх чоьхьа ма ваьллина, хIусамдас Мударе мотт эцна чехка бере хьажор вуйла а, ткъа ГIудантан Мудара гIопера ялийнчу гIалгIазкхийн отрядах кхаа сохьтехь ша леттачул тIаьхьа, хIоъ-молха а кхачийна, баттара шаьлта а яьккхина, мохь бетташ еса а доьшуш, дуккха а барамехьчу мостагIашна чухьодур вуйла а, цара ша таррашца верина охьавуьллур вуйла а...

Цо хIинца кхечу хIуманан ойла йо. Цунна дагах гилгаш дуьйлу шена кестта шен доьзал гург хилар дагадеача. Ойланца цо хьоьсту шен жимахйолу йоI Беди. Хетало ша цуьнан Iаьржачу, кIедачу месашна куьг хьоькхуш санна, иза кегийчу куьйгашца юькъа яьлла ,сиръелла шен маж кегош, хебаршка ихна лаг мара а къуьйлуш, йоьлуш санна. Кхо йоI ю цуьнан. КIант ваи. Варел тIаьхьа цхьа а боьрша стаг ца вуьсу церан доьзалехь. Варел тIаьхьа оцу зударийн дола хьан дийр ду-те? Наха дуьйцуш ирча эладитанаш ма ду. Кестта берриг божарий салтбохур бу, халкъ керста дине дерзор ду, тIаккха гаурша зударий сийсазбийр бу бохуш.

Варин цхьа кIант вара, церан доьзалехь дуьххьар хилла бер. Ялх шо хьалха тIамехь вийна. Къона, куьце, майра, хаза кIант вара Леча. Нохчмахкан хьаннашкахь воьжна. Зуда яло а ца кхин...

Ванах ишта къаьхьа хир долуш ду-те хIара дахар. Я оцу пач-

чахьан, цуьнан инарлийн, эпсарийн, хьаькимийн дай-наний, йижарий, зударий, бераш а дац-те? Я царна ца деза-те шайн бераш? Я шайна а бен доьзал безац моьтту-те царна? Я оцу паччахьан, инарлийн, эпсарийн кийрахь дегнийн метта тIулгаш ду-те? ХIунда белхабо цара нохчийн наной?

И ойланаш дуьххьар еш яц Варас. Лаххара шовзткъа шо ду цо и ойланаш ен а, оцу хаттаршна жоп ца каро а.

Варас халла хаалуш урх озайо. Беречух кхетта дин, Iад санна булалой, дIаэккха кечло. Хьеречу Органна чу а баьлла, шуьйрачу некхаца и пурх хедош, дехьа берда тIе а болий, шийла хи охьадожош бегало и.

Меллашчу боларехь юьрта воьду Вара. Доьхкарх йоьллинчу тапчин макъара тIехь ду куьг, ши бIаьрг берзан санна, бодашкахула кхерста. Амма ойла юха а хьовззий доьзална тIе йоьду. Цхьа масех минот яьлча зуда а, бераш гур ду цунна. Ткъа цхьана пхеа баттахь сатоьхча чекх дер ду цара хьоьгу Iазап а. БIаьста яьлча Туркойн махка баха кечлуш бу нохчий. Уггар хьалха боьлхучаьрца новкъа вер ву Вара шен доьзалца. Оцу тIехь цунна гIо дийр ду Iуспанан Сайдуллас. Цхьана хенахь ши доттагI вара и шиъ. ТIаьхьарчу ткъа шарахь цкъа а вовшех ца къаьсташ паччахьан эскарех летта. Воккха наиб хилира Сайдуллех. ХIинца паччахьан эпсар ву. Тамашийна хIума ду хIара. Шемалан цхьаболу наибаш, молланаш паччахьан Iедало шена герга озийна. Церан шортта алапаш, даьхний, мохк а бу. Доцца аьлча, нийсо яц-кх кху дуьненахь. Туркойн махкахь мукъана а карор бац-те синтем, сискал а. Дийца-м дуьйцу, бусалба паччахь волчохь дала лур ду-м боху. Дахана хьовсур ду-кх. Шайн даймахкахь бIарзбелла хьийза хIорш. Кхузахьчул хала хир дац хир ду цигахь. Хила декхар дац.

Оцу ойланашца Вагин Пашин керта воьллачу Варина ца хаьара кхана схьакхета малх шена гур бошийла...

IX корта БАЛ ЧЕКХБАЬЛЧА

...Мохк тIеман хьолехь хиларо вайна тIедохкура, ламанхой шайн оьздангаллех бохор кхиоп долу, амма вешан ницкъ чIагIбен долу гIуллакхаш царна юкъадаржор, хIетахь вай къобалйора нохчочун сутаралла... ХIетахь бохо безара вайна зуламе болу ламанхойн шайн даймахке безам, дезара царна юккъе девнаш, питанаш тийса... ХIетахь цаьргара тIеман шпионство а, ямартло а оьшура вайна... ХIинца цигахь чIогIа оьшу нийсо енйолу, диканиг луу, оьзда администраци...

Н. А. Добролюбов.

1

Дезчу денна кечъелча санна яра тахана Владикавказ. Кхузахь гIалин урамашкахь а, Теркан областан эскарийн штабан цIеношний, командующин квартираний хьалха а гора лерина кечбелла областерчу эскарийн тайп-тайпанчу дакъойн эпсарш.

Петербургера вухавирзина Карцов ган баьхкинера уьш. ХIоранна а лаьара Кавказски эскарийн Коьртачу штабан начальникана хьалха хIотта, империн столицера цIавирзина иза декъалаван. ХIоранна а лаьара цунна билгалвала. Инарла могIарчу тIемначальникех вацара. Кавказехь гIуллакх дан вале Александр II-ний, цуьнан вешиний тIеман тактикех лекцеш йоьшуш хиллачу цуьнан хIинца императора догъоьцура. Кхин ца хилча а Коьртачу штабан начальникка-х вай иза. Хьанна хаьа, тахана цунна дуьхьал хьаьжна велакъажарх, цунна дезалучу агIор дош аларх, кIеззиг гIиллакх лелорах йозуш хила а ма мега цераш хийолу карьера.

ДоттагIчун сийнна сийсара Лорис-Меликовс хIоттийчу банкете баьхкина хьеший тахана дIасаоьхура. ГIалин цхьацца агIор аранийлира кхоккха говр йоьжна пайтонаш, дошлойн говраш. Карцови лаамца кхузахь биснера отделенийн а, округийн а начальникаш, полкийн командираш.

Михаил Тариэловичан кабинетехь баьрччехь пенах кхозучу, шен ерриге а регалешца, дийнна даьккхинчу Александр II сурта кIел, лекха гIовла йолчу венециански кIедачу кресло чу а воттавелла, ехачу стоьла гона хевшина Iачу эпсаршка бIаьрг туьйхира Карцовс.

— Господа эпсарш, — долийра цо дуькъачу озаца, — шуна ца хууш дац кху сахьт Теркан областе хIоьттина хьал. Кхузахь машар а ,синтем а хилийтаран дуьхьа правительствос цхьамогIа

сацамаш тIеэцна. Царех коьртаниг, Кавказехь уггар вайна кхерамечу мостагIех, нохчех, берриш ца бахалахь а, ах мукъана а кхузара дIабахаран хьокъехь хилла сацам бу. Петербургехь волуш оцу хьокъехь сан къамел хилла, цуьнан локкхаллица Милютинца, Цуьнан императорски воккхалло къобалдо кавказски Iедалийн дIадолор. ГIуллакх зен-зулам доцуш дерзаран жоьпалла уггар хьалха шуна тIехь дуьсу. Цундела, суна хаа луур ду Нохчийчохь тахана долу хьал. Областан начальникан запискех юкъара хьал хаьа тхуна. Округан начальникашка сан дехар ду шайна хууш дерг цхьа жиманиг а буха ца дуьтуш схьадийцар. Амма уггар хьалха суна ладогIа луур ду юккъерчу Отделан начальнике.

Теркан гIалгIазкхийн эскарийн наказной атаманна инарламайор Христофор Егорович Попандопулона а, Гребенски гIалгIазкхийн полкан командирана полковникана Петр Гаврилович Белликна а юккъе хиъна Iен зоьртала инарла-майор эла Александр Георгиевич Туманов везза хьалагIаьттира. Вуьшта а дегIа тIе йижина мундир тIемгаш лаьцна охьа а озийна, сийначу ленти тIехь кхозу св. Аннин орден а нисйина, яйн йовхарш туьйхира цо.

— Хьан Локхалла Александр Петрович, шуна ма-хаъара, сан карахь ю вай къарйинчу Кавказехь уггар карзахе къам шена чохь деха Теркан областера Юккъера тIеман отдел. Кхузарчу хьолах лаьцна айса регулярно-областан эскарийн командующего цуьнан локхалле инарла-лейтенанте Лорис-Меликовга донесенеш еллехь а, амма хьан локхаллин лаамна жоп луш, кIеззиг дерг а кIел ца дуьтуш дуьйцур ду ас...

Инарла-майорна Кундуховна уллохь Iен 77-чу Тенгински полкан къона командир, флигел-адъютант полковник эла Николай Иванович Святополк-Мирский резавоцуш дIасахьаьвзира. Цунна дика бевзара къамелана тIера гуьржий. ХIара эла хIинца вахлур ву цкъа аьлларг юх-юха а олуш. Ткъа Николай Ивановичана йиллина хан ю Лорис-Меликовн кхаа йоIах жимачуьнца цхьаьнакхета. ХIинца кхозлагIа гинера цунна хIетта дуза доьлла дуткъа дегI долуш, оьрсийн а, кавказски а цIий ийна Iаьржачу аматахь, горга юьхь-марш а, ховха балдаш а, халла хаалуш буткъа сеттина хаза мара а, ши седа санна, догуш Iаьржа бIаьргаш а долу и самукъане йоI. ХIинца а лерехь декара и шиъ сийсара болехь цхьана хелхадуьйлуш къоначу Соняс цуьнан лерехь дина шабаре къамел. Мундирана тIера схьаетталора цуьнах йисина дезчу IатIарийн хьожа.

Ткъа йоьIан нана, Нина Ивановна, резахилла хьоьжура цу шинга... ОххIай, кху Кавказе веъчахьана цуьнан самукъадаьлла буьйса и цхьаъ яра-кх. Кхин йогIур юй-те иза?

— Кху махкахь вешан олалла чIагIдархьама вайна оьшург нохчийн къоман бIаьхалла кагъяр ду. Амма иза дан вайн ницкъ кхочур бац, нагахь санна, Iедало сацам тIеиэцна ма хиллара, царех цхьа дакъа кху махжара дIа ца даьккхича. Нагахь санна, уьш

нуьцкъала махках баха вай гIортахь, гIуллакх вайна инзаре зен ца хуьлуш доьрзур дац. Цундела, герзан ницкъе ца кхевдаш, уьш махках баха вайна цхьаъ бен некъ ца буьсу — царна юккъехь къайлах агитаци лелорца уьш Турце кхалхарна тIе бигар. Нагахь и гIуллакх кхочушдан вайн ницкъ кхачахь, цунах ши пайда боллу: царалахь уггар карзахе нах махках бахарца бисинчийн бIаьхалла кагйина, керлачу гIовттамех гуттаренна а цаьрга догдиллийтар, цхьаъ. ШолгIа, махках бевллачех дуьсучу лаьттаца вайга буха буьсучарна кхачо ялур ю.

«Суна хаара, хIара вахлур вуйла, — ойла йора Святополк-Мирскийс, Туманови хьаьвзинчу бехачу мера кIел ловзучу «полла» беш тодинчу морсачу мекхашка а, дуькъа, дехачу гиччошка а хьоьжуш. — Къамелана дукха тIера бай хIара кавказцаш-м. Стенна оьшу шозза шиъ диъ хилар чIагIдеш оццул деха хабар?»

Цунна уллохь хиъна Iен 79-чу Курински полкан командир, Ичкерински округан начальник, полковник Николай Никитыч Головаченко шена хьалха Iуьллучу кехата тIе къолам хьоькхуш, сурташ дохкуш воллура. Святополк-Мирскийна гира цу тIехь говр-береш, зударийн кортош, дехьо хиъна Iечу 78-чу Навагински гIашлойн полкан командиран полковникан Дмитрий Виссарионович Комарови кIунзале корта а. Амма элан хьажар дехха сецира цхьана маьIехь лерина йиллинчу тагIалкхах, корта разбаькхина, кхозучу ламанхочунна тIехь.

«Чов йина йийсаре а лаьцна, ша Хаси-Юьртарчу килсан майданахь ирхъоьллинчу БойсагIаран сурт-м дац хир ду цо диллинарг», — иккхира элан даг чу.

— Амма нохчий Турце кхалхор а дац атта гIуллакх, — дуьйцура хIинца а гIуллакхана тIе вала гена волчу эла Тумановс. — Халонаш яккхий хир ю. Цига кхалха шайна лаар схьаьединарш тахана цкъа дуккха а бу. Дийнна ярташ, тайпанаш. Вайна оьшучийл а сов. Амма дIабаха кечбелла, новкъа бевлла белахь а шайн сацамах уьш бохо тарло Турце кхелхинчу кубански ламанхошкарчу хьолах лаьцна деанчу хабарой, цига кхалхаза а буьсучийн гIуллакх жимма а толурдуйла хаарой. Хьалха ас цIе тоьхначу новкъарлонех-м графа Игнатьевс Iалашдийр дара вай. Коьртаниг хIун ду аьлча, нохчий кхалхор долийнарг вайн правительство хилар дукха йоккхачу къайлехь латтор ду. Нагахь правительствон берриг нохчий Турце кхалхо ойла ю аьлла шайна хеталахь, берриг цига дIагIоьртур бу уьш я цхьа а ца воьдуш, дуьхьал бевр бу, шаьш нуьцкъала махках ца бахахь. Цуьнан локхалло Лорис-Меликовс сайна тIедиллинарг кхочуш а деш, сайн лазутчикашкахула ас лерина терго латтайо нохчийн ойланна тIехь. Цара тIекхоьхьучу хаамашка ладоьгIча, цхьа дакъа нохчий кхалха кийча бу. Кхалха массарна а лаьа, амма вай шаьш дIа ца хецарна а кхоьру. Ткъа ас, аш тIе ма-диллара, оцу гIуллакха юккъехь вай дакъалоцуш хилар ца ханйта, кхалхорна вай

дуьхьал долчуха, амма кхалхарах церан дог ца доккхуш ларлуш, политика дIахьо царна юккъехь. Шен хан тIе хIотталц церан ойла чIагIъян еза. Кхин ду цхьаъ суна ала лууш. Кхалхо беза хан тIехIоьттича, кхелхачаьрца дIаваха кечвина, цхьа наха лоруш болчех, нах тIаьхьахIуьтту болчех кхелхачийн коьрте а ваькхина, уггар хьалха новкъа ваккха вешан масех стаг хила веза вайн. Цкъа-делахь, и гIуллакх дийриг, царна уьш резабеш ахча дала дезар ду вайн, шолгIа-делахь, вай тIелаца деза, нагахь и масех стаг дIакхаьчча цигахь виса реза ца хилахь, царна бухаберза бакъо яла.

Корах чу хьоьжучу гIушлакхе баьллачу маьлхан асанна кIел вохвелла, дегI бодделла, хьалха Iуьллучу кехата тIехь къоламца доцций йозанаш деш хиъна Iен Карцов, хьала а таьIна, бIаьргех дохку дашочу хIазаран куьзганаш хьаьжа тIе хьала а теттина, Тумановга хьаьжира.

— Хьомсара Александр Георгиевич, ахь бехк ма биллалахь, юкъахваккхарна. Суна хетарехь, иштачу нахана хьажийна харж ян ахчанна Михаил Тариэловича тхайга дина дехар оха къобалдина. — Карцов хаттаре Лорис-Меликовга хьаьжира.

— Ас итт эзар сом детица ахча дIахецна цунна. Суна хетарехь, Александр Георгиевича иза гIуллакхана дойуш ду.

Юкъахваьккхинчу Тумановс, ойла ца гуллуш, мосехазза яйн йовхарш туьйхира.

— Хьан локхалла, Нохчийчоь кху сохьта кхаа декъе екъаелла: Турцера схьакхоьхьучу хабарех Iехабелла а, бIаьста яьлча шаьш Теркал дехьа кхелхар ду бохуш даьржинчу эладитанех кхерабелла а, цхьаболу нохчий Турце кхалха лууш бу. ШолгIачарна, ах бахархой кхузара дIабевлча шайн аьтто хирбуйла хууш, бухахь совца лаьа. КхоалгIачара, оцу эладитанех пайда а оьцуш, бIаьста яьлча нахера герз дIадоккхур ду, налогаш йохур ю, нах салт бохур бу бохуш, шайгара эладитанаш а даржош, адам гIаттамна тIе туьтту. Баккхийчара догдиллина шаьш тоьлург хиларх. Карзахбевлларш кегийрхой а, зикрахой а бу. Шаьш вовшах а тоьхна, шайн коьрте хIотта цхьа тIеман баьчча хилча, тахана а гIаттам бийр бара цара. Шеко яц, арахьарчу мехкашца вайн тIом болабелча я чоьхьа муьлхха а цхьа хьовр-зIовр хилча, и баьчча гучуверинг хиларан а, вайн аьтто бацарх цо пайдаоьцург хиларан а. Сан агенташ мукъа Iеш бац. Вайна дуьхьал аьлла дош а, дIатесна ког а сиха суна тIе кхачабо цара. ГIаттамна кечлуш бу ботесна ког а сиха суна тIе кхачабо цара. ГIаттамна кечлуш бу боху хаамаш саццаза тIе кхоьхьу. И эладитанаш бIаьста йолуш даима хуьлу нохчашлахь. Цкъацкъа вайна зуламе довлу уьш, цкъацкъа хабар хуьлий дуьсу. Амма адам кхалхо долийча цара сацам боллуш дуьхьало йийриг хиларан шеко яц. Хьехориг мархин бутт чекхбаьлча бохуш ду. Цундела, Нохчийчохь вай кийча хила деза муьлхха а гIаттам юьххьехь хьаьшна дIабаккха. Цунна ницкъ оьшу. Оцу гIуллакхана, кху областехь болу вайн тIеман

ницкъ кIезга хета суна. Нагахь нохчий нуьцкъала махках баха дезахь я муьлххачу гIаттамна хьалхе яккхархьама, цкъа-делахь, и регулярни эскарийн дакъош Воздвиженский, Ханкалехьа Грознина уллой, БердакIеллий оза деза. ШолгIа-делахь, шина декъе декъна и эскарш муьлххачу минотехь сихха гIуллакх дан бакъо а йолуш, къаьсттина полномочиш елла начальникаш коьртехь болуш хила деза. И гIуллакх дан дезар ду апрель бутт юккъе балале. ТIаьххьара а суна ала лаьа, инарла Кундухов дуьхьал волучуьра, майоран Османови, майоран Ипполитови галморзахаллаш къасто езар...

Лорис-Меликов, резавоцуш, корта хьовзийра:

— Александр Георгиевич, оьшурий техьа иза? Майора Ипполитовс сайга язйинчу донесенин копи ас Мусса Алхазовиче елла, цо суна кхоччуш жоп а делла. И эладитанаш Сайдуллера схьадуьйлуш ма дац. Хууш ду, цуьнан мостагIий арахьа хьовха, цуьнан шен бартахошлахь а хилар. Церан болх бу иза берриге а. Делахь а, массарна а кхеташ хилийта, Мусса Алхазовича шен къамелехь доцца аьр цунах лаьцна.

Кхеташо кестта чекхъериг хиларх тоххар догдиллина Святополк-Мирский, Лорис-Меликовна аьтту агIор хIумма а забаре доцуш, вусавелла Iечу областерчу эскарийн штабан начальникан полковникан Александр Павлович Свистунови тиллачу коьрте хьежа хIоьттира. Цуьнан ехачу юьхьа тIерачу нелачух терачу кегийчу бIаьргаша а, тIехабийнчу дуткъачу балдаша а цунна дагатосура къиза стаг. Боккъалла а, дукха хан йоццуш Нохчмахкахь а, Органца а хилла гIаттам хьошуш цо а гайтира шегара массарчул тIех къизалла. ХIинца нисса шийтта шо даьлча, Мазлакена уллохь цуьнан безамна боккха барз беш, иза Петербурге дIа а хьажийна, цо Лорис-Меликови меттиг дIалоцур бу. Оццу шарахь цо къиза хьошур бу Нохчамахкахь хилла нохчийн тIаьххьара боккха гIаттам.

Стенна делахь а, мекарчу Беллике кIоршаме хьоьжуш, шен туьран макъарх тесна хьесан кIужал ловзош Iен Кундухов каде хьалаиккхира.

— Мотт социйла Сайдулла аьшнашвеш харц хабарш дуьйцучийн, — эпсаршна тIехула оьгIазе бIаьрг кхарстийра цо. — ХIун хууш дуьйцу уьш майора Ипполитовс? ШуьйтагIоне хиъна, зударийн эладитанашка ладегIар бен, цо деш хIума дац. Суна хаац аш оцу цхьогална эзар десятин сов латта хIун динчунна делла. Массарна а хьестало! Нохчо а ялийна, вуьшта а къечу ламанхошкара схьа а дохуш, латта шен стунцахошна дIадекъна. И ша ву Аргунски округехь нах карзахбийларна бехке. Шен донесени тIехь цо яздийраш дуьхь-дуьхьал ду. Ас дуьххьал дIа боху, Ипполитов эладитанча ву, цо Сайдуллина тIе кхоьллинарш шена и ца везарна ду. Ша хIуьттареннa ца лелахьара, цо яздинарш цхьа бух болуш, нийса хир дара. Ткъа Сайдуллех дерг аьлча, ас сайн дехар

лору майорах Сайдуллех дерг шуьга нисса дIаалар. Со маIIарел шек вац цо дIахьош болу некъ нийса хиларх. Цул сов, нагахь вай долийна доккхачу маьIне гIуллакх кхиамца чекхдалахь, ощу кхиамна правительство уггар хьалха декхарийлахь хир ю майорана Сайдуллина. Цул сов, со цуьрриг шек вац, шена тIехь и харц эладитанаш кхоьллина шен мостагIий, хьагIе, яьсса туьтанаш хилар цо кестта бакъдийриг хиларх. Майоран Ипполитовн кехато сан дог дохийра. Амма правительствона доккхачу маьIнин, ткъа сайна жоьпаллин, кху гIуллакхах кхетачу ас, цхьана стеган гIалато иза дерриге а тIекIелдоккхур дуйла хууш, цхьацца болчу окружни начальникашка ца ханйтира сайн оьгIазвахар. Сой, Сайдуллий тешна ву тхойша цавезарш шайн зударийн эладитанаш дийца а буьтуш, кхалхаран гIуллакх кхиамца чекхдериг хиларх! Амма ас гIуллакх тешна дийцарх, ма мотталаш вайна кхерам бац. Нохчийчоь шуна евза. БIе шарахь сов кху Кавказехь хьовзIовр латториг и ю. Вайна ма-хаъара, Нохчийчоь хIинца а къаръелла кIелсецца яц. Иза Россин уггар кхераме а, нуьцкъала а чоьхьара мостагIа ву. Нагахь вай схьалаьцна гIуллакх, Ипполитовгlар тайпачу наха ца дохош, вайга чекхдаккхалахь, Кавказехь гуттаренна а машар хIуттур бу!

Кундуховга безам ца хиларал совнаха, Ипполитовца гIехьчул гергара юкъаметтиг йолчу 80-чу гIашлойн Кабардински полкан командирана полковникана Экельна ца тайра цуьнан къамел.

Кундухов къамел дан волавелчахьана дуьйна, юьхь цкъа цIийлуш, тIаккха макхлуш меттахъхьеш волу иза, кхин са а ца деттаделла, шена дош даларе а ца хьоьжуш, хьаланккхира.

— Кхузахь цхьацца болчу накъосташа, уггар хьалха господина Кундуховс, шайна пайда хилийтаран дуьхьа, Нохчийчохь хIоьттина хьал дестийна дуьйцу. Сурт ма-диллара кхераме а дац шайтIа! ТIехула тIе, суна ирча хета, господа эпсарш, Нохчийчоь ощущл нуьцкъала, кхераме мостагIа шуна хеталуш. Вай тIеман нах ду, господа эпсарш. Вайх хIоранна а дика хаьа Россин истори. Дуй кху дуьненахь оьрсийн герзана кIел соцур доцуш халкъ? — пенах кхозучу Россин империн доккхачу карти тIе а вахана, Днепран а, Волгин а лакхенна гонахара латтанаш юкъадерзош пIелг хьаькхира цо. — ХIара хилла оьрсийн хьалхенийн, славянски тайпанийн дуьххьарлера мохк. БIеннаш шерашкахь царна тIелетара золотоордински кочевникаш, немецки рыцарш, шведаш, полякаш, туркой, персаш. ХIун хили царех? Россехь шина бIе шарахь сов олалла дина татаро-монголаш шайн есачу аренашка дIалаьхкина. Тахана триумфальни маршаца церан мехкаш тIехула хьалхадоьлху толамийн оьрсийн эскарш. Цхьа шо далале церан мохк Российски имперех схьатухур бу. Шведаш а, немцой а меттахъхьа ца баьхьа. Польша вайн кога кIел ю. Туркой а, персаш а отуш дIалоьхку. Висла хи тIера Тийначу океанна тIе а, Александрополна тIера Къилбаседан шан океанна тIе а болчу

ощу боккхачу мехкан дай оьрсий бу, ерриг Европерчу паччахьийн а паччахь цуьнан императорски воккхалла Александр II ву. Ткъа кхузахь хIара куйна кIел бохккал боцу декъаза нохчий буьйцуш хабар дахди вай!

Чохь болчарна тIехула курра бIаьрг тоьхна, охьахиира Экельн.

— Браво, господин Экельн! — кIоршаме велавелира Кундухов, — Ахь-м дика кхиамаш баьхна Россин истори Iамош. Амма хьуна иза хьайна оьшшучул бен хаац. Ахча а, чинаш а, хастам а лоьхуш кху махка баьхкинчу нахана иза кхин хаа оьшуш а ма дац. ХIетте а и хьан хаарш жимма кIаргдер ас. Оьрсийн турпалчу халкъо шена тIера дIакхоьссира татаро-монголийн къиза олалла. Бетах хIума туьйхира Россина чугIоьртинчу тевтонашна, шведашна, шляхташна, французашна. Россина цхьа шо я. цхьа кIеззиг эскарш а тоьира Казански а, Астрахански а ханстваш дIалеца. ГIалгIазкхийн жимчу отрядаца ерриг Сибирь караялийра Ермака. Кавказера дIалаьхкина туркой, персаш а. Дуьхьало йоцуш триумфале хьалха оьху Туркестанехь а. Амма нохчийн жима мохк дIалаца гIерташ вай хаддаза тIом беш долу дезткъа шо кхечи. ХIетте а, тахана а вайн империна къаръелла кIел сецца яц Нохчийчоь. Вай кхечу даккхийчу къаьмнашна, дийннчу пачхьалкхашна тIекхийсинчу хьалхалерчу дерриге куйнашна кIел совца тигац и «декъаза нохчий», цара уьш этIош дIакхуьйсу. Массанхьа а толамаш баьхна вайн герз кхузахь артделла сецца, господин Экельн. Тахана уггар машаречу хенахь а, шовзткъе ялх батальон гIашлой, донски гIалгIазкхийн кхоъ, драгунски цхьа полк лаьтта цигахь йиллина. Кху некъехь Кубанера ши полк а ялийна областе. И герзан ницкъаш бу хьуна Терски а, Сунженски а гIалгIазкхийн пхеа бригадал совнаха. Кхечу пачхьалкхашца тIом эккхахь, Нохчийчуьра нисса ах эскарш дIадига дезар ду вайн. ТIаккха цигахь хиндерг ас ца дийцича а хаьа шуна. Ас ишта аьлча, со хьаставала гIерта ма моттийла шуна, амма хIара край а, кхузара адамаш а дика девзаш волу Михаил Тариэлович воцуш кху областан коьртехь кхин стаг хиллехь, кхузахь хаддаза цIий Iенарг хиларан шеко яцара. Ткъа господин Экельна Кавказски тIеман истори Iамо езий-те моьтту суна. Нагахь хьайна и ерриг Iамош къахьега ца лаахь, хьайн полкан истори мукъна а Iамае. Иза Нохчийчоьнах тийсалу нисса бIе шовзткъа шо ду хьуна!

— Хьан локхалла, ахь урокаш ялар оьшуш вац со! — оьгIазвахана, балдаш дегош кхоссар йира Экельна.

— Суна а дер цаоьшу хьо тайпа дешархо. Кхузахь стаг дахаро а, шатайпачу хьелаша а Iамаво. Хьо а Iамор ву, хьан бертаза.

— Господа, девнаш цадар доьху шуьга, — хьалагIаьттира Лорис-Меликов. — Девнаш дайта ца гулдина шу кху чу. Хьомсара Эдуард Филиппович, хьо дукха тIехула хьоьжу мостагIчун ниц-

къе. Хьан бIаьргашца вай Нохчийчоьне хьийсахь, цо хIинца а дуккха а къахьоьгуьйтур ду вайга. Ипполитов бехкеван а, суна цхьаммо иза бехказаваха а ца вогIу. Иза хьекъал долуш а, тIедиллинарг цIена кхочушдеш а администратор ву. Бакъду, кху некъехь Сайдуллин хьокъехь гIалатваьлла иза. Цуьнан донесени, шалхо йоцуш, доггах язйина ю. Ткъа аш, господа окружни начальникаш, нохчашкара герз дIаэца а, уьш салт баха а, керст дине берзо а, царна тIе текхамаш бахка а, латта дIадаккха а, уьш нуьцкъала махках баха а вайн Iалашо йоцийла хийта халкъе. Ярташка ас командировать винчу полковника Муравьевс халкъе дIа ма-хьедарра, правительствос цхьа а нуьцкъала Турце кхалхор вац, амма воьдург сацор а вац. Луурш а бохуьйту, буха буьсучийн аьттонна. Лаххара а, апрель бутт чекхболуш, кхелхачийн хьалхара партеш новкъа яха дезар ду вайн. Ас юха а боху шуьга, берриг нохчий кху цхьана шарахь кхалхалур бац дIа. Кху шарахь вай дIахьовсораш вайн Iедалца цкъа а машар хир боцурш бу. Бисинчаьрга шайна ялташ дерна гIайгIа байта беза. Царна юккъехь дIакхайкхо деза, ГIумкахь а, ХIирийчохь а, ГIебартахь а лаьттан гIуллакх къастош йолу комисси, цигара яьлча Нохчийчохь болх бан а йолалур ю, нохчашна лаьттан токхо а йийр ю аьлла. Суна хетарехь, Александр Петрович, хIинца хьайн ала дерг ахь ала а аьлла, господа эпсарш пергIатбитича мегаш ду.

Карцов, шен бIаьргех долу куьзганаш дIадаьхна, стоьла тIе охьа а дехкина, ши куьг стоьла тIе а дуьллуш, креслон гIовлех тевжира.

— Доцца аьлча, господа эпсарш, гIуллакх, шух цхьаболчарна ма-моьтту, атта дац. Михаил Тариэловича цкъа соьга ма-аллара, тахана Нохчийчоь нэккха йоллучу вулканах тера ю. Бакъду, хьалхалера бехачу, халачу тIемийн зама дIаяьлла цигахь. ХIетте а, кIеззигчу ханна, амма довхачу тийсадаларшна ницкъ оьшучул а тIех бу нохчашкахь. Правительствон чIогIа сагатдо зикрахойн стамлучу тобано а, ярташкахь берашна вовшахдеттачу спартански ловзарша а. Нохчийчоь къаръяла дагахь яц. Иза вайн кога кIел соцур яц, вай кхин а бIе эзар гIалгIазкхи нохчашна юкъа охьа ца хаавахь, цигахь йолу тIеман гIаьпнаш чIагI а еш, кхин керланиш ца йогIахь. Иза дан доьлча, дукха хан а, йоккха харж а еза. Цига гIалгIазкхийн керла станицаш яхка доьлча а, ах нохчий, махках баьхна, Россин кIоргерчу губернишка кхалхо деза вайн. Амма нохчашкара дера дуьхьало йоцуш иза хир дац. Терски областехь машар хIотторна уггар аттаха болу некъ — нохчий Турце кхалхор лору правительствос. Шуна ма-хаъара, кху итт баттахь къайлах цунна кечамбеш ду вай. Нагахь санна кхалхоран инициатива правительствера схьаяьллийла царна хаахь, гIуллакхан кхиаме догдохийла яц вайн. Цундела коьртаниг — и къайлехь латтор ду. Нагахь цхьаммо и къайле еллахь, вай итт

баттахь хьегна къа дайна ца Iаш; Нохчийчоьно дуккха а халонаш хьоьгуьйтур ю вайга. Ишта а, вуьшта а, цхьа дакъа нохчий махках бахар правительствон хийца йиш йоцуш сацам бу. ХIинца цкъа вай схьалаьцнарг бертахь некъ бу, амма ца хуьлчу даьлча, герзан ницкъе кховдаза а девриг хир дац. Цундела, балхана я тактически Iаморна алий, кху областера дерриге эскарш Нохчийчу лагершка хIиттаде. Уьш кийча хила деза муьлххачу а минотехь гIуллакхна. ХIара бIаьстенан юьхь уггар жоьпаллин хан ю. Цундела, хьомсара Христофор Егорович, сан дехар ду хьоьга, арахьарчу мехкашкара кхерам болу бахьана а хIоттадай, кхоалгIачу запасан гIалгIазкхий муьлххачу а меттигна кийча хилийта тоьпана кIел хIиттор. Соьгахьара мукъа ду шу.

Эпсарш арабевлча хьалагIаьттина, куьйгаш дIаса а тосуш, дегI саттийна, меллаша чухула дIасаволавелира Карцов.

— И Кундухов кхераме стаг хилар тахана хии суна. Къайлабаьккхина изаре боккха цабезам бу цуьнан Россига. Амма цуьнан бертаза цкъацкъа гучуболу иза. Со воккхаве иза кху махкара дIаволуш. Хьо резавуй соьца, Михаил Тариэлович?

Лорис-Меликов жоп ца луш хьевелира.

— Хьо гIалат ца ваьлла, Александр Петрович. Суна цо цергаш гайтина дикка хан ю. Амма цо хIинца дийриг шена лаахь а, ца лаахь а вайн правительствона доккха гIуллакх ду. Делахь а, со тешна ву, мацца а цкъа иза вайна ямарт хирг хиларх.

— Ткъа Сайдулла?

— Изза олу ас цунах лаьцна а. Царшиммо дIахьуриг нийса некъ бу. Кху тIаьхьарчу хенахь Кундуховс башха лечкъа а ца бо вайга болу шен цабезам. Амма кестта, даламукъалахь, иза а, важа а шайн берзалойн ардангаца гена вер ву кху махкана. Цунах гIоле хуьлуш садетташ Iа со.

Делкъал тIаьхье цIевзина еара. Малх цIехьана къайлабелира, дера корех бетталуш цIийзара къилбаседехьара хьоькху шийла мох. Корах арахьаьжча, стиглахь Iаьржачу мархийн жIомар гича догдуьйхира Карцовн. Нагахь йочанаш йолалахь, кестта Кавказски ломан дукъах чомахь тIехвалалур вац иза. Ткъа Петербургера цо дохьурш сихха дIакхача везаш гIуллакхаш ду. Ма хаза яра иза Петербургски Императорски тIеман академехь профессор волу хан. Цо тIеман тактика хьийхира паччахьна Николай I, Михаил Николаевична а, Николай Александровична а. ХIинца ялх шо кхочуш доллу иза Кавказехь волу. Кхуза иза кхачарна бехкениг цуьнан хьоме дешархо Михаил Николаевич ву. Бакъду, кхузахь Карцовна хиллачу къинхьегамна ял-м елла цо.

Цхьана ханна Лорис-Меликов араваьлча, пенех кхозучу пачахьийн суртех бIаьрг кхетча, Карцовн ойла хьаьвззина Нохчийчоьнна тIейирзира.

Нохчийн халкъан къоман-маршонехьа къийсаман чулацаман а, ницкъийн а яккхий башхаллаш яра ламанан кхечу къаьмнехчул къаьсташ. Татарийн-монголийн ханашна а, Тимурна а къарбелла кIел совца ца лууш шина бIе шарахь латтийнчу къийсамехь инзаре даккхий зенаш деш, арентIера дIа а баьхна лаьмнийн чIажашка боьхкинера нохчий. Амма оцу лаьмнашкара охьа а буьйлуш, хаддаза тIелеташ, оцу шина бIе шарахь синтем хила ца битира цара мехкашдIалецархой. Цаьргара дIабаькхкинчу махка тIе йоккхачу ханна дай хилла охьахевшира гIалмакхойн султанаш ногIийн ханаш, дагестанхойн феодалаш а. Шайн Iедал шордан, чIагIдан, вовшийн мехкаш дIалеца гIерташ, вовшашца луьра къийсам лаьттара царна юкъахь. Оцу къийсамехь татолашца цIий Iенара хIуманна а бехке доцчу церан доларчу халкъийн. Массарначул а тIех даккхий зенаш хуьлура царах массарах а бозуш болчу нохчашна. Оцу тIемашкахь тоьллачийн цхьангара кхечуьнан дола бовлуш Iазап тоькхура цара, цкъа а маршо ца хуьлуш. ТIебаьхкинчу феодалашна дуьхьал церан гIовттамаш а кхиамза чекхбовлура.

XVIII-гIа бIе шо долалуш яккхийчу пачхьалкхийн самге[1] йирзира Кавказ. Кхузахь шайн олалла шордан а, чIагIдан а гIертара Иран, Турци а. Кхуза шайн мIараш кховдийра малхбузехьарчу пачхьалкхаша, къаьсттина а Англис. Царах хIоранна а лаьара хIокху исбаьхьчу Iаламан, уггар а коьрта-стратегически мехкан да хила. Кхузара дIа Месопотаме, Инде, кхин дIа Малхбале кхиссабала шатайпа аьттоне залк-мулк[2] яра Кавказ.

XVIII-гIа бIе шо долалуш, юкъ-кара цIий Iеночу тIаме боьрзуш политически, дипломатически къийсам болабелира Кавказана гонаха. Оцу пачхьалкхийн хьератIулгашна юкъа нисделира кхузара халкъаш. ТIеман гIирсаца а, политически, дипломатически мекарлонашца а, феодалийн лакхенаш къаьмнашца цхьаьна эцарца а, уьш шайгахьа даха гIертара Иран, Турци а.

Оцу Iалашонца царел хIумма а тIаьхьа ца йисинера пачхьан Росси а. Къилбехьарчу хIордашка яла ков доцуш лаьттачу цуьнан, Кавказ дIалаьцча аьтту нислора шина хIордан да хила. Малхбузерчу паччахьаша санна, цо а сатийсара малхбалерчу хьолечу рынкашка.

Кавказехь шайн олалла хIотторехьа яккхийчу пачхьалкхаша латточу къийсамехь толам баккха аьттонаш алсам бара Россин. Нагахь санна феодальни Иран а, Турци а чоьхьа цамгар кхетта мартлуш[3], Iенаш хиллехь, ткъа Росси хIетта ницкъ IаIош, кхуьуш йоккха, къона пачхьалкх яра.

[1] Къуьйсучу хIумане.
[2] Трамплин.
[3] Муръюлуш.

Россин гIоьнца шаьш гIалмакхойн, гIебартойн, дагестанхойн феодалийн олаллех маршабовларе догдохура нохчаша. Амма оьрсийн паччахьаша а Кавказ дIалаца гIерташ, колонизаторша мел лелийначу гIирсех пайдаоьцура. Меттигерчу феодалашний, къаьмнашний, тайпанашний юкъа мостагIалла туьйсура. Къаьмнаш шайн феодалашна дуьхьалдохура, тIаккха хьалхарчарна гIо дора уьш хьеша. Цкъа шайн феодалех бевдда ахархой тIеоьцура, тIаккха феодалашна барт а бой, юха церан кара дIалора.

КIезиг бацара оьрсийн паччахьан политикана резабоцу лаьманан халкъийн феодалаш а. Доллучул а уьш карзахбохура церан коьрта хьал долу латта паччахьан Iедал шен тергамна кIел даккха гIортар. Цундела паччахьца бартах къаьхкина ца Iаш, цкъацкъа даррехь цунна дуьхьал а бовлура цхьацца болу феодалаш. Шаьш оьрсийн паччахьна дуьхьалбевлча, Иране, Турцега а гIо а дехара. Ткъа паччахьан правительствона хаьара цаьрца ша лело дезарг. Шена муьтIахь хила ца туьгучарна луьра таIзар дора, шена тешаме болчарна чинаш, орденаш, даккхий алапаш, оьмарна пенсеш а лора. Царна шен халкъашна тIехь Iедал латто гIо а дора.

XVIII бIе шо доладелча Нохчийчохь феодалашна дуьхьал болу къийсам антиколониальни боламе боьрзу. ГIебартойн эланашна а, цаьрца бертахьчу нохчийн тхьамданашна а дуьхьал ахархой гIевттича, хьалхарчара гIо доьхура Теркахь, ГIизларахь, Астраханехь болчу паччахьан воеводашка. Ткъа тIаьхьарчара доггах гIо дора ахархойн дуьхьало хьеша. Амма паччахьан воеводийн аьтту бацара даима дIа Нохчийчохь шен эскарш латто. И таIзархой кхузара дIа ма-бевлла халкъ юха а гIоттура шайн олаллахошна дуьхьал. Халкъан бекхамах кIелхьарбовла кхин некъ ца буьсу феодалаш, паччахьан Iедалера бакъо а яккхий, шайн доларчу ахархошца цхьана, оьрсийн гIаьпнашна улло, Соьлжа тIе я Терка тIе, Кавказски линина герга дIакхелхара. Паччахьан Iедало дуьхьало йоцуш тIеоьцура уьш, паччахьана муьтIахь, тешаме хила цара дуй биъча.

Ламарой, ткъа къаьсттина хIара къармазе нохчий, экономически агIонца теIабора паччахьан Iедало. Нохчашна дихкинера Терка тIерачу шахьаршца мах лелор. Я царна, кхечу къаьмнех къастийна, лаккхара пошлина хIоттайора, Нохчийчу эчиг, туьха а дохкар гуттар а чIогIа дихкинера.

Iазапдаллорхошна дуьхьал халкъан гIовттамаш хьоьшуш а, дIакхиссина феодалаш юха цунна тIе ховшош а, нохчийн ярташ йохайора, ялташ, цанаш, докъарш хIаллакйора, даьхний дIадуьгура, ярташкара божабераш, кегийрхой амалтана буьгура. Иштта бигначу, дуьйцу ца хезначу Iазапехь латточу амалтех юьзна яра дозанца йолу паччахьан эскарийн гIаьпнаш. Меттигера бахархой кIез-кIезиг лома кIел лоьхкуш, церан латтанаш пачхьалкхан дола а дохуш, кхузахь тIеман гIаьпнаш югIура.

Нохчийн дуьххьарлера антифеодальни, антиколониальни боккха гІаттам хилира 1708 шарахь. ГІевттинчу нохчех схьакхийтира луларчу халкъийн къехой а, Кубанера гІалгІазкхий-раскольникаш а. ГІовттамхоша гобира Терка шахьарна, амма цунна гІоьина даьхкинчу воеводийн Вельяминови а, Апраксинан а эскаршца хиллачу тІамехь эшна гІовттамхой бухабевлира.

XVIII бІешерийн дохалла цхьамогІа баккхий антифеодальни, антиколониальни гІовттамаш хилира Нохчийчохь. ГІовттамхошна дуьхьал яккхий таІзарийн экспедициш йира шайн коьртехь инарлаш Апраксин, Ветерани, Дуглас, Фрауендендорф, де-Медем, Потемкин, Якоби болуш. Шозза кхузахь гІаттам хьаша даьхкира Донан гІалгІазкхийн а, гІалмакхойн эскарш. ТІаьхьа цхьамогІа экспедициш йира полковникаша Кека, Рика, Коха, Пьерис, инарлаша Теккелис, Бибиковс, Булгаковс, Розена, Гудовича и. дІ. кхечара а.

Колонизаторски политико а, инарлийн къизалло а керлакерла гІовттамаш кхуллура. 1785 шарахь алдахойн жаІу шайх Мансур коьртехь колонизаторшна дуьхьал гІаьттира ерриг Нохчийчоь. И гІаттам сихонца баьржира Іаьржачу а, Каспийский а шина хІорда юккъехь дехачу дерриге ламанан халкъашна юкъа. Шайх Мансур дуьххьарлера имам вара ламаройн. Иза коьртехь волуш ворхІ шарахь йинчу дуьхьалоно болийра, иттанаш шерашкахь бахбелла Кавказски ламанхойн къоман-маршонехьа къийсам.

Юьхьанца барт боцуш хилла церан и болам, цхьа ткъе итт шо даьлча буьрсачу ницкъе бирзира. Къийсаман хІор керлачу муьро хьалхатоьттура гІарабевлла говза, хьекъале, майра тхьамданаш. Шлиссельбургски набахтехь веллачу шайх Мансуран метта гІаьттира Биболат. ТІаккха ГІеза-Молла, Шемал. Шемала малхбузехьара ламарой гІовтто а, — царна тІехь куьйгалла дан а вахийтина нохчо Мохьмад-Эмин а. Цигарчу къаьмнийн меттанаш а, я гІиллакхаш а ца хууш, цхьана буйнахь къорІа а, вукха буйнахь тур а долуш 1848 шарахь цига ваханчу Мохмад-Эмина цхьа-ши шо хьовзале и халкъаш цхьана а тоьхна болийна къийсам Шемал йиссаре ваханчул тІаьхьа ялх шо даьлча, 1864 шарахь сацийра.

ТІеман тІаьхьарчу ткъа шаро кхоьллира гІарабевлла полководцаш цІонтаройн ШоІип, шелахойн ТІелхаг, алдахойн Юсуп-Хьаьжа, гиххойн Сайдулла, шотойн Атаби, курчалойн Ботукъа, СаІоду, аьккхийн ГІойтамар, Уллуби, бенойн БойсагІар, зумсойн Іумма, нойбоьрхойн Эска, гендарганойн Іиса, веданхойн Элдар, Эдал, мартанхойн Дуба, Іалха, Тапа, Хьамзат, кхин берш а.

ШоІипа а, ТІелхага а дуьненан тІеман исторехь керла школа кхоьллира. Хьаннашкахь буьйсанна тІом барехь керла тактика юкъаялийнчу ШоІипах Іемира оьрсийн инарлаш. Цо дуьххьара тІеман историна юкъаялийра эскар даьржина тІелета тактика. ТІелхага дуьххьара кхоьллира «кхалхош» йолу батарея.

Нохчийчохь тІеман лаккхара школа чекхъяьккхира тІаьхьа туркошна тІехь толамаш баьхначу оьрсийн эскарийн инарлаша Орбелианис, Бебутовс, Бриммера, Тер-Гукасовс, Лазаревс, Крымски тІеман турпалхоша Лиддерса, Тотлебена, Юккъерчу Азера ханстваш кхиамца дІалецначу инарла Кауфмана, тІаьхьа Россин тІеман министраш хиллачу инарлаша Чернышевс, Милютина.

Кхузахь нохчашца тІамехь Іеминера, тІаьхьа лаьмнашкахь, хьаннашкахь бечу тІемийн гІарабевлла говзанчаш инарлаш Граббе, Фезе, РозенгІар, Круковский, Слепцов, Бакланов, Гурко, Врангель, НиколаигІар, Евдокимов, Барятинский и. дІ. кхин а.

Амма оцу инарлех цхьа а вацара нохчийн наибийн тохаршна кІел букъ берзийна, цкъа я мосазза а вадаза.

ХІокху Нохчийчохь тІом ца бина эпсар бакъволу эпсар-кавказхо ца лорура эскарехь. Цундела Кавказски тІеман шерашкахь кхуза гІертара гІарабовла лаьа къона аристократаш, тайп-тайпана авантюристаш.

* * *

Цхьана масех минотехь и дерриг коьртехула чекхделира Карцовна. «Шого-м дер элира Экельна оцу хІиричо», — ойла йора цо. Амма бакъдерг элира. Дерригенна а бехке правительство ю. Цунна лела хиънехь я лиънехь ,тоххара машар бина, Россина муьтІахь хилла севцца хир ма дара и Іаламан бераш. Уггар хьалха и къармазе нохчий а. Дерриге галдаьккхина меттигерчу администрацис. Къаьсттина а, оцу кхечу махкара баьхкинчу наха. Массарчул тІех — немцаша. Уьш бу массанхьа а. Паччахьан цІа чуьра охьа, провинцешкахь, эскаран дакъошкахь...

Лорис-Меликов чувогІуш хааделла, схьавирзира Карцов.

— ХІаъа, Михаил Тариэлович, нохчий кху махкара дІабахаро бен синтем лур бац кху крайна, — элира Карцовс чувеанчу Лорис-Меликовга.

— Лаа ца олура Алексей Петровича, цул сийдоцуш, цул аьрха, цул сонта къам кху стигла кІел хир дац, хІара дуьне хьоькхуш лела Іаьржа ун а ца лета царах, дала хІаллакбарех! Сиха а, гена а мел бехи дикахо ду. Нагахь вай долийнарг кхиамца чекхдалахь, вай веа стага — вайшиммой, Евдокимовсий, Милютиний цкъа а ца дицдаллал доккха гІуллакх до Россина.

— Дала аьтто бойла вайн. ХІинца цкъа-м дика дІадоьдура гІуллакх. Делахь а, кхоьру-кх. Сацам хийца дукка хІума ца оьшу царна. Молханах тера къам ду иза. Цхьа суй тоьа иза эккхийта. ТІехула тІе, Нохчийчохь даима вайн аьтто бохориг цуьнан географически хьелаш ду. Кубански ламанхой махках баха-м хІордо аьтто бира. Ткъа кхузахь нохчий Турце бига беккъа цхьа Гуьржийн БІаьн некъ бен бац. Суна хетарехь, Александр Петрович, уггар хьалха, ма-хуьллу сиха, вешан векалехула туркойн

правительствера визиральни кехаташ даха деза. Царна тIехь гайтина хила еза нохчий дIатарбан Портас гайтина меттигаш. ТIаьхьа из-важ ца бахийта. Нохчий вайн дозанашкахь сецо гIертар бу уьш шайн ма-хуьллу. Кхелхарш масийтта партишка а бекъна, хIор партина юккъехь кхаа дийнан некъ буьтуш ца бигча, цкъа-делахь, пхи эзар цхьаьнаметта дIабига йоккха IалагIожа ю иза, шолгIа-делахь, оцу некъан бохалла зуламаш ца деш Iийр бац уьш. Цкъа хьалха цхьа тешам боллу эпсарш коьрте а хIиттийна цхьа-ши парти дIа а хьажийна, церан лорах буьгур бу вай биснарш а. Ас хьалха ма-аллара, Iаламат дика хир дара, кхелхачийн гIуллакхана чрезвычайни а, полномочни а бакъонаш елла цхьа тешам боллу эпсар хьалххе буха дIавахийтича.

— Оха билгалвина ншта эпсар. Хьоьгара хаам ма-хиллинехь, Эрзруме гIур ву генеральни штабан капитан Зеленый. Iаламат низам долуш, оьзда эпсар ву иза. Ткъа тобанийн эпсарш кхузара айхьа билгалбаха.

— Церан список-м хIинцале а хIоттийнера ас. Хьалха со Тифлисе веъча, аш деллачу пурбанца ас Кундуховга аьлла, цуьнан цIенойх а, махках а догIу ахча хьалхара итт парти новкъаяьлча дIалур ду, важа пхи эзар сом — цуьнан шен доьзал Владикавказера дIа новкъа баьлча. Сайдуллина пхи эзар, ткъа Цугаевна ши эзар сом дала дош а делла ас. Кхалха аьтто боцчу къечу нахана сту-говр оьцуш дойур ду Сайдуллина деллачух ах. Цугаев дог ик-кхина цIехьана кхалхаро гIехьчул хало йина тхуна. Амма цуьнан меттана кхин стаг карийна. Цуьнан вешин кIант Шамхалбек. Суна хетарехь, кхалхош хинйолу ерриг харж кхузткъе итт эзар соьмал тIех ер яц. Цул сов, Александр Петрович, вай ссылке бахийтина эмкарахойн Одессехула Трепезунде бигарна снхо яйта-хьа. Уьш Турце бигна аьлла даржийна оха нохчашлахь.

Цаьршиннан къамел юкъахдаьккхира яй неI тухуш, дари де-кош чоьхьаяьллачу хIусамнанас.

— Александр Петрович, эхь ца хетий шуьшинна! — оьгIазъ-яханчух балда а дахдеш, барт туьйхира цо. — Селхана дуьйна тхан гIалахь ву хьо. Хьайца охьахаа аьтто-м мухххале а ца хилий-тира ахь, тIе соьгара майра а дIаваькхина. ХIун ду хIара ша! Дийнахь-бусий шайн гIуллакхаш айбина. Декъаза адамаш ду-кх тхо, шун зударий! Валол ший а цIа. Сан мехкарий бу шуна са-гатдеш.

— Нина Ивановна! Бехке ву со! Тховсалера суьйре хьан ю-кх. Вало, Михаил Тариэлович. Ваьшшиннан хьомсара нохчий тховса паргIат буьтур вайша!

Х корта КЕЧАМ

Цкъа схьа карадуьйлал шу,
ТIаккха сихха гойтур ю —
Тхайн набахтийн чIагIалла,
Юьйцинчу шодмийн ондалла,
Болатан буржалш туса а,
Сибрех шелехь уьш лело а,
Дерригенах кхетор ду, шайн
Хьоме лаьмнаш схьа ма-делли..

Т. Г. Шевченко. «Кавказ».

1

Кхушара хьалххе еара бIаьсте. ХIетта хьалакъеддачу буьйдачу бацо сенйинера маьлхан басеш. Хьаннийн йистошкахь гучудуьйлура кIайн, можий, сийний зезагаш. Сенарш[1] даьхнера хьаьрсачу хьечаший, туьркаший. Цхьа бутт бара даьхний дажа лоьхку. Дежийлашкахь хIинца а буц яцара, амма сарралц кхаш тIера гIовда лехьайой туьппалгаш санна а хуьлий, цIа доьрзура уьш.

Амма бIаьстенна аха араволуш ХортIий, кхин цхьа масех стаг бен вацара Гати-Юьртахь. Хиндерг цахааро дог даькхкхинера дер-ригенах а. Шаьш кху махкахь дуьсург хиларх тешам байинера не-хан. Я Турце, я Россех — цу шиннах цхьанахьа. Шахьби коьртехь волуш, цхьа иттех доьзал Турце кхалха кечлуш бара. Бисанчийн ойла яцара махках бовла. Нагахь шаьш нуьцкъала махках даха я керста дине дерзо хьовзадахь, зударшций, берашций цхьаьний лет-та хIаллакьхила сацам бина севццера уьш. Амма ялташ дерна ке-чамбан гIерташ вацара цхьа а. ХIун до эрна къахьегна. Къиза ба-лийца оханаш а дина, даа а доццчу ялтех даькхкхина хIу а тесна, ца-ра и кхиийча, тIаккха а ма ду иза салташа буьйда доллушехь хьаькхна охьадуьллур.

МIаьчига бехк ца буьллура нахана. Кху тIаьхьарчу ткъе итт шарахь моссаза хIаллакдинера церан ялташ. ТIаьххьара минот тIехIотталц летий, дийна биснарш орца кIегар бовлура уьш. ТIак-кха йолалора акха къизалла. Уггар хьалха цIе тосура юьртарчу цIенойх. Дагадора цара Iаьржачу денна хьежон ялтийн рицкъанаш, Iаьнна кечдина докъарш. Дагаршца хедош охьадохкура хиллачу стоьмаша саттийна бошмашкара дитташ. Хьайбанаш шаьш ларочулла дIадуьгура, дуьсучарна тоьпаш еттара. Ца дуьтура кхаш тIе-ра хиланза долу ялташ а. Мангалшца хьоькхуш, говрашца хьоьшуш хIаллакдора.

[1] Патарш, чIенигаш.

Дайшкахь дуьйна схьа масех бIе шарахь цара хьацарца IаIийна материале а, культуре а, хьал цхьана дийнахь акхараллица хIаллакдора къа ца хетарша.

Селхана шайн хIусамаш а, даа рицкъа а, кертахь даьхний, кхаш тIехь кхуьуш ялташ долуш хилла доьзал шолгIачу дийнахь уьш цхьа а доцуш ерзинчу стигла кIел буьсура. Бахам хIун дара. Оцу дийно дийнна доьзалш хIаллакбора, ткъа юккъера цхьаъ-шиъ ца хьош цхьа а доьзал ца буьтура.

Ма дукха догIура ишта денош Iай а, бIаьста а, гурахь а, аьхка а. Дуьззинчу ткъа шарахь, Нохчийчоьнна тIехь хаддаза лаьтташ Iаьржа кIур бара. Муьлххачу а буса гIаьттина гу лекха а ваьлла, дIахьаьжча маьI-маьIнехь гора стигала яжа гIерташ санна, хIаваэхь цкъа дахлуш, юха сетташ ловзу цIерийн цIен меттанаш.

Цкъа хьалха талораш дой, тIаккха и къематде а хIоттадой шайн гIаьпнашка юхадоьрзура паччахьан эскарш, ткъа яьгна алу хилла лаьттачу юьрта бухабирзина бахархой шайн миска хIусамаш йогIа хIуьттура. Iаьнан шелах а, бIаьстенан, гуьйренан йочанаш кIел а.

МIаьчигана цкъа а ца дицлора иштачех цхьа де. Гати-Юрт талийна, ягийна, бошмаш хедийна охьа а еххина, кхаш тIеяьлла отряд, хIетта пхьаьрке баккха йоьлла хьаьжкIаш хIаллакьян юьйлира. Салташа болх бора мангалшций, маьрсашций, таррашций, шаьлтанашций. Юккъехула говраш хьийзош, отуш охьадохкура сийна гIодмаш. Мукъа ца Iара эпсарш а. Мукъа ца Iийра оцу дийнахь инарла а. Юккъерчу дегIахь, горга юьхь, лекха хьаж, Iаламат хаза дуькъа Iаьржа мекхаш долуш волчу куьцечу къоначу инарлас, салташна хьалха а ваьлла, тур детташ цхьа доггах хьоькхура МIаьчиган ирзо тIера хьаьжкIаш. Салтийн дог-ойла гIатто сих-сиха цаьрга мохь а тухуш, забарш кхуьйсуш. КIайчу йовлакхаца наггахь хьаьжа тIера хьацар дIа а хьокхуш.

МIаьчигана ца хаьара цуьнан цIе. Иза инарла барон Ипполит Александрович Вревский вара. Элан Александр Борисович Куракинан крепостной гаремехь къотIалгIа вина кIант, ден доттагIчо, австрийски императора Франца I баронан титул елла.

Россерчу крепостной лоллина эхь кхайкхош, декабристех дог лозуш волчу барона Вревскийс, чим беш, ягайора нохчийн ярташ, къиза хьоьшура империна чоьхьа, океанна юккъехь жима гIайре санна, кху лаьмнашкахь тIаьххьара йисина маршо.

Цо салташна хьалха а ваьлла, доггах хьоькхура МIаьчиган ирзон коржама тIера сийна хьаьжкIаш...

Шаьш хьегначу къих изза хиларна кхоьруш, ялташ дерна кечам ца беш Iара Гати-Юьртара дуккха а нах.

МIаьчига ша тIеоьцу сацам шортта ойла а йой оьцура. Цкъа бинчу сацамна тIера вуха а ца волура. Шахьбин гIоьнца, кхелхачийн списки тIе а язвелла, новкъавала кечамбан вуьйлира иза. Дерриге а дIадоло дезара паспортана тIера. Кхелхачарна паспорташ дахар шена тIелецира Хортlас. Делан дуьхьа доцуш, ткъа хIо-

раммо а шена цхьацца туьма делча. Иза шена оьцу-м ца бохура цо. Пурстоьпана а, округан начальникана а шун хIоттой, БуритIахь хьаькимаш хьастий деза шена бохура. Кхалха луурш дукха бу, ткъа Iедало уьш массо цхьана шарахь дIа ца хоьцу. Шен куьг хьаьстинчуьнан гIуллакх до. Дерриге дIадолало пурстоьпана тIера. Кхалха безарш, язбой, цо округан начальнике дIало, цо, цигахь луьттий, БуритIа, шел лакхарчуьнга хьала ло. Цигахь сардала чIагIбо. ХIетте а, паспорташ яздечара гIуллакх ца до шайна жимтIама хIума ца елча. Цул сов, ХортIас кхин гIуллакх а дира МIаьчигана. Сту эца Iедалера кхо туьма даьккхира, цунах ах шена лург. ТIаккха, паспорт хьайн керахь долуш санна, шек воцуш, новкъавала кечамбе, элира цо МIаьчиге.

Кхин йохка хIума-м яцара МIаьчиган, шен етт а, старгIа а дохка тахана Оьрза-гIала веанера иза. Юххехьуо, Шелахь а дер яра керла йиллина базар-м. Амма цига дукха адам листалора. Хьастаха цу базарахь де дайира МIаьчига. ДегIастанера а, ХIиричуьра а, Гуьржехара а адамаш дара нахера даьхни эца цига таттаделла, и базар сийсош. Массарна а йорах езара оьцург. ДIаюхкучу хIуманан ах мах хедабора, цхьа барт бича санна. Хаьара шаьш ца эцча, цаьргара уьш эца кхин воцийла. Узу хьелий дорах, дужу хьайбанаш деза дара. Нохчийчохь цхьаммо а ца духкура стерчий, бугIанаш. Кхелхачарна ворданашна, ткъа цIахь буьсучарна бахамехь оьшура уьш. ГондIарчу къаьмнех болу нах, цунах пайда а эцна, санаш йохуш лелара. Шаьшкара даладой стерчий, бугIанаш меххала духхуш, ткъа кхузахь дорах эцца хьелий, дIа а дуьгий, йоккха сайокхура.

Оцу мехашна реза а ца хилла, гIалгIазкхашлахь мукъана жимма мехехь шен даьхний духкийла а, стерчий оьцийла а хир дацарате аьлла, веанера иза Оьрза-гIала.

Сийсара АндригIаьргахь буьйса а яьккхина, Iуьйранна хьалххе базара ваьллера иза. Вуьшта а хала Iаьнах даьлла етт, старгIий бехачу некъо гIелдина, гуттара дакъаза даьллера. Селхана иза а, Коьра а кхуза кхаьчча, чожаш чу а кхетта, массо пIенда тIе а баьлла, настарш егош, халла ирахь сецара уьш. Сийсара Андрис сийна йол, хIоъ баийна, диларш мийлийна дузийна и шиъ тахана жимма бIаьрла гора.

ХIара кхалхар юкъадаллалц бежнийн мах туьманера хьала кхаа туьмане пхеа соьме болура, ткъа стерчийн мах пхийтта сом, ши туьман пхи сом бара. Кху некъехь мел дикачу аттах а ца лора шина туьманал пхеа соьмал тIех. Стерчийн мах хьалабаьллера.

Базарахь дохна улло хIоьттина латтар бен, цхьанцце мах буьйцуш вацара МIаьчиг. Оцу дийнахь шен болх а, садаIар а дитина, цуьнан гIуллакхана араваьллачу Андрейс цкъа хьалха МIаьчигца мах хIоттийна, етт а, старгIа а дохкаран гIуллакх шен каранйцира. МIаьчиган етт дIора дикчу дохнах а боцуш, амма хаза дегI долуш, ма́шина дика етт бара. Хьалха-м лаххара а кхо туьма лур дара

цунах, амма тахана цхьа а пхийтта соьмал хьала ца волура. Цхьа дика, старгIа Iуьйрре дIайоьхкира цара шина туьманах кхаа соьмах.

— Пхийтта сом лур ду шуна аттах, — олура тIе мел веанчо.

— Хьо хьера-м ца ваьлла? Пхийтта сом бохург хIун ду хIоккхул нисбеллачу аттах! — оьгIазъоьхура Андрей.

— Етт хилла латтара хIара заIар! — пIендаршна тIе пIелгийн голаш етташ, вота санна, гай екайора гIалгIазкхаша. — Пхийтта сом, кхин кепек сов лур дац.

— Баркалла хьуна! Хьайн стунненера оьцур ахь.

Сов дала гIоьртанарг кхечара вухавоккхура:

— ХIей, гIалгIазкхи, эрна ахча ма дайа! Жимма Iийча и кIунзал вай бохучунна тIе богIур бу хьуна. И ца боьхкича шен туркой болчу кхелхийла ма дац цуьнан. Ткъа вай ца эцча, цуьнгара иза эца кхин стаг вац.

— Ши мах белла а и къуй сихха гучура дIабахар гIоли хетара суна-м.

— Ма кхералахь, гIур бу хьуна уьш! Ца гIахь, вай хIара агIо а къахьийр ю!

МIаьчиг ца кхетара цара дуьйцучух. Амма церан терсаро а, цабезамца къегачу бIаьргаша а иза кхиавора церан къамелах. Андрейс дов ца дора цаьрца. Резавоцуш корта а лестош, доцца кхуссура:

— Декъаза адамаш! Дегнех тIулгаш хилла-кх шун!

Ша деш хIумма а доцуш, цига хIоьттина латта кIордийна МIаьчиг, Андрейца Коьри а витина, цIа воьдуш накъост карорга дохдохуш, вевзарг гойла хьажа, базара юкъавелира. Дохка даьхний далош а, цхьацца йийбарш йохьуш баьхкина а дукха нохчий бара цигахь. ДIа мел хаьттинарг Теркайстера хуьлура. Масех стаг вара Гуьмсера а, БоргIанера а, Устрада-Эвлара а. Амма царех цхьа а МIаьчигна вевзаш вацара. Нохчмахкара стаг карорах дог а диллина, вухавирзина иза цIеххьана тIеIоттавелира шина шелахочунна, Шиннех цхьаъ — ДанчIа — МIаьчигна вевзара. Цкъа-шозза Берсица цхьаьна Аьрзу волчу веана гинера цунна иза.

— Ассалам Iалайкум! — генара велахь а вевзарг карийна хазахетта, вахна ДанчIина маракхийтира МIаьчиг.

— Ва Iалайкум салам! Делера маршалла хуьлда хьуна!

— Хьо лаа лелий, ДанчIа?

— Механа веана-кх.

— Хьо маца ваьлла севдгалла лело?

— Севдгалла! Хонкара кхалха кечамна араваьлла-кх.

— Ой, хьо-м вац хир ву цига кхелхаш?

— Уггар хьалха боьлхучаьрца.

Цецваьллачу МIаьчига дIа ца хоьцура ДанчIин куьг.

— Ой, хьан доттагIий Аьрзуй, Берсий, Маккхаллий туьран дитт хилла дуьхьалбевлла ма бу оцу кхалхарна?

ДанчIин догдика юьхь кхоьлира. Цуьнан бIаьргаш чохь боккха сингаттам гора МIаьчигна.

— Резаволуш ца воьду со, МIаьчиг.

— ТIаккха?

— Тхан цIийнан тхьамданаш бу цига кхелхаш. Ас дукха корта биттира цаьрга цIахь Iе бохуш. ЛадогIац. Кунта-Хьаьжин вирдехь ма бу уьш. Шайн устаз цига вигна, цунна тIаьхьадоьлху шаьш боху. Царех а къаьстина цIахь муха Iийр ву со? Сан лелар-м дер сан бертаза ма ду. Ца ваьллачу денна, йиша-вешех ваьлла ца Iен.

— ХIаъ, дерриге дIагIор вай! — оьгIазе вистхилира пхьарс боцу ДанчIин накъост. — Цигахь вайна цIенош дина, бошмаш кхиийна, ялтех доьрчий дуьзна, вай дIакхачаре хьуьйсуш, шун а хIоттийна, Iаш бу туркой. Iовдал нохчий!

ДанчIас резавоцуш корта хьовзийра.

— Цхьаберш Iехабелла кхелха, важаберш кхерабелла кхелха, КхозлагIнаш тешна бу, кхузахьчул цигахь шайн дахар дикахо хирг хиларх.

— Боьрша бац! — уллохь лаьтта нах цецбохуш мохь хьаькхира Iалхас. — Боьрша бац нах! ХIара латта керстанна дIа ца дала, леташ белла вайн дай! ХIинца вай, цхьаммо когаш тоьхча довда кечделла Iа. Яйна тIаьхье!

— ХIай къонах, хIай, и хIун ду ахь дуьйцург? — ша волчуьра схьа вистхилира дехьа лаьттачу нахах цхьаъ. — Нах-м хазахета ца боьлхий цига, ца бевллачу денна боьлху. Кхузахь мацалла ца бала. Шайл тIаьхьа шайн берех керстанаш хиларна кхоьруш, шайн зударий сийсазбарна кхоьруш. Шен са дадийна ца воьду цхьа а!

Оцу стагаца Iалха дов деш а витина, Андрейний, Коьриний тIе вахара МIаьчиг. Ша дIатесначохь и ца гаре догдохуш, генара дуьйна бIаьргашца шен етт лоьхура цо. Амма етт цара Iуьйранна дIатессинчохь лаьттара, чож чу а кхетта, настарш тIехула охьа кхош ихна, кхузара дIагIо вай бохуш санна, тIевогIучу МIаьчиге гIийла хьоьжуш.

— Шина туьманал тIех кепек ца ло цхьаммо а, — элира цуьнга Андрейс, доккха са а даькхина. — Ткъа кхуьнан лаххара а ткъе пхиъ сом мах бу.

— ДIалур бара-кх. Ас-м берхIиттаннах луо ма элира хьоьга. Даьхний дорах ма ду. ТIехула тIе, ши сту боцуш дIа гIойла а ма дац сан, — гIелвелира МIаьчиг. — ТIаьхь-тIаьхьа даздала мега стерчий.

— Гуш лаьтташехь, пхи сом зен а муха дийр ду? Хьо санначу мискачу стагана, махках волуш а хилча, цхьа кепек дерг а дуккха а ахча ма ду. Де суьйренгахьа лестича ткъе пхиъ даларга догдохура ас. И шиъ безаш хьо гонаха хьийзина ши сту хIетале цхьаммо эцарна а кхоьру-кх. Дика мехехь, кегийн догIмаш долуш, кхаба атта хир болуш ши сту бу и шиъ.

МIаьчига гIийла бIаьрг туьйхира дехьа кертах тесна лаьттачу

тайшачу шина старе. Лоха, горга, кегий догIмаш долуш, каде хир болуш ши сту бара и шиъ. Дика-м, дера, даккхий стерчий ма дара. Амма, цкъа-делахь, МIаьчиган ницкъ бацара даккхий стерчий эца, шолгIа-делахь, хьанна хаьа, гена новкъа лело хала хила а ма тарлора. Кхаба атта хир болуш, ламанан ши сту бара гIуьмкичо бухкург. Iуьйранна-м вархI туьма доцуш ца белира цо и шиъ. Ощул ахча МIаьчиган хуьлийла а дацара.

— Оцу шина старах хIун дала резахир вара хьо? — хаьттира цуьнга Андрейс.

МIаьчига, цхьана кога тIера вукхунна тIе а вазвелла, кIесаркIаг чу мIараш хьаькхира.

— Жимма хьалха-м, шина стеран мах мел дIасабиттича а деа туьманал, деа туьманал пхеа соьмал тIех бер бацара. ХIинца даздина-кх уьш. Тхан бохамах пайдаэца гIерташ воллу-кх массо а, — доккха садаькхира цо.

— Иштта кхоьллина-кх хIара дуьне. ХIора воллу дIакхалла шел гIорсизниг, цхьана бохамо юкъахьарчийнарг лоьхуш.

Дохно хьекхалуш, адамаш тIехуьйшуш, тIетийжаш къагийнчу юьйцинчу кертах тевжина цхьана ханна дIатийра Андрей. Шен сийна ши бIаьрг лаьттан бIаьра а боьгIна, стаммийчу пIелгашца месала Iаьржа маж а къежъеш, цхьана хIуманан-м ойла йора цо. ГIуллакх ца хуьлуш МIаьчиган цIаверзар нисдаларна кхоьрура иза. Цхьана гIуллакхана юх-юха а базара эхаро зен ма до. ТIехула тIе, даьхний дено-дено дазлур ду. Миска, куьйгаш пхьуьйшашна чуьчча а доьхкина, корта белшаш чу а оьзна, мохана букъ тоьхна бохбан гIерташ, ша волччохь когаш бетташ воллу. Амма кхузарчу шийлачу махана дуьхьало ялац цунна тIерачу эттIа, цаца хилла кхозучу чордачу машин чоига а, хечига а, чу къаж йоьллина, берзинчу когаш тIе юьйхинчу якъаеллачу неIармачашка а. Кху юккъехула цхьа хIума кхосса дагахь, кхоьлуш ю стигла а. Сенбелла Коьрин мара а. Юьхьа тIера тхинчоьш ирахIиттина. Ткъа хIара де хIор сохьтехь шеллуш ду.

— Хьоьгахь ахча мел ду, МIаьчиг? — хаьттира Андрейс цIехьана.

— Ас цIера деана пхийтта сом а, старгIех делла ши туьман кхо сом а ду-кх.

— КIезиг ду.

ТIаккха жимма Iийна вуха а вистхилира иза:

— Оцу шина старах хIун дала резахир вара хьо?

— Делхьа хаац суна-м. Пхи туьма, пхи туьман пхи сом доцуш хьала а, охьа а лур бац-кх цо и шиъ.

— Цунах белча, оьцур барий ахь?

— Муха ца оьцу. ТIе базарахь кхин а деза хир ма ду уьш.

— Делахь, вало, вайша мах буьйцу. Нах тIегIерта боьлла цунна.

Цецваьлла МIаьчиг акъаваьлла висира:

— Етт ца боьхкича мах буьйцийла ма дац.

— Ас сайна буьту хIара етт, — элира Андрейс.

МIаьчиг ца кхийтира. Селхана дуьйна цхьаьна ву и шиъ. Я Андрейс а, я цуьнан зудчо Наташас а етт оьцур бара аьлла хьахош ца хезира цунна.

— Цхьаммо ца лахь а, кху аьттан мах ткъе пхиъ сом бу, МIаьчиг, — элира цо. — ХIокхунах и лур дац базарахь кху цхьана-шина баттахь, шу кхелхарш кхелхана дIа а девлла, хIуманийн мехаш шайн лортIа бовллалц. ХIара етт сайна а битина, и ткъе пхиъ сом лур ду ас хьуна. Жимма Iийча, базара ма-баькхинехь, и ахча суна хьаъа а лур ду кхунах.

Дагахь доцуш цIехьана шен хиллачу аьттонах воккхаве МIаьчиг цхьана агIор воккхавеш, вукху агIор, хIаъ аьлла, резахилла тIе а тайна гуш лаьтташехь Андрейна коча бала муха тосур а ца хууш, воьхна шен шелделлачу куьйгийн пIелгаш сеттош лаьттира.

— Андрей, суо бахьанехь хьуна бала хуьлийла ца лаьа суна.

— И ма дийца. Нагахь ас динчух хьуна гIуллакх хилахь, цул доккха хазахетар дац суна.

Цхьана эха сахьтех мах бийцинчул тIаьхьа, пIумкичуьнгара пхеа туьманах пхеа соьмах эцна и ши стуй, Андрейс шена битина еттий хьалха а лаьллина, АндрейгIаьрга дIавахара уьш кхоъ.

2

ХIаваэхь лайн чимаш хьийзадоьлча, шайн шийлачу духарах кхеравелла цIа ваха тохавелла ДанчIий, Iалхий урамехь цIеххьана полковник Белликна тIеIоттавелира.

Нохчашца чIогIа тIекаре стаг вара полковник. Ткъа царна ца хаьара цуьнан хаза хабар, цо лело гIиллакх — уьш дерриг моттаргIанаш юйла. Айкхашкахула гулбечу хаамех кхачо йина ца Iаш, миччахьа а ша тIекхаьччуьнца говза хабар доладой, мелла а хаамаш гулбора цо.

— О, сан хьеший шелахой бац хIорш! Марша догIийла шу. Ма воккхаве со шу гина! — даима, ша цхьа Iалашо йолуш, цхьанна тIекхаьчча ма-хиллара, тIекера велира полковник.

— Марша Iойла хьо, Беллик! Берриг нохчий Турце боьлху, — элира ДанчIас, маршалла а хаьттина.

«ХIара нохчий Турце кхалхаран гIуллакх тIаьхь-тIаьхьа тамашийна хуьлуш ма лаьтта. ХIокхара ишта тIекхаьчча схьадуьйцучуьнга ладоьгIча, шеко яц аьлла хетало. Амма дагахь ма-дарра муха дийцийталур дара-техьа».

Цхьана секундехь и ойла йинчул тIаьхьа полковника сацам тIеийцира:

— Суна хьешаша сайца бепиг-туьхий кхоллийла лаьа. Дуьлол со волчу хьошалгIа!

— Хlан-хlа, Беллик. Тхан цlа даха деза, — вухагlоьртира Данчlа. — Суьйранна Иласхана-Юьрта кхача веза тхойша.

— Цунах-м бахьана хир дацара. Юьрта веъча ас ма йоу шун сискал. Цхьаьний охьахевшина, цхьацца кад чагlар мер вай.

Iалхин барзакъе хьаьжча шийла дара и де. Цунна тегна хан а йицъеллачу чордачу чоано, дерзинчу дегlа тlеюьйхинчу гlовталой дуьхьало ца йора шелонна. Хlуьттаренна санна, дlехьана шелделира хlара де а. Беллика чагlар хьахийча тlанхьахlотта лиира цунна.

«Хlара гlорош лаьтта цlий жимма долалур ма дара цхьа-ши кад чагlар мелча», — ойла йора цо.

— Валохьа, Данчlа, гlуо вайша, — элира цо Данчlега дуьхьало цаяйта шаьшшинан говраш а човхош. — Хьошалгlа кхойкхуш хилча, хlан-хlан бахар гlиллакхехь ма дац. Цхьана сохьтана вайша тlаьхьависарх галдала хlумма а дац.

Хьеший шен кабинета чу бигира Беллика. Довхачу цlа чу а ваьлла, охьахиъначу Iалхин дог-ойла гlаьттира. Пенах кхозучу, дерриг дегlаца доккха диллинчу императоран Александр II сурте а хьоьжуш, чехкка дуург-мерг чударе сатуьйсуш Iара иза.

— Иза хьенан сурт ду хаьний шуна? — хаьттира полковника, шен хьаша цуьнга лерина хьоьжуш а гина.

— Дера хаьа. Цо хаийтина тхуна ша мила ву, — сихха жоп делира Iалхас. — Iалелай, цуьнан дукха мидалш! Уьш хlун динчунна елла цунна?

— Россис мостагlашна тlехь боху толамаш цо бохуш ма бу. Иза-м вайн массеран а да вай.

— Дера ву дика да! — ца вешаш муцlар саттийра Iалхас, — цо а, цуьнан дайша а тхан халкъан Iенийна цlий, тхоьга хlоттийна балий бицлур бац тхуна цкъа а. Хlинца а цуьнан мидалшка хьоьжуш хетало, царна тlера цlий ледаш санна, уьш адамийн кортойх йича санна. Дукха адамаш дайаран билгало ю-кх мидал? И жаIар маса стаг вийча елла хьуна? — хаьттира цо Беллике.

— Со паччахьан лай ву, Iалха. Цо аьлларг дар сан деккар ду. Ткъа цо дlакхоьхьург дала шена гайттина некъ бу. Хьан мидалш яц, амма ахь асчул дукха дайана адамаш.

— Адамаш дайа, хьо санна, цхьаннахьа а ца вахана со. Ас байнарш-м сой, сан доьзаллий хlаллакбан, соьгара маршо дlаяккха, сан махка, сан цlа чу гlертарш бай. Ткъа аш хlун леладо, суна хаац. Тхо а, шайн муьжгий вовшех лоьтуьйтуш хlаллакде, уьш а, тхо а Iазапехь дахкаде боху цуьнга дала? — суьртехьа корта тесира Iалхас.

Даар-малар чохь шун карахь цlа чу ялхо ваьлча, дагна там хилира Iалхина.

— И шайн аьрха амалш а йитина, вон а ца лелаш Iахь, хир дац шу хlаллак. Шу шаьш ду бехке. Шун лулахойн гlебартойн, хlирийн, гlумкийн, гуьржийн, шун вежарийн — гlалгlайн цlий ма ца

Iаний? Гой хьуна, аш карзахбехи тхуна къарбелла кlелсевцца дагестанхой а. Ткъа тхан муьжгийн дахар а дац ахь ма-дуьйцу вон а. Царна маршо еллийла ца хаьа шуна? Цул уьш а дитий, вешан кад дlамалий вай! Шаьш Турце кхелха бах аш? Хlа, дlаэцал кедаш. Дала некъ нисбойла шун!

— Амин!

Iалхас шен кад вист ца хуьлуш дlамелира.

Данчlас шениг бете а баьхьна охьахlоттийра, амма Iалха тlе урх йиллина мала волавелира.

— Шу хlунда доьлху Турце? Тхоьца вон ду шуна? — хаьттира Беллика Данчlега.

— Мел вон делахь а Iийр дара тхо-м. Латта ца хилча тхо муха дехар ду кхузахь? Тхан латта аш дерриг дlадаькхина, цундела цхьаболчу нехан туркойн махка кхалха ойла ю. Нагахь тхо бертахь кху махкара дlа ца довлахь, нуьцкъах тхоьгара герз дlаэца, хlор син цlарах цхьацца туьма ясакх яккха, салт баха уьш аьлла, дина омра ду боху паччахьан. Хlинца хаьний хьуна, кхузахь дийна Iен тхан йиш йоцийла?

— Уьш-м хабарш дара! Полковника Муравьевс ца дийцина шуна и хабарш цхьа а тайпа бух боцуш хилар? Паччахьа ишта эр дац, цунна шу дукха деза. Кху пачхьалкхера дерриг халкъаш, юкъара цхьаъ къасто йиш йоцуш, цхьа доьзал ма бу цуьнан.

— Хlан-хlа, Беллик, ас дуьйцург бакъ ду. Ткъа полконака тхуна дийриг дуьххьал дlа маслаIат ду. Нохчийчохь цlарна а цIеяхана, далла санна, паччахьана а муьтlахь тхан наиб Сайдулла, Iалгlула, Боташ, кхин масех молла а ву халкъе и дlакхайкхош. Тхо туркойн махка ца кхелхича девр дац. Цигахь, тхо санна, бусулбанаш а, бусулба паччахь а ву, тхуна къастийна, хlара тхайниг санна, дика латта а, хlусмаш а ю боху.

— Ткъа нах резабуй Турце кхалха? — иза зен гlертара Беллик.

— Дай баьхна латта а, дайн кешнаш а дитина, винчу махках валар мел хала делахь а, Iедалах кхерабелла цхьа кIезиг нах шайн миска бахамаш бухкуш, цига дlабаха кечлуш бу. Цхьа таронаш ерш. Амма дукхахберш кхузахь совцур бу тlаьххьара минот тlехlотталц, шайга дала лаьа шуна я даха лаьа шуна аш аллалц.

Белликан, Данчlин къамеле сема ла а доьгlуш, шена дуьтту чагlар а муьйлуш Iачу Iалхас, цергаш а хьакхийна, цхьаъ бен боцу шен беза буй стоьла тlе тоьхна, пхьегlаш ирхъяхийтира.

«Варраш яI, лергаш деха варраш! — Шу-м шайга жимма а хаза вистхилча ца мегий». — Шен дагахь кхин а маьттазчу дешнашца хьешашна неIалт хьежош, мундира тlе деттаделла чагlаран цинцашна йовлакх хьаькхира полковника.

Накъосто динарг ца тайна, Данчlа бехк боккхуш хьаьжира Iалхе, амма цуьнан бехна, цlийбелла богучу бlаьргаша иза кхетийра, цунна моха еана хиларх.

— Ишта лелча гlиллакхехь дац, Iалха, — элира Беллика шен

оьгIазвахар халла дIа а тедина. — Хьо-м нехан хIусамехь вай...

— Со вац нехан хIусамехь, хьо ву! Со сайн махкахь ву, ткъа хьо хьан кхайкхина веана кхуза? Хьайн цIа делахь, цIахь Iе! — Iалха, ша волччохь хьала а айавелла, полковникана тIекхевдира. Цуьнан багара Iаь шен юьхьа тIекхетча, важа дIахьаьвзира. — Суна оьздангалла Iамо гIерта хьо? Цул со, къаьркъа мала ма Iамийнехь? Шун къаьркъано, шун къизалло адамийн гIиллакхах а, тешамах а вохийна, адамалара ваьккхина лелош вац со?

Iалха дукха генавала воллийла хиъначу ДанчIас, хьала а гIаьттина, нуьцкъала гIанта охьаханйра иза.

— Хьуна ца гира, ДанчIа, ахь вай Хонкара гIур ду аьлча, хазахетта цуьнан екхаелла юьхь! Дер бохку вайн махкахь хаза, ши кор хецна, шайна парггIат баха ховша! Хир дац шуна иза, хезий хьуна? Тхо гIур дац туркойн махка я баха гIертарш а бохуьйтур бац! Цигахь а ю Iожалла тхоьга хьоьжуш, кхузахь а ю иза, бага а гIаттийна, тIехула хьийзаш. Амма кхузахь Iожалла тIецар хIумма а доцург ду, хIунда аьлча, хIара тхан даймохк бу, кху лаьттах бохку аш байина тхан дай а! Хезий хьуна, полковник, тхо гIур дац туркойн махка?! Ткъех шо хьалха хиллачун ах а ца дисина тхо, амма вай кхин цкъа а тарраш морзах дохур ду!

«Эххар а схьаIеттий цо шайн дагахь дерг. Кхин кIорге гIерта а ца оьшу. Шовзткъалгга шо юха а карладаккха гIерта хIорш. Иза дара-кх суна хаа луург. ХIинца гIиллакхана жимма къамел дина, ара а даьхна, дIахьовсо деза хIара ахарой, — ойла йора Беллика. — Тахханехь Михаил Тариэловиче дIахайта деза хIара гIуллакх...»

ДанчIас, бехк боккхуш, човхийна Iалха дIатийра. ТIаккха цхьана ханна тийналла хIоьттира чу.

— Iалха, хьо гIалатваьлла. Тхуна ца оьшу хIара шун лаьттан коржам. Доза дац Россин мехкан. Цуьнан цхьана йистера вукху йисте шина шеран некъ бу. Iедалан законаш къобалдина кIел ца совцахь, цкъа а кху махкахь паргIато хир яц шуна.

— Шун законаш а Iожалла ю тхуна, туркойн махка кхалхор а, тхоьгара герз дIадаккхар а Iожалла ю тхуна. Тхо Iаддадита, оха а ца кхийдадо цхьангге а тхешан гIиллакхаш!

— Карзах ма вийлахьа, Iалха, — хьаьстира иза Беллика. ХIинца шу санна, карзахбевлла бара кхо бIе шо хьалха казански татараш. ХIетахь хиллачу оьрсийн паччахьа Иван Грознис нуьцкъала караберзийра церан мохк. Шайгара герз дIаэца доьлча, хIинца шуна санна, шаьщ лийр ду моьттура царна. ХIинца гой шуна, топ муха кхуссу а ца хууш бу уьш, амма цхьа а хIума ца оьшуш, шайна токхе беха. Аш хIун до герзах? МостагIех оха шу лардийр ду, ткъа шу, шайна маьрша къа а хьоьгуш, дехар ду.

— Оха тхаьш лардийр ду тхайн! Тхо зударий дац аш лардан! — мохь хьекхара Iалхас.

— Хьанна хаьа, Беллик-сардал, ахь буьйцу и Казанера гIезалой санна, тхешан бераш салте а луш, цигахь царна хьакхарчий яайойтуш хила мега тхо а мацца а цкъа, — элира ДанчIас, доккха са а даьккхина. — Амма дала ша тхуна белла мохк цо ша тхоьгара дIабаккхалц, тхо бусалбанаш мел ду, иза хир дац. Оцу хьола тIе довлучул тхо туркойн махка гIур ду, ткъа Iалхас ша вехха хабар дуьйцу.

Кхин хабар ца дуьйцуш хьалагIаьттина ДанчIа, Iалхица ара а ваьлла, иза халла говра а ваьккхина, Оьрза-ГIалех аравелира.

Ткъа шаьшшиъ араваьллачул тIаьхьа охьахиъначу Беллика, шаьшинца хилла къамел, Iалха паччахьана лер доцург, дерриг тIе а дуьллуш, Лорис-Меликовга донесени язъяр цаьршинна цкъа а ца хнира.

XI корта ГАТИ

Сайн лаамехь яхара
Цу пана махка,
Тилаелла лийлира,
Дакъазаяьлла...

Зударийн эшар.

1

Юьртахь уггар таро йолчу нахахь цхьаъ волчу Шахьбин долахь тІе оьрсийн гериг йиллина, тховх хьала уй тоьхна, корашка ангали диллина, лекха пурхе долуш даккхий цІенош дара. Божалахь шиъ гомаш яра, ялтех дуьзна даккхий доьрчий лаьттара, раздевлла, хаьн тІе гІорториш хІиттийна. Йоккха ши бугІа а, масийтта уьстагІа а бара. Ша дІа куьг ца тухуш, нахе юкъахь я йолах лецначу суьйлашка лелабойтуш масех урд мохк а бара цуьнан.

Ларми чохь кІовделла лаьтташ масех гиба даьтта а, дукъделла, шекар хилла лаьтташ масех гуьмалк моз а хуьлура. Васхалахь кхозура дакъийна жижгаш, йоьхьаш, цІийделла дуьмеш. Цуьнан ахча — кехатаниг матардоьлла, детиниг — Іарждела олура наха. Бахам — де-дийне мел дели стамлора. ХІун дара а хаац, ирс тІехьажаделира цунна. Иза цунна тІедогІура нахе вон деъча а, дика деъча а. Бес-бесарчу басаршца бустамаш дохуш кечдина, тІехула кІайн эчиг лаьцна, ши догІа тухуш долу доккха тІорказ дуьззина духар дара цуьнан цо лийчийнчу беллачу нахах дисина, цунна сагІийна делла. ДІа ойла йича цунна оьшуш хІума дацара, цхьа делан ун доцург. ХІетте а реза вацара иза шен кхолламна. Дахарна сутара иза кхоьрура я цІе яьлла, я тІамо хІаллакдина, я шена бу моьттучу шен дуккха а мостагІаша талийна и бахам цхьана дийнахь хІаллак а хилла ша, нах санна, верзина висарна. ХІара керла Іедал ша санначу стеган доладан кийча делахь а, цунах ца тешара иза. Тешар-м хІунда хьехадора, и оьрсий а, церан Іедал а бІаьргаган ца дезара цунна.

Шахьби фанатик вара шен тІамарца. Дуьнен чохь цхьа а ницкъ бацара иза ша дешначу къорІин, жайнийн хьехамех шекваккха. Керстанаша махках ваькхина пайхамар. Керстанашца къуьйсуш хІара дуьне дитина цо а, цуьнан асхьабаша а. Керстанашна

дуьхьал гІазот кхайкхош кху харц дуьненара дІавахана Ташу-Хьаьжа а, цара лаьцна вигна Кунта-Хьаьжа а. Керстанаша вийна Шахьбин воккхахволу ши кІант а. И де Шахьбина тІехІуттур дацарна юкъарахила ваьхьар волуш стаг вуй ткъа? Эз-эзар шарахь вахарх керстанашца машар хир бац цуьнан. Цара шайн паччахь вина и дІахІоттийча а.

ТІом чекх ма беллинехь ведда Турце ваханчу ткъех эзар стагаца цига вахар ца нисделира Шахьбин. Шен бахамана сутарваьлла висира. Бахам бохкар, эцар бохург хьехочохь а дацара хІетахь. Сийна цІе яра гуобаькхина кхерсташ. ХІинца дерг ша ду. Нах Турце кхелха аьлла хезча, боккха кхаъ хилира цунна. Оцу хабарх ца тешна, ша а вахара иза цкъа хьалха Сайдулла, тІаккха Алхазан Муса волчу. ХІара, дІа вист ма хилла, шаьш лоьхург вуйла хиъначу цара, хІоккуьнца дІабахка луучу мискачарна гІоьнна аьлла, кисана итт туьма а таІийна ваийтира цІа.

Шахьби Турце тоьттуш кхин а дара цхьа бахьана. Цо массарех лечкъош къайлехь латтош. Атталла, шен нанас дена винчу вешега а ца дуьйцуш. Цхьа кІант воцург кхин доьзалхо вацара Шахьбин. Иза башха дега хьаьжна воцуш, хьекъална ира, комаьрша стаг вара. Шена хуу Іилма дерриг цуьнга дІаделира Шахьбис. Цуьнан аьтто хиллера керстане болу шен цабезам берриг кІанте бала а. Деккъа цхьана оцу гІуллакха тІехь амалш юьззина цхьанайогІура цаьршиннан, ткъа йисинчу амалшца и шиъ вовшашна ген-гена ши стаг вара.

Шахьбин берриг дуьненан безам оцу кІантана тІебирзинера. Цо сатуьйсура цунах наха лоруш, гІараваьлла, цхьа а эшам боцуш ирсен стаг хиларе. Шемалан оьмар цхьана иттех шарна яхъеллехь, шен дагахьдерг кхочушхиларе догдохуьйла яра цуьнан. Амма кху оьрсийн Іедална кІел мел ву, Іедална нийсса дуьхьал йолчу цуьнан шен а, кІентан а амалшца иза даржехь лакхаваларе догдохуьйла яцара. Дин маьрша дисинехь, шен устазана Кунта-Хьаьжина улло а тесна, хьалаойур вара цо иза. И догдохуьйла а хаьрцина тІекІелъяьллера. Іедална дуьхьал йолчу тобанна юкъа кІант Іотта ца лаьара. Хьекъалечу Шахьбина дика хаьара нах оьрсийн паччахьал тоьларг цахилар а.

Цуьнан ерриг догдохуьйла Турце йирзинера. Шортта хьал эцна цига вахча, кІант хьалхататта шен ницкъ кхочург хиларх тешна вара иза. Цигахь эпсарийн дешар а дешийтина, туркойн эскаре вахийтича, шен хьекъалца, майраллица кІант сиха лакхаверигхиларх тешара иза. Хьанна хаьа, хенан йохалла паша хила а мега цунах. Мацца а цкъа, делан гІоьнца, доккхачу эскаран коьрте а хІоьттина, кху махка вуха а веана, кхузара керстанаш дІа а лаьхкина Нохчийчохь а, Дагестанехь а имам хилла дІахІотта а мегий иза-м.

Шахьби кийча вара Турце кхалха. Шеца дІабига кху юьртара итт доьзал а кечбинера цо. Царна паспорташ а даьхнера, цхьа ке-

нек ца луш. Амма ХортIица берта а вахана, хьаькмашна ша кхаъ белла бохуш, хIор доьзалера цхьацца туьма-м даькхира цо.

Дерриг дохийнера цуьнца дIаваи ца луъчу цуьнан цхьаъ бен воцчу вашас Гатис.

2

Оцу дийнахь, хьалххе гIаьттина, Гати кха тIе ваха ветталуш воллура.

РагIу кIелхьара схьатакхийна дечган нох уьйтIа ара а даькхина, воккхавеш, юха а цуьнга хьежа хIоьттира иза. ДIадаханчу Iай, лаьррана хьуьнах вахана, хаьржина хадийнчу ножах гIирс баькхина, дийнна шарахь бакъийра цо иза. Аьчгах дича санна, чIогIа дара нох. Iаьржа-сийна бос бетталора цкъа а лаьттах бахазачу хьонхаллин, пхатоьдин. Айина иза вардана а диллина, божала вахара иза.

Цо оханина кхоош, лерина кхобу боккха, лекха маIаш йолу цIенчIамара ши сту хьаьвди тIе а хIоьттина, сийна йол чу хьерчош боллура. ГIогIаш тIе летта кхош алан горгамца дIа а даьхна, цIанбина, цу шиннах хьастамна ка-мIара а хьаькхна, аравелира иза.

Сихха дукъа валаре сатессера цо. Таханлера де массо агIор а дика дара нох лаьттах догIа. Кхо де хьалха дилхинчу доккхачу догIано кIалд йинера лаьттах. Кху кхаа дийнахь лакхаяьллера буц а. Охана кхин тIаьхьатоьттийла яцара.

ХIинца а таьлсаш кечдина ца яьллера Эсет. Мукъависина Гати, уча а хIоьттина, веха лаьттира бес-бесарчу зазаша къарздинчу бешарчу дитташ тIехь «чIир-чIир» деш, генаш тIехь кхийсалуш, ловзуш лелачу хьозашка хьоьжуш. Хил дехьарчу регIа тIехула ах гучубаьллачу малхо садуура цуьнан. ХIинца кха тIехь хила везара иза.

Чувахана, Эсете чехка яла а аьлла, чохь йоькаш йолу кхийра кад эцца араваьлла иза, юха а ворданна гонах хьаьвзира. Стомара дуьйна цIийза йоьллера цуьнан чкъургаш. Дечиган семанна диттина зайлаш дIа а дохуш, яккхий чкъургаш схьа а уьйзуш, милкашна йоькаш хьаькхира цо. И болх бина а ваьлла, стерчий арадаха дIаволавелча, лахара хьала шега вешин кIант Хьабиб кхойкху хезира цунна.

— Ва ваши!

— Ва вай! — вистхилира Гати.

— Дадас схьавола боху хьоьга!

— ВогIу ала.

Гатин, хеназа хебаршка ихна, эгIаза юьхь, тIеслха кечъелла стигла санна, цIеххьана кхоьлира.

— Зуда, со схьавогIу хьуна! — чу мохь туьйхира цо.

Чолакх аьрру гIогI текхош, цхьана агIор Iасанна тIе а тийжаш, кех ваьлла, охьа чу волавелира иза.

Ша вешин керта кхаьчча, чуьра схьа цуьнан сингаттаме мукъам хезира Гатина:

ХIай делан цIена дин, ма гIоьнча вац хьан,
Хьо тадеш, кхиадеш, да-нана дац хьан,
Хьоьца сакъералуш доттагIой бац хьан,
Ма байлахь диси хьо, я дийнал-ислам...

Гати, неIарх чоьхьа а ваьлла, дуьхехь сецира. Маьнги тIе тесначу жимчу, кIедачу гIажарийн куза тIехь гора а хиъна, цхьа куьг лере лаьцна, ши бIаьрг хьаббина мукъам беш вара Шахьби. Хьалха Iохкура схьадиллина жайна а, яздиний, долиний цIена кехаташ а, чу хIоттийна эрзан къолам болуш, кхийран щекъадуттург а. Баьрчерчу терхи тIехь тIекIел доьттина дара мажделла жайнаш. Ваша неIарх чуваьлча ца хиънехь а, я хуъушехь Iийнехь а, шен мукъам ца хадийра цо.

...ДегI доцуш цIе ю хьан дуьненахь йоккхуш.
Хьан нуьре дегI лоьхуш, орца дац доккхуш,
Хьо сийсазднначух бехк ма бац боккхуш,
Ма байлахь диси хьо, я дийнал-ислам.

Масане да-нана дуьнено дийна.
Масаммо доттагIа, Iехавеш, вийна,
Йиш-ваша къестадеш, марзонаш хедда,
Халкъ байлахь диси-кха, я АллахI дела...

Назманна шовкъе хилла ваша юкъахваккха ца хIуттуш, ладоьгIуш латтара Гати. Аз кхин дIора хаза а дацара вешин. Амма цуьнан кIеда, дукъачу озо а, цIен бос бетталучу беснеша а, кIайн ехачу можо а, къаьсттина и назма олуш хьаббина хуьлчу бIаьргийн негIаршна юккъехула схьаIийдалучу бIаьрхиша а дог кIаддора муьлххачу а стеган. Карлабохура хилла бохамаш, ойла йойтура хIоьттинчу хьолан, уггар тийна дог а шовкъе дора.

...ХIар дуьне даима дуьсур ду моьттуш,
Дуьненах дин духкуш, эхартах буьйлуш,
Ва кхана хиндолчун ойлаяр доцуш,
Мунепикъ соввели, я АллахI дела.

Дела вац аьлла, кераста вели,
Ва цуьнан теш хилла мунепикъ хIоьтти,
Цаьршиннан юкъ тойина шайтIа ма дели,
Вайн дала гIо де хьан, я дийнал-ислам...

Назма чекх а яьккхина, бIаьргех гIовталан тIеман хьаькхина, жимма хан яллалц вист ца хуьлуш Iийна, Гатигахьа вирзира иза.

— Аха ваха кечлуш ву ма боху хьо? — хаьттира цо, велхаро букъбинчу мерах а луьйш, дегочу озаца.

— Вара со-м.

— Ткъа ас дуьйцург, лелориг дош дац-кх хIета?

Гати, вист ца хуьлуш, корта а оллийна, Iасанна тIе а тевжина лаьттара.

— Къаналла коша когаш охкийна со цигашха дIа а хьажийна, цIахь саца воллу хьо?

— Шахьи, ас мосазза аьлла хьоьга, со цигашха лела стаг вац, — шен астагI кога тIе вазвелира Гати. — Айса халла вовшахтоьхна миска бахам бохийна, дIавеъча цигахь муха тарлур ву? Со кхоччуш стаг ма вац. Хьуна сайх мохь ца бан гIерта, аьтто белахьара меттара гIоттучохь а вацара. Цигахь хьох валахь, кхерста жIаьла санна, цхьанхьа къен лийр ву...

— Со хIун, цкъа а лийр вац аьлла воьду цига? Кхузахь керста а хилла лечул, цигахь къен валар ца тоьла?

— Сох керста вийр вац цхьаммо а. Дала оьмар лахь и де тIехIотталц вехар ву со, тIаккха... сан герз хIинца а пенах кхозуш ду, хьакхар хьоькхуш. Могаш долуш айса ца кхоийна сайн дегI и де тIехIоьттича цуьрриг кхоор дац. Со а витий, дIагIуо хьо, Шахьи.

— Хьо витина вахча, наха суна аьндолчун ойла йиний ахь? — бартхетта волавелира Шахьби. — Цхьаъ бен воцу ваша ша а витина ваха эр ду. Ма кхералахь, кхузахьчул вон хир дац вайн гIуллакх цигахь. Iелам стеган сий довр дац бусалба махкахь. Ас паспурт даькхина хьуна. Хьан керт-ков Товсолтас оьцу. Ас мах бийцина цуьнца. Царех-м йоккха хIума лур яцара хьуна. Ахча сан шортта ду. И тоьар ду вайшинна валлалц!

Вашас хIун олу хьоьжуш дIатийра Шахьби. Амма Гати вист ца хуьлура.

— Шахьи, со валалур вац хIокху махках, — элира цо эххар а, гIийла. — ХIара бахьана долуш заьIап хилла со. Кхунах къаьстинчу дийнахь сан дегIах са къаьстар ду.

— Валанза дела ша воцург ца волу. Махках ваьлла велларг мелхо гIазот хир ву. Кханалерчу дийнан ойла ян ма еза.

ХIара къамел уьттузза хиллера шина вешин. Данма дуьйцург цхьаъ дара. КIордийна хьех чекхдаьллера иза Гатина. Цо сацам бира тахана и тIаьххьара а хадийна чекхдаккха.

— Шахьи, со ца вогIу хьоьца. ДIакхаьчначу дийнахь сайх Хонкаран паччахь вийр велахь а. Де-дийне мел дели хьегIаш, оьшуш, кIелвуьсуш ву со. Сайн хIусамехь Iожал хила а, дайн кешнашкахь каш хуьлийла а лаьа суна. Кхин суна оьшуш хIумма а дац.

— Дика ду, — Шахьбин хьаьжаюккъе шад гулбелира. — Суна хаьа хьо цIахь стенна соьцу. ХIара мохк бац хьо цIахь сецориг. Ас мацалла лечух кIелхьарадаькхинчу Эсет бохучу оцу зуьдо сецаво хьо! Цунах ваьлча хьуо валарна кхоьруш! Иза хьайна хьан ялийна дицделла хьуна? Цуьнан кучан юх дIа ца хецалуш лела хьо! Я цунах еш хIума а елира! Боьрша йоцу тIаьнчакх! КоIа!

Гатис шен буйнара Iаса тIехьа а яьхьна, астагI эккхаш цхьа гIулч хьалхаяькхира. ТIаккха меллаша Iаса цIенкъа а гIортийна, вахьийча санна, сецна вогIавелира. Хорша еъча санна, дегодоьлла

цIехьана бос баьхьна кIайделлачу балдех бухарниг цергаш юкъа Iаьвдина сацийра цо.

— Со боьрша ву-вац хьуна хуур дац, соьца пхийтта шарахь тIеман дарцала хьийзинчу нахе ца хаттахь, — цергаш юккъехула схьалиттира цо оьгIазлонах къурдаш деш, — и ахь аьлла дош наха соьга ца олуш кху дегIа ваьлла со. Аьллачун мотт ас озийна схьа а боккхур бара... Со сакхат винарг герз ду... Ткъа хийла стаг ву, и... меже могаш йолуш, кийра пхьагалан дог доьллина къанвелла. Дика ду Шахьи, со хьоьца дIавогIур ву. Кхузахь ахь сан мел доладо вайшинний, даллий дика хаьа. Хьо хьолана вукъвелла веха, ткъа со мацалла ца вала гIерташ, кадетташ воллу. Хьуна тIаьхьа а хIоьттина дIавеъча, сайх хиндерг суна шера хаьа. Цхьанхьа кертан маьIехь къен лийр ву. ХIумма а дац. Мухха велахь а, сан нанас сан дена вина ваша ву-кх хьо. Цхьана цIийх схьаваьлла. Хьуна аьлларг а, динарг а суна тIедогIу. Со хьоьца дIавогIур ву, амма хьуна ма-моьтту вогIур вац... Ас дIахоьцур дац сайн дех дисина кха а, цо кхиийна беш а... Нагахь, хийрачу махкахь вала доьгIнехь, сапаргIат лийр ву со. Цхьанхьа сайн даймохк, сайн цIарах лаьттан коржам юйла а хууш!

Аравала тохавелла Гати неI йиллинчохь сацийра Шахьбис:

— Хьо хьанна бита воллу и хьайн къелг бахам? Кхуьуш кIентий бу хьан? — элира цо хIинца жимма кIедо.

— Цхьа гIаддайначунна!

— Стуннанний?

— И сан гIуллакх ду!

ЧIогIа тата доккхуш неI тIе а тоьхна, араиккхина Гати шен гIогI текхош цIехьа вахара.

3

Иза цIа кхаьчча, ворданна ши сту а боьжна, чохь кхача болу таьлсаш ялкханах тесна, майрчуьнга хьоьжуш лаьттара Эсет.

ЗаIарехула чувогIу майра гича кхераелира иза. Цо озийна ойуш даьхьна юьстах тесна зIар, юккъехула ког кагбелла, шалха дахара. Цуьнан догдика, къинхетаме бIаьргаш, хьерваьллачу стеган санна, цIийделла схьалелха дохкура. Данма беса хуьлу юьхь IаржъелIа. Эсетана цкъа а ца гинера иза оцу суртахь.

— Хьуна хIун хилла? — хаьттира цо ша муха хотту а ца хууш.

— ХIумма а ца хилла. Схьаяийта варда!

Шина вешина юккъехь хIиттина галморзхаллаш, и гIуллакх юкъадаьллачу буса дуьйна хаьара Эсетана. Кхалхар хьахаделлачу дуьххьарлерчу буса, ша цIа ма веъанехь, вешица шен хилла къамел зудчуьнга дийцира Гатис. Эсета цхьа дош ца элира цуьнга хIара я важа де аьлла. Цигара цIа мосазза вогIу кхоьлина-м хуьлура иза, амма тахана санна карзахе цкъа а ца хиллера. Шина вешина

юккъе йоккха вас йоьжнийла хиъна Эсет, хеттарш ца деш, дIатийра.

Iуьйранна хиллачу гIуллакхах къамел ца хилира цаьршиннан кха тIе дIакхаьчча а. Зудчуьнга вист ца хуьлуш, гота кхан юьххье а хIоттийна, хьаьжкIийн хIу чохь таьлсаш коча а тийсина, ши-кхо гIулч шуьйра лоцуш хIу а тесна, дуьххьар гуобаьхьира цо.

Стерчийн юьхь лаьцна лелачу Эсетана дагара ца волура васхилла майра. Цхьана хенахь кху юьртахь уггар каде, майра тIемало вара Гати. ДегI куьце дара цуьнан, юьхьа тIехь а ца веззал ирча вацара. ТIом чекхболучу шарахь хиллачу луьрчу чевно гуттаренна а заьIап вина кIелвитинера иза. ДегI дара цуьнан чевнаша дерина, амма хенашка хиллачу чевно кIелвитинера. Цо дайнера цуьнан куц а, дуьненан самукъе а. Шо-шаре мел дели гIора оьшуш, хьегIаш, азлуш кIелвуьсуш лаьттара иза. Ца телхаш цуьнца Iалашделларг — цуьнан майра, къинхетаме дог дара.

Гати ала хIума доцуш дика вара Эсетана. Дика вара иза цуьнан нанна а, кегийчу вежаршна а, йижаршна а. Уьш мецачу Iожаллех хьалхабахархьама еанера иза заьIапечу цуьнга. Аьрзуга болу шен бовха безам, цуьнга яхча шен хиндолу ирс дIа а теттина. Эсетана хаьара, майрчунна ша чIогIа езийла. Хаьара шайн доьзал мацаллин багара баькхкинарг иза вуйла а. Цундела, цуьнца ша доккхучу деа-пхеа шарахь даима шен кийрахь цуьнга безам гIатто гIиртира Эсет. Амма иза ца хуьлура. Муха гIотту боцург. Цуьнан дуьххьар лера а, тIаьххьара а безам Аьрзуца кхерстара. Цхьана минотана а цунна тIаьхьара ца болуш.

Шаьшшинне юккъе доьзалхо воьлча, доьзалхочуьнга болу безам дега баларе догдохуш, и дуьнена валаре са а тийсира цо. Амма Эсетах доьзалхо ца хьаьрчара. Чевнаша заьIап винчу Гатин хIуъу делахь а, оцу агIор цхьаъ галдаьллера.

Гати дика кхетара зудчун дагах. Хаьара иза шега хIунда еана, шегахь хIунда Iа а. Цундела цо йовхо ца йоьхура Эсете. Цкъа а дов ца дора. Мелхо а Гатин чIогIа бIаьрг буьзнера, шайн доьзалан ирсан дуьхьа шен ирс а доьхкина, шеца дуьне декъаза дуучу оцу зудчун къонахаллех. Цамгаро кIелвитина ша кестта лийриг хиларх тешна вацахьара, кхечуьнца хьайн ирс лаха аьлла, тоххура йитина а хир яра цо иза.

— Эсет, вайшиннан доккха къамел хир ду тахана, — элира Гатис, гота дIахецна, стерчий дажа а лаьхкина, делкъе йина шаьшшинъ паргIатдаьлча. — Ас дош делла Шахьина Хонкара дIаваха.

Шен ехий, стаммий Iаьржа кIажарш дIахьерчош йоллу Эсет, ши куьг тIехьа даьххьинчохь йогIа а елла, къаьрззина майрчуьнга а хьаьжна йисира. Шена хаа а хууш, чехкаделира цуьнан деган деттадалар. ХIинца хили иза кхоьрург. Я, ша церан дуьхьа безам а, ирс а дIаделла дуьне декъаза даа кIелсецначу доьзалах а къаьстина, ца везачу майрачуьнца махках яла еза иза, я и заьIап майра

хийрачу махка ша дIа а хьажийна, нехан неIалта кIел цIахь саца еза...

— Ахь хIун до ткъа, хIокху кха тIехь хIара къахьоьгуш? — хаьттира цо саметтаеъча.

Цунна иза гуш яцахь а, Гатих къайла ца делира зудчун кхераялар. Иза шера гора цуьнан дегочу озаца.

—Йоха ма йоха хьо, Эсет! — гIайгIане велавелира иза. — Хьуна бохамехьа доккхур дац вай хIара гIуллакх. — ТIаккха вехха вист ца хуьлуш Iийна, тIетуьйхира цо — Суна ца хаьа моьтту хьуна хьо сайга муха еана. Дерриг хаьа. Хала ду дезарг дита а, цадезарг тIелаца а. Тутмакхо санна, даькккхина ахь соьца хIара диъпхи шо. Соьца цхьана тхов кIел юьжуш-гIоттуш, цхьаьна шуьне хуьйшуш, модайоьлла сан бедарш юьттуш, эттIарш летош. Йилли на суна хьалха хьийзаш. Амма со тIулгал башха ца хеташ. Цул доккха Iазап дац адаме дан. Ший а дара вайша Iазапехь. Вайша и дерриг ловра. Ас — суо заьIап хиларна, ахь — хьайн мискачу доьзалан дуьхьа.

Майрачун хIиттина бIаьргаш кхуран дерзинчу генаш юккъехула екхначу стигала хьуьйсура. Гаьннийх чекхйиллачу маьлхан зIаьнарша серлаяькккхинера Iийшинчу халонаша аьхна, хеназа къежъелла оза, еха юьхь. Багах долу хIора дош, садала 'гIертачун санна, легашкахь соьцуш, хала долура. ДегIах цIийдина эчиг Iуьттуш санна, наггахь егайора гонах нилхха чоьш дийлла боккха муо тIехь болу аьтту агIорхьара бесне.

— Со дуьхьал вара вайшинна юккъехь динчу захалонна. Хаьара, хьуний, Аьрзуний вовшийн дезийла. Хаьа, хьо сан хIусаме еъчахьана цкъа а шуьшиъ вовшашка дист ца хиллехь а, ашшиммо вовшех дог ца дуьллийла. Ас а Iаьвшина безаман къахьо. Сан къона безам лаьттах бахана бархI шо хьалха. ХIара юрт тIаьххьара а йохош йийначу Белитица. Шуьшшинна санна, тхойшинна а дезара вовшийн. Охашиммо дукха сатийсира машаречу дийне, вовшех а кхетта даллалц хаза цхьана хIусамехь даха. Амма иза Iожалло хеназа яьхьира. Оцу дийнахь сан кийра бина ша башо йовхо ца хили дуьненахь. Амма ас ишта аьлча, хьуна ма мотталахь, суна хьуо ца еза. Еза, амма хьоьга сан безам цхьа шатайпа бу. Муха эр дара иза. Гуттар дика, тешаме доттагIчуьнга санна. Ткъа, ванах, хIара сан зуда ю-кх аьлла, и йовхо ца гIотту сан даг чохь. Мел со гIаттийта гIертарх.

Ондийчу, лекхачу накхош тIехь гола тухуш охьаеана, карахь гулъеллачу стоммачу шина кIажаран юьхьигаш къажьеш, лерина ладоьгIура Эсета. Ша хIун до а ца хууш, хедош юьстах туьйсура цо Iаьржа чоьш. Довха хьацар тоьххера логах а, букъан суртаца а. Араэккха санна, хьере детталора кийра гатбелла дог.

— Шахьис динарг ца дохо, тIе а тайна, сецира со. ХIара дерриг хьалххе дуьйна сайна гушшехь. ЗаьIап суо царна совваларна кхерра. Ткъа суна кертахь зуда оьшура. Зуда аьлча а, сайна кхача

кечба, йоьхнарг лато, бехъелларг йитта. Дено-дено гІора оьшуш кІелдуьсучу дегІе сайн мискачу хІусамехь цхьалха ла ца дегІа. Лечкъийна хІун до цунах: тІаьхьо со везаваларга дог а дохура ас. Хенан йохалла цунах а догдилла дийзира. Хьанна везар вара, чевнаша верина кІелвитина, дено-дено худалуш, чекхволуш воллу заьІапхо? ХІаъа, хьуна суо везийла лиира суна. Сайн дуьхьа доцуш, хьан дуьхьа. Хьоьгара Іазап дайдалийта. И ца хуьлийла хиъча, хьо йита дага а деара. Амма и дан а ца хІуттура. Къонахалла ца тоьура. Тахана-кхана бохуш, хан йийлийтора. Цхьа буьйса а сайца чохь адам долуш яккха лууш. Сайн оьмар еха йоцийла хууш. Сайл тІаьхьа суо да волу хІума хьуна а, хьан цІерачу доьзална а дита...

Эсетан кийрахь гулло шад легашка гІертара. Даккхийчу къурдаша юханехьа кийра теІадора уьш. Цуьнан даккхий, Іаьржа бІаьргаш, тІаьхь-тІаьхьа къегаш, сирлачу хих дуьзира. Уьш ара ца хьалхийта гІерташ, бІаьрнегІарш тІетеІадора цо. Амма царна юккъехула схьаІийдалу уьш негІарийн дуькъачу, дехачу, Іаьржачу цІоцкъамех тасаделла, чухьалха кхоьруш санна, гуллуш лаьттина, тІаккха цІехьана охьахецаделла, нийсачу меран шина агІонца охьахьаьлхина, махо дакъийнчу балдашлахь къайладевлира. БІаьрхиша хІиттийнчу мархаш юккъехула, цхьана минотана цунна хьалхахула чекхвелира итт шо хьалхалера Гати. Юьртах болучу я юьрта боьрзучу бІоне хьовса арабевллачу мехкарийн бІаьрг тІехь соьцура карзахечу хьаргІачу динахь хуьлчу къоначу тІемалочунна. ХІетта маж-мекх даьлла, оза, еха юьхь, лекха хьаж, седарчий санна догу Іаьржа бІаьргаш. Шуьйра белшаш а, юткъа гІодаюкъ тІекъуьйлуш дихкина кхелина герзаш а. Иза велавелча гучудолура шагатІулгаш санна, кІайчу цергийн нийса могІанаш, шерачу беснеш тІехь кІаьгнаш хІуьттура. ХІетахь жимчу Эсетана гора мехкарша цунна туй туьйсуш, ирсен кхажбаьллачу Белитега уьш хьегарца хьуьйсуш. Ткъа хІинца...

— Хонкара кхелхаш хилча хІара къа хІунда хьоьгу бах ахь?— аркъал Іуьллу Гати, пхьаьрсан гола лаьттах а товжош, Эсетехьа вирзира. — ХІара кха а, вайн цІенош а, даьхний а хьуна дуьсур ма ду. Суо дІаволалучу дийнахь Маккхал а, Іели а, Чора а схьа а кхайкхина, уьш тешаш а хІиттийна, и дерриг хьуна урдонна кхачош, юьтур ю ас хьо. Шахьил тІаьхьа хьоьгара уьш дІанйзо стаг вац сан. Тхойша Хонкара дІавоьду. Со, дІа ма кхеччи, лийр ву. ДІакхочий а хаац.

Эсета сецочу елхаран къурдийн дуьхьало хедира. ЦІеххьана ега а елла, къаьхьа мохь аьлла, яхана, иза мара а вуллуш, Гатина тІеюьйжира.

— Ма елха, Эсет, — цуьнан яьржинчу кІедачу месех куьг хьоькхура Гатис. — Белита дуьненахь йисинехь, и йоцург зуда ялор яцара ас. Иза даг тІера яьлла минот яц сан. Хьан ойла йиллина дІа Аьрзуна тІехь лаьттийла а хаьа суна. Могаш велахь а, со санна декъаза стаг ву иза. Шуьшиъ ирсах хадийна ас, суо декъаза а висна. Амма Аьрзу къонаха ву, шел тІех дуьненахь кхин хир воцуш. Кхин хаац суна, паччахьан йоІ яхча кІезиг дара цуьнга. Шуьшиъ цхьаьна ирсе хир ду. И дІадели. ХІинца, же вайшиннан стерчий схьадаладе...

Гатис меллаша дІатоьттура, шен логах пхьаьрсаш хьарчийна, некха тІе корта а таІийна, дерриг дегІ, хорша еъча санна, дегош йоьлху зуда.

— Хьо дуьненахь мел ву, хьох къаьстар яц со! — къаьхьа мохь белира цуьнан. — Ший а, я шиннех цхьаъ делла дуьненара дІадаллац хІара декъаза мур буур вайша...

Гатин накха багийра, эттІачу чоина, некха тІе даьллачу чоьшна юккъехула лешаш чкъура тІе кхаьчначу Эсетан довхачу бІаьрхиша...

XII корта ДИВАНЕХЬ

«Кавказехь бечу тІамехь вай дІакхоьхьучу некъашна дуьххьал хІинццалц гІаьттинарг со дуьххьарлерниг а, цхьаъ а ву. Цундела, хІара край йита дийзи сан. Кавказехь вай дечу гІуллакхаша дагабохкуьйту испанцаша Америка дІалоцуш юьхьанца хилла берриге а бохамаш, амма кхузахь суна гац и дІалоцуш Писаррон, Кортесан хилла кхиамаш а, турпала хьуьнарш а. Оцу мехкашдІалецархоша Испански историна тІехь йитинчух тера, цІийн лар ма юьйтийтойла дала Кавказ дІалацаро оьрсийн истори тІехь.

Инарла Н. Н. Раевский.

1

Нохчмахка.

Иттаннаш шерашкахь бахбеллачу Кавказан къизачу тІеман истори юкъаяхана иза «Ичкери» хилла.

Мансур коьртехь волуш хилла антиколоннальни болам чекхбаьлча, цуьнан меттиг дІа а лаьцна нохчий, гондІара халкъашший цхьана а тоьхна, паччахьан Россина дуьхьало ян гІоьртинчу Таймин Биболатан коьрта гІортор а кхузахь яра.

ГІезмахьмин заманахь кхузахула цІарций, туьрций дуьххьара чекхваьлла инарла барон Розен І.

Шемалан имамаллин хьалхарчу шерашкахь цунах дІакхеттарг а яра Нохчмахка. Ахульгохь вохийна, Дагестано дІатесна, цигара ведда Шемал, ма-ваггІара веана кхуза, Бена, хьошалгІа иккхира. Кхузара бара цуьнан гІарабевллачех цхьаболу наибаш — цІонтаройн ШоІип, ДаьргІара Жовтха, Веданара Эдал, бенойн Бойсагlар, аьккхийн ГІойтмар, Уллуби, курчалойн Ботукъа СоІду нойбоьркойн Эски.

Кхузахь 1842 шарахь цхьана дийнахь хІаллакьхилира инарлин Граббен эзар вархІ бІе салти. Цул тІаьхьа кхо шо даьлча кхузахь хІаллакьхилира «Сухарни экспедици» аьлла истори юкъаяхана элан Воронцовн поход а. Цул тІаьхьа догІучу пхийтта шарахь оьрсийн салтичо ког ца биллира цига, Шемал йийсаре воьду шо кхачалц.

ХІара яра паччахьан эскарша Нохчийчоь дІалальцча а къар ца луш, дуьхьало йийриг. ХІара Бена яра Бойсагlар коьртехь хиллачу гІаттаман центр.

Кхузара дІаболабелира цул тІаьхьа шийтта шо даьлча хилла Россехь тІаьххьара а боккха ахархойн гІаттам — симсархойн Іаьлбаг-хьаьжа коьртехь волуш хилла гІаттам а.

Кху Бенахь яра тахана кечбечу керлачу гІаттаман къайлах центр.

Яьссиний, Ямсуний юккъехула охьадолчу дукъах малхбузехьа дІакъаьстинчу. ТІерг-Дукъан шина агІон тІехь къеначу хьаннаш юккъехь яьржина Іохкура бенойн кІотарш. Дукъа тІе а йолуш, цуьнан къилбседа агІон тІехь Іуьллура нохчийн уггар ширчу яртийх цхьаъ къармазе Бена. Юьртахь урам бацара. Хьуьн чохь маьІ-маьІнера схьакъедара гІийла серлонаш. Кхузахь тийна дара, ерриг юрт чІогІа набкхетта йижина Іуьллуш санна. Наггахь, маьІмаьІнехь хезара жІаьлийн дера летарш.

Буьйсанан шина беречо, юьрта вулуш дой а совцийна, гонах бІаьрг туьйхира. Кхузара дІахьаьжча гора, охьа чохь, Яьсси йистерчу шерачу экъан тІерчу Бенойн-Веданахь а, дехьо лакхахь, ДаьргІахь а, цунна тІехула агІор дукъаца ЦІонтарахь а йогу серлонаш. Кхузара дІахьаьжча, кера юккъехь санна гора гІоьрдалойн а, зандакъойн а кІотарш.

Жимма цигахь сецца, дІаволавелла ши бере, эвлан йистерчу цІенош тІе кхочуш, Іин чу воьссича, хІетта сенарш даха йоьллачу хьуьн чуьра схьа лохха аз деара.

— Муьлаш ду шу?

Шина беречо, доьхкарех йохку тапчанаш схьа а яьхна, зІакарш кІегархІиттийра.

— Нохчий ду, — жоп делира хьалха воьдучу Аьрзус.

— Шуна хІун оьшу?

— Маршо.

— Ца хилахь?

— Іожалла.

Хьалхалаьцна тоьпаш йолуш, хьуьн чуьра араваьлла ши стаг, тІе а веана, лаьррина хьаьжира берешка.

— Мичхьара ду шу?

— Гати-Юьртара.

— ХІокху стагана тІаьххье дІагІуо.

Готтачу гІашнекъашкахула, беттасин серлонехь тІера мехкадаьттанан бІаьргаш лепа тийна Іаннаш хедош, веана эххар а юьртан дехьа йистехь цхьа лаьттачу цІенна герга гІоьртира ши бере. Шина Іина юккъехь, лекхочу гу тІехь лаьттачу оцу цІа чуьра гуш серло яцара. Іинах чу биссича дуьхьалваьллачу кхаа стага юха а совцийра хІорш.

— Муьлаш ду шу? — хаьттира воккхачо.

— Нохчий.

— Шуна хІун оьшу?

— Маршо.

— Ца хилахь?

— Іожалла.

— Чекхдовлий чу гІуо. Некъ маьрша бу шуна.

ХІорш кетІа кхаьчча кхеран говраш дІалецира герзаца кечвел-

лачу шина жимахас. Кертал арахь гуш адамаш а, я говраш а яцара. Мотталора хIусаман дай чIогIа набарш кхетта бийшина Iохку. Амма чу ваьллачу кху шинна чоь юьззина нах карийра. Салам делла, дуьхехь болчаьрга, куьйгаш луш, маршалла а хаьттина, царна юккъе охьахиира и шиъ. Терхи тIехь кIур туьйсуш богура чу Iаьржа мехкадаьтта а доьттина, чу тIелхигаш юхкуш бина кхийра чиркх. Боданах бIаьргаш доьлча цаьршинна гира кIуьро Iарждина, сегIаз хьаькхча санна, къега, дерзина шога пенаш. Ледара хьаьхначу, дуьйцинчу царех дуьхьало йоцуш маьI-маьIехула чу мох хьоькхура. ЦIа чу воллучохь пенах тоьхначу дечиган стоммачу хьостамах хьала а тесна, кхозура неIаран метта оьллина тиша палс. Махо чу тоьттуш, араийзош лоьлхуьйтура кегийчу корашка диттина стерчийн дуткъа ахкаргаш. Пенийн баьрчера ога лоцуш тоьхна доккха къорза истанг дуьзна морзах дохуш оьхкина кхелина гергаш. Товхан чохь, стоммачу зIенах кхозучу боккхачу цIестан яй чохь Iаь туьйсуш, тIекIел дуьйлуш кхехкара дерстинчу жижиган тIассаш.

ЦIенкъа даржийнчу истангашний, кхекхашний тIехь, настарш кIел оьзна, хевшина Iара нах. Баьрчера меттиг дIалаьцнера баккхийчу наха. Царна юккъехь вара бенойн Солтмурд, регIатIойн Болатха, зандакъойн БIагIало, зумсойн Залма. Дуьхехь болчу наха юккъехь хевшина а, хIиттина а бара Залмин Дада, цIонтаройн Сулима, шелахойн Берса, гунойн ГIубха, майратуьпара Муслойн ШоIип, Iаьларойн Тозуркъа, бенойн Сулима-Хьаьжа, Сайдул- Хаьжа харачойн Тоза а.

Солтамурде лохха масех дош аьлла, ламаз кхайкхийра Болатхана. ЦIенкъа яржийнчу хьардаш тIе тийсинчу кхекхашна тIехула шайна тIера схьадаьхна чоэш, гIовталш яржийна, Болатханна тIаьхьа ламазана хIиттира нах.

— ХIай-йоIалассалат, хьай-йоIалапалат... — дуткъачу озаца ламаз дихкира Болатхана. — АллахIу-акбар...

— АллахIу-акбар!.. — имамана тIаьххье суждана вахара ткъех стаг.

Дехха масех ламаз динчул тIаьхьа, пIелгашца а, пIелгийн голашца а дагардеш, къулхаш дешна, доIийна куьйгаш лецира Болатхана.

— Субхьана раббика, ва раббил Iиззати, Iамма ясипун. Васаламу Iалал мурсалийн, валхьамду лиллахIи раббилIаламин...

Массар доIанна куьйгаш хьалалецира.

— Я аллахI, хIай везан дела, оха динчу ламазан а, дешначу къулхийн а, диллинчу салаватан а мэл хьалха элчанна, тIаккха цуьнан асхьабашна бели оха. Элчанан, асхьабийн карахула и мэл массо эвлаяашна а, устазашна а а бели оха...

— Амин.

— АллахIу аммин!

— Я аллахI, хIай тхан сийлахь дела, цаьрга кхаьчча бисина

мэл кху декъазчу тхан лаьмнашкахь дийнал-ислам лардан гIерташ, пайхамаран, эвлаяийн цIераш йохуш, керстанан Iазапах халкъ лардеш, леташ беллачу тхан дайн, панойн, йижарийн, вежарийн, доьзалийн синойшка кхачабелахь...

— Амин!

— АллахIу аммин!

— Я аллахI, хIай воккха дела, оха дагалаьцначу гIуллакха тIехь тхо юьхькIай делахь, и кхочушдан тхуна ницкъ лолахь, керстанан Iазапах тхо хьалхадахалахь.

— Амин!

— АллахIумассели Iала, Мохьумеди ва Iала, али Мохьумеди васеллим. ПатIихьа.

ХIораммо шабарца бисмалла а дешна, куьйгийн кераяккъаш яххьех хьаькхна чекх а яьхна, шаьш, тIера схьа а дохуш, ламазана тийсина шайн миска барзакъ сихха тIедуьйхира.

ХIорш ламазаш дина ма бевлли, чувеанчу шина жимахас товханара схьа а эцна яй, кIай чухула хьокха а баькхкхина, айбина дуьхе чу баьхьира. Дукха хан ялале хьешашна хьалхахIиттийра даарх дуьзна шаннаш.

2

Аьрзунан дуьйлинчу тIемех тера, шуьйрачу хьаьжана цхьацца агIор декъаделла, гIехьачу мекхашка гIоьрташ месала, даккхийчу цIоцкъамашна бухара схьахьоьжу Солтмурдан майра ши бIаьрг, массо зуьйш санна, кхерстина нахана тIехула чекхбелира. Цунна шера вевзара царех хIора. Уьш — цуьнан бIаьхаллин накъостий бара. Массарна резахилла, шен даккхийчу, хьаьрсачу мекхех куьг хьаькхна, яй йовхарш тоьхна, кхеташо йолийра цо.

— КIентий, цхьа-ши стаг воцург дерриг схьагулделла вай. Кхин ладегIарх, буьйса ялар бен тIекхета хIумма а дац. Кхеташо дIайолийча бакъахьа хета суна. Аш хIун олу?

— Бакъахьа ду, — хезира юкъ-юкъара.

— Делахь хIета, шун пурбанца, вешан гIуллакх дIадоладо вай. Махкахь тахана хIоьттинчу хьолах лаьцна доцца дийцар доьхур ду ас, Барзин Рохьмадан Берсега. ТIаккха кху чохь волчу хIораммо шена хетарг эр ду кху шина гIуллакхах лаьцна. Хонкара кхелхачу нахана хIун де вай. Цхьаъ. ШолгIа, Iедална дуьхьал кху бIаьста тIом болабо вай я цхьана аьттонга дIатотту иза. Къамелаш доцца хила деза. Амма Берсас кьамел дололе хаттар ду нахе. Вуй шуна юккъехь даг чу ямартло, кIиллолла йоьлла, шалхонца ойла йолуш веана стаг?

— Вац.

— Нагахь иштаниг велахь, меллаша аравала.

— Вац, Солтмурд, вац.

— Делахь хIета, Берса, хьуна пурба ду-кх дашна.

ХIума юучу хенах пайда а эцна, шен доттагIашна Аьрзуний, Маккхалний уллохь дIатарвелла Берса, хьала а гIаьттина, цIенкъа юккъе велира.

— Вежарий! — лоххачу озаца долийра цо шен къамел. — Кху шарахь нийсса дезткъа шо кхечи вайн къомо Россина дуьхьал, шен маршонехьа къийсам латто. Дезткъа шо кхечи нохчийн лаьтта тIехь, Iоврашха хаддаза цIий Iена. Дезткъа шарахь лийтира вайнах шайн мохк, доьзалш, хIусамаш, дин лардеш. Оцу тIамо ах хIаллакдина вайн жима халкъ. Цхьа а юрт яц Нохчийчохь масехаза ягонза, кхалхонза. Цхьа а доьзал ца бисина цо наной, йижарий белхонза. ХIинца а кIур туьйсуш лаьтта ягийна вайн ярташ, бошмаш хьаннаш. Кешнаш санна, шийла, тийна лаьтта чуьра адамаш хIаллакдина байлахь йисинчу яртийн херцораш, даьгна цIийделла, кIуьрзаша дуьзна пенаш, ирахь доллушехь дагийначу диттийн гIаддаш, Iаьрбийн махкахь махо яржон гIум санна, мох баьлча лаьттара гIуьтту яьгначу яртийх, хьаннийх йисина юкъ. Вайн халкъ лийтира, оьрсийн паччахьна кIелдаханчу вайн луларчу къаьмнаш тIехь латто Iазап, харцо гуш, и шиъ тIелаца ца лууш, даима санна, маьрша даха лууш. Амма вайн жимчу халкъан ницкъ ца тоьара дуьненахь а нуьцкъалчу паччахьана, къизачаралахь а къизчу оьрсийн паччахьна тIехь толам баьккхина, вешан мохк, вешан маршо ваьшкахь сацо. Вайна тIехь герзаца толам баккха шайн ницкъ ца кхаьчча, цара ярташ, хьаннаш, ялташ сийначу цIарах дагош, зударий, бераш хIаллакдеш, мацаллица, гIелдина кIелсовций вай. Вайгара уггар тоьлла, токхе латта дIа а даьккхина Iедало оцу тIе гIалгIазкхийн ярташ, гIаьпнаш йоьгIна. Тахана дIа ког мел баьккхинчохь карадо сийлахьчу гIазотехь, мацалло, шелоно, шаьш бинчу ярташна генахь байинчу вайн дайн, йижарийн, вежарийн, кIентийн кешнаш. Церан цIийца хьандина, церан даьIахкаша къарздина вайн мехкан латта. Вайн вежарийн даьIахкаша дуьйдана Сибрехан латта.

Юьхьанца лоха доладелла Берсин аз тIаьхь-тIаьхьа стамлуш, стелахаьштигах къекъа дуьйлира. Оза еха юьхь, йогучу цIар тIе хьовзийча санна, цIийелира, оьгIазлонах буьзна цуьнан эсала Iаьржа ши бIаьрг ткъесах къегара. Чохь болчу наха тийна ладоьгIура цуьнан доккхачу къамеле.

— Оцу инзаречу ницкъана вай кIелсевцира дерриг хIаллак цахилархьама. Вай кIелсевцира паччахьан инарлас ваьшца бинчу машаран бартах тешна. Амма шаьш вайн хIусамашка кхаьчча,цара тешха бохийра и барт. Шаьш дIадаьккхина латта вайна духа-м мухкале а ца дерзийра цара, мелхо а, вайн карахь диснарг дIа а даьккхина, шайца цхьаьна вайн цIий Iенийнчу, вайн халкъана ямарт хиллачу писашна совгIатIна дийкъира. Мацалла лечу, дерзана лелачу вайга теттина ясакх йийхира, арен тIе ваьлла стаг сийсазвеш ца вуьту, кху хьаннашкахь, чIажашкахь ека цара вайна нанна хьежо яппарш. И Iазап, и харцо, и сийсазалла ца лайна

гIевттина вай цIилахь лийчийра. Шайн къизчу урхаллина кIел вай ца совцийла хиъча, Iедална дагадеара кху махкара ах Россех кхалхийна, диснарш юккъехула доькъуш, лаьмнашцара ярташ аренца йолчех къастош, вайна юккъе кхин а гIалгIазкхий ховшон, Соьлжа-ГIалитIара хьала Ведана а, Органца Шуьйта кхаччалц а гIаьпнаш йогIа, кхузахь бисина нохчий, шайн ирчу мIараш юккъе къевлина, совцо. Церан и Iалашо кхочушхилахь вай пхеа декъе декъало вовшийх а, арахьарчу а орцех а хеда.

— Хьий, делан мостагIий яI!

— Вай, жа санна, дIаса а лоьхкуьйтуш Iийр ду моьтту царна!

— ЛадогIа!

— ХIан-хIа, и ца моьтту Iедална, — кхидIа къамел дора Берсас. — Царна хаьа вай дуьхьало йийр юйла. Цундела церан Iалашо ю кху чу эскарш оьзна, вайна юкъара тхьамданаш леца а, вайгара герз дIаэца а, цхьа карзахе берш, салтбаьхна, Россех дIабига а, ца хуьлчу далахь, и шайн Iалашо нуьцкъала кхочушъян а. Оцу эрчонах вай хьалхадаьхнарг — цхьаболу нах Хункара кхалхар юкъадалар ду. Шуна ма-хаъара, дуккха а адам ду циге кхалха кечлуш. Цигахь шайна ялсамане хир ю моьтту нах галбевлла. Цигарчу бусалба туркойн Iедал, оьрсечул башха къинхетаме дац. Цига кхелхина эдагий мацалло а, цамгарша а хьаллакбина. Мацалла ца далийта шайн бераш духку цара. Шаьш йолах туркойн эскаре хIуьтту уьш. Даймахках хаьдда, цIа-цIе доцуш, сагIадоьхургаш санна, буьйлабелла лела уьш. Изза дакъа ду цига бахача вайнахе кхочудерг а. Амма мацалло а, къелло а бIаьрзе бинчу вайнаха эцац шайна лун хьехар. Уьш кхелхачуьра совцо ницкъ бац вайн. Иштта ду, вежарий, тахана вайн махкахь хIоьттина хьал. Кхин дIа ваьш дендолчух цхьа сацам бан беза вай тховса.

Берса шен метте охьахиира. Цхьа хан елира цхьа а вист ца хуьлуш. Шена улло деана, цIоганах хIоз бина, букъ саттийна хуртIур деш настарх хьекхадала доьлла месала кIайн-къорза циниг кара а эцна, цуьнан букъа тIехула шен доккха, онда куьг хьокхуш и хьеста вуьйлира Солтамурд. Оцу минотехь цуьнан юьхьа тIехь ца дисира хьалхалерчу буьрсаллех хIума. Хеталора цуьнан къеждала доьллачу дуькъачу мекхаш бухара стаммий балдаш хьовха, дукъ сеттина боккха мара а, дуьхьал дирзина даккхий лергаш а эсала доьлу. Майрачу бIаьргаш чохь гора къинхетаме йовхо.

Сихдинна суьлхьанаш дохуш, шабарца «лаилахI иллаллахI» дора голаш тIе шалха а вахана, шена хьалха цIенкъа ши бIаьрг боьгIна сецначу къоьжачу Болатхана. Цхьаъ ала ойла хилла йовхарш етташ, ша Iеччохь меттахъхьера Залма.

— Ас ала мегар дарий? — хаьттира цо эххар, цхьа а вист ца хуьлийла хиъча.

Цициган букъа тIехула дIахьо куьг саца а дина, Залме хьаьжира Солтамурд.

— Алал, Залма.

— Вай сихха гІаттам болийча, адам Хункара кхалхар юкъахдиса мегаш хетара суна.

— ХІан-хІа, тІом хьехочохь дац вай, — юха а хьалагІаьттира Берса. — Цкъа-делахь, Хункарахь шайна далалур ду моьттуш, цига садахана Іен нах, цхьаьна а тоьхна, Іедална дуьхьалбаха хала хир ду вайна. Шолгіа-делахь, кху некъехь Нохчийчу керла эскарш далийна Іедало. Зингатийн туьйлиг санна, салташа сийсайо Нохчийчоь. Кхозлагіа-делахь, вайн тІеман баьччанех нийсса ах дІадаханчу шарахь лецна, хилларг ца хууш, Сибрех бу. Нагахь шикхо шо хьалха толаме вайн догдохуьйла хиллехь, иза дІаяьлла. Польшера тІом чекхбаьккхина, оьрсийн, муьжгийн дуьхьало кагйина, уьш а дІатебина. Кхечу мехкашца йолу юкъаметтигаш Іаламат дика ю Россин. Цаьрца кесталха тІом гуш бац. Цул сов, кхаьнаш, чинаш, совгІаташ луш вайха нах шайгахьа баьхна, вайна юккъехь шена гІорториаш йина Іедало. Хьалхалера барт бац тахана вайлахь. Вайн гІаттам бутт балале чекхбер бу, вай хьаьшна дІа а дохуш. ТІаккха, цкъа-делахь, Іедална кийча бахьана хуьлу вай махках даха, шолгІа-делахь, и дан атта а хир ду цунна.

— Ткъа хІун де вай? — хьалаиккхира, векъана, веха харачойн Тоза. Берсина тІекхета санна, ши куьг хаьн тІе а хІоттийна, массо пха буьйсина, лаг дахдина хьалха а кхевдина: — И дан а, важ дан а мегаш ца хилча вай стенна гулделла кхуза? Лахь, лийр ду-кх. Дала гІо дийр ду вайн! Кханнехь орца ала деза массо маьІе! Котам хилла вехачул, нІаьна а хилла валар гІоле ю!

— Тоза, хьо сих ма лолахь, — сацийра иза Маккхала. — Дала гІо дийр ду аьлла, стохка Іай Шелахь паччахьан эскаршна чухьаьлхинчарна хилларг сиха дицделла хьуна. Ахь оцу шайн агІор нахалахь беш болу кхайкхамаш хезаш, хьуна реза доцуш Іа тхо. Царех зулам дер ду нахана.

— Хьо хІун ала гІерта? — шаьлтанан макъара тІе ка а диллина, Маккхална тІевирзира Тоза.

— Сих ма ло ала гІертара со-м. Сихо дика яц. Деш дерг, вовшех дага а девлла, дан деза.

— Маккхал бакълоь, Тоза. Охьахаал. Кхин вуй ала лууш? Вай хІун дича бакъахьа хета шуна? — хаьттира Солтамурда, шен ирчу хьажарца Тоза охьа а лахвина.

— Со охьа-м хуур ву, амма со бакъ-м лоь! — ша волчуьра схьалоьра Тоза. — Хонкара кхелха нах совцалур бац бохург дош ду ткъа? Царна хьалхаваьлла воьду Алхазан Муса а, Іуспанан Сайдулла а, ІалгІуло а, Боташ а. Хьаьдас а, ЖанарІели а, и цхьа масех стаг вийчахьана цІахь бисаний бац уьш? Халкъ гІазотана гІатто деза! ГІазот! — мохь хьекхара цо, цІеххьана шовкъе хилла.

— Ахь хІун олу, Болатхо, хьо вистхуьлуш ма вац? — шена уллорчу Болатханна тІевирзира Солтамурд.

Шен керара суьлхьанаш кІоргге гІовталан кисана а таІийна,

доцца доІа а дина, кІайн еха маж буйнах яьккхина, нахана тІевирзира иза.

— ХІор денна лоьцуш Сибрех хьийсабо вайнах. Цига ваханарг вуха ца вогІу. Мацалла а леш ду вай. Дено-дено оьшуш, кхачалуш лаьтта вай. КІезиг мел диси, ницкъ алсам бийр бу вайна. Хьанна хаьа, вайн лулара хІири а, дІо хІуьнехдинчура гІезалой а санна, керста дине дерзо мега. Латта а, маршо а дІаяьккхина вайгара. ХІинца делах а довларна кхоьру со. Я дерриш кхелхана Хонкара дІадаха деза, я гІазотана гІовтта деза. Шиннах цхьаъ. Кхин некъ бац.

Кунта-Хьаьжин уггар гергарчу векалех цхьаъ вара Болатха. Цуьнан ойла шайн Іалашонца цхьаьна ца йогІийла хуъушехь, гІаттам кечбархоша шайн диванна юкъаозийнера иза, Кунта-Хьаьжин Нохчмахкарчу мурдашлахь иза чІогІа сийдеш а, лоруш а стаг хиларна.

Устазан векалех вацахь а, ма хуьллу цунна герга гІерташ даржехь лакхавала дагахь вара, хьекъална гена воцу, амма хабарца даима шена тІе адамийн тидам бахийта хууш волу Тоза. Маккхала къадийнчух шера кхетара чохь болу нах. Кху тІаьххьарчу хенахь Тозас эладита даржийнера ша эвлаяийн дакъа долуш волчуха. Цунах тешаш белахь а, я цунах пайдаэца Іалашо йолуш лелахь а, Харачура а, гондІарчу ярташкара а дикка нах тІаьхьахІиттинера цунна. Маккхала и гІуллакх хьахийча, цаьршиннан дов дер дуйла хууш, гена ца долуьйтуш Тоза охьаханйра Солтамурда. Къена Болатха шен амалшца тера вацара Тозех. Цуьнца дерг ларлуш дерзо дезара.

— Ахь хІун олу, Залма? — хаьттира Солтамурда.

— Со воккха велахь а, Берсас, Аьрзус, Маккхалий хІун олу ца хиъча, ІадІе лаьа суна.

— Аьрзу, хьан дуй ала лууш хІумма а?

— Сол хьалха дош долуш ши стаг ву кху чохь. Молланаш — БІагІалой, Маккхал.

Заьндакъойн молла БІагІало Нохчмахкахь гІараваьлла къамелана говза стаг вара. Іилманна а, къамелан говзаллина а цуьнца къийсалуш стаг кху Нохчмахкахь цхьаъ вара — билтойн Нуркиша. Юьхьанца ша а кхелха бохуш, нахана юккъехь Турце кхалхарехьа эладита лелош хилла Нуркиша, гІуллакх баккъалена тІедаьлча вухаваьллера. Мекарчу цунна дика хаьара Іедалца а, халкъаца а, тховса кху чу гулбеллачу тхьамданашца а тарвала. Нуркишан Іедалца юкъаметтиг нисъян аьтто бийриг цуьнан гергара зандакъойн наиб Шахьболат вара. Бакъду, тхьамданашна юккъехь хьалхалера сий дацара Нуркишан. Ткъа тІаьххьарчу хенахь хаъал тешам а байнера цунах. И дара тховса дуьххьара Нуркиша диванехь вацар. Ткъа БІагІало шен дог-ойланца, шалхо йоцуш, цуьнан амалшна нийсса дуьхьал вара. БІагІалона, гатиюьртахойн моллина Шахьбина санна, бІаьрга ган ца безара оьрсий а, церан Іедал а. Цо

нах Турце кхойкхура. Ша а вара уггар хьалха боьлхучаьрца новкъавала кечвелла.

— Бlагlало, ахь алал.

— Болатхана аьлларг ду сан дагахь дерг а. Я дерриш Хонкара кхалха деза, я гlазотехь летта дала деза, — доцца хадийра цо, аталла хьийзочуьра суьлхьанаш а ца совцош.

Шена тlе рагl кхаьчча, Солтамурда дош даларе а ца хьожуш, хьалагlаьттира Маккхал. Пlелгаш даьхна, конжех тера шен аьрру куьг мекхех хьаькхна, яйн йовхарш туьйхира цо.

— Делахь хlета, ас эр ду цхьа-ши дош. Нагахь сан ойла баккхийчаьрца ца ягlахь, сайна бехк цабиллар доьху ас. Уггар хьалха эр ду ас нах Хонкара кхалхарх лаьцна. Махках валар кlезиг хlума дац, кlентий. Тlехула тlе, дийнна халкъ. Со тешац цигахь вай цхьана гулахь даха ховшар ду бохучух. Вай ишта дlатарда паргlат мохк бац Хонкарахь. Цига кхелхина вайнах борц санна маьl-маьl не баржа а бина, хенан йохалла ненан мотт бицбелла, къоман юьхь яйна бовр бу. Нагахь берриг нохчий цига гlахь, цхьа-ши тlаьхье хийцаелча, нохчийн къам боху цlе дуьненара дlаер ю. Изза хир ду Россех кхалхадахь а. Хийцам цхьаъ бу. Россех кхалхийначийн тlаьхьенах керстанаш хир бу, ткъа Хонкара кхаьчнарш бусалба динехь буьсур бу. Амма кху вешан махкара дlадовлахь, нохчийн къам боху цlе йов вайн. Цул доккха вон дац къоме дан. Цул сов, вайнахе лалур доцуш къиза ду туркойн Iедал. Цара ницкъ бо, сийсаздо шайн махкара кегий къаьмнаш. Вай санна болу бусалбанаш. Цхьаннан долахь воцуш маьрша стаг вац цигахь, цхьа хьалдерш бен. Изза хьал ду Россехь а. Шиннахьа а суна сайн бlаьргашна гина. Хонкара боьлхурш вайга совцалур бац. Цкъа-делахь, царна коьрте хlиттинарш, хlокху Нохчийчоьнах сийна цlе яьлчи а лерган дуьхьиг ухьур доцуш, таронаш йолуш нах бу, туркойн Iедалехьара цхьана дикане догдохуш боьлхуш. Цара Iехийна тlаьхьахlиттина церан гергарниш. Хонкара кхалха хьовха, кху Бенара дlа Даьргlа кхалха а таро йоцуш. Царех къахета. Амма дан хlума дац. Уьш Iехабелла бевлла. Уьш дlабахийтар бен кхин молха дац. Со тешна ву, цига дlакхаьчча уьш баллал дохкобевриг хиларх, уьш буха цlа гlертарг хиларх. Цаьрга хlоьттинчу хьоло бен совцор бац, цига кхалха ойла йолуш, амма кхушара Iедало дlа ца бохуьйтуш хьелурш.

— Ткъа ахь хlун некъ гойту. Маккхал, хьуна хlун хета? — юкъахваьккхира иза Солтамурда.

— Кхушара кхелхарш кхалха а битина, цаьрга кхаьчча декъаза дакъа нахе дийцарца, кхул тlаьхьа цига ойла ерш, оцу махках догдуьллуйтуш совцор.

— Кху шарахь гlаттам боло реза вуй хьо? — хаьттира Залмас.

— Вац. Цунах дерг Берсас аьлла. Амма Берсиний, Аьрзуний, суний лууш цхьаъ ду. Оьрсийн паччахьан кхечу паччахьашца тlом ца болабелча, шена дуьхьал ма гlевттинехь, цо шен берриг ницкъ

вайна тlе тоттур бу. Цхьаьнца тlом болабелча, кхузара дукхахболу шен ницкъ цига дlаоза беза цо. Пlаккха вайна боккха аьтто хир бу цунах. Тхо кхаанна луург хlун ду аьлча, керла гlаттам иштачу аьттоне дlататтар, хlетталц дерригенна а сатохар, амма оцу денна хаддаза кечамбар. Цул сов, даима санна, со дуьхьал ву, адам гlазоте кхайкхарна. Оцу гlазот бохучу дашо а машар хир боцуш мостагlалла дожадо вайнаханий, керста къаьмнашний юккъе. И ду шайх Мансуран заманахь дуьйна схьа кху махкара керста къаьмнаш вайх херадаьххарг, къийсамехь вай цхьалха дуьтург. Вай хlинца боло тlом керстанашна дуьхьал боцуш, ткъа вешан маршонехьа хила беза. Тlаккха вайна накъостий а, гlо а карор ду Гуьржех а, Россехь а, Цигара адамаш а ду вайга гlоьртташ Iазапехь, вайна санна, оьрсийн паччахьан Iедал ца дезаш. Хьалха вешан дайша дийлийтина гlалаташ гуш а, нисдеш а хила деза вай. И дара суна ала луург.

— Хьайн а, Берсин а, Аьрзун а лаам бу-кх ахь буьйцург?

— Хlаъа.

— Ахь хlун олу, Залма?

— Царна тlе тов со а.

— Тозуркъа?

— Кегийраш бакълоь.

— Гlубха?

— Тхан ойла цхьаъ ю.

— Сайдул-Хьаьжа?

— Кху некъехь тоьлур дац вай. Собардан деза.

— Шоlип?

— Со реза ву Маккхала бохучунна. Амма кхин цхьаъ ду суна хеташ. Кечамбарх лаьцна. Паччахьийн тlом болабаларан сахьт дац. Вайна дагахь а доцчохь лапъолий тlом эккха. Оцу Польша бохучохь тlом болабеллачу, Россехь хьовр-зlовр долчу хенахь гlовтта вайн кечам хиллехь, кху гlуллакхах цхьа агlо яьлла хир яра. Маккхала ма-аллара, вешан ницкъаца тоьлар дац вай. Цхьа аьтто боллу юкъ лехна, гlевттича а оьшу вайна гlо. Суна хlун хетара аьлча, вайнах Хонкара кхелхачу юкъах пайда а эцна, церан паччахье гlо дехча бакъахьа дарий техьа вай?

— Цкъа а цаделларг хlинца ло цо?

— Мацах цкъа вала воллучу майрчунна юххе хиъна зуда хилла боху-кх, хьол тlаьхьа ша маре гlур яц хьуна, сапаргlат хилалахь бохуш, цуьнан догэца гlерташ. «Делхьа, зуда, ма хала дара-кх, хьох тешна, со валийта», — эли бохура майрчо. Цунне дайна, ма хала дара-кх, туркойн гlоьнах тешна, соьга тlом болабайта, — ца вешаш кхоссар йира Тозуркъас.

— Суна хетарехь, Шоlип бакълоь. Шуна хlун хета нах? — хаьттира Солтамурда.

— Бахьана леладе аьлла-кх дала а. Аьтто лахарх зен дер дац.

— Иштанехьа гIо дийр ма дац цхьаммо а. Диканна дуьхьал дика дезар ду. Ткъа вайн ницкъ бац и дан.

— Суна хетарехь, хьовсарх зен дер дац, — вистхилира хIетталц ладоьгIуш Iийна Берса. — Паччахьашна юккъехь тIом цахиларх, даим дIа лаьтташ мостагIалла ду. Цхьа меттиг иккхича шайн мостагIчун махкана чоьхьа шаьш тIе товжа гIорториаш хIитто хьовсу уьш хьалххе. И лаханза Iийр вац туркойн паччахь а. ДIадаханчу дезткъа шарахь цо гIо кхийдийра вайга. Амма оцу гIоьнна дуьхьал хIара мохк безара дунна. Ткъа вайнахана ца лиира цу безчу мехах и гIо иэца. Цундела туркоша вайна гIоьнна цхьа хьостам а ца белира. ХIинца цара догдиллина кху агIонах. Кхузахь оьрсий чIогIа чIагIбелла. Амма оьрсийн паччахьо вай санна, туркойн паччахьо нуьцкъала шайна кIелдерзийна, Iазапехь латточу церан мехкан малхбузе декъа тIехь дехачу керста къаьмнашна тIехула дов долуш ю ший пачхьалкх. Нагахь цигахь шайн дов экхахь, Россина тIаьхьашха тIе вай а хIума тоха, кечдалийта гIо дан а мега цара. ТIе и тIом болабелча Россина чохь гIовттамаш хиланза а бисац.

Массара а шайна хет-хетарг аьлча, Солтамурд кхин хеттарш ца деш ,нах вовшашка дара-дацара ала а битина, ойлане велира. Кху чу гулбеллачех цхьа Болатха воццул массарел воккха вара иза. Кавказан тIамехь гIараваьлла майра тIемало, диъ шо хьалха Нохчмахкахь а. Органца а хиллачу гIаттаман баьччанех цхьаъ хиллачу цуьнан доккха сий дара тахана а. ХIетте а цунна дика хаьара, шен къоначу накъостийн хьекъал шечул цуьрриг оьшуш цахилар. Хаьара, хьалха лаьттачу къийсамехь коьрта меттиг дIалаца дезарг къона тIаьхье хилар а, цунна къона баьччанаш безийла а. Цундела цо лоьрура, шена зеделларг дIалуш Iамабора кху чохь хевшина Iен кегийраш а, къона нах а — ШоIип а, Iабдул-Хьаьжа а, ГIубха а, Сулима а. Ткъа, Берсий, Аьрзуй, Маккхаллий цо шел тIех лорура.

— Берса, оцу Польшехь а, Россерчу муьжгашлахь а дерг хаьий хьуна? — хаьттира цо цхьа хан яьлча. — Керла хIумма а дуй-те цигахь хьедеш?

— Делхьа, Солтамурд, хIара ала керла хабар ма дац цигара. Россина чоьхьа гIуллакх галдаларе хьежахь дехха Iийр ду вай.

— Делахь а, цигара хьал хууш хилча бакъахьа ду. Нагахь туркошца цхьа барт бан вайн ойла елахь, цаьрца дийцарш дан цига цхьа-ши стаг а, Польшера хьал талла цхьа стаг а вахийтича бакъахьа хета суна. Оцу нахана некъан харжаш ян вайн ахча а ду. Шуна хIун хета?

— Iаламат бакъахьа хета...

— Хункара воьду ши стаг, Iедал шек ца далийта, шайна бакъонаш а яьхна, кхелхачаьрца новкъаваьлча дика хир аьлла хета суна, — дуьйцура Солтамурда ойлане. — Дийцарш дарал совнаха, царна тIехь хир ду, дIакхаьчначу вайнахах хилларг ма-дарра хиъна вайна тIе хабар кхачор. Нагахь шу резаделахь, цига бахийта нах билгалбан а лаьа суна.

Цига бахийта нах хьалхатоьттуш цхьаццаннен цIераш йохуш гIовгIанаш евлира. ЦIераш йохура чохь болчийн а, диванна юкъа ца богIучу лахарчу шайн бартахойн а. Польше вахийта-м сихха Берса билгалваькхира цара. Турци вахийта шиъ ца къасталуш гIуллакх дахдала доьлча, Аьрзус шена дош дийхира.

— Аш цIераш етта нах миччахьа бахийта а мегар долуш, къонахой бу. Амма Хункара вахана стаг шина-кхаа баттахь цIа воьрзур вац. Я воьрзу ца воьрзур хаац. Аш цIераш яьхначу нехан цIахь цIа дуьззина доьзалш бу. Дай цIера бевлча ялташ денза, докъарш кечданза буьсур бу уьш. Сан, Маккхалан цIахь делха а, дека а дац. Тхойша гIур ву цига. ТIехула тIе, Маккхал Iеламстаг ву. Цунна шерра Iарбийн, туркойн меттанаш а, гIеххьа гуьржийн, оьрсийн меттанаш а хаьа. Цига вахийта цул бегIийле стаг вац. Цунна накъост со а хир ву.

Оцу тIехь бартхилира массеран а.

— Шуьшиъ-м суна хьалххе дага, дера, веара, Аьрзу, — элира Солтамурда. — Амма хIуъу цхьа меттиг еъча, шуьшиъ сайна уллохь везаш Iара. Ашшиммо цигахь дан дезарг тIаьхьа парггIат дуьйцур вай. ХIета, кху шарахь гIаттам болор ца хьекош, иза билгал йоцчу хене, вешан аьттоне дIатоттур вай. Кху некъехь Атин Атаби цIа верзаро соьга догдохуьйту вайн бисина накъостий а цIаберзаре. Цуьнца лаьцна вигна Дуин Iумма а вогIур ву цIа. Вай дIадохале цхьаъ ала лаьа суна. Тахана адам доьхна хьийза. Хиндерг ца хууш, ялташ дуьйш бац нах. Вай ишта Iийча, нахе мацалла хIуттури техьа? Шаьш дIасадахча, ярташкарчу тIеман баьччанашна тIедилла адам кхетор. Хункара пIонберш кIеззиг нах бен бац, бисинчаьрга шайн ялташ де ала. ТIом хир бу бохург аьттехьа доцийла хаийта. Iедало бохучунна дуьхьалонаш ма е, цуьнцара юкъаметтиг марса ма яккха ала. Амма, тIамна кечамбар ма сацаде. Керлачу тIамехь вайн гIортор кегийн нах хир бу. Уьш Iамор сацо мегар дац. Амма дерригенна тIехь а йоккха къайле оьшу. Маккхал, вай дIадохале дуйнаш бао беза кху чохь а, керта-арахь а мел волчунна.

Диван чекхъяьлча, цIа чуьра арадовлале къорIанна тIехь дуйнаш баийтар юкъадаьккхинера дуьххьара бартахой цхьаьнакхеттачу дийнахь дуьйна. Дуьххьара вовшахкхеттачу дийнахь оцу тIехула дикка галморзахаллаш хилира церан. Кунта-Хьаьжин вирдехь болчарна новкъадеара Болатха дуйна юкъавалор. Кунта-Хьаьжас шел тIаьхьа устаз хила хьакъвеш вагарвинчу масех стагана юккъехь вара иза. Иштачу стагах теша деза бохура цара. Амма атагIойн Варас доцца хадийра дов:

— Эвлаяъ дац ткъа адам? Дагций, дегIаций айп доцуш стаг вац ша цхьа дела воцург!

Шега кховдийна атлаза юккъе хьарчийна къорIа схьа а эцна, уггар хьалха Солтамурд тIевийхира Маккхала. Солтамурд, шен



меттера гІаьттина тІе а веана, къорІан тІе куьг а диллина, Маккхална тІаьххье дуйнан дешнаш ала кечвелира.

— АІувзу биллахІи мина-шойткъони ражим. Бисмиллахіи рохьмани рохьийм... — шен дуькъа, тамехьчу озаца дуй болийра Маккхала.

Цунна тІаьххье, хІора дош, нийсса ала гІерташ, карладоккхура Солтамурда.

— Дала вазвина ваийтинчу Мохьмад пайхамарехула бусалба адамашна дуьнен чу доссийнчу делан кху дезчу къорІанах ас дуй боу, тховса кхузахь дийцинарг, лелийнарг, сайна хезнарг, гинарг я барта а, я йозанца а, я эшарца а, я сайгахула а, я кхечаьргахула а цхьаьнгге ца дийца, сайн халкъан а, динан а мостагІех и ца кхето, и дерриг къайлехь латто. Ас дуй боу, сайл лакхахь лаьттачу тхьамданийн омра дуьхьало йоцуш кхочушдан. Ас дуй боу я дуьненан бахаман а, я эхартахь хинйолчу йолан а дуьхьа сайн а, сайн къоман а сий, оьздангаллий ца йохка, сайх тешна сайна улло а, тІаьхьа а хІиттинчу нахана тешнабехк, ямартлой ца ян, сайн къоман, бусалба динан маршонехьа къийсам латто, царна эшначу меттехь, бІаьрнегІар ца тухуш, церан дуьхьа сайн са дІадала. Сайн дел-ненал а, йишел-вешел а, доьзалал а сийлахь а, лакхахь а сайн къоман маршо лара. Нагахь ас царна ямартло яхь, айса тховса а, тховсачул хьалха а биъна дуй къарбахь, кху чохь болчу нахана, хІокхарал тІаьхьа тхайн гІуллакх дІаэцначу нахана а сайн цІий хьанал до ас...

Цхьацца тІехІуттуш, оццу дешнашца дуй бинра хІораммо а. ТІаккха, дощца доІа а дина, дІасабахара...

XIII корта ГУСАРИЙН ПОЛКАН КАПИТАН

«Оьрсийн царизмо халкъашлахь лело политика — маршонна, халкъашна дуьхьал, демократина дуьхьал, белхалойн классана дуьхьал, адамашна дуьйцу а ца хезначу зуламийн, уггар боьхачу, сийдоцчу интригийн еха цхьа зIе ю...»

В. И. Ленин.

1

Сатосучу хенахь Бенара арабевлла БерсагIар, Iуьйранна кхеттачу малхо Яьссина аьрру агIор лаьтта лекха дукъ къагийча, цунна вукху агIорхьарчу Сесана-Коьрта басара тогIичу когаш хецна Iуьллучу Сесана кхечира.

Кхузахь, лакхо гу тIехь, ширачу кешнашкахь дIавоьллина ву нохчий къоман маршонехьа къийсаман гIараваьлла баьчча шайх Ташу-Хьаьжа. Кешнашна юккъехь айделла го, тIулгех дина, тIе кIайн эчиг тоьхна тхов болу деакIов зиярт.

Хин аьрру агIон тIехь, лакхара схьа тIе а кхевдина кхозу сазлаьттан, гIамаран стаммийн чкъоьрнаш долу лекха берд. Оцу берда тIера дIа малхбузехьа доьду ткъа шо хьалха гIарабевллачу нохчийн наибаша инарла-адъютант Воронцов вохийна Коьжалкин-Дукъ. Цуьнан къилбседе агIонца ю, лахо, хийистехь, лекхачу берда тIехь Iаьларара дукха хан йоццуш хьалабаьхкинчу наха ехкина ярташ — Iиси-юрт а, ТIуртIи-КIотар а.

Дукъан къилбехьарчу агIонца, боьрахула хьала малхбузехьа боьду некъ Шоьнахула, Ялхойн-Махкахула, ЖугIуртахула дIа БIаьча-Юьртехьа арен тIе болу.

Сесана кхаччалц цхьаьний веара Болатха а, ШоIип а, Берса а, Маккхал а, Аьрзу а. Тоба йина, кхидIа ца вахархьама а долуш, Болатхий, цIа кхача воллалц Берсин накъост хинволу ШоIип кхузахь сецира, шаьшшиъ зиярте хIуттуш, делккъалц собар а дина, тIаьхьавогIур аьлла.

Яьссил дехьа ваьлча мар-мара а иккхина, дIасакъаьстира важа кхо доттагIа а: Аьрзуй, Маккхал — хин аьрру йистаца охьа, ткъа Берса — Шоьнахула хьалабоьдучу новкъа.

Накъостех къаьстина цхьа висча ойланаша дIалецира Берса. Некъана шина а агIор тIекхевдинчу пепнийн къеначу хьаннаша, бIаьстенна кечдала гIертачу Iаламо, раьгIийн басех летта, чIегIардигийн баннаш санна, йохкучу кегийчу мискачу ярташа кIорге лоьхкура цуьнан ойланаш. ТIамо мосуьттазза йохийнчул, ягийнчул тIаьхьа хIинцца, халла сауьйзуш денъяла гIертачу цара, шаьлтанца асанаш йохуш доруш охьадуьллуш санна, Iийжадора цуьнан дог. ДегIа тIехь гуш чов яцара цуьнан. Берсин нийсарой кху хьаннашкахь мостагIийн даьндаргаша эгочу буьрсачу шерашкахь, винчу лаьмнашна генахь хилла иза Iалашвеллера оцу эрчонех. Берса кхуза кхечира тIамехь летта ницкъ эшна, лиэн чов хилла йоьжна Нохчийчоь сийначу цIарах йогуш, тоьлла мостагIа цуьнан тIаьххьара дуьхьалонаш кегъеш, кху Iаьржачу ломан кIорге воьлча. Амма Берсин дагах яра чов. Даьлла гуш цIий а, тIехула хьаьвзина муо а боцуш. Оцу тIамо ца дийнера цуьнан да-нана. Нанас цуьнан дена бина йижарий а, вежарий а ца хилла Берсин. Амма кху некъаца, хIара хьаннаш, раьгIнаш мел ю даьржина, гIевланга акха тIулгаш хIиттийна, Iарзделла хIолламаш махо а лоькхуш, тIе хьард яьлла, цхьаммо куьг ца хьокхуш байлахь дисинчу кешнийн баьрзнашна кIел Iохкурш цунна шен йиша-ваша хетара.

ЖугIурта кхоччуш Берса тIаьхьакхиира гехь дечган геннаш такхийна вогIучу, леррина вакъийча санна, векъинчу воккхастагана. Цунна тIекхача иттех гIулч йисча, говрара охьавоьссира хIара.

— Ассалам Iалайкум! ГIоза дагор хуьлда хьан, — элира Берсас, меллаша воьдучу стагана тIаьхьа а кхиъна.

— Ва Iалайкум салам! Дела резахуьлда хьуна а! — жоп делира вукхо, юьхьараваханчуьра хьала а ца таьIаш.

— КIадвеллий хьо, воккхастаг?

— Дера, бакъдерг аьлча, дегIехь гIор ма дац.

— Мохь соьга а лой, говра ваьлла хьайна, — сацийра иза Берсас.

— ХIан-хIа, ирс хуьлда. ГIуолахь дIа. Охьа а вон воьссира хьо.

— Схьал ахь. Ас цIа кхетор ву хьо.

Берсас ша ца вуьтийла хиъча, гира мохь охьа а тесна, букъ нисбина, куй цо хьалатеттича, гучуелира тIехь цхьа а чо боцуш, хьацаро къагийна лепа коьртан ах. Дерзинчу дегIа тIе дуьйхинчу эттIачу чои юккъера схьакъедара якъаелла меженаш. КIоргге хьех чубоьжна гIайгIане ши бIаьрг баркалле хьоьжура Берсега. Воккхастаг говра а хаийна, цуьнан мохь шен белша тIе а биллина, тIаьхьаволавелира иза.

— Йожа сту-хIума яц хьан? — хаьттира Берсас.

— Дера дац со да волуш, цхьа къена газа йоцург, беа кога тIехь хьайба.

— Хьо хIунда веана дечиге, кIант вац хьан?

Воккхастеган юьхь цIеххьана кхоьлира.

— Ялх вара.

Берса валлал дохковелира и хаттар ша дарх.

— Уьш ялхий дIо кешнашкахь воллу, — воккхастага лаха чуьра, гу тIера, юкъа хIолламийн хьун хIоьттина кешнаш гайтира пIелг а

хьажийна. — Шемалан заманахь суна улло ваьлла лелаш вийна пхиъ. Тlаьххьараниг — БойсгIар имам ваьллачу шарахь. ГIаж санна, висина со ву-кх хIара зовкх хьоьгуш.

Эвлайисте кхаьчча Берса вухаверзо гIоьртира воккхастаг. Амма Берса цо бохург ца деш, гихь мохь болуш юьрта вуьйлира. Гонах ледара кертан лолл тоьхна, агIош баьгна, геннаш тедда, чолакхдинчу стоьмийн диттийн беша юккъехь лаьттачу лохачу лаппагIи хьалха сецира и шиъ. Керта девзиг хьоькхуш жима зуда а ,воккхастага йийцинчу къеначу газанера кхийрачу кеда шура яккха гIерташ йоккхастаг а яра уьйтIахь. Лаьтта хIуттуш еха, тиша гIовтал а, чорха тIе лаьцча санна, йистош яаелла боккха куйн коьртахь, берзинчу когашца, гIаш юккъе гIуркх боьллина, цунна сараг бетташ, кертахула гуотуьйсуш лелара ялх-ворхI шо хенара кIант. И беркъа духар цунна дех дисина хилар гуш дара. ХIара шиъ кех чоьхьа волуш гинчу цо, шен «дин» охьа а тесна, ведда тIевеана говран урх дIалецира. ТIе а еана, маршалла хаьттира шина зудчо Берсега.

— Цхьана кIанта бен зуда ца ялийнера сан, — элира воккхастага, леррина кIанте хьоьжу Берса а тергалвелла. — Цуьнан ву хIара кIант. Сан, йоккхастеган дуьненан дерриг самукъе хIарий, кхуьнан наний ду. ХIа, валол чоьхьа валал. Мала шурин чай хир ду, цуьнца Iовша сискалан юьхк карор ю.

— ХIан-хIа, чувеана Iийр вац со. Баркалла.

— Ой, дера вохуьйтур вац, цкъа кхаьллина а, тхан рицкъех ца кхеташ-м!

— ГIоза йоуьйла, — кIентан керара урх схьаийцира Берсас. — ХIун дийр ду ткъа, воккхастаг. Белларш ирсе хетачу кхачийна-кх вайн гIуллакх. Церан къахьо а, хIара Iазап а лан дисина-кх вай. Дала собар лойла шуна, дала аьтто бойла шун. Марша Iайла.

— Дала дукха вахавойла хьо. Дала ирс ма дойнйла хьан. Марша гIойла, аьтто хуьлда хьан, ахь дагалаьцначу тIехь!

Говра ца хууш, цуьнан юьхьлаьцна эвлах ваьллачу Берсина хьалха схахIоьттира шера аре. КIез-кIезиг лахлуш, арен тIе хIуьтту хьаннаша хьулйина еха раьгIнаш. Юьхьа тIе бетталучу мелчу махо дегIана там бора. Хьаннашкахь декачу олхазарша лоькхура бIаьстенан цIена хIаваъ. ХIинцале а зазадаькхинчу хьаьрс-хьечаша юкъ-юкъа, кIац йиллича санна кIаййинера хьаннаш. Ма хаза дара кху тийначу къеначу хьаннашкахь. Хьалха санна, хIорш маьрша елахьара, нах кху мехкан дай белахьара; Iедало лелхийначу, кху хьаннашкахь лечкъаш лелаш эзарнаш адамаш дацахьара; дерриге а халкъан дегIа тIехь йиллина лаза йисина хала чов яцахьара. Амма и ерза тигац-кх, иза ерза йитац-кх. Цхьана минотана цхьана хIуманах Iехавелла валлахь а, цунна юххерчо гойту, дагатосу бакъал ша юккъехь воллу эрчо.

КIентан докъа тIехь кийрара мохь ца болуш, тийна йоьлхучу къоначу ненах тарделлачу оцу исбаьхьчу Iаламой, хIинцца ша керта хIоьттинчу мискачу доьзалой, дIо генахь, шерачу арахь гучуяьллачу винчу юьртой, цкъа а кхин юха ца ян дIаяханчу беральле ваьхьира иза. Дагавеара ша цIийх схьаваьлла да. ХIара шен хIусаме мосазза вогIу, цунний, Берсиний юккъехь маслаIат дан гIерташ, даима ДанчIас ден къамел. Дагадаьхки цкъа ДанчIас шега тIаьххьара аьлла дешнаш а:

— Мухха велахь а, хьан да ву-кх иза, Берса...

2

Берсин дахаре хьаьжначунна моьттур дара цул ирсе стаг Нохчийчохь тахана ван а вац. Берсин дегIа тIехь дац ша санначу боьршачу нехан догIмашна тIера шеддаш хилла лаьтта чевнийн моьнаш. Амма цуьнан даг тIера чов чIогIа ю царел. Цунна хетарехь, хир а вац и санна кийрахь боккха бала болуш стаг. Оцу дерригенна а бехке цуьнан да ву.

Ткъе пхиъ шо хьалха ерриг Нохчийчоь гIоттучу, цара имам Шемал шайна коьрте хIотта кхойкхучу, халкъан кIентий шайн даймехкан маршо ларъя хIиттинчу деношкахь, ведда Соьлжа-гIала вахара цуьнан да. ХIаъа, вахара, шен жимчу туьканара ткъех туьманан меха баккхал стерчийн вордана а йоьттина, царна тIе зуда а, хIетта пхийтта шо кхаьчча Берса а хайна.

Берса ца кхетара дас лелочух. Даймахкана оцу халчу муьрехь цунна хIор боьрша стаг оццул оьшучу деношкахь, вина юрт хьовха, шен халкъ дIа а тесна, ведда мостагIашкахьа хIунда ваьлла иза, хIун ду цуьнан цаьрца юкъара. Цунах тIаьхьа кхийтира Берса.

Соьлжа-гIали уллохь, Рохьмад санна, бевдда баьхкинчу нохчийн кхин а масех цIа дара. Уьш а бара, Рохьмад санна, хьал Iаго гIерташ, муьлххачу некъашца лелийна а, оьрсашца йолу шайн гIуллакхан зIенаш ца хадийта лууш нах. Дукха хан яра Рохьмада совдегаралла лело. Шелахь даима цхьана барамехь лаьттина цуьнан бахам иза Соьлжа-гIала веана ши-кхо шо далале адам цецдолуш стамбала буьйлира. Амма Берса хIумма а цец ца волура ден ахчанах. И кхета воьллера дас лелочу харц некъех. Оьрсашца совдегаралла лелор дихкинера Шемала. Росси ваха а, цигара товар дан а бакъо лора, нагахь оцу совдегаро дохка, лам чохь къен долу эчиг дахьахь. Цундела Рохьмада Нохчийчу духкучу товарах коьртаниг эчиг дара. Нохчийн ярташка а вахана ша юха гIопе вирзина, шен хIусаме ца вогIуш, хьодий оьрсийн эскаран штабе воьдура иза. Цо лелочух юьхьанца ца кхетара Берса. Масех шо даьлча Берсина хиира шен да халкъана халчу дийнахь юьстахъиккхина, ведда цуьнан мостагIашкахьа ваьлла, ямарт хилла ца Iаш, ткъа оьрсийн эскарийн командованина доггах гIуллакх деш шпион хилар. ХIанхIа, шен халкъана ямартло йина ца Iара иза. Цо ямартло йора ахчанах ша эцначу паччахьан Iедална а. Цо ахчанах юхкура шина а агIорчийн тIеман къайленаш. Амма наибашна цо юхку оьрсийн къайленаш цхьана а маьIне йоцурш яра.

Берсин хьекъал ца кхочура дас бечу эхьечу некъан бакъ мах хадо. Дас гулдинчу хьоло ирсан неI йиллира цунна хьалха. Рохьмадан аьтто хилира шен цхьаъ бен воцу кIант гIараяьллачу Петербурге прапорщикийн школе вахийта. Мил-мила а ца кхочура оцу оьрсийн столице. Амма ахчано ца деш хIун ду! Дуьненан кIезиг ойла еш яьккхира Берсас цигахь и шен дахаран уггара ирсе кийсиг. Шен халкъан цIийх доккхуш дас цунна тIаьхьа кхоьхьуйтура шортта ахча. Самукъане столица. Къоналла. ТIамах, мехкарех бен къамел дацара. Къаьсттина дукха хьехайора карзахе Кавказ. Цигахь яра церан массеран а дог-ойла. Къоначу дворянаша сатийсара, школа чекх а яьккхина, сихха къилбехьа, акхачу ламанхошца тIаме баха. Цига оьхура Россира хьовха, ерриг малхбузе Европера къийбелла, шайн бахам кехатех ловзийна я зударех хийцина тайп-тайпанчу къаьмнех дворянчикаш. Цигахь ламанхойх оьху цIий, деший хуьлий церан бух боцчу кисанашка Iенара, орденашка доьрзий,накхош тIехь, хьесан кIужалш хуьлий белшаш тIехь лепара. Амма хийланна карадора цигахь шийла каш а.

Великодержавни хоршано сацам байанера школерчу къоначу нехан. Сатуьйсура кавказски романтике, турпалчу хьуьнаршка, хастамечу совгIаташка, чинашка. И ун кхетаза ца висира Берса а. Амма шовкъечу кегийрхойх дIакъаьстича, цхьанхьа ша висча, дегIа тIера и хоршин чарп айаелча, цуьнан ойла а, дерриг са а генарчу, хьомечу лаьмнашка дIадоьдура. Дерригенна а тIехь толам боккхура даймахке, халкъе болчу бовхачу безамо. Доглозура цуьнгарчу инзаречу бохамаша бIарзIинчу шен жимчу халкъах, куралла йора цуьнан турпалчу хьуьнарех, сатуьйсура сихха цига вухаверзаре. Ткъа хьуьнарш, хастам? Цунна уьш кхечухьа а карор ду. Къоначу цунна ца хаьара, муьлххачу а халкъан Iенийна цIий шена тIехь эхьан томмагIа хилла гуттаренна дуьсур дуйла. Цо, цкъа а синтем ца буьтуш, диллина шен дог огурдуйла... Ткъа масех сахьт даьлча, хьоло а, къелло а сийсочу столицан кIорге вахча, и дерриг дицлой, дворянски империн даймехкан йийсаре воьдура Берса.

Амма оццу шерашкахь малхбузехьа даьллачу революцин буьрсачу дорцала нисвелла иза цигара вуха Россе кхин стаг а хилла вирзира.

3

Кхолламо вигна, европейски революцин буьрсачу цIеран куьрка кхоьссина Берса теш хилира 1849 шеран 13 августехь венгрин революцин эскарийн коьртакомандующис инарла Гергеяс оьрси-австрийски эскаршна хьалха Виллагошна уллохь герз охьадуьллучу эхьечу дийнан. Цо гIалгIазкхийн дошлошца цхьаьна конвоировать бира австрийски императоран Iедале дIабала буьгу йийсаре баьхкина венгрин эпсарш. ТIаьхьо цунна хиира оьрсийн паччахьо ямартлонца дIабеллачу оцу эпсарех исс инарла ирхъоллар а, веанна

тоьпаш тохар а, кхо бIе шовзткъе ялхийтта набахте кхоссар а.

Венгрехь ша яьккхинчу кIеззигчу хенахь Берсина хиира, дуьненан халкъаш шайн къоман-маршонехьа турпала къийсам латтош хилар а, оцу турпалшна а юккъехь турпала шен жима халкъ хилар а, ткъа маршонехьа къуьйсуш мел гIеттинарг цIела карчош, Iаьржа ун санна, хьийзаш Николай I коьртехь а волуш, европейски паччахьийн цхьаьнакхетта гIера хилар а.

Цунна хиира дуккха а оьрсийн эпсарш а, салтий а шайн паччахьо лелочу оцу къизаллина реза цахилар а, цара революцехь дакъалацархошкахьа даггара гIодоккхуш хилар а.

ХIаъ, дерриг адамаш дацара адамаллин дегнаш кийрахь доцуш, къиза. Цара нийсо лоьхура шайн даймахкахь а, кхузахь, нехан хийрачу махкахь а. Церан даймохк бара адамалла дерриг, церан Iалашо — маршо а, нийсо а яра. Ма бIаьрга негIар ца тухуш тIе оьцура цара къиза Iожалла. Ткъа стенан дуьхьа? Шайн даймехкан сийн, шайн халкъан маршонан дуьхьа. Масане вара царна юккъехь цуьнан дуьхьа шайн ирс, хьал дитина я харцонна тIехь толам баккха, я луьра Iожалла тIеэца кечвелла, герз карахь араваьлла.

Цунна цкъа а ца дицло ехачу набарх ша самаваькхина цхьа де. Иза дара венгрин революцехь дакъалаьцначу полякашна гIаттам хьаьшначул тIаьхьа шайн даймахка бухаберза къайллах гIодина гучубевлла оьрсийн эпсарш лоьцу де.

Царех цхьаъ — Алексей Гусев, герггара доттагIа вацахь а, Берсина вевзаш, безам болуш, оьзда, догдика стаг вара.

Гусев лаца хьовсийнчу эпсаршна юкъа нисвелира Берса. Кхерам гергахь хилар тосадалаза волу Гусев шен накъосташца цхьаьна парггIат кехатех ловзуш Iаш тIехIиттира хIорш цунна.

— Господин капитан, командующин приказаца лаьцна ву хьо. Хьайгара герз схьало, — элира цуьнга тIеваханчу полковника.

Капитан цуьрриг ца вуьйхира я кхера а ца велира. Схьахетарехь, цунна хууш хиллера и де цкъа шена тIехIуттург хилар.

— Со мича бехкана лоцу хаа мегий? — хаьттира цо шен керара кехаташ ваьшта а тоьхна ,стоьла тIе бертал охьа а дохкуш.

— Цуьнан воккхалина императорний, даймахканий ямартло ярна.

Гусев, хьала а гIаьттина, ши седа санна догу Iаьржа бIаьргаш полковникана тIе а доьгIна, курра вистхилира:

— Со реза вац оьрсийн паччахьан правительствап къизчу политикана. Амма со даймахкана ямарт ву бохург дацне а дац иза. Со кийча ву сайн даймехкан дуьхьа муьлххачу минотехь са дIадала.

— Господин капитан, со хьоьца политика йийцаре ян ца веана, командованин приказ кхочушдан веана.

Баттара даьккхина шен тур, гоьл тIе саттийна, каг а дина, полковнике дIакховдийра Гусеве.

— Капитан Барзоев, лаьцнарг гIопе дIавига! Цигахь цунна гонах чIогIа ха а хIоттаде!

Шеца шиъ гIалгIазкхи а эцна, лаьцнарг хьалха а ваькkхина, гIопе дIавахара Берса. Цигахь набахтин камер хилла лаьттачу цIенойх цхьаннан неIаре кхаьчча, цуьнан тIам а лаьцна, цхьана секундана соцунха хилира Гусев.

— Господин капитан, ахь пурба лахьара, хьоьга хьайгга масех дош ала лаьара суна, — элира цо Берсига французийн маттахь.

— Къайлаххий?

— ХIаъ, гуттар къайлах.

Берса дIасахьаьжира. Сени чухула хаддаза дIасалелаш гора штабан эпсарш.

— Кхузахь адамаш ду.

— Соьца чуваI тарлур дацара хьан?

Берса воьхна хьаьвзира.

— Иза муха хир ду... Бакъо ма яц. Дукханна хаьа вайшиннан юкъаметтиг дика хилар. Ойлаехьа тIаьхьа хиндолчун...

— Делахь, хьуо кхерахь, дIагIуо хьо.

Гусевс, неI схьа а йиллина, боданечу, тIуьначу камера чу ког тесира. Амма Берсас, катоьхна пхьарс а лаьцна, озийна вухаваькkхира иза.

— Господин капитан, сан пхенаш чохь кхехкарг нохчийн цIий дуйла хьуна хаьа моьтту суна. Ткъа цара, шайна кIилло бу ала меттиг ца йитина дуьненна.

Гусев кIоршаме велакъежира:

— Берса, хьуна ма-дарра хаа лаахь, со-м хьо баккъал нохчо вуйла хьажа воллура. ХIунда аьлча, со даима шек ву, хьан пхенашкахь кхехкарг нохчийн цIий хиларх.

НеIсагIи тIехь ах вуха а вирзина лаьтта Гусев чу теттина, цунна тIаьххье чоьхьа а ваьлла, неI тIечIегIира Берсас.

— Сан майралла зен гIерта хьо? Вада лаьа хьуна, Алеша? Гой хьуна, со хьоьца ву-кх, сайн герз а, сайн са а хьан дола дIало ас!

Гусевс, къевллина мара а воьллина, бесни тIе бовха барт баькkхира Берсина.

— Суна ца оьшу хьан герз а, хьан са а. Иза оьшуш меттиг хьо винчу лаьмнашкахь ю, Берса. Майра кIант ву хьо, Берса, амма я сонта ву хьо, я юххец къонаха вац хьо.

— Господин капитан, ахь со емалво!

— Сан дешнех хьайна ма луъу кхета пурба ду хьуна, Берса. Ахь боху хьуо нохчо ву, амма мичхьа ду цунна тоьшалла? Муьлхачу а халкъан тешаме кIант, шен халкъана бохам хилча цуьнца хуьлу. Ткъа хьо мичхьа ву?

Оцу дешнаша, дуьхьал цIийдина хи тоьхча санна, ягийра Берсин юхь. Иза воккхавера шен йогу юьхь бодашкахь Гусевна гуш яцарх.

— Берса, хьуна новкъа ма далахь, ас бакъдерг дуьххьал дIаалар. Гой хьуна, кху Европехь хуьлуш дерг. Халкъашна кIордийна

феодальни Iазап. Халкъашна кIордийна монархийн, церан гIеранийн лэш хилла даха. Гой хьуна, цара герз буйнахь шайна маршо, нийсо лоьху. Адамашна адамаш хилла даха лаьа, ткъа иза пачхьашна дезалац. Оьрсийн император коьртехь цхьаьнакхеттачу монархаша хьаьшна французски, испански, неополитански, немецки, итальянски революци. ДIадаханчу шарахь цIела карчийна Париж, Вена, Итали, Германи. Кху шарахь сийначу цIарах ягий хIара Венгри. Хьуна гой, паччахьашна дуьхьал цхьаьнакхетта халкъаш? Кхузахь, Венгрин эскарийн могIарехь, церан салтийн белшах белш тоьхна лета полякаш, немцой, австрийцаш, французаш, итальянцаш гирий хьуна? Уьш бара хьуна къонахий, шен къоман тешаме кIентий! Царна хаара венграша толам баькkхича, и толам шайн халкъийн а толам буйла. Царна хаьара шайн массеран а юкъара мостагI — иза цхьаьнакхеттачу паччахьийн Союз юйла. Ткъа вай, бIе шовзткъа эзар оьрсийн салти церан шаьлтачаш хилла схьадаьхкина. Уьш эший вай. Ма доккха хьуьнар ду иза! Вай, схьа а лецна, церан инарлаш, эпсарш австрийски императоран кера дIабелла. Цо уьш ирхухкур бу. Шу толам а баькkхина цIа доьрзу, чинаш, орденаш яьхна. Хьанна оьшу и иэхье толам? Кхузахь оьрсийн эскарша баькkхина толам оьрсийн халкъан историн агIон тIехь иэхьан томмагIа хилла буьсур бу...

Сени чохь когийн тата а, тIаккха комендантан девза аъ а хезна, Гусев цхьана минотана соцунха хилира.

— Амма оьрсийн эскарша лелийнчунна оьрсийн халкъ бехке дац. Эзарнаш оьрсий, со санна дог лазарца хьуьйсу дуьненан халкъаша шайн къоман-маршонехьа латточу къийсаме. Оьрсийн империна дуьхьал кхузткъа шарахь турпала къийсам латточу хьан халкъана а моьтту хир ду шена тIерачу къизаллина дерриг оьрсийн халкъ бехке ду. Шел лакхарчун омра кхочушдаза ца волу салти. Хьуна ма моттийла ас берриг эпсарш бехказабоху. Дукхахберш уьш акха дегнаш долуш, къиза адамаш ду. Сан хабар дахделла, Берса. Ас элира хьо майра кIант ву, амма къонаха вац я сонта ву аьлла. Оха-м ца девллачу денна гIуллакх дора тхешан императорна, ткъа хьо мича декхаро валийна цуьнан эскаре?Гой хьуна, европейски халкъашна хаьа венграша латто къийсам бакъ къийсам буйла. Цундела венграш, цхьаъ санна, берриш шайн даймохк ларбадIахIиттина. Царна гIоьнна баьхкина дуккха а халкъийн кIентий. Ас хьуна бийца оьшуш бац гречески, польски, французски, итальянски халкъаша латто турпала къийсам. Царна-м кхечу халкъаший, пачхьалкхаший гIо деш меттиг а нислора, амма кху кхузткъа шарахь хьан жимчу халкъана ца хилла цхьаьнггера а гIо. Ткъа хьо, хьайн халкъана кху халчу хенахь, цуьнан мостагIчун эскаран могIаре а хIоьттина, цо санна шайн маршонехьа къуьйсурш Европехь хьоьшуш лела. Венгрин халкъо австрийски империна дуьхьал беш болу тIом хьан къомана гIо дара. Кху гIуллакхо кавказски тIамера бIе шовзткъа эзар салт цхьана ханна схьаваькkхина. Хьан къомо

шена тIе паччахьан дуккха а ницкъ озоро оьмар яхйира европейски халкъийн революцин. Ойлаел хьайна, кхузахь революционни эскарех летча а — хьайн халкъах лета хьо, Россехь ахархойн гIаттам хьаьшча а, хьайн халкъан аьтто бохабо ахь. Ахь хIинца лелориг а, кавказски фронтехь нохчашна дуьхьал летча а цхьабосса ду. Мила ву фельдмаршал Паскевич? Ермолов дIа а ваьккхина, паччахьо цуьнан метта Нохчийчу хьажийнарг ву-кх. Ткъа Лиддерс? Хаддаза хьан халкъан цIий Iенийна, амма, далла бу хастам, нохчаша масаззе а йиттина гIибаваьккхина инарла ву иза. Ткъа хьо, кхин эхь ца хеташ, жIаьла санна, царна гIуллакх деш лела. ХIан-хIа, Берса, хьо нохчо вац, велахьара тахана хьайн халкъаца хир вара хьо! Хьайн халкъан цIийх прапорщик хилла хьо, венгрин цIий Iенийна, капитанан чин даьккхина ахь.

Кисанара схьадаьккхинчу даточу пIутакхара схьаэцна цигаьрка а латийна, боккха баьккхина кIур чутуьйхира Гусевс. Берса, мотт сецча санна, вист ца хуьлуш лаьттара. Цунна ца хаьара хIун аьлла жоп лур ду. Иза бехке вара. Цунна къера а хилла, кIел сеццера иза.

— Хьуна хезирий, Берса, полковника сан бехкевар? Императорний, даймахканий ямарт хилла бохийца! ХIан-хIа, Берса, иза ишта дац. Уьш кхетац сох. Даймохк! Амма, император, цуьнан хьадалчаш — иза Росси яц. Иза бац сан даймохк. Росси — иза миллионни оьрсийн халкъ ду. ХIаъа, цкъа а, цхьанне а дохкалуш а, эшалуш а доцу, бодане ,миска оьрсийн халкъ. Дагарш, шаданаш, мангалш кера а эцна, татаро-монголаш, польски, немецки, французски мехкашдIалецархой нана-Россин махка тIера дIалихкина муьжгий. Со дворянин ву, амма со уггар хьалха сайн халкъан кIант ву. Со цунна тешаме хилла. Цуьнан маршонан, цуьнан сийн дуьхьа, цуьнан ирсан дуьхьа со гIоттур ву сайн императорна дуьхьал хьовха, сайн дена а, далла а дуьхьал. Со тешна ву сайна уггар луьра таIзар дийриг хиларх. Делахь а со вада гIертар вац я къинхетам боьхуш дехарш а дийр дац. Ткъа хьо, Берса, маьрша вуьсу. Дика гIуллакх де ахь Николай-хьалхарчунна. Паскевича а, Лиддерса а аьлларг нийсса кхочушдеш, хьайн вежарий байа гIоде. Кестта инарлин чине кхочур ву хьо. Хьанна хаьа, графски титул яла а мегий хьуна-м. ХIинца, аравала.

Гусевс шега кховдийна куьг къевллина шина куьйга схьа а лаьцна, цIе санна догучу бIаьргашца цуьнга а хьаьжна, араиккхина Берса, цигахь лаьттачу гIалгIазкхашка неIаршна догIа тоха а аьлла, вахара.

Кхин ца гира Берсина Гусев. Амма цул тIаьхьа цхьа хан яьлча цунна хезира, тIеман-аренан суьдан кхэлаца Алексей Гусевний, цуьнан ялх накъостаний Мински набахтин кертахь тоьпаш тоьхна бохуш...

Цул тIаьхьа ша даймахкана генахь йоккху хIор минот шарал яхлора Берсина. Цо хаддаза дехарш дора ша кавказски эскаршка

ваккха бохуш. Мел дог ца дагIахь а цо гергарлонаш тийсира Кавказан тIамехь гIуллакх динчу эпсаршца, ца кIордош ладоьгIура цара шен махкахойх лаьцна дуьйцучуьнга. Эпсарех наггахь волчо дуьйцура цигара хьал ма-дарра, хестайора ламанхойн майралла, резабоцуш лера цигахь акха къизалла хIитточу паччахьан инарлашна. Амма дукхахболчар емалбора нохчий, дозаллица дуьйцура шайн эхьечу хьуьнарех лаьцна. Ткъа мискачу Берсас цаьрга ладоьгIура цкъацкъа дог доккхадеш, тIаккха дог Iийжаш.

Ма ца Iебаш йоьшура цо Кавказах лаьцна Лермонтовс, Бестужев-Марлинскис язйина произведенеш! Ма лаьара цунна и доггах нийса могIанаш яздина, оцу халчу шерашкахь шен декъазчу халкъах доглезна и оьрсийн бакъ кIентий шен маракъовла. Амма иза хуьлийла дацара. Паччахьан харцоно уьш хеназа эгийра оццу Кавказан лаьмнашкахь.

Берса ша винчу махка вухавирзира шен халкъана уггар хала деанчу 1858 шарахь. Дийнначу ярташца паччахьан Iедалехьа буьйлура даа рицкъа а, тIеюха бедар а, берашна шура яккха бежана а доцу, ткъех шарахь цхьана сохьтана а ца хедаш хаддаза хиллачу буьрсачу тIамо гIелбина, ницкъ кхачийна, ах сов божарий тIамо хIаллакбина нохчий. Берсина шера хаара, толам паччахьан эскарийн карахь буйла, Нохчийчоьно тIаьххьара сауьзнйла.

«ХIун де-те ас? — хоьттура цо шега, ша дуьххьара Нохчийчу походе воьдучу дийнахь. — Со сайчаьргахьа валарх уьш тоьлар бац. ТIаккха юханехьа некъ а суна хир бац. ТIаккха йов тIеман карьера. ТIаккха дуьненах хаьдда, таллархочо хьийзо экха санна, лаьмнашкахула, хьаннашкахула ваьлла лела дезар ду сан. Нагахь со сайн меттехь Iахь, ахча а, чинаш а, самукъане дахар а хир ду...»

Дерриг къастийра оцу дийнахь Гелдагана уллохь хиллачу тIамо.

Берсина оцу дийнахь дуьххьара гира тIамехь леташ нохчий. Царна юккъехь бара сирбелла баккхий нах а, маж-мекх далаза бераш а...

Берсина хаьара паччахьо шен эскарш керла мехкаш дIалеца, кхидолу къаьмнаш тало, дворянийн хьал-бахам алсамбаккха тIаме лохкийла. Инарлаша, эпсарша салтий тIелоьхку хьербевлча санна. ЦIийх ца Iеба церан сутара бIаьргаш, тIулган дегнаш. Тахана цIийIанорна царна чинаш, хьал лур ду. Цаьргахь герз ду, шортта тIедуха а, даа а ду церан. Ткъа царна дуьхьал летачу къоьжачу нехан, берийн? ХIан-хIа, цара дуьххьал дIа маршоней бен, кхин хIуммане а са ца туьйсу. Уьш шайн даймохк, шайн доьзалш, шайн синош ларда гIерташ оьгу. «Уьш бац ткъа сан дай, сан вежарий?» — хоьттура цо ша шега, гу тIера дIа тIаме а хьоьжуш. Ткъа иза юкъахь волу полк, цкъачунна тIамна юкъа ца воьдуш, резервехь лаьттара.

Эххар зурмано хаам кхайкхийра. Шен сотнина хьалха а ваьлла, хьала лаьцна тур а долуш, гух чу говр хийцира Берсас.

Амма ойланаша цуьнан синтем байинера. «Алешка Гусев вацара ткъа оьрсийн дворянин, эпсар? Цуьнга ца хьоьжура ткъа хьалхахьа ирсе дахар, чинаш, тІеман карьера? Шайна аттаниг лоьхуш эгна ткъа къийсамехь испански эпсарш Риего, Квирога, грекийн эла Ипсилантай, валах Тудор Владимиреску. Шен ойла йора ткъа Шегошварена уллохь оха вийначу Шандора Петефис? Ткъа Гарибальди стенан дуьхьа лела дуьненахь, маршонан байракх мел айинчохь, герз буйнахь гІийлачийн могІаре хІуьттуш?»

Махо шок еттара лерехь. Молханан кІуьро бІаьргаш Іийжабора. Лергаш къардора юьйлучу тоьпаша, вовшехдеттачу болато а, хьоькхучу маьхьарша а, дечу узарша а. Берсина хьалхарниш хІинцале а лета боьллера. ХІара хІинца а тІе ца кхаьчнера. Амма шера гора нохчийн къоьжа а, къона а, амма оьгІазе, майра, а Іадийна а яххьаш.

«Дуьненан даьхний лаха, чинашкахь хьалабовла баьккинера ткъа паччахьийн къизачу туьра кІел цІий Іеночу Венгрина гІоьнна баьккина полякаш, итальянцаш, австрийцаш, французаш, чехаш, сербаш... Горлера венски студенташ яІ, ма дера лийтира уьш цигахь шайн императоран эскаршна дуьхьал. Ма безчу мехах дІаделира цара шайн дахар! Цара массара а маршонан, нийсонан дуьхьа шайн дахар дІаделла кхечу мехкашка а бахана, ткъа со...»

Оццу минотехь цунна гира шена хьалха волчу полковника тур тоьхна воккхастеган сира корта дегІах къастош...

— Нохчий! Со шун ваша ву, со шуьгахьа волу! — мохь белира кхин дІа са ца тохаделлачу Берсин...

* * *

«Мухха велахь а хьан да ву-кх иза, Берса...» — декара цунна ДанчІин дешнаш.

Да-нана. Ма доккха, дагна гергара дешнаш ду уьш. Къаьсттина сийдеш лоьру уьш нохчочо. Мел оьздангалла яйначу, мел акха дог кийрахь долуш кхуьучу кІанта а сий до шен де-ненан. Цо и шиъ цкъа а дІа ца тосу, дицдац ша мел боккхачу бале вожарх, адаме ца лаяллал йоккхачу халонга нисваларх. Берийн бераш а долуш, сирвелла воккхастаг хилла ша дІахІоьттича тІаккха а шен денанна хьалха нисвелча, хІинцца пхи шо кхаьчча бер санна хуьлу иза. Цаьршиннан дош — цунна дала аьлларг ду. Иштта ду дайшкара схьадогІу цуьнан халкъан гІиллакх. ХІинццалц схьа ваьлла вац и дохош кІант. Амма Берсас дохийна иза. Кху тІаьхьарчу ткъе пхеа шарахь пхоьазза а ца гина цунна шен да. Я хІумма а иза гаре са а ца туьйсу цо. Иза къехка шен дех, цуьнан хьолах. Лаац цуьнан цІе йоккхуш хаза а.

«Бакъ вуй-те со?» — хоьтту цо ша шега.

ТІаккха цунна хьалхахІутту полковника тур тоьхна къеначу дегІах къастийна, говрийн когаш кІел боьжна воккхастеган сира корта, хІинцца ша керта хІоьттина, ялх кІант тІамо вийна цхьалха висина воккхастаг. Уьш эзарнаш бу цуьнан декъазчу даймахкахь.

«ХІаъ, хьо бакъ ву, — хеза цунна шен деган кІоргера. — Оьздачу стагана шен даймахкал сийлахь а, лекха а хІума хила йиш яц дуьненахь. Цунна ямарт хиллачу стагана къиза Іожалла йогІу!»

XIV корта ВЕЖАРИЙ

Ярташ йогу; орца дац царна.
Мостагlчо байина даймехкан кlентий.
Цlерийн меттанаш, метеорех догу
Бlаьрг кхеттарг lадавеш, мархашкахь ловзу.
Дерачу экханха цхьамзанаш буйнахь,
Машаре хlусамашка толамхо лелха,
Къена нах, берашший цо къиза дойу,
Ткъа цlеша цlийдинчу куьйгашца
Цо къона наной а, мехкарий хьоьсту...

М. Ю. Лермонтов. «Измаил-бей».

I

Дукъаца, Лома боьдучу новкъа охьавогlу Аьрзу, lаьрчхил дехьа басахь, шайн ирзохь дежаш lелин, Чорин стерчий а гина, Маккхал цlа а хьажийна, цигахь lела хlун деш ву хьажа дагахь, дукъан аьрру агlонца чухьаьвзира.

Аьрзу шех дlакъаьстича цlеххьана сингаттамо дlалецира Маккхал. Кестта махках ваьлла ваха дезар а дацара иза кхолийнарг. Махках ваьлла-м дикка леллера иза. Цкъа Шемалан цlарах туркошца дийцарш дан Стамбуле воьдучу Сапарчин Юьсп-Хьаьжица вахана Турцехь бутт хан яькхира цо. Шарахь гергга оьрсийн йийсарехь а lийра. Махках валар-м дуьххьара тlе ца догlура цунна. Цкъацкъа де-е а бахьана доцуш, шен цхьалла санна, еза ойланаш хьаьвзира цуьнан коьрте. Кху дукъа ваьлча, малхбузехьа аренах бlаьрг кхетча, мел иза къехко гlертарх карлаюьйлура беролла, вина юрт. Хlара ша волччохь вуьтий, тlема айалой цига дlадоьдура са. Цуьнан ирсе а, декъаза а миноташ уьш яра, и гена яхана хан дагалецар.

Маккхална халла дагабогlура шен да а, кхо ваша а. Цуьнан ялх шо долуш цхьана дийнахь хlаллакьхилира уьш виъ. Нана-м хьалххе еллера. Йижарий хилла а бацара.

Шен схьавалар Гермачигара дара Маккхалан. Цуьнан да, lабдурахьма, Нохчийчохь а гlараваьлла воккха молла вара. Цо йиллинчу, Нохчийчохь дикачу масеханнах цхьаъ лоруш йолчу хьуьжарехь маьхза доьшуш дара къечу нехан бераш. Ерриге шен ойла далла тlеерзийнчу воккхастага, веа кlантана цунах цатам баларна кхоьруш, зуда а ца ялийра церан нана елча.

Жима Маккхал теш хилира ден а, вежарийн а къизчу lожалан. Оцу аьхкенан дийнахь, шайн цlенна гена доцчу lинах лулахойн берашца луьйчуш вара иза. Юьртана малхбузехьа цlеххьана тоьпаш а, орцанан маьхьарий а девлира. Берашна шера хаьара царал тlаьхьа хуьлуш дерг. Тоьпаш карахь аралилхинчу божарша юьртал ара сихдира зударий, бераш. Цхьадерш гитоьхна, вуьш марахь, кхечийн куьйгаш лаьцца тlаьхьаийзош, хьун йолчу агlор дlауьдура зударий. Цlуьхьарш хьалха а баьхна, цаьрца ведда тlехвелира баккхийчех масех мутаlелам. Кlелхьарабовла уьдучу зударийн, берийн могlа хадале эвла юккъе иэга доьллачу яккхийтоьпийн цlийделлачу хlоьънаша цlераш ехкира аьхкенан малха кlел кхарзаделлачу цlенойх, божалех, докъаран холанех. Кlелхьарабовла ца кхиъначу зударийн, берийн маьхьарша къардира хlаваъ. Ловчкъа меттигаш лоьхуш маьхьарца, тlома уьдура котамаш.

Эвлана гуолаьцнийла хиъча, шеца кхузткъа стаг, цаьрца шен кхо кlант волуш, хьуьжар чу къовлавелира къена lабдурахьма.

Цlеххьана динчу тlелатаро бохийнчу нахера дукха дуьхьало йоцуш, уггар хьалха юьрта иккхира Московски гlашлойн полк. Хьуьжаран цlеношкахь къовлабелла нах буйла хиъначу майора Филиповс неl кагъян омра дира. Амма чуьрчу наха корашкахула ара нийса тоьпаш етташ, цlенош хьалхахула шайна тlе ца буьтура салтий. Дуьххьар йинчу штурмехь синметта топ кхетта вуьйжира майор а.

Гlазотехь lожалла тlеэца нигат дина кlелсеццера и кхузткъе цхьаъ стаг. Карадуьйла аьлла, шолгlачу эпсаро шайга мохь тоьхча, назманца жоп делира цара:

Аллахl дела, тхо хьайн делахь,
Хьайн гlазотан орца лолахь,
Хьайна гергахь сийлахь делахь,
Сийлахь дарже кхачаделахь.

Буьйса йоцуш бода богlу,
Марха йоцуш кхолар йогlу,
Бехке доцуш тlом тlебогlу,
Аллахl дела, тхан гlо делахь.

Велча гlазот лийчор ма вац,
Цунна марчо хьарчор ма дац,
Моллас заlам доьшур ма дац.
Лахьти чохь барт хоттур ма бац...

И чалх хlоьттича массарна а вицвелла висина жима Маккхал кхеравелла, ша хlун леладо ца хууш, эвла юккъехула ведда а лелла, эххар а шайн керта нисвелира. Цlенна гуобина салтий а, чуьра ара етташ тоьпаш а гина, лулахойн цlийнан маьlехь сецира иза. Цигахь lадийна вогlавелла лаьттачу цунна гира масех салтичо тlехьахула тlе а вахана, пенаца йол а йоьттина, цунах цlе тосуш. Тlехула поппар хьаьхна дуьйцина динчу цlенойн пенаш дага ца туьгура. Верстина, лекха эпсар, баттара даькkхина тур а лестош, шайн маттахь салтий чехош, мохь хьоькхуш, хьаьдда лелара. Дукха хан ялале еа говраца такхийна ялийна лекхачу чкъургаш тlехь йоккха топ хlоттийра цlенна дуьхьал а ерзийна. Цуьнан lаьржа бага хlоъ-молханах а юьзна, кlур туьйсуш йогу милт лерга lоьттира салтичо. Чуьйнан стоммачу биргlано, кlегара экkхаш, цlе тосуш даькkхинчу татано лерга поттанаш хlиттийна Маккхал ша лаьттачохь голаш тlе лахвелира. Цхьа хан яьлча ши бlаьрг биллинчу

цунна, хьуьжаран неIарний, кораний юккъехь доккха Iуьрг гира. Юх-юха а юзуш мосаззе а туьйхира цара йоккха топ. Амма цIа чуьра араетта тоьпаш, назманан мукъам ца соцура.

Дуккха а дараш хилла эпсар воьхна, дарвелла хьийзаш цига кхечира инарла-майор Волхонский. Эпсаран рапорте ла а доьгIна, цо омра дира, шIе а латаяй, туьнкалгехула чу йол а, дечгаш а кхийса аьлла.

ДIасахьаьлхинчу салташа оцу минотехь кхочушдира инарлин омра. Алах кегийн цIевнаш дина, цIе а туьйсуш, уьш цкъа хьалха чу а кхийсина, тIе декъа дечгаш тийсира цара. ЦIийнан корашкахула а, йоккха тоьпо даьхначу Iуьргашкахула а сийна кIур тийса буьйлира. КIез-кIезиг лагIлуш, севцира чуьра араетта тоьпаш. Оцу кIура юккъера схьа иллин буьрса аз хезара:

...Болатан шаьлтанаш
Баттара яха вай.
Къизачу мостагIийн
ДогIмаш тIехь кегъе вай!

Делерчу орцанца
Кхолха гуо хадабай,
МостагIийн декъаш тIехь
Ваьшна некъ билла вай!..

— Я аллахI! Я аллахI! — маьхьарий детташ, буйна шаьлтанаш а лаьцна, неIарех, корех ара а лелхаш, салташна чухьаьлхира нах. Амма шек боцуш лаьттачу салташкарчу тоьпаш буьххьера деха, ира цхьамзанаш пханарш юккъехула чекх а дуьйлуш, шалхаоьхура уьш. Чуьра аралилхинчаьрца вацара Маккхалан къена да а, кхо ваша а. Церан декъех чим хилира...

2

Оцу дийнахь байлахь висина Маккхал Нохчмахкарчу цуьнан ден доттагIчо ша волчу дIавигира. Iабдурахьманна къаьсттина дукхавезара жимах волу кIант. Иза хьалхе ненах валарна а, хIуманан тидам дика болуш, хьекъале бер хетарна а. Цунах яра ден ерриг дегайовхо. Шена хуу Iилма цуьнга дIадала сацам хиллера цуьнан. ДоттагIчун ойла кхочушъярхьама къеначу Чербис Нохчмахкара уггар тоьллачу хьуьжарехь дешийтира Маккхале. Масех шо далале иза Iилманца лакхавелира шена хьоьхучу молланел. Цо ца Iебаш доьшура кера мел деана жайна. Шерра каредирзира Iаьрбийн а, туркойн а меттанаш. Амма Маккхалах молла ца хилира. Шен ден а, вежарийн а Iожалло диллина дог огу иза цIеяханчу нойбоьрхойн Эскин бIаьн могIаре хIоьттира.

Цуьнан адамаллин даг чохь биллина лаьтташ беккъа цхьа цабезам бара: шен да а, вежарий а байанчу мостагIашка. Маккхала дуй биъне ра церан чIир екха.

Шен дуьххьарлера бIенча, къона Аьрзу, гинчу хьалхарчу дийнахь везавелира Маккхална. Даима тийна, ойлане, амма майра, тешаме, къинхетаме. Аьрзуна а везавелира къона Iеламча. Цунна иза оьшура дIа ког мел баькхинчохь. Леш воллучуьнга а, веллачуьнга а хьажа. Наибашка кехат яздан а, цаьргара деанарг деша а. Цхьа шо далале Маккхала Iамийра Аьрзу Iаьрба йозанна. Цаьршинна юккъехь тасаделла доттагIалла чIагIдора тIеман цIаро.

Аьрзу дуй биъна ваша вара Маккхалан. Аьрзус валийра иза оьрсийн йийсарера цIа а.

Нийсса кхойтта шо хьалха, Шемална ямартло йина наиб Хьаьжа-Мурд ведда оьрсашкахьа ваьлча, цунна вен кхел ян Эвтара гулбира берриг наибаш а, Iеламчаш а. Кхайкхина цига ваханчуьра цIавогIу Маккхал Мичка тIехь оьрсийн отрядана тIе а Iоттавелла, цаьрца хиллачу кхийсаршкахь дагна лакхахула некхах чекх даьндарг яьлла, йийсаре лецира. Маккхал Iеламча вуйла а, иза Шемалан диванера вогIуш вуйла а хиъначу инарлас барона Вревскийс Соьлжа-гIопарчу госпитале а вигна, лерина дарбанаш а леладайтина, Псковски губернерчу Вревски уездерчу шен имене дIавахийтира.

Жимма а нохчашлахь цIе йоккхуш болу нах, шайн йийсаре нисбелча, лорий Iалашбора паччахьан инарлаша. Цкъа-делахь, шайн именишкахь маьхза бацо лэш бара царна уьш. ШолгIа-делахь, — къаьсттина кху Нохчийчохь ца хуьлуш хIун дуьсу, — тIамехь шайн веза-гергарниг нохчийн йийсаре нисвелча цуьнца хийцархьама.

Иштта меттиг тIекхачаре веха хьежа ца дийзира Вревскийн. Дуй биъна ваша доь доцуш вайна, бIаьрга сара кхетча санна хьийзара Аьрзу. Цхьана баттахь лийлира иза цунах хилларг ца хууш, кхин цхьа бутт а белира и мичхьа ву ца хууш. Мосазза вахара иза маьрша нохчо хилла оьрсийн агIонга разведке, мел ахча дайира доттагIчух хилларг хаа гIерташ лазутчикашна луш. Эххар а цунна хиира инарла Вревскийс иза Россе дIавигийтина хилар. ТIаккха ойланаш кIезиг йира Аьрзус. Хийла йоьхна буьйса ядийра цо инарла я цуьнан герггарчу доттагIех цхьаъ йийсаре лаца гIерташ, Iелий, Чорий, Вассаллий юххе а ваькхина. Эххар а цуьнан аьтто белира Вревскийн уггар гергара доттагIа, цхьа полковник йийсаре валон. Иза а валош шаьш Гати-Юьрта дирзинчу буса цу полковникан куьйга бароне доцца кехат яздира цо:

«Инарла Вревский! 14-чу ноябрехь Эвтарара вогIу сан доттагIа, дуй биъна ваша, хьан отрядана тIенисвелча, луьра чов йина вожа а вина, йийсаре а лаьцца, хьайн махка дIахьажийна ахь. Цунна дуьхьал ас йийсаре лаьцна валийнчу хьан хьомечу доттагIчо яздо хIара кехат. Хьайн паччахьан хьал хьовха, кху дерриге дуьненарчу паччахьийн хьал, хIара лекха лаьмнаш, цIен деши дина, ахь суна дитарх, доттагI дIахир вац хьуна, ахь сайниг схьаваллалц. Цуьнан цIе Маккхал ю. Аьрру куьйган пIелгаш а дац цуьнан. Йийсаре лоцучу дийнахь дагна лаккха некхах чов хилла а боху цунна. Нагахь ши бутт балале ахь сан доттагI схьа ца лахь, хIара хьайниг дуьнен чохь хир вац.

ХIара кехат хьайна деанчу стагехула суна жоп данйта. Йийсархой хуьйцур бу вайша ахь сан доттагI ваьххьинчохь, Мичка йистехь.

Гати-Юьртарчу Абубакаран Аьрзу».

Цунна кIел полковника шен масех могIа язбира:

«Хьомсара доттагI Ипполит Александрович! Со йийсаре валийнарг кху Ичкерехь лоруш тIемало, кхаабIенан командир ву. Ша акхаройн хIух велахь а, рыцарски амалш йолуш стаг ву хIара. Сан дика дола а до хIоккхо, оьшуш хIумá а дац, вайша цхьаьна вацар бен. Ша эрна хабарш дуьйцур доций хIоккхо хаийтина вайна. Сан са хьан буйнахь ду. Кхин дIа дийцар совнаха хета.

Коша верззалц Хьан Саша».

Аьрзус йиллинчу меттехь ши бутт балале полковникаца хийцина Маккхал юха Гати-Юьрта вирзира.

Оьрсийн махкахь яьккхинчу хено а. Гуьржеххула дIа Турце вахана леларо а цунна хьалха схьадиллира нохчашна къайле хилла лаьттина дуккха а гIуллакхаш. Цунна шен бIаьрга гира оьрсийн ахархошкара къелла, лолла, цхьана кIеззигчу наха царна тIехь латто кънзалла, сийсазалла, муьжгаша шайн маршонехьа латто гIийла къийсам. Хиира, оьрсийн халкъана нохчашца тIом ца оьшийла а, аьтто нисбелла салти водий лам чу хIунда вогIу а, шен дайн, вежарийн Iожална бехке и салтий цахилар а.

ХIетталц ша туркх хиллачу гIазотан идейшна цигара цIа вирзича сацам боллуш дуьхьалвелира Маккхал. Нохчашний, махкарчу керста къаьмнашний юккъехь мостагIалла латто гIазоте кхайкхам дIабаккхар, Россехь миччахьа Iедална ечу дуьхьалонах пайдаэцар, церан куьйгалхошца барта дахар, кхечу къаьмнашца ма-хуьллу машар латтор хьалхахIиттадора цо тIеман баьччанашца. Оцу тIехь цуьнан яккхий галморзахаллаш хилира цаьрца, къаьсттина цхьацца болчу Iеламчашца. Цара «мунепикъ» олий йоккхура цуьнан цIе. Шен ваша Аьрзу воцург кхин шена тIетевжаш стаг воцуш, еххачу хенахь оцу шен идейца цхьа висира Маккхал. ТIаьхьо кхоалгIа накъост — Берса кхийтира цу шиннах. Малбелира имаме болу цуьнан тешам а. Мацах цкъа къона волуш, Шемалан цIе бусалба динехьа, маршонехьа къийсамах ца къастайора Маккхала, иза суждане оьхура цуьнан цIарна хьалха. Амма тIеман тIаьхьарчу итт шарахь къаьсттина а, Мохьмад-къеди а, Сулиман-молла а, Джамалдин а имамана дуьхьалбевлча, Шемалх тешам байра Маккхалан.

Маккхал цецвуьйлура Шемалх. Шен Iалашоне хьаьжжина, Iеламчаша ша Iораваккхарна а ца кхоьруш, шариIатан низамаш цо шена товчу агIор дIахьийзорах. Дуккха а кхетара имама лелочух, амма тийна Iара. Цхьаберш имаман Iалашо шайн Iалашонца

йогIуш хиларна, шолгIанаш — бекхамечу имамах кхоьруш. Бакъду, цунах ца кхоьрурш а бовлура. Амма иштанаш кхоъ бен вацара: акушойн къеда Мохьмад, нохчийн молла Сулиман а, Шемалан стунда Джемал-Эддин а.

— Халкъана хьехамаш бан ца беза, — бохура Мохьмада Шемале, — нагахь айхьа бечу оцу хьехамаша адамашна диканиг, пайдениг, оьзданиг, адамалленг лур ду аьлла хьо тешаш вацахь. Амма хьан хьехамаша адамаш адамаллех дохуш делахь, церан дегнашна чу оьгIазло йоссош елахь, цара зуламе тIаьхье юьтуш елахь, ишта хьехамаш ма бе, шен кхоллам халкъан кара ло. ДегIастанара доьхна хьелаш, тIемаш, мостагIаллаш а хьан зуламéчу хьехамийн а, хьан харцхьарчу некъийн а жамI ду.

Маккхална хIинца а шена хезаш санна хетара Сулимин майра, цIена аз. Харцонна дуьхьал нисвелча къармазечу, даима дIа нийсо лоьхучу цуьнан хIор дашах тешара адам. Цо Iорайохура динан а, шариIатан а некъаш шена а, шен Iедалан а аьттонехьа хьийзош Шемала лело харцонаш, къизаллаш. Ша тIарикъатан некъа тIехь нийса ву боху Шемала, ткъа адамашна тIехь шен Iедал герзаций, къизачу таIзаршций латтадо цо. Шена новкъа верг хIаллакво, шегара кхел а кхайкхайой. Шена тIе беана мотт бух болуш бу-бац ца хьожу, бехкевечу стеган бехк бу-бац къасто ца гIоьрта. Адам кхерорца шен Iедал чIагIдархьама, бехке боцчу бусалба нехан кортош доху. Ткъа КъорIан тIехь аьлла ду бохура Сулиман-моллас, гамонца, хьогIаца бехк боцу стаг вийнарг абаде аба даллалц жоьжахатан цIергахь вогур ву. Ткъа имама хIун до? Зуламхо ведда кIелхьарваьлча цуьнан гергара нах бойу. Иза нийсса дуьхьал ду шариIатана. Байн, жоьра зударийн хьакъ, мулк ма лачкъаде, шен дола ма даккха боху къорIано. Иза динчу стагехь эз-эзар шерашкахь ша жоьжахатан цIергахь Iазап даллор ду боху дала. Керстанашна дуьхьало ян ницкъ ца кхаьчна я кхерабелла, я адамийн цIий Iано ца лиъна, я оцу тIамал машар безна керстанашна муьтIахь хилла севцначу бусалбанийн ярташ ягайо, божарий бойу, зударий, бераш йийсаре кхуьйлу Шемала, церан бахам талабо цо. Иза дукхе дукха чIогIа доьхку КъорIано.

— Юьхьанца, динан хьехамаш барца, адам кхетош шена тIаьхьа дуьгура Шемала, — бохура Сулиман-моллас, — Ткъа и цхьа хан дIаяьлча — нуьцкъах а, кхерош а. Оьрсашца машаре хила дуй биъна халкъ шен Iедална кIел нисделча и дуй къарбойтуш, нуьцкъах оьрсашна дуьхьал а доккхий, бохаме дожадо цо. Цхьана агIор Шемала хьийзадо иза оьрсашца машар хIунда бу хьан бохуш, вукху агIор оьрсаша хьийзадо, айхьа биъна дуй къарбеш, шайна ямартло хIунда йина ахь бохуш. Шинхьарчар а ярташ ягайо церан, бахамаш талабо, адамаш дойу, йийсаре дуьгу.

Шовзткъе цхьоалгIа шарера хьала мосазза а нохчийн наибаш, динадай а эца гIоьртира паччахьан инарлаш. Буьрсачу имаман а, халкъо лоруш волчу нохчийн къармазечу моллин галморзахаллех

уьш ма-хуьллу иръярхьама, Сулиман-моллин хьехамаш, кхайкхамаш гул а бина «Кавказ» газета тIетуьйхира командованис. Iедало шен ницкъ кхочург дерриг дира иза шегахьа ваккха гIерташ, амма гIуллакх ца хилира.

Сулиман-моллица шен хиллачу къайлахчу дийцарийн жамIах лаьцна инарла-адъютанте эла Воронцовга яздира инарла-лейтенанта Лабинцевс: «Хьалха ас хьан сийлалле ма-яздарра, вайн аванпостехь тхойшиннен хиллачу дуьххьарлерчу цхьанакхетарехь Сулейман-Эфендас соьга элира Шемала дIакхоьхьу некъ а, цуьнан Iедал а КъорIаний, шарIаний нийсса дуьхьал бу, цундела шен бакъо яц иза къобалван а, цунна гIо дан а, шаьшшиннан юкъаметтигаш галъевлла, ша цунах дIакъаста герга ву. Иштта шаьш цунна резадацар шега хаийтина шен доттагIаша, Шемалан герггарчу Iеламчаша Джемал-Эддина а, ГIазгIумкан къедас Мохьмада а. Нагахь вайн правительствос Макка дIадаха шайна бакъо лахь, аьтто а бахь, шаьш Шемал дIа а тосур ву, цо шарIаний, къорIаний дуьхьал лело гIуллакхаш Iорадахарца халкъа юккъехь цуьнан сий а дожор ду.

Амма дIабаханчу беттан 22-чу дийнахь буьйсанна ши сахьт долуш тхойшиннан шозлагIа хиллачу цхьанакхетарехь Джемал-Эддинах а, Мохьмадах а лаьцна сецца дош ца элира Сулейман-Эфендас. Шена и шиъ ганза дукха хан ю, цаьршиннан дагахь дерг хIун ду хаац шена бохура. Шех дерг а шина даггахь дерзийра. Шена-м дера Макка дIаваха ма лаьара, амма цига воьдучу даьлча ша вайгахьа вала веза, ткъа иза кху некъехь шен дан йиш яц. Дийцарехь, Шемала цунна тIе доккха жоьпаллин гIуллакх диллина. И чекх ца доккхуш дIавахча, цо а, наха а, ша веддарг, кIилло, ямартхо лорур ву бохура. ТIаккха ас хаьттира хIетталц нохчийх а, Шемалах а лаьцна вайна къайлах хаамаш бала резахир варий хьо аьлла. Сулейман-Эфендис иза аьттехьа а ца дитира. Ша цкъа а айкх, ямартхо хилла вац, хила ойла а яц элира цо. Ша Шемалца ийгIина воьду Макка, ткъа шен халкъаца, даймахкаца галваьлла ваха ца гIерта, амма хьаьнцца ийгIича а, шен ямарт хила йиш яц элира цо...»

Сулиман-молла, Мохьмад а имамана дуьхьалбовларх цецволийла а яцара. Уьш-м кхечу къомах нах бара. Тамашийна дерг кхин дара. ТIерикъатан вирдан бухбиллархойх цхьаъ волу Шемалан стунда Джемал-Эддин а ваьллера шен невцана дуьхьал.

— Ас дукхе дукха чIогIа дихкинера хьуна оьрсашна дуьхьал герз айар, — бохура цо Шемале, — Амма ахь ладогIанц соьга. Айхьа хьайна ор доккхуш хила тарло хьо. ТIаьхьа делахь а, ладогIа сан хьехаре. Сацабе тIом. Иза дан ца лаьа-кх хьуна? ХIета сан тIаьххьарчу дешнашка ладогIал. Делан а, пайхамаран а неIалтах ма волуьйла хьо, нагахь ахь я хьан мурдаша, оьрсашна муьтIахь хилла севцначу бусалба нахана зулам дахь. Делан неIалт хуьлда хьуна, тIарикъат дагца къобалдина а доцуш, дуьне лоьхуш, Iедал

дезаш хьох имам хиллехь. Делан неIалт хуьлда тIарикъатан некъ къобал ца беш, дог цIена доцуш, дуьненан бахаман дуьненан Iедалан дуьхьа зуламан некъ лаьцна ахь аьлларг деш хьуна тIаьхьа хIиттинчу мурдашна а...

Калугехь Шемалан гIуллакхаш вон дац бохуш хезна Маккхална. Шемална а, цуьнан доьзална а шарахь пхийтта эзар сом ахча ло боху паччахьо. Имамана дешица кхелина тур а делла тов. Эла Барятинскийс Шемал шен ваша ву аьлла кхайкхийна боху. Шемалан кIант Мохьмад-Шепа паччахьан гIаролехь гIуллакх деш ву. Имамана а, цуьнан тIаьхьарчу тIаьхьенна а дворянийн дарж делла паччахьо.

Шемалца ишта къинхетаме, комаьрша хIунда ву-те оьрсийн паччахьа. Цул хьалха ламанхойн дуьххьара хилла имам шайх Мансур оьрсийн махка а вигна, набахтехь вийна. Таймин Биболат ямартлонца вейтина. Шемалал тIаьхьа Нохчийчохь гIаттаман коьртехь хилла БойсагIар ирхъоьллина. Ткъа и Шемал кара а эцна, куьйгаш тIехь вазвина лелаво. ХIунда? Гунибехь халкъана тIе уггар хала киртиг хIоьттича, ша нохчашна биъна дуй а къарбеш, мостагIчуна тIе хIунда вахана Шемал?

Мухха делахь а, тахана карладийлара Маккхална ша хаал хилчхьана хилларш, лелларш а. Халкъана хиллачу бохамийн бахьанаш лоьхура. Юха а хьовззий тIевоьдура ша йийсарехь яьккхинчу ханна. ХIара нохчий цкъа а оьрсашца машар хир боцу мостагIий хетара Россехь. Цигахь адамийн дегнашна чу ламарошка цабезаман дIовш дуттура диллина дIа. Дависарг, халкъашна тIехь Iазап латториш цхьана дийнахь хIаллакбан ницкъ белара! ТIаккха маьршша садоIур дара халкъаша. Машаре дехар дара. ТIом боцуш, цIий ца Iенош. Амма хьан хоьтту оьрсийн, ламанан халкъашка царна хIун лаьа?

ХIаъа ткъа, ламарошна ца лиира паччахьан Iедална кIелдаха. Мелла а яхь йолчу стага, яхь йолчу халкъо дуьхьало йоцуш коча оьцур ма дац олаллин дукъ. Цундела шайн ницкъ ма-кхоччу дуьхьало йира ламароша. Мансуран а, Биболатан а заманахь уьш тешара шайн ницкъах, шайн маршо шайга ларлург хиларх. Амма Шемалан замалахь, и тIом бахбала боьлча хиира шайн дуьхьалонча мел нуьцкъала ву. ХIеттахье къера а хилла севцнехь иэхье хIумма а ма дацара. Оьрсашца тIом бина ,машар бина совцур бара-кх. Хьалха санна машаре бехар бара-кх. Хьанна хаьа, хенан йохалла Iедална дуьхьал къийсамехь цхьанакхета а мегара. ХIинца а дац тIаьхьа. Шен дагахь Маккхал тешна Iазапехь далло халкъаш мацца а цкъа цхьана а кхетта, Iедална дуьхьал летарг хиларх. Цунах теша Берса а, Аьрзу а. ХIокхарна дика ма хаьа кхечу динехь болу дукхха а нах шайгахьа бевлла турпала летар. Халкъаш тешон деза и маршо церан массеран а юкъара гIуллакх хиларх. Ламарой тешийна ца Iаш, оьрсий а.

Дуккха а шераш хьалха и идея дIахьейира Маккхала. Амма

цунна гонах болу. Іеламнаха и аьттехьа а ца йитира. ХІара, Маккхал, мунепикъ ямартхо а кхайкхийра.

ХІун дийр ду ткъа? ХІинца Шемал а, цуьнан гІоьнчий а бац. Кхин зама а, кхин адамаш а ду. Цара гІазотан байракхан метта юкъарчу маршонан байракх ойур ю.

Урх мела йитина Маккхалан говр меллашчу боларахь юьрта юьйлира. Тахана къаьсттина яьсса хийтира цунна Гати-Юрт. Нагахь, кетІахь гуьйрагаш тІе а хевшина, лохха вовшашка къамелаш деш я лаьттан бІаьра а богІабелла лелаш нах гора. Сингаттамо дІалальцнера массо а. ДІабоьлхурш а, бухахь буьсурш а. ТІехволучунна олуш гІалх а доцуш, кевнашкахь кІегархевшина Іара кенах довла доьлла жІаьлеш. Еккъа цхьа котамаш яра хІуманнан а бала а боцуш, урамехь мІарашца кхелли кегош, шайна таро ян гІерташ.

«Шовзткъа шо кхаьчна дели сан, — ойла йора Маккхала. — Дина хІума а дац, хьалха гуш ирс а дац. Йиша-ваша хьовха, аттала сайн доьзал а, хІусам а яц. АьрзугІар вежарел а дика бу суна, гатиюьртахоша сий до сан. Амма къеналла ю-кх герга гІерташ. ХІун хир ду-те кхунах?..»

Іаьрчхен кІоргачу боьран тІулгийн бердех, дІа ког мел баькхинчохь бухдуьйлуш, ша санна шийла, сирла шовданаш ду. ХІун ду а хаац, Іай мела, ткъа аьхка, кІел лаьцца куьг ца латталуш шийла хуьлу уьш.

Шал-Дукъан коьртехь, зоьрталчу попан орамаш юккъехула кІеззиг гучудолу Іаьрчхи, лаха мел дели стамлуш, хьеран ши тІулг хьовззол хуьлий, муттанечу Мичках дІакхета.

Іинчу буссучу готтачу, гомачу гІашнекъана тІекхаьчча, динара воьссина, урх нуьйран хІоьах тесна, чуволавелира Аьрзу. Датон луьйтанаш а декош, безза ког буьллуш, наггахь Аьрзун букъах корта а Іуттуш, тІаьхьайогІура, хьажа тІехь сет а, когаш кІайн а болу цуьнан расха говр.

Говре хи а молуьйтуш, ша ламаз дан дагахь, тодинчу цхьана шовданна тІе вирзина Аьрзу, хих юьзна чІуьжалг бай тІе а хІоттийна, чухчари кІел цхьа ког лаьцна, охьа а таьІна, настарш юьлуш йоллучу къоначу зудчанна тІеІоттавелира. Цуьнан букъ буьззина охьахецца еха, Іаьржа месаш гича, шена а хууш, юьхь цІийелла, воьхна, настарш лехча санна, ког дІа ца тасалуш сецира иза.

Гуобаькхина лаьтта къена, юькъа, йоккха хьун. Ша йоцург кху агІор адам дац моьттуш, коч хьала а оьзна, хи кІел шен кІайн настарш ловзайо. Милла а ма яц иза, Эсет ю-кх. Ерриг Гати-Юьртана хаьа цуьний, Аьрзунний юкъаметтиг. Аьрзу шагатІулг хилча санна, вогІавелла лаьттара. Хьалха дІавахча а цунна уллохула тІехвала дезара. Ша ца гойтуш тІехволийла дац. Вухавирзича? ТІаккха цунна гахь? ХІокху минотехь веана цхьаъ тІекхачахь?

И дерриг бІаьрнегІар тухучу юкъана коьрте хьаьвзира Аьрзуна. Меллаша вухаверза дагахь говран урха тІе куьг кховдийра цо.

Даима тешаме доттагІ хилла схьайогІучу говро оцу минотехь тешнабехк бира цунна. Говро тоьхначу хьоршамо кхерийначу Эсета, коч сихха охьа а хецна, дерзина пхьаьрсаш букъа тІехьа ловчкъийра. Аьрзу гича цецдевлла цуьнан Іаьржа, даккхий бІаьргаш къаьрзинчохь дисира, хьаьжаюкъ хабош айделла Іаьржа цІоцкъамаш гІатта айаделлачу чІегІардиго даржийнчу тІемех тера дара. ХІетта шийлачу хица йилина цІен бос бетталу цуьнан горга беснеш гуттара йогура. Чуоза хІаваъ ца тоьаш санна, ийалора лекха накха. Тахана дагахь а доцчохь яьхкира кху тІаьхьарчу деношкахь къаьсттина цо сатуьйсу миноташ.

— Эсет, хьо хитІа еана, — элира цул хьалха меттавеанчу Аьрзус.

Хазахетар тІехдаьлла Эсет, мотт сецча санна, йист ца хилалуш йисинера.

— Бехк ма биллалахь суна, — шена тІе кхозаделлачу бІаьлланган генан бухь а кагбина, цунна тІера схьайохуш буьйда чІенгаш юьстах кхуьйсура Аьрзус. — Іела волчу вогІуш ламаз дан дагахь схьаэвирзира со. Ахь хьайн гІуллакх де, со кхечахьа волу.

Ежаш лаьттачу говран юххера урх лаьцна, Эсетана уллохула тІехвелира иза.

— Аьрзу! Ма гІохьа! — Іадийча санна мохь белира цунна тІехьа.

Саца а сецна, вухахьаьжира Аьрзу. Эсет, корта охьа а бахийтина, йист ца хуьлуш сецира.

— Жимма собардехьа... — халла къаьсташ ши дош делира цуьнан багах.

— Цхьанна кхузахь вайша цхьана гича муха хир ду-те, Эсет? — хаьттира Аьрзус, воьхна дІаса а хьаьжна. Цкъа а кхерам хІун ю ца хиъна, майрачу тІемалочун дахчаделла дог, тахана оцу къоначу зудчуьнца цхьа висча кІилло тохаделира.

— Аьрзу, сан майра аьрзу, суна-м тахана тІаьххьара гой хьо...

Хала дара Аьрзуна езачу йоІах къаста. Шен коьртан чоьш Эсет маре яханчу буса къежделла хетара цунна. Оцу шарахь юьртахь ца сацалуш, шен ницкъ ма-кхоччу цунна генахь, дагна хилла чов ерзо гІерташ нехан ярташкахула волавелла лелаш яьккхира цо. Хено и чов ерзийра, амма даг тІехь ирча муо а буьтуш. Оцу пхеа шарахь цкъа а Эсете вист ца хиллера иза, цуьнан эсала аз ца хезнера цунна. Аьрзус масех шарахь садетташ хала баькхина толам херцош, юха а меттахъхьайра безам, цунна хаа а хууш ов деттара хІетта йирзинчу деган чевнна. Моьттура Эсетан бІаьргех оьхучу сирлачу, дуьрачу хиша Іийжайора и чов.

— Уьш ма дийца, Эсет. Уьш дІадевлла. Хьо нехан зуда ю...

— Хьуна ца хаьа со цуьнга муха яхана! — мохь белира Эсетан. — Ас и ца динехь, тхан доьзал мацалла белла хир бара...

— Цундела ас бехк ма ца буьллу хьуна. Цхьаъ дакъазавок-

кхуш бен ца хуьлу кхечуьнан ирс. Амма шайн доьзалера хьал соьга ца хаийтарна бехке ю хьо. Сайн ницкъ кхочу гIо дийр дара ас а.

— Хьайн дегIал сов хIумма а доцчу ахь муха дийр дара тхуна гIо? — бIаьрхиша цIийбина шен боккха ши бIаьрг Аьрзуна тIе буьйгIира Эсета. — ТIехула тIе, БойсагIарна тIаьхьа хIоьттина лелара хьо... Ас ца яьллачу денна дира иза... Ас хьегна Iазап хьайна хаахьара ма дуьйцур дацара ахь. Ца веза майра, диллина хьоьга туьйсу са... ШолгIачу дийнахь хьо гаре сатийсаро яцIора суна и еха буьйсанаш... Геннара хьох бIаьрг кхетча серладолура суна хIара Iаьржа дуьне... ХIинца дIадели хьо гур ву бохург а. Кхин хьо ца гуш лийр ю-кх со...

Кхузара дIадала вайша бохуш санна тIе а еана, Аьрзун белшах корта хьоькхура говро. Ерриг шен оьмарехь кхузахь Эсетаца латтарх кIордор доцчу Аьрзуна хIинца яхъеллера хIара масех минот. Диллина дуьхьал лаьттара заьIапчу Гатин гIийла юьхьсибат...

— Дала яздинчух девр дац вай, Эсет. Иштта хила доьгIна хилла-кх вайн кхоллам. Гати тахана заьIап хилар цуьнан бехк бац. Цхьа иттех шо хьалха кху Яьссин тогIица цхьа а йоI яцара цуьнан зуда хила дуьхьало йийр йолуш. Тахана цуьнан дегI ца лела. Юьхь эрчаяьлла. Амма цуьнан кийрахь долу майра, къинхетаме, тешаме дог делара хIораннан кийрахь.

— И заьIап хилар дац цунах сан дог ца лотуьйтург, — йоьлхура Эсет. — Иза дашо-дато хилла дIахIоттарх, суна хьо бен гур вац...

— Ас санна сатоха. Ваьшшиммо хIинццалц лардина Гатин сий хIокху къамелаца дойур дац вайша. Гатина чохь са мел ду цунна тешам ларбе...

Эсетан бIаргаш цIеххьана ткъесах къегира.

— Аьрзу, ас лечкъа ца до сайна хьо везар. Сайн майрчунна ас ямартло йийр яра аьлла, дагадеана-те хьуна? Иза-м хир дац, со сийначу цIарах ягийча а. Кху махкара тIаьххьара а дIайолуш хьоьга йистхилаза ца Iеелла лела. Сайна хьо дика вевза дела, хьох суо тешарна, хьо сайх а теша моьттуш. ДегI сацо-м хала дацара, амма дог сецалац-кх. Марша Iойла хьо, Аьрзу. Дала эхартахь мукъа а цхьанатухийла вайша!

БIаьргаш тIе охьаеана тIеда кIужал кортали кIел а таIийна, цIеххьана юха а хьаьвзина, берзинчу когашца жагIа а бекош, дIайолаелира Эсет. ГIаргIа санна цуьнан нийса дегI оцу минотехь букар хьаьвзина хетаделира Аьрзуна.

— Эсет! Хала ма хеталахь, хьуна моьттачу агIор дацара ас аьлларг! — тIаьхьа мохь туьйхира Аьрзус. — Соьра яьлча а, хьоьра ямартло ер йоцийла хаьа суна. Нехан меттанех кхоьру-кх. Йоха ма йохалахь! Со хьоьца хир ву хьуна. Со а ву Хункара вогIуш!

Эсетан настарш, дегIе хорша хьаьдча санна, цкъа егийра, тIаккха голаш малъелира, дегIе лазар деъча санна, некхах ка а тухуш, ша лаьттачохь меллаша охьалахъелира иза...

4

ОьгIазе шок етташ къилбаседехьара схьахьекхна шийла мох эцна дIадахара Iа. Дешна, хи а хилла дIаделира лаьмнашца Iиллина ло. ХIор шара шаьш Iеминчу кIоргийчу хершнашкахула шайна хьалха нисъелла хIуманаш текхош, шерачу ара хьаьлхира Iоврийн татолаш. Шийлачу, безчу мохьах паргIатдаьлла Iалам сийна духар духуш кечделла дIахIоьттира.

БIаьстенан бовхачу малха кIел мелчу махо тулгIенашца техкайора сийначу дитташий, бес-бесарчу зезагаший къарзйина раьгIнаш. Мотталора, самадевлла зезагаш шайн дIасатехкарца вовшашка кортош лестош, вовшийн хьоьстуш къамеле девлла. Оцу хазчу Iаламе хьажа, цунах марзо эца гIерташ санна, гуобаькхина дашо зIаьнарш а яржийна хьоьжу малх эсала белакъежара. И исбаьхьа Iалам, и хаза бIаьсте декъалъеш, цуьнга маршалла хоьттуш санна, шабарш деш, эшарш лоькхуш, шакарш етташ, хьаннашкахь декачу олхазарийн аьзнаша дуьзнера ламанан цIена хIаваъ.

Массо хIума самадоккхуш, безамах дузуш, оцу хазчу Iаламца Iехош еана бIаьсте Iелин дагах ца кхеттера. Гуьйренан дохк санна кхоьлина, Iаьнан мархашла хьарчийча санна, шийла, гIайгIане дара иза. Массаьрга а ирс, безам кхийдочу оцу самукъанечу Iаламо, цуьнан даг чу сингаттам, къаьхьа бала буьттура.

Шуьйра генаш даржийна лаьттачу зоьрталчу попа кIел хиъна Iара иза. Цуьнан ондийчу орамашна юккъехула схьакхийсалора, ша санна шийла, сирла шовда. Акхароша бехдарх Iалашдан, цхьаннан мэлечу куьйгаша гонах керт а йина, хьокха тIе кхийра зока оьллина. Нийсса ткъе дейтта шо хьалха кхузахь, хIокху попа кIел ваьлла иза ненан кийрара. Кхузара дIадоладелла цуьнан декъазчу дахаран хьалхара де. Ма-дарра аьлча, цуьнан дахаран ах денош хьуьнах дIаихна.

Ткъе дейтта шо хьалха Гати-Юьртахь, хIинца цуьнан цIенош долчу меттига тIехь, тIе латта тесна тхов а болуш хиллачу кегийчу цIенойн мискачу хIусамашкахь машаре бехира цуьнан ден Абубакаран бертахь жима доьзал.

Амма хIетахь дуьнена валазчу Iелина цадоьгIнера шен да а, я иза чохь ваьхна цIенош а ган.

Iаьржа Iожал йохьуш, ярташ сийначу цIарах ягош, Яьссица хьалаволавеллачу инарлин барон Розенан яккхийчу тоьпийн татанаша цхьана дийнахь дохийра, сийначу бошмаша тIехула тхов а тесна Iуьллучу Гати-Юьртан машаре дахар. Iелина ца хезира оцу яккхийчу тоьпийн хIоьънаша юрт отуш, цIеран меттанаша цIенош худуш, ца хезира цIеххьана хIоьттинчу оцу къематдийно хьере динчу дох-

но хьоькху акха маьхьарий, ца гира гаттийчу урамашкахь Іоккучу декъашна кІелхула йолаелла цІийн Іовраш. Цунна ца хаьара хІумма а. Иза оцу дийнахь ненан кийрахь вара, ткъа нана кхечу зударшца, берашца цхьаьна оцу къематдийнах едда, орцахь, кху Іаьрчхехь лечкъина Іара.

Ненан кийрахь Іуьллучу цунна ца хаьара шен да а, дейтта шо кхаьчна ваша Лоьми а, йогучу юьртахь мостагІех леташ вуйла, ткъа нана, пхи шо кхаьчна Аьрзуй, цул йоккха ши йоІІий мара а къуьйлуш ,важа зударий санна, юьрта са а диллина Іаш юйла.

Цунна цул тІаьхьа масех шо даьлча бен ца хиира, оцу буса байинчийн декъий дохьуш орца юхабевллачу юьртахоша майрачун дакъа а, чов хилла Лоьми а шена хьалха веъча шийла мохь баьлла охьайоьжначу нанас хІокху зоьрталчу попа кІел ша хеназа дуьнен чу ваккхар. Берзан кІеза санна, шен дуьнен чу валар акхачу хьуьн чохь, йоьхначу буса хилар.

Декъаза хилла цуьнан дуьнен чу волу буьйса, Іаьржа буьйса хилла дІайоьду цул тІаьхьа цо дуьнен чохь йоккху хан а.

Дагийнчу цІенойн метта керла цІенош дуьйгІира цара.

Цул тІаьхьа дейтта шо даьлча, уьш лардеш шен къона дахар дІадала дийзира ІелагІарна ден метта висинчу Лоьмин.

Оцу дийнахь паччахьан эскарша цІеххьана динчу тІелатаро хІоттийнчу инзаречу суртан теш ша а хилира Іела.

И де гуттаренна даг чохь дисина цунна. Оцу дийнахь байинчийн декъий наха дІадухкуш иза а вара кешнашкахь. Декъий барамашкахь ца кхоьхьура кешнашка. Цунна боьрша нах ца тоьара. Уьш варданашкахь кхоьхьура цига. ОьгІазаллех юьзначу яххьашца, герзах боьттинчу наха, бист ца хуьлуш, лаьтте лора шайн дайн, нанойн, зударийн, йижарийн, вежарийн, кІентийн, йоІарийн декъий. ХІетталц баьсса лаьттинчу сийначу бай тІехь оцу цхьана дийнахь цхьа бІе сов кошан барз, хІолламийн хьун хІоьттира.

Иза тІаьхьара де дацара буьрсачу тІеман. Дуьнен чохь а нуьцкъала, йоккха пачхьалкх, дуьнен чохь къизачарлахь къиза паччахь шен берриг ницкъаца церан жимчу, маьршачу махка гІертара.

Жимчу халкъо шен маршонехьа къуйсура.

Вийначу ден метта кІант хІуттура, вийначу вешин метта ваша хІуттура.

Лоьмин метта Аьрзуна улло дІахІоьттира Іела а.

Оцу дийнахь дуьйна юкъах дихкинчуьра герз ца достуш, нуьйрара ца вуссуш, бовха кхача а биъна, тхов кІел кІедачу метта охьавижа аьтто ца нислуш дІаяхара цуьнан къона хан.

Уьш а дара адамаш. Церан кийрахь а бара маршоне, дуьнене безам. Амма уьш дера летара шайн а, шайх летачийн а цІий Іеношг. Гор яІ, ма лаьара царна цкъа а адамана топ ца йолийла, тур-шаьлта ца ойийла, цхьаннан а нан, йиша ца йоьлхийла! Пайда бацара цхьа царна и лаарх! Шайн доьзалш, шайн догІмаш, шайн цІеношг, шайн даймохк ларба дезара церан, царна ца лаьара шайн махка

эскарш лоьхкучу генарчу оьрсийн паччахьо шаьш хьийзадойла, дуьненах хьегадойла.

Іелин кийрахь а догура бовхачу безамах дуьзна дог. Цунах цІе йиллира цуьнан юьртахочо Айзас. Царшимма сатийсира тІом чекхбаларе, цхьаьнакхетта безамах марзо а оьцуш, маьрша дахаре. Сатуьйсура ши сту а боьжна дечиган нахарца дукъара ирзо охуш, цхьа етт, тоьли долуш, даха а хиъна, доьзал болоре. Амма церан сатийсар кхочушхила гена дара, тІеман чаккхе гуш яцара.

Яртех чим беш, хийла доьзал байлахь буьтуш, хийла да-нана доьзалх доккхуш, дийна бисинчарна цкъа а дицлундоцу ирча сурт дуьтуш чекхбелира и бахбелла буьрса тІом.

Масийтта шарахь лаьттинчу тІамо лаьхкина лелийна гІелбелла нах, шайн йохийна ярташ меттахІитто буьйлира. Масех шарахь вовшех хьегначул тІаьхьа Іелин, Айзин аьтто нисбелира цхьаьнакхета.

Машаречу къинхьегамах хьаьгначу къоначу цаьршиммо кІад ца луш къахьегарца, мацах цкъа шайн дас цІеношг динччохь хІинцалера лаппагІнаш юьйгІира. Етт а, дужуш хьайба а дацара царшиннан кертахь. Уьш хьехочохь дацара. Чохь цхьана маьІІехь, поппаран терхи тІе хІоттийна дечган, кхийран масех пхьегІий, цІенкъа тесна цхьа-ши кхакхий, соне хІоттийна кахьаррий, цунна юххехь кІеззиг хьаьжкІаш чохь чорда галий — иза бара царшиннан бахам. Амма и шиъ хьага кхин тоьлла бахам болуш доьзалш ерриг Нохчийчохь кІезиг бара. И шиъ цхьаьнакхетча я ловзар а, я синкъерам а ца хилира. Ца ихира керта совгІаташца зударий а. И гІиллакхаш цкъа а ца хилча санна, моллица мах а бина, тийна дІадирзира нускал далор.

Сингаттаме дара керла даха хиъначу царшиннан цІенойн дерзина пенаш. Оьшург бен хІума дацара, хІетте а шаьшшиннел ирсе адам дуьненахь ца ларара цу шимма. Дахар хала мел хили, оьшург алсам мел дели, чІагІлора юккъера безам. Вовшийн дезаро оьшург ца гойтура, безамах дуьзна ши дог юх-юххехь долуш атта дара денна тІетеІа халонаш лан. Амма иза боца, кІезиг мур бара. Меца борз санна, бага а гІаттийна тІехІоьттина лаьттачу мацалле, мискалле, къизалле хьалахьажа ца лууш, шаьш шайн Іехо гІерташ царшимма тоькху денош а чекхдевлира.

Гор яІ, ма атта дара гуш волчу мостагІчуьнца герз буйнахь къийсам латто! Ма атта дара иза. Амма муха къийса деза тІамал а буьрсачу мацаллица, къеллица? Муха лан деза ийза ца Іемина олаллин дукъ?

Ткъа хІинца стенга сатуьйсуш, стенах Іехалуш ваха веза?

Іелин бІаьргашна хьалха хІуьттуш чекхдуьйлура цуьнан дахаран буьрса деношг. Цунна хІинца а дагахь дара бераллин шерашкахь синкхетамехь дисина машаре масех шо. Сийначу хьаннаша хьулйина бІешерийн къена раьгІнаш. ТІулгаш юккъехула схьакхийсалу, зурманаха кІар-кІар деш, шайна Іиндагі деш тІекхоза-

деллачу дитташна хастам беш эшарца уьду шийла, сирла, шовданаш. Сийначу стиглахь бамбин соьмалкхех терачу морхашна бухахула тІам хьоькхуш лела ламанан леча. Чехкачу Яьссин къора гІовгІа, цуьнан бердашца хьийзачу маьрсалдагийн цІогІане маьхьарий. Эвларчу мехкарийн самукъне эшарш, паргІате, ирсе, маьрша дахар. Оцу исбаьхьчу Іаламах даккхийдеш лелачу берийн тобанаш...

ЦІеххьан тІом... Хедош, ягош ерзинаехира сийна хьаннаш, бошмаш. Овкъаран чим беш ягийра ярташ. ЦІен бос ийцира сирлачу Яьссис. Молханан, цІеран кІуьро малх къайлабоккхуш кхолийра сийна стигал. Лаьттах дохказа дисина декъий лоьхуш, тІехула хьийзара Іаьржа хьаргІанаш. Сискал йоьхуш доьлхучу берийн, мацалла Іоьхучу дохнан, байинчийн декъашна тІехь тийжачу зударийн маьхьарий. Шайн дайн махкахь дуьне гатделла хьийза адамаш...

ХІинца ца хеза яккхийчу тоьпийн дур а, зударийн, берийн белхаран маьхьарий а. Гонах машаре ду. Зурманах декаш, тІулгаш тІе Іена, ша санна шийла шовда. Мелчу махо эсала хьоьсту попан гІаш, кхераеллачу йоІстагах тера дегадо. Цуьнан лекхачу буьхьа тІехь кхур-р-кхур-р деш бека машаран къоркхокха.

Дахарх воккхавеш, исбаьхьчу Іаламах марзо оьцуш ваха везара. Амма Іела цуьрриг воккхавец. ХІунда аьлча, цунна хазац шена гонах деттачу дагарийн тата а, стерчий лоьхкуш ахархоша детта маьхьарий а, кегийрхойн самукъне иллеш а, мехкарийн эшарш а.

Ялта ден лаац цхьанне а. Цхьаберш Хонкара кхалха кечбелла. Мелла а таронаш ерш. Шайн сал-пал а йоьхкина, паспорташ а эцна Іаш бу, шайца дІавогІучу инарла Мусегара хаам хиларе хьуьйсуш. Ткъа Хонкара кхалха хьовха, лула юьрта хьошалгІа баха а де доцу важа бисина нах кІел севцца. Шайга Сибрех доьлху шу я пачхьан эскарех летта ле шу аларе ладоьгІуш. Цундела я охуш а, я дуьйш а вац цхьа а. Ирх-пурх а, дІадийнарг тІедаллац шаьш кхузахь дуьсур дац боху цара.

Дехьа басахь цхьаммо-м дог доруш цхьа сингаттаме мукъам болийра:

Дависа хьан делаІ, хІай мерза ва дуьне,
Хьо диънарг мила ву, бохуриг ва хилла?
Давала хьан делаІ, кийрара дилхан дог,
Хьайна там ва хилча, лом санна айалой,
Йишин бер ва хуьлий, мел коча качло хьо,
Хьайна там ца хилча, дера ча ва санна,
Мел дера дарло хьо кийрара дилхан дог...

Іелина хаац хІун дан деза. Цунна-м Хонкара ваха лаьара шен доьзал а эцна, амма Аьрзус и аьттехьа ца дуьту. Мацалла-м хІунда хьехайора, хІара лаьмнаш даш хилла лаларх, хІара латта молханах эккхарх, ша кхузара дІа ког боккхур бац боху. Нуьцкъала уьш а совцалур бац.

«Нагахь Сибрех дигахь? — ойла йо Іелас. — Цигара цхьа а дийна цІа ца воьрзу. ТІе, берашца цхьаьна. Ванах, цуьнан Іумарх, Іусманах керста хир ву техьа? ХІай веза дела, хьайн бусалба дин тхайца Іалашдан ницкъ лолахь тхуна! Ма дика ду-кх, сан ши бер кІентий болуш. Уьш йоІарий белхьара хІун дан дезара. Сибрехахь сол тІаьхьа царех...»

— Іели!

Бевзачу маьхьаро ойланаш юкъахъехира цуьнан.

— Ва-а Іела!

«Аьрзу ву-кх иза! ХІара схьа хІунда веана? Лаа-м дац хьуна иза...»

— Ва-вай!

— Хьо мичхьа ву?

— ХІоккхузахь, шовданехь ву-кх! ДІавогІу со!

— Ца оьшу, со чувуссу!

Шовдан тІе богІучу гІашлойн новкъа дукха хан ялале гучувелира юткъа гІодаюкъ, шуьйра белшаш, дайн болар долуш, элдарчу дегІахь стаг.

Хьала а иккхина, дуьхьал хьаьддачу Іелас цуьнан керара топ а, тур а схьаийцира. Аьрзус, вист ца хуьлуш, шовдан тІе а вахана, голаш тІе а лахвелла, сих ца луш, шен онда ши куьг а дилина, канаш чохь схьа а оьцуш, хих цхьа масех къурд бира. ТІаккха юьхьах шийла хи а тоьхна, чоин тІам а хьаькхна, дІаса а хьаьжна, пІенда санна, горгачу попан орама тІе охьахиира иза.

Іелас хеттарш ца дора. Вешин худаеллачу юьхье, гІайгІанах буьзначу хьекъалечу бІаьргашка хьоьжура иза. Дагардира цуьнан лекхачу хьаьжа тІера хебарийн хершнаш а. Аьрзу а ца хуьлура вист. ХІара диканиг дохьуш ца веана. Шен Іаьржачу, хазчу можа тІехула куьг а хьаькхна, дукъачу мекхийн юьхьигаш хьовзийра цо.

— Охуш ма вац хьо? — хаьттира цо эххар а.

— Чорин сту сиркхо хилла. Шуьста ца бужуш дІахийцира ас-м.

— Кхин хІуъ цхьа гІуллакх дийр дара-кх, мукъа ца Іаш. БІал бохор бара-кх. Дакъаделла, куьзга санна лепаш Іохку бІаьллаш. Айзех хІун хили?

— ЦІа яхийтира-кх ас.

Хеттарш совцийна, гонах бІаьрг а тоьхна, хьала а гІевттина вахана, дехьа лаьттачу жимачу, сийначу бай тІе аркъалвелира иза.

— Ма тийна ду-кх кхузахь, — элира цо цхьа хан яллалц, ши бІаьрг хьаббина, ладоьгІуш а Іийна. — Олхазарийн, цаьпцалгийн эшарш, дехкаший, моьлкъарчаший дІасауьдуш ден шур-шур бен гІовгІа яц. Адам дистхуьлу а ца хеза. СхьавогІуш некъашца бІаьрг беттара ас. Цхьа са-м дер дац. ХІара-х бІаьсте ю. Ахархочунна уггар сиха хан. Дийнахь а ,буса а кха тІехь Іан везаш. ХІинца дІа-

дийнарг бен карор доцуш. ХIетте а, кхаш тIехь цхьа а вац. Моьттура массо велла, хIара дуьне дассаделла. Делхьа, ма пайда бер бац нахана кху гIуллакхах, бала ткъа. ХIинццалц гинарш йицъеш, ирча мацалла ма хIоттахьара. Цунах кхоьру-кх. Хункара кхелха, Сибрех дуьгу бохуш, даьржинчу оцу эладитанаша, массо гIуллакх карара а даькхина, бохийна, баржийна нах. Масийтта шарахь оццул якхийчу халонашка ца эшабелла нах хIинца кIелбаха. Минотана даг чу боьссинчу кхерамо пана бехи.

— Кхин хIун дийр ду цара, Аьрзу? Латта ма дац церан. Вайн рицкъа дерриг лаьттаца ду. Ишта а, вушта а лийр ду адам. ТIехула тIе Сибрех... Цигахь дуьйш а, дерзош а дац боху. Даима шийла Iа. Хьалха со-суо а хуьлура мехах мохк лаца Теркал дехьа боьлхачех кхаьрдаш. ХIинца цхьаннах и бехк баккха меттиг бац. Ша хIун дийр ду ца хууш доьхна хьийза адам...

— ХIума дац, Iела. Нагахь ирх-пурх а валанза ца валахь, маьрша валар тоьла. Даймохк а, цIа, цIе а доцуш сагIадоьхург хилла хийрачу махкахь нехан неIаре хIуьттуш лелачул, ккузахь летта велла дIаверзар гIоли ю. Амма наха ла ца дугIу тхо цхьадолчара лучу хьехаре. Иза цкъа марах ма далахьара царна. Горлера Iела яI, хIумманах а кхета тигац-кх сан корта. Кегаделла, худар хиллакх кху дуьненах. Ягийнчу яртех туьйсучуьра кIур хIинца а ца сецна, оьланаш хилла цIенойн херцарш. ХIинца а лозучуьра ца тийна шира чевнаш. Царна моьнаш а ца хьаьвзина, ткъа кхара уьш кIаргйо, керл-керла кхин тIе йо...

Ши ваша, ойланашка ваьлла, цхьана ханна дIатийра.

— Бенахь хIун ду керла? — хаьттира Iелас и сингаттаме тийналла йохорхьама.

— ХIумма а дац. Дерриг хьалха санна ду. Солтамурд, Берсий вара хьо хоьттуш. Маршалла даийтира.

— Маршалла хуьлда царна а. Хьо цIа ма хьалхе веа?

— Ишта нисдели-кх хIара. Сой, Маккхал Хункара воьду.

Iела цецваьлла вешега хьаьжира.

— ХIаъ, ас баккъалла а боху, Iела.

— Шуьшиъ шаьш ма вара цига баха гIертачу нахана дуьхьалваьлла?

— Тхойша-м кхелхана ца воьдий. Баьччанийн дивано цхьа гIуллакх тIедиллина вохуьйту.

— Шуьшиъ воцург кхин стаг вацара царна цига вахийта?

— Иштта сацам бина-кх дивано. Тхаьшшинне пашпорташ даха кхана Соьлжа-гIала воьду тхойшиъ.

ХIунда, стенна вохуьйту ца хоттура Iелас. Хаьара иза тIеман къайле юйла.

— Ткъа со?

— ХIун хилла хьуна?

— Суна а ма деза пашпорт?

— Ахь хIун до цунах?

— Ой, хьоьца дIаван ца веза со? — ша хIинцца дIаволавала воллуш санна, сацам боллуш хьалагIаьттира Iела.

— Стенга?

— Хункара.

— Хьо хьерваьлла?

— ХIунда? Со витина ваха-м ца воллура хьо?

— Со цигахь Iен воьдуш ву моьтту хьуна? Со-м сихха цIавоьрзур вай.

— Вирзича хIун ду. Цхьаний бакъахьа ву вайша. Со юххехь воцуш, цхьа ког дIа-м тосур бац ахь.

— Iела!

— ХIун хилла?

— Кхин ахь хьахадойла-кх соьга и! ХIинца хьо вара суна бале вала висинарг. ДIога, шен ирзе тIехь карийна Чора а, хIокху дуьнен тIехь мел болу дуй биъна дIахIоьтти, ша витина цигашха дIагIур ма вац хьо аьлла.

— Гой хьуна! Хьан доттагIчунна а ца лаьа хьо хьуо цигашха дIахьажо, ткъа ахь вешега цIахь Iе боху, хьуо цхьана пана махка дIа а хьажавай. ХIан-хIа, Аьрзу, со вогIур ву хьоьца.

— Эрна бага ма еттал суна! — Аьрзус шен аз айдира. — Хьан зуда а, бераш а ду. Ахь царна Iуналла де. ТIехула тIе цхьана минотана а ма дицде вайн ерриг дегайовхо хьайн шина кIантана тIехь хилар. И шиъ кхиа веза, вайн цIийнан кIур ца байта. Цул сов, Чорин доьзална гIо дан а веза хьо.

Шен дахарехь тахана дуьххьара вешин юьхьа дуьхьал хьаьжна, сацам боллуш вистхилира Iела:

— ДоттагI вуьгу ахь, соьга цIахь Iе боху! Эхь-бехк дала лоьрийла, нагахь тахана со хьоьца Хункара дIавеъча, кхана сайн доьзал сийначу цIарах богург хиларх вогIур вара со.

— Хьан бераш ду!

— Бераш! Чорин а ду бераш! Бераш кхин а хир ду, ткъа хьо винчу нанас суна кхин ваша вийр вац... Бакъдерг алахьа, Аьрзу, гена, ца бевзачу, хийрачу махка со дIа а хьажийна, кху цIахь сацалур, варий хьо?

— ХIаъ, нагахь ас и дар даймахкана оьшуш хилча!

— ХIинца-м аьшпаш буьттура ахь, Аьрзу! — велавелира Iела. — Хьан шина бIаьрго Iоравоккху хьо! Со цIахь висарх даймахкана хила пайда бац!

— Тоийта, мераIуьрг! Цхьаннахьа а гIур вац хьо, цIера ваьлла. Соьгара пурба дац хьуна!

— Хьан пурба ма ца оьшу суна. Хьо мила ву, суна некъ бехка. ТIом чекхбаьлла, хIинца хьо сан бIаьнча а вац. ТIехула тIе, суна новкъа ду, вешехчул бIо доттагIчух а боьлла, ахь иза къастор.

— Со хьан воккхахволу ваша ву! — оьгIазе тIечевхира Аьрзу. — ТIехула тIе, тIом чекхбалаза хилар а ма дицде. Иза чекхбер

бац, вай вешан маршо юхаерзаяллац! Цул сов, хьо бIаьхо хилар а, со хьайн бIаьнча хилар а ма дицде цхьана а минотана. Баьччанийн кхеташонан омра кхочушдар суна тIехь хилча, сан омра кхочушдар хьуна тIе а дужу!

— Иза Iаламат дика ду-кх! Сайн воккхачу вешина, сайн бIаьнчина улло а ваьлла, цуьнан омра кхочушдан, маршонан гIуллакхана пайденна хила Хункара вогIур ву-кх со!

— Хьуна паспорт дезар ду!

— Иэца-кхи!

— Оьцур дац!

— Доцуш а вогIур ву!

— Iела! Ас дешначу делан КъорIанор воллу хьо, соьга хьайна гIаж еттийта!

ХIетталц Аьрзус аьл-аьлларг забарехьа а дохуш, цуьнца къуьйсуш Iийначу Iелина, хIинца дIахьажавелча, вешин бIаьргаш чохь оьгIазен цIе гира. Тевжинчуьра кIегар а хиъна, ши куьг лаьттах а гIортийна, тIекхета воллуш санна, схьа а кхевдина, Iара иза. Аьрзу цкъа а ца вахана цунна оьгIаз. Иза оцу хьола тIе ваккха боккха бехк бала безара. ТIевахана ваша мара а къевлина, шен корта цуьнан кара биллира Iелас.

— Аьрзу, сан цхьаъ бен воцу ваша... Хьо-м сан ваша хилла ца Iай... Ден а, ненан а, йижарийн а метта вай хьо-м. Со а витина вахаа воллу хьо?.. Хьох къаьстана цхьана дийнахь а сатохалур дац-кх соьга. Буьйсанна наб ца кхеташ, дийнахь саца меттиг боцуш синтем байна хьийзар ву-кх со. Эххар а, оцу ца бевзачу махка суо хьуна тIаьхьа гIоьртар ву-кх со. Хьуна цигахь цхьаъ хилахь, ас са муха тоха деза, Аьрзу? ТIаккха-х со хьервер ву... Дуьнен чу ваьлчхьана цкъа а хьан дош ца кагдинера-кх ас, ма тоттахьа со оцу тIе, Аьрзу...

— Iела! Вайшиннан марзонах пайдаэца хIунда гIерта хьо? Дика дац! Хьо доьзалца цIахь виса веза. ЦIахь боьрша стаг оьшу!

— Вайша цIаваллац Айза шен да волчохь Iийр ю... Аьрзу, воуьйтур вуй ахь со? Пурба лохьа суна...

Аьрзун дог кIаддира вешин безамо. Иза лерина хьаьжира дехар деш лахара хьала шега хьоьжучу Iелин чу хиш хIиттинчу гIайгIанечу бIаьргашка. Дукха хан яра цаьрга ишта лерина иза хьажаза. ХIаъ, бераллехь дуьйна ца хьаьжжера. Дуьххьал дIа, хьажа хан ца хиллера. ХIетахь дуьйна оццул дукха хан яьллашехь, царна чохь Аьрзуна гург, маж-мекх сирдала доьлла, доьзалан да Iела вацара, ткъа жима кIант Iела вара, церан доьзал хIаллакьхиллачул тIаьхьа, мацалла, шело, гIело ловш, дерригенна а садетташ, Iай а, аьхка а виллина хьаннашкахула, лаьмнашкахула шен тIаьхьахIоьттина лелла, тIаккха герз кара а эцна, шена улло ваьлла ялхийтта шарахь тIом бина Iела.

Оцу бIаьргаш чохь Аьрзуна гора шен дагна хьоменig, цкъа а шена юха хиндоцург дерриге а — гена дIаяхана синтемаза беролла а, ден Iуналла а, ненан хьастаме куьг а, йижарийн безам а, вешин тешам а...

Маццах цкъа беран хенахь, горга буо хилла висина шаьшшиъ дуьненан баланийн йозалло таIийча ша иза ма-хьасттара, Iела тIе а озийна, цуьнан корта шен даг тIе а таIийна, жимчу берана санна, цуьнан коьртах куьг хьекха хIоьттира Аьрзу...

XV корта МУХІАЖАРШ

Вайна сийлахь ду вешан да-нана, сийлахь ду бераш, йиша-ваша, гергарниш; амма оцу массаьрга а болу безам деккъачу цхьана дашна тІегулло вайн: «даймохк». Шен Іожалца цунна ша пайда лурбуйла хиъча, валаран ойла йина соцур варий ткъа муьлхха а оьзда стаг?

Цицерон.

1

Хьалха а, тІаьхьа а цІена доьрчий а дехкина, пхонан стаммийчу серех хІазарш деш, ялкханаш а къуьйлуш, тІе тиша-киша истангаш тоьхна, тхов биллина сал-палах йоьттина ворда лаьттара МІаьчиган кертахь.

Хьалхарчу буса Қоьрас бажо бигна бузийна ши сту, доккхуш нох доцуш, бетах чопаш охкийна, кортош агІор а хьийзош, гІийла хьоьжура, баккхийнаш ундечга[1] тІе а хевшина, къонанаш тІе а хІиттина, учахь лаьттачу зударшка.

Божарша ворда юттуш, цІа чуьра декъий арадохуш санна, бІаьргаш тІе узуш, чІенга кІел теІош коьрта техкинчу корталийн тІемгаш бІаьргех а хьоькхуш, тийнера уьш.

ЦІеххьана охьа чохь, маьждиган майданахь, мел вахчавеллачу къонахчун а дог кІаддийр долуш зударийн белхар, маьхьарий девлира. Иштта къаьхьа белхар ца хезнера Қоьрина, тІамехь байинчу нехан цІа деана декъий оцу майдана охьадехкича а.

ТІаьххьара дисина текх-цаца а, горга дечган шун а, кІуьрзаша буьзна цІестан яй а мотт-гІайбина тІехула тІе еххинчул тІаьхьа, шайн долу-доцу барзакъ тІе а оьзна, шайга тІеховша аларе хьуьйсуш вардана уллохь лаьттачу жимчу кхаа берана тІевирзира МІаьчиг:

— Же, дІа тІеховшал хІинца!

Шен хьаьрса цІоцкъамаш а дусийна, хьаьжа юккъе шад гулбина, уллохь лаьттачу Васала, цхьацца оьцуш вардана ховшийра бераш. Гуш боцчу бохамах дог кхиъначу жимахволчу кІентан велхар иккхира.

Учахь лаьтта зударий меллаша кетІа бевлира.

Дассаделлачу цІенойн дерзинчу пенашка тІаьххьара бІаьрг а

[1] Пурхен бІогІамашна бухахула пурх йиллина дечиг.

тоьхна, билхина ши бІаьрг а цІийбина, кийрара арагІерта къаьхьа мохь шен ницкъ ма кхоччу сацо гІерташ, кІайелла, докъан баса а яхана, араелира Зазу.

— Яьллий хьо, зуда? — кхайкхира цуьнга МІаьчиг.

Йист ца хуьлуш, корта а таІийна, шаьш новкъадаха баьхкинчу зударех уггар къеначу Кебиратана маракхийтира Зазу.

— Кебира-а-т, хІун хир ду-те тхох, даго диканиг ца хьоьху-кх суна, дистина эккха доллу-кх иза...

— ХІума хир дац, Зазу, ма елха. Дала гІо дийр ду шун, эвлаяш орцах бевр бу шуна...

ХІетталц тийна, кийрахь боьлхуш лаьттинчу зударша шайн дегнашна маршо елира. Цара тайп-тайпанчу аьзнашца хьоькхучу маьхьарша къардира хІаваъ. Хуьлуш долчух ца кхета бераш, Іадийча санна тийна Іара. Вуьшта а кийрара дог эккха доллучу МІаьчигана болчу тІе а хорам бира цара.

— Варда араяккха, кІант! — омра дира цо Коьрега.

Зуькаран аз тІаьхь-тІаьхьа герга гІертара:

Аллахlу ма сели Іала,
Мохьумеди ва Іала,
Али Мохьумеди
Васели, амин...

Зударий кех бовллалц кетІахь сецна, тІаьххьара бІаьрг туьйхира МІаьчига. ТІера хьахарш охьа а дегна, юккъера зІараш гучу а дийлла, тІе латта тесна тхов болу цуьнан жима цІа гІийла хьоьжура цуьнга. Дуьхьалара хІуманаш дІаяьхна Іаьржа кораш. И цІа якъаеллачу коьртан туьтанах, ткъа и кораш оцу туьтанан бІаьргийн кедийх тарделира МІаьчигана.

Цуьнан хьажар бешахула кхерстира. Юкъ-юкъа гІаддийн агІошца наггахь маргІалш а тесна, мацах цкъа салташа къинхетамза геннаш, баххьаш тедда, дагарш диттина дакъийна стоьмийн дитташ лаьттара ирахь, якъаелла адамийн чаьрхаш санна.

Қхузахь баьхнера цуьнан дай. Оцу лаьттан коржама тІехь ваьллера иза ша а дуьнена. Қхузахь баькхинера цо дуьххьара ког, аьллера духхьарлера ши дош: — «нана» «дада». Уггар хьалха кхузара дІаболалора цуьнан даймохк. Эвлайисттехь, гу тІехь, ду цуьнан ден, ненан, вежарийн, кхечийн кешнаш. Тахана са ма-тессинехь вахана, тІаьххьара Іодика еш, царна тІехІоьттина иза.

Қхузахь дог дуьтуш воьду иза гена, ца бевзачу, хийрачу махка...

Баттара яькхина шаьлта Іоьттина кетІарчу утармина уллора цхьа буй латта а даькхина, иза шен чоин бустамаш чу а доьхкина, шен тиша месала куй бІаьргаш тІе а теттина, новкъавелира иза.

— ДІадели хІара, Васал, — шега хьоьжуш новкъахь лаьттачу Васална тІевахара МІаьчиг. — Хьо Іе цІахь, тхо гІор.

— Делахьа, МІаьчиг, маршо лехна ас, цкъа битина вина мохк,

сайн йиша-ваша а, халкъ а. Цигара схьа суна тIаьххье кху лам чу а еа хIара харцой, Iазап. Дуьнен чохь цхьаннахьа а ян а юй техьа маршой, нийсой?

— Хаац, Васал, карорга догдоху-кх. ЦIийнан неI-кор а, хIара ков а къовлур ахь, Васал. Сох хIун хуьлу хаъалц, хIокху цхьана шарахь дола делахь кху ков-кертан. ТIаккха хьайна луъург дан пурба ду хьуна. ХIан, схьало хьайн куьг.

— ХIан-хIа, дукъе валлалц дIавогIу со...

Зударшна тIе а вахана, цхьана маьIIера дуьйна мара а лелхаш, церан Iодика ян вуьйлира МIаьчиг.

— Делха ма делхалаш. Жимма делалой, декхалой дIахьовсадел аш тхо. Марша Iайла! Шу ца дезаш, хIара мохк ца безаш ма ца доьлху тхо. Цигахь цхьа рицкъанаш язделла хир ду-кх. Марша гойла вайна!

— Дала некъ табойла шун!

— Вайн везчу дала шен эвлаяийн орца лойла шуна!

— Тхо диц ма делаш!

— Зазу, марша гIойла хьо!

— Марша Iойла шу а!

Урамо голатухучухула схьа гучуелира дошлойн кол. БIаьштига тIе таIIош тиллина Iаьржачу холхазан лекха куй а, стоммачу деггIа тIе оьзна дуьйхина датон бустамашца Iаьржачу исхарин чоа а долуш, сирачу динахь, массарна а хьалха вогIура молла Шахьби. Шен шуьйра, еха кIайн маж некха тIехь шалха а кагйина, ши бIаьрг говран шина лерга юккъе а боьгIна, зуькаран мукъамца мелаша корта техкабора цо.

Цунна тIаьхьа кхо гIулч юкъ юьтуш богIура Аьрзуй, Маккхал, Чорий, Iелий. Царна тIаьхьа беха могIа бара кхелхарш новкъабаха богIучу нехан.

Дошлойн кол тIехъяьлча гучуелира кхелхачийн къепал. Массарна хьалха йогIура яккхий маIаш йолуш боккха тайша ши сту а боьжна, тIехула гIажарийн куз тухуш тхов бина Шахьбин ворда. Ворданна хьалха хиъна яра тийла[1] дилхо дегI кепах дохийна, кхалкъе чIенг некха тIе а еана Шахьбин зуда, стомма Бежу. Говрахь улло ваьлла, стерчий лоьхкуш вогIура церан цхьаъ бен воцу кIант Хьабиб.

Миска кечйинчу вордана улло ваьлла, пхонан сара а карахь, шен чолакх гIогI текхош, дохк санна кхоьлина вогIура Гати. Боьлхаш тIаьхьа гIоьртинчу шен кегийчу йижарийн, вежарийн марара халла схьаяьлла Эсет, билхина бистина ши бIаьрг цIийбелла, белшаш тIехула месаш яьржина, сауьйзуш хIинцца тIаьхьакхиира майрачунна.

Ткъа мелчу махо охьа чуьра схьа хаддаза тIаьхьакхоьхьура зударийн тийжар.

[1] Цамгарх диллина сов дегI.

Ковран тIаьхье ерзош, лергаш къардеш дечиган сема а цIийзош, меллаша тIаьхьа текхара МIаьчиган ворда. Стерчин дуьхьлоцу а лаьцна, корта а оллийна кхоьлина хьалха вогIура Коьра. Ворданна тIехь кхераделлачу берашна юккъехь, ши бIаьраг цIийбина, хиъна Iара Зазу. Куьйгаш букъа тIехьа а дехкина, меллаша гIулчаш йохуш тIаьхьавогIура МIаьчиг, Васал а.

— Вон воьду хьо, МIаьчиг, — бохура Васала, — Соьга ла ца дуьйгIи ахь.

— Даг тIе туьха ма тийсахьа, Васал, — жоп делира МIаьчига, лаьттан бIаьра а вогIавелла. — Кийра богу сан, алу хилла. Юх-юха а ма дийцахьа...

— Хонкарахь шуна ирс карор ду бохучух кIезиг теша со. Дала аьтту болда шун.

— Баркалла хьуна, Васал. Дика доттагI ву хьо. Дог цIена.

— Нагахь хьайна моьттург ца хилахь, сихха цIа верзалахь.

— Дика ду, Васал.

— Даймохк боцу стаг а, велларг а цхьаъ ву, МIаьчиг. Хала делахь, атта делахь а шен цIа тоьла. Нехан ялсаманел, шен жоьжахате тоьла, олуш ду оьрсийн. Нийса дешнаш ду уьш.

— Бакъоь хьо, Васал. Хийрачу махкахь паччахь хилла веха чул, шен махкахь сагIа дехар гIоле ю олу вайнаха а. Дерриг хаьа суна, Васал. Амма муха ваха веза кхузахь? Ас дийца ца оьшуш хьуна хьайна а гина, оьрсаша кхузахь динарг, деш дерг а го хьуна. Ас буьйцурш Андри, Корни, Яьшка саннарш бац. Уьш инзаре дика адамаш ду. Уьш санна кхинберш а белахьара гIур вацара со Хонкара.

— Ишта ма алал ахь, МIаьчиг. Берриг бац дика, амма берриг бохург санна бу дика. Хьуна муьлаш гина? Салтий, эпсарш гина. Хьаькамаш гина. Ткъа боккъал болу оьрсий гина бац. Уьш хьайл аттачу хьолехь бу моьтту хьуна? Я Яшкас дийцинарг дицделла хьуна? Хьолана? Сайн кхолламах лаьцна ас дийцинарг дицделла хьуна? Хьолахой массанхьа а цхьатера бу. Оьрсийнаш, нохчийнаш, гуьржийнаш. Массернаш а. Сутара, къиза. Царна бен вац шайниг, нехаиг а. Турцехь а хир ду изза. Нийсо, бакъо,карор яц хьуна, хIара дуьне мел ду ахь лехарх.

— Сан дог дохадо ахь, доттагI.

— Суна къинтIера валалахь, МIаьчиг.

Цхьа масех минотехь вист ца хуьлуш вахара и шиъ.

— Шаьш дIакхаьчча кехат язделахь, МIаьчиг.

— Схьа хьан дохьур ду иза?

— Вуха цIа вогIуш стаг нисвала а мега.

— Дика ду, Васал. Яздийр ду ас.

— Хьан керт-ковн дола дийр ду хьуна ас. Цигахь хьо дукха Iийр вац бохуш хьоьху суна даго.

— Делан карахь ду дерриг а.

Хьалха йоьлху ворданаш регIан дукъа тIеевлира. Цигара буха-

берза безара хIорш новкъабохурш. ХIор минотехь герга гIертара къаста деза хан. Лакхо ваьлча, некъана юьстах хIоьттина лаьтташ ши говр южу гIудалкх гира Васална. Цунна уллохь кхоъ стаг лаьттара: шиъ ламаройн духарца, важа — муьжгийн духарца.

Андрей, Корней а вара цигахь лаьттарг. Селхана Оьрза-гIала веанчу ДанчIехула хиънера царна Гати-Юьртара шайн доттагIий Турце дIакхелхаш хилар. Сийсара тIаьххьа цIера арабевлла уьш, мел сихбаларх а, хIорш юьртах бовлале ца кхиира кхуза.

Уггар хьалха Iелина бевзира уьш.

— ДIахьажахьа, Аьрзу! — воккхаверан мохь белира цуьнан,— Андри веана!

— Корни а ву!

— ДIогахь Яку а лаьтта!

Цхьаммо омра дича санна, говраш хьалха хийцира наха. Дукха хан ялале, доттагIийн мара бахара уьш.

— ОххIай, ма дика ду шу даьхкина!

— ДагIа-м догIура, амма гур ца моьттура!

— Ткъа шу? Къайлах дIадаха дохкурий-ц!

— ЦIахь хIун ду? Доьзалш могаш буй?

— Наташ, Маруса муха ю?

— Далла бу хастам. Со тешац-кх хIинци а. Боккъал а дIадоьлху шу, Маккхал?

— ХIаъ, Андри, дIадоьлху.

— Iела, мичхьа ю Айза? — хаьттира Корнейс.

— ЦIахь йисина.

— И хIун ду?

— Божарий бу кхелхарш. Зударий цIахь буьсу.

— Берриг шайн доьзалшца бу, ткъа хьайниг?

— Сов мохь хир бу некъахь.

— И хIун ду ахь дуьйцург?

— Йитина ас иза. ДIакхаьчча турко ялор ю ас.

Хьераваьллачу стаге санна, Iеле хьаьжира Корней.

— Соьца забарш ма елахь. Цул, дуьхьал схьа алал, сан йиша цIахь йитина хIунда воьду хьо?

Iела кIажвахана велавелира.

— Цо ша витина со! — доттагI карзахвохура цо.

— Дика хьаха витина, — дIа а вирзина туй кхоьссира Корнейс. — Шен ирс дер ду цуьнан, хьо тентагах къаьстина. Хьекъале зуда ю. Iовдал хиллехь, цIийнах яьлла, шуьца дIайогIуш хир яра. Ма даахьа сан са, хIунда йисина иза?

— Гуьйранна цIа вогIур ву со.

— И ша ду, — парIатваьлла садаьIира Корнейс.

Цхьацца-шишша вогIуш, тIегулбелира гатиюьртахой. Царна массарна а дика вевзара Андрей, Яшка а. ДIадаханчу шарахь шоза веанера и шиъ болх бан Гати-Юьрта. Нийсса ах болх маьхза бира. Къелла къикъ боьллачу наха а хIун лур яра? Кхелхачеран

ворданаш, марс-мангал, бел-шеда а, диг, кхиерш а цаьршиннан куьйгаша йина я тойина яра.

— Дарасти, Андри!

— Досудани, Яьшка!

— Хорош человек, Андри! Большой испасиба.

— Досудани, Андри!

ТIевеанчу Васала а. МIаьчига а маршаллаш хаьттира.

— Ма дика ду шу даьхкина, — элира Васала.

— МIаьчиг, хьо стенна кхоьлина? Боьрша вац хьо? — забар йира Андрейс.

— ВаллахI ва биллахI... боьрша-м... Боьрша хилча, даймохк битина гIур варий со, мича воьду а ца хууш! — куьг ластийна дIатийра МIаьчиг.

— Ткъа ахь хIун до, Василий? Хьо-м вац воьдуш?

— ХIан-хIа, Андрей Никитич. Кхузара бух вер вац со, кешнашка дIавиггалц. Цхьа даймохк байна сан, шолгIачух къаста лаац суна. ХIорш новкъабаха веана-кх... Гор Никитич яI, ма боккха бохам бу-кх хIара... — Васалан бIаьргех хиш хьаьлхира.

— Яков, гIудалкх юхаерзае. ТIаьхьа доьлху вай.

— ОхI! Мовла а ву! — мохь белира Корнейн, — Хьо а стенга доьду Чолакх ШайтIа?

Даьсса пхьош доьхкарх доьллина, царна тIевогIура Мовла. ДоттагI гича юьхь екхаелира цуьнан.

— Хонкара воьду, обарг, Хонкара! — шен гIоргIачу озаца жоп делира цо, цхьаъ бен доцчу куьйга Корней мара а къовлуш.

— ЦIахь ца Iело хьо?

— Нах боьлху, со а воьду. Дуьненна дерг ловзар ду олуш кица ду тхан.

— Адамана ма хуьлда хIара ловзар! Кхин мила ву шун эвлара?

— Со цхьаъ бен вац.

— Суна-м хаьара, шун эвлахь, хьо цхьаъ бен, Iовдал воцийла! Шен андий цергаш гучу а яьхна, гIовгIа йоцуш воьлура Мовла.

— Iовдал ша волчу дIавоьхур вац туркойн паччахьо!

— Цо дIавехна хьо? — забарх ца кхийтира Корней, — ХIаъ, султанна мел хили а, сов бевр бац хьо тайпа разбойникаш!

— Соьга сайгга кехат данйтина цо. ДIавола, Мовла, боху, ша сагIадоьхургийн паччахь вийр ву хьох.

— Делхьа ма воккха забарча ву-кх хьо, Чолакх ШайтIа! Боккъал а со тешийна ваьллера-кх хьо!

— ХIаъ, Корни, Оьрза-гIалахь — хьо цхьа Iовдал, Мескитахь — со цхьа Iовдал ву. Халахета, хьо накъост а воцуш, со воьдуш хилар.

— Боккъал а воьду хьо?

— Воьду-кхи ткъа.

Корнейс резавоцуш корта хьовзийра.

— Делхьа ,ма халахета суна, хьо дIавоьдуш. Дан дагалаьцна

дуккха а гIуллакхаш дара сан. Мел дукха хьолахой бу станицашкахь. Церан хьал дара декъа дезаш.

— ДIадели и, обарг, — забарш йитина, боккъал вистхилира Мовла. — Валлалц талораш деш вахалур вац. Цкъа цхьаммо дIакъовкъор ву. Я Сибрех лоллур ву. Къолана тIехь валарал, лаьцна Сибрех вахийтарал доккха иэхь дац. ТIе, сингаттаме а ду кхузахь. Сил йоккхачу Оьрза-гIалахь пхи-ялх бен къонах вац. Биснарш дехкий ду, цицгах а кхоьруш. Сан дедас бийцира суна хьалхалера гIалгIазкхий. Уьш хилла хьуна къонахой! Даима нохчашца цхьана. Диканехь, вонехь а. Вовшашна гIо деш. Цхьаний тIаме а боьлхуш. Хьеший а, вежарий а хилла уьш. ХIинцалерчаьрга хьажал? Церан да — паччахь ву. Шайн лулахошна, вежаршна тIе тIамца богIу. Паччахьах кхоьруш. ХIан-хIа, иштачу лулахошна генавалар гIоли ю. Юьххьехь дуьйна шун гIалгIазкхи тхоьца бертахь хиллехьара, наччахьан эскаршка Терка тIе ког буьллуьйтур бацара вай. Лаьххина Петарбухе дIабуьгур бара. Тахана тхо махках доху. Кхана шоьгахь хир ю рагI. Гор Корней яI, ма тIаьхьа ваьлла вайша дуьненчу. Цхьа бIе шо хьалха вина хиллехьара. Хьох — атаман, сох — имам хилла хир вара. Инарлашна етташ. ХIинца бац хьалхалера нохчий, гIалгIазкхий а. КъотIалгIа йина хIуманаш йисина. Цундела воьду со Хонкара. Цигахь карор ду ас сайна гIуллакх.

Корнейс лерина ладоьгIура. ДоттагIчун дешнаша дог Iовжийра цуьнан. Цкъа а ца динера цо ишта къамел. Бакълоь иза. ХIинца бац станицашкахь хьалхалернаш санна гIалгIазкхий. Паччахьо шен йолахой бина уьш.

— Цхьа куьг бен доцчу ,ахь хIун дийр ду цигахь, ва хьербаьлла корта?

— БойсагIар вуьйцу хезний хьуна?

— ХIаъ, хезна...

— Цхьа куьг, цхьа ког, цхьа бIаьрг бен дацара цуьнан. Амма паччахьан уггар тоьлла инарлаш гIибабохура цо.

— БойсагIар Шемалан наиб вара, шен шортта эскар а долуш.

— Эскаран метта, оьгIазло ю соьгахь, кийра буьззина. Султана латта ца лахь, обарг вер ву со. Туркой тало.

— Хьайн берийх къа мукъа а хетахьара хьуна.

— Дала яздинчух бевр бац уьш а.

ХIара шиъ хьалха боьлхучарна тIекхиъча, Андрейна а, Маккхална а юккъехь а бара изза къовсам.

— Нах-м Iехабеллера. Хьой, Аьрзу, Iелий а вацарий сонтачех. Шу хIунда доьлху?

— Туркойн паччахьо цхьа эладитана кехаташ даржийна нохчашна юккъе. Царах Iехабелла нах. Бакъдерг аьлча, со тешац и кехаташ туркойн паччахьера ду бохучух. Кхузахь тешнабехк бу. Нах кхето, совцо гIерташ, оха ца деш хIун дитина? ЛадогIац. Оцу кехатах теша. Боккъал а туркойн паччахьо шаьш сий деш, лоьруш тIеоьцур ду, шайна даладолуьйтур ду моьтту. Цхьаболчарна хаьа

хийрачу махкахь шайн дахар къаьхьа хир дуйла. ХIетте а боьлху. ХIокху паччахьан къизаллех, харцонах бевдда. Тхан дайша шайн цIийца хьандина хIара латта. Дийна биснарш кхолламна къера а хилла севцца. Тхан мохк, дин, гIиллакхаш лардан дош деллера паччахьо а, сардала а. Цара а Iехий. Хьуна го-кх тхоьгара хьал. Къелла-м лайча ловр яра, амма харцо, сийсазалла лан ду хала. Оьрсашца мукъане а тхан бакъонаш нисъяхьара. Тхуна тхаьшна шатайпа Iедал хIоттийна. Цундела кхелха нах Хонкара. Мацаллех, къизаллех бевдда. Амма оьрсийн, туркойн паччахьашна юккъехь башхо яц. Цхьа вов-шов ду. Массанхьа а вайн вежарий охьатеIабо.

— Ишта-м дара иза, Маккхал. Амма шаьш дечуьнан ойла ейша. Даймохк битина ма доьлху шу. Кхечхьа карор ма бац шуна иза. КIел хIитта тхов-м карор бу, амма даймохк карор бац. Стеган цхьаъ бен ма ца хуьлу даймохк.

— Тхо цхьадерш духадогIур ду, Андри. Цигахь хIокху нехан гIуллакхаш муха нисло а хьаьвсина.

— Иза а ду-кх маслаIат, — велакъежира Андрей.

Къаьста деза сахьт тIекхечира. Кхузара дIа некъаш МичкатIей, Шела а доьлхура. Андрей юьстахваькхира Iелас.

— Вешица воьду со, Андрей, — цуьнан пхьарс лаьцна, сихха къамел долийра Iелас. — Цунна цхьаъ хиларна кхоьруш. Маккхал, Чора а ву тхоьца. Амма тхо виъ цIа вогIур ву. Гуьйранна я цхьа шо даьлча, маца хир ду хаац. Айза а, бераш а цIахь дуьсу. Айзин да-нана къена ду. Кхин гергара нах бац цуьнан. Наха тесна-м юьтур яцара иза. ХIетте а, хьайн хан хилахь, наггахь хьажахIотта вогIур хьо. Керт-ковхь цунна хIун оьшу хьажа.

— ДIавалахьа, ваша, хIун ду ахь дуьйцург? дегабаам бира Андрейс. — Ахь ца аьлча ,со ца хууш ву сайн декхар?

— Васалан терго а елахь. Къолаш а дитийта цуьнга. Кхин весет дац сан.

Киснара схьабаькхкхина йовлакхан шад Iеле кховдийра Андрейс.

— ХIан, некъана хIара кхо туьма ду хьуна. КIезиг-м дара хIара. Ас, Яшкас вовшахтоьхна иза. Дешин массанхьа а мах бу. ДIаэца.

— ХIан-хIа, Андрей, — куьг дIатеттира Iелас, — Шу шаьш ду халла кадетташ. Мегар дац!

— ДIаэца ахь, тхо цIахь ма дуьсу. Оха цхьа таро йийр ю. МIаьчигана цхьа пхи сом ло. ДIаэца, суна хала а ца хоьтуьйтуш. Корта а хьовзийна, схьаэцна шад гIовталан кисана тесира Iелас.

Корней а воллура цхьа хIума-м Мовле дIакхийдош.

— Бакъдерг аьлча, схьадохьуш-м Iелина бохуш деара ас хIара, — бохура цо. Хьо воьдий а ца хаьара. ХIан, хIара пхийтта сом ду хьуна.

Мовла вуха ца гIиртира Iела санна.

— Хьо-м, Корни, адамана хIумма а ца хууш, хьолахо ма хилла! — воьлура иза. — ХIара суна делча, Марусас, бераша а хIун дийр ду?

— ХIумма а дийр дац. Даа бепиг ду шортта. ХIокху ахчанна са ма гатде ахь. Ши-кхо де далале ас меттахIоттор ду. Дакъаза ма вала хьо, Чолакх Шайтла, хьо дIавахча сан гIуллакх ма галдолу! Сайн товар ас мича дахьа деза?

— Бена хьала дига ахь. Далха волчу. ХIан, обарг, схьавоьл сан мара. Марша Iайла хьо. Суна са ма гатделахь. Ас сайн дакъа нахе доуьйтур дац хьуна, мичча махка вахча а!

— Марша гIойла, Мовла...

ГIайгIане миноташ тIехIиттира.

— ХIай веза дела... — элира Яковс. ЦIеххьана аз хаьдда, балдаш дегийра цуьнан. — Ма боккха бохам бу-кх хIара...

Цуьнан букъах куьг туьйхира Маккхала.

— Сатохалахь, Яьшка. Велхар товш дац боьршачу стагехь.

— Муха ца воьлху, Маккхал... Даймахках довлуш ма ду шу...

— Хьо а, Васал а ца ваьлла Даймахках? ХIетте а дийна ву. Дала гIо дийр ду тхан а.

Яшкас корта ластийра.

— Тхайниг ша ма ду, дядя Маккхал. Кхузахь массанхьа а оьрсий бу, мухха делахь а, оьрсийн Iедал а ма ду. Ткъа шу хийрачу махка доьлху. Цигахь нохчий ма бац. Хийра мохк, хийра адамаш... Марша гIойла! Дядя Аьрзу, дядя МIаьчиг, марша гIойла... Тхо диканна дагалацалаш...

ДIа а вирзина, къайлах бIаьрхиш дIахьаькхира Яковс.

Аьрзу говра тIехиъча, берриг а говрашна тIехевшира.

— ХIахIани, кIентий! — шайна тIаьхьабевллачу нахана тIе вирзира Аьрзу. — Сарале Шела а кхаьчча, цигахь гулбеллачу нахаца буьйса а яькккхина, кхана Iуьйранна хьалххе гIевттина БуритIа дIагIур ду тхо. Цига гуллуш бу кхелхарш берриге а. Вайна мел цалаарх, къастаза ца довлу вай. ХIара Ахьмад а, Янаркъа а, Абкар а, Солта а, Суьлти а, Акхта воцург, вуьш кхузара духадерза. ХIорш ялх тхоьца БуритIа кхаччалц дIавогIу. ХIокхар тхох лаьцца хабар дохьур ду шуна. Тхуна са ма гатде. Хьаьж-цIа оьхучу наха хIор шарахь вовшашна тIе хабар кхачор ду вайн. Цу тIе, Хункара башха гена меттиг а яц. Вай а Iийр дац вовшашна тIе ца кхочуш. Амма тхох хIун хуьлу хаъалц цхьа а доьзал кхузара меттах ма балийта. Дохий ма хьийза. Вайгахь товш дац иза. ХIара Iаьржа латта бухдийларх, и сийна стигланаш тIеелхарх духур дац вай. Вешан турпалчу дайн бакъ кIентий хилла лийр ду вай цIахь а, арахь а. Цхьанне а корта ца таIош, цхьанненна а хьалха гора ца оьгуш. Амма маршонах догдиллина Iийр дац. Маккхал, ахь хIумма а олий буьсучаьрга?

Шен динна чоьже кIажаш таIийна, гонна юккъе ваьлла, пIелгаш доцу аьрру куьг лере лецира Маккхала. Хьаннашкахь кхолхадуьйлуш, генна дIадахара цуьнан кIеда, дуькъа аз:

Ia-a-a-a!
Бераллин къаьхьа кад
Мийлина тхоьца,
Цу тIеман сийна цIе
Кегийна тхоьца,
Бохамехь, халонгахь
Хьийзина тхоьца,
Хьомсара юьртахой,
Шу марша Iайла!

Шен дог цIена сийна ши бIаьрг а хьаббина, месалчу цIоцкъамаш юккъе шад гулбина, иллин мукъаме терра корта а лестош, иллин йийсаре вахара иза. Улло веанчу Суьлтас шен зевне озаца тIаьхьара айира:

Ia-a-a-a!
ЦIа доцуш тхо дисча,
Доздина латта!
Мацалло бIарздича,
Дузийна латта!
Тхан цIийца хьандина,
Лардина латта!
Хьо марша дуьсийла,
Дай баьхна латта!

— ХIейт, маржа дуьне яI!

Ia-a-a-a!
Буьрсачу къийсамехь
Тхан дегнаш дахчош!
Тхо майра кхийна,
Хьомсара лаьмнаш!
Доьхначу кху дийнахь
Бертаза къастарх,
Тхуна шу дицлур дац
Хийрачу махкахь...[1]

— ХIейт, гор кIентий яI! Доха ма дохалаш! Вайга хьуьйсуш бу шуна оцу хIолламаш кIел Iохку вайн дай, вежарий!

Баккхийчарна тIехьа а хIоьттина, тийна ладоьгIуш лаьттачу Коьрас гIийла бIаьрг беттара шена тIаьххьара гучу даймехкан Iаламе. Кху шарахь къаьсттина хаза кечделла и Iалам, тахана кхоьлина хетара цунна. ХIетта гIа даькккхинчу къеначу хьаннаша хьулйинера дуккха а эрчонаш гина раьгIнаш, гунаш, Iаннаш. Юкъюкъахь акха кхиъначу стоьмийн кIайн а, можа а, цIен а, сийна а зазаша къарзйина и беркате къена хьаннаш бIаьрго ма-лоццу даржийначу, хаза хьийзинчу, бес-бесар бос бетталучу инзаре доккхачу холхазах тера яра. Амма хеталора и хьаннаш, кху нехан гIайгIанечу мукъаме терра, хезаш аз доцуш, кийрахь йоьлхуш, техкаш санна. Шех къаьстачу берийх дог Iаьвжина, бIаьрхиш къайладаха санна, ира кортош кIайчу мархаш юкъа а доьхкина, дIатийнера нохчийн къоьжа лаьмнаш а. Генна охьа чуьра схьахезара бIаьстенна дистинчу чехкачу Яьссо ден къора къурдаш. Коьрин доьхна дог хьаста гIерташ санна, кортош лестош, когашна кIел эсала техкара бес-бесара зезагаш.

ТIаьххьара а вовшашна мара а лилхина, дIасакъаьстира кхелхина боьлхурш, бухабуьсурш. Шина а агIорчийн дегнаш доьлхура, амма церан буьрсачу яххьаш тIехь и ца хаалора.

[1] Авторан дешнаш.

Некъ хьуьн чохь къайлаболлучохь дой юха а хьовзийна, юьртахошка тІаьххьара бІаьрг тоха цхьана минотана севцира дІабоьлху береш. Қочара схьа а яьхна, хІаваэ хьала а лаьцна, цхьабосса ккузза шатлакхана тоьпаш кхоьссира цара.

Царна ккузза жоп делира, хІолламаш дохкучохь, хІорш бІаьргана гучуьра бовллалц тІаьхьа хьуьйсуш хІиттина лаьттачу юьртахоша...

2

ДІа баькх-баькккхинчу когаца гена тІаьхьа юьсучу дай баьхначу раьгІнашка юха а хьоьжуш воьдучу Қоьрина, шаьш Мичка тІекхаьчна дохкучу хенахь, дукъара охьа, шайна тІаьхьа богІуш ченан кІур гира.

Қоьрина санна ,и гина нах цецбевлла хьуьйсура урх тІейиллина дой хецца шайна тІаьхьабогІучу берешка. «ХІун дохьуш богІу-те уьш?» — ойлайора хІораммо а. Уьш герга гІоьртича нахана уггар хьалха шайн эвлара дой, тІаккха царна тІера береш бевзира. Амма Қоьрий, Чорий воцчунна цхьанне ца девзара берешна кхан дохкал хьалхабогІу сира дин а, цунна тІехь Іийриг а.

Иза Қоьрин доттагІа, Симсарарчу Олдаман Іаьлбаг вара.

Вухавирзича некъ эгІар бу бохург дицделла, шен керара сараг охьа а тесна, доттагІчунна дуьхьал хьаьдира Қоьра. Мох санна чехка богІучу динара иза лагІ ца беш, каде охьа а иккхина, цунна тІехьаьдира бере.

— Қоьра! — ДоттагІа маракъевлира беречо. — Сайна а ца гуш хьо дІаваханавели моьттуш, ма дог доьхнера сан!

— ХІунда? Сайн даг чохь ас хьуо дІахьощ вуйла ца хаьа хьуна?

— Амма хьуна тІаьхьа ца кхиъча со вуха-м воьрзур вацара, Хункара кхаччалц дІавеана а!

Бераш шайн доттагІчун некъ дика бан даьхканийла хиъча, уьш шайн дар-дацар ала а дитина, дІабуьйлабелира нах. Шаьш бисинчу кегийрхойн къамел доладелира.

— Эххар новкъавели-кх хьо, Қоьра? — бахара Іаьлбага, доттагІчун куьг дІа а ца хоьцуш.

— ХІун дийр ду, Іаьлбаг, — доккха садаьккхира Қоьрас. — Дас аьлларг ца дича ма ца волу.

— Баккхийчаьрца шуна тІаьхьадовла гІиртира тхо, — бохура Қоьрин эвларчу доттагІчо Къайсара. — Цара ца дахкийтира. Шу эвлах девлчи веана Іаьлбаг кхечира. ХІокхуьнца гІаш дукъе довлуш дохкуш бухабирзинчарна тІеІоттаделира тхо. ХІара Іаьлбаг бахьана долуш, цара говраш елла тІаьхьакхин-кха.

— Баркалла шуна, кІентий, — баркаллица цаьрга хьоьжура Қоьра. — Хала ду нийсаройх къастар. Амма даймахках къастарал доккха вон дац стаге дан. Шу бІаьрг бекъа белахь а, дагах цІий Іийдало сан. Шу гича сан даг тІера ах бала айабели. Дела реза-

хуьлда шуна. Іаьлбаг, яханчу аьхка лам чохь цхьана буса вай биъна дуй ас цкъа а бицбийр бац. Тхаьш цигахь дІатарделча, цІа вогІур ву со. Шу маршонна гІевттинчу дийнахь шуна улло дІахІотта!

Нах Мичкал дехьа а бевлла, цунна йисттерчу эвла буьйлира. ДоттагІчун сибат гуттаренна а шен даг чу дижо санна, лерина Қоьрега хьоьжура Іаьлбаг. Тахана дуьххьара тидам хилира цуьнан Қоьрин беркъачу барзакъан. Зарзделла, летийна тиша чоа, цхарбоьлла кхакханан куй. Голаш тІе йомеш йиттина, чордачу жІаймашин[1] хеча. Якъаелла, салазан мІаьчигаш санна, буьхьигаш ирхъхьаьвзина неІаран мачаш. Юкъах йихкина ,соврах мерцхагаш дийлла тиша шаьлта. Стохка лома а веанера иза нехан говрахь...

— Шек дІа ма вала хьо, Қоьра! — шен юьхьа тІе йоьссина гІайгІа дІа а эккхийна, векхавелла Қоьрин белша тІе куьг туьйхира Іаьлбага. — Лелар — кІентан ирс, цІахь Іар — йоьІан ирс олуш ду вайн. Цкъа дуьнен чухула гуотасий цІа вола хьо. Амма нохчочун къонахаллех, оьздангаллех ма вохалахь, хьуо, шаьлтанца воруш, кескаш еш охьавиллича а. Кхин ду цхьаъ, Қоьра. Туркоша шайн эскаре дика дІаоьцу боху вайн мехкан нах. Церан эскаре хІотта. Со тешна ву царна юккъехь хьо сихха лакхаверг хиларх. Вайн баккхийчара догдиллина маршонах. Герз охьа а диллина, доІийна куьйгаш леца боьлла уьш. Амма доІанаш дарх маршо хир яц. Иза туьрца яккха еза. И аьлча-м цара аьттехьа а ца дуьту. ТІекхуьучу чкъурах ца беша. Яйна тІаьхье ю олу. Царна моьттург бакъ доцийла хоуьйтур ду вай, ваьш даккхий хилча. Цхьа масех шо даьлча. И дерриг дийцина вай. Нагахь хьайн аьтто хилахь, цигахь эпсарийн дешар дешалахь. Шемалан наиб хилла Алдара Сапарчин Юьсп-Хьаьжа вуьйцу хезний хьуна? Вай санна жима волуш Хункара а вахана, цигахь дешна а ваьлла цІавеана нохчо вара иза. Иза вара Шемална ерриг гІаьпнаш йоьгІнарг, цуьнан Іедал а, эскарш а цхьана низаме далийнарг. Иттех шарахь Шемалан аьтту куьг хилла лийлира оьрсийн махкахь эпсарийн дешар дешна, церан эскарехь лаьттина веана Шаммурзин Бота. Жима бер долуш Ярмол-инарлас ша Дади-Юрт йохош цигара йийсаре вигна хиллера иза. Ша итт шарахь вайнахана диичу гІуллакхал бІозза сов зен дира цо ведда юханехьа оьрсашкахьа а ваьлла, вукху итт шарахь. Вайна оьшурш, Юьсп-Хьаьжа а, Берса а санна, эпсарш бу. Вайн халкъан, вайн мехкан дуьхьа шайн синош, бІаьрнегІар ца тухуш, дІалундерш. ХІинца хьо кхин сецор вац оха. Вайна мел ца лаахь а, къаста деза.

Іаьлбага, шок тоьхна, тІейийхира некъана юьстах ежаш йолу шен говр. Ден шок хезна иза, ши лерг дуьйлина, хьала а таьІна, яйн тарса а терсина, едда тІеара.

— Қоьра, хьуна эшахьара тахана сайн са лур дара ас хьуна, — элира цо. — Ткъа тахана цкъа иза эшац. Амма хьуна иэша а оьшуш

[1] ЖІахойн, суьйлин машин.

сайн са санна, суна дукхабеза хIара дин ло ас хьуна, сайн безамна.

Цецваьлла Коьра къаьрззина доттагIчуьнга хьаьжжинчохь висира. Цецбевллера гонах лаьттарш а. Iаьлбага хьовха, цара массар хьоме лелайора и тамашийна говр. Уьш стохка ламчу бахча, цкъа Iаьлбага, чехка догIучу ламанан хи чу а иккхина, бердах йоллучу куллах а тасавелла, бекъа тIейийхира. Едда бердайистте а еана, чу хьаьжча, чохь кхозавелла мохь хьоькхуш Iаьлбаг гина, Iадийча санна, и чIажаш декош, терсаш уьдура иза. Мел чехка едда йоьдуш хиларх, Iаьлбаган омрица цIехьана соцура. TIехьарчу когаш тIе хIуттура, мел генахь хиларх, Iаьлбага шок тоьхча, тарса а терсий, йодий тIейогIура.

— Iаьлбаг...

— ДIалаца! — Коьрин буйна урх теIайора Iаьлбага.

— ХIан-хIа, Iаьлбаг, дуьне дохарх оьцур яц, — ши куьг хьалха а тоьхна, вухагIоьртира Коьра. — Кхин дерг хьайна луъург луо, амма говр ма кхийдае. ХIара суна елча, ахь хIун до?..

— Тхан кхин йиъ ю.

— ХIара саннарг яц. Ахь хала кхиийна иза.

— Бакъду, хIара саннарг яц. Амма дика йиъ говр ю. Хьан цхьа а яц.

— ХIан-хIа, Iаьлбаг, ма дийца. Массарна а хаьа шуьшинна вовшийн мел дукхадеза.

— Цундела лаьий суна-м, хIара хьуна яла! Тамаша бацара, сайна езаш ца хилча, ас хьуна хIара ялар-м. Иштта ши куьг ластийна вахча туркошна юккъехь сий хир дац хьан.

— ХIан-хIа, Iаьлбаг, дукха безчу механ совгIат ду хIара, — тIе ца дуьтура Коьрас.

Iаьлбаг дегабааме велира.

— Коьра, хьо кхоьллинчу делан дуьхьа, вай дуй бизначу гIуллакхан дуьхьа, дIаэца хIара! Суна чам бойуш воллу-кх хьо...

— Остапираллах! Ма алахьа ишта!

ХIетталц царшинга ладоьгIуш Iийначу берийн гIовгIанаш евлира:

— ДIаэца, Коьра, цунна халахетар ду!

— Ахь шена дендерг ду хьуна цо дийриг!

— Делхьа, ма дош дац-кх ахь лелориг, Iаьлбаг, — чам байна корта а хьийзаш, урх схьалецира Коьрас. — Хьо ца гуш дIаваха велира со...

Шен юкъах схьадаьстина, детица кхелина шаьлтий, доьхкий делира Къайсара.

— Сан безамна хIара шаьлта лелаехьа, Коьра.

— Ас хIан-хIан бахарх, вуьтур вац-кх аш со. Дела резахуьлда шуна...

— ХIан, хьан накъостий генабевлла, Коьра, — сихвира иза Iаьлбага. — Хьо говра тIе валале цкъа маралелхий вай!

Массарна рогIана мара а иккхина, кхоссавелла говра велира Коьра. Шена тIехь хийра стаг хаавелла говр, мераIуьргаш екийна, тIаьхьарчу когаш тIе а хIоьттина, тIаккха хьалха дIакхоссаелла, Iаддарга санна, ворта а саттийна, цIингаш кхуссуш дIаиккхира. Амма тIелатийча санна, нуьйрахь Iачу Коьрас кIадъяллалц хецна а йитина, тIаккха урх юха а оьзна, хьовззийна юхялийра иза. Даръелла говр мераIуьргаш екош, бехк боккхуш санна, Iаьлбаге хьоьжура.

— ХIума дац, Сира, хIинцца йоьр ю хьо цунах. Амма сатоха деза. Вайн цIахьлерниг хир дац шуьшинна а.

Iаьлбаг шен говра а хаийна, цунна тIехьа хиира Къайсар.

— Хьо Мичках дехьа валлалц дIадогIу тхо, — элира Iаьлбага.

— Баккъал дерг аьлча, Коьра, хьох къаьсташ велха дог-догIу сан. Амма вайн ойланаш а, чIеIамаш а цхьаьна догIур дац. Къайсар, дIаалал вайн дайн илли!

Къайсара, яйн йовхарш тоьхна, йиш тойина, илли долийра:

ХIетта чIагIдала доьллачу гIоргIачу аьзнашца тIаьхьара гIигIбира бераша:

Тхо цкъа а, цхьанненна
Къарделла совцур дац,
Я маршо, я Iожал —
Шиннах цхьаъ йоккхур ю...

...БIаьстенга тхаьш довлахь,
Цу кхахьпа элашка,
ХьотIца цIий тийсийта
Делах дуй биъна ду!

Къайсарна тIаьхьара ойуш волчу Iаьлбаган болат басахь горга юьхь, воккхачун санна, буьрса яра, оцу къоначу аьрзунан Iаьржа бIаьргаш ткъесах лепара:

Мокхазан ламанаш
Даш хилла лаларах,
МостагIийн арданго
Тхо гора дегор дац!

Бос Iаьржа ва латта
Молханах лелхарах,
Тхешан сий доьхкина
Тхо лаьтте доьрзур дац!..:

— ХIейт, гора вай кIентий яI!

Мацалло хьовзадахь,
Орамаш дуур ду,
Хьогалло тхаьш бIарздахь,
Бецан тхи мийра ду!

Цу лаьмнийн хьехнашкахь
Шах цIераш летор ю,
Тхайн таррийн юьхьгашца
Уьш марсайохур ю!..

— Аз айде, кIентий!

...ХIоьънаша зарзйина,
Тхайн чорда башлакхаш,
Къоначу воIарийн
Белшаш тIе туьйсур ю!

— Маршо я Іожалла!

...Мостагlех летачохь
Іожалло тхаьш лецахь,
Тхайн метта дlахlиттар
Царна тlе дуьллур ду!..
Буьйсанна борз ехкаш
Дуьненчу девлла тхо,
Іуьйранна лом угlуш,
Тхан цlераш техкина.
Аьрзонийн баннашкахь
Наноша дакхийна,
Тархаш тlехь дой хьийзо
Дайша тхо Іамийна...

Илли ца сецира уьш Мичка тlе кхаьчча а. Қхузахь ца соцуш шен дин цуьнан муттанечу хи чу а тесна, дехьаваьлла Қоьра аьтто агlор бисинчу доттагlашка тlаьххьара бlаьрг тоха, вуха а хьаьвзина, цхьана минотана соцунгlа хилира.

Халкъана, махкана
Наноша тхо дина,
Цаьршинна эшначохь
Майра дlахlиттина.
Маршонехь кхийна,
Ламанан лечарчий,
Халонех, бохамех
Курра чекхдийлина.
Мехкарша тхан чевнаш
Эшаршца ерзайо,
Іаьржачу бlаьргаша
Хьуьнаршна гlиттадо.
Буьйсанна борз ехкаш
Дуьненчу девлла тхо,
Іуьйранна лом угlуш
Тхан цlераш техкина...

Илли ца сацош, доттагlчун Іодика еш, хlаваэ лаьцна тапчанаш туьйхира цара.

Шен доьхкарх схьаяьккхина тапча, зlок кlегар хlоттийна, хьала а лаьцна, доттагlашка мохь туьйхира Қоьрас:

— Маршо я Іожалла!

Яссаелла кlур туьйсучу тапчин биргlи чу хlуп аьлла, иза юханехьа доьхкарх а йоьллина, урх оьзна говр тlехьарчу когаш тlехь хьовза а йина, тlаьхьа ченан кlур хlоттош, ма-йоьдду малхбузехьа дlахийцира цо.

Ткъа берийн хlинца а чlагlдалазчу аьзнашца нохчийн бlаьхаллин иллин аз декара Мичкан лохачу бердашца кхалхадуьйлуш.

Оцу иллица гlиттинера церан дай, дендай, церан а дай. Масех тlаьхье. Бlе шовзткъа шарахь. И илли шен рогlехь хlинца кху берашка кхаьччера.

Массарел а хьалха лаьттачу Іаьлбаган аз, Қоьра гучуьра волуш цlеххьана доьхна дегийра. Дегийра бlаьрнегlарш а, беран ховха балдаш а. Бlаьрнегlарш юккъехула схьаІовдабелла боккха ши тlадам, цlенчу беснеш тlехула керчина охьа а беана, настарш тlе буьйжира.

Цхьанне а ца хаьара и болатан басахь жима кlант, таханчул тlаьхьа нийсса шийтта шо даьлча Нохчийчохь хинболчу уггар боккхачу гlаттаман баьчча хирвуйла а, Нохчмахке дlа а лаьцна, иза, шена тlаьхьа доккха эскар долуш, кхузахула Мичках ваьлла малхбузехьа нохчийн аренаш тlе вер вуйла а, барх баттахь паччахьан колонизаторшна луьра дуьхьало йинчул тlаьхьа и гlаттам дакъалацархойн цlийлахь лийр буйла а, тоьллачу мостагlчун къизаллех

ярташ кlелхьараяхархьама и жима кlант шен лаамехь, гуш лаьттачу Іожална тlе, инарла Смекаловна тlегlурвуйла а, оцу инарло иза а, цуьнца кхин шийтта а Соьлжа-тlалахь тангlалкхех уллур вуйла а...

И ца хаьара Іаьлбагана шена а.

Ткъа муттане Мичка, церан иллигий, цара ечу кхийсаршкий ла а доьгlуш, шек доцуш охьаоьхура.

Цунна дукха хеззера и иллеш. Цунна тlехь дукха къийкъинера буьрса герзаш.

Цунна чу дукха Іеннера адамийн цlий. Татолашца.

Иза цецдаккха иэрчо ца йисинера дуьненахь...

ДУККХА А БУЬРСА ХИШ ХЕДОШ СО ЛЕЛЛА,
ІАЬРБИЙН МОХК БЕВЗИНА, ТУРКОШЛАХЬ ХИЛЛА.
МАССАНХЬА МИСКАНИГ КЪЕН-МИСКА ВОЛЛУ,
НУЬЦКЪАЛЧО МИСКАНИГ СИЙСАЗВЕШ ЛОЬЛЛУ...

Кязим Мечиев.

КХОАЛГІА ДАКЪА

ІАЬРЖА ДЕНОШ

I корта ПХОЬАЛГІА КАВКАЗСКИ СУЬЙРЕ

(Дешхьалхенан метта)

Іедалхойн зуламаллина, цара Іедал тІехь латтораш бехкебан мегар дац: правительстваш цкъацкъа бандиташ хуьлу, амма халкъаш цкъа а ца хуьлу бандиташ.

В. Гюго.

1

Оцу бІаьстенан цхьана буса, махках баькхкина нохчийн пхи эзар доьзал ца бевзачу хийрачу махка баха новкъабаьлча, империн кхечу маьІехь, хьоло а, къелло а юкъйинчу Петербургехь, Кавказан тІеман турпалхочун инарла-майоран Викентий Михайлович Козловскийн цІеношкахь гулбелла бара оцу инарлин бІаьхаллин накъостий.

Парадни неІарехь могІарш дина лаьттачу пайтонашна, карета-шна гонах, месалчу кетарийн пхьуьйшаш чу куьйгаш а доьхкина, шодмаш пхьаьрсашна кІел а йоьхкина, шел ца бала гІерташ, шаьш лаьттачохь ирхлелхаш, когаш бетташ, вовшашка къамелаш деш бара долахьчу экипажийн кучерш.

Массо кор серладаьллера инарлин цІенойн. Хьеший тІеоьцуш неІаршкахь хІиттина лаьттара ливрейшца кечбелла ялхой. Хьеший гулбеллачу зала чохь тховх а, пенех а дашо варкъ даькхкинчу канделябраш чохь догура бІеннаш чІурамаш.

Стоьлаш тІехь баьрзнаш дина бес-бесара даарш, царна юккъехь бІаьвнаш санна лаьттара тайп-тайпана маларш чохь лекхий, горгий, чІапий шишанаш а, графинаш а.

Ехачу стоьлашна гонах хевшина Іара тІеман мундираш юьйхина шайн ерриг регалишца инарлаш а, Іаьржа сюртюкаш, кІайн кучамаш юьйхина, логехь «полларчий» дохку штатски хьакъимаш а. Хьешашна тІехьахула лаьттара пхьаьрсех кІайн гатанаш а тийсина, муьлхха а омра кхочушдан кийча ялхой.

Тховса кхуза, шен рогІехь хуьлуш йолчу пхоьазлагІчу кавказски суьйренга гулбеллера кавказски тІеман турпалхой: Кавказан наместникаш хилла Михаил Семенович Воронцов, Николай Николаевич Муравьев, Александр Иванович Барятинский, Григорий Дмитриевич Орбелиани, Теркан областан начальникаш хилла Николай Иванович Евдокимов, Дмитрий Иванович Святополк-Мирский, тІеман министр Дмитрий Алексеевич Милютин, инарлаш Бебутов, Лазарев, Тер-Гукасов, Гейман, Засс, Дондуков-Корсаков а.

Кхузахь бара кавказски тІеман историкаш-публицисташ — къайлах советник академик Адольф Петрович Берже, Николай Федорович Дубровин, Арнольд Львович Зиссерман, Ростислав Андреевич Фадеев, художник эла Гагарин, полковник Вейденбаум, Шемалина, ламанан халкъашна дуьхьал идеологически диверси вовшахтоьхна Іилманча-нумезматик, инарла-лейтенант Бартоломей.

Юкъ-юкъа хийшина Іара шуьйрий, ехий кучамаш юьйхина, безчу механ жовхІарш, цхьацца кІал-кІовсарш кочахь, пхьаьрсех, пІелгех йохку, куралла дІасахьовса а ца беша хан тоьхха зударий а, мехкарий а.

Хьурмате миноташ тІехІиттира.

Суьйренаш дуьххьара вовшахтохаран инициатор а, церан виллина председатель а волчу гІараваьллачу яздархочо графа Владимир Александрович Соллогуба, ша Іачуьра везза хьала а гІаьттина, цІий санна цІен чагІар чохь лепа хрусталан бокал хьала а лаьцна, яйн йовхарш туьйхира.

— Хьоме государараш, хьомсара государынаш! Нийсса ши шо хьалха вайн гуламан сий хилира паччахьаллин наместник кху цІа чуьра хастамечу хьуьнаршка дІахьажо. Оцу суьйранна вай массо а тешна вара баьччина хастам а, Кавказана машар а хирг хиларх. Вай лоьруш волчу Дмитрий Алексеевич Милютина оцу суьйранна паччахьаллин наместнике аьлла некъан дешнаш хІинца а дека вайн лерехь: «Хьалха оьрсийн цІий Іенначу оцу лаьмнийн чІажашкахь, — элира Дмитрий Алексеевича, — хІинца нийса урхалла хІоттийна, цигара акхарой шайн герзаш охьа а туьйсуш латталелон, махлелон, шайн меттанашкахь дуьххьара язда а, деша а доьлла. Амма Кавказан лаьмнийн малхбузе йистехь хІинца а Іена оьрсийн цІий, хІинца а къаръяла тигац цигарчу къаьмнийн юьхьанцарчу дахаран акхаралла. Цигахь Іена цІий сацор, эзар шеран тІом чекхбаккхар, гражданственностан хІутасар тІедилла дала хьо къастийна, хьан императорски локхалла!» Баьччас кхочушбина вайн тешам! Вай тешна дерг хилла! Декхар кхочушхилла! Кавказан тІом чекхбаьлла! Хьалхалера вайн сатийсамаш дагалецамашка бирзина! Амма мел безчу мехаца! Кавказан тогІешкий, чІажашкий йоьдда[1] оьрсийн даьІахкаш. Маьхза ца тесна вай и ирча хІу. ХІинца тІекхаьчна ялта гулде хан, вай дукха хенахь дуьйна сатийсина хан. ХІинца цига воьдург маьршачу махка воьду. Тхо хьегарца хьуьйсу и вайн, оьрсийн Итали юха а гунйолчаьрга. Вайн Кавказ хьоле ю хастамечу пуллакхашца. Цигахь цхьа а меттиг яц, цхьа а маьІиг яц оьрсийн тІемалочо шен цІийца, майраллин а, муьтІахьаллин а урок язъянза. Цициановн, Котляровскийн, Ермоловн, Паскевичан, Воронцовн, Барятинскийн сийлахьчу цІераша вайна

[1] Кхузахь — яьржина.

дуьйцу тIеман а, гражданский а дицлундоцу хьуьнарш. Оцу дерриге а хьуьнарийн деккъа цхьа хьоста дара: Кавказе безам.

Чохь болчу наха хьала а гIевттина, цIераш яьхначу полководцех дийна бисинчийх шайца кху чохь волчу шина эланна — Воронцовний, Барятинскиний тIе а бирзина, дехха тIараш туьйхира.

— Кавказ а, машар а! — тIаьхь-тIаьхьа хьаьсарта оьхура Солнлогуб. — ХIуъу дича а, оцу шина дашах дуола тигац-кх вайн дегнаш! Цхьа тамашийна, ца кхеташ ду-кх и ши дош. Муха хир ю ткъа Кавказ — тIом боцуш, тIом — Кавказ йоцуш? ХIун ду а хаац, лаккхийдерца дагахьбаллам бу-кх вайна. Вешан толам базбо вай, ткъа оцу юккъехула, цхьа везачух, дагна хьомечух, къоналлехкъаьсташ санна, дагахьбаллам бу. Хьекъал — доккхаде. Дог — доьлху. Дагна хаьа, кху машаречу хено шегара майраллин, хьуьнарийн хан дIайоккхийла. Цхьа эзар цхьа бIе чаккхарма ехачу метгехь, хIор кол — кIело йолу, хIор тарх — гIап йолу и мохк къарташ мел инзаре боккха ницкъ хиллехь а, и тамашийна дерг хилларгбелла кIелсецца бохучух тешалац-кх. Цигахь вайна дуьхьал лаьткх! — Кавказан лаьмнаш дIалецна! Кавказехь машар бу! Хьан дIалаьцца Кавказ? Баркалла хьанна ала деза? Хьанна кхайкхо беза хастам? Уггар хьалха, хьомсара государаш, хьомсара государынаш, хастам бала беза сийлахь-доккхачу оьрсийн муьтIахьаллина. Иза ду шуна Кавказ схьалаьццарг!

Екъанчу, гIуркх санна, ехачу баронесса Николаис цIогIане мохь туьйхира:

— Кавказан тIемалошна хастам!

— Браво!

— Виват!

Тоьхначу тIараша екийра хрусталан пхьегIаш.

— Къилбехьарчу лулахоша ерзанаяьккхина, бIарзйина Грузия шен порфираца дIахьульеш императора Александра I Россина тIера цунна дош делира са ца кхоош цунна гIо дан, — шен къамел кхин дIа а долийра оратора, хьаьсарта бахана зударий дIатийча. — Оцу дийнахь дуьйна схьа кхузткъа шарахь оьрсийн тIемалоша бакъдира паччахьан дош. Оцу дийнахь дуьйна схьа Кавказан тогIешкахь, чIажашкахь сацаза Iенара оьрсийн цIий. Цигахула чекхъевлла оьрсийн турпалхойн дийнна тIаьхьеш, цигахь хилла туьйранара тIемаш. Цигахь кхоллаелла турпалчу хьуьнарийн летопис, шен илленчашка хьоьжуш лаьтта оьрсийн барта Иллиада. Вайна ца хууш мел дукха хьуьнарш дIадоьхкина цигахь, ламанан тийналлехь, мел дукха адамаш дайна шайн хьуьнарш а, цIераш а цхьана Далла бен ца хууш! Амма церан массеран а, — вай хастам бечийн а, банза бисанчийн а, — цхьатерра бакъо ю вайгарчу баркаллина. Церан массеран а цхьа цIе ю: муьтIахьалла. Уьш массо а, тIаьххьарчу салтичунна тIера хьала Ерригроссийски Престолан наследникан биста кхаччалц, кхераман ойла ца еш хьалха оьхура.

Хьалха байракх яра, тIаьхьа тIе хьоьжуш Росси яра. Оцу хьолехь лаьттан хIора коржам тIамца яьккхира вай. Оцу хьелашкахь вайн эшам а, толам а бара оьгIазечу мостагIчунна тIехь, инзаре чIогIачу Iаламна тIехь. Оцу мостагIаллин, амма исбаьхьчу Iаламна хьалха кхочушдан дезачу декхаран дозалло а, сийлалло а кхераме дора вайн дахар, хIетте а кхечу агIор дуьне ца оьшура. Цундела буьсу вайна кавказски тIом чекхбаларна дагахьбаллам. Шун дегнашкахь кавказски лекха ойланаш йисина. Уьш ю къарйинчу Кавказана тIехь тахана оьрсийн толаман байракх маьрша техкориш!

Шен хастам бIеннаш шерашкахь беха болчу кхузткъашеран кавказски тIамо вайна, оьрсашна хьовха, дерриг адамаллина елла пайдехь, кIорггера хьекъале урок ца гойла дац вайн, хьомсара государаш. Кхузахь гучуделира вай цхьабарт болуш хилар, вешан декхар хууш, генна хьалха хиндолчуьнга хьуьйсуш, цуьнан ойланаш, схьалаьцнарг чекхдаккха собар а, хьуьнар а долуш хилар. Иза ду кавказски тIом вайга толамца чекхбаккхийтинарг. Кавказски тIамо весет дитина вайна а, вайн тIаьхьешна а. Лаа ца аьлла поэто:

...Ткъа ахь, Ермолов, вицлунвоцу
Россин — хастам, ламанхошна — кхерам,
Хьурмате весет деш хьайн цIе,
Цхьамзанашца язйина лаьмнех!

Кавказски тIом дIатийна дукха хан йоццуш, амма и лаьмнаш, оьрсийн шайн гIуллакхана муьтIахьаллина гуттаренна а дагалецамийн хIоллам хилла дисина. Цигашха тIехволучу некъахочо эр ду: «Кхузахь баьхна, кхузахь летта, кхузахь шайн кортош охьадехкина, шайн декхар сийлаллица кхочушдинчу бIе эзарнаш оьрсаша». Оцу хIолламна геннара суждане а оьхуш, некъахочунна тIаьххье ерриг Россис эр ду: «Даима хастам хуьлда тхан хьехамчашна! Даима хастам хуьлда оьрсийн лаьттан къоьнгашна, гIарабевлларчарна. Паччахьан дош кхочушдарна, оьрсийн цIарна эхь ца дарна! Даима бехийла Кавказски тIеман безам!»

ЦIен морса чохь лаьтта бокал схьа а эцна, цхьа къурд бина, шен легаш тIундира Соллогуба.

— Сайн къамел оцу дешнашца чекхдаьккхича а тарлора ас. Амма кху чуьра цхьацца накъосташкара хезначу цхьацца хабарша кхин а дийцарна тIетоьтту со. Цхьаццаммо олуш хезира суна, кавказски тIом чекхбаьлла, хIара суьйренаш кхидIа гулъян оьшурийте бохург. Царна хетарехь, тховса вай тIаьххьара а дIадоха дезара, уггар дукхавеза, тешаме, зевелла доттагI лаьттах а воьллина, гIийла дIасакъаьста нах санна. ХIан-хIа, хьомсара государаш, оцу ойланашна дуьхьал аз ца айар зуламалла хета суна. Кавказски тIом чекхбаьлла. Амма чекх ца даьлла вайн декхар. Вай, кавказски крестоносцаш, дIасадоха ца деза, мелхо а ваьштатаIа деза,

керлачу походе, кавказски лаьмнаш кхетамца керадерзо. Хьанна ца хаьа вайх, Азин тIаьхьабисина синкхетам, Азин даьIнаш Россин лоьралле, Россин серлоне хьоьжуш хилар? Керста дино ваьшна ела серло малхбалехьа яржо еза вай. Оцу сийлахьчу декхарна хьалха, тIехиндолчунна хьалха, дIаса а девдда, тхо кхин кавказцаш дац эр ду-те вай? ХIан-хIа, и хила йиш яц! Вай маьI-маьIне некъашкахула дIасадаьржина, амма шарахь цкъа мукъана а вешан «доьзалехь» цхьана а кхетта, Кавказехь дан дезачу керлачу гIуллакхашна ваьш тешаме хилар, кавказски жIаран весеташ ваьш сийлаллица кхочушдеш хиларна тоьшалла дан деза вай.

Цундела, хьомсара государашь, хьомсара государынаш, пурба ло суна сайн къамел балхамашца ца дерзош, ткъа хастамечу дашца чекхдаккха. Пурба ло суна, хIара кад, вайн, къар цалург къарвинчу, бодане верг серлаваькккхинчу, вайн хьоме даймохк сийлалле кхачийнчу, вайн бартана, вайн майраллина, вайн яккхийчу ойланашна, декхарна, муьтIахьаллина тIера айа. Вайна езачу, даима дагахь лаьттачу, ваьш миччахьахула лелахь а цуьнан законашний, тIехиндолчунний гIуллакхдан вай кийча долчу, генарчу, амма дагна гергарчу, цкъа а вайна йицлуйоцчу Кавказо заздоккхийла, иза могуш ехийла! Декъала хуьлда, бIеннаш шерашкахь хастам а хуьлда Кавказана! [1]

Вовшахтоьхначу хрусталан зов дийкира.

«Дела, паччахь Iалашвелахь!» имперски гимн йолийра оркестро. Цунна тIаьххье деха къамелаш, тIаккха хелхарш доладелира...

Бакъ лоьра шен тIамарца дворянски яздархо волу граф Соллогуб. Боккъал а безчу мехах эцнера Кавказера машар. Нисса аьлча, империн помещикийн-буржуазин пIеранан хьолан, хьаштийн дуьхьа кхузткъа шеран дохалла Кавказан лаьмнийн тогIешкахь, чIажашкахь, аьрцнашкахь татолашца халкъан цIий Iенийра, цигахь шайн кортош охьадехкира салтийн чоэшца кечбинчу бIе эзарнаш оьрсийн крепостной ахархоша а, могIарчу ламароша а. Соллогуба шен хастаме дешнаш кхайкхочу оцу господашна цигахь машаре, маьрша дахар хилийтархьама бинчу лаьмнашкара дIа а баьхна, хийрачу Турце дIахьовсийра ах миллион ламарой, бухахь бисинарш ши корта болчу аьрзунан мIарашна юкъа къевлира.

Цхьа ламарой хилла ца Iара махках бохурш а, бовлурш а.

БIешерийн дохалла шайн адамаллин бакъонашкахьа паччахьан Iедална дуьхьал нуьцкъалчу тулпIенашца гIуьттура оьрсийн ахархой, империна чоьхьара кхидолу халкъаш а. Амма хIоразза а уьш шайн цIела керчадора; тоьпаш еттара, ирхъухкура, набахтешкахь, Сибрехан каторгашкахь къиза хьийзабора халкъийн уггар тоьлла кIентий. Шайн даймахкахь лаьттан коржам, сискалан юьхк, садаIа маьрша хIо а ца карадой, иза а, важа а лаха дуьне мадду хийрачу мехкашка дIаоьхура бIе эзарнаш оьрсийн, украинцийн, белорусийн, кхечу къаьмнийн а ахархой, белхалой. Царна тIаьхьа дIабаха аьтто боцурш я даймахках къаста цалуурш, букъа тIехьа пIаьлдигаш тийсина, кара пIожмаш лаьцна, меца, ахдерзина бераш улло а даьхна, йоккхачу империн малхбалехьара а, къилбехьара а мехкаш гIаш дустуш лелара. Шайна тIаьхьа некъийн дохалла керлачу кешнийн кегийн, даккхий баьрзнаш а, церан гIовланашкахь дечиган жIараш а юьтуш.

Йоккха ю Росси, пергIате ю кхузахь олалла дечу классашна, амма гатте а ,садукъаме а ду кхузахь хIокху империн ницкъ а, чIагIалла а шайн вортанашна тIехь латточу къинхьегаман халкъашна.

[1] «Кавказские вечера в Петербурге, 1861—1872» книги тIера.

II хорта БІЕ ЦХЬОЛЛАГІА БУЬЙСА

Ма Іаьржа, ма къайле,
Мел хала бу хьо, некъ,
Настарийн садаьлла,
Со-м хьалха дІатекха.
Ас мичхьа садаІа.
Со мича верза-те,
Беха некъ соцучохь
Соьга хІун хьоьжу-те?

О. Туманян. МухІажаран илли.

1

1865 шеран августа беттан цхьана буса хан яьллачу хенахь Мурат-хин тогІица дІаболчу лекхачу лома хьалаваьлла исс стаг, некъаца бай баьлла меттиг а лехна, сецира.

Шаьш бинчу лами тІехь айина вохьу итталгІаниг, меллаша лаьтта охьа а виллина, вовшашка бист ца хуьлуш, даккхий синош доху ш, охьа а хуьйшуш, дІахерцара уьш.

Кхоъ охьа а ца лахвелира.

Царех цхьаъ, лекхачу дегІара, шуьйра белшаш, юкъ-юкъа кІайн чоьш дийлина Іаьржа маж-мекх, еха екъана юьхь, шуьйра лекха хьаж, боккха ала мегар долуш мара болу, шовзткъа шаре гІоьрттина стаг, шен накъостий дІа а хирцина, дІатийча, охьа а ца хууш, вист ца хуьлуш, Мурат-хин тогІе а хьоьжуш, хІоьттина сецира, шолгІаниг юьстах, варша велира.

— Охьа а ховший садаІийша, Аьрзу. ХІинца цкъа катоьхча дІакхочур ду вай, — вистхилира накъостех цхьаъ.

Амма Аьрзус жоп ца делира я охьа а ца хинра. Охьа ца хоура Чора а.

Цкъа а воккхавер, ирс хІун ду ца хиъна, амма, куьзган чохь санна, къегина къонахалла а, болатан чІагІо а шайна чохь гуш цаьршиннан кхоьлина бІаьргаш хин тогІе чу хьуьйсура.

Уьш ца хьуьйсура гена йоццуш, серлонаш къегаш яьржина лаьттачу Муш-шахьаре а, я цунна сехьа ламанан басех летта йохкучу туркойн, эрмалойн ярташка а, маьІ-маьІнехь лаьмнашкахь даьржинчу курдойн четаршна хьалха йогучу цІерашка а. Ца хьуьйсура, схьа а оьцуш буйнахь дІасакхиссича санна сийначу стиглахь даьржина лепачу седарчашка а, я дехьарачу лома тІехула хІетта гучубаьлла, кІайчу мархашна юккъехула паргІат некъ беш боьдучу батте а. Царна ца хезира генайоццуш варшахь мецачу чагІалкхийн цІийзаш летар а, дехьуо гу тІехь шина берзан рогІана дуьхь-дуьхьал дера угІар а.

Царна кхин, генара аз хезира. Хезира охьа, тогІи чохь, бІаьрго ма-лоццу дІа йолчу акъари тІехь цІераш йолчуьра гІийла аз. Цу чуьра лаккха хІаваэ хьалаоьхура оцу мехкан боцчу маттахь иллин аз. Цуьнан маттах ца кхетачунна а хуур дара иза хІумма а гІуллакх тоделла, дуьненах самукъадаьлла тесна кеж йоцийла. Мурат-хин къорачу гІовгІанах ийна хІаваэхь дека и аз дог Іовжош, лайн чимаш санна, шийла аьрцнаш тІе охьадоьлхура:

Ва делан суьйре хьо, ма гІайгІане еа хьо,
Ва делан суьйре хьо, ма гІайгІане еа хьо,
Масане да-нана доьзалах къастош еа хьо
Ма гІайгІане еа хьо, делан суьйре хьо...

Денна хІаваэ хьийзачу оцу иллин мукъамо мерцина, дагийча санна хетара, къилбан аьхкенан йовхоно чахчийна, дерзинадаьхна и лаьмнаш. Оцу дешнаша, гІийлачу мукъамо кхорзура цаьршиннан бохамаший, халонаший, шаьш дина мокхазан лаьмнаш санна, чІагІдина дегнаш. ТогІи чохь ерзинчу стигал кІел, аьхкенан бовхачу малхо боттуш, догІанаша Іуьйдуш хан токхура пачхьаша Іехийна даймахках баькхкхина нохчийн пхи эзар доьзал. Кхо бутт кхочуш боллура шаьш бинчу лаьмнех къаьстина, оцу хийрачу махкахь массеран къинхетамах хаьдда, массара а дІатийсина уьш болу.

Ткъе бархІ тоба а йина, гонах салтий, эпсарш хІиттийна, Нохчийчура гІаш кхуза схьабалийра уьш. Оцу ткъе бархІ тобанах май беттан ткъе кхоалгІачу дийнахь Буру-гІалара дІа уггар хьалха Турце хьажийначу тобанца нисбеллера АьрзугІар. Оцу дийнахь Кавказан лекхачу орца тІера дІа даймахке тІаьххьара бІаьрг а тоьхна, тІаьххьара маршалла а делла, орцан къилбехьарчу агІох чубирзира уьш.

Доьхна, ирча де дара иза. Махках бовлучу божаршлахь цхьа а стаг вацара нана-даймехкан хьоме латта шен цІийца хьандаза. Вацара иттаннаш шерашкахь халкъан маршонехьа латтийнчу турпалчу къийсамехь шена тешаме хиларан билгалонан мухІар даймахко дегІа тІе тохаза стаг. Амма оцу дийнахь уьш даймахкана, дайн кешнашна букъ тоьхна къилбехьа Кавказан сиртал тІехьа бевлира.

Хьомечу лаьттах къаьстинехь а, дегнаш ца духуш хилира уьш. Керста динехь белахь а, шаьш санначу ламанхошна юккъехула баьхкира уьш туркойн дозане кхаччалц. Амма июнь беттан вуьрхІитталгІачу дийнахь Хазапински заставехь шаьш туркойн салташка дІа а делла, оьрсий юхабирзича, гІехьчул дуьне кхоьлира царна.

Хонкара... Ца бевза хийра мохк, дуьххьара гун къам, ца девза цераи гІиллакхаш, мотт...

Кхузахь хийра дара дерриг а.

Иттаннаш шерашкахь лаьттинчу тІамо талийна, бохийна, чІа-

набаьхначу кхалхийнчара шайн миска къелгаш ворданаш тIе а йоьттина, царна тIехула тIе берашший, къенанашший ховшийна, гIаш бира и гена, шина беттан некъ. Сийна бошмаш, хьийкъина ялташ, сирла хиш долчу кхаьчча, хIинца мукъана а дIа ца кхаьчна-те олий, совца гIоьртура уьш. Амма туркойн Iедало мехкан кIорге дIалоьхкура, ткъа мича, хIунда, кхарна ца хаьара. Эххар, кхин дIагIерта ницкъ ца тоьъча, Муш-шахьарна гена доцуш, Мурат-хин тогIехь туп тоьхна севцира уьш.

ХIетахь дуьйна цигахь бара АьрзугIар. Ткъа тIаьхьа йогIу тобанаш, кхарна тIекхаьчча, кхин дIабаха дуьхьало а йой, кхузахь совцура. Махках ваькkхинчу ткъе кхоъ эзар нохчочух берхIитта эзар оцу тогIехь вара, вукху пхеа эзармо а оццу хьолехь хан токхура Эрзерумна уллохь.

Кхузара меттах а довлий, малхбузехьа, Диарбекиран виллаете дIагIо бохуш, денна туьпа хьийзара кхаймаканаш. Махках бевлла, гIелбелла, къийбелла, дарбелла нах нуьцкъала цигара дIабаха кхерара а хаацара я цIий Iано ца лаьара а хаацара, амма мухха делахь а, дерриге а машаре дуьйцура цара. Бохура, Диарбекирна къилба-малхбузехьа нохчашна къастийна дика латта а, кийча хIусамаш а ю, цига дIагIо. Изза дара даймахкахь цаьрга дукха дийцинарг а. Ткъа меттигерчу эрмалоша дийцарехь, цигара латта, хи доцуш, ерзина, еса меттиг яра. БIешерийн дохаллехь цхьаьнггера а дикий, къинхетамий ца хилла, массарех тешамбайна нах, и мохк цкъа хьалха шайн бIаьрга ца гича, цига ца боьлхура. Оцу махке хьажа вахана вогIура и итт стаг. Цара дохьу долчу хабарх бозура махках баькkхинчу пхи эзар доьзалан кхоллам.

Амма некъахоша царна шийла кхаъ бохьура.

Эрмалоша ма-йийццара еса, екъа аре карийра царна цигахь. Оцу аренан малхбале йистехь яьржина Iуьллура Диарбекир. Гепара хьаьжча а гора цу гIалара тIехь хаддаза сема ха лаьтташ тIулган, лекхачу стаммийчу пенаший, горгачу бIаьвнаший гуобина, арахьахула эчиган чIорех дина зIараш диттина гаттий, кегий кораш долу Диарбекиран набахте.

Дуьйцура туркойн Iедалан къизаллина дуьхьало еш мел гIаьттинарг, болатан буржалш тухий, цу чу кхуссу, тIаккха цо ерриг шен оьмар дуьненан серло ца гуш йоккху бохуш. Хьанна хаара, оцу набахтина гергахьа лехкарий а цара нохчийн кIентий.

Кхузахь а ца каро йоллу-те цара иттанаш шерашкахь къийсамца лехна маршо а, синтеме а? Оцу хеттаршна тIехь ойлайора шина доттагIчо ,ткъа жоп дала ца хаьара. Амма и шиъ тешна вара, Диарбекиран есачу ара дахча цигахь а, бIаьргашна хьалха Iуьллучу Мурат-хин тогIи чохь севцича кхузахь а — шиннахьа а, и махках ваькkхина ткъе кхоъ эзар стаг дIахуда, сутара бага а гIаттийна тIекхевдина лаьтташ къиза Iожалла хиларх.

Чекхболуш лаьттара аьхкенан тIаьххьара бутт. Ша тIехьаьжна хIума доттучу къилбен бовхачу малха кIел йовхоной, цамгарший хьекхара адамаш. ТIамой, паччахьан эскарший талийна, берзина баькkхинчу шайн даймахкара цара деана кIезиг рицкъа чекхдаьллера. Меттигерчу бахархошна уьш дIаелла бевлла цкъа кхаллал рицкъа дуьхьал лундолу шайн мискачу бахамера массо хIума.

ТIейогIуш яра йочане гуьйре, цунна тIаьххье, борз санна буьрса, шийла Iа. Ткъа оцу Iаламан ницкъаца къийса гIор доцу ткъе кхоъ эзар са ерзинчу стигла кIел лаьттара

Чорас доккха садаькkхира. Цунна хаьара, Аьрзус шега ца дийцахь а, шен дагахь цо цхьа сацам бинийла.

— ХIун де вай, Аьрзу? — хаьттира цо.

— ХIун дийр ду. Кхузахь Iаьна кIел дахча а лийр ду, Диарбекире, оцу йийнарг ца кхуьучу мецачу, пана махка дIадахча а лийр ду вай.

— Миччахьа делла а далаза ма ца довлу вай. Ткъа хIун башхо ю Диарбекирехь делча а, кхузахь делча а?

— Башхалла-м йоккха ю, Чора. Нехан хийрачу махкахь мацалла вала я сагIадоьхург хилла лела, я лай хилла ваха ца Iенийна ас кху ткъа шарахь сайн дегIан цIий, — аьлла, цхьана минотана саца а сецна, тIаккха тIетуьйхира цо, — со лийр ву, амма вала ма-веззара. Вайн халкъе хIара къематде хIоттийнчех бекхам а оьцуш, къийсамехь лийр ву.

— Иза-м эрна хабар дара, Аьрзу. Суна хIинца бен ца хиъна, керста паччахьан мел ницкъ бу. Дикачу динахь дийнахь сарале цхьана маьIIера вукху маьIIе кхочура нохчийн махкана. Доза дац паччахьан мехкан, сан [1] яц цуьнан эскарийн. Ткъа вайн хIун ю? ТIе куй тоьхна схьалецца доцчу вайга хIинцалц царна дуьхьал тIом латтабаларх цецвуьйлу со.

Аьрзу гIайгIане велавелира:

— Бакъду. Амма хIумма а йорах-м ца ели цунна вай вешан маршо. КIезиг ду вай, вешан ницкъаца мостагIа эшалур вац. ТIехула тIе, цкъа, а вовшашлахь барт бац. Даима вовшашца ца тарлуш хьаьгIнаш, мостагIаллаш!.. Амма кху тIаьхьарчу шина-кхаа батто дуккха а хIумнаш довзийти суна. ХIара кхидолу къаьмнаш юххера девзичхьана, суо ехха кхеттачу набарх ваьлча санна, хIинцалц сайна къайле хилла лаьттина дуьне довза доьлча санна хетаделла суна. Хьажал хьо, Чора, дика хьоьгуш бу ткъа вайна гина гуьржий, кхузара туркой, эрмалой, курдой? Уьш бакхий бе ткъа шайн дахарх? Цхьа гуш боцчу делан ницкъо таIийна кхобу уьш. Эзарнах итт хьалдолуш ву, биснарш царна боцу. Маккхала ма-аллара, берриг оьрсий а ма бац вайгарчу Iазапана бехке. Доцца аьлча, Iаьржа къайле ю хIара дуьне.

---

[1] Хьесап доцуш дукха.

— Делан къайле ю ала, Аьрзу. Азаллехь вай кхуллуш дала ваьшна хьаькхначу сиза тIехула бен дIагIойла дац вайн.

— Ишта ала-м дер олу. ДIа ойла йича, дерриг шеконе долу-кх. Ткъа хIунда ца елла цо ша синош кхуллуш адамашна нисо? ХIунда яц вайна кху вархI стигли кIел охьаховша меттиг? Даймахкахь а вай хьийзий, махках девлла кхузахь а, мозий сана, леш кхачалуш лаьтта. Цхьанна а новкъа ца гIерташ, вешан лаьмнашкахь машаре Iаш ма дара вай дуьне кхоьлличхьана, ткъа и маьрша дахар дохий-кх генарчу оьрсийн паччахьо. Мича бехкенна хьийзадо? Кху адамера Iазап ца гуш Iаш ву дела? ХIан-хIа, Чора, ахь дуьйцург дац хIара.

Аьрзун къамел цхьанна хазарна кхоьруш, дIасахьожуш Iачу Чорас, аз лахдеш, мохь туьйхира:

— Ишта ма ала, Аьрзу. Со а Iесавоккху ахь. ОстогIпираллахI, субхьоналлахI, дела, хьо цхьаъ ву, элча, хьо бакъ ву. Аш динчуна реза ду-кх тхо. Шайн эвлаяаш тхуна орцах бахийша...

Чорас, къилбехьа а вирзина, ши куьг хьалха а лаьцна, дехха доIа дира, цкъа хьалха хозуьйтуш, юха шабаршца. Наггахь доккха са а доккхуш, цо аз стамдича хазара нана-Нохчийчу, дай баьхначу, махка юхадерзор деле доьхуш, цо ден доIанаш. Амма Аьрзу, цуьнан доIанах дIа-м муххале а ца кхийтира, амин аларан метта, бен дацаре цуьнга ла а доьгIуш, хин тогIин дехьа, регIаца бIаьрг беттара.

Хьалха цуьнан ойла а, хьежар а оцу тогIи чохь йогучу цIераш тIехь хиллехь, хIинца иза регIан когашкахь Iуьллучу туркойн юьрта тIехь сецира цIеххьана. Цхьана кIеззигчу юкъана цунна вицвелира тогIи чуьра берхIитта эзар нохчо, дицделира ша хьегна вон а, хьалха лаьтта Iазап а, эрчонаш а. Мухха делахь а, хIуманан бала боцуш, набаро ятийна Iуьллучу туркойн маьршачу юьргахь ю Эсет. Дийна вуй техьа Гати? Амма ях ца елира, и хан то цунна карлаяьккхира шен къона хан, дуьххьарлера безам. Цидагалоьцуш, цо ен мерза ойла. ДуьхьалхIитта дуьйлира цул хьалха а, тIаьхьа а, зIенан чIагарш санна, вовшех дозаделла бохамийн денош. Ирча гIан гуш набарха ваьллачу стагах тера, цIехьхьана хьалаиккхира иза. ХIетта шен доIин тIаьхье ерзон гIерташ воллучу Чорин белша тIе куьг туьйхира цо:

— Вало, доттагIа, болх далла тIе а биллина, Iан йиш яц. Вай диканиг дохьуш кхачаре сатуьйсуш, Iаш хир бу и пекъарш.

Шина доттагIчо, чехкка волавелла шайн накъосташна тIе а вахана, цомгашниг тIехь Iуьллу лами лаьттара хьалаайбира. Буьрсачу дахаро даима кийча, сема хила Iамийна важа накъостий а, хIетта озийнчу набарх а бевлла, шайга ца кхойкхуьйтуш, гIевттира.

Цомгашниг халла хезаш вистхилира.

— Хьуна хIун лаьа, ДанчIа? — хаьттира Аьрзус, цунна тIе а таьIна.

— Хи лойша, хи...

ТIевеанчу некъахойх цхьаммо шен хаьн тIехь доьхкарх кхозучура схьадаьстинчу хи чуьрачу китан бертиг, цомгашчун корта ларбеш хьала а айбина, кийрара схьа йовхонан тов етталучу цуьнан бете йихьира. Жимчу беро ненан некхан юьхьиг санна, балдашца бертиг а лехна, са ца доIуш къурдаш деш, китан чож чудожийра цо. ТIаккха, корта дIахьовзорца, иза шен бетера дIа а даькхина, гIийла узам а бина, дIатийра. Кхин вовшашка бист ца хуьлуш тогIи чу охьа буьйлабелира некъахой.

Беттан серлоно къегадора церан эттIачу чоэш тIехула юкъахкхозу детица кхелина герзаш. Тата доцуш тIулган некъ хьоьшура ахберзинчу когаша. Хезара цомгашчо наггахь бен гIийла узам.

Уьш генабевлча, юьззина хIоьттина тийналла йохийра, дукха хан яллале коьллашлара схьа а иккхина, дехьо сецначу шина чагIалкхо. Адамаш Iийначохь цхьа а воцийла хиъча, муцIар Iуьттуш, лаьттах хьожа а яьхна, стешха дIасахьоьжуш, и меттиг а теллина, юха муцIарш ирхъерзийна, цкъа-шозза хьожа а баькхина, некъахошна тIаьххье гIашлойн новкъа охьайолаелира и шиъ.

2

ЦIераш йогура хин тогIица йолчу нийсачу экъан тIехь а, ирах раьгIнаш аьхначу боьранашкахь а.

Шаьш динчу, дехачу хIусамашкахь, ярташкахь цхьана дийнахь баьхча шолгIачу дийнахь Iойла доцуш леллера и нах дуьззинчу ткъа шарахь. Ткъа масане хилира инзаре ирчаниг. Марта я Мичка, я Яьсси хийистехь, юькъачу хьуьна юккъехь сийначу бошмаша тIе тхов а лаьцна, тахана жима юрт лаьттинчохь кхана кхин сурт хIуттура. тIеман цIаро дагийнчу цIенойн пенаш кхарзаделла, цIийделла, кIуьро Iарждина товханан кхерчах тарлой дIахIуьттура. Са дIадала ца лууш, дахарехьа къуьйсуш санна, масех дийнахь ирахь догуш лаьттара стоьмийн дитташ.

Оцу халачу шераша дагахь йоцу говзалла Iамийнчу зударший, бераший цхьана ханна шайн кхерч хIоттабора декъазчу шайна къинхетаман тIам хиллачу юькъачу хьаннашкахь. Амма дегнаш дIагIертара шаьш дина хIусамаш хиллачу, безарш лаьттах боьхкинчу оцу лаьттан кийсига тIе. Юкъах герз, карахь дагарш долуш божарий, гехь бераш, карахь поппаран карчолгаш йолуш зударий сихлора къихетамза дохийна шайн баннаш юха меттахIиттон.

Иштта дIаихира и буьрса шераш. Цара Iамийначу наха, кхузахь, туркойн хийрачу стигла кIел, сихалха хIиттийра и чолхе йоцу хIусамаш.

Буьйса тIаьхьаяхана хан елахь а, адам дижаза дара. ГIийла йогучу цIерашна гонах хIоз бина хевшина адамаш гора. Еха кIайн мажош йолу баккхий нах, замано дукха белхорна хьела эгначу гIайгIанечу бIаьргашца, баланаша деттинчу дегнаша хе-

бийнчу беснешца зударий, дегIан даьIахкаш тIе а евлла, севсинчу сийначу гайшца, дуьне девзичахьана ирсан де ганза декъаза бераш а.

Туьпа тIе кхоччушехь лаьтта ворданах йина хIусам. Цунна хьалха яржийначу истанган бIегIага тIехь дIатаьIна Iа къоьжа Жонса. Карахь хьийзош ду цо ша дина шога суьлхьанаш. ТIетаIийна тиллинчу месалчу куйна кIелхула хьуьйсу бIаьргаш цхьана хIуманна тIе богIабелла севцца. Ворданан Iаьрчаш хьалаойуш кIел хIоттийнчу гажарх оьхкина ю Iаьржа совра долчу батта чохь, пийлан кIомсаран кIайн мукъ болу йоккха шаьлта, еха гIирмин мажар, хаза кечйина тапча. ТIехула тIе тиша истанг, чорда палс, ткъа уьш кхачазчу хьардаш а туьйсуш, го къевлинчу оцу вордана кIел гIар яйна Iаь цуьнан шина кIентан ялх бер а, несарий а. Жонсин йоккхастаг кхелхина цхьа кIира хьалха. Ткъа ши кIант тIамехь воьжна-м дуккха а хан ю. Церан кешнаш Мичка хийистехь, цхьана гу тIехь, лекха ши хIоллам коьртехь дисина. Цигахь дIабоьхкина дай, дедай. Кхин гур яц цунна Iаларой-эвла, гур дац жима Мичка, сийна, юькъа хьаннаш... ХIинца иза гена ву даймахкана. Цуьнан берриг бахам хIара ворда ю. Дуккха а дуьне девзинчу оцу вордано а догдиллина шена боьжна лелийначу шина тайшех. Къоьнгий мацалла ца балийта, царна бао цхьаъ жижгана бийна Жонсас, мазалла хьаьжкIех важа туркошна боьхкина. ХIинца кхин чкъург ца карча сецна хIусаме йирзина кхуьнан ворда. Амма къена Жонса чIеIац. Къен ву, къена а ву, хIетте цхьаъ вац. И хьалакхозу герзаш — цуьнан тешаме доттагIий бу. Жонса ша къена велахь а, и герзаш муьтIахь ду цуьнан куьйгашна. Ца хуьлчу далахь, уьш юкъах а дихкина, аравер ву иза...

Ткъа ламанан басица, лаьттах яькхинчу цхьана тоьли чохь тховса дезде ду. Пхеа беро цхьатерра сихдина дохучу нахарийн гIовгIа хеза цу чуьра бодашкара схьа. Берийн дас, Мовлас, оцу буса цхьанхьара лачкъийна мукх беана. ЦIестан яй чохь цхьа кад мукх а кхерзина, нанас хIоранна цхьацца буй бекъна царна. Амма цхьа ялхолгIаниг дац меттахъхьовш а. Иза цамгаро кIелхьарчийна, мотт сецна Iуьллу.

Изза хьал ду царна тIехьа, лакхуохьа, кхечу тоьли чохь а. Оцу чохь хан токхуш бу ДанчIин доьзал. Лулахошна кIез-кIезиг мукх боькъуш, царна алссам белла Мовлас. Церан тоьли хьалха а йогу яй кIел цIе. Яй чу боккха дечган Iайг а хьийзош, голаш тIе а лахъелла Iа шовзткъа шо хенара зуда. ТIехьаьжча шен хенал йоккха хета иза. ЦIеран серло ловзу цуьнан мокхачу юьхьа тIехь. Муьлхачу кIадех йина хаа хала ду, тIелетийнчу бес-бесарчу йоманаша къарзйина, цуьнан коч.

Лелхаш яй чуьра аракхиссалун мекхан буьртигаш схьа а лехьош, гонах хиъна Iа кIант, йоI. Болата шен кара беана буьртиг ша ца кхоллуш, жимчу йишега ло. Кхерзина цIийбелла мукх

Iайгаца кеда а хьаькхна, кегош шелбинчул тIаьхьа берашна дIа а биэкъна, биснарш шен буйна а эшна, берашка а хьоьжуш, сих ца луш, мукх Iийша йолало зуда. Бераш дийшича а ца юьжуш, алу кегош, ехха хоий Iа иза. Туьпахь дIасалелачу божаршна юккъехь ДанчIа гучу ца волу-те, цуьнан аз ца хеза-те бохуш, бIаьрг бетташ, сема ладоьгIу цо. Мисканна цунна хаац, иза, Iожалло кадетташ, накъосташа айбина валавойла. ЛадоьгIуш кIадъелла зуда, тоьли чу а йолий, берашна улло охьаюьжу...

Туьпан малхбале агIонца хийистехь разъяьлла лаьтта серех юьйцина, тIехула поппаран дуткъачу чкъураца хьаьхна бун. Цуьнан бертехь, ши гола мере оьзна, сема набъеш Iуьллу шийтта шо хенара кIант. Соип. ТIегIертачу чуьркийх ларъян тIехула бецан хьардаш тийсина дIакъевлина цо шен ерзина настарш. Хала го дех бисинчу бIегIаган боккхачу куйна кIел къайлаяьллачу юьхьа тIера цуьнан буткъачу меран ира буьхьиг. Амма чуьркашна цуьнан озачу дегIа тIе доьлхуш кевнаш карадо эттIачу бедарех чекх. КIанта сих-сиха катуху цIий мала дегIа тIе хиъначу чуьркана. Цигара бедар цо ваьшта оьзча, кхечахьара дIаса а йоьдий, кхин масех ков долу.

Чуьркаша бен са ца гатдахьара хIун дара. Уьш-м, цIеран кIур бина, къахко а хала дацара. Амма къахко ницкъ боцуш кхин бала бу цуьнан жима кийра буьзна. Кхуза кхаьчначул тIаьхьа да а, шел жима ши йиша а делла цуьнан. Ткъа хIинца, Соипан гIоьнца бен кIегар ца хаалуш, буьнахь нана Iуьллу. Иза-м чу а вахана охьавуьжур вара хазахета а. Нанас наггахь дечу узарший, кхетамах яьлла дечу башхачу къамелой, ткъа къаьсттина, садоIу а ца хезаш цуьнан дIатерой набкхета ца вуьту-кх. Соипехь шегахь а дацара дика хьал. Мацалла букъах летта чож, мел доккха садаккхарх хьала ца севса. Ткъа оцу суьйранна ца ваьллачу денна цо йиъначу татеша, хедо санна, хьийзадо йоьхьаш.

Луларчу туркойн юьртарчу бошмашкара хилла, Iаьржачу буьртигашца лаьтта кхийдина кхозу кемсийн хорханаш, цIен Iежаш, можа хьорматаш дагаяьхкича хIинца а цергех хи долу цунна. Ткъа мел дагна тамбеш а, догдохош а яра цхьаннан кертахь тандара чохь доттачу керлачу бепиган чоме хьожа! Уьш дерриг тахана гина, амма гучул цагар дукха гIоле ю. Керта а вахана, еха эхь хетара Соипана. Нохчочунна эхь ма ду сагIадехар. Ткъа хIан, хIара бепиг, хIара кемсаш хьайн нанна хьуо аьлла, цхьа а гучу ца велира. Иштта такха деза-те тIедогIу денош а? Жима велахь а, Соипа ша-м сатухур дара, ткъа яла йижинчу мецачу нанна хIун дер хаац-кх...

Къаьхьачу ойланаша лаьцначу цунна хаа а ца ло, цициго санна, байн ког буьллуш веана шена тIехIоьттина Болат. Цо муьшка йича цIеххьана саметтавогIу Соип. Вист ца хуьлуш цуьнан кера шен буй таIабо Болата. Шен керахь довха буьртигаш хаало Соипана.

— Хlара хlун ю? — хотту цо доттагlчуьнга.
— Мукх.
— Хьуна мичара баьлла?
— Мовлас беллера тхуна цхьа кад.
Бето куьг тlенйзадо Соипан. Гергахь ижо хааелла чуьйраш, хьеръевлча санна, къекъа. Цергийх теза хиш долало. Амма Соипа цхьа буьртиг а ца кхоллу.
— Баахьа, Соип.
Соип вист ца хуьлу. Бlаьргех гlийла хиш леда. Цlоцкъамаш дашадой, церан юьхьигашна тlехь гуллой, тlадамашка а доьрзий, чуэгначу беснешна тlехула охьахьолху уьш. Хlаъа, дика доттагlа ву цуьнан. Изий бен вац байлахь висинчу Соипах къахеташ, дог лозуш.
— Ахь хlунда ца боу? — хоьтту Болата. — Я кlезиг хета хьуна? Сайна кхаьчначух ах беана ас...
Соипа шен озийчу пхьаьрсашца маракъовлу доттагlа.
— Хlан-хlа, Болат — цуьнан якъаелла белш шен ирачу некха тlетеlайо цо. — Хьайна битанехьара ахь... Нана ю чlогlа... Меца... Мацалло кlелйитина...
Иза-м, дер, Болатана а ма хаьа. Амма гlо дан ницкъ бац-кх. Вист ца хуьлуш вехха хиъна а Iийна, дlавахара Болат. Буьнан маьIехула доттагlчун букъ къайла ма беллинехь, хьала а гlаьттина, мукх бадарна кхоьруш санна, буй къуьйлуш буьн чу вахара Соип.
Буьнахь Iаьржа яра, бlаьрга Iоьттина пlелг гур боцуш. Ткъа Соипана бевза кху чуьра массо кlаг, бог а, тховх охкаелла чамхалгаш, гlаш а. Гуш санна хета ненан азъелла мокха юьхь, буткъа мара, хьех чудегна бlаьргаш, сирделла гиччош, дакъаделла балдаш. Цо садоIу а ца хезий, дог шелло кlентан.
— Нана... — кхойкху иза меллаша.
— Ахь хlун бах, Соип, — халла хезаш йистхуьлу ЖовхIар. Хазахетар тlехдаьлла, Соипан дог хьере тохало.
— Ас мукх беана хьуна, баахьа... Кхерзина бу.
Хьацаро тIунбина мукх шен буйнара ненан кераюккъе боьхкира цо.
— Ткъа ахь?
— Ас биъна, нана... цул а дукха...
Нанас буьртигаш Iуьйшу хезча цергийх хи доладелла Соип аравелира. Жимма Iийна чувеъча, юха а чохь тийналла карийра цунна.
— Юьзин хьо, нана? — хаьттира цо.
— Хlаъ. Иштта яа хlума елахьара толур яра со. Дависарг, кемсаш елара, цхьа кан... Уьш дагаяьхкина суна...
...Туьпа юккъехьуо йогучу цlарна гонах къаьсттина дукха адам ду. Цунна гонах хиъна Iа ткъех сов стаг. Цlеран серло тlе кхетехь волчу иттех стеган бен яххьаш къастац. Биснарш бодаша къайлабаьхна.
Буьйса йовха йоллушехь, цlарна гонах гlерта нах. Цкъа-делахь, къечу стеган самукъе цlарца ду. Цо йохйо ерриг мискалла, йоькъу гlайгlане ойланаш. Цlар тlе ши куьг лаьцна, хиъна Iаь хьаьрса Къосам. Цуьнан мацах цкъа безамехь хилла юьхь эрчаяькхина ира герз тухуш бесни тlехь йинчу чевно. Беснин чкъор тlехебна цхьаъ бен боцу аьрру бlаьрг, забарна санна, даима къаьрзина лаьтта. Иза вистхила воьлча бехха бегабо агlо. Ткъа Мовлин чоин пхьош деса кхозу. Массеран тидам шена тlебахийтина цхьаъ дуьйцуш вуллу горга юьхь-марше, велавелла бен стагана дуьхьал ца хьожу, Iаьржачу аматехь, молла Маккхал. Шен накъостел ирс долуш ваьлла иза оцу буьрсачу тlамах. Цуьнан пlелгаш дlатедда аьтту куьг цlеххьана хьаьжча конжех тарло. Амма дагах йоккха чов ю Маккхалан а: тlамо дай, вежарий баьхьна цуьнан.
Тlеюьйхина бедарш цхьатера ю массеран а. Эттlа, гиша гlовталш, чоэш, чордачу машин хечеш, коьртахь кхакханан я бlегlаган куйнаш, когахь якъаелла лилхина неIармачаш. Хlораннан голаш юккъе лаьцна я улло охьайиллина топ, юкъах шаьлтанаш, доьхкарех йоьхкина тапчанаш.
Йиталац иттаннаш шерашкахь церан шайн бертаза чlагlъелла амал. Герз церан тешаме накъост ву. Изий бен, цхьа а валац декъазчу церан гlо дан, уьш харцонах ларбан. Шайн даймахкахь а ца хилла церан гергах юкъ яьстина, тlера сов бедар дIа а яькхина, охьабийша аьтто, ткъа хlара нехан хийра мохк бу. Кхузахь тешам бац цхьана а куллах.
Хьанна хаьа, хlун хир?..

III корта ЦIЕРАН ГОНАХ

Церан амалшца, гIиллакхашца ца догIу, цара цхьаммо а тIе ца лоцу законаш коча ма Iиттийша кхузахь дехачу халкъашна.

А. С. Грибоедов.

1

Сингаттаме а, дог доруш а ю туьпара тийналла.

ХIетте а шайн забарш йитац наха. Цхьаммо дийцинчух бийлабелла нах юха а берзале, кхечо доладо.

— Цкъа Iаьлара кIел тIом хуьлуш тхан эвларчу цхьанна хилларг хаьий шуна? — бодашкара схьа вистхилира цхьаъ. — БутIа цIе йолуш, дегIана зоьртала, ги доьллича хьаьжкIийх дуьзна суьйлийн къорза гали Iаьнда а хьур долуш, дерстина буожа дара иза. БIо богIу аьлча, зударшций, берашций орца а волий, цигахь цаьрца лечкъий а Iай цIа вогIура иза даима. Кхехкачу тIаме а, божаршна гун хало ялхош, царах къахеташ синош дохучу зударшка а ладоьгIуш Iай, олу бохура цо: «ХIаъ, иштта декъаза хIуманаш яй тхо, божарий-м». Цхьана дийнахь тIом хуьлуш, даима санна орцахь левчкъина а Iийна, суьйранна маьI-маьIехь юкъ-кара герзаш дуьйлу а хезаш, шайна юккъе хIоьттина хIара БутIа а волуш, юьрта богIуш хилла зударий. МаьркIажал тIаьхьа. Цхьанхьа дукха гена доццуш мажар яьлла, ткъа кху божин некха тIе цхьа хIума кхетта. «Я аллахI!» — аьлла, маьхьарца, шен даг тIе ка а тоьхна, ша волчче дIахаьрцина хIара. «Ой, хьуна хIун хили, БутIу?» — гонах хьаьвзина зударий. — «Топ кхийти, со вели!» — бохуш, мохь хьоькху хIокхо. «Ой дакъаза ма вала хьо, оццал ахь идорах кIелхьара ца дели-кх и хьан са!» — аьлла, шайн кучамех этIош асанаш а яьхна, чов ехка дагахь гIовталан ветташ дIадаха боьллачу зударшна хIун гина хаьий шуна? Цхьа нана-йоккха бумбари!

— Цкъа ГIойл дехьара цхьа стаг веана хиллера Гилна хьошалгIа, — дийца вуьйлира зандакъо. — Цхьа буьйса а, ши буьйса а яьккхина, ша дIаваха веза хан герга гIоьртича, хIусамдега аьлла хIокхо: «Делхьа, хьенех, кху Гилнахь тхан тайпана нах бу олуш хезза суна. ХIинца кхузахь кхо де-буьйса а даькккхина цIа

вахча, цIерчара вайн тайпанан нах байрий аьлча, царна дала жоп хир дац-кх сан, уьш бовзийтахьа суна. «Мегар ду» вукхо аьлла, шолгIачу Iуьйранна эвлан юккъе ваьлла хIара шиъ. Дуьхьал вогIуш хилла, гуттар таьIаш цхьа астагI тIаьнчакх. «ХIара вогIург ву хьуна шун тайпанах стаг» — аьлла хIусамдас. Цуьнга бIаьрг тоьхна, реза воцуш тIехваьлла хьаша. Дехьо ваьлча, дуьхьалкхетта эмкалан санна, букъ хьаьвзина кхин. «ХIара а ву хьуна шун тайпанах». ТIехваьлла хIара шиъ. Гена валлале кхин цхьаъ дуьхьалкхетта кху шинна, бIаьрг къаьрзина саккхар. — «Иза а ву хьуна шун тайпана стаг» — аьлла хIусамдас. — «Ванах, тхан тайпанах мел верг сакхате ма ву хIорш», — цецваьлла хьаша. ТIаккха соцунгIа а хилла, ша тIевоьссина гилнахо сацийна хIокхо: «ХIан, хьо цIа гIо. ХIинца суна сайна а бевзар бу тхайниш».

Дуккха а забарш йинчул тIаьхьа, халкъан турпалхой а, шайн накъостий а, тIеман хьуьнарш а, къонахаллаш а йийца буьйлира нах. Долийра Адин Сурхона тIера. Дийцира шайх Мансур имам валар а, ламанан халкъаш дуьххьара цхьаьна а тоьхна, цо пачхьана дуьхьало яр а, паччахьана дуьхьал нохчий гIиттар а. Дийцира Таймин Биболатан хьуьнарех, майраллех, къонахаллех, цуьнан декъазчу Iожаллех лаьцна а. Дийцаре дира нохчийн хIор наибан тIеман говзалла а, церан гIалаташ а, толамаш а, эшамаш а. ХIораммо юьйцура оцу бIешеран тIамо шайн ярташна тIехь йина эрчонаш, оьрсийн инарлийн къизаллаш. Эххар а къамел тахана цаьрга хIоьттинчу хьола тIе деара.

Цаьрга ладоьгIуш тийна Iийначу Къосама доккха садьккхира.

— Дерриг эрна хили. Масане ккелхи, масане доьза вай, масане бен боцуш виси. Шен дуьхьа оццул цIий Iенийна нана-Нохчийчоь а вай хьега йиси. Кхуза схьаван сайн сацам хилла де дагадеъча, айса сайна тоьхна валлал бIарзло со. Кху декъазчу адамийн къих хьалха ма бовлийла хIара мохк вайна марзбинарш! Схьакхаьчначул тIаьхьа зуда а, кхоъ бер а делла сан. Дисина шиъ Iуьллу, кIезий санна, мацалла угIуш. ХIун дан деза царна? Мацалла а, гIело а вешан махкахь гина вайна, ца гуш хIума ца дисина, амма цигахь кIелхьарвала некъ а карабора. Ткъа кхузахь? Мича ваха веза а, хIун дан деза а хаац. СагIа деха даго витац. Доьзал мацалла ца балийта мел ца лаахь а, лачкъой, нуьцкъала яккхий дийзи...

— ХIума дац, Къосам, хьайн хирг де ахь! — тIетайра оцу буса туркойн бекан хьаьттара лачкъийна ах гали мукх а беана, паргIатваьлла Мовла. — Цхьана-шина баттахь кху гондIарчу туркоший, эрмалоший дика гIо дира вайн. Шаьш йоцуш бисина а хаац я вай кхаба кIордийна а хаац, уьш а юхабевлла. Шайн ницкъ кхачахь, цара вайгара а яккха, вешан каяьлларг вай а схьаядор ю. Йинчу яц гIала, яьккханчу ю!

Мовлас аьллачунна реза воцуш корта а хьовзийна, вистхилира хIетталц тийна Iийна Iела.

— Дер ду, Мовла, ахь къобалдийриг а вайн вон цIе йоккхуьйту йолу гIуллакх. Вай-м къуй даций, тIемалой ду. Вайн къомана тIе эхь доуьйту, талораш дечу наха.

— Эхь? Эхь, яхь, юьхь йолуш вай адамаш хьанна хета?

— Хьуна-м дера моьтту, Iела, и талораш наха хазахета до. Мацалла дала-м ца деза вай? Дукха садитти, тоьар ду хIинца. ЦIахь оьрсийн Iедало хьийзий, кхузахь туркойн Iедало хьийзадо. Дависарг яI, сайна кхузашха схьава хаздина нах шаьлтанца боруш охьабахкарх Iебар вацара со!

— Делхьа дийцара цара-м кхузахь вайна кийчча лаьтташ ялсамане ю бохуш!

— Соьга ладогIийша цкъа. И ас буьйцу Нуркиши, Шахьболат, тхан лерехь и зурма лоькхуш, тхуна схьадахка а хаздина шаьш цIахь ма севци!

— Тхан юьртара Iуспанан Сайдуллий, шелахойн Хьаьдаз, майртуьпара ЖанарIелий вара тхан агIор оцу гIуллакхана юкъйихкина лелаш, — элира гиххочо. — Амма уьш тхоьца схьа а баьхкина, шайн вархIи а дена цагинарг хилла, кхузахь элий санна баха хевшина.

— Варданан дена товчу агIор илли ала хаьа царна. Молланийн, наибийн гIуллакх Шемал волуш а дацара вон, ткъа пачахь веъча кхин а тоделира. Делор карий царна шайн ирс кхуза баьхкича а. Молла Шахьби го суна наггахь туркойн юьртахь. Iаж санна йогу беснеш, тIехула бугIанийн варда хьовзаялла стомма ворта, уьссалгIа бутт бахьаш йогIучу пхора зудчун санна гай. Оцу дайл боккхачу коьртах исс дол еха чалба а хьарчийна, пхи бIе суьлхьа кара а лаьцна, бекана улло волий лелаш хуьлу иза. Вай-м хьехор дацара, тIе шен сакхат ваша а дIа ма тесна цо.

— Велла ца боху, и миска?

— Шахьбис мацалла вийна-кх!

— Шайн дена бархI са болу неIалт хуьлийла церан! КъорIан тIера ши элп а Iамийна, шаьш молланаш ду, оха бохург дала аьлла ду бохуш, цара Iехош дехи вай-м кху хьол тIе.

— Ишта ма алал ахь, Мовла. Берриг молланаш бац ахь ма буьйццу, — эккхийтира Макхална уллохь Iачу МIаьчига.

— Бац дера-кх. Цхьаберш цIагара, вуьйш дирша бу уьш! — жимма Iийча тIетуьйхира цо: — Цаьрца хьо вагарвац ас, Макхкал. Ахь дегабаам ма белахь.

— Сайгахь шуьнчул тIехдаьлла хьекъал ду бохург дац сан. Iелас аьллачунна тIера схьадоладелла хIара къамел. Нийса ала ца хаахь а, цхьаъ ала гIерта иза. ГIийлачу стагана зулам дар ца магадо я шарIо а, я вайн гIиллакхо а. Талораша вайна херадокхку кхузара адам. Шу Мушана тIелатталц, кхузахь бехачу наха, къаьсттина эрмалоша, дика гIо лоцура вайнехан. ХIинца уьш а гIакхбевлла. Шайн кераеанарг тоххура кхаьллина девлла шу, оцу дийннахьехь. Цо лечуьра ваькхкина стаг вац, амма цул тIаьхьа кхузарчу къаьмнашкара гIо а хаьдда, мацалла белларш дукха бу.

— Делла дала цара вайна де гIо!

— Сила́ долу хIара меца адам цара даош-малош, дустош кхобур ду-м ца моьттура хьуна?

— ВаллахI, ва биллахI, цара дика са ма детта, — шен къамел дора Маккхала. — ХIара тогIе дIалаьцна охьахевшина вай. Шаьш тIенисбелла хIума схьаоьцу вайнаха, иза шен ворхIа а дех йисча санна. Кхин хIумма ца хилча, кхуза вайн гулдалар тоьар дара, уьш собарх баха. Собар ца хили шуьгахь. Сатоха дезара, собар хила дезара. Аьрзугlар цIа берзийта, тIаккха хуур вайна дан дезарг. Вешан къомах чекх са ма гайта вай, оьздангаллех ма доха вай бехира. Ла ца дуьйгIи-кх.

— Э, Маккхал, гай мацъелча оьздангалла йицлуш хиллера. Мацалло дохадо дерриг. Мацалла лечул-м, летта валар гIоли яй.

Маккхале ладоьгIуш Iийначу Къосаман аьрру бесни егон юьйлира чу цIий доьссина, цIийбелира бIаьрг. Цунна мохаяран я халахетаран билгало яра иза.

— Ахь хIун дей, Маккхал, суна и туьйра ма дийцалахь, — элира цо эххар а. — Оцу наха дийцинчу туьйранаша Iехийна винчу махках а, дуьненан ирсах а хадийна, кхуза кхоьссина со. ГIаж санна, хьайн дегIаца цхьалха волчу хьуний, Iелиний атта ду оьзда лела. Сан санна, мацалла багош гIаттийна, кийрара Iаь ца йолуш Iохкуш ялх чIевне[1] яц шун. Делахь, дерриш мацалла ле вай? Ваьш Iехийначарна хастам кхайкхабей вай? Вай-м кхоччуш Iехиний! Вай хIаллакдан а, махкахдаха а, мацалла дайа а мега, ткъа ас диъ делча дисна сайн ши бер мацалла ца далийта, сискалан юьхк яккха ца мега? Со вен гIертарш оьзда бу, ткъа ца вала гIерташ дуьхьало ен со — оьздангаллех воьхна! — Чордачу машин эттIачу чоин кач дIаса а оьзза, баьллачу берзинчу пекха тIе буй туьйхира цо: — Экхаичух тарделлий сан дог-м. ХIара маьлха дуьне сайга оццул къиза доуьйтурш тало а, байа а къа ца хета суна!

Пхьаьрсан гола лаьттах гIортийна, тевжина Iен Маккхал, нис а велла, лерина Къосаман бIаьргаш чу хьаьжира.

— Къосам, хьо дала дукха вахаварг, кху хьол тIе хьо ваькхкинарш и ахь хьийзон миска туркой, эрмалой ма бац. И пекъарш-м хьол дукха гIуллакх тоделла а баций, халла хене бовла гIерташ бохку. Схьавалийна кхуза охьакхоссалц хьо дуьненахь вуй а ца хиъна царна. Церан хIун бехк бу? Вайн делан возаллор, кхузарчу адамаша дика гIиллакх ма лелий вайца. Хьалхарчу цхьана баттахь шайн ницкъ кхочу гIо а ма дира. ХIинца вайн харцхьадовлар а лов.

[1] Хьозанан тайпа.

— Мила ву ткъа бехкениг? Со хазахета веана кхуза? Хьан баькхина сан бIаьрг, Мовлин пхьарс, кхечуьнан ност? Хьан даьхна вай дайх, вежарех, йижарех, къоьнгех? ХIунда веана со кху пехан хийрачу махка? — хеттарш тIеIанийра Къосама. — Хьуна хIун моьтту, Маккхал, со, Iелам цахиларх, сонта вац хьуна. Суна хаьара ткъа герз буйнахь сайн неIара тIе хIитталц, оьрсий дуьнен чохь буйла? Со-м, сайн дай санна, цхьанне новкъа а воцуш, адаман хIумнаш ца лечкъош, сайн ирзон коржама тIера сискал йоккхуш, машаре вехаш варий, цара витанехь. Амма уьш бевзичхьана цIийн Iовраш Iена нохчийн лаьмнашкахь. Вай хIун дина царна, хIунда ца дитира цара вай вешан лаьмнашкахь даха? Со-м хазахета ца веаний кхуза, ткъа цигахь цара сайна тIехь хIоттийнчу къиззалех ведда, кхузахь мукъане а сайна синтем карорга догдохуш веана! Веана, бIаьргийх хи ца долуш, дог доьлхуш, нана-даймохк битина.

— Хих веддарг хьера кIел иккхина бохург хили-кх. Кхузахь мацалла лечул-м хьаха, паччахьан эскарех леташ, вешан мохк ларбеш делла дIадевллехь ма тоьллера. ХIинца вайга хIоьттинчуьнга хьаьжча, ялсамане хилла и сийна Сибаре-м.

ОьгIазаллех вуьзна Къосам шен къамелан тIаьххьара дош аьлла, цхьа бIаьрг тIе а къарзийна, вист ца хуьлуш сецча, хIетталц, бIаьргаш а хьабдина, меллаша дегI техкош Iийна Маккхал вистхилира:

— Делхьа, суна сайна а ма хаац дан дезарг. ХIун де-те, муьлхачу новкъа дахача кIелхьарадевр дара-те бохуш, ойланаш еш буьйсанаш тоькху ас-м. Ахь бакъ боху, хазахеташ цхьа а ца веана кхуза. Таллархочух шен са дадийна лела экха санна, шен са дадийна веана хIора а. Амма, аш тидам биний кхечу адамийн дахаран? И беха кхаа беттан некъ беш вайна гинчу къаьмнийн дахар дара ткъа атта? Ткъа хIорш? Хьо дIа тIе мел кхаьчначу юьртахь, дуккха а лаппагIашна юккъехь кхоъ-диъ цIа карадо хьолаца къаьсташ. Хьенан ду и кхо-диъ цIа? Моллин, къедин, юьртден, совдегаран. Ткъа лакхахь мел дукха бу уьш, дехьа мел вели баккхий сутарий а болуш. Уьш дIакъастийча, дисна адам вайга гIоьрттуш гIело хьоьгуш ду. Вайгарчу а, цаьргарчу а Iазапана бехке паччахьаш, элий, эпсарш, уьш къих цIанбеш лела и цхьа тайпа динадай бай. Уьш талабехьа, хьо дала дукхавахаварг, уьш байахьа.

Голашна тIе охьатаIийна корта шина куьйга къевллина схьа а лаьцна, лаьттан бIаьрвогIавелира Къосам Карзахвийлар лахделча, цуьнан багара гIийла масех дош делира:

— Дер хаац суна-м, Маккхал. Паччахьаш, элий, динадай лоьхуш, царех биэкхам эца гIерташ лела хан а ма яц. Мозий санна хIаллакьхуьлуш ду вай. Суна ца лаьа сагIадоьхург хилла лела, лай хилла ваха я мацалла вала а...

Къосама дуьйцург массеран а дагахь дерг дуйла хуучу Мак-



кхална лаьара хIуъу аьлла а церан догъэца, амма царна синтемана дешнаш ца карадора.

— Массеран а дагахь дерг ду-кх ахь дуьйцург, Къосам. Кху хьолехь ши бутт хан ялахь, дерриг делла дIадевр ду вай, гIуллакх дено-дено оьшуш лаьтта. Аьрзугlар а кхочур цIа, хуур ду вайна дан дезарг а, карор бу кIелхьарадовла некъ а.

— КIелхьарадовла некъ-м суна хаьара, — дехьа юккъера схьа вистхилира цхьаъ. — Коша боьдург бу-кх!

— ЭхIей дависа кху дуьненан! Лийр юйла хиънехь, шен нана туьханах юхкур яра баьхна аьккхочо. Цунний дайна, Сайдуллагlар йийцина Хункаран ялсамани иштта чаьмза хир юйла хиънехь, ма хала дара со Мичкал сехьа ваккха!

— Цунна ца воьлхучун вархIдена хила неIалт! Кхуза догIучул-м вайна Сибрех дахар дуккха а гIоле хиллера. Цигара-м цкъа даймахка дерзаре сатуьйсийла а яра, кхузахь иза а яц.

— ДIадовлийша кIентий, тховса ма карзахъяьккхи аш и Iожалла. Шу стенна чIеIа? Дуьненан массо паччахьашка шарбалш яшайойтуш волу оьрсийн паччахь шовзткъе итт шарахь лестийна нохчийн кIентий дац вай? Iожаллех кхоьруш вай маца хилла? — хьала а иккхина, нахана тIевирзира данма самукъне Мовла. — Ас биъна ненан накха хьарам хуьлда-кх, ца хуьлчу далахь-м ас кху туркойн данчIарийн кортош догIмийх къестодолор дацахь!

— Iожаллех кхоьруш дац оха дуьйцурш. Оьздангаллех вухучул, сий дайна лелачул, нехан лай хилла вехачул дийнахь-бусий эзарза валар гIоле ю, Мовла. Цунах кхоьрий тхо-м.

— Цундела ца оьшу-кх сагатда! Оцу хьола тIе ваьш довла дуолахь, летта лер вай. Iожал-м гена яц. ДIога, бодашкара схьа а къерзаш Iа. Тховса вайх муьлха дIавига-те ша бохуш, хоьржуш. Цул, дийцахьа, Маккхал, хIара дела воцу туркойн элий байича эхартахь муьлхачу даржехь хир ву со?

Маккхалан горга юьхь, сийна ши бIаьрг декхаделира. Шен шуьйра белшаш хьала а тоьхна, хьаьрсачу мекхех куьг а хьаькхна, вела а къежна, охахиира иза.

— Жайнин хабаре ладегlар, хIай делан лай Мовла — мукъачу, токх нехан гIуллакх ду. Токхо яцахь а, мукъа хан вайчул шорта йолуш адамаш дуьненахь а хир дац, цундела жоп ло ас хьуна. Жайно-м хьоь ваха боху, паччахьаш, элий, пурстоьпаш, кхидолу кегий цIубдарш делан лаамца лелаш ду, Iедал делера ду, цара хьайна тIехь дечиг даккхахь а, чIикъ ца боккхуш, церга балда а лаций, сатоха. КхидIа а боху цо, хIай делан лай Мовла, бусалба дийехь воцу стаг массо а хьан мостагIа ву, ахь иза вехь а, цо хьо вехь а хьо гIазот ву, везчу делан лаамца ялсаманин неIарш хьуна йиллина хир ю, хIуьрлаIанан мехкарий хьоьга хьоьжуш Iа.

— ЦIе йожа хьо белхан! Иза-м нийсо а ма яц, — цецвелира

Мовла. — Ас керста вийча а со ялсамана воьду, цо со вийча а со ялсамана воьду. Ткъа иза маца воьду цига?

— Делхьа ма вон са ю цунна хирг!

— Собардехьа, Зарма, цкъа сан хаттарна жоп далийтахьа цуьнга. Ткъа оцу керстанийл дуккха а сий доцуш къиза нах бу бусалбанаш юккъехь. Уьш байача хуьлий гIазот?

— Хила хьакъ-м дара, амма КъорIан тIехь ишта яздина-м дац. Мовлас, чам байна, корта хьовзийра.

— Дависа цуьнан, Маккхал, ма галваьлла хилла-кх и жайна яздинарг!

— Ой, сийдоцу бусалба вийча а хуьлу гIазот аьлла, цхьа-ши могIа тIе язба ца мега? — хаьттира цхьаммо.

Тийналла ятIош белабелира нах. Оцу дешнех самукъаделира кхоьлинчу Къосаман а. Цуьнан буьрсачу юьхьа тIерачу сирачу мекхашна бухара дакъаделла, кховр тесна балдаш халла хаалуш делакъежира.

— Кхин ду цхьаъ, Мовла, — вистхилира Маккхал, белабалар лахделча. — Хийла керста ву бусалбанал дог цIена а, къинхетаме а. Кханалерчу эхартахь дала церан меттигаш хуьйцур ю аьлла ду жайнахь.

— Делхьа, вочу бусалбанийн декъий дIа а кхоьхьуш, дикчу керстанийн декъий схьакхоьхьуш, бус-буса и хийцарш дан волахь, дела мукъа-м хир ма вац.

— Оцу даламукъалахь молла-Шахьби кестта лийр а ву, и дIаволлина цхьа кIира даьлча, цуьнан каш даьстина, цу чу хьажаза а Iийр вац-кх со. Сайн доттагIа Ягор карор вац-те суна цуьнан меттахь, — забар йира Мовлас юха а. — Ас КъорIанах дуй буур бара-кх шуна, вайна бIаьрга бан ца безачу оцу керстанашлахь Iаламат дукха дог цIений, къинхетамей, тешамей нах бу аьлла. Маккхал бакълоь шуна. И вайх летта салтий шайн лаамехь летара моьтту шуна? Ма бакъ дацара-кх иза! Суна санна, церан хьал хаахьара шуна. Со йийсаре муха вигира-м ас дийцина шуна. Йийсарехь волуш Рангал-инарлин долахь болчу муьжгашца шина шарахь гергга болх бира ас. Кху хьолехь хIокху тогIи чохь цхьана-шина баттахь дисахь, далла дуьхьал гIур ду вай, кIентий. Далла дуьхьал юьхьIаьржа гIойла со, шуна цхьа хьаьрк харц дуьйцу делахь. ХIинца вайгарчуьнга гIоьрттиш Iазапехь бара цигара муьжгий. БIаьрго ма-лоццу йолу и шера аренаш, юькъа хьаннаш ерриш элийн долахь яра, ткъа муьжгичун долахь хIупъаьлча бIаьрга эккха хIума дацара. Иза хьовха, шайн догIмийн дай бацара уьш. Хьайбанаш санна, бухкуш, оьцуш бацош лелабора элаша. Дуьхьал масех муьжги лой, толлу цхьа жIаьла оьцура. КIезиг бехк баьлча, верзана а, воккхий, шед етташ, бехкечу метта аьрснаш хIиттадора. Элан цIийнах болчу божарша шайна луъург леладора муьжгийн зударшца, мехкаршца. Суна сайна ца гинера, амма муьжгаша дийцира, цхьана эло-м шен эрийн кIезий муьж-

гийн зударшка дакхадойтуш хиллера бохуш. Адамаша лело хIума ду ткъа, зударех кIезий дакхадо бохург?

— Ой, цIе йожа хьо белхан, иза ирча эхь ма ду! И муьжгий куьйгаш лехна-м бацара?

— ВаллахI, ва биллахI бара ас, сайн зудчух кIезий дакхийча хьовха и дагадеанчу стеган корта, иза стиглах хьекхалуш хиларх, схьа а баькккхина, оцу кIезашна баор!

— Дуьхьало ца еш-м дера уьш а ма ца Iара. Паччахь, цуьнан эскарш а хьал долчаьргахьа ду. Цара кIуьрза бойу дуьхьало йийраш.

— Дуьне дац-кх цара дуург!

— Цул-м цхьана дийнахь летта делла дIадовлар гIоле ю.

— Цхьаннахьа а яц ийсо. Изза дац ткъа кхузахь?

— Со-м, шуна цхьаъ дийца гIертий, — нехан оьгIазбахар жимма лагIделла юкъ а лехна, шен хабар дIадолийра Мовлас. — Ца безара муьжгашна и шайн паччахь а, элий а! Ягор цIе йолуш цхьа муьжги вара сан доттагIа. Воккхастаг вара иза. Къона волуш даггара дукхаезаш йоI хиллера цуьнан. Элан пурба доцуш зуда яло а, йоI маре яхийта а бакъо яцара муьжгийн. Элан пурбане хьоьжуш хIара шиъ Iеш Ягор салт ваькккхина. Салтваьлла шо а кхачале цIера кехат кхаьчча кхуьнга, элан кIанта лела а йина, хьо тIехьийзина йоI, ша шех цIе а тесна, яьгна аьлла. Салт лелаш ткъе пхиъ шо а даькккхина, цIавеана иза кхин зуда ца ялош къанвеллера. Цуьнан гIоьнца ведира со йийсарера. Хьуьнхахь тхойша вовшахкъаьсташ: «Хьо Кавказе кхаьчча тхан барнан корта баккхалахь. Хьайн пицкъ ма-кхоччу дашо пагонаш ерш байалахь, жIаьлеш ду уьш. Ткъа салтий, хьуна гуш долу тхо пекъарш ду», — элира цо соьга.

— Вайнехан мотт хаьара цунна, Мовла? — хаьттира цхьаммо.

— Ца хаьара дера. ГIехьчул церан мотт Iеминера-кх суна.

— Делхьа дийца, Мовла, шаьш ма-дийццара.

— Иза-м хала доцуш хIума ду, — Мовлас массарна тIехула бIаьрг а тесна, йиш тоеш йовхарш туьйхира: — «Наш барин Рангал[1] изнаеш? — хаьттира цо. «Тхан эла Рангал вевзий хьуна» бохург ду иза. «Йиво башка долой, залатой погон эпсар башка долой. Висе залатой пагон эпсар соббак. Салти, муьжги один биднак». Цуьнан корта а, дашон хьесан кIужалш йолчу эпсарийн кортош а даха, уьш жIаьлеш ду, ткъа салтий тхо санна цхьа пекъарш бу бохург ду иза.

Шена хуучу оьрсийн маттах дозалла деш, курра нахе а хьаьжна, луьлла юза хIоьттира Мовла.

— Ткъа ахь жоп муха лора?

— Яхши, Ягор, яхши. Висе залатой пагон башка долой бийр бу элира. Делан гIоьнца зен-зулам доцуш вайн махка вирзира

[1] Мовлас вуьйцург Врангель ву.

со. Цул тIаьхьа тIеман арахь вай оьрсашца чуччу дахча, даима сайна хезаш санна хетара суна Ягора дина весет, дуьхьалхIиттара цуьнан догцIена юьхь, сийна, къинхетаме бIаьргаш. Иза дагадеъча сиха къастабора ас эпсаран горга корта шен белшех. Цундела воллу-кхи со, Шахьби велча, цуьнан коша хьажа. Хьанна хаьа, Шахьбин кошахь Ягор каравой а. Маккхала дийцарехь, Шахьби жоьжахата а воьдуш, Ягор ялсамана а воьдуш, гIуллакх нисдала догIу.

— Хьо галваьлла, Мовла, Шахьбица керста молла хуьйцур ву дала! — аьлла, шен цхьа бIаьрг къарзийна, гIадвахана велавелира Къосам.

ТIетуьйсучуьра жIолмаш хаьдда цIе, юкъа гIаж хьийзаярх ца къегаш, яйнера. Бутт чубуьзча гонах хIоьттинчу бодано юха а хьалхахIоттийра цхьана юкъана царна дицделла ирча хьал.

Бода бара церан дегнаш чохь а.

Мовлин къамел чекхдаьлча, цхьана юкъана хIоьттина и сингаттаме тийналла йохийра вистхиллачу цхьаммо:

— Тховса а биси-кх АьрзугIар.

Цунна цхьаммо жоп ца делира.

Жимма Iийча юххерчу тоьли чуьра схьа беран дуткъа, йишхаьлла аз хезира:

— Нана...

Дуьхьал жоп дацара.

— Ва нана...

— ХIун боху ахь, диканиг?

— Сискал еза...

— Ас хIун де хьуна, диканиг?

— Со меца ю, нана...

— Яа хIума яц вайгахь... ас Iуьйранна, хьалххе гIаьттина, яхьар ю вайна...

— Нанав...

Хьестарх гIуллакх ца хилла, човхийна сацийра нанас мацалла бIарзделла бер. Жимма Iийча тоьли чуьра схьахезира беро уьйзу са а, ненан къора елхар а...

Ткъа и майра кIентий дан гIо доцуш тийна Iара.

Юкъал тIехъяьллера буьйса. Ца хаалуш тIедуьллучу тхе тIунйинера тIера беркъа бедарш, эттIачу царна юккъехула схьакъеда малхо еттина Iаржйина меженаш. Дийнахь сарралц дIасалелаш, хевшина Iаш, ойланаш еш кIадделлачу церан догIмашна садаIа лаьара. Амма муьлхха хало а атта хетара царна, дагна Iеткъа, дог морцу, мецачу берийн, цомгушчийн узарш хезаш, цаьрга ладоьгIуш баннаш чохь сема буьйса токхучул.

Амма ведда вала некъ бацара.

Вовшийн Iодика а йина, цхьацца агIор шайн доьзалшна тIе дIасабекъабелира уьш.

Туп дIатийра.

IV корта НОХЧОЧУН НАНА

Кхерамо, эшамо
Мухlажар дlалоьллу,
Кху къизчу дуьненахь
Цунна хlун далур ду?..

О. Туманян. Мухlажаран ялли.

1

Велла стаг айина боьлху нах кешнашка санна, тийна, шаьш охьабуьллу ког а ларбеш, ма-хуьллу тата доцуш билла гlерташ туьпа боьлла некъахой, адам самадаларна кхоьруш, атталла вовшашка бист а ца хуьлуш, ДанчIин тоьла йолчухьа хьалабоьлхура.

Туьпахь тийна делахь а, дийшаза адамаш дара дуккха а. Кху тlаьххьарчу деношкахь наб яйна Тарам вара, меллаша шен тоьлехьа схьагlертачу адамашка а хьоьжуш, хlоьттина лаьтташ. Мосаззе а шен тоьли чу а вахана, дlатевжира иза тховса. Амма наб ца кхетара. Бодашкахь хаддаза хьалха лаьттара кху цхьана баттахь хьаьвзина, тlе-кlел деллачу шен зудчун, деа беран гlаларташ. Церан можий, озий яххьаш, дуткъделла марош, Iаддаргlанаш санна ситтина пlендарш, хеда дохку легаш, букъа тlе хевшина пханарш, пхьаьрсийн, настарийн чlораш. Бодашкара схьа цуьнга хьуьйсура чуьра синош дlадевлла, хlиттина, севцца, кхоьлина бlаьргаш. Хезаш санна хеталора цара сихдина я халла хаалуш тийна доьlу синош. Диллина дlа лерехь декара экамчу йоьlан йишхаьлла аз.

— Дада... сискал... сискал...

Тараман догдаьллера шен тоьлех хьовха, кху дуьненах а, Мацалло дарйинчу барзах тарвеллера иза. Тlеман тlаьхьарчу пхийтта шарахь дуккха а адамийн синош даьхнера цо. Тlеман арахь. Ша вуьйриг, ша ве, шен доьзал хlаллакбан веана мостагlа велахь а, дог къуьйлуш, цергаш таlайой воьра цо. Шен карах салти мосазза лен, деле дехар дора: «Веза дела, гечделахь суна. Сан бертаза хуьлуш ду-кх хlара дерриг». Ткъа хlинца цо цlий лоьхура. Хьацаро тlунбинера цо буйнахь къуьйлучу шаьлтанан маьlан мукъ.

Тlебогlучу нахе хьоьжуш lачу цунна, уьш герга ма гlоьрттинехь вевзира хьалхавогlу Аьрзу а, цунна тlаьхьара Чора а.

«Мила ву-те кхарех велларг» — дагаиккхира цунна, тlехь стаг волуш айина бохьу лами гича.

— Ассалам lалайкум, диканна хуьлда хьан само! — лохха маршалла хаьттира Арзус, цунна тlе кхаьчча, болар лагlдина.

— Ва lалайкум салам, диканца догlийла шу а, Аьрзу. Мила ву къизчу lожалло шух къастийнарг? — чоин пхьош а лаьцна, Чора сацо гlоьртира Тарам.

— Хlинца цкъа-м массо а дийна ву тхо. ДанчIа чlогlа цомгаш хилла-кх.

Чора ца сецча, кхин хеттарш ца деш, царна тlаьхьахlоьттира Тарам.

ДанчIин буьна хьалха, йоьгlча санна, хlоьттина лаьттара юткъа, лекха зуда. Коьрта тиллинчу корталин тlаьмгаш шина а буйнахь чlенга кlел гулдина, хlиттича санна, тухуш негlар доцуш, хьех чудегна даккхий lаьржа бlаьргаш шена тlебогlучу нахе хьовсийнера цо. Хийрачу махкахь, гена новкъа ваханчу майрачунна сагатлучу Хедина кlезиг наб кхетара буса. Тховса къаьсттина синтем байна ладоьгlуш lуьллуш, арара когийн тата а, ДанчIин цlе йоху а хезна, араиккхича шайн хlусаме айина вохьуш стаг гина, коьрте хьаьлхинчу тайп-тайпанчу ойланаша lадийна лаьттачу цуьнан са метта ца деара ДанчIа ша вистхуьлу хаззалц.

ДанчIина хаьара оцу хьолехь ша гича доьзалан мел дог духур ду. Церан сингаттам кхин тlе а алсамбаккха ца луу иза, шена гlо дан гlоьртинчу накъостийн куьйгаш дlа а теттина, берриг ницкъ гулбеш хьала а гlаьттина, тоьли чу а ваьлла, охьахиира. Бодаша ца гайтора цуьнан яьлла мокха юьхь, тlе кlомарш тийсина дакъаделла балдаш, чуьрчу чоьшна тlехь детта цlий сецца буткъбелла мара а, кхоьлина бlаьргаш а.

Накъостий, жимачу тоьли чу а бевлла, охьаховшур бу бохург хьехадойла а яцара. Цу чу нуьцкъаш тарбелла боллура ДанчIин доьзал. Хедин дог хьаош доцца къамел дина, и шиъ шаьш дитархьама дlасабахара вуьш. Нах гено бевлча тийналла хlоьттира буьнахь. Тlехула тесначу зарзделлачу истангех чекх хьала хьаьжча гора седарчаша серлаяьккхина стигла. Къора терсара Мурат-чай а. Оцу буса биъначу мекхо мацаллина жимма гlоли йина бераш, халла хезаш са а доьlуш, дийшина lохкура. Лелха санна лозура ДанчIин дегlан меженаш. Богучу кийрара юьйлучу йовхоно кхерзинера бага. Цо хала садоьlуьра. Амма чlикъ ца бокхура.

— Хьуна хlун хилла ,стаг, хьан чlогlа ницкъ эшна ма хета суна? — хаьттира кхидlа детта са кхачийнчу Хедас, майрчунна улло а таьlна..

— Могаш ваш. Кхеттарг вон цамгар ю. Охьавижа меттиг тоехьа суна.

Набкхетта lуьллу йоl меллаша схьаэцна, Болатана улло а йиллина, йоl lиллинчу хьардаш тlе истанг а тесна, ДанчIина мотт

тобира Хедас. Метта ма-веллинехь дIатийра цомгаш дегI бехачу некъо гуттар дожийна ДанчIа. Иза вистхиларе ладоьгIуш еха Iийра Хеда. Цунна ца хаьара ша хIун дан деза. Дуьненахь цуьнан уггар гергара стаг балехь ву, амма дан гIо дац. «Юург кхоллур ярий те хIокхо?» хаьттира цо шашега, амма цуьнга хатта кхоьрура. Цо ца еза аьлла жоп лахь, — иза гуттар кIелвисаран хаам бара, ткъа Хедина ца лаьара цунах теша. Нагахь хIума кхоллур яра алахь, дIаяла хIумма а яцара, берашна кханенна битина цхьа кана мукх боцург.

Хедина дагабеара цхьа кIира хьалха лула юьртарчу туркойн зудчо шена беана кIолдан ши межарг. ДанчIа цIаваре хьежош берашна а ца луш латтош бара цуьнан и шиъ.

— КIалд ма яра вайгахь, хаза чам болуш, хьайга иза кхаллалойла хьажахьа, — элира цо эххар.

— Ца оьшу. Некъо дегI гIелдина сан.

ДанчIа дIатийра. Иза шен дегIера бала мел лечкъо гIертарх, Хедех къайла ца белира. Ша дуьнен чохь йоккхучу хенахь, къаьсттина оцу тIаьхьарчу баттахь цомгушнаш, баларш дукха гинчу Хедин, цкъа хьалха легашка шед хIоьттира, делха доьлла дог сецош дехха къурдаш дира цо, эххар йилхира.

— Зуда, хьо йоьлхуш яц?

ХIетталц цунна хазарна кхоьруш, къайлах елха гIиртинчу Хедас шен сина маршо елира. Дагна Iаьткъина бала цо елхарца байбаре догдохуш, Хеда парггIат елха а йитина, иза шега еъчахьана ша ца яьккхина, цуьнан цIе а йоккхуш, вистхилира ДанчIа:

— Хеда, хьо-м гуттар ледара хила йоллу. Цамгаро а, бинчу некъо а гIелвина со дIатерах, ишта кIелвисина моьтту хьуна? Iоьттина дегIах чекх цхьамза а баькхина со валийча а, биъ пIенда аьтта, кхетамчохь воцуш валийча а ца йилхина хьо, тахана хIунда йоьлху? Ма елхахьа, самадовлахь, берийн а догдухур ду...

— Йилхира, ДанчIа, со-м хIетахь а йоьлхура, амма хьуна ца гуччу а юьйлуш... Вайн махкахь хилла бохам атта лало... Цигахь сатоха а, и дIалиста а атта дара... ткъа кхузахь, ненан некхера даьхна бераш санна ма ду вай...

— Хеда! — кхайкхира ДанчIа, иза сауьйзучуьра саццалц а Iийна.

— ХIавай.

— Хьан дог хьаьан?

— ХIаъ.

— Делахь, дика ладогIалахь хIета. Уггар хьалха дехар ду хьоьга, суна хезаш а, ца хезаш а кхин цаелхар. Вай делхаро хIумма а нисдийр дац. Кху ткъех шарахь шайн дайшна, вежаршна юххе хIиттина герз керахь, бIаьргнегIар ца тухуш, мостагIех леттачу шун, кху махка кхаьчча бIаьргех оьхучуьра хиш ца совцу. Хьалха-м зударех тера а дацара шу, амма хIинца чIогIа бе-

реш боьхна-кх шун. Баланаш, халонаш Iийша кхоьллина вайн декъаза къам. Нохчочун нана, нохчочун зуда, шегахь доккха собар а, доьналла а, къонахчулла а долуш хила еза. Царех цхьаъ ю хьо, Хеда. Тховса жимма ледараяьллехь а. Оццул дукха Iожалла тIехIиттарх хIинцца бен сайх догдиллина хилла вац со. Дала гIоли ца яхь, суна кхетта цамгар чогIа ю. Ткъа Iожалла даима тIаьхьа а яьлла лела. КIажаш хьоьшуш. Хьанна хаьа хIун хир. Цундела хьоьга весет дан лаьа суна...

Эккха доллу дог а къуьйлуш, лерина ладуьйгIира Хедас. Цунна хаьара, ДанчIас эриг ца ваьллачу денна дуйла.

— Со дуьнена ваьлчахьана цхьа гIалат далийтина ас: шу а далош кхузашха схьавар. БерсагIара дукха бехира соьга, ма гIо цIахь Iе. Со-суо шеквара хиндолчух. Даго хьоьхура. Дог кхиънера. ХIетте а баккхийчара аьлларг дина, йиша-вешех къаьстана цIахь Iан ца терира, схьавеара. Дог доьлхуш. Амма хилларг хилла даьлла. Дагахьбаллам буьсу, валар хилахь шен дуьхьа оццул ас дукха цIий Iенийнчу даймахкана генахь валар а, лаьттах вахар а. Иза а дицдо, шу кхузахь дисаро. Со дIаваьлча, шун Iуналла дан гергарчех стаг ца вуьсу вайн. Со а валош кхуза баьхкина вайн гергарнаш белла кхачалуш лаьтта. Дийна биснарш а шайн синошкахьа бевлла. Нагахь шаьш дийна дисахь, вералаш, вералаш. Хеда, кхузахь ма совцалаш. Нах юханехьа гIоьртар бу хьуна, шина бераца царна тIаьхьахIотталахь. Суна ца лаьа даймахках, хаьдда, ненан мотт бицбелла, сайн бераш кхузахь кхуьйлла. Кхузахь бисча царех элий хир белахь а. Хьал а, дуьне, дахар стенна оьшу шен даймахках хаьддачу стагана? Дешийлахь луьйчуш велахь а, къен ву иза, мел нуьцкъала велахь а, лай ву иза.

ДанчIа юкъ-юкъа сецара. Гуттар сахаьддачу цунна хала дара къамел дан. Амма цо, доккха са а доккхий, берриг ницкъ тIе а гулбой, юха а доладора.

— Нагахь гуттар дIа, вай динчу махка дерза ницкъ ца кхачахь, гуьржийн махка довла хьовса. Уьш дозанал дехьа ма девллинехь бу. Керста динехь делахь а, буьйцу мотт кхин белахь а, вайца гIиллакх, амалш, йогIуш, вайца цхьана цIийх къам ду иза. Шу цига кхаьчча а, вайн махка кхаьчна хетар дара суна. Кхузахь дуьсучул сийначу Сибаре дахар гIоле ю вайна... Дика кIант ца хиллера со, Хеда. Хиллехьара, даймохк битина кхузашха схьавогIур вацара... Цунах ваьлча, ас хIун дора сайн сих? Нохчийчохь цIеяхханчу къонахоша дуьйцучу хабарех Iехабелира нах. Дукхахдерг, шайн берийн ойла еш. Шайна гина тIеман эрчонаш царна ца гайта лиъна, царна мукъана ирсе дахар карор дацара-те аьлла. Кхузахь даладелла болх хир боцийла-м хаьара суна, амма хIара къематде хир ца моьттинера. Уьш тIаьхьадисна. Болатана цкъа а дицлур дац хIара Iаьржа денош. Амма цунна хаац, ша дуьнена валале ас а, сол хьалха тхан дайша а хьегна бала. Хьайна гинарш а, хезнарш а дийцалахь цунна хIор суьйранна шаьш чу-

дирзича. Дийца вайша дуьнен чу муха даьлла а, муха кхиъна а, хIара адам, цаьрца вай, махках хIунда девлла а. Даймахка дерзар ца доьгIна, кхузахь висахь а, цунах дог ма дилла алалахь цуьнга. Ахь дийцинарг а, шена гинарг а шен тIаьхьене дIало ала. Жима делахь а, амма турпалчу къомах шаьш схьадевлла хилар цкъа а цадиццар тIедуьллуш, цаьрга весет де ала цуьнга. Шайн дай санна майра, оьзда, тешаме, маьрша кхиа Iамабе ала... Шайн дайн сий дайана, эхартахь тхуна дуьхьалхIитта пурба дац царна...

Цхьа хан яллалц са а даьIна, юха а вистхилира ДанчIа:

— Хеда, хьо кхийтин сан дагахь долчух?

— Кхийти, ДанчIа.

— Иза диц ма делахь цкъа а. Ткъа хIинца пергIатъяла, охьайижа. Болх делан кера лур вай.

Майрчо аьлларг а дина, дIатийра Хеда. Амма дIате ца туьгура кийра хьийза бала. ДанчIа цомгаш ца хилийта иттузза яла реза яра иза. Да дIаваьллачул тIаьхьа цхьа а товжийла йоцуш бисира церан доьзал.

— «ХIун де ас?» — хоьттура Хедас шега. Дагавеара цхьаъ бен воцу шен шича Берса. «Докку, нанас ца йина йиша лайла хьан, мичхула лела-те хьо... Кху дуьненахь, шуьшиъ бен гIортор яцара-кх сан, шуьшиннах яьлла, кху пана махкахь, гIийла буо хилла цхьалха юьсуш йоллу-кх со ас хIун де-те...»

Оцу хаттарна жоп лоьхург и цхьаъ яцара туьпахь.

2

ХIокху тIаьхьарчу баттахьчул къа, ша дуьнен чохь яьккхинчу ерриг хенахь ца хьеггера Маккхала.

Туьпара жимма а дешна я цхьа еса деша хуу массо стаг хIор денна аравоккхура цо белларш дIабохка, амма ерриг хало цуьнан яьIни тIе юьжура. Декъий лийчийна куьйгаш хуьлура, сарралц хи чохь латтийча санна, мажардоьлла. Суьйранна иза цIа вирзича дегI, гIаж йиттича санна, лозура.

ХIетте а, буьйса юккъе яха йоллалц охьа ца вуьжура иза. ЛадоьгIура АьрзугIар цIаберзаре. Бутт кхочуш боллу уьш кхузара дIабевлла, ткъа цунна иза ганза ши бутт бу. Бенахь хиллачу дивано шений, Аьрзуний тIедиллина декхар кхочушдан ши бутт хьалха Уьстамала вахана Маккхал ши кIира хьалха вирзинера Муше.

Уьстамала цхьаьний гIойла ца хилира цаьршиннан. Схьакхаьчначул тIаьхьа, цаьршинна ца моьттучу тайпана чолхе хIоьттира кхелханчийн хьал. Шиннах цхьаннан Мушехь саца дийзира, туьпахь цхьа низам а, нахана Iуналла а латто.

Маккхал кхузахь а сецна, Аьрзу Уьстамала ца вахийта ши бахьана дара. Цкъа-делахь, дIакхаьчча туркойн паччахьца а, я цуьнан визирца а дийцарш дан Аьрзуна мотт ца хаьара. ШолгIа-

делахь, мацаллой, баларший бIаьрзбина акхабевллачу нахана тIехь куьйгалла дан собар а, доьналла а, лаам а болуш стаг ца вуьсура кхузахь Аьрзу туьпара ваьлча. Маккхал хабарна говза а, масех мотт хууш Iеламча а, майра стаг велахь а, амма Аьрзу гахь цхьа шатайпа, гуш боцу пицкъ бара адам тIедерзош. Цул сов, Маккхал хьалха цкъа Уьстамалахь хиллера.

Дуккха а ойла йинчул тIаьхьа Маккхала сацам бира Аьрзуй, Iелий туьпахь а витина, Чорица Уьстамала ваха. Амма Аьрзус бохийра и сацам. Ша кхузахь вуьсчу даьлча цуьнца Iела хила лиира цунна. Шина вешин дуй биъна ваша вара Маккхал. Чора шен доттагIа велахь а, Iела шена уллохь а сацийна, Маккхал Чорица вахийта ца лиира цунна. Маккхална дага хIума дарна кхийрира.

Маккхал Уьстамалара цIа кхачале цхьа-ши де хьалха Аьрзу коьртехь итт стаг вахара туркоша нохчашна къастийнчу махке хьажа. Бутт кхоччуш боллура уьш цига бахана. Тховса тIаьхьалц АьрзугIаьрга ла а дегIна, тоьли чохь ул-улло охьавижира Маккхал, Iелий. ДIа ма тевжжинехь набарш кхийтира кIадделлачу догIмашна. Бус-буса шена гуш доллу гIан гуора Маккхална тховса а. Генахь бисина даймохк, шаьш махках девлла де. Мухха делахь тховса а, еха зIе хилла цунна дуьхьалхIуьттуш чекхдевлира цуьнан дахарехь даьккина уггар хала денош. Да а, вежарий а байнна ирча де. Чов хилла ша йийсаре вигар, гена къилбседехь, хийрачу махкахь, даймахка сатуьйсуш текхна хан. Шемал йийсаре воьду де, къена БойсагIар, са дIадáла гIерта Жабраил. Шела уллохь Iанийна цIий, шен бIаьхаллин накъостий — Солтмурд, Берса, Залма, Олдам кхин, кхин.

Арахь девллачу когийн татанаший, лераший оцу ирчачу гIенера ваькккхира иза. Вагийча санна, ши куьг тIехьа а тухуш, кIегархиъначу цунна уггар хьалха девзира Аьрзун когийн тата а, тIаккха гIоргIа аз а.

— ХIара шиъ дийна мукъана а вуй? Кху чохь-м Iаьп-схьаьп ма дац, — хезира цунна.

Араиккхинчу Маккхала, тIекхетта маравоьллира ша дукха хьегна доттагIа. ТIаккха Чорина мара а иккхина, юха а Аьрзуна тIевирзира иза:

— Гор Аьрзу яI, ма вон гIан гуш вара-кх со. ХIумма а хиллий вайна?

— ДанчIа валий оха чIогIа цомгаш. Кхин хилла хIума-м дац.

ГIовгIош евлча самаваьлла Iела, ара а ваьлла, Чорина мараиккхира. ХIорш кхоъ чоьхьавелира. Тарам, Iелий тоьлин неIаре охьахиира.

Цара хIун деана ца хууш, са кIамделла Тарам гIовталан киснара схьаяьккхина дукха дуьне девзина бIаран дечиган Iаржъелла луьлла томкех юза хIоьттира. Мокхаза тIе кIожаман хьаса биллина, шаьлтанан юьхьгах йина цIетуху цо тоьхча, бIаьрса

дIаоьцуш бодашкахь суйнаш Iенира. Сийна долуш дакъийначу томкин тамехь хьожа яьржира буьнахь.

— TIаккха, Аьрзу, дийцахьа шаьш деанарг, — хаьттира кхидIа садетта кIордийначу Тарама, боккха баькхкина кIур чу а тоьхна.

Аьрзус сихха жоп ца делира. Шаьш беана шийла кхаъ цаьрга дIакхайкхо ца лаьара а хаацара я кIадделлачу дегIо дIатевинера а хаацара ,амма вист ца хуьлуш дикка хан ялийтира цо.

— Диканиг ца деана. Доцца аьлча, вайна къастийнчу махкахь хи ца диллича ялта а ца хуьлу...

Аьрзун дешнаша дегнаш дохийра кхааннен. Мискачу адамийн тIаьххьара догдохуьйла а хаьрцира.

— Ой, вай долчу веанчу Нуьрсет-Пашас-м ма бохура цигахь вайна къастийна латта даьттан чохь кхехкаш ду? — мохь белира Тараман.

— Вай Iехо гIерташ дийцина хабар хилла.

— Дехаш адамаш мукъана а дуй цигахь?

— Адам доцуш меттиг мичхьа ю хьуна. Курдой бу цигахь дукхахберш. Уьш башха дуьйш-дерзош бехаш бац. Цхьадолу тайпанаш, маьI-маьIне четарш детташ, шайн жашца кхелхаш лела. Эшират олу курдойн цхьа тайпа ду цигахь ша тIе кхаьч-кхаьчарг, къаьсттина эрмалой, талош лелаш. Наггахь бен юрт яц. Схьанехьа, малхбузехьа, лаьтташ, и мохк санна, ерзина Диарбекир цIе йолуш шахьар ю. Тхуна некъ буьйцуш хьалхаваьллачу эрмалочо, иза а гайтина, элира тхоьга: «ХIара туркойн Сибре ю». Дуккха а кегийн къаьмнаш ду бохура цо туркойн олалла кIел. Вай оьрсийн паччахьана дуьхьал санна, шайна маршо лоьхуш, туркойн паччахьца кънйсам латтош болу хIордал дехьара керстанаш, кху махкара эрмалой, туркой схьа а лоьцуш чу туьйсуш набахте ю боху оцу шахьарехь. Итт, ткъа шарахь, дуьненан серло ца гуш цу чохь бахкабо боху нах. Цхьаццаверг шен ерриг оьмарна чувуллу. Хан яьккхина араваьлларг хьалхалерчу кхетамехь ца хуьлу боху. Суна хетарехь, вай оцу жоьжахатена гергахьа туьтту.

ЦIа чохь тийналла хIоьттира. ХIора а вара Аьрзус дийцинчун ойла еш. Даймахкахь тIом болуш оьрсийн йийсаре ваханарг набахте ца кхуссура, Сибрех я цхьана элан махка тIе балха хьажавора. Когех буржалш делахь а, дуьнене бIаьрг тоха таро-х хилар‌ий цигахь. Вада аьтто ца болуш а ца висара. Шина агIор йийсарехь берш хуьйций мукъа а воккхура. Шемалан зинданах[1] тера набахте яра эрмалочо йийцинарг.

— Ткъа хьан хIун сацам хилла, Аьрзу, цига доьлхий вай? — хаьттира Маккхала.

[1] Зиндан — Шемалан заманахь тутмакхаш чубухкуш лаьттах яьккхина набахти.

— Ас бинчух сацам хир бац. Нахана хIун лаьа хьовсур вай.

— Сайн хIун сацам хилла-м дуьйцур дара ас шуна, — юкъавуьйлира Тарам. — Оцу есачу ара а хиъна, ахь йийцинчу набахте кхоссарна кхоьруш кIажин пха а бегош лечул, кхузахь, хаза хийистехь, йолчуьра яьккхина юуш, тIе шийла хи а молуш валар эзарза тоьлаш хета суна-м. Цига шу доьлхуш дуьйна а хаьара суна, аш хьоьгург эрна-къа дуйла. И латта гича адам цига ца дахарна кхоьруш, Нуьрсет-паша дукха гIиртира цигахьа вайн векалш ца бовлийта. Вайна ло мега латта? Нахана-м, уггар хьалха суна а, кхузахь шаьш дустор ду моттара. ЭхIей, дела хила шун ворхIа а дена неIалт! Керста паччахье-м Iеха а дайтийша, иза-м къиза а хилийтиша, ткъа хIара турко-х варий бусалба, — тIаьхьтIаьхьа карзахвуьйлура Тарам.

— Уьш-м берриге а цхьана буса баларш бара. Ткъа Эрзарумехь болчу вайнехан хабар дуй? — хаьттира Маккхала.

— Пхи эзар гергга стаг хилла цигахь. Вайна санна, Диарбекире хьийсош ницкъ бо царна. Туркойн Iедалца лара а ца бина, цул сов, кхузарнаш а берриг цига дIабахна аьлла, Iехийнчу царех ши эзар сов стаг меттахваьллера. Диарбекире боьлху уьш Чубукчурехь дуьхьалкхийтира тхуна. Тхоьгара бакъдерг хиъча юха а бирзина, Эрзаруме кIегар ца боьлхуш, тхуна тIаьхьа кхуза схьаоьхуш бу. Суна хетарехь, кху иттех дийнахь схьакхочур бу уьш.

— Уьш тIекхетча ма гIуллакх толудай вайн.

— Муха дуьйцу шайн гIуллакх?

— Вайгар хьал ду цаьргахь а. Мацалла, цамгарш, баларш. Цигахь хало долчух тера ду. Эрзарумехь ву сардал Нуьрсет-паша. Цига гулдина ду кху агIорхьара дукхахдолу эскарш а. Ткъа вайнах кIезиг бу. Ницкъ бо царна...

— Хаац, бакъахьа муьлха ду, — доккха садаьккхира Iелас. — ДIасадаьржича хене довла аьтто хир бара, тIаккха а туркоша ницкъ бийр бу. ХIинца санна, цхьанхьа гулделла Iийча кхузахь массарна рицкъа ца карош, хIаллакьхуьлу.

— ДIасадаьржича, хьаха, кхузарчу къаьмнех ийна, довр ма ду. Дерриш цхьана гулахь даха ховшаделча вешан мотт а, гIиллакхаш а ларлур дара вайга, — дикка ойла а йина, тIетуьйхира Маккхала.

Луьйш лаьтташехь наб озийра Аьрзуний, Чориний. Чуьра томка кхачийна йовш лаьтта луьлла, тIаьххьара кIур баькхкина, чимах цIанъян хIоьттира Тарам.

— Деллахьа ю вай декъаза гоьргаш, — оьгIазе вистхилира иза. — Дависарг яI, хIара дерриг дуьне чутарлуш доккха черма а кечдина, юккъец молханах дуьзна, цунна тIехула чу дуьне доьллина, суо юккъе тIе а хиъна иза эккхийта ницкъ болуш велара. Эхь ду-кх нанас дена вичхьана цхьаъ мукъа а ирсе де ца гина бохург. Вайнахехь даллочу Iазапан ойла йича, уггар къизачу экхачух тарло-кх сан дог. Нах оцу Мушшахьарна тIелатар

ахь къобал ца до, Маккхал. Цаьрга мацалла ле боху ахь. ХьастагІа-м уьш сецо гІертара со. Амма хІинца бахий ахь, сеца-м муххале а бийр бацара ас уьш, мелхо а, суо хьалха а ваьлла, бусалбий, керстий ца къестош дуьхьал мел нисвелларг талош, кху туркойн махкахула волалур ву-кх. Дуьхьало йийриг шен вархІа а дена тІаьхьа а вохуьйтуш. Вайх къахеташ ца ваьллий цхьа а!

Тарам тІаьхь-тІаьхьа карзахвийлара. Бодашкахь цуьнан бІаьргаш берзачех лепаш хетара Іелина.

— Вуьшта бІарзбелла хьийзачу нахана юкъа и питанаш ма тийсахьа, Тарам, — элира цо. — Шу масех стаг вара нах оцу шахьарна тІелата кІамбинарг. Іедало кхуза эскарш оьзна, лаг лоцур ду вайн.

— Туркойн данчІарийх кхоьрург шен отехь Іийчхьана дІадолура иза-м. Нах кхеро ма гІерта... Оьрсийн салташа когаш тоьхча а уьду туркой хІун ю вайна!

— ХІорш нохчийн лаьмнаш дац хьуна, кІант. Цигахь хьо оьрсийл толориг, хьуна ницкъ лург хьан даймохк бара. Кхузахь зударший, бераший куьйгаш дихкина вайн. Туркойн Іедал мел къиза ду хиъна вайна хІинцале. Цо къинхетам бийр бац зударех а, берех а.

— Мелхо дика ду-кх иза. Кхузахь догІаней, малхей хевшина, мацалла кІез-кІезиг лечул, жимма юьхьа тІехь бос болччуьра, цхьана дийнахь делла дІадовлар тоьла. Мацалла мажделла, масо пІенда тІе а баьлла, шайна дуьхьал даьхкича, вукху дуьненахь вайн дайшна-м вай девзар дац. Царна ца вовзарх-м сатуху дарий, хІуьрлаІанан мехкарийн дог догІур дац-кх вай якъазаршка хьовса. Нийса бохий ас, Маккхал?

— Иштта-м дара иза, Тарам. Делахь а вешан яхь юхкийла ца лаьара-кх суна. Аш Муша тІехь динчо гІехьчул сий лахдина вайн. Аьрзуга айса хІун аьр хаац.

— Яхь. Оьздангалла, — шашега санна, вистхилира Тарам. — Эхь хета меттиг битина ца хилча? — хаьттира цо Маккхална тІе а вирзина. — Тахана, лакха гу тІе а ваьлла, дуьнене бІаьрг бетташ Іара со. Кхаш тІера ялташ чудерзош бу туркой, эрмалой. МаьІ-маьІнехь четарш диттина, жаш дажош курдой. Ловзаш лела кегийн бераш. Цара чудерзо ялташ, дажо жаш оцу къахьоьгучийн ца хила а мега. И нах, ахь буьйцучу элашна бецаш хила а мега. ХІетте а, ма хьогаме хьийжира со цаьрга. Цхьа дол бен яцахь а шайн лаьттан коржам, суьйранна чуберза цІийнан лапагІнаш, маьрша къахьега таронаш ю церан. Ткъа шо зама ю цара санна маьрша марс-мангал, нахаран баьлчаш каралацаре, юкъахара герз даьстина, буса маьршша охьавижаре ас сатуьйсу. Къизчу Іазапан дукъ коча а дуллуш, чекхбели и бахбелла тІом. И дукъ текхош, лай санна вехачул, мичча махка ваьлла а, маьрша вахар гІоле хетта кхузашха схьавеа. Хьалха хьегнарг гІан хетачу дели хІинца гІуллакх. Кхузара къаьмнаш мел Іазапехь дах-

кахь а, царех хьоьгу со. Шайн дайбаьхначу махкахь бу-кх уьш. Алийша, хІун бехк баьлла вайгара? Уггар ирчаниг хоьржуш къиза гІуллакхаш дийр ду-кх ас кху махкахь кхана дуьйна. Дала диканна цхьанатухийла вай!

— Сатухур вай, Тарам. Ваьш дийриг цхьа барт болуш дан деза. ХІоре шена хетарг лело воьлча, хІаллакьхир ду. ХІан, охьавижа гІуо. ХІара шиъ а кІадвелла, тхуна а набарш йогІу.

Тарама яьккхинчу гІовгІано самаваькхина Аьрзу охьахиира.

— ТІаккха, Маккхал, дийцахьа, хІун хилира ахь дихьначу гІуллакхах — хаьттира цо, Тарам дІаваханийла хиъча.

Маккхала кІоргга садаькхира.

— ХІумма а ца хили-кх. ДІакхаьчначул тІаьхьа дийнна кІира делира сан, Іабдул-Межедана хьовх, Іела-Пашина а тІе ца кхачалуш. Эххар Іела-Пашина тІе а кхаьчна, цуьнца къамел хиллачул тІаьхьа, паччахьана тІе вахара тхойша. Вай бахьанехь оьрсашца тІом боло реза бац уьш. Кху сахьта шайн юкъаметтиг цкъа а ца хиллачу тайпана машаре ю боху. Амма мацца а цкъа шайний, оьрсашний юккъехь тІом болалахь, шу а гІовтта бах вайга. ХІетталц кечамбе. Берсина хьалххе дуьйна гуш хилларг дара-кх цара дуьйцург. Шайл нуьцкъала пачхьалкх дуьненахь а яц, шаьш бен вайн дола дан стаг а вац моттуьйтуш хабарш-м дуьйцура цара. Амма пайда буй ткъа, цІога гуш хилча? Россига хьаьжча, дукхе дукха къен бу хІара мохк а, кхузара адамаш а. Ткъа Іедал бахий ахь, кхин хилча ца маггал къиза ду. Цхьаннахьа а низам дац. Пашанаша, мусассираша, каймакамаша, шаьш бол-болчохь шайна луъург до. Адам талийна чІанадаькхина. Къаьстина чІогІа ницкъ бо кхечу къаьмнашна. Чоьхьара хьал инзаре вон ду. Туркойн олаллина кІел долу къаьмнаш карзахдевлла, Іедална дуьхьало йо малхбузехьарчу керста къаьмнаша. ХІокхарна дуьхьалбевлла, БагІдадера схьа Алеппо кхаччалц болу Іаьрби. И гІаттам Мисара баржарна кхерам бу. Туркошна дуьхьале еш ду боху кхин дуккха а къаьмнаш. Доцца дийцича, вайна гІо дечохь бац-кх хІорш. Мелхо а, шайн чоьхьара гІуллакхаш ваьшта дало вайх пайдаэца Іалашо йолуш бу. Вайл хьалха кхуза баьхкина эдагий, хІинца вайгахь долчу хьоле а эгна, кхин кІелхьарабовла некъ ца карийна, салтбевлла. Царех вовшахтохьна эскарш ду, туркошна дуьхьало ен къаьмнаш хьоьшуш. Вуьшта делах а эхь ду боху цара оцу малхбузерчу керста къаьмнашна тІехь бен ницкъаш. Изза вайга а дайта ойла ю кхеран.

— Иза хир дац! — доцца хадийра Аьрзус.

Цхьана ханна тоьли чохь тийналла хІоьттира, набъечу Чорас мерах етта шок йоцург, кхин гІара-тата йоцуш.

— Вайх хІун дан ойла ю лаккахь? — хаьттира Аьрзус.

— Диарбекира дІахьовсо.

— Цига-м гІойла дац. Цхьа а бІаьстенга вер вац. Мусий, Сайдулли гирий хьуна?

— Эрзерумехь гира. Мусех паша вина, дошлойн бІаьн коьрте а хІоттош. Сайдуллехь хІинца цкъа цхьа а гІуллакх дац, амма дика дІатарвелла.

Аьрзу, куьйга корта а лоцуш, пхьаьрсан гола лаьттах а гІортийна, дІатевжира.

— Кхузара хьал муха ду?

— Кхузара хьал, дера, Аьрзу, хІумма а дика ма дац. Кхуза кхаьчнану берхІитта эзар стагах ши эзар дІаваьлла. Дийнахь-бусий, юккъерчу хьесапехь бІе ле. Де дийне мел дели сáдуьйлу баларш.

— Цамгарш хьалхалернаш ю?

— ХІаъа. Хьалхалера мацалла, махкалла, йолу цамгарш, хоршош. Амма адам уггар дукха хьоькхург чуьйнан цамгар ю. Кхехка а еш яраш йоу наха, цара ши-кхо де далале вожаво.

— Ялтица долчунна муха дохку?

— Селхана оха динчу хьесапца ерриг туьпахь ялхийтта эзар сина диснарг ткъа гали гергга хьаьжкІаш ю. Царех жарж а боккхуш кегийчу берашний, цомгашчарний кочо чорпеш ло, ткъа бисинчаьрга шайна гІайгІа бе аьлла ас. Лаьмнашца хьаьрса хьечаш, бІараш, кхин цхьацца эрна кхиъна стоьмаш карабо. Мехкадайн ялхошна тІе ца нислуш висинчунна хІума карайо.

«Цара хІун дийр ду ткъа, — ойла йора Аьрзус. — Я сагІа деха деза, я талораш дан деза. И ший а дан ца лаахь, мацалла дала деза».

— Вайн эвлара нах мича хьолехь бу?

— Хьо дІаваханчул тІаьхьа зуда а, ши бер а делла МІаьчиган. Докхахдолу кІант, йоІ бен ца дисина цуьнан. ИбрахІим а кхелхина. Церан цІийнах ца висина цхьа а.

— Дала гечдойла царна.

— Амин.

Аьрзу дІатийра. Цунна набъозийна моьттуш охьавижа кечвелира Маккхал а, Іела а. Амма Аьрзун наб яйнера.

— Оцу Тарамий, ахьий Мушуна тІелатар хьехош санна ца хийтира суна? Я гІенах дара а хаац иза.

Маккхал кхийрина минот тІехІоьттира.

— ГІенах делара иза, шен делан ницкъ кхачарца. Вай цІахь доцчу юккъехь шозза Муьшана тІелетта вайнах. Цхьадика, цІийІанар доцуш дирзина шоззе а. Шахьарна гонахарчу лекхачу пено совцийна. ХІорш богІий хиъначу шахьарарчу бахархоша гІаьпнаш тІекъевлина, догІанаш тухуш. Амма пенал арахьа бехарш талийна чІанабаьхна. Вер-ваккхар доцуш дІадирзина, бухарниш собаре хилла. Цул сов, дуьхьало ян башха герз а ца хилла церан, оцу пенаш тІехь лаьтта масех шира йоккхатоп йоцург.

— ОстогІпираллахІ! ХІинца муха ю кхузарчу бахархошца вайн юкъаметтиг?

— ГІоьртина ю-кх. Хьалха шаьш дечу гІоьнах а юхабевлла.

— Муьлаш хилла и питана долийнарш?

— Долийнарш муьлуш хилла-м хаац. Кхузахь дахар бохург хир дац, мозий санна леш, кхачалуш лаьтта, вешан хирг деш, леташ дала деза вай бохуш, нахе кхайкхамаш бора цхьана наха. Адам карзахдаьлча Тарам а, Довта а царна хьалхаваьлла.

— Іовдалш! Цара галдаькхина гІуллакх. Кхузарчу Іедалан а, къаьмнийн а шайх безам баькхина-кх. ХІинццалц догдохуьйла яра вайн, цхьа мегочу лаьтта тІе ваьш охьаховшоре. ДІадели иза а, Къуй шайна юкъа ховшийла луур ма дац нахана. Делахь, дацахь а хІинца къуй ма ду вай царна гергахь. Тешам байина.

ОьгІазвахана Аьрзу, вехьаш дІатийра.

— Кхин хІун боху наха? — хаьттира цо цхьа хан яьлча.

— Дукхахболчара юханехьа, цІадахар хьехадо. Новкъа бевлларш а бу.

— Хьуна хІун хета?

— КІелхьардовла кхин некъ хеталац.

— ХІаъ, цІа дерза деза, — доккха садаькхкхира Аьрзус. — Цхьаъ ца дахь, кхузахь дерриш лийр ду вай. Іаьнах девр дац. Сибрех шо даккхар гІоли ю, кхузахь де-буьйса доккхучул... Кхана суьйранна, яртийн тхьамданаш, бІаьнчаш гулбайта... Дагадевр вай...

Шабаршца и дешнаш олуш наб кхийтира Аьрзуна. Кханенан ойла ян тховса кхин ницкъ бацара цуьнгахь.

Амма халла кхеттачу набарх бехира уьш тоьли чу иккхинчу жимчу кІанта.

— Аьрзу! Маккхал! Дада леш воллу, довдийша...

Аьрзуна мара а кхетта, шен жима баьлла корта цуьнан нуьцкъалчу голаш юккъе таІийна, вуха ца верзалуш шийлачу маьхьарца вилхира Болат...

V хорта ДАНЧІА

Мостагlий цистина
Сан каде ва куьйгаш,
Болатан буржалша
Къуьйлуш ду ва шуна.
Хелхарна бухь бегlна
Сан каде ва когаш,
Болатан зlенашца
Бихкина бу шуна...

Нохчийн илли.

1

Маржа буьйса яlI

Мел йоца хилча а ма яхло-кх хьо дерачу чевной, лазарший ов деттачу дегlан меженашка ладоьгlуш, шен сигахьа ваьлла lуьллучу дархочунна, lожалло кадетташ хьийзочунна. Ма яхло-кх хьо оцу чевнал а, оцу цамгарал а хала, къаьхьа бала дагна lеткъаш, бертаза коьрте гlертачу йоьхначу ойланаший, мацаллой наб яьхьна lуьллучунна. Ткъа мел яхло хьо, гуьйренан lаьржа цlемза буьйса, ца бевзачу нехан хийрачу махкахь ерзинчу стигла кlел мацаллой, кlез-кlезиг цlий худуш, бос баьхьначу берзинчу доьзалшна юккъе вижна, кханено хlун дохьур ца хууш, царех дог лозуш, сема такха воьлча.

Ма мерза ду хьо винчу неней, винчу махкей сатийсар...

Нана елла, байлахь дисинчу берана ша къанвелла, къежвелла, берийн бераш хилла дlахlоьттича а, сих-сиха гlенах дуьхьалхlуьтту ненан хьоме сурт, хеза цуьнан сатеден, дог хьосту аз, хаалуш хета мацах-мацах цкъа цо шен дегlах хьаькхна ховха куьг. Лаьа иштта гlан дахлойла. Самаваьлча мерза сатуьйсуш цо дагахь сецадо гlенах гина и хьоме сурт. Ткъа даймохк? Уггар шена дукхаезначу хенахь lожалло шех къастийна нана а йицло стагана ,амма бицлац нана-даймохк кхолламо цунах ша мел гена вакхарх. Бицлац дуьненахь мел дукха вахарх.

Маржа даймохк яl, — дайн а, наюйн а нана. Хьох хаьдда, генара хьоьга сатуьйсучунна бен хаац хьан марзо. Амма ма еха, ма lаьржа ю-кх хьо, гуьйренан буьйса, йиша-вешех а, халкъах а, махках а ваьллачунна lожалло къиза кадетта доьлча...

Арахь сатосуш лаьтта, амма Данчlина наб ца кхета.

Цунна тховса цхьа тамашийна наб йогlу. Хьалха чевнаш хиллачу хенахь а lиллира иза тховсачух тера, тамашийна ойланаш коьрте хьийзаш. Цкъацкъа хеталора шена гlан-набарш гуш санна, ша цхьана кlоргачу есалле хаккавелла воьдуш санна я ша юккъе лаьцна, хlоз хилла дерриг дуьне хьийзаш санна. Цунна дуьхьалхlуьтту нийса гlулч йоккхуш, ира цхьамзанаш хьалха а лецна, лекха куйнаш коьртахь некха тlехь морзах тийсинчу кlайчу доьхкаршца, бlаьрга негlар ца тухуш тlебогlу салтийн бlо. Юрт йогу. Цlеран меттанаш хьерча Данчlин дегlах. Тlаьхьтlаьхьа хала хуьлу садаlа. Салташа болар хуьйцу, уьш хlинца бевдда богlу. Данчlас, уьш совцо гlерташ, тур лестадо. Иза цхьаъ бен вац тlеман арахь дийна. Делла lохкучу адамийн догlмех нхначу цlийх хlиттина lаьмнаш ду. Цlий тlаьхь-тlаьхьа айало, цунна тlехула хьийза берийн декъий. Данчlас гонах бlаьрг бетта: Вац цхьа а гуш. Стигла хьалхьажавеллачу цунна го, сирчу дина а хиъна, мархашлахь хьийза Аьрзу. Данчlа цуьнга кхайкха гlоьрта, амма кийрара аз ца долу. Хlоьттина цlий логе кхочуш лаьтта цунна. Амма салтий шек боцуш тlегlерта. Данчlас лестон тур кхетац цхьанне а. Цlий бага лелха, са ца даlалуш хар-хир до, амма Данчlас, берриг ницкъ тlе а гулбой, мохь туху:

— Аьрзу! Аьрзу... леш воллу-кх со...

Цlехьана цамгар чlагlъеллачу Данчlина гонах хьийзара Хеда. Дегlах къаста гlертачу се ницкъ бинчу цо дlасатуьйсу меженаш сецо гlерта иза. Логехь туй сецча санна, хар-хир деш, цо доьlучу се набарх ваькхина, ша хlун дер ца хууш ден коьрте хиъна Болат а lа.

— Же ма lелахь, Болат! Маккхале чехка схьавола ала.

Цкъа а цамгар хlун ю ца хууш, могаш кхиъначу Данчlин зоьрталчу дегlо къийсара lожалца. Иза кхо бутт хьалхалерниг дацара. Хlетта а цо тlаьхьара минот тlе хlоттальц къийсира дахарехьа. Веттавалар лагlделира. МаккхалгlАр чу кхаьчначу хенахь иза тийна lуьллура.

Доьlучу сих а Данчlа мича хьолехь ву хиъначу цу шиммо сихха къилбехьа верзийра иза. Маккхала, коьрте а хиъна, мелла ша еса долийра.

— Хеда, тхо дlасакъаьсташ ма тера дацара хlара хила доллучух, — вистхилира Аьрзу, цхьаъ алархьама.

— Со-суо а ма яцара хlара кху хьол тlе ваьр моьттуш-м. Шу дlадахначул тlаьхьа, кlегар хиъна соьга весет дина, тlаккха охьавижира хlара. Я ахl деш ма вацара. Цlехьана веттавала вуьйли, соь сеца а ца луш, тlаккха хар-хир долий, юха цкъа-шозза хьоьга а кхайкхина, дlатий-кх...

— Даламукъалахь гlоли хир ю. Гена некъо ницкъ бина кхунна. Цхьана дийнахь садаьlча, дегl меттадогlур дай кхуьна-м, — маслаlате гlертара Аьрзу.

Сатосуш лаьттара. Цхьацца-шишша довш дlадайра екхначу стиглара седарчий. Серлаяьллачу арахь гора мархех чекх корта а баькхина, ирахбахана Циранкатар ломан бухь. Наггахь серлош къегара Муш-шахьарахь а. Амма хlинцале шера къаьстира

эрмалойн килсийн — Сэв-Авэтарана, Сурб-Маринэ, Сурб-Киракосан бIаьвнаш, Iалауддин-беян маьждиган ира момсар а. Хьанна хаьа, кхузахь Iачарна ца хазахь а, оцу момсар тIехь хIор пIерасканан дийнахь санна, тахана бусалбанашка рузбане кхойкхуш молла хила а тарло. Дукха ца Iеш далла гIуллакх дан керстанашка кхойкхуш декар ду килсашкара горгалеш. Шина а динан дайша — цхьаболчар килсашкахь, вукхар — маьждигехь — махьарх юьзначу гайш тIехь куьйгаш морзах даьхна, адамашна хьехам лур бу, дика-вон делера бен догIур дац, цо деллачунна реза а хилий совца, кху дуьненахь халонаш хьегначеран эхарт декъала хир ду бохуш.

Амма цхьанне а дагахь хир вац леш воллу ДанчIа а, бIарзбелла гонах хьийза цуьнан доьзал а...

Кхетачу малхаца самаяьллачу шахьарахь, ярташкахь дахар кхехкадоьр ду, ткъа туьпара нах оцу буса беллачийн декъий айина, уьш хийрачу лаьтте кховдо юьстах бевр бу. Иштта догIур ду кханалера де а, цул тIаьхьа догIу денош а.

ДанчIас тIаьххьара а са дIалуш, бераш арадаха гIоьртира Хеда. Амма Аьрзус сацийра иза.

— Болат чохь виталахь, Хеда. ХIара де цадицден шена цо. Шайн дайн санна, декъаза дуьне доладелла берийн а. Волийта ахь иза. Халонаш хIинца а хьалха ю.

Цхьанне тоса а ца луш, атталла салам ца луш, чувеана МIаьчиг хIара хьал хIуттур дуйла шена хьалххий дуьйна хууш санна, вист ца хуьлуш, ДанчIин когашка хиира. ХIетта лаьмнашна тIехьахула хьалакъедда маьлхан зIаьнарш йийшира ДанчIин мажъеллачу юьхьа тIе. Дазделла негIарш халла хьала а айина, хIиттина бIаьргаш МIаьчиге хьажийна, тIера цIен бос байна дакъаделла балдаш меттахъхьадира цомгашчо.

— МIаьчиг дага... догIий... хьуна... вайша... оьрза-гIала базарахь... цхьаьнакхетар... Iалхас... дина дов...

Ша ала гIертарг чекх ца даккхаделира ДанчIига. ТIаьхьарчу дешан ах матта тIехь юьсуш, са дIаделира цо. Аьрзус бIаьргаш негIарш тIехьабдешшехь, Маккхала шен кисанара даьккхинчу йовлакхца чIениг дIайихкира цуьнан. ТIаккха докъа тIе верта а тесна, арабевлира уьш.

— Бераш тхан буьна дигий йолахьа, Хеда, — элира Аьрзус майрачун весет кхочушдан гIерташ, бIаьргех хин тIадам ца болуьйтуш, дог къуьйлуш Iачу Хедега.

Хеда бераш эцна юххера дIаяьлча, хIетта тIевеанчу Iелигахьа а вирзина, хаьттира Аьрзус.

— Сийсара маса велла хаьий?

— Гучуваьлларг-м шовзткъе берхIитта бен вац.

— Маккхал кхузахь вуьсур ву, ДанчIа лийчош. Чора схьаваийта. Хьой, МIаьчиггий, кешнашка а гIой, цигахь кечам муха бу хьажа. Диъ-пхиъ дакъа цхьана коша мегар дацара-те, Маккхал? Зударий, божарий къастош.

— Мага а мегаш, итт цхьаьна а вуллу оха-м, — жоп делира Маккхала. — Царна хIоранна шен-шена каш даккха гIора мичахь ду.

— Дакъа мичхьа лийчор ду? Кху буьн чохь-м дIасахьовза а, хи дIадада а меттиг ма бац.

— Вохий ма хилалахь, Аьрзу, — гIайгIане велакъежира Маккхал. — Кху тIаьхьарчу шина кIирано дикка говзаллаш Iамийна суна. Айана тIехьа варша а дихьна, цигахь лийчор ду вай. Хедега сихха хи дохдайта. Иштачу денна хьажадой саба а, марчонна киса а ма хуьлура. Хаттахьа цуьнга. Доьзалехь дуьххьара веллачунна-м саба а, марчо а число, амма вукху мисканашна, хьарчо ур-атталла морса истанг ца кхочу чомахь. Ас, варша а валий, вешан гIуллакх дан жимма бIегIийле меттиг карае.

Берриг кечам хилла баьлча, ДанчIа сийсара дийна цIа валийнчу лами тIехь, айина варша даьхьира дакъа. Кхузахь иза, сийначу гIашца даржийнчу ножан генаш тIе а диллина, цунна тIера бедарш дIаяха хIиттира уьш. ЦIахь бинчу чордачу машин тишъелла, йоманаш техкина коч-хеча тIера дIадаьккхича дерзинаделира ткъех шеран дохалла хиллачу чевнийн моьнаша эрчадаьккхина кIайн дегI. Озачу дегIана тIе хевшинчу пIендарех шера къаьстара бойна биъ. ХIетахь Iоьттина дегIах чекхбаькхинчу цхьамзанан чевнийн моьнаш дара гай тIехь а, букъа тIехь а. Амма цунна тIехьийза кхо стаг хIумма а цец ца вуьйлура шайна хьалха Iуьллучу чевнаша деринчу дегIах.

— ХIокхуьнан дегI-м, цхьа-дика, цIена ду Аьрзу, — дуьйцура Маккхала ша гIуллакх дешшехь багахь доьшу аяташ наггахь юкъах а дохуш. — Везан дела ма чаьмза хуьлу-кх суна хьалха нислу цхьацца декъий. Дала иза къина ма лорийла сан, цхьацца верг мезаша вийна олий хетало. ДегIах кортош а духкий, тIе юьхьар хIуьттий хуьлу уьш. Ткъа можах, коьртах, пхьарсаш кIел, кхечухьай хирг дайча къина доьлхур дара шу. Зингатийн туьйлиг санна сийсош. Цкъа цхьана стеган дегIа тIелетта уьш, урс хьокхуш охьаэгийра ас. Иштта цхьаъ лийча а вина, цIавирзича, юучух а, дуьненах а догдолу.

— Уьш тхоьга ца дийцича мегар дацар-те, Маккхал. Кхин дийцахьа...

— Iовдал вац. Хьуна дуьйцуш а цатовриг, ас муха лело деза? Сатоха ахь, Iама хьо. Тахана дуьйна хьо а хир ву суна уллохь. Кхузара нах сан ненавежарий бу-м ца моьтту хьуна? ХIа, хIара кийча ву-кх хIинца — дехьа коьллаш юккъехь лахъелла Iачу Хедега мохь туьйхира цо, — Хеда, марчо кечделлий вайн? Хьайн дог къовла ахь, Хеда, адамашна ца гуш а, тIе ца догIуш а хIун дуьсу. Масане ккул ирчаниш дайна адамашна. Ас маслаIат дан ца оьшу хьуна. Хьуо дуьнен тIе яьлчахьана хьуна гинарш тоьар

ма ду бIаьрхиш лакъо. ХIун дийр ду ткъа, ДанчIа валлахI вара хьо дика къонаха а, дика стаг а, тешаме доттагIа а. Тхуна хьалхха велла хьо-м ирс долуш вара. Тхох хIун хир-те...

Дукха къа ца хьоьгуш кечвина ДанчIа, цхьа сахьт хан ялале иттех стаг а, Болат а гонах, бармахь тIаьхьарчу новкъа велира.

2

Шаьш кешнашкара цIа дирзича, туьпан майданахь лаьтташ масех турко а, эрмало а карийра АьрзугIарна.

Кхелхинарш кхуза кхаьчначу хьалхарчу шина баттахь-м гондIарчу ярташкара адамаш, денна бохург санна, хьошалгIахь лаьттира туьпахь. Дуккха а доьзалшца гергарло тасаделла, вовшийн чу-каре а яра. Амма кху тIаьхьарчу баттахь юххехула хедера и юкъаметтигаш.

Мушехь хиллачу гIуллакхах Аьрзу цIаверзале дуьйна а вогучу Довтина ца безабелира и хьеший. БIаьрг ма кхийтти догкхиилаьттачуьра схьакъаьстина тIевеанчу Мовлас.

— Аьрзу, хьо ган лууш бу-кх и нах.

— Со мичахула вевзина царна?

— Кхузахь коьртаниг хоьтту-кх.

— И ша ду. Уьш хIун дохьуш баьхкина?

— Вайнаха лелочу цхьацца гIуллакхашна арз дохьуш баьхкина-кх, — доглозуш Довтей, Тарамей хьаьжира Мовла.

Довтин юьхь цIеххьана кхоьлира, ткъа Тарам кIоршаме вистхилира.

— Аьрзнаш дан лиъча, хьаьнга дийр ду хиъча, бахьанаш ма дукха ду вайн. Цхьа пайда боцчу хIуманна баьхкина хир бу. ТIебахана, салам делла, куьйгаш лоьцуш хьешашка маршалла, хьал-де хаьттира нохчаша.

— ХIорш Iедалан нах бу аьлла-м хетац суна. — Маккхалехьа вирзира Аьрзу, духарна беркъе, догIмашна гIийлачу хьешашка а хьаьжна.

— Кхузахь нахах коьртаниг везара тхуна, — вистхилира царалахь воккха, жимма битамехь вухавелла, сира маж, лекха хьаж долуш безамехьчу туркочо. — Иза муьлха ву шух?

— Коьртаниг аьлча а, наха тхьамда вина хьалхатеттинарг со ву, ткъа хIорш сан гIоьнчий бу, — шеца волу Маккхал, Чорий, Довтий, Тарам дIагайтира Аьрзус. — Стенна хеттара аш?

— Шух дагадовла дезаш, доккхачу маьIнин гIуллакх деана оха.

Аьрзу, гондIа бIаьрг тухуш, дIасахьаьжира.

— Делхьа, хьеший, аш ма таро йохийна-кх тхан, — воьхна хьаьвзира иза. — Тхан къоман гIиллакх ду, кхачанах вузийна, са а даIийтина паргIатваккхича бен хьеше гIуллакх ца хоттуш.

Ткъа хIинца дуург-мерг хьовха, шу кIел деха тхов бац-кх тхан. Кхуза бай тIе охьа ца хевшича девр дац вай.

Хьешашна сийночуьра бай гайтина, уьш дIатарбелча, дуьхьал охьахевшира хIорш.

— Тхох виъ Мушера, ялхийтта гондIарчу ярташкара ву, — къамел долийра тохарлерчу туркочо. — Шуьга дийца гIиллакхе доцуш, амма ца дуьйцуш дита йиш йоцу гIуллакх айбина даьхкина тхо, маьI-маьIера цхьана а кхетта.

— Вовшашкара даьлларг дашна хьулдина, дегнаш чохь оьгIазло вай ларйича гIиллакхе хир дац. Дийцал аш, бехк ца лоьцуш. Оха сема ладугIур ду.

Туркочо, даг тIе куьг диллина, баркалле корта таIийра.

— Дала азаллехь ша синош кхуллуш, хIор сина кхоллам язбина боху, — долийра цо, Аьрзус деллачу дашо паргIат а ваькхина. — Дала ша шун синош кхуллуш, цхьадолу рицкъанаш кху махкахь кхоьллина ,оцу рицкъанашна тIе схьадаьхкина шу. Ша азаллехь яздинарг кхочушдан оьрсийн паччахь а хаьржина, цуьнан куьйга махках даьхна, дала кхуза далийна шу. Я цхьана таIзарна хир иза я цхьана йолана хир иза, и далла шена дика хуур ду. Мухха делахь а, цигахь, даймахкахь, аш хьегначу а, кхузахь аш хьоьгучу а бохамашна тхаьш бехке ца хета тхуна.

— Дала лардойла тхо иза дагадогIучух! — корта ластийра Маккхала. — Мелхо, оха бехк лоьцу шух.

— Аш баланаш лайний а, амма тахана шуьга хIоьттинчо хьалха мел хьегнарг шуна дицдинийла а хаьа тхуна, — дийцара туркочо. — Шалхо йоцуш бах оха, тхуна чIогIа къахета шух. Къа ду даймахках хьоьгучун. Цундела шу кхуза кхаьчначу юьххьехь тхешан пицкъ кхочу гIо дора оха. Ас дуьйцург Iедал дац, ткъа цхьа тхо тайпа миска нах бу. Тхаьш схьа а оьхура, шу дIа а дуьгура. Тхаьш мел къен делахь а, тхешан йолчух йоькъий шуна йохьуш догIура, дIадаьхкича кера лой а дерзадора.

— Делхьа ду иза бакъ, — корта теIабора Маккхала. — Аш гIиллакх ма лелий тхоьца. Тхоьгарчу бохаман дакъалеци аш. Баркалла шуна.

— Амма, тхан бусулба вежарий, тхо а дац-кх хьолана шул дукха дуькъа. ХIара ши куьг гой шуна — шен мазакъдоьлла эттIа куьйгаш хьалхакховдийра цо. — Хьовсал шу, иштта ду-кх тхан массеран а куьйгаш. Дера ца дакъаделла хIорш тхешан бахамехь оха къахьегна. Тхан долахь-м буйнахь схьаэца латта дац. Мехкадайн ялхой ду-кх тхо. Суьйранна берашна дао пхьор хир дацара-те бохуш, дийнахь сарралц йолах доцу. Iедало хьийзадо. Дехаш дац, делла дIадовлуш а дац. Оцу хьолехь тхаьш доллушехь, шуьгара бала байбан а гIиртира.

Турко и шен къамел мича тIедалон гIерта хьалххе дуьйна гучу нохчийн бIаьргийн хьажар, кIез-кIезиг охьадоьрзуш лаьттан бIаь-

ра догIаделира. Веккъа цхьа Аьрзу вара, дерриге а лан сецна, церан юьхьадуьхьал хьоьжуш.

— Цундела шуна хаьа хир ду, кхуза гулвелла шу масех эзар стаг гуттар а кхаба тхан ницкъ боцийла. — Цхьана эшшара къамел дора туркочо. — Амма дерриг иза а дац тхо шух духатоьхнарг. Iедало тхуна чIогIа дихкина шуна гIо дар хьовха, ур-атталла, шуьца цхьа а тайпа юкъаметтиг лелор а. Кху туьпа а ма гIо, кхузара вогIург ярташка а ма вита боху тхоьга. Оха и дахь, шу кхузара меттах а девлла, шайна билгалбинчу махка тIе, малхбузехьа дIагIур ду боху. ХIор юьртахь биллина лаьтташ мударш бу. Юьрта веанчу нохчочунна оха хIума лой а, уьш чу буьгий а, тхо кхуза догIий а хьуьйсу. Iедалан омра талхийнчунна луьра таIазар до. Етташ, гIуданаш дохуш, набахте кхуьйсуш меттигаш йина дуккха а. ХIинца хаьий шуна, тхо шайх херадовларан бахьанаш?

— ХIинцца хии-кх, — корта таIийра Аьрзус.

— Ткъа шайн аьтто нисбелча, аш тхан нах байар хIун бахьана ду, хаттахьа цаьрга, Маккхал, — дийхира Тарама.

— Вайн хьарцхьаралла ду-кх, — шеггара жоп делира Чорас оьгIазе. Амма Маккхала гочдира Тараман хаттар.

— Цхьа кIеззиг вончу адамашкара дуьйлучу зуламашна тхо дерриш бехке ма дац, — дуьххьара вистхилира туркочунна улло хиъна Iан когаш берзина, эгIаза эрмало.

— И зуламхой аш къайла ма боху ткъа, — тIевирзира Тарам.

— ХIун дийр ду оха, диканиг? — кхоьлина ши бIаьрг Тарамна тIебуьйгIира эрмалочо. — И къиза гIуллакхаш лелораш а таронаш йолчех бу. Я шайн керахь Iедал дерш, я Iедалца гIуллакх догIурш. Шайн зулам гучудаккха гIоьртинарг цара доьза войур ву. Доцца аьлча, гIийла адамаш ду-кх тхо, диканиг.

— ТIехула тIе, кху тIаьхьарчу хенахь аша а хьийзадо тхо, — тIетуьйхира туркочо. — Масех шарахь къахьоьгуш, халла оха таройина бежана-газа эвлайисте лоллийла-м муххале дацара тхан, буьйсанна и кертахь ца йитало.

— Тхешан ерг йохка, оьшург эца шахьара даха а йиш яц, — вистхилира юккъерчех цхьаъ. — Шун наха новкъахь дуьхьалбовлий, керахь ерг оззайой дIайоккху.

— Къаьсттина эрмалошна ницкъ бо аш, — долийра даьлла, декъана некхан ваз а, коьртах хьарчийна йовлакх а долчу кхечу эрмалочо. — Тхо шайца цхьана динехь дац бохуш. Дин башхбашха хиларх, дерриг цхьана дала кхоьллина адамаш ма ду вай. Тхо а ма дац шул тIехдевлла дика хьоьгуш. Тхешан ницкъ кхочу гIо динера оха, хIинца а дийр дара Iедалах дахьахьара. Тхо мисканаш ма хьийзадейша...

Аьрзус паргIат ладегIара хьешийн аьрзнашка. Цаьрга хеттарш ца дора я церан дешнаш а ца кегдора. Цара дуьйцург дерриг бакъ а, кхеташ а дара. Амма мелла а царна бехк билла луу

Тарам, сих-сиха Маккхалан лере теIара, цара дуьйцург шена гоч дойтуш.

— Дукха хьолахь оха талораш дийраш шун хьолахой бу, — юха а юкъавуьйлира Тарам. — Вуьйриг а царех воь. Делахь а наггахь меттиг нисло, шу тайпа гIийлачу стагана бохам беш а. Цо дуьхьало йича. Мацалла ца дала гIерташ лела тхо. Оьрсийн паччахьо а, шун паччахьо а Iехийна схьадалийна кху пана махка охьатийсина мацалла леш долчу адамашна йолчуьнгара яьккхина ца йиъча кхин некъ бац. Я тхо кху тогIехь, къилбехьа дирзина, охьа а дийшина, дала лаьара шуна? Маккхал, ишта дIаалал ахь цаьрга.

— Ца оьшу оцу мисканийн дегнаш дохо, — човхийра иза Чорас.

— Ткъа со даладелла лела? — дуьхьалвирзира Тарам.

— Цул юкъа а ца гIерташ, хаий Iехьа!

— Па Iа со!

— Ма къийсал шиммо а, ас дIаолу хьан дешнаш, — сацийра и шиъ Маккхала.

Маккхале ла а доьгIна, туркочо жоп делира:

— Ой, диканиг, тхан бехк ма бац шу схьадалор. Нагахь тхан Iедалх шу латахь, шуна улло дIахIитта реза ду тхо. Къелла яцахь кхин къийса хIума дац вайн. Ткъа иза, къийса а ца оьшуш шортта ю вай шинхьарчушна а. Ахь хIуъу дийцахь а, хьолахо талийча а тхо мискачарах кхета, иза вийча а тхуна зулам долу. Нисса аьлча, аш талораш тхо ду-кх. Мушана шу тIелетча зулам хьанна делира? Йистошкахь бехачу къехошна. Шахьара юккъехь беха хьолахой хьабанза бисира. Ткъа шаьш тIе мел кхаьчначо дуьхьало ца еш шайн кераниг дIа цаяларх оьгIазло ян ца оьшу. Ша къиза къахьегна яьккхина доьзална йохьу баьпкан юьхк дIаяккха гIоьртича дуьхьало йийр ю. Вай массарна а деза-кх шен-шен бераш.

Туркочун къамел чекхдаьлча тийналла хIоьттира. Схьахетарехь, и векалш шаьш дохьуш баьхкинарг дийцина бевлира.

— Кхин дарий шун ала? — хаьттира Аьрзус.

— Дац. Тхуна шух къа а хета, тхешан ницкъ кхаьчча шуьгара бохам, балий байба кийча а дара тхо. Амма тхан лаам, ницкъ цхьаьнабагIац-кх. Тхан хьолахой а, Iедалан нах а шайна ма-луъу талабе, байа. Аш динарг лачкъадахь бен, оха Iорадоккхур дац. Тхо мисканаш ма хьийзадейша.

Аьрзу хьалагIаьттира.

— Дика ду шу схьадаьхкина а, шайн дагна Iаьткъинарг аш далхийна а, — элира цо. — Дера, тхо бахьанехь аш баланаш ма лай. Тхуна эхь хоьтуьйтуш гIиллакх ма лелий. Тхо дIадаьхкича кара а ма лора, шаьш йохьуш а ма догIура. ТIех чIогIа гIиллакх лелий, Iедало шайна и дехккалц. Тоьар ду, баттахь, шина баттахь

гIо дичи, кхузара берхIитта эзар шуна кхаба тIевоьжна ма вац я ницкъ бац шун. Баркалла, дела резахуьлда шуна. Тхоьгара гIиллакхе доцурш дийлла меттигаш ю. Махках даьхна, мацалло бIарздина, кхуза лаьттачу адамаш юккъехь собар кхачийнарш, дегнаш дарделларш бовланза ца биси. Тхоьца лелийнчу гIиллакхна баркалла ала шайн туркошна, эрмалошна, курдошна. Тхоьгара хIинццалц дийлинчу зуламашна къинтIера довла ала. И тIаьххьарлера даккхий талораш тхо цхьадерш цIахь доцуш лилхина. Таханчул тIаьхьа уьш а совцар ду. Кху цхьана иттех дийнахь кхузара дIадовла хьовсур ду. Я малхбузехьа, тхайна билгалбинчу махка, я къилбседехьа, тхешан даймахка. Ойла ишта ю, амма дела хIун кечдина Iаш ву хаац. ХIа, шу чудига хIусамаш а, хьошалла дан ницкъ а бац тхан. Схьало шайн куьйгаш.

Шена тIекхаьччаа Аьрзун куьг буйнахь сацийра когаш берзинчу эрмалочо.

— Малхбузехьа доьлхучул хIуъу тоьла шуна. Дан шайна луъург де. Дала аьтто бойла шун.

— Дела резахуьлда шуна а...

3

Тахана Iуьйранна Мовлица уьйтIа веанчу цхьана цIонтарочо кехат кховдийра МIаьчиге.

— Гати-Юьртарчу Васала делира соьга хIара, хьуна тIекхачахь дIалахьара аьлла.

Кхин дIа динчу хеттарех МIаьчигана хиира, и цIонтаро кхелхачех тIаьххьара кхуза кхаьчначу тобанца веанийла. Цаьршиннах дIа ма къаьсттинехь Маккхал волчу дIахьаьдира МIаьчиг, амма велла Iуьллучу ДанчIина гонах хьийза уьш хIокхуьнан кехат деша кхуьучохь бацара.

Кешнашкара шаьш цIа догIуш Маккхал цхьа масех минотана тIаьхьа сацийра МIаьчига.

— Васалера долчух тера ду хIара, — четара схьадаьккхина кехат кховдийра цо. — Дешахьа.

Деалха тоьхна кехат даржийна хозуьйтуш деша вуьйлира Маккхал:

«Делера шапаIат хуьлда хьуна, тхоьгара салам-маршалла ду хьоьга, сан хьомсара ваша МIаьчиг.

Тхоьгара салам-маршалла, доIа-весет ду вежаршка Аьрзуга, Маккхале, Чоре, Iеле, йишега Зазуга, вайн берашка...

Ва МIаьчиг, шух къаьстанчу дийнахь дуьйна хIара юрт а, хIара дуьне а деса хета суна а, тхо бухадисинчу массарна а. Яссаелла шун керташ гича дегнаш доьлху тхан, шу лелла меттигаш гича ойланаш юху тхан, шух къастаро хIара дуьне къахьдина тхуна, шух хилларг цахааро синтем байана, шун къина кхоьлина лекха

лаьмнаш, тийжаш йоьлху сийна хьаннаш. Ва амма, шуьгара кхочуш кост дац, шу дели а, диси а хаац тхуна.

Шух хIун хили-те, могаш-маьрша дIакхечин шу, дIадахале кхузахь шуьга ма дуьйцу дика нисделин-те шун гIуллакх? Махках ваьллачун гIуллакх дика хир ду бохучух теша мел хала делахь а маршой, нийсой шуна цигахь карийнехь ма хазахетар дара суна. ТIаккха, дукха сагатдой Зазус, Зарус, Коьрас? ИбрахIиман доьзалш мича хьолехь бу? Шуьгара хьал хиъча боккха синтем хир бара тхуна...»

Кхузахь лаьттах яханчу хIусамненан, берийн цIераш яьхча хорам хилла, къурдаш динчу МIаьчиган логан бакъабелла шад шозза-кхузза хьала-охьа бахара ваьштта.

«Кхузара хьал шуна хаа лаахь, кху беа баттахь хийцаделла хIума дац. Дено-дено ницкъ бар бен, Iедало еш пергIато яц тхуна. Лакханехьара масех юрт тIаьхьа а хIоьттина, имам ваьллера Хорачуьра Акхмирзин Тоза. Цхьа масех дийнахь бохий уьш, дикка нах лецна дIабигна. Берриг нах, хьалха санна, цхьа а гIуллакх кара ца догIуш Iаш бу. Цигахь шу дика дIатарделлийла хиъча тIаьхьа а гIоьртар болуш, шун гIуллакх галдаьллехь кхузара меттах ца бовла лийр болуш. Ткъа сох дерг аьлча, сан ойла яц кху юьртара дIавала. Тоьар ду, цкъа къаьстина со махках а, халкъах а. ХIара сан шолгIа даймохк, шолгIа халкъ, сайн боккъал долчарел суна дика хилла.

ХIара шо йокъане делахь а, хьан кха тIера хьаьжкIаш дика хьалакхуьу. Царна хьалхара асар даьккхина ас. Керткевнна са ма гатде, гонахара керташ къевлин ас. Денна воьдуш, кертахула хьаьвза. Хьанна хаьа, дохко а ваьлла хьо цIа верзахь, и дерриг хьуна оьшур ду. Гурале цIа ца вагIахь, хьажкIаш доьрчаш чу дIаерзор ю ас.

Чорин, Iелин доьзалш могаш бу, цомгаш кIелвиснарг вац. Доьзалшна са магатде ала, оха тхешан ницкъ кхочу гIо дийр ду царна. Вайн юьрта а веана, нахе Хонкара кхалха баьхна Мадий, Нуркиший, шу дIа а хьовсийна, цIахь севцца.

Кхин дийца керла хIума дац. Шайгара хьал-де язде. Тхоьгара а, кху махкера и салам-маршалла луо вайн бевза-безаршка, юьртахошка.

Шу гаре сатуьйсуш, шуна воьлхуш вуьсу Гати-Юьртара Лапин Васал».

Дешна чекхдаьккхина кехат юха деалха а тоьхна, МIаьчиге дIакховдийра Маккхала.

— Миска Васал, массарел вайн бала кхаьчна лела-кх. Кхузахь дерг хаахьара-м иза дог иккхина лийр вара.

МIаьчиг вист ца хуьлура. Сихбелла хьала-охьа лела цуьнан логан шад тергалбелира Маккхална.

— Хьо ма гIелъели, борз, цIеххьана? — МIаьчиган белша тIе куьг туьйхира цо. — Дера, вешан ирзош тIехь асарш дохуш, нит-

таш хьекхош, шийла шовда тІе а муьйлуш, Нохчамахкахь бакъхьа ма дара вай.

— ВаллахІ, Васала, дукха-м бехира, цІахь Іе, ма гІуо, МІаьчиг, нехан хийрачу махка...

— Дера, бехира, Васала а, и воцчар-ам. Аш ла ца дуьйгІира-кх, МІаьчиг. Амма хилла даьлларг нислур дац вай чІеІарх. И хьайн беха букъ нисбай, дуткъа лаг дахдай, охкаделла мекхаш хьовзадай, дІаволало хьалха. Екъаниг кагъеш, тІеданиг саттош цхьана агІор ваьшна некъ боккхур вай. Вало!

МІаьчига корта ластийра.

— Хьо дІагІуохьа, Маккхал. Со жимма садаІа соцу.

* * *

Маккхал дІавахча, хин тогІин лекхачу бердан йисте вахана охьахиира МІаьчиг. Кхузахь парггІат ойла ян. ДІадахнарш дагалеца. Кханенан ойла ян. Четара схьадаьккхина кехат даржа а дина, вехха хьийжира иза оцу тІерачу чІагаречу йозанашка, хьаьркашка. Оцу тІера цхьа а элп ца хаьара цунна, амма цаьрца цунна гора генахь бисинчу даймехкан хьомсара сурташ: баьццара раьгІнаш, луьста хьаннаш, шийла шовданаш, регІара шен жима ирзо, оцу тІера хІетта асарх цІанъелла хьийкъина хьалакхуьу хьаьжкІаш. Ков къевллина деса лаьтта шен ков-керт. Хезара Васалан аз а. Цхьацца аьзнаш нийса ца алалахь а, цо шерачу нохчийн маттахь ден хьехаме, доглазаме, бехкаме къамел.

Цхьа хан яьлча МІаьчиган ойланаш, хьаьвзина яьхкина, ДанчІина тІехь севцира. Цо тІаьххьара аьллачу дешнашна тІехь. Чекхдоллалц ца аладеллачу.

«МІаьчиг, дагадогІий хьуна...»

МІаьчиган кхоьлина бІаьргаш Муш-шахьарна тІехула дІа, Сэв-Саран раьгІнийн баххьаш тІе доьгІна дара. Лергаш чохь екара чопаш туьйсуш, буьрса бердех леташ хьердаьлча санна охьа чухула хьаьдда доьдучу Мурат-хин къора гІовгІа Яьссин хеталора ,ткъа генара шена гун Сэв-Саран лаьмнаш, — берахь дуьйна бІаьргашна хьалха лаьттина Нохчийн лаьмнаш.

ХІаъ, дагадогІу дера-кх. Шаьш базарахь цхьаьнакхетар а, ДанчІин пхьарс боццчу накъостан карзахе дешнаш, цІе санна догу бІаьргаш, цигахь лаьттачу нахаца цо дина дов а. Амма МІаьчигана ца хаьара, и шиъ шех дІакъаьстанчул тІаьхьа полковникан хІусамехь церан хилла галморзахаллаш.

ДанчІа-м шен йиша-вешех къаста а ца лиъна, церан лаамна тІера волийла а ца хилла веанера кхуза. МІаьчигга-х веанерий шен лаамехь хьовха, доьзалан бертаза. Цо нуьцкъала баькккхинера шен доьзал цІийнах а, махках а. Кхуза жоьжахате... Елла цуьнан йоккхастаг а, диъ бер а. Шаьш кертара довлучу хенахь Зазун

къаьхьа елхар, жимчу йоьІан баьлла шийла мохь хаддаза лерехь бу МІаьчигана.

Амма доллучочул а цуьнан дог огу тийна чекхйолуш йоллучу Зарус а, массарех къехкаш, даим ойлане, догІанна язъелла марха санна, кхоьлина лелачу Коьрас а. Цаьршиммо схьа ца алахь а, МІаьчигана ма хаьа церан дагара. Бакъ ма ду и шиъ, МІаьчиг ву дерригенна а бехке. Цуьнан омрица баьхкина уьш кхуза. Іаьнан оцу шийлачу буса, чохь тІуьна гуьйриг сийсачу товхи хьалха гоьл тІе ког баькккхана цо аьллачу цхьана дашо кху хийрачу мехкан лаьттах доьллина и пхи адам. Дийна дисинчу кхааннах хІун хир а хаац...

* * *

Мискачу МІаьчигана шаьш кхааннах хиндерг ца хаьара, амма кхелхинчу пхи эзар доьзалан кхолламах дерг хІинца а къастоза яра ший а правительство.

Эрзерумски велига, Императорски комиссаре инарле Нусрет-пашега.

Господин комиссар!

Суна хиъна, эмираци баьхкинчу нохчех цхьа дакъа Ванехь а, Мушехь а, Джиджехь а совцо шун ойла хилар. Нохчий цига баха ховшор нисса дуьхьал ду лоьруш йолчу вайн правительствоша бинчу бартан статьяна. Константинополехь волчу Россин векало Цуьнан Сийлалло инарла Игнатьевс оцу хьокъехь Кавказски Іедале официально бинчу хаамца, эмираце баьхкина нохчий Эрзинганий, Диарбекирний дехьа колонизировать бина хила богІу. Цул сов, хІара хаам шуьга бинчул тІаьхьа ас сацам боллуш дуьхьало йийр ю лакхахь цІераш яьхначу меттагашка нохчий тарбарна а, Трапезунд, Карс, Ван, Баязет санначу, тхан дозанашний я вуьшта аьлча, Диарбекирний, Эрзинганий Малхбалехьарчу муьлхачу а пашалыкашка нохчийн колонизаци ярна. Эрзеруме кхаьчначу партийх цхьа а цигара меттах ца яьллийла а хоуьйту ас Хьан Сийлалле. Дехар ду, Хьайга сан даггара лерам дІаэцар.

Оьрсийн комиссар. Капитан Зеленин.
24 июль 1865 шо.
Карс.»

«Цуьнан Воккхаллин Ерриг Россин Императорски комиссаре, штабан капитане Александр Зеленига.

Господин комиссар!

ХІинцца ас схьаэцначу, шена дуьхьал ас жоп яздечу хІокху кехато боху, Цуьнан Сийлалло инарла Игнатьевс Кавказски хьаь-

кимашка хаам бинчу инструкцица, эмиграце баьхкина нохчий Эрзинганна а, Диарбекирна а дехьий бен колонизировать бан йиш яц. Хьан гайтам айса мел лерахь а, господин комиссар, цуьнан чулацамана дуьхьало ян деза сан. Ас дуьхьало ян езаран бахьанаш хIорш ду: соьга еллачу инструкцина тIехь колонизацина база Боккхачу Iомана уллора Ван а, Муш а, Диарбекирей, Карпутехьай дIайолу провинцеш ша гойтучу хенахь, сан правительствос оцу хьокъехь шун правительствоца барт бина хила беза; ишта ца хилча хIара айса лелориг ас ца лело а магара. Соьга тIехдика хайтина Кавказаца доза долчу провинцешкахь колонизаци ян йиш яц аьлла вайн правительствашна юккъехь хиллачу барта тIехь шатайпа статья хилар. Хьан пурбанца ас цIераш йоху церан: Батум, Шильдир, Карс, Баязет.

Оцу барта тIехь цхьа а дош дац, Оттоманан Империна чоьхьарчу Азиатски декъа тIера кхин провинцеш хьахош аьлла, цундела хьо цецвийла ца оьшу, айса деллачу омри тIехь со сецарх.

Суна елла инструкци нийса хилар чIагIдеш а, чIогIа оьшуш а долу кхин цхьа бахьана даладо ас, шена тIехь хьоьга ойла яйта: эмиграце баха нохчийн сацам хиллачу хенахь, сан правительствос царна дош деллера, кхузахь царна лун долу латта цара шайн лаамехь дIатосучу даймехкан лаьттаца массо а кепара догIуш хир ду аьлла. Бакъонца цара дехна а, хьакъдолуш ша царна делла а и дош ма-хуьллу уьш резабеш кхочушдаран Iалашо йолуш Лекхачу Портас эмигранташна билгалдира церан махкаца догIу Ванна а, Мушана а гонахарчу провинцийн латтанаш. И ламанхой Эрзинганна а, Диарбекирна а дехьарчу, хи доцчу есачу меттигашка дIахьовсор — уьш хIаллакьхуьлийла лаар ду.

Карти тIе хьаьжча Хьо тешар ву, сан инструкцина тIехь нохчашна билгалйина меттигаш, Кавказан дозанна вуно гена хиларх.

Со тешна ву, господин комиссар, ас йина билгалонаш, доггах тIе а эцна, царех лаьцна хаийта деззачу ахь дIахоуьйтург хиларх.

Императорски комиссар, инарла
Нусрет.
25 июль 1865 шо.

Карс.»

* * *

«Кавказски Эскарийн инарла-квартимейстеран дехарш кхочушдечу полковнике Богусловскийга.

№ 10

26 июль 1865 шо.

Селхана Нусретера хIара кехат сайга кхаьчча, хIокху тIерачу цхьацца меттигашна дуьхьало ян тахана иза волчу вахара со.

Вайн векалний, Iела-Пашиний юккъехь хилла барт ларбаран дуьхьа, ас цуьнга дийхира, цуьнгарчу инструкцица нохчий мичхьа ховшо ойла ю дийцар. Суна дIахайта лаьа, цо барта дуьйцург а, официальни жоп а цхьана догIуш цахилар. Официальни яздо цо, нохчий Ванехь буьту шаьш бохуш, ткъа тахана барта дуьйцу, Битлисана малхбалехьа уьш бита йиш яц бохуш. Цундела сан дехар ду, нагахь санна Кавказски хьаькмаш и ламанхой Диарбекирна гергахьуо охьаховшорна резахилахь, Ванан пашаликехь царна ца магош йолчу меттигийх къастам бар. Ткъа Диарбекирал дехьа уьш дIалахкарх аьлча, цкъа-делахь, и хала ду, шолгIа-делахь, ас хьалха ма-яздарра, цигахь цаьрга хьоьжуш Iожалла ю...»

VI корта БІЕ ШОЛГІА БУЬЙСА

Масане кІант лела
Кху лаьмнийн чІажаршца
Мацалло бІарэвина,
Шелоно гатвина.
ХІун бала бу техьа
Ва цаьрга боьссинарг,
ХІун гІайгІа ю техьа
Уьш бІаьрза бІарзбинарг.

Нохчийн илли.

1

Туьпа юккъехь йитина цхьа урд хиллал майда яра, тІехь сийна бай болуш. Кхузахь яцара цхьа тоьла а, бун а. Кхузахула дІаса адам ца долура я дийнахь а, я буса а.

Оцу бай тІехь хІор пІераскан дийнахь рузбана гуллора туьпара нах. Ламазана хІуттуш схьайоккхий чоа, гІовтал тосура кІел, уьш йоцург беккъа бай тІе хІуттура.

Кхуза гуллора туьпан тхьамданаш кхеташоне а, кхеле а.

МаьркІажан ламазаш дина, оцу майдана гулбелира нах тховса. ХІор юьртарчу нехан цІарах цхьацца стаг. Царел сов кхуза веана, хьалхарчу магІаршка охьахиъна вара кхин а пхийтта.

Турцех кхаьчначу хьалхарчу баттахь Аьрзуна хиира, адам цхьана низаме ца далийча, бажа санна хецна дитича, цара шайна а, меттигерчу бахархошна а зуламаш дийр дуйла. Иза хилла а Іийр дацара. Цхьа барт, цхьа Іедал ца хилча кхузахь даьржина лелар дара адам. ТІетеІачу ницкъана дуьхьал баккха ницкъ оьшура.

Кхузарчу адамаша баьчча винчу цо угӀар хьалха, шайн нахах жоп дала, хІора тайпанах цхьацца стаг къастийра. Цул сов, оцу берхІитта эзар адамах дегІехь ницкъ Іалашбеллачу божарех эскар кхоьллира цо. Уьш пхи эзар ву. ХІор эзарна а, пхеа бІенна а, бІенна а, иттанна а коьрте доьналле, хьуьнаре, тІамехь бахчабелла къонахий хІиттийра.

Цаьргахула латтадора цо туьпахь низам.

Тховса тайпанийн тхьамданашца цо кхуза кхайкхинера шен эзарчаш а, пхибІенчаш а.

Хевшина Іечийн яххьаш халла къастара хІетта лома тІехула гІаьттинчу беттан серлонехь. Ерриге а цхьатерра яьлла. Хьаьрсий, Іаьржий, сирий. ОьгІазе, кхоьлина, ойлане. Бедарш — летийна, зарзъелла, малхо басаяьхна. Царех хІоранна а хаьа баьччано

шаьш кхуза хІунда гулдина. ХІоре а веана цІахь буьсучех дага а ваьлла, цунна жоп кечдина. Амма веккъа цхьа Тарам ву царех синтем байна хьийзарг. Цкъа вулий коьртара кхакханан месала кІайн куй схьабоккхий, карахь хьекхош хьийзабой, юха а бІаьштига тІе таІош дІатуьллу, гоьла тІе буьллу, мекх шардо цо, тІаккха цхьана ханна дІатоь, куьйга корта а лоций.

— КІентий, — тийналла йохийра Аьрзун гІоргІачу озо. — Аш хьовсийнчуьра оха деанарг шуна хезна. Кхузарчу Іедало вайна къастийна мохк стага дезар эца мегаш бац. Хи а дац, хьаннаш яц. Мокха, деса, йокъане гунаш. Дийна ялта а цигахь кхуьур дац. Даьхнилело дежийлеш цигахь дац. Цхьа а цІа дац цигахь вайна хьовха, атталла шайна дина а. Вешан токхечу махкахь даьхначу вайн мохк бац иза. Тхуна хетарехь, нагахь цига гІахь, хІара адам бІаьстенга дер дац. Мацаллой, махкаллой хІаллакдийр ду. Аш хІун олу?

— Цига гІур дац.

— Кхузахь Іийна девр дуй ткъа?

— Тоьллачуьра мохк схьа а лаьцна, охьаховшур ду!

— Наха лур бац шайн мохк.

— Баькхкича лур бу.

— Шаьш хІара дийриг хилча, вай схьа хІунда кхойкхура кхара!

— Кху наха ца кхайкхина вайга, паччахьо кхайкхина.

— Иза ву-кхи шен вархІий дена делан неІалт хиларг!

— Цхьаммо ала!

— Доцца дийцича, цига ваха цхьа а реза вац-кх, — элира эзарчас Тарама.

— Кхин вуй ала лууш?

— Изза ду оха аьндерг а !— гІовгІанаш евлира юкъ-юкъа.

— Ткъа хІун де вай?

Нахана юккъера хьалгІаьттира Шелара Довта.

— Аьрзу, хІара гІуллакх наха денна дуьйцуш ду. Вай-м оцу Диарбекирера деса гунаш хьехадо, кхузахь уггар тоьллачу махка тІе шаьш ховшийчи а кхузахь совца реза боцурш а бу. Юханехьа, цІа баха гІерта, цхьа кІеззиг доьзалш новкъа бевлла, биснарш а шу схьакхачаре хьоьжуш, сецийна оха. Тхуна хетарехь, кхузахь лисахь а лийр ду, оцу Диарбекире гІахь а лийр ду вай. Тоьларг хІун хета аьлча, меллаша кхузара бух а девлла, новкъахь велларг дІа а вуллуш, вешан махка дІагІортар ду. Иза ду тхуна массарна а луург.

Шина куьйга корта а лаьцна, ладоьгІура Аьрзус наха дуьйцучуьнга. Дерриг цо бинчу сацама тІе догІура. Амма...

— Довта, шу бакъоь. Амма туркоша вай дІа а хоьцур дац я оьрсаша юха дозанал дехьа а довлуьйтур дац. Эрзерума улло оьзна туркойн эскарш ду боху, вайнах, нуьцкъала цигара меттах а баьхна, Диарбекира дІаккхалхо. Изза де вайна тІе а хІуттур ду.

— Оьрсийн паччахье дехар де вай, ваьш юха цIа дерзийта алий? — юха а долийра Довтас.

— Дуьненан дехьа маьIехь волчу оьрсийн паччахье дехар вай муха дю? Моьттур дац иза Муьше хиъна Iеш ву.

— Цуьнан камсар ма ву Иэрзарумехь.

— Уьстамулахь паччахьан векал а ву.

— Цигара дIа зIе тухур яра-кх цо.

— КIентий, паччахьца дийцарш дан доьлча гена дер ду вайн гIуллакх, — къамелаш совцийра Аьрзус. — Гарсиний дайна, и оьрсийн паччахь Муше хиъна Iаш вац. Вай яздина камсарна тIе дихьча, цо Уьстамаларчу шен векале а делла, иза Петарбухе дахьийтина, цигара жоп дале шо дер ду. Цул сов, со тешна вац, оьрсийн паччахьо вайна цIехьа дерза бакъо лург хиларх. Шуна махаъара ,схьакхалха пашпурт кера эцнарг цIахь ца витира цара. Лаахь а, ца лаахь а махках вала элира. Оцу агIонах догдилла деза. Вай дича дендерг хIун ду аьлча, оцу оьрсийн камсаре а, Нусрет-Паше а кху меттигашка дIатарде, ца тардахь, тхо тхайн цIа доьлху алар ду. Шуна хIун аьлла хета?

— Хьо бакълоь, Аьрзу. Нахана цIа берза лаьа. Кхузахь шаьш делла кхачадалале. Амма сихо ян еза. ХIинца новкъа девлча, валанза виспарг Iа долале даймахка дIакхочур ву.

— Кхин хьелахь тIаьхьа-м хир ду.

— Делахь хIета, оцу тIехь и гIуллакх чекхдолуьйту вай. Амма новкъа довлар а, цIадерзар а цхьана дийнахь нислур дац вайн. СхьадогIуш санна, тобанашка а декъаделла новкъа довла дезар ду.

— Иза тIаьхьа дуьйцур вай. Сийсара цIа ма кхеччинехь суна хезначу цхьана хабаро дог дохийна сан.

Хьалха Iачу нехан кортош охьадахара.

— Вайн вархIий дайшкара охьа, тIаьхьено тIаьхьене луш схьайогIуш оьздангалла ю вайн къоман. Вайн къомах ца ваьлла лай. Шен гайн тIингар юзорхьама къоман сий духку стаг. Нажжаз вина вай. Дикане кхаьчча кура а ца бийлла вайн дай, бохам тIе беъча чIеIаш а ца хилла. Мацалла а лайна, Iожална хьалха нисбелча а бIаьрнегIар ца тоьхна. Амма даймахкана гена девлча хийрачу махка, хийрачу къаьмнаш юкъа нисделча, воцург а къонаха хила везачохь, йолбIаьрг санна оьздангалла ларъян езачохь, вешан къоман сий лардан дезачохь къонахаллех а, оьздангаллех а боьхна цхьаберш. ГондIарчу ярташкарий, шахьарарий цхьаьнакхетта тахана кхуза а баьхкина туркоший, эрмалоший динчу къамело эхь хетийтина цIе латийна сан юьхь хIинца а йогуш ю. Наха Мушахь йинчу талораша эхь дина вайн къомана. Кху туьпарчар шаьш шайн кхоллам кара а белла, шайн баьчча вина хьалхатеттина со. Туьпахь низам ца латтийча, адам шайн лаамехь хецна дитича, хIаллакьхир ду. Низам талхо бакъо яц вайх цхьаннан а.

Мушехь вайнаха динчунна уггар хьалха бехке бу эзарнчаш. Ас цаьрга жоп доьху.

Кхеташхой тийна Iара оцу пхеа стаге ладоьгIна. Ткъа уьш бист ца хуьлуш, къайллах вовшашка хьуьйсура. Веаннан хьажар Тарамна тIехь соьцура. Ткъа Тарам шек вацара. Цунна бен ца хетара и сийна стигла тIе кхетча а, хIара Iаьржа латта лелхаш тIекIелдаьлча а. Цкъацкъа велавала дог-догIура, тIаккха цIехьана оьгIазалла юссура. Низам а хьехадо. ГIиллакх а, оьздангалла а хьехайо. Уьш хуьлуш ма дац буьзна хьербевллачу а, мацалла леш бохкучу а нахана юккъехь. Кхузахь хIора а, шен махуьллу, мацалла ца вала гIерташ воллу, ткъа хIокху Аьрзус гIиллакх, оьздангаллий дуьйцу.

Уллохь лаьттачу буьнахь гIовгIанаш евлира. Оцу чуьра арадевлла бераш доьлхуш, гIийла узарш деш, буьна хьалха севцира. Царалахь воккхахволу кIант кегийчарна маслаIат дан гIертара. Цхьа-ши де дара церан да чIогIа волу. Схьахетарехь, иза дIаваьллера хIинца.

Тарам халагIаьттира.

— Жоп ас лур ду, — элира цо гонна юккъе а волуш. — Наха Мушана шозза тIелатар дарна бехке тхо дерриш ду. И барт оха кхеташонехь бина.

— Иза муха бабелира шуьга?

— Адам мацалла ца далийта.

— Оцу талораша кIелхьардаьккхин ткъа?

— Аьрзу! — Тараман ши бIаьрг ткъесах къегира. — И дIогехь буьна хьалха лаьтта бераш гой хьуна? Да велла, цуьнан докъаца Iен ца даьхьна арадевлла доьлхуш лаьтта уьш. СагIа ца дехча, къола ца дича я мацаллина охьа а эгна делла дIа ца девлча кхин некъ бац царна кIелхьардовла. Иштта байш бIеннаш ду кху туьпахь. Адам мацалла леш ду. Дийнахь-бусий бIе ле. ДIадохка ца кхиош, доьрчий санна, дестий декъий шина-кхаа дийне довлуш меттигаш хуьлу. Делан а, нехан а гIоьнах хаьддачу адамийн дегнаш дарделла. Адамаш мацалла ца дала гIерта. Уьш шайн дегнаш Iабо гIерта. ХIаъ уьш Мушана тIелетта, цара цигахь талораш дина. Цара талораш до гондIарчу ярташкахь а, некъашкахь а. Шайна дуьхьало йинарг цара а воь, аьтто баьлча, кхузарчу бахархоша уьш а бойу. Адам карзахдаьлла, Аьрзу. Уьш низаме дало боккха ницкъ оьшу. Нах тхайн бертаза Мушана тIе боьлхучу даьлча, вовшийх дага а девлла, хуьлуш дерг цхьана низаме мукъана а дерзаде вай аьлла, царна хьалхадевлла тхо. Тхан бехк бу аьлла хьайна хетахь, луъу таIзар тхуна дан бакъо ю-кх хьан!

Тараме ала хIумма а дацара Аьрзун. Иза бакълоьра. Амма адам хецна дита йиш яц-кх. Бажа санна. Къаьсттина кху халчу муьрехь чIогIа Iедал деза царна тIехь.

— И дерриг суна дика хаьа, Тарам. Кху гийсакехь къаьсттана

барт, низам оьшу вайна. Туьпахь болу ялтийн хIор буьртиг хьесапе эцна, цунах гIедакх деш, гIелбелла кIелбисинчарний, байшний хьажо деза. Талораш дар дитийта деза. Туьпахь низам хIоттаде. Юханехьа новкъа ца довлахь, кхин некъ бац вайна кIелхьардовла. И некъ хала хир бу. Цомгаш, кIелдисина адамаш дукха ду вайн. Уьш дIатуьйсийла яц. Оцу бехачу новкъахь нахана даа рицкъа оьшу. Иза дац вайн. Нах талораш дан гIертар бу. Уьш совцо беза вай. Туркоша дIахоьцур дац вай, оьрсаша дозанал дехьа довлуьйтур дац. Оцу шинахьарчаьрца машар лаха а, ца хуьлчу далахь, цIий Iано а дезар ду вайн. ТIехула тIе, дерриг адам цхьана дийнахь новкъа доккхуьйла а хир яц. Масех тобане декъаделла новкъа довла деза. ХIор тобанца пхиппа бIе тIемало а, царна коьртехь собаре, майра, тIамна говза къонахой а хила беза. Нахана луучунна тIе а тайна, хьалхавуьйлучех баьчча хир вац. Дерриг ца тору нахана луург а. Аш динарг уггар луьра таIзар догIуш зулам ду. ХIоьттина хьал, шун хилла барт тидаме а эцна, оцу таIзарх хьалха дуьту ас шу. Амма шу пхеаннах уггар бехке шиъ — Тарам, Довтий эзарчийн декхарийх мукъавоккху. Маккхал, хьоьга ло ас Тараман эзар тIемало. Чора, хьо Довтин метта хIоттаво. ЦIадерза сацам тIеэцна девлла вай. КхидIа дан дезачу тIехь шух дагавийлар кIезиг хир ду сан. Соьгара пурба доцуш шен лаамехь гIуллакх динчу стагана сайн куьйга таIзар дийр ду ас. Туьпахь низам латто суна бIе тIемало оьшу. Чора, хьайн эзарнах и бIе стаг а, царна коьрте хIотто цхьа тешаме бIенча а къаставе суна.

Бен боьхна арадевлла бераш, йоккхахйолчу йоIана гонах хьаьрчина дIатийра. КIант вацара гуш. Схьахетарехь, иза ден докъана уллохь буьйса яккха чуваханера.

Геннахь говрийн бергийн тата делира. ТIаьхь-тIаьхьа герга гIертара иза. Дукха хан ялале майданахь гучуваьлла бере, говр ца сацош охьа а иккхина урх нуьйран хIоьах тесна, чехка тIевеана салам делла, Аьрзуна хьалха хIоьттира.

— ХIун, дахьаш веана хьо, Гара? — хаьттира Аьрзус, хьалагIаьттина, салам схьа а оьцуш, цуьнан куьг лаьцна.

— Эми-Паша кхаьчча Муше. Цуьнца кхо эзар дошло ву. Кхана туьпа ван ойла ю цуьнан.

— Кхин?

— Цуьнца ву Iуспанан Сайдулла а, Iелаханан вешин кIант Шамхалбек а, Шахьбин Хьабиб а.

— ХIун ойла йолуш баьхкина уьш?

— ХIара туп йохо. Нах Диарбекире дIахьовсо.

— Кхин хIун ду керла?

— Иэрзарумера схьабогIу вайнах цхьана дийнан некъ генахь севцца тховса.

— Туркойн эскарш мичхьа севцца?

— Шахьарехь, нехан керташка дIаса а декъна, маьждигийн майданашкахь севцца.

— Яккхий тоьпаш юй цаьрца?

— Ялх ю.

— ХIун тайпа?

— ХIоьънашца юзург йиъ, чаччамашца юзург шиъ.

— Баркалла, Гара. Хьайн накъосташна тIе дIагIо. БIаьрг сирла, лерг сема хила. Ха стамдийр ду тховса. Ишар[1] хуьйцу вай. «Лаьмнаш кхойкху».

Бере, каде дIа а хьаьвзина, цхьана куьйга тур сецош, ведда вахана, кхоссавелла говра а ваьлла, чаболахь къайлавелира.

Кхерам хаабелла кхеташонера нах, Аьрзун даше ладоьгIна севцира.

Аьрзу хьала а гIаьттина, нахана хьалхахула дIасаволавелира.

— ХIета, кхана къаьста-кх вайн кхоллам, — элира цо массарна а хозуьйтуш. — Бертахь я бертаза лаьхкина малхбузехьа дIадуьгур ду. Цигахь а, кхузахь а массанхьа а Iожал ю вайга хьоьжуш. Нагахь уьш нуьцкъала вай дIадаха гIортахь?

— Шаьш Iанне ца Iахь, сан дакъа хьор цара, оцу ахь юьйцучу Диарбекире, — сихха жоп делира Мовлас, — Мовла-м гIур вац шена чохь са а долуш!

— Забарш йита. ХIун дан лаьа шуна?

— Ас-м забар ца йо, Аьрзу. Шена ваха луург гIор. Тхо цхьадерш-м летар ду. Я сайца цхьа масех стаг лехна, обарг вер ву.

— Бисанчар хIун олу?

Юккъера гIаьттина Довта цхьа-ши гIулч хьалхавелира.

— Ас ала мегий? Ша галдаьлла гIуллакх ду вайниг. Цкъа когакIел гIахь, хIокху туркоша, корта айа ца дуьтуш, делла дIадовллалц хьийзор ду вай. Вай-м хьовх, нагахь дийна йисахь, вайн тIаьхьенаш а. Цкъа дина, цкъа лийр ду. Ткъа кхузахь — дукха ца Iаш. Суна хетарехь, ваьш дийна а долуш, туркошна хьалха а девлла, цига доьлхучул, летта далар гIоли хета суна.

— Кхин вуй ала лууш?

— Цкъа хьалха ма-хуьллу гIуллакх машаре дерзо хьовса деза, ца хуьлчу далахь, дуьхьало а йийр ю-кх.

— Кхин некъ буй гайта?

— Бац.

— Ойланаша хьердохуш лаьтта вай-м. Дахдина хIун до. Хьайн сацам схьабийца, Аьрзу.

Волавелла лела Аьрзу, саца а сецна, нахана тIевогIавелира.

— Дика ду хIета. ТIаьххьара минот тIехIотталц, гIуллакх машаре дуьйцур вай. Амма вайн дехарш юха а тоьхна, и туркой нуьцкъах вай кхузара дIадаха гIортахь, дуьхьало ян лаьа-кх шуна?

— Дер кхин некъ-м ца буьсу.

[1] Ишар — пароль.

— Делахь дан дезачух дагадевр вай. Хина тилланчу доккхачу тIех сехьабаьлла некъ шина лома юккъехула схьабогIу. Шиний агIор хьаннаш ю. Хьун ю тIел дехьахь регIаца а. Нагахь вели шен эскарца схьавагIахь, иза туьпахь тIеэца гатте ю. ТIе, тIом хилахь, аьтту боцуш меттиг а нисло. Зударий, бераш, цомгашниш а кешнашна дехьа, лома кIел, шерачу арахь тIеэца беза. ГIайракх, маса говр ю туьпахь? — хаьттира цо, ша цIера ваьлча туьпахь шен метта висанчу ГIайракхе.

— Ерриг а шиъ ах эзар. ГIийланаш цхьана ягарйича.

— ТIамна мегарш?

— Ши эзар.

— БIаьхой, герз а мича хьолехь ду?

— Нийсса аьлча, хьо воьдуш хилларш бац бIаьхой. Дикка белла, цомгашнаш а бу. ХIетте а, кегийраш а юкъаозийча, пхи эзар бIаьхо тарлур ву. Цхьана кIиранах тIом бан хIоъ-молха а ду вайн.

Аьрзус жимма ойла йира.

— ХIета ладогIал сан омране. Вели вай тIе оьцу волчу ара пхиппа бIе нисвеш цхьаъ ах эзар дошло дIахIоттаве. Уггар тоьлдара говраш а, андий дошлой а хьалха а, агIонашца а хIиттош. ЛетIе хьо хIоттаво, Чора. Оцу ара, хьуьна йистаца, пхи бIе гIашло а хIоттаве. Царна тIехь куьйгалла хьуна тIе дуьллу, Мовла. Хьо, Довта, уггар дикачу говрашкахь, уггар говза кхо бIе дошло эций, кешнашна сехьарчу хьуьн чохь кIелонна хаа. ТIел сехьа ма-ваьлли болу боьра пхи бIе дошлочуьнца ахь дIалаца, ГIайракх. Хьайн бIаьхошца, Тарам, тIай тIера схьа некъан ший а агIо ахь дIалаца. Къосам, бисанчу нахаца туп хьох тешийна юьту. Зударий, бераш арадахий, цIано яйта. Тур, шаьлти, урс, муьлхха а герз зударийн, берийн, къеначийн а кара ло. ХIораммо, вайна юккъехь зIе латто, шишша стаг а къаставе суна. Нагахь туркоша цхьана стагана муьшка яхь, юханехьа тоха. ТIом болало-кх, уггар хьалха церан яккхий тоьпаш схьа а лаций, царна шайна тIе ерзае. Іуьйранна ас айса толлур ду аш эскарш дIа муха нисдина. Дийцарш дар Маккхалла тIе дуьллу. Варелаш, доха ма дохалаш. Далар бен кхин хила хIума дац. ХIинца шайн-шайн бIо хIотто безачу меттигашка хьовса гIо...

2

Туркойн юьрта воьлла Соип, готтачу, гомачу урамехула хьала а ваьлла, йоккхачу беша маьIе кхаьчча, сихха юьстах а иккхина, цициг санна керта улло дIатебира.

Тахана суьйранна талламе веанчу цо билгалйинера и беш а, цунна гонахара, тIехула кIохцалийн коьллаш тоьхна тIулгийн лекха барол а. Оцу баролал чоьхьа яра кемсийн беш. Кхузахь, Соип сецначохь, барола тIехула ехкина коьллаш ледаро яра.

Соипа сема ладоьгIура. Йижанза яра юрт хIинца а. Наггахь цунна уллохула тIехволура коьрта тиллина кIужал йолу цIен пес а, еха коч а, шуьйра когаш болу шарбал тIехь стаг, юьхь къовлуш коьртах хьарчийна Іаьржа, даккхий корталеш долу зударий. ГIаш а, варрашца а.

Серло йогура беш йолчун цIеношкахь. Схьахетарехь, царна чохь вехарг хьал долуш стаг вара. Цуьнан санна дика а, даккхий а цIеноша дацара оцу юьртахь. Кемсаш-м кхечу бошмашкахь а яра, амма цIа чуьра арахьаьжча, массо маьIиг гур йолуш, кегийн. Ткъа хIара беш ша йоккха а, юькъа а хилла ца Іеш, цIеношна генахула яьржана яра.

Уллохула цхьаъ тIех мосазза вели, беша эккха кечлора Соип. Амма тIаьххье кхин тата долура. Сагатдора луларчу кертахь летачу жIаьло а. ТIехула тIе, хIара буьйса а еанера, хIуьттаренна санна, екхна. Чиркх санна серлабаьлла тIехьоьжура бутт. Бацала боьжна маха а карор болуш. Цхьа хан яьхьира Соипа цуьнга хьоьжуш. Шелахь кхетачунна санна, гIаж буйнахь жаIу вара цунна тIехь а. ТIаьхь-тIаьхьа серлаюьйлура Чухчахьера а. Дала шайтIанна кхоьссина седа а, дехачу цIоганца къага а къегина, тIепаза байра.

Юха а хьаьвззина хьалхахIоьттира ненан сурт . Цуьнан оза юьхь, чуэгна бIаьргаш, буткъбелла мара, дакъаделла, тIехь цIеллех хIума доцу балдаш, сихдинна доьIу са...

— Кемсаш...

И дош дара Соипана тIаьххьара хезнарг. Уьш ца кхоллуш иза яларна кхоьрура Соип. ТIаккха, ша велла дIаваллалц дагахьбаллам хир бу цунна... Тахана кху юьртах чекхвелира иза цхьаммо комсийн хорха кховдоре догдохуш. Цхьаммо а ца кховдийра. Биэха эхь хетара Соипана, ткъа хIокхо хIун леладо кхузарчу адамашна а ца хаьара.

Соипа сема ладуьйгIира гонах. Летачуьра сеццера лулара жIаьла. Тата дацара новкъахь. Шен юкъахара ден шаьлта хецца схьайолий хьажа, баттара хьала а озийна, юха чу а теттина, хьалгIаьттира иза. Цициг санна кхоссавелла готтачу некъах дехьа а иккхина, цхьана минотехь ладуьйгIира цо. Тийна дара. ТIаккха каде баролах хьалатасвелира иза. Ницкъ эшначу пхьаьрсаша ца лара дегI. Хала барола тIе а ваьлла, юха а ладуьйгIира цо. Амма хезаш хIумма а дацара, сахьто санна, цуьнан жимчу даго детталуш ден татанаш бен. Юха вогIуш сехьавала атта хилийта, кIохцалан масех кол, схьа а яьккхина, новкъахьа охьатесира цо.

Цхьа минот ялале беша тилира Соип. Сийна тхов бина лаьттачу дитташна кIел Іаьржа бода бара, бIаьрга Іоьттина пIелг гур боцуш. Боданах шен бIаьргаш боллалц Іийна, баттара яьккхина шаьлта аьтту буйна а лаьцна, хьалха дIаволавелира иза.

Юьртахь хьалхара хьолада, оцу йоккхачу бешал, дикачу цIеноЙл сов, йоккха кофейни а, тУька а йолуш волу Нияз-бей, ша охьавижале, бахамна гуотаса дагахь уьйтIа велира.

Бешахь хехо-м вара. Амма цунах кIезиг тешара хIара. Кху цхьана баттахь етт а, тIехуу дика говр а дигнера кхуьнан чуьрадаькхина. Хехочунна набкхетта хиллера а, я иза къуйх кхеравелла меттах ца хьайнера а хаац, амма Нияз-бей дикачу динах, аттах ваьллера. Къеначу Узун-Бобас дуьнен тIехь мел болу дуй биира, шена наб ца кхеттера я оцу шина буса хIума тоса а ма ца делира аьлла. Иштта-м ца хила а магара иза. ХIара, кхуза баьхкина нохчий, дуьненахь цIеяххана мекара къуй бу. Ткъа церан майралла, бIарзбеллачу цаьрга йоьссина оьгIазалла. Бехк, дера, бац воккха стеган-м кхераваларх. Шайна дуьхьало йиннарг тухий охьавуьллу цара. Иза бешан цхьана маьIIера вукху маьIIе кхачале шайна луъург дийр ду къуша. Бакъду, и къолаш цхьа Нияз-бей санначу таронаш йолчарна до цара дукха хьолахь. Шозза къола дича кхеравеллачу Нияз-бейс кхин цхьа хехо а хIоттийра. Туька Iалашъян. Шингге тиша тоьпаш елира. Мацах, оьрсашца тIом болуш кераяьхкина, деш дезар доцуш, хьешан цIа чохь пенах кхазош йолу.

Туьканан хехо Юсуф-боба, шен топ пхьаьрса кIел лаьцна, волавелла лелаш карийна, юха керта веана Нияз-бей, дихкинчуьра жен-жIаьла схьа а даьстина, цуьнан коча тесна бахтар буйна а лаьцна, беша велира. Кемсийн таьлланга шна тIе кхочуш, ши лерг дуьйлина ла а доьгIна, цкъа-шозза гIалх аьлла, хьалха дIагIоьртира жIаьла. ДIахьажавеллачу Нияз-бейна, кемсийн таьлланга шна кIел, беттасин серлонехь, баролехьа дIадедда жима гIаларт гира. ЖIаьла дIа а хецна, кемсашна гIортийна хьокха катоьхна схьа а баькхина, тIехьаьдира Нияз-бей.

ХIетта ша баькхина ши кан дерзинчу дегIа тIе дуьйхинчу чоин чета а таIийна, кхозлагIчунна тIе куьг хьош воллучу Соипана, шена ткъех гIулч генахь стаг гира хьалхадаькхина борз санна жIаьла а долуш. Царех бIаьрг ма-кхийттинехь дIаикхина Соип ша сехьаваьллачу кевнехьа дIахьаьдира. ДIаводдушехь цхьана гIорторах юьхь кхеттачу цуьнан бIаьргех суйнаш тесира. Атаеллачу кемсийн мутт дегIа тIехула охьадоладелира. Амма Соип дIауьдура. ГIортарех тийсалуш. Са мосаззу доIу, гергагIертара тIаьхьауьдучу жIаьлин дера гIовгIа. Соип, барола тIе-кхаьчча, хьалатасавелча, тIекхеттачу жIаьло пхьид йолччуьра ност лаьцна охьавожийра. Ност дIа а хецна, жIаьла шуьйра бага а гIаттийна, къамкъарг лаца чукхоссаделча, шен берриг ницкъ гулбина, деган Iайге шаьлта яхийтира цо. ЖIаьла гIийла Iанцl дина, охьа а доьжна, мийраш хьаькхна дIатийра. Сихха схьаяьккхина шаьлта батта а йоьллина, чирах хьалатасавелира Соип. Амма

жIаьлин кIомсарш яханчу настаро аьллар ца дора. ТIехула тIе хIара кевна тIе а ца ницвелира. Ша тилавеллила хиъна Соип, вуха а ваьлла дIасахьаьжира. Ков аьтту агIорхьа дара. ГIогI текхош цигахьа дIахьаьдда иза, цхьа чIогIачу куьйга вортан тIера дIалецира. Хаьара, хIинца вен ца вехь а, лечу хьол тIе валлалц шена еттар юйла. Иштта лецна бераш дойий я еттий эрчадохий карадора. Валарх, еттарх-м ца кхоьрура Соип. Цул тIаьхьа нанас хIун дийр ду? Иза-х ялла йоллу. Метта кIегар ца хаало. Цунна хи дала а, цIано яйта а стаг ма хир вац. Иза таяла там бара хIара кемсаш кхаьллича...

ЦIехьана тохавелла туркочун карара а ваьлла, акха циниг санна, дера шаьлтанца чукхоссавала кичча баролах букъ тоьхна, дIахIоьттира Соип. Нияз-бейс шена тоха хьокха айбича, шаьлта ластийра кхуо. Амма иза, цо дуьхьал лаьцначу хьокханах кхийтира, Соипан пхьаьрсе зуз хьодуьйтуш. Юха шаьлта ласто кхиале, коьртах кхеттачу хьокхано вожийра...

* * *

Кхузахь гIовгIанаш евлича хьаьдда схьавеана Узун-боба Нияз-бейна тIенисвелира; шаьлта карахь иза шен жIаьлина гонах хьийзаш.

— Бей-эфенди, хIун ду кхузахь хилларг? — хаьттира цо.

— ХIун ду, хьо кIилло малонча хилар ду-кх, — оьгIазе човхийра иза вукхо. — Са дIадаьлла. Оццул нисделла жIаьла. КIеза долуш эцнера ас хIара ши лира а делла. НеIалт хиларан карах дели-кх. У, атабсыз ит оглы! [1]

— Хьан дийна хIара?

— Оцу нохчочо, — цIеша вуьзна Iуьллучу Соипана тIе пIелг хьажийра Нияз-бейс.

Узун-бобина хIинций бен ца гира иза.

— ТIе гIой, хьажал цунна хIун хилла, — омра дира Нияз-бейс.

Узун-боба ларлуш тIе а вахана, шен беха букъ саттийна кIантана тIе охьатаIира. КIант меттах ца хьара. ДIа Iоьттина куьг тIуьначу чоьшна юкъа дахара. Кагийнчу коьртан туьтанах чу куьг диллал йоккха чов яра. Узун-бобас меллаша карчийна аркъалваькхира кIант. Озачу юьхьа тIера цуьнга хьуьйсура, ангали санна хIиттина кегий бIаьргаш. Некха тIе лерг диллина, лазийнчо садоIийла хьаьжира Узун-боба. Ца доIура. ДIа меттахъхьадича, дегIа чуьра са дIадаьллийла хиира цунна.

Узун-бобин къамкъарге шед хIоьттира. Къеначу бIаьргашна чохь гулделла хиш, лешаш, халонаша аьхначу юьхьа тIехула охьадуьйладелира. Оцу минотехь цунна хьалхахIоьттира, цуьнан хенара шен кIентан кIант. И санна жима, оза. ТIаьххьара оьрсашца хиллачу тIамехь веллачу шен цхьаъ бен воцчу кIентан ви-

[1] Атабсыз ит оглы — боьхачу жIаьлин бер (тур.).

сина цхьа кIант. Бежана санна, схьа а лаьцна, хьалха а ваьккхина вигна, тIамехь вийра цуьнан кIант. Хьенан, стенан дуьхьа? Къеначу Узун-бобина-м ца оьшура и тIом. Цунна-м бIаьрга а ма ца гинера и оьрсий. Я Узун-бобин а, я цуьнан кIентан а ма дацара цаьрца декъа а, даккха а хIума.

«Миска, мацалло валийна хилла-кх хIара кху беша, — ойла йора нохчочун кIентан четахь кемсийн кан гинчу цо. — Миска. Соьга мохь хIунда ца тохара ахь, Узун-боба, кемсаш лохьа суна аьлла. Ас лунъярий хьуна уьш, кху хьакхех лачкъийна. Ши куьг лехна вуьсийла хьуна тоьхнарг...»

— ХIун хилла цунна? — мохь туьйхира Нияз-бейс.

— ХIара-м... хIара-м велла, бей-эфенди...

— Жоьжахатан цIергахь вогийла иза! Мел дика хир дара уьш массо а иштта велла Iиллахьара. Вало, чехкка гIой Юсуфе схьакхайкхал!

Къена Узун-боба, шен дагахь кхунна неIалт кхайкхош, букархьаьвзина, бодашкахь къайлавелира. Ша барта хIуъу дийцахь а, кхеравеллачу Нияз-бейн дог а дара кIилло детталуш. Баккъал а, оцу нохчашна хIара кIант хьан вийна хаахь, къинхетаме догдохуьйла яц. Масаннех цара биэкхам эцна меттигаш ю. Цхьа сацам тIеэца ойла еш, схьавеанчу шина воккхастаге вист ца хуьлуш, вехха лаьттира иза.

— Хезий шуьшинна? — эххар цаьршинна тIевирзира Нияз-бей. — Эвлал ара а ваккхий, луьста коьллаш йолу меттиг лахий, бердах кхосса и йилбаз. Iуьйранна сан жIаьла лаьттах а долла. Ма дукхадезара суна хIара, — охьа а лахвелла жIаьлин коьртах куьг хьоькхура цо. — Мотт ца буьйцу бен, шега дIааьлларг хаьара...

Баккхийнах бист ца хуьлуш лаьттара.

— Шу стенга ладоьгIуш лаьтта? — човхийра уьш бейс, хьала а гIаьттина.

Узун-боба, ерриг майралла а гулйина, вистхилира:

— Бей-эфенди, иза муха дийр ду, вай санна бусалба адам ма ду и миска...

— Ткъа хьуна хIун лаьара? — мера кIел веара Нияз-бей. — Кхана юьртара дерриг адам, туьпара нохчий схьа а бехна, сагIа а доккхуш ас иза дIаволла лаьара хьуна?

— Оцу жIалел оьшу-те хIара... дIакхуссучул тховса цхьанне ца хоуьйтуш, бусулба динехь лаьттах воьллича...

— Сацийта! — накъостехьа гIодаккха гIоьртина Юсуф-боба човхийра Нияз-бейс, тIаккха ма-хуьллу, эсала тIетуьйхира: — Iовдал ши туьллик, нохчий ца бевза шуьшинна? Нагахь хIара гIуллакх хаалахь, вай кхоъ хьовха, вайн цIера доьзалш а бойур бу цара. Суна-м бен дац, кIелхьаравала некъ бу. Сан бахам Iалашбеш ши хехо ву, суна хIума ца хаьа аьлчхьана волу. Ткъа аьшшиммо хIун эр ду? ХIуъу аьлча а, шуьшиннах мила тешар ву?

Къена ши вир! Лаьий шуна, шайн цIа вига, лаьий — дIакхосса. Суна хIумма ца хаьа, со наб кхетта меттахь Iуьллуш вара!

Нияз-бей дIавахча, лохха къамел долийра баккхийнаха.

— ХIун де вайша, Юсуф-ага?

— Хаац, Узун-ага, таро йоьхна сан. Хьуна хIун хета?

— Оцу хьакхо хIуъу дийцахь а, бусулба динехь лаьттах волла веза хIара.

— Кхиахьара. Буьйса йоца ма ю. ХIинца вайша биэлаш, зIокберг лехна, лами беана, хIара а эцна юьртах валале хIун хир дац. ТIе, каш даккха а деза, — ша шега луьйра Юсуф-боба. — Сатасалц ваьшшинге далург дер вайша. Ас вахана биэл, зIокберг йохьу, ткъа ахь лами ба. Кху бешахь, стоьмашна кIел хIоттош жима лами ма хуьлура шун.

ТIаккха Соипана тIе а вахана, голаш тIе охьалахвелира иза.

— Мисканиг яI, шу бераш мукъана а мича таIазарна леладоте, даймахках а даьхна, — кIентан бесни тIе куьг хьаькхира цо. — Дала хьукма дойла-кх хьо вийнчунна, шуна а, тхуна а тIехь хIара Iазап латточарна...

4

Туьпана гена йоццуш, Мурат-хил дехьарчу шерачу экъан тIехь яьржина лаьттачу туркойн юьртахь, уггар дикачу масех цIийнах цхьанна чохь, ши кор къагийна сирла чиркх богура Соипан садолучу хенахь.

ХIусамдай чохь Iен цIа нохчеха кечдина дара. Пенех диттина кузаш, царна тIехула оьххина герзаш. Поппаран маьнгин цхьана маьIехь, пенаца хьалайоьттина мотт-гIайба. НеIарехь лаьттачу дехачу гIанта тIе хIоттийна шиъ цIестан кIудал, царна тIехула пенах оьллина кхо ког болу цIестан горга шун.

Маьнги тIе тесначу куза тIе хиъна Iечу, шуьйра, еха, сира маж йолчу зоьрталчу воккхастага, чIепалгийн ши-кхо дакъа дисинчу хенахь, шена хьалхара кхийран хедар дIа а теттина, ши куьг, кIайчу гатанах хьаькхна, доIийна хьалалецира.

— Алхьамдулиллахl, алхьамдулиллахl...

Доцца доIа а дина, маж буйнах йоккхуш ши куьг юьхьах а хьаькхна, дуьхехь настарш тIе лахъелла, хебба, тийна Iачу къоначу зудчунна тIевирзира иза.

— Эсет, хIара хедар дIа а эций, хьайна хIума кхаллахьа.

Къоначу зудчо, хьала гIаьттина, схьа а эцна, хедар шена хьалха деара. Воккхастагехьа букъ берзийна, гIийла нох дохуш, ши дакъа а диъна, бертал тIе кад биллина, хедар терхи тIе хIоттийра цо.

— Ахь хIума хIунда ца йии, Эсет? — цкъа а ца хиллачу тайпана, хьостуш дийхира воккхастага.

— Хьо цIа вале йиънера ас, ваши.

— ХIума яа еза, Эсет, — юха а эсала вистхилира воккхастаг. Кхин болх ца беш, ткъа шарахь диъча, диса а ду вайн рицкъа. Вайшиъ доцург иза даа стаг вац. Хьайна деззарг даа, хьайна деззарг тIедуха.

Эсет цецийлара кху тIаьхьарчу хенахь марвешин шеца йолу юкъаметтиг цIехьана хийцаярлархь. Цунна вевзачхьана виллина лом санна дера вара иза. Шен доьзалца а, юьртарчу адмашца а. Ткъа хIинца чуьха санна эсала ву. Хьанна хаьа, зуда а елла, кIант туркойн эскаре а вахана, юьртахойх а къаьстина, кху туркойн юьртахь цхьа висча къена дог кIадделла хир ду-кх цуьнан.

Кхуза схьакхаьчча цхьана кIиранах бен ца Iийра Шахьби туьпахь. ГондIа ярташка ваьлла шена эца дика цIенош лехна, хIара цIенош эцна, кхузахь паргIатваьллачул тIаьхьа Хьабиб дIатарвира цо ша даима сатийсинчу Алхазан Мусица. Цуьнан гергарло мичхьахула, маца тасаделлера ца хаара Эсетана. Амма хIиричун гIоьнца дукха хан ялале Хьабиб эпсаран чин долуш туркойн эскаре хIоьттира. Мусехула кху юьртан къеда а хIоьттира Шахьби. Доцца аьлча, масийтта шарахь цо IаIийна ахча дара кхузахь цунна некъ боккхуш.

Шахьбис хIоттийнчу новкъа нийса дIадоьдура дерриг. Шел ирсе стаг ца хетара цунна. Иза ша юьртан къеда ву. Цунна тоьур ду и гIуллакх. КIентан чин лакхара дац. Юзбаши[1]. Амма иза а цкъачунна тоьур ду. Чинна лаккхавоккхучу ламин хьалхара тIегIа ду иза. Ткъа Хьабиб къона а, онда а, куьце а жимстаг ву. Иза майра, хьуьнаре хилара-м шеко яц. Хьанна хаьа, цхьа масех шо хьовзале паша хила а ма мега цунах. Масех эзар эскархо тIаьхьа а волуш. ИншааллахI, оцу делан пурбанца, мацца а цкъа, шена тIаьхьа доккха эскар долуш Нохчийчу а воьссина, цигахь имам хила мега цунах. Алхазан Мусин Iалашо а изза ю.

Кхузахь оццул хаза дIадоладеллачу цуьнан ирсах кевнаш дийла дуьйлира. Цкъа хьалха Бежу кхелхира. Цуьнан дилхечу дегIе ца лабелира хIара бовха мохк. Дукха юкъ йолале кхелхира Гати а. Амма и шиъ даларх гIайгIане воьжна ца хьийзира Шахьби. Шинне къорIанаш дешна, аттална сагIина цхьа кепек ца луш дIадерзийра.

ХIума йиъначул тIаьхьа пхьуйран ламаз а дина, ши ког кIел буьллуш, голаш тIе хиира Шахьби.

— Оцу сан гIовталан киснара суьлхьанаш лохьа соьга, Эсет.

Пенах кхозучу атлазан гIовталан киснара схьаэцна янтарах дина суьлхьанаш марвешега дIакховдийра Эсета.

— Кхуза, суна уллохьа охьахаахьа, Эсет, хьоьга дан къамел дара сан.

Сихдина суьлхьанаш дохуш, лерина Эсете хьоьжура Шахьби. Къоьжачу, буьсарчу цIоцкъамашна бухара цуьнан цIен ши бIаьрг

[1] БIенча (турк.).

сутара кхерстара несан хазчу юьхьаний, дуьзначу дегIаний тIехула.

Сихха бIе зуькар а дина, горгам еш керахь хьарчийна суьлхьанаш коре а дехкина, меллаша Эсетан куьг схьалецира Шахьбис:

— ХIара куьг ма шога ду хьан, Эсет? Дерриг эттIа. Пхенаш сенделла, — хьоьстуш Эсетан куьйга тIехула шениг хьоькхура цо. ТIаккха, некха тIехула охьа а веана, Эсетан кера гулъелла цуьнан дашо стомма кIажар схьалецира. — Месаш а ю хьан хьирчина...

«Муха ца хуьлу, — ойла йора Эсета. — Дийнахь-бусий яла хIоьттина йоцуш хилча. Цул сов, шен дегIана там лаха дог хьенан догIу. Со хьанна кечлур яра...»

— ЦIийнан дукъ кочахь дисина, ницкъ хуьлу-те хьуна? — хьаьстира иза Шахьбис. — Хьоьга хIара къахьоьгуьйтур дац вай. Хьайна хьалхара гIуллакхаш дан цхьа гIарбаш лаха. Доьххург диллий, схьаялае. Шиъ ялае. Вайн чохь дерг — цIаной, кхачий ахь лелабе. Важа, керт-ковра гIуллакхаш цаьрга дайта. Хьайн дегI, могашаллий Iалашъе.

Ненах къаьстичхьана шен дог оьцуш, шех къахеташ дош ца хезначу Эсетан логе шад гIоьртира, бIаьргаш чу хиш гулделира. Марвешин буйнара куьг схьа а даьккхина, корталин тIемагца бIаьрхиш дIахьекха хIоьттира иза.

— Ма елха, Эсет, ма елха, — хьаьстира иза Шахьбис. — Оцу хьан хазчу бIаьргех хин тIадам ца балийта, вала реза хир ву со. ХIинццалц ахь хьегна къа-бала бицбеш, хьо ирсе ян ницкъ бу сан, нагахь хьо резахилахь...

Эсет йист ца хуьлура. Цунна ца хазара марвешин къамел. ДуьхьалхIуьттура ша Гати-Юьртах йолуш йоьлхуш йисина нана. Боьлхуш, ша дIахеца ца туьгуш шех хьирчина кегийн йижарий, вежарий. Даймахках къастаран балано хеназа вийна Гати. Гена доцуш, туьпахь леш болу шен махкахой.

Кхин гур яц-кх цунна Гати-Юрт, ден миска хIусам, нана, кегийн йижарий, вежарий. ДIавели Гати а... ЗаьIап велахь а, цуьнан мар вара иза. Майра, къинхетаме, тешаме. Иша-вешех а, даймахках а хаьдда, кху нехан хийрачу махкахь яла а, лаьттах яха а дезар ду-кх. Веккъа цхьа Аьрзу воцург тIетовжа стаг вац-кх...

Шен тIаьхьарчу дешнашна дуьхьало ца хилча майравелира Шахьби.

— Делхьа, хаац суна-м, Эсет, хIинца цкъа-м бен боьхна вайшиннан. Цхьана метта ши бохам хили суна. Кхетта хIусамнана а, цхьаъ бен воцу ваша а вели. КIант а воцу хьесап ду. Наггахь бен гур вац. Цхьа таро йолчу туркочун йоI ялийна шенна воккхур ву иза. ХIокхарех зуда а ялийна, мотт-гIиллакхаш тIе а эцна дIа ца волавелча, хала хир ду цунна хьаькималлехь лакхавала. Доц-

ца аьлча, цуьнга-м шена амал ялур яра. Бен боьхнарг вайша ду. Къанвелча бен хIусамнана дукха оьшуш ца хиллера стагана. Къаьсттана со мегар вац и йоцуш цхьана дийнахь а. ЦIенош ду, йоккха беш ю. Кхин кепек тIе ца кхетарх, ткъех шарахь хецца дайа ахча ду. Ас хIун до цунах, кертахь хIусамнана ца хилча? Амма со резаверш ккхузахь айса мичахь лохур хаац. ДIога туьпа ваьлча-м, эзар а карор яра уьш. Шайна яа сискалан юьхк хир юйла хиъча, хаза а хеташ богIур бара. Амма хьенан хIун ю а ца хуу и сагIадоьхургаш керта яло а ца лаьа. Делхьа, хаац суна-м, Эсет, беллarш денлур бац, вай дахаза а довлац. Иштта цхьана Iен хала хир ду вайшинна. Суна зуда езар ю, хьуна мар оьшур ву. Суна зуда каро-м хала хир дацара, хьуна мар атта нислой хаац. Туьпара вайнах маца бу а хаац, цамгарший, мацаллой хьоькху адам. ТIехула тIе, дийна биснарш цигахь буьтур болуш бац. Царна юкъа ккетча а, цаьрца мацалла лийр ю хьо.

Саметтаеанчу Эсета лерина ладуьйгIира марвешин къамеле.

— Вайшинне тоьлаш дерг, даллалц цхьана дахар ду. ШарIо магош ду, вешех йиснарг марвешега ерзар. Хьо резахилахь, цхьа а тайпа эша хIума доцуш ехар ю хьо...

— Ахь хIун элира, ваши? — юкъахваькхира иза Эсета, къаьрззина цуьнга а хьаьжна.

— Хьо соьга ерзахь, вайший а ирсе хир ду бохура ас-м. Кхин некъ бац я суна а, я хьуна а...

Лаьхьанах къаьхкича санна, кIегар иккхина Эсет, Iадийна Шахьбига хьаьжжинчохь йисира. Лар йоцуш байра цуьнан юьхьа тIера цIен бос. Иза кхехкийча санна кIайелира. ДегIе хорша хьаьдча санна, егайора чIениг.

ХIинца кхийтира иза дерригенах а. Оццул дера шен марваша кху тIаьххьарчу хенахь шеца эсала, къинхетаме хиларх а, сел комаьрша иза валарх а Эсета бен тамаша хIинца кхачийра.

Цкъа дагадеара цунна, ванах, хIара саметтахь мукъана вуй-те аьлла. Дера ву. Даима санна, цIен ши бIаьрг. Амма сутараллех буьзна и шиъ. Шера шарйина, шуьйра, еха сира маж. Iаж санна йогу дилхе беснеш. Доьттича санна зоьртала дегI.

— Ваши... ахь баккъалла а бохий?

— Ас йийриг забар яц,' Эсет.

— Адамашна хезна хIума дац-кх ахь дуьйцург... Сан майра... хьан ваша...

— Велларг вуха вогIур вац, Эсет. Дийна виснарг ваханза ца волу.

— Сий... иэхь...

— ШарIо магориг нахе емал далур дац... ТIе, хьанна хуур ду хIара? Нах цигара дIабевр бу кестта. Вайшинна кIезга гур бу уьш...

— Тоьар ду суна хиъча. И хир дац, Шахьби!

— Ойла г яй ала, айхьа эриг.

— Кхин ойла ян оьшуш дац.

— Делахь хIета, хьо реза яцахь, сан кертара арайала, — аз айира Шахьбис. — Туьпа гIуо. Цхьа кIира далале цигахь лийр ю хьо мацалла.

— Сийначу цIарах яга а реза ю-кх со, и эхь тIе ца эца!

VII корта ЭМИН-ПАША

Турцех дIакхета шайн йолчу перспективо, схьагарехь, хIумма а самукъа ца доккху ламанхойн.

К. Маркс, Ф. Энгельс.

Эрзеруман виллаетан керла вели Мухлис Эмин-паша лоьруш ıеийцира мушахоша.

Эххар кхечи цара дукха сатийсина гIо. ХIинца-м маршабевр бара уьш оцу кхайкханза баьхкинчу лулахойх. Кхо бутт бу мушахой буьйсанна маьрша охьа ца буьйшу. Массо неIарна, гIопана догIанаш тоьхча а, зайлаш доьхкича а синтем хилац. Урамехь говрийн бергийн тата даьлча я бешахь шах-ших хезча дегIе зуз хьоду, кIажийн пхенаш чу доьду са. Баттара яьккхина шаьлта а буйнахь, неI я кор кагдина, хIинци-хIинци чу нохчо эккха бохуш Iа. Цхьа буьйса ца йоьду цара цхьаъ талийна чIана ца воккхуш. Жимма а дуьхьало ян гIоьртинарг воьжна каравойту. Амма дерриг талорашна уьш бехке бац бохуш а дуьйцу. Цаьргара эцна бедарш тIехь къолах оьху боху меттигера нах. Къаьсттина курдой. Ткъа хилларг нохчашна тIетотту.

Талораш-м хIун дара. Оцу туьпара схьа ун даржарна кхоьру. Цигахь доцуш дац цхьа а делан ун: Iаьржа-ун, морзгалш, чуьйна, хоршонаш.

ХIинца Эмин-паша веана мушахой царех кIелхьарбаха. Шеца кхо эзар дошло а волуш. ХIетталц шайн шахьара бIо беъча бIаьрга цIий хьаьвзачу мушахоша маралелхаш тIеийцира уьш. Ткъа жимма а таронаш йолчар шайги-шайги хьошалгIа кхойкхура. Цхьа буьйса мукъана а маьрша яккхар стенан мах бу.

Исбаьхьа ю эрмалоша йиллина шира шахьар Муш. Цунна тIехула лаьттачу Сэв-Сар ломара охьахьаьжча, кераюккъехь санна яьржина го Мушан аре. Иза йоькъуш юккъехула чекхдаьлла дIаоьху Меграгэт-хи. Къилбехьа, малхбузехьара малхбалехьа яхъелла Эрмалойн Тавран еха зIе. Малхбалехьара, Немрут, Гргура аьрцнаш тIехула кхуза схьаоьху Ван-Iоман эсаран мох. Аренна юккъе когаш хецца соцу Сев-Сар. КхидIа, говран лэнах тера Канасар лам бу, Муш-шахьар марайоьллина лаьтташ.

Лома тIехь айаелла го шахьар йиллинчу стеган Мушеги Мамикоянан ах хирцина лекха бIов. Шахьарна тIехула стигала хьала муцIарш кхийдийна лаьтта килсийн горгий, ирий момсарш. Моттало, дукха хан йоццуш кхузахь динчу Iалаудди-беян маьждиган юткъа лекхачу момсаре уьш хьагIой хьуьйсуш санна.

Тахана къаьсттина хьалхе самаяьлла шахьар. ХIан-хIа, тахана пIераска а я кIиранде а дац. ХIетте а Iуьйранца хьалххе диэка дуьйлира Сев-Аветарана, Шек-Аветарана, Сурб-Маринэ, Сурб-Киракосан, кхин а килсийн горгалеш. Уьш дIатийча Iалаудди-беян маьждиган момсарна тIера схьахезара моллин сингаттаме деха аз.

Керстанаш а, бусалбанаш а берриш ламазе оьхура, Нусрет-Пашина кхиам боьхуш, деле доIанаш дан.

ХIинццалц базарахь салти гича, делан ун догIуш хета мушахой, тахана белабелла-бекхабелла дуьхьалкхетара царна.

Шахьаран базарахь бара маьI-маьIIера нах — Сасунера, Багэшера, Ванера, Хнусера, Эрзерумера. Мушана гонахарчу ярташкара баьхкина ахархой а.

Хезара маьI-маьIIера маьхьарий:

— Мерза хьорматаш! Мерза хьорматаш!

— Кишмаш эца! Мушахойн кишмаш!

— Газпа[1] дезарг схьавола! Сэв-Сарера газпа!

Базархула буьйлабелла лелачу дошлошна маьхза лора стоьмаш, хаттоьмаш. Лелаш лаьтташехь цара чу хьерчадора тандырашна чохь деттина, тIе моз хьаькхна, кишмаш тесна чоме хьокхамаш.

Килсийн горгалийн гIовгIаной, мозгIарийн, молланийн доIанаший деле воьхуш де делкъанга доллучу хенахь цхьа эзар дошлочуьнца шахьарара аравелира Эмин-Паша. Важа дошлой а, шена гIоьнна кечвелла эзар мушахо а цкъачунна шахьарахь витира цо. Оьшуш меттиг хилахь, шок ма-туьйххи тIаьхьа бахка кийчча.

Пашина уллохь хьаргIачу динахь вогIура Iуспанан Сайдулла. Цаьршинна иттех гIулч тIаьхьавогIучу масех эпсарца вара Шамхалбек а, Хьабиб а.

Кхоьлина гора Сайдуллин вуьшта а буьрса юьхь. Цунна моьттург ца хили кху гIуллакхах. Баккъал аьлча, цунна моьттург хили, амма Алхазан Мусас ма дийццара ца нисдели. Шайл хьалха кхуза баьхкинчу малхбузехьарчу ламанхойн новкъа дIаоьху хIорш а. Цара санна туркошна бераш-м ца духку хIокхара. Уьш санна йолах салт-м ца буьйлу хIорш. ХIинца цкъа. ТIаьхьа хиндерг хаац. Изза ца дер олийла-м яц кхара. Мацалло эхь а, яхь а, юьхь а ма йойу стеган.

Кхуза схьакхаьчча, Эрзерумехь дIатарвелла Сайдулла. Туркойн цхьана хьолахочуьнгара, шахьара йисттехь, йоккхачу бешаца хаза цIенош эцца цо. Нахерчу халонга хьаьжча, бехаш бу ала мегар долуш дIатарбина цо шен гергарниш а. Амма цуьрриг воккхавен меттиг бац. Карахь дерг дууш воллу, ткъа тIебогIу пайда кIе-

[1] Газпа́ — ораматех даьккхина моз.

зиг бу. Моьттура, схьакхаьчча туркойн Iедалхоша, дуьхьал баьхкина, мара а лелхаш, вадийна вигна, султанна улло кхузахь ша охьахоар ву. Ша хаза дIатарвелла Муса. Пашин чин делла, туркойн эскаран коьртехь ву иза. Ткъа Сайдулла вац хьехош а. ХIара аьлла хьаькмалла дац кхуьнга луш. Эцца, нохчашна тIе хьожуш ву боху цIе а тиллина, сагIина лун хIума санна, хене валлал алапа хIоттийна. Цхьа пхи-ялх эзар нохчо салт валахь, пашин чин делла, церан коьрте хIоттор ву боху. Амма Эрзерумехь болчара-м хьеха а ца дайти иза. ХIинца хуур ду-кх, кхузарчар хIун олу.

Юьйлинчу тоьпа тIе ваха атта дара Сайдуллина, ша Iехийна схьабалийна, бIарзбелла хьийзачу оцу нахана тIе воьдучул. Кхуза-м хIинца шозлагIа бен ца вогIура иза, ткъа Эрзерумана уллохь лаьттачарна тIехIуьттийла дукха нислора. Оцу дегIа валлалц тIеман цIергахь кхиъначу цунна дукха гинера ирча Iожалла. Массо суртахь. Амма кхузахь хуьлуш дерш иэрчонашлахь а йоккха иэрчо яра. Деккъа цхьа хIума дара цунна маслаIат дийриг; цунна шена а ма ца хаьара хIара хьал кхузахь хIуттур дуйла. Хиънехь иза вогIур вацара. Ша веъча а, нах балор бацара. Дерригенна а бехке ву Алхазан Муса. Цо а боху ша Iехийна, шена а ца хаьара...

Декъала да ву-кх Цугин Iелаха. Шен хеннахь дIакхелхи. Даймехкан лаьттах воллу. Цхьаннан а неIалта кIел вац.

«Ткъа со вуйжи-кх делан а, нехан а неIалта кIел. Iелаха-м дера дукха догах а ма вацара. Цо-м элира, нехан ялсаманел вешан жоьжахате тоьла вайна. Ас ца вуьтуш лелара-кх миска. Шен цамгарца...»

Ойланаша дIалаьцначу Сайдуллин тидам а ца хилира хина тиллинчу дечиган доккхачу тIех шаьш довлуш. Ца хезира аннаш тIехь говрийн бергаша ден къора татанаш, ца гира лаха кIелхула буркъаш туьйсуш, карзахе гIовгIа еш доьду Мурат-чай а.

«Со хIунда хIоьттина Мусех тешна, цунна тIаьхьа? Нисса дерг аьлча, со бен ма вацара оьрсашна доггах гIуллакх динарг. Доггах делахь а, дацахь а, цара боххург дора-кх ас. Я тIелхаг, Ботукъ, СоIду, Эдал, Эски, Хьамзат санна дерригенна юьстах ца сеци я къар ца луш, БойсагIара санна Iожалла тIе а ца ийци, я Iуммий, Атабий санна Сибрех ца ваха, я СолтамурдагIарца а вац. Цхьана хенахь цхьатерра къонахий дара тхо, цара шайн цIераш Iалашйи, сайниг хIинца цкъа-м йожаза ю иза, амма ас ахча эцар нахана хаахь...»

ТIех а девлла готта некъ лекхачу шина берда юкъа боьлча, шен дине чабол эцийтира Эмин-Пашас. Готтачу новкъахь улло волийла доцу Сайдулла тIаьхьа сецира цунна. Пашин шалха ихна стомма лаг, аьтту агIор таIош тиллина цIен пес, говран йортаца кхийсалу песан кIужал, маьлхан зIаьнарша шуьйрачу белшаш тIехь ловзо хьесан кIужалш яйча цIеххьана дуьненах догделира Сайдуллин.

«Мила ву со кхузахь? Оцу хьакхин лай ву-кх. Цо аьлларг дан

кхузахь — туркойн ялхо. Ванах, иштта даха деза-те тхо абаде абаделаш? Мухха делахь а, цIахь тоьлара...»

Уьш туьпа тIе кхочуш, говрахь дуьхьал веара къона нохчо.

Пашас жоп ца делира цо хаьттинчу маршаллина. Бен доцуш, ши бIаьрг хьалха а боьгIна, говрахь, тIулгах воьттича санна, мелlaша туьпа юккъехула дIаоьхура иза. Туьпа боьлча къамелаш тийра тIаьхьа богIучу эпсаршний, салташний юккъера. Уьш акъбевлла дIасхьуьйсура. БIаьргашна хьалхахула чекхъюьйлура тоьланаш, лаппагIнаш, отеш, баннаш. Махой, малхой, йочанаший басаяьхнера царна тIейиттина хIуманаш: истангаш, хьардаш, диттийн гIаш. Оцу мискачу хIусамашна хьалха юкъ-юкъа гора меллаша суьлхьанаш дохуш я уьрсаца гIаж цоьстуш Iан къенан стаг. Баьлла корта, дукха хена дуьйна шаръянза, модаша юьзна маж. Бовха малх хьаьжна гуьйранан декхна де делахь а, кетарх хьаьрчина Iа иза. Кхин верг тевжана ву я ламаз деш воллу, я и декъаза шен хIусам тоян гIерта.

Зударий бу тIелхигаш летош, берийн бедарех, кортойх хьуьйсуш, шайн-шайн хIусамашна хьалха девзигаш хьоькхуш.

Диканехь а, бохамехь а шайниг ца дуьту бераш ду кхузахь а ловзаш лелаш. Ирахь леларш хьовха, хевшина а муха Iало-те аьлла, гIийла ду и адамаш. Можий яххьаш, чекх са а гуш, боьхьигаш ирделла марош, хьех чудегна бIаьргаш, баккъашна тIехевшина пханарш, чIораш санна юткъаелла настарш, пхьаьрсаш...

ХIетте а, дахарах тийсалуш бохку. ЦIена ду туьпахь. Яц нехаш, ца йогIу хьожа.

Эмин-Паша реза ву. Тийна ду туьпахь. Цо Iуьйранна каймакам[1] хьажаванйтинера кхуза, ша кхачале низам хIоттон, адам гулдан.

— Ас омра динера божарий цхьанхьа гулбе аьлла. Мичхьа бу уьш? — хаьттира цо, дуьхьал веанчу къоначу нохчочуьнга.

— Хьан омра кхочушдина. ДIога, кешнийн гу тIехьарчу ара, паргIате гулбелла нах, — жоп делира вукхо гIумкийн маттахь.

Сайдуллина го пашина ца гург. Хаьа, и къена нах, зударий арахь хевшина, гIуллакхаш деш хIунда Iа. И мацалла мажделла бераш ловзаш хIунда лела. Хаьа Эмин-Паша шен дошлошца Муш-шахьаре ма-воьссинехь, кху туьпа хабар кхаьчнийла, герз каралаца ницкъ болу массо стаг, зудий, бер лата кечделлийла хаьа, шайн баннашна хьалха хевшина, гIуллакхаш деш Iачу баккхийчу нехан, зударийн, ловзаш лелачу берийн бIаьрг шайна тIебоьгIна буйла а, оцу туьпахь, хьаннаша букъийнчу оцу ломан орцаца къайлабаькхина тIеман ницкъ хир буйла а.

Цунна дика вевзура Аьрзуй, Маккхаллий.

Уьш тIехбевлира ломан когашкахь, жагIанечу гух долчу нохчийн кешнашна. Даккхий а, кегий а баьрзнаш. Масех бIе. Коьрте хIиттийна кегийн тIулгаш, дечигаш. Цхьа а кечдина чурт дац...

Цаьрга веха ца хьийжира Сайдулла. Гуш санна хетара мацал-

[1] Каймакам — жандармийн чиновник.

лой, махкаллой, даймахке сатийсарой дагна бинчу балано хеназа кхалхийнчу оцу адамийн гІаларташ. Иза ву церан Іожална бехке. Иза. Іуспанан Сайдулла. Цо бира Алхазан Мусица барт. Цуьнга хула ахча а ийцира. Оцу ахчанах бартахой а ийцира. Цаьргахула эладита а даржийра. И дерриг нахана хууш хилча...

Нагахь мацца а цкъа иза гучудалахь...

Иза гучудер ду. Цхьанна дина дика а, зулам а цуьнца ле. Амма дийнначу халкъана динарг дицлац. Эзарнаш шерашкахь деха. ХІунда аьлча, халкъ леш дац.

Сайдуллина ца хаьара шен ши бІаьрг мича хьур бу. ХІетта сиръяла йоьлла, Іаьржа маж некха тІехь шалха а кагъеш, охьабахара цуьнан корта. Говран кхеса тІе догІаделира бІаьргаш. Амма мичча хьаьжча а дуьхьал хІуьттура и адамаш, хезара цара кийрахь къайладаьхна узарш...

Гух дІахьаьвзича Эмин-Пашина хьалха инзаре сурт хІоьттира Юькъачу хьаннашна хьулбинчу ломан когашкахь, шуьйра аре дІалаьцна лаьтташ дошлойн эскар дара. ДеакІов могІанашца дІахІоьттина пхи полк. ХІоре а бІеннашка а екъна, хьалхаваьлла бІенча а, полкана хьалха пхибІенча а. Хеталора и говраш а, царна тІера дошлой и тІулгех боьттина...

— Сайдулла-эфенди, хІара хІун ду суна гург? — хаьттира цо, урх оьзна говр сацийна.

— Хаац, Эмин-Паша, — бен доцуш жоп делира Сайдуллас.

«ХІаъ, хІорш Эрзерума уллорнаш санна, боьхна ца хьийза — ойла йора Сайдуллас. — Кхузахь Аьрзун куьг хаало».

— Ахь хаттал ахь, хьайн махкахочуьнга. Нагахь ас гулло аьлла нах белахь, уьш соьга ладогІа ца гулбелла, тІамна вовшахкхетта. ДІаса а баьржина, чухахкабала кийчча. ХІан-хІа, Сайдулла-эфенди, со иштта тІе ца воьду царна.

— Цхьа а тайпа кхерам бац хьуна, Эмин-паша, — Сайдуллана гІоьнна юкъавелира дуьхьалвеана нохчо. — Тхуна хезнера, хьуна эскарш дукха деза бохуш. Хьо эскаршца вогІийла хиъначу оха, хьан хьурматана, тхешан ницкъ кхочург вовшахтоьхна.

Туркойн отряд герга гІоьртича, меллашчу боларахь царна дуьхьалволавелира эскарна хьалхалаьтта ши дошло. Сайдуллина, бІаьрг ма-кхийттн вевзира сирчу динара Аьрзу а, расхачу динара Маккхал а.

Царна тІехочуш Эмин-Пашин ойлано мосазза ха хаьрцира. Ца хаьара ша цаьрца муха хила веза. Шена дуьхьал богІурш цхьана чинехь нах хилча-м хуур дара цунна, динара восса везахь, куьг дала дезахь я тергал ца беш бита безахь. И сагІадоьхургаш лера воьлча эпсаршна хьалха шен сий лахдаларна а кхоьруш, ткъа куна даггахь вогІура иза. Сирчу динахь вогІу бере гича куралла бохург дІатеттира цо. Расхачу динарниг чІогІа безамехь стаг ву. Горга юьхьмарш, хьаьрса дукъа мекхаш, йоца маж, партала дегІ.

Герга мел гІоьрта, шуьйра елало цуьнан догдика юьхь, адам дезаран йовхо го сийначу бІаьргаш чохь. Ткъа важа, сирчу динахь верг, шен арахьарчу куьцаца нисса дуьхьал ву цунна. Поп санна нийса дегІ, халла хаалуш, агІор саттийна кура корта, оза, еха юьхь, хІетта сиръяла йоьлла Іаьржа маж, мекхаш, дукъ сеттина мара, хебаршка ихна лекха хьаж, дуькъачу цІоцкъамашна бухара схьахьоьжу майра ши бІаьрг.

ХІорш шайна тІекхочуш, говрашкара каде охьаиккхина, ши дошло говрийн юьхь лаьцна тІеволавелира. Динара воьссира Сайдулла а, Шамхалбек а, Хьаьбиб а. Эмин-пашас хІинца а сацам ца бинера ша дан дезачун. Дагахь къуьйсура цуьнан кураллой, декхарой... Оцу декъазчу ойлано салам дала вицвинера. Сайдуллас делира иза. Эмин-пашас, дуьххьал дІа, шега кховдийна куьйгаш мелла схьа а лецна, дІахийцира.

— Туркойн мотт хаьий шуьшинна? — хаьттира цо сирчу динарчу дошлочуьнга.

— КІеззиг хаьа, — жоп делира расха динарчо.

— Шун гІуллакх-м вон дац, оццул эскар дІахІотто ницкъ болуш. Тхуна хезнера, шу мацаллой, цамгарший хІаллакдеш, кхачош дохку бохуш.

— Шуна хезнарг харц дац, паша. Адам леш ду. Дийнахь-бусий бІе сов стаг ле. Даа хІума дац. Мелла а мах болу хІума юучух йоьхкина бевлла нах.

Эмин-пашас, ца вешаш, мерах шок туьйхира.

— Тера дац, тера. Шуьгахь хІинца а масех эзар говр, шортта герз ду.

— Царех къаьстийла дац тхан, тхаьш делла лаьттах дахалц.

— Шуна стенна оьшу герз? Шайн махкахь-м керстанаша хьийзош ца дуьтура шу. ХІинца дІабаьлла цаьргахьара кхерам.

— ХІета хьо хІунда веана Муше, хьайца кхо эзар дошло валош? Царел сов, эзар мушахо а ву боху хьуна гІонна кечвелла.

Эмин-пашас жоп ца делира. Говрашкара охьабиссинарш юха а говраш тІе бевлира. Вовшашкара хьал-де хоьттура Аьрзус, Сайдуллас.

— Кхузахь гІуллакхаш дика дац боху ахь? — хоьттура Сайдуллас.

— Кешнашна уллохула ца девлира шу? И гу дІалаьцначу баьрзнех хІоранна кІел дІавоьллина масех стаг ву. Белларш дІабохка ца кхиадо.

— Эрзерумехь иштта дукха ца хуьлу баларш.

— Цигахь кІезиг гулбелла вайнах. Кхузахь адам дукха ІаьІа. Гатто ю. Даа рицкъа дац. Мацалла, цамгарш. Кху доьхначу хьола тІе схьагІерташ Эрзерумера нах бу. Шу хІун ойла йолуш даьхкина? — хаьттира Аьрзус, шена хІумма а ца хуьчуха.

Сайдуллас корта ластийра.

— Дера, Аьрзу, тхо хIумма а диканна ма ца догIу. ХIара меттиг йита еза аш.

— Тхо мича гIур ду?

— Шайна къастийнчу махка тIе.

— Диарбекирал дехьий?

— ХIаъа.

— Хьуна гиний цигара мохк?

— Ца гина. Дикачех бацахь а, вон бац боху иза.

— Тхуна гина иза. Нахана лаац цига баха.

— Нахана лааре хьуьйсур бац хIорш. Оьрсийн векало хIорш битац. Кхузара шу малхбузехьа дIадига бохуш. Иштта бу боху вайна схьакхалха бакъо луш шина паччахьан хилла барт.

— Аш дийцинарг-м кхин ма дара. Уггар тоьллачу махка тIехь даха ховшор ду, кхузахь нахана йиллина лаьтташ ялсаманен неIарш ю бохуш.

— Iехийна. ХIокхара тхо а, оха нах а.

— Цхьана агIор-м хила деззарг хиллера нахана, — оьгIазалла йоьссира Аьрзуга. — Оха цхьадолчара бехира, оцу Мусас, Сайдуллас дуьйцург дош ларий, махках ма довла. Уьш шайн кисанахь шортта деши долуш боьлху, цигахь церан гIуллакх вон хир дац, ткъа шу сагIадоьхургаш санна лелар ду. Схьакхаьчча а валале пашин чин делла Мусина. Хьо а Эрзерумехь гIаланаш эцна ваха хиъна. Шеца баьхкина гатиюьртахой дIа а кхийсина, туркойн юьртахь дIатарвелла Шахьби а. Аш балий хIара нах кху жоьжахата. ГIехьа болх хили. Ткъех шарахь шайн цIий Iенийнчу Мусех а, уггар хала деанчу шарахь оьрсашкахьа а ваьлла, шен къомана тур айбанчу Сайдуллех а тешна махках бевллачу нахана хила деззарг хилла!

ДIахIиттинчу полкашна бIе гIулч герга кхаьчча говраш совцийра Аьрзус, Маккхалий. Севцира хьеший а. ХIинца Эмин-Пашина шера гора нохчийн дошлой. Дика дой, тIедуьйхина тоъал цIена чоэш, белшаш тIехь башлакхаш, коьртахь холхазан куйнаш. ДогIмашна тIе оьзна дихкина деза герзаш. Яьлла яххьаш, оьгIазе бIаьргаш. Амма цунна ца тосаделира тIехь-тIехьара дошлой эгIаза, берашха нах хилар.

Лерина шозза-кхузза цаьрга бIаьрг а тоьхна, Маккхална тIевирзира иза.

— Цуьнан Возаллин бусалба къаьмнийн халифан, туркойн султанан цIарах цуьнан сийлалло садразама Iела-Пашас сайна тIедиллина дехкар дохьуш веанчу сан оцу нахаца къамел дан деза, — хьалха корта тесира цо.

— Хьоьца къамел дан цара векалвина лай хьуна хьалха лаьтта-кх, паша-бей, — малхбалехьарчу нахах даг тIе куьг диллина, корта таIийра Маккхала.

Шена иза дуьххьара гуш санна, коьртера когашка охьа бIаьрг а тоьхна, юха а Маккхалан юьхьа дуьхьал хьаьжира Эмин-Паша.

— Цуьнан возаллин султанан цIарах садразама Iела-Пашас суна тIедиллина нисса кхо де далале шу кхузера дIадаха аьлла.

Маккхала, вист ца хуьлуш, корта таIийра.

— Шайн махкахь, оьрсаша хIаллакдеш, кхачош дохкура шу. Цунах а ца Iаьбначу цара сацам бира, шу, махках даьхна, лаьхкинг Сибрех дIадига. цигахь милла, мацалла дайа, дийна бисинарш керста дине берзо. Шун тхьамданийн, дина-дайн дехарца кхуза веанчу Муса-пашас цуьнан возалле султане дехар дира, оцу балех хьалхадохуш, шу тIелацахьара аьлла. Ьусалба къаьмнийн паччахьо, цуьнан возалло Iабдул-Межида дош делира, дуьненан муьлхачу маьIIехь уьш белахь а, бохаме нисбеллачу шен динан вежаршна орцахвалар дала шена тIедиллина дехкар ду, ша реза ву нохчий тIеэца а, шен махкахь дехачу адамашка нисбеш, кхузахь уьш баха ховшо а аьлла.

Пашина тIе товш делахь а, я ша ладугIуш ву бохург делахь а, шозза-кхузза корта таIийра Маккхала.

— Ша делла дош кхочушдеш, цуьнан возалло султана шуна мохк къастийра кху малхбале агIор, шуна хIусамаш а кечйира. Амма оьрсашна лаац шу Росин дозанашна гергахьа совцийла. Цаьрца шен юкъаметтиг ца йохон цуьнан возалло султана шуна Диарбекирна дехьа кхин мохк къастийна. Бутт сов хан ю, тхан Iедало цига дIагIо бохуш, шуьга дехарш ден. Амма шу хIинца а кхузара меттах ца девлла. Цул сов, аш талораш до кху гондIа. Шозза тIелатарш дина аш Муш-шахьарна. Шу кхуза кхаьччахьана буьйсанна маьршша охьабийша йиш йоцуш бу кху шина виллаетера нах. Цул сов, кхуза цхьана меттехь ткъех эзар адам гулделча, царна юкъа цамгар атта яьржа, адамаш ле. Шуьгара ун даржарна кхерам бу махка. Шайн аьтто боьхначу дийнахь, хIаллакьхила я керста дине дерза шайн кхажбаьллачу дийнахь шаьш кIелхьардаьхначу цуьнан возаллин султанан беш хама бац шун, шаьш тIе а лаьцна шайца рицкъа доькъачу кхузарчу нахана аш олу баркалла уьш талор, байар ду. Кху маккахь шу дIатардаран гIуллакх суна тIедиллина цуьнан возалло султана. Ас жоп дала деза шун синойх а, аш динчу диканах, зуламах а. Нисса кхо де далале хIара меттиг дIацIанъян еза аш.

Эмин-Паша вист ца хуьлуш дIатийча, хаттар деш цуьнга хьаьжира Маккхал.

— Паша-эфенди дийцина ваьллий?

— Ваьлла.

— Паша-эфенди цхьана агIор бакълоь. Оьрсашца бехха лаьттинчу тIамо ах хIаллакдина тхан къам. Дийна биснарш халачу хьолехь бу. Царна керста Iедалка кIелсовца лаац. Кхоьру, шайн махкара дIадаьхна, Сибрех а дигна, керстанашна юкъа а даржийна, бусалба динах хаьдда, даймохк, къам доцуш шаьш дарна. Цундела хилла хIара нах схьакхалха реза. Хаац Алхазан Мусас шун пачахьца муха дийцина, амма тхан къомо векалвина цхьаннахьа а

ца хьажийна иза. Iабдул-Межидера ду бохуш, нах кхуза схьабоьхуш кехаташ цо даржийра тхан наха юккъе. Оцу кехата тIехь дара, кхузахь тхуна къастийна уггар тоьлла мохк бу, деш цIеношду, дуьйчу хIуна, дуу-молчунна сагатда ца оьшу, оха тхешан вежарий санна, дезаш тIеоьцур ду шу бохуш. И кехаташ тхуна юкъа даржийнарг хIара Сайдулла вара. Цхьаболу нах, оцу кехатех тешна, схьабаьхкира. Кхузахь мукъа а шайна маршо, синтем карор бацар-те аьлла. Амма схьакхаьчча нахана хиира шаьш гIалатдевлла хилар. Тхоьга мостагIаллица хьуьйсу кхузахь. Тхуна хьехийна ялсамане де-дийне мел дели жоьжахате йоьрзуш ю. Тоххара чекхдаьлла оха тхайца схьадеана рицкъа. Адам хIаллакьхуьлуш ду. Аш бIе стагана лерина лун рицкъа царех эханна саластал а ца хуьлу. Мацаллой, цамгарой кIелдитина адам дарделла. Дегнаш акхадевлла. Цара бекхам лоьху. Дерриг дуьне бехкедо шайгарчу балина. Ткъа кху Iазапан гуш йист яц. КIира далале хIара меттиг цIанъе боху ахь. Муха?

Дошлойн полкашка бIаьрг бетташ Iачу Эмин-Пашас, схьа а ца хьожуш, кхоьссира:

— Шайна билгалбинчу махка тIе дIадаха деза.

— Нах реза бац цига баха.

— ХIунда? — Маккхалехьа схьахьаьвзира Эмин-Паша.

— Цигара мохк берзана, екха бу. Токхечу лаьтта тIехь кхиъна тхан нах цигахь лийр бу.

— Шуна хIун моьтту, шайна уггар тоьллачуьра хадийна мохк лур бу моьтту шуна?

— Иштта аш тIе-м лаьццера.

— Шуна хьалха цхьа а тIелацам ца бина оха. Цуьнан возалло султан дийцарш оьрсийн паччахьца дина.

— Ткъа тхо схьакхойкхуш долу цуьнан кехат?

Эмин-Паша, бIаьргаш къарзийна, Маккхална тIевогIавелира:

— Ахь дуьйцург хIун кехат ду?Цхьа а кехат ца яздина цо нохчашка. Шуна юккъе даржийна кехаташ харц ду. Оьрсийн хьакимаша султанан цIарах яз а дина, шуна юкъадаржийна.

Маккхал, Аьрзуй цецваьлла Сайдуллега хьаьжира.

— Вай кхоьллинчу делор, суна хууш ма дац и кехаташ харцбакъ хилар! — воьхна хьаьвзира Сайдулла. — Соьга Алхазан Мусас деллера уьш, ткъа цунна мичара девллера суна хаац.

— Ткъа Алхазан Мусас шуьца бина барт? — хеттарш дора Маккхала, цхьана хIуманах шекваьлла, дуьхе кхиа гIерташ. — Иза-х хиллий кхузахь?

— ХIаъа, цуьнца бартхилла. Хилла оьрсийн паччахьца а. Цигара шайн лаамехь схьавеанарг кхузахь тIеэца. Амма оьрсаша тхоьгара дош даьккхина церан дозанна шу гена даха. Цкъа-делахь, кху виллаетехь мохк бац шу охьаховшо, шолгIа-делахь, оьрсаша дуьхьало йо кху агIор шу дитарна. Цхьа кIира далале хIара тогIи ясо еза аш. Цхьацца эзарнах тобанаш йина, новкъа довла деза шу.

Новкъахь шуна зен-зулам ца хилийта хIор тобанна улло оха ха хIоттор ду, — элира цо кхеран зуламах шаьш лардан дагахь.

Маккхал хаттаре Аьрзуга хьаьжира.

— Тхо гIур дац цига, — сацам боллуш жоп делира Аьрзус.

— ГIур дац бохург хIун ду? — Аьрзуна тIевирзира Эмин-Паша. — ТIаьхье шу доьлхуш йоьрзур ю цуьнан. Нусрет-Пашас санна, ас ловзор дац шу. Сан кхо эзар дошло ву. Мушехь лаьтташ. Бертахь ца довлахь, нуьцкъала лохкур ду. Шайн тIелхигаш схьаиэца ца кхуьуьйтуш.

Оьрсашца церан мостагIалла тIеттIа марсадаккха дагахь тIетуьйхира цо:

— И ца дича тхо дитац оьрсийн Iедало. Церан комиссар ву Эрзерумехь. Дийна я дайий шу кхузара дIадаха боху цо.

Аьрзуна дукхазза хезнера туркойн эскарш шаьш тоьллачу меттехь Iаламат къиза хуьлу, церан къинхетаме догдохуьйла яц бохуш. Цо сацам бира барта къовсамехь а цунна хьалхе ца яла:

— Шайга хIун дало хьовса хIета. Даланза ца довлахь, хаза, дала а хууш, лийр ду тхо. Нагахь ца дитахь, тхо кийча ду лата. ТIаьххьарчу стагана тIе хIитталц.

Схьахьаьжначу Эмин-Пашина хIумма а диканиг ца гира Аьрзун бIаьргаш чохь. Эмин-Пашина моьттура шен дешнаша иза кагвина. Амма иза гена дара. Эмин-Пашина хIумма а диканиг ца хьоьхура цуьнан догучу бIаьргаша. Аьрзун ира хьажар ла ца делла, Эмин-паша цхьа бIе гIулч шена гена лаьттачу эскаре хьежа хIоьттира. Дера яххьаш. Бакълоь хIара догдика эфенди. Шайна тIехь хIоттийнчу харцоно, Iазапо бIарздина дегнаш дарделла оцу нехан. Эмин-паша дуй баа ваьхьар вара, уьш лата куьйгаш кIамделла хиларх. Летта балар гIоли ю царна, мацалла лечул. ХIанхIа, кху сохьта цаьрца забар ца оьшу. Лаххара а кхо эзар дошло хир ву уьш. ТIе гIашлой хила мега цхьанахьа. Цул сов, дуьйцуш ма ду, церан зударий а, бераш а лета бохуш. Цхьа иттех эзар дошло ца хилча, хIокхарна тIе гIертар кхераме ду.

— ХIета, и тIаьххьара дош ду-кх шун? — юьхьанцачул кIеда хаьттира туркочо.

— ХIаъ, тIаьхьара дош ду, — жоп делира Маккхала. — Нах реза бац Диарбекирна дехьа баха. Цаьрга хьоьжуш Iожал ю цигахь.

— Кхузахь ма ца дуьту шу, — къамела юкъавуьйлира Сайдулла. — ЦIий Iанош доьрзур ду-кх хIара.

— Iанахь, тхайниг Iенар ду-кх, — човхийра иза Аьрзус. — Хьан цIока дийна йисчахьана, хIара нах-м белча а дац хIума. Дукха хьоме ю хьан иза. Ши кепек мах цуьнан боццушехь!

— Аьрзу! Со мила ву дицделла хьуна? — юьхьа тIе цIе кхерстира Сайдуллин.

— Ца дицделла къорIанор-кх! Вайнахана тIе Iаьржа де хIоьттича, хьуо санна мел верг эцна, церан мостагIашкахьа ваьлла, лай

хилла царна чу хIоьттина, айхьа бохург цигахь ца хуьлий хиъча, хIара Iовдалш балош схьа а веана, ГихтIарчу Iуспанан Сайдулла вац хьо?

— Аш хIун къуьйсу? — резавоцуш вистхилира Эмин-Паша, оьгIазвахана виэхьачу Сайдуллей, жергонца цуьнга хьоьжучу Аьрзугий хьаьжна.

Оццул са сиха Сайдулла дIатийра, кхин ши дош аьлла вистхилча ша нахала вер вуйла хууш. Аьрзус тергал ца веш витира иза, цкъа а шен цуьнца хIумма а ца деъча санна.

— ХIетте а, цхьана кIиранах ладугIур ду оха, — Маккхална тIевирзира Эмин-паша. — ТIаккха а шу кхузара дIа ца довлахь, мел ца лаахь а, ницкъ тIе таIонза деврдац. Ойла ян а, вовшех дагадовла а де-буьйса ду шуна.

— Стенна оьшу эрна хабарш дийца, паша-эфенди? — ерриг догдохийла йохош, жоп делира Маккхала. — Нах реза бац цига кхалха.

— Церан хIун ойла ю ткъа?

— Кхузахь гIолечу махка тIехь совца.

— Кхузахь шуна бала мокъа мохк бац. Кхузара латта цхьаццанен долахь ду.

— ХIета юханехьа, цIа гIур ду тхо.

— Мича?

— Тхешан даймахка.

Эмин-паша кIоршаме велавелира:

— ЦIа бохург дIадаьлла шун, нохчо, — Эмин-пашас, аз айдира. — Шайн даймохк хиллехь, шу догIур а дацара схьа. Нагахь шуна хилийта лаахь, хIинца дуьйна хIара хир бу шун даймохк.

— Синтем, паргIато лоьхуш баьхкина хIара нах шун махка, — элира Маккхала. — Дала декъалвийр ву церан аьтту бинарг, царна оцу тIе некъ хьехнарг.

— И некъ шуна гайтина. Иза цуьрриг хьийзаш бац. Шайга бохучу дIагIахь. И латта дошлой цуьнан возаллин султанан байракха кIел хIиттабахь дуьне а декъала хир ду шун. Цуьнан возалло султана шен къинхетамечу тIома кIел кхобур ду шу. Ткъа майра ши тIемало а, цхьаъ Iеламча а волу шуьша даржехь лакхавер ву. И сан дош ду шуна...

— Баркалла, паша-эфенди, — Дуккха а дийца ойла йолу Эмин-паша юкъахваьккхира Маккхала. — Тхо хир дац шун чаьлтачаш. Юханехьа, цIа даха сацам бина оха. Кхетий хьо, паша-эфенди, тхешан даймахка дерза. Тхан бу иза. Шуна а, я оьрсашна а хир боцуш. Аша а, цара а мичча лехкарх, хьаьвззина тхешан даймахка доьрзур ду тхо.

Эмин-паша кIоршаме велакъежира:

— Ткъа схьа хIунда даьхкина шу?

— Аш дуьйцучух Iехаделла.

— Оцу нахана лаьий, ткъа юханехьа кхалха? — дошлошкахьа къуьг тесира Эмин-пашас. — Хьанна хаьа, царна Iен лаьий а? Аш дагазабохий а уьш?

— Хаттахьа, паша-эфенди.

Эмин-пашин горга юьхь цIеххьана екхаелира. Нийсачу мера кIелхьара Iаьржа ши мекх айира делаозийнчу стаммийчу балдаша.

— Баккъал, Шамхалбек, хIунда ца хотту ахь оцу нахе, царна кхузахь Iен лаьий, — хIетталц цхьа дош аьлла а вист ца хиллачу къоначу Шамхалбекехьа вирзира паша. — Хаийтахьа царна, вай бохург динарг цкъа а дохковер воцийла.

Дег тIе аьтту куьг дуьллуш, лохха корта таIорца Эмин-пашина суждане а вахана, чоже кIажаш тоьхна, кхоссабалийтина йора дин, эскарна хьалха кхаьчча, цIеххьана урх юха оьзна, тIехьарчу когаш тIе а хIоттош, сацийра цо.

— Нохчий! — мохь туьйхира цо, карзахбаьлла дин а сецош. — Хазахета ца девлла вай вешан даймахках. Аттачу балхах ца даьхкина вай нехан хийрачу махка. ХIара туркой ненавежарий бац вайн дезаден, кхара диэхна ца далийна кхуза, вайна и моттахь а. Мухха делахь а, нехан хийрачу махкахь ду вай. КIелхIитта тхов бац шун, охьаховша лаьттан коржам яц шун. Керара рицкъа кхачийна шун, кхин тIе и дан меттиг бац. Мацалло, уьно хьоькхуш, кхачош лаьтта шу. Вайнехан Iовдалчу куралло хIаллакдеш лаьтта шу. Кху гондIарчу бахархойн ницкъ бац шу кхаба. Цул сов, аш талораш деш, нах бойуш, шайца гамбина уьш. Шайга аьлларг, гIиллакхе даьккхича шаьш дан догIург аш ца даро шен хьаькамаллех вохий Нусрет-паша. Тахана шу долчу веана, туркойн паччахьо кхузера нах бертахь я бертаза дIабаха хьажийна Эрзеруман вели Эмин-паша. Бертахь дIадовла кхузара, ца довлахь, де а бехк-гуьнахь доцчу зударийн, берийн цIий Iенар ду. Шун цIарах жоп делачу Аьрзус, Маккхалий кхузара дIадовла шу реза дац боху. Бакъдуй иза?

Хаттарш ден, нехан яххьаш тIехула бIаьрг кхарстийра Шамхалбека. Амма цхьа а вист ца хилира. Мотт сецча санна, лаьттара адам.

— Цхьана махкара, цхьана цIийх схьадевлла цхьа нохчий — вежарий ду вай, — мохь туьйхира цо юха а. — Цундела, суна лаац шу Iехо, шуна хьалха лаьтта иэрчо шух лечкъо. Эмин-пашас шеца Мудалийна эскар ду кхо эзар дошло. Цунна гIоьнна кечдина ду Мушан виллаетера эскарш а. Шу кхузара дIадохуш гIо дийр долуш бу кху гондIарчу шахьаршкарий, ярташкарий бахархой. Кхузара меттах а даьхна, Диарбекирехьа шу дIадигар хилла баьлла сацам бу. Иза боху паччахьо Iабдул-Межида. Цхьа кIира далале кхузара шу дIа ца довлахь, ша эскаршка омра дийр ду боху Эмин-Пашас. Эрна хIаллак ма хила, нах. Шу летта лийр ду, ткъа шул тIаьхьа дисина шун бераш, зударий, дола дан дай боцуш мацалла лийр бу.

Шайн коьртера и Іовдал ойла дІа а яккхий, шайга бохург де. Днарбекиран виллаете дІакхалха. Шуьга ма-буьйццу вон бац цигара мохк. Мохк хоьржучохь дац шун гІуллакх. Цул сов, аш массар лаьттаца болх бойла аьлла а дац. Луучунна таронаш ю, цкъа а нахаран баьлча а ца лоцуш, эла санна ваха. Къурайшин цІийнах схьаваьллачу, дала бусалба къаьмнийн паччахь вина ваийтинчу Іабдул-Межида шен байракха кІел хІитта боху шуьга. Цунна хаьа, ДегІастанахь ислам чІагІдеш, ислам лардеш вай майра летар. Цунна хаьа керста паччахьо вай къиза хьийзор, вай хІаллакдеш кхачош хилар. Цундела лаьцца цо вай шена тІе. Диканна дуьхьал — дика!

Хабарна хьаьсарта вахана Шамхалбек, юккъерчу полкана хьалхахула боларахь дІасаволавелира.

— Вайл хьалха кхуза баьхкина эдагий, чергазой туркойн эскаре хІиттина. Масех бІо бу царех вовшахтоьхна. ХІоранна маьхза говр а, тІедуха барзакъ а, герз а делла царна. Маьхза ду царна дуург-мериг а. Цул сов ял ю царна шарна хІоттийна. Вайна цІахь гІенах а ца гина ахча. Вайн ирс вайн тарраш буьххьехь, бархІ са болчу мажарийн Іалашонаш тІехь ду, кІентий! ТІамехь гоьваллачунна чин, совгІаташ хир ду. Кху сохьта дан дезарш а ду цхьа пайдабоццу гІуллакхаш. ХІокху туркойн Іедална дуьхьалонаш ен керстанаш дІатебар. Уьстамалхула хІордал дехьара керстанаш хьоьшуш лелаш эдагий, чергазой бу. Ткъа кху агІор вай хир ду. ХІара шайн дена неІалт хилла эрмалой, гуьржий отуш. Уьш ма бара вай дохо оьрсашна гІо динарш! Царех ма бара вайна тІехь уггар ирча къизалла латтийна инарлаш! Ткъа хІонц мел керайогІур ю. Вешан мостагІех бекхам эцар, дуьненан хьал, эхартахь лакхара дарж — уьш, кхо пайда хир бу вайна! Цул сов, мацца а цкъа оьрсашца туркойн тІом болабелча, вешан мохк гаурех маршабаккха аьтто а хир бу вайн. Оцу тІехь вайна гІодан дош делла Іабдул-Межида! Эскаре хІотта реза верг схьакъаста!

Нахе мохь бетташ, говрахь вогІу Шамхалбек шена уллохула тІехволуш, цуьнга лохха вистхилира полкана иттех гІулч хьалха лаьтта Чора.

— ХІай къутІа, хІай, дІадалахьа тхуна гучуьра! ХІун до ахь, къуьрдиг санна, екаш! Кхин хьо суна улло нислахь, ас тоьхна ши дакъа дийр ду хьох!

Цуьнан дешнаша, бетах тІара кхетча санна вагийна Шамхалбек, говр тІаьхьарчу когаш тІехь юха а хьовзош, доьхкарх йоллучу тапчин макъарх ка а тухуш, Чоригахьа вирзира. Важа-м шек вацара. Ца гора юьхьа тІехь оьгІазалла а. Шен хьаьрсачу мекхех дайн куьг хьоькхуш, велакъежира иза. Амма оцу веларо цуьрриг диканиг ца хьоьхура. Бухара балда цергаш юккъехь Іаьвдина цІий тасийтира Шамхалбека. Дош дац-кх и хьаьрса мунда тоьхна йожо ницкъ цахилар. Бац-кх. Тахана тоьлар вац иза. Цхьа де догІур ду хІара эхь декха. Гена дац и де. ХІетталц сатухур цо.

Гома Чорига а хьаьжна, шен говр човхийна хьалха дІавахара Шамхал-бек. Иза мел гІертарх а, юха къамел ца долалора цуьнан. Ткъа дошлой лаьттара бист ца хуьлуш. Моьттур дара, уьш тІулгех боьттина.

— Бист ца хила дуй биъна цара, Шамхал-бек? — хаьттира Эмин-пашас, шен ца хиллачу кхиамо догдохийна а, Чорица хиллачу гІирмиро оьгІазвахийтина а кхехкаш тІевеанчу Шамхалбеке. — ХІума дац, цхьа кІира даьлча вай бостур бу церан мотт. Ткъа тІаьхьонах жоьпалла а, оцу адамийн къа а шуьшинна хир ду, ши стаг, — кхоьссира цо Аьрзуна тІе а вирзина. — Тахана еарий де ду. ТІейогІучу еарехь малх гІушлакхе баьллачу хенахь шу кхузара дІадевлла аьлла суна хабар ца кхачахь, къамел кхечу кепара дан дезар ду сан. Марша Іойла шу!

Урх буйна а къевлина, дІаваха кечвелла Эмин-паша сацийра Маккхала.

— Собар, паша-эфенди. Хьуна атта ду оьгІазваха. Цкъа-делахь, хьайн махкахь ву хьо, шолгІа-делахь, хьайн паччахьо боккха ницкъ белла, хьайна луъург дан тхуна тІе хецна ву хьо, кхозлагІа-делахь, хІара нах ахь байарх дуьненахь а, эхартахь а хьоьга жоп доьхур дац. ХІунда аьлча, ахь кхочушдийриг хьайн паччахьан омра ду. Ткъа тхойшиъ кху декъазчу наха векалвина, шайн лаам хьоьга дІахьеба. Тхойшиннан бакъо яц, царах дага ца волуш, тхайггара жоп дала. Тхойшинна лаъане ца лаьа оцу мисканийн цІий Іенийла. Ткъа жимма а хьо собаре ца хилахь, гІуллакх оцу тІе долуш лаьтта. Оцу адамийн дегнаш дарделла, уьш карзахбаха цхьацуьрг бахьана тоьар ду. Цхьа итт де хан лохьа тхуна ойла ян. ТІаккха тхо я аш хьийсочу Диарбекирехьа дІагІур ду, я кхузахь дала совцур ду, я тхешан махка юханехьа гІоьртур ду.

— Дика ду, — шегахь толам хаабелла, курра вистхилира Эмин-паша. — Итт де хан ю шуна. Со ладоьгІуш хир ву. Амма хаалаш, ас ловзор дац шу Нусрет-пашас, ИсмаІал-пашас санна.

* * *

Пашин отряд йортахь кешнийн борзехула дІахьаьвзича, Чорин полка юккъера схьаиккхина, говр хаьххкина Аьрзуна тІевеара Коьри.

— Ахь хІун до, Коьри? — хаьттира Аьрзус, шен къоначу юьртахочун йоьхна, цІийелла юьхь а гина. — Айхьа дагалаьцнарг дитац ахь? МІиьчига хІун боху?

— Дада реза ву... — цІийвелира Коьри — Кхетий хьо, Аьрзу, ас Іаьлбагана дош делла туркойн эскаре хІотта. Нагахь Шамхалбека соьга эпсарна дешийта дош лахь, суо дІаязве ала волла со. Тхан доьзалх тхо кхоъ бен ца дисна: сой, дадий, йоккхахйолу йиший. Ас царна беш пайда ма бац кху туьпахь сецарх. Хьанна хаьа, эпсар

хилла вайн махка верзахь, сох пайдабала а мега вайн къомана...

— Иза-м дукха ма дийцинера вайша, Қоьра, — доккха садаькхира Аьрзус. — Қхин вуй хьоьца ваха лууш?

— Цхьа кIант ву, Бенара Габа...

— Делахь хIун дийр ду хьуна, Қоьра, МIаьчига дIахецча, хьо сецо бакъо яц сан. И Шамхалбек саьхьара стаг ву хьуна. Варлахь, цуьнга хьуо Iеха ма вайталахь. Эпсарийн дешар деша хьуо охьахааваллац, цхьана а кехата тIе куьг ма таIаделахь. ДIагIо, дала аьтто бойла хьан!

VIII корта ДАЙМАХКАРА КОСТАШ

Некъ дика хуьлда хьан, хьомсара гIаргIули,
Накъостца, кIорнешца, цIа йоьду хьо гена,
Ахь стохка попа тIехь битинчу хьайн бена...

О. Туманян. МухIажарийн илли.

1

Туьпа вогIу туркойн паша тIеэца кечамбеш, Болатана чIогIа лиира Қоьрица цхьана Чорин дошлойн бIаьна юкъа хIотта. Амма Болатан дин бацара. Туьпахь ха дан витина иза, догдаьттIа вала-м ца велира. Цигахь-м цул баккхийнаш а, гIарабевлла тIемалой а бисинера. Болатан ден ДанчIин санна говраш елларш а бара царна юккъехь, цIера схьадогIуш цахилларш а бара. Шен дагахьдерг Аьрзуга дIа-м хаийтира цо. Ткъа вукхо, виэла а велла, букъа тIе дайн куьг тоьхна витира. Жима ву хьо бохура. ХIетте а, баккхийчех а тоьхна, туьпахь ха дан витарх воккхавеш Iе.

Болатана шера гира туьпа вогIу туркойн паша. Болатана уллохула тIехбевлира уьш. Пашех цуьрриг цец ца велира Болат. Амма цунна тIаьхьабогIучу дошлошна юккъехь Шахьбин кIант Хьабиб гича, шен декхар а дицделла, акъваьлла висира иза.

И дерриге дицдира юха йирзина цунна уллохула тIехъяьллачу туркойн отрядана тIаьхьа, ма-йоьлхху хецца говраш хаьхкина тIаьхьаваханчу Қоьрас, бенойн Габас. Шу стенга доьлху аьлла, царна тIаьхьа мохь туьйхира Болата, ткъа важа шиъ кхуьнан мохь хезехь, вацара.

Пхиппа цхьана хIуттуш нийсачу магIаршца, назманашца туьпа бирзира нах. Массарел хьалха туьпа вуьйлира Аьрзуй, Маккхал. Цаьршинна ткъех гIулч тIаьхьа вогIура Чорин пхибIе. Чорина тIаьхьа вогIучу Iелин кера лаьцна яра тIехь седа а, бутт а болуш баьцара байракх.

ЛаилахI, иллалахI,
ЛаилахI, иллалахI...

Цхьана эшшарехь дIасатехкара дошлойн кортош. Ца гора церан яххьаш тIехь зукар олучу хенахь хуьлу шовкъ. Дорцана Iаржъела стигла санна, кхоьлина яра церан яххьаш. Шайн дахарехь маса бIозза бирзинера и нах тIамера цIа. Толам боккхий а, шаьш оьший

а боьрзура. Баккъал аьлча, тIамехь цхьа а ма ца тоьла. Массо а оьшу-кх. Тоьлларш а, эшнарш а — шиннахьараниш а оьшу. ТIамера цIа боьрзура шайн безачийн, гергарчийн, юьртахойн декъий а дохьуш. И дийна биснарш санна, могаш, самукъе, дуьне дезаш юьртах бевллачу нехан декъий. Эвлахь да-нана, йижарий я зудий, берашший, я езар йитина арабевллачу нехан декъий. Я шаьш генахь долуш мостагIчо ягийна чим бинчу юьрта боьрзура. Шайн доьзалаххий, безачеххий хилларг цахааро кийра шийла ша а буьллий.

Кхана, цхьа сахьт даьлча шайх хIун хир ду а ца хууш.

ХIетте а, тахана санна дегнаш духий ца хуьлура уьш. Дера-м хуьлура, лоьмаш санна, амма дегнаш духий ца хуьлура. ХIоре а бекхам эца лаарх вуьзна. Даймехкан лаьтто ницкъ лора царна. Тахана церан юрт ягийча, оцу овкъара тIехь кхана юха а цIенош дугIура цара. И юькъа хьаннаш, сийна раьгIнаш, лекха лаьмнаш, и токхе латта церан ма дара. Церан дай ма бара уьш. Царна цигахь ма вевзура шайн мостагIа а, доттагIа а.

Оцу бехачу тIеман иэрчонел ирча ду-кх царна хIара таханлера де. Муха ца хуьлу, цкъа кхалла рицкъа а доцуш оцу туьпахь церан бераш, зударий, дай, наной, йижарий хилча. Цомгаш, Iожална эгна Iохкуш. ХIорш тIера бевллачу масех сахьтехь са дIадаьлларг маса хир ву.

Герз ду, дой ду, тIамехь бахчабеллачу оцу бIаьхойн. ХIетте а ницкъ бац-кх церан и шайна безарш а, шаьш а оцу мецачу Iожаллих кIелхьарбаха. Кхузара ког биллал а латта, цхьа а дитт дац цхьа да воцуш. Я нехан, я пачхьалкхан доцуш.

Гуобаькхина гонах кхуьуш ялташ, стоьмаш бу, дажош даьхний ду, ткъа хIара мисканаш мацалла хIаллакьхуьлу.

Бехк буй ткъа церан талораш дарх, Мушана тIелетарх, кхузара дIабовла цалаарх, даймехке сатийсарх?

Дошлошка шайн-шайн доьзалшка дерзий, паргIат хила а аьлла, шайн тоьла йолчухьа дIавахара Аьрзуй, Маккхал.

Цкъа ойла хилира Болатан царна тIаьхьа а вахана, туркойн пашица хилла къамел хаа. Цаьршиннан яххьаш стенна делахь а, цхьана хIуманна кхоьлина а гина, тIаккхахула хоттур ша аьлла, шайн буьне вахара иза.

КIордийнера Болатана хIара туп. ТIуьна баннаш. Цецах санна чекхдийлара догIа, мох, хьожа. Тап ша кешнашкара хьожа. Мел гIертарх а ницкъ ца кхочура кхузахь цIано латто. Туьпана юьстах хьаштана ца эхалора бераш, цомгашниш. Довхачу дийнахь къаьсттина чIогIа хуьлура хьожа. Мезаша а лаьттара дойуш. ДIасадовла, самукъадала меттиг бац. Дуьненах а догдаькхина хIокху туьпо. Велла дIавалар гIоле хетара, амма ойла ца соцура цу тIехь а. ТаIIийна цхьанхьа лаьттах воьллина, тIехь жима барз бийр бу, цхьа шо далале и шарлур бу, ткъа хьо каш доцуш вовр ву. Цул сов, цIа сатуьйсу. Даймахке.

Наний, йиший тоьлан бертехь карийра цунна. ДанчIин хечин когаш хадийна, уьш дерзош йоллура Хеда. Де довха доллушехь, доккхачу корталех хьаьрчина, цунна юххехь Iара Човка.

— ХIорш Iалашйина девр дац вай, Болат, — элира Хедас ша дечунна реза воцуш, цецваьлла, чамбайна шега хьоьжу кIант гина. — Цхьацца тоеш хьуна ца тояхь, кхин хир ала меттиг бац вайн.

Бист ца хуьлуш, Човкина улло охьахиира Болат.

— Бота, — халла хезаш кхайкхира йиша.

Болат йишига хьаьжира.

— Ахь хIун боху, Човка?

— Оцу дIочера стага селхана шайна моз, бIараш деана хьуьнахара, — дехьо лаьттачу цхаьна майртуьпхочун тоьли тIе пIелг хьажийра цо. — Церан йоIехь ши бIар дара. Суна цхьаъ ца делира цо. Ахь вайна деъча аса а лур дац цунна...

Йиша шена тIе а озийна, цуьнан жима корта шен некха тIе а таIийна, коьртах куьг хьаькхира Болата. ТIаккха, меллаша и дIа а хилийна, гIаьттина тоьли чу вахара. Шен юкъах жима шаьлта а йихкина — цуьнан ворхI шо дуьзча дас совгIатана елла, — чоин массо бустам хIоъмолхех буьзна, мацах цкъа Аьрзус шена елла, ша хьоме Iалашъе тапча доьхкарх йоьллина, кера жима чIижалг лаьцна, аравелира иза.

— Ахь хIун до, Болат? — кIентан кечваларо, даим санна, даг чу кхерам тесира нанна.

— Жимма хьаннашкахула кхарста со.

— Варийлахь,Болат , нехан рицкъи тIе ма кховдалахь. Къоли тIехь лаьцнарг хIокхар шайн каяьллачохь, къайлавер вуйла хиъча, тухий воьй, цхьанхьа дIатаIаво хьуна. Нехан, хьарам хIума ца оьшу вайна. Нагахь хьуна хIума хилахь, тIаьхье йоцуш вов хьан да, пана юьсу тхойша...

— Нана, со воккха ма хилла хIинца, — нанна синтем бан гIоьртира Болат. — Ахь цабахарх, суна шадерг хаьа. Ма кхералахь, со гIоьртар вац хьуна нехан керта. Эцца, хьаннашкахь йиса-йоьжна акха стом-хIума юйла хьаьжна вогIу. Суна са ма гатделахь.

— Варийлахь, хьожуш лелалахь, Болат. Оцу хьаннашкахь черчий хуьлу боху...

Да велчахьана тахана дуьххьара велакъежира Болат:

— Ча хIун ю? Вайн лаьмнашкахь оха масане йийна иза! Кхузарчел дераниш!

— Иза вайн махкахь дара, Болат, ткъа хIара нехан мохк бу. Кхузахь тешам боцуш ду дерриге а, — са ца туьйра ненан.

— Ма кхера, нана. Со могаш-дийна цIа воьрзур ву хьуна. Нагахь со хьелахь, са ма гатделахь!

Воккхастага санна, езза гIулч йоккхуш, тоьланашна юккъехула дIавоьдучу кIантана тIаьхьа хьаьжжинчохь йисира Хеди.

— Везан дела, ларвелахь иза! — деле кхайкхира иза. — Айхьа суна цхьаъ бен ца велла кIант ларвелахь. Дац-кх сан и доцург ас иза. Шу орцах довлалаш цунна...

2

Оцу тIаьхьарчу баттахь мацалло лоьллуш дукха кхирстинера Болат кху ламанца. Амма цкъа а, тахана санна некъ ца тайнера цунна.

Кху суьйранна дуьххьара дайделира цуьнан дог. Цхьа хаза там бора цунна язъеллачу керарчу чIижалго а, четахь декачу ткъех бIаро а.

«Дела къинхетаме ву, — бохура цо шега. — Дала аьтто бийр бу сан наний, йиший хене яккха. Ма хазахетар ду-кх Човкина...»

Да дIа а воьллина цIа вирзинчул тIаьхьа цIеххьана шена а хаалуш хийцавелира Болат. ХIетталц цунна цкъа а дага ца догIура Дерригенан ойла йийриг а, гIайгIа бийриг а да вара. Ткъа, Болат, шена хилча юуш, ца хилча меца, туьпахулий, гондIарчу лаьмнашций кхерсташ лелара.

Дел тIаьхьа синтем байра цуьнан. ХIетталц цуьнан терго ца хиллера ненан коьртан къежъеллачу месийн а, чуэгначу беснийн а, дуткъаделлачу логан а, букархьаьвзинчу букъан а. ХIетталц цуьнан терго ца хиллера жимчу йишин гIайгIанах дуьзна тIехтуьйсучу Iаьржачу бIаьргийн. Да веллачул тIаьхьа делакъажар дицделлера Болатан балдашна. Ца йогура бIаьргаш чохь хьалхалера жималлин цIе а. ХIинца иза, воккханиг санна, вевзарг цомгаш хиллехь, цуьнга хьажа а воьдура, шен ницкъ кхочу гIо деш, вон-дикане а хьийзара. Жима дог доруш, доттуш шегахь бала белахь а, нийсарошна тамана хабар дийца а гIертара.

Вон дара Болатан гIуллакх. Цуьнан юьртахой, гергарниш берриг бохург санна беллера. Биснарш, башха хIокхуьнца гIуллакх дерш бацара. Хилча а хIун дара иза. ХIоре а воллура ца вала гIерташ. Нахана гIо дечохь вацара цхьа а. Ткъа Болат мел къонаха хила гIертарх, ницкъ бац цуьнгахь шен наний, йиший кхаба. Нагахь, оцу туркойн инарло, шен эскаршца юха а веана, кхузара кхин а дIахьовсадахь уьш муха гIур бу? Цера-х я говр а, я сту-варда а дац. ГIелъелла кIелйисина йолуш лаьтта нана а, йиша а. Нагахь мухха кхаьчна а дIакхачахь, цигахь хIусамаш а муха ян еза, латта лахь, иза дуьйш-дерзош муха лело деза. Нагахь наний, йиший лахь. Аьрзуй, Маккхал кхузахь а мел ву-м, гIортор яра цуьнан, нагахь цу шинна цхьаъ хилахь?..

Малх дIабуза регIа тIелахбелира. Деха IиндагIаш дийшинера ломан когашка. Ломара юьрта охьа лоьккура бежанаш, уьстагIий, гезарий... ЦIехьа мел гIоьрти, Iоьхура уьш. Царна дуьхьал Iоьхура

эсий, буьхьигаш, Iахарий. Оцу гIовгIано Болатана дагатесира генахь бисина даймохк, вина юрт...

Туркойн юьртахула чекх ца вала, шена хьаьвзаш доллушехь, га тесна дIахьаьвзира Болат. Юьрта лахахула, бехачу берда кIелхула гIашлойн новкъа воьдучу цунна, хьалха кIохцал-коьллийн боьлакагIна тIехула хьийза хьаргIанаш гира. Коьллашна юккъе охьаховша лахлуш, юха а, цхьана хIумано къаххкайой хIаваэ хьалайалуш, диттийн баххьаш тIе а хуьйшуш, охьа хьуьйсура уьш.

Герга мел гIоьрти, жIаьлийн летар, етта кIомсарш а хезира.

Болатана хаьара, меттигерчу бахархоша, цомгаш хилла, къен делла шайн бежана эвлал ара дIакхуссийла. Къей, цомгаш далар хьехочохь боцчу наха, иштта дIакхоьссина карийнарг шаьш тIекхаьчча, къайллах туьпа а йохьий, йоура. И хьаргIанаш яйча, жIалеш лета хезча хазахийтира Болатана. Хьанна хаьа, селхана-тахана дIакхоьссина бежана-газа хила а мегий иза-м. Дукха вон хилаза делахь, кIедочуьра даьккхина жижиг хьур дара-кх. Наха санна, лачкъийна. Бода боллалц кхузахь а Iийна. Цхьанна гича хаза хир дац. Хьенехан кIант къенъелла хIуманаш юуш ву бохур ду.

ЖIаьлийн гIовгIа дукха дера а хетта, элхьамчан гIаж яьккхина, тапчин лергара молха а теллина, берда кIел хьалагIоьртира Болат. Иза герга кхаьчча, «пхьакх-пхьакх» аьлла айелла хьуьнехьа дIаяхара хьаргIанаш. Лахо ваьлча Болатана гира шайн хIонсана гена-гена хиъна Iан масех жIала. Лаьттах, диттах гIаж тоьхна, царна хичаш йира Болата. ЖIаьлеш дегаза дIадевлира. Коьллашт дIаса а тоьттуш, масех гIулч хьалха теснaчу Болатан дегIе зуз хьаьдира, коьрта тIера массо чо, кIохцал санна, ирахIоьттира. Цунна хьалха жIаьлеша даьстана, керла даьккхина гомха каш дара. ХIетта жIаьлеша арайийзинчу докъан кегийн когаш а, тIеюьйхина чордачу машин эттIа хеча а, чоин тIемгаш а гира цунна.

Цкъа ойла хилира Болатан, гIад мадду, ведда оцу меттигана генавала. Амма бIаьргнегIар тухучу юкъан хийцаелира и ойла. Дагадаьхкира шен да кхелхинчу буса, нана ша чуьра араваккха гIоьртича Аьрзус аьлла дешнаш. «Волийта ахь иза. Халонаш хIинца а хьалха ю». Дагадеара, мел яккхий халонаш, мел инзаре иэрчонаш тIеIиттаяларх воха а, вухавала а йиш йоцуш ша ден метта висина доьзалан да хилар. ТIехул тIе, кIезга гина цунна и декъий? Ша хаал хилчахьана? Цхьана-шина шарахь денна гина цунна байинарш, ткъа кхуза кхаьчча цунна гинчу беллачийн сан йина а вер вац.Бакъду, цаьрга и хьожучу хенахь цкъа а ша ца хилла иза, хIинца санна. Шен дог ирахIотто гIертара иза. Ма кхера, ДанчIин Болат, тIегIо! Иштачохь вада ма ца Iамийна хьо хьайн дас, хьехамчас — къеначу Залмас, майрачу Аьрзус, хьекъалечу Берсас, догдикачу Маккхала. Кхин а цхьа масех гIулч хьалха! Хьо-м нохчо вай, муьлххачу кхерамна бIаьрнегIар ца тухуш дуьхьалхьажа, муьлххачу халонца къовса, муьлхха а бала лан кхоьллина! Хьан къоман ваший бен хуьлийла дац хьуна и шалхавахана Iуьллург. ЭттIа ма-

шин хеча, берзина когаш... ХІаъ ву-кхи ткъа, хьан декъаза ваша. Кхин мила хир вара иза. Шайн белларш бердаш кІел коьллашла дІа ма ца бухку кхузарчу наха.

Цхьа-ши гІулч герга гІоьртича, докъан юкъах дихкина шаьлтий, доьхкий гича Болатан коьрте ирча ойла хьаьвзира. Сийсара дуьйна Соип ца гина цунна. Іуьйранна цаьргахьа вала ца кхиийра Болат. Аьрзус тІедехкина гІуллакхаш кхочушдеш хьаьдда лийлира. Делкъал тІаьхьа ша хьуьнах воьдуш церан тоьли чу хьаьжира хІара. Чохь вацара. Соипан нана Іуьллура пенехьа а йирзина. Иза, самаяккха а ца лиъна, йитира кхуо. Даима санна, кхалла хІума лаха хьаннашка вахана хир ву-кх, цхьанхьа тІенислур вац-те цунна дагахь схьавеара...

Оцу ойланаша вагийна Болат шен чІижалг охьа а хІоттийна, тасавелла докъана тІе веара. ЦІеша буьзначу коьртан туьтан тІера йоьзачу мозийн дийнна вай гІаьттира. Чов сийсайора кІайчу кегийчу нІаьнаша. Цхьаннах тера бу и кІесаркІаг. Коьртан тІехье цІеша юьзна елахь а, туьта кагйинехь а, Болатана девзира шен доттагІчун аматаш.

Болата, охьа а таьІна, меллаша корта аркъал саттийча цуьнга хьаьжира иэрчоно дахьийна къаьрзина, ангали санна хІиттина Соипан дакхий жухара бІаьргаш...

Цара Іадийнчу Болатан настарш лехна, хорша хьаьдча санна, егайора. Ирахь ца сацавелла ша лаьттачу охьалахвелира иза.

Юьхьанцара кхеравалар дІадаьлча, ша дан дезачун ойлане велира Болат. ДІавахьалур ву бохург хьехочохь дацара. Кхайкхарх кхача орца а дац. МаьркІажа хан хилла яьллера. Иза туьпа кхачале пхьуйре хир ю. ХІара уллора дІаваьлча, жІаьлеша дакъа дуур ду, ткъа кхузахь буьйса йоккхуш Іайла дац. Хилча а, муха Іийр ву арахь. Мел ца кхера гІертахь а, дог Іац детталуш бен. Эххар хедира цо хала сецо къонахалла. Беральа ца Іийра толам баккхаза. Логе хьалагІерта шед, къурдаш деш, юханехьа чутеІийра цо, амма хецабеллачу цунна тІаьххье мохь белира кхуьнан кийрара.

— ХІокху нехан махка вай схьа ца даьхкинехь, лийр вацара хьо, — юкъ-юкъа шабарш дора Болата. — Дийна хир дара хьан да-нана, шун бераш, сан да... Вайша Бассан бердашца ловзуш лелаш хир вара... Мел вон хьегахь а, цигахь мацалла лийр дацара вай, кІел хІитта тхов боцуш лелар дацара вай... Соип, мила ву-техьа хьан цомгаш нана байлахь юьтуш, хьо къиза вийнарг, ас муха эцате цунах биэкхам... Я хІарра де хІуттур ду-те суна тІе... Хьуна санна, тІекхача доттагІа воцуш, мецачу жІаьлеша йожур ю-те сан голаш, Іаьржачу хьаргІанаша мийр ду-те сан бІаьргаш...

Иштта хиъна Іерах гІуллакх хир дацара. Хьала а гІаьттина, цкъа когаш, юха белшаш ойуш, Соип сехьа тІе а ваьккхина, куьйгашца латта арахьоькхуш, и гомха каш цІандира Болата. ТІаккха, юьхь къилбехьа а ерзош, доттагІа коша а виллина, гондІара лехьийнчу бецийн, сийначу гІах цунна тІехула чкъор дина, латта

тІехьаькхира. Барз бата а бина, тІе коьллаш тоьхна ша паргІатваьлча бен ца хиира цунна буьйса тІекхаьчча яьллийла. ХьаргІанаш къайлаевллера, цхьанхьа буьйса такха. Амма жІаьлеша, гена доццуш гуотуьйсура.

— Нагахь дийна дІа а кхачахь, валанза Іуьйренга а валахь, ас кхана дІа а вихьна, хьайн дена улло дІавуллур ву-кх хьо, Соип...

3

Туркой дІабаханчул тІаьхьа оцу дийнан йисина хан а чекхъелира даима санна, белларш дІабухкуш.

МаьркІажан ламазаш динчул тІаьхьа туьпахь кхеташо гулйира Аьрзус. Тхьамданашка цо дІакхайкхийра туркойн инарлица шайн хилла дийцарш. Цхьаъ санна, массо а дуьхьалвара Диарбекиран виллаетан махка кхалха. Нагахь диттахь, кхузахь Іийр ду вай, ца дитахь, юханехьа кІегар гІур ду бохура цара.

— Оьрсийн Іедал дуьхьал ду боху, вай кхузахь совцарна, — элира Аьрзус. — Ма-хуьллу вай генадаха гІерта уьш.

Сацам хилира нохчийн гІуллакх караделла ваийтина Эрзерумехь волчу оьрсийн эпсарна тІе дехаренах хьовсо. Билгалвира Аьрзуй, Маккхаллий, кхин шайца цара къасториг.

Оцу дехачу дийнахь цхьана а минотана охьахевшина садоІийла ца хуьлуш кІадбелла, гІелбелла, пхьуьйрал тІаьхьа цІабирзира АьрзугІар. Іелий, Чорий чукхоччушехь цІенкъара хьардаш самса а яьхна, кІел верта а даржийна, охьавижира. Аьрзу, ши куьг чучча доккхуш коьрта кІел диллина, аркъал дІатевжира. Цунна хаьара Маккхалан охьавижа ойла йоцийла. Оцу деношкахь цхьанхьара-м карадеана хІокху мехкан Іедалах лаьцна яздина цхьа жайна дара цуьнан, хІор буьйсанна ша набаро кІелвитталц тІе хьоьжуш. Тховса ца хьадира цо иза. Шена охьавижа мотт тобина, ша лерина кхоош лело хьакхаран чиркх латийна, тІорказа тІе а хІоттийна, шен йозанан гІирс — эрзан къолам, кхийра шекъадуттург, цІена кехат хьалха а диллина, охьахиира иза.

— Ваьшшинца муьлаш буьгу вайша? — хаьттира цуьнга Аьрзус, иза яздан волавалале.

— Мича?

— Эрзеруме.

— Муьлаш ца муьлаш дан а дац. Чорий, Іелий вуьгур ву-кх. Стенна оьшу цигахь ІалагІожа?

— Хьо хІун яздан воллу?

— Оьрсийн паччахье дехар, — къолам, юхьиган ирале хьаьжна, шекъи чу Іоьттира Маккхала. — Догдиллар, сатер-х хиндай.

Оцу тІехь сецира цаьршиннан къамел. Маккхал шен йозанна тІевуьйлира. Ткъа Аьрзу, ши бІаьрг тоьлин лохачу тховх боыІна, ойлане велира. Ойла йора кханенан а, ламенан а... Делан а, дуьненан паччахьийн а, адамийн а къинхетамах, гІоьнах хаьдда кху

нехан хийрачу махкахь хIаллакьхуьлучу шен къоман вежарийн, йижарийн а. Ойла йора генахь бисинчу, дукха баланаш хьоьгучу шен даймехкан а, бIаьрза хьийзачу шен къоман а. Амма мел ойланаш ярх ца карабора кIелхьарвала некъ. Уггар нийсаниг, уггар тешаменига аьлла цара къастийнчу новкъабевлла схьабаьхкинчу кху мисканех хирг дара гуш. ХIор буса охьаьвуьжу иза цу ойланашца. Дуьнен чу ваьлчахьана схьа мел догIучу дийнахь керл-керла бохамаш, баланаш, гIайгIанаш. Мегар дац ткъа, буьйсанна охьавижча, набарх мукъана а паргIатвала, гIенах мукъана а ирсе минот ган. ХIан-хIа, синтем бац набарх а. Дахарехь ша теш хилла, цхьаъ кхечул ирча эз-эзар и инзаре иэрчонаш гIенах а дуьхьалара ца йовлу кхунна.

Кхелхина кхуза баьхкинчу нехан пхи эзар доьзалх биъ эзар кхузахь. Муша уллохь сеццера, вуьш Эрзерума уллохь. КIеззиг царна юучуьнца хене бовларна-м гIоле дара цигахь. Амма ун чIогIа даьржинера царна юккъе. Цул сов, массанхьа санна ницкъ бора царна Iедало а, цаьрца юкъаметтиг галъяьллачохь бахархоша а, Iедало цигара меттахбаьхна. Диарбекирехьа, нохчашна къастийнчу махка тIе дIабоьлху уьш, оцу махке хьаьвсина юхабогIу АьрзугIар шайна Чубукчурехь дуьхьалкхетча, цаьргахула и хIун мохк бу а хиъна я цига а, я Эрзеруме кIегар а ца боьлхуш, кхуза Муше схьабирзира. Эрзинганехьа дIайоьду гоба а, дIакхаччале юха а йирзина, Эрзеруме дIаяханера.

Кхуза богIучийн юьхь схьакхаьчна тховса. Бухахь болчарна хIун дийр ду ца хууш Аьрзу хьийза, хIинца хIара керла бала а тIекхийти...

Маккхала, шен керара къолам охьа а биллина, ша яздина кехат карайцира.

— Ахь ладугIий, Аьрзу?

— Дешал.

Маккхала, яйн йовхарш тоьхна, йиш тайира.

«...Нах кхалхоран гIуллакх шина а паччахьан бертахь ду бохуш, дийцинчу инарла Кундуховс тхаьш хаза кхоччуш Iехинийла хиъна тхуна. Цо дийцинчух а тешна, шайн даймахках бевлла кхуза схьабаьхкина нах, амма цигахь тхоьга дийцинарг кхузахь ца карин тхуна. Тхуна мохк къастийна кху Хонкарахь, амма иза йокъане, жагIане, дийнарг ца кхуьуш, цхьа екха гунаш ду. Цига а дахана охьаховшахь, цхьа а бIаьстенга вер вац тхох. Кундуховна, тхо массо велла а ша ваха лаьа, цунна гIерта хир ву иза бисина нохчий а схьакхалхо... ХIокху туркойн Сибрех Iачул, оьрсийн Сибрех дахар гIоле хета тхуна... Аш тхаьш цIа дахийтахь, кхузара хьал а дийцина, схьакхелхачура совцорца оха Iожаллех кIелхьарабохур бу цигара схьабахка гIертарш. Мел лахара а кхоалгIа дакъа хIаллакьхилла тхо кхузахь хIинцале... Туркоша боху, тхо Диарбекирал дехьа кхалхадо шаьш. Бертахь ца гIахь, нуьцкъала цига дIадига ойла йолуш, шеца кхо эзар дошло а волуш, Муше веана охьахиъна Эр-

зеруман вели Эми-паша. Амма тхо цига гIура дац, тхаьшна чохь са а долуш, хIунда аьлча, цигахь а, кхузахь а тхоьга хьоьжуш меца Iожалла ю, стенна оьшу тIаккха и гена некъ бойтуш цомгашнаш, къенанаш, бераш хьийзо? КIелхьарадовла цхьаъ бен некъ ца буьсу тхуна, иза даймахка юхадерзар бу, оха, кера куйнаш детташ, доьху хьоьга, цIа дерза тхайна бакъо ялар...»

Маккхал юкъахваьккхира арахь евллачу гIовгIанаша.

— АьрзугIар муьлхачу чохь бу кхузахь? — хеттара цхьана стага.

— И дIогара тоьла церан ю-кх, — жоп лора зудчо.

— Лаьттах яьккхинарггий?

— ХIаъа.

— Баркалла хьуна.

Дукха хан ялале говран когийн тата сецира тоьли хьалха.

— ХIей, чохь дуй шу? — мохь туьйхира хеттарш динчун озо,

— Чохь ду тхо-м, — вистхилира Маккхал.

Меттара хьалаиккхина Iела аравелира.

— Маккхал, цуьшиъ хоьттуш веана-кх хIара стаг? — чухьаьжира Iела.

— Схьа чу валаве тIаккха.

Охьа а таьIна, нисса ах неIарх чоьхьаваьлла, салам делира лекхачу стага.

— Ассалам Iалайкум, дика мел дерш догIийла шун хIусаме!

— Ва Iалайкум салам, диканца вахийла хьо а! Марша а вогIийла!

Хьешан куьг лаьцна, шаьш барч лоьручу соне охьахаийра цара иза.

— ТIаккха, хьаша, шу могуш дуй, сингаттам боцуш Iай? — хаьттира Маккхала.

— Могаш, дика Iа. Дерриг вайн къомана берг бен сингаттам бац. Шу а деца могуш?

— Дала дика кхобу.

Хьал-де хаьттина бевлича цхьана ханна къамел сецира. Чиркхан гIийлачу серлонгахь ма-къастталу вовшийн юьхь-сибате хьаьвсира хьаша а, хIусамдай а. КIаддалар бен кхин гIелдалар доцуш лекхачу дегIахь, тIехь могаш бос Iалашбелла Iаьржачу сибатехь ехо юьхь, йоца Iаьржа маж, дуткъа ши мекх, схьакхевддина нийса мара, лекха хьаж, майра ши бIаьрг. ТIера духар хIинца а тишдалаза. Юкъах кхелина шаьлта, доьхкарх йоьллина ши тапча. Иштта вара веана хьаша. Арахьарчу куьцах хиира АьрзугIарна и стаг кху туьпарчех а, я кху махкахь вон хьегначех а воцийла. «Я шен са а, тур а туркошна доьхкинчу кIеззигчу нахах цхьаъ ву иза, я дукха хан йоццуш даймахкара кхаьчна хила тамехь ву хIара», — цхьана минотехь ойла йира Аьрзус, стагах чекхболу шен ши бIаьрг хьешана тIе а боьгIна.

— Делхьа, хьаша, вайн гIиллакхехь, вузийна паргIатваьккхи-

на, хеттаршка довла хьуна хIотто кхача бац вайгахь тховса, — тийналла йохийра Аьрзус. — Дийцахьа, хьо мила ву, кху хIусаме хьайн кхачар, тхоьгара хила гIо дуй хьуна?

Хьешо хIин йовхарш туьйхира:

— Со Бенарчу Солтмурдан девешин кIант ву. Диванан сацамца, шуна тIаьхьавеана со, кхелхана богIучу нехан тIаьхьарчу тобанца.

Аьрзун, Маккхалан ,само иръелира.

— Iела, неIарал арахьа хаий, гонах ладугIуш хIума дел. Айхьа лоьхурш тхо ду-дац хаьий хьуна?

Хьаша велавелира:

— Хаьа дера-кх. Суна дукха гина шуьша.

— Ахь хьуо Солтмурдан шича ву боху, ткъа тхойшинна и хаац Хьан дашах тешна къамел дан ваьхьар вуй тхойша?

Хьешо шен пIелгах схьаяькхина чIуг Маккхале кховрийра:

— Хьо бакъоь, Аьрзу. Аш тешамана йиллина хIума хIара юй?

МухIар схьа а эцна, лерина цуьнга а хьаьжна, Аьрзуга делира Маккхала.

— Солтмурдан мухIар ду. Шеко йоцуш.

— Тешамана хIума-м ю, ткъа ишар — хаьттира Аьрзус, иза карахь дIаса а хьовзийна.

— Со нохчо ву.

— Хьо стенна араваьлла?

— Сайн къоман маршо юхаерзо.

— Ца ерзалахь.

— Iожалла тIеэца.

— Маршо я Iожалла! Хьо диканна воуьйтийла майрачу Солтмурда! ЦIе хIун ю хьан?

— Деналха.

— Маца кхаьчна хьо кхуза?

— Муьше тахна кхаьчна, Эрзеруме кхаьчна-м цхьа ши кIира а ду.

— Некъахьовзам боцуш веан хьо даймахкара схьа?

— Дала Iалашви.

— ХIун ду-те сихонца хьо схьахьажжол Солтмурдана тIедеанарг?

— Шуьшиъ кхузахь хьевалар, махках буьйлучу нахах бакъдерг цахаар.

— Керла хIун ду Нохчийчохь?

— Солтмурдера кехат ду соьгахь.

Шаьлтанна уллохула батта доьллина жима урс схьа а даьккхина, тIаккха логера гIовталан ветанаш дIа а даьхна, кочахь кхозу чIурама юкъа тегна кхо маьIиг йолу жайна, урс тесна чимчаргIа а хадийна, уьрсаца цхьаьна Маккхале дIакховдийра Деналхана. Ларлуш урс туьйсуш тегарш хедийна, чIурама юккъера схьа а даьккхина, даржийра Маккхала кехат.

«БисмиллахIи-рахьмани-рахьийм, — дешавуьйлира иза яйн йовхарш тоьхна, йиш тайина. — Вайн везчу делан, Мохьумад пайхамаран, цуьнан асхьабийн, эвлаяийн пурбанца хIара кехат яздо ас сан къоман а, динан а вежаршка, доттагIашка Абубакаран Аьрзугий, Iабдурахьаманан Маккхалей!

Делера къинхьетам а, элчанера шапаIат а хуьлда шуна.

Уггар хьалха ас дIахоуьйту шуьга тхаьш дерриш могаш-таза хилар, вай вовшехкъастар, махках бевллачу муъма вежаршна сатгатдар бен, сингаттам боцуш тхаьш хилар. Амма оцу сингаттамо дегнаш огу тхан, догIмашкара гIор эшийна тхан, кортош хьере дина. Махках буьйлучу нехан тIаьхье а ца хеда, мацах лоьман хьеха чу ихначу акхаройчул башха, дIаваханарг вухавогIуш а, кхочуш хабар а дац. Цхьа а тайпа хабар доцуш вайна шуьшиъ а. Оцу бахьанашца, тхаьш хIун дан деза а, хIун дита деза а ца хууш бIаьрзе ду тхо. Шу дIа муха кхаьчна, шуна тIедиллинчух хIун хилла, адам мича хьоле нисделла-те...»

— ХIокху жоьжахатара хабар хазаза ду цигахь? — юкъахваьлла геланчега хьаьжира Маккхал.

— Тайп-тайпанара хеза! Цкъа хеза, кхузахь нахана даладелла бохуш, тIаккха — далатоьхна олий хеза.

«...Кхузара хьал-де шуна хаа лаахь, вайна пайдаберг цхьа а дац. Берса цIавирзина, къилбседехьара дарц тийна, оцу агIоне догдохуьйла а дIаели вайн. Адам, хьалха санна, халонгахь ду. Хьалха хьежарх гуш пергIато яц.

Шу новкъа девллачул тIаьхьа цхьа хьовр-зIовр хилла кхузахь. Харачуьрчу Акхмирзин Тозас вай кхийрринарг лелий. Тхоьгара пурба доцуш, тхан бертаза, шен лаамехь, ша имам ву аьлла кхайкхийра цо. Кехаташ яздинера гондIарчу ярташка. Цо сайга дайтина кехат ма-дарра яздо ас, шу дика кхетийта: «Тхан муъма вешега Солтмурде, бусулба вежаршка, имам Тозера салам-маршалла. Вайн махкара керстанаш дIабаха тIамна кечло. ХIарра дIахайита гондIарчу ярташка, Яьссица, Ямсуца охьа йолчу ярташка. Дала а, пайхамара а вайна весет бина гIазотан тIом дIаболо беза де тIекхаьчча. Вайца барт берш кхана Хорача улло, Кхеташ-коьрта гулло. Делан лай, Нохчийчоьнан имам Тоза». Оцу кехато цецдаьхна тхо меттадахка а кхиале, кхин хабар кхечи, иза шен Хорачуьра араваларца Iедало лаьцна виги аьлла».

— ОстогIпираллахI! — корта хьийзабора Аьрзус. — Хьажахьа, вайн гIуллакхана цо дина зулам!

«...Дошца дийцича, Тоза шайн Хорачуьра араваларца Iедало лаьцна. Цуьнца Хорачуьра Хьозин Тозукъ а, Шахьгери а, Новкъин НIаьвлаха а, Багин НогIамирза а, Абубакаран Эбети а, Iумханан Къиси а, Хьамин ТIахIир а, Хьусайнан Iисха а, Сангутан Мада а, ЦIен-Веданара Эдиган Девлат-мирза а, ДаьргIара Iарапха а, ЭгIаштара Албас а, Мелчхера Къабаз а, кхин дуккха а лецна. Де-

лан гIоьнца вайх цхьа а стаг ца нисвелла лецначаьрца, амма Тозас доккха ков эккхийтина вайн гIуллакхана.

«...Вайн гIуллакхана цхьана агIор зулам даьллехь а, вукху агIор тIаьхьалонна ваьшна пайдехь дерг а хии вайна. Тозас йина хьаврзIавро кхерийнчу Веднарчу полконака шена гIоьнна Чехкарара эскарш дийхира. Амма цхьа-ши де далале иза кхийтира шена уьш оьшуш цахиларх. Тозас лелийнчунна шаьш бехке дац, цунна тIаьхьа-м муххале а хIуьттур дацара шаьш, мелхо а цуьнан тоба йохош гIо дан кийча ду хьуна бохуш, цунна тIе оьхура гуондIарчу ярташкара жимма а таронаш йолу нах берриге а.

Полконакана хиира, нохчашка шаьш вовшийн байийтарал атта хIума дуьнен чохь цхьа а цахилар. Изза дан а дира цо. И хьаврзIавр аренга яржарна кхераделлачу Iедало Нохчмахкара арадуьйлу дерриге некъаш дIакъевлира. ГIойл дехьара вайнах тIаьхьа а хIиттийна, полконак Мураев веара, ЧIебарлара нах шеца болуш веара, цигара наиб, вайнехан зуда йигна и оьрсийн эпсар[1]. Цаьршиммо дIалийцира малхбузехьара схьа Хорача догIу некъаш. Шайца эзар гергга вайнехан стаг волуш цига веанчу Мустапин Девлатмирзас а, эла Чергазбека, а харачошка хабар туьйхира, нагахь кху аренца хьавр-зIавр ян ойла йолуш цигара стаг охьавалахь, шаьш, лаца а лаьцна, Iедале дIалур ву иза аьлла. ЧIебарлара веанчу Жукин Дубас дIалийцира Орган тIе догIу некъаш. Нагахь Тоза Бенахула, Яьссица, Ямсоца охьагIортахь а аьлла, аькхойн дехарца Кечане далийра Хасиюьртара эскарш. Эрсанарчу гIопе балийра БердакIелхьара бIо. Доцца аьлча, цхьа меттиг тIехIоттахь, ваьшна кхерам муьлхачу агIорхьара схьа бу а, вешан мостагIа ваьшна юккъехь вуй а хии вайна...»

— Вайна и хуум-м дукха хан дера яра, — чам байна корта хьовзийра Аьрзус.

— Кхуьуш вуйла хаара. Амма оццул дукха вуйла ца хаьара. Ткъа иза дебаш хилла-кх. Вон хIу сиха ма деба.

«Цо и хьавр-зIавр йичахьана Iедал гуттар чIагIделла, марсадаьлла вайца. Цхьажимма а шаьш шек долу стаг чувуллу. Тозина цкъа ирхъолла кхиэл кхайкхийра, юха а берриш Сибрех хьовсий уьш. Харачошкара хIор кIуьран цIарах цхьацца туьма гIуда даькхи, элистанжой Терканйисте кхалхий. Тозас вовшахтоьхнар тIаьхьало йолуш хIума доццушехь, кхераделлачу Iедало Харачу дукха эскар теттира.

Шуна дагадогIу-кх дIадаханчу шарахь Шелахь нах бойуш мел дика хьаьвзира Чермин Орцу, Мустапан Девлатмирза, ВахIабан Iоду, молланаш — Хорди Iабдулкъедар, Исламан Идаг, Iабдуллин Мустап, Боьршикан Махьмуд. ХIетахь цаьрца цхьаьна оьрсийн Iедална гIо деш бара Шелара а, гонахарчу ярташкара а совдегарш, Iедална йохкаелла хьакхарчий. ХIинца а ерриг Нохчийчуьра дах-

[1] Кхузахь вуьйцург майор Ипполитов ву.
[2] Бекович-Черкасский.

хаш шена тIе а гулдина, церан куьйга Тозин тоба йохийра Iедало. Кхузахь хIинца а каде хьаьвзира Мустапан Девлатмирза, Жукин Дуба, Шаммирзин Бота, гендарганойн Момин Хьоту, гIордалойн Ойшин Чомакх, молланаш: Кужин Бача, Хадун Арсункъа...»

— Хьий делан мостагIий яI! — оьгIазе мохь белира Аьрзуга.

«...Хьату а, Чомакх а, Бача а, Арсункъа а чинехь лакхаваккха, совгIат дала Петербухе хьалавелла боху...»

— Заддаш яI, заддаш!

«...Кхин керла хIун ду аьлча, кху шарахь тIаьххьара кхелха нах новкъа бевллачу буса инзаре чIогIа мохк бегийра вайн кхузахь. Уггара чIогIа иза бегийра Ведана гонах. Хилла зенаш даккхий дац. Iеламнаха шина тайпана дуьйцу. Цхьаболчар боху, ша дIа а тесна нах махках бийлар ца лайна бегийна иза, вукхар боху, хIокху лаьтта тIехь керстанан Iедална кIел севццачу нехан къина бегийна иза, цаьрга, кхузара дIа а довлий, бусалба дин маьрша долчу Хункара дIа даха дезар хоуьйтуш. Ткъа соьга хаьттича, вайн дакъазалла, хIара Iаьржа латта бух ца дуьйлуш, сийна стигланаш тIе ца йоьлхуш дика юьсу. Суна хаьа, шуьшиъ цигахь цхьаъ галдаьлла Iайла. Цунна сагатделла хIара кIант шуна тIаьхьавоуьйту ас. Нагахь шаьш цигахь кхин а хьелур делахь, хIара сихонца вухахьажаве, тхоьга ала дезарг дийце. Нах цига дIагIерта, ткъа тхуна хаац, царна хIун дан деза. ХIунда вогIу-м хаац, Калакахь волу паччахьан ваша Нохчийчу вогIу бохуш хабар ду. Иза тIеиэца кечлуш бу кхузара хьаькмаш. Цхьаболчара дикане догдоху, амма, суна хетарехь, и варо тодан хIума дац, галдаккхар бен.

Тхоьгара массаьргара маршалла ду Чорига, Iеле, даймахках бевллачу вайн декъазчу муьма вежаршка.

Вайн везчу дала къинхетам бойла царех а, вай массарех а.

ХIара кехат яздина Бенарчу Турин Солумгерин кIанта Солтмурда, 1285 шеран раджаб беттан 18 дийнахь».

— ХIаъ, чалх йина Тозас, — доккха садаьккхира Маккхала, дешна ваьлла кехат дIа а хьарчош. — Ас алара Солтмурде, и стаг юкъа ма ийзаве, цо цхьа хьашт доццург дина гIуллакх галдоккхур ду вайн. Эххар дIа-м хер вира цо иза, амма тIаьхьа дара-кх.

— Деналха, ахь дийцахьа тхуна, оцу гIуртах лаций, — дийхира Аьрзус хьеше.

Когаш чуьчча а боьхкина Iан Деналха дехха къамел дан ойла хилла, ши ког Аьрзуна тIехьахула дIа а хецна, паргIатвелира.

— Бехк ма биллалаш суна, кIадъелла лозу сан настарш, — бехкалвахара иза. — Тоза имам ваьллийла хиъначу Веданарчу полконака иза лаца, масех дошлочуьнца Хорачу хьажийра цкъа Момин Хьоту, тIаккха Ойшин Чомакх. Уьш цига кхочуш, хIетта дIакхаьчча со а вара бухахь. Цигахь ерг хIун чалх ю а хьажий, ха-

[1] Калаки — Нохчийх Тифлисан цIе.

бар дан Солтмурда вахийтина. Чомакха хаьттира цуьнга, ахь хIун леладо, хIара адам хIунда Iехадо ахь аьлла.

— Стохка со цомгаш Iуьллучу хенахь, далла тIе стигала хьалаваьхьира со, — жоп делира Тозас. — Цигахь Жабраил малик а, Мохьмад пайхамар а, устаз Киши-хьаьжи а тешаш болуш дала омра дира, со имам хIоттово ша аьлла.

— Цхьана а пайхамарна а, эвлаяана а ца вайна дела хьуна муха го, — човхийра иза Чомакхца веанчу цIоьнтаройн моллос Хадун Арсанкъас. — Хьерваьлла хьо? Саметтахь хилча ахь дуьйцур дацара и сонта хабарш. Соьга сайн белш тIехь и лам айалуш а, айхьа дагалаьцнарг кхочушдан хьан ницкъ кхочур бац. Цул и сонталла а йитий, хьаькамаша бохург деш Iе. ГIуллакх гена далале Ведана, полковнакана тIе гIуо. Цо гечдийр ду хьуна ахь лелийнарг...

Арсункъас аьллачо оьгIазвахийтинчу Тозас, терхи тIехь Iуьллу баьццара байракх, катоьхна схьа а эцна, цуьнан мера кIел Iоьттира:

— ХIара байракх дала яийтина суна! ХIара яийтинчо имам хила аьлла соьга. Делан а, пайхамаран а омра кхочушдан деза ас. Ткъа ахь соьга керста хьаькмашна хьалха вухавала боху!

Ткъа пурхахь а, коьрашкахь а лаьттачу наха маьхьарий деттара, Тоза шайн имам ву бохуш. ЦIа чуьра араяькккхина байракх кертахь дIатуьйхира. ШолгIачу дийнахь цига кхо бIе гергга стаг гулвелира, герзах воьттина. Оццул адам шен кертахь гича. Тоза, ара а ваьлла, говра хиира. Массарна а моьттура иза Ведана, полковнакана тIе ваха воллу. Адам духьалделира цунна. Карзахбевллачу наха тоьпаш еттара Чомакхца баьхкинчарна тIехула. Тозин вашас, Кебас, Тозега элира, ша и Ведана вохуьйтур вац, цигахь и верна кхерам бу. Нахалахь гIовгIанаш евлира. «Хьо мича воьду, цара вуьр ву хьо!» бохура, цхьаболчар вешан гIазот хIокху хьакхарчашна, Чомакхарна тIера дIадоло деза, кхечара бахара. Царех кхаравелла Чомакх шен нах эцна ведда дIавахара. Чомакх дIавахча, эскарш догIур дуйла хиъна Тоза юрт чIагIъян вуьйлира. Гонах ха хIоттийра, некъашка кIелонаш тийсира, шен мурд веш виъ стаг шена улло хIоттийра. ТIаккха, кIайн чоа а дуьйхина, коьртах чалба а хьарчийна, кера суьлхьанаш лаьцна, шайн цIенош тIе а ваьлла, нахе къамел дира цо.

— Юьртахой! — кхайкхира иза. — Шух тешна, аш бохург а дина, имам ваьлла со. ХIетте а, Ойшин зуд гучудаьлча, дикка юьртахой шайн доьзалшца бевдда къайлабевллийла хаьа суна. Цхьаберш шина даггахь буй а хаьа суна. Амма хаа ду шуна, нагахь аш суна гIо ца до-кх, сайна гIоьнчий суна Кхеташ-Коьртахь карор бу. Делан ницкъаца, церан гIоьнца сох имам хир ву, тIаккха ас хьукма дийр ду, тахана сайна тIаьхьа ца хIиттинчу нахана.

И къамел динчул тIаьхьа Харачора араваьлла Тоза Кхеташ-Коьртехьа дIаволавелира. Цунна тIаьхьа масех бIе стаг вара, хьал-

ха лаьцна баьццара байракх йолуш. Гена бовлале царах дIакхийтира Эластанжарий, Хойрарий охьабогIу ши бIо. Амма Кхеташ-Коьртехь хIокхарна кIелхиъна Iаш Чомакх вара, гонахарчу ярташкара таронаш йол-йолу нах тIе озийна шен бIо а стамбина. Тозина дуьхьал къеда КIужин Бача ваийтира Чомакха, кху лома ма гIерта, шайн-шайн цIа дIасадекъало аьлла. Тозас элира, массо бусулба стаг шен ваша лоьруш лелара, ша гIалат вийлла, иштта хилча, ша цIа вахаза ца волу. Амма цунна тIаьхьа болчу Кебагlар, Эбетагlар, Элагlар дуьхьало йира духадовла. Баккъал дерг аьлча, цара ца витина ваьллера иза имам. ТIаккха Чомакхан бIаьно тоьпаш туьйхира. Уггар хьалха молла Арсункъас кхоьссинчу тоьпо чов йира Хорачарчу МитIина. Тозин бIо хьалхара бедда, Чомакханиг тIаьхьабаьлла Гуьмса тIе кхочуш, шаьш лелориг эрна дуйла а хиъна, дIасабаьржира нах. Тоза лецира. Оцу тIехь чекхбелира цара бина гIурт.

— Адамаш-м ца дайира?

— ХIан-хIа. Тозин агIонах цхьа масеханна чов йира, ткъа Чомакхагlарах цхьанна а цIий ца делира. Лазийна ши говр ца лерича.

— Ва дела аьлла, вайн гIуллакх ваьшта дан дуьтуш бац-кх цхьа нах, — доккха садаькккхира Аьрзус. — Оццул мегар дац, зуламехьа дер ду боххушехь, стохка Шела уллохь цхьа масех стага и нах ир-кера а хIиттийна цкъа, хIинца Тозас шозлагIа дохийна-кх оццул хала вай вовшахдетта гIуллакх. Керла эскарш-м ца оьзна Нохчичу?

— Оьзна. ДегIастанарий, ГIебартарий масех бIо балийна.

— Башха арахьара ницкъаш тIейза ца оьшу цигахь-м, — элира Маккхала оьгIазе. — ХIинца вайнах шаьш бевлла вовшийн байа. Эцца цхьана эпсаро, цхьа сом гайтина, хIуьсс алахь, чухьалха кийчча нах дукха бу.

— Сом хIунда хьехадо ахь? Иза шайга хаза вистхилча а тоуьйту. Вай Iовдалш ца ледеш стаг вац. Деналха, кхин барта ала аьлла тIедиллина хIума-м дац? — хьешехьа вирзира Аьрзу.

— Дац.

— ЦIа маца воьрзу хьо?

— Ахь гIуо аьллачу дийнахь. Кхузера хабар эций, сихха цIаверза аьлла соьга.

Наб хьегIа Маккхал бага гIетто вуьйлира. Шен гIовталан некха тIерачу жимчу кисанара дато сахьт схьа а даьккхина, негIар хьала а тоьхна, тIехьаьжира Аьрзу. Цхьамза шийттанна тIехъикхинера. Баьгна кхачийна болуш боллура Маккхалан хьакхаран чиркх а.

— Эрзерумерчу вайнахера хьал хьуна гина, — элира цо тхьуздоьлла ког дIа а хоьцуш. — Кхузахь дерг а кхана гур ду хьуна. Цагинарш а, хазазниш а тIедуьйцур ду. Наха юханехьа вайн мах-

ка берза сацам бина. Иза муха хир хаац. Кхана-лама сой, Маккхаллий оцу хьокъехь оьрсийн векал волчу Эрзеруме воьду. Тхойша цигара цIа вирзича, цхьана дашца хьо цIа хьажор ву вай. Ткъа хIинца садолур вай. Iела, Деналханан говре а хьожуш, хьо арахь вижахьа.

Чиркх байина охьабийшиначу хIокхарна набарш кхетале, тоьлин неI дIакъевлира жимчу гIаларто.

— Болат? — цецвелира Аьрзу.

— Со ву, — гIийлла жоп делира гIаларто.

— Ахь хIун до хIокху хан йоцчу хена? Хедий, Човкий хIун деш ю?

— И шиъ дика Iаш ю.

— Ткъа хилларг хIун ду?

— Соип вийна...

— Хьан доттаггIий? Хьан вийна?

Аьрзуй, Маккхал вагийча санна, цIеххьана кIегархиира. Болата дийцира шена гинарг дерриге а.

— Нана а елла Iуьллу цуьнан, — тIетуьйхира Болата. — Схьахетарехь, мацалло бIарзйинчу цунна кхалла хIума лаха араваьлла, цхьаннан керта гIоьртина хилла хир ву. Шен дуьхьа нехан хIумайна тIекхевдир волуш вацара иза...

— Хьуна хезин, Деналха, оцу кIанта дуьйцург? — бодашкахула дIа хьеше вистхилира Аьрзу. — Иштта ду-кх кхузара хьал. Хьуна хIун лаара, Болат?

— Хаац... Хьалххе цIакхаьччехь-м, накъостий эцна вахана цIа вахьу варий иза. Новкъахь тилавелла лелла, хIинцца кхечи со...

— Тховса гIуллакх хир дац-кх, Болат, иза цIа вахьар ву бохучух. Даланза сахуьланга довлахь, иза цIа а веана, нана а, иза а дIадуллур ду-кх вай. ХIинца, чу гIой, паргIатвала хьо.

IX корта ИМПЕРАТОРАН КОМИССАР

ХIун ду тхуна дан ца хууш? —
Седарчий дагардо, борц а боь,
Французашна а луьй.
Бухку я кехатех ловзабо
Крепостной ахархой —
Кераста адамаш... амма Iаьржанаш
Тхо плантатораш ма дац
Лачкъийнарг эца,
Тхо — законехь лела...

Т. Г. Шевченко. Кавказ.

1

Нохчий Турце кхалхоран хьокъехь шина правительствона юккъехь барт хиллачул тIаьхьа, туркоша барт нийса кхочушбарна тIехь тергам латтор тIе а диллина. Кавказан Iедало кхуза ваийтина генеральни штабан капитан Александр Семенович Зелени Эрзерумехь волу пхоьалгIа бутт бара.

Кавказехь ша йоккху хан, маршонах хаьддачу тутмакхо санна, хала йоккхура цо. Синкъераме а дера дара цигахь. Къилбседехьа бехачу наха даима шега сатуьйсу кавказски экзотика, бес-бесар къаьмнаш, меттанаш, гIиллакхаш. Ваха а хала дацара кхузахь. Россехь цIе а, сий а доцуш, адамана мичхьа ву а ца хууш, къикъоьлла муьлхха а дворянчик кхузахь воккха хьаьким хуьлий дIахIуттура. Административни я эскаран иерархин ламин уггар лахарчу тIегIан тIе кор биллабелчахьана, лакхенга хьала-м дера воьдура, оцу лакхенгара чу хьаьжча бIагор хьовззалц. И карьера ян башха хьекъал а, корматалла а, Iилма а ца оьшура. Коьртаниг — хьо къиза я мекара, эхь данне а доцуш хилар дара. Цул сов, хаддаза мотт хьекха безара хьайл лакхарчунна.

Цу корматаллех цхьа а тайпа шеца йоцу Александр Семенович дуьххьал дIа дика штабс-капитан хилла, кхин лакха ца волуш сецира.

ХIаъ, иза дика эпсар вара. Цунна резавара воккха эла Михаил а, берриг кавказски хьаькимаш а. Шена тIедиллина муьлхха а гIуллакх цо — иза шен даго къобал деш делахь а, дацахь а, — нийса кхочушдеш хиларна. ХIун дийр ду ткъа, Александр Семенович гIорасиз стаг ву. Цуьнан гергара нах пачхьалкхан лаккхарчу гIуллакхашкахь белахь а, нехан когаш кIел хила дийзи-кх цуьнан. Шен дагца иза якобинец ву, ткъа куьйгашца кхин до. Къиза хьоьшу халкъийн маршо, даймахках боху, бевличи а ца буьгу, таллархочо экханна тIаьхьа хецца жIаьла санна, лакхарчара царна тIаьхьа схьахецца иза...

«ХIун дийр ду ткъа, — ойла йора цо. — Цуьнан императорски локхаллин сий айара дуьхьа, Российски импери шоръяра дуьхьа олалла дечу гIеранан харданг дешица юзара дуьхьа (кху шарахь инарла-адъютантана эла Святополк-Мирскина совгIатана делла Кутаисски губернехь уггар дикачуьра. Аджаметски хьуьнан дачехь 2367 десятин латта!) массо маьIIехь — Европехь, Кавказехь, Юккъерчу Азехь халкъийн цIий Iенош, церан куьйгех гIоьмаш етташ шайнаш а текхош, лела-кх дерриг лан Iемина оьрсийн салтий, ткъа царна хьалха, со санна эпсарш... Дийцина хIун до цунах, сийдоцуш ду тхан Iедал. ХIара аьрта кхел, кхочушъечу машинан коьртачех цхьа пурже ду со а...»

Ойланаша дIалаьцна Александр Семенович, ша яздан долийна кехат юкъахдитина, карара къолам стол тIе а кхоьссина, гIаьттина коре вахара. Амма ара бIаьрг тохаро хIумма а са ца дийкъира цуьнан. Мелхо а, гуьйренан кху хьалхарчу баттахь йиллина гIалина тIекхозаелла лаьттачу тIуьнчу дахкаро дог кхин тIе а гIайгIане хьарчийра.

Диллина садуура цуьнан нохчийн эмигранташа а. Эмигранташ аьлча-м кIеда хетара цунна, нисса аьлча, Iехийна махках баьхначу оцу декъазчу наха. Александр Семеновичан ницкъ бацара уьш ца кхалхийта а, я кхалхар сацо а, я кхелханчеран гIо дан а. Дуьххьал-дIа царех дог лазар — и дара-кх цуьнан ницкъ кхочург.

«Кху шарахь кхелхарш-м схьакхаьчча бевллера, хIинца кхузахь дIатарбелла бовлахьара уьш», — ойла йора цо.

Амма нохчий дIатарбаларан гIуллакхан а чаккхе яц гуш. Иза девне долуш доллий-те моьтту цунна.

Кхелхачу нохчийн дуьххьарлера партеш схьакхаьчначу хьалхарчу деношкахь дуьйна туркойн Iедалца йолу юкъаметтиг галъелира цуьнан. Трапезундехь а, Эрзерумехь а болчу оьрсийн консулийн агенташкахула цунна хиира, схьакхаьчча нохчий шина правительствона юккъехь хилла барт а бохош, Ванан пашалыкерчу меттигашка дIатарбан туркойн Iедалан ойла хилар. Оцу хаамаша цецваькхинчу Александр Семеновича, нохчий дIанисбаран гIуллакх имперски комиссар волчу инарле Нусрет-Пашега сихонца дIахьедира, кхеташ делахь а, я ца кхеташ делахь а, цо шина правительствон барт талхош хилар, тIаьхьалонах жоп далар цунна тIедужург хилар. Амма Нусрет-Паша цуьрриг шек ца велира.

— Господин комиссар, со Iовдал ву моьтту хьуна, сайггара гIуллакх дан? Сан правительствос соьга еллачу инструкци тIехь нохчашна билгалйина ю Ван, Битлис, Муш, Гинджа, Карпут, Эрзинган, — элира цо шек воцуш.

— Амма, хьан локхалла, соьгахь ма ю сан правительствон инструкци, — туркойн инарлас маIрра ден къамел дагах кхетта оьгIазвахара иза, — Российски империн векало инарла Игнатьевс кху шеран 21 майхь № 314 йолуш кавказски эскарийн коьртачу штабе яздинчу кехата тIехь аьлла ду, шун правительствоца шен хиллачу

бартаца цхьа а нохчо Диарбекирний, Эрзинджаний малхбалехьа виса йиш яц аьлла. Цундела ас сацамболлуш дуьхьало йо ахь лочунна!

— Господин комиссар, суна чIогIа новкъа ду айса бан безачу некъо хьуна вас еш хилар. Амма дан гIо дац-кх! — ши куьг дIаса а тесна, белш саттийра Нусрет-Пашас. — Сайн правительствос сайга еллачу инструкцица гIуллакх дан деза сан а. Оцу меттигашкарчу Iедална ас тIедиллина цхьаъ ах эзар доьзална латта къастор. Ванан пашалыкехь хIусмаш а кечйина оха царна. Важа биснарш Карпуте, Эрзингане хьовсор бу. Хьуна ма хаьа, господин комиссар, ламанхой Диарбекире хьовсо йиш йоцийла. Амма, вайшиннан дика юкъаметтиг ца йохо, хьан протестан хьокъехь ас Стамбуле телеграмма лур ю.

— Цул сов, хьан локхалле дIахоуьйту, — тIевирзира инарла новалар хиъна Зеленый, — схьаяьхкинчу партех цхьа а Эрзерумал тIехъяьлла цахилар. ТIейогIу йола партеш Муше, Ване ца хьийсош, Карпуте яхийта. Цига дIатарбелла нохчий меттахбахий, баха беззачу дIабахийта аьлча, хьалххе хIунда ца элира аш, шуьга ца алийта ду хьуна иза.

— Дика ду, господин комиссар, дика ду. Стамбулера керла инструкци кхаччалц, ас цхьа а парти хьажор яц Муше а, Ване а.

Шаьшшиннан и къамел хиллачу шолгIачу дийнахь Нусрет-Пашин кера йозанца протест делира Зеленис. Амма цунна дуьхьал инарлера деанчу кехата цецваькхира иза. Цаьршиннан къамелехь инарлас бохура Ваней, Мушей шаьш цхьа кIеззиг нохчий бен ца ховшабо, ткъа кехата тIехь кхин: цигара мохк бен нохчийн даймехкан Iаламций, хьелашций богIуш цахиларна, берриг нохчий цига ховшабо шаьш. Нохчий Карпуте бахийтар а, Портера керла инструкци а хьеха ца йора. Дуьххьал схьа бохура, Диарбекире бахийтича нохчий цIена хIаллакьхир бу.

Кхузахь Зеленина гучуделира инарла Кундуховн хIилла. Цуьнан план яра цхьана гулахь, Назчера дIа Мушехула, Битлисехула, Ван Iоман къилбехьарчу йистонца Ван-шахьарна тIехIотталц йолчу метте нохчий охьаховшо. Зеленис протест йина дукха хан яллале Эрзеруме веанчу Кундуховс дехха къамел дира цуьнца оцу протестан хьокъехь.

— Россехь къинхетам бина схьакхалха ша бакъо елла нохчий кхузахь оцу къинхетамах хадор бац хир бу оьрсийн правительствас, — бохура цо Зеленига. — Гуш лаьтташехь Iожалли тIе хIунда бохуьйту цо уьш? Диарбекире ховшабахь, уьш ах шо далале белла дIабевр бу. Йокъане, екха цигара мохк, зуламе Iалам. ХIанхIа, господин капитан, со ваьхьар вац нохчий цига хьовсо. Суна луур дац масех эзар адаман къа сайна тIелаца. Ас уьш Ванан пашалыкехула, Муша уллохула дIа Назче буьгур бу. Нагахь нохчий Мушехь, Битлисехь бита, шун Iедал реза ца хилахь, кхузахь долу хьал дуьйцуш Нохчийчу кехат яздан дезар ду сан, новкъа девл-

ларш юха а дерза, кхин схьа а ма довла, кхузахь а шуна оьрсаша кечйинарг Iожалла ю аьлла. Уьш Iехо йиш яц сан.

Кундуховн схьахьедаро вохийра иза. Оцу хьокъехь цхьа а тайпа инструкци яцара цунна елла.

— Хьан локхалла, хьуна ма-хаъара, кхелхачарна билгалйинчу меттигашна юккъера Ванан пашалык дIаяккхар Кавказски Iедало дина ма ду, — иза кхето гIоьртира Зелени. — Оцу хьокъехь Турцехь волчу Россин полномочин векална инарла Игнатьевна а, Турцин арахьарчу гIуллакхийн министрана Iела-Пашина а юккъехь хилла бохо йиш йоцуш барт ма бу. Цундела сан бакъо яц иза дан. Оцу хьокъехь соьга керла инструкци кхаччалц, нохчий Карпуте дIахьовсош Нусрет-Пашина гIо дар доьху ас хьоьга.

Амма Кундуховс иза аьттехьа а ца дитира.

— Бехк ма биллалахь суна, капитан, иза дойла яц хьуна сан, — корта хьовзийра цо. — Меттигерчу бахархошкахула нохчашна хIинцале а хиъна Диарбекирера мохк екха, йийнарг ца кхуьуш хилара сов, хIаваъ вон долуш хилар а, цига гIахь шаьш хIаллакьхирг хилар а. Цундела сан бакъо яц я аьтто а бац, нах Карпуте хьийсорна тIехь гIо дан. Со тешна ву Ванна, Мушана гонах нохчий дIатарбарна Кавказски Iедал дуьхьал хирг цахиларх. Нохчий цигахь совцорна иза дуьхьал хилахь, кхалхоран гIуллакх юкъахдер ду, ткъа иза шун правительствона лаъане а цалуург ду. Цундела ахь кхузахь хIоьттина хьал дуьйцуш Тифлисе хаам бе, цигара хьуна жоп кхаччалц ас нохчий оцу меттигашкахь сецор бу.

— Хьан локхалла, хьуна луу жоп Тифлисера кхачарга догдохуьйла а яц, — дуьхьало ян гIоьртира Зелений. — Нусрет-Пашица сайн хиллачу къамелан хьокъехь ас цига хаам бина. Цигара сайна керла инструкци кхачале а хаьа суна, нохчашна къастийнчу меттигашна юкъара Ванан пашалык а, Муш а, Битлис а дIайолийла. Цул, и нах царна билгалбинчу махка тIе дIабихийтахьа. Хаа ду хьуна, схьакхаьч-кхаьчна партеш вай дIа ца таръяхь, и пхий эзар доьзал цхьанхьа гуллахь, уьш дIатарбан хала хилла ца Iеш, ницкъ а кхочур бац вайн. Ткъа царна даа рицкъа а, чу баха хIусмаш а оьшу. Хьан бийр бу церан гIайгIа? Нагахь царна юкъа ун даржахь я мацалла уьш бала болахь, хьаьнга хIун далур ду?

Кундуховс жоп сиха ца делира.

— Нагахь Мушаний, Битлисаний гонах нохчашна тоъал латта хилахь, уьш Ване ца хьовсо гIоьртар ву со, — элира цо дикка ойла а йина. — Ткъа Карпутах дерг аьлча, цига цхьа кIеззиг нах бен бохуьйтийла дац.

Оцу тIехь чекхделира цуьнан Кундуховца къамел. Цунах хиира Зеленина, нохчий Диарбекирехьа цабохуьйтург инарла Кундухов вуйла. Мухха делахь а, цхьана Iалашонца, уьш цхьана гулахь а, Россин дозанашна гергахьа а сецо гIертара иза. ХIетахь дуьйна ши бутт баьлла. Амма нохчий дIатарбаран гIуллакх ша долччохь лаьтта. Александр Семенович кхийринарг хилира цунах. Россера

схьаяьхкинчу кхелхачийн ткъе бархI партех бархI Эрзерумехь, ткъа Мушана уллохь, Мурат-чайн тогIехь севцира. Шайн политически Iалашонаш кхочушъяр лоьхучу туркойн Iедало уьш цигара дIа малхбалехьа ца кхалхо гIерташ дукха мекарлонаш лелийра. Юьхьанца Iедало сецийра уьш Диарбекирал, Эрзинджанал дехьа кхалхор, ткъа хIинца нохчий шаьш дуьхьалбевлла цига кхалхарна.

Александр Семенович дика кхетара туркойн политикех. Царна лаьара и кавказски лаьмнийн уггар ира герз шайн буйна а лаьцна, Россиний, шайн империн чоьхьарчу къаьмнашний дуьхьал дерзо гIертийла. Чергазий оцу некъахь хIинцале а гоьбевлла. Иштта нохчех чаьлтачийн отрядаш вовшахтоха гIерта инарла Кундухов, Сайдуллий, Шамхалбек. ХIинца цкъа-м кхиам бац церан, амма хьанна хаьа, мацалло бIарздича адамо хIун ца дер?

2

Империна чоьхьара хьал гIоьртина хиларо нохчашца дерг ма хуьллу машаре дерзорна тIетуьттура туркой. Церан Iазапна дуьхьал къаьмнийн маршонехьа болам хаддаза дIабара Балкански ахгIайри тIехь. Цигахь боккха тIеман ницкъ латто дезара правительствон. Цул сов, дIадаханчу шарахь дуьйна карзахдевллера керста къаьмнаш хьовх, царел цуьрриг пергIатехь доцу бусалба къаьмнаш а. ГIевттина Багдаданий, Алеппоний юккъера къаьмнаш. ДIадахана шо чекхдолуш царна дуьхьал хьовсийнчу туркойн эскаршна баккхий эшамаш хиллера. Албанехь Махметан куьйгалли кIел гIевттинчу арнаутийн тоба тIаьхь-тIаьхьа стамлуш яра. Туркойн Iедалан интригашца чергазошний, болгарашний юккъехь хаддаза дов лаьттара.

Нохчий дIатарбар шен планца чекхдаккха ойла йолу туркойн Iедал юьхьанца дукха гIиртира уьш малхбузехьа дIа ца бига. Шаьш бохург шайна хир доцийла хиъча, эххар а меттахъхьайра. Амма тIаьхьа дара. Султанан воккхачу везирера сацам боллуш омра кхаьчначу нохчий дIатарбаран гIуллакхан комиссара Нусрет-Пашас шегахьара хьокъалла долу омра дира Эрзеруман велига ИсмаьIал-Пашега. Амма ИсмаьIал-Паша цуьнан омра кхочушда гIиртира, цунах цкъа а гIуллакх ма хилахьара бохуш. ГIуллакх хецна дитарна бехкевина ИсмаьIал-Паша шен балхах мукъаваькхира, ткъа иза ваьшта дало ницкъ боцчу Нусрет-Пашин а дийзира шена тIерачу декхарх ша мукъавитар деха.

ИсмаьIал-Пашин метта Эрзеруман вели хIоттийнчу Эмин Мухлис-Пашина тIедиллира нохчий дIатарбаран гIуллакх. Керлачу комиссара доггах а, шех тIех тешна а долийра шен декхар кхочушдаран гIуллакх. Ванан пашалыкерчу Мушана уллора нохчий бертахь я бертаза малхбузехьа, Диарбекирний, Эрзинджанний дехьа дIалахка сацам болуш, шеца кхо эзар дошло а волуш, ши кIира хьалха цига вахана иза шена ца моьттучу суртана тIеIоттавелира.

Цунна моьттура, цигахь шена хьалха мацаллой, цамгарший хьекхна буха дисна, ша аьлларг хIуъу дан кийча, гIорсиз масех эзар адам хIуттур ду. Иза стенна вогIу хуучу нохчийн тхьамданаша, массо агIор а туркойн эскарел тоьлаш дошлойн пхиъ полк хIоттийра цунна хьалха. Курачу пашин вухавала дийзира. Амма оцу дийнахьехь цо Константинополе телеграмма яхьийтира, нохчийн бертахь кхузара дIабовла ойла яц, уьш духьало ян кечбелла, герз юкъадаккха бакъо а, кхин тIе герзан ницкъ а ло шена аьлла.

Александр Семеновична хаьара воккхачу везира Эмин Мухлис-Пашина и бакъо елла хилар — цхьа гуттар гIаддайна кIелбисина кIеззиг доьзалш Iа дIадаллалц Ванехь, Мушехь, Эрзинганехь, Байбуртехь, Эрзерумехь, Чилдирехь а битий, дукхахберш Диарбекирна дехьа дIалахка аьлла.

«Нагахь ма-дийццара гIуллакх чекхдаьлча-м дика дара, — ойла йора цо. — Хьанна хаьа, Iа даккха буьту аьлла, кIеззиг ца буьтуш, дуккха а нохчий цара оцу меттигашкахь битахь? БIаьста яьлча, царна цигара дIабовла лаац аьлла, битахь? ХIокхеран дош, гIуллакх цхьана ма ца догIу...»

Мацах цкъа шен Нусрет-Пашиций, Кундуховций хиллачу къамелах лаьцна шиъ кехат дахьийтинера цо Тифлисе: Нусрет-Пашас шега яздина кехат, ша цунна яздина жоп буха а дуьллуш. Александр Семеновичана хеззера, хIуманах ларлуш волчу инарла Карцовс шеггара жоп а ца луш, и кехаташ Лорис-Меликовх дагавала, Владикавказе дахьийтина бохуш. ХIетахь дуьйна бутт сов хан яьлла, ткъа оццул оьшу жоп хIинца а кхачаза ду! «Декъаза нохчий яI, ма боккха болх бу-кх шуьга хIоттийна Iазап! — корта хьийзабора цо. — Iехийна махках-м дехира шу, кхузахь а синтем ца буьту-кх шуна. Кху агIорхьа шу дита суна бокъо лац, шаьш хьийсочу дIадаха ницкъ шуьгахь бац. Ой, дIакхаьчча хIун дан деза? Уьш-х бутт бIлале белла кхачалур бу цигахь. Хьаннаш, хиш, хьена латта, цIена хIаваъ долчу, токхечу, исбаьхьчу махкара схьадаьхкина шу, йийнарг ца кхуьучу, хи доццу, декъачу, дерзанчу лаьтта тIе охьаховшийча, мозий санна, хIаллакьхир ма ду. Ткъа Кундуховс дийцарехь, тIедогIучу шарахь кхин тIе кхалхо ойла а ю. Кху жоьжахата богIучул шайн махкахь летта а, мацалла а белла дIабовлар гIоли ма ю царна...»

Нохчий Диарбекиран виллаете хьийсорна тIегIертар кхин хилча ца маггал йоккха къизалла яра оьрсийн правительствон агIонгахьара. Оцу политикана ша реза цахилар къедадора Александра Семеновича ша Тифлисе мел дохьуьйтучу кехата тIехь. Амма ша бохучу адамаллина тIе кавказски Iедал доьрзур ду бохург аьттехьа а ца хетара цунна.

«Адамалла хIун ю хаьа Россехь, — догдоьхна хьаьвзира иза. — Лайндолахойн, лайн мохк. Маршо дагаенарг я тангIалкхаш тIе хьалаозаво, я Сибиран жоьжахата хьажаво, я ша-шен вуьйчу хьол тIе воккху. БIе шарахь цIий Iений пекъарийн, хIокху нохчийн.

Петрана тIера хьала Александр II тIе кхаччалц йолчу ехачу заманахь. Дийна биснарш махках боху. Шайн дайх цIанйина малхбузе Кавказ а. Шен цIела карчий Польша а. ХIинца тхан цхьамзайин цивилизаци юккъерчу Азин гIамаршка шерша...»

Оцу сингаттамечу ойланех иза юкъахваьккхира эткаш цIийзош ноьхьаваьллачу, даима цIена вухавелла, даима шена тIе кахьоькхуш, маре яха кечлучу йоIстагал хала лелачу цуьнан гIоьнчас поручика Шелковниковс.

— Тифлисера почта ю, Александр Семенович, — элира цо шен хьастамечу озаца. — Коьртачу штабера пакет.

Зеленина, бIаьрг ма-кхийтти девзира и казенни конверт. Еа маьIIе а, юккъе а хьаьхьамчан мухIарш диттина долу иза, цигара ца хилла мичара хир дара.

— Вайшинга кехат дац-кх? — хаьттира цо поручике.

— Дац. Кху варварийн махкахь массар вицвина вайша. НеIалт хуьлда со кхуза хьажо дагадеанчунна. Тифлисан мехкаршлахь ялсамана дахана хьоза санна воллуш ма вара со. Эшахь вайниг, эшахь гуьрженig, эшахь эрмалойниг. Моз лехьо накхармоза санна, цхьанхьара вукхузхьа а вуьйлуш, массарех дургал оьцуш лелара. ХIинца Iан веза-кх, гIан санна и хан дага а лоьцуш.

— Кхузахь а вац хьо хIумма а дагахьбаллам буьтуш, — юкъаваьккхира иза Зеленис. — Консулан йоIана гонах хьийза хьо, чиркхана полла санна. Хьожуш хилалахь, тIемаш даьгна вуьсурий хьо!

— Хаац, хаац, — там хилира Шелковниковна. — ХIинццалц схьа-м чиркх хилла лаьттина со, и полларчий сайна гонах а хьийзаш. Сох хьакхаделла тIемаш даьгнарш бу, сан нуьро Iадийна, тIегIерта ца баьхьнарш бу. Хаьий хьуна, Александр Семенич, селхана цхьана турчанкица гергарло тасаделла сан. Пашин йоIаца. Цуьнан ши бIаьрг хьайна гинехь! Iаьржа агат санна. Ткъа цIоцкъамаш! ХIан-хIа йийцарх хуур дац. Цкъа ас гойтур ю хьуна иза.

— Пурба лохьа, господин поручик, ткъа мадемуазель... Жабох хIун до ахь?

— Иза-м дIадахнарг дара! — куьг ластийра поручика. — ЧIогIа шийла стаг ю иза. Тахана ас дан дезаш сиха гIуллакх-м дац вайн?

— Дац. ХIунда хоьтту ахь?

— ГIалел ара сакъера ваха дийцинера ас цхьана йоIаца...

— ДIагIо хьо. Дала аьтто бойла хьан!

ЦIа чохь IатIаран хьожа а йитина, дIавахара поручик. «Тамашийна стаг ву. Дозалла дезаш. Амма ша ледара эпсар а вац. ХIун боху-те Тифлисо? Сан боьхначу аьттонна жоп дац-те».

Схьаэцна пакет, тукарца хадош, схьа а диллина, чуьра кехаташ схьадехира Зеленис.

«Эрзерум. Оьрсийн консульстве. Генеральни штабан капитане А. С. Зеленига.

Господин капитан!

24 июлехь Нусрет-Пашига ахь яздинчу кехатан а, 25 июлехь цо хьуна даийтинчу жоьпан а копеш а, 25-чуй, 26-чуй июлехь яздина №№ 8, 10 йолуш Коьртачу Штабе ахь дахкийтинчу рапортийн копеш а, Цуьнан Императорски Локхаллин лаамца Теркан областан начальнике инарла-лейтенанте Лорис-Меликовга яхьийтира, ахь яздечу гІуллакхах я вуьшта аьлча, — кхелхина нохчий Битлисана тІера Малхбузехьа, Шамски ломан къилбе агІонца дІатарбан йолчу туркойн Іалашонах лаьцна цунна хІун хета хьовса.

Нохчий Турцехь дІатарбаран гІуллакха тІехь инарла-лейтенантан Лорис-Меликови гайтамашца куьйгалла дар тІедуьллу хьуна.

Полковник Богуславский».

ШолгІаниг Лорис-Меликовс цунна дуьхьал Карцовна жоп луш яздина кехат дара:

«Хьомсара государь Александр Петрович!

...Кху карахь йолчу хенахь цхьа а тайпа шеко яц, кху шаренна чекхдолуш лаьтта нохчий кхалхоран гІуллакх вайн дог реза долуш доьрзуш хиларан а, вай хьегна инзаре къа а, цунна йина яккхий харжаш а, кхалхоран гІуллакхан жамІаша меттахІиттош хиларан, хІунда аьлча, оцу кхалхаро тІе Іаткъам бина нохчийн халкъ хІинцале а кийча ду муьлхха а вайн лехамаш цхьа а тайпа дуьхьало йоцуш кхочушбан... Кхалхийнчех дисинчу, вайн дола девллачу, бухабисинчу бахархошний, гІалгІазкхашний чІогІа оьшуш хиллачу лаьтто бина аьтто хилла ца Іа ас буьйцург. ХІара ас дуьйцу жамІаш хила йиш яцара, хьалхара дош ваьш аларца дерриге а гІуллакхийн мукъ вай вешан кара ца лаьцнехь. Ала деза, кхелханчарна Турцехь мохк бала юьхьанца вайн бартхиллачу меттигашкахь шаьш дІанисбаре наха сатийсаро а кхалхаран гІуллакхана боккха аьтто бина хилар. Гена некъо а, цигахь царна бала тІаьххьара билгалбинчу махках бакъ хаамаш схьакхачаро а, шина ойлане хІиттийра кхалха кечбеллачех дукхахберш. Цунах пайда а эцна, тхаьшна луъу нах я вуьшта аьлча, мелла а карзахе вайн правительствос дІадолочу гІуллакхашна зуламе нах, махках баха дуьйлира тхо. Цунах доллу, кхалхор оцу хьелашкахь хІинццалц схьа машаре дІадахаран бахьана. Амма шеко яц, кхелхинарш цигахь дІатарбан билгалйина меттигаш хийцанийла кхузахь хаалахь, кхалхаран гІуллакх бухьенца кхечу агІор хийцалург хиларан. Турцехь шайна къастош болу мохк Муса Кундуховс боьхург бу а моьттуш, оцу мехкан латта шайчух тера токхе дуйла а, и меттигаш вайн кордонашна гергахь юйла а, цига гена некъ бан ца безийла а хиъна нах

берриге а цига дІагІортаро кавказски хьаькималла кху тІаьхьарчу хенахь кхелхачарна доза тохарна тІететтира...»

— Юьйцу, ца хезна шалхо! — карзахвелира Зелени, — Цул-м уьш дарехь нуьцкъала махках бахар гІоли ма яра. Шайна луъург дойца оцу мискачу къомана тІехь!

«...Айса хьалха динчу дерриге а дІахьедаршна тІе а доьгІна, кхелхинарш вайн дозанашна генахь дІатарбан безар ондда бух болуш гІуллакх хиларх а, нагахь и ца дахь, Теркан областехь долийнчу кхалхаро, кхузахь вайн ког чІагІбаран гІуллакх чолхе доккхург хиларх а хьан локхалла тешо ваьхьар ву со. Цундела со тешна ву, туркойн правительствос хьалхахІиттийна бартан хьелаш дерриге а, нийса ша кхочушдинчул тІаьхьа кавказски коьртачу хьаькималло хІун дан деза аьлча, Константинополехь волчу вайн векална декхар дина тІедилла деза, шегахьа йолчу агІор Портас и барт нийса кхочушбар хаддаза лехар, нагахь туркойн правительствос кхелхарш Кундуховна луъучу дІатарбахь, тІаьхьалонах жоьпалла дерриге а цунна тІехь дуьсуш хиларх. Ткъа нохчий Битлисана малхбузехьа баха ховшорах лаьцна суна хІун хета шуна хаа лаахь, и меттигаш сайна дІора дика ца йовзахь а, сайн ала декхар хета суна, цкъа-делахь, Нусрет-Пашин схьахьедар барта дина ду, цундела кхузахь цхьа а декхарийла хуьлуш вац. ШолгІа-делахь, туркойн администрацин мекара амалш сайна дика йовзарна, № 73 йолуш 21 февралехь айса яздинчу кехатца ас элира хьоьга, кхелхарш дІатарбан цара гойтуш йолу Битлис дуьххьал дІа номинальни пункт ю, нагахь вай цунна резахилла совцахь, цара кхелхарш, къаьсттина вай тІаьхьа тІекхалхоберш, оцу пунктана малхбузехьа дІахьийсора меттана, къилбседехьа, вайн дозанашка дІатарбан а хІуьттур бу. Цундела Кавказски хьаькималло цуьнга дехна нохчий кхалхор пачхьалкхан маьІнен доккха гІуллакх хиларе терра, суна хетарехь, инарла-адъютанта Игнатьевс пачхьалкхан пайден дуьхьа а, шен меттиг Іалашъян а хуьлуьйтур дац я хилийта декхар дац Кундуховс лоьхуш долу, кхелханарш дІатарбан билгалйина меттигаш хийцар...»

«Хаац, Лорис-Меликов, хьо цхьогал делахь а, цхьогалан цІога-м Карцов а ду хьуна, — кІоршаме велавелира Александр Семенович. — Сан хаттаршна жоп далар Лорис-Меликовна тІе а дилливна, ша юьстахваьллица. Амма, мацца а цкъа лучу далахь, кху адамашка хІоттийчу Іазапах жоп-м шиммо а лур ду ашшиммо. Цул дика хир дара, хІинццехь шуьшиъ тангІалкхаш тІе хьалаоьзча. ХІара дуьххьара долийнчу оцу аьртачу инарлица Евдокимовца цхьаьна...»

Шен дагахь барт беттарца жимма дог хьанна, кехаташ цхьана папки юкъа дІатийгира цо.

«Доцца аьлча, дикка къахьега деза сан хІара гІуллакх дерзо гІерташ. Эмин-Паша шен дошлошца Муше а дера вахана, герз юкъадаккха везире цо пурба а дера дехна, цуьнан дІаволавалар

догах долчух тера а дера ду. Амма, атта тешийла яц-кх кху басурманех. Цхьаъ дуьйцу, я дан гIерта, дIа лаоьгIча кхин дой карадойту...»

3

Даима санна, неI ца тухуш чувелира цуьнан денщик, салти Ефрем Чеботарев. Капитанах бIаьрг ма-кхийтти хиира салтичунна иза цхьана хIуман тIехь вас хилла воллийла. Цундела цуьнан тидам шена тIеберззалц вистхилла новкъарло ян кхоьруш, неIарехь вулавелла сецира иза.

— Ахь хIун до, Ефрем Анисимич, Iад санна вулавелла лаьтташ, — эххар схьавирзира капитан. ХIун дара а хаац, оццул майра салти, и капитан шега вистхилча, йоI санна, цIийлой, багах дош ца долуш, вуьсура цхьа хан яллалц.

— Хьан оьздалла...

— Ас мосазза аьлла хьоьга, Ефрем Анисимич, и официальность сайца ма лелае, — воьхна хьийзачу салтичух бехк баьккхира Зеленис. — Вуьшта а кхузахь са логе кхаьчна со хьийза, ткъа хьо хьайн «хьан оьздаллица» юкъа гIерта. ХIан, хIун ду хилларг?

— Александр Семенович, виъ нохчо...

— Юха а нохчий! — ши куьг дIаса а тосуш, белш хьалатуьйхира капитана. — Анисимич, маца гур ю-те суна хьан догдикаллин чаккхе? Хаьий хьуна кху беттаниг хьовх, тIебогIучу шина-кхаа беттан алапа а, вуьшта сан IаьIнарг а вайша, диъна ваьлла, аьлча а, ахь оцу мискачу нохчашна дIадекънийла? Ткъа вайша, дахка сана, казенни ахчанах леташ ву. Цхьа масех денна олий кхачанан сурсаташ оьцу ахь, ткъа шолгIачу дийнахь оццунна юха а ахча доьху. Мича дахана? Нохчийн берашна, гIаддайнчарна дIадекъна. ХIара суна тIехь ерш йоцурш, ерриш сан бедарш а, мачаш а дIаекъна ахь.

— Бехке ву со, Александр Семенич...

— Бехке ву, бехке ву! — куьг ластийна, меллаша ког боккхуш чухула дIасаволавелира Зелени. — Хьоьга бехказавийла ца боху ас, Анисимич. Хаьа суна, къинхетаме а, догдика а хиларал совнадан ма цатору.

Капитан цхьана юкъана луьйчуьра сецча ,вистхилира салти:

— Александр Семенич, ас хIун дан деза. И нохчий, шаьш басурманаш, вайн мостагIий белахь а, майра а, тешаме а, оьзда а нах ма бу. ДоттагIа доттагI ву церан ,мостагIа мостагI ву. Цул сов аьлча, бакъдерг цаьргахьа ма ду. Стенна гIертара вай церан махка? Вешан, оьрсийн, латта кIезиг дара вайна? Уьш вайн линешна тIелетара олу вай. Ткъа хьенан лаьтта тIехь яра и линеш? Нохчийн лаьтта тIехь яра-кх. Уьш шайн даймохк, маршо ларъян гIертара, ткъа вай цаьргара уьш шиъ дIа а яьккхина, церан коча Iазапан дукъ долла

гIертара. Вай церан ярташ, ялташ, бераш, зударий хIаллакдора, цара дуьхьало йора. ХIан, ницкъ эшна, гIелбелла кIелбиссалц вайх лийти уьш, вай туьйли оцу цхьа кана турпалхойл. ХIан, мохк а схьабаьккхи вай. Сатуьйхи цара. Маршо а схьаяьккхи цаьргара. Сатуьйхи цара. Хьуна новкъа а ма хета, Александр Семенич, тхо, ахархой, адамийн хьесапехь ма дацара Россехь. Духкура, оьцура жIаьлех, говрех хуьйцура. Еттара, Сибрех хьийсадора. И иэхье крепостни лолла шайн коча тетта доьлча, шайн гIиллакхашца, амалшца, динца ца догIу вайн Iедал, гIуллакхаш шайна тIетеIо доьлча, кхин хIун дийр ду а ца хиъна, махкахбевлла уьш. Бевлла аьлча а, вай нуьцкъала баьхна-кх. Цигахь бIарзбелла, шаьш хIун дийр ду а ца хиъна, схьабаьхкина-кх. Кхузахь хуьлуш дерг гуш ду-кх хьуна. Мацаллой, махкаллой, цамгарший хьоькхуш кхачош бу. Муха ца лозу царех дог? Бераш, зударий... Александр Семенич, хьуна ма хаьа, вайн Iедалан бехкенна уьш хIаллакьхуьйлийла. Мел вайна ца лаахь а, правительствос дина дика а, вон а оьрсийн халкъана тIе ма догIу. Оцу нохчашка Iазап хIоттийнчийн декъехь, церан гIоьнча ма ву вайша. Ваьшшиннан бертаза, Александр Семенич...

Зеленис лерина ладоьгIура шен денщико бехкевеш дечу къамеле. Шен нийсачу букъа тIехьа ши куьг диллина, кеггийра гIулчаш йохуш, меллаша чухула дIаса а лелаш. Стоьлана уллохула дIа салтичунна тIе а ялх гIулч, юханехьа а ялх гIулч. Ткъа Чеботаревс, ша юкъахваккхарна кхоьруш санна, са ца доIуш, Iаннийна дIадахийтира шен дагахь дерг. Ша дуьйцуш лаьтташехь цо лерина тергалйора штабс-капитанан горга юьхь. Цхьа халла хаалуш таьIана мара, сийна бIаьргаш, хьаьрса корта, доцца хьовзийна мекхаш. ХIетта ткъеитт шо кхочуш Iаламат безамехь эпсар вара иза. Биъ бутт гергга хан яра Чеботарев цуьнца волу, оцу йоццачу хенахь цунна чIогIа везаволлера Зелений. Дуьххьар бIаьрг ма-кхийтти хиира цунна шен керла эпсар догцIена а, къинхетаме а стаг хилар. Хенан йохалла цуьнан леларехь а, къамелехь а цо наггахь кхуссучу дешнашца а хиира, паччахьан правительствос лелочу политикана иза реза вацар а, мелла велахь а иза «шайн» стаг хилар а. И тешам бара Ефрем Анисимовиче иштта эвхьаза и къамел дойтург.

Салтичун юьхьа дуьхьал ца хьожуш, ши бIаьрг цIенкъа а боьгIна, дIасалелара Зелений. Цуьнан багах долу хIора дош, шад санна, букъах, бетах детталора цунна, шаьлта санна, дагах чекхдийлара. ХIаъ, бакълоь и къена салти. Лаахь а, ца лаахь а и шиъ декъашхо ву оьрсийн правительствон чоьхьарчу а, арахьарчу а къизачу политикан. Венгре интервенци ярна а, польски гIаттам хьашарна а, Къилбседан Кавказера дуккха а аборигенаш тIаьхьарчу стага тIе хIотталц схьакхалхорна а. ХIетте а ша якобинцийн, декабристийн идейни тIаьхьенах а лоьру.

«Иза-м аьттехьа а дацара, господин штабс-капитан, — бохура цо ша-шега. — Дуьххьал-дIа ницкъ болчийн, адамаш, халкъаш духкучийн, шайна хеттачу агIор церан кхоллам хуьйцучийн карар-

чу зерзакъех цхьаъ ю-кх хьо. Нагахь ахь цхьа жимма а дуьхьало яхь, цара, тIе мIара а таIийна, ткъарш аьлла йор йолуш. Цул даре-де, хьайн дагахь дерг кхочушдан гIорта хьовха, атталла бакъдерг бакъ ду а, харц дерг харц у а ала ца ваьхьаш, хьуо кIилло хиларна. Стенах кхоьру хьо? ХIаъай ткъа, каръера юкъахъяларна. Ойла цхьаъ ю хьан, гIуллакхаш кхин. Ши юьхь йолу Янус!»

Волавелла лела капитан, салтичунна хьалха сецна, цуьнан белша тIе куьг диллина, юьхьа дуьхьал хьаьжира. Сецна латтачу юьхьа тIера дукъачу, хьаьрсачу цIоцкъамашна бухара цуьнга хьуьйсура хьанал жухара бIаьргаш. Дуьненахь дуккха а вонаш лайна салтичун юьхь хебарша ирх а, пурх а аьхнера, сиръеллера юькъа бакиш а.

— Ефрем Анисимович, мел хан ю ахь тIамехь гIуллакх ден?

— Ткъе ворхIалгIа шо? — цецвелира Чеботарев.

— ТIом маса шарахь бина ахь?

— Ткъе кхаа шарахь?

— Оцу ткъе кхаа шарахь Нохчийчохь вара-кх хьо?

— Вара ткъа. Ас хьуна дийца ма дийцина тхаьш цигахь цIий Iенор?

— Иза-м дийцина-кхи ахь. Амма кхин ца дийцина, — юха а Чеботаревн цIеначу бIаьргаш чу хьаьжира капитан. — Алахьа, Анисимич, Внезапни гIопахь хьо вен суд хилаза хIунда висира?

Цхьана минотана воьхна салти, юха хIумма а ца хилча санна меттавеара.

— Хьан оьздалла, иза къайле ма яц. Дерриг чекхдаьлла. Тхешан батальонерчу кхаа салтичунна нохчий агIонгахьа вада ас гIо дар жимма бакъалгахьа дерзаделира...

— Ой, хIунда?

Чеботарев цкъа вуьхийра, юха, ша хирг хир аьлча санна, куьг а ластийна, сацам боллуш вистхилира:

— Хаьий хьуна, Александр Семенич, оцу ламанхошца болу тIом салташна кIордийна хьех чекхбаьллерий? ТIом, тIом, тIом. Оьрсийн салтийн кхаа тIаьхьено. Оцу нохчаша-м шайн даймохк, маршой ларйора, ткъа оха? Тхуна стенна оьшура, тхаьш санначу, оцу мискканийн цIий Iенор? Оха кхузахь мел даккхий хьуьнарш гайтарх а, ца вуьйш ткъе пхиъ шо даьлла, Россе вирзича юха а помещикан дукъа кIел ворта йолла ма еза. Тхан цIий Iенош схьалецна латтанаш хьолахошна совгIатана лора. ЦIахь а, кхузахь а тхан цIий Iуьйду, ткъа тхо дацочийн хьал IаьIа. Доцца аьлча, Александр Семенич, цIа а бирзина, юха а Iазапе оьгучул нохчашкахьа бовла лаара дукханна. Мухха делахь а, цара латториг бакъонца къийсам бара. Цигахь маршо яра. Ткъа даймахкахь — каторга.

— Хьо хIунда ца вахара цаьрца? — лиэм оьцура Зеленис.

Чеботаревс белш саттийра.

— Гой хьуна, Александр Семенич, массеран амалш цхьатера ма яц. Лам чу веддачо дин хийца дезара, шен даймахках гуттаренна

догдилла дезара. Суна ма ца лаара иза. Iедал мел къиза делахь а, Росси сан даймохк ма бу. Керста дин — сан дин. Ца го хьуна, и бIарзбелла хьийза нохчий. Нехан ялсаманел шен жоьжахате тоьла.

Капитана, тIе а веана, резахилла белшах куьг туьйхира салтичун.

— Бакъ боху ахь, Ефрем Анисимович, бакъ. Даймохк — даймохк бу. Дика белахь а, вон белахь а, вайн даймохк бу-кх иза. Дика хир дара цигахь Iедал жимма адамалле хилча. Кхечу мехкашкахьчул къизо ду вайн Iедал. Къаьсттина муьжгашца. ХIун дийр ду, вайшинга хийцалур дац-кх иза. Оцу ницкъ болчара хIуп аьлча доьза вовр ма ву вайша. Дан хIума дац, Анисимич. Мацца а цкъа цхьа зама йогIург хир ю, массарна а маршо йолуш. Къаьмнийн барт беш, хIара цIий Iенош доцуш. Амма хаац-кх — маца, гуш яц иза. Ткъа хьан амалх лаьцна аьлча, Анисимич, оцу нохчашка хьо санна дог лозуш хьожу хьуна со а. Сан аьллар хилча, хIара миска кхелхинарш шайн цIахь хуьлуьйтур бара ас, хIокху дуьненан дерриг хьал церан долахь а хуьлуйтур дара ас. ХIун дийр ду, Анисимич, ницкъ бац. Суна хала ду, Анисимич, гIаддайна сайн неIсагIи тIе баьхкина и нохчий десачу куьйгашца дIахьовсо, амма ницкъ бац-кх царна гIо дан. Сан алапех вайшинга кхаблур ма вац мацалла леш воллу масех эзар стаг.

Амма Чеботарев хIоьттина лаьттара.

— Хьан оьздалла, Александр Семенич, уьш еха баьхкина бац, схьахетарехь, хьуна тIе цхьа дехар дохьуш баьхкина. Уьш герзаца кечбелла, дикачу дойшкахь береш бу.

— Нагахь айхьа баккъал бахахь, схьа чукхайкха уьш.

Эпсарна сий делла, цхьана кога тIехь дIа а хьаьвзина, аравелира салти.

4

Цхьа масех минот яьлча, шеца шиъ нохчо а валош, вухавеара Чеботарев.

— Хьан оьздалла, шиъ арахь сеци говрашца.

Шиннах хьалхарчо — горга юьхьIмарш а, сийна бIаьргаш а болчу безамехьчу нохчочо оьрсийн маттахь маршалла делира. Церан гIиллакхаш мелла а девзачу Зеленис шиннан куьйгаш лоцуш, маршалла а хаьттина, стоьла улло охьаховша гIанташ гайтира царна.

— Анисимич, ахь даима хестадора хIокхеран хьаша тIеэцаран гIиллакх, — салтичуьнгахьа вирзира капитан. — Вайша юьхьIаьржа хин воцу хIума лело хьайна дика хуур хьуна. ХIорш дIабаха арабевлича, кухне бигий, юург ло веанне а.

— ХIан-хIа, Александр Семенич, иштта дан ца деза иза, — корта ластийра салтичо. — Кху шинна юург хIинцца яла еза.

— И хIун ду?

— Вузийний бен хьеше деана гIуллакх хатта бакъо яц вайн, кхеран Iедалехь.

— ТIаккха дера беза кху шинна хьалха сихха кхача билла!

Араиккхинчу Чеботаревс, хIорш вовшашка хьал-де хаьттина бовлале стоьл тIе кIайн бепиг, шекаран чай, хурманаш, ши шиша цинандальски чагIар хIоттийра.

Чу чагIар а доьттина, хьешашна хьалха стаканаш хIиттийра капитана. Шениг кара а лаьцна, хьалагIаьттира иза. Ши хьаша хьалагIаьттира.

— ДIаэцал аш, хьомсара хьеший, вайна вовшийн довзарна тIера цхьацца кад мер вай!

Хьешаша стаканаш дIа ца оьцура.

— Ахь бехк ма билла, господин эпсар, — бохийна, амма тоъал нийса оьрсийн маттахь вистхилира сийна бIаьргаш берг. — Кху хIусаман дена там хирг дIовш мала а реза хир ву тхойша, амма малар мала йиш яц-кх. Тхан дино тхуна дихкина иза. Баркалла хьуна.

— ХIун дийр ду ткъа, ца магахь, ницкъ бойла дац, — шен карара стака къурд ца беш охьахIоттийра Зеленис. — Охьаховшал хIета. Кхача, дIор токхе бацахь а, дIаэцал шайна.

Ши хьаша, багахь цхьа шабар-шибар дина цхьацца баьпкан юьхк схьа а эцна, пIелгашца кIез-кIезиг йоккхуш бага а туьйсуш, меллаша Iийша велира. Зеленис лерина тергалдора цаьршиннан аматаш. Сийна бIаьргаш долчун аьрру куьйган пIелгаш дацара. Цуьнан къамеле ладоьгIча а, бIаьргаш чу хьаьжча а хаара Зеленина и стаг тIемалочул тIех политик а, дог цIена, адамалла долуш стаг а хилар. Ткъа важа, шолгIаниг, вист ца хуьлура. Векъана, шуьйра белшаш, ондий пхьарс-ност, юткъа гIодаюкх, курра саттийна ворта. ХIетта къеждала доьлла кортий, маж.

Юург йиъна, цхьацца стака чай а мелла шаьшиъ пергIатваьлча, хIусамдена баркалла а аьлла, шайн гIуллакх дийца вуьйлира ши хьаша.

— Господин эпсар, тхо Муша уллора схьадаьхкина.

— Муша уллора? — цецвелира Зелений.

— ХIаъ, господин эпсар.

— Лаа биний аш и гена некъ?

Сийна бIаьргаш долчо корта хьовзийра.

— Лаа догIур дуй ткъа цигара дуьйна? Бохамо арадаьхна тхо, господин эпсар. Бохамаша бIарздина махкахдевлла тхо, хIинца кхузахь иза эз-эзарза сáдаьлла. Оха дийца ца оьшуш хьуна гуш ду-кх тхоьга хIоьттинарг. Тхан жайнаша дуьйцу, мацца а цкъа цхьана эхартан заманахь къематде хIуттур ду бохуш. И къематде тхуна хIоьттина-кх.

Нохчочо дуьйцучунна тIе товш, корта теIабора капитана.

— Адамца хьагI а, мостагIалла а доцуш, шайн лаьмнашкахь, аренашкахь машаре бехара тхан дай. ТIаккха тхан лула Теркан раьгIнашка баьхкина баха охьахевшира гIазкхий. Вежарий санна бертахь бехара уьш а, тхан дай а. Вовшийн чу-каре а йолуш, вовшашка лерам а болуш, вовшашна дика хилча хаза а хеташ, бохам беъча хала а хеташ. Амма тхо а, тхан дай а, церан дай а дуьнен чу а бовлале, тIамца тхан махка даьхкира оьрсийн эскарш. ХIетахь дуьйна мостагIалла доллу тхан махкахь. КIез-кIезиг юлуш херо юьйлира, тIаккха мостагIалла дуьйлира тхуний, гIазкхаший юккъе а. Тхешан мохк, доьзалш, синош ларда тхо гIерташ, уьш тхоьгара дIадаха шу гIерташ, кху тIаьхьарчу дезткъа шарахь хаддаза вовшийн цIий Iенийра шун, тхан къаьмнаша. Хьуна баккъал дерг хаа лаахь, шуьниг ду декъаза къам. Рассехь йийсарехь кIеззиг хан йоккхуш суна хиъна иза мел доккхачу Iазапехь, харцонехь доллу, цунна тIом ца оьшийла. Мухха делахь а, цIий Iена-кх. Бехке верг далла го. Къам доккха, ницкъ алсам хиларна, шу туьйли. КIезиг а, гIорсиз а долу тхо эшна.

Шаьлтанан макъара тIе ка а диллина, тIулгах воьттича санна, вист ца хуьлуш хиъна Iачу вукху нохчочун кийрара узам болуш санна хийтира капитанна.

— Тхо эшна, — къамел дора сийна бIаьргаш долчо. — Нисса ах тхо хIаллакдина, тхоьгара мохк а, маршо а дIаяьккхи аш. Латта доцуш дисина тхан къам ирчачу хьоле дуьйжира. Нагахь хьо Нохчийчохь хиллехь, хьуна гина хир ду дерзана тхан бераш, тIелхигаш кхоьхкина лела баккхийнаш. Цу тIе, аш тхан коча Iиттира шайн Iедал, пIиллакхаш, хьоьшура тхан дин. Оцу юккъехула эладита даьржира, кестта нохчашкара герз дIаоьцу, керста дине берзабо, Сибрех кхалхабо уьш аьлла. Кхечара эладита айира, туркойн паччахьо тхо дIа а доьху, цигахь тхуна къастийна дика мохк бу, дала а делла, цига дIаваха луучунна оьрсийн паччахьо бакъо а ло, Кундухин Алхазан Мусий, Iуспанан Сайдуллий, шайца богIурш эцна, цига кхелхаш ву аьлла. Оцу шина стага а бохура, и дерриг бакъ ду. Нахана хьалха кхо некъ хIуьттура: я даймахкахь мацалла хьегар, эххар а керстанаш хуьлуш я оьрсийн Iедалх летта хIалакьхилар, я кхуза туркойн махка схьакхалхар. Цхьаберш тIаьхьарчу новкъа бевлира. Кхузахь мукъа а маршой, сискаллий карор яцара-те аьлла. Ткъа уьш мел чIогIа пIалатбевлла гуш ду-кх. Кундуховс, Сайдуллас Iехийна тхо. Туркоша тхуна къастийна боху мохк екха, деса, дерзана гунаш ду. Цига дахча тхо делла дIадевриг хиларан шеко яц. Нахана лаац цига баха...

Шен къамел сацийна, дакъаделлачу балдех мотт хьаькхна, дIасахьаьжира нохчо. Схьахетарехь, хала дара цунна шаьш хьегна Iазап далхо, шайн эшамна къера хила. Стоьла тIехь бошхепахь лаьттачу графинара доьттина стаки чохь хи дIакховдийра цуьнга Александра Семеновича. Жима ши къурд бина, стака стоьл тIе охьа а хIоттийна, шен къамел диссинчуьра дIадолийра нохчочо:

— Нахана лаац цига баха, господин эпсар. Уьш хIинца кхетта махках довларца шаьш далийтинчу гIалатах. Нагахь Дирбекирана дехьа къастийнчу махка дIагIахь, цигахь а лийр ду тхо. Мушехь дисахь а лийр ду. Малхо доттуш, догIанаша лийчош тхо цигахь лаьтта масех бутт бу. ХIинца тIегIерташ йочане гуьйре ю, цунна тIаьххье борз санна Iа догIу. Ткъа тхан кIел хIитта хIусамаш яц, кийра бузо хIума дац. Шайна йолах эскаре хIитта боху тхоьга туркоша, шайн лолле дерза. Иза дан тхуна лаац. Нагахь хIара Iа дIадаллалц мукъана а кху Мушаний, Ваний, Къарсаний гонах дIатардича, бIаьста яьлча цхьа дала дайттинарг дийр дара оха. Тхо цигахь совцийта дуьхьал ву боху шуй цаччахь. Цхьа кIира хьалха шеца кхо эзар дошло волуш Муше веара инарла Эмин-Паша. Бертахь цигара дIадовла, ца довлахь, ша нуьцкъала дохур ду боху цо. Ойла ян итт де хан а елла вахана. Ткъа нехан сацам хилла, цигара дIа малхбузехьа ца баха зударшций, бераШций цхьаьна летта бала. Инарлас тоьхна хан кхана-лама чекхйолуш ю. Тахана ца Iанахь а, кхана-лама цIий Iенар ду. Кхелхана кху махка баьккинчу нохчаша — кегийчу бераша, гIорсизчу зударша, къеналла сирбоьллачу баккхийчу наха — массара а, хIара дехар эцна хьуна тIе хьовсийна тхо, господин эпсар. Хьан карахь ду церан синош.

Чоьина чухуларчу гIовталан хьалхарчу кисанара схьадаьккхина, деалха тоьхна кехат кховдийра цо Зеленига. Цуьнгара схьаиэца даржа а дина, тIехьаьжира капитан. Чехкачу хотIаца, кеггийра, Iаьрбан элпашца яздина дара ший а кехат. Керахь дIаса а хьовзийна, хIуманах ца кхетта, шина хьеше хьаьжира иза.

— ХIун ду кху тIехь аш яздийриг?

— Ас дийцинарш доцца оцу тIе яздина ду. Тхешан бохам, тхаьшкара Iазап, бала. Оха доьху, тхаьш Мушаний, Ваний гонах дитийтар, нагахь цунна шаьш реза дацахь, тхешан даймахка юха дерза тхайна бакъо ялар. Шиннах цхьаъ.

Александр Семенович, хьала а гIаьттина, ши куьг букъа тIехьа тIекIел диллина, меллаша чухула дIасаволавелира. Цхьа а вист ца хуьлуш ши-кхо минот елира. ЦIенкъа тесначу гIехь тишачу куза тIехула цIийзара капитанан когара цIена иэткаш. Цуьнан нийса букъ, цхьа беза мохь тIе биллича санна, оцу минотехь хаъал сеттира. Кура корта таьIнера; шен тодинчу Iаьржачу мекхашна шина а агIор наггахь куьг хьоккуш, лекхачу хьаьжа тIе шед гулбина, бIаьргаш цIенкъа а доьгIна, мосаззе а дIасавахара иза. ХIетталц дош аьлла вист ца хуьлуш и оьрси тергалвеш Iачу Аьрзуна хиира иза дог цIена, къинхетаме, комаьрша, куралла йоцуш, амма шен лаамехь воцуш стаг хилар.

— Шуьгарчу хьолах дика кхета, со, доттагIий, — элира цо шен болърх ца вухуш. — Аш тхуна тIебуьллу бехк а нийса бу. Шун дехар а бакъонца ду. Амма сан ницкъ бац-кх шуна гIо дан. — Белш хьала а тухуш, ши куьг дIасатесира цо. — Сан керахь хIумма а ма дац. Тифлисера схьаданйтина омра кхочушдар — иза ду

сан декхар. Цхьа сиз ца талхош. Доцца аьлча, цигарчу хьаькмийн карахь тайниг ю-кх со.

— Хьайггара хIума дан бакъо йоцийла-м тхуна-а хаьий, — кIеда-мерза элира Маккхала. — ХIара тхан дехар цига дIадахьийтахьа, господин эпсар. Тхоьгара къа-бала хиъча, тхуна орцах бевр бара-кх уьш.

Капитан гIайгIане велавелира:

— Шуьгахь долу хьал ма дика хаьа-кх цигахь. Шозза яздина ас, цамгарший, мацаллой шу хьоькхуш хилар, туркоша къастийнчу махка тIе ховшадахь шо далале шу делла дIадевриг хилар.

— ХIун боху цара?

— Шу схьадоккуьйтуш шина паччахьана юккъехь хилла барт бу, шуна мохк Диарбекарний, Эрзинжанний дехьара билгалбеш, шина паччахьан хилла барт, цаьршиммо вовшашна делла дош дохо йиш яц, боху.

— Со ца теша цунах, — корта хьовзийра дуьххьара вистхиллачу Аьрзус. — Иштаниг хила йиш яц. Дош дохара бохуш, силадолу адам хIаллак муха дийр ду? ХIан-хIа, эпсар, туркоший, аший, билгалйинчу оцу меттиге дIа ца кхелхаш, бала сацам бина наха. Я. Мушаний, Ваний шахьаршна гонах дита тхо, я цIехьа гIур ду тхо. Шиннах цхьаъ. И тхан дехар Тифлисерчу оцу сардале дIадахийта. Дала тхох къинхетам бар даг чу тосур дац-те цунна.

Дукха къахьегна кIадвелла хIоьттича санна, везза кресло чу охьа а хиъна, пIелгийн юьхьигашца стоьла тIехь яйн вота туьйхира капитана. ТIаккха стоьла тIехь Iуьллу нохчийн дехаран кехат схьа а иэцна, вехха цуьнга хьийжира.

— Доттагiий, — элира цо доккха са а даьккхина. — Кхузахь мел дукха дийцарх ваьшта догIур доцу гIуллакх дуьйцуш эрна хан йойу вай. Юха а боху ас, шуьгарчу бохаман дакъакхаьчча соьга, шух дог лозу сан, амма шуна гIо дан ницкъ бац. Ас дича дендерг, сан ницкъ кхочуберг шун букъа тIехьа, къайлах лелочу а, хуьлуш долчу а гIуллакхех шу кхиор ду. Амма иза ас шуьга дуьйцур ду дийца сайн бакъо йоццушехь. Шух дог лазарна, шуна гIо дан суо гIорсиз хиларна, шун бихкина бIаьргаш айса дIабаьстича мукъана шайна некъ лаха шуна атта хиларга догдохуш. ХIетте а Iадда Iийр вара со, шуьшшиннех суо ца тешахьара. Цундела дуьйцу ас. ХIара шун дехар, шуна лаарна, ас наместнике дIа-м дохьуьйтур ду, амма кхунах хила гIоли яц. Тхан правительствос шу юханехьа цIа доьрзуьйтур ду бохург хьехочохь дац шуна. Цуьнга дог ма даха. Аш шайна мохк боьхучу Мушаний, Ванний гонаха шаьш дитарга дог а ма дахалаш. Цкъа-делахь, тхан Iедало туркошна бакъо лур яц шу цигахь совцийта, шолгIа-делахь, оха бакъо елча а, цигахь шуна бала мукъа мохк бац. Цигара латта нехан долахь ду. Диарбекирна дехьара мохк пачхьалкхан долахь бу, цундела хьийсадо шу цига. Нагахь бертахь шу цига ца гIахь, туркоша нуьцкъала дуьгур ду шу. Шуна ма хаьа, Эмин Мухлис-Паша кхо эзар дошло валош шаьш

долчу сакъера ца веанийла. Шу цIера девллачул тIаьхьа телеграфаца воккхачу везире шена кхин тIе эскарш а, нохчашна дуьхьал герз даккха бакъо а ехна цо. Воккхачу везира кхочушдина цуьнан ший а дехар. Хаалаш, бертахь цигара шу дIа ца довлахь, цIий Iенарг хилар. XIара туркой шун бусалбанаш белахь а, кхаьргахь цуьрриг къинхетам бац.

Иза-м шина хьешана а хаьара. Иза дерриге а шайн бIаьргашна ца гинехьара, шайн яьIни тIехь ца лайнехьара-м и шиъ хIара дехар дохьуш кхуза вогIур а вацара. Хьалха кисанара схьа а даьккхина, пуржин таIийна датон негIар диллина, сахьте хьаьжира хIусамда. Лаамаза арахьажавелира Аьрзу а. XIетта екхначу стиглахь гучубаьлла малх чубуьзна болуш боллура.

Шайн дийцарш чекхдаьллий-те хетта Маккхал, кхуо хIун олу-те аьлла, Аьрзуга хьаьжира. Амма Аьрзу, жоп даларан меттана доккха са а даьккхина, голаш тIе ши куьг дуьллуш, хьалагIаьттира.

— XIета, ши некъ хIуьтту-кх тхуна хьалха, — элира цо гIайгIане. — Цигахь туркойх летта далар я юханехьа, цIехьа гIортар.

— Юханехьа цIа дохуьйтур дац шу, — корта ластийра Зеленис. — Туркоша дозане кхочуьйтур дац я тхайчар цигара дехьа а довлуьйтур дац.

— Ткъа хIун де оха? — вагийна хаттар динчу Аьрзус тIетуьйхира: — Тхан дехар дIадахьийтахьа, эпсар. Ма-хуьллу сиха. Хьанна хаьа ,мухха кхаьчча а дозане кхаьчча, къинхетам бина, сардала цIа дита а мегий тхо-м. TIулгах дина-х даций цуьнан дог.

— Хаац, доттагIий, суна хаац шуна хьехар дала. Ас сайна хетарг аьлла, аш шайна хуург де. Муьлххачу новкъа довлахь а, дала аьтто бойла-кх шун. Ашшиммо хIун до? — хаьттира цо Маккхал хьалагIаьттича.

— ДIадоьлху тхо.

— Мича?

— Мича дан а дац, юханехьа новкъа девр ду-кх.

— Буьйса ткъа?

— Буьйса а йоккхур ю-кх гIалел арахь.

— XIан-хIа, иза дойла яц, — дуьхьало еш, корта хьовзийра Александра Семеновича. — КIадделла, гIелделла шу кхин садаIар доцуш юха муха доьлху? Шуна хьешан цIа-м дац сан. Амма божал ду, чохь сийна йол йолуш. Анисимича хаза дуза а дина, цу чохь пархIатдохур ду шу. Iуьйрре гIевттина новкъа девр шу.

Ши хьаша вовшашка хьаьжира.

— Шуна новкъарло хирг ца хилча, говрашка садаIийтархьама Iийр-м дара тхо, — элира Маккхала. — Буьйсанна уьш яжо меттиг хир яц тхуна...

* * *

Ткъа хIокхеран даймахкахь хIинцале а хIорш «гIеэца» кечам беш бара:

«Теркан областан TIеман Юккъерчу Отделан Начальнике инарла-майоре эла А. Тумановга.

№ 2244, 18 август 1865 шо.

Хьомсара Государь

Александр Георгиевич!

Сох тешийнчу областера кхелхина Турце боьлхучу туземцийн тIаьххьара парти 17-чу августехь кхузара дIаяхарца а, кху шарахь кхин тIе кхалхор садорца а доьзна, хьан сийлаллина тIедуьллу ас, хьайх тешийнчу Отделера цхьа а доьзал хIинцачул тIаьхьа Турце дIа ца хецар. Ткъа кхелхинчу ламанхойх, сан Канцелярира билет доцуш, шен даймахка цIа бирзина нах, нагахь церан керахь вайн консулаша визировать дина паспорташ делахь, гонах ха а хIоттадай. Владикавказе схьахьовсабе.

Цуьнца цхьаьна хьоьга дIахоуьйту ас, нагахь санна Турцера цIавеана стаг цхьаммо къайлаваьккхина меттиг хилахь, наибаша цунах уггар луьра жоп дала дезар а, ткъа и стаг цIаверзар шен хеннахь Iедале ца хаийтина юьртда Россех дIавохуьйтург хилар а.

Инарла-лейтенант
Лорис-Меликов.»

«Аргунски Округан начальнике, майоре Ипполитовга:

Хьан оьздалла!

Цуьнан локхаллин Теркан областан Начальникан инарла-лейте нантан Лорис-Меликовн омрин копи хьоьга дIаяйтарца, хьан оьздалле дехар ду сан, хьох тешийнчу Округера Турце кхелхинчу нахах — Теркан областан Начальникан Канцелярира билет керахь доцуш шайн даймахка цIабирзина нах хилахь, юххе ха а даьккхина уьш сихонца Владикавказе дIахьовсор а. Турцера цIа баьхкина и нах левчкъина муьлхачу ярташкахь хилла хаийтар а.

Инарла-майор
эла А. Г. Туманов.»

Х корта ТIАЬХХЬАРА БУЬЙСАНАШ

ХIай дела, хьайн олхазаршна
Ахь цхьацца бен белла.
Ткъа сан бен бохийна,
ДегIера ницкъ эшна,
Бодашкахь тилавелла,
Со цхьаъ ву — мухIажар,
ГIорасиз лелаш,
ГIорасиз лелаш...

О. Туманян. МухIажаран илли.

1

Даккхийра делха доьллачу догIано, юьхьанца кIеда татанаш лоьлхуйтуш, чан гIаттийра туьпахь. ТIаккха къега дуьйлира, цхьацца нхьа Iаьмнаш хIиттира, тIехула агIорхьара, басара охьауьду Iоврийн татолгаш, наха ишттачу меттигана дуьхьалонашна хьалхха даьхначу хершнаш чу а хьийзаш, лаха мел девли стамлуш, десташ, даккхийчу хишка а доьрзуш, Мурат-чайх дIадетталора.

Амма оцу догIанна дуьхьало ца ялора туьпарчу хIусамашка. Уггар дикачех лоруш йолчу МIаьчиг тоьлин тховх а, цецах санна, чекхдийлара иза. Юьхьанца юкъ-юкъа ладарш гучудевлча, царна кIел пхьегIаш хIитто вуьйлира МIаьчиг. Жимма Iийча массо маьIехула уьш тIеIена доьлча, пхьегIех дог а диллина, куьйга корта а лаьцна, ойлане ваьлла охьахиира иза.

Тоьли чохь, когаш къилбехьа а болуш, тишчу юргIи кIел аркъал Iуьллура цхьа сахьт хьалха кхелхина Зару. Цомгаш-м яра иза, амма яллал кIелйисина яцара. Нана а, шел кегий бераш а делчахьана, дено-дено худалуш, мажлуш, еккъа цхьа даьIахкаш бен ца йисинера иза. Миччахьара а шайн кераеана кхалла хIума, цунна кхоайой юьтура дас а, вашас а. Амма цо ца йоура. Хьистича а, бехкаш даьхча а, човхийча а. Аталла, дуьхьал йист а хуьлурий ткъа? Гонаш Iаржъелла, кIоргге хьех чудегначу, чохь садоцуш санна кхоьлинчу жухар бIаьргех къорра хиш лешара, мерах седа оллалора, кхуьйсу левсе санна, хьазхьизе ийалора дакъаделла некхау.

Коьра Сайдуллагlарна тIаьхьавоьдучу дийнахь тIаьххьара йист а хилла, йилхина дIатийна иза, мотт сецча санна, кхин багара дош ца долуш, селхана охьа а йижина, тховса дIаели.

Истанган маьIигаш лаьцна, дакъа цхьана агIор такхийна, цIенкъа юккъе хьардех, тIелхигех мотт тобина, шен бол-боцчу ницкъаца айина хьалха — лакхе, тIаккха — лахе йоккхуш, йоьIан дакъа оцу тIе а даьккхина, тIе верта а тесна, дIахьулдира цо. ТIаккха, цунна

кIел хи ца хIоттийта, дагарца гонах даьккхина харш неIарх аратесира.

Дакъа догIанах дIа а Iалашдина, ладар кIезиг Iийдалу са а лехна, Iаьндойн къорза гали кхоьллина, охьа а хиъна, дIатийра иза.

ТIаьххьара шен бIаьргех хи даьлла хан халла дагайогIура МIаьчигана. Мацах-мацах цкъа, беран хенахь дара иза. Биболатан зарманахь. Ярмол-сардалан хьербевллачу инарлаша оцу гонахарчу ярташкара кхо бIе стаг Гезлойн-гIопехь къиза вийначу дийнахь. Байинчаьрца вара МIаьчиган да а, деда а. ХIара бен бер доцуш къона, хеназа лаьттах вахара да. Оцу дийнахь вилхира МIаьчиг.

Оцу дийнахь и къиза ши инарла вийра Майратуьпарчу Оччархьаьжас. Амма цаьршиммо вийна кхо бIе ден ца велира. ОхIвай, уьш кхо бIе вийча севци белира. Веанчу Ярмол-инарлас сийначу цIарах ягийра ярташ. ХIетахь дуьйна шовзткъа шо даьлла. Ткъа оцу шовзткъа шарахь цкъа а бIаьргех хи ца даьлла МIаьчиган. Амма тховса дуьхьлара вал хаьдда-кх царна. Оцу шовзткъа шарахь Iаьlа иза, тховса и арахь серашха детта шийла догIа санна, охьахецаделла-кх. Берриг ницкъ тIегулбой, сацадо иза МIаьчига, амма оцу шовзткъа шеран къаьхьа денош хоьрцуш воллучу цуьнан, декъазчу денна тIе мосазза кхечи, тIехбогIу ши бIаьрг. Ткъа мел дукха хилла и декъаза денош... Дуьззина шовзткъа шо. Маса де хуьлу уьш? Хьанна хаьа. МIаьчигана хаац оццул шерийн денош лара.

Ткъа ойланаш кхерста. Кхерста уьш нохчийн лаьмнашца, аренашца. Кхерста уьш буьрсачу Теркаца, аьрхачу Яьссаца. Беркатечу хьаннашкахула. И къена хьаннаш юьзна акха кхуьуш стоьмаш, ораматаш, акхарой, олхазарш хуьлура. Ахь лаьттах буьртиг Iоьттинчохь ялта кхуьура. Ялта аьлла хIума дацара, цхьа хьийкъина хуьлура иза. Йокъано я тIамо ялта хIаллакдинчу шарахь а хене довлура. БIаьста яллалц хьаннашкахь, гуттар баа тобелла кхораш, хьаьмцаш, хьорамаш, масийтта тайпа стоьмаш хуьлура. Кхузахь дац хIумма а. Ког биллал лагта а, цхьа колл а яц цхьаннан долахь йоцуш...

Мохк-м ишта бара кхузахь, ткъа адамаш? Уьш ду хийра. Цигахь даймахкахь дерриг дара дагна гергара. ГондIарчу къаьмнашкара гIо а хуьлура. Мотт башх-башха белахь а, гIиллакхаш догIуш цхьа ламарой бара уьш. Биллина тIом хиллехь а, оьрсашца а тарлора. Баккъал дерг аьлча, цIенчу оьрсечул дог дика, къинхетаме, тешаме адам хила йиш яцара. Iаж санна, цIен бос беттало, елаелла, екхаелла кIайн юьхь, цхьа а тайпа шалхо йоцуш кIорга, хьанал бIаьргаш, партала, амма зоьртала догIмаш. Царех ца тешийла а, уьш ца безийла а, цаьрца гергарло, доттагIалла ца леладойла а дацара. Амма цхьа хIу ийна я къотIалгIа йина, оьрсийн цIарца лелачу хIумманел къизий, эхь доцуш, ямарт адамаш ца нислора. Шайн дайшкахь дуьйна и ший а зеделлера нохчашна. Ткъа гуьржий, шайн мотт кхин белахь а, лаамехь а, лаамза а оьрсийн пачахьехьа бевлла шайх летахь а, цхьа вежарий лорура цара. Кхузахь кхин хьал ду-

Кхузара эрмалой, гуьржий тера а бац дозанал дехьарчех. Дика адамаш-м, дера, ду уьш. Амма кхузара адамаш туркойн бIешерийн Iазапо теIийна, кхерийна, шайн лаам байна, лолле дирзина. ХIоккхарна дош ца хета цхьаъ дийцар, кхин дар. ХIораннан бIаьргаш чохь я мекарло, я дуьненах догдиллар, я муьтIахьалла го.

ХIаъ, Васала цуьнга ала-м элира. Маршой, нийсой лоьхуш, йиша-ваша а, халкъ а дитина ша цкъа даймахках ваьлла, ткъа и харцой, къизаллий шена тIаьххье кху лаьмнашка еана. Маршо а, нийсо а лаьтта тIехь йоцуш ю, цIахь Iехьа, МIаьчиг, ма бехира цо. Амма МIаьчига ла ца дуьйгIира цуьнга. Ла ца дуьйгIира Маккхале а, Аьрзуга а. Ла ца дуьйгIира зудчуьнга а, берашка а. Диъ лаьттах доьллина, пхоьалгIаниг делла Iуьллу. Коьрех хилларг хаац. МIаьчигана иза гучуьра дIадаьлла.

ЯтIа санна къекъара стигал. Стигалахь ткъес тоьхча бIаьрнегIар тухучу юкъана серладолура дуьне. Дато серий санна, охьадоьлхура догIа. Амма МIаьчигана хIумма а ца гора, хIумма а ца хезара. Шен кочах чу, букъа тIехула Iийдалу ладар ца хаалора. Ткъес мосазза туху цунна хьалхахIуьттура Зазун, шен ялх беран гIаларташ. Церан озий, можий яххьаш, чIораш санна, дуткъий пхьаьрсаш, настарш, пIендарш. Севсина а, чуегна а гэш, букъа тIе хийшина пханарш, хеда йохку вортанаш, даккхий кортош. И бахьана долуш хIаллакьхилла бераш...

МIаьчиг воьлхура. Шовзткъа шарахь ша къурдаш деш кийрахь сецийна бала, кхидIа сецо собар ца хилла, арахийцира цо.

МIаьчиг воьлхура. Шина куьйга корта а лаьцна, зуькарлахь санна, шовкъе дегI техкош.

Цхьа а тайпа гIовгIа, узам боцуш. Кийрахь...

2

Тахана шаьш Эрзерумера цIа ма-кхаьччинехь, суьйранна кхеташо кхайкхийра АьрзугIар. Бакъду, дийцарш хIинццалц санна дах ца делира тховса. Цкъа-делахь, тIеелха кечъелла, тIаьхь-тIаьхьа язлуш, Iаржлуш стигалахь гуллуш догIанан мархаш яра. ШолгIаделахь, дийца а, къийса а хIума дацара. КIелхьардовла некъ бацара цхьаъ бен: юханехьа, цIадерзар боцург.

Цунах лаьцна хьалха цкъа а дийцинера. ТIаьххьара сацам бира, юхадерзар тIеман низамехь дIадахьа. Нах, пхеа тобане а бекъна, и тобанаш, цхьацца хьовсош, дозанашка дIахьийсон. ХIор тобанца пхиппа бIе тIемало хир ву, ах дошлой, ах гIашлой болуш. Оцу тобанах жоп лур ду пхиббIенчо. Цул совнаха, хIора тоба пхеа декъе йоькъур ю, хIоранца цхьацца бIе тIемало а волуш. Царех жоп бIенчо лур ду. Уггар хьалха дIаяхана тоба дозанал дехьа яллалц, йисинарш кхузара меттахъевр яц. Иза дехьа яьлча, юккъехь цхьана-шина дийнан некъ а буьтуш, кхузара иттех дийнахь дIаевр ю йиснарш а. Тахана туьпахь долу дерриг хIума — говраш, стерчий,

ворданаш, ялтий нийсса оцу пхеа тобанна доькъур ду. Сацам тIеэцначул тIаьхьа кхузахь доккху цхьа де а эрна хуьлу. Цундела кху кхаа дийнахь хьалхара тоба новкъаяла еза. Сацам хилира оцу тобанан коьрте шен бIоца Чора хIоттон.

ДогIанан дуьххьарлерчу тIадамашца дIайоьхначу кхеташонера цIа баьхкина АьрзугIар, вертанаш кхоьхкина, буьнахь, тIеттIа а таьIна, хевшина Iара.

Стигалахь сетташ, кеглуш иккхинчу ткъесо аре серлаяькхинчу, цхьана секундана, генна стигалан лакхенца гучуболура Сэв-Саран ломан бухь а, оцу тIехь кхоламе лаьттачу храман гIаларт а.

Аьрзун ойланаш цхьаьнхьара кхечухьа юьйлуш кхерстара. Хеталора, кIудалара охьаIенаш санна, тIедоьлхучу оцу догIанан хIора тIадам лелина даш хилла, шен даг тIе Iена. ХIорш виъ-м вертанех хьаьрчина Iаш ву. Вий а могаш-таза ву. Цомгаш-меца Iохкуш бераш а дац. Ткъа йисинчу хIусамашкахь кху сахьта хIоьттина хьал шера гора Аьрзуна. И дерриг догIа къиза тIедоьлху царна чохь долчу адамашна. Зударшна, берашна, къеначарна. Шайна тIеIеначу ладаршна кIелхьара дIахила хьовха, атталла ха харца а ницкъ боцчу, цамгарой, мацаллой кIелбитинчарна. Ткъа масане хир ву уьш, тIедоьлху и догIа бен ца хеташ, велла Iуьллуш. Кху харц дуьненара дIавахана маршаваьлла... Кху дуьненахь цкъа а хир яц маршо а, нийсо а.

ХIор Iуьйранна уггар хьалха дан деза гIуллакх — белларш дIабохкар дара. Оцу тIера дIадолалур ду кхана а де. Хир ду-кх и декъий, тIадийна, муст а делла, хьожане...

Иза-м и дара, ма атта хир бац-кх юханехьа некъ а. СхьадогIуш говраш, стерчий, ворданаш, даа рицкъа а дара цаьргахь. Шаьш могаш а, гIелбаланза а бара. Цул сов шина паччахьан Iедалша Iуналла а дора. Ткъа хIинца хIун хир-те? Некъан гIирсаш а дIабевлла церан. Нийсса ах адам делла дIадаьлла. Биснарш а бу ах цомгаш, важа ах — халла шайн догIмийн дола деш. Даа рицкъа дац. Уьш хилла а ца Iа халонаш. Туркоша бакъо ца ло царна юханехьа дIабаха. Ткъа оьрсийн эпсаро элира цаьрга, шайн Iедало хIорш Росси буьтур бац. Юханехьа некъ хала хир бу. Бахархошкара гIо хир дац, Iедало ницкъ бийр бу. Нуьцкъашха дозанашка кхаьчча, дехьа ца довлийтахь? Оцу зилал дехьа девлича-м, шайн цIа, Нохчийчу кхаьчча санна, паргIатбевр бара хIорш. Цигахь гуьржий бу. Нохчийн лулахой. Паччахьо юкъа мел питанаш тийсахь а, церан цкъа а дац вовшашца мостагIалла. Уьш вежарий хилла буьсур бу даима.

Аьрзун ойла даймахкахула хьаьвзина еана дехьарчу туркойн юьрта йоьссира. ДуьхьалхIоьттира Эсетан сурт. БIаьстенан юьхьехь Iаьрчхехь шена ма-гарра. Цкъа — дешин бос беттало месаш букъа тIехула охьа а хецна, ерзина, нийса, стомма ност чахчари кIел лаьцна. ТIаккха, шех кхераелла, куьйгаш некха тIе а таIийна, кIегаръиккхина. Юха, ша Хонкара дIавогIу аьлча хазахетта, мел-

лаша голаш тIе охьалахъелла. Схьадогlуш новкъа наггахь цунах бlаьрг кхетара Аьрзун. Амма дагахь диснарг, даима цунна дуьхьалхlуьттург — lаьрчхехь гина сурт дара.

«Хlун хилла-те цунах? — хеттара цо шега. — Схьакхаьччахьана гина а яц суна иза. Миска, Гати а кхелхана боху. Шахьби, молла велахь а, сутара, къиза стаг ву...»

— Вайшиннах цхьаъ хьалха йоьдучу тобанца дlаваха веза, Аьрзу, — тийналла йохийра бодашкара схьа вистхиллачу Маккхала.

— Хlун элира ахь? — набарх ваьлча санна, цlеххьана хаттар дира Аьрзус.

— Юханехьа некъ, вай схьадогlучул эзарза хала хир бу. Вайшиннах цхьаъ хьалха йоьдучу тобанца ваха веза.

— Цхьаъ бохург хlун ду? Я ший дlаваха веза, я тlаьхьара тоба новкъа яллалц ший а кхузахь саца веза.

— Хlан-хlа, Аьрзу. Къаста дезар ду вайн. Ший дlавахча, кхузара адамаш листа стаг хир вац. Ший кхузахь сецча, хьалха йоьду тоба корта боцуш юьсу. Ткъа буьсучийн ерриг дегайовхо оцу хьалхарчу тобанах йоллу. Нагахь иза дозанал дехьа ялалахь, тlаьхьайогlу йиъ чекхъер ю.

Аьрзу дагахь тlетайра Маккхала далочу бахьанашна. Нохчийчуьра схьабаьхкинчу нахах цlейоккхуш берш берриге а— Мусагlар. Сайдуллагlар, Шахьбигlар, Шамхалбекагlар, кхин, кхин а уьш, цуьрриг кху нехан бала а боцуш, шайна баха хевшина. Кхузахь бисанарш берриш шаьш хlун дан деза а, хlун дита деза а ца хууш, цхьа пекъарш. Ткъа хlара шиъ дlаваьлча, гlуллакх гуттар галдолу церан. Амма цаьршиннах кхузахь муьлха виса веза, хьалхарчу тобанца новкъа а муьлха вала веза. Иза Маккхала къастор шена.

— Хьайна бакъахьа хеттарг дехьа, Маккхал.

— Хlета, хьо хьалхарчу тобанца новкъа вала, со буха соцур ву.

— Мегар ду, lела хьоьца а витина, сой, Чорий новкъа вер ву.

— lела а вига шаьшшинца. Со-суо вуьсур кхузахь.

— Хlета, хьой, lелий оцу тобанца дlа а гlой, сой, Чорий кхузахь вита.

— Иза дан йиш яц.

— Хlунда?

— Чора пхибlенча ву. Сой, lелий хlумма а вац.

Аьрзус аз айдира:

— Тхо кхоъ дlа а вахана, хьо вуьтийла дац данне а. Цlе тоьхна ваша дlа а тесна, нанас винарг эцна цlавеана бохур ду! Сой, lелий соцу, хьой, Чорий дlагlо.

— Хlан-хlа. Ас ойла йина дерригенан а. Шу кхоьа дlагlо. Нагахь бухахь висар кхераме ду хьуна моттахь, и бакъ дац. Кхерам хьалхарчу тобанна бу. Шаьш дийриг цунна дийр ду туркоша а, оьрсаша а. Цундела, хьо Чорица а, хьоьца lела а хуьлийла лаьа суна.

Цул совнаха, къаьстана дукха а lийр ма дац вай. Нагахь дерриг дика дlагlахь, иттех де шуна тlаьхьа дlавогlур ву со а.

— Делахь хlета, шу кхоъ дlагlуо, со бухахь соцур ву! — мохь туьйхира Аьрзус.

— Мохь ма хьекхахьа, Аьрзу, — лохха човхийра иза Маккхала. — Наха юккъехь хьан сий ду. Ахь аьллачуьнга ла дика дугlу. Цундела хьо хила ма веза коьртехь.

— Ткъа наха буьллу болу бехк? — юхаверза ца туьгура Аьрзу. — Нагахь хьуна цхьаъ хилахь, юьртахойн юьхьа дуьхьал тхо муха хьовса деза? lожалла ма ю когаш кlел?

Маккхала куьг ластийра.

— Вай девзачарна хаьа, Аьрзу, цхьаннан мlара ца лазийта, вукху кхааммо синош дlалур дуйла. Вайн дегнаш гуш дела а ву. Уьш дуьтур вай. Амма хlорш дlа а тийсина, дlадаха а, я дlабоьлхучарна тlаьхьа совца а бакъо яц вайн. Я далла гергахь а, я нахана гергахь а. Тlехула тlе, Аьрзу, хьуна дицделла ткъа вайша къоман, мехкан гlуллакх айана араваьлла хилар? Гlуллакх къоманий, махканий тlехlоьттича ша а, йиш-ваша а, юрт а тlаьхьататта еза.

Оьгlазваханчу Аьрзун вехьар лагlлуш сецира. Цкъа-делахь, Маккхал вер вац ша аьллачунна тlера. Шолгlа-делахь, иза бакъ ву. Тlетан дийзира цуьнан.

— Амма, ахь ма-аллара, lожалла ю бага а гlаттийна, тlаьхьахlоьттина лелаш. — Аьрзун дуьхьало малъяларх пайда а эцна, — кхидlа къамел дора Маккхала. — Я шуна, я суна цхьаъ хир. Хьалха мила лер а, тlаьхьа мила вуьсур а хаац. Нанас дена дина йишаваша дацара сан. Шичой а бацара. Уьш белла, цхьа висча, ден доттагlчо дола деш кхиийра. Амма вина юрт а, юьртахой а, и сайн верасаш а битина, Аьрзу, хьуна тlетевжира со.

Берахь горга буо хилла ша цхьалха висар дагадарна дара а хаац, я доттагlчух къаста дезаран хало хlинцале кийра хьаьвзинера а хаац, Маккхалан аз дегийра. Цхьана минотана соцунха а хилла, юха а, хьалха санна, парггlат вистхилира иза.

— Суна дика ваша хилла хьо, Аьрзу. Суна дика вежарий хилла шу, lела, Чора. Гаттиюьртахоша дика дола а дина сан. Нанас дена бина вежарий беллачу дийнахь хилларг хаа а, бохаман къахьо lовша а кхетам боцуш, жима вара со. Иза атта лайна ас. Амма, Аьрзу, шу кхаанна, къаьсттана хьуна, хlума хилахь, дала цхьа собар ца лахь, сатоха хала хир ду суна... Уьш дийца оьшуш дац... Дела ву вайн дегнаш гуш. Цундела уггар хьалха вовшашна къинтlера девр ду вай. Денна, хlор сохьтехь, хlор минотехь шуьгара там, хазахетар бен, цкъа а цатам ца хилла суна. Со санна, и вай кхоьллина дела а резахуьлда шуна.

Аьрзу шеквелира Маккхала бинчу сацамах. Кхузахь сацар кхерамза хилча и хабар хlунда дуьйцу цо?

— Да-нана берашна а, бераш дена-нанна а, йиша-ваша вовшашна а санна, дела а къинтlера волийла вайна. Хьо лахь, вешех

довул тхо. Хьо висахь, дика ваша ву тхан. Амма делан Iожалла саца елла яц цхьаьнгге а. Мухха делахь а, Маккхал, шу кхоъ новкъа а ваьккхина, буха саца лаьа суна. Хьуна ма-хаъара, кху ткъех шарахь вовшийн дош кхачийна дацара вайша, луург лардинера. Гуттар ахь аьлларг динера ас, цкъа мукъана сан даге хьажахьа.

Цаьршиннан къамеле ладоьгIуш тийна Iийна Чорий, Iелий дуьхьара вистхилира:

— Маккхал, тхуна а бегIийла йоцуш ду хьо кхузахь витар.

— Аьрзус бохург де ахь, Маккхал.

Амма Маккхала бистхила ца битира уьш...

— Иза юха дийца ца оьшу, Чора. Оцу тIехь сацам хилла баьлла. Кхин дуьйцур вай. Хьалхарчу тобанан некъ хала хир бу. Цуьнан некъ тахь, кхиамца чекхдер ду вай юхадерзар. Варий, собаре хилалаш. Некъаца йолчу ярташкарчу, шахьаршкарчу бахархошца гIиллакхе хилалаш. Талораш ма делаш. Цул, ехар тоьлар ду шуна. Цхьа ткъех стаг говрашкахь цхьана дийнан новкъа хьалха дIаиэхийта. Яртийн, шахьарийн коьртехь Iедал ду. Нагахь Iедало хамталла яхь а, дика нах боцуш яц шуна уьш. Оцу Iедале, дикачу нахе шайна кхачанца, оьшучуьнца гIо дар деха. Мелла а гIо данза Iийр бац. Шу юхадерзо тIаьхьа эскарш даха тарло. Дозанехь оьрсийн эскарша дуьхьало ян тарло. Варийлаш, шаьш довлуш, герз ма айалаш. Шайн оьгIазло сацаелаш, деле собар дехалаш, шайца зударий, бераш, цомгашнаш хилар ма дицделаш. Ма-хуьллу машаре, ма-хуьллу гIиллакхе чекхдовла гIорта. Мухха довлий а дозанах дехьадовла, тIаккха хала дац. Цигахь вайн лулахой гуьржий бу, вайца гIиллакхаш догIуш.

— Царна юкъа кхаьчча-м цIахь санна дариц, — сатийсаме вистхилира Чора. — Уьш Iийр бац вайгахьа озанза.

— Ткъа Солтамурдагlаьрга, Берсагlаьрга ала дезарг хьайна хаьа хьуна. Кхузара жоьжахате дIакхайкхае нахе. Кхин схьагIертар хьеха ма дайта. Ткъа туркошкара гIо хир бохучух догдилла ала...

— Ой, хьо ма весеташ дан хIоьтти, ва Маккхал, — цецваьлла хаттар дира Аьрзус. — Кхузахь гуттаренна а виса ойла-м яц хьан?

Маккхал велавелира:

— Хиндерг дела воцчунна хаац, Аьрзу. Вай веаннах цхьаъ мукъа а делан лаамца цIакхачахь, адамех дIатоха дезарш дуьйций ас-м.

— Дерриг ца кхачахь а, цхьадерш цIакхочур ду вай, — доккха садаькхира Чорас. — Амма къаьхьа хир ду-кх и цIа. ХIинццалц вайн ерриг дегайовхо кху бусалба туркойн паччахьах яра. ХIинца иза а хаьрци. Ванах, гуттаренна а дуьсур ду-те вай оцу оьрсийн паччахьан Iазапа кIел?

Цхьаммо а жоп ца делира Чорин хаттарна. Цара муха ло, шайна а хууш ца хилча. Шаьш а цунах догуш хилча. Чорин хаттаро ойлане эгийра уьш.

ЦIеххьана ткъес тоьхна аре серлаяьлча, АьрзугIеран буьнан неIарехь адаман гIаларт хIоьттира.

— Iела... — кхайкхира гIаларт, халла хезаш.

ХIетта набаран тар тесна Iела шен белшаш тIера верта а дожош, букар таьIна, неIаре вахара.

— Хьо мила ву?

— ХIара-м со яра... Эсет...

ДогIа цIеххьана тийра. Хезира цхьанхьа геннахь, лаьмнашкахь къорра стигла къекъаш.

Чуяьлла Эсет, Чорас шега деллачу вертанах а хьаьрчина, цхьана сонехь дIатийра. Хи Iийдалора кучах а, корталех а. ТIадийна месаш логах а, беснийх а летара. Иза мел къийлаяларх а ца сацалора дего дегI, етталу цергаш. Амма юьхь йогура, цIе летча санна. Деган кIоргехь эхь гIуьттура, ша цхьа йоккха юьхьIаьржо йича санна. Генара хезаш хетара шега хеттарш дечу Маккхалан аз. Эсет тIаьххьа кхийтира цо хоьттучух.

— Со... сан... тIеяха меттиг бац кхин...

ТIаккха, сауьйзуш, елхаран къурдаш а деш, дийцира, шений, Шахьбиний юккъехь хилларг.

Хезначо Iадийна виъ стаг вехха лаьттира вист ца хуьлуш, оьгIазалла сецош.

— Хьан бедарш тIадийна ткъеззагъевлла, Эсет, — тийналла йохийра Маккхала. — Хи дIаIовдахьа. ХIара сан гIовтал тIе а юхий, коч якъаяла хьалаолла. ХIара Чорин башлакх а ю хьуна коьртах хьарчо. Хьуо яьлча, тхо чу кхойкхур ахь.

ДогIанан мархийх цIанъяла йоьлла стигла кIез-кIезиг серлаюьйлура. Туьпахь, дIа мел хьаьжначохь, къегара хIиттина догIанан Iаьмнаш, кIез-кIезиг лагIлуш, амма тIаьхьа ца хедаш, охьаоьху Iовраш а.

— Цхьа хIума дагадеана-кх суна, кIентий, — долийра Маккхала, кхо накъост буьнна юьстах а ваьккхина. — Кхузахь долу адам шен йиш-вешина гIо дан а ницкъ боцуш ду. Арахьарчу стеган гIо дар хьехочохь дац. Эсет бен боьхна лела. Хьанна тIетевжар ю и цхьалха йисина декъаза зуда?

— Хьанна тIе бохург хIун ду? — цецвелира Чора. — Тахана дуьненахь а, кхана къематдийнахь а вай виъ ваша ву-кх цунна!

— Цуьна-м шеко яцара, Чора. Амма вайца хан яккха хало хирий-те цунна? Цунний, Аьрзуний вовшийн дезар вайна хууш ма ду. Вай кхаанна-м йиша хир яр иза, ткъа Аьрзуна?

— Ас делах дуй буур бара-кх шуна, сол дика ваша цунна нанас дена винарг а хир вацарх! — доггах жоп делира Аьрзус. — Я со къонах вац аьлла хета хьуна, Маккхал? Я со оьздангаллех воьхна меттиг хиъна хьуна?

— ХIан-хIа, Аьрзу, ас юьйцург къонахаллий, оьздангаллий яц. Суна дика ма хаьа хьан дог. Амма хьан деган кIоргехь важа бе-

зам бежар бу, денна марсабуьйлуш. Шиннан а... Ашшиммо Iазап хьоьгур ду.

— Цхьа дела воцчунна сан дагара хуур дац. Я хIинццалц ца хиъна иза.

— И кIезиг ду.

— Ткъа хьуна хIун лаара, Маккхал? — хаьттира Чорас.

— И Эсет кху Аьрзун цIартIе яккха.

Аьрзун юьхь, дуьхьал алу тоьхча санна, чахчийра.

— Ахь баккъал бохий иза, Маккхал?

— Боху дера-кх.

ОьгIазвахана вехьачу Аьрзун багах дош ца долура.

— Дависарг яI, и дешнаш соьга аьлларг, хьо а воцуш, кхин велара-кх, — элира цо эххар а оьгIазе. — Цуьнан мотт озийна схьабаккха. Ахь-м со Шахьбил а лахаваькхи. Баркалла хьуна, Маккхал!

— Суна хетарехь, Маккхал бакъ ву, — гIо даькхира Чорас, Аьрзу оьгIазваханийла а хиъна. — Нагахь Эсет резаелахь, дича тарлуш хIума ду иза. Мел мухха делахь а, кху гаттехь вайца цхьана Iен а, некъ бан а, аьрха хир ду Эсетана. Ойла ел ахь, Аьрзу. Шуьшиннa вовшийн дезийла, дуьненна а бохург санна хаьа. Дала цхьана кхолламна схьахьажийна иза. Хьуна хIусамнана а, тхуна нус а хир цунах.

Маккхала долийнарг даггара къобал а деш, ша дош ала там ца хеташ, ладоьгIуш лаьттара Iела.

— Хьуна хIун хета, Iела? — цуьнгахьа вирзира Маккхал.

— Кху шиннан барт тайна, и гIуллакх нисделча, хIара дерриг дуьне сайн хетар дара-кх суна.

— Делахь, Аьрзу, тхуна луург дан деза ахь, — хадам бира Маккхала.

— КIентий, ас лечкъа ца до, сайна иза езар. Цунна суо везийла а хаьа. Охшиммо вовшашка сатуьйсу шийтта-кхойтта шо ду. Амма цуьнан аьтто боьхначу юкъах пайдаэцнарг хирий-те со. Цу тIе, хIинцца кхо бутт бен ца кхаьчча Гати кхелхина а...

ТIе гIовтал а юьйхина, коьртах башлакх а хьарчийна араяьллачу Эсета чу бийхира уьш.

ШолгIачу дийнахь, шаьш новкъа довлале, Тарам, МIаьчиг тешаш хIиттош, Эсет Аьрзун цIартIе яькхира Маккхала...

* * *

Кавказан Наместника, Кавказски Эскарийн Коьртакомандующис, инарла-фельдцейхмейстра, Цуьнан императорски локхалло, воккхачу эло Михаил Николаевича тIеман министре Милютине деллачу рапорта тIера.

№ 1874. 28 декабрь 1865 шо.

«...Кхалхар доладале хьалха Портас бинчу тIелацамца, вайн дозанашна герга йолчу пашалыкашка нохчий дIатарбойла яцара. И тIелацам цхьа сиз ца талхош кхочушбар вайна мел доккхачу маьIне ду хууш а, туркойн администраци шина правительствон хиллачу бартаца ца догIу гIуллакхаш лело гIертахь а аьлла, кхузара вай дIахьийсо партеш Анатолехь дIанисъярна тIехь тергам латтон Портас бина тIелацамаш нисса кхочушбар туркойн Iедалера леха бакъонаш а елла, кхалхоран юьххьехь тIеман комиссаран бакъонаш кера а елла Генеральни штабан капитан Зелени Турце хьажийра ас.

Ас ла ма-деггIара, туркойн Iедалшна шаьш бинa тIелацамаш кхочуш ца бан ойла хилла, вайн дозанашна гергахьа соьцу нохчий цигара дIабаха цхьа а тайпа гIулч ца яькхира. Туркойн администраци, Ванний, Мушаний гондIа Iен лууш болу нохчий цигахь бита гIертийла хиъначу капитана Зеленис, кхалхийнарш дIатарбарна тIехь куьйгалла дечу туркойн комиссаре Нусрет-Пашега июль баттахь сацам боллуш дIахьедира, уьш цигара дIа а бахий, барт бина ма-хиллара, Диарбекирна а, Эрзинганна а дехьа дIатарбе аьлла. Оцу хьокъехь шаьшшиммо вовшашка яздинчу кехаташка а, хиллачу къамелашка а ладоьгIча, капитанна Зеленина хиира центральни правительствос Нусрет-Пашина елла инструкци вайца хиллачу бартаца йогIуш цахилар, нохчашна магийнчу меттигашна юкъара я Ванан а, я Мушан а пашалыкаш оцу инструкцица дIаяьхна цахилар а. Меттигерчу Iедалшна а, комиссарна а хьалха ша хIитто лехамаш кхиам боцуш буьсийла хиъначу капитана Зеленис телеграфаца и гIуллакх Константинополерчу вайн векале дIахаийтира. Шайн комиссаро дIахьо некъ шаьш къобал ца бо Портас моттийтинехь а, шина правительствона юккъехь хилла барт нийса кхочушбар чIогIа тIедуьллуш, Лакхарчу визиран цIарах цуьнга омра динехь а, амма нохчашна шаьш билгалйинчу меттиге уьш дIабига уггар аьттонан цхьа бутт хан хIумма а ца деш яхийтира цара. Цунах пайдаэцна, нисса ах гергга нохчий Мушана гонах гулбелира, ткъа тIаьхьа тIеоьху партеш Эрзерумски аренашкахь севцира.

Константинополера и омра а кхачале, капитанан Зеленин дIахьедаршца, Нусрет-Пашас хьалха Эрзерумски вели хиллачу ИсмаьIал-Пашина тIедиллира Эрзерумехь севцца нохчий Карпуте дIахьовсабе аьлла. Нусрет-Пашин иза а, тIаьхьа тIе дина омраш а тергал ца динчу ИсмаьIал-Пашас нохчийн аьтто бира Эрзинганехь волу Кундухов Муса (вайн эскарийн инарла-майор хилла) шайна тIекхаччалц цигахь совцо. Ткъа шен аьттонна уьш Анатолехь муьлххачу а цхьана меттиге гулбан Iалашо йолчу Кундуховс, Карсей, Мушей вахана, Нусрет-Паший, капитан Зелений Эрзерумехь цахиларх пайда а эцна, Карпуте хьийсо Эрзерумера нохчий, цига а ца бохуьйтуш, Муше хьовсийра. Цул тIаьхьа, Нусрет а, меттигера Iедал а мел гIертарх, Муше бен, кхин цхьаннахьа а

ког дIатосур бац шаьш аьлла, дуьхьалбевлира нохчий. ТIаккха кхечира лаккахь дийцина Мушера нохчий Диарбекире хьовсабе боху Портан омра...

...Партеш цига дIахьовсорна тIехь гIо-м муххале ца дира меттигерчу Iедало, мелхо а оцу гIуллакхана новкъарло йора. Туркойн администрацин кIодалла бахьана долуш, хIумма а дан ницкъ ца тоьъначу Нусрет-пашас дийхира ша комиссаран декхарех мукъавитар. Иза мукъа а воккхуш, цуьнан декхарш дерриге а Эрзерумски керлачу велина Эмин-Мухлис-пашина тIедехкира. Ша барта хIуъу дийцахь а, башха хIара аьлла хIума ца дира цо а. Ерзинчу стигли кIел шелонехь бисина нохчий дохкобевлира шаьш даймохк битарна. Оцу хьоле эгначу царех цхьаберш вайн агIонгахьа берза Iалашо йолуш Александрополе боьдучу новкъа бевлира.

Константинополо меттахъхьадина меттигера туркойн Iедалш эххар самадевлира, амма хIетале Мушан округе 18—20 эзар гулвеллачу нохчочо сацам боллуш дуьхьало йира цигара дIавала. ТIехула тIе, цара къолаш, талораш дора, нах бойура, керстанийн ярташ йохайора. Оцу дерригенал сов, Мушана шозза атака ян а гIоьртира, дуьххьал дIа меттигерчу эскарийн начальник жигара хилар бахьана долуш бисира Мушан бахархошний, нохчашний юккъехь боккха тIом ца хуьлуш. Иштта чекхбелира сентябрь. Муша гонахара ламанхой дIабаха ойла ю-яц капитана шега хаьттича, валис Эмин-Пашас Лакхарчу визире нохчашна дуьхьал герз даккха бакъо йийхира. 7-чу октябрехь велина кхечира и ехна бакъо, цуьнца цхьаьна омра деара, нохчех дукхахберш Диарбекирски областе а кхалхабе, биснарш Iа даккха Ваней, Мушей, Эрзинганей, Байбуртей, Эрзерумей, Чильдирей дIатарбе аьлла. Капитана Зеленис дуьхьало йора уьш Ванехь, Карсехь, Чильдирехь битарна...»

XI корта АЛХАЗАН МУСА

Хьуна елха нана яц
МостагIийн кху махкахь,
Хьуна тийжа йиша яц
МостагIийн кху махкахь.
Хийла кIант воьжначу
МостагIийн кху махкахь,
Хьуо цхьалха хеталой,
Вуоха ма вуохалахь.
МостагIийн кху махкахь
Хьуо хилар ма дицде...

Нохчийн илли.

1

ШолгIа бутт бара, юханехьа новкъа бевлла нах дозанашка гIерта.

Къилбседехьа мел гIоьрти, де-дийне мел дели нилхаюьйлура церан тобанаш. Уьш хьоькхура къизачу мацалло.

Говран жижиг даац нохчочо. Дино ца дихкина цунна иза. Дуьххьал-дIа, говр муьлххачу цуьнан бохамехь а тешаме доттагIа ву. Шен дин кIелхьарабаккха, ша Iожалла тIеоьцийла йогIу. Амма хIинца яйа дийзи говраш. Церан жижиг даа дийзи. Бераш а, зударий а, къенаниш а мацалла ца балийта.

Ткъа уьш хьоькхура къизачу Iожалло. Эрзерумерий, Мушерий схьа Александрополе богIучу оцу бехачу некъаца цара дуьтура кегий а, даккхий а кешнийн керла баьрзнаш. Мацахлера иллеш, эшарш хIинца есанан сингаттамечу мукъаме дирзинера. Некъашкахь сих-сиха совцура велларг дIаволла. Ца хезара веллачунна тIехь зударийн белхарш. Ца гора тезета хIиттина тхьамданаш. Велларг дIаволла юьстахбовлура дегIехь мелла а ницкъ болу нах, моллий. Хийрачу лаьтте лора вертанан я истанган бIегIагна юкъа хьерчош, я хьарчо уьш йоцуш шайн тIелхигашца къонахчун дакъа. Сихха тIе латта а хьокхий, лохха барз а бой, гIевланге дечиг югIура.

ТIаккха сингаттаме долалора моллин аз. «Ясин валкъурIанил хьаким, инна каламинал мурсалийн...»

Моллас ца хоттура, велларг муха стаг вара, ца доьхура цунна къинтIера довлар, цуьнан дикаллина тоьшалла дар. ДIавуллучун дукха хьолахь гергара хьовха, юьртара а ца хуьлура стаг.

Амма накъосташна тIаьхьакхиа сихбелла, коша юххера дIабовлуш церан лерехь декара весет. ХIан-хIа, веллачун весет шел тIаьхьа буьсучу бахамах, хьолах, тIаьхьенах лоций ца хуьлура. ХIораннан а весет цхьаъ дара: нагахь Iожалло новкъахь ца сов-

цош, нана-Нохчийчу шаьш дIакхачахь, даймехкан лаьттана шен цIарах барт лолаш, дуьненах Iехавелла шех ваьллачу кIантана гечде алалаш цуьнга, юьртан кешнийн кетIахь шен безамана цхьа шога тIулг богIалаш...

Чилдарна сехьабевлча, доккха догIа а дилхина, некъ боьхначу цара цхьанаметте ши де текхира. ШолгIачу дийнахь цигара гена довлале некъахошна хезира шайна тIаьхьа догIу говрийн тата. Уьш юхахьовса а кхиале, царна гуобира марсадаьхначу дойшкахь тIекхиъначу дошлойн отрядо.

— Юхадерза! — шед лестош, мохь хьоькхура тIекхиъначийн коьртехь волчу Iаьржачу эпсаро.

Шодмаш а уьйуш, зударшний, берашний тIе говраш туьйсура дошлоша.

Наха, сиха кочара схьаэцна, тоьпаш дошлошна тIе лецира. Зударийн карахь къегира, гIалакхаш санна шуьйра, еха шаьлтанаш.

— Герз ма хьеде! — мохь туьйхира Аьрзус.

Цунна ца лаьара цIий Iано. ХIара янне а дов хьеде меттиг яцара.

Уьш тоьлар ма бац туркойн пачхьалкхан эскарал. Iедало даржийнчу эладитанаша кхузахь дерриг бохург санна адам кхелхина баьхкинчу ламанхошна дуьхьал даькккхина. Къаьсттина гIертара туркойн Iедал бухарчу гуьржашний, эрмалошний, тIебаьхкинчу ламанхошний юккъе мостагIалла дожо. Ткъа балла бохкучу хIокху пекъаршна ца оьшу цхьаьнцце а дов. Шайн новкъа къилбаседехьа дIадаха шаьш дитичахьана, церан цхьанцце а Iоттабаккхам бац. Амма туркойн дошлойн оьгIазечу яххьаш тIехь гуш бац къинхетаман хьаса. Ванах, лата деза-те? Ванах, кхин даймохк ца гуш, кхузахь дала деза-те. Iелина гира, зIок санна хьаьвзина мара а болуш, йоккха бага а йолуш волчу озачу туркочо цхьана зудчан букъах шад тухуш а, зудчунна тIехьа лаьттачу жимастага дошлочунна топ йожош а, уллорачу Аьрзус, кIел куьг а тоьхна, тоьпан юьхьиг хьалатосуш а... Ирах яьллачу тоьпан тата шалхадолуш ламанца кхерстина дижа а кхиале, гучувелира кхин цхьа бере. Цо тоьхначу маьхьаро юхабехира туркой. Дукха хан ялале гучуелира чаболахь новкъа догIучу коьртачу эскаран юьхь. Хьалха сирачу динахь вогIура зоьрталчу дегIахь, чIогIа тамехь паша. Туркойха вухавелла и велахь а, бIаьрг ма-кхийтти хаьара, иза кавказан ламанхо вуйла.

— Ассалам Iалайкум! Мила ву шун коьртаниг? — шена суждана эгна туркойн дошлой тергал а ца беш, нохчийн маттахь хаттар дира цецбевлла лаьттачу нахе.

— Со ву, — хьалхавелира Аьрзу.

Паша лерина хьоьжура Аьрзуга.

— Вовзац хьуна со, Алхазан Муса?

Шен цIе яькккхича цецваьллачу Кундуховс когашкара коьрте,



тІаккха юханехьа бІаьрг кхерстабора хьалха лаьттачу лекхачу дегІара озачу стаге. Ша мел гІелвеллехь а, цо курра агІор тесна латтабора баьлла корта, дегІах цІе йилла санна, цуьнан юьхьа тІера схьахьоьжура майра ши бІаьрг.

«Ванах мичхьа гина-те суна хІара стаг, — ойла йора Кундуховс. ХІинца хІорш бовза хала ма ду. Хьанна хаьа, хІара суна хьалха лаьттарг мацах цкъа со лиллина я ас лиллина наиб хила а тарло. — Мел ша кура, къиза велахь а. и гІелделла, гІаддайна, ахдийна адамаш гича, ламаст меттахъхьаира Алхазан Мусин. — Амма мисканийн, кхо бутт хьалхалерчу элдар догІмех шайн майра дегнаш доцург, хІумма а ца дисна-кх хІинца. Ас гІо дира паччахьан правительствона хІорш Іехош махках баха. Гечдир дуй-те суна дала? Цо гечдича а кхеран тІаьхьено»?

— Бехк ма биллалахь, суна хьо вовзац, — элира цо эххар а.

— ХІунда буьллу! Тахана цхьанне а ца лаьа тхо довза. Тхоьгара кхета дика дац. Тхо юхадерзийнарг, тхо къиза хІаллакдинарг чинехь, даржехь лакха-м воккхур ву. Ткъа чаьлтанчанна шен шаьлтанна кІел корта буьллург вовза ца лаьа. ДагадогІий хьуна диъ шо хьалха ахьий, Чермин Орцассий бенойн ярташ а ягийна, карахь мел долчух баьхна цигара бахархой Іаьнан шелехь берашца хьаннашкахь, таллархоша акхарой санна, лоьхкуш лелийна?

Кундухов, Аьрзуна жоп ца луш, говрара охьа а воьссина, урх нуьйран хІоьах тесна, некъана юьстах корта тосуш, шена уллохь лаьттачу эпсаре масех дош а аьлла, юха Аьрзуна тІевирзира.

— Кху адамашна хьалхара дІавала вайша?

Цунна гонах лаьттачу эпсарех цхьаммо, мажбелла лаьттачу бай тІе жима куз а баржийна, оцу тІе горга ши гІайба тесира.

Цаьршинца юьстахволуш кхозлагІниг гина, Іела царна тІаьхьахІоьттира.

— ХІара соьца верг сан ваша ву, — элира Кундуховс, Аьрзуна тІаьххье охьа а хууш.

— Вевза суна, Апако.

— Ас, сайн паччахьо сайна тІедиллина декхар кхочушдора, — хьалха Аьрзус юкъадаькхинчу къамела тІе вухавирзира Кундухов. — БойсагІар, Солтамурд, Іуммий, Атабий — уьш бара оцу шарахь Іенийнчу цІийна бехке.

— Ткъа нохчийн долара мегаш долу латта дІа а даькхина, уьш дерзанчу лаьмнашка а боьхкина, мацалла бала битарна бехке мила вара?

— Вайн цигара дисина халкъаш санна, дуьхьало ца еш, бертахь Россех дІакхеттехь, шуна а хир дацара хІума.

— Кхахьпа зуда бен ца йоьду дуьхьало ца еш боьршачу стеган кара. Аш, элаша, оьрсийн паччахьана доьхкира шайн халкъаш. Дешех. Тхан бацара тхо дохка элий. Тхо маьрша дара. Тхуна ца лаьара цхьанна а лайш хила. Кхетий хьо, цхьанна а?! Цун-

дела летара тхо. Я цуьрриг дохко а ца девлла. Маршонан дуьхьа вала-м, и маршо хІун ю хаа дезий. Хьуна и хаац я хуур дац, Алхазан Муса. Нах бохка, эца, ямартло ян, сий доцург лело бен, шу элашний, инарлашний кхин хууш хІума дац. Шу гІорсизчаьрца майра ду. Шаьш маьрша делахьара шу гІертар а дацара маьрша нах лолле берзо. Маьршачу стага цкъа а стаг лолле цаверзаво, цунна дика хаьа маршонан мах. И шуна хаац.

— Цул, иза дитий, дІогахь хьуо ала гІиртинарг алахьа, — шаьш тІеттІа кхаьчначухьа чІенг тесира Кундуховс.

— Со-м хьуна суо вовзийта гІертара. Диъ шо хьалха цхьана буса бенойн хьаннашкахь ахь цхьа кІеззиг нахана дош делира кхин юхчашна дуьхьал герз ца айба а, зулам ца дан а. Оцу ахь дош деллачу нахах цхьаъ ву со. ХІетахь ахь аьлла дешнаш дагахь ду суна: «Дитт, ша охьакхеташ, уллорчу диттах тевжа», боху хІирийн кицано, — элира ахь. — Цхьа бохам тІебеъча, вай вовшашна тІетовжаза ца довлу. Ас дош ло шуна, тховсачул тІаьхьа цкъа а шуна зуламана куьг ца айба а, ког ца баккха а, дош ца ала а». Амма, хьо хьайн дашах воьхнийла хиъна, хьуна и карладаккха дІадаханчу Іай хьан юьрта веанчу шина стагах цхьаъ ву со.

— Со волчу оьхучуьра нохчий цкъа а ца хедира кху тІаьхьарчу шарахь. Дукханна цхьаъ дагахь латто атта ду, цхьанна дукханнан сибат дагахь латто хала ду, — шого жоп делира Мусас.

— Хьо волчу листинарш кхуза кхалхаран хьокъехь дагабовла оьхура, ткъа тхойшиъ кхечу гІуллакхана веара.

— Соьца масане гІуллакх хилира нехан.

— Тхойшиъ хьоьга хьайн даша тІехь саца аьлла веанера.

— Хьан цІе хІун ю?

— Сан цІе Аьрзу ю.

— ДагвогІу. Амма ца вийцича вевзар вацара. Хийцавелла хьо.

— Кхузахь оха баькхина кхо бутт кху тІаьхьарчу ткъа шарал хала беана тхуна.

— Ас ца дохийра шуна делла дош. Со сихха дІавахара шун махкара. Цул тІаьхьа ас цкъа а дакъа ца лецира Іедало шуна дуьхьал дечу гІуллакхашкахь.

— Амма тхан нах Іехо Іедална гІо динарг-м хьо ву, Муса. Нах тешара хьох, ахь деллачу дашах. Ламанан кІенташа дош лардо. Иштта схьадогІуш гІиллакх ду вайн дайшкара. Нахана хьо къонаха ву моьттура ,ткъа иза бакъ ца хиллера.

«Хьажахьа хІокху писан хецаялар! — дагахь яппарш йора Кундуховс. — Лергах а хьокхий со! ХІокху туркойн жоьжахатис, а ца йожийна-кх кхеран Іовдал куралла. Схьа а лаьцна, ваьхьна Диарбекиран набахте таса веза!.. ХІан-хІа, и дан ца тарло. Цо зулам дийр ду сан Іалашонна. ХІокхарна дуьхьал ас ницкъ баккхахь, хІуй-пака хуьлу ас даима дагахь латтийна, шен дуьхьа ас оццул хан а, ницкъ а байина сан мерза сатийсамаш. Ас кхарна

дуьхьал герз айахь, бисинчу нохчашна юккъехь сий довр ду сан. Айса оццул лерина кху хьола тІе далийна сайн гІуллакх хІара тІуьйлигаш бахьана долуш дохо деза ас? ХІуъу хилча а дохор дац! ТІехула тІе, кху эскаро кхерор а буй ткъа уьш? Шаьш тІаьхьара сауьйзуш белахь а, летта бала кечбелла. Суна-х евза кхеран хьере майралла. Хазчу дашо бен берта балор бац. ХІумма а дац, мел сайн сий дахь а, нийсачо нийсачуьнца санна, къамел дер ас кхуьнца. Дехаре ваьлча а дац хІумма а. Парижан дуьхьа-м ламаз дан а мегар ду аьлла-кх Генрих Навварскийс...»

— Цкъа-делахь, ас хьоьга доьхур ду, айхьа олу дош ойла а йина алар. Хьан къамел дукха шога а, со ца лоруш а хетало, — элира Мусас, шен оьгІазвахар сецо а гІерташ. — ШолгІа-делахь, нах Турце кхайкха Нохчийчу ца веана со цкъа а. Шун яртийн тхьамданаш сайх дагабовла суо волчу баьхкича, ас сайна хетарг аьлла.

— Хьо-м ца веара, хІара хьан ваша, Апако-м лийлира хьан дагахь дерг, шегара долчух, къайлах-къулах а нахала даржош.

— Хьуо делах тешахь, тешахьа сох, Аьрзу. Суна ца моьттура айса долийнчун тІаьхье иштта декъаза хир ю. Шуна дика болх бан гІиртира со. Мегаш долу латта дІа а даькхина, лаьмнийн кІажа дерзийнчу шуьгахь ирча хьал дара. Оцу гІелонах хьалхадовла шуна кхоъ бен некъ бацара: я мацалла далар, я сагІадеха арадовлар, я шайгара дІадаькхина латта герзаца юхадерзор. Суна хаара аш тІаьхьара некъ харжар.

Юха а цкъа цІий Іаназа ца долура, Аьрзу. Оцу хьолехь шу дисича цкъа а цигахь синтем хир боцийла хуучу оьрсийн Іедало сацам бинера ах нохчий ГІебартий, Теркал дехьий, гІалгІазкхашна юкъий бекъа, шун махка керла станицаш яхка...

— Тхуна хаьара иза.

— Шу цигара бертахь дІадевр дацара. Іедало шу дуьтур дацара. Кийча тІом бара иза. Суна шера ма хаьа, хьо хІунда веана. Оьрсийн Іедална дуьхьал аш кечбечу керлачу гІаттаман тхьамданаша тІедилларца, туркошка шайна гІо деха, цхьа барт бан веана хьой, Маккхал кхуза. Амма оьрсашца и керла тІом чекхбер бара шух нисса ах хІаллакдеш, диснарш махках а дохуш. Цуя суна бакъахьа хийтира, шуна юкъара цхьа масех эзар доьзал бусалба Турце а кхалхийна, биснарш маьрша бахийтар...

— Тхох къахеташ лелла-кх хьо?

— Дела ву-кх сан дог гуш.

— Харц луьй хьо, Алхазан Муса. Харц лийча иэхь ду къонахчунна. ДІадаханчу Іай хьо волчу веъна ас а, Макхалла а элира хьоьга, Хонкара кхалхар къобалдеш хабарш ма дийцахьара ахь хьайна тІебаьхкинчаьрца, цигахь даладелла бохуш, тхан наха юкъа эладитанаш ма даржадахьара ахь, цига бахча нах, шайл хьалха бахана эдагой санна хІаллакьхир бу, лахь шайн лаьтта тІехь лер уьш, и нах Іадда битахьара ахь. Бехарий?

— Бехира.

— ХІунда дира ахь хІара?

— Бахьана ас дийцина хьоьга.

— Харц ву хьо, Алхазан Муса. Къайлах цхьа Іалашо хилла хьан. Кхузахь туркошца я дІогахь оьрсашца бина барт бу хьан. Ца хилча, берриг хьан бахам безчу мехах дІа а эцна, цара хьо схьа а хоьцур вацара, кхуза схьа ма-кхеччи, туркоша хьуна пашин чин а лур дацара!

— ХІаъа, сан барт бара шина а агІонца. Шун дуьхьа, шу хІаллак ца хилийта.

— Муха керча хьан мотт, Муса! Нохчийчоь а, ДІегІаста а дІалаьцча, цигахь тІом чекхбаьлча, кхидІа хьо ца оьшура оьрсийн паччахьана. Хьуо мел дукха вахарх чинехь кхин лаккхаваларе дог дохийла яцара хьан. ТІехула тІе, оьрсийн Іедало мукъабохура, Муса-эла, шун ялхой а. Цигахь хьайн гІуллакх галдала доллийла хиъна, хьо кхузахь иза тодан, нохчий а эцца, схьавеана. Тхан нехан цІий Іенош, цигахь инарлин чине кхечира хьо, и ца тоуьйтуш, кхуза а далийна, юха а цкъа тхо хІаллакдарца, паша хили хьох. Хьан дагахь кхин а дикка хІуманаш ду, амма кхин тхо Іехалур дац. БойсагІар имам ваьллачу шарахь айхьа хІаллакдинчул уьттазза сов адам хІаллакди ахь кхузашха схьа а далийна. Махках а даькхина мацалла, къиза. Хьан эладитане мотт сеццехь, хІара адам шен махкахь хир дара.

— Гор, Аьрзу яІ, со бехке вар бен, кхин хІума-х ца хаьий хьуна, — доккха садаькхира Кундуховс. — Хьоьца ца къийсархьама, ахь боххург бакъ ду аьлла соцург хир ву-кх. Амма со дуьйен чохь ца хиллехь а, шуна хилларг, хиндерг ду-кх ахь суна тІетеІориг. Со ца хиллехь, кхин инарла хир вара диъ шо хьалха шун гІаттам хьаша. Иза сол къиза, дера хила а магара. Шу кхузашха схьадало а вер вара кхин. Сох а, хьох а дозуш дац хІорш. Ницкъ болчо гІорсизниг эшош, вацош схьадогІу дуьне. Оьрсийн къам а, мохк а дукха ду, ницкъ болуш ву церан паччахь. Дукха хан яра дуьненан нуьцкъалчу паччахьаша вайн исбаьхьчу лаьмнашка сутара бІаьргаш хьийсаде. Вайн ницкъ бацара цаьрца кхийса. Царех цхьанна кІел совцаза ца довлура. Девнехь эшна кІел совцучул, бертахь тІедерзар тоьлаш лерина дина тхан дайша шаьш динарг. Делира дера царна-м чинаш, даржаш, совгІаташ. Дуьхьало йинехь? Шу санна хІаллакьхир бара. Сий а, пусар а хир дацара. Шуна хаа ма деза, Аьрзу, оьрсашна дуьхьало ян гуьржийн паччахьашний, хІирийн, гІебартойн, гІумкийн, жІайхойн элийн ца кхаьчна ницкъ шайн кхочур боцийла. Хаа деза, гуобаькхина Іан халкъаш шена муьтІахь хилла севцича, оцу юккъехь цхьа кІайдарг хилла лаьтта шаьш тІе ца дерзийча оьрсийн пачахьо дуьтур доцийла. Царна оьшурш-м шуй, тхой даций, вайн исбаьхьа лаьмнаш, Іалам ду. Уьш бертахь шайга дІа ца делла халкъ паччахьо хІаллакдийр ду. Иштта дара шен инарлашка цо

денна ден омра. Шу ловзош Iийр вацара. Цигахь гаттехь шу дита йиш яцара. Латта ца тоьура. Шуьгара дIадаькхинарг элашний, эпсаршний совгIатана декъна. Дукхахдолчунна тIе гIалгIазкхийн станицаш ехкина. Диснарг пачхьалкхан дола даькхина. Шу массо мацалла леш хиларх, паччахьо цигара гIалгIазкхий дIабохур бац я эпсаршний, элашний декънарш шуна юха а дерзор дац. Иза ма хаьа хи чуьрчу пхьидашна а. Цул шу цхьадерш Россин кIорге, вуьш ГIебарта, диснарш Теркал дехьа кхалхийча? Оьрсашна юккъе даржийча, уьстагIий санна хир ма дара шу. Церан дине, маттей, гIиллакхей дерза а магара. Бертахь шу девр дацара шайн махках. Кийча керла тIом бара иза. Гой хьуна, Аьрзу, со дуьненахь ца хиллехь а, хир долуш хIуманаш дара уьш. Ткъа цигахь а, кхузахь а шун аьтто бан со мел гIирти хууш вай кхоьллина дела ву.

— Хаьа тхуна, Муса, — жимма кIадвелира Аьрзу, — Диарбекирехула дIа ца дуьгуьйтуш Мушаний, Байбуртаний, Эрзерумний, Къарсаний уллохь тхо совцо гIерташ ахь хьайн ницкъ кхочург лелинийла хаьа. Амма паччахьан инарла Алхазан Муса диъ шо хьалха тхоьца берта валийнарг, цигахь а, кхузахь а тхан бала кхаьчна лоьлуьйтург хIун ду хаац-кх. ХIинца дIа ойла йича хетало, и дерриг ахь паччахьан Iедалан бертахь лелийна. Нагахь тхо шекдерг бакъхилла карадахь, ларлолахь, Алахазан Муса. Лаьттах воларх, стигла варарх тхуна карор ву хьуна хьо!

Кундухов вист ца хуьлуш сецира. ЦIеххьана чу гIайгIа йоьссина цуьнан майра ши бIаьрг тIуьначу лаьттан некъан йистонца хевшиний, эгний Iохкучу адамашна тIехь сецира. Цуьнан омре ладоьгIуш кийча лаьттара туркойн дошлой. Цуьнгара дош даьлча, уьш жIаьлеш санна тIекхиссалур бу оцу балла бохкучу нахана. Ткъа маса кхачалур ву царех Муше юха кIегар? Иттех. Биснарш лийр бу. ХIетахь кхеран гIаттам хьошуш-м командованин гриказ кхочушдира цо. Ягош хIаллакйира дийнна ярташ, таллархочо экха санна, хьаннашкахь адамаш хьийзийра. Амма нохчаша оцу гIуллакхана командовани ца йира, ткъа операцина тIехь куьйгалла дина иза, Муса, вира бехке. ХIинца а, велин приказ кхочушдахь, царна хьалха дерригенца бехке хир ву. Цунна уггар коьртаниг — нохчий шех тешор ду. Ткъа кхеран цIий туркоша шаьш Iанор...

Хевшина Iачу нехан цхьана тобано цIеххьана гIийла назма йолийра:

...Бусалба паччахьо ша волчу доьхура,
Кераста паччахьо цIахь совца бохура,
Къематде хIуттуш ду молланша бохура,
ЦIе йоцуш, мох боцуш Нохчийчоь йогура,
Мел дезарг дIатесна вай махках девлира.
Паччахьийн багахь берг ямарт мотт хиллера,
Алхазан и Муса сийна цIе хиллера,

Iуспанан Сайдулла цIарна мох хиллера,
Тешхачу молланша вай Iехош хиллера,
Цара вай кхачий-кха къематан кху дийне...

Оцу назманан хIора дош буроха лерга хьаьвзий, дегIах лазар тухуш, массо пхонах чекхдолура Кундуховна. Цкъа-цкъа ойла хуьлура цуьнан лерга пIелгаш дохка я, дина а хиъна, цхьана агIор къайлавала. Амма уьш ший а дойла яцара. Цергаш а таIийна, цо сатуьйхира назма чекхъяллалц.

— Аьрзу, нехан неIалтал доккха таIзар дац стагана. Суна хаьа, шун тIаьхьено сайна и кхайкхор дуйла. Шун мехкаш дIалоьцуш дакъалаьцна со а, дисина адамаш а, замано шен кхиэлана гIовттийна хилла. Кхин хIумма а дац. Юха а боху ас, сох, со санначу иттех, бIе стагах новкъа дала а, кIелдиса а хIума дац. Тхо ца хиллехь кхин хир бара. Суо вина мохк ца безаш ца веана со кхуза. Шу-м цIа дерза а мега. Доьрзур а ду, даламукъалахь. Амма суна иза юха гур бац. Сой, Сайдуллий, кхин масех стаг юха Росси вуьтур вац паччахьо. Дерриг дуьйцур дац ас. Цунна хан дукха еза. Амма сайн цхьа къайле хьуна йийца лаьа. Диъ шо хьалха бенойн хьуьнах шаьш сайх ас хIунда тешийра бохучу хьан хаттарна жоп хир ду хIара. Оьрсийн паччахьна тхаьш гIулакх деш делахь а, оьшуш дуьненан даьхни дацахь а, тхо цхьадолчаьрга ца лалора вайн халкъашна тIехь цара латто кънзалла, цара вайн сийсаздар, эхь ца хеташ талор. Цундела оха цхьана пхеа стага барт бира, оьрсийн олалла вайн махкара дIадаккха. Уьш пхиъ сой, Iуспин Сайдуллий, Цугин Iелахий, Уцмин Мусий, Атажукинний вара. Тхан Iалашо кхочушъян боккха ницкъ оьшура. Ткъа цунна хан езара. Амма оха хьалхара гIулч тоссушехь дуьйхира дерриге а: Атажук-эло мотт бира тхуна. Эла Уцмин Муса Россех кхалхийра. Ткъа тхо висина кхоъ лацаза висира. Со цецвийлира цу балхах. Суна ма хаара, бартан коьртехь со ву аьлла, Атажукина мотт биннйла. Къаьсттина цецвуьйлура со суо витарх. Ас дуй ма биънера оьрсийн паччахьана муьтIахь хила. Со цуьнан эскаран инарла вара. Ткъа ас, и сайн дуй а къарбеш, пачхьалкхана ямартло йинера. ХIетте а ца лоцура, чинах ца вохавора. Амма суна кечдина кхин луьра таIзар хиллера церан дагахь. Инарлас Лорис-Меликовс, цхьана дийнахь шена тIе а кхайкхина, доцца схьахьедира соьга: я оьрсийн Iедална реза боцу нохчий а эций, Сайдуллица, Iелаханца Турце кхалха, я оха оцу нохчашца цхьана дуьнен чуьра кIур бойу хьан...

Кийра цхьа бала хьаьвзина, ша Iеччохь меттахъхьеш, синтем байна Аьрзу цIеххьана хьаланккхира. Шен кхоьлина бIаьргаш хIетталц бен доцуш дехьа ломан баса доьгIна гIийла къамел деш Iачу Кундуховс, гIулч таса кхиале, катоьхна пхьарс лаьцна, лаьтта охьаозийра Аьрзу.

— Хьайн делан дуьхьа, Аьрзу, со дийцина валлалц ладогIа, — дехаре хьалахьоьжура иза. — ХIинца хьоьца къамел дийриг оьр-

сийн инарла а, я туркойн паша а вац, ткъа шуьца цхьана лаьмнашкахь вина, кхиъна ламаро ву...

Аьрзу, тоьхна шен куьг Мусин керара а даьккхина, бIаьрган негIар ца тухуш, цунна тIе а вогIавелла, сецира.

Iелина дика евзара вешин амалш. ТIехьашха хьаьжча а хаьара цунна иза гIийла хилча а, самукъе хилча а, оьгIазе хилча а. Ткъа хIинца Аьрзун юьхьа тIера кIеззиг йисина цIелла а яйнера, кIайделла лахара балда цергаца а лаьцна, цо буйна къуьйлура шаьлтанан кIайн маьIан мукъ. Цуьнгара цхьа доьхнарг даларна кхеравелла Iела дерригенна а кечвеллера. Амма Аьрзус, гIелбелла, хевшиний, иэгний Iачу зударшкий, берашкий, кхерамна кийча ирахь хьийзачу накъосташкий бIаьрг а тоьхна, доккха садаькхира.

— Суна хаьа хьан дагахь дерг, Аьрзу, — юха а гIийла къамел долийра Кундуховс. — Суна тешха, ямарт жIаьла аллаза виси хьо.

— ХIаъ, цхьана мIаргона цу дешнашца жIаьла сийсаздора ас. Дика жIаьла тешаме хуьлу шен дений, цIенний. Ткъа хьо ямарт хилла хьайн дена — оьрсий паччахьна, ямарт хилла хьайн цIенна — даймахкана, хьайх тешначу адамашна. ХIан-хIа, Муса, жIаьла аларх юьззина ца йолу хьан бакъ цIе. И миска адамаш дацахьара, хьо ларвеш дерриг туркойн эскарш хиларх, ас са доккхур дара хьан. Хьоьца кху хьан вешин а!

ХIетталц цхьа дош аьлла а вист ца хуьлуш шаьлтанан макъара тIе ка а диллина, шина нохчочунна тIера бIаьрг ца боккхуш Iеш волу доккха, мезалчу дегIара Афока къамела юкъавуьйлира.

— ЛадогIахьа, Аьрзу, тхо хьоьца адамийн маттахь къамел дан гIерта, ткъа ахь, кхерамаш тийсина, Iиттарш йина ца Iаш, тхо сийсаз а до. Нагахь хьо вицвеллехь а, тхаьш хьо винчу лаьмнашкахь дина а, кхиъна а хиларрий, ткъа майраллей, оьздангаллей диллича, хьол тIех бен, оьшуш доцийла а хоуьйту хьуна!

Аьрзу, вагийча санна, цIеххьана Афокина тIевирзира.

— Шуьшиъ кIилло ву бохург тхуна дага ца деъна, Апако. Амма тешам, оьздангаллий хьехо эхь хета дезара хьуна. Шуьшиннан ямартлоно пхи эзар доьзал мацалла хIаллакби кхузахь. Нохчийчохь тхан цIий Iанош инарлин чин даьккхира хьан вашас, ткъа кхузахь схьакхачарца паша хили цунах. ХIетте а тешам, оьздангаллий хьехайо ахь! ХIара адам юхадерзадай я дIадахийтий айхьа дийриг дай вала, Алхазан Муса.

Шен вешега, хIирийн маттахь и човхош, масех дош а аьлла, юха Аьрзуна тIевирзира Муса:

— Ас юха а боху хьоьга, Аьрзу, хIинца хьоьца къамел дийриг я оьрсийн инарла а, я туркойн паша а вац, ткъа хьо санна махках ваьлла ламаро ву. Хьайна деле собар дехий, со дийцина валлац ладогIахьа. ХIаъ, Аьрзу, сан даг чу ямарт ойланаш лилхина хила а тарло. Айса бохург цигахь ца хуьйлийла хиъча, шун бохамах пайдаэца дагадеара суна. Ас ойла йира. Оцу ломан кIажа хьовзийнчу нохчашна, царех итт дакъа дича, исс декъана а латта ца тоьа. Оцу хьолехь уьш совцур бац. Оьрсашна и хаьа. Амма нохчашкара дIадаьккхина латта Iедало къемата а царна духадерзор дац. Лаххара а нисса ах нохчий шайн даймахкара дIабаха деза Iедалан. Амма уьш бертахь махках бевр бац. Ца хьебеш битча а, дIабаха гIоьртича а кийча керла тIом бу иза. Юха а хIаллакьхир бу уьш. ТIаккха суна бакъахьа хийтира, инарлас Лорис-Меликовс сайна хьалхахIоттийнчу шиннах хьалхарчу новкъа валар. Нохчийчуьра пхи эзар доьзал дIабаьккхича, цкъа-делахь, дуккха а латта буха буьсучарна мукъадолура, шолгIа-делахь, хIара уггар коьртаниг дара, — цо уьш кIелхьара бохура керлачу тIамах. Цундела ас сацам бира, сайца кхалха реза болчу нохчашца Турце кхалха. Сайдулле а, Iелахане а дийцира ас сайн дагара. Ас цаьршинга ца хаийтира айса лелориг оьрсийн Iедалца бертахь хилар. Кху хьоле шу оьгур дуйла ца хаьара суна, Аьрзу. Бакъду, шул хьалха кхуза баьккина чергазой, абазеш, убыхаш, шапсугаш суна кхин а ирчачу хьолехь гинера. Амма туркойн паччахьо со тешийра, нохчийн дола шаьш дийриг хиларх. Дерриг галдаьккхинарг — шайн дозанца йолчу меттигашкахь совцийта оьрсийн Iедал дуьхьал хилар ду. Ткъа шайна къастийнчу лаьтта тIе дIадаха шуна а ца лаьа. Бехк бац шун. Дуьйшчу дерзош доцчу оцу екхачу махкахь дукха стаг хене вер вац. Цундела туркойн а, оьрсийн а бертаза со дуккха а гIиртира шу кхузахь совцо. Ницкъ кхачац.

Муса цхьана ханна вист ца хуьлуш сецира. Лаьттара схьаэцна цхьа дакъаделла чамхалг цергаца Iуьйшуш а Iийна, Аьрзу вист ца хуьлийла хиъча, юха а шен къамел дIадолийра цо:

— ХIаъа, Аьрзу, сан бехкенна хIаллакьхуьлуш ду шу кхузахь. Со а Iехавелира, шу а Iехаделира. Бехке ву. Сох биэкхам эца луучо, суна эзар шо оьмар еха. Цхьана агIор, шун къила воьжна цо дог огуш, вукху агIор, даймахке сатуьйсуш вехачул суна велла дIавалар гIоле ю. Ас дуьненахь йоккхучу хIор миноталл луьра таIзар дац суна.

Iела ца тешара Кундуховс дуьйцучу дукханнах. Амма цхьалина хиънера даймахкахь валаран, цуьнга сатийсаран къаьхьа чам.

— Тхоьца цIа верза, — аладелира Iелега цIеххьана.

Доккха садоккхуш, гIайгIане вела а къежаш, Iелега хьаьжира Муса.

— Э, къонаха, хьуна и ала бен хаац. Туркошна со кхузахь оьшу, оьрсашна со цигахь а, я кхузахь а хьашт вац. Туркоша со дIа а хьажор вац, оьрсаша дозанал чоьхьа а волуьйтур вац. Шу-м къайлах-къулах а цIехьа гIертар дара, валаза виснарг дIа а кхочур ву, шайн ярташкахь къайла ваьлла а вуьсур ву. Ткъа со? Со

къайлавер вац цигахь. Билгал ву. Даймахке сатуьйсуш, валлалц кхузахь къиза ваха деза сан.

— Муса, хьан цхьана а дашах ца теша со, — элира Аьрзус. — Хьайх тешам байина ахь.

— Ас бехк ца буьллу, Аьрзу.

— Хьо вохкалуш стаг ву, хьуна хала хир дац кхузахь ваха! — къиза дешнаш кхуьйсура Аьрзус.

— Аьрзу, ма ехьа Іиттарш, сан собарх къинхетам бехьа! — къаьхьа мохь белира Кундухови. — ХІаъа, соьгахь шортта ахча ду! Туркоша со лоьру, царна чІогІа оьшу шайн мостагІийн эскарш, тІеман Іилмий девзаш волу инарла. Цигахь сайна гІенах а гундоцчу дарже кхача мега со кхузахь. Амма хІун до цунах? Кхузахь паччахь хилла вехачул, суна-м лаьмнашкахь къелла валар тоьлий. Амма тІаьхьа кхетта-кх.

— Дала хьукма дойла хьуна! Вало, Іела.

— Собар, Аьрзу. Шу юхадерзо хьажийний со-м!

Масех гІулч ма тессинехь, сецира Аьрзу:

— Хабар ца дахдеш, кху адамашна кхэл кхайкхаяй валахьа, Алхазан Муса. Духа ца дерза лийр ду тхо.

— Эрна къа а ца хьоьгуш, духадерза. Оьрсийн паччахьан омра ду, кхуза кхелхинчу нохчех цхьа а юха Россин дозанал чоьхьа ца валийта.

— Хаьа тхуна. Амма дозане а хевшина, оха юха а дехар дийр ду.

— Шу тергалдийр дац.

— Мухха дирзина а, цІа доьрзур ду тхо.

— Къайлах цІа вирзинарг Сибрех хьажор ву шух!

— Оьрсийн Сибрех делара тхо, кхузахь хуьлучул.

— Цигахь керста дине дерзор ду шу! Шун зударий цигаҳь шарбалш йоцуш, гаурашца лелар бу! Шун берийн берашна нохчийн мотт а, гІиллакхаш а, дин а дицлур ду!

— Тхуна са ма гатдехьа, Алхазан Муса. Оха мухха Іалашдина а тхаьш а, тхешан дин а Іалашдийр ду. Цул, Алхазан Муса, хилаза цадериг дІадоладе вай? Декъий ца хьахь, дийна тхо юхадуьгур дац аш.

«Ванах хІун де-те ас? — хеттара Кундуховс шега. — Герз айича? ХІан-хІа, хІан-хІа. Цул дІабохуьйтур ас хІорш. ХІокхарна гергахь со ламанхо, хІокхеран дуьхьа махках ваьлларг, хІокхеран гІайгІа бан гІертарг хилла виса веза...»

— Ма дийцахьа, Аьрзу, шу юхадерзо дагахь хилча, со Іийр вацара хьоьца хІара захало дуьйцуш. Аса-м шу дІадохуьйтур дара, туркоша дозане дуьтур дац. Цара дитахь а, оьрсаша шайн дозанал чоьхьа довлуьйтур дац. Суна хууш ду, шуна дуьхьал шина а агІоно цига инзаре дукха эскарш оьзнийла. Ас аьлларг дай, юхадерзийша, Аьрзу. Суна лаац оцу пекъаршна дуьхьал герз дакха. Амма, дозанехь шух къинхетам бийр бац кхара а, я вукхара а. Цул, кхузахь а совций, кхара бохург дейша...

— Йолах эскарехь гІуллакхий? — кІоршаме хаьттира Аьрзус. — Цигахь оьрсийн паччахьо тхо санна, кху Хонкаран махкахь туркоша бІарздина гІуьтту къаьмнаш цІийла керчош лелий? Хьуна а, хьан керлачу дайшна а моьтту хир ду, шайн мохк, доьзалш, синош лардеш дезткъа шарахь цІий Іенийна тхан нах цІийга марзделла акхарой ду? ХІан-хІа, Алхазан Муса, тхо хир дац цхьаннан а леш, цхьаннан а йолахой. Иштта дІаала ахь туркойн паччахье. Марша Іайла хьо!

Меллаша къилбседехьа буьйлабеллачу наха цхьа чаккхарма некъ бале, царна тІаьхьакхира, юххе ваьлла бере а волуш, ши гІудалкх. Генара бІаьрг ма-кхийтти вевзира Іелина Мусин ваша Афока.

— Мусас некъана хІара кхачанан сурсаташ дайтина шуна, — элира цо, Аьрзуна тІе а веана. — ХІорш дІаэцар а дийхира цо. Юха а дийхира цо, ас а доьху шуьга, тхойша вонна дага цалецар. Диканиг дечуха лийлира-кх тхо. Шун дегнаша лоьхург лойла шуна дала. Дала шен къинхетамах ма дохийла шу а, вай дерриге а!

ГІудалкхаш цаьрга дІа а елла, юхаозийна говр ма-йоьдду лаьллина, некъо голатухучохь къайлавелира Афока...

XII корта СЦИЛЛАНИЙ, ХАРИБДАНИЙ ЮККЪЕХЬ

Султан а, цунна уллорниш а бусалбанаш бу моьттуш хьуна? Уьш-х гаурийл а оьшу. Дависарг яI, сайн кара нисбелча, султан хьалха а воруш, ас, ткъе диъ дакъа деш, борур бара уьш.

Имам Шемал.

1

Эриванский областан TIеман губернаторан инарла Астафьевн кехат.

«Кавказски Эскарийн Коьртачу Штабан Начальнике, Цуьнан Локхалле инарла-лейтенанте Карцовга.

Къинхетаме Государь
Александр Петрович!

Ши кIира хьалха Александропольна улло вайн дозанашка кхаьчначу нохчийн 98 стагий, зудчой соьга дийхира, шайн дай баьхначу махка духадерза шайна бакъо ялар.

Туркойн правительствос цхьа а тайпа гIайгIа ца беш битинчу оцу нахера ирча бохаме хьал хуучу ас, дийцарш дан сайна тIе векалш бахкийта пурба делира царна.

Оцу векалша соьга дийцира, шаьшларчу цхьа цIеяханчара дуьйцучух а тешна, даймохк битина шайн схьакхалхар. Цара дуьйцучух ца Iехаделлехь, шаьш цкъа а Россера схьакхелхар а дацара, Турцехь шайн беш цхьа а тайпа гIайгIа бац, шаьш Iалашмат ирчачу къелле, бохаме а эгна, цигахь шайна къастийна мохк стагна валий бен, ваха мегар долуш бац, Турце юхадоьрзучул Сибрех даха а, я цигахь вайн дозанашкахь дала а реза ду шаьш бохуш...»

2

Ши кIира дара хьалхара тоба Арпачайна уллохь туркойн эскарша сацийна латто.

* Сцилла, Харибда — грекийн мифашкахь адамийн куьцаш долуш къиза ши экха. Туркойн, оьрсийн паччахьийн деспотизм оцу шина экханах таръеш аьлла Ф. Энгельса (К. Маркс, Ф. Энгельс. Соч., 39 т., 271 агIо).

Цул бутт хьалха кхаьчна нохчийн кIеззиг доьзалш а бара бухахь. XIинцале гIеххьачул шайн кешнийн ков-керт лаца а кхиънера уьш. Шаьш кхуза кхаьчначу дийнахь дуьйна, даймахка дIадахийтахьара шаьш бохуш, кера куйнаш, корталеш детташ, цара дукха дехарш динера дозанерчу туркойн хьаькиме Сулейман-бейга а, оьрсийн хьаькиме, цхьана инарлега а.

Сулейман-бейс бохура, шуна схьадахка лиъча схьа а дахкийтина шаьш, дIадаха лаахь, дIа а дохуьйту шаьш, амма оцу дIогарчу торгIалчу бIогIамна дехьа лаьттачу оьрсаша шу дозанах дехьа ма довлийта боху шега. Уьш резахилчахьана ца сецадо. Ткъа оьрсийн инарлас боху, шу дозанах сехьа довлийта шен бакъо яц. Юх-юха а дийхира наха. Шаьш хIинца оьрсийн Iедална муьтIахь хир дара, цо хьаькхначу сизал тIех а девр дацара, дIадахийтахьара бехира. ГIуллакх ца хилира. XIета, шайн махка ца дахийтахь, мичча а цхьанахьа Россех дитахьара шаьш а бехира. Реза ца хилира инарла. Сибрех даха реза хир дара шаьш а бехира. Гуттар собар кхачийначара элира, ахь цIа дерзийтахь, керста дине дерза реза а ду шаьш.

Оцу хьола тIе нисбеллера IелагIар. Дозанца волчу оцу шина инарлица дийцар эрна хир ду аьлла, царна тIех а ваькхина, Тифлисе, сардална тIе, Аьрзу коьрте а хIоттийна, виъ стаг хьажийра цара. Амма сардала а духатуьйхира церан дехар. Аш яздина, Турцехь волчу шен эпсаре делла дехар, хьалххе шега схьакхаьчча, ша иза Петарбухе дIадахьийтинера, нохчий юханехьа цIа берзар бохург хьеха а ма дайта аьлла, шен вешера жоп деана шега элира цо. Шайн лаамехь шайн бусалба паччахь, бусалба вежарий болчу дIакхелхиний шу бохура сардала, шаьш дIадахханчохь Iаддае, юханехьа а ца хьийзаш.

Амма хIорш хазахета цига цакхалхар, шаьш гатбина, бIарзбина хIорш даймахках бевлла хилар хьеха а ца дора. И дерриг кхеран шайн «лаамехь» хилларг лери.

Ма атта хета-кх царна нехан бохам!

Сардал волчуьра селхана схьакхаьчна АьрзугIар. Цара деанчу хабаро дегнаш дохийна нехан. Ма къинхетамзе ду-кх сардалан дог! TIулгах дича санна. TIулг а ма беша тIе дуккха а хиш Iенча. Амма оьрсийн паччахьан, цуьнан вешин, инарлийн дегнаш дашалац-кх оцу берийн, зударийн бIаьргех догIанхьа Iеначу хишка.

Мушерий, Эрзерумерий схьа Арпачай оцу бехачу некъаца кешнийн баьрзнийн лар юьтуш кху дозане кхаьчна и адамаш, и шиэзар ялх бIе IиндагIа сацийна-кх оцу лаьттачу торгIалчу бIогIамо. Цунна дехьа, къилбаседехьа, лаьмнашна тIехьа лаьттачу церан даймахко тIеийзабо уьш. Иза бу оцу адамийн догIмашна ницкъ лург, уьш къилбаседехьа дIабуьгург.

Ялх бутт хьалха шена букъ тоьхна, тилла дахана шен бераш тIедоьху цо. Даима церан лерехь дека царний бен цахуучу мат-

тахь цо бечу кхайкхаман аз. И царна го маьлхан а, беттан а серлонца. Иза царна хеза махан эсалчу тулгIещца, шовданийн декарца, олхазарийн шакарщца, шайн сингаттамечу иллещца тийжаш техкачу хьаннашца. ГIа-бацо, дорцан угIаро — дерриге а Iаламо, дIа мел хьаечу межено и кхайкхам шайга кхийдабо моьтту царна.

ХIинца и кIайн-Iаьржа мохане бIогIам мокхазан берд хилла лаьтта царний, церан даймахканий юккъехь. Цул дехьа — церан дахар ду, ткъа сехьахь — Iожалла. Амма буйнахь шийла герз а кхуьйлуш, тIулгийн йолуш санна, къинхетамзачу яххьашца, оцу бIогIамна дехьа а ,сехьа а эскарш лаьтта. Сехьа агIор — «церан бусалба вежарий», дехьа агIор — дезткъа шарахь хIокхеран цIий Iенийнарш. Амма шина а агIорчийн ойла а, Iалашо а цхьаъ ю: хIорш оцу бIогIама тIе ца бита. Иштта ду шина а мехкан паччахьийн омра. Иза дика хаьа оцу ши эзар ялх бIенна. Амма царна кхин цхьаъ хаьа: оцу бIогIамал сехьахь дисахь, бутт балале шаьш дерриг лийриг хилар, дехьа довлалахь — ах мукъна а ца леш даймахка дIакхачаре догдохийла юйла.

2

Дерриге а хилира Iела ойла ян а кхиале.
Хьалхарчу буса хан яллалц кхеташонашкахь къийсинчул тIаьхьа массеран а цхьана бартаца сацам хилира, нагахь бертахь ца довлийтахь, бертаза дозанах дехьа довла. И сацам тIеоьцуш дукхахболчара догдохура дозанехь долчу шина а агIонан эскарша, оцу адамашна аьлча а, оцу адамийн гIаларташна дуьхьало ца яре. Дуьхьало яхь а, герзаца йийр яц. Хьанна хаьа, ирх-пурх а шайн махка дIакхачале новкъахь белла а хIорш кхачалур бу аьлла, дIахеца а мегий уьш-м. Герз дуьхьал даккхахь? ХIумма а дац, доккхунда шайна. Кху дозанехь уьш а буьтур бац, юхаберзийча а уьш лийр бу. Iазап а хьоьгуш, дай-нанойн — берех, берийн дай-нанойх дог а Iийжаш кIез-кIезиг лечул, кхузахь цхьана дийнахь я сехьарчийн, я дехьарчийн карах белла дIабовлар гIоле ю царна.

Оцу мехкан Iаламо а ца бора царех къинхетам. ХIор де а догIура юькъа дохк тIетеIаш я гуттара серсаш, я серий санна догIа детташ. Амма таханлера де хаза деънера. Ламанан дукъа тIехула хьалабаьллачу малхо догIмаш а, дегнаш а дохдора адамийн. ХIора а чIогIа тешна вара, сийсара шайн хилла сацам дала къобалбина хиларх.

...Ткъе бархI тобане а бекъна, схьакхалхийтинчу царех, 28-чу апрелехь уггар хьалха Нохчийчоьнна букъ тоьхначу тобанца болу IелагIар, 17-чу июнехь Арпачайна гена йоццуш йолчу Хазапинан заставехула дозанал сехьа а баьхна, туркошка схьабелира. Тахана октябран вуьрхIитталгIа де ду. Нисса биъ бутт хьалха цхьана

жоьжахатера кху жоьжахате чу-м атта битира уьш, хIинца юханехьа битац-кх.

Я массо велла кхузахь вожа, я, дозанал дехьа а девлла, нана-Нохчийчу кхача сацам бина, меллаша дозанна тIе доладелира ши эзар ялх бIе адам. Къений, къоний, зударий, берашший...

Оцу йоккхачу тобанна цхьа чаккхарма хьалха вогIура каралаьцна кIайн байракх йолуш итт стаг. Церан карахь а, дегIаца а цхьа тайпа герз дац. Яьстина, зударийн санна, хецна ю гIодаяккъаш. Уьш-юха а цкъа машарна хьалхабаьхна векалш бу. Ткъа важа висина ши эзар ялх бIе стаг, юкъ-юкъа каралаьцна кIайн байракх а йолуш, меллаша ког боккхуш, ламанан басеца чIуг етташ, царна тIаьхьа вахвеллера. Говрашкахь а, гIаш а.

Хьалхарчу оцу иттанца вара Аьрзу а, Iела а, Чора а.

Массарна хьалха воьдучу Аьрзун кIажаш хьоьшуш тIаьхьауьдура Iела.

Iелина геннара дуьйна гора гу тIехь некъа тIе ерзийна лаьтта яккхий тоьпаш. Царна уллохь а, тIехьа а, зингатийн туьйлиг санна, и гу сийсош, туркойн гIашсалт, дошлой.

«Доза дIанехьа ду, ткъа яккхийчу тоьпийн юьхьигаш махкана чоьхьа ерзийна цара, — дагахь цецвелира Iела. — Ванах, тхуна тIе тоха-м ца бохку хир бу хIорш?»

ДIа мел боккхучу когаца туркойн эскарна герга гIертара уьш. Царех схьакъаьстина цхьа ах бIе дошло, IелагIарна дуьхьал а цевеана, хIокхарна тIекхаччале сецира. ХIинца шера къаьстара лелочуьнгаран сутара яххьаш. Дозанал дехьара схьа кхара оцу ткъехьуьйсура оьрсийн салтий. Ша дуьнен чохь даьккхинчу оцу ткъе Iедейтта шарахь тахана дуьххьара даг чу кхеравалар иккхина Iелина. Хьалхахьа лаьттара герзах доьттина, лата кийча шина паччахьан эскарш. Ткъа хIорш, ши эзар ялх бIе адаман гIаларт. Юккъерчу къонахийн карахь а дац герз. Машаре сатуьйсуш, шайн карара герз зударшка а делла, уьш тIехьа лоьцуш, хьалха а бевллла, шаьш санна гIелъеллачу говрийн урхаш лаьцна гIаш оцу буьрсачу ницкъана тIеоьхучу божарийн. Iуьйренан мелчу махо тIекхоьхьура тIаьхьарчийн гIийла мукъам:

...ТIам чехка олхазар, Нохчийчу хьо додахь,
Маршалла луш ала тхан муьма вежаршка,
Даа рицкъа ва доцуш, дийша мотт ва боцуш
Тхо лелаш ду алий, кху пана ва махкахь.

Шийлачу буьйсанна борз угIу ва хезча,
Алалахь, ма мотта мацалла и угIу,
И угIуш ю ала ардангах хадарна,
Тхо, цунах тарделла, лелаш ду алалахь...

Шен сих ца кхоьру Iела, ткъа хьалхавогIу вешина Аьрзуна цхьаъ хиларна кхоьру. Аьрзух хадахь, дерриг йиш-вешех ваьлла, гIаж санна цхьалха вуьсу иза доккхачу дуьненахь. Амма тахана

хIунда боьссина цуьнан даг чу и кIилло кхерам? Дуьззина ялхийтта шеран хIор дийнахь, хIор сохьтехь, хIор минотехь бара кхул а луьра кхерам. МостагIчунна чухохкучу хенахь даима хьалха хуьлура цаьршиннан дой, тIекхаьчча — тIом уггар буьрсачохь, юхадовлуш — массарал тIаьхьа хуьлура и шиъ. Оцу ялхийтта шарахь йиллина дIа — хьалха а, тIехьа а, массо агIор, массо санна, шен сутара бага а гIаттийна, царна тIегIертара и Iожалла. Амма бIаьрнегIар тухучу юкъана а Iелин даг чу кIиллоллий, кхеравалларий ца доьссинера. ХIетахь цунна хаьара, шайна хьалха верг шайх лата, шаьш дайа, шайн мохк дIалаца, шаьш лолле дерзо, шайна Iазап дохьуш веана мостагIа вуйла. Цундела иза массо минотехь кийча хуьлура дерригенна а. Иза ларвора цуьнан кадечу, нуьцкъалчу дегIо, семачу лергаша, ненан Iуналло — даймехкан Iаламо. Мацвелча вузавора, шелвелча вохвора, чевнна дарба дора, мостагIчух къайлавоккхура. И нана-даймохк бара оцу дезткъа шарахь цуьнан халкъо ницкъ оьцу кхачалун доцу хьоста. Цунах хаьдда уьш тера бу ненан некхера даьккхинчу берах, гIодах хадийначу маргIалх, хи чуьра аратесначу чIерах... Амма муьлаш бу техьа царна хьалха лаьтта и туркой? ДоттагIий я мостагIий? ДоттагIий боцийла-м хиънера, мостагIий ма хилла-хьара!..

ЖIун ду а хаац, тахана эккха санна детталора дог готтачу кийрахь. Цкъацкъа ойла хуьлура, Аьрзу тIехьа а лоцуш, хьалхаваала. Амма воккхачу вешина хьалхавалар гIиллакхехь ца догIура. Воккхахволу ваша хиларал совнаха, кху махкахь дала а, наха а дIатеттинчу пхи эзар доьзало баьчча вина хьалхаваьккхина ву Аьрзу.

Iелас тIера бIаьрг ца боккхура вешина. Шуьйра белшаш, ютkъа гIодаюкъ, деха пхьаьрсаш, буто хенан маьIигаш, хебаршка ихна оза кIесаркIаг, месала куйна кIелхьара схьакъеда дуккха а хенахь дуьйна башазчу коьртан сира чоьш. Цуьнан шовзткъа шо а дац, Iелел дийнна пхи шо воккха ву. Ялх бутт хьалха бацара оцу коьрта тIехь цхьа а къоьжа чо. Ткъа хIинца йис йиллича санна бу. Къежвелла. Халонаша аьхна цуьнан майра юьхь, лекха хьаж. Амма дегI ду, чIу санна нийса, элдара.

— Совцал!

Векалийн некъ лаьцна лаьттара, хьалхаваьлла кхо эпсар а волуш, даьхначу таррашца ахбIе гергга дошло.

— Мича гIерта шу? — кIоршаме хаьттира, кхааннех хаза хьовзийна Iаьржа мекхаш долчу верстинчу эпсаро, байракх карахь хьалхавогIучу Аьрзуна тIе а вирзина.

— Шуна ца хаьа, тхо тхешан махка гIертийла? — хаттар дира Аьрзус, дукха хийцам боцуш туркойн маттаца богIучу гIумкийн маттахь.

— Ткъа бакъо хьан елла шуна?

— Аш а, дехьарчу оьрсаша а и бакъо яларе догдохуш бутт бу

кху Арпачайхь, ерзанчу стигла кIел адам лаьтта. Оцу батта чохь масех бIе стаг велла тхан.

— ХIинца хIун до аш? — ца лоруш, кIоршаме хеттарш дора эпсаро.

— Къилбаседехьа дIадоьлху, тхешан махка.

Кхааннах ши эпсар гIадвахана велавелира. КхозлагIниг, къонаниг, резавоцуш хьоьжура цаьрга.

— Кхузахь леш кхачош лаьтта тхо, — шен декхар дерг дуьйцура Аьрзус. — Схьакхелхинчу тхан нахах ах бен дийна ца бисина. Дийна биснарш а буй ткъа дийна? Шуна го-кх хIорш. Даймахках, шен халкъах хаьдда стаг велла ву, цо мел дика хьегахь а. Тхо сингаттамой, мацаллой, цамгарший хIаллакдо кхузахь. Тхан цхьана йовсарийн гIоьнца шун а, оьрсийн а Iедалша Iехийна тхо. Цунах кхетта нах.

ШолгIачо, тур санна хьаьвзина мара а, нилха мекхаш а, цIена яьшна маж а йолуш, ийзинчу анашо бIаьргийн нур дайинчу, озачу эпсаро дIанехьа, гу тIе пIелг хьажийра:

— ДIогахь лаьтта яккхий тоьпаш а, царна уллора салтий а гой шуна? Кхин дIа аш ког баккхахь, шуна тIетоха дина омра ду цаьрга. Царна тIехьа пхи эзар дошло лаьтта, шуна тIехахка кийча. Церан декъашна тIехулий бен тхан дозанал дехьа а девлла, гаурийн махка ког буьллур бац аш.

Iела цуьрриг шек вацара, эпсаро дуьйцург цара ден дерг хиларх. ТIехдика евзинера цунна церан къиза амалш. ХIетте а, Аьрзус кхин дуьйцура:

— Тхо девнна ара ца девлла, эпсар. Ца го хьуна, тхох цхьаннан а юкъах, атталла шаьлта а яц. ТIехула тIе кху дуьненахь мел долу герз караделла тIехецча а, цуьнца шуна дуьхьало ян ницкъ ца бисина тхан догIмашкахь. И нах я кхузахь лийр бу, я белла кхачабаллац къилбаседехьа дIаоьхур бу. Юханехьа ког боккхур бац, эпсар.

— Ас аьлла шуьга, нагахь кхин дIа аш ког баккхахь, оха мозий санна дойур ду шу! — тIечевхира векъана эпсар.

— ХIун дийр ду ткъа, эпсар, оцу наха кху дозанехь бала я дехьа а бевлла, къилбаседехьа дIабаха сацам бина.

— Делахь лийр ду-кх шу кхузахь!

— Тхуна герз айба дохку шу? — юкъаъуьйлира Iелина уллохь лаьтта Чора. — Вай-х цхьана дала кхоьллина, цхьана умматехь бусалба вежарий ду! Оцу мискачу зударийн, берийн, баккхийчу нехан цIий Iано ойла ю шун? Аш тоьхча, дан цIий дац церан догIмашца. Уьш, халла синош доьIуш, чархаш ю. ДIадахийта тхо.

— Мича?

— Тхайн даймахка.

— Даймохк мичхьа бу шун, сагIадоьхургаш! — чуьравелира верстана эпсар. — Шу кIиллош лаьхкина махках а яьхна, цига

охьа ца хевшина оьрсий? Юха шу цига хьан дуьту? Гаурийн пачахьана шайнаш, шайн динехь берш бен ца беза. И хаьий шуна? Кхузарий, Гlажарехарий масийтта эзар эрмалойн доьзал дlабигна цо. Хlордал дехьара тхан керста ялхой а кхалхийна шен махка. Шен керстанаш дlабуьгу, бусалбанаш схьалоьхку. Цо дlабигна керстанаш юха ца гlерта, ткъа шу, бага са а кхаьчна, дlагlерта!

— Цигахь тхан даймохк бу!

— Цу тlе, шун lедал а ду, оьрсийчул тlех аьлла, къиза.

— Сацийта, мунепикъ!

— Собаре хилал цхьажимма, — вистхилира, хlетталц тапъаьлла lийна къона эпсар. — Шуна хlунда ца хаьа, оха дlадахийтича а, дехьа лаьттачу оьрсийн эскарша шаьш дехьа довлуьйтург цахилар? Цул, меллаша юхадерзийша ,тхо къила а ца духкуш. Хlун ду шуна цигахь оццул марзделларг? Дlадахча а ду-кх шу оьрсийн паччахьо Сибрех лохкур. Цигахь шелонна лийр ду. Дийна дисларш керста дине а дерзийна, хьакхарчий а юуш лелар ду. Тlакхила дуьненах а, эхартах а довлу шу. Суна къахета шух, хlаллакьхила дохку-кх шу.

— Кхузахь дехачул, Сибрех даха а, жоьжахате даха а реза ду тхо! — эккхийтира lелина тlехьа лаьттачу цхьаммо

— Сацийта, хьакха! — цlогlа туьйхира векъанчу эпсаро. — Цул, lовдалш, оха боххург де, шайл хьалха кхуза кхаьчна важа ламанхой санна, тхан эскаран могlаршка хlитта. Шайн йолал сов, маьхза даа мерзаниг, тlедуха диканиг, хlуьллаlаьнан мехкарий санна хаза, денна хуьйцуш лело керл-керла зударий хир бу. Тlехула тlе, хlордал дехьара керстанаш тхан кога кlел латто гlо деш хlонц южур ю шуна. Къаьсттина хаза хуьлу церан зударий. Ткъа дукха хан ялале оха шуна гlо дийр ду шайн мохк маршабаккха. Оха бохург дахь, элий санна дехар ду шу, ца дахь, кхузахь лийр ду.

Собаречу Аьрзус, кlоршаме вела а къежаш, ладоьгlура векъанчу эпсаран къамелле, ткъа сиха Чора оьгlазе чугlоьртира.

— Тоийта! И зурма тхуна лоькху дукха хан ю. Хьалха — Нусрет-Пашаç, тlаккха Эмин-Пашас, юха Алхазан Муса-пашас! Тхо схьакхаьчначу шолгlачу дийнахь дуьйна! Тхан мохк гаурех маршабаккха шаьш гlо дийр ду тов! Дlадаханчу дезткъа шарахь-м дага ца даьхкира шуна тхо, итт-цхьайтта шо хьалха оьрсашца шайн тlом болабаллалц, цара шайга шарбалш яшаяйтталц! Баккъал аьлча, кху махка кхаччалц тхуна моьттура шун бусалба дегнаш ду, шуьгахь ницкъ бу, аш дуьйцург дош ду. Тхуна дан гlо-м муххале а дацара шун, шаьш ду шу нахера гlо оьшуш. Шу девзинчул тlаьхьа оха сатесна цlа а дирзина, керста оьрсашца цхьана лулахь, машаре дахаре. Дlадовла новкъара, тхешан махка дlадахийта тхо!

— Чора, вон ма ала! — доттагlчунна муьшка йира lелас. — Дов долийча вай тоьлар дац кхузахь. Тlаьххьара минот хlотталц машар бийца беза кхаьрца.

Чорас корта хьовзийра.

— Хlан-хlа, lела. Машар хуьлчу тlера дlадаьлла хlара, — оьгlазвахар тlехдаьлла, вехьара Чора. — Хlорш къинхетам боцуш адамаш ду. И суначул дика хьайна хуъушехь лела хьо. Ца го хьуна, тарраш а даьхна, чухахка кийчча лаьтта дошлой. Ца го хьуна, яккхийчу тоьпашна уллохь кlур туьйсу милташ?

Хlетталц шен вешина а, кхаа эпсарна а тlера бlаьрг ца баькхинчу lелина, хьалха дlахьаьжча гира цхьаннан омре ладоьгlу герз карахь туркойн эскарш.

— Совца! Совцаде и жlаьлеш! — мохь хьоькхура векъанчу эпсаро.

lела тlехьа хьаьжира.

Хlорш машар бан гlертташехь, тlекхиира тlаьхьа богlу нах. Чов хилла, дала шен тунгари чу текхачу экханах тарделира lелина и адамийн татол. Ши эзар ялх бlе адам. Зударий, бераш, къенаниш. Чуэгна бlаьргаш, озий, якъаелла яххьаш. Хьокханна тlе оьхкича санна хетара церан иръеллачу белшех кхозу мацах цкъа хиллачу бедарийн тlелхигаш. Хала дара и тlелхигаш цхьана хенахь чоэш, гlовталш, вертанаш, башлакхаш хилла бохучух теша. Кхин а хала дара и адамаш цхьа масех шо хьалха дуьненахь цlеяххана майра, каде, говза тlемалой хилла бохучух теша. Чохь са доцуш санна, севцца, кхоьлина бlаьргаш, евлла яххьаш, кенах тарделла кортойн чоьш. Дукхахберш коггашъlуьйра, важаберш неlармачийн бахтарш когахь. Мацалла гlелделла, тlехь дерзина, мажделла, пlендарш, пханарш тlе а девлла, куьйгаш а лаьцна юххе даьхний, гехь, мараххьий бераш. Дакъа кешнашка эцна боьлхуш санна, гlелъеллачу говрашкара чу а биссина, церан архаш лаьцна тийна, кхоьлина, меллаша тlеоьхура уьш. Схьагарехь, хийлазза шен куьйга къиза кхиэл йина векъна lаьржа эпсар а лаьттара бохамаша иэрчадаьхначу оцу адамех цецваьлла, шен карара юьйлина тапча а йицъелла.

lела дозанехьа дlахьаьжира. Туркойн гlашлойн отрядаш, коьртехь говрашкахь, баттара даьхна тарраш буйнахь, эпсарш а болуш, тоьпаш хьалха а лецна, цхьатерра гlулчаш йохуш схьа тlеоьхура. Царна аьтту, аьрру агlонашца, тlехьа а дикачу дойшна тlехь чухахкавала кийчча лаьттара масех эзар дошло.

— Вежарий, йижарий! — кхайкхира Аьрзу нахехьа а вирзина, — И тlедогlу эскар а, чухахкабала кийчча дошлой а, тlетоха кечйина яккхий тоьпаш а гой шуна? Тlаьххьара а хотту шоьга: духадоьрзу вай я хьалха дlа гlоьрту вай?

— Хьалха дига, Аьрзу!

— Буханехьа некъ бац!

— Даймохк я lожалла!

— Зударшна, берашна, цомгашчарна хIун де вай? — маьхьаршна юккъехула декара Аьрзун аз.

— Дерриг кхузахь делла дIадевр вай!

— ГIазот!

— Хан ма ялийта, Аьрзу!

Шена тIе а ялийна дIахIоттийнчу говра тIехиира Аьрзу. Шайн-шайн говрашна тIехевшира бIенчаш а.

ГIуллакх девне дала доллийла хиъна, туркойн кхо эпсар шайн дойшна шодмаш тоьхна, хаьхкина вухавахара.

— КIентий! — буьрса дийкира дерригенах догдиллинчу Аьрзун аз, — КIентий! Кхин дIа вай гIулч тасахь, туркоша вайна тIе тоьпаш тухург хиларан шеко яц. БIенчаш! Шайн-шайн бIо тIамна кечбе! Зударий, бераш! Герз айа ницкъ болчо, кара герз эций, тIамна юьстахдовла! Далла а, кху къизчу дуьненна а дицделла вай. Вешан турпала дай орцане кхойкхуш, кху тIаьххьарчу дийнахь, уьш санна турпала оьгур вай! ДIакхийса кIиллойн кIайн байракхаш! Къосам! Хьалаайа вайн вархIийн дайн хилла цIен байракх! Хьалха дуьйлало, кIентий!

Цхьа масех минот ялале Къосама ехачу гIожа тIе а йихкина лаккха хьалаайира цIен байракх. ХIара бусалба дин тIедалац, бIеннаш шерашкахь нохчийн къоман хилла цIен байракх. Иза хIаваэхь дIаса а ластийна, илли долийра Къосама.

Болатан шаьлтанаш
Баттара яхий вай,
Къизачу мостагIийн
ДогIмаш тIехь кегъе вай!

Делерчу орцанца
Кхалха гуо хадабай,
МостагIийн декъаш тIехь
Ваьшна некъ билли вай!..

Масех минот ялале кхо бIе гергга дошло дойшна тIе а ваьлла, бIаьхаллин низаме хIоьттина, Аьрзун омране ладоьгIна сецира. Меллаша, амма низамехь, хьуьн чуй, боьрий, дIасабовла буьйлира зударий, бераш, къенанаш а. Хезара бIаьнчийн омранаш.

Iелас бIаьрг туху шайн ницкъе. Кхо бIе дошло. Шаьш а гIийла, говраш а гIийла. БIеннашка а нисвелла, тоьпаш карахь лаьтта пхи бIе алссам гIаш тIемало а. ТIемалой аьлча а, и гIаларташ. Ткъа царна тIе оьху буьзна, берстина хьерабевлла туркойн салтий...

— БIаьнчаш! ТIемалой ШоIипах дIасабаржабе! Чора! Дошлошца...

Аьрзун омра хадийра, хIаваъ къардеш евллачу якккхийчу тоьпийн а, туркойн гIашлоша тоьхначу тоьпийн а татанаша.

Iелина гира вешин юьхь чIечкъашка йоьдуш, цо шен некха тIе куьг хьуш, шен дошлошна хьалхавала воьду Чора цкъа аркъал сеттина, тIаккха разваьлла, говрара чувужуш а.

ТIеман девза аз хезна, цкъа марсабаьлла Аьрзун дин, шен дена бохам хиллий хиъна саца а сецна, терсира. Говрара чуиккхина тIехьаьддачу Iелас дIалецира нуьйра тIехь шалха вахана

ваша. Мичара ели а ца хууш, Iелина улло хIоьттира баттара яьккхина шаьлта а карахь Эсет а.

Шиммо а меллаша говрара охьа а ваьккхина, лаьтта виллира Аьрзу.

Стигла къекъайора юьйлучу якккхийчу тоьпаша. Канашца Iенош санна гуобаьккхина охьаоьгура цара схьаетта чаччамаш. ХIаваэхь шакарш етташ, цIийзаш тIехлелхара дIаьндаргаш. БIаьхаллин маьхьарий деттара шиний агIорчар:

— АллахI!

— АллахI!

Цхьанхьа-м юьстах лаьттачу къеначу наха шайн ницкъ макхоччу чIогIа нохчийн бIаьхаллин илли бохура:

...Делерчу орцанца
Кхалха гуо хадабай,
МостагIийн декъаш тIехь
Ваьшна некъ биллий вай...

Амма Iелиний, Эсетаний ца хезара юьйлу якккхий тоьпаш а, тIемалойн буьрса маьхьарий а, къеначу нехан и бIаьхаллин илли а, зударша хьоькху цIогIа а, берийн белхарш а, чевнаш хиллачийн узарш а.

Iелас а, Эсета а цхьаъ коьрте, важа когашка а даьлла, маракъуьйлура лен чов хилла Аьрзу. И гондIа хуьлуш дерг гIенах долуш санна, стигал къекъаш, гонах дохк хIуьттуш хийтира цаьршинна...

• • •

Дозанехь хиллачу оцу гIуллакхах лаьцна Александра Петровича шега делла рапорт а дешна, цунна тIе сихчу хотIаца йоцца резолюци язйира Воккхачу Эло Михаила:

«Суна Iаламат халахета цигахь цIийIанор, новкъа ду и ца Iанийта сайн ницкъ цакхачар. Сайна даго хьоьххург дан сайн бакъо хиллехьара и декъаза нохчий, цхьана минотана а ца сецош, вайн махка буьтур бара ас...»

Шалго бара Михаил Николаевичан мотт. Лаьхьанан санна. Цуьнан цхьана генаца моз дуттура цо, вукхуьнца дIовш деттара. ТIаьхьо тIеман министре Милютине шен рапорта тIехь яздира цо:

«...Оцу юккъехула, дIабаханчу октябран 17-чу дийнахь, Александропола улло, Арпачай, вайн дозане кхечира кхелхина баханчу нохчех 200 стаг. Вай бохург хIуъу дан реза хир дара, махка дерзийтахьара шаьш бохуш. Царна тIаьххье Арпачай оьхучийн барам 2600 хьалабелира.

Нохчий, вайн дозане буьйлабеллийла хиъначу эрзерумски велис кхелхинарш юхаберзабе аьлла, дошлошца Муса Кундухов царна тIаьхьавахийтира, амма, цуьнга уьш ца совцабелира. Кхел-

хина баьхкинарш мел халачу хьолехь хиллехь а, царех масех доьзал юхаберзийтаро цигахь бисина берриг нохчий юханехьа буьйлаболуьйтург хилар гучу ас, кхелхинчийн дехар духа а тоьхна, омра дира, дозан тIехь чIогIа тергам а латтабе, нохчий берта за империн махка тIе ца бовлийта, оцу агIор долу дерриге а вайн эскарийн дакъош Арпачайна тIе а оза аьлла. Нохчийн тобанаш вайн дозанашка эхар шена ма-хеззинехь, капитана Зеленис эрзе румски велига дIахьедира, кIира далале вайн доза нохчех цIанкарш дахийтира Арпачайра нохчий дIабаха, цара тIе яккхий тоьпаш а тоьхна, цигара юхабаьхна нохчий, гонах туркойн эскарийн ха а хIоттийна, Къарсе дIабигира...»

XIII корта ВЕШИН ВЕСЕТ

Нагахь санна Турцис, Англис тхаьшна гIо ца дахь, нагахь санна дуьхьало ян кхиболу берриг гIирсаш кхачийна тхаьш кIелдисахь, тIаккха тхешан цIенош а, сал-пал а ягийна, зударий а, бераш а дайина, тхешан лаьмнашка кIегар а дуьйлуш, тIаьхьарчу стагана тIехIитталц леташ, лийр ду тхо.

Шайх Мансур (Ушурма).

1

IелIина хиллачу бохаман дакъакхаьчна гIелделча санна, кхоьлина, сингаттаме деара шолгIа де.

Гуобаькхина массо хIума къайладоккхуш даьржира лаьттах хьаладуьйлуш санна, маьI-маьIнехь боьранашца, хица ийалу дуькъа тIуьна дохк. ХIаваэхь ловзуш, пелдуьйлуш, меллаша, тата доцуш лаьтта охьаоьгура аьхкенан духар тIаьххьара охьатосуш цIанлучу дитташна тIера мажделла гIаш. Лаьтта бухара санна, лаха чуьра, дахкара кIелхьара, цхьанхьа-м юьртара схьаэзара жIаьлеш леташ, Iуьйренна нIаьнеш кхойкхуш.

IаламО шек доцуш дIахьора шен раж. Оцу дахкарна кIелхьарчу юьртахь а, дисинчу дерриг дуьненахь а Iуьйранна дIадолалуш ду дахар. Кху сохьта цхьаберш шайн хIусамашкахь ховха набарш еш Iохку. Вуьш къинхьегаман денна кечлуш бу. Де долало цхьаберш белош, вуьш белхош, кхозлагIниш хьаналчу къинхьегамца шайна я нахана бецаш, вукхара уьш бацош, Iехош, талош, бойуш...

Дахарехьа латто и буьрса къийсам буьйсанна цхьана йоццачу ханна дIатуьй, ткъа Iуьйранна кхин а карзахе юхаболало.

Адам дуьнена даьлчахьана хIора де иштта тIедогIу, иштта дIадоьду. Уьш хийцаделла, муха, маца догIур IелIина хаац. Цунна цхьаъ хаьа: цхьаннан бохам, кхечуьнан ирсан лами хилар.

Ломан басахь ,тIехь лаьттал дукха хиллачу тIулгех цIандеш даькхинчу цхьана жимчу ирзехь, къанделлачу бIара кIел сийсара буьйса йоккхуш севцира уьш.

Селхана малх чубузучу хенахь кхетамчуьра ваьллачу Аьрзуна юххе хиъна сахуьланга даьлла IелIий, Эсеттий. Стомма чкъор деш яржийнчу хьардаш тIе виллинчу Аьрзуна кIел тесна ду цуьнан чоа. Вешин чевнна хьерчош этIийна IелIин коч. Асанаш яьхна гIовталх а. Гуобаькхина дIасакхийсина Iохку цIийша юьзна

тIелхигаш. Царшинна гуш, хезаш, хаалуш цхьа а хIума дац веккъа цхьа Аьрзу воцург. Ткъа иза Iуьллу верриг цIий ихна, халла хаалуш садоьIуш. Оцу цхьана буьйсано буткъбина, чорха тIе лаьцча санна ирбина Аьрзун мара. Кегий сурхаш тоьхна бета гонах. Детта цIий ду сирделла догIучу месалчу мекхаш тIехь. Эсета сихдинна хи хьоькхушехь, дакъало лилхина балдаш.

Iелас маракъуьйлу вешин базбелла корта. Ши-кхо гIулч дехьахь, вертана кIел, когаш гуш Iуьллу, Чорин дакъа. Йоьхначу неIармачаш чуьра аракъеда когийн Iаьржа, эттIа пIелгаш. Вертана кIелхьара чевнех Iийдаделла цIий, жима Iам хIоттийна, детта. Селхана суьйранна садаьлла цуьнан. ДIаволла а ца кхиъна, буьйса тIехь яькхина.

«Аьрзу, дела яла хьан хьо везарг, къаста доллу-те вайша, — кийрахь йоьлхура Эсет. — ХIай веза дела, хьайн къинхетам бай, витахьа суна хIара, тхойшинна беран дуьхьа а...»

Куьрк санна батталучу шен кийрара цхьа башха хеталуш, кхагаран хьожа йогIура цунна. Ойланаш, цкъа дIаяханчу хенан кIорге уьдура, юха ехха таханена тIехь соьцура, тIаккха кханенан сурт хIотто гIертара. Хаьдда иза доьзалх а, йинчу юьртах а, даймахках а. Берриг бевза-безарех. Шена везачух а йолуш йоллу хIинца...

«Ванах, вала воллу-те Аьрзу?» — воьхна хьийзара Iела. Аьрзуна хиллачу луьрачу чевно са а даьхьна, дуьххьара селхана дуьйна къонахалло дIатесна, вешин корта шен кара а биллина Iара иза.

ТIейиллина бел, зIокберг, диг долуш дечган лами айбина тата доцуш, тIевеара турко, эрмало. Лами охьа а хIоттийна, туркочо доIийна куьйгаш лецира, ткъа эрмалочо шайн маттахь кадам беш гIайгIане корта лестабора. ТIаккха шиммо бартий, куьйга-эшарий къамел долийра.

— Велларг дIаволла гIо дийр ду оха, — цкъа Чорина, юха охьа чу, белларш дIабухкучу гу тIе, пIелг хьажийра туркочо. — Оха тхаьшца гIирс беана оцу гIуллакхана.

— Ткъа шун дархо юьрта, тхешан хIусаме давуьгур ву, — цкъа Аьрзуна, юха юьртехьа пIелг хьажийра эрмалочо. ТIаккха, стигла пIелг хьажийна, тIетуьйхира, — догIа делха герга ду. Дохк долуш шийла ю. Дархо мегар вац арахь. Юьртахь табиб [1] карор ву.

ГIоьнна орцахбевлла, Iуьйрре дуьйна хаддаза кхуза оьхура гуонахарчу ярташкара туркойн, эрмалойн, курдойн, гуьржийн ахархой.

Тахана изза гIирс айбина, изза аьлла баьхкинарш хIорш пхоьзлагIниш бара. Чевнаш хиллларш шайн ярташка дIакхоьхьура цара, ткъа байинарш лаха чу гулбора. Уьш дIабохка кешнаш дологIане маьхьарий:

— Вай, лми! [2]

— Вай-мэ! [3]

— Вай худаи! [4]

— Вай, дада! [5]

Цкъа узарш а долийна, тIаккха жимма Iийча, сийсара санна харцле вуьйлира Аьрзу. Маккхале, Берсега, Солтмурде, Iумме, Атабига, ШоIипе кхойкхура. ОьгIазе дов дора Мусина, Сайдуллина, Эмин-Пашина. ДоьIучу сица кийрара схьа тов деттало-ра.

Дедаьллачу хенахь цIеххьана дагар а сецна, садаIар а тоделла, ши бIаьрг беллабелира Аьрзун. Iелига а хьаьжна, хи дийхира цо. Iелас жимчу кита чохь бете даьхьна хи лаххьийна дIа а мелла, доккха са а даькхина, хиллачух бакъдерг шега дийцаре догдохуш санна, хIиттина бIаьргаш вешина тIе а доьгIна, сецира иза. Амма Iелас жоп ца лора. Мелхо а иза кхоьрура, кхетаме веана, самаваьллачу Аьрзуна селханлерачу дийнан эрчо хаарна. Кхоьрура, цунна шен нийсархо, лулахо, бераллехь дуьйна шеца ирс а, хало а, йоькъуш схьавеана бIаьхаллин доттагIа — велла Iуьллу Чора гарна. Амма и ца хууш дуьсийла яцара. Делахь а, хилларг ца хууш дIайоьду хIора минот Аьрзун могашаллина пайдехь хетара цунна.

— Чора... дIаваха? — хаьттира цо эххар а.

Iела воьхна хьаьвзира.

— Иза суна хууш ма ду, Iела. Чора дийна вац боху сан дого... ДIаволлаза ву иза? Даима санна, иза сайна юххехь хета-кх...

Iела вист ца хилира, ткъа Эсет елха хIоьттира.

— Сох хIун лачкъо гIерта хьо, Iела... Со вохарна кхоьру хьо? Вайна ганза... вай Iовшаза хIума ма ца дисна... Дуьне доладелчахьана адамашна гина, дуьне доххалц царна ган бисина берриг баланаш, бохамаш, эрчонаш... вайна гина, вайн шерашца дIаихна... Вай цецдаха, вай стогаллех дохо хIума хир ду ца моьтту

[1] Табиб — лор (туркойн маттахь).

[1] Вай, лми! — Суна хилла бохам! (курдойн маттахь).
[2] Вай-мэ — изза гуьржийн маттахь.
[3] Вай худаи — Вай сан дела! (туркойн маттахь).
[4] Вай, дада! — Вай, нана! (гуьржийн маттахь).

суна... къемата адам махьшаре лоьхкучу дийнахь а... Къонахаллех, собарах ма вохалахь, Iела, сайн ницкъ тоахь, хьоьга дан весет ду сан. Чора... дIавоьлланий аш? — шолгIа а хаьттира цо.

Легашка гIерта шад а сецош, корта ластийра Iелас.

— Оцу мисканех хIун хили?

— Хьанах? — ца кхийтира Iела.

— Нахах. Вайн накъостех...

КIелхьарвала кхин некъ ца хилча, дIаса ца хьийзош, ма-дарра, дIадийцира Iелас.

— Туркойн эскарша тIе яккхийтоьпаш тоьхна юхабаьхна. Цхьаберш хьаннашца баржийна, дуккахберш лецна, гонах ха а хIоттийна, кIегарбигна. Баьржанарш лоьхуш, маьркIажан бода боллалц хIара хьаннаш къажйира цара.

Аьрзун кийрара узам белира.

— И хиларна кхийрира со... ХIетте а теша ца лиира. Мухха делахь а... вайца цхьана динехь болчу бусалбанша хIара дийр дац моьттура... Доцца аьлча... нахана луург дина... хьалхавелира-кх... Кхузахь Iаьна кIел баханехь а... лийр бара... Байанарш дукха буй?

— Хаац мел бу. Дикка-м бу уьш. Зударий, бераш, къенанаш. Чевнаш хилларш бу дуккха а.

— Царех... хIун деш ду?

— ГондIа ярташкара орца деана тахана. Туркой, гуьржий, курдой, эрмалой. Чевнаш хилларш ярташка дIакхоьхьу цара. Байанарш дIабуьхкуш гIо до.

— Дела резахуьлда царна... цIахь а, арахь а... Мичча махка вахча а ша санна гIийланиг... ваша караво-кх стагана... Цхьана къомах хьовха, цхьана нанас вина велахь... хьалдерг накъост вац гIийлачун... Мисканаш шаьш санна... мискачарна, гIийлачарна... орцахбевлла-кх... Дала дуьненахь а, эхартахь а... декъала бойла уьш. Вайн беллачарна а, дала гечдойла, эхарт мукъана а... декъала дойла церан... Iела, цуьнга хьажийтахьа со... Кху харц дуьненара дIавалале цуьнга доггах цкъа бIаьрг тоха ас...

— Ахь хьаьнга хьажийта боху, Аьрзу? — тIе охьатаьIира Iела.

— Чорега...

Шена гIоьнна МIаьчиг, Къосам вало вахара Iела.

— Эсет, йоха-м... ца йоьхна хьо? — велавала гIоьртира Аьрзу. — Дукха сиха... чекхдели... вайшиннан ирс... ХIума дац... Цкъа нислург хир хьан ирс а... Даим хьо... йоьлхуш а... хир даций хIара-м.

Эсетан бIаьргех мела хиш хьаьлхира.

— Хьуна-м хIумма а хир даций, Аьрзу... Вайшиннан беран дуьхьа а, дала вахор вай хьо-м...

Аьрзус шен корта хьалаайбира.

— ХIун? Ахь баккъал...

БIаьрхиш юккъехула елакъежна, Аьрзуна тIе охьа а таьIна, цуьнан догучу балдашна барт белира Эсета.

— Ши кIира а тIехдаьлла... Цуьнан дуьхьа ца Iийнехь, со-м, селхана оцу туркойн тарраш кIел иккхина, лийр ярий...

Аьрзус, ши бIаьрг хьаббина, доккха садаькхира:

— ОххIай... ХIинца... хала дац-кх... вала...

Схьабаьхкинчу КъосамагIара, ларвеш охьа а ханйна, доттагIчуьнга хьажийтира иза.

— ВаллахI, хьол дика а хилла... кIант-м ца ваха далла дуьхьал... Вуьшта, Iожалла... декъаза хили-кх... вайшиннан... Ткъех хьал... Вуьшта, Iожалла... декъаза хили-кх... вайшиннан... Ткъех шо дара... цо вайшиннах кадетта, иза эшош вайша схьаоьху. Амма хIинца атта схьалеци, уггар вайшиннан гIаддайна сахьт а лехна... ТIеман арахь эзарза шена дуьхьалваьлча гIорсиз хиллачу цо хIокху зударийн Iожалле вилли-кх вайша... Дала гечдойла хьуна... Къаьстана дукха Iийр вац вайша... новкъа цхьаьна вала а мега...

Шаьш иза хьалхалеррачу дIанисвича, дукхахдерг воьхна хьийзачу Iелина а долуш, Аьрзун ойла айа гIоьртира МIаьчиг.

— Ишта ма ала, Аьрзу. Делан къинхетам боккха бу. Сан деIа тIехь ши пIелг биллал меттиг яц муо боцуш. ХIетте ца леш, хIара дика хьега висина. Хьо а талур ву. Ахь ишта аьлча, Iелин а, Эсетан а бIо ма буху. Церан дегнаш ма дохаде.

— Дуьненахь Iелин ваша дуьххьара леш вац... И хаа деза цунна, — зуьйш вешига хьаьжира Аьрзу.

— Хьуна хIума хила йиш яц. Iелина жимма аьрхо хета ишта. Цхьа вуьсу ша бохург дагатосу. Хьо-м талур вай.

Халла хаалуш, гIийла велакъежира Аьрзу.

— ЭххIей, МIаьчиг, ма даккхай хIуманаш дац моьттахьа хIорш... Вай маца кхийрина Iожаллех? Бакъду, шена везарг вала ца даьа... Эццахь дуьне деса хетало... Амма дан гIо дац. Вайн дай-наной а делла, вай а лийр ду... Дерриг йиш-ваша цхьана дийнахь ца ле, цхьаъ массарел тIаьхьавуьсу... Царех уггар декъазниг. Хьой, Къосаммий санна. Церан Iожаллин къахьо Iовша... И декъазниг хила воллу хьо, Iела. Амма хьо ма вохалахь... Вайн доха йиш яц... Хало, бохам тIебеъча бухуш хиллехь... нохчий тоххара хIаллакьхилла, кхачийна хир бара... ХIинца соьга дика ладогIалахь, Iела...

Цхьа хан яллалц вист ца хуьлуш, ши бIаьрг хьаббина сецира Аьрзу.

— Iела, цIахь висина хьан ши кIант ца вагарвича, сол тIаьхьа вайн цIийнах стаг ца вуьсу, хьо воцург... ХIумма а стаг хьагар воцуш декъаза кхаж баьлла хьан... Ерриг дегайовхо Iумарах, Iусманах ю... Царшиннех вайн цIийнан тIаьхье хиларе, сайл тIаьхьавуьсу хьо царшиннах Iехаваларе догдоху... Делахь а, хIун гур хаац. Амма хIуъу хьайна тIедарах собарах, къонахаллех ма вохалахь. Нагахь вохахь, кху къизчу дуьнено къинхетамза кIел-

хьарчор ву... Дайша вайна хьехначу оьздачу новкъа, цхьаннахьа а корта ца таIош, майра гIулч йоккхуш хьалха дIагIой, воссалахь коша. Ког шершаш, охьакхеташ меттигаш а йогIур ю... Хьо эшна меттигаш нислур ю. Амма воьжначохь Iилла ма сацалахь, тоьллачу мостагIчуьнга къинхетам ма бехалахь... Маршонах догдилле, нехан лай хилий ма вахалахь. МостагIашна яхь ца луш верзалахь вайн дайшна, тхуна дуьхьал... Хьо цIа верза, мухха верзий а. Жимма са ца даьIча... дийцалац суна...

Къилбаседехьара схьахьаькхначу махо даржийра дохк. Ломан дехьа басахь гучудевлира курдойн четарш. Гена доцуш дежара церан жа. Тахана ца хезара жаIуьно шедагца лоькху башха йиш а, вовшашка детта маьхьарий а. ЧIир кхобуш дIатийнера хIара агIо. ЧIожца кхалхадуьйлуш кхерстара лаха охьа чохь, уппагIашна дечгаш хедош деттачу дагарийн татанаш. Аьрзу, дегIе ницкъ гулбеш, вистхила хьевелча, хIара шех ийзало-те аьлла хетта, хьалагIаьттира Къосам.

— Вало, МIаьчиг, гIой катоха вайша.

— Амма Аьрзус сацийра иза.

— Къосам, дIаса ма ваьллахь... ас кхин дIа эриг шу кхаанга хир ду... — Охьахаийра иза Аьрзус. — Вайн ден дайша болийна бIе шарахь бахбелла тIом, вай къандеш чекхбелира... Нисса аьлча, иза хIинца а чекх ца баьлла. Къийсам бахлур бу. Иза чекхбер бац, вайгара махкаца цхьана ша дIаяькхина маршо оьрсийн пачахьо юхаерзаяллац... Цо соьга дика ойла яйтина, вай хIинццалц схьа бинчу некъан... Суна хетарехь, оцу новкъа вай бIаьрзе даьхкина... Оцу бехачу тIамо ваьшна бина ницкъаш, бохамаш, ваьшка хьегийтина баланаш, халонаш берриге а керстанех оххура вай... Уггар хьалха, оьрсийн къам бехке дора... Вайн молланаша вайна хьоьхура и тIом бусалбанашний, керстанашний юккъехь бу бохуш... Вайга гIазоте кхойкхура... Вай ваьш а олура, гIазотана гIевттина... Амма иза харц дара... Цхьанна а ца лаьара гIазотехь а велла ялсамана ваха... Цул, шен тхов кIел, шен йиша-ваша тIе а хьийзаш, делан цамгарх воьжна, Iожалла тIеэца лаьара хIоранна а... Амма оьрсийн паччахьо вайна тIе салтий лоьхкура... вай, вешан синош, доьзалш, даймохк ларбан гIерташ, летара...

Аьрзус къамел деш чIенга кIел буй а гIортийна, леррана ладоьгIуш Iийна Къосам, иза цхьана юкъана садаIа соцунгIа хилча, вистхилира:

— Делахьа, ма бакълоь хьо, Аьрзу. Ма нийса ду-кх ахь бохург. ГIазот даккха воьду ша аьлла, керстанан махка а вахана, царех летта велла нохчо суна-м ца хаавелла. ГIазот! Хьанна эшара иза? Хьанна дагадогIура иза? И керстанаш вайн махка ца гIиртинехь, ца хин болу тIом бара вай бинарг. Да-нана а, кхоъ ваша а, кхиъна вогIуш кIант а хилла сан. ХIинца цхьа а вац царех. ТIамехь байина берриш а. Баклан-инарлин[1] дошлоша юьртах цIе тесначу дийнахь цIеношца яьгна тхайн къена нана йицлац суна... Да хьалххе вийнера. Веа вешех со цхьаъ висинера... Орцахбевллачу наха, чуьра араяла а ца тигна, йоккхастаг йитина даьхки шаьш аьлча, мостагIех сийсош, йогучу юьрта иккхира со. ХIетта чу кхерстинчу цIаро юкъахьарчийна цIенкъахь Iуьллура нана. Катоьхна схьаэцна иза мара а къевлина, со араиккхича, махехь кхин а марсаелира цунах летта цIе. И яйа гIерташ, воьхна хьийза со тIекхаьчначу шина гIалгIазкхичо юкъавоьллира. «Къосам, нана яларг, со а йитий, кIелхьарвала хьажа!» — мохь оьхура ненан. Тапча тоьхна шиннах цхьаъ вожийна, дIахьаьжначу суна иза яьгна яьлла гира. Сан дог дагийнчу минотах пайдаоьцуш, мостагIчо, тур тоьхна, охьаяхийтира сан хIара бесне. Цо ластийнчу туьрах сан корта ларбира ас каде дуьхьал тесначу тоьпо. ШозлагIа а тоха дагахь цо тур айича, цхьаммо бешара схьатоьхна вожийра иза. Со юьрта вахана аьлла хезна, тIаьхьавеанчу сан кIанта, вуьрхIитта шо долчу Лечас тоьхнера цунна. Тхойша юьртах волуш Леча а вийра. Цхьаъ бен воцу кIант, со кIелхьара а воккхуш, ша вуьйжира. Иштта хилла чов ю хIара сан юьхь эрчаяькхинарг. Цунах куьг мосазза хьаькхи, карласан юьхь эрчаяькхинарг. Цунах куьг мосазза хьаькхи, карладуьйлу и де. ХIетахь, Iела, цхьа висира со. Аьрзус аллачунна бодуьйлу и де. ХIетахь, Iела, цхьа висира со. Аьрзус аллачунна бохий ас-м. ГIазот даккха хьаьддера со йогучу юьрта, мостагIашна юкъа? ХIан-хIа, вина нана кIелхьараяккха вахара. ГIазот даккха веанера сан Леча юьрта? ХIан-хIа, иза шен дена орцахваьллера. ОххIай, ма гIазот дага ца догIура суна цу дийнахь! Ма дицделира суна дуьне а, эхарт а, дерриг. Суна гург, сан дагахь дерг сайн доьзал, сайн хIусам, сайн юрт мостагIех ларъяр дара. Эзар шарахь тхьаш дахарх, эзар ялсамане тхаьшна лург хилча сан дай, кхоъ ваший ,сан кIанттий — тхо гIур ма дацара керстанан махка гIазот даккха. Иза-м дийца а ца оьшура. Бехк ма биллалахь, Аьрзу, ахь садоIушехь, цхьа-ши дош ала воларх вахвели со.

— Баркалла, Къосам... Суна ала луург, амма ала суна ницкъ цатоьург дерриг эли ахь... Берриш керстанаш веша мостагIий бу, бусалбанаш доттагIий бу моьттура вайна. Шина а агIор галдевлла хилла... Селханлера де дукха тера дара дIадаханчу Iай Шелахь, Сту бийначу арахь... вайна тIехIоьттинчух... ХIетахь керахь герз доцуш, шайна тIебогIучу вайнахана яккхий тоьпаш йиттира паччахьан эскаро... Оцу салташца, цхьа оьрсий... цхьа керстанаш хилла ца Iара... Инарла Тумановна юххе хIиттина бара, цуьнан багах даьлла омра сиха кхочушдан кийча, нохчийн эпсарш Къурмин Къосам, ВахIабан Iоду, Чермин Орца, Мустапан Махьмуд, Мустапан Девлатмирза, кхиберш, молланаш а цхьаьна. Селхана вайна яккхийтоьпаш йиттинарш а бу бусалбанаш. Дерриг Маккхала бохучунна тIедогIу... Адамалла, къинхетам боцурш массо динехь а, хIора къомехь а нисло... Дин, къам, олу вай, амма дерриг цхьана дала а кхоьллина цхьа адамаш ду... Вайга гIоьрттиш Iазапехь, балехь, халонаш Iуьйшуш бу и.., вайна

[1] Баклан инарла — инарла Бакланов.

гина оьрсий, гуьржий, эрмалой, туркой, гIажарий, курдой... Тайп-тайпанчу къомах, динехь бу уьш... амма кхоллам цхьаъ бу. Тахана дуьненахь а, кхана эхартахь а вайх къасталур боцуш, цхьа мисканаш бу... Цунна тешалла ду селханлерий, таханлерий ши де. Туркойн инарлаша вайна яккхийтоьпаш еттийти, ткъа тахана, кху гондIара бусалба а, керста а, вай санна гIийла нах... вайна орцах баьхки. ГIийланиг, мисканиг... иза мичча къомах велахь а... вайн цигахь а ваша вара вайн, кхузахь а уьш карий... вайна орцахбовлуш... Цундела суна нийса ца хета, вайгарчу бохамна муьлхха а цхьа къам дийнна схьалаьцна бехкедар... Маккхала олура хIара дерриг зулам, харцо дIовш цхьанахьара, цхьа кIезигчу нахера схьадолуш ду... Мухха дерзий а цIа дерза шу... Хьанна хаьа... Маккхала буьйцу... и оьрсийн, гуьржийн... къен муьжгий, вайгахьа бовла а мега... Амма, Iела, сан ваша, сан тIемало, хьуна пурба дац вайгарчу бохамна бехкечех... гIийлачийн мостагIойх бекхам ца оьцуш кхоа а велла... суна дуьхьал, эхарта ван. Маршо я Iожалла... Шиннах цхьаъ... Изза весет делахь хьайн тIаьхьене а... Кхин дIадийца... ницкъ бац, кIентий... Iела... сан настарш шелло... Даг тIе хьалагIерта шело... Хуьлуш дерг-м хаьара суна... амма хьо чIагIолахь... Кхул доьхна денош дукха догIур ду... хьуна... Чора а ,со а цхьана коша виллалаш... Цуьнан доьзалан... дола делахь... Сан чоин бустама чохь... вайн Гати-Юьртара... латта ду... Иза сан... бесни кIел додалаш... Маккхале... Берсега а ала...

Аьрзу, цIеххьана луьйчуьра а сецна, цхьана чIогIачу лазаро ов тоьхча санна, дегI дулуш, юьхь а чIачкъийна, къаьрззина Iелега а хьаьжна, малвелла дIатийра...

— Аьрзу? — дош даккха гIерташ, цуьнан базбеллачу коьртах куьг хьоькхура Iелас. — Аьрзу!..

Ша хIун леладо а ца хууш, вешина тIетийсалу Iела меллаша дIа а теттина, Аьрзун меженаш нисйира МIаьчига.

Iадийначу акхарочух Iаннашца кхерстира Эсетан елхаран къора мохь. Цуьнга терра тийжаш хетара мелчу махо техкае, мажлуш ерзинаюьйлу хьун а. ТIекхозаелла Iаьржа стигал бIаьрмециг елха юьйлира.

«Лечунна еса деша молла а вац. Къен леш ду тхо...» — ойла йора МIаьчига. ГIазотехь веллачунна моллас деша а, лийчо а, марчо хьарчо а ца оьшу. Мункира а, Некира а кошахь цуьнга барт хоттур бац. Ялсаманин неIарш цунна йиллина хир ю. ХIуьрлаIан мехкарий цуьнга хьуьйсуш хир бу олу Iеламнаха. Цаваьллачу денна вала а, дийна вуьсучу гергарчун догъэца а хаза дешнаш ду уьш. ТIамехь денна лечу царна деша молланаш, хьерчо марчош а мичхьа лаьтта. Тхан-м къанделла божабераш лелара дерзана, эхье меттигаш дIахьулъян йома а йоцуш. Амма керстанан карах воьжнарг бен гIазот хуьлий техьа?» Цунах шеквара МIаьчиг. Цхьаммо а цунна жоп луш ца хезнера. «ХIорш бусалбаназа ма байина. Дуккха а ойла йинчул тIаьхьа МIаьчига эхар сацийра, адамаш дойурш, уьш муьлххачу къомах белахь а, берриш, делан мостагIой бу аьлла. ХIун башхо ю царна юккъехь? «Башхо-м йоккха ю! Масала, оьрсийн салти паччахьо нуьцкъала валийна, ца ваьллачу денна лета нохчех. Хазахета ца лелара иза-м. Ткъа цаьргахьа бевлла, шен къоман а, динан а вежарийн цIий Iенош лелла ямартхой чохчийн эпсарш? И ямарт жIаьлеш дайинарг хир ву гIазот! Ткъа хIун хийцам бу керстаннйн, бусалбанийн эскаршна юккъехь? Цхьа герз ду-кх цара тхуна деттарг. Шиннахьарчар а Iенадо тхан цIий. Къизаллица вовшел тола гIерта ший а Iедал. ХIан-хIа, кхузахь белларш гIазот бу. ТIехула тIе, шайн махкана генахь а белла хIорш. Иза дилла догIу цхьана йоле».

Кхузахь байинарш ша гIазот леринехь а, зене хир дац-кх аьлла, Аьрзун коьрте а хилла, шабаршца, шена хуу масех аят деша вуьйлира МIаьчиг. Ткъа тIамо верина, декъаза Къосам тIе моьнаш хIиттина, сенаш-мехаца тIеттIа ийзийча санна, хеббачу юьхьа тIерачу къаьрзинчу, шен цхьаъ бен боцчу бIаьргара шиннан меттта комаьрша хиш а Iенош, озий белшаш егош, кийрахь воьлхура.

БIарзвелла хьийзачу Iелас цудна карладаькхинера иштта и санна ша цхьа висина де...

2

Эсетан тийжар, тIаьхь-тIаьхьа йиш хелаш, елхаре а дирзина, эххар аз дайна сецира. Дуккха а хенахь дуьйна башаза, баьлла, вешин къоьжа корта шен некха тIе а таIийна, горгам хилла хебна Iара Iела а. ТIаккха шен коьртара схьабаькхина куй гIевланга а буьллуш, Аьрзун корта, меллаша ларбеш, оцу тIе охьа а биллина, цуьнан бIаьргашна а, хьаьжна а, беснешна а тIе дай куьг а хьаькхна, хьалагIаьттира. Вехха лаьттира иза чу цIий хIоьттина, кхохкийна, хьела бахана шен гIайгIане ши бIаьрг вешин юьхьа тIе а боьгIна. Аьрзу дIакхелхинчу оцу цхьана сахьто, тIе кIац йиллича санна, къежбира цуьнан корта. Массо чо иратIе кIац йиллича санна, къежбира цуьнан корта. Массо чо ирахIоьттира, кан санна хьирчина дара маж а, корта а.

«ХIун до ас дуьненахь ваьхна? — уьйриг хилла ойланаш, хеттарш, жоьпаш хьийзара цуьнан коьрте. — Айса сайна а тоьхна лийр вара, амма ишта валарал доккха къа ма ца дуьйцу. Иштта веллачун эхарте даха дог хилийтац. Иманах ваьллачой бен лелор дац иштаниг. Къа. Иман. Мичхьа ду и шиъ? Харцой, бакъой, хьарам, хьанал, тешам, ямартлой хоьржуш мила лела кху дуьненахь! Ас хIинццалц лайна баланаш тоьар ма бу хIинца ас латочу къих хьалхавала. Суна ма ца оьшу Аьрзух ваьлла дуу дуьне. Дуу дуьне? Хьоьшу латта, хьоьгу Iазап! Амма муха вала веза? ДIога лекхачу тарха тIера чу а иккхина...»

Iела дуьххьал дIа тарха тIе волавелира. КIаг чу ког нислой,

охьакхеташ, тІаккха а гІоттуш, кІохцалан кулла тІе Іотлой, юха эккхаш, тарха тІе боьгІначуьра ши бІаьрг дІа ца боккхуш, хьалха дІаоьхура иза. Ши накъост а Іара иза стенга воьду, цо хІун леладо ца хууш, хатта там ца хеташ, тІаьхьа хьоьжуш. Амма эзар шарахь ойла ярах цу шинна хуур дацара Іелас дагалаьцнарг. БІе, ши бІе шо долура нохчашна юккъехь стага ша-шен вер ца хуьлуш. Ша-шен вер, стеган осалалла, кІиллолла, оьзда вацар лорура цара массо хенахь. Цул доккха иэхь дацара доьзална хьовха тайпанна а, юьртана а тІе да. Мацах цхьана хенахь, шун цхьамма ша-шен вийна хиллера бохуш, тІаьхьарчу тІаьхьенна а тІехбеттамаш бора.

Іела ломан басах хьалавоьдура. ДІа мел тосчу гІулчаца цунна дуьхьалхІуьттура шен дахаран дІадаханчу буьрсачу шерийн Іаьржа денош. Жимчохь хилларш, баккхийчийн дийцарех дагадогІурш. ТІеман кхехкар. Малхехь ткъесах лепа тарраш, цхьамзанаш. Йогу ярташ, стиглахь соьцу Іаржачу кІуьран мархаш. Зударийн, берийн маьхьарий. Хьайбанийн Іехар, жІаьлийн угІар. БІеннаш, эзарнаш кешнийн керл-керла баьрзнаш, хІолламийн хьаннаш. Декъий, цІий, цІий. Татолашца. Иттаннаш шерашкахь сацанза. Маршонехьа къуьйсуш бІарзделла хьийза адам. Мацалла, цамгарш. Паччахьан Іедалан къизалла. Кхузахь мукъана а маьрша, делан цамгаршца Іожалла тІеоьцийла хиларе догдаьхна, махках бевлла схьакхелхина пхи эзар доьзал. ХІара туркойн жоьжахàте...

Дерриш карладуьйлура... Дерриг дуьхьалхІуьттура. Да, нана, йижарий, вежарий, доттагІий, нийсарой, бІаьхаллин накъостий. ТІамой, мацаллой хІаллакдина зударий, бераш. Царех хІораннан гІаларто Іелех бехк боккхура.

«ТІаьххьарчу вешех ваьлча, хьуо цхьа вуьсу хІунда моьттура хьуна? — хезара цунна цхьанхьара, гуш воцчун аз. Мила ву дуьненахь цхьалха? Нахана хиллачу диканехь а, вонехь а дакъалаца стогалла а ,тешам а боцу кІилло, ямартхо ву-кх. Амма къонаха цхьа вац. Дуьненахь мел долу догдика адамаш дерриш цуьнан йиша-ваша ду. Ткъа кІилло, ямарт, тешха стаг — иза ворхІ вешин ваша велахь а, цхьа ву. Кхетий хьо, Іела, вухаверза!»

«Тхан чІир екха къонахалла а ца тоьъна воьду хьо? — хезара зударийн, берийн белхарш. — Атта ду тарха тІера чу а иккхина вала! МостагІех бекхам эца, къийсаман некъ чекхбаккха къонаха веза. КІилло! КІилло!..»

«Хьажал схьа, оха Іожалла тІе муха эцна? — чевнаша дерина шайн догІмаш оьхьура тоххара вукху дуьнена бирзинчу цуьнан бІаьхьаллин накъосташа, къеначу тІемалоша. — Дицделла хьуна, оха Іожалла тІе муха эцна?..»

«ХІан-хІа, иза сан кІант вац, — цкъа гучу а даьлла, дуьхьал куьйгаш а туьйсуш, мархашлахь къайладелира цуьнан ден гІаларт. — Сан цІийх хила йиш яц иштта осала, кІилло кІант...»

«Іелий, сан жима Іела, хьо мича вогІу! — нана хьалха лелхара цунна. — Ца го хьуна, дуьненах марзо оьцучу бевллачу хенахь, заманан халалло хеназа кхалхийна хьайн йижарий? Ца го хьуна, шуна болчу сингаттамо къиза йийна со? Тхан чІир екха къонахалла-м ца тоьира хьан, вайн цІенна эхь мукъа ма дехьа. Айхьа дагалаьцнарг ахь чекхдаккхахь, ас баийна накха хьарам бу-кх хьуна! Вухаверза, Іела, вухаверза...»

«Вийна со цІа валийначу дийнахь сан вуьрхІитта шо а ца дуьззера. Хьан ткъе дейтта ду. ХІетте а воьхна, кхеравелла хьаьдда вогІу хьо. ХІан-хІа, Іела, сан ваша вац хьо!..» — элира, цІийша а вуьзна гучуваьллачу Лоьмас.

— «Ас Іийшинчу халонийн эзарлагІа дакъа а ца гина хьуна! — Лоьмина дуьхьало йира Іелас. — Ахь цхьана шарахь бен ца бина тІом, ас ялхийтта шарахь! Хьо шолгІачу чевнах велла, суна тІехь уьш исс ю! Хьо вайн дена тІаьххье велла, ткъа ас шу массеран а Іожаллин къахьо мелла. Со-м адам дай, кхин дІа садетта ницкъ бац, хьере хилла!»

«Саца, мича воьду хьо! — Аьрзун омре буьрса мохь хезира цунна тІаьххьара а. — Цхьа сахьт хьалха ас хьайга дина весет ма сиха дицди ахь? Маршо я Іожалла бохург-м, маршо яккха ницкъ ца тоахь, бердах а иэккхий ле бохург даций, ткъа герз керахь къийсамехь вожа бохург ду. Хезий хьуна, Іела? Маршо я Іожалла! Вайгарчу бохамна бехкечех бекхам ца оьцуш, суна дуьхьал ван пурба дац хьуна ца аьллера ас хьоьга? Ткъа хьо... аттала со лаьтте а ца кховдош, суна тІаьхьа сихвелла...»

ЦІеххьана саметтавеана сецначу Іелина ша, цхьа бІе аьрша лекхачу бердан йистана кхо гІулч генахь карийра. Чухьаьжначу цунна кешнашна аьхкина гу а, лахуо Іина йисте охьадехкина декъий а гира. Цига хьийзаш бара бес-бесар духаршца, амма цхьатерра беркъе, масех къомах божарий а, зударий а. ХІинца дІатийнера зударий. Ца хезара тийжарш, цІогІане маьхьарий а. ГІар-гІовгІа йоцуш тийна, байанчийн декъий лаьтте луш дара адамаш. ХІан-хІа, Іела цхьаъ вацара оцу дийнахь везачух къаьстина бІарзвелла хьийзаш. Аьрзус ма-аллара, и дуьххьара а, я тІаьххьара а вацара вешех къаьстина... Масане хир ву царалахь тІаьххьара висина ваша, йиша, доьзалхо дІавуллуш. Амма тарха тІе хьалаваьлларг цхьа Іела бен вац. ХІинца иза ша а ца тешара тІе хьалаваьлларг цхьа Іела бен вац. ХІинца иза ша а ца тешара ша дагалаьцначух. Кхо гІулч теснехь, бердах оьккхура иза, тІаккха иза, лахьо даьІахк йоцуш, ваьржар вара.

Эзарза Іожалла эшийна, дийна воллушехь жоьжахата веана, маьхьшаре гина, сиртан тІехваьлла Іела ле бердах эккхий? Ой, иза зуда-х яций? Зуда хІунда хьехайо? Зудчо мичара дийр ду иштаниг. Иштта лечу стеган цІе ян а яц!

— Аьрзу! Со вухавогІу хьуна! — мохь туьйхира цо, лаха чу а вирзина. — Маршо я Іожалла!

Лаха чу воьссича, цхьана юкъарлахь иза тІеІоттавелира, дет-

тачу цIийлахь, тIехула йоьза мозий хьийзаш, меженаш яржийна аркъал Iуьллучу шен ненах а хьерчаш, шийла мохь хьоькхучу дерзинчу, жимчу берана.

Iела гучуваьлча, ши куьг хьалха а кховдийна дуьхьал хьаьдда иза, цуьнан частарех хьаьрчира. Цуьнан баьллачу, модаша буьзинчу коьртах куьг а хьаькхна, йоI хьаьстира Iелас.

ТIаккха тIевахана, Iадийна, къаьрззинчохь севцца зудчун бIаьргаш дIахьулдеш, цуьнан юьхьа тIе кортали а тесна, йоI мара а йоьллина, шен беллачарна декхар дIадала вахара.

3

Дозанал дехьахь, Воккхачу Эло Михаила Николаевича кхин дIа а яздора шен вешега Александре II:

«...Кху сахьта и кхелханарш Саганлугехула кIегар буьгуш бу. Вайн комиссаран бертахь, йовхо тIе кхаччалц аьлла, Карсан а, Ольтински а пашалыкашкахь, цомгаш а, гIелбелла а цхьа 180 доьзал битина...

Кхелхинарш вайн дозанашкара юхаберзо эскарш хьовсорца цхьана, цара, лаккхахь йийцина талораш ярна а, шайна луъург лелош хиларна а, цаьргара герз дIаэца сацам бира туркойн Iедало.

...Мушехь а, вайн дозанехь а хиллачу гIуллакхех лаьцна болчу хаамашца цхьаьна, инарла-адъютантера Игнатьевгара сан гIоьнчане хаамаш кхаьчна, оцу гIуллакхаша Портин Iаламат чIогIа са а гатдина, Мушана а, Эрзерумана а тIе мехкан массо маьIера — столицера цхьаьна, — эскарш оьзна, кхелхинчарна тIе шен зуламе Iаткъам ца байта, Кундухов кхайкхина Константинополе дIа а вигна, цигахь цунна кхин декхарш лур ду, нохчаша цигахь лелочу гIуллакхаша дерригенах а догдаькхинчу Портас хьовха, — уьш-м хьехочохь а дацара, — муьлхха а кавказски ламанхой Турце тIеэца дуьхьало йо бохуш. Цундела, цигахь хIоьттинчу ҳьолан ойла а йина, ас сацам бина, тIедогIучу шарахь кхалхон билгалбина нохчий цкъачунна ца кхалхош совцо...

Кавказски Эскарийн Коьртакомандующи
Инарла-фельдцехмейстер — **Михаил**
№ 1874, 28 декабрь 1865 шо.

* * *

Оцу хенахь Турцехь, кхечахьа шайга хIоьттинчу бохамах лаьцна, тIаьхьо Тарама шен юьртахошка яздора:

«...Iа герга гIортарна, Мушехь тхайх нисса ах адамаш хIаллакьхиларна, дерриг ца леш кIелхьара довладаларга догдаьхна, моско паччахьан мехкан дозанашка дуьйладелира тхо. Цигахь туркойн эскарш дуьхьалдевлира тхуна, шина а агIорчех дикка адамаш дайира. Эххар а, тхуна дуьхьалваьллачу Эскар-Пашас,

меттигера бахархой тхох кхоьру аьлла, бахьана а хIоттийна, Мушехь а, Гасан-ГIалахь а герз дIаийцира тхоьгара. Тхайгара герз дIаоьцурш бусалбанаш ца хиллехь, царех лата дино тхаьшна бакъо луш хиллехь, оха иза дIалур дацара, тхаьш дерриг делла дIадовллалц. ТIаккха тхо дIасадаржийра — Диарбекирей, Чабакчарей, Мушей, Гасан-ГIалий, Иэрзарумей...»

* * *

Цул тIаьхьа ялх шо даьлча лечкъина даймахка цIавирзинчу Маккхала Бенахь шен бIаьхаллин накъосташка дуьйцура:

...Тхо Хонкара кхаьчна дукха хан ялале докъар, дажо мохк ца хилла, мацалла делира тхан даьхний, бераш мацалла ца далийта гIерташ, тхешан сал-пал йоьхкина кхачийра оха. Хьалхарчу деа шарахь туркойн Iедало дама а, цкъацкъа дуга а лора тхуна, амма иза тхуна логах тоххал ца хуьлура. Халла луш долу иза а сацийра тIаьхьарчу шерашкахь. Мангало буц санна хьоькхура тхо... мацаллой, уьной, махкаллой. Туркойн Iедалан омрица, эзар стаг волуш Диарбекирерчу нохчех дошлойн бIо вовшахтуьйхира. Цуьнан эзарнча хIоттийра аьрстхойн юьртден Цугин Iелаханан вешин кIант, шовзткъа шо хенара Шамхалбек. Оцу хенахь Iаьрба махкахь хилла гIаттам хьошуш дакъалоцуш бара Диарбекирерчу нохчийн и бIо а...

Нисса бIе шарахь ша мерза сатийсинарг, кIезиг хиллехь а, кхочушхилира Оттоманан Портин! Амма иза кIезиг хилла ца Iаш, дуьххьарлера а, тIаьххьара а кхиам бара цуьнан...

Хьалхарчу книгин чаккхе.

1962—1970

Мескита — Москва — Мескита.

ЧУЛАЦАМ

Хьалхара дакъа. ДАГИЙНА ЛАТТА

I корта. Владикавказехь (Дешхьалхенан метта) 4
II корта. Дагахь доцу гIо (Дешхьалхенан тIаьхье) 22
III корта. Машаре шолгIа шо 41
IV корта. Юьртан керла дай 52
V корта. МуцIин Iоса 63
VI корта. Салтичун кхоллам 77
VII корта. Iосин Iожалла 98
VIII корта. ДоттагIий 107
IX. корта. Къайлах цхьаьнакхетар 127
X корта. Мах 147

ШолгIа дакъа. ЧАККХЕНАН ЮЬХЬ

I корта. Тифлисехь (Дешхьалхенан метта) 172
II корта. Стамбулехь, Лондонехь (Дешхьалхенан тIаьхье) 186
III корта. ГIайгIаннийн Iа 206
IV корта. Хьеший 217
V корта. Кхолламаш 235
VI корта. Сацам 249
VII корта. Гулам 268
VIII корта. Обарг Варин тIаьхьара де 283
IX корта. Бал чекхбаьлча 291
X корта. Кечам 305
XI корта. Гати 316
XII корта. Диванехь 326
XIII корта. Гусарийн полкан капитан 340
XIV корта. Вежарий 352
XV корта. МухIажарш 372

КхоалгIа дакъа. IАЬРЖА ДЕНОШ

I корта. ПхоьалгIа кавказски суьйре (Дешхьалхенан метта) . . . 390
II корта. БIе цхьоллагIа буьйса 396
III корта. ЦIеран гонах 406
IV корта. Нохчочун нана 416
V корта. ДанчIа 428
VI корта. БIе шолгIа буьйса 442
VII корта. Эмин-паша 458
VIII корта. Даймахкара косташ 473
IX корта. Императоран комиссар 489
X корта. TIаьххьара буьйсанаш 508
XI корта. Алхазан Муса 519
XII корта. Сцилланий, Харибданий юккъехь 532
XIII корта. Вешин весет 543

Абузар Абдулхакимович Айдамиров

ДОЛГИЕ НОЧИ

Роман-хроника

Редактор И. И. Эльсанов
Художник Б. Б. Амирханов
Художественный редактор М. Б. Магомаев
Технический редактор С. П. Липатова
Корректор А. А. Виситаева

Сдано в набор 20.06.1990 г. Подписано в печать 3.09.1990 г.
Бумага типографская № 1. Формат 60x84 1/16. Печать высокая.
Гарнитура литературная. Усл. печ. л. 32,55. Усл. кр.-отт. 33,34. Уч.-изд. л. 35,86.
Тираж 30 000. Заказ № 6219. Цена 5 руб.

Чечено-Ингушское издательско-полиграфическое объединение «Книга»
Государственного комитета Чечено-Ингушской АССР по делам издательств,
полиграфии и книжной торговли. 364907, Грозный, ул. Субботников, 35.

С2 (Чеч)
А 36

А 36 **Айдамиров А.** Долгие ночи: Роман-хроника. Издание 2-ое, дополненное. — Грозный: Чеч.-Инг. издат.-полиграф. объединение «Книга», 1990. 560 с.

$A \frac{4702700100-60}{M\ 135(03)-90}\ 19-90$ С2 (Чеч)

ISBN 5—7666—0053—4

© Чечено-Ингушское книжное издательство, 1972. Дополненное.